NIEUWE TESTAMENT

SOENDANEES

PĔRDJANGDJIAN ANJAR,

HARTOSNA

SADAJANA KITAB

NOE KASĔBAT

INDJIL GOESTI OERANG JESOES KRISTOES.

Uitgegeven door het Nederlandsch Bijbelgenootschap.

AMSTERDAM.

1877.

HET NIEUWE TESTAMENT

IN HET SOENDANEESCH.

IJEU EUSINA KITAB:

REJANA PASAL

1. Kitab Indjil noe dikarang koe Mateoes . . . . 28.
2. Kitab Indjil noe dikarang koe Markoes. . . . . 16.
3. Kitab Indjil noe dikarang koe Loekas . . . . 24.
4. Kitab Indjil noe dikarang koe Johannes . . . . 21.
5. Tjarijos lalampahan para Rasoel . . . . 28.
6. Sĕrat ti Paoeloes ka oerang Roem. . . . . 16.
7. Sĕrat kahidji ti Paoeloes ka oerang Korinta . . . . . . 16.
8. Sĕrat kadoewa ti Paoeloes ka oerang Korinta . . . . . 13.
9. Sĕrat ti Paoeloes ka oerang Galata . . . . 6.
10. Sĕrat ti Paoeloes ka oerang Epesoes . . . . 6.
11. Sĕrat ti Paoeloes ka oerang Pilipi. . . . . 4.
12. Sĕrat ti Paoeloes ka oerang Kolosa . . . . 4.
13. Sĕrat kahidji ti Paoeloes ka oerang Tesalonika . . . . . 5.
14. Sĕrat kadoewa ti Paoeloes ka oerang Tesalonika . . . . 3.
15. Sĕrat kahidji ti Paoeloes ka Timoteoes . . . . 6.
16. Sĕrat kadoewa ti Paoeloes ka Timoteoes . . . . 4.
17. Sĕrat ti Paoeloes ka Titoes . . . . 3.
18. Sĕrat ti Paoeloes ka Pilemon. . . . . 1.
19. Sĕrat ti Paoeloes ka oerang Ibrani . . . . 13.
20. Sĕrat ti Jakoboes . . . . 5.
21. Sĕrat kahidji ti Petroes. . . . . 5.
22. Sĕrat kadoewa ti Petroes . . . . 3.
23. Sĕrat kahidji ti Johannes . . . . 5.
24. Sĕrat kadoewa ti Johannes . . . . 1.
25. Sĕrat katiloe ti Johannes . . . . 1.
26. Sĕrat ti Joedas . . . . 1.
27. Kitab Wahjoe beunang ngarang Johannes. . . . . 22.

IJEU KITAB INDJIL SOETJI,

ANOE DIKARANG KOE

MATTEOES.

PASAL 1.

Ijeu kitab sadjarah Jesoes Kristoes, poetra Dawoed, sarta poetra Ibrahim.

2. Ibrahim poepoetra Ishak, Ishak poepoetra Jakoeb, Jakoeb poepoetra Joeda djeung saderek-saderekna lalaki;

3. Joeda poepoetra Pares djeung Sara ti Tamar, Pares poepoetra Esrom, Esrom poepoetra Aram;

4. Aram poepoetra Aminadab, Aminadab poepoetra Nahasson, Nahasson poepoetra Salmon;

5. Salmon poepoetra Boas ti Rahab, Boas poepoetra Obed ti Roet, Obed poepoetra Isai;

6. Isai poepoetra radja Dawoed, radja Dawoed poepoetra Soeleman ti pamadjikan Oeria;

7. Soeleman poepoetra Rehabeam, Rehabeam poepoetra Abia, Abia poepoetra Asa;

8. Asa poepoetra Josapat, Josapat poepoetra Joram, Joram poepoetra Oesia;

9. Oesia poepoetra Joatam, Joatam poepoetra Ahas, Ahas poepoetra Hiskia;

10. Hiskia poepoetra Manassa, Manassa poepoetra Amon, Amon poepoetra Josia;

11. Josia poepoetra Jehonia djeung saderek-saderekna lalaki, keur mangsa dek dibojong ka Baboel.

12. Dĕmi sanggeusna dibojong ka Baboel, Jehonia poepoetra Salatiël, Salatiël poepoetra Seroebabĕl;

13. Seroebabĕl poepoetra Abioed, Abioed poepoetra Eljakim, Eljakim poepoetra Asor;

14. Asor poepoetra Sadok, Sadok poepoetra Ahim, Ahim poepoetra Elioed;

15. Elioed poepoetra Eleasar, Eleasar poepoetra Matan, Matan poepoetra Jakoeb;

16. Jakoeb poepoetra Joesoep, tjaroge Mariam, nja ti dinja mĕdalna Jesoes, anoe disĕbat Kristoes teh.

17. Dĕmi sakabehna toeroenan ti watĕs Ibrahim dongkap ka Dawoed, opat-wĕlas toeroenan; djeung ti watĕs Dawoed dongkap ka dibojong ka Baboel, opat-wĕlas toeroenan; djeung ti watĕs dibojong ka Baboel dongkap ka Kristoes, opat-wĕlas toeroenan.

18. Ari diowokeunana Je-

soes Kristoes teh kijeu: Mangsa Mariam, iboena, keur babakalan djeung Joesoep, samemeh patĕpang, kapĕndak njiram ti Roh Soetji.

19. Dĕmi Joesoep, pitjarogeëunana, djalma bĕnĕr sarta hanteu kĕrsaeun ngawirangkeun ka Mariam teja, sĕdja rek ninggalkeun ririkipan bae.

20. Mangsa keur kitoe mamanahanana, beh hidji malaikat ti Pangeran nembongan ka Joesoep dina impian, ari lahirna kijeu: Eh Joesoep, poetra Dawoed, oelah inggis njokot Mariam, pipamadjikaneun sampejan; sabab anoe keur dibobotkeun teja, eta ti Roh Soetji.

21. Sarta bakal ngowokeun hidji poetra pamĕgĕt, eta koe sampejan koedoe didjĕnĕnganan Jesoes, sabab bakal njalamĕtkeun oematna tina dosadosana.

22. Ari eta sakabehna boekti, soepaja kalaksanakeun noe geus diandikakeun ti Pangeran koe lantaran nabi teja, kijeu pangandikana:

23. Tarendjo, landjang teh bakal njiram, sarta ngadjoeroekeun hidji anak lalaki, eta bakal dingaranan Imanoeël, tĕgĕsna ari disalin basana: Allah njarĕngan oerang.

24. Dĕmi Joesoep ana geus tanghi tina sarena, ngalampahkeun sakoemaha noe geus dipiwarang ka andjeunna koe malaikat ti Pangeran teja, toeloej njandak pigeureuhaeunana.

25. Sarta hanteu ditĕmahan dongkap ka diowokeunnana poetra njikalan teja; eta ladjĕng didjĕnĕnganan Jesoes.

PASAL 2.

Sanggeusna Jesoes diowokeun di nagara Betlehem, tanah Joedea, keur mangsa radja Herodes, djĕboel ka nagara Jĕroesalem saroemping boedjangga ti tĕbeh wetan,

2. Ari salaoerna: Di mana radja Jahoedi, anoe anjar diowokeun teh? Sabab kaoela di tĕbeh wetan geus pada nendjo bentangna, sarta daratang rek saroedjoed.

3. Barang kadangoe koe radja Herodes, njĕblak, kitoe deui sanagara Jĕroesalem kabeh.

4. Ladjĕng ngoempoelkeun sadajana para panghoeloe agoeng reudjeung ahli-ahli kitab bangsa eta, bari mariksakeun di mana Kristoes bakal diowokeunana.

5. Ari pihatoerna: Di Betlehem, bilangan Joedea, sabab geus disĕratkeunana koe nabi nja kijeu:

6. Ari maneh Betlehem, di tanah Joeda, moal pangleutikleutikna di sadjĕro radja-

radja Joeda, karana nja ti maneh bakal soemping Panoetan anoe bakal ngangon oemat kami Israil teh.

7. Geus kitoe eta boedjangga teja disalaoer koe Herodes ririkipan, sarta mariksakeun ka dinja gĕmĕt pisan woektoe iraha katembongna eta bentang teja.

8. Tidinja dipiwarang ka Betlehem, ari lahirna: Geura mijang, talengteng eta moerangkalih sing gĕmĕt pisan; oepama geus kapanggih, koedoe poepoelih ka kami, sangkan kami oge datang soedjoed ka dinja.

9. Dĕmi eta geus ngareungeu radja, toeloej arangkat; beh bentang, noe katendjo di tĕbeh wetan teja, leumpang ti heulaeunana, datang ka ngarandĕg di loehoereun ĕnggon moerangkalih teja.

10. Mangsa naringali bentang teh, kalangkoeng-langkoeng aratoheunana.

11. Tidinja arasoep ka boemina, kapĕndak eta moerangkalih djeung Mariam iboena; brĕk pada mĕndĕk saroedjoed ka dinja; geus kitoe moeka radja-branana, seug njanggakeun pangabakti, ĕmas, doepa reudjeung moer.

12. Sanggeusna meunang pitoedoeh ti Allah dina impian, oelah baralik deui ka Herodes, toeloej maroelang ka nagarana, njorang djalan sedjen.

13. Mangsa geus arangkat, beh hidji malaikat ti Pangeran nembongan ka Joesoep dina impian, kijeu lahirna: Geura tanghi, tjandak eta moerangkalih reudjeung iboena, toeloej kaboer ka Mĕsir; di dinja bae nja aja tĕpi ka dipoepoelihan deui koe kami, karana Herodes bakal nejangan eta moerangkalih, sĕdja dek maehan.

14. Ladjĕng Joesoep tanghi, njandak eta moerangkalih djeung iboena ti peuting, geus kitoe angkat ka Mĕsir;

15. Ari tjalikna di dinja dongkap ka maotna Herodes; soepaja kalaksanakeun noe geus diandikakeun ti Pangeran koe lantaran nabi teja, kijeu pangandikana: Poetra kami geus disaoer koe kami ti Mĕsir.

16. Mangsa kamanah koe Herodes jen ditjidraan koe boedjangga-boedjangga teja, bĕndoe kaliwat-langkoeng, toeloej miwarangan ngagĕmpoer sakabeh baroedak lalaki anoe aja di Betlehem sawĕwĕngkĕranana, anoe oemoer doewa taoen ka handap, noeroetkeun waktoe beunang mariksa ti boedjangga-boedjangga teja.

17. Didinja kalaksanakeun noe geus dilahirkeun koe

nabi Jĕrmia teja, kijeu lahirna:

18. Di nagara Rama kadenge sowara, gĕgĕroengan, nangis sarta djĕdjĕritan rosa; Rahel njeungtjeurikan poetra-poetrana, sarta teu kĕrsaeun dioepahan, sababna geus teu aja.

19. Dĕmi mangsana Herodes geus maot, beh hidji malaikat ti Pangeran nembongan ka Joesoep dina impian, keur aja di Mĕsir,

20. Ari lahirna: Geura tanghi, tjandak eta moerangkalih reudjeung iboena, geus kitoe bral angkat ka tanah Israil, karana eta anoe ngarah njawa moerangkalih teh, ajeuna geus paraeh.

21. Ladjĕng Joesoep tanghi, njandak eta moerangkalih djeung iboena, tidinja soemping ka tanah Israil.

22. Tatapi barang ngareungeu jen Arhelaoes djĕnĕng radja di Joedea, ngagantian Herodes ramana, sijeuneun Joesoep teh angkat ka dinja; dĕmi geus nampa pitoedoeh ti Allah dina impian, ladjĕng angkat kana wĕwĕngkĕran Galilea.

23. Geus soemping, toeloej tjalik di nagara anoe ngaran Nasaret, soepaja kalaksanakeun noe geus dilahirkeun koe para nabi, jen andjeunna bade disĕboet Nasarani.

PASAL 3.

Dina mangsa eta soemping Johannes toekang ngabanjoe, sarta ngawoeroek di tĕgal lĕga Joedea.

2. Ari lahirna: Geura tarobat, sabab karadjaan Allah teh geus deukeut.

3. Karana nja eta noe geus dilahirkeun koe nabi Jĕsaja, kijeu lahirna: Aja sowara noe njĕloek di tĕgal lĕga kijeu: Geura njadijakeun pidjalaneun Pangeran, geura ngalĕmpĕngkeun djalan-djalan andjeunna.

4. Dĕmi Johannes teja panganggona boeloe onta, ari angkengna nganggo beulitan koelit; kadaharanana simeut djeung madoe leuweung.

5. Tidinja oerang Jĕroesalem, djeung satanah Joedea, kitoe deui tanah anoe sakoeriling Tji-jordan, pada boedal moeroeboel ka Johannes;

6. Sarta toeloej koe Johannes dibaranjoean ka Tji-jordan, bari pada ngakoekeun dosa-dosana.

7. Mangsa ningali loba ahli parisi djeung ahli sadoeki daratang ka pangbanjoena, ladjĕng dilahiran kijeu: Eh anak oraj wĕlang, saha noe geus noedoehkeun ka maraneh, njingkiran bĕbĕndoe noe mangke datang?

8. Manana geura ngabaridjilkeun boewah-boewah anoe tĕroes djeung pĕrtobat.

9. Djeung maraneh oelah aja pikir dek ngaromong di djĕro hate: Nja Ibrahim rama aing; karana kami ngabedjakeun ka maraneh jen Allah ijasaeun ngadjadikeun anak-anak keur Ibrahim tina eta batoe.

10. Samalah kampak geus disandingkeun dina akar tatangkalan. Nja oenggal-oenggal tangkal noe teu baroewahan noe hade, tangtoe ditoewar, toeloej dialoengkeun kana seuneu.

11. Ari kami mah ngabanjoean soteh ka maraneh koe tjai bae, soepaja tarobat; tatapi anoe soemping pandeurieun kami, eta langkoeng kawasa ti batan kami, kami hanteu lajak mangmawakeun taroempah-taroempahna atjan; nja eta noe bakal ngabanjoean ka maraneh koe Roh Soetji sarta koe seuneu.

12. Ari pananganana njandak njiroena, bakal napi beunang noetoena; tarigoena rek dikoempoelkeun kana koedang, ari hoeoet mah rek dihoeroe koe seuneu noe teu beunang dipareuman.

13. Geus kitoe Jesoes soemping ti Galilea ka Tji-jordan, ka Johannes, kĕrsana hojong dibanjoean.

14. Dĕmi koe Johannes dihalangan, bari kijeu oendjoekanana: Anggoer simkoering noe kĕdah dibanjoean koe andjeun, naha andjeun wĕt soemping ka simkoering?

15. Tatapi Jesoes ngawalon, kijeu lahirna: Eta kadjeun, karana oerang pada kawadjiban sakitoe, ngestokeun sakoer kabĕnĕran. Toeloej Johannes ngiringan.

16. Sanggeusna Jesoes dibanjoean, harita keneh bandjat ti djĕro tjai, sihoreng teh dipangmoekakeun langit, ladjĕng ningali Roh Allah loengsoer sapĕrti djapati, ninggang ka salira andjeunna.

17. Horeng teh aja gĕntra ti langit, pangandikana kijeu: Nja ijeu Poetra kami noe kaasih, anoe dipikarĕsĕp koe kami.

PASAL 4.

Geus kitoe Jesoes ditjandak koe Roh ka tĕgal lĕga, soepajana digoda koe Iblis.

2. Ari geus saoem opat poeloeh poë opat poeloeh peuting lilana, ahir-ahir palajeun toewang.

3. Tidinja toekang ngagoda teh njampeurkeun ka Jesoes, oendjoekanana kijeu: Lamoen ĕnja andjeun Poetra Allah teh, geura piwarang eta batoe-batoe sina djaradi roti.

4. Ari Jesoes ngawalon, kijeu lahirna: Geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Manoesa teh moal hiroep koe roti woengkoel, istoening koe oenggal-oenggal pangandika, anoe ka loewar ti lambe Allah.

5. Geus kitoe Jesoes koe Iblis dibawa ka nagara soetji teja, sarta diteundeun dina poentjak kabah;

6. Bari oendjoekan kijeu: Lamoen ĕnja andjeun Poetra Allah teh, tjik geura ngaragragkeun andjeun, karana geus dioengĕlkeun dina Kitab, jen Pangeran bade nimbalan ka para malaikatna tina pĕrkawis andjeun, soepaja njarangga ka andjeun, sangkan dampal andjeun oelah koengsi tigasroek kana batoe.

7. Ngalahir Jesoes ka dinja: Aja deui noe geus dioengĕlkeun kijeu: Maneh oelah dek njoba ka Pangeran, Allah maneh.

8. Seug deui koe Iblis dibawa ka sahidji goenoeng anoe loehoer katjida, sarta ditoedoeh-toedoehkeun ka sakabehna karadjaan alamdoenja reudjeung kamoeljaanana;

9. Bari oendjoekan kijeu: Eta sakabehna pĕrkawis, kaoela sĕdja njanggakeun ka andjeun, lamoen andjeun kĕrsa mĕndĕk njĕmbah ka kaoela.

10. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka dinja: Geura los, setan; karana geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Maneh koedoe njĕmbah ka Pangeran, Allah maneh, djeung koedoe ngabakti ngan woengkoel ka andjeunna bae.

11. Geus kitoe Iblis teh oendoer bae; djĕboel malaikat ngadareuheusan sarta ngalalajanan ka Jesoes.

12. Sanggeus kadangoe koe Jesoes Johannes geus disĕrahkeun, moelih deui ka Galilea.

13. Ari Nasaret ditilar, ladjĕng ngalih ka Kapernaoem, noe pĕrnahna di sisi laoet, tĕpoeng-watĕs Seboelon djeung Naptali;

14. Soepaja kalaksanakeun noe geus dilahirkeun koe nabi Jĕsaja teja, kijeu lahirna:

15. Ari tanah Seboelon djeung tanah Naptali, djalan mapaj laoet, peuntaseun Tjijordan, Galilea oerang kapir;

16. Bangsa noe dijoek di noe poëk, geus nendjo tjahaja hibar, sarta sakoer noe darijoek dina tanah djeung kalangkang maot, eta katodjo koe tjahaja.

17. Tina mangsa harita Jesoes ngamimitian ngawoeroek; ari lahiranana: Geura tarobat, sabab karadjaan sawarga teh geus deukeut.

18. Mangsa Jesoes keur angkat di sisi laoet Galilea,

ningali doewa djalma pada saderek, nja eta Simon noe katělah Petroes, djeung Andreas saderekna, keur pada lintar di laoet, karana djadi palika.

19. Geus kitoe dilahiran kijeu: Geura ngiring ka kami, maraneh koe kami dek didjijeun palika djalma.

20. Ari eta pada-harita ninggalkeun heurapna, seug ngariring ka Jesoes.

21. Barang geus ladjěng angkatna, ningali deui doewa djalma pada saderek, nja eta Jakoboes poetra Sěbědeoes, djeung Johannes saderekna, araja dina parahoe reudjeung Sěbědeoes ramana, keur ngarajoeman heurapna; toeloej disaoer.

22. Ari eta pada-harita ninggalkeun parahoe djeung ramana, seug ngariring ka Jesoes.

23. Geus kitoe Jesoes oedaridĕr satanah Galilea, bari ngawoeroek di masigit-masigitna, sarta ngoewarkeun Indjil tina karadjaan teja, kitoe deui njageurkeun sagala roepa panjakit djeung sagala roepa kalaraan ka djalma-djalma.

24. Ari pěrkara Jesoes kaoewar-aërkeun di sakoeriling tanah Sam, sarta djalma pada njanggakeun ka andjeunna sakoer anoe garěring, noe kataradjang roepa-roepa panjakit djeung kanjěri, anoe kasoepan setan, noe sakalor, sarta noe djingdjingeun; ladjěng ditjalageurkeun.

25. Djeung loba pisan djalma noe ngariring ti Galilea, ti Dekapolis, ti Jěroesalem, ti Joedea, djeung ti peuntaseun Tji-jordan.

PASAL 5.

Mangsa katingali eta djalma-djalma, Jesoes naek ka goenoeng; ari geus linggih, moerid-moerid pada ngadeuheusan.

2. Ladjěng ngěngahkeun lambena, ngawoeroek ka darinja; ari lahiranana:

3. Salamět anoe malarat soekmana, sabab eta noe pibogaeun karadjaan sawarga.

4. Salamět anoe prihatin, sabab eta noe bakal dililipoer.

5. Salamět anoe sareh, sabab eta noe bakal kawarisan boemi.

6. Salamět anoe ponjo djeung halabhab kana kaběněran teh, sabab eta noe bakal diseubeuhan.

7. Salamět anoe karoenjaan, sabab eta noe bakal dikaroenjaan deui.

8. Salamět anoe běrěsih hatena, sabab eta noe bakal nendjo ka Allah.

9. Salamět anoe soeka ngarapihkeun, sabab eta noe bakal disěboetkeun poetra Allah.

10. Salamět anoe dikani-

jaja koe tina kabĕnĕran teja, sabab eta noe pibogaeun karadjaan sawarga.

11. Salamĕt maraneh, lamoen dihina-hina djeung dikanijaja, sarta pada ngoepat ka maraneh koe sagala kagorengan, tatapi bohong, nja tina sabab kami;

12. Masing saroeka sarta garĕrah, sabab pigĕdeëun gandjaran maraneh di sawarga; karana nja kitoe nganijajana ka para nabi anoe heulaeun maraneh.

13. Maraneh teh anoe djadi oejah boemi. Oepama oejah leungit rasana, koe naon dipangsetanana? Geus taja gawena kana naon-naon, ngan baris pitjeuneun bae, idĕkeun djalalĕma.

14. Maraneh teh noe djadi damar doenja. Ari nagara noe di loehoer goenoeng, moal bisa boeni.

15. Moal aja noe njeungeut damar ditoeroeban koe gantang, geus tangtoe diteundeun dina adjoegna, toeloej njaangan ka sakoer anoe aja di imah.

16. Nja kitoe deui tjaang maraneh teh koedoe tjaangkeun ka hareupeun djalmadjalma, soepaja narendjoëun panggawe maraneh noe hade, sarta ngaragoengkeun ka Rama maraneh, anoe linggih di sawarga.

17. Oelah aja panjana kami datang teh dek ngarobahkeun Toret atawa Para-nabi; pangdatang kami teh lain dek ngarobahkeun, malah-malah dek ngaboektikeun.

18. Karana satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: nĕpi ka waktoe langit djeung boemi teh euweuh, sajota atawa sahidji tjĕtjĕk tina Toret teh moal datang ka euweuh, nĕpi kana boektina eta sakabehna.

19. Koe sabab eta, sahasaha noe ngarobahkeun sahidji timbalan noe asoep pangleutikna, sarta bari ngawoeroek kitoe ka djalma-djalma, eta bakal disĕboetkeun noe pangleutikna dina karadjaan sawarga; sabalikna saha-saha anoe ngalampahkeun sarta reudjeung ngawoeroekna, eta bakal disĕboetkeun gĕde dina karadjaan sawarga.

20. Karana kami ngalahir ka maraneh: ari kabĕnĕran maneh teu ngoengkoelan ka ahli kitab djeung ka ahli parisi mah, maneh teh hamo piasoepeun kana karadjaan sawarga.

21. Maraneh geus ngadenge jen djalma djaman baheula didawoehan kijeu: Maneh oelah maehan; ari noe maehan mandjing disiksa koe hoekoem.

22. Tatapi woeroek kami mah ka maraneh: saha-saha noe ngambĕk ka doeloerna

taja lantaran, nja eta mandjing disiksa koe hoekoem; djeung deui saha-saha ka doeloerna njĕboetkeun si boeroeng, nja eta mandjing siksa Rad agoeng; ari noe njĕboetkeun si edan, nja eta mandjing siksa seuneu naraka.

23. Koe sabab eta, samangsa maneh mawa koerban maneh kana altar, geus kitoe ras ingĕt jen doeloer maneh aja kangewa ka maneh,

24. Toenda koerban teh di hareupeun altar, bral leumpang ngarapihan heula djeung eta doeloer maneh, toeloej balik deui, seug njanggakeun koerban teja.

25. Masing geura ngahadean kana lawan maneh, meungpeung keur di djalan keneh, oelah koengsi lawan maneh teh njelehkeun ka djaksa, seug koe djaksa diselehkeun ka patjalang, toeloej maneh diasoepkeun ka pangberokan.

26. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maneh: hamo maneh ka loewar deui ti dinja, lamoen tatjan moenahan peser panoetoep mah.

27. Maraneh geus ngadenge jen djalma djaman baheula didawoehan kijeu: Maneh oelah ngaranjed.

28. Tatapi woeroek kami mah ka maraneh: saha-saha noe ngabilĕng ka awewe bawaning bogoheun, eta hoekoemna geus ngaranjed djeung awewe teja di djĕro hatena.

29. Oepama panon maneh katoehoe matak titadjong ka maneh teh, geura tjokel pitjeun, sabab mĕnding keneh roeksak anggahota maneh sahidji, soepaja oelah badan maneh sakoedjoer dialoengkeun ka naraka.

30. Djeung deui oepama leungeun maneh katoehoe matak titadjong ka maneh teh, geura potong pitjeun, sabab mĕnding keneh roeksak anggahota maneh sahidji, soepaja oelah badan maneh sakoedjoer dialoengkeun ka naraka.

31. Aja deui noe geus didawoehkeun: Saha-saha noe njĕrahkeun pamadjikan, koedoe merean soerat talak ka dinja teh.

32. Tatapi woeroek kami mah ka maraneh: saha-saha noe njĕrahkeun pamadjikanana lain lantaran ngaranjed, nja eta noe matak djadi ngaranjed pamadjikanana; djeung saha-saha ngawin popotongan, eta hoekoemna ngaranjed.

33. Nja kitoe deui maraneh geus ngadenge jen djalma djaman baheula didawoehan kijeu: Maneh oelah rek soempah tjidra; ari soempah maneh teh koedoe ditĕtĕpkeun ka Pangeran.

34. Tatapi woeroek kami mah ka maraneh: papatjoewan oelah dek saroempah; oelah soempah njĕboet sawarga, karana eta panglinggihan Allah;

35. Oelah soempah njĕboet boemi, karana eta djodjodog dampalna; oelah soempah njĕboet Jĕroesalem, karana eta nagara radja noe agoeng teja.

36. Djeung oėlah soempah njĕboet sirah sorangan, karana maneh moal bisa ngabodaskeun atawa ngahideungkeun boeoek salambar-salambar atjan.

37. Ari omong maneh koedoe ĕnja, ĕnja; hanteu, hanteu; anoe saleuwihna ti sakitoe, nja eta datangna ti noe goreng.

38. Maraneh geus ngadenge jen geus didawoehkeun kijeu: Mata bajar mata, hoentoe bajar hoentoe.

39. Tatapi woeroek kami mah ka maraneh: oelah dek ngalawan ka noe goreng; ari ka noe nampiling ka pipi maneh noe katoehoe, sodoran noe sabeulah deui.

40. Djeung lamoen aja djalma mĕrkarakeun ka maneh, dek njokot badjoe maneh, bikeun deui haroedoemna.

41. Sarta lamoen aja noe miroesa ka maneh teh leumpang sapal, sing miloe doewa pal.

42. Berean ka noe menta ka maneh, djeung oelah dek ngalijeus ka noe rek ngindjeum ka maneh.

43. Maraneh geus ngadenge jen geus didawoehkeun kijeu: Maneh koedoe njaah ka batoer maneh, ari ka moesoeh mah koedoe geuleuh.

44. Tatapi woeroek kami mah ka maraneh: koedoe njaah ka moesoeh-moesoeh maraneh; koedoe ngabĕrkahan ka noe njapa ka maraneh; koedoe migawe kahadean ka noe geuleuh ka maraneh, djeung pangnarĕdakeun ka noe neungteuinganan sarta nganijaja ka maraneh;

45. Soepaja maraneh teh pidjadieun poetra Rama maraneh anoe linggih di sawarga; sabab andjeunna ngabidjilkeun panon-poë di loehoereun djalma goreng sarta djalma hade, sarta noeroenkeun hoedjan ka noe bĕnĕr djeung ka noe doraka.

46. Karana lamoen maraneh njaah ka noe njaah ka diri maraneh, eta naon pigandjaraneunana ka maraneh? Sanadjan toekang tjoeke ge lain kitoe lampahna?

47. Djeung deui lamoen maraneh oeloek salam ngan ka doeloer woengkoel, eta naon leuwihna panggawe maneh teh ti noe sedjen?

Sanadjan toekang tjoeke ge lain kitoe lampahna?

48. Koe sabab eta, maraneh koedoe sampoerna, sapěrti sampoernana Rama maraneh anoe linggih di sawarga.

PASAL 6.

Maraneh sing hade-hade, oelah milampah kabĕnĕran di hareupeun djalma-djalma, ngarah katangen; ari kitoe mah maraneh moal boga gandjaran ti Rama maraneh anoe linggih di sawarga.

2. Koe sabab eta, lamoen maraneh njidĕkahan oelah ditarompetan, tjara noe poera-poera lampahna di masigit-masigit sarta di loeloeroeng-loeloeroeng, malar dipoedji koe djalma-djalma. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: noe kitoe geus tarima gandjaranana teh.

3. Bĕnĕrna mah lamoen maraneh njidĕkahan, leungeun ti kentja oelah njahoëun ka lampahna leungeun ti katoehoe;

4. Soepaja sidĕkah maneh masing boeni; ari Rama maneh, anoe waspaos ka noe boeni, tangtoe ngabalĕs ka maneh di noe negla.

5. Djeung deui keur mangsa maraneh nĕnĕda, oelah tjara noe poera-poera; karana eta teh karĕsĕpna nĕnĕda bari nangtoeng di masigit djeung dina pepengkolan loeloeroeng, ngarah katangen koe djalma-djalma. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: noe kitoe geus tarima gandjaranana teh.

6. Bĕnĕrna mah maraneh, mangsa dek nĕnĕda, koedoe aboes ka djĕro pangkeng; ari geus meundeutan panto maneh, toeloej nĕnĕda ka Rama maneh anoe linggih di noe boeni; dĕmi Rama maneh, anoe waspaos ka noe boeni, tangtoe ngabalĕs ka maneh di noe negla.

7. Sarta lamoen maraneh nĕnĕda, oelah rek tjelembeng, tjara oerang kapir; panjanana bakal dikakoel tina kalobaan omonganana.

8. Koe sabab eta, maraneh oelah tjara kitoe; karana Rama maraneh langkoeng oeninga dina kakoerangan maneh, samemeh pek nĕnĕda.

9. Djadi maraneh nĕnĕda teh koedoe kijeu: Noen Ama, anoe linggih di sawarga, Djĕnĕngan Ama moegi sina disoetjikeun.

10. Karadjaan Ama moegi sina dongkap. Kĕrsa Ama moegi sina dilampahkeun, sapĕrtos di sawarga, nja kitoe deui di boemi.

11. Moegi koering poë ijeu dipaparin rĕdjĕki koering anoe pitjĕkapeun.

12. Sarĕng moegi ngahampoera kana hoetang koering,

sapĕrtos koering oge ngahampoera ka noe garadoeh hoetang ka koering.

13. Moegi koering oelah dilĕbĕtkeun kana panggoda, lĕrĕsna mah moegi disalamĕtkeun ti noe goreng. Karana nja Ama anoe kagoengan karadjaan, sarĕng kawasa, sarawoeh kamoeljaan, salalanggĕngna. Amin.

14. Karana lamoen maraneh ngahampoera ka djalma kasalahanana, tanwande maraneh oge dihampoera koe Rama maraneh anoe linggih di sawarga.

15. Sabalikna lamoen maraneh hanteu ngahampoera ka djalma kasalahanana, maraneh oge moal dihampoera koe Rama maraneh.

16. Djeung deui samangsa maraneh poewasa, oelah koetjam-koetjĕm sĕmoe, tjara noe poera-poera; karana eta teh sok ngarobahkeun patoetna, ngarah poewasana katangen koe djalma-djalma. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: noe kitoe geus tarima gandjaranana teh.

17. Bĕnĕrna mah maraneh, keur mangsa poewasa, koedoe ngaminjakan sirah, sarta sibeungeut;

18. Soepaja poewasa maraneh teh oelah katara koe djalma-djalma, ngan koe Rama maraneh bae anoe linggih di noe boeni; dĕmi Rama maraneh, anoe waspaos ka noe boeni, tangtoe ngabalĕs ka maneh di noe negla.

19. Maraneh oelah rek ngoempoelkeun radja-barana di ijeu boemi; di dinja teh dihakan koe toko djeung koe tai-hijang, sarta bangsat ngababah djeung maling.

20. Nja koedoe ngoempoelkeun radja-barana di sawarga; di dinja mah moal dihakan koe toko djeung koe tai-hijang, sarta bangsat moal ngababah atawa maling.

21. Karana di mana bae ajana radja-barana maraneh, nja di dinja piajaeunana hate maraneh oge.

22. Ari panon teh, nja eta damar badan. Oepama panon maneh tjekas, tjaang badan maneh sakoedjoer.

23. Sabalikna oepama panon maneh soerĕm mah, poëk badan maneh sakoedjoer. Nja kitoe deui oepama tjaang anoe aja di djĕro maneh teh poëk, tada teuing poëkna!

24. Moal aja djalma noe bisa ngawoela ka doewa djoeragan; karana geus tangtoe salah-sahidji dipikageuleuh, anoe hidji deui dipikanjaah; atawa salah-sahidji dirakĕtan, anoe hidji deui dipikangewa. Maraneh moal bisa ngawoela ka Allah djeung ka Mamon.

25. Koe sabab eta, kami ngawoeroek ka maraneh:

oelah rek salĕmpang kana hiroep maraneh, tina pĕrkara pihakaneun djeung pĕrkara piinoemeun; atawa kana badan maraneh, tina pĕrkara pipakeëun. Ari hiroep teh naha lain leuwih ti batan kahakanan, djeung badan teh lain leuwih ti batan papakean?

26. Geura arilikan sakoer manoek awang-awang, tara njĕbarkeun djeung tara diboewat, sarta tara ngakoetan kana koedang; geuning diparaban bae koe Rama maraneh anoe linggih di sawarga. Ari maraneh koetan lain leuwih pisan ti batan eta?

27. Saha pĕlĕbah maraneh anoe bisa nambahan oemoer koe saasta, tina salĕmpangna?

28. Djeung naha maraneh mana sok salĕmpang kana pipakeëun? Geura arawaskeun pĕtana bakoeng di tĕgal, dina ngagĕdeanana; eta tara baranggawe, tara nganteh;

29. Ari kami ngalahir ka maraneh: sanadjan Soeleman oge, sakitoe gĕde kamoeljaanana, panganggona teu nĕpi ka eta kĕmbang bakoeng sahidji teja.

30. Lamoen djoekoet-djoekoet tĕgal, anoe aja poë ijeu, ari isoekna dialoengkeun ka pameuleuman, koe Allah didangdanan sakitoe, ka maraneh mah lain komo maparin papakean, eh djalma noe koerang pĕrtjaja?

31. Koe sabab eta, maraneh oelah rek salĕmpang, bari ngomong: naon pihakaneun oerang? atawa naon piinoemeun oerang? atawa nao pipakeëun oerang?

32. Karana sagala pĕrkara noe kitoe teja sok disalijar koe oerang kapir. Sabab Rama maraneh, anoe linggih di sawarga, langkoeng oeninga jen maraneh kakoerangan eta sakabehna pĕrkara.

33. Nja koedoe pada nejangan heula karadjaan Allah reudjeung kabĕnĕranana, sanggeus kitoe eta sakabehna pĕrkara tanwande diwoewoehan ka maraneh.

34. Koe sabab eta, oelah rek salĕmpang baris poë isoekan, karana poë isoekan teh tangtoe ngadjeudjeuhkeun dirina koe maneh. Sakitoe ge geus tjoekoep, oenggal-oenggal poë kasoesahanana sorangan.

PASAL 7.

Papatjoewan oelah rek ngahoekoeman, soepaja maraneh oelah dihoekoeman.

2. Karana koe hoekoeman noe dipake ngahoekoeman koe maraneh, mangke maraneh dihoekoeman deui; kitoe deui koe takĕran noe dipake nakĕran koe maraneh, mangke ka maraneh ditakĕrkeun deui.

3. Naha mana maneh nen-

djo tatal noe dina panon doeloer maneh, ari balok noe dina panon maneh sorangan mah, teu karasa koe maneh?

4. Koemaha maneh arek ngomong ka doeloer maneh: Maap, koe kaoela dipanglaankeun tatal tina panon; ari dina panon maneh sorangan mah, tah geuning aja balok?

5. Eh djalma noe poera-poera, geura doedoet heula balok noe aja dina panon maneh, kakara toeloej mětjak-mětjak ngalaan tatal noe aja dina panon doeloer maneh.

6. Oelah mikeun anoe soetji ka andjing, djeung oelah ngaloengkeun moetijara maraneh kana hareupeun bagong, bisi kaiděk koe soekoena, ana malik toeloej njasaak ka maneh.

7. Koedoe něněda, bakal maraneh dipaparin; koedoe nejangan, bakal maraneh manggih; koedoe ngětrok-ngětrok, bakal maraneh diboekakeun.

8. Karana saha-saha noe něněda, tangtoe dipaparin; djeung saha-saha noe nejangan, tangtoe manggih; kitoe deui saha-saha noe ngětrok-ngětrok, tangtoe diboekakeun.

9. Saha di pělěbah maraneh djalma, lamoen dipentaan roti koe anakna, ana sok teh batoe?

10. Djeung saoepama menta laoek, ana sok teh oraj?

11. Koe sabab eta, ari maraneh noe goreng teh bisa mahanan noe harade ka anak-anak maraneh, komo teuing Rama maraneh anoe linggih di sawarga bakal masihan anoe hade ka noe njoehoenkeun.

12. Saniskara bae, sakoemaha kahajang maraneh djalma-djalma milampahkeun ka diri maraneh, koedoe kitoe maraneh ge nja milampahkeun ka djalma-djalma; karana nja eta oenina Toret reudjeung Para-nabi.

13. Geura arasoep kana lawang anoe singgět; - karana gěde lawangna lěga djalanna anoe bras kana karoeksakan, sarta reja pisan anoe asoep ka dinja.

14. Karana singgět lawangna sěsěk djalanna anoe bras kana hiroep, sarta ngan saeutik anoe manggihan.

15. Masing hade-hade maraneh koe nabi noe paralsoe: ana njalampeurkeun ka maraneh niroe tjara domba, ari di djěrona mah tjara mejong dek ngarontok.

16. Koedoe pada dikanjahokeun koe maraneh tina boewahna. Naha sok mětik boewah anggoer tina tangkal tjoetjoek, atawa boewah kondang tina walang sangit?

17. Nja kitoe oenggal-oenggal tangkal anoe hade,

baroewahanana noe hade; ari tangkal anoe goreng mah, baroewahanana noe goreng.

18. Tangkal anoe hade moal bisaeun boewahan noe goreng, kitoe deui tangkal anoe goreng moal bisaeun boewahan noe hade.

19. Nja oenggal-oenggal tangkal anoe hanteu boewahan noe hade, tangtoe ditoewar, toeloej dialoengkeun kana seuneu.

20. Koe sabab eta, bakal dikanjahokeun koe maraneh tina boewahna.

21. Lain oenggal-oenggal djalma anoe sok njĕboet ka kami: Goesti, Goesti, noe bakal asoep kana karadjaan sawarga teh, ngan anoe ngalampahkeun ka kĕrsa Ama kami, anoe linggih di sawarga.

22. Keur poëan eta loba pisan noe bakal ngaromong ka kami kijeu: Noen Goesti, Goesti, naha koering teh lain ngawoeroek koe djĕnĕngan andjeun, sarta ngaloewarkeun setan-setan koe djĕnĕngan andjeun, kitoe deui migawe reja-reja kamatihan koe djĕnĕngan andjeun keneh?

23. Geus kitoe kami teh bakal ngalahir ka darinja kijeu: Salalawasna ge kami tatjan wawoeh ka maraneh; ajeuna geura njalingkir ti kami, eh maraneh anoe njijeun kadorakaan!

24. Koe sabab eta, saha-saha noe ngadengekeun ijeu pangwoeroek kami, djeung dilampahkeunana, eta koe kami diibaratkeun ka djalma noe ijatna, anoe njijeun imah dina batoe karang.

25. Dĕr hoedjan gĕde moeroeboet, gĕr datang tjaah, djeung angin ngagĕlĕboeg, pada neumbag kana eta imah, teu roeboeh, sabab diadĕgkeun dina batoe karang.

26. Djeung saha-saha noe ngadenge ijeu pangwoeroek kami, hanteu ngalampahkeun, eta diibaratkeun ka djalma noe boeroeng, anoe njijeun imah dina keusik.

27. Dĕr hoedjan gĕde moeroeboet, gĕr datang tjaah, djeung angin ngagĕlĕboeg, pada neumbag kana eta imah, toeloej roeboeh, wani ngagoeloegoer roeboehna teh.

28. Dĕmi geus parantos eta pilahir Jesoes anoe tadi teja, djalma-djalma pada heraneun tina piwoeroekna;

29. Karana ari ngawoeroekna sakoemaha noe kawasa, lain tjara ahli-ahli kitab.

PASAL 8.

Ari Jesoes geus loengsoer ti goenoeng, loba pisan djalma noe ngiring.

2. Hol aja hidji djalma noe boga kasakit lepra, soedjoed ka andjeunna, ari pioendjoekna:

Noen Goesti, manawi kĕrsa, andjeun anoe ijasa ngabĕrĕsihan diri djisimkoering.

3. Geus kitoe Jesoes njodorkeun panangan, seug njandak ka eta djalma, bari ngalahir: Kami teh daek, hĕg maneh geura bĕrĕsih. Sapadaharita ge leprana teh bĕrĕsih.

4. Ladjĕng Jesoes ngalahir deui ka eta djalma: Masing hade-hade, oelah bebedja ka saha-saha; sarta koedoe leumpang tingalikeun diri maneh ka panghoeloe, bari njanggakeun bakti noe geus didawoehkeun koe Moesa, soepaja eta djadi saksi ka darinja.

5. Mangsa Jesoes geus soemping ka Kapernaoem, aja noe ngadeuheusan hidji kapala sĕrdoedoe, sarta noenoehoen ka Jesoes,

6. Kijeu pioendjoekna: Noen Goesti, badega simkoering keur ngalondjor di imah djingdjingeun, sarĕng kanjĕrina katjida.

7. Lahiran Jesoes ka dinja: Kami rek datang njageurkeun.

8. Ngawangsoel kapala teh, kijeu pioendjoekna: Noen Goesti, simkoering teu sae pisan dilinggihan nja rorompok koe andjeun; ngan moegimoegi nimbalan koe sakĕtjap bae, eta badega simkoering tinangtos tjageur.

9. Karantĕn simkoering ge di bawah anoe kawasa, sarĕng gadoeh sĕrdadoe, noe ditjangking koe simkoering. Oepantĕn simkoering marentah ka saoerang: geura leumpang, seug leumpang; sarĕng ka saoerang deui: geura ka dijeu, seug datang; sarĕng ka badega simkoering: geura eta pigawe, seug dipigawe.

10. Mangsa ngadangoe kitoe, Jesoes heraneun pisan; ladjĕng ngalahir ka noe ngariring: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, tjatjakan di bangsa Israil ge kami tatjan manggih kapĕrtjajaan anoe tjara kitoe.

11. Ari kami teh ngalahir ka maraneh: reja noe pidaratangeun ti wetan ti koelon, toeloej dijoek ngarijoeng reudjeung Ibrahim, Ishak djeung Jakoeb dina karadjaan sawarga.

12. Tatapi ari anak karadjaan mah bakal didjarongklokkeun ka noe poëk mongkleng boeta-radjin, nja di dinja bakal tjareurik djeung tingkarĕrot hoentoena.

13. Geus kitoe Jesoes ngalahir ka kapala teja: Geura moelang, sapĕrtjaja maneh tinĕkanan! Dĕmi badegana teja waktoe harita pisan tjageur.

14. Sanggeus Jesoes soemping ka imah Petroes, katingali eta mitohana awewe ngalondjor keur moerijang.

15. Ladjĕng koe Jesoes ditjandak leungeunna, toeloej moerijangna oendoer ti eta awewe; geus kitoe hoedang, seug ngalalajanan ka tatamoetatamoena.

16. Ari geus boerit, reja djalma noe kaasoepan setan disanggakeun ka Jesoes. Geus kitoe eta soekma-soekma teh dikaloewarkeun koe lahiran, sarta njageurkeun sakoer noe boga panjakit.

17. Soepaja kalaksanakeun noe geus dilahirkeun koe nabi Jĕsaja, kijeu lahirna: Andjeunna geus ngamomotan andjeun koe kasakit-kasakit oerang, sarta geus nanggoeng kanjĕri-kanjĕri oerang.

18. Mangsa katingali koe Jesoes loba djalma-djalma noe ngalingkoeng ka andjeunna, ladjĕng miwarang lajar ka peuntas.

19. Geus kitoe aja noe ngadeuheusan hidji ahli kitab, ari pioendjoekna: Noen Goeroe, simkoering sĕdja ngiring ka mana bae andjeun angkat.

20. Lahiran Jesoes ka dinja: Ari tjareuh baroga lijang, manoek awang-awang baroga sajang, tatapi ari Poetra manoesa mah teu boga ĕnggon keur ngĕdĕngkeun sirah-sirah atjan.

21. Aja deui saoerang moeridna, pok oendjoekan kijeu: Noen Goesti, moegi simkoering idinan moendoer heula, dek ngaroewang poen bapa.

22. Tatapi lahiran Jesoes ka dinja: Geura ngiring ka kami; ari noe paeh mah sina ngaroewang sapapatenna-sapapatenna.

23. Sanggeus nitihan kana parahoe, moerid-moerid ngariring.

24. Doemadakan aja riboet katjida di laoet, dongkap ka ombak-ombak ngaroengkoep kana parahoe; dĕmi Jesoes keur koelĕm.

25. Tidinja moerid-moerid njalampeurkeun, seug andjeunna digoegahkeun, bari oendjoekan: Adoeh Goesti, moegi toeloengan, abdi-abdi rek katiwasan!

26. Pilahirna ka darinja: Eh maraneh noe koerang pĕrtjaja, naha mana araringgis? Geus kitoe ladjĕng tanghi, sarta njeuseul ka eta angin djeung kana laoet, djĕp djĕmpe-rehe pisan.

27. Ari eta djalma pada heraneun, sarta ngaromong kijeu: Na eta teh djalma koemaha, wĕt angin djeung laoet moenggah datang ka aranoet bae!

28. Sanggeus soemping ka peuntas, ka tanah oerang Gadara, ladjĕng Jesoes kapapag koe doewa djalma noe kaasoepan setan, daratangna ti astana, sarta garalak katjida,

noe matak euweuh noe kadoegaeun ngaliwat ka djalan eta.

29. Doemadakan pada ngagĕro, kijeu pokna: Adoeh Jesoes, Poetra Allah, andjeun aja pĕrkawis naon ka koering? Andjeun soemping ka dijeu teh, naha bade njangsara ka koering samemeh waktoena?

30. Dĕmi rada djaoeh ti dinja aja sagoendoek bagong loba pisan, keur njaratoean.

31. Geus kitoe setan teh pada noenoehoen ka Jesoes, kijeu panoehoenna: Ari andjeun kĕrsa ngabidjilkeun koering sadaja mah, moegi diwidian njaroeroep ka eta goendoekan bagong.

32. Lahiranana ka darinja: Seg bae! Tidinja pada ka loewar, seug njaroeroep ka eta goendoekan bagong teja; horeng eta bagong sagoendoekanana toetoeroeboen tina gawir ka laoet, toeloej paraeh di djĕro tjai.

33. Ari noe ngarangon laloempatan, arasoep ka nagara, sarta pada ngabedjakeun eta sakabeh pĕrkara, djeung noe geus didamĕl ka noe kaasoepan koe setan teja.

34. Geus kitoe broel djalma sanagara boedal, maranggihan ka Jesoes; mangsa geus kapĕndak, pada noenoehoen, andjeunna moegi moegi angkat ti wĕwĕngkĕran dinja.

PASAL 9.

Sanggeusing kitoe Jesoes nitihan kana parahoe, sĕmproeng meuntas, ladjĕng dongkap ka nagarana. Tidinja aja noe njaranggakeun hidji djalma djingdjingeun, keur ngĕdĕng dina kasoer.

2. Barang katingali koe Jesoes eta kapĕrtjajaanana, ladjĕng ngalahir ka noe djingdjingeun teh: Eh agoes, masing soeka-ati bae, dosa-dosa maneh geus dihampoera.

3. Ari ahli kitab sawareh ngaromong sadjĕro hatena kijeu: Eta teh ngagorengkeun ka Allah.

4. Ana katingali koe Jesoes eta palikiranana, ngalahir kijeu: Koe naon mikiran anoe goreng sadjĕro hate maraneh?

5. Sabab babari mana, ngomong: dosa-dosa geus dihampoera ka maneh, djeung ngomong: geura hoedang, toeloej leumpang?

6. Tatapi soepaja maraneh njaho jen Poetra manoesa teh boga kawasa di boemi pikeun ngahampoera dosa (ladjĕng ngalahiran ka noe djingdjingeun teja): Geura hoedang, pangkoe kasoer maneh, toeloej moelang ka imah maneh.

7. Tidinja eta teh hoe-

dang, seug indit moelang ka imahna.

8. Mangsa koe djalma-djalma katarendjo noe tadi teja, pada heraneun sarta ngamoeljakeun ka Allah, noe geus maparin kawasa kitoe ka manoesa.

9. Barang Jesoes angkat ti dinja, ningali hidji djalma, keur dijoek di panjoekeanana, ari ngaranna Matteoes; ladjĕng ngalahir ka dinja: Geura ngiring ka kami. Toeloej eta indit ngiring ka Jesoes.

10. Sanggeus kitoe, mangsa Jesoes keur ngarijoeng medja dina imah eta Matteoes, djĕboel reja toekang tjoeke daratang, kitoe deui djalma noe daroraka, toeloej pada miloe ngarijoeng djeung Jesoes sarta moerid-moeridna.

11. Barang katendjo koe ahli-ahli parisi, seug ngaromong ka moerid-moeridna: Naha Goeroe maraneh teh reureudjeungan dahar djeung toekang tjoeke sarta djeung djalma noe daroraka?

12. Ari koe Jesoes kadangoe, ladjĕng ngalahir ka eta djalma kijeu: Ari noe tjalageur mah hanteu koedoe didoekoenan, ngan anoe garĕring bae.

13. Ari maraneh mah geura bral, tejangan tĕgĕsna noe kijeu teja: Kami teh misoeka kana karoenja, lain kana koerban. Karana pangdatang kami teh lain pikeun njaoer anoe balĕnĕr, nja njaoer anoe daroraka soepaja tarobat.

14. Tidinja moerid-moerid Johannes ngadareuheusan ka Jesoes, sarta aroendjoekan kijeu: Koe naon noe mawi simkoering sarĕng ahli-ahli parisi loba pisan poewasana, ari moerid-moerid andjeun mah sok tara paroewasa?

15. Lahiran Jesoes: Koemaha ari batoer-batoer panganten bisaeun nalangsa salilana direudjeungan koe panganten teh? Tatapi pidatangeun mangsa jen panganten teh geus ditjandak ti maranehanana, nja didinja pada pipoewasaeun teh.

16. Hanteu aja djalma anoe nambalkeun lamak lakĕn noe anjar keneh kana badjoe boeroek; karana panambalna ngarĕnjahkeun ka noe boeroek, mingkin katjida soëhna.

17. Kitoe deui hanteu aja djalma anoe ngawadahan anggoer anjar kana karoeng koelit boeroek; lamoen kitoe mah karoeng koelit teh bĕdah, anggoerna moentjĕrat, sarta karoeng koelit teh djadi boetoet. Ari anggoer noe anjar diwadahan kana karoeng koelit noe weuteuh, geus kitoe doewanana djadi tarĕtĕp.

18. Mangsa Jesoes keur ngalahirkeun kitoe ka eta

djalma-djalma, djĕboel aja hidji kapala, toeloej soedjoed ka pajoeneun andjeunna, bari oendjoekan kijeu: Poen anak awewe bijeu pisan maot; moegi geura linggih sarĕng noempangkeun panangan, geus kitoe bade hiroep deui.

19. Ladjĕng Jesoes ngadĕg, noetoerkeun eta kapala, djeung moerid-moeridna.

20. Doemadakan aja hidji awewe, noe boga kasakit ngagĕtih, lilana geus doewa wĕlas taoen; eta ngadeuheusan ka Jesoes ti poengkoereunana, sarta njabak kana kĕlin djoebahna.

21. Sabab ari omongna di djĕro pikir: Saoepama aing bisa njabak bae ka djoebahna, tanwande aing tjageur.

22. Ladjĕng Jesoes malik ka poengkoer, ari beh ningali eta, ngalahir kijeu: Masing soeka-ati bae njai, maneh geus ditoeloeng koe kapĕrtjajaan maneh. Dĕmi awewe teh tjageur ti waktoe harita pisan.

23. Barang Jesoes dongkap ka imah kapala teja, sarta ningali noe njaroeling djeung djalma-djalma keur roesoehtagiwoer,

24. Ladjĕng eta dilahiran kijeu: Eh geura aloendoer, boedak teh lain paeh, ngan keur sasarean bae. Tatapi eta pada njeungseurikeun ka Jesoes.

25. Ari geus diboedalkeun djalma-djalma, Jesoes lĕbĕt, ladjĕng ditjandak leungeunna, seug boedak teh hoedang.

26. Dĕmi pĕrkara tadi teja kaoewan-aerkeur di satanah eta.

27. Barang Jesoes angkat ti dinja, aja doewa djalma lolong naloetoerkeun, bari sasambat, kijeu pokna: Noen Poetra Dawoed, moegi aja sih-piwĕlas ka diri koering!

28. Ari geus dongkap ka boemina, noe lolong teh ngadareuheusan. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka dinja: Koemaha maraneh pĕrtjaja jen kami bisa migawe kitoe? Ari pioendjoekna: Soemoehoen Goesti.

29. Geus kitoe ditjabak panonna, sarta ngalahir: Sapĕrtjaja maraneh tinĕkanan.

30. Seug panonna bareunta. Geus kitoe Jesoes ngalarang ka dinja katjida pisan, ari lahirna: Masing hade-hade, poma oelah aja noe dibere njaho.

31. Dĕmi eta sanggeus boedal, toeloej ngoetarakeun ka Jesoes di satanah eta.

32. Barang eta noe tadi boedal, djĕboel aja noe njaranggakeun hidji djalma nja bisoe nja kaasoepan setan.

33. Ari geus dikaloewarkeun setanna mah, noe bisoe

teh ngomong. Tidinja djalma-djalma pada heraneun, sarta ngaromong: Salalawasna ge di pĕlĕbah Israil tatjan aja noe nendjo pĕrkara noe kitoe pĕtana!

34. Tatapi ari tjĕk ahli-ahli parisi mah: Eta ngaloewarkeunana setan soteh koe kapala setan.

35. Geus kitoe Jesoes ngidĕran sakoer nagara-nagara djeung desa-desa, bari ngawoeroek di masigitna, sarta ngoewarkeun Indjil tina karadjaan teja, kitoe deui njageurkeun sagala roepa panjakit djeung sagala roepa kalaraan ka djalma-djalma.

36. Ana ningali ka djalma-djalma teja, Jesoes kalangkoeng-langkoeng wĕlaseunana, tina sabab pada maropo djeung paboejar, tjara domba anoe taja pangangonna.

37. Ladjĕng ngalahir ka moerid-moerid: Piboewateun koe lĕga, tatapi ari noe migawe ngan saeutik;

38. Koe sabab eta, geura nĕnĕda ka Pangeran anoe kagoengan piboewateun, soepaja miwarang noe migawe kana piboewateunana.

PASAL 10.

Sanggeusing kitoe moerid noe doewa wĕlas teja koe Jesoes disaoer; ladjĕng dipaparin kawasa pikeun ka sakoer soekma nadjis, soepaja dikaloewarkeun, sarta pikeun njageurkeun ka sagala panjakit djeung sagala kalaraan.

2. Ari ngaran noe doewa wĕlas rasoel teh nja kijeu: Anoe mimiti Simon noe katĕlah Petroes, djeung Andreas saderekna; Jakoboes poetra Sĕbĕdeoes, djeung Johannes saderekna;

3. Pilipoes djeung Bartolomeoes; Tomas djeung Matteoes, toekang tjoeke teja; Jakoboes poetra Alpeoes, djeung Lebeoes, ngaranna deui Tadeoes;

4. Simon oerang Kana, djeung Joedas Iskariot, noe djadi ngahijanat.

5. Eta noe doewa wĕlas teh koe Jesoes dipiwarang leumpang, sarta ditimbalan, kijeu lahirna: Maraneh pomapoma oelah njorang djalan ka oerang kapir, djeung oelah ngasoepan nagara oerang Samaria.

6. Nja koedoe nejang ka domba bangsa Israil anoe laleungit.

7. Geura laleumpang, sarta koedoe oewar-oewar, kijeu nja pok: Karadjaan sawarga teh geus deukeut!

8. Koedoe njageurkeun noe garĕring, ngabĕrĕsihan noe kasakit lepra, hiroepan anoe paraeh, djeung bidjilkeun setan-setan. Katampana koe

maraneh teu majar, mikeunna oelah hajang dibajar.

9. Oelah bĕbĕkĕlan ĕmas, atawa perak, atawa tambaga dina saboek maraneh.

10. Djeung oelah mawa endong baris di djalan, atawa badjoe doewa, atawa taroempah, atawa iteuk; karana noe baranggawe teh patoet pimeunangeun kadaharanana.

11. Di mana bae maraneh asoep ka nagara, atawa ka desa, geura talengteng anoe pilajakeun; nja di dinja koedoe tjitjing, tĕpi ka mangkat deui.

12. Barang boes asoep kana eta imah, koedoe oeloek salam.

13. Saoepama eta imah aja lajakna, salam maraneh sing teurak ka dinja; sabalikna lamoen teu lajak mah, salam teh sing balik deui ka maraneh.

14. Djeung oepama djalma hanteu ngakoe ka maraneh, kitoe deui hanteu ngadenge kana omongan maraneh, toeloej ka loewar bae ti eta imah atawa ti eta nagara teh, bari ngekedjekkeun ngĕrĕsna tina soekoe maraneh.

15. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: tanah Sadoemoe djeung Gomora teja bakal enteng di poë ngahoekoem ti batan nagara anoe kitoe.

16. Masing aringĕtkeun, maraneh koe kami dititah sapĕrti domba ka tĕngah-tĕngah mejong; mana koedoe ijatna tjara oraj, sarta koedoe langsar hate tjara djapati.

17. Djeung maraneh masing hade-hade koe djalma-djalma: karana bakal pada njelehkeun maraneh ka paragĕman rad, sarta bakal dirarangket dina masigit-masigitna.

18. Samalah maraneh bakal didareuheuskeun ka pajoeneun goepĕrnoer-goepĕrnoer sarta radja-radja, tina sabab kami, pikeun djadi saksi ka darinja djeung ka oerang kapir.

19. Ari samangsa maraneh koe eta djalma diselehkeun teh, poma oelah salĕmpang koe pĕtana atawa koe naon pingomongeun; karana dina waktoe eta pisan bakal dipaparinkeun ka maraneh sakoer anoe koedoe diaromongkeun koe maraneh.

20. Karana lain maraneh anoe ngomong teh, istoening Roh Rama maraneh, anoe ngalahir di djĕro maraneh.

21. Ari doeloer bakal njelehkeun doeloerna sina dipaehan, nja kitoe deui bapa njelehkeun anakna, ari anak-anak bakal ngabahaan ka kolot-kolotna, sarta maehan.

22. Sarta maraneh bakal dipikageuleuh koe sakabeh,

tina sabab djĕnĕngan kami. Dĕmi saha-saha noe koekoeh nĕpi ka panoengtoengan, tangtoe pisalamĕteun.

23. Samangsa maraneh dikanijaja di nagara ijeu, koedoe kalaboer bae ka noe sedjen; karana satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: nagara-nagara Israil moal koengsi kaidĕr koe maraneh, Poetra manoesa mah geus soemping manten.

24. Ari moerid mah moal ngoengkoelan ti batan goeroena, kitoe deui boedjang moal ngoengkoelan ti batan djoeraganana.

25. Geus meudjeuhna ari moerid teh, oepama djadi saroewa djeung goeroena; kitoe deui lĕbah boedjang teh, oepama djadi saroewa djeung djoeraganana. Lamoen noe boga imah disĕboetkeun Beelsĕboel, geus komo ka eusiimahna mah.

26. Koe sabab eta, oelah dipake kasijeun; karana taja pĕrkara katoetoepan, anoe moal pikataraeun, atawa pĕrkara boeni, anoe moal pikatangeneun.

27. Sakoer anoe ditjatoerkeun koe kami ka maraneh di noe poëk, koedoe aromongkeun di noe tjaang; ari sakoer anoe kadarenge koe maraneh dina tjeuli, koedoe aroewarkeun ti loehoer hateup.

28. Djeung oelah dek sarijeun koe noe maehan kana badan, tatapi teu bisaeun maehan kana njawa; anggoer koedoe sarijeun koe noe ijasa ngaroeksakkeun njawa djeung badan di djĕro naraka.

29. Ari manoek piit didjoewalna lain doewa sadoewit? kilang kitoe ge teu aja noe ragrag ka boemi hidji-hidji atjan, ari teu dikĕrsakeun koe Rama maraneh mah.

30. Malah-malah boeoek maraneh, anoe aja dina sirah, geus kaetang kabeh.

31. Koe sabab eta, oelah dek sarijeun; maraneh teh leuwih ti batan manoek piit noe loba.

32. Koe sabab eta, saha-saha noe ngakoe ka kami di hareupeun djalma-djalma, tangtoe diakoe deui koe kami di pajoeneun Ama kami, noe linggih di sawarga.

33. Sabalikna saha-saha noe nganglĕs ka kami di hareupeun djalma-djalma, tangtoe dianglĕs deui koe kami di pajoeneun Ama kami, noe linggih di sawarga.

34. Oelah nganjanaan kami noe matak datang dek mawa karoentoetan ka boemi; pangdatang kami teh lain mawa karoentoetan, istoening pĕdang.

35. Karana kami noe matak datang teh, djalma dek

disina pasĕndatan ka bapana; ari anak awewe ka indoengna, djeung minantoe awewe ka mitohana awewe.

36. Ari noe bakal djadi moesoeh djalma, nja eta batoerna saimah.

37. Saha-saha noe njaah ka indoeng atawa ka bapa, leuwih ti batan ka kami, eta mah teu pĕrnah ka kami; djeung saha-saha noe njaah ka anak lalaki atawa ka anak awewe leuwih ti batan ka kami, eta mah teu pĕrnah ka kami.

38. Djeung deui saha-saha noe teu manggoel kai-dipalang adjangna, bari teu anoet ka kami, eta mah teu pĕrnah ka kami.

39. Saha-saha noe manggih ka njawana, bakal kaleungitan koe njawana; djeung saha-saha noe kaleungitan koe njawana tina sabab kami, eta noe bakal manggih njawana.

40. Saha-saha noe narima ka maraneh, nja eta narima ka kami; ari noe narima ka kami, nja eta narima ka noe geus miwarang kami.

41. Saha-saha noe narima ka hidji nabi, koe pedah ngaran nabi, eta pitampaeun gandjaran noe bakoe ka nabi; djeung saha-saha noe narima ka hidji djalma noe bĕnĕr, koe pedah ngaran djalma bĕnĕr, eta pitampaeun gandjaran noe bakoe ka djalma noe bĕnĕr.

42. Djeung saha-saha noe mere nginoem tjai atah bae saloemoer ka ijeu salah-sahidji djalma anoe laleutik, koe pedah ngaran moerid, satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, eta hamo loepoet gandjaranana.

PASAL 11.

Ari mangsa Jesoes parantos maparin timbalan ka moerid-moeridna anoe doewa wĕlas teja, ladjĕng deui angkatna ti dinja, bade ngawoeroek sarta ngoewarkeun dina eta nagara-nagarana.

2. Barang Johannes di pangberokan ngadangoe pĕrkara dadamĕlan Kristoes, seug ngadjoeroengkeun doewa moerid;

3. Bari kijeu pihatoerna ka Jesoes: Nja adjĕngan anoe bakal soemping teja, oetawi koedoe ngantosan anoe sanes deui?

4. Ladjĕng Jesoes ngawalon, kijeu lahirna ka eta moerid: Maraneh teh geura arindit, oeningakeun bae ka Johannes sakoer anoe kadenge djeung noe katendjo koe maraneh.

5. Aja noe lolong njareueung, djeung noe darejog leumpangna bĕnĕr; aja noe lalepra dibĕrĕsihan, sarta noe

torek ngadarenge; aja noe paeh dihariroepan, djeung noe malarat diaroewaran Indjil.

6. Sarta salamĕt djalma anoe hanteu titadjong ka kami teh.

7. Sanggeusna eta arindit, Jesoes ngamimitian ngalahir ka djalma-djalma tina hal Johannes, kijeu: Noe matak maraneh boedal ka tĕgal lĕga teja narendjo naon? awi anoe loewak-lejok koe angin?

8. Atawa noe matak maraneh boedal teh, narendjo naon? ka hidji djalma anoe make papakean lĕmĕs? Ari noe make lalĕmĕs mah, pangajana di padalĕman radja-radja bae.

9. Atawa noe matak maraneh boedal teh, narendjo naon? ka hidji nabi? Saĕnjana, kami ngalahir ka maraneh: malah eta leuwih pisan ti batan nabi.

10. Karana nja eta noe geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu teja: Masing nganjahokeun, kami miwarangan saheulaeun andika malaikat kami, anoe bakal njadijakeun pidjalaneun andika saheulaeun andika.

11. Satĕmĕnna, kami teh ngalahir ka maraneh, di sakoer-sakoer djalma noe geus didjoeroekeun koe awewe, moal aja hidji-hidji atjan anoe ngoengkoelan ka Johannes toekang ngabanjoe; tatapi ari noe pangleutikna dina karadjaan sawarga teh, eta leuwih ti batan Johannes.

12. Sarta tina poëan Johannes toekang ngabanjoe teja, nĕpi ka ajeuna, karadjaan sawarga teh ditĕmpoeh, ari koe noe nĕmpoeh dibeunangkeun pisan.

13. Karana sadajana para nabi reudjeung Toret ngawĕdjangna nĕpi ka Johannes.

14. Sarta lamoen maraneh daek narima, nja eta teh Elias, anoe bakal soemping teja.

15. Saha-saha djalma noe boga tjeuli pikeun ngadenge, koedoe dengekeun.

16. Tatapi ari bangsa djaman ajeuna koe kami rek dimisilkeun kana naon? Nja eta oepama baroedak noe darijoek di pasar-pasar, bari ngagĕroan ka batoerna,

17. Kijeu pokna: Dewek geus pada mangnjoelingkeun ka maraneh, tatapi maraneh teu ngigĕl; dewek geus pada mangnjanjikeun ka maraneh koe njanjian nalangsa, tatapi maraneh teu aloek-aloekan.

18. Karana Johannes teh geus soemping teu dahar teu leueut, ari tjĕk djalma-djalma: Eta teh aja setanan!

19. Dĕmi Poetra manoesa mah geus datang, noe dahar sarta nginoem; ari tjĕk djalma-djalma: Toeh tarendjo, eta mah djalma rĕwog sarta beuki

nginoem anggoer, sosobatan djeung toekang tjoeke sarta djeung djalma doraka! Ari kapintĕran teh geus diroedjoekan koe anak-anakna.

20. Tidinja Jesoes ngamimitian ngawĕwĕleh ka sagala nagara, ĕnggon andjeunna geus midamĕl moedjidjat pangrejana teja, sabab hanteu tarobat.

21. Pitjilakaeun maneh, Korasin! pitjilakaeun maneh, Betsaida! karana oepama di Tiroes djeung Sidon didjijeun moedjidjat sapĕrti anoe geus didjijeun di maraneh teja, tangtoe eta geus lila tarobat, make karoeng djeung lĕboe.

22. Tatapi kami teh ngalahir ka maraneh: ari Tiroes djeung Sidon bakal enteng di poë ngahoekoem, ti batan maraneh.

23. Sarta ari maneh, Kapernaoem, noe geus didjoengdjoengkeun tĕpi ka langit, nja maneh bakal didjongklokkeun tĕpi ka naraka pisan. Karana oepama di Sadoemoe didjijeun moedjidjat saperti anoe geus didjijeun di maneh teja, eta mangsa ajeuna tangtoe tĕtĕp keneh bae.

24. Tatapi kami teh ngalahir ka maneh, jen tanah Sadoemoe bakal enteng di poë ngahoekoem, ti batan maneh.

25. Dina mangsa eta Jesoes ladjĕng oendjoekan, kijeu pioendjoekna: Simkoering moedji ka andjeun, noen Ama, Pangeran noe kagoengan langit sarĕng boemi, doemeh eta pĕrkawis teja koe andjeun ditoetoepan ka noe palintĕr sarawoeh ka noe binangkit, sarĕng geus diboekakeun ka baroedak.

26. Lĕrĕs Ama, nja kitoe pisan kasoekaan andjeun.

27. Saniskara koe Rama geus diserenkeun ka kami; djeung hanteu aja pisan anoe nganjahokeun ka Poetra, ngan Rama bae; kitoe deui teu aja noe nganjahokeun ka Rama, ngan Poetra bae, djeung sakoer djalma noe dipikarĕp diebrehan koe Poetra.

28. Hijap ka darijeu ka kami, eh sakoer anoe maropo sarta noe kabeuratan, kami rek njĕgĕran ka maraneh!

29. Geura panggoel pasangan kami, barina goegoeroe ka kami; sabab kami teh sareh sarta rĕndah ati; lamoen kitoe maraneh tangtoe meunang kasĕgĕran pikeun njawa maraneh.

30. Karana ari pasangan kami teh ĕmpoek, sarta momotan ti kami teh hampang.

PASAL 12.

Mangsa eta teh, dina hidji poë sabat, Jesoes angkat, djalanna kana pĕpĕlakan ta-

rigoe; dĕmi moeridna harajangeun dahar; tidinja pada mipit ranggeujanana, seug didalahar.

2. Ari ahli-ahli parisi, barang narendjo eta, aroendjoekan ka Jesoes kijeu: Toeh moerid-moerid adjĕngan milampah noe teu kawidian dipigawe di poë sabat.

3. Lahiranana ka eta djalma teh: Naha maraneh tatjan ngadji tjarita lalampahan Dawoed, keur mangsa palajeun dahar, kitoe deui batoer-batoerna?

4. Nja lampahna asoep ka gĕdong Allah teja, ngadahar eta roti tingalieun, padahal hanteu widi didahar koe andjeunna, kitoe deui koe batoer-batoerna, ngan koe para panghoeloe bae?

5. Atawa koe maraneh tatjan kaadji dina Toret, jen panghoeloe di poë sabat pada ngarĕmpak sabat dina djĕro kabah, kitoe ge teu matak salah?

6. Sarta kami ngalahir ka maraneh, di dijeu aja anoe leuwih ti batan kabah.

7. Tatapi saoepama geus kanjahoan koe maraneh dina panghartina noe kijeu teja: Kami teh misoeka kana karoenja, lain kana koerban, moal datang ka ngahoekoeman noe teu baroga dosa.

8. Sabab nja Poetra manoesa anoe moerba ka poë sabat keneh.

9. Ana geus ladjĕng angkatna ti dinja, Jesoes soemping ka masigit.

10. Doemadakan di dinja aja hidji djalma, noe kemper leungeunna sabeulah. Toeloej eta pada naros ka Jesoes, kijeu pioendjoekna: Koemaha ari di poë sabat kawidian njageurkeun? Pambrihna soepaja bisa ngĕlakkeun andjeunna.

11. Lahiranana ka darinja teh: Saha djalma di lĕbah maraneh anoe boga domba hidji, saoepama tigoebroes kana lombang di poë sabat, naha eta moal ditjĕkĕl hĕg dihandjatkeun?

12. Ari djalma koetan lain leuwih pisan ti batan domba? Nandakeun kawidian di poë sabat migawe kahadean.

13. Geus kitoe ladjĕng ngalahir ka eta djalma teja: Tjing geura sodorkeun leungeun maneh. Pek disodorkeun. Toeloej diwaloejakeun, tjageur tjara leungeun hidji deui.

14. Dĕmi ahli parisi teh, ari geus boedal, seug rĕrĕmpoegan djeung batoer-batoer, koemaha nja pipĕtaeunana maehan ka Jesoes.

15. Tatapi kaoeninga koe Jesoes; ladjĕng angkat ti dinja. Sarta loba pisan djalma

noe ngariring, eta sakabehna ditjalageurkeun.

16. Djeung diomat-omatan katjida, oelah sina ngoetarakeun salira andjeunna.

17. Nja eta soepaja kalaksanakeun noe geus dilahirkeun koe nabi Jĕsaja, kijeu lahirna:

18. Toeh tarendjo eta abdi kami, beunang kami milih, kaasih kami, noe dipikarĕsĕp koe hate kami. Eta koe kami bakal diteundeunan Roh kami, sarta bakal ngoewarkeun hoekoeman ka oerang kapir.

19. Moal pitjerewedeun atawa hahaokan, sarta moal aja noe ngadenge sowarana dina loeloeroeng.

20. Hoë noe pitĕs koe eta hamo bakal disapatkeun, dĕlĕs noe ngĕboel keneh koe eta hamo bakal dipareuman, nĕpi ka geus noetoegkeun hoekoeman teh sina oenggoel.

21. Sarta oerang kapir bakal pada ngarĕp-ngarĕp kana djĕnĕnganana eta.

22. Ari geus kitoe dideuheuskeun ka Jesoes hidji djalma noe kaasoepan setan, nja lolong nja bisoe; seug toeloej ditjageurkeun, anoe matak eta djalma noe lolong djeung bisoe teh bisa ngomong sarta nendjo.

23. Dĕmi sakabeh djalma mĕlĕngĕk, aromongna: Eta teh lain Poetra Dawoed teja?

24. Tatapi ari ahli-ahli parisi, anoe ngadenge kitoe, ngaromong: Eta hanteu ngaloewarkeun setan, ngan koe Beelsĕboel, kapala setan.

25. Nanging Jesoes oeningaeun ka pikiranana, seug ngalahir ka eta djalma: Oenggal karadjaan noe mĕrangan maneh, tangtoe toempoer; sarta oenggal nagara atawa imah, noe mĕrangan maneh, eta moal tĕtĕp.

26. Oepama setan ngaloewarkeun setan, eta nandakeun mĕrangan maneh; ana kitoe mah karadjaanana koemaha bisa tĕtĕp?

27. Lamoen ĕnja kami ngaloewarkeun setan koe Beelsĕboel, anak-anak maraneh ngaloewarkeunana setan teh koe saha? Manana nja eta pisan anoe bakal ngahoekoeman ka maraneh.

28. Sabalikna lamoen kami ngaloewarkeun setan teh koe Roh Allah, nandakeun karadjaan Allah geus dongkap ka maraneh.

29. Atawa koemaha djalma rek bisa asoep ka imahna noe bĕdas, sarta ngarajah paparabotanana, lamoen eta noe bĕdas teh hanteu dibarogod heula mah? kakara bisa ngarajah imahna.

30. Anoe hanteu miloe ka kami, nja eta ngalawan ka kami teh; sarta noe hanteu

miloe ngoempoelkeun djeung kami, nja eta ngaboerantakkeun.

31. Koe sabab eta, kami ngalahir ka maraneh: sagala dosa sarta omongan goreng bakal dihampoera ka djalma; tatapi ari hal ngagorengkeun ka Roh mah, moal dihampoera ka djalma.

32. Saha-saha anoe ngomong ngalawan ka Poetra manoesa teh, bakal dihampoera; tatapi ari noe ngomong ngalawan ka Roh Soetji mah, moal dihampoera, boh djaman ajeuna boh djaman mĕngke.

33. Salah-sahidji sĕboetkeun tangkalna hade djeung boewahna hade, atawa sĕboetkeun tangkalna goreng djeung boewahna goreng: sabab kanjahoanana tangkal tina boewahna.

34. Eh anak-anak oraj wĕlang, koemaha maraneh rek bisa ngomong barang noe hade, da maraneh teh dasar goreng? karana panglemekna biwir koe tina kaleberanana hate.

35. Ari djalma noe hade ngabidjilkeun kahadean tina banda hate noe hade; kitoe deui djalma noe goreng ngabidjilkeun kagorengan tina banda noe goreng.

36. Ari kami ngalahir ka maraneh, tina hidji-hidji omongan noe sija-sija, anoe diomongkeun koe djalma teh, koedoe pada njanggakeun katĕranganana di poë ngahoekoem.

37. Sabab tina omongan maneh bakal maneh didamĕl bĕnĕr, sarta tina omongan maneh keneh bakal maneh dihoekoeman.

38. Toeloej ngawangsoel sawareh ahli kitab djeung ahli parisi, kijeu pioendjoekna: Noen Goeroe, simkoering hajang nendjo hidji tanda dadamĕlan adjĕngan.

39. Ari Jesoes ngawalon, kijeu lahirna: Bangsa noe goreng djeung sok ngaranjed teh menta tanda; moal dibere tanda, ngan tanda nabi Joenoes teja.

40. Karana sapĕrti Joenoes tiloe poë tiloe peuting aja di djĕro beuteung laoek lodan teja, nja kitoe deui Poetra manoesa teh bakal aja di djĕro hate boemi tiloe poë tiloe peuting.

41. Oerang Niniwe bakal ngadareuheusan ka hoekoem kijamat barĕng djeung ijeu bangsa ajeuna, sarta seug ngahoekoeman ka darinja; sabab oerang Niniwe teh tarobat sanggeusna meunang piwoeroek ti Joenoes; padahal anoe ajeuna di dijeu mah, leuwih ti batan Joenoes.

42. Radja istri ti tĕbeh ki-

doel teja bakal ngadeuheusan ka hoekoem kijamat barĕng djeung ijeu bangsa ajeuna, sarta seug ngahoekoeman ka darinja; sabab geus soemping ti toengtoeng boemi bawaning hajangeun ngareungeu kana kapintĕran Soeleman; padahal anoe ajeuna di dijeu mah, leuwih ti batan Soeleman.

43. Mangsa soekma nadjis geus ka loewar ti djalma, toeloej ngidĕran ĕnggon noe rarehe, nejangan eukeur tjitjing, tatapi hanteu manggih.

44. Seug ngomong kijeu: Ah dek balik deui bae ka imah oeroet aing ka loewar. Ari datang, njampak geus kosong, beunaug njapoean sarta dialoes-aloes.

45. Tidinja leumpang ngadjakan toedjoeh batoer pada soekma, noe leuwih goreng ti batan manehanana; ari geus asoep tjaritjing di dinja; djadi djalma teja ahirna leuwih bangĕt ti batan tadi. Nja kitoe pidjadieunana ijeu bangsa noe goreng teh.

46. Ari keur Jesoes ngalahir keneh ka eta djalma-djalma, beh iboena djeung saderek-saderekna ngaradĕg di loewar, harojongeun sasaoeran djeung andjeunna.

47. Toeloej aja noe ngoeninga kijeu: Toeh iboe sarĕng saderek-saderek andjeun ajeuna ngaradĕg di loewar, harojongeun sasaoeran sarĕng salira andjeun.

48. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka noe ngoeninga teja: Na saha karah iboe kami, djeung saha doeloer-doeloer kami teh?

49. Ladjĕng ngoengkoelkeun pananganana ka loehoereun moerid-moeridna, bari ngalahir: Toeh tarendjo indoeng djeung doeloer-doeloer kami mah.

50. Karana saha-saha djalma noe milampahkeun kĕrsa Ama kami, anoe linggih di sawarga, nja eta doeloer lalaki, sarta doeloer awewe, djeung indoeng kami.

PASAL 13.

Dina poë harita Jesoes ka loewar ti boemi, ladjĕng linggih di sisi laoet.

2. Geus kitoe loba pisan djalma koempoel ngadareuheusan, noe matak andjeunna nitihan kana hidji parahoe, seug linggih; ari eta sakabeh djalma teja narangtoeng di basisir.

3. Tidinja Jesoes ngalahirkeun reja pisan pĕrkara ka darinja, koe misil, kijeu lahirna: Aja hidji toekang sĕbar indit ka loewar, dek njĕbarkeun.

4. Mangsa keur njĕbarkeun, sawareh ragragan ka djalan;

seug manoek-manoek daratang, maratjokan eta.

5. Ari noe sawareh deui ragraganana ka noe aja tjadasan, njampak di dinja teu pati loba taneuh; harita keneh ge djadi, koe sabab hanteu djĕro taneuhna.

6. Tatapi ari geus bidjil panon-poë, toeloej toetoeng; djeung tina sabab hanteu aja akarna, noe matak djadi perang.

7. Ari noe sawareh deui ragraganana ka pĕlĕbah tjoetjoek-tjoetjoek; dĕmi eta tjoetjoek djaradi, toeloej noe disĕbarkeun teh eungapeun.

8. Ari noe sawareh deui ragraganana ka taneuh noe hade; toeloej bidjil boewahna, beubeunanganana noe hidji saratoes, noe hidji gĕnĕp poeloeh, ari noe hidji deui tiloe poeloeh patikĕlaneun.

9. Saha-saha djalma noe boga tjeuli pikeun ngadenge, koedoe dengekeun.

10. Geus kitoe moerid-moerid pada marĕk ka Jesoes, sarta oendjoekan kijeu: Noen koemaha noe mawi andjeun ngalahir ka eta djalma-djalma koe misil?

11. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka moerid: Sabab ari maraneh geus dipaparin pinjahoëun ka rasijahna karadjaan sawarga, tatapi ari eta djalma mah hanteu dipaparin.

12. Karana saha-saha noe geus boga, tangtoe dipaparin deui, sarta datang ka leuwihan; sabalikna ari noe hanteu boga, ti eta teh sabobogaanana ge bakal ditjandak.

13. Kitoe noe matak kami ngawoeroek ka eta djalma-djalma koe misil, karana molotot oge hanteu nendjo, djeung tjeuli molongo oge teu ngadenge, soemawonna moen ngaharti.

14. Sarta nja di maranehanana eta boekti piwĕdjang nabi Jĕsaja, anoe kijeu lahirna: Maraneh bakal ngadenge koe tjeuli, tatapi moal pingahartieun; sarta bakal molotot koe panon, tatapi moal nendjo.

15. Karana ijeu bangsa teh geus djadi mintoel hatena, ari tjeulina hese ngadengena, sarta panonna geus dipeureumkeun; soepaja oelah koengsi narendjo koe panon, djeung oelah ngadarenge koe tjeuli, djeung oelah ngaharti koe hate, djeung moal tarobat, sarta oelah ditjageurkeun koe kami.

16. Tatapi ari panon maraneh mah salamĕt, sabab nendjo, kitoe deui tjeuli maraneh, sabab ngadenge.

17. Karana satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, djaman baheula reja pisan nabi reudjeung djalma noe balĕnĕr harajangeun ningali pĕrkara

noe katendjo koe maraneh, tatapi hanteu koengsi ningali; djeung harajangeun ngareungeu përkara noe kadenge koe maraneh, tatapi hanteu koengsi ngareungeu.

18. Dëmi ajeuna maraneh, geura ngadengekeun misil toekang sëbar teja:

19. Oepama djalma ngadenge eta pangandika tina hal karadjaan, sarta hanteu ngahartieun, toeloej datang anoe goreng teja, ngaraboet anoe geus disëbarkeun dina hatena: nja eta noe kasëbarkeun ka djalan teja.

20. Ari noe kasëbarkeun ka noe aja tjadasan teja, nja eta noe ngadengekeun pangandika, harita keneh ge ditarima djeung soekana;

21. Tatapi eta hanteu aja akarna dina dirina, noe matak hanteu koengsi lila; mangsa aja kasoekëran djeung dikanijaja tina sabab pangandika teja, eta gantjang titadjong.

22. Ari noe kasëbarkeun ka pëlëbah tjoetjoek teja, nja eta noe ngadengekeun pangandika; dëmi karepotan doenja, sarta panggëndamna kabeungharan matak djadi eungapeun pangandika teh, salawasna teu boewahan.

23. Ari noe kasëbarkeun di taneuh anoe hade teja, nja eta noe ngadengekeun pangandika sarta kaharti pisan; geus kitoe datang ka boewahan, beubeunanganana noe hidji saratoes, noe hidji gënëp poeloeh, ari noe hidji deui tiloe poeloeh patikëlaneun.

24. Aja misil sedjen, koe Jesoes ditjarijoskeun ka eta djalma-djalma, kijeu lahirna: Ari karadjaan sawarga teh oepama hidji djalma noe njëbarkeun binih anoe hade dina lahanna.

25. Keur waktoe djalmana harees, djol datang moesoehna, njëbarkeun djoekoet dina tarigoe teja, geus kitoe leumpang.

26. Mangsa ngagëdean eta pëlakna, ana keur njiram, seug katara deui djoekoetna.

27. Tidinja badega-badegana djalma noe boga lahan teja ngadareuheusan, sarta oendjoekan kijeu: Noen djoeragan, karah gamparan teu njëbarkeun binih anoe sae dina lahan gamparan? na ti mana eta aja djoekoet?

28. Ari saoerna: Eta noe njijeun kitoe teh djalma moesoeh. Mioendjoek deui badega teh: Koemaha koe pangërsa djoeragan, koering laleumpang ngoempoelkeun eta?

29. Ari saoerna: Montong, karana lamoen ngoempoelkeun eta djoekoet, bisi katjaboet tarigoena.

30. Keun, sina barëng bae ngagëdean nëpi ka diboewat;

ari geus waktoe diboewat, kami rek nitah kijeu ka noe dibaroewat: ajeuna koempoelkeun heula eta djoekoetna, seug beungkeutan, soepaja sina didoeroek; tatapi ari tarigoena mah koedoe koempoelkeun kana koedang kami.

31. Aja deui misil sedjen, koe Jesoes ditjarijoskeun ka eta djalma-djalma, kijeu lahirna: Ari karadjaan sawarga teh oepama siki sasawi noe ditjokot koe hidji djalma, toeloej diipoek di kĕbonna.

32. Nja eta panglĕmboetlĕmboetna tina sakabeh sisikian, tatapi ari geus djadi, eta moenggah panggĕdena tina sakoer lalab-lalab, sarta tangkalan, nĕpi ka manoek awang-awang daratang sarta njarajang dina dahanna.

33. Aja deui misil sedjen, koe andjeunna dilahirkeun ka eta djalma-djalma, kijeu: Ari karadjaan sawarga teh oepama ragi noe ditjokot koe hidji awewe, toeloej dibĕbĕskeun ka tipoeng tiloe takĕr, datang ka kahaseuman sakabehna.

34. Eta sadajana pĕrkara koe Jesoes dilahirkeun ka djalma-djalma koe misil bae, ari hanteu koe misil mah, teu pisan ngalahir ka darinja;

35. Soepaja kalaksanakeun noe geus dilahirkeun koe nabi teja, kijeu lahirna: Kami rek moeka biwir koe misil-misil, dek ngabedjakeun barang anoe boeni ti watĕs didjadikeunana alam-doenja.

36. Geus kitoe eta djalma-djalma teja koe Jesoes ditilar, ladjeng moelih ka boemi. Tidinja moerid-moerid ngadareuheusan, sarta kijeu pioendjoekna: Moegi-moegi nĕrangkeun ka simkoering eta misil djoekoet dina lahan teja.

37. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka moerid teh: Ari noe njĕbarkeun binih noe hade teja, nja eta Poetra manoesa.

38. Dĕmi lahan teja, nja eta doenja. Binih noe hade teja, nja eta anak-anak karadjaan; djeung djoekoet teja, nja eta anak-anak ti noe goreng.

39. Ari moesoeh, noe geus njĕbarkeun eta, nja eta Iblis. Waktoe diboewat teja, nja eta panoengtoengan doenja. Ari noe dibaroewat, nja eta malaikat.

40. Sapĕrti dikoempoelkeun eta djoekoetna, sarta toeloej didoeroek koe seuneu teja, nja kitoe pisan pidjadieunana dina panoengtoengan doenja teh.

41. Ari Poetra manoesa bakal miwarangan malaikatna, sarta eta bakal pada ngoempoelkeun tina karadjaanana saniskara tatadjongan, djeung sakoer noe migawe kadorakaan;

42. Bari toeloej dialoengkeun ka pameuleuman noe hoeroeng; eta di dinja bakal tjareurik djeung tingkarĕrot hoentoena.

43. Harita anoe balĕnĕr bakal montjorong tjara panonpoë dina karadjaan Ramana. Saha-saha noe boga tjeuli pikeun ngadenge, eta koedoe dengekeun.

44. Djeung deui karadjaan sawarga teh oepama radjabarana noe kakoeboer dina lahan; ana katimoe koe hidji djalma, toeloej disoempoetkeun; sarta koe bawaning atoheun seug indit ngadjoewalan babandaanana, bari toeloej dibeuli eta lahan teja.

45. Djeung deui karadjaan sawarga teh oepama hidji toekang dagang, noe nejangan moetijara noe moelja.

46. Ari geus manggih moetijara hidji noe gĕde nakĕr pangadjina, seug indit ngadjoewalan babandaanana, bari toeloej dibeuli.

47. Djeung deui karadjaan sawarga teh oepama hidji heurap, noe diroengkoepkeun ka laoet, sarta warna-warna laoek anoe kakoempoelkeun.

48. Mangsa geus pinoeh dipoeloet ka sisi, toeloej djalmana gek darijoek, bari milihan noe harade dika-wadahnakeun, ari noe goreng dipitjeunan.

49. Nja kitoe pisan pidjadieunana dina panoengtoengan doenja teh: malaikat bakal ka laloewar, seug toeloej misahkeun djalma noe garoreng ti tĕngah-tĕngahna djalma noe balĕnĕr;

50. Geus kitoe diaraloengkeun ka pameuleuman noe hoeroeng; eta di dinja bakal tjareurik djeung tingkarĕrot hoentoena.

51. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka moerid-moeridna: Koemaha eta sakabeh teh geus kaharti koe maraneh? Wangsoelanana: Noen Goesti, soemoehoen.

52. Ari lahiranana ka darinja: Koe sabab eta saban-saban ahli kitab, noe geus diwoeroek hal karadjaan sawarga teja, eta teh ibarat anoe boga imah, noe ngaloewarkeun ti radja-branana barang noe anjar sarta noe heubeul.

53. Mangsa Jesoes parantos ngalahirkeun eta misil-misil teja, ladjĕng djĕngkar ti dinja.

54. Dĕmi geus soemping ka nagara asalna, toeloej ngawoeroek ka djalma-djalma di masigitna, wani datang ka hareugeueun; aromongna: Na ti mana eta teh meunangna kapintĕran reudjeung kamatihan sakitoe?

55. Naha eta koetan lain

anak toekang kai teja? sarta indoengna teh lain noe ngaran Mariam, djeung doeloerdoeloerna lalaki lain Jakoboes, djeung Joses, djeung Simon, djeung Joedas?

56. Sarta ari doeloerna awewe sakabeh lain anoe aja di oerang teja? Na ti mana karah eta meunangna sakabeh anoe kitoe teh?

57. Tidinja eta djalma pada titadjong ka andjeunna. Dĕmi Jesoes ngalahir ka darinja: Ari noe djadi nabi kateudihormatanana teh ngan di nagara asalna djeung di djĕro boemina bae.

58. Sarta di dinja andjeunna teu loba midamĕl moedjidjat, sabab maranehanana teu pĕrtjajaeun.

PASAL 14.

Dina mangsa eta, Herodes, bopati teja, ngareungeu wartana pĕrkara Jesoes.

2. Toeloej ngalahir ka wilajat-wilajatna: Eta teh Johannes toekang ngabanjoe teja; geus hoedang deui ti noe maraot, noe matak eta sakitoe kamatihanana.

3. Karana eta teh Herodes geus nangkĕp ka Johannes, sarta ditalian, toeloej diasoepkeun ka pangberokan, tina pĕrkara Herodias geureuha Pilipoes saderekna.

4. Sababna Johannes mihatoer ka Herodes kijeu: Andjeun teh teu kawidian mihoekoem ka eta.

5. Ari kĕrsana hajang maehan ka Johannes, tatapi sijeuneun koe djalma-djalma, sabab pada ngakoe nabi ka Johannes.

6. Dĕmi keur mangsa ngamoemoele poë wĕwĕdalan Herodes, poetra Herodias noe istri seug ngibing di tĕngahtĕngah, matak soekaeun Herodes.

7. Tina sabab kitoe seug kaloewar djangdji sarta soempah, naon bae anoe dipenta, tangtoe dipaparinkeun.

8. Dĕmi eta, sapedah geus dipagahan ti heula koe iboena, seug oendjoekan kijeu: Moegi simkoering dipasihan di dijeu hoeloe Johannes toekang ngabanjoe teja, sarta diwadahan koe talĕm.

9. Geus kitoe radja teh nalangsa, ngan koe tina soempahna teja, sarta djeung koe sadajana anoe ngarijoeng sasarĕngan, noe matak nimbalan eta koedoe dipaparinkeun ka moerangkalih.

10. Ladjĕng bae miwarangan, seug motong beuheung Johannes di djĕro pangberokan.

11. Ari mastakana toeloej dibawa dina talĕm, dibikeun ka moerangkalih teja, dĕmi koe eta dibawa ka iboena.

12. Teu lila daratang moe-

rid-moeridna; majit teh toeloej dibawa sarta dikoerĕbkeun sakali; geus kitoe bral arindit ngoeninga ka Jesoes.

13. Mangsa Jesoes ngadangoe eta, ladjĕng angkat ti dinja toenggang parahoe, njingsalkeun andjeun ka ĕnggon noe simpe. Barangna kadenge koe djalma-djalma, toeloej marijang ti nagara-nagara, pada badarat noetoerkeun ka andjeunna.

14. Ari Jesoes ka loewar, katingali eta loba pisan djalma, seug kalangkoeng-langkoeng wĕlaseunana, ladjĕng njageurkeun anoe baroga kasakit di pĕlĕbah maranehanana.

15. Wantji boerit, moerid-moeridna toeloej pada marĕk ka Jesoes, sarta oendjoekan: Di dijeu ĕnggon noe rehe, sarĕng waktoena geus seep; ajeuna eta djalma-djalma moegi dipiwarang maloendoer, sina pada leumpang ka desa-desa, baris mareuli pitĕdaeun pikeun daririna.

16. Dĕmi lahiran Jesoes: Montong teuing sina laleumpang; koe maraneh bae bere dadaharan.

17. Ari pioendjoekna deui ka andjeunna: Di dijeu mah simkoering teu garadoeh ngan roti lima siki sarĕng laoek doewa siki.

18. Lahiranana: Eta ka dijeu geura barawa ka kami.

19. Geus kitoe eta djalma-djalma dipiwarang darijoek dina djoekoet; ladjĕng njandak eta roti lima siki djeung laoek noe doewa siki teja, seug tanggah ka langit, bari moedji soekoer; tidinja pek roti teh disĕmplekan, sarta dipaparinkeun sakali ka moerid-moerid, ari koe moerid-moerid dibagikeun ka djalma-djalma teja.

20. Toeloej sakabeh pada dadaharan, sarta datang ka sareubeuheun. Dĕmi geus kitoe diparoeloengan sesana beunang njĕmplekan, wani aja doewa wĕlas karandjang pinoeh.

21. Ari noe geus dadaharan teja djoemlahna antara lima reboe djalma lalaki, sadjaba ti awewe djeung baroedak.

22. Harita keneh moerid-moerid koe Jesoes dipiroesa sina arasoep kana parahoe, soepaja lajar ti heulaeun andjeunna ka peuntas, eukeur andjeunna miwarang maroelang djalma-djalma teja.

23. Sanggeusna djalma-djalma teja dipiwarang maloendoer, ladjĕng andjeunna njalira bae naek ka goenoeng, bade nĕnĕda. Dĕmi geus boerit, andjeunna njalira bae di dinja.

24. Ari parahoena ajeuna aja di tĕngah laoet, sarta soe-

saheun koe ombak, wantoe-ning keur angin mapag.

25 Dĕmi ti peuting, mĕnĕ-ran waktoe ronda noe kaopat, Jesoes soemping ka moeridna, tapak-hantjang dina laoet.

26. Mangsa andjeunna koe moerid-moerid katarendjo keur tapak-hantjang dina la-oet, toeloej pada ngarandjoeg, ari pokna: Toeh aja djoerig! sarta bari tinggaroak koe ba-waning sarijeuneun.

27. Dĕmi koe Jesoes eng-galna dilahiran, kijeu lahirna: Masing galĕde hate, ijeu teh kami, oelah sararijeun.

28. Tidinja Petroes seug ngawangsoel, kijeu pioen-djoekna: Noen Goesti, ari estoe mah andjeun, moegi sim-koering piwarang ngadeuheus ka andjeun dina tjai.

29. Ari lahiranana: Hijap ka dijeu! Petroes seug toe-roen tina parahoe, toeloej ngalengkah dina tjai, dek ngadeuheusan ka Jesoes.

30. Tatapi ana nendjo angin gĕde, Petroes teh inggiseun, lĕp bae titeuleum, pek sasam-bat, kijeu pokna: Doeh Goesti, simkoering toeloengan!

31. Seug Jesoes njodorkeun panangan, bari Petroes ditjan-dak; ladjĕng ngalahir ka dinja: Eh maneh noe koerang pĕr-tjaja, naha mana tidjalikeuh?

32. Dĕmi geus naraek kana parahoe, angin teh ngarandĕg.

33. Ari noe araja dina pa-rahoe pada marĕk bari saroe-djoed ka Jesoes, pioendjoekna: Saestoena andjeun teh Poetra Allah!

34. Geus kitoe kĕbat lajarna ka peuntas, darongkap ka tanah Genesaret.

35. Mangsa djalma di dinja geus njarahoëun ka Jesoes, toeloej seug nitahan ka sakoe-riling tanah eta, geus kitoe pada njanggakeun ka andjeun-na sakoer noe garĕring;

36. Bari noenoehoen moegi diwidian njarabak bae kana kĕlin djoebahna; dĕmi sakoer-sakoer anoe njabak, seug tja-lageur.

PASAL 15.

Geus kitoe ngadareuheusan ka Jesoes ahli-ahli kitab djeung ahli-ahli parisi ti Jĕ-roesalem, sarta kijeu piha-toerna:

2. Koe naon moerid-moerid adjĕngan mana ngarĕmpak pi-koekoeh karoehoen? sabab teu saribanjo leungeun sa-mangsa dek dahar.

3. Dĕmi Jesoes ngawalon, kijeu lahirna ka eta djalma: Koe naon ari maraneh teh mana ngarĕmpak timbalan Al-lah koe pikoekoeh maraneh?

4. Sabab Allah geus nim-balan, kijeu timbalanana: Koedoe masing hormat ka

bapa sarta ka indoeng; djeung deui: Saha-saha noe njapa ka bapa atawa ka indoeng, koedoe dipaehan.

5. Tatapi ari tjarek maraneh: Saha-saha noe ngomong ka bapa atawa ka indoeng kijeu: Noe baris pimangpaateun ka bapa ka indoeng ti koering, eta teh pikeun pangabakti, eta geus teu koedoekoedoe hormat ka bapana atawa ka indoengna.

6. Djadi timbalan Allah koe maraneh geus diapĕskeun tina sabab pikoekoeh maraneh.

7. Eh djalma noe poerapoera, geus bĕnĕr pisan Jĕsaja ngawĕdjangkeun hal maraneh, noe lahiranana kijeu teja:

8. Bangsa ijeu marĕk teh ka kami koe soengoet bae, djeung hormat teh ka kami koe biwir bae, ari hatena mah djaoeh pisan ti kami.

9. Tjoemah bae eta njĕmbahna ka kami, da mamatahkeun papatah, parentah djalma.

10. Ari geus kitoe ladjĕng Jesoes njaoer djalma-djalma teja, sarta dilahiran kijeu: Geura koedoe pada ngadenge sarta hartikeun:

11. Ari noe asoep kana soengoet, moal matak nadjis ka djalma; dĕmi noe bidjil tina soengoet, nja eta noe matak nadjis ka djalma teh.

12. Geus kitoe moeridmoeridna pada marĕk, sarta oendjoekan kijeu: Koemaha andjeun teh geus oeninga jen ahli parisi, mangsa ngadarenge eta pilahir teja, toeloej pada titadjong?

13. Ana ngawalon Jesoes, kijeu lahirna: Sagala pĕpĕlakan anoe lain beunang mĕlak Ama kami noe linggih di sawarga, bakal ditoempoerkeun.

14. Ingkeun bae, eta dirina teh lolong, noengtoen ka noe lolong. Oepama noe lolong noengtoen ka noe lolong deui, doewanana tangtoe mangke tigoebrag ka soesoekan.

15. Pok Petroes ngawangsoel, kijeu pioendjoekna: Moegi simkoering sadaja dihartosan eta misil teja.

16. Ari lahiran Jesoes: Naha karah maraneh oge masih keneh taja pangarti?

17. Koetan tatjan ngaharti jen saniskara noe asoep kana soengoet, eta ladjoe kana beuteung, toeloej kabidjilkeun di djamban?

18. Tatapi ari noe bidjil tina soengoet mah, datangna ti djĕro hate, sarta nja eta anoe matak nadjis ka djalma teh.

19. Karana anoe bidjil ti djĕro hate teja, nja eta pikir anoe goreng, maehan, ngaranjed, djinah, maling, mitĕnah, ngagogoreng.

20. Nja eta pĕrkara anoe

matak nadjis ka djalma teh, tatapi ari dadaharan hanteu sibanjo leungeun mah, teu matak nadjis ka djalma.

21. Geus kitoe Jesoes djĕngkar ti dinja, angkatna ka bilangan Tiroes djeung Sidon.

22. Djĕboel aja hidji awewe, oerang Kanaan, datangna tina wĕwĕngkĕran di dinja, toeloej sasambat ka andjeunna, kijeu pioendjoekna: Noen Goesti, Poetra Dawoed, moegi aja sih-piwĕlas ka diri koering! poen anak awewe bangĕt pisan diheureujan koe setan.

23. Ari koe Jesoes teu pisan diwalonan sakĕtjap-kĕtjap atjan. Tidinja moerid-moeridna pada marĕk, sarta noenoehoen, kijeu pioendjoekna: Awewe teh moegi piwarang oendoer, karana sasambat bae bari noetoerkeun.

24. Dĕmi Jesoes ngawalon, kijeu lahirna: Kami dipiwarang teh ngan ka domba bangsa Israil bae anoe laleungit.

25. Seug awewe teh marĕk, bari soedjoed ka andjeunna, ari pioendjoekna: Noen Goesti, moegi simkoering toeloengan!

26. Dĕmi Jesoes ngawalon, kijeu lahirna: Teu pantĕs njokot roti baroedak, seug dialoengkeun ka kitjik.

27. Ari pioendjoekna: Soemoehoen Goesti, lĕrĕs pisan, tanapi sanadjan kitjik oge sok njatoe remeh noe moerag ti medja doenoenganana.

28. Ladjĕng Jesoes ngawalon, kijeu lahirna ka eta awewe: Eh njai, kapĕrtjajaan maneh teh gĕde pisan; tinĕkanan sakahajang maneh! Dĕmi anakna teja tjageur ti waktoe harita pisan.

29. Geus kitoe Jesoes djĕngkar deui ti dinja, soemping ka laoet Galilea; ladjĕng naek ka goenoeng, sarta linggih di dinja.

30. Dĕmi geus kitoe loba pisan djalma noe ngadareuheusan, pada mawa anoe dejog, noe lolong, noe bisoe, noe kemper, djeung reja-reja deui noe sedjen; seug disaranggakeun kana dampal Jesoes; ladjĕng koe andjeunna ditjageurkeun.

31. Anoe matak eta djalmadjalma pada heraneun, nendjo anoe bisoe lemek, anoe kemper walagri, anoe dejog leumpangna bĕnĕr, anoe lolong beunta; wani datang ka pada ngamoeljakeun ka Allah Israil.

32. Tidinja Jesoes njaoer moerid-moeridna, sarta ngalahir kijeu: Kami liwat-saking nja watir ka eta djalma-djalma; sabab ajana di kami geus meunang tiloe poë, sarta teu barogaeun pihakaneunana; kami hanteu tega ngaboebarkeun eta ari tatjan dada-

haran mah, bisi maropo di djalan.

33. Ari pioendjoek moerid-moeridna: Ti mana atoeh simkoering di tĕgal nja pimareunangeun roti sakitoe rejana, pikeun miseubeuhan eta djalma sakitoe lobana?

34. Lahiran Jesoes ka moerid: Sabaraha siki maraneh boga roti? Pioendjoekna: Soemoehoen toedjoeh, sarĕng laoek saeutik.

35. Ladjĕng eta djalma-djalma dipiwarang darijoek di taneuh.

36. Geus kitoe njandak roti noe toedjoeh siki, djeung laoek teja, seug moedji soekoer, tidinja pek disĕmplekan, bari toeloej dipaparinkeun ka moerid-moeridna, ari koe moerid-moerid dibagikeun ka djalma-djalma teja.

37. Toeloej sakabehna pada dadaharan, sarta datang ka sareubeuheun. Dĕmi geus kitoe diparoeloengan sesana beunang njĕmplekan, wani aja toedjoeh karandjang pinoeh.

38. Ari noe geus dadaharan teja opat reboe djalma lalaki, sadjaba ti awewe djeung baroedak.

39. Sanggeusna eta djalma-djalma diboebarkeun, ladjĕng andjeunna nitihan parahoe, geus kitoe soemping ka wĕwĕngkĕran Magdala.

PASAL 16.

Ari geus kitoe ahli parisi djeung ahli sadoeki ngadareuheusan ka Jesoes, sarta toeloej ngadodja, pada menta koe andjeunna ditembongan tanda ti langit.

2. Dĕmi Jesoes ngawalon, kijeu lahirna: Ari dina waktoe boerit tjek maraneh: bakal halodo, karana langit teh beureum.

3. Ari waktoe isoek: Poë ijeu bakal aja hoedjan-riboet, karana langit beureum teh sĕmoe hideung. Eh djalma noe poera-poera, kana roepa langit maraneh bisa nangtoekeun, naha teu bisa nangtoekeun kana tanda-tanda djaman?

4. Ijeu bangsa noe goreng djeung sok ngaranjed teh hajangeun tanda; moal dipaparin tanda, ngan tanda nabi Joenoes teja bae. Geus kitoe eta djalma koe andjeunna ditilar, ladjĕng angkat.

5. Mangsa moerid-moerid geus daratang ka peuntas, bĕt parohoëun mawa roti.

6. Kalĕrĕsan Jesoes ngalahir ka darinja: Masing hadehade, koedoe njĕgah diri maraneh kana ragi ahli parisi djeung ahli sadoeki teja.

7. Dĕmi eta pada mikiran di djĕro hatena, kijeu pokna: Noe matak kitoe, tina sabab

oerang hanteu mawa roti.

8. Ari Jesoes teh oeningaeun hal eta, ladjĕng ngalahir ka darinja kijeu: Eh djalma noe koerang pĕrtjaja, naha malikiran di djĕro hate maraneh jen hanteu mawa roti?

9. Naha maraneh teh tatjan ngaharti? karah teu ingĕt ka roti lima siki ka djalma lima reboe teja: geuning noe diparoeloengan koe maraneh sabaraha karandjang?

10. Kitoe deui noe toedjoeh roti ka djalma opat reboe teja; geuning noe diparoeloengan koe maraneh sabaraha karandjang?

11. Naha mana teu ngaharti, kami tadi ngalahir jen koedoe njĕgah kana ragi ahli parisi djeung ahli sadoeki teja, eta lain njatoerkeun roti?

12. Tidinja pada ngaharti jen andjeunna hanteu ngalahirkeun koedoe njĕgah kana ragina roti, estoena mah kana piwoeroek ahli parisi djeung ahli sadoeki teja.

13. Sanggeusna Jesoes soemping ka wĕwĕngkĕran Kesarea Pilipi, mariksakeun ka moerid-moeridna, kijeu lahirna: Koemaha tjĕk omong djalma-djalma, kami Poetra manoesa teh, saha?

14. Ari pioendjoekna: Tjĕk sawareh jen Johannes toekang ngabanjoe; tjĕk anoe sedjen jen Elias; tjĕk noe sedjen deui mah jen Jĕrmia, atawa salah-sahidji tina para nabi.

15. Ladjĕng ngalahir deui ka darinja: Ari maraneh mah, tjĕk maraneh kami saha?

16. Pok Simon Petroes ngawangsoel, kijeu pioendjoekna: Andjeun teh Kristoes, Poetra Allah noe djoemĕnĕng!

17. Ngalahir Jesoes, kijeu lahirna ka dinja: Salamĕt maneh teh Simon anak Jonas, sabab eta dinjahokeunana ka maneh lain koe daging sarta gĕtih, istoening koe Ama kami, anoe linggih di sawarga.

18. Djeung deui kami ngalahir ka maneh: ari maneh teh Petroes, sarta dina loehoer batoe karang ijeu, kami bakal ngadĕgkeun garedja kami; sanadjan panto naraka ge moal bakal ngelehkeun.

19. Sarta kami teh rek maparin ka maneh sosi karadjaan sawarga; naon bae anoe bakal dibeungkeut koe maneh di boemi, eta di sawarga kitoe keneh dibeungkeut; sarta naon bae anoe bakal dioedaran koe maneh di boemi, eta di sawarga kitoe keneh dioedaran.

20. Tidinja Jesoes ngalarang ka moerid-moeridna, oelah bebedja ka saha-saha jen andjeunna teh Jesoes, nja eta Kristoes.

21. Nja tina mangsa harita

Jesoes ngamimitian mitoedoeh ka moerid-moerid jen andjeunna koedoe angkat ka Jĕroesalem, sarta pirang-pirang njandang sangsara ti para kokolot, djeung ti para panghoeloe agoeng, djeung ti ahliahli kitab, sarta bakal dipaehan, dĕmi dina poë noe katiloe ditanghikeun deui.

22. Geus kitoe andjeunna dibantoen njingkoer koe Petroes, bari seug dipepelingan, kijeu pioendjoekna: Noen Goesti, moegi aja wĕlas ka andjeun; taja pangintĕn pikasorangeun anoe kitoe teh!

23. Dĕmi Jesoes malik, sarta ngalahir ka Petroes: Eh setan, geura los ka toekangeun kami! maneh teh djadi tatadjongan kami; karana maneh teu ngingĕtkeun pĕrkara anoe ti Allah, ngan anoe ti djalma bae.

24. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka moerid-moeridna: Lamoen aja djalma dek anoet ka kami, koedoe njĕgah karĕp sorangan, djeung koedoe manggoel kai-dipalang adjangna, toeloej anoet ka kami.

25. Karana saha-saha noe dek ngarahajoekeun ka njawana, bakal kaleungitan koe njawana; sabalikna saha-saha noe kaleungitan koe njawana tina sabab kami, eta noe bakal manggih njawana.

26. Sabab naon pigaweeunana di djalma, kaoentoengan saalam-doenja, lamoen meunang roegi njawana mah? Sarta rek mere naon djalma pikeun nĕboesan njawana?

27. Karana Poetra manoesa teh bakal soemping, nganggo kamoeljaan Ramana, diiring koe para malaikatna, sarta didinja pimalĕseun ka hidji-hidji djalma, noeroetkeun koemaha kalakoeanana.

28. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, djalma noe narangtoeng di dijeu sawareh moal pingarasaeun maot samemehna narendjo Poetra manoesa soemping kana karadjaanana mah.

PASAL 17.

Sanggeus meunang gĕnĕp poë Jesoes njandak Petroes, Jakoboes, djeung Johannes saderekna, ladjĕng dibantoen naek ka goenoeng anoe loehoer, woengkoel eta bae.

2. Geus kitoe andjeunna salin roepina, katendjo koe eta moerid; ari pameunteuna montjorong tjara panon-poë, sarta panganggona djadi bodas sapĕrti tjaang.

3. Beh aja noe nembongan ka darinja, Moesa reudjeung Elias, keur sasaoeran djeung Jesoes.

4. Seug Petroes hatoeran, kijeu pioendjoekna ka Jesoes: Noen Goesti, sae pisan aja di

dijeu teh; manawi roedjoek, simkoering moegi idinan njarijeun tiloe saoeng di dijeu, anoe hidji bade andjeun, noe hidji bade nabi Moesa, sarĕng noe hidji deui bade nabi Elias.

5. Sabot keur mioendjoek keneh, beh hidji mega noe tjaang ngaoeban ka sadajana; dĕmi geus kitoe aja gĕntra ti djĕro eta mega, kijeu pangandikana: Ijeu teh Poetra kami noe kaasih, noe dipikarĕsĕp koe kami; masing pada ngagoegoe ka dinja!

6. Barangna kadenge koe moerid-moerid, brĕk pada njoeoeh, sarta sarijeuneun katjida.

7. Ladjĕng koe Jesoes dideukeutan, bari ditjandak, ari lahiranana: Geura haroedang, sarta oelah sijeun!

8. Ana tjarĕngkat, teu aja deui noe katendjo ngan Jesoes njalira.

9. Mangsa keur laloengsoer ti goenoeng, eta pada ditimbalan koe Jesoes, kijeu lahirna: Papatjoewan oelah dibedjakeun tetendjoan teja ka sahasaha, nĕpi ka waktoe Poetra manoesa teh geus tanghi ti noe maraot.

10. Tidinja andjeunna ditaros koe moerid-moeridna, kijeu pioendjoekna: Koemaha ari tjarek ahli-ahli kitab mah jen moedoe soemping heula Elias?

11. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna: Geus katangtoean pisan eta Elias bakal soemping heula, sarta bakal ngadĕgkeun deui saniskara.

12. Tatapi kami ngalahir ka maraneh, Elias ĕnggeus soemping tamah, ari eta djalma hanteu njarahoëun ka dinja, samalah pada ngalampahkeun ka dinja sakarĕpkarĕpna bae. Dĕmi Poetra manoesa ge kitoe deui bakal disangsara koe eta teh.

13. Toeloej koe moeridmoeridna kahartieun jen anoe dilahirkeun koe andjeunna teh nja Johannes toekang ngabanjoe teja.

14. Mangsa darongkap ka djalma-djalma, hol aja noe ngadeuheusan hidji djalma, toeloej tapak-toeoer di pajoeneun Jesoes, sarta oendjoekan kijeu:

15. Noen Goesti, moegimoegi aja sih-piwĕlas ka poen anak lalaki, karana gadoeh panjakit sakalor, sarĕng bangĕt pisan sangsarana, da sok rĕmĕn tikoesroek kana seuneu, ka tjai sok kitoe deui.

16. Koe simkoering geus dibantoen ka moerid andjeun, nanging teu barisaeun njageurkeun.

17. Ladjĕng Jesoes ngalahir, kijeu lahirna: Eh bangsa noe teu pĕrtjaja sarta noe tibalik pikir, sabaraha pili-

laeunana deui kami koedoe ngareudjeungan ka maraneh? sabaraha lilana deui kami koedoe sabar ka maraneh teh? Geura kadijeukeun bae eta teh ka kami!

18. Geus kitoe setan teh koe Jesoes disaoeran, toeloej ka loewar ti dinja; ari boedakna tjageur ti waktoe harita pisan.

19. Tidinja moerid ngadareuheusan ka Jesoes ngan sabatoer-batoerna bae, sarta oendjoekan kijeu: Koemaha noe mawi simkoering mah teu bisa ngaloewarkeun eta teh?

20. Lahiran Jesoes ka darinja: Eta tina sabab kateupërtjajaan maraneh; karana satëmënna, kami ngalahir ka maraneh: oepama maraneh boga kapërtjajaan sagëde siki sasawi, pek ngomong ka ijeu goenoeng: geura djoeng pindah ka ditoe! eta tangtoe bral pindah; sarta di maraneh teh moal aja noe moestahil.

21. Tatapi bangsa eta mah moal ka loewar, ngan koe lantaran nënëda reudjeung poewasa.

22. Ari keur mangsa tjaralik di Galilea, Jesoes ngalahir ka moerid-moerid: Poetra manoesa teh bakal diselehkeun ka leungeun djalma-djalma;

23. Sarta koe eta toeloej dipaehan; ari di poë noe katiloe bakal ditanghikeun deui. Tidinja moerid teh pada nalangsaeun pisan.

24. Sanggeusna saroemping ka Kapernaoem, toeloej anoe poerah narima didrahma daratang ka Petroes, ari pokna: Goeroe sampejan koemaha tara majar didrahma?

25. Ari saoer Petroes: Majar! Ana geus asoep ka boemi, Petroes teh dipiheulaan ngalahir koe Jesoes, kijeu lahirna: Koemaha pamikir maneh teh Simon, radja-radja di doenja ti saha njokotna tjoeke atawa oepëti? ti poetra-poetrana atawa ti noe sedjen bangsa?

26. Ari pihatoer Petroes: Soemoehoen ti noe sanes. Lahiran Jesoes ka Petroes: Lamoen kitoe mah poetrana teu koedoe majar.

27. Tatapi soepaja oerang oelah matak teu ngeunah eta, maneh geura bral ka laoet, seug ngantjëlomkeun oeseup, ari laoek anoe njanggoet pangheulana, pëtjatkeun; sarta moen ditjalangapkeun, maneh tangtoe manggih hidji sëtater, toeloej tjokot, seug bikeun ka eta djalma keur tjoeke oerang doewaan.

PASAL 18.

Dina waktoe harita moerid-moerid ngadareuheusan ka Jesoes, sarta oendjoekan kijeu: Noen, anoe mana teja

noe pangoentjoelna dina karadjaan sawarga?

2. Tidinja Jesoes njaoer hidji boedak leutik, seug diteundeun di tĕngah-tĕngah moerid;

3. Ari lahiranana: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: lamoen maraneh hanteu balik pikir, njaroewakeun maneh sapĕrti baroedak leutik mah, hamo piasoepeun kana karadjaan sawarga.

4. Koe sabab eta, saha-saha noe ngarĕndahkeun dirina sapĕrti ijeu boedak, nja eta pisan anoe pangoentjoelna dina karadjaan sawarga.

5. Djeung deui saha-saha anoe ngakoe ka sahidji boedak tjara kijeu, tina sabab djĕnĕngan kami, nja eta djalma ngakoe ka kami.

6. Sabalikna saha-saha anoe matak titadjong ka ijeu salah-sahidji noe laleutik, noe pĕrtjaja ka kami, eta djalma mĕnding keneh dibangbaloehan koe batoe panggilingan beuheungna, toeloej disina tilĕlĕp di laoet, ka noe pangdjĕrona.

7. Pitjilakaeun doenja tina hal tatadjongan! karana geus misti datang tatadjongan teh, tatapi pitjilakaeun djalma noe lantaranana datang.

8. Koe sabab eta, oepama leungeun atawa soekoe maneh matak titadjong ka maneh teh, geura potong pitjeun. Mĕnding maneh asoep kana hiroep bari dejog atawa boentoeng, ti batan boga doewa leungeun atawa doewa soekoe, dialoengkeun kana seuneu noe langgĕng mah.

9. Djeung deui oepama panon maneh matak titadjong ka maneh teh, geura tjokel pitjeun. Mĕnding maneh asoep kana hiroep boga panon ngan sabeulah, ti batan boga doewa panon, dialoengkeun kana seuneu naraka mah.

10. Masing hade-hade, maraneh oelah dek giroek ka ijeu salah-sahidji noe laleutik; karana kami ngalahir ka maraneh, eta malaikatna noe araja di sawarga, salawasna ningali pameunteu Ama kami, anoe linggih di sawarga.

11. Karana Poetra manoesa teh pangsoempingna pikeun njalamĕtkeun sakoer anoe leungit.

12. Koemaha pamikir maraneh teh? Oepama aja djalma noe boga domba saratoes siki, anoe hidji seug ngalantrah, eta teh lain ninggalkeun ka noe salapan poeloeh salapan, geus kitoe toeloej leumpang ka goenoeng, nejangan eta noe ngalantrah teja?

13. Oepama kaparĕng timoe deui, satĕmĕnna kami ngalahir ka maraneh, eta djalma piboengaheunana tina

eta teh leuwih ti batan koe noe salapan poeloeh salapan, anoe hanteu ngalantrah teja.

14. Nja kitoe pisan Rama maraneh, anoe linggih di sawarga, teu aja pangĕrsana jen ijeu salah-sahidji noe laleutik datang ka leungit.

15. Sarta oepama doeloer maneh boga dosa ka maneh, geura tejang, toeloej papatahan padoedoewaan bae; moen ngagoegoe ka maneh, djadi koe maneh beunang deui doeloer maneh teh.

16. Tatapi oepama teu ngagoegoe mah, koedoe ngadjakan hidji djalma atawa doewaan, soepaja sakabehna pĕrkara djadi poegoehna koe omongan saksi doewa atawa tiloe.

17. Djeung oepama teu ngagoegoe keneh ka darinja, koedoe toeloej poepoelihkeun ka garedja. Sarta lamoen ka garedja kitoe keneh bae teu ngagoegoe, koedoe toeloej koe maraneh disasamakeun tjara ka kapir djeung ka toekang tjoeke.

18. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: naon bae anoe bakal dibeungkeut koe maraneh di boemi, eta di sawarga kitoe keneh dibeungkeut; sarta naon bae anoe bakal dioedaran koe maraneh di boemi, eta di sawarga kitoe keneh dioedaran.

19. Djeung deui kami ngalahir ka maraneh: lamoen doewa djalma ti pĕlĕbah maraneh sanijat di boemi, dek njoehoenkeun hidji pĕrkara naon bae, tangtoe dikaboelkeun sapanĕdjana koe Ama kami, anoe linggih di sawarga.

20. Karana di mana bae aja doewa atawa tiloe djalma koempoel koe djĕnĕngan kami, nja di dinja kami teh aja di tĕngahna.

21. Geus kitoe Petroes ngadeuheusan ka Jesoes, sarta oendjoekan kijeu: Noen Goesti, sabaraha kali simkoering kĕdah ngahampoera ka doeloer, oepantĕn gadoeh dosa ka simkoering teh? meudjeuhna dongkap ka toedjoeh kali?

22. Lahiran Jesoes ka Petroes: Kami mah teu ngalahir ka maneh jen koedoe nĕpi ka toedjoeh kali, malah-malah koedoe nĕpi ka toedjoeh poeloeh kali toedjoeh.

23. Koe sabab eta, karadjaan sawarga teh dimisilkeun ka hidji radja, noe ngĕrsakeun balitoengan reudjeung wilajat-wilajatna.

24. Ari keur mangsa ngamimitian balitoeng, aja noe dideuheuskeun hidji djalma, noe boga hoetang ka andjeunanana salaksa talenta.

25. Sababna eta djalma teu boga keur majar, seug doenoenganana miwarang jen

koedoe didjoewal djeung anak-ewena, katoet babandaanana, sarta dimistikeun majar.

26. Tidinja wilajat teh brĕk mĕndĕk, sarta soedjoed ka radja, bari mihatoer kijeu: Noen Goesti, simabdi njoe-hoenkeun timbangan bae, sa-dajana koe simabdi tinangtos disanggakeun ka gamparan.

27. Geus kitoe doenoenga-nana teh liwat-saking nja watireun ka dinja, seug bae dileupaskeun, ari hoetangna toeloej dipaparinkeun.

28. Ari keur waktoe moelang eta wilajat teja, gok kapang-gih djeung sahidji batoerna, noe boga hoetang ka maneha-nana saratoes dinar. Toeloej dirontok sarta ditjĕkek, ari omongna: Geura bajar ka aing eta hoetang maneh!

29. Dĕmi batoerna teh seug mĕndĕk kana soekoe maneha-nana, sarta nĕnĕda, kijeu pokna: Moegi aja timbangan sampejan ka kaoela, saka-behna koe kaoela tangtoe di-bajar ka sampejan.

30. Tatapi eta teh teu dae-keun, anggoer seug bae eta batoerna diasoepkeun ka pangberokan, nĕpi ka poenah hoetangna.

31. Barang katarendjo koe batoer-batoerna jen eta kitoe pĕtana, toeloej pada nalang-saeun pisan; geus kitoe ngada-reuheusan, ngoendjoekkeun ka goestina sakabeh lalam-pahan anoe tadi teja.

32. Tidinja seug disaoer koe doenoenganana; geus da-tang dilahiran kijeu: Eh wi-lajat noe djoelig, sakabeh hoetang maneh teja geuning koe kami dibikeun bae ka maneh, tina sabab maneh nĕnĕda ka kami;

33. Naha ari maneh mah lain koedoe ngaroenjaan ka pada batoer, sapĕrti kami geus ngaroenjaan ka maneh?

34. Geus kitoe koe doe-noenganana, tina bawaning bĕndoe, seug diselehkeun ka toekang njiksa, nĕpi ka poe-nah sakabeh hoetangna teh ka andjeunanana.

35. Nja kitoe pisan Ama kami anoe linggih di sawarga mangkena midamĕl ka ma-raneh, lamoen maraneh han-teu ngahampoera tĕroes reu-djeung hate hidji-hidji djalma kana kasalahan doeloerna.

PASAL 19.

Mangsa Jesoes parantos nga-woeroekkeun noe tadi teja, ladjĕng djĕngkar ti Galilea, soemping kana wĕwĕngkĕran Joedea, djalanna ka peunta-seun Tji-jordan.

2. Sarta loba pisan djalma noe ngiring, pada ditjageur-keun koe andjeunna di dinja.

3. Geus kitoe ahli parisi ngadareuheusan, sarta nga-

dodja ka andjeunna, kijeu pioendjoekna: Koemaha ari djalma kawidian njĕrahkeun pamadjikan, tina lantaran naon bae?

4. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka eta djalma: Naha maraneh tatjan ngadji, dina mimitina, anoe ngadamĕl djalma, jen didamĕlna salaki djeung pamadjikanana?

5. Sarta kijeu pangandikana: Koe sabab eta, djalma bakal ninggalkeun indoeng-bapana, toeloej ngarakĕtan ka pamadjikanana; ari eta doewanana bakal djadi sadaging;

6. Anoe matak geus hanteu doewa, istoening ngan sadaging bae. Manana anoe geus dirangkĕpkeun koe Allah, oelah dipisahkeun koe djalma.

7. Mioendjoek deui eta teh ka Jesoes: Naha ari Moesa ngadawoehkeun koedoe mere soerat panalak ka dinja, toeloej disĕrahkeun?

8. Lahiranana: Ari Moesa noe matak ngawidian ka maraneh njĕrahkeun pamadjikan maraneh, tina sabab kateuasan hate maraneh, ari ti mimitina mah lain kitoe.

9. Tatapi woeroek kami mah ka maraneh, saha-saha noe njĕrahkeun pamadjikanana, lain lantaran ngaranjed, toeloej ngawin ka noe sedjen, eta hoekoemna ngaranjed; sarta noe ngawin popotongan, eta hoekoemna ngaranjed.

10. Pioendjoek moerid-moerid ka Jesoes: Lamoen pĕrkawis djalma sarĕng pamadjikanana kitoe mah, hanteu sae gadoeh bodjo.

11. Ari lahiranana ka moerid: Moal ngarti sakabehna ka eta piwoeroek teh, ngan woengkoel anoe dipaparin bae.

12. Karana aja djalma kabiri, noe geus kitoe bawana ti waktoe dikandoeng; djeung aja noe kabiri, beunang ngabiri djalma; kitoe deui aja noe kabiri, noe geus ngabiri maneh tina sabab karadjaan sawarga. Saha-saha noe bisa ngaharti, koedoe hartikeun!

13. Toeloej aja noe njaranggakeun baroedak leutik ka Jesoes, soepaja koe andjeunna moegi ditoempangan panangan sarta dipangnĕdakeun; dĕmi koe moerid-moerid pada dihoelag.

14. Tatapi ari lahiran Jesoes: Ingkeun bae eta baroedak teh, sina njalampeurkeun ka kami, oelah dipĕgatan, karana nja anoe kitoe ngabogaan karadjaan sawarga teh.

15. Dĕmi geus pada ditoempangan panangan, ladjĕng andjeunna angkat ti dinja.

16. Geus kitoe djĕboel hidji djalma noe ngadeuheusan, sarta mioendjoek ka andjeunna kijeu: Noen Goeroe anoe sae, simkoering koedoe

migawe kasaean naon, soepaja meunang hiroep noe langgĕng?

17. Ari lahiran Jesoes ka eta djalma: Naha maneh mana njĕboetkeun hade ka kami? Hanteu aja noe hade, ngan hidji bae, nja Allah. Tatapi ari maneh hajang asoep kana hiroep mah, nja koedoe ngestikeun timbalan teja.

18. Ari pioendjoekna ka Jesoes: Anoe mana teja? Lahiran Jesoes: Nja kijeu: Maneh oelah maehan; maneh oelah ngaranjed; maneh oelah maling; maneh oelah mitĕnah;

19. Koedoe masing hormat ka bapa sarta ka indoeng; djeung deui: Maneh koedoe njaah ka batoer maneh, tjara ka diri sorangan.

20. Pioendjoek djalma boedjang teh ka andjeunna: Nja eta pisan sadajana anoe diestikeun koe simkoering ti boeboedak; simkoering teh kirang naon keneh?

21. Lahiran Jesoes ka dinja: Ari maneh hajang sampoerna mah, geura bral balik, djoewalan babandaan maneh, geus kitoe bikeunan ka noe mariskin; maneh teh tangtoe boga radja-brana di sawarga; tidinja maneh ka dijeu, toeloej ngiring ka kami.

22. Mangsa eta pilahir kadenge koe boedjang teh, toeloej bae moelang bari nalangsa; karana loba pisan barang-barangna.

23. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka moerid-moeridna: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, anoe beunghar mah hese pisan dek asoep kana karadjaan sawarga.

24. Djeung deui kami ngalahir ka maraneh: eta leuwih babari onta montjor kana lijang djaroem, ti batan anoe beunghar asoep kana karadjaan Allah mah.

25. Barang eta kadenge koe moerid-moeridna, toeloej pada hareugeueun pisan; aromongna: Lamoen kitoe mah saha atoeh anoe pisalamĕteun?

26. Ladjĕng koe Jesoes pada dipĕlĕng, sarta bari dilahiran kijeu: Ari di lĕbah djalma eta teh moestahil, tatapi moenggoeh di Allah mah saniskara oge ijasaeun.

27. Pok Petroes ngawangsoel, kijeu pioendjoekna: Simkoering mah geus pada ninggalkeun ka saniskantĕn, sarĕng toeloej ngiring ka andjeun; bakal mĕndak naon simkoering teh tina sabab kitoe?

28. Lahiran Jesoes ka darinja: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, mangke dina waktoe nganjarkeun, dimana Poetra manoesa linggih dina pangtjalikan kamoeljaanana, eta maraneh, noe geus nga-

riring ka kami, harita tangtoe kitoe deui darijoek dina doewa wĕlas pangtjalikan, keur ngahoekoeman doewa wĕlas kaom Israil teja.

29. Djeung saha-saha noe geus ninggalkeun imah, atawa doeloer lalaki, atawa doeloer awewe, atawa bapa, atawa indoeng, atawa pamadjikan, atawa anak, atawa sawahkĕbon, tina sabab djĕnĕngan kami, tangtoe pinampaeun deui saratoes patikĕlaneun, malah bakal kawaris hiroep noe langgĕng teja.

30. Tatapi loba djalma noe pangheulana bakal djadi pangpandeurina, kitoe deui loba noe pangpandeurina bakal djadi pangheulana.

PASAL 20.

Karana karadjaan sawarga teh oepama hidji priboemi, noe indit isoek-isoek arek nejangan noe koeli baris digawe di kĕbon anggoerna.

2. Ari geus rĕmpoeg djeung eta koeli piboeroehaneunana sapoë sadinar, seug dititah ka kĕbon-anggoerna.

3. Ana indit deui dina wantji djam noe katiloe, beh nendjo deui noe sedjen, narangtoeng di pasar sarta nganggoer.

4. Toeloej pada diomongan: Maraneh oge geura bral ka kĕbon anggoer, dek dibere koe kami sakoemaha pipantĕseunana. Geus kitoe arijang.

5. Tidinja indit deui dina wantji djam noe kagĕnĕp, djeung noe kasalapan, lampahna tjara tadi.

6. Ana indit dina wantji djam noe kasawĕlas, manggih deui noe narangtoeng sarta nganggoer, seug pada diomongan: Koe naon maraneh ngalanggoer nangtoeng bae di dijeu sapopoë?

7. Ari djawabna: Doemeh taja noe ngoelikeun ka koering. Saoerna ka darinja: Maraneh oge geura bral ka kĕbon anggoer; bakal tarima sakoemaha pipantĕseunana.

8. Dĕmi geus boerit, priboemi noe boga kĕbon anggoer teh misaoer ka kokolotna, kijeu: Ajeuna tjĕloekan noe karoeli, sarta geura berean boeroehanana, ngaheulakeun anoe pandeuri, mapaj ka noe ti heula.

9. Tidinja daratang anoe asoep dina djam noe kasawĕlas teja, sarta pada nampa sadinar sewang.

10. Ana datang anoe pangheulana teja, panjanana bakal nampa leuwih ti eta; padahal maranehanana ge tampana sadinar sewang.

11. Mangsa nampanan, seug tinggĕlĕndĕng ka priboemi teh,

12. Aromongna: Ijeu noe pangpandeurina teh barang-

gawena ngan sadjam bae, ari koe andjeun mah diratakeun djeung koering, noe geus pada njorang pagawean bangga sapoë djĕpoet sarta djeung kapanasan.

13. Dĕmi eta teh ngadjawab, kijeu saoerna ka sahidji eta djalma: Eh paman, oerang mah hanteu salah ka maneh; karah maneh tadi teu rĕmpoeg djeung oerang jen pinampaeun sadinar?

14. Geura top tjokot anoe maneh, toeloej balik. Ari karĕp oerang eta noe pandeuri ge rek dibere saroewa bae djeung maneh.

15. Naha oerang teh teu kawasa rek make anoe oerang sakoemaha karĕp oerang bae? Naha maneh ngadĕlekan koe sabab oerang balabah?

16. Nja kitoe anoe pangpandeurina bakal djadi pangheulana, ari noe pangheulana bakal djadi pangpandeurina. Karana reja djalma noe disaoer, tatapi ari noe beunang milih mah ngan saeutik.

17. Mangsa Jesoes angkat ka Jĕroesalem, moerid noe doewa wĕlas teja di djalan ditjandak njingkoer; ladjĕng dilahiran kijeu:

18. Ajeuna oerang leumpang ka Jĕroesalem, sarta Poetra manoesa teh bakal diserenkeun ka para panghoeloe agoeng djeung ka ahli-ahli kitab, ari koe eta bakal dihoekoem paeh;

19. Sarta toeloej diselehkeun ka oerang kapir, soepaja diparojok, djeung dirangket, bari toeloej digantoengkeun dina kai-dipalang; dĕmi dina poë noe katiloe tanghi deui.

20. Geus kitoe iboena poetra Sĕbĕdeoes ngadeuheus ka Jesoes katiloe poetrana, brĕk soedjoed ka pajoeneunana, aja noe dek disoehoenkeun.

21. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka eta teh: Naon njai pikarĕpeun? Ari pioendjoekna: Noen, moegi lahirkeun ijeu doewa poen anak jen bakal dijoek noe hidji ti tĕngĕneun, noe hidji deui ti kiwaeun andjeun, dina karadjaan salira andjeun.

22. Dĕmi Jesoes ngawalon, kijeu lahirna: Maraneh teu njaho ka noe dipikahajang koe maraneh teh. Koemaha maraneh kadoega nginoem loemoer, noe bakal diinoem koe kami, sarta dibanjoean koe pangbanjoe, noe dibanjoekeun ka kami? Ari pioendjoekna: Soemoehoen, simkoering kijat.

23. Lahiranana deui ka darinja: Ĕnja maraneh teh bakal nginoem loemoer kami, kitoe deui bakal dibanjoean koe pangbanjoe noe dibanjoekeun ka kami, tatapi ari dijoek kentja-katoehoeëun kami mah,

lain pipĕrnaheun kami ngidinan, ari pibeunangeunana teh nja koe noe geus ditjawisan koe Ama kami.

24. Barang kadenge koe noe sapoeloeh, toeloej ngarewaeun ka noe doewa padoedoeloer teja.

25. Ari koe Jesoes pada disaoer, bari ladjĕng ngalahir kijeu: Eta maraneh geus njaho, ari radja sagala bangsa pada marentah ka sabangsabangsana, sarta noe gĕgĕden pada njangking kawasa ka dinja.

26. Tatapi lĕbah maraneh mah oelah kitoe pĕtana; bĕnĕrna saha-saha di lĕbah maraneh anoe hajang gĕde, eta koedoe koemawoela ka maraneh;

27. Djeung saha-saha di lĕbah maraneh anoe hajang pangheulana, eta koedoe ngabadega ka maraneh.

28. Sapĕrti Poetra manoesa ge pangsoempingna lain malar dikawoelaan, istoening soepaja ngawoela, sarta njĕrahkeun njawana pikeun panĕboes djalma noe loba.

29. Keur mangsa boedal ti Jeriko, loba pisan djalma noe ngiring ka andjeunna.

30. Beh aja doewa djalma noe lolong, darijoek di sisi djalan; barang ngadenge jen Jesoes keur ngaliwat, toeloej pada sasambat, kijeu pokna: Noen Goesti, Poetra Dawoed, moegi aja sih-piwĕlas ka diri koering!

31. Ari koe djalma-djalma maranehanana ditjaram, sina repeh; tatapi anggoer beuki ngahantĕm sasambatna, kijeu pokna: Moegi aja sih-piwĕlas ka diri koering, noen Goesti, Poetra Dawoed!

32. Ladjĕng Jesoes liren, sarta njaoer eta; geus kitoe ngalahir: Kahajang maraneh teh dikoemahakeun koe kami?

33. Ari pioendjoekna: Noen Goesti, panon koering moegi sina beunta!

34. Ari Jesoes kalangkoeng-langkoeng nja wĕlaseunana; ladjĕng ditjabak panonna, harita keneh ge djalma teh bareunta; seug toeloej pada ngiring ka andjeunna.

PASAL 21.

Mangsa geus dareukeut ka Jĕroesalem, barang dongkap ka Betpage, di goenoeng Djetoen, ladjĕng Jesoes miwarangan doewa moerid, ari lahiranana ka eta kijeu:

2. Bral geura leumpang ka desa noe di hareupeun; nja harita maraneh tangtoe manggih hidji kalde bikang ditjangtjang kadoewa anakna; nja eta koedoe dilaan, seug bawa ka kami.

3. Oepama aja noe ngomong kijeu-kijeu ka maraneh,

koedoe poepoelihkeun jen eta rek dianggo koe Goesti; tanwande harita ge diijangkeun.

4. Eta sakabeh pĕrkara boekti, soepaja kalaksanakeun anoe dilahirkeun koe nabi teja, kijeu lahirna:

5. Geura pada bedjakeun ka anak awewe Sion kijeu: Geura djeueung, Radja maneh soemping ka maneh, sareh boedina, djeung nitihan kalde, nja eta anak kalde bikang oembal.

6. Tidinja moerid teh bral leumpang, sarta milampahkeun sakoemaha noe geus dipiwarang koe Jesoes ka maranehanana;

7. Seug noengtoen eta kalde bikang, noe kadoewa anakna teja, toeloej diteundeunan papakeanana, bari Jesoes ladjĕng dititihkeun.

8. Ari noe pangrejana djalma ngalamparkeun papakeanana di djalan; noe sawareh naroetoehan palapah tina tangkal-tangkal, dipake ngaroengkoepan djalan.

9. Sarta ari djalma noe leumpang ti pajoeneun djeung noe ti poengkoereun pada soerak, kijeu pokna: Hosanna ka Poetra Dawoed! Sing salamĕt anoe soemping koe padjĕnĕngan Pangeran! Hosanna di ĕnggon loehoer!

10. Mangsana Jesoes lĕbĕt ka Jĕroesalem, gehger bae sanagara, ari aromongna: Na saha eta teh?

11. Tjarek eta djalma-djalma: Ijeu teh Jesoes, nabi ti Nasaret di Galilea teja.

12. Ladjĕng Jesoes lĕbĕt ka djĕro kabah Allah, seug ngaboedalkeun sakoer noe djoewal-meuli di djĕro kabah; ari medja-medja toekang naroekeuran doewit dibalikbalikkeun, kitoe deui pangdijoekan sakoer noe ngadjaroewal djapati.

13. Ari lahiranana ka darinja: Geus dioengĕlkeun dina Kitab: Gĕdong kami bakal disĕboetkeun gĕdong paragi nĕnĕda; dĕmi koe maraneh mah didjijeun goeha begal.

14. Tidinja aja noe lolong djeung noe dejog ngadareuheusan ka andjeunna dina djĕro kabah; toeloej pada ditjageurkeun.

15. Barang para panghoeloe agoeng djeung ahli-ahli kitab narendjo pĕrkara noe helokhelok, noe dipidamĕl koe Jesoes teja, sarta ka bararoedak noe soerak di djĕro kabah, kijeu pokna: Hosanna ka Poetra Dawoed! toeloej pada ngarewaeun katjida;

16. Ari salaoerna ka andjeunna: Kareungeu koe sampejan aromong eta? Lahiran Jesoes ka darinja: Kadenge pisan. Naha sarampejan tatjan ngadji anoe kijeu teja: Ti

biwir baroedak leutik sarĕng orok andjeun geus ngadijakeun poedji bade ka mantĕn?

17. Geus kitoe eta djalma ditilarkeun, ladjĕng ka loewar ti nagara, angkat ka Betania, wĕngina ngarĕrĕb di dinja.

18. Ari isoek-isoek, waktoe moelih deui ka nagara, andjeunna palajeun toewang.

19. Beh ningali hidji tangkal kondang di sisi djalan, ladjĕng dideukeutan, tatapi teu mĕndak ngan woengkoel daoen bae. Ladjĕng ngalahir kijeu ka eta: Maneh teh hamo bidjil deui boewah salalanggĕngna! Ari tangkal kondang teh harita keneh toeloej garing.

20. Barang katendjo koe moerid-moerid, toeloej hareraneun, ari pokna: Koemaha tangkal kondang teh mana garing harita keneh?

21. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka darinja: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: Oepama maraneh boga kapĕrtjajaan, sarta hanteu tjangtjaja, oelamoen migawe tjara noe geus dipĕtakeun ka tangkal kondang teja, sanadjan lamoen ngomong ka ijeu goenoeng oge: Geura djoeng, ngoentjloengkeun maneh ka laoet! tanwande djadi.

22. Djeung saniskara noe dek disoehoenkeun koe maraneh dina panĕda kalawan pĕrtjajana, tangtoe pikatampaeun koe maraneh.

23. Mangsa Jesoes geus lĕbĕt ka djĕro kabah, sabot keur ngawoeroek, djĕboel para panghoeloe agoeng djeung para kokolot eta bangsa njalampeurkeun ka andjeunna, sarta misaoer kijeu: Sampejan noe matak midamĕl pĕrkara kitoe teh koe kawasa naon? djeung saha noe ngawasakeun kitoe ka sampejan?

24. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka eta teh: Malah kaoela ge dek nanja sakĕtjap ka sarampejan; lamoen dibedjakeun ka kaoela, kaoela ge sĕdja bebedja ka sarampejan tina hal kawasa noe matak kaoela migawe pĕrkara kitoe.

25. Ari pangbanjoe Johannes ti mana asalna? ti sawarga, atawa ti manoesa? Geus kitoe eta malikir sadjĕroning hate, kijeu pokna: Oepama oerang ngadjawab: Ti sawarga, meureun kijeu omongna: Lamoen kitoe mah koe naon mana hanteu pĕrtjaja ka dinja?

26. Ari dek ngadjawab: Ti manoesa, da sijeun koe djalma-djalma; karana sakabeh pada ngakoe nabi ka Johannes.

27. Geus kitoe pada ngadjawab ka Jesoes, kijeu saoerna: Doeka teuing, kaoela

mah teu njaho. Ari lahiran Jesoes ka darinja: Lamoen kitoe mah kaoela ge moal ngabedjakeun ka sarampejan tina hal eta kawasa noe matak kaoela migawe pĕrkara kitoe.

28. Tatapi koemaha pamikir sarampejan? Aja hidji djalma, boga doewa anak lalaki. Toeloej njampeurkeun ka anakna noe tjikal, bari ngomong kijeu: Eh agoes, geura bral, baranggawe sapoë ijeu di kĕbon anggoer bapa.

29. Dĕmi eta ngawangsoel, kijeu pokna: Ah doeka! Sanggeusna ti dinja kadoehoengeun, toeloej leumpang.

30. Geus kitoe bapana njampeurkeun ka noe boengsoe, omongna nja tjara tadi keneh. Ana ngawangsoel, kijeu pokna: Noen Goesti, soemangga teh teuing! tapina hanteu bral.

31. Tjing eta doewaan mana noe milampahkeun pakarĕpan bapana? Ari djawabna: Eta noe tjikal teja. Lahiran Jesoes ka darinja: Satĕmĕnna, kaoela ngabedjaan ka sarampejan: sanadjan toekang tjoeke reudjeung dajang bakal miheulaan ka sarampejan asoep kana karadjaan Allah.

32. Karana Johannes geus soemping ka sarampejan njorang djalan kabĕnĕran, ari koe sarampejan hanteu dipĕrtjaja; balikanan ari toekang tjoeke reudjeung dajang mah geus pada pĕrtjaja ka dinja; sangkilang sarampejan nendjo kitoe, hanteu toeloej tarobat, soepaja djadi pĕrtjaja ka andjeunna.

33. Geura rareungeukeun misil sedjen deui: Aja hidji priboemi njijeun kĕbon anggoer, dipagĕr sakoerilingna, ari di djĕrona noegar njijeun bak pamĕrĕsan anggoer, sarta njijeun papanggoengan; toeloej eta kĕbon disewakeun ka ahli-ahli ngĕbon, geus kitoe njaba ka nagara sedjen.

34. Dĕmi geus nĕpi ka oesoemna boewahan, nitah badega-badegana ka ahli ngĕbon teja, pikeun nampa beubeunanganana.

35. Geus kitoe ahli ngĕbon seug njarĕkĕl ka badega teh, noe hidji diteunggeulan, noe hidji dipaehan, ari noe hidji deui dibaledogan koe batoe.

36. Tidinja nitahan deui badega sedjen, leuwih loba batan noe ti heula, ari koe ahli ngĕbon kitoe keneh bae dipĕtakeunana.

37. Ahirna nitahan poetrana ka dinja, saoerna: Ari koe anak aing mah meureun arisineun.

38. Tatapi mangsa ahli ngĕbon teja narendjo ka eta poetra, pok ngaromong djeung batoerna: Geuning eta mah

ahli-warisna, hajoe oerang paehan bae, warisanana oerang tjokot keur oerang.

39. Pek toeloej ditjĕkĕl, ditotogkeun ka loewar ti kĕbon anggoer, toeloej dipaehan sakali.

40. Samangsa datang anoe boga kĕbon anggoer teja, bakal koemaha ka eta ahli-ahli ngĕbon teh?

41. Ari djawabna ka andjeunna: Eta noe goreng tangtoe ditĕrapan paeh goreng, ari kĕbon anggoer teja tangtoe disewakeun ka ahli ngĕbon noe sedjen, noe bakal njanggakeun boewahna ka dinja dina oesoemna.

42. Ngalahir Jesoes ka eta djalma: Naha sarampejan tatjan ngadji anoe kijeu teja dina Kitab: Batoe noe geus dipitjeun koe toekang njarijeun imah teh, nja eta pisan noe geus didjadikeun pamageuh djoeroe; koe Pangeran eta dipĕtakeun kitoe teh, sarta matak helok ka tetendjoan kaoela sadaja?

43. Koe sabab kitoe, kaoela bebedja ka sarampejan, jen karadjaan Allah teh bakal ditjandak ti sarampejan, sarta toeloej dipaparinkeun ka hidji bangsa, noe rek ngabidjilkeun boewahna.

44. Saha-saha djalma noe laboeh keuna ka batoe eta, tangtoe rĕmoek; djeung saha-saha noe katindih koe eta batoe, tangtoe boeboek.

45. Dĕmi para panghoeloe agoeng djeung ahli-ahli parisi teja, barang ngadarenge eta misil andjeunna, pada kasoertieun jen anoe dilahirkeun teh nja daririna pisan.

46. Geus kitoe narejangan djalma dek nangkĕp ka Jesoes, tatapi sijeuneun koe djalma reja, pedah eta pada ngakoe nabi ka Jesoes.

PASAL 22.

Ladjĕng Jesoes ngawoeroek deui, ari ngalahirna ka dinja koe misil keneh bae, kijeu lahirna:

2. Ari karadjaan sawarga teh oepama hidji radja noe hadjat kawinan poetrana lalaki.

3. Geus kitoe miwarangan badega-badegana baris njĕloekan ondangan, sina daratang kana hadjat kawinan; dĕmi eta teu daraekeun datang.

4. Tidinja dipindo miwarangan deui badega-badega noe sedjen, timbalanana: Geura poepoelihkeun kijeu ka ondangan teh: Tarendjo, kami geus njadijakeun panjoegoehan kami: sapi kami djeung sato noe beunang ngalĕbĕng geus dipareuntjitan, sarta sakabehna geus sadija; geura koempoel kana hadjat kawinan!

5. Dĕmi koe eta teh hanteu ditolih, anggoer seug bae laleumpang, noe hidji ka kĕbonna, noe hidji deui kana daganganana.
6. Noe sadjaba ti dinja njarĕkĕl badegana teja, sarta pada mĕrgasa; toeloej dipaehan.
7. Mangsa kadangoe koe radja teh, ladjĕng bĕndoe, sarta miwarangan wadyabaladna, djeung ngabasmi noe maraehan teja, ari nagarana toeloej dihoeroe.
8. Geus kitoe nimbalan ka badega-badegana: Ari hadjat kawinan teh saestoena geus sadija, tatapi ari ondanganana mah lain pipantĕseunana ka dinja.
9. Koe sabab eta, geura boedal ka totogan-totogan djalan, sarta sakoer noe kapanggih koe maraneh, aradjak kana hadjat kawinan teja.
10. Tidinja badega teh seug boedal ka oenggal djalan, toeloej ngoempoelkeun sakoer bae noe kapanggih, noe goreng noe hade; datang ka pinoeh ĕnggon hadjat teh koe noe ngararijoeng.
11. Mangsa radja teh asoep, sĕdjana dek ningalan ka noe ngarijoeng teja, di dinja mĕndakan hidji djalma noe teu make papakean paranti ka noe kawinan;
12. Ladjĕng dilahiran kijeu: Eh paman, koemaha maneh nja asoep ka dijeu, teu make papakean paranti ka noe kawinan? Dĕmi eta teh kapiboengkĕman.
13. Geus kitoe radja toeloej miwarang ka goelang-goelang: Eta geura talian leungeunna djeung soekoena, toeloej bawa, seug aloengkeun ka noe poëk mongkleng: ari di dinja teja ngan tjeurik djeung kĕkĕrotan hoentoe bae.
14. Karana reja djalma noe disaoer, tatapi ari noe beunang milih mah ngan saeutik.
15. Tidinja ahli parisi bral arindit, seug rĕrĕmpoegan djeung batoerna koemaha nja pipĕtaeun soepaja bisa ngaridjĕt andjeunna koe lahirna.
16. Toeloej nitahan ka Jesoes moerid-moerid maranehanana, babarĕngan djeung djalma Herodes; eta ngomongna kijeu: Noen Goeroe, simkoering geus pada tĕrang andjeun teh estoe pisan, kalăjan ngawoeroekkeun djalan Allah reudjeung sajaktosna, sarĕng hanteu padoeli ka saha-saha, karana andjeun hanteu ningal-ningal ka roepa djalma.
17. Koe pĕrkawis eta moegi lahirkeun ka simkoering: koemaha ari manah andjeun: widi njanggakeun oepĕti ka praboe, oetawi hanteu?
18. Dĕmi Jesoes, doemeh waspaoseun kana kadĕngki-

anana, ladjĕng ngalahir kijeu:

19. Eh djalma noe poera-poera, naha maraneh wĕt ngadodja ka kami? Tjik geura tembongkeun ka kami wang oepĕti teh. Geus kitoe njanggakeun hidji dinar.

20. Ari lahiranana ka dinja: Saha noe boga ijeu gambar djeung aksarana?

21. Wangsoelanana: Soemoehoen praboe teja. Ladjĕng kijeu lahiranana ka dinja: Lamoen kitoe mah sanggakeun ka praboe noe kagoengan praboe, ari ka Allah noe kagoengan Allah.

22. Dĕmi eta teh, barang ngadarenge kitoe, pada heraneun. Toeloej bae arindit, Jesoes ditinggalkeun.

23. Di poë harita keneh djĕboel aja ahli sadoeki ngadareuheusan ka Jesoes; eta teh omongna moal kijamat; toeloej nararos ka andjeunna,

24. Kijeu oendjoekanana: Noen Goeroe, ari dawoehan Moesa: Oepami aja djalma paeh, hanteu gadoeh anak, adina koedoe kawin ka bodjona eta, soepaja ngajakeun toeroenan pikeun kakana.

25. Geus kitoe di lĕbah simkoering aja toedjoeh djalma padoedoeloer kabeh; ari tjikalna kawin, toeloej paeh; sarĕng doemeh hanteu gadoeh toeroenan, bodjona ditilarkeun ka adina.

26. Nja kitoe keneh noe kadoewa, sarĕng noe katiloe, dongkap ka noe katoedjoeh teja.

27. Sanggeus eta sakabehna, seug awewe teh paeh deui.

28. Ari dina kijamat, eta awewe pamadjikan anoe mana ti noe toedjoehan teh? karana geus pada mirabi ka dinja.

29. Ladjĕng Jesoes ngawalon, kijeu lahirna ka eta djalma: Maraneh teh kasaroeng, hanteu nganjahokeun Kitab, kitoe deui kana kawasaning Allah.

30. Karana dina kijamat mah moal aja noe ngawin, djeung moal dikawinkeun, istoening tjara malaikat Allah di sawarga.

31. Sarta moenggoehing pihoedangeunana djalma noe paraeh teja, naha maraneh tatjan ngadji noe geus diandikakeun ti Allah ka maraneh, anoe kijeu pangandikana:

32. Kami teh nja Allah Ibrahim, djeung Allah Ishak, sarta Allah Jakoeb? Ari Allah lain Allah anoe paraeh, nja Allah anoe hariroep.

33. Barang kadenge koe djalma-djalma teh, toeloej pada hareugeueun koe piwoeroekna.

34. Mangsa kadarenge koe ahli parisi, jen ahli sadoeki

geus pada dipiboengkĕman koe Jesoes, seug toeloej karoempoel djeung batoerna.

35. Aja hidji djalma batoer eta, nja eta ahli toret, toeloej naros, sĕdjana dek ngadodja ka Jesoes, kijeu pokna:

36. Noen Goeroe, dina Toret noe mana timbalan noe agoeng teh?

37. Ari lahiran Jesoes ka dinja: Maneh koedoe njaah ka Pangeran, Allah maneh, tĕroes reudjeung hate, tĕroes reudjeung njawa, sarta tĕroes djeung akal maneh.

38. Nja eta timbalan noe pangoentjoelna sarta noe gĕde.

39. Ari noe kadoewana nja saroewa bae djeung eta, kijeu: Maneh koedoe njaah ka batoer-batoer sapĕrti ka diri sorangan.

40. Ari saeusining Toret djeung kitab para nabi nja ka eta doewa timbalan teja maroentangna teh.

41. Ari keur mangsa ahli parisi karoempoel, koe Jesoes dipariksa,

42. Kijeu lahirna: Koemaha pamikir maraneh moenggoehing Kristoes teh? Eta poetra saha? Ari pihatoerna: Nja poetra Dawoed teja.

43. Lahiranana ka darinja: Lamoen kitoe mah koemaha Dawoed lantaran Roh ka eta njĕboetkeun Goesti? Kapan kijeu lahirna:

44. Pangeran geus ngandika ka Goesti kaoela: Geura tjalik di katoehoeëun kami, datang ka moesoeh-moesoeh andika koe kami didjijeun djodjodog pikeun soekoe andika.

45. Ari eta koe Dawoed disĕboetkeun Goesti, koemaha mana djadi poetrana?

46. Dĕmi eta djalma sakĕtjap oge taja noe bisa ngawangsoel ka andjeunna; kitoe deui tina poë harita taja hidji-hidji atjan noe wanieun naros deui ka andjeunna.

PASAL 23.

Ladjĕng Jesoes ngalahir ka djalma noe loba teja, sarta ka moerid-moeridna,

2. Kijeu lahirna: Ari ahli kitab djeung ahli parisi tjaralikna dina korsi Moesa;

3. Koe sabab eta, sakoer noe dititah diëstoekeun ka maraneh, eta maraneh koedoe ngestoekeun sarta ngalampahkeun; tatapi papatjoewan oelah noeroetkeun kalakoeanana. Karana eta teh sok ngomongkeun, tatapi teu dilampahkeun.

4. Pada ngahoeroenan momotan noe bareurat sarta noe teu beunang ditanggoeng, seug dipoendakkeun ka djalma; tatapi diri maranehanana mah teu daek ngagĕdag-gĕdagkeun atjan koe ramona.

5. Djeung sakabeh pagawe-

anana dipigawe soteh ngarah soepaja katendjo koe djalma-djalma. Karana toelis-pamepelinganana diroebakkeun, sarta kĕlin djoebahna digĕdekeun.

6. Djeung karĕsĕpna dina hadjat-hadjatan ngarijoeng di ĕnggon noe pangoetamana, kitoe deui dijoek panggirangna di masigit-masigit;

7. Malah sok hajangeun diaroendjoengan di pasar-pasar, sarta hajangeun koe djalma disĕboetkeun Rabi! Rabi!

8. Ari maraneh mah oelah daek disĕboetkeun Rabi; karana ngan sahidji panoetan maraneh teh, nja Kristoes, sarta ari maraneh mah kabeh pada doeloer.

9. Djeung oelah pisan maraneh njĕboetkeun bapa ka saha ogė di boemi; karana ngan sahidji Rama maraneh teh, nja eta anoe linggih di sawarga.

10. Sarta oelah daek maraneh disĕboetkeun panoetan; karana ngan sahidji panoetan maraneh teh, nja Kristoes.

11. Tatapi noe pangoentjoelna di lĕbah maraneh, eta koedoe koemawoela ka maraneh.

12. Sarta saha-saha noe ngagoengkeun ka dirina sorangan, tangtoe dikahandapkeun; djeung saha-saha noe ngahandapkeun ka dirina sorangan, tangtoe diagoengkeun.

13. Tatapi pitjilakaeun maraneh, ahli kitab djeung ahli parisi, djalma noe poera-poera, karana karadjaan sawarga teh koe maraneh dipeundeutkeun mĕgat djalma-djalma; maraneh sorangan hanteu asoep, ari noe hajangeun asoep koe maraneh dihalangan.

14. Pitjilakaeun maraneh, ahli kitab djeung ahli parisi, djalma noe poera-poera, karana koe maraneh dihakanan imah randa-randa datang ka bejak, make pipinding ngadoa lila; noe matak maraneh bakal meunang hoekoeman noe leuwih beurat.

15. Pitjilakaeun maraneh, ahli kitab djeung ahli parisi, djalma noe poera-poera, karana maraneh koekoerilingan di laoet di darat, malar njijeun moealap sahidji; dĕmi geus asoep teh, eta koe maraneh didjijeun anak naraka, doewa patikĕlaneun maraneh.

16. Pitjilakaeun maraneh, djĕdjĕr lalolong teh! Ari tjarek maraneh: Saha-saha noe soempah njĕboet kabah, eta mah teu naon-naon; tatapi ari noe soempah njĕboet ĕmas di kabah, eta noe wadjib dilakonan.

17. Eh noe baroeroeng

djeung lalolong, koetan mana noe pangleuwihna: ĕmas atawa kabah noe njoetjikeun ĕmas teh?

18. Kitoe deui: Saha-saha noe soempah njĕboet altar, eta mah teu naon-naon; tatapi ari noe soempah njĕboet koerban noe aja dina loehoer altar, eta noe wadjib dilakonan.

19. Eh noe baroeroeng djeung lalolong, koetan mana noe pangleuwihna: koerban, atawa altar noe njoetjikeun koerban teh?

20. Koe sabab kitoe anoe soempah njĕboet altar, eta soempahna nja ka dinja, sarta ka sakoer noe aja di loehoerna.

21. Djeung noe soempah njĕboet kabah, eta soempahna nja ka dinja, sarta ka noe linggih di djĕrona.

22. Kitoe deui ari noe soempah njĕboet sawarga, eta soempahna ka panglinggihan Allah, sarta ka noe ngalinggihan.

23. Pitjilakaeun maraneh, ahli kitab djeung ahli parisi, djalma noe poera-poera, karana maraneh ngadjakatan soerawoeng, djeung hadĕs, sarta djintĕn, dĕmi noe pangbeuratna dina Toret, nja hoekoem, djeung kawĕlasan, sarta kapĕrtjajaan, eta koe maraneh ditinggalkeun. Nja eta noe koedoe dipigawe, sarta ari noe hidji deui oelah ditinggal.

24. Eh djĕdjĕr lalolong, rambĕtoek koe maraneh disaring, ari onta mah diteureuj boeleud!

25. Pitjilakaeun maraneh, ahli kitab djeung ahli parisi, djalma noe poera-poera, karana maraneh sok ngabĕrĕsihan tjatjangkir djeung pandjang ngan di loewarna bae, tatapi ari di djĕrona mah pinoeh koe beunang ngarampas djeung koe lampah teu tjĕgahan.

26. Eh ahli parisi noe lolong, tjatjangkir djeung pandjang geura bĕrĕsihan ti djĕrona heula, soepaja di loewarna bĕrĕsih deui.

27. Pitjilakaeun maraneh, ahli kitab djeung ahli parisi, djalma noe poera-poera, karana maraneh nja tjara astana noe beunang ngapoeran, di loewar sĕmoena aloes, ari di djĕrona mah pinoeh koe toelang-taleng djeung sagala kokotoran.

28. Eta maraneh nja kitoe pisan, ari katendjona koe djalma di loewar maraneh bĕnĕr, tatapi ari di djĕrona mah maraneh teh pinoeh koe kapoera-poeraan sarta kadorakaan.

29. Pitjilakaeun maraneh, ahli kitab djeung ahli parisi,

djalma noe poera-poera, karana maraneh teh sok ngomean makam para nabi, sarta tĕtĕngĕr astana djalma noe balĕnĕr koe maraneh sok dialoes-aloes;

30. Bari ngomong kijeu: Oepama oerang geus goemĕlar keur djaman karoehoen, oerang moal tjampoer dosa reudjeung eta ka gĕtih para nabi.

31. Nandakeun maraneh teh mĕrtelakeun diri jen anakintjoe djalma noe maraehan ka para nabi teja.

32. Ari maraneh ge, geura seug pinoehan takĕran karoehoen maraneh!

33. Eh oraj, anak oraj wĕlang, koemaha nja pingĕdjateun ti siksa naraka?

34. Koe sabab eta, geura aringĕtkeun, kami nitahan ka maraneh nabi-nabi, djeung djalma noe palintĕr, sarta ahli-ahli kitab; ari noe sawareh koe maraneh bakal dipaehan sarta digantoengkeun dina kai-dipalang, noe sawareh deui bakal dirangket koe maraneh di masigit-masigit maraneh, sarta bakal dibĕbĕrik koe maraneh ti nagara ka nagara sedjen.

35. Soepaja maraneh ditamplokan koe sakabehna gĕtih anoe bĕnĕr, noe geus dikoetjoerkeun di boemi, ti watĕs gĕtih Habil, anoe bĕnĕr, tĕpi ka gĕtih Djakaria poetra Barahia, noe dipaehan koe maraneh di antara kabah djeung altar teja.

36. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: eta sakabehna bakal tamplok ka ijeu bangsa teh.

37. Ĕh Jĕroesalem, Jĕroesalem, noe maehan ka para nabi, sarta maledogan koe batoe ka noe dipiwarang ka maneh, kami geus sababaraha kali nja hajang ngoempoelkeun anak-anak maneh, sapĕrti hajam ngoempoelkeun anakna di djĕro djangdjangna; ari maraneh teh teu daek.

38. Sing nganjarahokeun, maraneh bakal ditinggalan imah maraneh narikolot.

39. Karana kami ngalahir ka maraneh: ti watĕs ajeuna moal narendjo deui ka kami, nĕpi ka waktoe maraneh ngomong kijeu: Sing salamĕt anoe soemping koe padjĕnĕngan Pangeran!

PASAL 24.

Ladjĕng Jesoes ka loewar, angkat ti kabah. Geus kitoe moeridna pada marĕk ka andjeunna, noedoehkeun sadajana gĕdong kabah.

2. Ngalahir Jesoes ka darinja: Na eta teh sakabehna katendjo koe maraneh? Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: di dijeu mĕngke

batoe moal aja noe diingkeun dina loehoer batoe deui, noe teu bakal dibongkar.

3. Ari keur mangsa Jesoes linggih di loehoer goenoeng Djetoen, seug moerid saba-toer-batoerna pada marĕk ka andjeunna, sarta oendjoekan kijeu: Moegi simkoering tja-rijosan, eta pĕrkawis teja iraha pijaktoseunana? sarĕng naon alamatna bade pisoem-pingeun andjeun, sarawoeh panoengtoengan doenja teh?

4. Ladjĕng Jesoes ngawa-lon, kijeu lahirna ka moerid: Masing ijatna, maraneh oelah koengsi kagoda koe djalma.

5. Karana reja noe pida-tangeun ngakoe-ngakoe nga-ran kami, pokna: Nja aing Kristoes teh; sarta loba pisan noe babal kasasabkeun koe eta.

6. Sarta maraneh bakal ngadenge tina hal pĕrang-pĕrang, djeung bedja tina hal pĕrang; masing ijatna, poma oelah dek reuwas, sabab eta teh sakabehna koedoe boekti, tatapi ari panoengtoengan mah tatjan.

7. Karana bangsa bakal mĕrangan kana bangsa deui, djeung karadjaan kana kara-djaan deui; sarta bakal aja patjĕklik, djeung pagĕboeg, djeung lini di sedjen-sedjen ĕnggon.

8. Ari eta sakabehna teh mimiti sangsara.

9. Nja didinja maraneh ba-kal diselehkeun soepaja dika-nijaja, sarta bakal dipaehan, djeung bakal dipikageuleuh koe sakabeh bangsa tina sa-bab djĕnĕngan kami.

10. Sarta didinja loba noe bakal titadjong, djeung bakal silih-selehkeun djeung silih-pikageuleuh.

11. Kitoe deui piajaeun reja nabi noe paralsoe, djeung loba pisan djalma noe bakal kasasabkeun koe eta.

12. Sarta tina sabab geus tambah-tambah kadorakaan, noe matak kanjaahan djalma reja datang ka palaler.

13. Dĕmi saha-saha noe koekoeh nĕpi ka panoengtoe-ngan, tangtoe pisalamĕteun.

14. Sarta ijeu Indjil tina karadjaan teh bakal dioewar-keun di alam-doenja sakabeh, djadi pĕrtelaan ka sagala bangsa; geus kitoe seug da-tang panoengtoengan.

15. Ari samangsa koe ma-raneh katendjo geuleuhing ka-roeksakan, noe dilahirkeun koe nabi Daniël teja, nangtoeng di ĕnggon soetji (eta noe ngadji masing ngingĕtkeun!):

16. Didinja djalma noe araja di Joedea, koedoe maroeboes ka pigoenoengan.

17. Anoe aja dina hateup imah, poma oelah rek toeroen njokot naon-naon ti djĕro imahna;

18. Ari noe keur di sawah, poma oelah rek moelang njokot papakean.
19. Tatapi pitjilakaeun anoe rareuneuh djeung noe njaroesoean dina mangsa harita!
20. Ari noe koedoe ditĕda, soepaja eta pikaboereun maraneh teja moegi oelah ninggang di oesoem tiris, atawa dina sabat.
21. Karana nja harita bakal aja kasoekĕran anoe bangĕt pisan, sakoemaha noe tatjan kasorang ti mimitina doenja tĕpi ka ajeuna, djeung moal pikasorangeun deui.
22. Sarta saoepama eta mangsa teja hanteu dirijoetkeun mah, saniskara daging oge hamo aja noe pirahajoeëun; satĕgĕsna tina sabab djalma noe beunang milih teja noe matak dirijoetkeun eta mangsa teh.
23. Dina waktoe harita oepama aja noe ngomong ka maraneh: Tah Kristoes teh aja di dijeu! atawa: Toeh di ditoe! poma oelah rek pĕrtjaja.
24. Karana piajaeun Kristoes paralsoe djeung nabi paralsoe, sarta bakal njijeun tanda-tanda noe aheng djeung moedjidjat; saoepama beunang mah, sanadjan djalma noe beunang milih ge meureun disasabkeun.
25. Masing aringĕt, koe kami geus dilahirkeun ti heula ka maraneh.
26. Koe sabab eta, oepama aja noe ngomong ka maraneh: Toeh Kristoes teh aja di tĕgal lĕga! poma oelah rek boedal; toeh ajana di djĕro kamar! poma oelah rek pĕrtjaja.
27. Karana tjara kilat bidjil ti wetan, sorotna nĕpi ka koelon, nja kitoe pisan pisoempingeunana Poetra manoesa teh.
28. Karana di mana ajana bangke, nja di dinja radjawali pikaroempoeleunana.
29. Dĕmi samantas kasoekĕran mangsa harita teja, toeloej panon-poë soerĕm, boelan teu bidjil tjahjana, ari bentang maroeragan ti langit, sarta kakoewatan langit teh gendjlong.
30. Nja didinja tembongna di langit tjitjiren Poetra manoesa teh; geus kitoe sagala bangsa di boemi pada midangdam, sarta toeloej narendjo Poetra manoesa keur soemping, toenggang mega langit, bari gĕde kawasana djeung kamoeljaanana.
31. Tidinja bakal miwarangan malaikatna, sarta mawa sangkakala tarik pisan sorana, eta toeloej ngaroempoelkeun djalma beunang milih andjeunna tina opat madhab, ti toengtoeng langit nĕpi ka toengtoengna deui.
32. Geura arapalkeun ijeu misil ka tangkal kondang: sa-

mangsa geus ĕmoj dahanna, djeung rĕnoeng daoenna, maraneh pada njaho jen geus deukeut oesoem panas.

33. Nja kitoe deui maraneh, samangsa narendjo sakabeh pĕrkara teja, koedoe nganjarahokeun jen geus deukeut, aja di hareupeun panto.

34. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: ijeu bangsa ajeuna moal waka euweuh, samemeh nĕpi kana boektina sakabeh pĕrkara teja.

35. Langit djeung boemi bakal euweuh, ari piwoeroek kami mah moal datang ka euweuh.

36. Tatapi ari poëna djeung waktoena mah taja hidji-hidji atjan noe njaho, sanadjan malaikat noe araja di sawarga oge, ngan Ama kami bae.

37. Sarta tjara djaman Ĕnoh, nja kitoe pisan pisoempingeunana Poetra manoesa teh.

38. Karana tjara lalampahan djalma keur mangsa samemehna tjaah gĕde teja, ngan njaratoe-nginoem, ngarawin djeung dikarawinkeun, nĕpi ka poëan Ĕnoh asoep kana kapal teja;

39. Sarta hanteu diimankeun, nĕpi ka datangna tjaah gĕde, noe ngaleungitkeun ka eta sakabehna: nja kitoe pisan pisoempingeunana Poetra manoesa teh.

40. Nja harita aja doewa djalma di sawah; ari noe hidji bakal ditjandak, noe hidji deui ditinggalkeun.

41. Djeung aja doewaan noe ngagilingkeun panggilingan sarta reudjeung; ari noe hidji bakal ditjandak, noe hidji deui ditinggalkeun.

42. Koe sabab eta, koedoe njararing, karana maraneh teu njaho ka waktoena pisoempingeun Goesti maraneh.

43. Sarta maraneh masing nganjahokeun, ari noe boga imah, oepama njahoëun ka waktoena pidatangeun maling, geus tangtoe njaring bae, moal dibikeun imahna digangsir.

44. Koe sabab eta, maraneh oge koedoe pada sadija; karana Poetra manoesa teh pisoempingeunana dina waktoe noe teu kataksir koe maraneh.

45. Saha badega anoe goemati djeung pintĕr teh, noe geus didjĕnĕngkeun koe djoeraganana ngoeroeskeun badega-badegana, baris pimereëun baranghakan ka darinja dina waktoena?

46. Salamĕt eta badega anoe kasampak koe djoeraganana keur migawe noe kitoe pĕtana, mangsa datang.

47. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, eta bakal didjadikeun toekang ngoeroes ka sakabeh babandaan djoeraganana.

48. Tatapi oepama eta badega noe goreng ngomong dina hatena: Djoeragan aing tangtoe lila pidatan geunana;

49. Geus kitoe mimiti neunggeulan ka batoerna pada badega, sarta njatoe-nginoem reudjeung djalma pamabokan:

50. Kasĕdĕk datang djoeragan badega teja dina poë noe teu katĕgoeh, sarta dina waktoe noe teu njaho manehanana;

51. Toeloej eta dipijasat, sarta bagianana disaroewakeun djeung sakoer noe sok poera-poera. Ari di dinja teja ngan tjeurik djeung kĕkĕrotan hoentoe bae.

PASAL 25.

Nja harita karadjaan sawarga teh oepama sapoeloeh landjang, masing-masing pada njokot lampoena, toeloej boedal dek mapagkeun panganten lalaki.

2. Ari noe limaan binangkit, noe lima deui mah baroeroeng.

3. Eta noe baroeroeng, ana njokot lampoena, hanteu mawa deui minjak.

4. Tatapi noe binangkit mah pada mawa deui minjak dina wadahna sarta djeung lampoena.

5. Barangna panganten teh lila soempingna, toeloej eta sakabeh pada toendoeheun, seug bae kahareësan.

6. Dĕmi wantji tĕngah peuting aja noe gĕgĕroan: Toeh panganten teh soemping, geura boedal mapagkeun!

7. Seug sakabeh landjang teh haroedang, sarta mĕtakeun lampoena.

8. Ngaromong noe boeroeng teh ka noe binangkit: Tjik kaoela menta minjak maraneh saeutik, sabab lampoe kaoela dek pareum.

9. Dĕmi noe binangkit teh pada ngadjawab, kijeu pokna: Moal, karana bisi teu pimahiëun ka kaoela sarta ka maraneh. Mĕnding laleumpang bae ka noe dagang, meuli keur maraneh.

10. Sabot eta keur di djalan dek mareuli, soemping panganten teh; ari sakoer noe geus tarapti, mariloe djeung panganten asoep kana hadjat kawinan; tidinja pantona ditoelakan.

11. Ana geus kitoe toeloej daratang landjang noe sedjen teja, sarta ngaromong kijeu: Noen Djoeragan, Djoeragan, moegi simkoering dipangboekakeun!

12. Dĕmi eta ngadjawab, kijeu pokna: Satĕmĕnna, kami ngabedjaan ka maraneh, kami teh teu wawoeh ka maraneh.

13. Koe sabab eta koedoe njararing, karana maraneh teu

njaho ka poëna djeung ka waktoena pisoempingeun Poetra manoesa.

14. Karana eta teh tjara hidji djalma noe rek njaba ka nagara sedjen; tidinja njaoer badega-badegana, sarta dititipan arta-bandana.

15. Ari nitipkeunana ka noe hidji lima talenta, ka noe hidji deui doewa, ka noe katiloe hidji, masing-masing sakoemaha kabisana bae. Harita keneh ge toeloej indit.

16. Geus kitoe djalma noe nampa lima talenta teja, bral leumpang, toeloej digolangkeun; ari batina meunang lima talenta deui.

17. Nja kitoe keneh anoe nampa doewa teja, eta batina meunang doewa deui.

18. Tatapi ari noe nampa hidji teja mah, bral leumpang, pek njijeun lombang dina taneuh, toeloej njoempoetkeun oewang djoeraganana.

19. Mangsa geus lila, toeloej djoeragan badega teja soemping; geus kitoe dek balitoengan djeung maranehanana.

20. Ari noe nampa lima talenta teja seug ngadeuheusan, bari njanggakeun noe lima talenta, batina teja, sarta kijeu pioendjoekna: Noen Djoeragan, andjeun geus masihan ka koering lima talenta; mangga tingalan, koering kenging bati lima talenta djaba ti eta.

21. Ari lahiran djoeraganana ka dinja: Hade pisan, eh badega noe tĕmĕn djeung goemati! Maneh teh geus goemati ka noe saeutik, ajeuna rek dititah ngoeroes noe loba; geura asoep kana kasoekaan djoeragan maneh!

22. Ari noe nampa doewa talenta teja, nja kitoe deui ngadeuheusan, bari kijeu pihatoerna: Noen Djoeragan, andjeun geus masihan ka koering doewa talenta; mangga tingalan, koering kenging bati doewa talenta djaba ti eta.

23. Ngalahir djoeraganana ka dinja: Hade pisan, eh badega noe tĕmĕn djeung goemati! Maneh teh geus goemati ka noe saeutik, ajeuna rek dititah ngoeroes noe loba; geura asoep kana kasoekaan djoeragan maneh!

24. Geus kitoe noe nampa satalenta teja seug ngadeuheusan deui, sarta kijeu pioendjoekna: Noen Djoeragan, koering geus tĕrang ka andjeun, jen andjeun teh bĕngis, sok diboewat di noe lain beunang njĕbarkeun andjeun, sarĕng sok ngoempoelkeun di noe lain beunang ngawoeran andjeun;

25. Doemeh koe bawaning sijeun, koering los leumpang, njoempoetkeun talenta an-

djeun dina djĕro taneuh. Soemangga ijeu kagoengan andjeun teja.

26. Dĕmi djoeraganana teh ngadjawab, kijeu lahirna ka dinja: Eh badega noe goreng djeung ngĕdoel! kapan maneh geus njaho, jen kami teh sok diboewat di noe lain beunang njĕbarkeun kami, djeung sok ngoempoelkeun di noe lain beunang ngawoeran kami.

27. Koe sabab eta, bĕnĕrna mah doewit kami koe maneh dipĕtakeun ka toekang noekeuran; ari kami datang, meureun eta anoe kami ditjokot djeung anakna.

28. Koe sabab kitoe geura tjokot ti manehanana eta talenta teh, toeloej bikeun ka noe boga sapoeloeh talenta teja.

29. Karana saha-saha noe geus boga, tangtoe dibere deui, sarta datang ka leuwihan; sabalikna ari noe hanteu boga, ti eta teh saboboga-anana ge bakal ditjokot.

30. Ari eta badega noe taja pedahna mah, geura pitjeun bae ka noe poëk mongkleng. Nja di dinja teh ngan tjeurik djeung kĕkĕrotan hoentoe bae.

31. Ari mangsa Poetra manoesa soemping nganggo kamoeljaanana, bari diiring koe para malaikat saroetji, didinja bakal linggih dina pangtjalikan kamoeljaanana.

32. Geus kitoe sakabehna bangsa pada dikoempoelkeun ka pajoeneunana, sarta toeloej dipisah-pisahkeun, tjara pangangon misahkeun domba awewe reudjeung badot.

33. Domba awewe toeloej dipĕrnahkeun di katoehoeëunana, ari badotna di kentjaeunana.

34. Nja waktoe harita radja teh bakal ngalahir ka sakabeh noe aja di katoehoeëunana, kijeu: Eh sakoer noe geus dibĕrkahan koe Ama kami, ka darijeu, geura tampanan karadjaan noe geus ditjawiskeun ka maraneh ti waktoe ngadĕgkeunana doenja.

35. Karana bareto kami keur hajang dahar, toeloej koe maraneh disoegoehan; bareto kami keur halabhab, koe maraneh dibere nginoem; bareto kami keur njemah, koe maraneh diandjrĕkkeun;

36. Bareto kami keur ditarandjang, koe maraneh dipisalin; bareto kami keur gĕring, koe maraneh dilajad; bareto kami keur di pangberokan, toeloej koe maraneh ditejang.

37. Tidinja djalma noe balĕnĕr teja bakal ngawangsoel ka andjeunna, kijeu pokna: Na Goesti, iraha andjeun koe simabdi kapĕndak keur hojong toewang, ladjĕng dihatoeranan dahar? sarawoeh

keur halabhab, dihatoeranan ngaleueut?

38. Sarĕng waktoe iraha andjeun koe simabdi kapĕndak keur njemah, diandjrĕkkeun? sarawoeh keur ditarandjang, ladjĕng dipisalin?

39. Sarĕng waktoe iraha andjeun koe simabdi kapĕndak keur teu damang, sarĕng keur dina pangberokan, ladjĕng koe simabdi dilajad?

40. Geus kitoe radja teh bakal ngawalon, kijeu lahirna ka darinja: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: manamana noe koe maraneh geus dipilampah ka ijeu sahidji doeloer kami noe panghinana, eta satĕgĕsna mah ngalampahkeun ka kami.

41. Tidinja toeloej bakal ngalahir deui ka sakoer noe aja di kentjaeunana: Eh maraneh noe geus disarapa, geura djor oendoer ti kami, los asoep kana seuneu noe langgĕng, noe geus ditjawiskeun ka Iblis djeung malaikatna.

42. Karana kami bareto keur hajang dahar, ari koe maraneh hanteu disoegoehan; bareto kami keur halabhab, koe maraneh hanteu dibere nginoem;

43. Bareto kami keur njemah, koe maraneh hanteu diandjrĕkkeun; kitoe deui keur ditarandjang, koe maraneh hanteu dipisalin; sarta keur gĕring, djeung keur di pangberokan, ari koe maraneh hanteu dilajad.

44. Geus kitoe eta ge bakal ngawarangsoel ka andjeunna, kijeu pokna: Na Goesti, iraha andjeun koe simabdi kapĕndak keur hojong toewang, oetawi keur halabhab, oetawi keur njemah, oetawi keur ditarandjang, oetawi keur teu damang, oetawi keur di pangberokan, jen teu koengsi dilalajanan koe simabdi?

45. Tidinja bakal ngawalon ka eta djalma, kijeu lahirna: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: mana-mana noe koe maraneh hanteu dipilampah ka ijeu sahidji noe panghinana, eta satĕgĕsna mah hanteu ngalampahkeun ka kami.

46. Dĕmi eta teh piarasoepeun kana seuneu noe langgĕng, tatapi ari noe balĕnĕr mah kana hiroep noe langgĕng.

PASAL 26.

Mangsa Jesoes parantos sadajana piwoeroek noe tadi teja, ladjĕng ngalahir ka moerid-moeridna:

2. Maraneh teh geus njaho, jen kaheuleutan koe doewa poë deui rek paska, sarta Poetra manoesa teh bakal diserenkeun, soepaja digantoengkeun dina kai-dipalang.

3. Ari dina mangsa eta para

panghoeloe agoeng, djeung ahli-ahli kitab, sarta djeung para kokolot eta bangsa koempoelan dina gĕdong panghoeloe agoeng, noe djĕnĕngan Kajapas;

4. Toeloej rĕrĕmpoegan dek nangkĕp ka Jesoes make akal, sarta rek dipaehan.

5. Tatapi ari salaoerna: Oelah keur dina pesta, bisi matak roesoeh djalma-djalma.

6. Ari keur mangsa Jesoes aja di Betania, di boemi Simon noe lepra teja,

7. Datang hidji istri ngadeuheusan ka andjeunna, njandak hidji boeli-boeli, eusina minjak seungit noe gĕde pisan hargana, toeloej dikoetjoerkeun ka mastakana, waktoe andjeunna keur ngarijoeng toewang.

8. Barangna katendjo koe moerid-moerid, toeloej ngarewaeun, ari omongna: Koe naon eta mana dihamboerhamboer kitoe?

9. Anggoer minjak teh didjoewal, tangtoe mahal hargana, seug toeloej disidĕkahkeun ka noe marariskin.

10. Dĕmi Jesoes teh waspaoseun, ladjĕng ngalahir ka moerid: Koe naon maraneh ngopenan ka awewe teh? Karana geus ngalampahkeun pagawean hade ka diri kami.

11. Sabab noe mariskin teh salalawasna aja reudjeung maraneh; tatapi ari koe kami mah maraneh moal direudjeungan salalawasna.

12. Karana noe matak ngoetjoerkeun minjak teh ka badan kami, maksoedna pikeun mangke kami diroewang.

13. Satĕmĕnna kami ngalahir ka maraneh: di mana bae ijeu Indjil dioewarkeunana di alam-doenja, nja di dinja tangtoe ditjaritakeun deui lalampahan ijeu awewe, pikeun djadi ingĕtan ka eta teh.

14. Geus kitoe sahidji ti moerid noe doewa wĕlas, nja eta Joedas Iskariot teja, los leumpang ka para panghoeloe agoeng,

15. Sarta mihatoer kijeu: Aradjĕngan rek maparin naon ka kaoela, mangke Jesoes teja koe kaoela seug diserenkeun ka aradjĕngan? Geus kitoe koe eta teh manehanana dipangmilangkeun tiloe poeloeh gĕbleg wang perak.

16. Ti watĕs harita Joedas teh nejangan pidjalaneunana soepaja bisa njerenkeun Jesoes.

17. Ari dina poë noe mimiti eta roti teu ragian teja, seug moerid-moerid pada marĕk ka Jesoes, sarta oendjoekan: Di mana pikĕrsaeun andjeun teh simkoering koedoe njawisan andjeun toewang paska?

18. Ari lahiranana: Maraneh geura leumpang ka na-

gara, moro ka ki Anoe, toeloej bebedja kijeu: ,Saoer Goeroe: Waktoe kami ajeuna geus deukeut; kami sĕdja milampah paska barĕng djeung moerid kami di boemi sampejan.

19. Tidinja moerid teh pada ngalampahkeun satimbalan Jesoes, sarta njadijakeun paska teja.

20. Dĕmi wantji peuting, ladjĕng andjeunna linggih ngarijoeng sarĕng noe doewa wĕlas teja.

21. Mangsa keur dalahar, ladjĕng andjeunna ngalahir: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, aja hidji djalma batoer maraneh bakal ngahijanat ka kami.

22. Tidinja pada ngĕnĕseun pisan, sarta seug hidji-hidji aroendjoekan: Noen Goesti, noe kitoe teh simkoering?

23. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna: Saha-saha noe leungeunna njotjol kana pandjang barĕng djeung kami, nja eta noe bakal ngahijanat ka kami teh.

24. Ari Poetra manoesa teh piangkateunana sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab; tatapi pitjilakaeun eta djalma noe ngahijanat ka Poetra manoesa! Mĕnding keneh eta djalma lamoen teu didjoeroekeun.

25. Ngawangsoel Joedas, anoe ngahijanat teja, kijeu pokna: Noen Rabi, eta teh simkoering? Ari lahiranana ka dinja: Bĕnĕr eta omong maneh.

26. Mangsa keur dalahar, seug Jesoes njandak roti; ari geus dibĕrkahan, disĕmplekan, ladjĕng dipaparinkeun ka moerid-moerid, bari ngalahir: Geura tampanan, toeloej dalahar, ijeu teh badan kami.

27. Tidinja njandak loemoer; ari geus moedji soekoer, ladjĕng dipaparinkeun ka moerid-moerid, bari ngalahir: Kabeh geura ngarinoem tina ijeu;

28. Sabab ijeu teh gĕtih kami, nja eta gĕtih pĕrdjangdjian anjar, noe dikoetjoerkeun pikeun djalma loba, baris dihampoera dosana.

29. Sarta kami ngalahir ka maraneh, ti watĕs ajeuna kami moal nginoem deui tjai ijeu boewah anggoer, nĕpi ka poëan kami nginoem anoe anjar barĕng djeung maraneh dina karadjaan Ama kami.

30. Dĕmi sanggeusna nganjanjikeun poepoedjian teh, ladjĕng boedal arangkat ka goenoeng Djetoen.

31. Geus kitoe Jesoes ngalahir ka moerid: Maraneh dina peuting ijeu tangtoe kabeh titadjong ka kami; karana geus dioengĕlkeun dina Kitab

kijeu: Kami rek ngadek ka pangangon, ari domba sagoendoekanana toeloej pabalĕntjar.

32. Tatapi sanggeusna kami tanghi, bakal kami teh ti heulaeun maraneh leumpang ka Galilea.

33. Dĕmi Petroes ngawangsoel, kijeu pioendjoekna: Sanadjan sakabeh pada datang ka titadjong ka andjeun, simkoering mah salalawasna ge moal titadjong.

34. Lahiran Jesoes ka Petroes: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maneh, maneh dina peuting ijeu pisan, timemeh hajam kongkorongok, bakal nganglĕs ka kami tiloe kali.

35. Pioendjoek Petroes ka andjeunna: Masih simkoering dongkap ka paeh oge sasarĕngan djeung andjeun, moal simkoering teh nganglĕs ka salira andjeun. Nja kitoe keneh pioendjoek moerid-moerid sakabeh.

36. Tidinja Jesoes soemping djeung moerid-moeridna ka hidji kĕbon, ngaran Getsemane; ladjĕng ngalahir ka moerid: Maraneh darijoek bae di dijeu, sabot kami leumpang sarta nĕnĕda di ditoe.

37. Ari noe ditjandak Petroes djeung doewa poetra Sĕbĕdeoes; ladjĕng andjeunna djadi ngangrĕs sarta kalangkoeng palaoerna.

38. Geus kitoe ngalahir ka eta tęh: Njawa kami keur liwat-saking nja prihatin, asa rek paeh; tjaritjing bae di dijeu, sarta koedoe njaring djeung kami.

39. Ari geus madjĕng deui saeutik, toeloej andjeunna broek njoeoeh, sarta nĕnĕda, kijeu panĕdana: Noen Ama, manawi kenging, moegi ijeu loemoer sina ngaliwat ti simkoering; nanging oelah sapĕrtos karĕp simkoering, kabeh-kabeh koemaha pangĕrsa Ama bae!

40. Tidinja andjeunna soemping ka moerid, kapĕndak keur sasarean; seug ngalahir ka Petroes: Naha maraneh teu bisa njaring djeung kami watĕs sadjam bae?

41. Koedoe njararing sarta nĕnĕda, soepaja oelah keuna koe panggoda! Soekma teh daek pisan, tapina ari daging mah apĕs.

42. Ladjĕng Jesoes mindo deui angkat, sarta nĕnĕda, kijeu panĕdana: Noen Ama, oepami hanteu kenging ijeu loemoer teja ngaliwat ti simkoering, ari koedoe bae mah diinoem koe simkoering, eta kabeh-kabeh, pangĕrsa Ama teh jaktoskeun!

43. Ana soemping, moerid teh kapĕndak deui keur sasarean; sabab bareurateun panonna.

44. Seug diantĕp bae, bari ladjĕng angkat deui, nĕnĕda katiloe kalina, ari panĕdana sapĕrti pihatoer tadi bae.

45. Sanggeusing kitoe soemping deui ka moeridna, sarta pada dilahiran kijeu: Masing taronggoj bae sasarean, bari ngareureuh! Tah geuning geus nĕpi ka waktoena Poetra manoesa teh diserenkeun ka leungeun djalma noe daroraka.

46. Geura haroedang, hajoe oerang indit; toeh noe ngahijanat ka kami teh geus deukeut.

47. Sabot Jesoes keur ngalahir keneh, hol Joedas, noe kaasoep moerid doewa wĕlas teja, datang sarta direudjeungan koe djalma loba pisan, pada mawa pĕdang djeung gĕgĕndir, titahan para panghoeloe agoeng djeung para kokolot eta bangsa.

48. Ari noe ngahijanat teja ka andjeunna, geus mere pitandaeun ka eta djalma-djalma, kijeu pokna: Mana-mana noe ditjijoem koe koela, nja eta pisan, pek tangkĕp bae!

49. Toeloej ngageuwat njampeurkeun ka Jesoes, bari ngomong: Assalam alaekoem, Rabi! sarta njijoem.

50. Dĕmi lahiran Jesoes ka Joedas: Eh kisanak, dek naon maneh datang ka dijeu? Geus kitoe seug pada njampeurkeun sarta ngaronom ka Jesoes, bari toeloej ditangkĕp.

51. Ari djalma noe reureudjeungan djeung Jesoes teja, noe hidji sĕbret njaboet pĕdangna, pek ngadek ka badega panghoeloe agoeng, rampoeng tjeulina.

52. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka eta teh: Pĕdang maneh poelangkeun deui ka ĕnggonna; karana saha-saha noe njaboet pĕdang, tangtoe paeh koe pĕdang deui.

53. Koemaha pamikir maneh teh, kami ajeuna teu bisa nĕnĕda ka Ama kami, soepaja andjeunna mantoean ka kami koe malaikat leuwih ti doewa wĕlas legioen?

54. Eta lamoen kitoe mah koemaha rek boekti Kitab, jen moedoe djadi kitoe?

55. Dina waktoe harita Jesoes ngalahir ka djalma-djalma teja: Maraneh teh moeroeboel tjara noe dek ngoedag begal; marawa pĕdang djeung gĕgĕndir, arek nangkĕp kami. Geuning oenggal-oenggal poë ge kami sok dijoek reureudjeungan djeung maraneh, ngawoeroek dina kabah, ari maraneh hanteu nangkĕp ka kami.

56. Tatapi ijeu sagala pĕrkara djadi, soepaja kalaksanakeun kitab para nabi. Geus kitoe sakabeh moerid kalaboer, ninggalkeun Jesoes.

57. Dĕmi anoe nangkĕp Jesoes, seug ngariringkeun andjeunna ka Kajapas, panghoeloe agoeng; di dinja ahli-ahli kitab djeung para kokolot geus karoempoel.

58. Ari Petroes noetoerkeun ka Jesoes ti kaanggangan bae, nĕpi ka boeroean panghoeloe agoeng; ana geus asoep, gek dijoek djeung patjalang-patjalang, hajangeun njeueung piĕngkeëunana.

59. Ari para panghoeloe agoeng djeung para kokolot sarta rad agoeng sakabeh narejangan saksi palsoe pikeun noeding ka Jesoes, soepaja bisa maehan ka andjeunna; tatapi hanteu manggih.

60. Nja oge loba noe datang saksi palsoe, tapi taja noe kabĕnĕran.

61. Lila-lila datang deui doewa saksi palsoe, ari pokna: Eta teh geus ngomong kijeu: Kami bisa ngaroewag kabah Allah, sarta diadĕgkeun deui di djĕro tiloe poë.

62. Geus kitoe panghoeloe agoeng toeloej ngadĕg, sarta njaoer ka Jesoes: Naha maneh moal ngadjawab? Koemaha eta panoedingna ka maneh teh?

63. Dĕmi Jesoes repeh bae. Njaoer deui panghoeloe agoeng, kijeu saoerna ka andjeunna: Kami njoempahan ka maneh dĕmi Allah noe djoemĕnĕng, maneh geura njĕboetkeun ka kami sakabeh: na ĕnja maneh teh Kristoes, Poetra Allah?

64. Ari walonan Jesoes: Lĕrĕs sapilahir adjĕngan. Samalah kaoela mopojan ka aradjĕngan: ti watĕs ajeuna koe aradjĕngan Poetra manoesa teh bakal katingali keur dijoek tĕngĕneun noe Langkoeng Kawasa, sarta datangna dina mega langit.

65. Tidinja panghoeloe agoeng njosoëk panganggona, bari njaoer: Eta teh ngagorengkeun ka Allah; keur naon oerang make deui saksi? Tah geuning ajeuna sarampejan geus ngareungeu eta ngagorengkeunana;

66. Koemaha ari pirĕmpoeg sarampejan teh? Toeloej pada ngawangsoel, kijeu pokna: Eta teh mandjing dihoekoem paeh.

67. Geus kitoe pek njaridoehan ka pameunteuna, sarta pada nondjokan.

68. Ari noe sedjen njarabokan ka andjeunna, bari ngomong: Eh Kristoes, geura wĕdjangkeun ka kami, mana teja noe njabok ka maneh teh?

69. Dĕmi Petroes keur dijoek di loewar, dina emper. Hol hidji boedjang awewe njampeurkeun ka Petroes, sarta ngomong kijeu: Maneh oge batoer Jesoes, oerang Galilea teja.

70. Tatapi Petroes teh nganglĕs di hareupeun djalma sakabeh, ari pokna: Koela teu ngarti ka omongan maneh.

71. Barang Petroes indit ka lawang-kori, katendjo koe boedjang awewe noe sedjen, seug ngomong ka noe araja di dinja: Eta oge batoer Jesoes, oerang Nasaret teja.

72. Ari Petroes teh nganglĕs deui, sarta soempah: Koela mah teu wawoeh djeung eta djalma teh.

73. Teu koengsi lila, noe narangtoeng di dinja njampeurkeun, sarta ngaromong ka Petroes: Poegoeh maneh oge kaasoep batoer itoe, geus kaboektian tina basa maneh.

74. Toeloej Petroes pek njapa maneh, sarta bari soesoempahan: Koela mah teu wawoeh-wawoeh atjan djeung eta djalma teh!

75. Gantjangna hajam teh kongkorongok. Ras Petroes ingĕteun ka pilahir Jesoes, noe dilahirkeun ka manehna kijeu teja: Timemeh hajam kongkorongok, maneh bakal nganglĕs ka kami tiloe kali. Toeloej Petroes indit ka loewar, sarta tjeurik kabina-bina.

PASAL 27.

Barang geus isoek, toeloej sakabeh panghoeloe agoeng sarta kokolot eta bangsa rĕrĕmpoegan tina hal Jesoes, andjeunna dek dipaehan.

2. Tidinja toeloej dibanda, seug diariringkeun, diselehkeun ka Pontioes Pilatoes, noe djadi goepĕrnoer.

3. Mangsa Joedas, noe ngahijanat ka Jesoes teja, njahoëun jen andjeunna geus tangtoe hoekoemanana, toeloej djadi kadoehoengeun, geus kitoe noe tiloe poeloeh gĕbleg wang perak teja dipoelangkeun deui ka para panghoeloe agoeng sarta ka para kokolot,

4. Omongna kijeu: Koering teh tarima dosa, geus ngahijanat gĕtih noe taja salahna! Ari tjarek eta: Padoeli teuing kami mah; geus tangtoe malik ka maneh!

5. Tidinja wang perak teh koe Joedas dialoengkeun ka djĕro kabah, toeloej bral leumpang ngagantoeng maneh.

6. Geus kitoe wang perak teja ditjokot koe para panghoeloe agoeng, ari omongna kijeu: Eta doewit teu kawidian diteundeun kana pĕti oewang, sabab ladang gĕtih.

7. Ari sanggeus rĕrĕmpoegan, doewit teh toeloej dibeulikeun kana lahan toekang parijoek, baris pakoeboeran djalma noe ngoembara.

8. Kitoe sababna noe matak eta lahan disĕboetkeun Lahangĕtih, nĕpi ka poë ajeuna.

9. Nja didinja kaboektikeunana noe dipilahir koe nabi Jĕrmia, kijeu lahirna: Ari noe tiloe poeloeh gĕbleg wang perak teja koe eta ditjarokot, pameuli djalma noe geus ditaksir, beunang naksir anakpoetoe Israil,
10. Sarta toeloej disodorkeun keur meuli lahan toekang parijoek, sakoemaha noe koe Pangeran ditimbalkeun ka kami.
11. Dĕmi Jesoes ngadĕg di pajoeneun goepĕrnoer. Ladjĕng koe goepĕrnoer dipariksa, kijeu lahirna: Ĕnja maneh teh Radja oerang Jahoedi? Wangsoelan Jesoes: Lĕrĕs sapilahir andjeun.
12. Ari keur waktoe andjeunna dikĕlakkeun koe para panghoeloe agoeng sarta koe para kokolot, teu ngadjawab kijeu-kijeu.
13. Geus kitoe Pilatoes ngalahir ka Jesoes: Naha maneh teh teu ngadenge eta sakitoe reja panoedingna ka maneh?
14. Tatapi koe Jesoes sakĕtjap ge lahiran Pilatoes teu diwangsoel, anoe matak goepĕrnoer teh djadi heraneun pisan.
15. Ari dina mangsa pesta teh goepĕrnoer bijasana ngaleupaskeun hidji sakitan adjang eta bangsa, mana bae kahajangna.
16. Mangsa harita eta teh boga hidji sakitan noe kasohor kagorenganana, ngaran Barabas.
17. Sanggeusna djalma teh karoempoel, ladjĕng Pilatoes ngalahir ka darinja: Anoe mana kahajang maraneh noe koe kami koedoe dileupaskeun adjang maraneh teh, Barabas, atawa Jesoes, noe disĕboet Kristoes?
18. Karana geus oeningaeun, eta teh noe matak njelehkeun Jesoes, koe bawaning darĕngki.
19. Ari mangsa Pilatoes keur linggih dina korsi pangadilan, aja djoeroengan geureuhana, kijeu pihatoerna: Moegi oelah midamĕl kitoekijeu ka eta djalma noe bĕnĕr, karana tadi koering bangĕt pisan sangsara dina impenan tina sabab andjeunna.
20. Dĕmi para panghoeloe agoeng djeung para kokolot ngaromongan ka djalma-djalma, sina njoehoenkeun Barabas, ari Jesoes mah koedoe dipaehan.
21. Ladjĕng goepĕrnoer ngalahir, kijeu lahirna ka darinja: Noe mana teja eta doewaan kahajang maraneh noe koedoe dileupaskeun koe kami adjang maraneh teh? Ari aromongna: Barabas!
22. Lahiran Pilatoes ka darinja: Lamoen kitoe mah, eta Jesoes, noe disĕboet Kris-

toes, koedoe dikoemahakeun koe kami teh? Ari omong djalma sakabeh: Koedoe digantoengkeun dina kai-dipalang!

23. Lahiran goepĕrnoer: Naha eta teh migawe kagorengan naon? Ari eta djalma beuki rosa sosowakna, pokna: Koedoe digantoengkeun dina kai-dipalang!

24. Mangsa kamanah koe Pilatoes, jen andjeunna teu pisan ladjoe maksoedna, anggoer djadi karoesoehan, toeloej njandak tjai, seug ngoembah panangan di hareupeun djalma-djalma, bari ngalahir: Kami mah teu boga dosa ka gĕtih eta djalma noe bĕnĕr, geus tangtoe malik ka maraneh!

25. Tidinja sakabeh djalma pada ngawangsoel, kijeu pokna: Keun, eta gĕtihna sina tamplok ka koering sarta ka anak-intjoe koering!

26. Toeloej Pilatoes ngaleupaskeun Barabas; ari Jesoes mah dirangket, seug diselehkeun sina digantoengkeun dina kai-dipalang.

27. Geus kitoe sĕrdadoe goepĕrnoer marawa Jesoes ka djĕro gĕdong pangadilan, bari toeloej ngoempoelkeun barisan sakabeh, dirijoengkeun ka andjeunna.

28. Tidinja ditjoetjoelan panganggona, djeung diharoedoeman haroedoem noe woengoe;

29. Sarta nganjam makoeta tjoetjoek, seug dipakekeun ka mastakana, djeung hidji iteuk hoë ditjĕkĕlkeun ka pananganana noe katoehoe; brĕk toeloej tapak-toeoer di pajoeneun andjeunna, bari marojok, pokna: Assalam alaekoem, Radja oerang Jahoedi!

30. Geus kitoe njaridoehan ka andjeunna, sarta iteuk hoë teh seug dirĕboet ti pananganana, toeloej dipeupeuhkeun ka mastakana.

31. Sanggeus dipojok, haroedoem teh dilaanan, sarta dianggoan deui koe panganggo andjeunna, toeloej diariringkeun rek digantoengkeun dina kai-dipalang.

32. Mangsa geus boedal manggih hidji djalma ti Kirena, ngaran Simon; toeloej disarad sina manggoel kai-dipalang Jesoes.

33. Ari geus nĕpi ka ĕnggon noe disĕboet Golgota, tĕgĕsna Ĕnggon-tangkorek,

34. Toeloej andjeunna koe eta dileueutan tjoeka beunang njampoeran hampĕroe; dĕmi geus diraosan, teu kĕrsaeun ngaleueut.

35. Ari geus ngagantoengkeun Jesoes dina kai-dipalang, toeloej panganggona koe eta dibagikeun, lantaran ngaloengkeun dadoe; noe matak

kitoe soepaja kalaksanakeun noe geus dilahirkeun koe nabi kijeu: Eta geus ngabagikeun papakean kami djeung pada batoerna, sarta tina hal djoebah kami ngaraloengkeun dadoe.

36. Toeloej gek darijoek, ngadjaga andjeunna di dinja.

37. Ari di loehoereun mastakana ditĕrapan pakĕlakan, ditoeliskeun kijeu oenina: IJEU TEH JESOES, RADJA OERANG JAHOEDI.

38. Geus kitoe aja doewa bangsat, noe digantoengkeun dina kai-dipalang barĕng djeung Jesoes, noe hidji di katoehoeëun, noe hidji deui di kentjaeunana.

39. Ari sakoer noe ngaliwat ngagogoreng ka andjeunna, pada gogodĕg,

40. Bari ngaromong: Eh maneh noe ngaroewag kabah, sarta ngadĕgkeun deui eta di djĕro tiloe poë, geura noeloeng ka diri sorangan! Lamoen ĕnja mah maneh teh Poetra Allah, tjing toeroen tina kai-dipalang.

41. Nja kitoe keneh para panghoeloe agoeng barĕng ahli-ahli kitab, sarta para kokolot, djeung ahli-ahli parisi, pada mojok, kijeu pokna:

42. Eta ka noe sedjen mah sok noeloeng, ari ka dirina sorangan teu bisaeun noeloeng. Lamoen ĕnja mah eta teh Radja oerang Israil, koedoe toeroen ajeuna tina kai-dipalang, mangke oerang pĕrtjaja ka dinja.

43. Eta manehanana geus ngandĕl ka Allah, ajeuna koe Allah koedoe ditoeloeng, oepama dimanah mah. Kapan geus ngomong: jen kami teh Poetra Allah!

44. Ari bangsat noe digarantoengkeun barĕng djeung Jesoes teja, nja kitoe deui ngahinakeunana ka andjeunna.

45. Dĕmi ti watĕs djam noe kagĕnĕp djadi poëk di sakoeriling boemi, nĕpi ka djam noe kasalapan.

46. Kira-kira wantji djam noe kasalapan Jesoes sasambat sarta bĕdas gĕntrana, kijeu lahirna: ELI, ELI, LAMA SABAHTANI? hartina: Ĕh Allah koering, Allah koering, naha mana koering ditilarkeun koe andjeun?

47. Anoe narangtoeng di dinja sawareh, barangna ngadarenge kitoe, pok ngomong: Eta teh njambat ka Elias.

48. Noe saoerang ngageuwat indit njokot sĕpon, diantjlomkeun kana tjoeka, seug ditiirkeun kana hoë, bari toeloej dileueutkeun ka Jesoes.

49. Tatapi tjĕk noe saredjen: Mangke heula, oerang nendjo Elias datang-hanteuna noeloengan ka dinja!

50. Ari Jesoes ngagĕro deui

sarta tarik gĕntrana, ladjĕng moepoetkeun soekmana.

51. Geus kitoe reregan kabah soëh djadi doewa, ti loehoer parat ka handap; boemi teh gendjlong, sarta batoe karang bareulah;

52. Ari astana datang ka garorowong, sarta loba djalma soetji noe geus maot, haroedang deui djasadna;

53. Sanggeus Jesoes tanghi, eta teh baridjil ti djĕro koeboeran, toeloej saroemping ka nagara soetji, sarta nembongan ka djalma reja pisan.

54. Dĕmi kapala sĕrdadoe sarta noe reureudjeungan ngadjaga Jesoes, barang narendjo eta lini djeung saniskara noe djadi teja, toeloej bangĕt sarijeuneunana, omongna: Satĕmĕnna, eta teh Poetra Allah!

55. Sarta di dinja aja loba istri, noe noemoetkeun Jesoes ti Galilea sĕdja ngabakti ka andjeunna, eta naringalikeun ti kadjaoehan;

56. Aja Maria Magdalena, sarta Maria iboe Jakoboes djeung Joses, kitoe deui iboena poetra Sĕbĕdeoes.

57. Ari geus boerit, aja noe soemping hidji djalma beunghar, ti Arimatea, djĕnĕnganana Joesoep, kaasoep moerid Jesoes.

58. Seug ngadeuheusan ka Pilatoes, njoehoenkeun majit Jesoes. Ladjĕng Pilatoes miwarang koedoe diselehkeun ka Joesoep.

59. Geus kitoe majit teh ditjandak koe Joesoep, ladjĕng diboengkoes koe boëh katji bĕrĕsih;

60. Sarta diebogkeun kana koeboeran anjar kagoenganana, beunang andjeunna natah dina batoe karang; ari geus ngagoelingkeun hidji batoe gĕde keur noetoepan lawang koeboeran, toeloej angkat.

61. Sarta di dinja aja Maria Magdalena, djeung Maria noe hidji deui, tjaralik pabĕnĕran koeboeran.

62. Dĕmi isoekna, sabada poë panjadijaan, para panghoeloe agoeng djeung ahliahli parisi barĕng ngadeuheusan ka Pilatoes,

63. Sarta mihatoer kijeu: Noen gamparan, sadkaoela ras aringĕt, eta toekang njasabkeun teja, mangsa keur hiroep keneh, ngomong kijeu: Ari geus katiloe poëna, kami teh rek hoedang deui.

64. Koe pĕrkawis eta moegi miwarang koedoe dikĕmitan koeboeranana, dongkap ka poë noe katiloe, bisi moeridna daratang ti peuting maling eta, sarta toeloej ngabedjakeun ka djalma-djalma: jen geus hoedang ti noe maraot; lamoen kitoe mah panja-

saban noe pandeuri teh leuwih bangĕt alah-batan noe ti heula.

65. Ari lahiran Pilatoes ka darinja: Ongkoh sampejan baroga poerah ngadjaga; geura bral bae, titah ngĕmitan sakoemaha karĕp sarampejan.

66. Geus kitoe laleumpang, noe poerah ngadjaga toeloej dititah ngĕmitan koeboeran, ari batoena ditjap.

PASAL 28.

Sanggeus toetoep poë sabat, wantji braj beurang poë ahad, soemping Maria Magdalena djeung Maria noe hidji deui, sĕdjana rek ningalian eta koeboeran.

2. Doemadakan aja lini gĕde; sabab aja hidji malaikat ti Pangeran loengsoer ti sawarga, soemping ka dinja, sarta ngadjoengkatkeun batoe tina lawang koeboeran teja, bari ladjĕng dilinggihan.

3. Ari roepana tjara kilat, sarta panganggona bodas sapĕrti saldjoe.

4. Bawaning sijeun koe eta, noe karĕmit teja rareuwaseun kabina-bina, datang ka roepana kawas majit bae.

5. Malaikat ladjĕng ngalahir, kijeu lahirna ka istri teh: Eh njai, maraneh mah montong sijeun, karana kami njaho maraneh nejang Jesoes, noe digantoengkeun dina kai-dipalang teja

6. Eta teh hanteu aja di dijeu, sabab geus tanghi, sakoemaha noe koe andjeunna geus dilahirkeun. Hijap ka dijeu, geura tarendjo ĕnggon oeroet Goesti ebog.

7. Geus kitoe geuwat arindit, koedoe mopojankeun ka moerid-moeridna jen andjeunna teh geus tanghi ti noe maraot; malah angkat ka Galilea ti heulaeun maraneh; nja di dinja maraneh tangtoe nendjo ka andjeunna. Masing aringĕt, koe kami geus dibedjakeun ka maraneh.

8. Tidinja istri teh ngageuwat ka loewar ti djĕro koeboeran, bari sarijeuneun sarta soeka-boengah, bral toeloej indit, sĕdja mopojankeun ka moerid-moerid Jesoes.

9. Mangsa keur di djalan sĕdja mopojankeun ka moerid-moerid Jesoes teja, beh Jesoes nĕpangan ka dinja, ari lahirna: Assalam alaekoem! Seug istri teh ngadareuheusan, noebroek ka dampalna, sarta soedjoed ka andjeunna.

10. Ladjĕng koe Jesoes dilahiran kijeu: Oelah sarijeun! bral bae, geura bebedja ka doeloer kami, koedoe arindit ka Galilea, di dinja tangtoe narendjo ka kami.

11. Mangsa istri keur di djalan, djol noe karĕmit teja sawareh datang ka nagara, sarta ngoeningakeun ka para

panghoeloe agoeng sakabeh pĕrkara noe kapanggih teja.

12. Seug eta teh toeloej koempoelan djeung para kokolot, sarta rĕrĕmpoegan, geus kitoe sor mere doewit loba nakĕr ka eta sĕrdadoe,

13. Bari njaoer: Maraneh koedoe ngoewarkeun kijeu: Moeridna daratang ti peuting maling eta, dina waktoe koela keur harees.

14. Sarta oepama datang ka kadangoe koe goepĕrnoer, rek dilĕlĕmoe bae koe kami, ngikirakeun soepaja maraneh oelah meunang kasoesah.

15. Tidinja sĕrdadoe teh nampanan doewitna, sarta toeloej milampah sakoemaha papatahna teja; ari eta bedja kaoetarakeun di oerang Jahoedi, nĕpi ka poë ajeuna.

16. Dĕmi moerid noe sawĕlas teja arindit ka Galilea, ngadjoegdjoeg goenoeng noe geus ditimbalkeun koe Jesoes.

17. Barang nendjo ka andjeunna toeloej saroedjoed, tatapi noe sawareh mah tjangtjajaeun.

18. Ladjĕng Jesoes ngadeukeutan ka dinja, bari pada dilahiran, kijeu lahirna: Sakabehna kawasa di sawarga djeung di boemi geus dipaparinkeun ka kami.

19. Koe sabab kitoe, maraneh koedoe leumpang, sakabehna bangsa djaradikeun moerid, lantaran eta dibanjoean koe padjĕnĕngan Rama, sarta Poetra, djeung Roh Soetji; sarta koedoe diwoeroek sina ngestokeun sadajana noe koe kami geus diparentahkeun ka maraneh.

20. Masing aringĕt, kami teh reureudjeungan djeung maraneh salalawasna, nĕpi ka panoengtoengan doenja. Amin.

IJEU KITAB INDJIL SOETJI,

ANOE DIKARANG KOE

MARKOES.

PASAL 1.

Ijeu awitna Indjil Jesoes Kristoes, Poetra Allah;

2. Sapĕrti anoe geus dioengĕlkeun dina kitab para nabi, kijeu: Masing nganjahokeun, kami miwarangan saheulaeun andika malaikat

kami, anoe bakal njadijakeun pidjalaneun andika saheulaeun andika.

3. Aja sowara noe njĕloek di tĕgal lĕga, kijeu: Geura njadijakeun pidjalaneun Pangeran, geura ngalĕmpĕngkeun djalan-djalan andjeunna.

4. Ari Johannes keur ngabanjoean di tĕgal lĕga, sarta ngoewarkeun pangbanjoe pĕrtobat pikeun ngahampoera dosa.

5. Tidinja djalma satanah Joedea boedal moeroeboel ka Johannes, nja kitoe deui oerang Jĕroesalem, sarta toeloej sakabehna koe Johannes dibanjoean ka Tji-jordan, pada ngakoekeun dosa-dosana.

6. Dĕmi Johannes teja panganggona boeloe onta, ari angkengna nganggo beulitan koelit; barangdaharna simeut djeung madoe leuweung.

7. Sarta ngawoeroek, kijeu lahirna: Pandeurieun kami bakal soemping anoe langkoeng kawasa ti batan kami, eta kami hanteu lajak ngarongkong moeka tali taroempah-taroempahna atjan.

8. Maraneh koe kami geus dibanjoean soteh koe tjai bae, ari koe eta mah maraneh bakal dibanjoean koe Roh Soetji.

9. Ari dina mangsa eta djĕboel soemping Jesoes ti Nasaret bilangan Galilea, ladjĕng koe Johannes dibanjoean ka Tji-jordan.

10. Pada-harita keneh, barang bandjat ti djĕro tjai, koe andjeunna katingali langit moeka, sarta Roh loengsoer sapĕrti djapati, ninggang ka salira andjeunna.

11. Geus kitoe aja gĕntra ti langit, kijeu: Nja andika Poetra kami noe kaasih, andika noe dipikarĕsĕp koe kami.

12. Pada-harita Jesoes teh diwĕrĕgkeun koe Roh ka tĕgal lĕga.

13. Ari pangajana di dinja, di tĕgal lĕga teh, opat poeloeh poë lilana, sarta digoda koe setan; tjampoer reudjeung sato galak; ari malaikat pada ngalalajanan.

14. Sanggeusna Johannes disĕrahkeun, Jesoes soemping ka Galilea, bari ngoewarkeun Indjil tina karadjaan Allah;

15. Ari lahiranana: Djaman teh geus djĕdjĕg, karadjaan Allah geus deukeut, geura tarobat, sarta koedoe pĕrtjaja kana Indjil.

16. Mangsa Jesoes keur angkat toeroet sisi laoet Galilea, ningali Simon, djeung Andreas saderek eta, keur pada lintar di laoet, karana djadi palika.

17. Geus kitoe dilahiran kijeu: Geura ngiring ka kami, maraneh koe kami dek didjijeun palika djalma.

18. Dĕmi koe eta pada-harita heurapna ditinggalkeun, seug ngariring ka Jesoes.

19. Barang geus ladjĕng angkatna ti dinja saeutik, ningali Jakoboes poetra Sĕbĕdeoes, djeung Johannes, saderekna, eta oge keur ngarajoeman heurapna dina parahoe.

20. Harita keneh disalaoer; toeloej pada ninggalkeun Sĕbĕdeoes ramana reudjeung noe boeboeroeh dina parahoe, bral ngariring ka Jesoes.

21. Geus kitoe saroemping ka Kapernaoem; harita keneh Jesoes lĕbĕt ka masigit di poë sabat, sarta ngawoeroek.

22. Ari sakabeh djalma pada reuwaseun koe tina piwoeroekna; sabab ngawoeroekna sapĕrti anoe kawasa, lain tjara ahli-ahli kitab.

23. Dĕmi di masigit aja hidji djalma noe kaasoepan soekma nadjis; eta ngagĕro, kijeu pokna:

24. Adoeh Jesoes, oerang Nasaret, aja pĕrkawis naon koering ka andjeun? Koemaha andjeun soemping teh bade ngaroeksakkeun ka koering sadaja? Koering geus tĕrang ka andjeun, jen andjeun teh soetjina Allah.

25. Tidinja eta disaoeran koe Jesoes, kijeu lahirna: Geura repeh, sarta ka loewar ti eta djalma!

26. Geus kitoe djalma teh dirĕrĕdjet koe soekma nadjis teja, barina ngagĕro sarta bĕdas sorana; toeloej ka loewar.

27. Dĕmi sakabeh djalma teja pada mĕlĕngĕk, datang ka silih-tanja djeung batoer, kijeu pokna: Naon eta teh? Eta piwoeroek naon noe anjar teh, wĕt samalah ka soekma nadjis oge eta teh miwarang kalawan kawasana, datang ka aranoet bae?

28. Ari pĕrkara Jesoes harita keneh kaoewar-aĕrkeun di sakoeriling tanah Galilea.

29. Waktoe eta keneh ka loewar ti masigit, ladjĕng saroemping ka imah Simon djeung Andreas, barĕng Jakoboes djeung Johannes.

30. Ari mitoha Simon awewe ngalondjor keur moerijang; gantjangna dipangoendjoekkeun ka Jesoes.

31. Ladjĕng dideukeutan, bari ditjandak leungeunna, sarta ditjĕngkatkeun sakali; pada-harita moerijangna oendoer ti eta awewe, seug ngalalajanan ka tatamoe-tatamoena.

32. Ari geus boerit, wantji soeroep panon-poë, djalma pada njanggakeun ka Jesoes sakoer anoe boga panjakit, djeung noe kaasoepan setan.

33. Dĕmi djalma sanagara pada ngagimboeng pĕlĕbah panto.

34. Sarta reja pisan anoe ditjalageurkeun djalma noe kataradjang koe roepa-roepa panjakit; reja deui setan anoe dikaloewarkeun, sarta hanteu diwidian lemek, sabab njarahoëun ka andjeunna.

35. Dĕmi djanari, keur peuting keneh pisan, Jesoes tanghi, toeloej ka loewar angkat ka ĕnggon noe djĕmpe, di dinja ladjĕng nĕnĕda.

36. Ari Simon sabatoerbatoerna njaroesoel.

37. Mangsa geus kapĕndak, aroendjoekan kijeu: Andjeun teh koe sadajana pada nejangan.

38. Ari pilahirna: Hajoe oerang ngidĕr ka desa-desa noe dareukeut, soepaja kami ngawoeroek di dinja deui, karana nja kitoe noe matak kami datang.

39. Ladjĕng ngawoeroek di masigit-masigitna, di satanah Galilea, sarta ngaloewarkeun setan-setan.

40. Toeloej aja noe ngadeuheusan hidji djalma noe boga kasakit lepra, nĕnĕda ka Jesoes bari tapak-toeoer di pajoeneunana, kijeu pioendjoekna: Manawi kĕrsa, andjeun anoe ijasa ngabĕrĕsihan diri djisimkoering.

41. Geus kitoe Jesoes tina kalangkoeng wĕlaseunana njodorkeun panangan, seug njandak ka eta djalma, bari dilahiran kijeu: Kami teh daek, hĕg maneh geura bĕrĕsih.

42. Barang keur ngalahir kitoe, lĕs bae leprana teh leungit ti eta djalma, datang ka bĕrĕsih pisan.

43. Sanggeus didjangdjian bangĕt, harita keneh dipiwarang leumpang;

44. Ari lahiranana ka dinja kijeu: Masing hade-hade, oelah bebedja naon-naon ka sahasaha; sarta koedoe leumpang tingalikeun diri maneh ka panghoeloe, bari bakti koe sabab maneh geus dibĕrĕsihan, koemaha noe geus didawoehkeun koe Moesa, soepaja eta djadi saksi ka darinja.

45. Dĕmi eta sanggeusna ka loewar, ngamimitian ngoewar-ngoewarkeun bae, sarta ngoetarakeun eta pĕrkara, noe matak Jesoes geus teu kijateun asoep katara ka djĕro eta nagara teja; ari tjalikna di loewareun bae dina ĕnggon djarĕmpe, sarta pada moeroeboel ngadareuheusan ti mana-mĕndi.

PASAL 2.

Geus meunang sababaraha poë Jesoes soemping deui ka Kapernaoem; toeloej pada ngadenge bedja jen geus linggih di boemina.

2. Gantjangna loba noe koempoel, datang ka teu bisa asoep kabeh ka hareupeun

pantona; ladjĕng ngawoeroekkeun ka darinja pangandika teja.

3. Tidinja aja noe ngadareuheusan, mawa hidji djalma djingdjingeun, digotong koe opatan.

4. Sarehna hanteu bisaeun nĕpangan ka Jesoes koe bawaning loba djalma, toeloej bae moekakeun hateup dina lĕbah andjeunna linggih, seug ditotos, geus kitoe ngoeloer kasoer anoe keur dikĕdĕngan koe noe djingdjingeun teja.

5. Barang ningali Jesoes eta kapĕrtjajaanana, ladjĕng ngalahir ka noe djingdjingeun teh: Eh agoes, dosa-dosa maneh geus dihampoera.

6. Ari di dinja aja sababaraha ahli kitab keur darijoek, toeloej malikiran sadjĕro hatena kijeu:

7. Naha eta teh bĕt ngagorengkeun ka Allah? Saha noe bisa ngahampoera dosa, ngan Allah njalira bae?

8. Harita keneh Jesoes oeningaeun dina soekmana jen eta kitoe pamikirna di djĕro hate, ladjĕng dilahiran kijeu: Naha eta pĕrkara teh dipikiran sadjĕro hate maraneh?

9. Babari mana, ngomong ka noe djingdjingeun teh: dosa-dosa geus dihampoera ka maneh, djeung ngomong: geura hoedang, pangkoe kasoer maneh, toeloej leumpang?

10. Tatapi soepaja maraneh njaho jen Poetra manoesa teh boga kawasa pikeun ngahampoera dosa di boemi (ladjĕng ngalahiran ka noe djingdjingeun teja):

11. Kami nitah ka maneh: geura hoedang, pangkoe kasoer maneh, toeloej moelang ka imah maneh.

12. Sapada-harita eta teh hoedang, toeloej mangkoe kasoer, seug indit ka loewar di hareupeun djalma sakabeh, noe matak pada mĕlĕngĕk sarta ngamoeljakeun ka Allah, ari aromongna: Saoemoer oerang tatjan nendjo anoe kitoe pĕtana!

13. Tidinja Jesoes angkat deui ka lĕbah laoet; ari sakabeh djalma ngadareuheusan, ladjĕng diwoeroek sakali.

14. Ari keur ngaliwat, ningali Lewi poetra Alpeoes, keur dijoek di panjoekeanana; ladjĕng ngalahir ka dinja: Geura ngiring ka kami. Toeloej indit ngiring ka Jesoes.

15. Sanggeus kitoe, mangsa Jesoes keur ngarijoeng medja dina imah eta Lewi, reja deui toekang tjoeke djeung djalma noe daroraka pada miloe ngarijoeng djeung Jesoes sarta moerid-moeridna; karana eta teh loba pisan, sarta geus ngariring ka andjeunna.

16. Dĕmi ahli-ahli kitab djeung ahli-ahli parisi, barang

narendjo Jesoes toewang babarĕngan djeung toekang tjoeke sarta djeung noe dadoraka, pok toeloej ngaromong ka moerid-moeridna: Naha eta teh wĕt daharleueut babarĕngan djeung toekang tjoeke sarta djeung djalma noe daroraka?

17. Ari koe Jesoes kadangoe, ladjĕng ngalahir ka eta djalma kijeu: Ari noe tjalageur mah hanteu koedoe didoekoenan, ngan anoe garĕring bae. Pangdatang kami teh lain pikeun njaoer anoe balĕnĕr, nja njaoer anoe daroraka soepaja tarobat.

18. Ari moerid-moerid Johannes sarta ahli parisi sok pada poewasa. Toeloej daratang, sarta oendjoekan ka Jesoes kijeu: Koe naon noe mawi moerid-moerid Johannes djeung ahli parisi sok paroewasa, ari moerid-moerid andjeun mah sok tara paroewasa?

19. Lahiran Jesoes: Koemaha ari batoer-batoer panganten bisaeun paroewasa, sabot direudjeungan keneh koe panganten teh? Sapandjangna direudjeungan koe panganten mah, moal bisaeun paroewasa.

20. Tatapi pidatangeun mangsa jen panganten teh geus ditjandak ti maranehanana, nja waktoe harita pada pipoewasaeun teh.

21. Hanteu aja djalma anoe nambalkeun lamak lakĕn noe anjar keneh kana badjoe boeroek; lamoen kitoe mah panambal noe weuteuh teh ngarĕnjahkeun ka noe boeroek, mingkin katjida soëhna.

22. Kitoe deui hanteu aja djalma anoe ngawadahan anggoer anjar kana karoeng koelit boeroek; lamoen kitoe mah anggoer noe anjar teh tangtoe ngabĕdahkeun kana karoeng koelit teja, ari anggoerna moentjĕrat, sarta karoeng koelit teh djadi boetoet; bĕnĕrna mah ari anggoer noe anjar koedoe diwadahan kana karoeng koelit noe weuteuh.

23. Dina hidji poë sabat Jesoes angkat, djalanna kana pĕpĕlakan tarigoe; dĕmi moerid-moeridna, sabot laleumpang, pada mimiti mipit ranggeujanana.

24. Ari ahli-ahli parisi aroendjoekan ka Jesoes kijeu: Toeh eta teh koe naon pada milampah di poë sabat anoe hanteu kawidian?

25. Lahiranana ka eta djalma teh: Naha maraneh tatjan pisan ngadji tjarita lalampahan Dawoed, keur mangsa kabalangsak palajeun dahar, kitoe deui batoer-batoerna?

26. Nja lampahna asoep ka gĕdong Allah teja, keur djaman panghoeloe agoeng Abjatar, toeloej ngadahar eta

roti-tingalieun, padahal hanteu widi didahar ngan koe para panghoeloe bae, samalah dipaparinkeun ka batoerbatoerna teja?

27. Ngalahir deui Jesoes ka darinja: Poë sabat teh didamĕlna koe sabab manoesa, lain manoesa sabab poë sabat mah.

28. Djadi nja Poetra manoesa anoe moerba ka poë sabat keneh.

PASAL 3.

Geus kitoe Jesoes ladjĕng tjalik deui ka masigit. Di dinja aja hidji djalma anoe kemper leungeunna sabeulah.

2. Sarta eta pada ngawaskeun ka Jesoes, soegan dek njageurkeun ka dinja di poë sabat, pambrihna soepaja bisa ngĕlakkeun andjeunna.

3. Dĕmi Jesoes ngalahir ka eta djalma anoe kemper leungeunna teja: Geura hoedang, toeloej nangtoeng di tĕngah.

4. Ladjĕng ngalahir ka djalma noe reja teja: Mana noe kawidian di poë sabat, njijeun anoe hade, atawa njijeun noe goreng? njalamĕtkeun ka sahidji djalma atawa maehan? Dĕmi eta rarepeh bae.

5. Tidinja roeroet-reret ka sakabehna, bari bĕndoe pabaoer djeung hawatos tina kateuasanana hate eta, sarta ngalahir ka djalma teja: Tjing geura sodorkeun leungeun maneh. Pek disodorkeun. Toeloej eta leungeunna diwaloejakeun, tjageur tjara leungeun hidji deui.

6. Dĕmi ahli parisi teh, ari geus boedal, seug rĕrĕmpoegan djeung djalma Herodes, koemaha nja pipĕtaeunana maehan ka Jesoes.

7. Geus kitoe Jesoes angkat djeung moerid-moeridna ka sisi laoet. Sarta loba pisan noe ngiring djalma ti Galilea, djeung ti Joedea,

8. Ti Jĕroesalem, ti Idoemea, ti peuntaseun Tji-jordan, sarta tina lĕbah Tiroes djeung Sidon, djalma mangpirang-pirang, noe geus ngadarenge tina hal padamĕlan Jesoes noe aragoeng, pada ngadeuheusan.

9. Ari Jesoes nimbalan ka moerid-moerid koedoe sadija parahoe masing deukeut ka salira andjeunna, koe sabab eta djalma-djalma, soepaja oelah koengsi kasĕdĕkkeun.

10. Sababna loba pisan anoe ditjageurkeun koe Jesoes, anoe matak sakoer djalma noe kalaraan, sarereja ngagoronjok ka andjeunna, pada hajang njabak ka salirana.

11. Sarta ari soekma-soekma nadjis, mangsa narendjo ka andjeunna, brĕk marĕndĕk di pajoeneunana, bari ngagĕ-

ro, kijeu pokna: Nja andjeun teh Poetra Allah.

12. Dĕmi eta diomat-omatan katjida pisan, oelah sina ngoetarakeun salira andjeunna.

13. Tidinja Jesoes ladjĕng naek ka goenoeng, sarta njaoer sakabeh anoe dikĕrsakeun; seug eta ngadareuheusan.

14. Geus kitoe ngadjĕnĕngkeun doewa wĕlas djalma, pikeun ngiring sasarĕngan, djeung baris dipiwarang leumpang pikeun ngawoeroek;

15. Sarta rek dipaparin kawasa njageurkeun sagala panjakit djeung ngaloewarkeun sagala setan.

16. Ari Simon dipaparin ngaran Petroes;

17. Sarta Jakoboes poetra Sĕbĕdeoes, djeung Johannes saderek Jakoboes, eta pada dipaparin ngaran Boanergĕs, tĕgĕsna anak goeloedoeg;

18. Djeung deui Andreas, djeung Pilipoes, djeung Bartolomeoes, djeung Mateoes, djeung Tomas, djeung Jakoboes poetra Alpeoes, djeung Tadeoes, djeung Simon oerang Kana,

19. Djeung Joedas Iskariot, anoe djadi ngahijanat.

20. Geus kitoe saroemping ka boemi; datang deui djalma karoempoel, noe matak hanteu kaoer dahar-dahar atjan.

21. Mangsa warga Jesoes ngadarenge hal kitoe, toeloej pada bidjil, karĕpna dek ngahajeukan ka Jesoes, karana ari aromongna: jen andjeunna keur sasar.

22. Sarta ari omong ahli kitab noe geus daratang ti Jĕroesalem, pokna: Eta teh kaasoepan Beelsĕboel; bisaeun soteh ngaloewarkeun setan koe kapala setan.

23. Tidinja eta djalma disalaoer koe Jesoes, sarta ngalahir ka maranehanana koe misil, kijeu: Naha setan teh koemaha bisa ngaloewarkeun pada setan?

24. Djeung deui oepama hidji karadjaan mĕrangan maneh, eta karadjaan noe kitoe teh moal tĕtĕp.

25. Sarta oepama hidji imah mĕrangan maneh, eta imah noe kitoe teh moal tĕtĕp.

26. Kitoe deui oepama setan ngamoesoeh ka dirina sarta mĕrangan, eta moal bisaeun tĕtĕp, geus tangtoe bakal bejak.

27. Hanteu aja djalma bisa asoep ka imahna noe bĕdas sarta ngarajah paparabotanana, lamoen eta noe bĕdas teh hanteu dibarogod heula mah; kakara bisaeun ngarajah imahna.

28. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, sagala dosa bakal dihampoera ka anak manoesa, kitoe deui sagala omongan goreng, noe geus di-

pake ngagorengkeun koe eta;

29. Tatapi ari noe ngagorengkeun ka Roh Soetji mah, salalanggĕngna ge moal meunang hampoera, istoening langgĕng dosana.

30. Karana tjĕk djalma noe tadi teja, jen andjeunna teh kaasoepan soekma nadjis.

31. Tidinja saroemping iboe Jesoes djeung saderek-saderekna, pada ngaradĕg di loewar, seug ngadjoeroengkeun njaoer andjeunna.

32. Ari djalma-djalma teja darijoek ngalingkoengan Jesoes. Toeloej aja noe ngoeninga kijeu: Toeh iboe sarĕng saderek-saderek andjeun aja di loewar narejangan salira andjeun.

33. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka eta djalma: Na saha karah iboe kami, djeung saha doeloer-doeloer kami teh?

34. Ladjĕng roeroet-reret ningali ka sadajana anoe dijoek ngalingkoengan teja, bari ngalahir: Toeh tarendjo indoeng djeung doeloer-doeloer kami mah.

35. Karana saha-saha djalma noe milampahkeun kĕrsa Allah, nja eta doeloer lalaki, sarta doeloer awewe, djeung indoeng kami.

PASAL 4.

Geus kitoe Jesoes ngamimitian ngawoeroek deui di sisi laoet. Sarta loba pisan djalma koempoel ngadareuheusan, noe matak andjeunna nitihan kana parahoe, linggih di laoet; ari eta sakabeh djalma araja di darat, di sisi laoet.

2. Ladjĕng Jesoes ngawoeroek reja pisan pĕrkara ka darinja, koe misil; ari lahiranana dina piwoeroekna teh kijeu:

3. Geura darengekeun: Aja hidji toekang sĕbar indit ka loewar, dek njĕbarkeun.

4. Dĕmi mangsana keur njĕbarkeun, sawareh ragragan ka djalan; seug manoek awang-awang daratang, maratjokan eta.

5. Ari noe sawareh deui ragraganana ka noe aja tjadasan, njampak di dinja teu pati loba taneuh; harita keneh ge djadi, koe sabab hanteu djĕro taneuhna.

6. Tatapi ari geus bidjil panon-poë, toeloej toetoeng; djeung tina sabab hanteu aja akarna, noe matak djadi perang.

7. Ari noe sawareh deui ragraganana ka pĕlĕbah tjoetjoek-tjoetjoek; dĕmi eta tjoetjoek djaradi, toeloej noe disĕbarkeun teh eungapeun, hanteu koengsi boewahan.

8. Ari noe sawareh deui ragraganana ka taneuh noe hade; toeloej bidjil boewahna, seug eta mandjangan djeung

ngagĕdean, ari beubeunangananana noe hidji tiloe poeloeh, noe hidji gĕnĕp poeloeh, ari noe hidji deui saratoes patikĕlaneun.

9. Lahiranana deui ka darinja: Saha-saha noe boga tjeuli pikeun ngadenge, koedoe dengekeun.

10. Mangsa Jesoes keur njalira, toeloej sakoer noe ngaboedĕr barĕng djeung noe doewa-wĕlas teja pada naroskeun eta misil.

11. Lahiranana ka darinja: Maraneh anoe geus dipaparin pinjahoëun ka rasijahna karadjaan Allah; tatapi ari ka noe di loewar mah didjalankeun koe misil bae;

12. Soepaja masih beunta molotot oge, oelah nendjo, djeung masih ngadenge molongo tjeuli oge, oelah ngaharti; soepaja oelah koengsi tarobat, sarta oelah dihampoera dosana.

13. Lahiranana deui ka darinja: Naha maraneh karah hanteu ngarti ka eta misil teh? koemaha rek pingahartieun ka misil sakabeh?

14. Dĕmi eta toekang sĕbar teja njĕbarkeun pangandika.

15. Sarta ari noe di djalan teja, nja kijeu: anoe disĕbaran pangandika; dĕmi geus ngadengekeun, datang setan harita keneh, toeloej njokot pangandika noe geus disĕbarkeun dina hatena.

16. Kitoe deui ari noe kasĕbarkeun ka noe aja tjadasan teja, nja eta noe geus ngadengekeun pangandika, harita keneh ge ditarima djeung soekana;

17. Dĕmi eta teh hanteu aja akarna dina dirina, noe matak hanteu koengsi lila; geus kitoe, mangsa aja kasoekĕran djeung dikanijaja, eta gantjang titadjong.

18. Sarta kijeu anoe kasĕbarkeun ka pĕlĕbah tjoetjoek teja: sakoer noe ngadengekeun pangandika;

19. Toeloej karepotan doenja, sarta panggĕndamna kabeungharan, djeung pakarĕpanana kana barang sedjen-sedjen, pada arasoep ka djĕro, noe matak djadi eungapeun pangandika teh, salawasna teu boewahan.

20. Sarta ari noe kasĕbarkeun di taneuh anoe hade teja, nja kijeu: anoe ngadenge pangandika djeung ditarimakeunana, sarta toeloej boewahan, beubeunangananana noe hidji tiloe poeloeh, noe hidji gĕnĕp poeloeh, ari noe hidji deui saratoes patikĕlaneun.

21. Ladjĕng Jesoes ngalahir deui ka darinja: Koemaha ari pangdatangna damar soepaja ditoeroeban koe gantang atawa diteundeun kolongeun ran-

djang? lain soepaja diteundeun dina adjoegna?

22. Karana taja pisan pĕrkara boeni, anoe moal bakal diebrehkeun, kitoe deui taja pĕrkara anoe bakoe disoempoetkeun, ngan soepaja pinjataeun bae.

23. Lamoen aja djalma noe boga tjeuli pikeun ngadenge, eta koedoe dengekeun.

24. Lahiranana deui ka darinja: Sing hade-hade kana hal anoe didengekeun koe maraneh. Ari koe takĕran noe dipake nakĕran koe maraneh, mangke ka maraneh ditakĕrkeun deui, sarta maraneh anoe ngadengekeun, tangtoe diwoewoehan.

25. Karana saha-saha noe geus boga, tangtoe dipaparin deui; sabalikna ari noe hanteu boga, ti eta teh sabobogaanana ge bakal ditjandak.

26. Ladjĕng ngalahir deui: Ari pĕtana karadjaan Allah teh sapĕrti hidji djalma ngawoerkeun binih kana lahan;

27. Toeloej hees, neut hoedang, peuting djeung beurang; ari binih teh djadi, djeung ngadjangkoengan, dĕmi manehanana sorangan teu njahoëun pĕtana koemaha.

28. Karana taneuh ngabidjilkeunana boewah teh koe sorangan: mimitina tangkal, sanggeusing kitoe ranggeujanana, sanggeusing kitoe siki gandoem anoe beuneur dina ranggeujanana.

29. Sarta mangsa geus sĕdĕng boewahna, ngageuwat dibawakeun arit, tina geus meudjeuhna dipiboewatan.

30. Ngalahir deui Jesoes: Ari karadjaan Allah koe oerang rek diibaratkeun kana naon? sarta rek dimisilkeun koe oerang koemaha?

31. Oepama siki sasawi. Eta teh keur mangsa diipoek dina lahan, panglĕmboet-lĕmboetna tina sakabeh sisikian anoe aja di boemi;

32. Dĕmi mangsa geus diipoek, seug djadi, ari ngadjangkoenganana moenggah ngoengkoelan ka sakoer lalab-lalab, sarta bidjil dahanna gĕde, datang ka manoek awang-awang bisa njarajang dina hijeum-hijeumna.

33. Ari Jesoes pangalahirkeunana pangandika teh ka eta djalma-djalma koe reja pisan misil anoe tjara tadi, noeroetkeun koemaha bae eta kakoewatanana ngadenge.

34. Ari hanteu koe misil mah, teu pisan ngalahir ka darinja; tatapi ka moerid-moeridna mah saniskara ditetelakeun deui.

35. Di poë eta keneh, keur wantji boerit, Jesoes ngalahir ka moerid-moerid: Hajoe oerang lajar ka peuntas!

36. Tidinja koe moerid eta

djalma noe reja ditinggalkeun, ari andjeunna dibantoen sakoemaha linggihna dina parahoe, sarta aja deui parahoe sedjen ngariring.

37. Kabĕnĕran aja angin riboet ngagĕlĕboeg, ari ombak-ombak ninggang kana djĕro parahoe, datang ka parahoena leber.

38. Dĕmi Jesoes aja di poengkoer, keur koelĕm dina bantal. Toeloej koe moerid-moerid digoegahkeun, bari oendjoekan: Adoeh Goeroe, naha teu miroseja, doemeh abdi-abdi rek katiwasan?

39. Ladjĕng Jesoes goegah, sarta njeuseul ka eta angin, bari ngalahir ka laoet: Geura repeh, sing djĕmpe! Seug angin teh ngarandĕg, djadi djĕmperehe pisan.

40. Ngalahir Jesoes ka moerid-moerid: Naha maraneh mana datang ka araringgis kitoe? na teu boga kapĕrtjajaan?

41. Ari eta pada sijeuneun kabina-bina, sarta ngaromong djeung batoerna: Na eta teh djalma naon, wĕt angin djeung laoet moenggah datang ka aranoet bae?

PASAL 5.

Geus kitoe darongkap ka peuntaseun laoet, ka tanah oerang Gadara.

2. Kakarek loengsoer tina parahoe, ladjĕng Jesoes kapapag koe hidji djalma noe kaasoepan soekma nadjis, datangna ti astana.

3. Eta teh tjitjingna sok di djĕro astana-astana, sarta hanteu aja noe bisa ngabanda datang ka beunangna, nadjan koe rante oge.

4. Karana geus mindĕng pisan ditambaloeng djeung dirante, dĕmi rantena koe manehna geus dirampoengkeun, sarta tambaloengna geus diboeboekkeun; djeung hanteu aja noe bisa ngalilindeuk ka dinja.

5. Beurang-peuting ngan aja di goenoeng djeung di djĕro astana bae, djeung sosowakan, barina neunggeulan maneh koe batoe.

6. Barangna nendjo Jesoes ti kadjaoehan, seug moeroe bari toeloej soedjoed;

7. Sarta ngagĕro tarik sowarana, ari pokna: Adoeh Jesoes, Poetra Allah noe langkoeng agoeng, andjeun aja pĕrkawis naon ka koering? Koering nĕda soempah ti andjeun dĕmi Allah, jen bade moal njangsara ka diri koering!

8. Noe matak kitoe, doemeh Jesoes miwarang ka dinja: Eh soekma nadjis, geura bidjil ti eta djalma!

9. Ladjĕng dipariksa: Saha ngaran maneh? Ana nga-

wangsoel, kijeu pokna: Ngaran koering Legioen; karana koering teh loba.

10. Toeloej bangĕt pisan panoenoehoenna, moegi oelah koengsi dioendoerkeun ti tanah eta.

11. Dĕmi di dinja dina goenoeng aja sagoendoek bagong loba pisan keur njaratoean.

12. Geus kitoe setan teh sakabeh pada noenoehoen ka Jesoes, kijeu panoehoenna: Moegi koering sadaja dipiwarang asoep njaroeroep ka djĕro eta bagong.

13. Pada-harita koe Jesoes diwidian. Tidinja eta soekma nadjis pada ka loewar, seug njaroeroep ka djĕro bagong teja; broel sagoendoekanana toetoeroeboen tina gawir ka laoet, dĕmi rejana antara doewa reboe sĕle; toeloej paraeh titeuleum.

14. Ari noe ngarangon bagong laloempatan, bari pada bebedja di nagara sarta di pilĕmboeran. Geus kitoe djalma boedal, sĕdjana hajang narendjo ka pĕtana pĕrkara noe tadi teja.

15. Toeloej ngadareuheusan ka Jesoes; ari djalma anoe oeroet kaasoepan katendjo eukeur dijoek, make papakean, sarta geus ingĕt deui, nja eta anoe oeroet katjitjingan legioen teja; toeloej sarijeuneun.

16. Ari noe njaraksian tadi teja pada njaritakeun ka maranehanana hal noe geus dipidamĕl ka eta djalma noe kaasoepan, djeung pĕtana bagong teja.

17. Toeloej eta pada noenoehoen ka Jesoes moegimoegi andjeunna angkat tina wĕwĕngkĕran dinja.

18. Barang Jesoes nitihan kana parahoe, seug djalma anoe oeroet kaasoepan teja nĕnĕda, moegi diwidian ngiring.

19. Tatapi koe Jesoes teu diidinan, ari timbalanana: Geura balik ka imah ka baraja maneh, toeloej bedjakeun ka dinja pĕrkara aheng, noe geus dipidamĕl ka maneh koe Pangeran, sarta jen geus maparin sih-piwĕlas ka maneh.

20. Toeloej leumpang, sarta ngoetarakeun di satanah Dekapolis pĕrkara aheng anoe geus dipidamĕl ka manehanana koe Jesoes teja; dĕmi sakabeh djalma hareraneun.

21. Geus kitoe Jesoes meuntas deui nitihan parahoe; mangsa geus soemping ka peuntas, loba pisan djalma koempoel ngadareuheusan; dĕmi andjeunna aja di sisi laoet.

22. Djĕboel aja hidji kapala masigit, ngaranna Jairoes; barang nendjo ka Jesoes, brĕk mĕndĕk kana dampalna,

23. Bari noenoehoen ba-

ngĕt pisan, kijeu pioendjoekna: Poen anak awewe rek noengtoeng oemoer, moegi geura linggih sarĕng noempangkeun panangan, masingna salamĕt sarta hiroep!

24. Ladjĕng Jesoes angkat sasarĕngan djeung eta; sarta loba pisan djalma noe ngariring, moenggah njarĕdĕkkeun ka Jesoes.

25. Geus kitoe aja hidji awewe, noe boga kasakit ngagĕtih, lilana geus doewa wĕlas taoen;

26. Eta geus reja pisan meunang sangsara tina loba ngadoekoenkeunana, sarta ngongkosan saboga-bogana, tatapi hanteu pinanggih tjageur, anggoer beuki katjida bae.

27. Mangsa ngadenge pĕrkara Jesoes, toeloej njoeloesoep ka djalma loba, datangna ti poengkoereun, pek njabak ka djoebah Jesoes.

28. Sabab ari omongna: Saoepama aing bisa njabak bae ka panganggona, tanwande aing tjageur.

29. Pada-harita keneh sirahna gĕtih teh saat, sarta karasa koe manehna dina awakna jen geus tjageur eta panjakitna.

30. Dĕmi Jesoes harita keneh dina manah geus waspaos aja ka loewar karamat ti andjeunna; ladjĕng malik ka poengkoer di tĕngaheun djalma-djalma, sarta ngalahir: Saha noe njabak ka papakean kami?

31. Ari pioendjoek moerid-moerid: Kapan koe andjeun katingali jen djalma-djalma njarĕdĕkkeun ka salira andjeun, ari andjeun ngalahirkeun: saha noe njabak ka kami?

32. Ladjĕng Jesoes roeroetreret ningalian anoe lampah kitoe.

33. Dĕmi eta awewe, sapedah njahoëun anoe geus djadi kana dirina, toeloej ngadeuheusan bari sijeuneun djeung ngadegdeg, seug mĕndĕk ka pajoeneun Jesoes, sarta ngoendjoekkeun anoe sajaktina.

34. Ari lahiran Jesoes ka dinja: Eh njai, maneh geus ditoeloeng koe kapĕrtjajaan maneh; geura moelang bae sarta kasĕnangan, sing loeloes tjageur eta kalaraan maneh.

35. Sabot Jesoes keur ngalahir keneh, djĕboel aja noe daratang ti imah kapala masigit teja, mopojan kijeu: Poetra sampejan geus maot; pinaoneun ngabaroebahkeun keneh ka Djoeragan Goeroe?

36. Harita Jesoes geus ngadangoe eta omongan anoe ditjatoerkeun teja; seug ngalahir ka kapala masigit teh: Montong sijeun-sijeun, masing tĕtĕp nja pĕrtjaja!

37. Sarta koe andjeunna hanteu aja noe diwidian ngiring ngan Petroes, Jakoboes, djeung Johannes saderek Jakoboes.

38. Geus kitoe soemping ka imah kapala masigit, sarta ningali roesoeh-tagiwoer, djeung noe maridangdam, sarta noe tjareurik aloekaloekan.

39. Ari geus lĕbĕt, ladjĕng eta pada dilahiran kijeu: Naha maraneh wĕt roesoeh-tagiwoer djeung tjareurik? boedak teh lain paeh, ngan keur sasarean bae.

40. Tatapi eta pada njeungseurikeun ka Jesoes. Dĕmi koe andjeunna sakabeh diboedalkeun, geus kitoe njandak indoeng-bapana boedak djeung noe ngariring teja, bari ladjĕng lĕbĕt kana ĕnggon boedak ngalondjor.

41. Tidinja boedak teh leungeunna ditjandak, sarta dilahiran kijeu: Talita koemi! tĕgĕsna ari disalin basana: Eh nji, kami nitah ka maneh, geura hoedang!

42. Sapada-harita boedak teh hoedang, toeloej leuleumpangan, wantoe-wantoe oemoerna geus doewa wĕlas taoen. Dĕmi djalma teja liwat-saking nja mĕlĕngĕk.

43. Ladjĕng pada diomatomatan pisan koe Jesoes, poma-poma oelah aja noe njahoëun hidji-hidji atjan, sarta miwarang boedak teh koedoe dibere dadaharan.

PASAL 6.

Geus kitoe Jesoes djĕngkar ti dinja, ladjĕng soemping ka nagara asalna; moeridmoeridna ngariring.

2. Ari geus dongkap ka poë sabat, Jesoes ngimimitian ngawoeroek di masigit; dĕmi dina lĕbah noe ngadarenge reja pisan anoe hareugeueun, aromongna: Na ti mana eta teh meunangna anoe kitoe? sarta kapintĕran naon eta noe geus dipaparinkeun ka dinja teh, noe matak bisaeun njijeun moedjidjat kitoe koe leungeunna?

3. Naha eta koetan lain toekang kai, anak Mariam, djeung doeloerna Jakoboes, djeung Joses, sarta Joedas, djeung Simon? sarta ari doeloerna awewe lain noe araja di dijeu di oerang teja? Tidinja eta djalma pada titadjong ka andjeunna.

4. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka darinja: Ari noe djadi nabi kateu-dihormatanana teh ngan di nagara asalna, sarta koe sanak-barajana, kitoe deui di djĕro boemina bae.

5. Sarta di dinja andjeunna teu ijasaeun midamĕl moedjidjat, ngan aja noe garĕring

hidji-hidjieun ditaroempangan panangan, ditjalageurkeun.

6. Sarta heraneun pisan tina teu-kapĕrtjajaanana. Ladjĕng angkat ngidĕran sakoer desa-desa anoe sakoeriling, bari ngawoeroek.

7. Sanggeusing kitoe moerid noe doewa wĕlas teja koe Jesoes disaoer; ladjĕng mimiti miwarang leumpang doewaan-doewaan, djeung dipaparin kawasa pikeun ka sakoer soekma nadjis.

8. Sarta pada ditimbalan oelah mawa naon-naon baris di djalan, ngan iteuk bae hidji; oelah mawa endong, atawa roti, atawa doewit dina saboek;

9. Djeung moedoe make taroempah, tatapi oelah make badjoe doewa.

10. Ari lahiranana ka darinja: Di mana bae maraneh asoep kana hidji imah, nja di dinja koedoe tjitjing, tĕpi ka mangkat deui.

11. Ari noe hanteu ngakoe ka maraneh, kitoe deui hanteu ngadenge ka maraneh, toeloej indit deui bae ti dinja, bari ngekedjekkeun ngĕrĕs anoe napĕl dina soekoe maraneh, pikeun djadi saksi ka eta djalma. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, ari Sadoemoe djeung Gomora teja bakal enteng di poë ngahoekoem ti batan nagara anoe kitoe.

12. Tidinja moerid teh arindit, sarta ngoewarkeun jen koedoe tarobat.

13. Djeung ngaloewarkeun setan reja pisan, kitoe deui reja djalma noe gĕring dibaloeran minjak, pada ditjageurkeun.

14. Ari radja Herodes ngareungeu warta; wantoe-wantoe djĕnĕngan Jesoes geus kaoetara. Toeloej ngalahir kijeu: Johannes toekang ngabanjoe teja geus hoedang deui ti noe maraot, noe matak eta sakitoe kamatihanana.

15. Tjĕk anoe sedjen: Eta teh Elias; ari tjĕk noe sedjen deui: Eta teh nabi, tjara salah-sahidji tina para nabi.

16. Tatapi mangsa kadangoe koe Herodes, toeloej ngalahir kijeu: Eta teh Johannes, anoe dipotong beuheungna koe aing teja; geus hoedang deui ti noe maraot.

17. Karana eta teh Herodes geus miwarangan djalma, sarta Johannes geus ditangkĕp, toeloej diasoepkeun ka pangberokan bari dibanda, tina pĕrkara Herodias, geureuha Pilipoes saderekna, sarehna eta geus ditikah koe Herodes.

18. Sababna Johannes mihatoer ka Herodes kijeu: Andjeun teh teu kawidian mihoekoem ka geureuha saderek andjeun.

19. Ari Herodias teh nga-

kalakkeun ka Johannes, hajang maehan, tatapi hanteu bisaeun.

20. Sabab Herodes sijeuneun koe Johannes, doemeh oeningaeun jen eta teh djalma bĕnĕr djeung soetji, sarta koe Herodes diraksa; djeung tijap-tijap ngareungeu ka piwoeroekna, midamĕl reja-reja pĕrkara, sarta rĕsĕpeun ngareungeukeun.

21. Kaparĕng datang poë noe bangloes. Herodes di poë wĕwĕdalanana mestakeun ka para ponggawana, djeung ka para kapala sĕrdadoe, sarta ka para menak Galilea.

22. Hol poetra Herodias noe istri datang asoep, toeloej ngibing, matak soekaeun Herodes djeung noe pada ngarijoeng sasarĕngan. Seug radja ngalahir ka moerangkalih teh: Geura menta ka ama, naon bae anoe dipikahajang koe njai, tangtoe koe ama diberean.

23. Samalah radja teh soempah: Naon bae anoe rek dipenta koe njai, tangtoe koe ama diberean, masih sabeulah karadjaan ama oge.

24. Los eta moerangkalih ka loewar, toeloej oendjoekan ka iboena: Koering pisaëeunana njoehoenkeun naon? Ari papatah iboena: Koedoe njoehoenkeun hoeloe Johannes toekang ngabanjoe teja.

25. Seug eta teh goeragiroe asoep deui marĕk ka radja, prak disoehoenkeun, kijeu pioendjoekna: Kahajang simkoering, moegi gamparan ajeuna pisan ka simkoering masihan hoeloe Johannes toekang ngabanjoe teja, sarta diwadahan koe talĕm.

26. Geus kitoe radja teh nalangsa pisan; ngan koe tina soempahna teja, sarta djeung koe sadajana noe ngarijoeng sasarĕngan, noe matak teu kĕrsaeun mogogan ka moerangkalih.

27. Harita keneh radja miwarangan hidji mantri, ditimbalan ngala mastaka Johannes. Bral indit eta teh, seug motong beuheung Johannes di djĕro pangberokan;

28. Mastakana toeloej dibawa diwadahan koe talĕm, dibikeun ka moerangkalih teja, dĕmi koe eta disanggakeun ka iboena.

29. Mangsa kadenge koe moerid-moeridna, seug daratang, majitna toeloej dibawa, diebogkeun kana koeboeran.

30. Ari rasoel-rasoel teja koempoel deui ngadareuheusan ka Jesoes, sarta ngaroendjoekkeun sakabehna noe geus dilampahkeun djeung noe geus diwoeroekkeun koe maranehanana.

31. Geus kitoe Jesoes ngalahir ka darinja kijeu: Ajeuna maraneh sabatoer-batoer bae

geura miloe ka ĕnggon noe rehe, koedoe reureuh sakeudeung! Karana loba pisan djalma wara-wiri bae, moenggah hanteu kaoer dalahar-dalahar atjan.

32. Toeloej arangkat toenggang parahoe, njaringsalkeun pribadi ka ĕnggon noe simpe.

33. Dĕmi koe djalma-djalma katarendjo eta teh geus sĕmproeng mijang, sarta reja pisan anoe tĕgĕs ka Jesoes; broel pada arindit babarĕngan ti sakabeh nagara, sarta badarat, moeroe ka dinja teja, daratangna ti heula; seug pada mapag barĕng.

34. Ari Jesoes ka loewar, katingali eta loba pisan djalma, seug kalangkoeng-langkoeng wĕlaseunana, tina sabab eta teh tjara domba anoe euweuh pangangonna. Ladjĕng ngamimitian ngawoeroek ka darinja reja pisan pĕrkara.

35. Ari geus wantji dek boerit, moerid-moeridna toeloej pada marĕk ka Jesoes, sarta bari oendjoekan: Di dijeu ĕnggon noe rehe, sarĕng wantjina geus dek boerit;

36. Ajeuna eta djalma-djalma moegi dipiwarang maloendoer, sina pada leumpang ka pilĕmboeran sarĕng ka desa-desa anoe aja sakoerilingna, baris mareuli roti pikeun daririna, karana hanteu barogaeun pitĕdaeunana.

37. Dĕmi Jesoes ngawalon, kijeu lahirna: Koe maraneh bae bere dadaharan. Ari pioendjoekna deui ka andjeunna: Koemaha simkoering teh moedoe laleumpang ngadoewit roti doewa ratoes dinar, baris mere pitĕdaeun ka eta?

38. Ari lahiranana: Maraneh boga roti sabaraha siki? Geura djig tendjoan. Dĕmi geus kanjahoan, pok oendjoekan: Soemoehoen aja lima, sarĕng aja laoek doewa siki.

39. Geus kitoe moerid ditimbalan, eta djalma koedoe disina darijoek ririjoengan dina djoekoet hedjo.

40. Gek toeloej darijoek goegoendoekan, aja noe saratoes, aja noe lima poeloeh sagoendoekna.

41. Ladjĕng Jesoes njandak eta roti lima siki djeung laoek noe doewa siki teja, seug tanggah ka langit, bari moedji soekoer; tidinja pek roti teh disĕmplekan, sarta dipaparinkeun sakali ka moerid-moerid, sina disodorkeun ka djalma-djalma teja; ari eta laoek noe doewa siki teh koe andjeunna dibagikeun pikeun sarereja.

42. Toeloej sakabeh pada dadaharan, sarta datang ka sareubeuheun.

43. Dĕmi geus kitoe diparoeloengan beunang njĕmplekan, wani aja doewa wĕlas ka-

randjang pinoeh, sarta djeung sesana laoek teja.

44. Ari noe geus dadaharan roti teja, djoemlahna lima reboe djalma lalaki.

45. Harita keneh moerid-moerid koe Jesoes dipiroesa sina arasoep kana parahoe, soepaja lajar ti heula ka peuntas, ka Betsaida, eukeur andjeunna miwarang maroelang djalma-djalma teja.

46. Sanggeusna eta dipiwarang maloendoer, ladjĕng andjeunna naek ka goenoeng, bade nĕnĕda.

47. Dĕmi geus boerit, parahoe teh aja di tĕngah laoet, ari andjeunna mah njalira bae di darat.

48. Ladjĕng katingali moerid-moerid soesaheun katjida ngadajoeng, wantoening keur angin mapag; ari ti peuting, antara waktoe ronda noe kaopat, Jesoes soemping ka moeridna, tapak-hantjang dina laoet, kĕrsana rek ngaliwatan ka dinja.

49. Ari eta, barang narendjo ka andjeunna, keur tapak-hantjang dina laoet, maroekanana djoerig, sarta pada tinggaroak.

50. Karana koe sadajana katendjo, sarta pada njĕblak. Enggal andjeunna ngalahir ka moerid, kijeu lahirna: Masing galĕde hate, ijeu teh kami, oelah sararijeun.

51. Ladjĕng Jesoes naek kana parahoe, njarĕngan ka moerid-moerid, ari angin teh toeloej ngarandĕg. Dĕmi eta pada liwat-saking nja mĕlĕngĕk di djĕro pikirna, sarta bari hareraneun.

52. Karana tadi hanteu njarĕgĕpkeun ka pĕrkara roti teja, sabab teuas hatena.

53. Geus kitoe kĕbat lajarna ka peuntas, darongkap ka tanah Genesaret, ladjĕng balaboeh di dinja.

54. Mangsa geus loengsoer tina parahoe, djalma di dinja sapada-harita njarahoëun ka Jesoes;

55. Toeloej pada ngidĕr di sakoeriling tanah eta, ari sakoer noe gĕring digogotong dina kasoer, moeroe-moeroe ĕnggon di mana bae noe kadenge ajana Jesoes keur linggih.

56. Sarta ka mana bae soempingna, ka desa, atawa ka nagara, atawa ka lĕmboer, nja di dinja sakoer noe gĕring digalĕmparkeun di pasar-pasar, bari noenoehoen ka Jesoes moegi diwidian njarabak bae kana kĕlin djoebahna. Dĕmi sakabeh anoe njabak ka andjeunna, seug tjalageur.

PASAL 7.

Geus kitoe ahli-ahli parisi djeung sawareh ahli kitab,

noe geus daratang ti Jěroesalem, barĕng pada ngadeuheusan ka Jesoes.

2. Mangsa narendjo moerid Jesoes sawareh dahar bari nadjis leungeun, tĕgĕsna teu sibanjo, toeloej ditjawad.

3. Karana ari ahli parisi djeung oerang Jahoedi sakabeh hanteu dahar ari tatjan habĕn sibanjo mah, ngalampahkeun pikoekoeh karoehoen.

4. Sarta ari poelang ti pasar hanteu dahar, lamoen tatjan mandi. Djeung reja-reja deui sadjaba ti dinja koe eta geus katampa baris ngestoekeun, sapĕrti ngoembah tjatjangkir, djeung kĕndi, djeung wawadahan sipat tambaga, sarta randjang.

5. Ari eta ahli parisi djeung ahli kitab teja toeloej pada naros ka Jesoes: Koe naon moerid-moerid adjĕngan mana teu ngalampahkeun pikoekoeh karoehoen, ari daharna hanteu saribanjo leungeun?

6. Dĕmi Jesoes ngawalon, kijeu lahirna ka eta djalma: Eh djalma noe poera-poera, geus bĕnĕr pisan Jĕsaja ngawĕdjangkeun hal maraneh, sakoemaha noe geus dioengĕlkeun kijeu teja: Bangsa ijeu hormat teh ka kami koe biwir bae, ari hatena mah djaoeh pisan ti kami.

7. Tjoemah bae eta njĕmbahna ka kami, da mamatahkeun papatah, parentah djalma.

8. Sabab ari timbalan Allah koe maraneh ditinggal, ari noe diestoekeun mah pikoekoeh djalma, sapĕrti ngoembah kĕndi djeung tjatjangkir, djeung reja-reja anoe kitoe sadjaba ti dinja noe dilampahkeun koe maraneh.

9. Lahiranana deui ka darinja: Nja aheng teuing pĕtana maraneh njoemahkeun kana timbalan Allah, soepaja bisa nĕtĕpkeun pikoekoeh maraneh!

10. Sabab Moesa geus ngadawoehkeun: Koedoe masing hormat ka bapa sarta ka indoeng; djeung deui: Sahasaha noe njapa ka bapa atawa ka indoeng, koedoe dipaehan.

11. Tatapi ari tjarek maraneh: Tijap-tijap djalma ngomong ka bapa atawa ka indoeng kijeu: Noe baris pimangpaateun ka bapa ka indoeng ti koering, eta teh koerban, tĕgĕsna pangabakti, [eta hade lampahna].

12. Sarta koe maraneh geus teu diwidian mihade deui ka bapana atawa ka indoengna.

13. Djadi maraneh ngapĕskeun ka pangandika Allah koe pikoekoeh maraneh, noe koe maraneh ditangtoekeun; sarta reja pisan lalampahan maraneh anoe kitoe pĕtana.

14. Ari geus kitoe ladjĕng Jesoes njaoer sakabeh djalma-djalma teja, sarta dilahiran kijeu: Sakabeh geura koedoe pada ngadenge ka kami, sarta hartikeun:

15. Naon-naon ti loewar djalma asoep ka djĕro, taja anoe matak nganadjiskeun ka djalma; dĕmi anoe bidjil ti djĕro djalma, nja eta noe matak nadjis ka djalma teh.

16. Lamóen aja djalma noe boga tjeuli pikeun ngadenge, koedoe dengekeun.

17. Mangsa Jesoes geus pisah ti djalma-djalma teja, sasoempingna ka boemi, toeloej moerid-moeridna pada naroskeun eta misil teja.

18. Ari lahiranana ka darinja: Naha karah maraneh oge taja pangarti? Koetan hanteu ngaharti, jen saniskara noe asoep ka djĕro djalma ti loewareunana, moal matak nganadjiskeun ka djalma?

19. Karana hanteu asoep ka djĕro hate, istoening ka djĕro beuteung, toeloej bidjil di djamban, noe ngabĕrĕsihkeun sagala kahakanan.

20. Lahiranana: Ari noe bidjil ti djĕro djalma, nja eta noe matak nadjis ka djalma teh.

21. Karana ti djĕro, tina hate djalma, bidjil pikir anoe goreng, ngaranjed, djinah, maehan,

22. Maling, kapĕrĕtjitan, kadjoeligan, palatjidra, kalatjoeran, sirik-pidikan, ngagogoreng, kamagoengan, kaboeroengan.

23. Eta sakabeh pĕrkara anoe goreng bidjilna ti djĕro, sarta matak nadjis ka djalma.

24. Geus kitoe Jesoes djĕngkar ti dinja, angkatna ka wĕwĕngkĕran Tiroes djeung Sidon. Ladjĕng linggih kana hidji imah, kĕrsana oelah aja noe nganjahoankeun, tatapi teu boeni bae.

25. Karana aja hidji awewe, boga anak awewe noe kasoepan soekma nadjis; dĕmi eta geus ngadenge pĕrkara Jesoes, hol datang, toeloej mĕndĕk ka dampalna.

26. Ari awewe teja oerang Joenani, asalna ti Siro-Poeniki. Panoehoenna andjeunna moegi ngaloewarkeun eta setan ti djĕro anakna.

27. Tatapi lahiran Jesoes ka dinja: Baroedak sina seubeuh heula; karana teu pantĕs njokot roti baroedak, seug dialoengkeun ka kitjik.

28. Ari eta ngawangsoel, kijeu pioendjoekna: Soemoehoen Goesti, lĕrĕs pisan, tanapi sanadjan kitjik oge di kolong medja sok njatoe remeh baroedak.

29. Lahiranana deui ka awewe teh: Tina sabab omongan eta, maneh geura balik

bae, setan teh geus ka loewar ti anak maneh.

30. Ana datang ka imahna, kasampak anak teja keur ngĕdĕng di ĕnggon, ari setan teh geus ka loewar.

31. Geus kitoe Jesoes djĕngkar deui tina bilangan Tiroes djeung Sidon, djalan ka tĕngah-tĕngaheun bilangan Dekapolis; ladjĕng soemping ka laoet Galilea.

32. Tidinja aja noe njaranggakeun hidji djalma nja torek nja balelol, ari panoehoenna moegi koe Jesoes ditoempangan panangan.

33. Toeloej koe Jesoes dipisahkeun ti djalma loba, sarta tjeulina ditjotjokan ramo, ladjĕng ngaloedah, bari ditjabak letahna.

34. Seug tanggah ka langit, bari ngarenghap, geus kitoe dilahiran kijeu: Epata, tĕgĕsna: Geura boeka!

35. Sapada-harita tjeulina boeka, djeung tatali letahna oedar, sarta bentes ngomongna.

36. Ladjĕng djalma teja pada ditimbalan papatjoewan oelah dibedjakeun ka sahasaha; tatapi sakoemaha ditimbalanana ge, eta beuki angot ngoetarakeunana.

37. Sarta liwat-saking nja pada hareugeueun, ari aromongna: Sadaja padamĕlanana hade pisan; anoe torek koe andjeunna dipaparin sina ngadenge, ari noe bisoe disina bisa ngomong.

PASAL 8.

Mangsa eta, keur waktoe loba katjida djalma, sarta teu barogaeun pihakaneunana, ladjĕng Jesoes njaoer moerid-moeridna, sarta dilahiran kijeu:

2. Kami liwat-saking nja watir ka eta djalma-djalma; sabab ajana di kami geus meunang tiloe poë, sarta teu barogaeun pihakaneunana.

3. Saoepama koe kami dipiwarang moelang tatjan dadaharan mah, tangtoe maropo di djalan; karana noe sawareh datangna djaoeh.

4. Ari wangsoelan moerid-moeridna: Ti mana atoeh nja pimeunangeun pikeun miscubeuhan eta djalma-djalma koe roti di dijeu di tĕgal?

5. Ladjĕng dipariksa: Sabaraha siki maraneh boga roti? Pioendjoekna: Soemoehoen toedjoeh.

6. Tidinja eta djalma-djalma dipiwarang darijoek dina taneuh. Geus kitoe njandak roti noe toedjoeh siki, seug moedji soekoer, tidinja pek disĕmplekan, bari toeloej dipaparinkeun ka moerid-moeridna, sina disodorkeun; prak disodorkeun ka eta djalma-djalma.

7. Djeung deui moerid barogaeun laoek lalĕmboet sa-

eutik; ari eta koe Jesoes geus diběrkahan, timbalanana koedoe koe moerid-moerid disodorkeun deui.

8. Toeloej pada dadaharan, sarta datang ka sareubeuheun; děmi geus kitoe diparoeloengan sesana beunang njěmplekan, meunang toedjoeh karandjang.

9. Ari noe geus dadaharan teja, antara opat reboe djalma. Ladjěng bae diboebarkeun.

10. Waktoe harita keneh Jesoes nitihan parahoe, diiring koe moerid-moeridna, ladjěng soemping ka bilangan Dalmanoeta.

11. Ari geus kitoe ahli parisi baridjil, seug ngamimitian madoean ka Jesoes, pada menta tanda ti langit, karěpna ngadodja.

12. Ladjěng Jesoes ngarahoeh di djěro manahna, bari ngalahir: Naha bangsa ijeu teh wět menta tanda? Satěměnna, kami ngalahir ka maraneh: boloampar teuing bangsa ijeu teh dipaparin tanda!

13. Seug bae koe andjeunna ditilar, sarta nitihan parahoe deui, ladjěng lajar ka peuntas.

14. Ari moerid-moeridna parohoëun mawa roti, hanteu aja naon-naon di djěro parahoe ngan roti sasiki bae.

15. Kalěrěsan Jesoes nimbalan ka darinja, kijeu lahirna: Masing hade-hade, koedoe njěgah kana ragi ahli parisi, djeung kana ragi Herodes.

16. Děmi eta pada babadamian djeung batoerna, kijeu pokna: Noe matak kitoe, tina sabab oerang hanteu mawa roti.

17. Ari Jesoes teh waspaoseun hal eta, ladjěng ngalahir ka darinja kijeu: Naha maraneh wět babadamian jen hanteu mawa roti? Koetan maraneh teh tatjan těrang djeung hanteu ngaharti? Naha maraneh masih keneh mawa teuas hate?

18. Boga panon hanteu nendjo, boga tjeuli teu ngadenge? karah hanteu ingět pisan?

19. Mangsa kami njěmplekan roti lima siki keur ka djalma lima reboe teja, geuning noe dipoeloengan koe maraneh sabaraha karandjang pinoeh koe sesa beunang njěmplekan? Ari pioendjoekna: Soemoehoen doewa wělas.

20. Kitoe deui mangsa kami njěmplekan noe toedjoeh siki keur ka djalma opat reboe teja, geuning noe dipoeloengan koe maraneh sabaraha karandjang pinoeh koe sesa beunang njěmplekan? Ari pioendjoekna: Soemoehoen toedjoeh.

21. Lahiranana deui ka darinja: Naha maraneh teu ngaharti keneh?

22. Ladjĕng soemping ka Betsaida. Geus kitoe aja noe njaranggakeun hidji djalma noe lolong, ari panoehoenna moegi andjeunna njabak ka dinja.

23. Toeloej ditjandak leungeunna noe lolong teh, sarta ditoejoen ka loewar ti djĕro eta desa; seug diloedahan panonna, bari dirina ditoempangan panangan, ladjĕng dipariksa aja noe katendjo atawa hanteu?

24. Seug eta teh beunta, sarta oendjoekan: Koering nendjo djalma, karana noe katendjo koe koering teh kawas tatangkalan, laleumpang.

25. Tidinja panonna ditoempangan deui panangan, seug dipiwarang beunta. Toeloej tjageur, sakabehna katendjo, sarta awaseun pisan.

26. Ladjĕng koe Jesoes dipiwarang moelang, ari lahiranana: Papatjoewan maneh oelah asoep ka desa, djeung oelah dibedjakeun ka saha-saha di djĕro desa teh.

27. Dĕmi geus kitoe Jesoes angkat djeung moerid-moeridna ka desa-desana Kesarea Pilipi. Eukeur di djalan mariksakeun ka moerid-moeridna, kijeu lahirna: Koemaha tjĕk omong djalma-djalma, kami teh saha?

28. Ari wangsoelanana: Tjĕk sawareh jen Johannes toekang ngabanjoe; tjĕk anoe sedjen jen Elias; tjĕk noe sedjen deui mah jen salah-sahidji tina para nabi.

29. Ladjĕng ngalahir deui ka darinja: Ari maraneh mah, tjĕk maraneh kami saha? Pok Petroes ngawangsoel, kijeu pioendjoekna: Andjeun teh Kristoes!

30. Seug eta pada ditimbalan bangĕt pisan, poma oelah bebedja pĕrkara andjeunna ka saha-saha.

31. Tidinja andjeunna ngamimitian ngawoeroek ka moerid-moerid, jen Poetra manoesa teh koedoe pirang-pirang njandang sangsara, sarta ditampik koe para kokolot, djeung koe para panghoeloe agoeng, djeung koe ahli-ahli kitab, sarta bakal dipaehan, dĕmi geus meunang tiloe poë tanghi deui.

32. Ari eta kasaoeran teh dilahirkeunana koe Jesoes sagĕblasna bae. Geus kitoe andjeunna koe Petroes dibantoen njingkoer, bari seug dipepelingan.

33. Dĕmi Jesoes malik, ningali ka moerid-moeridna, sarta njeuseul ka Petroes, lahiranana: Eh setan, geura los ka toekangeun kami! karana maneh teu ngingĕtkeun pĕrkara noe ti Allah, ngan anoe ti djalma bae.

34. Ladjĕng njaoer djalma-djalma teja, barĕng moerid-moeridna, seug dilahiran kijeu: Lamoen aja djalma dek anoet ka kami, koedoe njĕgah karĕp sorangan, djeung koedoe manggoel kai-dipalang adjangna, toeloej anoet ka kami.

35. Karana saha-saha noe dek ngarahajoekeun ka njawana, bakal kaleungitan koe njawana; sabalikna saha-saha noe kaleungitan koe njawana tina sabab kami, djeung tina sabab Indjil, eta noe bakal rahajoe njawana.

36. Sabab naon pigaweëunana di djalma, kaoentoengan saalam-doenja, lamoen meunang roegi njawana mah?

37. Sarta rek mere naon djalma pikeun nĕboesan njawana?

38. Karana saha-saha djalma mikaera ka kami djeung ka pangwoeroek kami, aja di bangsa ijeu noe ranjedan reudjeung doraka, eta Poetra manoesa mangke kitoe deui mikaera ka dinja, mangsa soemping bari nganggo kamoeljaan Ramana, diiring koe para malaikat saroetji.

PASAL 9.

Ngalahir deui Jesoes ka darinja: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, djalma noe narangtoeng di dijeu sawareh moal pingarasaeun maot samemehna narendjo karadjaan Allah teh dongkap sarta poharana.

2. Sanggeus meunang gĕnĕp poë Jesoes njandak Petroes, Jakoboes djeung Johannes, ladjĕng dibantoen naek ka goenoeng anoe loehoer, woengkoel eta bae. Geus kitoe andjeunna salin roepana, katendjo koe moerid.

3. Ari panganggona djadi gilap, ngĕplak pisan sapĕrti saldjoe; di boemi teu aja toekang njeuseuh noe bisa ngabodaskeun tjara kitoe.

4. Toeloej nembongan ka darinja Elias reudjeung Moesa, keur sasaoeran djeung Jesoes.

5. Seug Petroes hatoeran, kijeu pioendjoekna ka Jesoes: Noen Rabi, sae pisan aja di dijeu teh; simkoering moegi idinan njarijeun tiloe saoeng, anoe hidji bade andjeun, noe hidji bade nabi Moesa, sarĕng noe hidji deui bade nabi Elias.

6. Sabab teu njahoëun Petroes teh di omongna sorangan; wantoe-wantoe rareuwaseun.

7. Tidinja datang mega, ngaoeban ka sadajana; sarta aja gĕntra di djĕro eta mega, kijeu pangandikana: Ijeu teh Poetra kami noe kaasih; masing pada ngagoegoe ka dinja!

8. Ngagĕntak pada loewak-

lijeuk, teu aja noe katendjo hidji-hidji atjan, ngan Jesoes njalira, sasarĕngan djeung maranehanana.

9. Mangsa keur laloengsoer ti goenoeng, eta pada ditimbalan koe Jesoes, hal pĕrkara noe geus katarendjo papatjoewan oelah ditjaritakeun ka saha-saha, kadjaba dimana Poetra manoesa teh geus tanghi ti noe maraot.

10. Ari eta pilahir teh pada njatĕt dina ati, sarta silihtanja djeung batoerna koemaha tĕgĕsna tanghi ti noe maraot.

11. Tidinja pada naros ka andjeunna, kijeu pioendjoekna: Koemaha ari tjarek ahli-ahli kitab mah jen moedoe soemping heula Elias?

12. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna: Geus katangtoean pisan eta Elias bakal soemping heula, sarta bakal ngadĕgkeun deui saniskarana. Djeung koemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab tina hal Poetra manoesa? Koedoe pirang-pirang njandang sangsara, sarta dihihina.

13. Tatapi kami ngalahir ka maraneh, Elias ĕnggeus soemping tamah, ari eta djalma geus pada ngalampahkeun ka dinja sakarĕp-karĕpna bae, sapĕrti pĕrkara noe geus dioengĕlkeun dina Kitab.

14. Mangsa Jesoes soemping ka moerid-moerid, ningali eta keur dirarijoeng koe djalma loba, sarta aja ahli kitab maradoean.

15. Sapada-harita eta sakabehna djalma teh, barang narendjo ka Jesoes, pada njĕblak, seug maroeroe ngadeuheusan, sarta ngaroendjoengan.

16. Geus kitoe Jesoes mariksa ka ahli kitab teh: Madoekeun naon maraneh djeung eta?

17. Pok sahidji djalma ti noe loba ngawangsoel, kijeu pioendjoekna: Noen Goeroe, simkoering geus ngabantoen poen anak lalaki, soemĕdja disanggakeun ka andjeun; eta kaasoepan soekma bisoe;

18. Sarĕng di mana bae ditjĕkĕlna koe soekma teh, eta dirĕrĕdjet, seug ngaboedah, bari kĕkĕrotan hoentoena, sarta beuki ngabĕgangan. Simkoering geus poepoelih ka moerid andjeun, nĕda dipangkaloewarkeun soekma teh, nanging teu barisaeun.

19. Ladjĕng Jesoes ngalahir, kijeu lahirna ka darinja: Eh bangsa noe teu pĕrtjaja, sabaraha pililaeunana deui kami koedoe ngareudjeungan ka maraneh? sabaraha lilana deui kami koedoe sabar ka maraneh teh? Geura kadijeukeun bae eta teh ka kami!

20. Seug toeloej disang-

gakeun. Ana nendjo ka Jesoes, pada-harita diboentang-banting koe soekma teh, bloeg laboeh kana taneuh gĕdĕbag-gĕdĕboeg, sarta ngaboedah.

21. Jesoes ladjĕng mariksa ka bapana: Geus sabaraha lawasna eta kataradjang noe kitoe teh? Ari oendjoekanana: Soemoehoen ti boeboedakna.

22. Malah geus rĕmĕn pisan koe soekma digoebroeskeun kana seuneu, kana tjai nja kitoe deui, ngarah tiwasna. Manawi andjeun ijasa, moegi-moegi aja sih-piwĕlas ka simkoering sarĕng ka poen anak, moegi maparin pitoeloeng!

23. Lahiran Jesoes ka dinja: Lamoen maneh bisa pĕrtjaja; ari djalma noe pĕrtjaja mah saniskara oge beunang bae.

24. Harita keneh bapana boedak teh mioendjoek sarta bĕdas, bari ragragan tjimata, kijeu pioendjoekna: Noen Goesti, simkoering pĕrtjaja pisan; moegi noeloeng kana kateu-pĕrtjajaan simkoering!

25. Ari katingali koe Jesoes djalma-djalma moeroeboel, enggal soekma nadjis teh disaoeran, kijeu lahirna ka dinja: Eh soekma nja bisoe nja torek, kami nitah ka maneh, geura ka loewar ti boedak, sarta oelah njoeroep-njoeroep deui ka dinja!

26. Geus kitoe soekma teh djĕdjĕritan, sarta boedak hantĕm bae diboentang-banting, bari toeloej ka loewar. Ari boedak teja kawas paeh bae, wani tjĕk noe reja mah geus ninggal.

27. Tidinja koe Jesoes ditjandak leungeunna, sarta dihoedangkeun; neut toeloej hoedang.

28. Mangsa Jesoes geus soemping ka imah, ditaros koe moerid ngan sabatoer-batoerna bae: Koemaha noe mawi simkoering mah hanteu bisa ngaloewarkeun eta teh?

29. Lahiranana ka darinja: Ari bangsa eta mah hanteu aja noe matak ka loewar, ngan koe lantaran nĕnĕda reudjeung poewasa.

30. Ladjĕng arangkat ti dinja, ngaliwat ka Galilea; ari kĕrsa Jesoes oelah aja noe nganjahoankeun.

31. Sababna keur ngawoeroek ka moerid-moeridna, ari lahiranana ka dinja: Poetra manoesa teh bakal diselehkeun ka leungeun djalma-djalma, sarta koe eta toeloej dipaehan; dĕmi sanggeusna dipaehan, pitanghieun deui di poë noe katiloe.

32. Ari moerid hanteu pisan ngahartieun ka pilahir bijeu; arek naros da aladjriheun.

33. Geus kitoe dongkap ka Kapernaoem. Sasoempingna ka boemi, ladjĕng Jesoes ma-

riksa ka moerid-moerid: Marĕboetkeun pĕrkara naon maraneh di djalan?

34. Dĕmi eta rarepeh bae, sababna noe diparĕboetkeun djeung batoer di djalan, nja anoe mana teja noe pangoentjoelna.

35. Ladjĕng Jesoes linggih, anoe doewa wĕlas teja seug disaoer, sarta dilahiran kijeu: Satijap-tijap djalma hajang ti heula, tangtoe bakal pangpandeurina ti sakabeh, sarta djadi badegana noe sakabeh.

36. Tidinja njandak hidji boedak leutik, diteundeun di tĕngah-tĕngah moerid, sarta dirangkoel, seug bari ngalahir ka maranehanana:

37. Saha-saha anoe ngakoe ka sahidji boedak leutik tjara kijeu, tina sabab djĕnĕngan kami, nja eta djalma ngakoe ka kami; sarta ari noe ngakoe ka kami, nja eta ĕnjana mah lain ngakoe ka kami, istoening ngakoe ka noe geus miwarang kami.

38. Pok Johannes oendjoekan, kijeu pioendjoekna: Noen Goeroe, simkoering geus pada nendjo hidji djalma noe ngaloewarkeun setan-setan koe njĕbat djĕnĕngan andjeun, doepi eta hanteu miloe ngiring; ari koe simkoering sadaja digeunggeureuhkeun, doemeh hanteu miloe ngiring.

39. Dĕmi lahiran Jesoes: Eta oelah digeunggeureuhkeun. Sabab hanteu aja djalma njijeun kamatihan koe njĕboet djĕnĕngan kami, seug tereh-tereh ngoepat diri kami.

40. Karana ari noe teu ngalawan ka oerang, nja eta ngabantoean.

41. Karana saha-saha ka maraneh mere nginoem tjai saloemoer, tina sabab djĕnĕngan kami, sapedah maraneh anoe Kristoes, satĕmĕnna kami ngalahir ka maraneh, eta hamo loepoet gandjaranana.

42. Djeung saha-saha anoe matak titadjong ka ijeu salah-sahidji noe laleutik, noe pĕrtjaja ka kami, eta djalma mĕnding keneh dibangbaloehan koe batoe panggilingan beuheungna, toeloej dibalangkeun ka laoet.

43. Djeung deui oepama leungeun maneh matak titadjong ka maneh teh, geura potong. Mĕnding maneh asoep kana hiroep bari boentoeng, ti batan boga doewa leungeun, asoep ka naraka, kana seuneu noe teu beunang dipareuman;

44. Di dinja tjatjingna hanteu paeh, seuneuna hanteu pareum.

45. Sarta oepama soekoe maneh matak titadjong ka maneh teh, geura potong. Mĕnding maneh asoep kana hiroep bari dejog, ti batan

boga doewa soekoe, dialoengkeun ka naraka, kana seuneu noe teu beunang dipareuman;

46. Di dinja tjatjingna hanteu paeh, seuneuna hanteu pareum.

47. Kitoe deui oepama panon maneh matak titadjong ka maneh teh, geura tjoplokkeun. Měnding maneh asoep kana karadjaan Allah boga panon ngan sabeulah, ti batan boga doewa panon, dialoengkeun kana seuneu naraka;

48. Di dinja tjatjingna hanteu paeh, seuneuna hanteu pareum.

49. Karana hidji-hidji djalma koedoe dioejahan koe seuneu, sarta saban-saban koerban koedoe dioejahan koe oejah.

50. Ari oejah teh hade; tatapi lamoen oejah laas pangsetna, dek make naon maraneh soepajana sina sarian deui? Masing boga oejah di djěro diri maraneh, sarta koedoe sing rapih djeung batoer.

PASAL 10.

Geus kitoe Jesoes djěngkar ti dinja, soemping kana wěwěngkěran Joedea, djalanna ka peuntaseun Tji-jordan. Tidinja djalma-djalma koempoel deui ngadareuheusan, sarta sakoemaha adatbijasa andjeunna eta pada diwoeroek deui.

2. Geus kitoe ahli parisi ngadareuheusan, sarta naros ka Jesoes, djalma kawidian njěrahkeun pamadjikan atawa hanteu? ari karěpna ngadodja.

3. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka eta djalma: Koemaha noe geus didawoehkeun ka maraneh koe Moesa?

4. Ari pihatoerna: Moesa geus ngawidian noeliskeun soerat panalak, seug toeloej disěrahkeun.

5. Ngalahir deui Jesoes, kijeu lahirna: Ari Moesa noe matak noeliskeun dawoehan kitoe pikeun maraneh, tina sabab kateuasan hate maraneh;

6. Děmi ti mimitina ngadjadikeun doenja, eta koe Allah didamël salaki djeung pamadjikanana.

7. Koe sabab eta djalma bakal ninggalkeun indoengbapana, toeloej ngarakětan ka pamadjikanana;

8. Ari eta doewanana bakal djadi sadaging. Anoe matak geus hanteu doewa, istoening ngan sadaging bae.

9. Manana anoe geus dirangkěpkeun koe Allah, oelah dipisahkeun koe djalma.

10. Ari di imah moeridmoeridna pada naroskeun deui eta pěrkara.

11. Ari lahiran Jesoes ka

moerid: Saha-saha noe njĕrahkeun pamadjikanana, toeloej ngawin ka noe sedjen, eta hoekoemna mangranjedkeun.

12. Djeung oepama awewe pĕgat ti salakina, toeloej lakian ka noe sedjen, eta hoekoemna ngaranjed.

13. Toeloej aja noe njaranggakeun baroedak leutik ka Jesoes, soepaja koe andjeunna moegi diragap; dĕmi noe njaranggakeun koe moerid-moerid dihoelag.

14. Barang ningali kitoe, Jesoes bĕndoe, sarta moerid dilahiran kijeu: Eta baroedak sina njalampeurkeun ka kami, oelah dipĕgatan, karana nja anoe kitoe ngabogaan karadjaan Allah teh.

15. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: Saha-saha noe hanteu narima kana karadjaan Allah, tjara koe boedak leutik ditarimakeunana, eta moal piasoepeun ka djĕrona.

16. Ladjĕng koe andjeunna pada dirangkoel, sarta ditaroempangan panangan, bari dibĕrkahan.

17. Barang Jesoes djĕngkar ka djalan, djĕboel hidji djalma noe ngadeuheusan, toeloej tapak-toeoer di pajoeneunana, sarta naros ka andjeunna kijeu: Noen Goeroe anoe sae, simkoering koedoe migawe naon, soepaja kawaris hiroep noe langgĕng?

18. Ari lahiran Jesoes ka eta djalma: Naha maneh mana njĕboetkeun hade ka kami? hanteu aja noe hade, ngan hidji bae, nja Allah.

19. Maneh geus njaho kana timbalan kijeu teja: Maneh oelah ngaranjed; maneh oelah maehan; maneh oelah maling; maneh oelah mitĕnah; maneh oelah njijeun karoegian ka saha bae; koedoe masing hormat ka bapa sarta ka indoeng maneh.

20. Ngawangsoel djalma teh, kijeu pioendjoekna: Noen Goeroe, nja eta pisan sadajana anoe diestikeun koe simkoering ti boeboedak.

21. Ladjĕng eta teh dipĕlĕng koe Jesoes, sarta djadi asiheun ka dinja; ari lahiranana: Aja hidji deui kakoerangan maneh: geura bral balik, djoewalan sakabeh babandaan maneh, geus kitoe bikeunan ka noe mariskin; maneh teh tangtoe boga radja-brana di sawarga; tidinja maneh ka dijeu, toeloej ngiring ka kami, bari manggoel kai-dipalang.

22. Dĕmi eta djalma kabingoengan tina pilahir kitoe, toeloej bae moelang bari nalangsa, karana loba pisan barang-barangna.

23. Tidinja Jesoes roeroet-

reret, sarta ngalahir ka moerid-moeridna: Nja hese djalma noe boga banda dek asoep kana karadjaan Allah!

24. Ari moerid-moerid hareraneun tina pilahir andjeunna noe kitoe. Dĕmi Jesoes ngalahir deui, kijeu lahirna ka darinja: Eh baroedak, hese pisan djalma noe ngandĕl ka banda, dek asoep kana karadjaan Allah teh!

25. Eta leuwih babari onta montjor kana lijang djaroem, ti batan anoe beunghar asoep kana karadjaan Allah mah.

26. Dĕmi moerid teh pada tambah hareugeueun, sarta ngaromong kijeu djeung batoerna: Lamoen kitoe mah, saha atoeh anoe pisalamĕteun?

27. Ari koe Jesoes pada dipĕlĕng, sarta bari ngalahir: Di lĕbah djalma eta teh moestahil, tatapi di Allah mah hanteu; karana moenggoeh di Allah mah saniskara oge ijasaeun.

28. Pok Petroes oendjoekan: Simkoering mah geus pada ninggalkeun ka saniskantĕn, sarĕng toeloej ngiring ka andjeun.

29. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: taja pisan djalma noe geus ninggalkeun imah, atawa doeloer lalaki, atawa doeloer awewe, atawa bapa, atawa indoeng, atawa pamadjikan, atawa anak, atawa sawah-kĕbon, tina sabab kami sarta tina sabab Indjil,

30. Anoe moal pinampaeun deui saratoes patikĕlaneun, di djaman ajeuna imah, djeung doeloer lalaki, djeung doeloer awewe, djeung indoeng, djeung anak, djeung sawah-kĕbon, sarta djeung dikanijaja, ari mangke di aherat mah hiroep noe langgĕng teja.

31. Tatapi loba djalma anoe pangheulana bakal djadi pangpandeurina, ari noe pangpandeurina bakal djadi pangheulana.

32. Dĕmi harita eukeur di djalan, ngadjoegdjoeg ka Jĕroesalem, ari Jesoes angkatna ti heula, sarta moerid-moerid heraneun, pada ngiring bari rarisieun. Tidinja noe doewa wĕlas teh koe Jesoes ditjandak deui sasarĕngan, bari ditjarijosan sakoer anoe pinjorangeun ka salira andjeunna;

33. Kijeu: Ajeuna oerang leumpang ka Jĕroesalem, sarta Poetra manoesa bakal diserenkeun ka para panghoeloe agoeng, djeung ka ahli-ahli kitab, ari koe eta bakal dihoekoem paeh, sarta toeloej diselehkeun ka oerang kapir;

34. Djeung bakal koe eta diparojok, sarta dirangket, djeung ditjaridoehan, geus kitoe toeloej dipaehan; dĕmi di poë noe katiloe tanghi deui.

35. Geus kitoe Jakoboes djeung Johannes, poetra Sĕbĕdeoes teja, ngadareuheus ka Jesoes, kijeu oendjoekanana: Noen Goeroe, simkoering hajang moegi dipidamĕl sakoemaha anoe rek disoehoenkeun koe simkoering.
36. Ari lahiranana ka dinja: Kahajang maraneh teh dikoemahakeun koe kami?
37. Ari pioendjoekna: Simkoering moegi diwidian bakal dijoek noe hidji ti tĕngĕneun, noe hidji deui ti kiwaeun andjeun, dina kamoeljaan salira andjeun.
38. Dĕmi Jesoes ngalahir ka dinja: Maraneh hanteu njaho ka noe dipikahajang koe maraneh teh. Koemaha maraneh kadoega nginoem loemoer noe diinoem koe kami, sarta dibanjoean koe pangbanjoe, noe dibanjoekeun ka kami?
39. Ari pioendjoekna: Soemoehoen simkoering kijat. Lahiran Jesoes ka darinja: Ĕnja maraneh teh bakal nginoem loemoer noe diinoem koe kami, kitoe deui bakal dibanjoean koe pangbanjoe noe dibanjoekeun ka kami;
40. Tatapi ari dijoek kentjakatoehoeëun kami mah, lain pipĕrnaheun kami ngidinan; ari pibeunangeunana teh nja koe noe geus ditjawisan.
41. Barang kadenge koe noe sapoeloeh, toeloej ngarewaeun ka Jakoboes djeung Johannes.
42. Ari koe Jesoes pada disaoer, sarta dilahiran kijeu: Eta maraneh geus njaho, jen anoe diakoekeun radja sagala bangsa, pada marentah ka sabangsa-bangsana, sarta gĕgĕdenna pada njangking kawasa ka dinja.
43. Tatapi lĕbah maraneh mah oelah kitoe pĕtana; bĕnĕrna saha-saha di lĕbah maraneh anoe hajang gĕde, eta koedoe koemawoela ka maraneh;
44. Djeung saha-saha di lĕbah maraneh anoe hajang pangheulana, eta koedoe ngabadega ka sakabeh.
45. Sapĕrti Poetra manoesa ge pangsoempingna lain malar dikawoelaan, istoening soepaja ngawoela, sarta njĕrahkeun njawana pikeun panĕboes djalma noe loba.
46. Ladjĕng saroemping ka Jeriko. Ari keur mangsa Jesoes boedal ti Jeriko, diiring koe moerid-moeridna, sarta koe djalma loba katjida, beh anak Timeoes, ngaran Bartimeoes noe lolong, dijoek di sisi djalan bĕrmaen.
47. Barang ngadenge jen aja Jesoes, oerang Nasaret, seug sasambat, kijeu pokna: Noen Jesoes, Poetra Dawoed,

moegi aja sih-piwĕlas ka diri koering!

48. Ari manehanana teh reja noe njaram, sina repeh; tatapi anggoer beuki ngahantĕm sasambatna: Noen Poetra Dawoed, moegi aja sih-piwĕlas ka diri koering!

49. Ladjĕng Jesoes liren, timbalanana eta djalma koedoe ditjĕloekan. Seug pada njĕloekan ka noe lolong teh, bari ngaromong ka dinja: Masing gĕde hate, geura indit, maneh disaoer.

50. Toeloej eta ngoetjoelkeun haroedoemna, neut indit, seug ngadeuheusan ka Jesoes.

51. Ngalahir Jesoes, kijeu lahirna ka dinja: Kahajang maneh teh dikoemahakeun koe kami? Ari pioendjoek noe lolong teh: Noen Raboeni, moegi koering bisa nendjo!

52. Lahiran Jesoes ka dinja: Geura moelang bae, maneh geus ditoeloeng koe kapĕrtjajaan maneh. Harita keneh ge nendjo, seug toeloej ngiring ka Jesoes di djalan.

PASAL 11.

Mangsa geus dareukeut ka Jĕroesalem, pĕlĕbah Betpage djeung Betania, di goenoeng Djetoen, ladjĕng Jesoes miwarangan doewa moerid,

2. Ari lahiranana ka eta kijeu: Bral geura leumpang ka desa noe di hareupeun; barang asoep ka dinja, harita tangtoe manggih hidji anak kalde ditjangtjang, tatjan aja noe noempakan inja; nja eta koedoe dilaan, seug bawa.

3. Oepama aja noe ngomong ka maraneh: Koe naon milampah kitoe? koedoe poepoelihkeun jen eta rek dianggo koe Goesti; tanwande harita ge diijangkeun ka dijeu.

4. Tidinja bral eta leumpang, seug kapanggih anak kalde teh, ditjangtjang deukeut panto, di loewar dina loeloeroeng; pek dilaan.

5. Ari djalma noe narangtoeng di dinja, sawareh ngomong ka moerid teh: Koe naon maraneh, noe matak ngalaan eta anak kalde?

6. Toeloej moepoelihkeun ka eta djalma sakoemaha timbalan Jesoes teja, ari koe eta teh tidinja diantĕp bae.

7. Geus kitoe anak kalde teh koe moerid ditoengtoen ka Jesoes, sarta diroengkoep koe papakeanana; ladjĕng koe Jesoes dititihan.

8. Sarta reja djalma noe ngalamparkeun papakeanana di djalan, ari noe sawareh naroetoehan palapah tina tangkal-tangkal, dipake ngaroengkoepan djalan.

9. Ari djalma noe leumpang ti pajoeneun djeung noe ti poengkoereun pada soerak,

kijeu pokna: Hosanna! Sing salamĕt anoe soemping koe padjĕnĕngan Pangeran!

10. Sing salamĕt karadjaan Dawoed, rama oerang, noe dongkap koe padjĕnĕngan Pangeran! Hosanna di ĕnggon loehoer!

11. Geus kitoe Jesoes soemping ka Jĕroesalem, ladjĕng lĕbĕt ka djĕro kabah; dĕmi sakabehna geus diidĕr ditingalian, ka loewar deui doemeh geus boerit, ladjĕng angkat ka Betania djeung noe doewa wĕlas teja.

12. Ari isoekna, waktoe arangkat ti Betania, andjeunna palajeun toewang.

13. Beh ti kadjaoehan ningali hidji tangkal kondang noe daoenan, ladjĕng dideukeutan, soegan mĕndak aja dahareunana. Dĕmi geus dongkap ka dinja, teu mĕndak ngan woengkoel daoen bae; karana hanteu oesoem kondang.

14. Geus kitoe Jesoes ngalahir, kijeu lahirna ka eta: Hamo aja deui noe ngahakan boewah maneh salalanggĕngna! Ari moerid-moeridna pada ngadenge pilahir kitoe.

15. Ladjĕng saroemping ka Jĕroesalem. Sanggeusna Jesoes lĕbĕt ka djĕro kabah, seug mimiti ngaboedalkeun sakoer noe djoewal-meuli di djĕro kabah; ari medja-medja toekang naroekeuran doewit, djeung pangdijoekan sakoer noe ngadjaroewal djapati koe andjeunna dibalik-balikkeun;

16. Sarta teu ngidinan aja noe mawa parabot djalan ka djĕro kabah.

17. Toeloej ngawoeroek, kijeu lahirna ka darinja: Lain geus dioengĕlkeun dina Kitab: Gĕdong kami bakal disĕboetkeun gĕdong paragi nĕnĕda pikeun sakabehna bangsa? dĕmi koe maraneh mah didjijeun goeha begal.

18. Ari ahli-ahli kitab djeung para panghoeloe agoeng ngadarenge eta pilahir, sarta toeloej narejangan djalan dek maehan ka Jesoes; karana rarisieun koe andjeunna, doemeh sakabehna djalma pada hareugeueun koe piwoeroekna.

19. Geus boerit andjeunna ka loewar ti nagara.

20. Barang ngaliwat isoekisoek kataringali tangkal kondang teja geus garing ti sĕmĕt akarna.

21. Ari Petroes ras ingĕteun, seug oendjoekan ka Jesoes: Toeh Rabi, tangkal kondang noe disapa koe andjeun teja, garing.

22. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka darinja: Sing pĕrtjaja ka Allah!

23. Karana satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: sahasaha ngomong ka ijeu goe-

noeng: Geura djoeng, ngoentjloengkeun maneh ka laoet; sarta hanteu tjangtjaja dina hate, estoe pĕrtjaja jen saomonganana teh bakal djadi, eta tangtoe tinĕkanan saomonganana.

24. Koe sabab eta kami ngalahir ka maraneh: saniskara noe disoehoenkeun koe maraneh dina panĕda, sing pĕrtjaja jen bakal katampa koe maraneh, ari kitoe mah tangtoe tinĕkanan.

25. Djeung samangsa maraneh ngadĕg nĕnĕda, moen boga kangewa ka hidji djalma, geura hampoera, soepaja Rama maraneh noe linggih di sawarga, kitoe deui ngahampoera kana kasalahan diri maneh.

26. Sabalikna ari maraneh hanteu ngahampoera mah, Rama maraneh noe linggih di sawarga, kitoe deui moal ngahampoera kana kasalahan diri maneh.

27. Ladjĕng saroemping deui ka Jĕroesalem. Mangsa Jesoes keur angkat-angkatan di djĕro kabah, djĕboel para panghoeloe agoeng djeung ahli-ahli kitab sarta djeung para kokolot njalampeurkeun ka andjeunna,

28. Sarta misaoer kijeu: Sampejan pangmidamĕl pĕrkara kitoe teh koe kawasa naon? djeung saha noe ngawasakeun ka sampejan, noe matak ngadamĕl kitoe teh?

29. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka eta teh: Malah kaoela ge dek nanja sakĕtjap ka sarampejan; tjoba geura walon ka kaoela; ari kitoe mah kaoela ge sĕdja bebedja ka sarampejan tina hal kawasa noe matak kaoela migawe pĕrkara kitoe.

30. Ari pangbanjoe Johannes asalna ti sawarga atawa ti manoesa? Tjoba geura walon ka kaoela.

31. Geus kitoe eta badami djeung batoerna, kijeu pokna: Oepama oerang ngadjawab: Ti sawarga, meureun kijeu omongna: Lamoen kitoe mah koe naon mana hanteu pĕrtjaja ka dinja?

32. Ari dek ngadjawab: Ti manoesa, da sijeun koè djalma-djalma; karana sakabeh pada ngakoe ka Johannes jen estoe nabi.

33. Geus kitoe pada ngadjawab, kijeu saoerna ka Jesoes: Doeka teuing, kaoela mah teu njaho. Ngalahir Jesoes, kijeu lahirna ka darinja: Lamoen kitoe mah kaoela ge moal ngabedjakeun ka sarampejan tina hal eta kawasa noe matak kaoela migawe pĕrkara kitoe.

PASAL 12.

Ladjĕng Jesoes ngalahir ka eta djalma koe misil, kijeu:

Aja hidji djalma njijeun kĕbon anggoer, dipagĕr sakoerilingna, djeung noegar njijeun bak pamĕrĕsan anggoer, sarta njijeun papanggoengan; toeloej eta kĕbon disewakeun ka ahli-ahli ngĕbon, geus kitoe njaba ka nagara sedjen.

2. Dĕmi geus oesoemna, nitahan hidji badega ka ahli ngĕbon teja, pikeun nampa ti ahli ngĕbon tina beubeunangan kĕbon anggoer.

3. Ari koe eta seug ditjĕkĕl bari diteunggeulan, sarta disina balik lengoh.

4. Sanggeus kitoe nitahan deui ka dinja hidji badega sedjen; dĕmi eta dibaledogan koe batoe sirahna, wani raraheut, sarta disina balik, bejak dihinakeunana.

5. Tidinja nitahan deui noe sedjen, toeloej dipaehan; djeung reja-reja deui sadjaba ti dinja, noe sawareh diteunggeulan, noe sawareh deui dipaehan.

6. Dĕmi eta boga keneh hidji poetra kaasih, ahirna nja eta drititah ka dinja, saoerna: Ari koe anak aing mah meureun arisineun.

7. Tatapi tjĕk ahli ngĕbon teja ngaromong djeung batoerna: Geuning eta mah ahli-warisna; hajoe oerang paehan bae, ari warisanana adjang oerang.

8. Pek ditjĕkĕl, toeloej dipaehan, ditotogkeun ka loewar ti kĕbon anggoer.

9. Ari noe boga kĕbon anggoer teja bakal koemaha? Tangtoe datang ngabasmi ka eta ahli ngĕbon, ari kĕbon-anggoerna tangtoe diselehkeun ka noe sedjen.

10. Naha koe sarampejan malah noe kijeu teja ge dina Kitab tatjan kaadji: Batoe noe geus dipitjeun koe toekang njarijeun imah teh, nja eta pisan noe geus didjadikeun pamageuh djoeroe;

11. Koe Pangeran eta dipĕtakeun kitoe teh, sarta matak helok ka tetendjoan kaoela sadaja?

12. Geus kitoe eta narejangan djalan dek nangkĕp ka Jesoes, tatapi sijeuneun koe djalma reja; karana geus pada kasoertieun pangalahirkeunana Jesoes misil teja malindĕs ka daririna. Toeloej bae arindit, Jesoes ditinggalkeun.

13. Tidinja nitahan ka Jesoes sawareh ahli parisi djeung djalma Herodes, soepaja sina ngaringkoes ka andjeunna koe lahirna.

14. Eta seug daratang, sarta oendjoekan ka andjeunna kijeu: Noen Goeroe, simkoering geus pada tĕrang andjeun teh estoe pisan, sarĕng hanteu padoeli ka saha-saha, karana andjeun hanteu ningal-ningal kana roepa djal-

ma, istoening ngawoeroekkeun djalan Allah reudjeung sajaktosna: Koemaha, widi njanggakeun oepĕti ka praboe, oetawi hanteu? Kĕdah njanggakeun simkoering teh, atanapi montong njanggakeun?

15. Ari Jesoes, doemeh oeningaeun kana kapoerapoeraanana, ladjĕng ngalahir ka eta djalma kijeu: Naha maraneh wĕt ngadodja ka kami? Tjik kami geura pangnjokotkeun wang dinar sahidji, soepaja kami nendjo.

16. Geus kitoe eta njanggakeun. Ari lahiranana ka dinja: Saha noe boga ijeu gambar djeung aksarana? Wangsoelanana: Soemoehoen praboe teja.

17. Ngalahir Jesoes, kijeu lahirna ka dinja: Lamoen kitoe mah sanggakeun ka praboe noe kagoengan praboe, ari ka Allah noe kagoengan Allah. Dĕmi eta teh pada heraneun ka andjeunna.

18. Geus kitoe djĕboel aja ahli sadoeki ngadareuheusan ka Jesoes; eta teh omongna moal kijamat; toeloej nararos ka andjeunna, kijeu oendjoekanana:

19. Noen Goeroe, Moesa geus njĕratkeun pikeun simkoering kijeu: Oepami aja djalma paeh doeloerna, nilarkeun bodjo, teu nilarkeun anak, adina koedoe kawin ka bodjona eta, soepaja ngajakeun toeroenan pikeun kakana.

20. Geus kitoe aja toedjoeh djalma padoedoeloer kabeh; ari tjikalna seug gadoeh bodjo, ana paeh teu nilarkeun toeroenan.

21. Tidinja awewe teh koe noe kadoewa dikawin; geus kitoe paeh deui, eta ge teu narilarkeun toeroenan. Anoe katiloe pon kitoe deui.

22. Toedjoehanana pada ngawin ka dinja, sarta teu narilarkeun toeroenan. Sanggeus eta sakabehna, seug awewe teh paeh deui.

23. Ari dina kijamat, mangsa eta geus haroedang, awewe teh pamadjikan anoe mana? Karana noe toedjoehan teh geus pada mirabi ka dinja.

24. Ladjĕng Jesoes ngawalon, kijeu lahirna ka eta djalma: Lain kasaroeng maraneh teh, bawaning hanteu nganjahokeun Kitab, kitoe deui kana kawasaning Allah?

25. Karana mangsa geus hoedang ti noe paraeh, moal ngawin, djeung moal dikawinkeun; istoening tjara malaikat di sawarga.

26. Ari moenggoehing djalma noe paraeh, jen bakal dihoedangkeun deui, naha maraneh tatjan ngadji dina kitab Moesa, jen di leuweung tjoetjoek teja Allah ka Moesa

ngandika, kijeu pangandikana: Kami teh nja Allah Ibrahim, djeung Allah Ishak, sarta Allah Jakoeb?

27. Ari Allah lain Allah anoe paraeh, nja Allah anoe hariroep. Nandakeun maraneh teh kasaroeng pisan.

28. Aja hidji djalma, ahli kitab, noe ngadengekeun hal papadoean tadi teja, geus ngartieun jen Jesoes lĕrĕs pisan ngawalonna ka ahli sadoeki; toeloej ngadeuheusan, sarta naros ka andjeunna: Sadajana timbalan noe mana noe pangoentjoelna?

29. Ari walonan Jesoes ka dinja: Anoe pangoentjoelna ti sakabeh timbalan nja kijeu: Eh Israil, geura dengekeun! ari Pangeran, Allah oerang, nja Pangeran hidji.

30. Sarta maneh koedoe njaah ka Pangeran, Allah maneh, tĕroes reudjeung hate, tĕroes reudjeung njawa, tĕroes reudjeung akal, sarta tĕroes djeung kakoewatan maneh. Nja eta timbalan noe pangoentjoelna.

31. Ari noe kadoewana nja saroewa bae djeung eta, kijeu: Maneh koedoe njaah ka batoer-batoer sapĕrti ka diri sorangan. Hanteu aja deui timbalan noe gĕde ti batan eta.

32. Pihatoer ahli kitab teh ka Jesoes: Eta Goeroe, lĕrĕs pisan, jaktos sapilahir adjĕngan, jen Allah teh hidji, hanteu aja deui djawi ti eta.

33. Sarĕng ari njaah ka Allah tĕroes reudjeung hate, tĕroes reudjeung akal, tĕroes reudjeung njawa, tĕroes reudjeung kakoewatan, sarawoeh njaah ka batoer-batoer sapĕrtos ka diri sorangan, eta teh langkoeng ti batan saniskantĕn koerban doeroekan sarĕng koerban peuntjitan.

34. Barang Jesoes tingalieun jen eta pintĕr ngadjawabna, ladjĕng ngalahir ka dinja: Sampejan teh hanteu djaoeh tina karàdjaan Allah. Ti harita taja hidji-hidji atjan noe wanieun naros deui ka andjeunna.

35. Mangsa keur ngawoeroek di djĕro kabah, Jesoes ngalahir, kijeu lahirna: Koemaha tjarek ahli-ahli kitab, jen Kristoes teh poetra Dawoed?

36. Kapan Dawoed koe andjeun lantaran Roh Soetji geus ngalahir kijeu: Pangeran geus ngandika ka Goesti kaoela: Geura tjalik di katoehoeeun kami, datang ka moesoeh-moesoeh andika koe kami didjijeun djodjodog pikeun soekoe andika.

37. Ari Dawoed koe andjeun ka eta njĕboetkeun Goesti, koemaha mana djadi poetrana? Dĕmi djalma sarereja rarĕsĕpeun ngadengekeun ka Jesoes.

38. Ladjĕng ngalahir kijeu ka eta djalma dina piwoeroekna: Masing hade-hade diri maraneh koe ahli kitab; eta teh bareuki ngalantoeng sarta make-make djoebah, djeung sok hajangeun diaroendjoengan di pasar-pasar;

39. Kitoe deui hajangeun dijoek panggirangna di masigit-masigit, sarta dina hadjat-hadjatan ngarijoeng di ĕnggon koe pangoetamana.

40. Nja koe eta diharakanan imah randa-randa datang ka bejak, make pipinding ngadoa lila. Noe kitoe teh bakal meunang hoekoeman noe leuwih beurat.

41. Ladjĕng Jesoes linggih majoenan pĕti oewang, sarta ningalian djalma-djalma pĕtana ngarasoepkeun doewit ka djĕro eta pĕti; reja djalma noe baleunghar pada ngasoepkeun doewit loba.

42. Djeung datang hidji randa miskin, ngasoepkeun retjeh doewa siki, djadi sadoewit.

43. Geus kitoe Jesoes njaoer moerid-moeridna, bari ladjĕng dilahiran kijeu: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, eta randa miskin teh ngasoepkeunana doewit leuwih ti batan sakabeh djalma noe geus ngasoepkeun ka djĕro eta pĕti oewang.

44. Sabab noe loba teh ngasoepkeun tina nisabna; dĕmi eta mah ngasoepkeun tina kawaloeratanana, saboga-bogana, sakabeh rĕdjĕkina.

PASAL 13.

Mangsa Jesoes ka loewar ti kabah, seug moeridna saoerang oendjoekan: Amboe Goesti, itoe tingali, aja batoe sakitoe, sarĕng gĕdong sakitoe!

2. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka moerid teh: Na eta gĕdong galĕde teh katendjo koe maneh? Mĕngke batoe moal aja noe diingkeun dina loehoer batoe deui, noe teu bakal dibongkar.

3. Ari keur mangsa Jesoes linggih di loehoer goenoeng Djetoen, majoenan kana kabah, seug Petroes, djeung Jakoboes, djeung Johannes, djeung Andreas, woengkoel eta bae, pada naros ka andjeunna:

4. Moegi simkoering tjarijosan, eta pĕrkawis teja iraha pijaktoseunana? sarĕng naon alamatna pimangsaeunana eta sadaja dongkap ka parantosan?

5. Ladjĕng Jesoes ngawalon ka eta moerid, kijeu lahirna: Masing ijatna, maraneh oelah koengsi kasasabkeun koe djalma.

6. Karana reja noe pidatangeun ngakoe-ngakoe ngaran kami, pokna: Nja aing Kristoes teh, sarta loba pisan

noe bakal kasasabkeun koe eta.

7. Sarta samangsa maraneh ngadenge tina hal pĕrang-pĕrang, djeung bedja tina hal pĕrang, poma oelah dek reuwas; sabab eta teh koedoe boekti, tatapi ari panoengtoengan mah tatjan.

8. Karana bangsa bakal mĕrangan kana bangsa deui, djeung karadjaan kana karadjaan deui; sarta bakal aja lini di sedjen-sedjen ĕnggon, djeung bakal aja patjĕklik djeung karoesoehan. Ari eta teh pĕrkara mimiti sangsara.

9. Tatapi ari maraneh teh sing ngadjaga diri. Karana djalma bakal pada njelehkeun maraneh ka paragĕman rad, djeung bakal dirarangket maraneh teh dina masigit-masigit; djeung didareuheuskeun ka pajoeneun goepĕrnoer-goepĕrnoer sarta radja-radja, tina sabab kami, pikeun djadi saksi ka darinja.

10. Ari Indjil teh koedoe dioewarkeun heula ka sakabehna bangsa.

11. Dĕmi mangsa maraneh diiringkeun arek diselehkeun, poma oelah salĕmpang samemeh prak koe pĕtana pingomongeun, sarta oelah dipikiran; ari noe dipaparinkeun ka maraneh dina waktoe harita, nja eta koedoe omongkeun; karana lain maraneh anoe ngomong teh, istoening Roh Soetji.

12. Ari doeloer bakal njelehkeun doeloerna sina dipaehan, nja kitoe deui bapa njelehkeun anakna; ari anak-anak bakal ngabahaan ka kolot-kolotna, sarta maehan.

13. Sarta maraneh bakal dipikageuleuh koe sakabeh, tina sabab djĕnĕngan kami. Dĕmi saha-saha noe koekoeh nĕpi ka panoengtoengan, tangtoe pisalamĕteun.

14. Ari samangsa koe maraneh katendjo geuleuhing karoeksakan, noe dilahirkeun koe nabi Daniel teja, nangtoeng di noe lain pĕrnah (eta noe ngadji masing ngingĕtkeun!): didinja djalma noe araja di Joedea, koedoe maroeboes ka pigoenoengan.

15. Anoe aja dina hateup imah, poma oelah toeroen ka djĕro imah, djeung oelah rek asoep njokot naon-naon ti djĕro imahna.

16. Ari noe keur di sawah, poma oelah rek moelang njokot papakean.

17. Tatapi pitjilakaeun anoe rareuneuh djeung noe njaroesoean dina mangsa harita!

18. Ari noe koedoe ditĕda, soepaja eta pikaboereun maraneh teja moegi oelah ninggang di oesoem tiris.

19. Karana nja dina mangsa harita bakal aja kasoekĕran,

sakoemaha noe tatjan kasorang ti mimitina dadamĕlan beunang ngadamĕl Allah, tĕpi ka ajeuna, djeung moal pikasorangeun deui.

20. Sarta saoepama eta mangsa teja koe Pangeran hanteu dirijoetkeun mah, saniskara daging oge hamo aja noe pirahajoeëun; satĕgĕsna tina sabab djalma kapilih, noe beunang Pangeran milih teja, noe matak dirijoetkeun eta mangsa teh.

21. Dina waktoe harita oepama aja noe ngomong ka maraneh: Tah Kristoes teh aja di dijeu! atawa: Toeh di ditoe! poma oelah rek pĕrtjaja.

22. Karana piajaeun Kristoes paralsoe djeung nabi paralsoe, sarta bakal njijeun tanda-tanda djeung moedjidjat-moedjidjat; saoepama beunang mah, sanadjan djalma noe beunang milih ge dek disasabkeun.

23. Tatapi ari maraneh teh masing ijatna; tah koe kami geus dilahirkeun ti heula ka maraneh.

24. Dĕmi samantas kasoekĕran mangsa harita teja, toeloej panon-poë soerĕm, boelan teu bidjil tjahjana.

25. Ari bentang maroeragan ti langit, sarta kakoewatan di langit teh gendjlong.

26. Nja didinja djalma bakal narendjo Poetra manoesa teh keur soemping toenggang mega, bari gĕde kawasana djeung kamoeljaanana.

27. Tidinja bakal miwarangan malaikatna, sarta ngoempoelkeun djalma beunang milih andjeunna tina opat madhab, ti toengtoeng boemi nĕpi ka toengtoeng langit.

28. Geura arapalkeun ijeu misil ka tangkal kondang: samangsa geus ĕmoj dahanna, djeung rĕnoeng daoenna, maraneh pada njaho jen geus deukeut oesoem panas.

29. Nja kitoe deui maraneh, samangsa narendjo pĕrkara teja baroekti, koedoe nganjarahokeun jen geus deukeut, aja di hareupeun panto.

30. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, ijeu bangsa ajeuna moal waka euweuh, samemeh nĕpi kana boektina sakabeh pĕrkara teja.

31. Langit djeung boemi bakal euweuh, ari piwoeroek kami mah moal datang ka euweuh.

32. Tatapi ari poëna djeung waktoena mah taja hidji-hidji atjan noe njaho, sanadjan malaikat noe araja di sawarga, dalah Poetra oge hanteu, ngan Rama bae.

33. Masing ijatna, koedoe pada njaring sarta nĕnĕda, sabab maraneh hanteu njaho di pimangsaeun eta.

34. Oepama tjara hidji djalma, njaba ka nagara sedjen, imahna ditinggalkeun, badega-badegana dikawasakeun, ditangtoekeun sagawena-sagawena, ari toekang ngadjaga panto dititah njaring.

35. Manana koedoe njararing, sabab maraneh hanteu njaho noe boga imah teh iraha pidatangeunana, wantji boerit, atawa tĕngah peuting, atawa kongkorongok hajam, atawa isoek-isoek.

36. Bisi kaboeroe datang, maraneh kasampak keur hareës.

37. Sarta noe koe kami dilahirkeun ka maraneh, nja eta koe kami dilahirkeun ka sakabeh: Koedoe pada njaring!

PASAL 14.

Ari kaheuleutan koe doewa poë deui rek paska djeung pesta roti teu ragian, sarta para panghoeloe agoeng djeung ahli-ahli kitab pada nejangan djalan dek nangkĕp ka Jesoes make akal, sarta rek dipaehan.

2. Tatapi ari salaoerna: Oelah keur dina pesta, bisi matak roesoeh djalma-djalma.

3. Ari keur mangsa Jesoes aja di Betania, di boemi Simon noe lepra teja, waktoe andjeunna keur ngarijoeng toewang, datang hidji istri, njandak hidji boeli-boeli, eusina minjak nardoes noe toelen, sarta gĕde hargana; eta boeli-boeli teh seug dipeupeuskeun, ari eusina toeloej dikoetjoerkeun ka mastaka Jesoes.

4. Ari djalma noe aja di dinja sawareh ngarewaeun dina pikirna, pokna: Koe naon eta minjak mana dihamboer-hamboer kitoe?

5. Karana minjak teh saoepama didjoewal, tangtoe pajoe leuwih tina tiloe ratoes dinar, baris sidĕkahkeuneun ka noe marariskin. Toeloej pada ngageuri ka eta istri.

6. Dĕmi Jesoes ngalahir: Ingkeun bae; naha maraneh ngopenan ka eta teh? Karana geus ngalampahkeun pagawean hade ka diri kami.

7. Sabab noe mariskin teh salalawasna aja reudjeung maraneh, iraha bae hajang, maneh bisa njijeun kahadean ka darinja; tatapi ari koe kami mah maraneh moal direudjeungan salalawasna.

8. Ijeu awewe teh milampahkeunana bejak kakoewatan; ari ngaminjakanana ka badan kami nimpahan pikeun mangke diroewang.

9. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: di mana bae ijeu Indjil dioewarkeunana di alam-doenja, nja di dinja tangtoe ditjaritakeun

deui lalampahan ijeu awewe, pikeun djadi ingĕtan ka eta teh.

10. Geus kitoe Joedas Iskariot, kaasoep moerid noe doewa wĕlas teja, los leumpang ka para panghoeloe agoeng, karĕpna dek njerenkeun Jesoes ka darinja.

11. Dĕmi eta, barang ngadarenge kitoe, pada atoheun pisan, sarta ngadjangdjian rek maparin doewit ka manehanana. Joedas toeloej nejangan djalan noe pihasileun baris njerenkeun Jesoes ka darinja.

12. Ari dina poë noe mimiti eta roti teu ragian teja, mangsa djalma bijasana mareuntjit paska, seug moeridmoerid oendjoekan ka Jesoes: Ari pikĕrsaeun andjeun teh simkoering koedoe laleumpang ka mana, baris njawisan andjeun toewang paska?

13. Geus kitoe miwarangan doewa moeridna, sarta dilahiran kijeu: Maraneh geura leumpang ka nagara, di dinja bakal papanggih djeung hidji djalma mawa hidji kĕndi eusina tjai; eta toetoerkeun;

14. Sarta di mana asoepna, maraneh koedoe bebedja ka pamadjikanana eta imah kijeu: Saoer Goeroe: Di mana kamar teh baris kami dahar paska barĕng djeung moerid kami?

15. Geus kitoe maraneh koe eta tangtoe ditoedoehkeun kana hidji loteng noe lĕga, beunang ngabĕbĕnah, geus tarapti; nja di dinja koedoe disadijakeunana.

16. Bral eta moeridna leumpang; ana daratang ka djĕro nagara, kapanggih sakoemaha pilahir Jesoes teja, sarta toeloej njadijakeun paska.

17. Dĕmi wantji peuting, ladjĕng andjeunna soemping djeung noe doewa wĕlas teja.

18. Mangsa ngarijoeng, keur dalahar, ladjĕng Jesoes ngalahir: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, aja hidji djalma batoer maraneh, noe dadaharan babarĕngan djeung kami, bakal ngahijanat ka kami.

19. Tidinja pada ngĕnĕseun, seug aroendjoekan silih-tema: Eta noe kitoe teh simkoering? tjĕk noe sedjen: Eta noe kitoe teh simkoering?

20. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka dinja: Noe kitoe teh sahidji batoer maraneh kaasoep noe doewa wĕlas, mana-mana noe njotjol kana pandjang barĕng djeung kami.

21. Ari Poetra manoesa teh piangkateunana sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab; tatapi pitjilakaeun eta djalma noe ngahijanat ka Poetra manoesa! Mĕnding keneh eta djalma lamoen teu didjoeroekeun.

22. Mangsa keur dalahar, seug Jesoes njandak roti; ari geus dibĕrkahan, disĕmplekan, ladjĕng dipaparinkeun ka moerid-moerid, bari ngalahir: Geura tampanan, toeloej dalahar, ijeu teh badan kami.

23. Tidinja njandak loemoer; ari geus moedji soekoer, ladjĕng dipaparinkeun ka moerid-moerid; seug koe sakabeh diarinoem.

24. Ari lahiranana ka dinja: Ijeu teh gĕtih kami, nja eta gĕtih pĕrdjangdjian anjar, noe dikoetjoerkeun pikeun djalma loba.

25. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, kami moal nginoem deui tjai boewah anggoer, nĕpi ka poëan kami nginoem anoe anjar, dina karadjaan Allah.

26. Dĕmi sanggeusna nganjanjikeun poepoedjian teh, ladjĕng boedal arangkat ka goenoeng Djetoen.

27. Geus kitoe Jesoes ngalahir ka moerid: Maraneh dina peuting ijeu tangtoe kabeh titadjong ka kami; karana geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Kami rek ngadek ka pangangon, ari domba teh toeloej pabalĕntjar.

28. Tatapi sanggeusna kami tanghi, bakal kami teh ti heulaeun maraneh leumpang ka Galilea.

29. Dĕmi Petroes oendjoekan ka andjeunna: Sanadjan sakabeh pada datang ka titadjong, simkoering mah hamo.

30. Lahiran Jesoes ka Petroes: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maneh, maneh ajeuna keneh, dina peuting ijeu, timemeh hajam kongkorongok doewa kali, bakal nganglĕs ka kami tiloe kali.

31. Tatapi Petroes teh beuki angot oendjoekanana: Masih simkoering dongkap ka paeh oge sasarĕngan djeung andjeun, moal simkoering teh nganglĕs ka salira andjeun. Nja kitoe keneh pioendjoek moerid-moerid sadaja.

32. Tidinja saroemping ka hidji kĕbon, ngaran Getsemane; ladjĕng Jesoes ngalahir ka moerid-moeridna: Maraneh darijoek bae di dijeu, sabot kami nĕnĕda.

33. Ari noe ditjandak Petroes, Jakoboes djeung Johannes; ladjĕng andjeunna djadi njĕblak sarta kalangkoeng palaoerna;

34. Seug ngalahir ka eta teh: Njawa kami keur liwatsaking nja prihatin, asa rek paeh; tjaritjing bae di dijeu, sarta koedoe njaring.

35. Ari geus madjĕng deui saeutik, toeloej andjeunna broek njoeoeh kana taneuh, sarta nĕnĕda, oepama beunang mah, eta waktoe moegi sina ngaliwat ti salira andjeunna.

36. Děmi panědana kijeu: Aba, Ama, saniskantěn oge Ama mah ijasa; moegi ijeu loemoer tjandak ti simkoering, nanging oelah sapěrtos karěp simkoering, kabeh-kabeh koemaha pangěrsa Ama bae!
37. Tidinja andjeunna soemping, kapěndak moerid teh keur sasarean; seug ngalahir ka Petroes: Naha Simon, maneh teh sasarean? maneh hanteu bisa njaring djeung kami watěs sadjam bae?
38. Koedoe njararing sarta něněda, soepaja oelah keuna koe panggoda! Soekma teh daek pisan, tapina ari daging mah apěs.
39. Ladjěng Jesoes angkat deui sarta něněda, ari panědana sapěrti pihatoer tadi bae.
40. Ari geus soemping, moerid teh kapěndak deui keur sasarean, sabab bareurateun panonna, sarta hanteu njarahoëun pingawangsoeleun.
41. Ana soemping katiloe kalina, ngalahir ka moerid: Masing taronggoj bae sasarean, bari ngareureuh! Ajeuna geus meudjeuhna; geus něpi ka waktoena. Tah geuning Poetra manoesa teh ajeuna diserenkeun ka leungeun djalma noe daroraka.
42. Geura haroedang, hajoe oerang indit; toeh noe ngahijanat ka kami teh geus deukeut.
43. Pada-harita, sabot Jesoes keur ngalahir keneh, hol Joedas, noe kaasoep moerid doewa-wělas teja, datang sarta direudjeungan koe djalma loba pisan, pada mawa pědang djeung gěgěndir, titahan para panghoeloe agoeng sarta ahli-ahli kitab djeung para kokolot eta bangsa.
44. Ari noe ngahijanat teja ka andjeunna, geus mere pitandaeun ka eta djalma-djalma, kijeu pokna: Mana-mana noe ditjijoem koe koela, nja eta pisan, pek tangkěp bae, toeloej iringkeun sarta koedoe prijatna!
45. Barang datang Joedas, ngageuwat njampeurkeun ka Jesoes, bari ngomong: Rabi, Rabi! sarta njijoem.
46. Geus kitoe seug pada ngaronom ka Jesoes, bari toeloej ditangkěp.
47. Ari djalma noe narangtoeng deukeut, noe hidji njaboet pědang, pek ngadek ka badega panghoeloe agoeng, rampoeng tjeulina.
48. Ngalahir Jesoes, kijeu lahirna ka djalma-djalma teja: Maraneh teh moeroeboel tjara noe dek ngoedag begal, marawa pědang djeung gěgěndir, arek nangkěp kami.
49. Geuning oenggal-oenggal poë ge kami sok reureudjeungan djeung maraneh, ngawoeroek dina kabah, ari

maraneh hanteu nangkĕp ka kami. Tatapi pangsakitoena teh soepaja kalaksanakeun Kitab.

50. Geus kitoe sakabeh moerid kalaboer, ninggalkeun Jesoes.

51. Aja hidji djalma boedjang noetoerkeun ka andjeunna, sarta ditarandjang, ngan diharoedoem boëh sagĕbar, seug ditangkĕp koe eta teja.

52. Ari koe boedjang teh boëhna ditinggalkeun, toeloej kaboer sarta ditarandjang.

53. Dĕmi Jesoes toeloej diariringkeun ka panghoeloe agoeng; ari para panghoeloe agoeng, djeung para kokolot, sarta ahli-ahli kitab daratang koempoel ka dinja.

54. Ari Petroes noetoerkeun ka Jesoes ti kaanggangan bae, datang ka asoep ka boeroean panghoeloe agoeng, toeloej gek dijoek tjampoer djeung patjalang-patjalang, bari sidoeroe.

55. Ari para panghoeloe agoeng sarta djeung rad sakabeh narejangan saksi pikeun noeding ka Jesoes, soepaja bisa maehan ka andjeunna, tatapi hanteu manggih.

56. Karana aja oge reja saksi palsoe, noeding ka andjeunna, tatapi panoedingna hanteu tĕroes djeung batoer.

57. Tidinja aja deui djalma narangtoeng, djadi saksi palsoe, noeding ka andjeunna, pokna:

58. Koering geus ngadarenge eta teh omongna kijeu: Kami rek ngaroewag ijeu kabah noe beunang njijeun koe leungeun, sarta di djĕro tiloe poë njijeun deui hanteu kalawan leungeun.

59. Tatapi kitoe ge panoedingna teu tĕroes djeung batoer.

60. Geus kitoe panghoeloe agoeng toeloej ngadĕg di tĕngah, sarta mariksa ka Jesoes, kijeu saoerna: Naha maneh moal ngadjawab? Koemaha eta panoedingna ka maneh teh?

61. Dĕmi Jesoes repeh bae, hanteu pisan ngadjawab. Mariksa deui panghoeloe agoeng, kijeu saoerna ka andjeunna: Koemaha ĕnja maneh teh Kristoes, Poetra noe Langkoeng Moelja?

62. Ari walonan Jesoes: Lĕrĕs, kaoela nja eta. Sarta koe aradjĕngan Poetra manoesa teh bakal katingali keur dijoek tĕngĕneun noe Langkoeng Kawasa, djeung datangna dina mega langit.

63. Tidinja panghoeloe agoeng njosoëk panganggona, bari njaoer: Keur naon oerang make deui saksi?

64. Sarampejan geus ngareungeu eta ngagorengkeunana ka Allah. Koemaha ari

pirĕmpoeg sarampejan teh? Dĕmi poetoesan sarereja andjeunna teh mandjing dihoekoem paeh.

65. Geus kitoe noe sawareh pek njaridoehan ka Jesoes, seug ditijoengan pameunteuna, sarta pada nondjokan, bari ngomong ka andjeunna: Geura wĕdjang! Ari patjalang mah pada njabokan ka andjeunna.

66. Dĕmi keur mangsa Petroes di handap dina emper, datang hidji boedjang awewe panghoeloe agoeng.

67. Barang nendjo Petroes, keur sidoeroe, seug dipĕlong, sarta ngomong kijeu: Maneh oge batoer Jesoes, oerang Nasaret teja.

68. Tatapi Petroes teh nganglĕs, ari pokna: Koela mah teu wawoeh, sarta hanteu ngarti ka omongan maneh. Toeloej ka loewar ka boeroean; ari hajam seug kongkorongok.

69. Geus kitoe koe awewe teh Petroes katendjo deui, toeloej pok ngomong ka sakoer noe narangtoeng di dinja: Eta teh batoer itoe.

70. Ari Petroes teh nganglĕs deui. Teu koengsi lila, noe narangtoeng di dinja pok deui ngaromong ka Petroes: Poegoeh maneh teh kaasoep batoer itoe; geuning maneh ge oerang Galilea, djeung basa maneh saroewa.

71. Toeloej Petroes pek njapa maneh, sarta bari soesoempahan: Koela mah teu wawoeh-wawoeh atjan djeung eta djalma noe dipiomong koe maraneh teh.

72. Gantjangna hajam teh kongkorongok deui kadoewa kalina. Ras Petroes ingĕteun ka pilahir, noe dilahirkeun koe Jesoes ka manehna kijeu teja: Timemeh hajam kongkorongok doewa kali, maneh bakal nganglĕs ka kami tiloe kali. Toeloej Petroes ngĕdjat ka loewar, bari tjeurik.

PASAL 15.

Barang braj isoek, gantjangna para panghoeloe agoeng rĕrĕmpoegan djeung para kokolot sarawoeh ahli-ahli kitab sarta djeung rad sakabeh; tidinja Jesoes toeloej dibanda, seug diariringkeun, diselehkeun ka Pilatoes.

2. Geus kitoe Pilatoes mariksa ka Jesoes: Ĕnja maneh teh Radja oerang Jahoedi? Ngawangsoel Jesoes, kijeu lahirna: Lĕrĕs sapilahir andjeun.

3. Dĕmi para panghoeloe agoeng reja pisan ngĕlakkeunana hal Jesoes, tatapi Jesoes teu ngadjawab kijeu-kijeu.

4. Ladjĕng koe Pilatoes dipariksa deui, kijeu lahirna: Naha maneh teh moal ngadjawab? Tah geuning eta sakitoe reja ngĕlakkeunana hal maneh!

5. Tatapi Jesoes hanteu pisan ngawangsoel deui, noe matak Pilatoes djadi heraneun.

6. Ari bijasana dina mangsa pesta teh Pilatoes sok ngaleupaskeun hidji sakitan adjang oerang Jahoedi, mana bae kahajangna.

7. Mangsa eta aja hidji djalma ngaran Barabas, geus diberok djeung batoerna ngaraman, eta dina keur ngaraman maehan djalma.

8. Toeloej djalma-djalma pada raong, panoehoenna Pilatoes moegi midamĕl koemaha adatna ka toekang-toekang.

9. Ngawalon Pilatoes ka dinja, kijeu lahirna: Koemaha kahajang maraneh teh, kami koedoe ngaleupaskeun eta Radja oerang Jahoedi adjang maraneh?

10. Karana Pilatoes geus oeningaeun, panghoeloe agoeng noe matak njelehkeun Jesoes koe bawaning darĕngki.

11. Tatapi panghoeloe agoeng pada ngasoer-ngasoer ka djalma-djalma, anggoer mĕnding Pilatoes sina ngaleupaskeun Barabas.

12. Ngawalon deui Pilatoes, kijeu lahirna ka dinja: Lamoen kitoe mah eta noe koe maraneh disĕboetkeun Radja oerang Jahoedi, kahajang maraneh koedoe dikoemahakeun koe kami teh?

13. Pok deui pada sosowak: Eta gantoengkeun dina kai-dipalang!

14. Lahiran Pilatoes ka darinja: Naha eta teh migawe kagorengan naon? Ari eta djalma beuki rosa sosowakna: Gantoengkeun dina kai-dipalang!

15. Dĕmi Pilatoes kĕrsa ngajoenkeun ka djalma-djalma teh, seug ngaleupaskeun Barabas adjang maranehanana. ari Jesoes mah diselehkeun sina dirangket sarta toeloej digantoengkeun dina kai-dipalang.

16. Geus kitoe sĕrdadoe marawa Jesoes ka djĕro gĕdong, nja eta pangadilan teja, bari seug ngoempoelkeun barisan sakabeh;

17. Toeloej dipakeanan haroedoem noe woengoe, sarta nganjam makoeta tjoetjoek, seug dipakekeun ka andjeunna;

18. Prak pada ngoendjoengan, pokna: Assalam alaekoem, Radja oerang Jahoedi!

19. Sarta pada meupeuhan ka mastakana koe hidji iteuk hoë, djeung ditjaridoehan, brĕk toeloej tapak-toeoer sarta saroedjoed ka andjeunna.

20. Sanggeus dipojok, haroedoem woengoe teh dilaanan, sarta dianggoan deui koe panganggo andjeunna, toeloej diariringkeun rek digantoengkeun dina kai-dipalang.

21. Aja hidji djalma ngaliwat, ngaran Simon, oerang Kirena, rama Aleksandĕr djeung Roepoes, poelang ti kĕbon; toeloej disarad sina manggoel kai-dipalang Jesoes.

22. Ari diiringkeunana ka ĕnggon noe disĕboet Golgota, tĕgĕsna ari disalin basana: nggon tangkorek.

23. Toeloej andjeunna koe eta dileueutan anggoer beunang njampoeran moer, tatapi hanteu kĕrsaeun.

24. Dĕmi geus ngagantoengkeun Jesoes dina kai-dipalang, toeloej panganggona koe eta dibagikeun, sarta ngaloengkeun dadoe, soepaja tangtoe pimilikeunana hidji-hidji djalma.

25. Ari waktoena ngagantoengkeun Jesoes dina kai-dipalang djam noe katiloe.

26. Sarta di loehoereun andjeunna ditoelisan pakĕlakan, kijeu oenina: IJEU TEH RADJA OERANG JAHOEDI.

27. Djeung aja doewa bangsat noe digantoengkeun dina kai-dipalang barĕng djeung Jesoes, noe hidji di katoehoeëun, noe hidji deui di kentjaeunana.

28. Boekti pilahir Kitab noe kijeu oenina: Andjeunna geus dibilang djeung noe daroraka.

29. Ari sakoer noe ngaliwat ngagogoreng ka andjeunna, pada gogodĕg, bari ngaromong: Aeh maneh noe ngaroewag kabah, sarta ngadĕgkeun deui eta di djĕro tiloe poë,

30. Geura noeloeng ka diri sorangan, tjing toeroen tina kai-dipalang!

31. Nja kitoe keneh para panghoeloe agoeng barĕng ahli-ahli kitab, pada mojok, djĕung batoer ngaromong kijeu: Eta ka noe sedjen mah sok noeloeng, ari ka dirina sorangan teu bisaeun noeloeng;

32. Kristoes, Radja oerang Israil, koedoe toeroen ajeuna tina kai-dipalang, soepaja koe oerang katendjo sarta djadi pĕrtjaja! Malah-malah noe digantoengkeun dina kai-dipalang barĕng djeung Jesoes teja, pada ngahinakeun ka andjeunna.

33. Dĕmi geus nĕpi ka djam noe kagĕnĕp, djadi poëk di sakoeriling boemi, nĕpi ka djam noe kasalapan.

34. Ari keur wantji djam noe kasalapan Jesoes sasambat sarta bĕdas gĕntrana, kijeu lahirna: ELOI, ELOI, LAMA SABAHTANI? hartina ari disalin basana: Ĕh Allah koering, Allah koering, naha mana koering ditilarkeun koe andjeun?

35. Anoe narangtoeng di dinja sawareh, barangna nga-

darenge kitoe, pok ngomong: Geuning eta teh njambat ka Elias.

36. Noe saoerang seug moeroe, ngantjlomkeun sĕpon kana tjoeka, sarta ditiirkeun kana hoë, bari toeloej dileueutkeun ka Jesoes, ari omongna: Mangke heula, oerang nendjo Elias datang-hanteuna noeroenkeun ka dinja!

37. Ari Jesoes ngagorowok sarta tarik gĕntrana, ladjĕng poepoes.

38. Geus kitoe reregan kabah soëh djadi doewa, ti loehoer parat ka handap.

39. Dĕmi kapala sĕrdadoe, noe nangtoeng di dinja njanghareupan ka Jesoes, barang nendjo jen andjeunna teh poepoes bari ngagĕntra kitoe, toeloej ngomong kijeu: Satĕmĕnna, eta teh Poetra Allah!

40. Sarta aja deui istri-istri naringalikeun ti kadjaoehan, aja Maria Magdalena, sarta Maria iboe Jakoboes noe anom djeung Joses, kitoe deui Salome;

41. Eta keur basa Jesoes aja di Galilea, pada ngiring sarta ngabarakti ka andjeunna; djeung reja deui istri djaba ti eta, noe noemoetkeun Jesoes ka Jĕroesalem.

42. Ari geus boerit, sarehna poë panjadijaan, nja eta malĕm sabat,

43. Aja noe soemping, Joesoep ti Arimatea, pangkatna asisor sarta kaadjenan, eta ge ngantos-ngantos kana karadjaan Allah; toeloej dagdagan asoep ngadeuheus ka Pilatoes, njoehoenkeun majit Jesoes.

44. Dĕmi Pilatoes heraneun koe doemeh Jesoes geus poepoes; ladjĕng kapala sĕrdadoe disaoer, bari seug dipariksa Jesoes teh geus lila poepoesna?

45. Ari geus oeningaeun ti kapala sĕrdadoe, majit teh toeloej dipaparinkeun ka Joesoep.

46. Tidinja Joesoep ngagaleuh boëh katji, ari Jesoes geus diloengsoerkeun, ladjĕng diboengkoes koe boëh katji teja, geus kitoe diebogkeun kana koeboeran, dina batoe karang beunang natah; seug ngagoelingkeun hidji batoe, ditoetoepkeun kana lawang koeboeran.

47. Ari Maria Magdalena djeung Maria iboe Joses pada ningalikeun ĕnggon Jesoes diebogkeunana.

PASAL 16.

Sabada poë sabat Maria Magdalena, djeung Maria iboe Jakoboes, rawoeh Salome ngagaraleuh seuseungitan, sĕdjana angkat rek ngalisahan majit Jesoes.

2. Ari isoek-isoek, poë ahad, barang mĕlĕtek sarangenge, saroemping kana eta koeboeran.

3. Pok pada sasaoeran djeung batoer: Koemaha oerang, saha noe bakal mangdjoengkatkeun batoe toetoepan lawang koeboeran?

4. Ana tjĕngkat katingali batoe teh geus aja noe ngadjoengkatkeun inja. Karana eta batoe leuwih gĕde.

5. Barang geus arasoep ka djĕro koeboeran, beh ningali hidji djalma anom, keur tjalik sabeulah ti katoehoe, panganggona djoebah bodas; seug pada njĕblak.

6. Noe anom ladjĕng ngalahir ka istri teh: Eh njai, oelah njarĕblak! maraneh nejang Jesoes, oerang Nasaret, noe digantoengkeun dina kaidipalang teja: eta teh geus tanghi, hanteu aja di dijeu; tah tarendjo ĕnggon oeroet diebogkeunana.

7. Ari ajeuna geura arindit, koedoe mopojankeun ka moerid-moeridna sarta ka Petroes, jen andjeunna angkat ka Galilea ti heulaeun maraneh; nja di dinja maraneh tangtoe nendjo ka andjeunna, sakoemaha noe koe andjeunna dilahirkeun ka maraneh teja.

8. Tidinja istri teh ngageuwat ka loewar, laloempatan tina eta koeboeran, liwat-saking nja ngagidir djeung baloewas; sarta teu pisan bebedja ka saha-saha, sababna pada sijeuneun.

9. Mangsa Jesoes geus tanghi wantji isoek-isoek dina poë ahad, ngamimitian nembongan ka Maria Magdalena, ti eta andjeunna bareto ngaloewarkeun toedjoeh setan.

10. Eta toeloej indit, mopojankeun ka sakoer noe tadina sasarĕngan djeung Jesoes, pada keur prihatin sarta tjareurik.

11. Barang ngadarenge eta teh jen andjeunna hiroep deui, malah geus kabireungeuh koe Maria Magdalena, pada hanteu pĕrtjajaeun.

12. Sanggeusing kitoe Jesoes ngebrehkeun andjeun sarta salin roepana, ka doewa djalma nja moerid keneh, keur mangsa njaba ka pasisian.

13. Toeloej arindit, moepoelihan ka batoer-batoerna, nadjan ka eta ge hanteu pĕrtjajaeun.

14. Sanggeusna ti dinja Jesoes ngebrehkeun andjeun ka moerid noe sawĕlas teja, keur mangsa ngarijoeng, sarta koe andjeunna diwĕwĕleh tina kateu-pĕrtjajaanana djeung tina kateuasan hatena, pedah teu pĕrtjajaeun ka sakoer noe geus nendjo ka salira andjeunna sanggeus tanghi.

15. Ladjĕng ngalahir ka dinja kijeu: Maraneh koedoe leumpang ngidĕr saalamdoenja, ngoewarkeun Indjil ka sakabeh mahloek.

16. Saha-saha noe pĕrtjaja sarta toeloej dibanjoean, tangtoe pisalamĕteun; sabalikna ari noe hanteu pĕrtjaja mah, tangtoe dika-narakakeun.

17. Dĕmi sakoer noe pĕrtjaja dianteur koe tanda kijeu: bakal ngaloewarkeun setan koe djĕnĕngan kami; bakal ngomong koe basa anjar;

18. Bakal njĕkĕl oraj; sanadjan oepama nginoem noe matak pipaeheun, moal koengsi balahi; bakal noempangkeun leungeun ka noe garĕring, seug toeloej tjageur.

19. Dĕmi Goesti, sanggeusna ngalahir ka moerid-moerid, ladjĕng ditjandak ka sawarga, geus kitoe linggih di tĕngĕneun Allah.

20. Tidinja moerid pada mijang, ngawoeroek di manamana, ari Goesti ngabantoe, sarta ngajaktoskeun piwoeroek koe tanda-tanda noe ngabarĕngan. Amin.

IJEU KITAB INDJIL SOETJI,

ANOE DIKARANG KOE

LOEKAS.

PASAL 1.

Sarehing reja djalma noe geus milampah ngarang tjarijos hal pĕrkawis anoe geus jaktos di oerang teja,

2. Sapĕrtos anoe geus diserenkeun ka oerang koe noe ti barang-mimiti pisan pada njaksian sarĕng ngarabdi ka pangandika teh,

3. Noe mawi kaoela oge, sanggeusing ngadongdon tina asal-asalna saniskantĕn pĕrkawis eta sarĕng apik pisan, soemĕdja rek njĕratkeun sing parele bade adjĕngan, eh Tepiloes anoe moelja!

4. Soepaja adjĕngan oeninga kajaktosanana eta pĕrkawis anoe geus diwoeroekkeun ka adjĕngan teja.

5. Eukeur mangsa Herodes, radja tanah Joedea, aja sahidji panghoeloe, djĕnĕnganana Djakaria, kaasoep bagian Abia; ari geureuhana toeroenan ti Haroen, djĕnĕnganana Elisabet.

6. Eta doewa djalma teh pada bĕnĕr di pajoeneun Allah, taja pisan tjawadeunana dina ngalampahkeun sagala

timbalan sarta hoekoem Pangeran.

7. Ari eta hanteu kagoengan pisan poetra, karana Elisabet teja gaboeg bae, sarta doewanana geus pada sĕpoeh oemoerna.

8. Dina hidji mangsa Djakaria eukeur manghoeloean di pajoeneun Allah dina giliran bagianana,

9. Koemaha adat kapanghoeloean; ari doeoeman andjeunna koedoe asoep ka kabah Pangeran sarta koedoe ngoekoes.

10. Ari djalma noe loba pada araja di loewar, keur nĕnĕda dina waktoe ngoekoes teja.

11. Geus kitoe koe Djakaria katingali sahidji malaikat ti Pangeran, keur ngadĕg di katoehoeëun paragi ngoekoes.

12. Barang katingali koe Djakaria, seug andjeunna ngarendjag, sarta sijeuneun.

13. Ladjĕng malaikat teh ngalahir ka andjeunna: Montong sijeun-sijeun Djakaria, sabab panĕda sampejan geus ditarima, sarta Elisabet, pamadjikan sampejan, bakal ngadjoeroe hidji anak lalaki, koe sampejan eta koedoe dingaranan Johannes.

14. Sampejan bakal meunang kaboengahan djeung kaatohan, sarta loba pisan djalma anoe bakal saroekaeun koe sabab didjoeroekeun eta boedak.

15. Karana eta teh bakal agoeng di pajoeneun Pangeran; moal pinginoemeun anggoer djeung arak; bakal dieusian Roh Soetji ti waktoe dikandoeng.

16. Djeung loba anak-poetoe Israil koe eta bakal ditarobatkeun ka Pangeran Allahna.

17. Sarta bakal leumpang pajoeneun Pangeran, make roh djeung pangawasa Elias, pikeun malikkeun hate bapa ka anak, sarta djalma noe maroengpang dibalikkeun kana ingĕtan djalma noe balĕnĕr; soepaja njondongkeun ka Pangeran oemat beunang njadijakeun.

18. Geus kitoe Djakaria oendjoekan ka malaikat kijeu: Koemaha simkoering pitĕrangeunana eta pĕrkawis teh? Karana simkoering geus kolot, sarĕng poen bodjo geus lila nja oemoer.

19. Ngawalon malaikat, kijeu lahirna ka Djakaria: Kami teh Djabarail, noe nangtoeng di pajoeneun Allah, sarta kami geus dipiwarang sasaoeran djeung sampejan, soepaja ngawartakeun ka sampejan pĕrkara noe tadi teja.

20. Ari sampejan teh bakal bisoe, moal bisa sasaoeran deui, nĕpi ka poëan djadi eta

pěrkara teja; sabab sampejan hanteu pěrtjaja kana omongan kami, noe bakal diboektikeun dina waktoena.

21. Děmi djalma-djalma teja eukeur ngarantosan ka Djakaria, sarta pada heraneun doemeh sakitoe lilana aja dina kabah.

22. Ari ka loewar Djakaria, teu bisaeun sasaoeran ka eta djalma; tidinja pada ngahartieun jen andjeunna geus meunang titingalian dina djěro kabah. Ladjěng Djakaria pěpěta koe pananganana ka eta djalma-djalma, ari bisoena teh djongdjon bae.

23. Sanggeus djědjěg poë manghoeloeanana, toeloej Djakaria moelih ka boemina.

24. Děmi geus kitoe ladjěng Elisabet geureuhana, njiram; toeloej njoempoet bae lilana meunang lima boelan. Ari saoerna kijeu:

25. Tah kitoe midamělna Pangeran ka kaoela, keur mangsa ningali ka kaoela teh, kěrsana ngaleungitkeun kahinaan kaoela ti djalma noe loba.

26. Ari dina boelan noe kagěněp malaikat Djabarail teh koe Allah dipiwarang ka sahidji nagara di tanah Galilea, ngaranna Nasaret,

27. Ka sahidji landjang noe keur babakalan djeung sahidji lalaki, djěněnganana Joesoep, asalna bangsa Dawoed. Ari djěněnganana landjang teh Mariam.

28. Děmi geus soemping malaikat ka Mariam, ladjěng ngalahir kijeu: Assalam alaekoem, eh njai anoe dikoernija! Pangeran anoe njarěngan ka njai; nja njai anoe dipaparin běrkah di pělěbah sakabeh awewe.

29. Barang ningali Mariam ka malaikat, seug ngagěběg koe tina kasaoeranana; dimanah-manah bae pikarěpeun salam teh.

30. Ngalahir deui malaikat: Montong sijeun-sijeun Mariam, sabab njai geus meunang koernija ti Allah.

31. Njai teh bakal bobot, sarta bakal ngowo sahidji poetra paměgět; koe njai koedoe didjěněnganan Jesoes.

32. Eta poetra bakal agoeng, sarta bakal didjěněnganan Poetra Allah taàla, djeung Goesti Allah bakal maparin ka eta palinggihan Dawoed ramana;

33. Sarta bakal ngaratoean ka bangsa Jakoeb dongkap ka aherat; ari karadjaanana teh moal aja pitoengtoengeunana.

34. Geus kitoe Mariam oendjoekan ka malaikat: Koemaha noen, eta pidjadieunana? karantěn simkoering teh hanteu pisan patěpang djeung lalaki.

35. Ngawalon malaikat, kijeu lahirna: Njai bakal disoempingan Roh Soetji, sarta diaoeban koe kawasa Allah taàla; manana eta noe soetji, noe bakal diowokeun koe njai teja, pidjěněnganeunana Poetra Allah.

36. Geuning Elisabet, baraja njai, noe sakitoe kolotna, ajeuna oge keur ngandoeng anak lalaki. Ari eta noe disarěboet gaboeg teh, reuneuhna geus kagěněp boelan ijeu.

37. Karana moenggoeh di Allah mah hanteu aja noe moestahil.

38. Tidinja Mariam oendjoekan deui: Simkoering teh sakabeh-kabeh abdi Pangeran; moegi-moegi didjadikeun ka simkoering sakoemaha pilahir adjěngan. Geus kitoe malaikat teh moelih.

39. Mangsa harita Mariam toeloej angkat gagantjangan ka pigoenoengan, ngadjoegdjoeg ka nagara Joeda.

40. Geus kitoe soemping ka boemi Djakaria, seug oeloek salam ka Elisabet.

41. Barang ngareungeu Elisabet oeloek-salam Mariam, toeloej poetrana adjroegadjroegan di djěro lamboet. Tidinja Elisabet dieusian Roh Soetji,

42. Sarta njaoer bědas gěntrana, kijeu saoerna: Nja andjeun anoe dipaparin běrkah di pělěbah sakabeh awewe, sarěng salamět boewah lamboet andjeun.

43. Koemaha sababna iboe Goesti kaoela noe matak soemping ka kaoela?

44. Karana keur mangsa oeloek-salam andjeun kadenge koe kaoela, harita anak kaoela moenggah adjroegadjroegan di djěro beuteung koe bawaning soekaeun.

45. Andjeun teh nja salamět jen geus pěrtjaja, karana noe geus diwartakeun ka andjeun ti Pangeran, tanwande dilaksanakeun.

46. Ladjěng Mariam ngalahir: Njawa koering ngagoengkeun ka Pangeran,

47. Djeung soekma koering boengah ka Allah, Djoeroesalamět koering,

48. Doemeh geus ningali kana kahandapan abdina. Ari ti watěs ajeuna koering bakal disarěboet salamět koe sakabeh toeroenan-toeroenan.

49. Sabab ka diri koering teh geus dipidamël pěrkawis noe aheng-aheng koe noe Langkoeng Kawasa, sarěng soetji padjěněnganana;

50. Sarta kawělasanana toeroen-toemoeroen ka sakoer noe sarijeuneun ka salira andjeunna.

51. Pangeran geus midamël kawasa koe pananganana,

sarĕng noe aradigoeng sadjĕroning pamikir hatena, eta geus dipabalĕntjarkeun.

52. Anoe kawasa geus dirarorod ti pangtjalikan, sarĕng geus ngadjoengdjoengkeun ka djalma noe harandap.

53. Anoe waloerat geus diparinoehan koe banda-banda, sarĕng noe baleunghar geus dipiwarang balik lalengoh bae.

54. Geus ngamanah deui ka Israil abdina, kĕrsana emoeteun ka kawĕlasan andjeunna,

55. (Sakoemaha noe koe andjeunna geus diandikakeun ka karoehoen oerang, nja eta ka Ibrahim sarĕng toeroenanana) dongkap ka aherat.

56. Ari Mariam teh ngandjrĕk di Elisabet antara tiloe boelan lilana, ladjĕng moelih deui ka boemina.

57. Sanggeus kitoe Elisabet teja dongkap ka waktoe dek ngowo; toeloej ngowokeun hidji poetra pamĕgĕt.

58. Ari tatangga-tatanggana reudjeung koelawargana pada ngadenge jen Pangeran geus ngamoeljakeun 'piwĕlasna ka Elisabet, tidinja mariloe boengah.

59. Ari di poë noe kadalapan pada datang narejang, rek njĕpitan eta moerangkalih, sarta disarĕboetkeun Djakaria, noeroetkeun ka djĕnĕngan ramana.

60. Tidinja iboena ngalahir, kijeu lahirna: Ih lain kitoe, koedoe dingaranan Johannes.

61. Ari salaoerna eta djalma ka Elisabet: Naha da teu aja koelawarga andjeun, anoe kitoe djĕnĕnganana.

62. Toeloej pada pĕpĕta ka ramana, naros koemaha noe dikĕrsakeun pidjĕnĕnganeunana moerangkalih.

63. Geus kitoe moendoet papan panoelisan, toeloej Djakaria njĕrat, kijeu oenina: Ari ngaranna eta teh Johannes. Tidinja sakabeh djalma hareraneun.

64. Mangsa harita keneh lambĕj Djakaria boeka, sarta ilatna hiroep, ladjĕng ngalahir sarta bari moedji ka Allah.

65. Ari sakabeh tatanggana sarijeuneun, sarta di sakoeriling pigoenoengan Joedea pada ngomongkeun eta pĕrkara.

66. Djeung sakabeh djalma anoe ngadarenge pada njatĕt dina atina, pokna: Pidjadieun naon eta moerangkalih teh? Ari panangan Pangeran njarĕngan ka eta moerangkalih.

67. Ladjĕng Djakaria ramana dieusian Roh Soetji, seug ngawĕdjang, kijeu wĕdjangna:

68. Sagala poedji disanggakeun ka Pangeran, Allah Israil, karana geus ngalajad sar-

ta ngaleupaskeun ka oematna.

69. Djeung geus ngadamĕl pikeun oerang hidji tandoek kasalamĕtan, ajana di bangsa Dawoed abdina,

70. Sakoemaha noe geus diandikakeun koe Pangeran lantaran lambĕj para nabi saroetji, ti alam baheula pisan,

71. Nja dileupaskeun ti moesoeh-moesoeh oerang, djeung ti leungeun sakabeh djalma noe gareuleuh ka oerang;

72. Kĕrsana midamĕl kawĕlasan ka karoehoen oerang, sarta emoeteun ka pĕrdjangdjian andjeunna noe soetji teja;

73. Nja kana soempah noe koe andjeunna geus disoempahkeun ka Ibrahim, karoehoen oerang: bade maparin,

74. Jen oerang, ari geus ka loewar ti leungeun moesoeh-moesoeh oerang, ngabarakti ka andjeunna hanteu kalawan sijeun,

75. Make kasoetjian sarta kabĕnĕran di pajoeneun salira andjeunna, sapandjang oemoer oerang.

76. Ari maneh teh, ĕnoeng, bakal disarĕboet nabi Allah taàla, sabab maneh bakal leumpang pajoeneun Pangeran, pikeun njadijakeun pidjalaneunana,

77. Sarta pikeun nganjahokeun ka oemat-oemat andjeunna hal kasalamĕtan teja, tina dihampoera dosa-dosana;

78. Koe bawaning kalangkoeng-langkoeng nja kawĕlasan Allah oerang, anoe matak oerang teh geus dilajad koe mĕlĕtekna ti loehoer,

79. Soepàja njaangan ka noe darijoek di noe poëk djeung dina kalangkang maot, sarta mĕnĕrkeun soekoe oerang kana djalan kasĕnangan.

80. Dĕmi moerangkalih teh ngagĕngan, sarta dikoewatkeun moenggoehing soekmana; ari tjalikna di tĕgal lĕga, dongkap ka mangsana mĕndakan ka bangsa Israil.

PASAL 2.

Dina mangsa eta ka loewar timbalan ti praboe Agoestoes, jen saalam-doenja koedoe pada ditoeliskeun ngaranna.

2. Ari eta pangnoeliskeunana anoe mimitina, djadina keur mangsa Kirinoes djĕnĕng goepĕrnoer di tanah Sam.

3. Geus kitoe sakabeh djalma laleumpang, soepaja ditaroeliskeun ngaranna, oenggal-oenggal djalma di sanagara-sanagarana.

4. Ari Joesoep oge angkat ti tanah Galilea, ti nagara Nasaret, ka tanah Joedea, ka nagara Dawoed, anoe ngaran Betlehem, sabab Joesoep teh asal bangsa sarta toeroenan Dawoed;

5. Pangangkatna soepaja ditoeliskeun djeung Mariam pigeureuhaeunana, nja eta keur bobot.

6. Mangsa keur tjaralik di dinja, Mariam teh dongkap ka waktoe dek ngowo.

7. Tidinja ngowokeun poetra njikalan, seug dibĕdongan koe lamak-lamak, ladjĕng diebogkeun dina pangokopan, tina sabab arandjeunna geus teu kabagean ĕnggon di pasanggrahan.

8. Ari di pasisian nagara eta aja taroekang ngangon; wantji ti peuting naroenggoean ingon-ingonanana di tĕgal.

9. Beh sahidji malaikat ti Pangeran ngadĕg deukeut ka dinja, sarta pada katodjo koe kamoeljaan Pangeran; tidinja sarijeuneun kabina-bina.

10. Sanggeus kitoe malaikat teh ngalahir ka eta djalma: Montong sarijeun; kami ngabedjakeun ka maraneh kaboengahan noe rosa pisan, piadjangeun sabangsa Israil kabeh;

11. Karana mangsa ajeuna geus diowokeun keur maraneh eta Djoeroe-salamĕt, tĕgĕsna Goesti Kristoes, di nagara Dawoed.

12. Ari pialamateunana kijeu: maraneh bakal manggih hidji moerangkalih, dibĕdongan koe lamak-lamak, keur ebog dina pangokopan.

13. Harita keneh loba balad sawarga anoe reureudjeungan djeung eta malaikat teja, pada maroedji ka Allah, kijeu poedjina:

14. Koedoe dimoeljakeun Allah dina ĕnggon loehoer; di boemi masing kĕrta; manoesa teh pada dianggo karĕsĕp!

15. Sanggeus malaikat teh ngarapoeng moelih ka sawarga, toeloej eta djalma, toekang ngangon teja, pok ngaromong djeung batoerna kijeu: Hajoe oerang laleumpang ka Betlehem, oerang nendjo sakali kana eta pĕrkara noe geus djadi, noe geus diwartakeun ka oerang koe Pangeran teja.

16. Geus kitoe daratang gagantjangan, kasampak Mariam djeung Joesoep sarta moerangkalih teja, anoe keur ebog dina pangokopan.

17. Dĕmi geus narendjo, toeloej pada ngalijarkeun eta kasaoeran, noe geus diwartakeun ka maranehanana hal pĕrkara moerangkalih teja.

18. Djeung sakabeh djalma anoe ngadarenge pada heraneun tina pĕrkara anoe dibedjakeun ka maranehanana koe eta taroekang ngangon teja.

19. Ari koe Mariam mah disimpĕn bae eta sagala pĕrkara, sarta dipikir-pikir sadjĕroning manahna.

20. Tidinja toekang ngangon teh pada moelang bari ngamoeljakeun djeung maroedji ka Allah tina sabab saniskara noe geus kadarenge sarta katarendjo, sapĕrti anoe geus diwartakeun ka darinja.

21. Ari geus djĕdjĕg dalapan poë, bade njĕpitan moerangkalih teja, ladjĕng djĕnĕnganana disarĕbat Jesoes, anoe geus dilahirkeun koe malaikat teja samemehna dikandoeng.

22. Ari geus djĕdjĕg poëna ngabĕrĕsihan arandjeunna, noeroetkeun hoekoem Moesa, ladjĕng Jesoes teh ditjandak ka nagara Jĕroesalem, bade disanggakeun ka Pangeran;

23. Sapĕrti noe geus dioengĕlkeun dina hoekoem Pangeran kijeu: Sakoer-sakoer anak lalaki, anoe moeka pianakan, koedoe disĕboetkeun soetji bade ka Pangeran;

24. Djeungna deui soepaja njanggakeun pangabakti, sakoemaha noe geus ditimbalkeun dina hoekoem Pangeran kijeu: Tikoekoer sakoerĕn atawa anak djapati doewa.

25. Dĕmi di Jĕroesalem aja hidji djalma, djĕnĕnganana Simeon; eta djalma teh bĕnĕr sarta ibadah, ngarĕpngarĕp anoe poerah njĕnangkeun Israil; sarta eta dilinggihan Roh Soetji.

26. Geus dipasihan pitoedoeh lantaran Roh Soetji, moal waka maot samemeh ningali Kristoesna Pangeran.

27. Tidinja Simeon teh soemping ka kabah kasoeroeng koe eta Roh. Dĕmi mangsa eta moerangkalih koe iboeramana ditjandak asoep ka kabah, dek dipĕtakeun koemaha adat-bijasa Toret teja,

28. Ladjĕng koe Simeon dipangkon eta moerangkalih, barina moedji ka Allah, saoerna kijeu:

29. Ajeuna mah, noen Pangeran, abdi Pangeran moegi diidinan wangsoel sarĕng kasĕnangan, sakoemaha noe geus ditimbalkeun,

30. Karantĕn panon simkoering geus nendjo kana kasalamĕtan andjeun,

31. Noe koe andjeun geus ditjawiskeun di hareupeun sakabeh bangsa-bangsa;

32. Nja eta sahidji tjahja noe pikeun njaangan ka sagala oerang kapir, sarĕng matak kamoeljaan ka oemat andjeun Israil.

33. Ari Joesoep djeung iboe Jesoes hareraneun koe sabab anoe disaoerkeun hal pĕrkara moerangkalih teja.

34. Ladjĕng iboe-ramana dibĕrkahan koe Simeon, sarta kijeu saoerna ka Mariam iboena: Ijeu teh geus dipastikeun matak laboeh djeung matak hoedang loba djalma bangsa

Israil, djeung djadi tanda noe bakal dipadoean,

35. (Sarta njawa njai teh bakal parat koe pĕdang) soepaja pamikir hate djalma reja katara.

36. Aja deui di dinja hidji nabi istri, djĕnĕnganana Hanna, poetra Panoeël, kaom Aser. Eta teh sĕpoeh pisan oemoerna; tjarogeanana tina watĕs landjang ngan meunang toedjoeh taoen.

37. Harita randa, oemoerna kira-kira dalapan poeloeh opat taoen; djeung teu pisan pisah ti kabah, beurang-peuting ngabakti ka Allah kalawan poewasa reudjeung panĕnĕda.

38. Waktoe harita ngadeukeutan ka dinja, sarta kitoe deui moedji ka Pangeran; toeloej ngoewarkeun eta moerangkalih ka sakabeh djalma noe ngarĕp-ngarĕp di Jĕroesalem kana dileupaskeunana.

39. Dĕmi geus toetoep ngalampahkeun sakabehna noe dimistikeun koe hoekoem Pangeran, ladjĕng maroelih ka Galilea, ka Nasaret nagarana.

40. Geus kitoe eta moerangkalih ngagĕngan djeung dikoewatkeun moenggoehing soekmana, dieusian kaoeningaan, sarta disarĕngan koe sih-koernija Allah.

41. Ari eta iboe-ramana saban-saban taoen angkat ka Jĕroesalem, moro pesta paska.

42. Mangsa Jesoes joeswana geus doewa wĕlas taoen, arangkat deui ka Jĕroesalem, koemaha adat pesta teja.

43. Dĕmi geus toetoep poena, ari maroelih deui, moerangkalih teja, nja eta Jesoes, katinggaleun di Jĕroesalem, koe Joesoep sarta koe iboena hanteu kaoeninga.

44. Ari raosna jen andjeunna patjampoer djeung batoer-batoer laleumpang, manana angkatna dongkap kana lalampahan sapoë, barina nejangan ka koelawargana sarta ka kawawoehanana.

45. Sarehna hanteu kapĕndak, ladjĕng maroelih deui ka Jĕroesalem, bari nejangan.

46. Geus meunang tiloe poë, kapĕndak dina kabah keur tjalik di tĕngaheun goeroe-goeroe, bari ngareungeukeun sarta naros ka darinja.

47. Ari sakabeh djalma anoe ngadarenge, pada mĕlĕngĕk koe pangartosanana djeung pangwalonanana.

48. Barang iboe-ramana ningali, kageteun. Ladjĕng njaoer iboena ka Jesoes: Naha ĕneng, wĕt koe naon ĕneng geus midamĕl ka iboe-rama anoe kitoe pĕtana? Ari rama ĕneng djeung iboe geus nejangan ĕneng bari nalangsa pisan.

49. Ladjĕng ngawangsoel ka iboe-ramana: Koe naon

nejangan koering? Koetan tatjan oeninga jen koering koedoe aja di noe Rama koering?

50. Dĕmi iboe-ramana hanteu hartoseun ka eta kasaoeranana, anoe disaoerkeun ka arandjeunna.

51. Geus kitoe moelih sasarĕngan djeung iboe-ramana; tidinja soemping ka Nasaret, sarta ngesto ka iboe-ramana. Ari koe iboena eta sagala pĕrkara disimpĕn dina manahna.

52. Ladjĕng Jesoes teh tambah-tambah kaoeningaanana, sarta ngagĕngan, djeung ditambah sih-koernija ti Allah djeung ti manoesa.

PASAL 3.

Mangsa kalima-wĕlas taoenna djoemĕnĕng praboe Tiberioes, mangsa Pontioes Pilatoes djĕnĕng goepĕrnoer di Joedea, djeung Herodes djĕnĕng bopati di Galilea, sarta Pilipoes saderekna djĕnĕng bopati di Itoerea djeung di tanah Trakonitis, sarta Lisanias djĕnĕng bopati di Abilena,

2. Keur mangsa Hannas djeung Kajapas djĕnĕng panghoeloe agoeng, harita pangandika Allah ditimbalkeun ka Johannes, poetra Djakaria, keur aja di tĕgal lĕga teja.

3. Tidinja Johannes soemping ka tanah sakoeriling Tjijordan, sarta ngoewarkeun pangbanjoe pĕrtobat pikeun ngahampoera dosa.

4. Sapĕrti noe geus dioengĕlkeun dina kitab pilahir nabi Jĕsaja, kijeu lahirna: Aja sowara noe njĕloek di tĕgal lĕga kijeu: Geura njadijakeun pidjalaneun Pangeran, geura ngalĕmpĕngkeun djalan-djalan andjeunna.

5. Sakoer lĕbak-lĕbak bakal disaeuran, sarta sakabeh goenoeng djeung pasir bakal dihandapkeun; ari noe belot bakal djadi lĕmpĕng, sarta noe garokgek bakal djadi djalan rata.

6. Djeung saniskara daging teh bakal narendjo kasalamĕtan Allah.

7. Ladjĕng Johannes ngalahir ka djalma-djalma noe daratang hajang dibanjoean koe andjeunna, kijeu lahirna: Eh anak-anak oraj wĕlang, saha noe geus noedoehkeun ka maraneh, njingkiran bĕbĕndoe noe mangke datang?

8. Manana geura ngabaridjilkeun boewah-boewah anoe tĕroes djeung pĕrtobat; djeung maraneh oelah sĕdja ngaromong di djĕro hate: Nja Ibrahim rama aing; karana kami ngabedjakeun ka maraneh, jen Allah ijasaeun ngadjadikeun anak-anak keur Ibrahim tina eta batoe.

9. Samalah kampak geus disandingkeun dina akar ta-

tangkalan. Nja oenggal-oenggal tangkal anoe hanteu baroewahan noe hade, tangtoe ditoewar, toeloej dialoengkeun kana seuneu.

10. Tidinja eta djalma pada naros ka Johannes, kijeu pioendjoekna: Naon anoe koedoe dipigawe koe koering?

11. Ngawalon Johannes, kijeu lahirna: Saha-saha djalma noe boga badjoe doewa, koedoe bikeun sahidji ka noe hanteu boga; djeung noe boga kahakanan koedoe nja kitoe deui.

12. Geus kitoe hol daratang toekang tjoeke, pada hajang dibanjoean; ari oendjoekanana ka Johannes: Noen goeroe, naon anoe koedoe dipigawe koe koering?

13. Lahiran Johannes ka eta: Oelah menta leuwih ti noe geus ditangtoekeun.

14. Aja deui pradjoerit noe pada naros ka Johannes, kijeu pioendjoekna: Ari lĕbah koering mah, naon anoe koedoe dipigawe koe koering? Lahiran Johannes ka dinja: Oelah njaroesahkeun ka djalma, djeung oelah ngarajah babandaan djalma, sarta koedoe tjoekoepkeun bajaran maraneh.

15. Ari koe sabab eta djalma-djalma teh pada ngarĕpngarĕp sarta sarereja pada malikir sadjĕroning hatena moenggoeh Johannes, palangsijang nja eta Kristoes teh,

16. Ladjĕng Johannes ngalahir ka sakabehna, kijeu lahirna: Ari kami mah ngabanjoean soteh ka maraneh koe tjai bae, tatapi bakal soemping anoe langkoeng kawasa ti batan kami, kami hanteu lajak moeka tali taroempahtaroempahna atjan; nja eta noe bakal ngabanjoean ka maraneh koe Roh Soetji djeung koe seuneu.

17. Ari pananganana njandak njiroena, bakal napi beunang noetoena; tarigoena rek dikoempoelkeun kana koedangna, ari hoeoet mah rek dihoeroe koe seuneu noe teu beunang dipareuman.

18. Reja deui pĕrkara lijan ti dinja, noe diwoeroekkeun koe Johannes, bari ngoewarkeun Indjil ka djalma-djalma teja.

19. Tatapi Herodes, bopati teja, sanggeus ditjawad koe Johannes tina pĕrkara Herodias, geureuha saderekna noe ngaran Pilipoes, djeung tina sakabeh lakoe-lampah noe goreng, anoe sok dipigawe koe Herodes,

20. Toeloej nambahan deui ka eta sakabehna, koe ngasoepkeun Johannes ka pangberokan.

21. Geus kitoe mangsa djalma-djalma sakabeh keur

dibaranjoean teja, ari Jesoes dibanjoean oge, bari nĕnĕda, ladjĕng langit braj moeka;

22. Tidinja Roh Soetji loengsoer sapĕrti djapati, sarta nganggo roepa awak, ninggang ka salira andjeunna. Geus kitoe aja gĕntra ti langit, pangandikana kijeu: Nja andika Poetra kami noe kaasih, andika noe dipikarĕsĕp koe kami.

23. Dĕmi Jesoes teh mangsa ngamimitian joeswana antara tiloe poeloeh taoen, sarta dinjaranaan poetra Joesoep, ari Joesoep teh poetra Eli,

24. Eli poetra Matat, Matat poetra Lewi, Lewi poetra Melki, Melki poetra Jana, Jana poetra Joesoep,

25. Joesoep poetra Matatias, Matatias poetra Amos, Amos poetra Nahoem, Nahoem poetra Esli, Esli poetra Nagai;

26. Nagai poetra Maat, Maat poetra Matatias, Matatias poetra Sĕmeï, Sĕmeï poetra Joesoep, Joesoep poetra Joeda,

27. Joeda poetra Johanan, Johanan poetra Resa, Resa poetra Seroebabĕl, Seroebabĕl poetra Salatiël, Salatiël poetra Neri,

28. Neri poetra Melki, Melki poetra Adi, Adi poetra Kosam, Kosam poetra Elmodam, Elmodam poetra Er,

29. Er poetra Joses, Joses poetra Eliëser, Eliëser poetra Jorim, Jorim poetra Matat, Matat poetra Lewi,

30. Lewi poetra Simeon, Simeon poetra Joeda, Joeda poetra Joesoep, Joesoep poetra Jonan, Jonan poetra Eljakim,

31. Eljakim poetra Meleas, Meleas poetra Mainan, Mainan poetra Matata, Matata poetra Natan, Natan poetra Dawoed,

32. Dawoed poetra Isai, Isai poetra Obed, Obed poetra Boas, Boas poetra Salmon, Salmon poetra Nahason,

33. Nahason poetra Aminadab, Aminadab poetra Aram, Aram poetra Esrom, Esrom poetra Pares, Pares poetra Joeda,

34. Joeda poetra Jakoeb, Jakoeb poetra Ishak, Ishak poetra Ibrahim, Ibrahim poetra Tarah, Tarah poetra Nahor,

35. Nahor poetra Saroeh, Saroeh poetra Ragaoe, Ragaoe poetra Palek, Palek poetra Heber, Heber poetra Sala,

36. Sala poetra Kainan, Kainan poetra Arpaksad, Arpaksad poetra Sem, Sem poetra Ĕnoh, Ĕnoh poetra Lameh,

37. Lameh poetra Metoesalah, Metoesalah poetra Henoh, Henoh poetra Jared, Jared poetra Maleleël, Maleleël poetra Kainan,

38. Kainan poetra Enos, Enos poetra Set, Set poetra Adam, Adam poetra Allah.

PASAL 4.

Ari Jesoes pinoeh koe Roh Soetji angkat deui ti Tjijordan; ladjĕng koe eta Roh ditjandak ka tĕgal lĕga.

2. Geus kitoe digoda koe Iblis, opat poeloeh poë lilana, sarta hanteu pisan barangtoewang di poë eta teja. Sanggeus toetoep poëna, palajeun toewang.

3. Tidinja Iblis teh oendjoekan ka Jesoes kijeu: Lamoen ĕnja andjeun Poetra Allah teh, geura piwarang eta batoe sina djadi roti.

4. Ari Jesoes ngawalon ka Iblis, kijeu lahirna: Geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Manoesa teh moal hiroep koe roti woengkoel, istoening koe oenggal-oenggal pangandika Allah.

5. Geus kitoe koe Iblis dibawa ka sahidji goenoeng anoe loehoer, sarta ditoedoeh-toedoehkeun kana sakabehna karadjaan alam-doenja dina sakitjeup mata bae,

6. Bari oendjoekan kijeu: Ari sakabehna kawasa eta djeung kamoeljaanana koe kaoela dek disanggakeun ka andjeun; karana geus disĕrahkeun ka kaoela, sarta koe kaoela dibikeun ka saha bae tjopna.

7. Koe sabab eta, lamoen andjeun kĕrsa njĕmbah ka kaoela, eta sadajana teh bade kagoengan andjeun.

8. Ladjĕng Jesoes ngawalon ka Iblis, kijeu lahirna: Geura los ti kami, setan; karana geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Maneh koedoe njĕmbah ka Pangeran, Allah maneh, djeung koedoe ngabakti ngan woengkoel ka andjeunna bae.

9. Geus kitoe Jesoes koe Iblis dibawa ka Jĕroesalem, sarta diteundeun di poentjak kabah, bari oendjoekan kijeu: Lamoen ĕnja andjeun Poetra Allah teh, tjik geura ngaragragkeun andjeun ti dijeu;

10. Karana geus dioengĕlkeun dina Kitab, jen Pangeran bade nimbalan ka para malaikatna tina pĕrkawis andjeun, soepaja pada ngaraksa ka andjeun,

11. Sarĕng soepaja njarangga ka andjeun, sangkan dampal andjeun oelah koengsi tigasroek kana batoe.

12. Ladjĕng Jesoes ngawalon ka Iblis, kijeu lahirna: Geus ditimbalkeun kijeu: Maneh oelah dek njoba ka Pangeran, Allah maneh.

13. Sanggeus Iblis mejakkeun sakabehna gogoda teh,

toeloej njingkir ti Jesoes rada lila.

14. Ari geus kitoe Jesoes moelih deui ka Galilea koe kawasa Roh; sarta kaoewar-aerkeun di sakoeriling tanah eta kabeh.

15. Sarta sok ngawoeroek dina masigit-masigit eta djalma, bari diparoedji koe sakabeh.

16. Tidinja Jesoes soemping ka Nasaret, oeroet dimemenanana; sarta koemaha bijasana di poë sabat teh, tjalik ka masigit, ladjĕng ngadĕg, kĕrsana dek ngaos.

17. Geus kitoe ka andjeunna disanggakeun kitab nabi Jĕsaja; ari geus diboeka kitab teh, mĕndakan djadjaran anoe disĕratkeun kijeu oengĕlna:

18. Roh Pangeran aja di kami; koe sabab eta kami geus dilisahan koe Pangeran, sarta dipiwarang ngoewarkeun Indjil ka noe mararat, djeung njageurkeun ka noe peupeus hatena;

19. Kitoe deui ngoewarkeun ka sakitan-sakitan eta dileupaskeun, djeung ka noe marĕrĕm bakal narendjo, djeung njalamĕtkeun ka noe kasarabĕt, sarta ngoewarkeun taoen kasĕnangan ti Pangeran.

20. Sanggeus Jesoes ngagoeloengkeun eta kitab, diparinkeun ka mĕrĕbot, ladjĕng tjalik. Ari sakabeh djalma noe di masigit teja pada mĕntjrong ka andjeunna.

21. Tidinja mimiti ngalahir ka eta djalma kijeu: Waktoe ajeuna eta toelis teh boekti, kadenge koe maraneh.

22. Geus kitoe sakabehna pada ngalĕrĕsan ka Jesoes, bari hareraneun koe tina ngareunah pilahir noe ka loewar ti lambĕjna; ari ngaromongna: Naha eta teh koetan lain poetra Joesoep?

23. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka darinja: Meureun maraneh dek njarĕboetkeun ka kami koe babasan teja: ah doekoen, geura njageurkeun bae ka diri sorangan; sakabehna noe geus djadi di Kapernaoem, anoe geus kadenge koe koela, eta pigawe deui di dijeu, di nagara asal maneh.

24. Lahiranana deui: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, jen taja nabi hidji-hidji atjan noe dipikasoeka di nagara asalna.

25. Tatapi kami ngalahir ka maraneh saĕnja-ĕnjana: keur djaman Elias di bangsa Israil reja pisan randa; harita langit noetoep bae tiloe taoen gĕnĕp boelan lilana, datang ka patjĕklik kabina-bina sakoerilingna tanah.

26. Dĕmi Elias teh hanteu dipiwarang ka eta randa hidji-

hidji atjan, ngan ka nagara Sarpat di tanah Sidon, ka hidji randa.

27. Djeung deui keur djaman nabi Elisa di bangsa Israil reja pisan djalma noe kasakit lepra; hanteu aja hidjihidji atjan noe diběrěsihan, ngan Naaman oerang Sam teja.

28. Ari geus kitoe sakabeh djalma noe di masigit teja, pada amběkeun kabina-bina, eukeur ngadarenge eta.

29. Tidinja narangtoeng, seug pada ngadjongklokkeun Jesoes ti djěro nagara, sarta diiringkeun ka poentjak goenoeng anoe dipěrnahan nagarana, sědjana dek diragragkeun.

30. Tatapi Jesoes angkat molopos bae ka těngahna eta djalma.

31. Geus kitoe soemping ka nagara Kapernaoem, di tanah Galilea; ladjěng ngawoeroek ka djalma-djalma di poë sabat.

32. Ari djalma teh pada reuwaseun koe tina piwoeroekna, karana pilahirna koe kawasa.

33. Děmi di masigit aja hidji djalma noe kaasoepan setan nadjis; eta ngagěro sarta bědas sorana,

34. Pokna: Adoeh Jesoes, oerang Nasaret, andjeun aja pěrkawis naon ka koering? Koemaha andjeun soemping teh bade ngaroeksakkeun ka koering sadaja? Koering geus těrang ka andjeun, jen andjeun teh soetjina Allah.

35. Tidinja eta disaoeran koe Jesoes, kijeu lahirna: Geura repeh, sarta ka loewar ti eta djalma. Geus kitoe setan teh ngabeubeutkeun eta djalma ka těngah-těngah, bari toeloej ka loewar, hanteu pisan njotjengan ka manehanana.

36. Děmi sakabeh djalma teja pada mělěngěk, sarta ngaromong djeung batoerna, pokna: Pilahir naon eta teh, wět kalawan kawasa djeung matihna eta miwarang ka soekma nadjis, datang ka kalaloewar?

37. Ari pěrkara Jesoes kaoewar-aerkeun ka sakabeh nagara sakoeriling tanah eta teja.

38. Geus angkat Jesoes ti masigit, ladjěng tjalik ka imah Simon. Ari mitoha Simon awewe keur moerijang bangět pisan; toeloej dipangnědakeun ka Jesoes.

39. Ladjěng koe salirana dilanggoekan, bari njeuseul ka moerijang teh, geus kitoe moerijangna oendoer ti eta awewe; harita keneh hoedang, seug ngalalajanan ka tatamoe-tatamoena.

40. Ari geus soeroep panon-poë, sakoer noe baroga-

eun djalma gĕring koe roepa-roepa panjakit, pada njanggakeun eta ka Jesoes; ladjĕng hidji-hidji djalma teh ditoempangan panangan, ditjalageurkeun.

41. Aja deui setan-setan ka loewar ti loba djalma, bari pada ngagĕro, pokna: Nja andjeun teh Kristoes, Poetra Allah! Ladjĕng koe Jesoes diseuseul, hanteu diwidian lemek, sabab njarahoëun jen andjeunna teh Kristoes.

42. Barang braj beurang Jesoes ka loewar, angkat ka ĕnggon noe djĕmpe; geus kitoe djalma-djalma pada nejangan andjeunna; ari geus daratang ka pajoeneunana, toeloej Jesoes diarandĕg, soepaja oelah waka ladjĕng.

43. Tatapi Jesoes ngalahir ka eta djalma: Kami koedoe ngoewarkeun deui Indjil tina karadjaan Allah ka nagara-nagara noe sedjen, sabab nja eta mana kami dipiwarang.

44. Ladjĕng bae ngawoeroek di masigit-masigit tanah Galilea.

PASAL 5.

Hidji mangsa djalma-djalma ngarangseuk ka Jesoes, pada hajangeun ngadengekeun ka pangandika Allah; harita andjeunna keur ngadĕg di laoet Genesaret.

2. Geus kitoe ningali doewa parahoe, noe aja di sisi laoet; ari palikana geus taroeroen, keur ngopjak-ngopjak heurapna.

3. Ladjĕng nitihan ka parahoe noe hidji, bogana Simon, sarta moendoet ka Simon parahoe dianggangkeun saeutik ti darat; seug linggih, bari ngawoeroek ka eta djalma-djalma ti djĕro parahoe teja.

4. Sanggeus liren ngawoeroekna, Jesoes ngalahir ka Simon: Parahoe padjoekeun ka noe djĕro, toeloej roengkoepkeun heurap maraneh, geura ngala laoek.

5. Ngawangsoel Simon, kijeu wangsoelanana: Noen Goeroe, simkoering sapeupeuting geus pada migawe, hanteu kenging naon-naon; nanging ajeuna aja timbalan andjeun, mangga simkoering sĕdja ngaroengkoepkeun heurap teh.

6. Dĕmi geus diroengkoepkeun, laoek loba katjida anoe karoengkoep, datang ka bĕdah heurapna.

7. Tidinja ngagoepajan ka batoerna, noe dina parahoe hidji deui, soepaja datang ngabarantoean. Geus kitoe daratang, pada ngeusian parahoe doewanana, datang ka dek kalĕm.

8. Barang katendjo koe Simon Petroes, brĕk mĕndĕk kana dĕkoe Jesoes, bari mi-

oendjoek: Noen Goesti, moegi angkat ti simkoering, karantĕn simkoering teh djalma gadoeh dosa.

9. Sabab Simon teh djeung sakabeh batoer-batoerna pada reuwaseun liwat-saking, koe beubeunanganana laoek teja.

10. Nja kitoe deui Jakoboes djeung Johannes, poetra Sĕbĕdeoes, anoe djadi batoer Simon. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka Simon: Montong sijeun-sijeun, ti watĕs ajeuna mah maneh pingalaeun djalma.

11. Geus kitoe koe eta djalma parahoena dikadaratkeun; toeloej saniskarana ditaringgalkeun, seug ngariring ka Jesoes.

12. Ari mangsa Jesoes keur linggih dina hidji nagara, kabĕnĕran di dinja aja hidji djalma anoe pinoeh awakna koe lepra. Barang beh nendjo ka Jesoes, hĕg soedjoed bari nĕnĕda, kijeu pioendjoekna: Noen Goesti, manawi kĕrsa, andjeun anoe ijasa ngabĕrĕsihan diri djisimkoering.

13. Geus kitoe Jesoes njodorkeun panangan, seug njandak ka eta djalma, bari ngalahir: Kami teh daek, hĕg maneh geura bĕrĕsih. Sapadaharita lĕs leprana teh leungit.

14. Ladjĕng Jesoes miwarang ka eta djalma jen oelah bebedja ka saha-saha, sarta koedoe leumpang, lahiranana, tingalikeun diri maneh ka panghoeloe, bari bakti koe sabab maneh geus dibĕrĕsihan, koemaha noe geus didawoehkeun koe Moesa, soepaja eta djadi saksi ka darinja.

15. Sanadjan kitoe ge Jesoes tambah-tambah kaoetarakeun bae, sarta loba pisan djalma noe karoempoel, pada hajangeun ngoepingkeun ka andjeunna, djeung hajang ditjalageurkeun tina kasakitkasakitna.

16. Tatapi ari Jesoes njingkahan ka tĕgal lĕga, ladjĕng nĕnĕda.

17. Dina hidji poë Jesoes keur ngawoeroek, sarta aja ahli-ahli parisi djeung goeroe-goeroe toret, noe geus daratang ti oenggal-oenggal desa di tanah Galilea djeung Joedea, kitoe deui ti Jĕroesalem; sarta aja kawasa ti Pangeran paragi njageurkeun ka eta djalma-djalma.

18. Tidinja beh noe marawa hidji djalma djingdjingeun, dibawana dina kasoer, sarta nejangan djalan keur ngasoepkeun eta djalma ka djĕro, sĕdjana dek dikĕdĕngkeun di pajoeneun Jesoes.

19. Ana hanteu manggih djalan keur ngasoepkeun, koe bawaning loba djalma, seug naraek ka hateup imah; sanggeus moekakeun oebin, toeloej noe djingdjingeun teh

dioeloer djeung kasoerna ka tĕngah-tĕngahna, ka pajoeneun Jesoes.

20. Barang ningali Jesoes eta kapĕrtjajaanana, ladjĕng ngalahir ka djalma teh: Eh djalma, dosa-dosa maneh geus dihampoera.

21. Tidinja ahli kitab djeung ahli parisi teja mimiti malikir, kijeu pokna: Saha eta teh, bĕt ngagorengkeun ka Allah? Saha anoe bisa ngahampoera dosa, ngan Allah njalira bae?

22. Ari Jesoes teh oeningaeun kana palikiranana; ladjĕng ngawalon, kijeu lahirna ka eta djalma: Naon anoe dipikiran sadjĕro hate maraneh?

23. Babari mana, ngomong: dosa-dosa maneh geus dihampoera, djeung ngomong: geura hoedang, toeloej leumpang?

24. Tatapi soepaja maraneh njaho jen Poetra manoesa teh boga kawasa di boemi pikeun ngahampoera dosa (ladjĕng ngalahiran ka noe djingdjingeun teja): Kami nitah ka maneh: geura hoedang, pangkoe kasoer maneh, toeloej moelang ka imah maneh.

25. Sapada-harita eta teh hoedang di hareupeun djalma loba; toeloej mangkoe kasoer oeroet ngĕdĕngna, seug indit moelang ka imahna, bari moedji ka Allah.

26. Ari sakabeh djalma pada mĕlĕngĕk, bari ngagoengkeun ka Allah, sarta sarijeuneun kabina-bina; ari ngaromongna: Poë ijeu oerang geus pada nendjo pĕrkara noe aheng katjida.

27. Sanggeus kitoe Jesoes angkat; tidinja ningali hidji toekang tjoeke, ngaranna Lewi, keur dijoek di panjoekeanana; ladjĕng ngalahir ka dinja: Geura ngiring ka kami.

28. Ari koe Lewi ditinggalkeun sakabehna, toeloej indit ngiring ka Jesoes.

29. Geus kitoe Lewi teh mestakeun rosa pisan ka Jesoes dina imahna pribadi; sarta loba pisan toekang tjoeke djeung djalma noe sedjen pada miloe ngarijoeng.

30. Ari ahli-ahli kitab djeung ahli-ahli parisi anoe di darinja pada ngageunggeureuhkeun ka moerid-moerid Jesoes, aromongna: Naha maraneh njatoe-nginoem babarĕngan djeung toekang tjoeke sarta djeung djalma noe daroraka?

31. Ladjĕng Jesoes ngawalon ka eta djalma, kijeu lahirna: Ari noe tjalageur mah hanteu koedoe didoekoenan, ngan anoe garĕring bae.

32. Pangdatang kami teh lain pikeun njaoer anoe balĕnĕr, nja njaoer anoe daroraka soepaja tarobat.

33. Toeloej aroendjoekan

ka Jesoes kijeu: Koe naon noe mawi moerid-moerid Johannes sok paroewasa sarĕng salat, nja kitoe deui moerid-moerid ahli parisi, ari moerid-moerid andjeun mah sok dalahar-leueut bae?

34. Lahiran Jesoes: Koemaha ari batoer-batoer panganten beunang dititah poewasa koe maraneh, salilana direudjeungan koe panganten teh?

35. Tatapi pidatangeun mangsa jen panganten teh geus ditjandak ti maranehanana, nja waktoe harita pada pipoewasaeun teh.

36. Ladjĕng Jesoes ngalahir deui ka eta djalma-djalma koe misil, kijeu: Hanteu aja djalma anoe nambalkeun lamak tina badjoe weuteuh kana badjoe boeroek; lamoen kitoe mah anoe weuteuh teh njoëhkeun ka noe boeroek, djeung deui panambal tina badjoe noe weuteuh teja hanteu soeroep djeung anoe boeroek.

37. Kitoe deui hanteu aja djalma anoe ngawadahan anggoer anjar kana karoeng koelit boeroek; lamoen kitoe mah anggoer noe anjar teh tangtoe ngabĕdahkeun kana karoeng koelit teja, toeloej moentjĕrat, ari karoeng koelit teh djadi boetoet.

38. Bĕnĕrna mah ari anggoer noe anjar koedoe diwadahan kana karoeng koelit anoe weuteuh, geus kitoe doewanana djadi tarĕtĕp.

39. Djeung deui ari djalma noe sok nginoem anggoer heubeul, tara gantjang hajang ka noe anjar, karana kijeu omongna: Mĕnding noe heubeul.

PASAL 6.

Dina kadoewana poë sabat anoe mimitina, Jesoes angkat, djalanna kana pĕpĕlakan tarigoe, dĕmi moerid-moeridna pada mipit ranggeujanana, digelang, seug didalahar.

2. Ari ahli-ahli parisi noe sawareh ngaromong kijeu: Koe naon maraneh noe matak migawe anoe hanteu kawidian dipigawe di poë sabat?

3. Ladjĕng Jesoes ngawalon ka ahli-ahli parisi teh, kijeu lahirna: Naha maraneh tatjan ngadji tjarita lalampahan Dawoed, keur mangsa palajeun dahar, kitoe deui batoer-batoerna?

4. Nja lampahna asoep ka gĕdong Allah teja, njandak eta roti-tingalieun, toeloej didahar sakali, djeung dipaparinkeun ka batoer-batoerna; padahal eta roti hanteu widi didahar, ngan koe para panghoeloe bae?

5. Ngalahir deui Jesoes ka eta djalma teh: Nja Poetra

manoesa anoe moerba ka poë sabat keneh.

6. Dina hidji poë sabat anoe sedjen Jesoes tjalik ka masigit, ladjĕng ngawoeroek. Di dinja aja hidji djalma anoe kemper leungeunna ti katoehoe.

7. Ari ahli-ahli kitab djeung ahli-ahli parisi pada ngawaskeun ka Jesoes, soegan dek njageurkeun di poë sabat, bawaning hajang manggih baris ngĕlakkeun andjeunna.

8. Tatapi Jesoes tingalieun ka palikiranana; ladjĕng ngalahir ka djalma noe kemper leungeunna teh, kijeu: Geura hoedang, toeloej nangtoeng di tĕngah. Geus kitoe hoedang, seug nangtoeng.

9. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka djalma noe reja teja: Kami dek nanjakeun ka maraneh: mana noe kawidian di poë sabat, njijeun anoe hade, atawa njijeun noe goreng? njalamĕtkeun ka sahidji njawa, atawa ngaroeksakkeun?

10. Tidinja roeroet-reret ka sakabehna, bari ngalahir ka eta djalma teja: Tjing geura sodorkeun leungeun maneh. Pek dilampahkeun. Toeloej eta leungeunna diwaloejakeun, tjageur tjara leungeun hidji deui.

11. Geus kitoe pada edanedanan sararewoteunana, sarta raragĕman djeung batoerbatoer Jesoes rek dikoemahakeun.

12. Dina mangsa eta ladjĕng Jesoes angkat ka goenoeng, bade nĕnĕda; ari panĕdana ka Allah sapeupeuting djĕpoet.

13. Dĕmi geus beurang Jesoes njaoer moerid-moeridna, ladjĕng milih doewa wĕlas, koe andjeunna eta disĕbatkeun oge rasoel;

14. Nja eta Simon, koe andjeunna eta disĕbatkeun oge Petroes; djeung Andreas saderekna, Jakoboes djeung Johannes, Pilipoes djeung Bartolomeoes,

15. Mateoes djeung Tomas, Jakoboes poetra Alpeoes, djeung Simon noe katĕlah Selotes,

16. Joedas poetra Jakoboes, djeung Joedas Iskariot, anoe djadi ngahijanat.

17. Sanggeus loengsoer ti goenoeng sasarĕngan djeung moerid, ladjĕng Jesoes ngadĕg di ĕnggon noe rata; salobana moerid-moerid pada araja, kitoe deui mangpirang-pirang djalma ti sakoeriling Joedea, djeung ti Jĕroesalem, sarta ti basisir Tiroes djeung Sidon,

18. Noe geus daratang sĕdja ngadengekeun ka Jesoes, sarta soepaja ditjageurkeun tina panjakit-panjakitna; kitoe deui noe dihareureujan koe soekma-soekma nadjis; toeloej pada ditjageurkeun.

19. Ari eta sakabeh djalma harajangeun njabak ka Jesoes, karana ka loewar karamatna, datang ka ditjageurkeun eta sakabehna.

20. Ladjĕng Jesoes tjĕngkat, ningali ka moerid-moerid, sarta ngalahir: Salamĕt maraneh anoe malarat, sabab nja maraneh anoe pibogaeun karadjaan Allah.

21. Salamĕt maraneh anoe langlajeuseun mangsa ajeuna, sabab nja maraneh anoe bakal diseubeuhan. Salamĕt maraneh anoe tjeurik mangsa ajeuna, sabab nja maraneh anoe bakal seuri.

22. Salamĕt maraneh lamoen dipikageuleuh koe djalma-djalma, sarta lamoen dipisahkeun, djeung dihina-hina, sarta lamoen ngaran maraneh dipitjeun sapĕrti noe nadjis, koe sabab tina Poetra manoesa.

23. Mangsa harita masing saroeka sarta barerag, sabab satĕmĕn-tĕmĕnna pigĕdeëun gandjaran maraneh di sawarga; karana boejoet-boejoet eta djalma teh geus milampah ka para nabi tjara anoe kitoe pĕtana.

24. Ari sabalikna pitjilakaeun maraneh anoe baleunghar, sabab maraneh teh geus meunang kasĕnangan diri.

25. Pitjilakaeun maraneh anoe geus sareubeuh, sabab maraneh teh bakal langlajeuseun; pitjilakaeun maraneh anoe sareuri mangsa ajeuna, sabab maraneh teh bakal nalalangsa djeung tjareurik.

26. Pitjilakaeun maraneh lamoen diaralĕm koe sakabeh djalma; karana boejoet-boejoet eta djalma teh geus milampah ka nabi noe paralsoe tjara anoe kitoe pĕtana.

27. Tatapi woeroek kami ka maraneh anoe ngadenge: koedoe njaah ka moesoeh-moesoeh maraneh, djeung koedoe migawe kahadean ka noe geuleuh ka maraneh.

28. Koedoe ngabĕrkahan ka noe njapa ka maraneh, djeung pangnarĕdakeun ka noe neungteuinganan ka maraneh.

29. Ari ka noe nampiling ka pipi maneh noe sabeulah, sodoran noe sabeulah deui; sarta ari noe njokot haroedoem maneh, oelah dihalangan njokot deui badjoe.

30. Berean ka oenggal-oenggal djalma anoe menta ka maneh, sarta oelah rek dipenta deui ka noe geus njokot banda maneh.

31. Djeung sakoemaha kahajang maraneh, djalma-djalma milampahkeun ka diri maraneh, koedoe kitoe maraneh ge nja milampahkeun ka djalma-djalma.

32. Sarta lamoen maraneh

njaah ka noe njaah ka diri maraneh, eta naon pipoedjieunana ka maraneh? karana djalma doraka ge pada njaaheun ka noe njaah ka maranehanana.

33. Djeung deui lamoen maraneh migawe kahadean ka noe migawe kahadean ka diri maraneh, eta naon pipoedjieunana ka maraneh? karana djalma doraka ge pada migawe anoe kitoe pĕtana.

34. Sarta lamoen maraneh ngindjeumkeun ka djalma ngarĕp-ngarĕp moelang deui, eta naon pipoedjieunana ka maraneh? karana djalma doraka ge sok ngindjeumkeun ka djalma doraka, soepaja katampa sakoemaha ngindjeumna.

35. Sabalikna koedoe pada njaah ka moesoeh-moesoeh maraneh, sarta koedoe migawe kahadean; djeung ngindjeumkeun oelah pisan ngarĕp-ngarĕp balĕsan. Lamoen kitoe mah gandjaran maraneh bakal gĕde, sarta maraneh pidjadieun poetra Allah taàla; sabab andjeunna nja moerah ka djalma noe euweuh panarimana, djeung ka noe goreng.

36. Koe sabab eta maraneh koedoe wĕlasan, sapĕrti kawĕlasan Rama maraneh.

37. Papatjoewan oelah rek ngahoekoeman, mangke maraneh moal dihoekoeman. Oelah rek njapa, mangke maraneh moal disapa. Koedoe ngaleupaskeun, mangke maraneh dileupaskeun.

38. Koedoe barangbere, mangke maraneh diberean deui: takĕran anoe beunang moetjoengkeun, nja didĕdĕt, nja digĕdagkeun, nja leber, bakal dibikeun kana lahoenan maraneh; karana koe takĕran noe dipake nakĕran koe maraneh, mangke ka maraneh ditakĕrkeun deui.

39. Ladjĕng Jesoes ngalahirkeun hidji misil ka eta djalma, kijeu: Naha djalma noe lolong bisa noengtoen ka noe lolong deui? na moal tigoebrag doewanana ka soesoekan?

40. Ari moerid mah moal ngoengkoelan ti batan goeroena; tatapi oenggal-oenggal moerid noe geus antek mah, tangtoe mapakan ka goeroena.

41. Naha mana maneh nendjo tatal noe dina panon doeloer maneh, ari balok noe dina panon maneh sorangan mah hanteu karasa koe maneh?

42. Koemaha maneh bisa ngomong ka doeloer maneh: Eh doeloer, maap, koe kaoela dipanglaankeun tatal noe aja dina panon; ari balok noe aja dina panon maneh sorangan mah teu katendjo koe maneh? Eh djalma noe poerapoera, laanan heula balok noe aja dina panon maneh, ka-

kara toeloej mĕtjak-mĕtjak ngalaan tatal noe aja dina panon doeloer maneh.

43. Karana moal hade eta tangkal anoe boewahan noe goreng, sarta moal goreng eta tangkal anoe boewahan noe hade.

44. Karana oenggal-oenggal tangkal kanjahoan tina boewahna sorangan; sabab moal mĕtik boewah kondang tina tangkal tjoetjoek, sarta moal ngala boewah anggoer tina tangkal hareueus.

45. Ari djalma anoe hade ngabidjilkeun kahadean tina banda hate noe hade; kitoe deui djalma anoe goreng ngabidjilkeun kagorengan tina banda hate noe goreng; karana panglemekna biwir koe tina kaleberan hate.

46. Naha maraneh mana sok njarĕboet ka kami: Goesti, Goesti, tatapi maraneh teh hanteu milampah anoe diwoeroekkeun koe kami?

47. Saha-saha anoe datang ka kami sarta ngadengekeun pangwoeroek kami, djeung dilampahkeunana, eta kami teh ka maraneh dek noedoehkeun kana piibarateunana.

48. Ari eta teh ibarat djalma anoe njijeun imah; geus kitoe ngali sarta didjĕroan, toeloej njijeun padĕmen dina batoe karang. Mangsa keur tjaah, tjai teh ngadoepak kana eta imah, hanteu bisa ngobahkeun, sabab diadĕgkeun dina batoe karang.

49. Sabalikna anoe ngadenge, hanteu ngalampahkeun, nja eta ibarat djalma anoe njijeun imah dina taneuh, hanteu make padĕmen; ari tjaah teh ngadoepak kana eta imah, harita ge roeboeh, wani ngagoeloegoer pangroeboehna eta imah.

PASAL 7.

Sanggeus parantos sakabeh pilahirna, noe geus didarengekeun koe djalma-djalma teja, ladjĕng Jesoes soemping ka Kapernaoem.

2. Aja hidji badega kapala sĕrdadoe, gĕring sarta dek paeh; ari kapala teja njaaheun pisan ka eta badegana.

3. Pedah geus meunang bedja pĕrkara Jesoes, toeloej miwarangan kokolot-kokolot oerang Jahoedi ngadareuheusan ka Jesoes, ngahatoeranan linggih bade njageurkeun badegana.

4. Ari geus darongkap eta kokolot ka Jesoes, panoenoehoenna bangĕt pisan; aroendjoekanana kijeu: Kapala teh pantĕs ditoeloeng koe adjĕngan.

5. Karana njaaheun ka bangsa oerang, sarĕng geus mangmidamĕlkeun masigit bade oerang dijeu.

6. Geus kitoe Jesoes angkat djeung kokolot teja. Mangsa geus rada deukeut ka imahna, toeloej kapala teh miwarangan ka Jesoes sobat-sobatna, sarta pioendjoekna kijeu: Noen Goesti, montong ngewĕdkeun andjeun, karantĕn simkoering hanteu sae pisan dilinggihan nja rorompok koe andjeun.

7. Kitoe poerwana simkoering roemaos teu pantĕs ngadeuheusan koe maneh; ngan moegi-moegi nimbalan koe sakĕtjap bae, eta badega simkoering tinangtos tjageur.

8. Karantĕn simkoering ge di bawah anoe kawasa, sarĕng gadoeh sĕrdadoe noe ditjangking koe simkoering. Oepantĕn simkoering marentah ka saoerang: geura leumpang, seug leumpang; sarĕng ka saoerang deui: geura ka dijeu, seug datang; sarĕng ka badega simkoering: geura eta pigawe, seug dipigawe.

9. Mangsa ngadangoe kitoe, Jesoes heraneun ka eta djalma; ladjĕng malik, bari ngalahir ka djalma-djalma noe ngariring: Kami ngalahir ka maraneh, tjatjakan di bangsa Israil ge kami tatjan manggih kapĕrtjajaan anoe tjara kitoe.

10. Dĕmi eta piwarangan teh, sanggeus daratang deui ka imah, toeloej badega noe gĕring teja kasampak geus tjageur.

11. Ari isoekna Jesoes angkat ka hidji nagara anoe ngaran Nain; reja moerid noe ngariring, kitoe deui loba pisan djalma.

12. Barang dongkap ka deukeut panto nagara, parĕng aja noe ka loewar ngagotong noe paeh; ari noe paeh teja anak noenggal ti indoengna, anoe randa; loba nakĕr oerang nagara eta, noe ngalanteur ka randa teja.

13. Mangsa koe Goesti katingali eta randa teh, kalangkoeng-langkoeng wĕlaseunana, sarta ngalahir ka dinja: Oelah tjeurik.

14. Geus kitoe ngadeukeutan, seug njandak kana pasaran; ari noe ngagotong teh eureun. Ladjĕng ngalahir: Eh oedjang, kami nitah ka maneh, geura hoedang!

15. Tidinja anoe paeh teja toeloej hoedang njanghoendjar, sarta mimiti ngomong. Geus kitoe diselehkeun ka indoengna.

16. Ari sakabeh djalma teja sarijeuneun, sarta pada ngamoeljakeun ka Allah, aromongna: Mangsa ajeuna di oerang geus djoemĕnĕng sahidji nabi noe agoeng, sarta Allah geus ngalajad ka oemat-oematna.

17. Dĕmi eta pĕrkara teja kaoewar-aerkeun di Joedea sarta di sakoeriling tanah eta kabeh.

18. Ari moerid-moerid Johannes ngaroendjoekkeun ka andjeunna sagala pĕrkara anoe tadi teja.

19. Geus kitoe Johannes njaoer doewa moerid, seug didjoeroengkeun ka Jesoes, sina marioendjoek kijeu: Nja adjĕngan anoe bakal soemping teja, oetawi koedoe ngantosan anoe sanes deui?

20. Mangsa eta djalma geus datang ka pajoeneun Jesoes, toeloej aroendjoekan: Simkoering teh didjoeroengkeun ka adjĕngan koe Johannes toekang ngabanjoe; dipiwarang oendjoekan kijeu: Nja adjĕngan anoe bakal soemping teja, oetawi koedoe ngantosan anoe sanes deui?

21. Waktoe harita Jesoes keur njageurkeun loba djalma tina kasakitna, djeung tina kalaraanana, sarta tina kaasoepanana koe soekma goreng; kitoe deui reja djalma noe lolong dipaparin njareueung.

22. Ladjĕng Jesoes ngawalon ka moerid noe doewa teh, kijeu lahirna: Maraneh teh geura arindit, oeningakeun bae ka Johannes sakoer anoe katendjo djeung noe kadenge koe maraneh; nja eta aja noe lolong njareueung; anoe darejog leumpangna bĕnĕr; anoe lalepra dibĕrĕsihan; anoe torek ngadarenge; anoe paeh dihariroepan; anoe malarat diaroewaran Indjil.

23. Sarta salamĕt djalma noe hanteu titadjong ka kami teh.

24. Sanggeusna arindit piwarangan Johannes teja, Jesoes ngamimitian ngalahir ka djalma-djalma tina hal Johannes, kijeu: Noe matak maraneh boedal ka tĕgal lĕga teja, narendjo naon? awi anoe loewak-lejok koe angin?

25. Atawa noe matak maraneh boedal teh, narendjo naon? ka hidji djalma anoe make papakean lĕmĕs? Ari noe make papakean hoeroeng-herang sarta kamĕgahan mah, pangajana di padalĕman radja-radja bae.

26. Atawa noe matak maraneh boedal teh, narendjo naon? ka hidji nabi? Saĕnjana, kami ngalahir ka maraneh: eta malah leuwih pisan ti batan nabi.

27. Nja eta noe geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu teja: Masing nganjahokeun, kami miwarangan saheulaeun andika malaikat kami, anoe bakal njadijakeun pidjalaneun andika saheulaeun andika.

28. Karana kami teh ngalahir ka maraneh, di sakoer-sakoer djalma noe geus didjoeroekeun koe awewe, taja nabi hidji-hidji atjan noe ngoengkoelan ka Johannes toekang ngabanjoe; tatapi ari

noe pangleutikna dina karadjaan Allah teh, eta leuwih ti batan Johannes.

29. Dĕmi sakabeh djalma noe ngadarengekeun, kitoe deui taroekang tjoeke, pada ngalĕrĕsan ka Allah mangsa dibaranjoean koe pangbanjoe Johannes.

30. Tatapi ari ahli-ahli parisi djeung ahli-ahli toret mah geus narampik ka pangĕrsakeun Allah moenggoeh diri maranehanana, da teu daraekeun dibanjoean koe Johannes.

31. Lahiran Goesti: Ari djalma bangsa ajeuna koe kami rek dimisilkeun kana naon? naon oepamana?

32. Nja eta oepama baroedak noe darijoek di pasar sarta silih-gĕroan, kijeu pokna: Dewek geus pada mangnjoelingkeun ka maraneh, tatapi maraneh teu ngigĕl; dewek geus pada mangnjanjikeun ka maraneh koe njanjian nalangsa, tatapi maraneh teu tjeurik.

33. Karana Johannes toekang ngabanjoe teh geus soemping, teu ngadahar roti, teu ngaleueut anggoer; ari tjĕk maraneh: eta teh aja setanan.

34. Ari poetra manoesa mah geus datang, noe dahar sarta nginoem; ari tjĕk maraneh: Toeh tarendjo, eta mah djalma rĕwog sarta beuki nginoem anggoer, sosobatan djeung toekang tjoeke sarta djeung djalma doraka.

35. Ari kapintĕran teh geus diroedjoekan koe sakabeh anak-anakna.

36. Tidinja aja hidji ahli parisi, ka Jesoes ngahatoeranan toewang sasarĕngan; geus kitoe linggih ka imah eta ahli parisi, ladjĕng ngarijoeng dahar.

37. Ari dina eta nagara aja hidji awewe, djalma doraka; barang njahoëun jen Jesoes keur ngarijoeng dahar dina imah ahli parisi teja, ngadeuheus bari mawa hidji boeli-boeli, eusina minjak seungit;

38. Toeloej nangtoeng di poengkoereun dampal Jesoes, bari tjeurik; geus kitoe pek ngabaseuhan ka dampalna koe tjipanon, sarta disoesoetan koe boeoekna; seug njijoeman ka dampal Jesoes sarta diminjakan koe minjak seungit teja.

39. Mangsa ahli parisi, anoe ngondang ka Jesoes teja, nendjo lalampahan kitoe, hĕg ngomong dina hatena, pokna: Eta djalma lamoen ĕnja nabi, tangtoe njahoëun kana kitoe-kijeuna eta awewe anoe njabak ka manehanana; karana eta teh djalma doraka.

40. Geus kitoe Jesoes ngawalon, kijeu lahirna ka ahli parisi teh: Simon, kaoela rek

tjatjarita ka sampejan. Ari pioendjoek Simon: Noen Goeroe, soemangga lahirkeun.

41. [Ladjĕng ngalahir kijeu]: Aja hidji toekang mihoetangkeun, sarta doewa djalma noe baroga hoetang ka dinja; anoe hidji hoetangna lima ratoes dinar, noe hidji deui lima poeloeh dinar.

42. Ari eta djalma hanteu barogaeun keur majar. Geus kitoe dibikeun bae ka doewanana teh. Tjik ajeuna sampejan geura ngadjawab: eta noe doewaan teja mana anoe katjida njaaheunana?

43. Ngawangsoel Simon, kijeu wangsoelna: Ari rarasaan simkoering mah nja eta noe dibere panglobana. Lahiran Jesoes: Bĕnĕr eta pamikir sampejan.

44. Geus kitoe Jesoes njorejang ka eta awewe, bari ngalahir ka Simon: Na katendjo eta awewe koe sampejan? Kaoela asoep ka imah sampejan, sampejan hanteu mere tjai ka kaoela keur ngoembah soekoe; ari eta mah geus ngabaseuhan soekoe kaoela koe tjipanon, toeloej disoesoetan koe boeoekna.

45. Sampejan hanteu njijoem ka kaoela; ari eta mah hanteu pĕtot njijoeman kana soekoe kaoela ti barang asoep ka dijeu.

46. Sampejan hanteu ngaminjakan kana sirah kaoela koe minjak; ari eta mah ngaminjakan kana soekoe kaoela koe minjak seungit.

47. Koe sabab kitoe, kaoela ngalahir ka sampejan, ari eta awewe dosa-dosana noe loba pisan geus dihampoera; karana njaaheunana bangĕt pisan. Ari djalma noe dihampoera ngan saeutik, njaaheunana saeutik deui.

48. Ladjĕng ngalahir ka awewe teh: Dosa-dosa maneh geus dihampoera.

49. Ari noe miloe ngarijoeng seug ngaromong dina hatena, kijeu: Saha eta teh, bĕt ngahampoera dosa!

50. Ari lahiran Jesoes ka awewe teja: Kapĕrtjajaan maneh geus noeloengan ka maneh; geura moelang bae sarta kasĕnangan.

PASAL 8.

Sanggeusing kitoe Jesoes angkat ngidĕr nagara-nagara djeung desa-desa, bari ngawoeroek, sarta ngoewarkeun Indjil tina karadjaan Allah; diariring koe noe doewa wĕlas teja,

2. Djeung koe istri-istri noe geus ditjageurkeun tina kaasoepan soekma goreng, sarta tina kasakit-kasakitna, nja eta Maria noe katĕlah Magdalena, - ti eta geus ka loewar toedjoeh setan,

3. Djeung Johanna geureuha Koesa, kokolot boemi radja Herodes, sarta Soesanna, djeung reja deui istri salijan ti eta, pada ngabakti ka Jesoes koe babandaanana.

4. Mangsa karoempoel djalma loba, sarta datang ti oenggal-oenggal nagara noe ngadareuheusan ka Jesoes, ladjĕng Jesoes ngalahir koe misil, kijeu:

5. Aja hidji toekang sĕbar indit ka loewar, dek njĕbarkeun binihna. Mangsa keur njĕbarkeun, sawareh ragragan ka djalan; toeloej katarintjakan, djeung diparatjokan koe manoek awang-awang.

6. Ari noe sawareh deui ragraganana kana tjadas, toeloej djadi, tatapi teu lila perang, sabab teu meunang tjai.

7. Ari noe sawareh deui ragraganana ka tĕngah tjoetjoek-tjoetjoek; dĕmi eta tjoetjoek barĕng djadina, toeloej noe disĕbarkeun teh eungapeun.

8. Ari noe sawareh deui ragraganana ka taneuh noe hade; sanggeusna djadi toeloej boewahan, beubeunanganana saratoes patikĕlaneun. Ari Jesoes geus ngalahir kitoe, misaoer deui sarta bĕdas, kijeu: Saha-saha djalma noe boga tjeuli pikeun ngadenge, koedoe dengekeun.

9. Geus kitoe moerid-moerid naros ka Jesoes, kijeu pioendjoekna: Noen eta misil koemaha hartosna?

10. Ari lahiranana: Maraneh anoe geus dipaparin pinjahoëun ka rasijahna karadjaan Allah; tatapi ari ka noe sedjen mah koe misil bae, soepaja masih molotot oge oelah nendjo, masih ngadenge oge oelah ngaharti.

11. Ari eta misil teh kijeu: Ari binih teja nja eta pangandika Allah.

12. Ari noe di djalan teja, nja eta noe ngadengekeun; toeloej datang Iblis njokot pangandika tina hatena, soepaja oelah koengsi pĕrtjaja djeung oelah disalamĕtkeun.

13. Ari noe dina tjadas teja, nja eta noe ngadengekeun, geus kitoe narima ka pangandika djeung soekana. Dĕmi eta teh hanteu akaran, pĕrtjajana hanteu koengsi lila; mangsa keur aja panggoda seug djadi moertad.

14. Ari noe geus ragrag dina tjoetjoek teja, nja eta noe ngadengekeun, sanggeus ti dinja kalipoetan koe karepotan, koe kabeungharan sarta koe kangeunahan doénja, noe matak djadi eungapeun; hanteu datang ka ngasakkeun kana boewahna.

15. Ari noe dina taneuh anoe hade teja, nja eta noe ngadengekeun pangandika,

geus kitoe ditĕtĕpkeun dina hate anoe tĕmĕn djeung hade, sarta teu pĕtot-pĕtot boewahan.

16. Hanteu aja djalma noe njeungeut damar, ditoeroeban koe wadah, atawa diteundeun kolongeun randjang; geus tangtoe diteundeun dina adjoeg, soepaja noe arasoep sina nendjo kana tjaangna.

17. Karana taja pisan pĕrkara boeni, anoe moal pikataraeun; kitoe deui taja pĕrkara rikip, anoe moal pikatangeneun sarta pinjataeun.

18. Sing hade-hade ka pĕtana maraneh nja ngadengekeun, karana saha-saha noe geus boga, tangtoe dipaparin deui; sabalikna ari noe hanteu boga, ti eta teh malah-malah bakal ditjandak noe koe manehna dinjanaan bobogaanana.

19. Geus kitoe iboe Jesoes djeung saderek-saderekna saroemping, tatapi teu bisaeun patĕpang djeung andjeunna koe bawaning loba djalma.

20. Toeloej aja noe ngoeninga, kijeu pioendjoekna: Ari iboe sarĕng saderek-saderek andjeun ajeuna ngaradĕg di loewar, harojongeun tĕpang sarĕng salira andjeun.

21. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka eta djalma: Ari indoeng djeung doeloer kami mah nja eta sakoer noe ngadengekeun ka pangandika Allah, sarta dilampahkeunana.

22. Dina hidji mangsa Jesoes nitihan kana parahoe, diiring koe moerid-moeridna; ari lahiranana ka moerid-moerid: Hajoe oerang lajar ka peuntaseun laoet. Sĕmproeng mijang.

23. Ari eukeur lajar, Jesoes kakoelĕman. Parĕng datang angin riboet ka laoet, dongkap parahoe kalipoetan koe ombak-ombak, tanwande tiwas.

24. Tidinja moerid-moerid njalampeurkeun ka Jesoes, seug andjeunna digoegahkeun, bari oendjoekan: Adoeh Goeroe, Goeroe, abdi-abdi rek katiwasan! Ladjĕng Jesoes goegah, sarta njeuseul ka eta angin djeung ka ombak laoet; seug areureun, djadi djĕmpe pisan.

25. Ngalahir Jesoes ka moerid-moerid: Na di mana kapĕrtjajaan maraneh? Ari eta pada sijeuneun djeung hareraneun, sarta ngaromong kijeu: Na eta teh djalma naon, wĕt marentah ka angin djeung ka tjai, moenggah datang ka aranoet bae?

26. Ari lajarna kĕbat ka tanah oerang Gadara, peuntaseun tanah Galilea.

27. Sanggeus loengsoer ka darat, ladjĕng Jesoes kapapag koe hidji djalma, oerang nagara dinja; ari eta teh kaa-

soepan setan geus lila katjida, hanteu make papakean, sarta tjitjingna lain dina imah, ngan sok di djĕro astana-astana bae.

28. Barang nendjo ka Jesoes, seug eta djalma djĕdjĕritan, sarta bari soedjoed; toeloej ngagĕro, kijeu pokna: Adoeh Jesoes, Poetra Allah anoe langkoeng agoeng, andjeun aja pĕrkawis naon ka koering? Panoehoen koering moegi oelah disangsara.

29. Karana Jesoes miwarang ka soekma nadjis teja sina ka loewar ti eta djalma; sabab geus lila neungteuinganananana, sarta geus dirante djeung ditambaloeng, soepaja beunang didjaga, dĕmi rantena koe manehna geus diparĕgatkeun, sarta digiringkeun koe Iblis ka tĕgal lĕga.

30. Ladjĕng dipariksa koe Jesoes, kijeu lahirna: Saha ngaran maneh? Ari wangsoelanana: Koering teh Legioen; karana kaasoepan koe setan loba.

31. Toeloej setan teh pada noenoehoen ka Jesoes, moegimoegi oelah dika-djoerangkeun.

32. Dĕmi di dinja aja sagoendoek bagong loba pisan, keur njaratoean dina goenoeng; toeloej setan pada noenoehoen moegi diwidian njoeroep ka djĕro eta bagong. Ladjĕng diwidian.

33. Geus kitoe setan teh pada ka loewar ti eta djalma, seug njaroeroep ka djĕro bagong teja; broel sagoendoekanana toetoeroeboen tina gawir ka laoet, toeloej paraeh titeuleum.

34. Mangsa katendjo eta pĕrkara koe noe ngarangon, tidinja laloempatan, bari pada bebedja di nagara sarta di pilĕmboeran.

35. Geus kitoe djalma boedal, sĕdjana hajang narendjo ka pĕrkara noe tadi teja. Toeloej pada ngadeuheusan ka Jesoes; ari djalma noe ka loewar setanna teja kasampak eukeur mando deukeut ka dampal Jesoes, make papakean sarta geus ingĕt deui; toeloej sarijeuneun.

36. Djeung deui anoe njaraksian tadi teja, pada njaritakeun ka maranehanana pĕtana njageurkeun eta djalma noe kaasoepan setan teja.

37. Geus kitoe sakabeh djalma sakoeriling tanah Gadara teja pada noenoehoen ka Jesoes, moegi-moegi andjeunna angkat ti dinja, karana sarijeuneun kabina-bina. Ari geus kitoe Jesoes nitihan kana parahoe, ladjĕng moelih.

38. Dĕmi djalma noe ka loewar setanna teja, nĕnĕda ka Jesoes, moegi diwidian ngiring. Tatapi koe Jesoes

dipiwarang balik, bari kijeu timbalanana:

39. Geura balik ka imah maneh, toeloej tjaritakeun pĕrkara aheng, anoe geus dipidamĕl ka maneh koe Allah. Tidinja indit, ngidĕr sanagara eta, bari ngoetarakeun pĕrkara aheng noe geus dipidamĕl ka manehanana koe Jesoes teja.

40. Mangsa Jesoes soemping deui, dipapag koe djalma-djalma, karana keur ngarantosan.

41. Djĕboel aja hidji djalma, noe ngaran Jairoes; ari eta teh kapala masigit. Toeloej mĕndĕk kana dampal Jesoes, bari noenoehoen Jesoes moegi-moegi linggih ka imahna.

42. Karana eta boga anak awewe noenggal, oemoerna antara doewa wĕlas taoen; ari ajeuna keur sakarat. Mangsa Jesoes angkat, djalma-djalma moenggah njarĕdĕkkeun.

43. Geus kitoe aja hidji awewe, noe boga kasakit ngagĕtih, lilana geus doewa wĕlas taoen; ari eta geus ngongkosan saboga-bogana ka doekoen-doekoen, tatapi sahidji doekoen oge teu aja noe bisaeun njageurkeun.

44. Toeloej ngadeuheusan ka Jesoes ti poengkoereunana, sarta njabak kana kĕlin djoebahna; pada-harita ngagĕtihna teh eureun.

45. Ladjĕng Jesoes ngalahir: Saha noe njabak ka kami teh? Sapedah eta sakabeh taja noe ngakoe, geus kitoe Petroes djeung batoer-batoerna aroendjoekan kijeu: Noen Goeroe, ari djalma-djalma kapan njarĕdĕkkeun sarĕng pada ngagĕntjet ka salira andjeun, ari andjeun ngalahirkeun: saha noe njabak ka kami?

46. Lahiran Jesoes: Aja hidji djalma noe njabak ka kami, karana koe kami karasa aja ka loewar karamat ti kami.

47. Dĕmi eta awewe, sanggeus tĕrangeun jen dirina hanteu boeni, toeloej ngadeuheusan bari ngadegdeg, seug mĕndĕk ka pajoeneun Jesoes, sarta ngoendjoekkeun di hareupeun sakabeh djalma sababna noe matak njabak ka Jesoes, kitoe deui jen geus tjageur sapada-harita.

48. Ari lahiran Jesoes ka dinja: Eh njai, masing soeka-ati, maneh geus ditoeloeng koe kapĕrtjajaan maneh; geura moelang bae sarta kasĕnangan.

49. Sabot Jesoes keur ngalahir keneh, datang hidji djalma ti imah kapala masigit teja, mopojan ka dinja kijeu: Poetra sampejan geus maot; montong ngabaroebahkeun ka Djoeragan Goeroe.

50. Tatapi Jesoes, sanggeus ngadangoe eta, seug ngalahir

ka kapala masigit teh, kijeu lahirna: Montong sijeun-sijeun, masing tĕtĕp nja pĕrtjaja, geus kitoe eta mangke tjageur deui.

51. Mangsa Jesoes lĕbĕt ka imahna, hanteu aja noe diwidian ngiring asoep ngan Petroes, Jakoboes djeung Johannes, sarta djeung indoeng-bapana boedak bae.

52. Ari sakabeh djalma tjareurik, njeungtjeurikan ka boedak teja. Lahiran Jesoes: Oelah tjareurik, boedak teh lain paeh, ngan keur sasarean bae.

53. Tatapi eta pada njeungseurikeun ka Jesoes, sabab njarahoëun jen estoe maot.

54. Ari koe andjeunna geus diboedalkeun sakabehna, ladjĕng njandak leungeun boedak teja, sarta ngalahir bĕdas, kijeu lahirna: Eh nji, geura hoedang!

55. Geus kitoe soekmana datang deui, sarta harita keneh hoedang. Ladjĕng Jesoes miwarang koedoe dibere dadaharan.

56. Ari indoeng-bapana mĕlĕngĕk katjida. Ladjĕng ditimbalan koe Jesoes pomapoma oelah bebedja pĕrkara eta ka sahidji djalma oge.

PASAL 9.

Sanggeusing kitoe moerid noe doewa wĕlas teja koe Jesoes disaoer sina koempoel; ladjĕng dipaparin kamatihan djeung kawasa pikeun ka sakabeh setan, sarta pikeun njageurkeun ka roepa-roepa panjakit.

2. Sarta dipiwarang leumpang, sina ngoewarkeun karadjaan Allah, djeung njageurkeun ka sakoer noe garĕring.

3. Ari lahiranana ka darinja: Maraneh oelah mawa naonnaon baris di djalan, sapĕrti iteuk, atawa endong, atawa roti, atawa doewit; kitoe deui hidji djalma oelah boga badjoe doewa.

4. Djeung di mana bae maraneh asoep kana hidji imah, nja di dinja koedoe tjitjing, sarta ti dinja leumpang deui.

5. Ari noe hanteu ngakoe ka maraneh, toeloej ka loewar bae ti nagarana teh, bari ngekedjekkeun ngĕrĕsna tina soekoe maraneh, pikeun djadi saksi ka eta djalma.

6. Geus kitoe moerid-moerid boedal, ngidĕr mapaj desadesa, bari ngoewarkeun Indjil sarta njageur-njageurkeun di mana-mana.

7. Ari Herodes, bopati teja, ngareungeu warta tina sakabeh pĕrkara noe dipidamĕl koe Jesoes; toeloej bingoengeun, sapedah aja noe ngaromong jen Johannes teja tanghi deui ti noe maraot.

8. Aja deui noe ngaromong jen Elias geus nembongan; ari tjěk noe sedjen deui jen hidji nabi alam baheula geus tanghi deui.

9. Lahiran Herodes: Ari Johannes mah koe aing geus dipotong beuheungna; na saha eta djalma anoe kadenge koe aing kitoe kalakoeanana? Toeloej hajangeun ningali ka Jesoes.

10. Ari rasoel-rasoel teja, sanggeusna maroelang, toeloej pada njarijoskeun ka Jesoes sakabehna noe geus dilampahkeun koe maranehanana. Ladjěng ditjandak njingkah, njaringsalkeun pribadi ka ĕnggon noe rehe, bilangan nagara noe ngaran Betsaida.

11. Barangna djalma-djalma njarahoëun, toeloej pada noetoerkeun ka andjeunna; ladjěng koe Jesoes ditarima, sarta diwoeroek sakali tina pĕrkara karadjaan Allah; ari noe baroga kasakit ditjalageurkeun.

12. Geus kitoe poë teh dek boerit; ari noe doewa wĕlas teja pada marěk ka Jesoes, sarta bari oendjoekan: Ajeuna eta djalma-djalma moegi dipiwarang maloendoer, sina pada leumpang ka desa-desa, sarĕng ka pilĕmboeran anoe aja sakoerilingna, soepaja meunang keur pimondokeunana sarĕng pitĕdaeunana; wantoewantoe di dijeu mah aja di ĕnggon noe rehe.

13. Dĕmi lahiran Jesoes: Koe maraneh bae bere dadaharan. Ari pioendjoekna: Simkoering mah teu garadoeh deui ngan roti lima siki sarĕng laoek doewa siki; kadjaba lamoen simkoering laleumpang mangmeulikeun pitĕdaeun sadajana eta djalmadjalma.

14. Karana djoemlahna antara lima reboe djalma. Ari lahiran Jesoes ka moeridmoeridna: Tjoba sina darijoek goendoekkeun, sagoendoekna lima-lima poeloeh.

15. Toeloej moerid pada milampahkeun kitoe, sakabehna disina darijoek.

16. Ladjĕng Jesoes njandak eta roti lima siki djeung laoek noe doewa siki teja, seug tanggah ka langit, bari moedji soekoer; tidinja pek disĕmplekan, sarta dipaparinkeun sakali ka moerid-moerid, sina njodorkeun ka eta djalmadjalma.

17. Toeloej pada dadaharan, sarta datang ka seubeuheun sakabeh; dĕmi geus kitoe diparoeloengan sesana beunang njĕmplekan, djadi doewa wĕlas karandjang.

18. Dina hidji mangsa Jesoes keur nĕnĕda di ĕnggon noe simpe, ari moerid-moerid pada araja. Ladjĕng mariksa-

keun ka darinja, kijeu lahirna: Koemaha tjĕk omong djalma-djalma, kami teh saha?

19. Ana ngawangsoel, kijeu pioendjoekna: Tjĕk sawareh jen Johannes toekang ngabanjoe; tjĕk anoe sedjen jen Elias; tjĕk noe sedjen deui mah jen sahidji nabi alam baheula geus tanghi deui.

20. Ladjĕng ngalahir deui ka darinja: Ari maraneh mah, tjĕk maraneh kami saha? Pok Petroes ngawangsoel, kijeu pioendjoekna: Andjeun teh Kristoesna Allah!

21. Seug koe Jesoes pada diomat-omatan bangĕt pisan, timbalanana poma oelah bebedja ka saha-saha;

22. Ari lahiranana: Poetra manoesa teh koedoe pirang-pirang njandang sangsara, sarta ditampik koe para kokolot, djeung koe para panghoeloe agoeng, djeung koe ahli-ahli kitab, sarta bakal dipaehan, dĕmi dina poë noe katiloe ditanghikeun deui.

23. Ladjĕng ngalahir ka sadajana: Lamoen aja djalma dek anoet ka kami, koedoe njĕgah karĕp sorangan, djeung koedoe manggoel oenggal-oenggal poë kai-dipalang adjangna, toeloej anoet ka kami.

24. Karana saha-saha noe dek ngarahajoekeun ka njawana, bakal kaleungitan koe njawana; sabalikna saha-saha noe kaleungitan koe njawana tina sabab kami, eta noe bakal rahajoe njawana.

25. Nahaon pigaweëunana di djalma kaoentoengan saalam-doenja, lamoen kaleungitan koe dirina, atawa meunang roegi dirina mah?

26. Karana saha-saha djalma mikaera ka kami djeung ka pangwoeroek kami, eta Poetra manoesa mĕngke mikaera ka dinja, mangsa soemping bari nganggo kamoeljaan pribadi, sarta kamoeljaan Rama djeung para malaikat saroetji.

27. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, djalma noe narangtoeng di dijeu sawareh moal pingarasaeun maot samemeh narendjo kana karadjaan Allah mah.

28. Kira dalapan poë antarana ti watĕs ngawoeroek anoe tadi teja, ladjĕng Jesoes njandak Petroes, Johannes djeung Jakoboes, seug naek ka goenoeng bade nĕnĕda.

29. Waktoe keur nĕnĕda, pameunteuna salin roepa, sarta panganggona djadi bodas moeroeb-moebjar.

30. Beh aja doewa djalma sasaoeran djeung Jesoes, nja eta Moesa djeung Elias;

31. Tarembong nganggo kamoeljaan, sarta pada misaoerkeun panoengtoengan lalampahan noe bade kalam-

pahkeun koe Jesoes di Jĕroesalem.

32. Ari Petroes sabatoerbatoerna taroendoeheun. Ana njaring, pada nendjo kamoeljaan Jesoes, sarta doewa djalma teja ngaradĕg deukeut.

33. Mangsa eta keur sasalaman djeung Jesoes, seug Petroes oendjoekan: Noen Goeroe, sae pisan aja di dijeu teh; simkoering moegi idinan njarijeun tiloe saoeng, anoe hidji bade andjeun, noe hidji bade nabi Moesa, sarĕng noe hidji deui bade nabi Elias; - teu njahoëun Petroes teh di omongna sorangan.

34. Sabot keur mioendjoek kitoe, datang mega, ngaoeban ka sadajana; sarta moeridmoerid reuwaseun mangsa noe doewaan teja arasoep kana mega.

35. Dĕmi geus kitoe aja gĕntra ti djĕro eta mega, kijeu pangandikana: Ijeu teh Poetra kami noe kaasih, masing pada ngagoegoe ka dinja!

36. Keur waktoe aja gĕntra teja, Jesoes teh kapĕndakna njalira. Ari moeridmoerid pada repeh bae, sarta dina mangsa harita hal pĕrkara noe geus katarendjo euweuh noe ditjaritakeun ka djalma hidji-hidji atjan.

37. Ari isoekna, keur laloengsoer ti goenoeng, Jesoes dipapag koe djalma loba pisan.

38. Geus kitoe aja hidji djalma ti noe loba teja, mioendjoek sarta bĕdas, kijeu pioendjoekna: Noen Goeroe, simkoering panoenoehoen, moegi-moegi tingalian poen anak lalaki, karana eta anak noenggal simkoering.

39. Sarĕng aja soekma, sok njĕkĕl ka anak teh, oedjoegoedjoeg djĕdjĕritan; geus kitoe diboentang-banting datang ka ngaboedah; meh teu aja towongna, sarta dirĕmĕkkeun.

40. Simkoering teh geus nĕda ka moerid andjeun soepaja dipangkaloewarkeun eta soekma, nanging teu barisaeun.

41. Ladjĕng Jesoes ngalahir, kijeu lahirna: Eh bangsa noe teu pĕrtjaja sarta noe tibalik pikir, sabaraha pililaeunana deui kami koedoe ngareudjeungan ka maraneh, sarta sabar ka maraneh teh? Geura kadijeukeun bae eta anak maneh.

42. Mangsa rek ngadeuheus, masih keneh bae dirĕrĕdjet sarta diboentang-banting koe eta setan. Tatapi koe Jesoes disaoeran soekma nadjis teh, sarta boedakna ditjageurkeun, ladjĕng diselehkeun deui ka bapana.

43. Ari djalma-djalma kabeh pada hareugeueun koe tina kaagoengan Allah. Dĕmi keur heraneun sakabeh tina

sagala pĕrkara anoe sok dipidamĕl koe Jesoes, ladjĕng Jesoes ngalahir ka moerid-moeridna:

44. Koe maraneh ijeu piwoeroek geura teundeun kana tjeuli maraneh, nja eta Poetra manoesa teh bakal diselehkeun ka leungeun djalma-djalma.

45. Ari moerid-moerid hanteu ngahartieun ka pilahir bijeu, sarta geus dipindingan eta teh ka darinja, sangkan oelah ngahartieun; ari dek naroskeun hal pilahir teja, da aladjriheun.

46. Geus kitoe moerid-moerid djadi pada parĕboet, anoe mana teja diri maranehanana noe pangoentjoelna.

47. Ana katingali koe Jesoes palikiranana, ladjĕng njandak hidji boedak leutik, diteundeun deukeut andjeunna;

48. Seug bari ngalahir ka maranehanana: Saha-saha noe ngakoe ijeu boedak leutik, tina sabab djĕnĕngan kami, nja eta djalma ngakoe ka kami; sarta ari noe ngakoe ka kami, nja eta ngakoe ka noe geus miwarang kami. Karana saha-saha di pĕlĕbah maraneh anoe pangleutikna, nja eta noe bakal gĕde teh.

49. Pok Johannes oendjoekan, kijeu pioendjoekna: Noen Goeroe, simkoering geus pada nendjo hidji djalma noe ngaloewarkeun setan-setan koe njĕbat djĕnĕngan andjeun; ari koe simkoering sadaja digeunggeureuhkeun, doemeh hanteu miloe ngiring.

50. Lahiran Jesoes ka Johannes: Eta oelah digeunggeureuhkeun; karana ari noe teu ngalawan ka oerang, nja eta ngabantoean.

51. Mangsana geus dongkap ka waktoe Jesoes bakal ditjandak ka loehoer, ladjĕng majoen angkat ka Jĕroesalem;

52. Sarta ngibĕran ti pajoeneunana. Noe dipiwarang bral arindit, toeloej datang ka hidji desa oerang Samaria, bade njawisan Jesoes.

53. Ari oerang dinja ĕmboengeun ngakoe ka Jesoes, tina sabab angkatna majoen ka Jĕroesalem.

54. Barangna katendjo koe moerid Jesoes, nja eta koe Jakoboes djeung Johannes, toeloej oendjoekan kijeu: Noen Goesti, koemaha pikĕrsaeun andjeun, sae simkoering teh nitah toeroen seuneu ti langit keur ngalĕboer ka eta djalma-djalma, sapĕrtos noe dipidamĕl koe nabi Elias teja?

55. Dĕmi Jesoes malik ka poengkoer, ladjĕng njeuseul ka eta moerid, ari lahirna: Naha maraneh tatjan njaho Roh mana noe kagoengan maraneh?

56. Karana Poetra manoesa

teh pangsoempingna lain baris ngaroeksakkeun njawa djalma, estoena mah rek njalamětkeun. Ladjěng arangkat ka desa sedjen.

57. Děmi geus kitoe, mangsana di djalan, aja hidji djalma oendjoekan ka Jesoes kijeu: Noen Goesti, simkoering sědja ngiring ka mana bae andjeun angkat.

58. Lahiran Jesoes ka dinja: Aja tjareuh baroga lijang, manoek awang-awang baroga sajang; tatapi ari Poetra manoesa mah teu boga ěnggon keur ngěděngkeun sirah-sirah atjan.

59. Ari ngalahirna ka noe sedjen: Geura ngiring ka kami. Děmi pioendjoekna: Noen Goesti, moegi simkoering idinan moendoer, dek ngaroewang poen bapa heula.

60. Lahiran Jesoes ka dinja: Ari noe paeh mah sina ngaroewang sapapatenna-sapapatenna, tatapi maneh mah geura bral ngoewarkeun karadjaan Allah.

61. Aja deui noe sedjen oendjoekan kijeu: Noen Goesti, simkoering sědja ngiring ka andjeun; nanging něda idin amit-amitan heula sarěng noe mangkoek di rorompok simkoering.

62. Tatapi lahiran Jesoes ka dinja: Ari djalma noe njěkěl woeloekoe, seug ngalijeuk ka toekang, moal pipantěseun kana karadjaan Allah mah.

PASAL 10.

Sanggeusing kitoe Jesoes ngadjěněngkeun toedjoeh poeloeh djalma deui, sarta dipiwarang doewaan-doewaan leumpang ti pajoen ka oenggal-oenggal nagara djeung pilěmboeran anoe bade disoempingan.

2. Ari lahiranana ka eta teh: Piboewateun koe lěga, tatapi ari noe migawe ngan saeutik; koe sabab eta geura něněda ka Pangeran noe kagoengan piboewateun, soepaja miwarang noe migawe kana piboewateunana.

3. Geura bral arindit; sing ngingětkeun, maraneh koe kami dipiwarang, sapěrti domba ka těngah-těngah mejong.

4. Oelah marawa kandjoet, atawa endong, atawa taroempah, kitoe deui di djalan oelah oeloek salam ka djalma hidjihidji atjan.

5. Sarta di mana bae maraneh asoep kana hidji imah, koedoe njěboet heula: Sing salamět noe di imah ijeu!

6. Saoepama di dinja aja anak kasalamětan, salam maraneh teh pitjitjingeun di noe kitoe; saoepama teu aja mah, bakal balik deui ka maraneh.

7. Sarta koedoe tjitjing dina eta imah, dahar nginoem panjoegoehan; karana noe baranggawe teh patoet pimeunangeun boeroehanana. Oelah rek pindah-pindah imah.

8. Djeung deui di mana bae maraneh asoep ka nagara, lamoen aja noe ngakoe ka maraneh, koedoe dahar noe disoegoehkeun ka maraneh.

9. Sarta koedoe njageurkeun ka noe garĕring di dinja, bari ngabedjakeun kijeu: Karadjaan Allah teh geus deukeut ka maraneh.

10. Sabalikna di mana bae maraneh asoep ka nagara, lamoen teu aja noe ngakoe ka maraneh, seug ka loewar ka loeloeroengna, sarta koedoe ngomong kijeu:

11. Masih ngĕrĕs oge, anoe napĕl ka kaoela ti nagara maraneh, koe kaoela dikirabkeun ka maraneh; ngan koedoe njaraho karadjaan Allah teh geus deukeut!

12. Kami ngalahir ka maraneh, ari Sadoemoe teja bakal enteng hoekoemanana di poëan eta ti batan nagara anoe kitoe.

13. Pitjilakaeun maneh, Korasin! pitjilakaeun maneh, Betsaida! karana oepama di Tiroes djeung Sidon didjijeun moedjidjat sapĕrti anoe didjijeun di maraneh teja, tangtoe eta geus lila tarobat, sarta dijoek bari make karoeng djeung lĕboe.

14. Ari Tiroes djeung Sidon bakal enteng dina hoekoeman, ti batan maraneh.

15. Sarta ari maneh, Kapernaoem, noe geus didjoengdjoengkeun tĕpi ka langit, nja maneh bakal didjongklokkeun tĕpi ka naraka pisan.

16. Saha-saha noe ngagoegoe ka maraneh, nja eta ngagoegoe ka kami; saha-saha noe ngahinakeun ka maraneh, nja eta ngahinakeun ka kami; ari noe ngahinakeun ka kami, nja eta ngahinakeun ka noe geus miwarang kami.

17. Geus kitoe djalma noe toedjoeh poeloeh teja maroelang deui sarta boengaheun; aroendjoekanana kijeu: Noen Goesti, sanadjan setan oge pada taloek ka simkoering koe djĕnĕngan andjeun.

18. Lahiran Jesoes: Koe kami katendjo Iblis teh ragrag ti langit, sapĕrti kilat.

19. Kami teh mere kawasa ka maraneh nintjakan oraj djeung langgir, djeung deui pikeun ngalawan ka sakabeh kakoewatan moesoeh; moal aja noe bakal ngaroeksak ka maraneh.

20. Tatapi maraneh oelah boengah sabab soekma-soekma teh taloek ka maraneh, anggoer koedoe boengah koe

sabab ngaran maraneh geus disĕratkeun di sawarga.

21. Dina waktoe harita Jesoes boengah sadjĕroning manahna, ladjĕng oendjoekan kijeu: Simkoering moedji ka andjeun, noen Ama, Pangeran noe kagoengan langit sarĕng boemi, doemeh eta pĕrkawis teja koe andjeun ditoetoepan ka noe palintĕr sarawoeh ka noe binangkit, sarĕng geus diboekakeun ka baroedak. Lĕrĕs Ama, nja kitoe pisan kasoekaan andjeun.

22. Saniskara koe Rama geus diserenkeun ka kami; djeung hanteu aja pisan noe nganjahokeun ka pĕtana Poetra, ngan Rama bae; kitoe deui teu aja noe nganjahokeun ka pĕtana Rama, ngan Poetra bae, djeung sakoer djalma noe dipikarĕp diebrehan koe Poetra.

23. Ladjĕng Jesoes malik ka moerid-moerid, bari ngalahir ka dinja woengkoel: Salamĕt panon noe narendjo pĕrkara anoe katendjo koe maraneh.

24. Karana kami ngalahir ka maraneh, ti baheula reja pisan nabi reudjeung radja-radja harajangeun ningali pĕrkara noe katendjo koe maraneh, tatapi hanteu koengsi ningali; djeung harajangeun ngareungeu pĕrkara noe kadenge koe maraneh, tatapi hanteu koengsi ngareungeu.

25. Geus kitoe aja hidji ahli toret, seug nangtoeng, rek ngadodja ka Jesoes; ari pioendjoekna: Noen Goeroe, simkoering koedoe migawe naon, soepaja kawaris hiroep noe langgĕng?

26. Lahiran Jesoes: Koemaha noe geus dioengĕlkeun dina Toret? noe diadji koe sampejan koemaha?

27. Ngawangsoel ahli kitab teh, kijeu pihatoerna: Maneh koedoe njaah ka Pangeran, Allah maneh, tĕroes reudjeung hate, tĕroes reudjeung njawa, tĕroes reudjeung kakoewatan, sarta tĕroes djeung akal maneh; djeung deui koedoe njaah ka batoer-batoer sapĕrti ka diri sorangan.

28. Lahiran Jesoes: Bĕnĕr djawab sampejan teh; nja eta geura lampahkeun, tangtoe sampejan mangke hiroep!

29. Dĕmi ahli kitab teh hajang ngabĕnĕrkeun maneh; toeloej oendjoekan ka Jesoes: Saha batoer simkoering teh?

30. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna: Aja hidji djalma leumpang ti Jĕroesalem ka Jeriko, toeloej dirodjong koe begal; ari eta pada ngarangsadan papakeanana bari diteunggeulan; tidinja laloempatan, ninggalkeun eta djalma noe ngalondjor satĕngah paeh.

31. Geus kitoe parĕng hol

hidji panghoeloe ngaliwat ka djalan eta, djalma teja katendjo, tatapi tonggoj bae leumpang.

32. Kitoe deui hidji ahli lewi, ari datang ka lĕbah dinja, djalma teja katendjo, tatapi tonggoj bae leumpang.

33. Aja deui hidji oerang Samaria, eukeur njaba, toeloej datang ka dinja; sarta ari katendjo djalma teja, seug watireun liwat-saking.

34. Tidinja disampeurkeun, seug diboelĕnan raheutna, bari dikoetjoeran minjak djeung anggoer; geus kitoe ditoempakkeun ka toetoempakanana, ditoengtoen ka pasanggrahan, sarta toeloej dirawatan.

35. Ari isoekna, barang dek indit, ngodok doewit doewa dinar, dibikeun ka noe ngadjaga pasanggrahan; ari omongna kijeu: Eta pangrawatankeun; anoe dikaloewarkeun saleuwihna ti sakitoe, mangke koe koela diganti samangsa ka dijeu deui.

36. Koemaha pamikir sampejan, anoe mana eta tiloean teh batoer djalma noe dirodjong koe begal teja?

37. Ari wangsoelanana: Nja eta noe milampahkeun karoenja ka manehanana. Ngalahir Jesoes ka ahli kitab teh: Geura bral, sarta milampah tjara noe kitoe pĕtana!

38. Keur mangsa arangkat, Jesoes soemping ka hidji desa. Di dinja aja hidji istri, ngaran Marta, ngalinggihkeun Jesoes ka boemina.

39. Sarta boga saderek istri, ngaran Maria; eta seug emok deukeut ka dampal Jesoes, ngadengekeun piwoeroekna.

40. Tatapi ari Marta mah riboet nja ngalalajanan. Toeloej marĕk, sarta oendjoekan: Na Goesti teu miroseja, koering ngalalajanan ngan sorangan, diantĕp bae koe doeloer? Moegi Goesti miwarang sina ngabantoean.

41. Dĕmi Jesoes ngawalon ka Marta, kijeu lahirna: Eh Marta, Marta, maneh njoesahkeun djeung ngariwoedkeun diri maneh koe tina loba pisan pĕrkara.

42. Tatapi ngan hidji pĕrkara noe pĕrloe. Ari Maria mah geus milih bagian noe hade, moal ditjokot deui ti manehanana.

PASAL 11.

Dina hidji mangsa Jesoes aja dina hidji ĕnggon sarta nĕnĕda; ari parantos, toeloej moeridna saoerang oendjoekan kijeu: Noen Goesti, moegi simkoering pada diwoeroek bade nĕnĕda, sapĕrtos Johannes geus ngawoeroek ka moerid-moeridna.

2. Ladjĕng Jesoes ngalahir

ka moerid-moerid: Samangsa maraneh dek nĕnĕda, koedoe kijeu nja pok: Noen Ama, anoe linggih di sawarga, Djĕnĕngan Ama moegi sina disoetjikeun. Karadjaan Ama moegi sina dongkap. Kĕrsa Ama moegi sina dilampahkeun, sapĕrtos di sawarga, nja kitoe deui di boemi.

3. Moegi koering oenggal-oenggal poë dipaparin rĕdjĕki koering anoe pitjĕkapeun.

4. Sarĕng moegi ngahampoera kana dosa-dosa koering, karana koering oge ngahampoera ka oenggal-oenggal noe garadoeh hoetang ka koering. Moegi koering oelah dilĕbĕtkeun kana panggoda, lĕrĕsna mah moegi disalamĕtkeun ti noe goreng.

5. Lahiranana deui ka moerid-moerid: Saha-saha di pĕlĕbah maraneh anoe boga sobat, toeloej leumpang ka dinja wantji tĕngah peuting, bari ngomong: Eh sobat, namboet roti tiloe siki;

6. Karana koering kadatangan sobat koering, mantas njaba, keur parĕng teu gadoeh keur njoegoehan.

7. Koemaha noe di djĕro imah teh bakal ngadjawab, kijeu pokna: Eh oelah njoesahkeun ka kaoela; ari panto ajeuna geus ditoelakan, sarta baroedak geus aja di pangkeng reudjeung kaoela; kaoela mah teu kadoega hoedang djeung merean ka sampejan?

8. Kami ngalahir ka maraneh: sanadjan teu daekeun hoedang djeung merean sabab eta djalma sobatna, tangtoe sabab tina kawanianana bakal oge hoedang sarta mere sakoemaha bae pitjoekoepeunana.

9. Kami ngalahir deui ka maraneh: Koedoe nĕnĕda, bakal maraneh dipaparin; koedoe nejangan, bakal maraneh manggih; koedoe ngĕtrok-ngĕtrok, bakal maraneh diboekakeun.

10. Karana saha-saha anoe nĕnĕda, tangtoe dipaparin; djeung saha-saha noe nejangan, tangtoe manggih; kitoe deui saha-saha noe ngĕtrok-ngĕtrok, tangtoe diboekakeun.

11. Saha di pĕlĕbah maraneh bapa, lamoen dipentaan roti koe anakna, ana sok teh batoe? atawa dipentaan laoek, ana sok teh oraj ngagantian laoek?

12. Atawa lamoen menta ĕndog, ana sok teh langgir?

13. Koe sabab eta, ari maraneh noe goreng teh bisa mahanan noe harade ka anak-anak maraneh, komo teuing Rama noe linggih di sawarga bakal masihan Roh Soetji ka noe njoehoenkeun.

14. Geus kitoe Jesoes ngaloewarkeun hidji setan, sarta nja eta bisoe. Dĕmi geus ka

loewar setanna, djalma noe bisoe teh ngomong. Ari djalma-djalma hareraneun.

15. Tatapi ari noe sawareh ngaromong: Eta ngaloewarkeun setan soteh koe Beelsĕboel, kapala setan.

16. Aja deui noe ngadodja ka Jesoes, menta tanda ti langit.

17. Nanging Jesoes oeningaeun kana pikiranana, seug ngalahir ka eta djalma: Oenggal karadjaan noe mĕrangan maneh, tangtoe toempoer; sarta oenggal imah noe mĕrangan maneh, tangtoe roeboeh.

18. Oepama setan mĕrangan maneh, koemaha karadjaanana bisa tĕtĕp? Karana tjĕk maraneh kami ngaloewarkeun setan teh koe Beelsĕboel.

19. Lamoen ĕnja kami ngaloewarkeun setan koe Beelsĕboel, anak-anak maraneh ngaloewarkeunana setan teh koe saha? Manana nja eta pisan anoe bakal ngahoekoeman ka maraneh.

20. Sabalikna lamoen kami ngaloewarkeun setan teh koe panangan Allah, nandakeun karadjaan Allah geus dongkap ka maraneh.

21. Lamoen anoe bĕdas njoren pakarang, ngadjaga pakoewonna, sabanda-bandana rahajoe.

22. Tatapi lamoen anoe leuwih bĕdas ngarontok ka manehanana sarta ngelehkeun, seug dirĕboet sagala pakarangna noe diandĕlkeun teja, geus kitoe djarahanana dibagi-bagikeun.

23. Anoe hanteu miloe ka kami, nja eta ngalawan ka kami teh, sarta noe hanteu miloe ngoempoelkeun djeung kami, nja eta ngaboerantakkeun.

24. Mangsa soekma nadjis geus ka loewar ti djalma, toeloej ngidĕran ĕnggon noe rarehe, nejangan eukeur tjitjing; ana hanteu manggih, seug ngomong kijeu: Ah dek balik deui bae ka imah oeroet aing ka loewar.

25. Ari datang, njampak geus beunang njapoean sarta dialoes-aloes.

26. Tidinja leumpang, ngadjakan toedjoeh batoer pada soekma, anoe leuwih goreng ti batan manehanana; ari geus asoep, tjaritjing di dinja; djadi djalma teja ahirna leuwih bangĕt ti batan tadi.

27. Ari keur mangsa Jesoes ngalahirkeun noe bijeu teja, aja hidji awewe di pĕlĕbah djalma-djalma, pok oendjoekan bari bĕdas pisan sowarana: Salamĕt lamboet noe geus ngandoeng ka andjeun, sarĕng salamĕt pinareup noe geus disĕsĕpan koe andjeun.

28. Ari lahiran Jesoes: Ĕnja

salamĕt sakoer noe ngadengekeun ka pangandika Allah, sarta diestoekeunana.

29. Mangsa djalma-djalma keur ngararonjok, seug Jesoes ngalahir kijeu: Ijeu bangsa teh bangsa goreng; menta tanda, eta moal dibere tanda, ngan tanda nabi Joenoes teja.

30. Karana sapĕrti Joenoes geus djadi tanda keur oerang Niniwe, nja kitoe deui Poetra manoesa teh pidjadieun tanda keur ijeu bangsa ajeuna.

31. Radja istri ti tĕbeh kidoel teja bakal ngadeuheusan ka hoekoem kijamat barĕng djeung djalma bangsa ijeu, sarta seug ngahoekoeman ka darinja; sabab geus soemping ti toengtoeng boemi, bawaning hajangeun ngareungeu kana kapintĕran Soeleman; padahal anoe ajeuna di dijeu mah leuwih ti batan Soeleman.

32. Oerang Niniwe bakal ngadareuheusan ka hoekoem kijamat barĕng djeung ijeu bangsa ajeuna, sarta seug ngahoekoeman ka darinja; sabab oerang Niniwe teh tarobat sanggeusna meunang piwoeroek ti Joenoes; padahal anoe ajeuna di dijeu mah leuwih ti batan Joenoes.

33. Hanteu aja djalma noe njeungeut damar, diteundeun di noe boeni, atawa ditoeroeban koe gantang; geus tangtoe diteundeun dina adjoegna, soepaja noe arasoep sina narendjo kana sorotna.

34. Ari damar badan teh, nja eta panon. Oepama panon maneh tjekas, tjaang badan maneh sakoedjoer; sabalikna oepama soerĕm mah, poëk badan maneh sakoedjoer.

35. Masing hade-hade, tjaang noe aja di djĕro maneh teh oelah djadi poëk.

36. Lamoen badan maneh tjaang pisan, euweuh naonnaon anoe poëk, tangtoe tjaang sakabehna, tjara keur mangsa maneh katodjo koe sorot damar.

37. Mangsa Jesoes keur ngalahir, aja hidji ahli parisi ngahatoeranan toewang ka imahna. Geus kitoe lĕbĕt, ladjĕng linggih toewang.

38. Barang katendjo koe ahli parisi teh, heraneun doemeh Jesoes toewang teu sibanjo heula.

39. Dĕmi Goesti ngalahir ka dinja kijeu: Ari maraneh, ahli parisi, sok ngabĕrĕsihan tjatjangkir djeung pandjang ngan di loewarna bae; tatapi di djĕro maraneh pinoeh koe beunang ngarampas djeung koe kagorengan.

40. Eh noe barodo! ari noe geus ngadamĕl loewarna, lain nja eta noe ngadamĕl djĕrona oge?

41. Tatapi eusina koedoe sidĕkahkeun; lamoen kitoe

sakabehna djadi bĕrĕsih di maraneh.

42. Tatapi pitjilakaeun maraneh, ahli parisi, karana maraneh ngadjakatan soerawoeng, djeung kasimoekan, sarta sagala lalab-lalab; padahal maraneh ngaliwat ka hoekoem djeung kana kanjaahan ka Allah. Nja eta noe koedoe dipilampah, sarta ari noe hidji deui oelah ditinggal.

43. Pitjilakaeun maraneh, ahli parisi, karana rĕsĕp darijoek panggirangna di masigit-masigit, djeung sok hajang diaroendjoengan di pasar-pasar.

44. Pitjilakaeun maraneh, ahli kitab djeung ahli parisi, djalma noe poera-poera, karana maraneh teh saroewa djeung astana noe hanteu katara, ari djalma noe njorang teu njarahoëun.

45. Geus kitoe ahli toret saoerang pok ngawangsoel, kijeu pioendjoekna: Eh Goeroe, kasaoeran andjeun noe kitoe teh ka koela djeung pada batoer ge ngahinakeun.

46. Ari lahiran Jesoes: Pitjilakaeun maraneh oge, ahli toret, karana ngamomotkeun ka djalma momotan noe teu beunang ditanggoeng, tatapi ari diri maraneh mah teu njabak ka eta momotan koe ramo hidji-hidji atjan.

47. Pitjilakaeun maraneh, karana sok ngomean makam para nabi, ari eta nabi koe karoehoen maraneh diparaehan.

48. Nandakeun maraneh teh ngaroedjoekan sarta mirĕsĕp ka pagawean karoehoen maraneh, karana nja eta geus maehan ka para nabi, sarta koe maraneh diomean makamna.

49. Koe pedah kitoe noe matak kaoeningaan Allah teh geus ngandika: Kami bakal miwarangan ka maranehanana nabi-nabi djeung rasoel-rasoel; ari noe sawareh bakal dipaehan djeung ditoendoeng koe maranehanana;

50. Soepaja dipoendoet ti ijeu bangsa ajeuna gĕtih sadajana nabi, noe geus dikoetjoerkeun ti watĕs didjadikeunana alam-doenja;

51. Mimitina ti gĕtih Habil, tĕpi ka gĕtih Djakaria, noe dipaehan di antara altar djeung kabah teja. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, eta bakal dipoendoet ti ijeu bangsa ajeuna.

52. Pitjilakaeun maraneh, ahli toret, karana sorog kanjaho koe maraneh geus diboenikeun; ari maraneh sorangan hanteu asoep, sarta noe hajang asoep koe maraneh dipĕgatan.

53. Mangsa Jesoes ngalahirkeun anoe tadi teja, seug ahli-ahli kitab djeung ahli-

ahli parisi pada ngamimitian ngariwoedkeun ka andjeunna haběn pisan, sarta nararoskeun reja-reja pěrkara;

54. Bari ngintip-ngintip, pangarahna meunangkeun naon-naon noe ka loewar ti lambějna, soepaja bisa ngělakkeun andjeunna.

PASAL 12.

Sabot keur kitoe, karoempoel djalma mangreboe-reboe, datang ka silih-tintjak. Geus kitoe Jesoes ngalahir ka moerid-moeridna kijeu: Mimitina pisan koedoe hade-hade diri maraneh koe ragi ahli parisi, nja eta kapoera-poeraan.

2. Taja pisan pěrkara katoetoepan, anoe moal pikataraeun, atawa pěrkara boeni, anoe moal pikatangeneun.

3. Koe sabab eta, saniskara noe koe maraneh diomongkeun di noe poëk, bakal kadenge di noe tjaang; sarta noe koe maraneh diharewoskeun kana tjeuli dina pangkeng, bakal dioewarkeun tina hateup imah.

4. Djeung kami ngawoeroek ka maraneh anoe djadi sobat kami: oelah dek sarijeun koe noe maehan kana badan, sanggeusna ti dinja teu bisaeun migawe naon-naon deui.

5. Ari kami rek noedoehkeun ka maraneh anoe koedoe dipikasijeun koe maraneh teh: koedoe sarijeun koe noe kagoengan kawasa, sanggeusna maehkeun, seug ngaloengkeun ka djěro naraka ongkoh; satěměnna, kami ngawoeroek ka maraneh: nja eta koedoe dipikasijeun koe maraneh teh.

6. Ari manoek piit didjoewalna lain lima doewa doewit? kilang kitoe ge moenggoehing di Allah teu aja noe kalalian hidji-hidji atjan.

7. Malah-malah boeoek anoe aja dina sirah maraneh geus kaetang kabeh. Koe sabab eta oelah dek sarijeun; maraneh teh leuwih ti batan manoek piit noe loba.

8. Djeung deui kami ngalahir ka maraneh: Saha-saha anoe ngakoe ka kami di hareupeun djalma-djalma, tangtoe diakoe deui koe Poetra manoesa di hareupeun para malaikat Allah.

9. Sabalikna saha-saha anoe nganglěs ka kami di hareupeun djalma-djalma, tangtoe dianglěs deui di hareupeun para malaikat Allah.

10. Djeung saha-saha djalma anoe ngomong ngalawan ka Poetra manoesa teh, bakal dihampoera; tatapi ari noe ngagorengkeun ka Roh Soetji mah, moal dihampoera.

11. Ari samangsa maraneh

diiringkeun ka masigit-masigit, djeung ka kapala-kapala, sarta ka noe pada kawasa, poma oelah salĕmpang koe pĕtana atawa koe naon pingadjawabeun, atawa koe noe bakal diaromongkeun koe maraneh;

12. Karana dina waktoe eta pisan Roh Soetji bakal ngawoeroek ka maraneh sakoer anoe koedoe diaromongkeun koe maraneh teh.

13. Geus kitoe aja hidji djalma ti anoe koempoel teja, oendjoekan ka Jesoes kijeu: Noen Goeroe, moegi miwarang ka doeloer koering, sina ngabagikeun barang titilar ka koering.

14. Ari lahiran Jesoes ka dinja: Eh djalma, saha noe ka kami ngadjĕnĕngkeun djaksa atawa toekang ngabagikeun ka maraneh?

15. Ladjĕng ngalahir deui ka djalma-djalma teh: Mangka hade-hade, koedoe njĕgah kapĕrĕtjitan, sabab hiroep teh lain koe kalobaan banda bae.

16. Tidinja ngalahirkeun hidji misil ka maranehanana, kijeu lahirna: Aja hidji djalma beunghar, beubeunangananana tina taneuhna tjoekoel pisan.

17. Seug mikir di djĕro hatena, kijeu pokna: Koemaha aing pipĕtaeunana? karana aing teu boga keur ngampihan hasil-hasil aing.

18. Ari omongna: Ah dek mĕtakeun kijeu bae: dek ngaroewag koedang-koedang aing, toeloej njijeun deui noe gĕde ti batan eta; nja di dinja ngoempoelkeun sagala kahasilan aing djeung barang-barang.

19. Geus kitoe dek ngomong ka njawa aing: Eh njawa, ajeuna maneh boga barang loba pisan, mahi sababaraha taoeneun; ajeuna eureun bae, geura dahar-leueut, masing boengah pisan.

20. Dĕmi Allah ngandika ka eta djalma kijeu: Eh noe boeroeng, dina peuting ijeu dek dipoendoet njawa maneh; ari noe beunang njawiskeun maneh teja, saha noe pibogaeun?

21. Nja kitoe pĕtana anoe ngoempoelkeun doenja-brana keur dirina sorangan, djeung hanteu beunghar di Allah.

22. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka moerid-moeridna: Koe sabab eta kami ngawoeroek ka maraneh: oelah rek salĕmpang kana hiroep maraneh, tina pĕrkara pihakaneun; atawa kana badan maraneh, tina pĕrkara pipakeëun.

23. Ari hiroep teh leuwih ti batan kahakanan, djeung badan teh leuwih ti batan papakean.

24. Geura arawaskeun pĕtana gagak, tara njĕbarkeun

djeung tara diboewat; teu boga gowah teu boga koedang; geuning koe Allah diparaban bae. Ari maraneh koetan lain leuwih pisan ti batan manoek-manoek?

25. Saha pělěbah maraneh anoe bisa nambahan oemoer koe saasta, tina salěmpangna?

26. Lamoen maraneh hanteu bisa migawe pěrkara noe pangleutikna, naha mana salěmpang koe pěrkara noe sedjen?

27. Geura arawaskeun pětana bakoeng, dina ngagědeananana; eta tara baranggawe, tara nganteh; ari kami ngalahir ka maraneh: sanadjan Soeleman oge, sakitoe gěde kamoeljaananana, panganggona hanteu něpi ka eta kěmbang bakoeng sahidji teja.

28. Lamoen djoekoet-djoekoet, anoe aja poë ijeu di těgal, ari isoekna dialoengkeun ka pameuleuman, koe Allah didangdanan sakitoe, pon pilalagi maparin papakean ka maraneh, eh djalma noe koerang pěrtjaja!

29. Ari maraneh teja, oelah nanjakeun pihakaneun atawa piinoemeun; djeung oelah sok mangmang.

30. Karana sagala pěrkara noe kitoe teja sok disalijar koe bangsa-bangsa di doenja; ari Rama maraneh langkoeng oeninga jen maraneh kakoerangan eta sakabehna pěrkara.

31. Nja koedoe pada nejangan karadjaan Allah; sanggeus kitoe eta sakabehna pěrkara tanwande diwoewoehan ka maraneh.

32. Oelah sarijeun, eh goendoekan saeutik! karana kasoeka Rama maraneh teh pimaparineun karadjaan nja ka maraneh.

33. Djaroewal babandaan maraneh, pake mere siděkah. Geura njarijeun pikeun diri maraneh kandjoet noe teu keuna koe boetoet, radjabrana noe teu pisoedaeun, anoe aja di sawarga; nja ka dinja anoe maling hanteu něpi, djeung toko hanteu ngaroeksak.

34. Karana di mana bae ajana radja-brana maraneh, nja di dinja piajaeunana hate maraneh oge.

35. Tjangkeng maraneh koedoe disaboek, djeung damar maraneh koedoe hoeroeng.

36. Sarta maraneh sing sapěrti djalma noe ngadagoan pimoelangeunana djoeragan ti noe siděkah kawinan, soepaja dimana datang, djoeragan ngětrokan panto, gantjang ngaboekakeunana.

37. Salamět badegana, noe kasampak njaring koe djoeraganana, mangsa datang! Satěměnna, kami ngalahir ka maraneh, eta djoeragan bakal

disaboek, toeloej badega-badegana teh disina ngarijoeng, seug disampeurkeun sarta dilalajanan.

38. Djeung oepama datangna dina waktoe ronda noe kadoewa, atawa dina waktoe ronda noe katiloe, kasampak kitoe pĕtana, tangtoe salamĕt badega teja.

39. Sarta maraneh masing nganjahokeun, ari noe boga imah, oepama njahoëun kana waktoe pidatangeun maling, geus tangtoe njaring bae, moal dibikeun imahna digangsir.

40. Koe sabab eta maraneh oge koedoe pada sadija; karana Poetra manoesa teh pisoempingeunana dina waktoe noe hanteu kataksir koe maraneh.

41. Tidinja Petroes oendjoekan: Noen Goesti, andjeun ngalahirkeun misil teja ka abdi-abdi bae, atanapi ka sadaja djalma-djalma?

42. Ari lahiran Goesti: Saha kokolot boemi anoe goemati djeung pintĕr teh, noe bakal didjĕnĕngkeun koe djoeragan ngoeroeskeun badega-badegana, baris pimereëun baranghakan ka darinja dina waktoena?

43. Salamĕt eta badega noe kasampak koe djoeraganana keur migawe noe kitoe pĕtana, mangsa datang.

44. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, eta bakal didjadikeun toekang ngoeroes ka sakabeh babandaan djoeraganana.

45. Tatapi oepama eta badega ngomong dina hatena: Djoeragan tangtoe lila pidatangeunana, - geus kitoe mimiti neunggeulan ka badega lalaki djeung ka badega awewe, sarta njatoe-nginoem datang ka weureu:

46. Kasĕdĕk datang djoeraganana badega teja di poë noe hanteu katĕgoeh, sarta dina waktoe noe hanteu njahoëun manehanana; toeloej eta dipijasat, sarta bagianana disaroewakeun djeung sakoer noe hanteu toehoe.

47. Ari badega noe njahoëun ka pikarĕpeun djoeraganana, tatapi hanteu dangdan djeung hanteu noeroet kana eta karĕpna, bakal diteunggeulan kabina-bina;

48. Tatapi ari noe teu njahoëun mah, seug migawe anoe mandjing kana siksaan teunggeul, eta bakal diteunggeulan rada enteng. Saha-saha djalma anoe diberean loba, dipentana loba deui; sarta saha-saha noe dipihapean loba, dipentana beuki loba.

49. Kami noe matak datang dek ngaloengkeun seuneu ka boemi, sarta naon deui kahajang kami, ngan geuwat hoeroeng bae?

50. Tatapi kami koedoe dibanjoean koe sahidji pangbanjoe, sarta kami teh wĕt karoepĕkan bangĕt pisan nĕpi ka geus kalampahkeun.

51. Koemaha pamikir maraneh teh, kami noe matak datang dek ngadjadikeun karoentoetan di boemi? Kami ngalahir ka maraneh: eta mah lain, saĕnjana ngadjadikeun papadoean.

52. Ari ti watĕs ajeuna lima djalma dina sahidji imah noe bakal papadoean, anoe tiloe madoean ka noe doewa, ari noe doewa madoean ka noe tiloe.

53. Bapa bakal madoean ka anakna lalaki, sarta anak lalaki ka bapana; ari indoeng ka anakna awewe, sarta anak awewe ka indoengna; ari mitoha awewe ka minantoena awewe, sarta minantoe awewe ka mitohana awewe.

54. Ladjĕng Jesoes ngalahir deui ka djalma-djalma teh: Mangsa maraneh nendjo mega keur naek ti koelon, harita ngomong kijeu: dek hoedjan; nja kitoe pisan djadina.

55. Djeung mangsa maraneh nendjo angin datangna ti kidoel, harita ngomong kijeu: bakal panas; nja kitoe pisan djadina.

56. Eh djalma noe poerapoera, kana roepa boemi djeung langit maraneh bisa ngahartikeun; naha teu ngahartikeun ka djaman ijeu?

57. Koe naon maraneh mana hanteu ngahoekoeman ti diri sorangan anoe saestoena?

58. Karana maneh satijaptijap ngadeuheus ka noe kawasa reudjeung lawan maneh, koedoe sing hade-hade keur di djalan, malar leupas tina lawan teh, oelah koengsi maneh dibawa ka djaksa, seug koe djaksa diselehkeun ka sipir, ari koe sipir diasoepkeun ka pangberokan.

59. Kami ngalahir ka maneh, hamo maneh ka loewar deui ti dinja lamoen tatjan moenahan peser panoetoep mah.

PASAL 13.

Dina mangsa eta aja djalma di pajoeneun anoe marioendjoek tina hal oerang Galilea, noe ditjampoerkeun gĕtihna koe Pilatoes reudjeung koerbanna.

2. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka eta djalma: Koemaha pamikir maraneh, eta oerang Galilea teja, noe matak kataradjang sakitoe, leuwih doraka ti batan oerang Galilea sakabeh?

3. Kami ngalahir ka maraneh: eta mah lain kitoe; tatapi saoepama maraneh hanteu tobat mah, tangtoe

toempoer kabeh tjara kitoe.

4. Djeung deui djalma dalapan wělas teh, noe katarindih papanggoengan di Siloam, datang ka paraeh teja, koemaha pamikir maraneh, eta teh djalma baroga dosa leuwih ti batan sakabeh djalma noe aja di Jěroesalem?

5. Kami ngalahir ka maraneh: eta mah lain kitoe; tatapi saoepama maraneh hanteu tobat mah, tangtoe toempoer kabeh tjara kitoe.

6. Ladjěng Jesoes ngalahirkeun misil, kijeu: Aja hidji djalma noe boga tangkal kondang sahidji, dipělak di kěbon anggoerna; geus kitoe datang, seug nejangan boewah ka tangkalna, tatapi hanteu manggih.

7. Tidinja ngomong ka mandor-kěbonna: Kami teh bět ngalanglang geus meunang tiloe oesoem, nejangan boewah ka ijeu tangkal kondang, hanteu manggih bae; pek geura toewar, matak njoewoengkeun lahan bae!

8. Ngadjawab mandor teh, kijeu djawabna: Noen djoeragan, ingkeun bae sataoen ijeu deui mah, koe koering dek dipoetěr sakoerilingna, sarta digěmoekan sakali,

9. Soegan daekeun boewahan; saoepama hanteu mah, kakara ditoewar koe djoeragan.

10. Ari di poë sabat Jesoes ngawoeroek dina hidji masigit.

11. Harita aja hidji awewe, noe aja soekmaan anoe matak djadi kasakit; geus meunang dalapan wělas taoen lilana; eta teh bongkok, teu bisa pisan měněrkeun awakna.

12. Barang katingali, ladjěng koe Jesoes disaoer, sarta ngalahir ka dinja: Njai, ajeuna geus salamět tina kasakit maneh.

13. Seug ditoempangan koe pananganana; harita keneh ge běněr deui awakna, toeloej awewe teh ngamoeljakeun ka Allah.

14. Ari kapala masigit poendoeng sabab Jesoes njageurkeun di poë sabat; toeloej ngomong, kijeu omongna ka djalma-djalma: Kapan aja gěněp poë noe pikeun baranggawe: nja dina eta koedoe daratang menta ditjageurkeun, oelah di poë sabat.

15. Ngawalon Goesti ka kapala teh, kijeu lahirna: Eh djalma noe poera-poera, koemaha maraneh oenggal-oenggal djalma di poë sabat lain ngalaan sapina atawa kaldena tina pangokopan, ditoengtoen toeloej diinoemkeun?

16. Geuning eta awewe, kaasoep anak Ibrahim, geus dalapan wělas taoen lilana nja dibandana koe setan, naha

lain koedoe dilaanan talina di poë sabat oge?

17. Mangsa Jesoes ngalahirkeun kitoe, areraeun sakoer noe njawad ka andjeunna; ari sakabeh djalma teja aratoheun tina sabab sagala pĕrkara noe moelja, noe dipidamĕl koe andjeunna.

18. Ngalahir deui Jesoes: Ari karadjaan Allah teh ibarat koemaha? Koe kami rek dioepamakeun kana naon?

19. Oepama siki sasawi noe ditjokot koe hidji djalma, toeloej dialoengkeun ka kĕbonna; geus kitoe ngadjangkoengan, djadi tangkal anoe gĕde; ari manoek awang-awang njarajang dina dahanna.

20. Tidinja ngalahir deui: Ari karadjaan Allah teh koe kami rek dioepamakeun kana naon?

21. Oepama ragi, noe ditjokot koe hidji awewe, toeloej dibĕbĕskeun kana tipoeng tiloe takĕr, datang ka kahaseuman sakabehna.

22. Ari angkatna Jesoes sisindangan ka nagara-nagara djeung ka desa-desa, bari ngawoeroek; noe didjoegdjoeg Jĕroesalem.

23. Tidinja aja noe oendjoekan ka Jesoes kijeu: Noen Goesti, ngan saeutik bae djalma noe bakal salamĕt? Ari lahiranana:

24. Koedoe njĕlĕkekeun maneh soepaja meunang arasoep kana lawang noe singgĕt; karana kami ngalahir ka maraneh, reja djalma noe rek mikarĕp asoep, tatapi teu bisaeun.

25. Ari noe kagoengan boemi teh geus tjĕngkat, sarta dikoentjikeun pantona, toeloej maraneh nangtoeng di loewar, sarta ngĕtrok-ngĕtrok panto, bari ngomong: Goesti, Goesti, koering pangboekakeun! geus kitoe ngawalon, kijeu lahirna ka maraneh: kami teu wawoeh ka maraneh, teu njaho asal-asalna atjan.

26. Nja didinja maraneh bakal mioendjoek kijeu: Kapan simkoering teh bareto sok narĕda sarĕng ngarinoem di pajoeneun andjeun, sarĕng andjeun bareto sok ngawoeroek di loeloeroeng simkoering.

27. Toeloej eta bakal misaoer kijeu: Kami ngalahir ka maraneh jen teu wawoeh ka maraneh, teu njaho asalasalna atjan; ajeuna geura njalingkir ti kami, eh sakabeh noe migawe kadorakaan!

28. Nja di dinja bakal tjareurik djeung tingkarĕrot hoentoena, mangsa maraneh nendjo Ibrahim, Ishak djeung Jakoeb, sarta sakabeh para nabi, pada aja dina karadjaan Allah, tatapi diri maraneh mah didjarongklokkeun ka loewar.

29. Djeung deui bakal daratang djalma ti wetan djeung ti koelon, ti kaler sarta ti kidoel, toeloej dijoek ngarijoeng dina karadjaan Allah.

30. Geura aringĕtkeun, aja djalma pangpandeurina, bakal djadi pangheulana; kitoe deui aja noe pangheulana, bakal djadi pangpandeurina.

31. Dina poë harita aja ahli-ahli parisi daratang, aroendjoekan ka Jesoes: Sampejan geura angkat, djĕngkar ti dijeu, karana Herodes dek maehan ka sampejan.

32. Lahiranana ka ahli-ahli parisi teh: Geura arijang, bedjakeun ka eta tjareuh kijeu: Kami ngaloewarkeun setan sarta njageurkeun poë ijeu djeung isoekan; ari di poë noe katiloe kami teh ĕnggeus.

33. Tatapi poë ijeu, isoekan djeung pageto kami koedoe leumpang; karana hanteu oemoem nabi dipaehan di loewareun Jĕroesalem.

34. Ĕh Jĕroesalem, Jĕroesalem, noe maehan ka para nabi, sarta maledogan koe batoe ka noe dipiwarang ka maneh, kami geus sababaraha kali nja hajang ngoempoelkeun anak-anak maneh, sapĕrti hajam ngoempoelkeun anakna di djĕro djangdjangna; ari maraneh teh teu daek.

35. Sing nganjarahokeun, maraneh bakal ditinggalan imah maraneh narikolot. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, moal narendjo deui ka kami, nĕpi ka waktoe maraneh ngomong kijeu: Sing salamĕt noe soemping koe padjĕnĕngan Pangeran!

PASAL 14.

Ladjĕng Jesoes tjalik ka imahna hidji kapala ahli parisi, di poë sabat, bade toewang roti; sarta eta pada ngawaskeun ka andjeunna.

2. Ari di pajoeneunana aja hidji djalma noe kasakit boesoeng.

3. Geus kitoe Jesoes ngalahir, kijeu lahirna ka ahli-ahli toret djeung ka ahli-ahli parisi: Koemaha, kawidian njageurkeun di poë sabat?

4. Dĕmi eta rarepeh bae. Tidinja noe boesoeng teh koe Jesoes ditjandak, sarta ditjageurkeun sakali, toeloej dipiwarang balik.

5. Sanggeus kitoe ngalahir ka darinja, kijeu lahirna: Saha di pĕlĕbah maraneh, oepama kaldena atawa sapina tigoebroes ka djĕro soemoer, lain dihandjatkeun pada-harita, di poë sabat oge?

6. Dĕmi eta teu kadaroegaeun ngawangsoel deui ka andjeunna.

7. Ladjĕng Jesoes ngalahirkeun misil ka ondangan, doemeh ningali jen pada mili-

han eukeur dijoek anoe panggirangna; kijeu lahirna ka darinja:

8. Lamoen maneh koe hidji djalma diondang kana hadjat kawinan, oelah gek dijoek di panggirangna, bisi aja noe diondang anoe hormataneun leuwih ti maneh;

9. Ana datang noe ngondang ka maneh djeung ka eta teja, seug ngomong ka maneh: Maneh geura pindah keur ijeu. Tidinja maneh tangtoe dijoek di pangtoengtoengna sarta era.

10. Běněrna mah maneh, lamoen diondang, moedoe dijoek di pangtoengtoengna; soepaja ana datang noe ngondang ka maneh teja, ngomong ka maneh: Eh sobat, geura pindah bae ka girang! Tidinja maneh djadi meunang hormat di hareupeun djalma noe ngarijoeng reureudjeungan.

11. Sabab saha-saha noe ngagoengkeun ka dirina sorangan, tangtoe dikahandapkeun; djeung saha-saha noe ngahandapkeun ka dirina sorangan, tangtoe diagoengkeun.

12. Ladjěng Jesoes ngalahir deui ka noe ngondang ka andjeunna: Samangsa sampejan dek hadjat ti beurang atawa ti peuting, oelah ngondang ka sobat, atawa ka doeloer, atawa ka baraja, atawa ka tatangga noe baleunghar, soepaja sampejan ěngkena oelah diondang deui, sarta oelah meunang balěsan ti dinja.

13. Běněrna mah, samangsa sampejan dek hadjat, koedoe ngondang ka noe miskin, ka noe tampadaksa, ka noe dejog djeung ka noe lolong.

14. Lamoen kitoe mah sampejan tangtoe salamět, pedah eta teu barogaeun keur malěs ka sampejan; karana bakal dibalěs ka sampejan dina waktoe haroedang djalma noe balěněr.

15. Aja hidji djalma noe miloe ngarijoeng, sanggeus ngadenge eta pilahir, seug mioendjoek kijeu: Salamět noe barangdahar dina karadjaan Allah!

16. Ari lahiran Jesoes ka dinja: Aja hidji djalma dek hadjat ti peuting rosa katjida, sarta ngondangan loba pisan.

17. Geus těpi ka waktoe hadjat teh, toeloej miwarang badegana, poepoelih ka noe diarondang teja: Ajeuna geura tjaralik, karana geus sadija kabeh.

18. Ari eta djalma sakabehna pada mogogan. Anoe hidji ngomong ka badega teja: Kaoela geus meuli kěbon, pěrloe pisan kaoela leumpang ngilikan; něda ditjoekoep-loemoer bae.

19. Ari noe hidji deui omongna: Kaoela geus meuli

lima pasang moending, dek ngadjaran; nĕda ditjoekoep-loemoer bae.

20. Aja deui noe ngomong kijeu: Kaoela mantas kawin ka hidji awewe; koe sabab eta kaoela hanteu bisa nga-deuheusan.

21. Tidinja badega teja, sanggeus datang, ngoeninga-keun eta sakabeh pĕrkara ka djoeraganana. Geus kitoe noe kagoengan boemi teh bĕndoe, toeloej miwarang ka badegana, kijeu: Maneh geura djig ka djalan-djalan djeung ka loe-loeroeng-loeloeroeng nagara, giringkeun sakoer noe mis-kin, djeung noe tampadaksa, djeung noe dejog, sarta noe lolong.

22. Toeloej badega teh mi-oendjoek: Noen djoeragan, geus dilampahkeun sapiwara-ngan djoeragan, nanging aja keneh tĕmpatna.

23. Ladjĕng eta djoeragan miwarang deui ka badegana: Seug maneh leumpang deui ka djalan djadjahan-djadjahan, djeung ka sisi-sisi pagĕr, sarta keukeuhan sina arasoep, soe-paja imah kami djadi pinoeh.

24. Karana kami ngalahir ka maraneh, ari djalma noe tadina diarondang teja, sa-oerang ge moal ngasaan ka panghadjatan kami.

25. Ari djalma noe ngari-ring ka Jesoes loba pisan. Ladjĕng malik, sarta ngalahir ka darinja:

26. Tijap-tijap djalma da-tang ka kami, teu ngageu-leuhan ka indoeng-bapana, ka pamadjikanana, ka anak-anak-na, ka doeloer lalaki awewe, malah ka njawana sorangan, eta mah moal bisa djadi moe-rid kami.

27. Djeung deui saha-saha noe hanteu manggoel kai-di-palang adjangna, bari teu anoet ka kami, eta mah moal bisa djadi moerid kami.

28. Oepama aja djalma di pélĕbah maraneh dek njijeun papanggôengan, eta teh lain dijoek heula sarta bari ngi-toeng-ngitoeng piongkoseu-nana, kira-kira bakal mahi tĕpi ka anggeusna?

29. Bisina sanggeus tĕrap padĕmen, hanteu kadoega nganggeuskeun, seug diseung-seurikeun koe sakoer noe na-rendjo.

30. Bari ngaromong: Eta djalma ngamimitian njijeun papanggoengan, tatapi hanteu kadoega nganggeuskeun!

31. Djeung deui oepama aja radja noe dek ngalawan pĕrang ka radja noe sedjen, eta teh lain tjalik heula, sar-ta bari ngabadamikeun, kira-kira kadoega nĕpoengan koe salaksa ka noe njampeur-keun bawana doewa laksa?

32. Lamoen hanteu mah,

meureun miwarangan djalma, keur mangsa radja noe sedjen teh djaoeh keneh, nĕda karahajoean.

33. Nja kitoe deui maraneh, oenggal-oenggal djalma noe teu ninggalkeun ka sakabeh bobogaanana, moal bisa djadi moerid kami.

34. Ari oejah teh hade; tatapi lamoen oejah leungit rasana, koe naon dipangsetanana?

35. Ka lahan atawa ka djarijan euweuh pisan pigaweeunana; dipitjeun bae. Saha-saha djalma noe boga tjeuli pikeun ngadenge, koedoe dengekeun.

PASAL 15.

Ari sakabeh toekang tjoeke djeung djalma noe daroraka pada ngadeuheusan ka Jesoes, sĕdja ngadarengekeun ka andjeunna.

2. Geus kitoe ahli parisi djeung ahli kitab tinggĕlĕndĕng, kijeu omongna: Eta teh sok narima ka djalma noe daroraka, sarta barangdaharna sok reudjeung.

3. Ladjĕng Jesoes ngalahirkeun ijeu misil ka eta djalma-djalma, kijeu lahirna:

4. Saha djalma lĕbah maraneh, noe boga domba saratoes siki, lamoen leungit hidji, eta teh lain ninggalkeun ka noe salapan poeloeh salapan di tĕgal, geus kitoe toeloej leumpang, nejangan noe leungit teja, datang ka kapanggihna deui?

5. Arina geus kapanggih, seug dipanggoel dina taktak, bawaning atoheun pisan.

6. Barang datang ka imah, toeloej ngoempoelkeun sobat-sobatna djeung tatangga-tatanggana, bari ngomong ka dinja: Tjing barantoean soeka-soeka ka kaoela, karana domba kaoela noe leungit teja ajeuna geus timoe deui.

7. Kami ngalahir ka maraneh, nja kitoe pisan piboengaheun di sawarga tina sabab sahidji djalma doraka anoe tobat, leuwih koe salapan poeloeh salapan djalma bĕnĕr, noe teu koedoe tarobat.

8. Djeung saha awewe noe boga dirham sapoeloeh siki, lamoen leungit hidji, eta teh lain njeungeutkeun damar, toeloej dikĕboetan imahna, sarta imeut pisan nejanganana datang ka kapanggihna deui?

9. Arina geus kapanggih, seug ngoempoelkeun sobat-sobatna djeung tatangga-tatanggana pada awewe, bari kijeu omongna: Tjing barantoean soeka-soeka ka kaoela, karana dirham kaoela noe leungit teja ajeuna geus timoe deui.

10. Kami ngalahir ka maraneh, nja kitoe pisan piboe-

ngaheun di lĕbah para malaikat Allah, tina sabab sahidji djalma doraka anoe tobat.

11. Ari lahiranana: Aja hidji djalma noe boga doewa anak lalaki.

12. Boengsoena oendjoekan ka ramana: Noen ama, koering nĕda dipaparin hibat anoe baris pibagianeun koering. Ladjĕng ramana ngabagi ka doewaan.

13. Hanteu lila deui boengsoena teh ngoempoelkeun sabanda-bandana, toeloej leumpang ka nagara noe djaoeh; di dinja dibejakkeun bandana, dipake kamĕgahan bae.

14. Ari geus bejak'sakabehna, seug patjĕklik kabinabina di nagara eta, tidinja manehna djadi kakoerangan.

15. Geus kitoe indit, asoep boeboedjang ka hidji djalma, oerang nagara dinja; dĕmi koe eta manehna dititah ka tĕgalna ngangon bagong.

16. Toeloej kabitaeun ngeusian beuteungna koe loloh hakaneun bagong, tapi euweuh noe mere.

17. Geus kitoe ras ingĕt ka diri sorangan, sarta ngomong kijeu: Ari ka bapa aing loba pisan noe boeboeroeh, sarta kahakananana datang ka leuwihan, dĕmi diri aing mah roeksak balas langlajeuseun.

18. Ajeuna mah dek indit ngadeuheusan ka bapa, sarta rek oendjoekan kijeu: Noen ama, simkoering geus tarima migawe dosa ka sawarga sarĕng di pajoeneun ama;

19. Simkoering geus teu pantĕs disĕboet deui poetra ama; ajeuna samikeun bae sarĕng noe boeboeroeh.

20. Harita indit, toeloej leumpang ka ramana. Ari manehna keur mangsa djaoeh keneh, geus katingal koe ramana, sarta watireun pisan; toeloej dipapagkeun, seug dirangkoel bari ditjijoeman.

21. Tidinja anakna mioendjoek: Noen ama, simkoering geus tarima migawe dosa ka sawarga sarĕng di pajoeneun ama, sarĕng simkoering geus teu pantĕs disĕboet deui poetra ama.

22. Ari ramana teh miwarang ka badega-badegana: Geura njarokot papakean anoe pangaloesna, toeloej pakekeun ka ijeu anak, djeung ali pakekeun ka ramona, sarta soekoena taroempahan;

23. Geus kitoe njarokot anak sapi noe beunang ngalĕbĕng teja, toeloej peuntjit sakali; hajoe oerang ngarijoeng dalahar soeka-soeka;

24. Karana ijeu anak kami geus paeh, ajeuna hiroep deui; geus leungit, ajeuna kapanggih deui. Tidinja pada mimiti soeka-soeka.

25. Ari anakna noe tjikal teja keur aja di tĕgal; mangsa harita datang; ana geus deukeut ka imah, ngadenge tatabeuhan djeung noe ngarigĕl.

26. Tidinja njĕloekan hidji badega, sarta nanja: Eta teh keur naraon?

27. Ari wangsoelanana: Raji andjeun geus soemping, sarĕng rama andjeun geus meuntjit anak sapi noe beunang ngalĕbĕng teja, doemeh geus kapĕndak deui sarta wiloedjĕng.

28. Geus kitoe eta teh poendoeng, teu daekeun asoep. Toeloej ramana ka loewar, sarta ngoepahan ka dinja.

29. Seug ngawangsoel, kijeu wangsoelanana ka ramana: Koering sakijeu nja lila ngawoelaan ka ama, tatjan pisan moengpang ka parentah ama, ari ama mah tatjan pisan maparin ka koering anak ĕmbe sahidji-hidji atjan, baris koering soeka-soeka reudjeung sobat koering.

30. Tatapi ari geus datang eta anak ama, noe geus mejakkeun banda ama ka dajang-dajang, eta mah koe ama dipangmeuntjitkeun anak sapi noe beunang ngalĕbĕng teja!

31. Ari saoer ramana: Eh agoes, ari agoes mah salalawasna reureudjeungan bae djeung ama; sarta sakabeh babandaan ama, agoes anoe boga.

32. Nja pantĕs oerang koedoe atoh sarta boengah; karana eta doeloer agoes geus paeh, ajeuna hiroep deui; geus leungit, ajeuna kapanggih deui.

PASAL 16.

Ladjĕng Jesoes ngalahir deui ka moerid-moeridna: Aja hidji djalma beunghar, sarta boga hidji kokolot boemi; geus kitoe eta aja noe ngĕlakkeun, ditoeding ngalĕboer banda djoeraganana.

2. Toeloej disaoer koe djoeraganana, sarta dilahiran kijeu: Koemaha kami ngadenge bedja hal maneh noe kitoe? Geura njijeun lalaporan tina tjangkingan maneh; karana maneh moal bisa deui djadi kokolot boemi.

3. Tidinja kokolot boemi teh ngomong di djĕro hatena kijeu: Koemaha aing nja pipĕtaeun, pedah tjangkingan aing rek ditjandak koe djoeragan? Kana matjoel aing moal koewat, ari bĕrmaen era.

4. Ah geus timoe pipĕtaeun aing, sangkan aja noe narima aing ka imahna, samangsa dipotjot tina tjangkingan.

5. Geus kitoe seug ngala hidji-hidji djalma noe baroga hoetang ka djoeraganana; ti-

dinja ngomong ka noe ti heula: Sabaraha maneh nja hoetang ka djoeragan oerang?

6. Djawabna: Saratoes tahang minjak. Toeloej ngomong deui ka dinja: Tjokot tanda-tangan maneh, seug dijoek, geuwat toeliskeun lima poeloeh.

7. Sanggeus kitoe ngomong ka noe sedjen: Ari maneh, sabaraha nja hoetang? Djawabna: Saratoes pikoel tarigoe. Toeloej ngomong deui ka dinja: Tjokot tanda-tangan maneh, sarta toeliskeun dalapan poeloeh bae.

8. Ari eta djoeraganana toeloej ngalĕm ka kokolot boemi noe doraka teja, sabab pintĕr mĕtakeunana; karana ari anak ijeu doenja sok leuwih pintĕrna ti batan anak tjaang, dina bangsana sorangan.

9. Kami ngalahir ka maraneh: koedoe njarijeun sobat-sobat koe Mamon noe doraka, soepaja maraneh, samangsa aja kakoerangan, ditarima koe eta ka imah noe langgĕng.

10. Anoe goemati ka noe pangleutikna, ka noe gĕde ge tangtoe goemati; djeung deui anoe teu bĕnĕr ka noe pangleutikna, ka noe gĕde ge tangtoe teu bĕnĕr.

11. Lamoen maraneh teu goemati kana Mamon noe doraka teja, saha noe bakal mĕrtjajakeun ka maraneh barang noe saĕnja-ĕnjana?

12. Sarta lamoen maraneh teu goemati kana banda anoe sedjen, saha noe bakal mere ka maraneh banda maraneh sorangan?

13. Moal aja badega anoe bisa ngawoela ka doewa djoeragan; karana geus tangtoe salah-sahidji dipikageuleuh, anoe hidji deui dipikanjaah; atawa salah-sahidji dirakĕtan, anoe hidji deui dipikangewa. Maraneh moal bisa ngawoela ka Allah djeung ka Mamon.

14. Ari sakabehna pĕrkara noe tadi kadarengeëun oge koe ahli-ahli parisi, nja eta teh pĕrĕtjit; tidinja pada ngalelewaan ka Jesoes.

15. Ladjĕng ngalahir ka darinja kijeu: Nja maraneh noe sok ngabĕnĕrkeun diri sorangan di hareupeun djalma-djalma, tatapi Allah mah langkoeng oeninga kana hate maraneh; karana sakoer noe agoeng di pĕlĕbah djalma, nja eta teh nadjis di pajoeneun Allah.

16. Ari Toret reudjeung Para-nabi nĕpi ka Johannes bae; ti mangsa harita karadjaan Allah teh dioewarkeunana, sarta oenggal-oenggal djalma pada nĕmpoeh ka dinja.

17. Babari langit djeung boemi teh euweuh, ti batan

leungit sahidji tjĕtjĕkna Toret.

18. Saha-saha noe njĕrahkeun pamadjikanana, toeloej ngawin noe sedjen, eta hoekoemna ngaranjed; djeung saha-saha ngawin ka noe geus disĕrahkeun koe salakina, eta hoekoemna ngaranjed keneh bae.

19. Aja hidji djalma beunghar, papakeanana soetra woengoe djeung boëh katji, ari lampahna oenggal-oenggal poë soeka-soeka djeung pipidangan bae.

20. Djeung aja deui hidji djalma miskin, Lasaroes ngaranna, noe ngaroempoejoek pĕlĕbah panto djalma noe beunghar teja, sarta awakna pinoeh koe bisoel;

21. Karĕpna hajangeun seubeuh koe remeh-remeh anoe moerag ti medja djalma noe beunghar teja; samalah andjing ge daratang ngaletakan bisoel-bisoelna.

22. Geus kitoe anoe miskin teh toeloej paeh, seug koe malaikat diparajang ka pangkon Ibrahim.

23. Tidinja anoe beunghar teh paeh deui, toeloej dikoeboer. Barang tanggah di naraka, keur njandang sangsara, beh nendjo Ibrahim ti kadjaoehan, djeung Lasaroes aja dina pangkonna.

24. Geus kitoe sasambat, kijeu omongna: Ama Ibrahim, moegi aja piwĕlas ka diri koering, sarĕng miwarang Lasaroes, sina ngantjlomkeun toengtoeng ramona kana tjai, keur niisan kana letah koering; karana koering kalangkoeng-langkoeng nja njĕri dina hoeroeng ijeu.

25. Ari lahiran Ibrahim: Eh agoes, sing ingĕt jen maneh geus meunang kabagdjaan diri maneh keur waktoe hiroep; balikanan Lasaroes mah geus meunang katjilakaan; mangsa ajeuna eta dililipoer, tatapi ari maneh mah boga kanjĕri.

26. Katoeroeg-toeroeg geus diajakeun djoengkrang lĕga antara ti dijeu ka maraneh; masih aja noe daek meuntas ti dijeu ka maraneh, moal bisaeun; nja kitoe deui anoe di darinja, moal bisaeun meuntas ka dijeu.

27. Geus kitoe mioendjoek deui: Lamoen kitoe mah ama, panoehoen koering moegi-moegi Lasaroes piwarang ka imah poen bapa;

28. Karana koering gadoeh lima doeloer; Lasaroes sina ngingĕtan ka maranehanana, soepaja oelah daratang ka ijeu ĕnggon kanjĕri.

29. Ari lahiran Ibrahim: Eta teh baroga kitab Moesa djeung kitab para nabi, koedoe pada ngadengekeun ka dinja.

30. Oendjoekanana deui: Lain kitoe, ama Ibrahim; nanging oepama didatangan koe djalma noe geus paeh saoerang, tinangtos maranehanana tarobat.

31. Dĕmi lahiran Ibrahim: Lamoen eta teh teu ngagoegoe ka Moesa djeung ka para nabi mah, moal beunang diwoeroek, sanadjan aja noe hoedang ti noe paeh oge.

PASAL 17.

Ladjĕng Jesoes ngalahir ka moerid-moeridna: Moestahil hanteu datang tatadjongan; tatapi pitjilakaeun djalma noe lantaranana datang.

2. Anggoer mĕnding dibangbaloehan koe batoe panggilingan beuheungna, toeloej dibalangkeun ka laoet, ti batan matak titadjong mah ka ijeu salah-sahidji noe laleutik.

3. Maraneh sing hade-hade. Oepama doeloer maneh boga dosa ka maneh, koedoe papatahan; sarta moen kadoehoengeun, koedoe hampoera.

4. Djeung deui oepama ngadosa ka maneh teh toedjoeh kali di djĕro sapoë, kitoe deui toedjoeh kali datangna ka maneh di djĕro sapoë, bari ngomong: Kaoela ajeuna geus kadoehoeng; eta koedoe dihampoera koe maneh.

5. Geus kitoe rasoel teja aroendjoekan ka Goesti: Moegi-moegi simkoering pada ditambahan kapĕrtjajaan!

6. Ari lahiran Goesti: Oepama maraneh boga kapĕrtjajaan sagĕde siki sasawi, pek ngomong ka ijeu tangkal lowa: Geura roengkad sarta mĕlakkeun maneh di laoet! eta tangtoe noeroet ka maraneh.

7. Saha di pĕlĕbah maraneh noe boga boedjang, eukeur ngawoeloekoe atawa keur ngangon, ana balik ti sawah, koemaha sok diomongan kijeu: Geura ka dijeu, geuwat dijoek ngarijoeng?

8. Lain kijeu diomonganana: Geura tjatjawis noe bakal dihakan koe kami, toeloej disaboek, seug ngalalajanan ka kami, datang ka kami reres njatoe-nginoem; geus kitoe maneh njatoe-nginoem deui?

9. Koemaha, eta djalma teh ngomong tarima ka boedjangna, sabab geus migawe noe dititah ka manehanana? Rasa kami mah moal.

10. Nja kitoe deui maraneh oge, sanggeus migawe sakoer noe dipiwarang ka maraneh, koedoe ngomong kijeu: Ari kaoela mah boedjang noe taja pedahna; kaoela geus migawe teh ngan anoe wadjib dipigawe koe kaoela.

11. Mangsa Jesoes keur

angkat ka Jĕroesalem, njorangna ka tĕngah-tĕngaheun Samaria djeung Galilea.

12. Barang soemping ka hidji desa, mĕndakan sapoeloeh djalma noe boga kasakit lepra, sarta narangtoeng ti kadjaoehan.

13. Toeloej pada ngagĕro, kijeu pokna: Noen Jesoes, Goeroe, moegi aja piwĕlas ka simkoering!

14. Ana katingali, ladjĕng Jesoes ngalahir ka eta teh: Geura laleumpang, tingalikeun diri maraneh ka panghoeloe. Dĕmi keur leumpang, pada djadi bĕrĕsih.

15. Ari eta djalma noe saoerang, barang ngareret jen dirina geus waloeja, seug balik deui, sarta ngamoeljakeun ka Allah tarik pisan sowarana.

16. Toeloej brĕk soedjoed kana dampal Jesoes, bari moedji soekoer; dĕmi eta teh oerang Samaria.

17. Ladjĕng Jesoes ngalahir, kijeu lahirna: Lain sapoeloehanana geus dibĕrĕsihkeun? Ajeuna di mana noe salapan deui?

18. Naha taja noe baralik deui dek ngahormatan ka Allah, ngan ijeu bae oerang nagara sedjen?

19. Ari lahiranana ka eta djalma: Geura tjĕngkat, toeloej balik; maneh geus ditoeloeng koe kapĕrtjajaan maneh.

20. Mangsa Jesoes ditaros koe ahli-ahli parisi, iraha pidongkapeunana karadjaan Allah teh, ladjĕng ngawalon ka darinja, kijeu lahirna: Ari karadjaan Allah teh pidatangeunana hanteu make tjitjiren.

21. Sarta moal aja noe ngomong: Tah di dijeu! atawa: Toeh di ditoe! karana karadjaan Allah teh ajana di djĕro diri maraneh.

22. Geus kitoe ngalahir ka moerid-moerid: Mangke pidatangeun mangsa, harita maraneh hajang nendjo ka sahidji poë Poetra manoesa, tatapi moal narendjo.

23. Didinja djalma bakal ngaromong ka maraneh: Tah di dijeu! atawa: Toeh di ditoe! Maraneh poma oelah bral, djeung oelah mariloe.

24. Karana tjara kilat, noe ngaboerinjaj ti sisi langit nĕpi ka sisi langit deui, nja kitoe pisan Poetra manoesa dina poëanana.

25. Tatapi koedoe pirang-pirang njandang sangsara heula, sarta ditampik koe djalma djaman ajeuna.

26. Sarta tjara dina djaman Ĕnoh, nja kitoe pisan pidjadieunana dina poëan Poetra manoesa teh.

27. Harita ngan njaratoenginoem, ngarawin djeung dikarawinkeun, nĕpi ka poëan

Ĕnoh asoep kana kapal teja; tidinja datang tjaah gĕde, ngabasmi ka sakabeh eta djalma.

28. Kitoe deui tjara dina djaman Ĕloet. Harita ngan njaratoe-nginoem, djoewalmeuli, ngarĕbon djeung njarijeun imah;

29. Dĕmi dina poëan Ĕloet ka loewar ti Sadoemoe teja, dĕr ti langit hoedjan seuneu djeung walirang, ngabasmi ka sakabeh eta djalma.

30. Nja kitoe pisan pidjadjeunana mangke dina poëan Poetra manoesa diebrehkeun teh.

31. Di poëan eta, sahasaha noe di hateup imah, ari parabotna aja di djĕro imah, poma oelah rek toeroen njokot eta; djeung saha-saha noe di sawah, kitoe deui oelah rek balik.

32. Sing aringĕt ka pamadjikan Ĕloet.

33. Saha-saha noe malar ngarahajoekeun ka njawana, bakal kaleungitan koe njawana; kitoe deui saha-saha noe kaleungitan koe njawana, eta noe bakal nĕtĕpkeun njawana kana hiroep.

34. Kami ngalahir ka maraneh: dina peuting eta teja aja doewa djalma saĕnggon reudjeung; ari noe hidji bakal ditjandak, noe hidji deui ditinggalkeun.

35. Djeung deui aja doewaan ngagiling reureudjeungan; ari noe hidji bakal ditjandak, noe hidji deui ditinggalkeun.

36. Nja kitoe deui aja doewa djalma di sawah; ari noe hidji bakal ditjandak, noe hidji deui ditinggalkeun.

37. Tidinja moerid teh pada naros ka Jesoes, kijeu pioendjoekna: Eta di mana Goesti? Lahiranana ka darinja: Di mana ajana bangke, nja di dinja radjawali pikaroempoeleunana.

PASAL 18.

Ladjĕng Jesoes ngalahirkeun deui hidji misil ka moeridmoerid, pilarapeunana djalma koedoe nĕnĕda salalawasna, oelah dek koerang;

2. Kijeu lahirna: Dina hidji nagara aja djaksa noe teu sijeuneun koe Allah, djeung hanteu nolih ka djalma.

3. Djeung aja hidji randa di nagara eta keneh; toeloej ngadeuheus ka djaksa teja, pioendjoekna: Koering njoehoenkeun kaadilan hal noe ngamoesoeh ka koering!

4. Ari djaksa teh sababaraha lilana hanteu daekeun. Geus kitoe ngomong di djĕro hatena kijeu: Sanadjan aing hanteu sijeun koe Allah, djeung hanteu nolih ka djalma,

5. Ajeuna mah, sabab ijeu randa njoesahkeun ka aing,

rek dibere bae kaadilan, soepaja dina ahirna oelah datang ngaroedjitkeun ka aing.

6. Ngalahir deui Goesti: Geura ngadarengekeun kana omongan djaksa, noe teu adil.

7. Naha ari Allah moal maparin kaadilan ka djalma beunang milih andjeunna, noe pada sasambat ka andjeunna beurang-peuting, sanadjan dililakeun oge?

8. Kami ngalahir ka maraneh, tangtoe tereh Allah bakal maparin kaadilan ka darinja. Tatapi ari Poetra manoesa, waktoe soemping, koemaha bakal manggihan kapĕrtjajaan di boemi?

9. Geus kitoe Jesoes ngalahirkeun deui ijeu misil ka djalma noe baroga angkoh jen dirina sorangan bĕnĕr, ari ka noe sedjen mah njoemahkeun; nja kijeu:

10. Aja doewa djalma aroenggah ka kabah, sĕdjana dek nĕnĕda; anoe hidji ahli parisi, noe hidji deui toekang tjoeke.

11. Ari ahli parisi teh nangtoeng, sarta nĕnĕda di djĕro hatena kijeu: Noen Allah, simkoering moedji soekoer ka andjeun, doemeh simkoering hanteu sami sarĕng djalma noe sanes-sanes, sapĕrtos noe ngarampog, noe doraka, noe ngaranjed, soemawonna sarĕng ijeu toekang tjoeke.

12. Ari simkoering mah sok poewasa doewa kali saminggoe, sarĕng sadajana kahasilan simkoering didjakatan.

13. Dĕmi toekang tjoeke mah nangtoengna ti kadjaoehan bae, hanteu pisan kadoegaeun tanggah ka langit, ngan nĕpakan dada bae, bari mioendjoek kijeu: Noen Allah, moegi-moegi aja sih-koernija ka diri simkoering, djalma noe doraka!

14. Kami ngalahir ka maraneh, noe bijeu teh ari moelang deui ka imahna, geus dibĕnĕrkeun ti batan ahli parisi teja. Sabab saha-saha noe ngagoengkeun ka dirina sorangan, tangtoe dikahandapkeun; djeung saha-saha anoe ngahandapkeun ka dirina sorangan, tangtoe diagoengkeun.

15. Geus kitoe aja noe njaranggakeun baroedak leutik ka Jesoes, soepaja koe andjeunna moegi diragap; barang katarendjo koe moerid-moerid, toeloej ngahoelag.

16. Tatapi koe Jesoes baroedak teh disalaoer, bari ngalahir kijeu: Eta baroedak sina ngalampeurkeun ka kami, oelah dipĕgatan, karana nja anoe kitoe ngabogaan karadjaan Allah teh.

17. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: Saha-saha noe hanteu narima kana ka-

radjaan Allah, tjara koe boedak leutik ditarimakeunana, eta moal piasoepeun ka djĕrona.

18. Aja hidji kapala naros ka Jesoes, kijeu pioendjoekna: Noen Goeroe anoe sae, simkoering koedoe migawe naon, soepaja kawaris hiroep noe langgĕng?

19. Ari lahiran Jesoes ka eta kapala: Naha maneh mana njĕboetkeun hade ka kami? Hanteu aja noe hade, ngan hidji bae, nja Allah.

20. Maneh geus njaho kana timbalan kijeu teja: Maneh oelah ngaranjed; maneh oelah maehan; maneh oelah maling; maneh oelah mitĕnah; koedoe masing hormat ka bapa sarta ka indoeng.

21. Pioendjoek kapala teh: Nja eta pisan sadajana anoe diestikeun koe simkoering ti boeboedak.

22. Barang kadangoe koe Jesoes, ladjĕng ngalahir ka dinja: Aja hidji deui kakoerangan maneh; geura djoewalan sakabeh babandaan maneh, geus kitoe sidĕkahkeun ka noe mariskin; maneh teh tangtoe boga radja-brana di sawarga; tidinja maneh ka dijeu, toeloej ngiring ka kami.

23. Ari eta kadenge koe kapala teh, seug nalangsa liwat-saking, wantoe-wantoe noe beunghar katjida.

24. Mangsa katingal koe Jesoes kanalangsaanana liwat-saking, ladjĕng ngalahir kijeu: Nja hese djalma noe boga banda dek asoep kana karadjaan Allah.

25. Karana leuwih babari onta montjor kana lijang djaroem, ti batan anoe beunghar asoep kana karadjaan Allah mah.

26. Tidinja sakoer noe ngadenge, ngaromong kijeu: Lamoen kitoe mah, saha atoeh anoe pisalamĕteun?

27. Ari lahiranana: Pĕrkara noe moestahil di lĕbah djalma, tangtoe Allah mah ijasaeun.

28. Pok Petroes oendjoekan: Simkoering mah geus pada ninggalkeun ka saniskantĕn, sarĕng toeloej ngiring ka andjeun.

29. Ari lahiranana ka darinja: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: Taja pisan djalma noe geus ninggalkeun imah, atawa indoeng-bapa, atawa doeloer, atawa pamadjikan, atawa anak, tina sabab karadjaan Allah,

30. Anoe moal pinampaeun deui sababaraha patikĕlaneun dina djaman ajeuna, ari mangke di aherat mah hiroep noe langgĕng teja.

31. Tidinja noe doewa wĕlas teja koe Jesoes ditjandak sasarĕngan, bari dilahiran kijeu: Ajeuna oerang leumpang ka

Jĕroesalem, sarta bakal kaboektikeun sakabehna noe geus ditoeliskeun koe para nabi tina hal Poetra manoesa.

32. Karana bakal diselehkeun ka oerang kapir, sarta diparojok, djeung diharinakeun, sarta ditjaridoehan;

33. Geus kitoe dirangket, toeloej dipaehan; dĕmi di poë noe katiloe tanghi deui.

34. Ari moerid-moerid hanteu pisan ngahartieun ka noe tadi, sarta pada poëkeun ka eta pilahir, djeung teu njarahoëun ka noe dilahirkeun.

35. Mangsa Jesoes geus dongkap ka deukeut Jeriko, aja hidji djalma noe lolong, dijoek di sisi djalan bĕrmaen.

36. Barang ngadenge loba djalma noe ngaliwat, seug nanjakeun ijeu naon sababna?

37. Toeloej aja noe ngabedjaan jen Jesoes, oerang Nasaret, keur ngaliwat.

38. Tidinja sasambat, kijeu pokna: Noen Jesoes, Poetra Dawoed, moegi aja sih-piwĕlas ka diri koering!

39. Dĕmi koe noe leumpang ti heula manehanana ditjaram, sina repeh; tatapi anggoer beuki ngahantĕm sasambatna: Noen Poetra Dawoed, moegi aja sih-piwĕlas ka diri koering!

40. Ladjĕng Jesoes liren, miwarang eta djalma koedoe dibawa. Ari geus deukeut, ladjĕng dipariksa,

41. Lahirna: Kahajang maneh teh dikoemahakeun koe kami? Ari pioendjoekna: Noen Goesti, moegi koering bisa nendjo.

42. Lahiran Jesoes ka dinja: Geura seug nendjo! maneh geus ditoeloeng koe kapĕrtjajaan maneh.

43. Harita keneh ge nendjo, toeloej ngiring andjeunna, bari ngamoeljakeun ka Allah. Ari sakabehna djalma noe narendjo hal kitoe, pada moedji ka Allah.

PASAL 19.

Ladjĕng Jesoes asoep ngaliwatan Jeriko.

2. Di dinja aja hidji djalma noe ngaran Saheoes; ari eta djadi kapala toekang tjoeke, sarta beunghar.

3. Hajangeun nendjo ka Jesoes, jen eta teh koemaha; tatapi teu bisaeun koe sabab loba djalma, karana dĕdĕgna pĕndek.

4. Tidinja miheulaan leumpangna, seug naek ka tanggkal lowa, soepaja bisa nendjo ka Jesoes, karana pingaliwateunana nja ka dinja.

5. Barang dongkap ka lĕbah dinja, Jesoes tanggah, seug ningali Saheoes; ladjĕng dilahiran kijeu: Eh Saheoes,

geuwat geura toeroen, karana poë ijeu kami koedoe eureun di imah maneh.

6. Tidinja gantjang toeroen, geus kitoe ngakoe ka Jesoes sarta soeka-boengah.

7. Ari sakabeh djalma noe narendjo, tinggĕlĕndĕng, kijeu aromongna: Andjeunna bĕt sindang ka imah djalma noe doraka!

8. Dĕmi Saheoes teh marĕk, sarta mioendjoek ka Goesti: Noen Goesti, simkoering rek ngahadjatkeun banda simkoering saparona ka noe mariskin, sarĕng oepami aja noe dikarinah koe simkoering, simkoering sĕdja malikkeun opat patikĕlaneun.

9. Ari lahiran Jesoes ka Saheoes: Poë ajeuna ijeu imah geus dipanggihkeun djeung kasalamĕtan, sabab ijeu oge djadi anak Ibrahim;

10. Karana Poetra manoesa pangsoempingna teh nejangan anoe leungit djeung disalamĕtkeunana.

11. Pedah djalma-djalma ngadarengekeun kana lahiran bijeu, Jesoes ngalahirkeun deui misil, sabab geus deukeut ka Jĕroesalem, sarta pamikir maranehanana karadjaan Allah teh bakal tereh diboektikeun.

12. Ari lahirna kijeu: Aja hidji menak, noe angkat ka nagara djaoeh; di dinja bakal meunang karadjaan, geus kitoe dek moelih deui.

13. Tidinja njaoer wilajatna noe sapoeloeh, seug dipaparin sapoeloeh mina, bari ngalahir ka darinja: Geura golangkeun, nĕpi ka waktoe kami datang deui.

14. Ari abdi-abdina pada geuleuheun ka eta menak, toeloej ngadjoeroengkeun titahan ti pandeurieun, kijeu aroendjoekanana: Koering teu saroeka diradjaan koe eta.

15. Mangsa soemping deui, sanggeus meunang karadjaan teja, miwarang njaoer wilajat, noe dipaparin doewit teja, hojong oeningaeun dina kaoentoengan hidji-hidji djalma.

16. Ari noe pangheulana ngadeuheus, oendjoekan kijeu: Noen Goesti, eta mina pasihan andjeun, meunang oentoeng sapoeloeh mina.

17. Lahiranana ka dinja: Hade pisan, eh wilajat noe tĕmĕn! Tina sabab maneh geus goemati ka noe saeutik, ajeuna geura njangking kawasa ka sapoeloeh nagara.

18. Djĕboel noe kadoewa ngadeuheus, oendjoekan kijeu: Noen Goesti, eta mina pasihan andjeun, meunang oentoeng lima mina.

19. Ngalahir deui ka dinja: Ari maneh geura njangking lima nagara.

20. Aja hidji deui noe nga-

deuheus, oendjoekan kijeu: Noen Goesti, mangga noe samina pasihan andjeun teja, koe koering disimpĕn bae dina sapoetangan;

21. Karana koering sijeun koe andjeun, doemeh andjeun teh bĕngis, sok njandak anoe hanteu disimpĕn koe andjeun, sarĕng sok diboewat anoe hanteu disĕbarkeun koe andjeun.

22. Ari lahiranana ka dinja: Eh wilajat noe goreng, maneh teh rek dihoekoeman koe kami noeroetkeun omongan maneh! Kapan maneh geus njaho, jen kami teh djalma bĕngis, sok njokot anoe hanteu diteundeun koe kami, djeung sok diboewat anoe hanteu disĕbarkeun koe kami.

23. Naha doewit kami koe maneh teu diasoepkeun ka kantor-bang? Ari kami datang, meureun ditjokot djeung anakna.

24. Toeloej miwarang ka noe keur ngadareuheus: Geura tjokot ti manehanana eta mina, toeloej bikeun ka noe boga sapoeloeh mina teja.

25. Ari pioendjoekna: Noen Goesti, eta mah kapan geus gadoeh sapoeloeh mina.

26. Karana kami ngalahir ka maraneh: saha-saha noe geus boga, tangtoe dibere deui; sabalikna ari noe hanteu boga, ti eta teh sabobogaanana ge bakal ditjokot.

27. Dĕmi moesoeh kami teja, nja eta noe teu daraekeun diradjaan koe kami, geura barawa ka dijeu, toeloej pareuntjit di hareupeun kami!

28. Sanggeus ngalahirkeun noe bijeu, ladjĕng Jesoes djĕngkar, angkat ka Jĕroesalem.

29. Mangsa dongkap deukeut ka Betpage djeung Betania, di goenoeng noe ngaran goenoeng Djetoen, ladjĕng Jesoes miwarangan doewa moerid,

30. Kijeu lahirna: Geura leumpang ka desa noe di hareupeun; barang asoep ka dinja, maraneh tangtoe manggih hidji anak kalde ditjangtjang, salawasna tatjan aja noe noempakan inja; nja eta koedoe dilaan, seug bawa.

31. Oepama aja noe nanja ka maraneh: Koe naon noe matak dilaan? koedoe kijeu nja poepoelih: Rek dianggo koe Goesti.

32. Tidinja noe dipiwarang teh bral leumpang, toeloej kapanggih sakoemaha noe dilahirkeun ka maranehanana teja.

33. Eukeur ngalaan eta anak kalde, noe baroga seug ngomong ka moerid teh: Koe naon maraneh noe matak ngalaan eta anak kalde?

34. Ari djawabna: Rek dianggo koe Goesti.

35. Geus kitoe koe moerid ditoengtoen ka Jesoes. Seug anak kalde teh diroengkoep koe papakeanana, bari Jesoes ladjĕng dititihkeun.

36. Ari eukeur angkat aja noe ngamparkeun papakeanana di djalan.

37. Barang dongkap Jesoes kana poedoenan goenoeng Djetoen, tidinja salobana moerid teh pada mimiti saroekaeun, bari maroedji ka Allah sarta bĕdas sowarana, koe tina sakabehna dadamĕlan aheng, noe geus katendjo koe maranehanana;

38. Kijeu pokna: Sing salamĕt Radja, noe soemping koe padjĕnĕngan Pangeran! Masing kĕrta di sawarga, sarta kamoeljaan di ĕnggon loehoer!

39. Ari sawareh ahli parisi di pĕlĕbah djalma-djalma ngaromong ka Jesoes: Eh Goeroe, koedoe njeuseul ka moerid-moerid sampejan.

40. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka darinja: Kami ngalahir ka maraneh, oepama eta repeh mah, tangtoe batoe noe saroerak teh.

41. Barang Jesoes geus deukeut, ana ningali nagara teh, ladjĕng ditangisan,

42. Sarta ngalahir kijeu: Moega-moega dikanjahokeun koe maneh, sanadjan dina poë maneh ijeu oge, naon anoe matak salamĕt ka diri maneh! Tatapi ajeuna eta boeni ti panon maneh teh.

43. Karana maneh bakal kadatangan poë, harita maneh koe moesoeh-moesoeh dilingkoengan koe benteng, djeung ngarĕpoeng ka maneh, sarta pada ngangsĕg ti sakoerilingna.

44. Toeloej maneh djeung saanak-anak noe aja di djĕro maneh teh bakal diroeboehroeboehkeun; ari batoe moal diingkeun dina loehoer batoe deui: tina sabab maneh hanteu nganjahokeun kana waktoe maneh dilajad.

45. Sanggeusna Jesoes lĕbĕt ka djĕro kabah, seug mimiti ngaboedalkeun sakoer noe djoewal-meuli di dinja;

46. Sarta ngalahir ka eta teh: Geus dioengĕlkeun dina Kitab: Gĕdong kami nja eta gĕdong paragi nĕnĕda; dĕmi koe maraneh mah didjijeun goeha begal.

47. Tidinja Jesoes saban-saban poë ngawoeroek dina kabah; ari para panghoeloe agoeng, djeung ahli-ahli kitab, sarta djeung para kapala eta bangsa pada ngarah dek maehan ka Jesoes.

48. Tatapi hanteu manggih pidjalaneunana, karana djalma-djalma kabeh ngarakĕtan ka Jesoes, sarta ngadarengekeun ka andjeunna.

PASAL 20.

Dina hidji poë, keur ngawoeroek Jesoes ka djalma-djalma di djěro kabah, bari ngoewarkeun Indjil, djěboel para panghoeloe agoeng djeung ahli-ahli kitab sarta djeung para kokolot njalampeurkeun.

2. Toeloej misaoer ka andjeunna, kijeu saoerna: Tjik kaoela sakabehna poepoelihan, sampejan noe matak midaměl pěrkara kitoe teh koe kawasa naon? atawa saha noe ngawasakeun kitoe ka sampejan?

3. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka eta teh: Malah kaoela ge dek nanja sakětjap ka sarampejan; tjoba bedjakeun ka kaoela:

4. Ari pangbanjoe Johannes asalna ti sawarga atawa ti manoesa?

5. Geus kitoe eta badami djeung batoerna, kijeu pokna: Oepama oerang ngadjawab: Ti sawarga, meureun kijeu omongna: Lamoen kitoe mah koe naon mana hanteu pěrtjaja ka dinja?

6. Ari dek ngadjawab: Ti manoesa, tangtoe sakabeh djalma pada maledogan koe batoe ka oerang; karana eta taroekoeh jen Johannes teja nabi.

7. Geus kitoe pada ngadjawab jen hanteu těrangeun eta asal-asalna.

8. Lahiran Jesoes ka darinja: Lamoen kitoe mah kaoela ge moal ngabedjakeun ka sarampejan tina hal eta kawasa noe matak kaoela migawe pěrkara kitoe.

9. Ladjěng Jesoes ngalahirkeun ka djalma-djalma ijeu misil: Aja hidji djalma njijeun kěbon anggoer, toeloej disewakeun ka ahli-ahli ngěbon; geus kitoe njaba ka nagara sedjen lila pisan.

10. Děmi geus oesoemna, nitahan hidji badega ka ahli ngěbon teja, soepaja njarelehkeun ka dinja tina beubeunangan kěbon anggoer; ari koe ahli ngěbon diteunggeulan eta teh, sarta disina balik lengoh.

11. Sanggeus kitoe nitahan deui hidji badega sedjen; děmi eta oge diteunggeulan djeung dihinakeun pisan, sarta disina balik lengoh.

12. Tidinja nitahan deui noe katiloe; ari eta oge diraheutan, sarta ditotogkeun ka loewar.

13. Ari geus kitoe eta noe boga kěbon anggoer teh, toeloej njaoer kijeu: Koemaha aing nja pipětaeun? Ah dek nitahan bae anak aing noe kaasih, soegan narendjo eta mah arisineun.

14. Tatapi mangsa ahli

ngĕbon teja narendjo ka eta, toeloej badami djeung batoerna, kijeu aromongna: Geuning eta mah ahli-warisna, hajoe oerang paehan bae, soepaja oerang meunang warisanana!

15. Seug eta teh ditotogkeun ka loewar ti kĕbon anggoer, toeloej dipaehan sakali. Ari noe boga kĕbon anggoer bakal koemaha ka eta djalma teh?

16. Tangtoe datang ngabasmi ka eta ahli ngĕbon, ari kĕbon-anggoerna tangtoe diselehkeun ka noe sedjen. Dĕmi noe ngadarenge ka pilahir teh, toeloej ngaromong: Eta mah palijas teuing!

17. Ladjĕng Jesoes mĕlĕng ka dinja, bari ngalahir: Moen kitoe mah naon noe dioengĕlkeun dina Kitab kijeu teja: Batoe noe geus dipitjeun koe toekang njarijeun imah teh, nja eta pisan noe geus didjadikeun pamageuh djoeroe?

18. Saha-saha djalma noe laboeh keuna ka batoe eta, tangtoe rĕmoek; djeung saha-saha noe katindih koe eta batoe, tangtoe boeboek.

19. Dina waktoe harita para panghoeloe agoeng djeung ahli-ahli kitab narejangan djalan dek nangkĕp ka Jesoes, tatapi sijeuneun koe djalma reja; karana geus pada kasoertieun pangalahirkeunana Jesoes misil teja malindĕs ka daririna.

20. Geus kitoe ngintip-ngintip ka Jesoes, sarta nitahan mata-mata, ari eta teh njijeun pasĕmon djalma bĕnĕr, soepaja bisa ngaringkoes ka andjeunna koe lahirna; noe dipambrih andjeunna dek diselehkeun ka kapala sarta ka kawasa goepĕrnoer.

21. Toeloej nararos ka Jesoes, kijeu pioendjoekna: Noen Goeroe, simkoering geus pada tĕrang, jen lĕrĕs pisan sapilahir sarĕng sapiwoeroek andjeun, kalajan andjeun hanteu pilih-kasih kana roepa djalma, istoening ngawoeroekkeun djalan Allah sarĕng sajaktosna.

22. Koemaha, ari simkoering widi njanggakeun oepĕti ka praboe, oetawi hanteu?

23. Ari Jesoes, doemeh oeningaeun kana kadjoeliganana, ladjĕng ngalahir ka eta djalma kijeu: Naha maraneh wĕt ngadodja ka kami?

24. Tjik geura tembongkeun ka kami wang dinar sahidji. Eta make gambar djeung aksara saha? Ngawangsoel eta djalma, kijeu pokna: Soemoehoen praboe teja.

25. Lahiran Jesoes ka dinja: Lamoen kitoe mah sanggakeun ka praboe noe kagoengan praboe, ari ka Allah noe kagoengan Allah.

26. Dĕmi eta teh teu barisaeun ngaringkoes ka andjeunna koe lahirna di hareupeun djalma-djalma, sarta pada heraneun koe walonan Jesoes, toeloej rarepeh bae.

27. Geus kitoe djĕboel aja ahli sadoeki ngadareuheusan ka Jesoes; eta teh njĕboetkeun moal kijamat; toeloej nararos ka andjeunna,

28. Kijeu oendjoekanana: Noen Goeroe, Moesa geus njĕratkeun pikeun simkoering kijeu: Oepami aja djalma paeh doeloerna, sarta gadoeh bodjo, waktoena paeh hanteu gadoeh anak, adina koedoe kawin ka awewe teja, soepaja ngajakeun toeroenan pikeun kakana.

29. Geus kitoe aja toedjoeh djalma padoedoeloer kabeh; ari tjikalna seug gadoeh bodjo, toeloej paeh hanteu gadoeh anak.

30. Tidinja awewe teh koe noe kadoewa dikawin, geus kitoe paeh deui, hanteu gadoeh anak.

31. Toeloej dikawin koe noe katiloe. Toedjoehanana nja kitoe keneh bae; paraeh, teu narilarkeun anak.

32. Sanggeus eta sakabehna, seug awewe teh paeh deui.

33. Ari dina kijamat, eta awewe pamadjikan anoe mana? Karana noe toedjoehan teh geus pada mirabi ka dinja.

34. Ladjĕng Jesoes ngawalon, kijeu lahirna ka eta djalma: Ari anak-anak djaman ajeuna ngawin sarta dikawinkeun;

35. Tatapi ari noe dimanah pantĕs baris pimeunangeun alam djaga sarta hoedangna ti noe paraeh mah, eta moal ngawin djeung moal dikawinkeun.

36. Karana ka hareup mah eta moal kataradjang paeh deui; sababna geus saroewa djeung malaikat, sarta geus pada poetra Allah, sapedah anak kijamat.

37. Ari pihoedangeunana djalma noe paraeh teh, koe Moesa ge eta geus ditoedoehkeun keur di leuweung tjoetjoek teja, waktoe ka Pangeran njĕboetkeun Allah Ibrahim, djeung Allah Ishak, sarta Allah Jakoeb.

38. Ari Allah lain Allah anoe paraeh, nja Allah anoe hariroep, karana sakabehna teh pada hiroep keur ka Allah.

39. Pok ahli kitab sawareh ngawangsoel, kijeu pihatoerna: Eta Goeroe, lĕrĕs pisan sapilahir adjĕngan teh.

40. Dĕmi eta hanteu waranieun naros deui naon-naon ka Jesoes.

41. Ladjĕng Jesoes ngalahir deui ka eta djalma: Koemaha Kristoes teh mana sok disarĕboetkeun poetra Dawoed?

42. Kapan Dawoed koe andjeun lahirna dina kitab Djaboer kijeu: Pangeran geus ngandika ka Goesti kaoela: Geura tjalik di katoehoeëun kami,

43. Datang ka moesoeh-moesoeh andika koe kami di-djijeun djodjodog pikeun soe-koe andika.

44. Ari eta koe Dawoed disĕboetkeun Goesti, koema-ha mana djadi poetrana?

45. Pedah sakabeh djalma ngadengekeun, Jesoes ladjĕng ngalahir ka moerid-moeridna kijeu:

46. Masing hade-hade diri maraneh koe ahli kitab; eta teh bareuki ngalantoeng sarta make-make djoebah, djeung karĕsĕpna diaroendjoengan di pasar-pasar, sarta sok haja-ngeun dijoek panggirangna di masigit-masigit, kitoe deui dina hadjat-hadjatan ngari-joeng di ĕnggon noe pangoe-tamana.

47. Nja koe eta diharaka-nan imah randa-randa datang ka bejak, make pipinding nga-doa lila. Noe kitoe teh bakal meunang hoekoeman noe leu-wih beurat.

PASAL 21.

Barang Jesoes tjĕngkat ni-ngali djalma noe baleung-har pada ngasoepkeun sidĕkah doewit kana pĕti oewang.

2. Sarta ningali deui hidji randa miskin, ngasoepkeun retjeh doewa siki.

3. Ladjĕng ngalahir kijeu: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, eta randa miskin teh ngasoepkeunana doewit leuwih ti batan sakabeh djalma.

4. Sabab noe loba teh nga-soepkeun kana sidĕkah ka Allah tina nisabna; dĕmi eta mah ngasoepkeun tina kawa-loeratanana, sakabeh rĕdjĕkina anoe aja.

5. Mangsa aja noe ngaro-mongkeun kabah, jen geus dialoes-aloes koe batoe noe araheng sarta koe pangwakap, ladjĕng Jesoes ngalahir kijeu:

6. Mĕngke pidatangeun mangsa, didinja sakabehna noe katendjo koe maraneh, batoe moal aja noe diingkeun dina loehoer batoe deui, noe teu bakal dibongkar.

7. Tidinja pada naros ka andjeunna, kijeu pioendjoek-na: Noen Goeroe, eta pĕrkawis teja iraha pijaktoseunana? sarĕng naon alamatna pimang-saeunana eta boekti?

8. Ari lahiranana: Masing ijatna, soepaja maraneh oelah kasasabkeun. Karana reja djal-ma noe pidatangeun ngakoe-ngakoe ngaran kami, pokna: Nja aing Kristoes teh; djeung mangsana ajeuna geus deu-keut. Poma oelah rek noe-roet ka noe kitoe.

9. Sarta samangsa maraneh ngadenge tina hal pĕrang-pĕrang djeung hal karoesoehan, poma oelah dek reuwas; sabab eta teh koedoe boekti heula; tatapi harita panoengtoengan mah tatjan.

10. Ladjĕng ngalahir deui ka moerid-moerid: Bangsa bakal mĕrangan kana bangsa deui, djeung karadjaan kana karadjaan deui.

11. Sarta bakal aja lini noe galĕde di sedjen-sedjen ĕnggon, djeung patjĕklik sarta pagĕboeg; kitoe deui bakal aja pĕrkara noe matak reuwas, djeung alamat ti langit noe arangĕt pisan.

12. Tatapi memeh boekti sakabeh pĕrkara teja, maraneh koe djalma bakal ditjarĕkĕl sarta dikanijaja, bari diselehkeun ka djĕro masigit djeung ka pangberokan; sarta maraneh bakal dibawa ka pajoeneun radja-radja djeung goepĕrnoer-goepĕrnoer, tina sabab djĕnĕngan kami.

13. Anoe matak maraneh bakal kataradjang kitoe, pikeun djadi saksi.

14. Koe sabab eta, koedoe masing angkeuh maraneh di djĕro hate, moal mikiran heula pĕtana pingadjawabeun.

15. Karana kami teh tangtoe ka maraneh bakal mere soengoet djeung kapintĕran, noe moal beunang dipadoean atawa dilawan koe sakoer noe ngamoesoeh ka maraneh.

16. Sarta maraneh bakal diselehkeun nadjan koe indoeng-bapa, koe doeloer, koe baraja djeung koe sobat, sarta maraneh sawareh bakal dipaehan.

17. Djeung maraneh bakal dipikageuleuh koe sakabeh, tina sabab djĕnĕngan kami.

18. Tatapi boeoek maraneh salambar oge moal leungit.

19. Maraneh koe lantaran kamantĕpan diri tangtoe ngarahajoekeun ka njawa maraneh.

20. Ari samangsa koe maraneh katendjo Jĕroesalem keur dikĕpoeng koe balad-balad, nja didinja koedoe kanjahokeun jen geus deukeut diroeksakna.

21. Didinja djalma noe araja di Joedea, koedoe maroeboes ka pigoenoengan; ari noe araja di djĕro nagara teh, koedoe boedal ka loewar; sarta noe araja di pasisian, oelah rek arasoep ka djĕro nagara.

22. Sabab nja eta teh poë pamalĕsan, soepaja kalaksanakeun sakoer noe dioengĕlkeun dina Kitab.

23. Pitjilakaeun anoe rareuneuh djeung noe njaroesoean dina mangsa harita! sabab di boemi bakal aja toenggara gĕde, sarta djeung bĕbĕndoe ka ijeu bangsa teh.

24. Bakal tinggolepak koe seuseukeutna pĕdang, kitoe deui noe bakal dibarojong diajakeun di sagala bangsa; ari Jĕroesalem bakal diaridĕk koe oerang kapir, nĕpi ka djĕdjĕg tempo kapir teh.

25. Djeung bakal aja alamat-alamat dina panon-poë, dina boelan, sarta dina bentang-bentang; djeung deui di boemi bakal kasoesahan bangsa-bangsa sarta kabingoengan, waktoe ngagoeroeh laoet djeung ombakna.

26. Tidinja djalma bakal pada lĕboer pangatjian koe bawaning sijeun sarta ngadago-dago pĕrkara noe bakal daratang ka doenja; karana kakoewatan langit teh bakal gendjlong.

27. Nja didinja djalma bakal narendjo Poetra manoesa teh keur soemping toenggang mega, bari gĕde kawasana djeung kamoeljaanana.

28. Samangsa keur ngamimitian boekti pĕrkara teja, maraneh koedoe tanggah, tjĕngkatkeun sirah, sabab geus deukeut ka waktoe maraneh dileupaskeun.

29. Ladjĕng Jesoes ngalahirkeun hidji misil ka moerid-moerid, kijeu: Geura arilikan tangkal kondang djeung sakabeh tatangkalan.

30. Samangsa rĕnoeng, seug katendjo koe maraneh, eta maraneh pada njaho ti sorangan jen ajeuna geus deukeut oesoem panas.

31. Nja kitoe deui maraneh, samangsa nendjo pĕrkara teja baroekti, koedoe nganjahokeun jen karadjaan Allah teh geus deukeut.

32. Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: ijeu bangsa ajeuna moal waka euweuh, samemeh nĕpi ka boektina sakabeh pĕrkara teja.

33. Langit djeung boemi bakal euweuh, ari piwoeroek kami mah moal datang ka euweuh.

34. Koedoe ngadjaga sorangan, hate maraneh oelah dibeuratan koe lantaran beuki njatoe, koe lantaran mabok, sarta koe ngoeroeskeun kipajah, tĕmahna maraneh kaboeroedoeg koe poë eta.

35. Karana tjara djirĕt, nja kitoe pinaradjangeunana ka sakabeh djalma noe tjitjing di sakoeriling boemi.

36. Koe sabab eta, maraneh koedoe njaring salalawasna, sarta nĕnĕda, soepaja moegi dimanah pantĕs pingĕdjateun ti sakabeh pĕrkara noe bakal boekti teja, sarta narangtoeng di pajoeneun Poetra manoesa.

37. Ari ti beurang Jesoes ngawoeroek dina kabah; dĕmi ti peuting angkat ka loewar, linggih sapeupeuting di goe-

noeng noe ngaran goenoeng Djetoen.

38. Ari isoek sakabeh djalma pada ngadeuheusan ka Jesoes kana kabah, dek ngadarengekeun ka andjeunna.

PASAL 22.

Ari pesta roti teu ragian, nja eta noe ngaran paska teja, geus deukeut.

2. Sarta para panghoeloe agoeng djeung ahli-ahli kitab pada nejangan djalan dek maehan ka Jesoes; karana sarijeuneun koe djalma-djalma.

3. Tidinja Iblis njoeroep ka Joedas noe katĕlah Iskariot teja; ari eta kaasoep bilangan moerid noe doewa wĕlas.

4. Sanggeus kitoe los leumpang rĕrĕmpoegan djeung para panghoeloe agoeng sarta djeung para kapala, koemaha piakaleunana njerenkeun Jesoes ka darinja.

5. Dĕmi eta pada atoheun pisan, sarta ngadjangdjian rek maparin doewit ka Joedas.

6. Koe Joedas disanggoepan, sarta toeloej nejangan pidjalaneunana baris njerenkeun Jesoes ka darinja, soepaja oelah djadi karoesoehan.

7. Geus kitoe nĕpi ka poë eta roti teu ragian teja, ari di dinja mistina mareuntjit paska.

8. Ladjĕng Jesoes miwarangan Petroes djeung Johannes, sarta ngalahir: Maraneh geura leumpang njadijakeun paska keur dahareun oerang.

9. Ari oendjoekanana: Di mana pikĕrsaeun andjeun teh koedoe disadijakeun koe simkoering?

10. Lahiranana: Samangsa maraneh asoep ka nagara, bakal papanggih djeung hidji djalma mawa hidji kĕndi eusina tjai; toetoerkeun bae ka dinja ka djĕro imah noe diasoepan koe eta.

11. Toeloej bebedja ka pamadjikanana eta imah kijeu: Saoer Goeroe ka sampejan: Di mana kamar teh baris kami dahar paska barĕng djeung moerid kami?

12. Geus kitoe maraneh koe eta tangtoe ditoedoehkeun kana hidji loteng noe lĕga, beunang ngabĕbĕnah, nja di dinja koedoe disadijakeunana.

13. Bral eta moerid leumpang, seug kapanggih sakoemaha pilahir Jesoes teja, sarta toeloej njadijakeun paska.

14. Ari geus dongkap ka waktoena, ladjĕng Jesoes linggih ngarijoeng djeung rasoel noe doewa wĕlas teja.

15. Geus kitoe ngalahir ka eta teh: Kami ti bareto hajang pisan dahar ijeu paska barĕng djeung maraneh, samemeh kami sangsara.

16. Karana kami ngalahir ka maraneh, eta koe kami moal didahar deui nĕpi ka diboektikeunana dina karadjaan Allah.

17. Tidinja njandak loemoer; ari geus moedji soekoer, ladjĕng ngalahir: Ijeu tampanan, bagikeun djeung batoer-batoer.

18. Karana kami ngalahir ka maraneh, kami moal nginoem deui tjai boewah anggoer, nĕpi ka waktoe karadjaan Allah geus dongkap.

19. Tidinja Jesoes njandak roti; ari geus moedji soekoer, disĕmplekan, ladjĕng dipaparinkeun ka moerid-moerid, bari ngalahir: Ijeu teh badan kami, noe dipaparinkeun pikeun maraneh; eta geura lalampahkeun baris ngingĕtkeun ka kami.

20. Kitoe deui eta loemoer, sanggeus dalahar; ari lahirna: Ijeu loemoer teh nja eta pĕrdjangdjian anjar dina gĕtih kami, noe dikoetjoerkeun pikeun maraneh.

21. Dĕmi leungeun djalma noe ngahijanat ka kami, ajeuna samedja reudjeung kami.

22. Ari Poetra manoesa teh piangkateunana sakoemaha noe geus dipastikeun; tatapi pitjilakaeun eta djalma noe ngahijanat ka Poetra manoesa.

23. Tidinja moerid-moerid seug silih-tanja, kira-kira moerid anoe mana noe bakal migawe kitoe?

24. Sanggeus kitoe pada parĕboet omongan, moerid anoe mana noe dinjanaan pangoentjoelna?

25. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka moerid-moerid: Ari radja sagala bangsa pada marentah ka sabangsa-bangsana, djeung noe njangking kawasa ka dinja, disarĕboet anoe leuwih asih.

26. Ari maraneh mah oelah kitoe pĕtana; bĕnĕrna noe pangoentjoelna di lĕbah maraneh koedoe tjara noe pangleutikna, sarta noe djadi loeloegoe koedoe tjara noe ngawoela.

27. Tjik mana noe leuwih, noe dijoek dadaharan djeung noe ngalalajanan? Lain noe dijoek dadaharan? Dĕmi kami mah aja teh di maraneh tjara noe ngalalajanan bae.

28. Nja maraneh noe geus keukeuh reureudjeungan djeung kami dina sakabeh gogoda noe geus njorang ka kami.

29. Sarta kami ka maraneh mastikeun karadjaan teja, sapĕrti Ama kami geus mastikeun ka kami;

30. Soepaja maraneh dadaharan sarta ngarinoem djeung kami samedja reudjeung dina karadjaan kami, kitoe deui darijoek dina pangtjalikan,

keur ngahoekoeman doewa wĕlas kaom Israil teja.

31. Ladjĕng Goesti ngalahir deui: Eh Simon, Simon, setan teh geus ngarah ka maraneh, kahajangna ngajak ka maraneh tjara tarigoe.

32. Tatapi kami geus mangnĕdakeun ka maneh, soepaja oelah pĕgat nja kapĕrtjajaan maneh. Ari mĕngke maneh geus tobat, koedoe ngoewatkeun ka doeloer-doeloer maneh.

33. Pioendjoek Petroes: Noen Goesti, simkoering sanggĕm ngiring-ngiring Goesti nadjan lĕbĕt ka pangberokan, sarĕng dongkap ka paehna oge.

34. Ari lahiran Jesoes: Eh Petroes, kami ngalahir ka maneh, poë ijeu hajam moal waka kongkorongok, samemeh maneh tiloe kali nganglĕs wawoeh djeung kami.

35. Ladjĕng ngalahir ka moerid-moerid: Ari bareto, mangsa maraneh koe kami dititah leumpang teja, teu mawa kandjoet, atawa endong, atawa taroempah, koemaha aja kakoerangan? Ari wangsoelanana: Soemoehoen teu aja pisan.

36. Lahiranana deui: Dĕmi ajeuna mah, anoe boga kandjoet, bawa bae; endong kitoe deui; ari noe teu boga, koedoe djoewal papakeanana, seug beulikeun kana hidji pĕdang.

37. Karana kami ngalahir ka maraneh, aja sapĕrkara deui noe koedoe diboektikeun ka diri kami, nja noe geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Andjeunna dibilang djeung noe daroraka. Karana noe geus dioengĕlkeun dina Kitab hal kami, aja panganggeusanana.

38. Ari aroendjoekanana: Noen Goesti, ijeu aja doewa pĕdang. Lahiranana ka darinja: Eta ge pimahieun.

39. Ladjĕng Jesoes ka loewar, angkat ka goenoeng Djetoen, koemaha adat-bijasana, sarta diiring koe moerid-moeridna.

40. Ari geus soemping ka eta ĕnggon, ladjĕng ngalahir ka moerid: Koedoe pada nĕnĕda, soepaja oelah keuna koe panggoda!

41. Geus kitoe ngangganggan ka moerid, kira-kira sapamaledog djaoehna; ladjĕng tapak-dĕkoe sarta nĕnĕda,

42. Kijeu panĕdana: Noen Ama, manawi kĕrsa, moegi ijeu loemoer tjandak ti simkoering; nanging oelah karĕp simkoering, sakoemaha pangĕrsa Ama bae jaktoskeun!

43. Tidinja nembongan ka Jesoes hidji malaikat ti sawarga, ngoewatan ka salira andjeunna.

44. Ari keur bangĕt pisan sangsara, andjeunna beuki rosa nĕnĕdana. Tidinja karingĕtna tjara kĕtjlak gĕtih noe galĕde njoeroedoet kana taneuh.
45. Dĕmi geus parantos nĕnĕdana, ladjĕng ngadĕg, seug ngadeukeutan ka moeridna, kapĕndak keur pada sasarean bawaning nalangsa.
46. Ari lahiranana ka darinja: Naha maraneh sasarean? Geura haroedang, sarta koedoe nĕnĕda, soepaja oelah keuna koe panggoda!
47. Sabot Jesoes keur ngalahir keneh, boeroeboel djalma loba; sarta hidji moerid kaasoep noe doewa wĕlas teja, ngaran Joedas, leumpangna pangheulana, seug njampeurkeun ka Jesoes, dek njijoem.
48. Ngalahir Jesoes ka Joedas: Naha Joedas, maneh teh dek ngahijanat ka Poetra manoesa koe tjijoem?
49. Ari noe reureudjeungan djeung Jesoes teja, barang tarĕgĕs ka noe dek dipilampah, seug aroendjoekan: Noen Goesti, koemaha simkoering teh koedoe ngadek koe pĕdang?
50. Aja hidji moerid pek ngadek ka badega panghoeloe agoeng, rampoeng tjeulina ti katoehoe.
51. Dĕmi Jesoes ngalahir, kijeu lahirna: Ingkeun bae eta teh. Sanggeus kitoe njandak tjeuli djalma teja, sarta ditjageurkeun sakali.
52. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka para panghoeloe agoeng sarta ka para kapala kabah djeung ka para kokolot, noe ngarodjong ka andjeunna: Maraneh teh moeroeboel mawa pĕdang djeung gĕgĕndir, tjara noe dek ngoedag begal.
53. Geuning kami oenggaloenggal poë ge sok reureudjeungan djeung maraneh di kabah, ari maraneh teu njabak-njabak atjan ka kami. Tatapi ijeu teh nja waktoe maraneh sarta pangawasana poëk.
54. Tidinja Jesoes ditangkĕp, seug diariringkeun, dibawa ka boemi panghoeloe agoeng. Ari Petroes noetoerkeun ti kaangganganbae.
55. Sanggeus djalma miroen seuneu di tĕngaheun emper, toeloej darijoek reureudjeungan; ari Petroes dijoek tjampoer djeung eta djalma.
56. Geus kitoe aja hidji boedjang awewe nendjo Petroes dijoek deukeut piroenan; toeloej dipĕntjrong, sarta ngomong kijeu: Eta ge batoer itoe.
57. Tatapi Petroes teh nganglĕs, kijeu pokna: Nji,

koela mah teu wawoeh djeung itoe.

58. Teu koengsi lila Petroes katendjo koe noe sedjen; ari pokna: Maneh oge kaasoep batoer itoe. Dĕmi omongan Petroes: Eh paman, koela mah lain pisan.

59. Sanggeus kitoe kira antara sadjam, eta seug diĕnjakeun koe noe sedjen deui, pokna: Poegoeh eta ge batoer itoe; geuning eta ge oerang Galilea.

60. Dĕmi omongan Petroes: Eh paman, koela teu ngarti ka omongan maneh. Padaharita, Petroes ngomong keneh, hajam teh kongkorongok.

61. Ladjĕng Goesti malik, ningali ka Petroes; ari Petroes teh ras ingĕteun ka pilahir Goesti, noe dilahirkeun ka manehna kijeu teja: Timeneh hajam kongkorongok, maneh bakal nganglĕs ka kami tiloe kali.

62. Toeloej Petroes indit ka loewar, sarta tjeurik kabina-bina.

63. Ari djalma noe ngagarendjang ka Jesoes, pada mojok sarta meupeuhan.

64. Sanggeusna ditijoengan, seug pada njabok, bari naranja, kijeu pokna: Geura wĕdjangkeun, mana teja noe njabok ka maneh teh?

65. Loba deui pĕrkara noe sedjen diaromongkeun ka Jesoes, bari pada ngagogoreng.

66. Dĕmi geus beurang, karoempoel para kokolot oerang Jahoedi, para panghoeloe agoeng djeung ahli-ahli kitab, seug Jesoes dibawa ka pajoeneun rad.

67. Salaoerna: Koemaha ĕnja maneh teh Kristoes? geura omongkeun ka kami. Ari lahiran Jesoes ka dinja: Oepama koe kaoela dipopojankeun, koe aradjĕngan moal dipĕrtjaja;

68. Djeung oepama kaoela naros ka aradjĕngan, ka kaoela moal ngadjawab, sarta moal dileupaskeun.

69. Ari ti watĕs ajeuna Poetra manoesa teh bakal dijoek tĕngĕneun kawasaning Allah.

70. Geus kitoe kabeh njalaoer: Na ĕnja maneh teh Poetra Allah? Ari walonan Jesoes: Lĕrĕs pilahir aradjĕngan, kaoela teh nja eta.

71. Seug njalaoer deui: Keur naon oerang make deui saksi? oerang geus pada ngareungeu ti biwirna sorangan.

PASAL 23.

Tidinja sarereja pada indit, ngiringkeun Jesoes ka Pilatoes.

2. Seug pada mimiti ngĕlakkeun Jesoes, kijeu aromongna: Koe djisimkoering

kapĕndak ijeu teh njasabkeun djalma-djalma, sarĕng njaram majar oepĕti ka praboe, ari pokna dirina teh Kristoes, nja eta radja.

3. Geus kitoe Pilatoes mariksa ka Jesoes, kijeu lahirna: Ĕnja maneh teh Radja oerang Jahoedi? Ngawangsoel Jesoes, kijeu lahirna: Lĕrĕs sapilahir andjeun.

4. Ladjĕng Pilatoes ngalahir ka para panghoeloe agoeng sarta ka djalma-djalma: Koe kami teu kapanggih dosana eta djalma.

5. Tatapi ari eta teh beuki keukeuh bae, aromongna: Eta ngaroesoehkeun ka djalma-djalma, ngawoeroekna di satanah Joedea kabeh, mimitina ti Galilea, dongkap ka dijeu.

6. Barang Pilatoes ngareungeu Galilea, mariksakeun Jesoes oerang Galilea.

7. Dĕmi geus kaoeninga jen Jesoes kaasoep tjangkingan Herodes, ladjĕng dikintoenkeun ka Herodes; ari mangsa harita Herodes ge aja di Jĕroesalem.

8. Ana ningali ka Jesoes, Herodes teh boengaheun pisan, karana ti bareto hojongeun ningali, sabab loba noe kareungeu hal Jesoes, djeung hojongeun ningali moedjidjat, soegan Jesoes kĕrsaeun midamĕl.

9. Geus kitoe mariksa ka Jesoes, reja nakĕr pilahirna, tatapi koe Jesoes hanteu pisan diwalon.

10. Ari para panghoeloe agoeng djeung ahli-ahli kitab narangtoeng di dinja sarta ngahantĕm ngĕlakkeunana.

11. Tidinja Herodes djeung ponggawana pada ngahinakeun sarta marojok ka Jesoes, geus kitoe dibadjoean badjoe noe herang, seug dikintoenkeun deui ka Pilatoes.

12. Dina poë harita Pilatoes djeung Herodes djadi sobat; sabab tadina moemoesoehan.

13. Ladjĕng Pilatoes njaoer para panghoeloe agoeng, para kapala, sarta djalma-djalma, sina karoempoel. Geus kitoe ngalahir ka dinja:

14. Eta djalma koe maraneh dibawa ka kami, noe pagar njasabkeun djalma-djalma; koe kami geus dipariksa di hareupeun maraneh, sarta teu kapanggih kasalahan eta djalma, hal noe dikĕlakkeun koe maraneh teh.

15. Malah koe Herodes ge nja kitoe keneh; karana maraneh koe kami geus dititah ka Herodes; geuning eta djalma hanteu pisan migawe noe matak mandjing hoekoeman paeh.

16. Koe sabab kitoe koe kami dek dirangket bae, toeloej dileupaskeun.

17. Dĕmi dina mangsa pesta teh Pilatoes kamistian ngaleupaskeun hidji djalma adjang oerang Jahoedi.

18. Toeloej sakabeh djalma pada raong, kijeu pokna: Eta singkirkeun, ari Barabas panoehoen koering leupaskeun!

19. Dĕmi Barabas teh diasoepkeunana ka pangberokan tina asal ngaraman di nagara sarta maehan.

20. Ladjĕng Pilatoes ngalahir deui ka darinja sarta bĕdas, kahojongna ngaleupaskeun Jesoes.

21. Tatapi djalma teh pada raong, kijeu pokna: Gantoengkeun dina kai-dipalang, gantoengkeun dina kai-dipalang!

22. Ngalahir Pilatoes katiloe kalina: Naha eta teh migawe kagorengan naon? Koe kami teu kapanggih kasalahanana noe matak pipaeheun. Koe sabab kitoe koe kami dek dirangket bae, toeloej dileupaskeun.

23. Tatapi eta djalma kareukeuh bae, tingsarorowok pamentana koedoe digantoengkeun dina kai-dipalang; moenggah sora djalma-djalma djeung sora para panghoeloe agoeng datang ka ngaroengkoep.

24. Ladjĕng Pilatoes moetoes sapanĕdana didjadikeun.

25. Seug ngaleupaskeun eta noe diberok asal ngaraman sarta maehan, noe disoehoenkeun koe maranehanana teja; ari Jesoes mah diselehkeun ka pikarĕpeun maranehanana.

26. Mangsa Jesoes diariringkeun, aja hidji djalma, ngaran Simon, oerang Kirena, poelang ti kĕbon; toeloej disarad, dipoendakan kai-dipalang, sina manggoel eta kai di poengkoereun Jesoes.

27. Sarta loba pisan djalma noe noetoerkeun ka andjeunna, kitoe deui loba awewe, noe pada njeungtjeurikan tingdjalĕrit.

28. Tidinja Jesoes malik ka eta awewe, sarta ngalahir: Eh anak Jĕroesalem, montong njeungtjeurikan kami, moedoe njeungtjeurikan awak sorangan sarta anak-anak maraneh.

29. Sabab pidatangeun mangsa, harita djalma bakal ngaromong kijeu: Salamĕt anoe gaboeg, djeung pianakan noe tatjan ngadjoeroe, kitoe deui soesoe, noe tatjan njoesoean.

30. Didinja djalma pada mimiti sasambat ka goenoeng-goenoeng: Kaoela geura oeroegan! djeung ka pasir-pasir: Kaoela geura roengkoepan!

31. Karana lamoen kai noe

hedjo dipĕtakeun kijeu, koemaha mĕtakeunana kai noe garing?

32. Djeung aja deui doewa djalma bangsat diariringkeun, bakal dipaehan barĕng djeung Jesoes.

33. Sanggeus daratang ka ĕnggon, noe disĕboet ĕnggon tangkorek, nja di dinja Jesoes toeloej digantoengkeun dina kai-dipalang; kitoe deui eta bangsat, noe hidji di katoehoeëun Jesoes, noe hidji deui di kentjaeunana.

34. Ladjĕng ngalahir Jesoes: Noen Ama, moegi-moegi ngahampoera ka eta djalma-djalma, sabab teu njarahoëun ka noe dipigawe koe maranehanana! Seug eta ngabagikeun panganggo Jesoes, lantaran ngaloengkeun dadoe.

35. Ari djalma-djalma pada laladjo. Dĕmi para kapala barĕng djalma-djalma marojok ka Jesoes, kijeu pokna: Eta ka noe sedjen mah sok noeloeng; tjoba ajeuna koedoe noeloeng ka dirina sorangan, lamoen ĕnja mah manehanana Kristoes, kakasih Allah!

36. Kitoe deui sĕrdadoe teh pada mojok ka Jesoes, njalampeurkeun sarta njodoran tjoeka;

37. Bari ngomong: Lamoen ĕnja mah maneh teh Radja oerang Jahoedi, geura noeloeng ka diri sorangan!

38. Ari di loehoereun andjeunna aja toelisan, ditoeliskeunana koe aksara Joenani, djeung aksara Roem, sarta aksara Ibrani, kijeu oenina: IJEU TEH RADJA OERANG JAHOEDI.

39. Dĕmi bangsat noe digantoeng teja, noe hidji ngagorengkeun ka Jesoes, pokna: Lamoen ĕnja mah maneh teh Kristoes, geura noeloeng ka diri sorangan sarta ka dewek doewaan.

40. Tatapi noe hidji deui seug ngadjawab, mapatahan ka batoerna, kijeu pokna: Naha maneh ge teu sijeun koe Allah? Kapan maneh teh saroewa nja siksaan.

41. Ari oerang teh geus tĕroes djeung kaadilan, karana oerang geus meunang sabeuratna kalakoean oerang; dĕmi eta mah teu pisan midamĕl kasalahan.

42. Toeloej oendjoekan ka Jesoes: Noen Goesti, moegi emoet ka simkoering, samangsa andjeun geus soemping ka karadjaan andjeun.

43. Lahiran Jesoes ka djalma teh: Satĕmĕnna, kami ngalahir ka maneh, poë ijeu pisan maneh bakal aja di Pirdoes reureudjeungan djeung kami.

44. Kira-kira wantji djam noe kagĕnĕp djadi poëk di

sakoeriling boemi, nĕpi ka djam noe kasalapan.

45. Sarta panon-poë djadi soerĕm; reregan kabah soëh djadi doewa.

46. Geus kitoe Jesoes ngagĕro sarta bĕdas gĕntrana; ari lahirna: Noen Ama, nitipkeun soekma koering ka panangan Ama. Sanggeus ngalahir kitoe, ladjĕng poepoes.

47. Dĕmi kapala sĕrdadoe, barang nendjo pĕrkara noe tadi teja, seug ngamoeljakeun ka Allah, ari omongna: Satĕmĕnna, eta djalma teh bĕnĕr!

48. Djeung deui sakoer djalma noe karoempoel sĕdja laladjo, sanggeusna narendjo pĕrkara noe tadi teja, toeloej baralik bari nĕpakan dada.

49. Ari sadajana kawawoehan Jesoes, kitoe deui istri-istri noe geus noemoetkeun andjeunna ti Galilea, narangtoeng ti kadjaoehan, ningalikeun pĕrkara eta.

50. Geus kitoe aja hidji djalma, djĕnĕnganana Joesoep, pangkatna asisor; eta djalma bĕnĕr sarta adil,

51. Djeung hanteu ngaroedjoekan ka pirĕmpoeg sarta ka lalampahan batoer-batoerna, asalna ti Arimatea, nagara oerang Jahoedi keneh, eta ge ngantos-ngantos kana karadjaan Allah;

52. Toeloej ngadeuheus ka Pilatoes, njoehoenkeun majit Jesoes.

53. Sanggeusna diloengsoerkeun majit teh, ladjĕng diboengkoes koe boëh katji, sarta diebogkeun kana koeboeran beunang natah dina karang, tatjan pisan aja noe diroewang di dinja.

54. Harita teh poë panjadiaan, sarta dek ngamimitian sabat.

55. Dĕmi istri-istri, noe daratang ti Galilea ngiring ka Jesoes teja, pada noetoerkeun, sarta ningalian koeboeran, kitoe deui ka pĕtana diebogkeun majit teja.

56. Ari geus maroelang, toeloej njadijakeun seuseungitan djeung minjak-minjak; dĕmi dina poë sabat areureun noeroetkeun timbalan teja.

PASAL 24.

Ari dina poë ahad, wantji isoek-isoek pisan, istri teh arangkat ka eta koeboeran, mawa seuseungitan anoe beunang njadijakeun teja; djeung aja deui anoe mariloe.

2. Seug kapanggih batoena geus aja noe ngadjoengkatkeun inja tina koeboeran.

3. Barang geus arasoep ka djĕro, majit Goesti Jesoes teu kapanggih.

4. Ari keur baringoengeun tina hal kitoe, beh aja doewa

djalma ngaradĕg deukeut ka dinja, sarta panganggona harerang.

5. Geus kitoe sarijeuneun, seug toengkoel; ladjĕng ngalahir ka istri teh: Naha anoe hiroep koe maraneh ditejang ka noe paraeh?

6. Jesoes teh hanteu aja di dijeu, ajeuna geus tanghi. Geura pada ngingĕtkeun ka noe dilahirkeun koe andjeunna ka maraneh, keur basa di Galilea keneh,

7. Geuning kijeu lahirna: Ari Poetra manoesa teh koedoe diselehkeun ka leungeun djalma noe daroraka, toeloej digantoengkeun dina kai-dipalang; dĕmi dina poë noe katiloe tanghi deui.

8. Tidinja ras aringĕteun ka pilahir Jesoes.

9. Sanggeus maroelang tina koeboeran, seug njaritakeun sakabeh pĕrkara noe tadi ka moerid noe sawĕlas teja, sarta ka batoer-batoerna kabeh.

10. Dĕmi noe tjatjarita ka para rasoel, nja eta Maria Magdalena, djeung Johanna, djeung Maria iboe Jakoboes, sarta noe mariloe ka dinja teja.

11. Ari kasaoeranana koe para rasoel dinjanaan omongan teu poegoeh bae, sarta hanteu pĕrtjajaeun.

12. Tatapi ari Petroes indit moeroe kana koeboeran; barang datang nĕmpo ka djĕro, ngan nendjo boëhna bae ngaloemboek. Tidinja moelang, bari heraneun koe hal pĕrkara noe kitoe.

13. Ari dina poë harita doewa djalma, kaasoep moerid keneh, leumpang ka lĕmboer noe ngaran Emaoes, djaoehna ti Jĕroesalem lalakon gĕnĕp poeloeh istadi;

14. Sarta sasaoeran tina hal sakabeh pĕrkara noe kitoe teja.

15. Ari keur sasaoeran, bari silih-tanja, ladjĕng Jesoes soemping ngabarĕngan angkatna.

16. Dĕmi eta djalma panonna kalamoedan, noe matak panglingeun ka andjeunna.

17. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka dinja: Naon pĕrkara noe dipitjamtjam koe maraneh bari leumpang, djeung koe naon oelat saroesah?

18. Pok noe hidji, ngaran Kleopas, ngawangsoel, kijeu wangsoelanana: Naha ngan andjeun anoe ngoembara di Jĕroesalem, mana hanteu oeninga kana pĕrkawis noe aja di dinja mangsa ajeuna?

19. Lahiranana: Pĕrkara naon teja? Ari wangsoelanana: Pĕrkawis Jesoes, oerang Nasaret, noe djadi nabi, langkoeng kawasa padamĕlanana sarĕng lahiranana di pajoeneun Allah sarĕng di

hareupeun sakabeh djalma-djalma;

20. Geus kitoe eta teh koe para panghoeloe agoeng sarěng koe para kapala diserenkeun sina dihoekoem paeh, sarta toeloej digantoengkeun dina kai-dipalang.

21. Ari tadina pangarěp-ngarěp simkoering sarěng batoer-batoer, nja eta pisan noe bade ngaleupaskeun bangsa Israil. Malah geus katiloe poë ijeu ti mantas dihoekoemna.

22. Sarěngna deui aja istri-istri batoer simkoering keneh, noe ngagetkeun ka simkoering sarěng batoer-batoer; isoek-isoek geus kana koeboeran,

23. Tatapi majitna teu kapěndak; geus kitoe daratang sarta tjatjarita jen nendjo malaikat nembongan, ngalahirkeun andjeunna geus hiroep deui.

24. Tidinja sawareh batoer simkoering bral indit kana koeboeran; ari kapěndakna sakoemaha noe ditjaritakeun koe istri teja, nanging ari andjeunna mah teu katendjo.

25. Geus kitoe Jesoes ngalahir ka eta djalma: Eh djalma barodo djeung noe kalěndor hate kana pěrtjaja sakabehna noe geus diwoeroekkeun koe para nabi!

26. Naha Kristoes teh, koetan lain mistina disangsara kitoe pikeun asoep kana kamoeljaanana?

27. Ladjěng Jesoes něrangkeun ka dinja sakabehna noe dioengělkeun dina sagala Kitab tina hal salira andjeunna; ari mimitina ti Moesa djeung para nabi.

28. Geus kitoe darongkap ka deukeut lěmboer noe didjoegdjoeg teja, sěmoena Jesoes kawas rek ladjěng.

29. Toeloej pada nganděg, kijeu pihatoerna: Soemangga linggih ka simkoering, sabab geus deukeut ka boerit, poë teh geus lingsir. Tidinja Jesoes sindang rek linggih di maranehanana.

30. Mangsa andjeunna keur tjalik ngarijoeng djeung eta djalma, ladjěng njandak roti, sarta moedji soekoer, ari geus disěmplekan, dipaparinkeun ka dinja.

31. Seug panonna tarěgěs, teu panglingeun deui ka Jesoes. Geus kitoe ngaleungit ti hareupeun eta djalma.

32. Toeloej pada ngomong djeung batoer: Na hate oerang teh lain koemědjot, basa andjeunna ngalahir ka oerang di djalan, ngaboekakeun Kitab?

33. Waktoe harita keneh eta djalma arindit, moelang deui ka Jěroesalem, seug kapanggih moerid noe sawělas teja keur koekoempoelan djeung batoer-batoerna;

34. Pada ngabedjaan: Saestoena Goesti teh geus tanghi; koe Simon katingali!
35. Tidinja noe doewaan njaritakeun pĕrkara noe tadi di djalan, djeung tina hal hanteu pangling deui ka Goesti keur basa njĕmplekan roti.
36. Mangsa keur njaritakeun kitoe, djlĕg Jesoes ngadĕg di tĕngah-tĕngaheun moerid, sarta ngalahir: Assalam alaekoem!
37. Dĕmi moerid teh rareuwaseun sarta sijeuneun pisan, panjanana nendjo soèkma.
38. Ari lahiran Jesoes ka dinja: Naha maraneh wĕt njĕblak? djeung koe naon datang pikiran kitoe dina hate maraneh?
39. Geura tarendjo leungeun djeung soekoe kami, ijeu teh kami pribadi; geura ngaragap ka kami, sarta masing awas pisan: karana ari soekma mah teu aja daging teu aja toelangan, lain tjara noe katendjo koe maraneh di diri kami.
40. Barang ngalahir kitoe, Jesoes nembongkeun ka moerid-moerid panangan djeung dampalna.
41. Sarehna moerid teh tatjan pĕrtjajaeun keneh bae bawaning koe boengah, sarta bari hareraneun, noe matak Jesoes ngalahir kijeu: Di dijeu aja kadaharan?
42. Tidinja ngahatoerkeun ka andjeunna sapotong laoek tjai beunang ngagoreng djeung sapotong para njiroewan.
43. Ditjandak, ladjĕng ditoewang di hareupeun moerid.
44. Geus kitoe ngalahir ka darinja: Geuning kijeu piwoeroek, noe koe kami bareto diwoeroekkeun ka maraneh, basa kami reureudjeungan keneh, jen saniskara noe ditoeliskeun ti hal kami dina Toret Moesa, djeung dina Kitab para nabi, sarta dina Djaboer, koedoe kalaksanakeun.
45. Ladjĕng Jesoes ngaboekakeun pikiran moerid-moerid, soepaja ngaharti ka sakabeh Kitab;
46. Sarta ngalahir ka darinja: Nja kitoe noe geus ditoeliskeun, sarta nja kitoe noe dimistikeun sangsara Kristoes, djeung tanghina ti noe maraot di poë noe katiloe;
47. Djeung deui koe djĕnĕngan Kristoes teh koedoe dioewarkeun pĕrtobat sarta dihampoerana dosa nja di sakabehna bangsa, ngamimitian ti Jĕroesalem.
48. Ari maraneh noe djadi saksi ka ijeu pĕrkara.
49. Masing ngarĕgĕpkeun, kami rek ngadatangkeun ka

maraneh pĕrdjangdjian Ama kami, tatapi maraneh koedoe tjitjing di nagara Jĕroesalem, nĕpi ka waktoe maraneh dipaparin kasantosaan ti loehoer.

50. Sanggeus kitoe moeridmoerid ditjandak ka loewar dongkap ka Betania; ladjĕng ngadjoengdjoengkeun pananganana, sarta ngabĕrkahan ka darinja.

51. Mangsa keur ngabĕrkahan, moerid-moerid koe andjeunna ditilar, ladjĕng moenggah ka sawarga.

52. Dĕmi eta pada soedjoed ka andjeunna; geus kitoe maroelang ka Jĕroesalem bari kalangkoeng boengahna.

53. Djeung teu pĕtot-pĕtot araja dina kabah, sarta bari ngamoeljakeun djeung maroedji ka Allah. Amin.

IJEU KITAB INDJIL SOETJI,

ANOE DIKARANG KOE

JOHANNES.

PASAL 1.

Dina awitna geus aja Pangandika teh, ari Pangandika teja ajana di Allah, sarta Pangandika teja nja Allah.

2. Ari eta teja dina awitna geus aja di Allah.

3. Saniskara nja koe eta didjadikeunana, ari sadjabana koe eta mah hanteu aja pisan anoe didjadikeun dina sakabehna noe geus didjadikeun.

4. Dina djĕro eta pangajana hiroep teh, ari eta hiroep teja nja tjahaja manoesa.

5. Dĕmi tjahaja teja ngagĕbjar di noe poëk, ari koe poëk teja hanteu ditarima.

6. Aja hidji djalma noe dipiwarang koe Allah, djĕnĕnganana Johannes.

7. Pangsoempingna pimĕrtelakeuneun, bade mĕrtelakeun pĕrkara tjahaja teja, sangkan djadi lantaran ka sakabehna soepaja pada pĕrtjaja.

8. Lain eta noe djadi tjahaja teh; eta mah ngan soepaja mĕrtelakeun bae pĕrkara tjahaja teja.

9. Nja eta tjahaja noe saestoe-estoena, noe njaangan

ka oenggal-oenggal djalma bari soemping ka alam-doenja.

10. Ari eta pangajana di alam-doenja, kitoe deui alam-doenja nja koe eta didjadikeunana, ari alam-doenja teja teu njahoëun ka andjeunna teh.

11. Ari soempingna kana kagoenganana, dĕmi djalma kagoenganana teu narimaeun ka andjeunna.

12. Tatapi sakabeh noe geus narima ka andjeunna teh, eta koe andjeunna pada dipaparin kawasa djadi poetra Allah, tĕgĕsna sakoer noe pĕrtjaja kana djĕnĕnganana.

13. Nja eta djalma anoe lain ti gĕtih, atawa ti karĕp daging, atawa ti karĕp lalaki, istoening ti Allah diowokeunana teh.

14. Ari Pangandika teja geus djadi daging, linggihna sasarĕngan djeung oerang, sarta koe oerang katendjo kamoeljaanana, nja kamoeljaan sakoemaha Poetra Rama noe noenggal, pinoeh koe sih-koernija djeung kajaktian.

15. Johannes mĕrtelakeun eta, sarta ngagĕro, kijeu lahirna: Nja eta noe koe kami ditjatoerkeun kijeu teja: Ari noe soemping pandeurieun kami, eta geus djadi heulaeun kami, sabab ajana samemeheun kami.

16. Sarta tina kapinoehan andjeunna oerang sadaja teh geus pada nampa koernija teu eureun-eureun koernija.

17. Karana hoekoem teh dipaparinkeunana koe Moesa, ari sih-koernija djeung kajaktian mah diajakeunana koe Jesoes Kristoes.

18. Sapapandjangna ge taja pisan noe geus nendjo ka Allah; dĕmi koe Poetra noe noenggal, anoe aja dina pangkon Rama, eta Allah ditetelakeun.

19. Sarta kijeu pĕrtelaan Johannes, mangsa oerang Jahoedi ngadjoeroengkeun panghoeloe-panghoeloe djeung ahli-ahli lewi, ti Jĕroesalem, sina naroskeun ka Johannes jen adjĕngan teh saha?

20. Tidinja ngakoe, teu kĕrsaeun salingkoeh, kijeu pangakoena: Kaoela mah lain Kristoes.

21. Seug nararos deui eta teh: Koetan saha, adjĕngan teh Elias? Ari lahiranana: Lain kaoela mah. Naha adjĕngan nabi teja? Ari walonanana: Lain.

22. Geus kitoe pada mioendjoek: Atoeh adjĕngan teh saha? soepaja kaoela kenging ngahatoerkeun wangsoelan ka noe miwarang ka kaoela; adjĕngan teh nja ngalahirkeun andjeun saha?

23. Lahiranana: Kaoela teh sowara djalma noe ngagĕro di tĕgal lĕga: Geura ngalĕm-

pĕngkeun djalan Pangeran; sakoemaha noe dilahirkeun koe nabi Jĕsaja teja.

24. Dĕmi piwarangan teja tina lĕbah ahli parisi;

25. Toeloej nararos deui ka Johannes, kijeu pioendjoekna: Koe naon atoeh adjĕngan mana sok ngabanjoean, ari lain Kristoes, lain Elias, atawa nabi teja mah?

26. Ari ngawalon Johannes, kijeu lahirna: Ari kaoela mah ngabanjoean soteh koe tjai, tatapi geus aja noe ngadĕg di tĕngah maraneh, ari maraneh teh hanteu njaho ka dinja;

27. Nja eta pisan anoe soemping pandeurieun kaoela, anoe geus djadi heulaeun kaoela, eta kaoela hanteu lajak ngoedaran tali taroempahna.

28. Ari pĕrkara noe tadi teja djadina di Betabara, di dinja Johannes keur ngabanjoeanana.

29. Isoekna koe Johannes katingali Jesoes soemping ka andjeunna; ladjĕng ngalahir: Toeh tarendjo Domba Allah, anoe nanggoeng dosa saalamdoenja!

30. Nja eta pisan noe koe kami ditjatoerkeun kijeu teja: Bakal soemping pandeuriëun kami sahidji djalma, noe geus djadi heulaeun kami, sabab ajana samemeheun kami.

31. Ari tadina kami hanteu njaho ka andjeunna, tatapi soepaja ditetelakeun ka Israil, noe matak kami datang bari ngabanjoean koe tjai.

32. Dĕmi Johannes mĕrtelakeun, kijeu lahirna: Koe kami katendjo Roh loengsoer ti langit sapĕrti djapati, seug linggih di loehoer andjeunna.

33. Ari tadina kami hanteu njaho ka andjeunna; tatapi anoe geus miwarang ka kami ngabanjoean koe tjai, nja eta geus nimbalan kijeu ka kami: Tijap-tijap djalma noe katendjo koe maneh diloengsoeran koe Roh, sarta toeloej linggih di loehoerna, nja eta noe ngabanjoean koe Roh Soetji teh.

34. Eta koe kami geus katendjo, sarta geus mĕrtelakeun jen eta teh Poetra Allah.

35. Isoekna Johannes ngadĕg deui di dinja, djeung doewa moerid.

36. Barang ningali ka Jesoes, anoe keur angkat, ladjĕng ngalahir: Toeh tarendjo Domba Allah!

37. Ari koe eta doewa moerid kadenge lahiranana, seug ngariring ka Jesoes.

38. Ladjĕng Jesoes malik, katingali eta ngariring, geus kitoe ngalahir ka dinja:

39. Nejangan naon maraneh teh? Wangsoelanana: Noen Rabi, (hartina ari disalin basana: Goeroe), di mana andjeun nja linggih?

40. Ari lahiranana ka dinja: Hijap toetoerkeun sarta tarendjo. Geus kitoe daratang sarta nendjoan ĕnggon Jesoes linggih, toeloej ngarĕrĕb di andjeunna di poë eta. Waktoe harita antara djam anoe kasapoeloeh.

41. Dĕmi eta doewaan, anoe ngadenge ti Johannes sarta toeloej ngiring ka Jesoes teja, noe hidji Andreas saderek Simon Petroes.

42. Nja eta pangheulana noe manggihan Simon saderekna, seug dipopojanan: Koela doewaan geus mĕndakan Mesias, (tĕgĕsna ari disalin basana: Kristoes).

43. Geus kitoe eta dideuheuskeun ka Jesoes. Ladjĕng koe Jesoes ditingali, bari kijeu lahirna: Ari maneh teh Simon anak Jonas; ajeuna dilandi Kepas, (ari disalin basana: Petroes).

44. Isoekna Jesoes kĕrsa angkat ka Galilea, ladjĕng mĕndakan Pilipoes. Geus kitoe ngalahir ka eta: Geura ngiring ka kami.

45. Ari Pilipoes teh asal ti Betsaida, nagara Andreas djeung Petroes.

46. Tidinja Pilipoes manggihan Natanael, seug dipopojanan kijeu: Kaoela djeung batoer geus mĕndakan anoe disĕratkeun koe Moesa dina Toret, reudjeung koe para nabi teja, nja eta Jesoes poetra Joesoep, ti Nasaret.

47. Njaoer Natanael ka Pilipoes: Koetan ti Nasaret piajaeun noe hade? Ari wangsoelan Pilipoes: Geura toetoerkeun sarta tingali.

48. Geus kitoe katingali koe Jesoes, Natanael njampeurkeun ka andjeunna, ladjĕng ngalahirkeun Natanael kijeu: Geura tarendjo, ijeu geuning hidji oerang Israil anoe euweuh palsoena!

49. Mioendjoek Natanael ka Jesoes: Na ti mana andjeun teh oeninga ka simkoering? Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna: Samemeh maneh ditjĕloekan koe Pilipoes, basa keur aja di handapeun tangkal kondang, koe kami katendjo.

50. Wangsoelan Natanael: Noen Rabi, andjeun Poetra Allah teh, nja andjeun Radja oerang Israil!

51. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka eta teh: Sabab kami bijeu tjatjarita ka maneh, jen koe kami katendjo keur maneh aja di handapeun tangkal kondang, noe matak maneh teh pĕrtjaja; maneh mangke bakal nendjo pĕrkara noe aragoeng ti manan ijeu.

52. Ladjĕng ngalahir deui ka dinja: Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: ti watĕs ajeuna maraneh bakal

nendjo langit molongo, sarta para malaikat Allah oenggahtoeroen noedjoe ka Poetra manoesa.

PASAL 2.

Dina poë noe katiloe aja sidĕkah kawinan di lĕmboer Kana, bilangan Galilea, ari iboe Jesoes aja di dinja.

2. Sarta Jesoes oge diondang kana sidĕkah kawinan teja, djeung moerid-moeridna.

3. Mangsa keur kakoerangan anggoer, seug iboena ngalahir ka Jesoes: Eta geus teu boga anggoer.

4. Ana ngalahir Jesoes ka iboena: Na njai, aja pĕrkawis naon andjeun teh ka kaoela? tatjan nĕpi ka waktoe kaoela.

5. Iboena toeloej ngalahir ka kabajan: Naon bae eta piwaranganana ka maraneh, koedoe toeroet.

6. Ari di dinja geus diteundeunan gĕnĕp boejoeng, sakoemaha adat bĕbĕrĕsih oerang Jahoedi; hidji-hidji boejoeng pieusieunana doewa atawa tiloe takĕr.

7. Geus kitoe Jesoes ngalahir ka kabajan: Geura areusian eta boejoeng teh koe tjai. Toeloej diareusian datang ka leber.

8. Ladjĕng ngalahir deui ka darinja: Ajeuna geura sijoekan, toeloej selehkeun ka mandor kadaharan. Seug diselehkeun.

9. Sanggeus diasaan koe mandor kadaharan eta tjai noe geus djadi anggoer, (ari eta teu njahoëun ti mana datangna, tatapi kabajan anoe geus njijoekan tjai mah njarahoëun), toeloej mandor kadaharan teh njaoer panganten lalaki,

10. Bari mihatoer: Sadajana djalma ari ngahatoerkeunana anggoer, anoe sae ti heula; dimana ondangan geus rada weureu kakara ngahatoerkeun noe meudjeuhna; koe andjeun mah noe sae disimpĕn dongkap ka ajeuna.

11. Nja eta poepoetjoekna tanda anoe dipidamĕl koe Jesoes di Kana bilangan Galilea, sarta ngaboektikeun kamoeljaanana; ari moerid-moeridna djadi pĕrtjaja ka andjeunna.

12. Sanggeus kitoe Jesoes angkat ka Kapernaoem; angkatna djeung iboena, saderek-saderekna sarta moerid-moeridna; ari tjaralikna di dinja hanteu lila.

13. Ari paska oerang Jahoedi geus deukeut, ladjĕng Jesoes angkat ka Jĕroesalem.

14. Geus kitoe mĕndakandi kabah anoe ngadjaroewal sapi, domba djeung djapati, sarta aja toekang naroekeuran doewit darijoek.

15. Ladjĕng Jesoes ngadamĕl pĕtjoet koe rara, seug diboedalkeun eta sakabehna ti djĕro kabah, kitoe deui domba reudjeung sapi; ari doewit toekang naroekeuran teja dioedoel-oedoelkeun, djeung medjana dibalik-balikkeun.

16. Ladjĕng ngalahir ka noe ngadjaroewal djapati teh: Geura eta barawa ti dijeu, gĕdong Ama kami oelah didjijeun padagangan.

17. Tidinja moerid-moeridna djadi aringĕteun jen geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Koe bawaning goemati ka gĕdong andjeun noe mawi koering dongkap ka roeksak.

18. Geus kitoe oerang Jahoedi ngawangsoel, kijeu pioendjoekna ka Jesoes: Andjeun dek nembongkeun tanda koemaha ka simkoering, anoe mawi bisa midamĕl kitoe?

19. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna: Tjoba geura roewag kabah ijeu, koe kami bakal diadĕgkeun deui anggeus sadjĕro tiloe poë.

20. Oendjoekan deui oerang Jahoedi: Ijeu kabah dipidamĕlna opat poeloeh gĕnĕp taoen lamina, ari koe andjeun dek diadĕgkeun ngan tiloe poë bisa anggeus?

21. Tatapi Jesoes ngalahirkeun kabah soteh ka salirana.

22. Mangsa Jesoes geus tanghi ti noe maraot, moeridmoeridna ras aringĕteun jen andjeunna geus milahirkeun kitoe; toeloej pada pĕrtjaja kana Kitab, djeung kana pilahir anoe dilahirkeun koe Jesoes teja.

23. Mangsa Jesoes linggih di Jĕroesalem, keur waktoe pesta paska, loba pisan anoe pĕrtjaja kana djĕnĕnganana, tina sabab narendjo tanda-tanda anoe dipidamĕl koe andjeunna.

24. Tatapi Jesoes hanteu mĕrtjajakeun salirana ka darinja, sabab oeningaeun ka eta sakabehna.

25. Sarta andjeunna montong teuing aja anoe mĕrtelakeun djalma, sabab langkoeng waspaos koe andjeun ka sakoer anoe aja di djĕro hate djalma.

PASAL 3.

Aja hidji djalma ti lĕbah ahli parisi, ngaranna Nikodemoes, hidji kapala oerang Jahoedi.

2. Eta seug ngadeuheus ka Jesoes ti peuting, sarta kijeu oendjoekanana: Noen Rabi, simkoering sadaja tĕrang andjeun teh goeroe piwarangan Allah, karana taja pisan noe bisa njijeun tanda sapĕrtos noe dipidamĕl koe andjeun, kadjabi lamoen disarĕngan koe Allah.

3. Ngawalon Jesoes, kijeu

lahirna: Satĕmĕn-tĕmĕnna kaoela ngabedjaan ka sampejan teh: lamoen djalma hanteu didjoeroekeun deui, moal bisa nendjo kana karadjaan Allah.

4. Mioendjoek deui Nikodemoes: Na koemaha djalma beunang didjoeroekeun geus kolot? Bisa asoep deui ka beuteung indoengna, seug didjoeroekeun?

5. Ngawalon Jesoes: Satĕmĕn-tĕmĕnna, kaoela ngabedjaan ka sampejan teh: lamoen djalma hanteu didjoeroekeun tina tjai djeung Roh, moal bisa asoep kana karadjaan Allah.

6. Sakoer anoe didjoeroekeun tina daging, nja eta daging; kitoe deui sakoer anoe didjoeroekeun tina Roh, nja eta Roh.

7. Sampejan oelah heran pedah kaoela njatoerkeun jen maraneh koedoe didjoeroekeun deui teja.

8. Angin ngahijoes ka mana bae pikarĕpeunana, koe sampejan kadenge sorana, tatapi moal njaho ti mana datangna djeung ka mana losna: nja kitoe pisan oenggal-oenggal djalma anoe didjoeroekeun tina Roh.

9. Ngawangsoel Nikodemoes, kijeu wangsoelanana: Koemaha kengingna pidjadieun eta pĕrkawis teh?

10. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna: Ari sampejan teh lain goeroe oerang Israil? naha hanteu njaho ka eta pĕrkara?

11. Satĕmĕn-tĕmĕnna, kaoela ngomong ka sampejan teh, kaoela pada ngawoeroekwoeroekkeun anoe geus kanjahoan koe kaoela, sarta mĕrtelakeun anoe geus katendjo koe kaoela, dĕmi maraneh hanteu narima kana pĕrtelaan kaoela teh.

12. Lamoen kaoela geus njatoerkeun ka maraneh barang doenja, ari maraneh hanteu pĕrtjaja, koemaha atoeh pipĕrtjajaeunana lamoen kaoela njatoerkeun barang sawarga?

13. Hanteu aja pisan noe geus moenggah ka sawarga, ngan eta noe geus toeroen ti sawarga, tĕgĕsna Poetra manoesa, anoe aja di sawarga.

14. Djeung sapĕrti Moesa ngaloehoerkeun oörajan di tĕgal lĕga teja, nja tjara kitoe Poetra manoesa teh koedoe dikaloehoerkeun;

15. Soepaja oenggal-oenggal djalma noe pĕrtjaja ka dinja, hamo tjilaka, sarta meunang hiroep noe langgĕng.

16. Karana sakitoe miasihna Allah ka alam-doenja, moenggah dongkap ka maparin Poetra noe noenggal, soepaja oenggal-oenggal djalma anoe pĕrtjaja ka dinja, hamo tjilaka, sarta meunang hiroep noe langgĕng.

17. Karana Allah lain miwarang Poetrana ka alam-doenja pikeun ngahoekoeman alam-doenja teh, estoena soepaja alam-doenja koe eta disalamĕtkeun.

18. Saha-saha noe pĕrtjaja ka eta, moal dihoekoeman; dĕmi anoe hanteu pĕrtjaja mah, eta ĕnggeus dihoekoeman, koe sabab hanteu pĕrtjaja kana djĕnĕngan Poetra Allah noe noenggal.

19. Sarta kijeu hoekoeman teja, jen tjaang teh geus datang ka alam-doenja, ari djalma-djalma anggoer soeka kana poëk manan kana tjaang, karana goreng pagaweanana.

20. Sabab oenggal-oenggal djalma noe migawe kagorengan, eta geuleuh kana tjaang, sarta hanteu ngadatangan kana tjaang, soepaja oelah ditjawad pagaweanana.

21. Sabalikna noe migawe kajaktian mah, eta ngadatangan kana tjaang teh, soepaja katara pagaweanana, da eta dipigawena tĕroes djeung pangĕrsa Allah.

22. Sanggeusing kitoe Jesoes djĕngkar ka tanah Joedea reudjeung moerid-moeridna; ladjĕng linggih di dinja djeung moeridna, bari ngabanjoean.

23. Ari Johannes oge keur ngabanjoean di Enon deukeut Salim, pedah di dinja loba tjai; sarta pada karoempoel ka dinja, toeloej dibaranjoean.

24. Sabab harita Johannes teh tatjan diasoepkeun ka pangberokan.

25. Geus kitoe moerid-moerid Johannes djadi padoe djeung oerang Jahoedi tina hal bĕbĕrĕsih.

26. Tidinja ngadareuheusan ka Johannes, bari oendjoekan kijeu: Noen Rabi, anoe sasarĕngan djeung andjeun di peuntaseun Tji-jordan, anoe dipĕrtelakeun koe andjeun teja, eta geuning ngabanjoean, sarĕng ngaleut bae sadajana ka dinja.

27. Ngawalon Johannes, kijeu lahirna: Djalma teh moal bisa njabak naon-naon, lamoen hanteu dipasihan ti sawarga.

28. Nja maraneh pisan noe djadi saksi kami, jen kami geus njatoerkeun kijeu: Kami mah lain Kristoes, ĕnjana teh kami dipiwarang heulaeun andjeunna.

29. Anoe boga panganten awewe teh nja eta panganten lalaki; tatapi ari sobat panganten lalaki anoe nangtoeng bari ngadengekeun ka dinja, moetoeh koe soeka-boengah tina sowara panganten lalaki. Nja kitoe kaboengahan kami ajeuna mah geus toetoeg.

30. Eta teh koedoe lodlodan, ari kami mah beuki moerĕngkĕd.

31. Anoe soemping ti loehoer, nja eta saloehoereun sakabehna. Ari noe asal ti boemi, nja eta tina boemi bae, ngomongkeunana oge boemi bae. Ari noe soemping ti loehoer mah, nja eta saloehoereun sakabehna.

32. Sarta noe geus katingali djeung kadenge koe andjeunna, nja eta noe dipĕrtelakeun teh, nanging hanteu aja noe narima kana pĕrtelaanana.

33. Tatapi saha-saha noe geus narima kana pĕrtelaanana teja, nja koe eta ditjap jen Allah saestoena.

34. Karana anoe dipiwarang koe Allah, nja eta noe ngalahirkeun pangandika Allah; sabab Allah maparinkeunana Roh hanteu nganggo ditakĕran.

35. Ari Rama teh mikaasih ka Poetra, sarta geus njĕrahkeun saniskara ka pananganana.

36. Saha-saha noe pĕrtjaja ka Poetra, nja eta boga hiroep noe langgĕng; sabalikna saha-saha noe moengpang ka Poetra, moal bakal nendjo kana hiroep teja, anggoer bĕndoe Allah tĕtĕp ka dinja.

PASAL 4.

Mangsa Goesti waspaoseun ahli parisi geus pada ngadenge jen Jesoes reja pisan midamĕlna moerid sarta ngabanjoeanana ti batan Johannes,

2. (Halta Jesoes mah hanteu ngabanjoean koe andjeun, ngan koe moerid-moeridna bae),

3. Ladjĕng djĕngkar ti Joedea, angkat deui ka Galilea.

4. Sarta andjeunna koedoe djalan ka tanah Samaria.

5. Geus kitoe soemping ka hidji nagara di Samaria, anoe ngaran Sihar, deukeut ka tĕgal noe dipaparinkeun koe Jakoeb teja ka Joesoep poetrana.

6. Di dinja aja soemoerna Jakoeb. Dĕmi Jesoes, doemeh angkatna geus palaj, seug linggih di lĕbah eta soemoer. Harita antara djam noe kagĕnĕp.

7. Djĕboel hidji awewe oerang Samaria, dek nimba tjai. Ngalahir Jesoes ka eta awewe: Tjing kami bere tjai keur nginoem.

8. Karana ari moerid-moeridna keur laleumpang ka djĕro nagara, rek meuli kadaharan.

9. Geus kitoe ngawangsoelan awewe Samaria teh ka Jesoes: Naha andjeun moendoet piaroteun ka koering, kapan andjeun teh oerang Jahoedi, ari koering mah awewe Samaria? (Sabab oerang Jahoedi mah tara reureudjeungan djeung oerang Samaria.)

10. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna: Oepama maneh njaho kana pasihan Allah, sarta njaho ka noe ngomong ka maneh teh: tjing berean tjai keur nginoem; tangtoe maneh geus menta ka dinja, seug koe eta maneh meureun dibere tjai hiroep.

11. Pioendjoek awewe teh ka Jesoes: Noen Djoeragan, andjeun teu kagoengan pikeun nimba, ari ijeu soemoer koe djĕro, na ti mana andjeun kagoengan tjai hiroep teja?

12. Andjeun teh na leuwih ti batan Jakoeb, karoehoen koering sadaja, noe geus maparinkeun ijeu soemoer ka koering sadaja? eta andjeunanana ngaleueutna ti dijeu, kitoe deui poetra-poetrana sarĕng ingon-ingonna.

13. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna: Oenggal-oenggal djalma anoe nginoem tjai ijeu, tangtoe halabhab deui;

14. Tatapi saha-saha anoe nginoem tjai noe dibere koe kami teja, moal halabhab deui salalanggĕngna; samalah eta tjai teh anoe rek dibikeun koe kami ka eta djalma, bakal djadi di djĕro dirina tjinjoesoe, noe ngaboerijal nĕpi kana hiroep noe langgĕng.

15. Pioendjoek eta awewe: Noen Djoeragan, moegi-moegi simkoering dipaparin eta tjai teh, soepaja simkoering oelah halabhab deui, sarĕng montong ka dijeu deui pikeun nimba.

16. Ngalahir Jesoes ka dinja: Geura bral, tjĕloekan salaki maneh, geus kitoe ka dijeu deui.

17. Ngawangsoel awewe teh, kijeu pioendjoekna: Simkoering teu gadoeh salaki. Ari lahiran Jesoes: Bĕnĕr omongan maneh teh: jen koering teu boga salaki;

18. Karana maneh geus lima nja boga salaki, ari noe ajeuna mah lain salaki; eta saĕnjana omongan maneh.

19. Pioendjoek awewe teh ka Jesoes: Noen Djoeragan, simkoering geus waspada pisan jen andjeun teh nabi.

20. Karoehoen-karoehoen di dijeu geus pada sĕmbahijang dina goenoeng ijeu; ari salaoer oerang Jahoedi ĕnggon sĕmbahijang anoe bakoe nja di Jĕroesalem.

21. Ngalahir Jesoes ka awewe teh: Njai, sing pĕrtjaja ka kami, pidatangeun waktoe, didinja maraneh sĕmbahijang ka Rama teh moal di goenoeng ijeu, moal di Jĕroesalem.

22. Maraneh nja sĕmbahijang ka noe teu njaho; ari pĕlĕbah kami mah pada sĕmbahijang ka noe geus kanjahoan koe kami, karana kasalamĕtan teh asalna ti oerang Jahoedi.

23. Tatapi pidatangeun waktoe, ajeuna ge geus beh, harita sakoer noe sĕmbahijang saĕnja-ĕnjana, eta bakal sĕmbahijang ka Rama dina soekmana sarta djeung sajaktina; karana Rama ge hojongeun nja anoe kitoe sĕmbahijangna ka andjeunna.
24. Allah teh nja Roh, ari noe sĕmbahijang ka Allah, nja eta sĕmbahijangna koedoe dina soekmana sarta djeung sajaktina.
25. Pioendjoek awewe teh ka Jesoes: Simkoering geus tĕrang jen Mesias rek soemping, (anoe disĕboetkeun Kristoes); samangsa eta soemping, tangtoe ngawartakeun ka simkoering sadaja saniskantĕn pĕrkawis.
26. Ngalahir Jesoes ka awewe teh: Eta nja kami, anoe sasaoeran djeung maneh.
27. Ari geus kitoe daratang moerid-moeridna, sarta pada heraneun doemeh Jesoes keur sasaoeran djeung awewe. Tatapi hanteu aja noe oendjoekan kijeu: Andjeun teh mariksakeun naon? atawa: Andjeun teh milahirkeun naon djeung eta?
28. Tidinja awewe teh ninggalkeun kĕndina, toeloej asoep ka nagara, sarta ngomong ka djalma-djalma kijeu:
29. Geura hijap, tarendjo aja hidji djalma, anoe ngalahirkeun ka koela sakabehna noe geus dipilampah koe koela: eta teh lain Kristoes teja?
30. Tidinja pada raboel ti nagara, daratang ka Jesoes.
31. Sabot keur kitoe moerid-moerid hatoeran ka Jesoes, kijeu pihatoerna: Noen Rabi, mangga toewang!
32. Ari lahiranana ka moerid: Kami boga kadaharan pikeun dahareun kami, noe teu kanjahoan koe maraneh.
33. Toeloej moerid teh ngaromong djeung batoerna: Naha aja noe moepoendoetan kadaharan ka andjeunna?
34. Lahiran Jesoes ka moerid: Ari kadaharan kami mah ngestokeun pangĕrsakeun eta noe geus miwarang kami, sarta ngalampahkeun padamĕlanana tĕpi ka tjatjapna.
35. Maraneh teh lain njarĕboetkeun: Opat boelan deui pioesoemeun diboewat? Toeh geuning kami ngalahir ka maraneh: geura tjarĕngkat, arilikan sawah-sawah, karana geus koneng, meudjeuhna dipiboewatan.
36. Ari noe diboewat pimeunangeun boeroehan, sarta ngoempoelkeun beubeunangan kana hiroep noe langgĕng, soepaja pada boengah anoe njĕbarkeun reudjeung noe diboewat.
37. Sabab pĕlĕbah ijeu bĕnĕr tjĕk babasan: Sedjen noe

njĕbarkeun, sedjen noe diboewat.

38. Kami geus nitah maraneh diboewat anoe lain dipigawe koe maraneh; nja dipigawena koe noe sedjen, ari maraneh geus asoep ka beunang migawe eta.

39. Ari oerang Samaria ti nagara eta loba pisan anoe pĕrtjaja ka Jesoes, tina sabab omongan awewe teja, anoe mĕrtelakeun kijeu: Eta ngalahirkeun ka koela sakabehna noe geus dipilampah koe koela.

40. Sanggeus daratang oerang Samaria teh ka Jesoes, toeloej pada noenoehoen andjeunna moegi linggih ka maranehanana; ladjĕng linggihna di dinja meunang doewa poë.

41. Loba katjida manan tadi anoe pĕrtjaja tina sabab lahiranana,

42. Sarta pada ngomong ka awewe teja: Pangpĕrtjaja koela teh moal tina sabab omongan maneh deui, karana koela geus ngadarenge koe pribadi, sarta geus njaraho jen eta teh saĕnjana Kristoes, Djoeroesalamĕt saalam-doenja.

43. Ari geus tjatjap eta doewa poë, Jesoes djĕngkar ti dinja ka Galilea;

44. Sabab Jesoes koe andjeun mĕrtelakeun, jen anoe djadi nabi moal dihormatan di nagara asalna.

45. Mangsa soemping ka Galilea diarakoe koe oerang Galilea, tina sabab geus narendjo sakabehna noe dipidamĕl koe Jesoes di Jĕroesalem basa pesta teja, karana eta oge geus daratang kana pesta.

46. Ladjĕng Jesoes soemping deui ka Kana bilangan Galilea, oeroet koe andjeunna tjai didjadikeun anggoer teja. Aja hidji ponggawa, poetrana teu damang di Kapernaoem.

47. Barang ngareungeu jen Jesoes soemping ti Joedea ka Galilea, toeloej ngadeuheusan, sarta noenoehoen Jesoes moegi linggih njageurkeun poetrana, karana eta keur sakarat.

48. Ngalahir Jesoes ka dinja: Lamoen maraneh hanteu nendjo tanda djeung moedjidjat mah, maraneh teh tara pĕrtjaja.

49. Ari pioendjoek ponggawa teh ka Jesoes: Noen Goesti, geura linggih, meungpeung poen anak tatjan maot.

50. Lahiran Jesoes ka dinja: Geura moelang, anak maneh geus hiroep. Ari eta djalma pĕrtjaja ka pilahir noe dilahirkeun koe Jesoes teja, toeloej moelang.

51. Mangsa keur di djalan papapag djeung badega-badegana, sarta ngoeninga, kijeu pihatoerna: Poetra andjeun geus hiroep.

52. Geus kitoe mariksakeun

waktoena tjageur. Ari pihatoerna: Kamari wantji poekoel toedjoeh moerijangna leungit.

53. Tidinja ramana elingeun nja waktoe eta pisan Jesoes ngalahir teh: jen anak maneh geus hiroep. Toeloej pĕrtjaja djeung saeusi-boemina.

54. Nja eta tanda noe kadoewa, anoe dipidamĕl koe Jesoes mangsa soemping ti Joedea ka Galilea.

PASAL 5.

Sanggeusing kitoe aja pesta oerang Jahoedi; ladjĕng Jesoes angkat ka Jĕroesalem.

2. Dĕmi di Jĕroesalem, deukeut Panto domba, aja hidji pamandian, eta koe basa Ibrani disĕboetkeun Betesda, sarta aja lima pangkengna.

3. Ari di dinja galĕmpar bae loba noe gĕring, noe lolong, noe dejog, noe gĕring nangtoeng, pada ngadagoan kana obahna tjai.

4. Sabab sok radjeun aja malaikat loengsoer ka djĕro pamandian teja, ngobahkeun eta tjaina, dĕmi noe antjĕloeb pangheulana sanggeus diobahkeunana tjai, tjageur, naon bae kasakitna.

5. Ari di dinja aja hidji djalma noe boga kasakit geus tiloe poeloeh dalapan taoen lilana.

6. Barang Jesoes ningali eta noe ngadjoprak, sarta oeningaeun jen geus lila pisan pangkitoena teh, ladjĕng ngalahir ka dinja: Eh, maneh hajang tjageur?

7. Ari wangsoelan noe gĕring teh: Noen Goesti, koering hanteu aja noe ngantjĕloebkeun koering kana pamandian keur waktoe diobahkeunana tjai; sarĕng mangsa koering dongkap, geus kapiheulaan manten antjĕloebna koe batoer.

8. Lahiran Jesoes ka dinja: Geura hoedang, pangkoe kasoer maneh, toeloej leumpang.

9. Sapada-harita eta djalma teh tjageur, seug mangkoe kasoerna, toeloej leumpang. Harita keur poë sabat.

10. Tidinja oerang Jahoedi ngaromong ka noe geus ditjageurkeun teh: Ajeuna keur poë sabat, maneh teu kawidian manggoel kasoer.

11. Ari wangsoelanana: Anoe njageurkeun ka koering, da geus miwarang: Geura pangkoe kasoer maneh, toeloej leumpang.

12. Geus kitoe pada mariksa ka manehanana: Na saha eta djalma noe nitah ka maneh teh: Geura pangkoe kasoer maneh, toeloej leumpang?

13. Tatapi noe geus ditjageurkeun teh teu njahoëun di saha-sahana; da Jesoes geus

njoeloesoep bae, sabab loba pisan djalma dina ĕnggon eta.

14. Sanggeus kitoe eta djalma kapĕndak koe Jesoes dina kabah, ladjĕng ngalahir ka dinja kijeu: Tah maneh geus tjageur; poma oelah migawe deui dosa, soepaja maneh oelah kataradjang koe noe bangĕt ti batan tadi.

15. Tidinja eta djalma bral leumpang, mopojankeun ka oerang Jahoedi, jen eta Jesoes anoe njageurkeun ka manehanana teja.

16. Nja kitoe noe matak oerang Jahoedi teh nganijaja ka Jesoes, sarta nejangan djalan keur maehan, sabab midamĕl kitoe di poë sabat.

17. Ari lahiran Jesoes ka darinja: Ama kami mah barangdamĕl bae dongkap ka ajeuna; kami oge baranggawe nja kitoe deui.

18. Tina sabab eta, oerang Jahoedi beuki ngahantĕm nejangan djalan keur maehanana, karana lain woengkoel njorang sabat bae, malah ngalahirkeunana Allah Ramana pribadi, djadi njaroewakeun andjeun djeung Allah.

19. Ladjĕng Jesoes ngalahir, kijeu lahirna ka eta teh: Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: ari Poetra teh hanteu bisa milampah naon-naon koe maneh, ngan anoe katendjo dipidamĕl koe Rama; karana naon bae anoe dipidamĕl koe Rama, eta koe Poetra dipigawe nja kitoe deui.

20. Sabab Rama teh langkoeng asih ka Poetra, sarta ningalikeun ka Poetra saniskara anoe dipidamĕl koe Rama, djeung bakal ningalikeun padamĕlan anoe leuwih agoeng ti manan eta, soepaja maraneh teh pada djadi heran.

21. Karana sapĕrti Rama ngahoedangkeun djalma noe paraeh sarta dihiroepanana, nja kitoe deui Poetra ngahiroepan ka noe dipikarĕp.

22. Samalahna Rama hanteu ngahoekoeman saoerang-oerang atjan; ari eta hal hoekoeman kabeh geus disĕrahkeun ka Poetra;

23. Soepaja sakabehna pada ngahormatan ka Poetra, tjara ngahormatan ka Rama. Saha-saha noe teu ngahormatan ka Poetra, eta teu ngahormatan ka Rama, noe geus miwarang Poetra.

24. Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: saha-saha noe ngadenge kana omongan kami, djeung pĕrtjaja ka noe geus miwarang kami, nja eta boga hiroep noe langgĕng, sarta moal asoep kana siksaan, ĕnjana mah geus pindah tina paeh kana hiroep.

25. Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: pi-

datangeun waktoe, ajeuna ge geus beh, harita noe paraeh teh bakal pada ngadenge kana sowara Poetra Allah, ari noe ngadarenge tangtoe hiroep.

26. Sabab, sapĕrti Rama kagoengan hiroep koe mantĕn, nja kitoe deui Rama teh ka Poetra geus maparin boga hiroep koe pribadi;

27. Djeung geus dipaparin kawasa ngadĕgkeun hoekoeman, sabab djadi Poetra manoesa.

28. Maraneh teh oelah heran koe sabab kitoe; karana pidatangeun waktoe, harita sakoer noe aja dina koeboer, bakal ngadarenge kana sowarana,

29. Sarta toeloej baridjil; noe geus migawe kahadean, haroedangna kana hiroep; ari noe geus migawe kagorengan mah, haroedangna kana siksaan.

30. Kami teu bisa migawe naon-naon koe maneh. Sakoemaha noe kadenge koe kami, nja kitoe kami ngahoekoeman teh, ari hoekoeman kami adil, sabab teu mambrih karĕp sorangan, ngan pangĕrsakeun Rama bae, anoe geus miwarang kami.

31. Lamoen kami mĕrtelakeun maneh, pĕrtelaan kami teh moal sajaktina.

32. Aja noe lijan mĕrtelakeun kami, sarta kami njaho jen saestoena pĕrtelaanana, noe dipĕrtelakeun ti hal kami.

33. Maraneh teh geus ngadjoeroengkeun ka Johannes, dĕmi eta geus mĕrtelakeun hal kajaktian teja.

34. Tatapi kami hanteu malar kana pĕrtelaan manoesa; noe matak kami njatoerkeun kitoe teh, ngan soepaja maraneh salamĕt.

35. Johannes teh nja damar anoe hoeroeng, noe nja-angan, sarta maraneh mirĕsĕp sakeudeung kana tjaangna.

36. Ari kami boga pĕrtelaan anoe leuwih ti pĕrtelaan Johannes, karana pagawean noe dipaparinkeun ka kami koe Rama soepaja koe kami dilampahkeun tĕpi ka tjatjapna, nja eta pisan pagawean noe dipilampah koe kami, mĕrtelakeun kami, jen kami teh dipiwarang koe Rama.

37. Samalah Rama, noe miwarang kami teja, eta ge koe mantĕn geus mĕrtelakeun kami. Maraneh teh tatjan pisan ngadenge ka gĕntrana, narendjo ka roepana ge tatjan.

38. Djeung deui pangandikana mah hanteu matoeh di djĕro maraneh; sabab maraneh teu pĕrtjaja ka noe geus dipiwarang koe andjeunna teh.

39. Maraneh sok nitik-nitik kana Kitab-kitab, sabab pikir maraneh boga hiroep noe

langgĕng di djĕro eta Kitab teh, malah nja eta pisan anoe mĕrtelakeun kami.

40. Ĕmboeng maraneh teh datang ka kami pikeun pimeunangeun hiroep.

41. Kami hanteu malar kahormatan ti manoesa.

42. Ari kami geus njaho ka maraneh, jen teu boga kanjaahan ka Allah di djĕro hate maraneh.

43. Kami teh geus datang mawa padjĕnĕngan Ama kami, ari maraneh hanteu narima ka kami; saoepama aja noe sedjen datang mawa ngaran sorangan, eta koe maraneh meureun ditarima.

44. Koemaha maraneh nja bisa pĕrtjaja, da maraneh pada mambrih kahormatan ti batoer bae, ari kahormatan anoe ti Allah woengkoel mah, koe maraneh teu ditejangan.

45. Oelah aja panjana jen kami anoe bakal ngĕlakkeun maraneh ka Rama; ari noe ngĕlakkeun maraneh teja mah Moesa, noe diarĕp-arĕp koe maraneh teh.

46. Karana oepama maraneh pĕrtjaja ka Moesa, tanwande pĕrtjaja deui ka kami; sabab eta geus noeliskeun ti hal kami.

47. Tatapi lamoen maraneh hanteu pĕrtjaja kana kitab Moesa, koemaha nja pipĕrtjajaeun kana pilahir kami?

PASAL 6.

Sanggeusing kitoe Jesoes ladjĕng lajar, meuntas laoet Galilea, di lĕbah nagara Tiberias.

2. Sarta loba pisan djalma noe noetoerkeun, koe tina geus narendjo tanda-tanda, anoe dipidamĕl koe andjeunna ka noe garĕring.

3. Dĕmi Jesoes naek ka goenoeng, seug linggih di dinja djeung moerid-moeridna.

4. Ari paska, nja eta pesta oerang Jahoedi, geus deukeut.

5. Ana tjĕngkat Jesoes, ningali loba pisan djalma noe ngadareuheusan; ladjĕng ngalahir ka Pilipoes: Ti mana oerang nja meuli roti, pikeun eta dadaharan?

6. (Halta pangalahirkeunana kitoe teh kĕrsa njoba ka Pilipoes, karana geus kaoeninga anoe rek dipidamĕl koe andjeunna.

7. Ari wangsoelan Pilipoes: Ngagaleuh roti doewa ratoes dinar moal pitjĕkapeun, keur eta hidji-hidji djalma njokot saeutik.

8. Aja hidji moeridna, nja eta Andreas, saderek Simon Petroes, pok oendjoekan:

9. Di dijeu aja hidji boedak lalaki gadoeh roti gandroeng lima siki sarĕng laoek doewa siki; nanging koemaha keur djalma sakitoe lobana?

10. Lahiran Jesoes: Tjoba eta djalma sina darijoek! Dĕmi di ĕnggon eta teja reja djoekoet. Tidinja djalma lalaki gek darijoek, bilanganana antara lima reboe.

11. Ladjĕng Jesoes njandak roti teja, bari moedji soekoer; tidinja dipaparinkeun ka moerid-moerid, ari koe moerid-moerid dibagikeun ka noe darijoek; nja kitoe deui laoek teja, sabaraha bae kahajangna.

12. Dĕmi geus sareubeuheun, Jesoes ngalahir deui ka moerid-moeridna: Geura koempoelkeun sesana beunang njĕmplekan, soepaja oelah aja noe leungit.

13. Tidinja toeloej dikoempoelkeun, sarta ngareusian doewa wĕlas karandjang koe oeroet beunang njĕmplekan lima roti gandroeng teja, sesa-sesana djalma noe geus dadaharan.

14. Barangna eta djalma-djalma narendjo tanda noe dipidamĕl koe Jesoes teja, pok ngaromong: Nja ijeu saestoena nabi anoe bade soemping ka doenja teja!

15. Geus kitoe Jesoes, doemeh waspaoseun eta djalma-djalma rek daratang ngarerejang ka andjeunna, dek didjijeun radja, ladjĕng njingkah deui ka goenoeng, njalira bae.

16. Dĕmi geus boerit, moerid-moeridna bral maroedoen ka laoet;

17. Sanggeus aroenggah kana parahoe, toeloej lajar meuntas laoet, ngadjoegdjoeg ka Kapernaoem. Harita geus poëk pisan, ari Jesoes tatjan soemping ka moeridna.

18. Tidinja laoet teh ombakna ngagĕdean, bawaning katĕbak koe angin barat.

19. Ari lajarna geus meunang antara doewa poeloeh lima atawa tiloe poeloeh istadi djaoehna, toeloej pada nendjo Jesoes, keur tapakhantjang dina laoet, soemping ka deukeut parahoe; tidinja sarijeuneun.

20. Dĕmi Jesoes ngalahir ka darinja: Ijeu teh kami, montong sarijeun.

21. Geus kitoe koe moerid dek dihatoeranan linggih ka parahoena, pada-harita parahoe teh dongkap ka tanah noe didjoegdjoeg teja.

22. Ari isoekna, djalma-djalma noe taringgaleun di peuntaseun laoet teja, sapedah narendjo di dinja euweuh deui parahoe ngan eta hidji noe ditaroempakan koe moerid-moerid Jesoes teja, kitoe deui jen Jesoes hanteu njarĕngan ka moerid-moeridna nitihan kana eta parahoe, ngan woengkoel moerid-moeridna bae anoe lajar; -

23. Tatapi daratang deui

parahoe noe sedjen ti nagara Tiberias, deukeut ka ĕnggon oeroet dadaharan roti, koe lantaran Goesti moedji soekoer teja.

24. Barang katarendjo koe eta djalma-djalma jen Jesoes hanteu aja di dinja, sarta moerid-moeridna ge teu aja, toeloej eta ge aroenggah kana parahoe-parahoe teja, sarta daratang ka Kapernaoem, narejangan Jesoes.

25. Dĕmi geus kapĕndak di peuntaseun laoet, seug aroendjoekan: Noen Rabi, iraha soemping ka dijeu teh?

26. Ngawalon Jesoes ka eta djalma, kijeu lahirna: Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh, maraneh pangnejangan kami soteh, lain koe sabab geus narendjo tanda, ngan sabab dadaharan tina roti teja, sarta geus datang ka sareubeuh.

27. Oelah sok baranggawe malar kadaharan noe owah, nja koedoe malar kadaharan noe awet tĕpi kana hiroep noe langgĕng, anoe bakal dipaparinkeun ka maraneh koe Poetra manoesa; karana nja eta noe geus ditjap koe Allah Rama.

28. Geus kitoe aroendjoekan ka Jesoes: Simkoering koemaha nja pilampaheun, soepaja kenging midamĕl padamĕlan Allah?

29. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka eta djalma: Nja kijeu padamĕlan Allah teh, jen maraneh koedoe pĕrtjaja ka noe geus dipiwarang koe andjeunna.

30. Ari aroendjoekanana deui ka Jesoes: Andjeun teh kĕrsa midamĕl tanda koemaha, soepaja simkoering pada tĕrang sarĕng pĕrtjaja ka andjeun? Ngadamĕl naon andjeun teh?

31. Karoehoen simkoering geus pada dahar Manna teja di tĕgal lĕga, sapĕrtos geus disĕratkeun kijeu: Andjeunna geus maparin ka darinja roti ti langit keur dahareun.

32. Lahiran Jesoes ka eta djalma: Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: lain Moesa noe geus maparin ka maraneh roti ti langit teja; ari Ama kami mah maparin ka maraneh roti noe saestoena ti sawarga.

33. Karana ari roti Allah teh nja eta anoe toeroen ti sawarga, sarta matak ngahiroepkeun ka alam-doenja.

34. Ari aroendjoekanana deui ka Jesoes: Noen Goesti, moegi paparinkeun ka simkoering sadaja salalawasna eta roti teja!

35. Lahiran Jesoes ka darinja: Kami teh nja roti kahiroepan. Saha-saha noe datang ka kami, moal bakal

langlajeuseun; kitoe deui saha-saha noe pĕrtjaja ka kami, moal bakal halabhab salalawasna.

36. Tapi kami geus ngalahir ka maraneh, jen maraneh teh geus narendjo ka kami, orokaja teu pĕrtjaja.

37. Sakabehna noe dipaparinkeun koe Rama ka kami, tanwande datang ka kami; ari noe datang ka kami teh, koe kami moal didjongklokkeun.

38. Karana kami anoe matak toeroen ti sawarga, lain pikeun ngalampahkeun karĕp diri kami, ngan pikeun ngalampahkeun pangĕrsakeun eta noe geus miwarang kami.

39. Sarta nja kijeu pangĕrsakeun Rama anoe geus miwarang kami, jen kami teh oelah kaleungitan tina eta sakabehna noe dipaparinkeun ka kami teja, malah-malah koe kami koedoe diharoedangkeun di poë panganggeusan.

40. Sabab nja kijeu pangĕrsakeun eta noe geus miwarang kami teh, jen oenggal-oenggal djalma anoe mĕntjrong ka Poetra, sarta bari pĕrtjaja ka dinja, boga hiroep noe langgĕng, sarta koe kami bakal dihoedangkeun di poë panganggeusan.

41. Geus kitoe oerang Jahoedi tinggĕlĕndĕng ka Jesoes, sabab ngalahirkeun, jen kami teh nja roti noe geus toeroen· ti sawarga;

42. Ari aromongna: Na eta teh lain Jesoes poetra Joesoep, noe kanjahoan iboe-ramana koe oerang? naha wĕt misaoer: jen kami geus toeroen ti sawarga?

43. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka eta djalma: Oelah sok tinggĕlĕndĕng djeung batoer.

44. Taja pisan djalma noe bisa datang ka kami, kadjaba moen ditarik koe Rama noe geus miwarang kami mah, sarta koe kami eta bakal dihoedangkeun di poë panganggeusan.

45. Geus dioengĕlkeun dina Kitab para nabi kijeu: Mangke sakabeh meunang piwoeroek ti Allah. Koe sabab eta oenggal-oenggal djalma noe geus ngadenge ti Rama, djeung geus meunang piwoeroek, tanwande datang ka kami.

46. Lain sabab aja djalma noe geus nendjo ka Rama, kadjaba anoe asal ti Allah, nja eta noe geus nendjo ka Rama teh.

47. Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: saha-saha noe pĕrtjaja ka kami, nja eta boga hiroep noe langgĕng.

48. Kami teh nja roti kahiroepan.

49. Ari karoehoen maraneh geus pada dahar Manna teja di tĕgal lĕga, toeloej maraot bae.

50. Nja ijeu teh roti anoe toeroen ti sawarga, soepaja djalma noe ngahakan eta, hamo paeh.

51. Kami teh nja roti anoe hiroep, noe geus toeroen ti sawarga teja. Tijap-tijap djalma ngahakan ijeu roti, tangtoe hiroep salalanggĕngna. Ari roti anoe bakal dipaparinkeun koe kami teja, nja eta daging kami, noe bakal disĕrahkeun koe kami pikeun hiroep alamdoenja.

52. Geus kitoe oerang Jahoedi papadoean djeung batoerna, kijeu aromongna: Koemaha pĕtana eta teh pimereeun dagingna keur hakaneun oerang?

53. Ari lahiran Jesoes ka darinja: Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: lamoen maraneh teu ngahakan daging Poetra manoesa, sarta nginoem gĕtihna, hamo boga hiroep di djĕro maraneh.

54. Saha-saha noe ngahakan daging kami, sarta nginoem gĕtih kami, nja eta boga hiroep noe langgĕng; sarta koe kami bakal dihoedangkeun di poë panganggeusan.

55. Sabab daging kami saestoena kadaharan, gĕtih kami saestoena inoeman.

56. Saha-saha noe ngahakan daging kami, sarta nginoem gĕtih kami, tangtoe pitĕtĕpeun di djĕro kami, nja kitoe deui kami di djĕro eta.

57. Sapĕrti kami dipiwarang koe Rama anoe hiroep, sarta panghiroep kami teh ngan koe lantaran Rama, nja kitoe deui saha-saha noe ngahakan kami, tangtoe hiroep koe lantaran kami.

58. Nja ijeu teh roti noe toeroen ti sawarga teja; lain tjara karoehoen maraneh ngadalahar Manna teja, geuning maraot bae. Saha-saha noe ngahakan roti ijeu, bakal hiroep salalanggĕngna.

59. Ari pĕrkara noe tadi teja koe Jesoes dilahirkeun keur mangsa ngawoeroek di masigit di Kapernaoem.

60. Reja pisan moeridmoeridna, barang ngadenge kitoe, seug ngaromong: Bangĕt katjida eta piwoeroek teh; saha noe kadoega ngadenge?

61. Dĕmi Jesoes, doemeh oeningaeun di djĕro manahna jen moerid-moeridna marokpokkeun eta kasaoeran teja, ladjĕng ngalahir ka dinja: Naha maraneh titadjong koe eta teh?

62. Koemaha, saoepama koe maraneh katendjo Poetra manoesa moenggah ka oeroet baheula?

63. Nja Roh teh anoe ngahiroepan; daging mah euweuh gawena. Ari pilahir, noe di-

lahirkeun koe kami ka maraneh teja, nja Roh nja hiroep.

64. Tatapi di pělěbah maraneh noe sawareh teu pěrtjaja. Karana geus ti mimitina pisan Jesoes langkoeng oeninga ka sakoer noe teu pěrtjaja, kitoe deui ka eta noe bakal ngahijanat ka andjeunna.

65. Ari lahiranana: Nja kitoe sababna noe matak kami geus ngalahir ka maraneh, jen taja pisan djalma noe bisa datang ka kami, kadjaba moen dipaparinkeun mah ka dinja koe Ama kami.

66. Ti mangsa harita moeridna loba noe moendoer, teu ngariring deui ka Jesoes.

67. Geus kitoe Jesoes ngalahir ka noe doewa wělas teja: Koemaha ari maraneh, teu hajang leumpang oge?

68. Ngawangsoel Simon Petroes: Noen Goesti, simkoering sadaja pileumpangeun ka saha? apan nja Goesti anoe kagoengan lahiran pěrkawis hiroep noe langgěng.

69. Sarěng simkoering sadaja geus pěrtjantěn sarta ngahartos pisan jen andjeun teh Kristoes, Poetra Allah noe djoeměněng.

70. Ari walonan Jesoes ka darinja: Mapan maraneh, anoe doewa wělas, lain beunang milih kami? tatapi ti lěbah maraneh sahidji ngadjadi setan.

71. Ari noe dilahirkeun teh Joedas anak Simon, Iskariot teja; sabab nja eta noe bakal ngahijanat ka andjeunna, sarta kaasoep moerid noe doewa wělas teja.

PASAL 7.

Sanggeusing kitoe Jesoes ngadjadjah bae di Galilea; karana teu kěrsaeun ngadjadjah di Joedea, doemeh oerang Jahoedi ngarah dek maehan ka andjeunna.

2. Ari pesta oerang Jahoedi, nja eta saoeng běbětek teja, geus deukeut.

3. Tidinja saderekna aroendjoekan ka Jesoes: Moedoe djěngkar ti dijeu, angkat ka Joedea, moerid-moerid andjeun sina narendjo ka padamělan anoe dipidaměl koe andjeun.

4. Karana euweuh pisan djalma migawe naon-naon soempoet-salindoeng, malah mah pambrihna hajang dioetarakeun. Lamoen ěnja andjeun midaměl anoe kitoe pětana, moedoe nembongkeun andjeun ka doenja!

5. Karana nadjan saderekna ge hanteu pěrtjajaeun ka andjeunna.

6. Ari lahiran Jesoes ka darinja: Tatjan datang waktoe kami; ari waktoe maraneh mah dimana bae sadija.

7. Doenja teh moal bisa geuleuh ka maraneh; ari ka kami

mah geuleuheun, sabab kami sok mĕrtelakeun eta doenja jen goreng kalakoeanana.

8. Geura arindit bae maraneh ka pesta teh. Kami mah teu rek ijang ajeuna ka eta pesta, sabab waktoe kami tatjan nĕpi kana parĕngna.

9. Ari geus ngalahirkeun kitoe ka dinja, ladjĕng linggih keneh di Galilea.

10. Tatapi mangsa saderekna geus arindit, ladjĕng Jesoes oge angkat ka pesta teh, hanteu katara, nja kawas noe njamoer bae.

11. Dĕmi oerang Jahoedi narejangan Jesoes dina pesta, aromongna: Di mana andjeunanana teh?

12. Ari djalma-djalma gĕntĕr ngaharewoskeun Jesoes. Tjĕk noe sawareh: Hade eta teh; tjĕk noe sedjen deui: Moal, eta ngan njasabkeun djalma bae.

13. Tatapi teu aja noe ngomongkeun Jesoes sagĕblasna, bawaning sijeun koe oerang Jahoedi.

14. Dĕmi geus dongkap ka tĕngahna poë pesta, Jesoes linggih kana kabah, ladjĕng ngawoeroek.

15. Geus kitoe oerang Jahoedi pada heraneun, ari aromongna: Naha eta mana bisaeun kana Kitab-kitab, kapan teu goegoeroe?

16. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna: Ari piwoeroek kami mah lain bobogaan kami, kagoengan eta noe geus miwarang kami.

17. Tijap-tijap djalma daek ngalampahkeun ka pangĕrsakeunana, eta tangtoe nganjahokeun moenggoehing piwoeroek tamah asal ti Allah, atawa kami ngalahir karĕp sorangan.

18. Saha-saha noe ngomong karĕp sorangan, malar kahormatan dirina; sabalikna noe malar kahormatan eta noe geus miwarang ka manehanana, tĕgĕs djalma saestoena, sarta euweuh kadorakaan di noe kitoe mah.

19. Naha Moesa lain maparinkeun Toret ka maraneh? padahal lĕbah maraneh euweuh noe ngalampahkeun Toret. Koe naon maraneh mana ngarah maehan ka kami?

20. Ngadjawab djalma-djalma teh, kijeu pokna: Boa sampejan kaasoepan setan; saha teja noe ngarah maehan ka sampejan?

21. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna: Kami geus migawe hidji padamĕlan, ari maraneh sakabeh heran.

22. Moesa geus ngadawoehkeun ka maraneh hal njoenatan teja, (ari asalna lain ti Moesa, asalna mah ti karoehoen); sarta maraneh sok njoenatan djalma di poë sabat.

23. Lamoen djalma disoe-

natan di poë sabat soepaja oelah karĕmpak hoekoem Moesa mah, naha maraneh bĕt ngarambĕk ka kami, tina sabab kami geus njageurkeun djalma sakoedjoer di poë sabat?

24. Oelah ngahoekoeman noeroetkeun beh roepana, nja ngahoekoeman teh koedoe hoekoeman noe sabĕnĕrna.

25. Geus kitoe sawareh oerang Jĕroesalem ngomong: Lain eta noe diarah dek dipaehan teja?

26. Geuning sasaoeranana ngagĕblas bae, anoe ngarah teu ngaromong kijeu-kijeu ka dinja. Koemaha ari kapala teh palangsijang geus pada tĕrangeun saĕnjana jen eta tĕgĕs Kristoes?

27. Dĕmi ijeu teh oerang geus pada njaho asalna; tatapi ari Kristoes mah, samangsana soemping moal aja noe njaho asal-asalna.

28. Ladjĕng Jesoes ngalahir sarta bĕdas, eukeur ngawoeroek dina kabah, kijeu lahirna: Maraneh geus pada wawoeh ka kami, sarta njaraho kana asal kami; toerta kami datang teh lain karĕp sorangan, dĕmi eta langkoeng estoe anoe geus miwarang kami, noe teu kanjahoan koe maraneh.

29. Ari kami mah njaho ka andjeunna; karana kami asal teh ti dinja, sarta nja andjeunna anoe geus miwarang kami.

30. Geus kitoe pada nejangan pidjalaneun dek nangkĕp ka Jesoes; tatapi euweuh noe koengsi njĕkĕl ka andjeunna, sabab waktoe andjeunna tatjan dongkap.

31. Ari tina lĕbah djalma-djalma loba pisan noe pĕrtjajaeun ka Jesoes, aromongna: Samangsa soemping Kristoes, bakal loba nja midamĕl tanda ti batan noe dipidamĕl koe ijeu?

32. Dĕmi koe ahli parisi kadarenge jen djalma-djalma kitoe ngaharewoskeunana Jesoes. Toeloej ahli-ahli parisi djeung para panghoeloe agoeng miwarangan patjalang, soepajana narangkĕp Jesoes.

33. Ladjĕng ngalahir Jesoes ka maranehanana: Sakeudeung deui waktoe kami aja di maraneh, toeloej kami ijang ka noe miwarang kami.

34. Maraneh bakal narejangan kami, tatapi moal kapanggih; sarta ka ĕnggon kami maraneh moal bisa daratang.

35. Geus kitoe oerang Jahoedi teh ngaromong djeung batoerna: Ka mana eta nja pileumpangeunana, anoe matak koe oerang moal bakal kapanggih teh? Boa dek leumpang ka noe pabalĕntjar di oerang Joenani, ngawoeroek ka oerang Joenani?

36. Omongan naon anoe dipiomong kitoe teh koe eta:

jen maraneh bakal narejangan kami, tatapi moal kapanggih; sarta ka ĕnggon kami maraneh moal bisa daratang?

37. Ari di poë panoetoep pesta, nja eta poë noe panggĕdena, Jesoes ladjĕng ngadĕg, sarta ngalahir bĕdas, kijeu lahirna: Tijap-tijap aja djalma halabhab, geura datang ka kami, toeloej nginoem!

38. Saha-saha noe pĕrtjaja ka kami, sakoemaha pilahir dina Kitab, soesoekan tjai anoe hiroep bakal ngotjor tina djĕro beuteungna.

39. Ari noe dilahirkeun kitoe teh nja Roh Soetji, noe bakal katampa koe sadajana noe pĕrtjaja ka andjeunna; karana Roh Soetji teh tatjan aja, doemeh Jesoes tatjan dimoeljakeun.

40. Dĕmi djalma-djalma teja noe sawareh, barang ngadarenge pilahir kitoe, pok ngaromong: Nja eta saestoena nabi teja!

41. Ari tjĕk noe sedjen: Eta mah Kristoes! Aja noe sedjen deui ngomong: Naha Kristoes teh soempingna ti Galilea?

42. Lain dilahirkeun dina Kitab jen Kristoes teh pimĕdaleun ti toeroenan Dawoed, soempingna ti desa Betlehem, oeroet Dawoed linggih?

43. Tidinja djalma-djalma teh parĕboet omongan tina sabab Jesoes.

44. Noe sawareh dek nangkĕp ka andjeunna; tatapi euweuh noe koengsi njĕkĕl.

45. Geus kitoe patjalang teja daratang deui ka para panghoeloe agoeng djeung ka ahli-ahli parisi; ari salaoerna ka patjalang teh: Koe naon sababna eta djalma teu dibawa koe maraneh?

46. Wangsoelan patjalang-patjalang teh: Salawasna tatjan aja djalma ngalahir sapĕrtos eta djalma teja!

47. Ari salaoer ahli parisi ka maranehanana: Naha maraneh ge koetan kagĕndam?

48. Koemaha ti lĕbah para kapala aja noe pĕrtjaja ka dinja, atawa ti lĕbah ahli-ahli parisi?

49. Tatapi ijeu djalma-djalma, noe teu njaho kana Toret, keuna panjapa!

50. Misaoer Nikodemoes, nja eta noe ngadeuheusan ka Jesoes ti peuting teja, kaasoep ahli parisi keneh, kijeu saoerna ka batoer-batoerna teh:

51. Naha ari Toret oerang kenging ngahoekoeman djalma, lamoen tatjan dipariksa, sarta tatjan kaoeninga kalakoeanana?

52. Seug ngawarangsoel, kijeu saoerna ka Nikodemoes: Naha ari sampejan teh oerang Galilea? Geura mangga pariksa, sarĕng masing awas,

moal ĕnja aja nabi bibidjilan ti Galilea mah.

53. Tidinja masing-masing maroelang ka imahna sorangan.

PASAL 8.

Dĕmi Jesoes angkat ka goenoeng Djetoen.

2. Isoek-isoek andjeunna soemping deui kana kabah, sarta sakabehna djalma-djalma ngadareuheusan; ladjĕng linggih, seug ngawoeroek ka eta teh.

3. Tidinja ahli-ahli kitab djeung ahli-ahli parisi ngadareuheusan ka Jesoes mawa hidji awewe, katangkĕp keur ngaranjed;

4. Disina nangtoeng di tĕngah-tĕngah, toeloej aroendjoekan ka Jesoes: Noen Goeroe, ijeu awewe ditangkĕpna jaktos pisan keur ngaranjed.

5. Dĕmi Moesa geus ngadawoehkeun ka kaoela, jen anoe kitoe pĕtana koedoe dibaledogan koe batoe; ari ajeuna koemaha pilahir andjeun?

6. Noe matak oendjoekan kitoe, dek ngadodja ka Jesoes, soepaja meunang keur ngĕlakkeun andjeunna. Tatapi Jesoes brĕk bae dongko, ladjĕng njĕrat koe tjoeroek dina taneuh.

7. Koe sabab eta djalma keukeuh bae pangnarosna teh, Jesoes ladjĕng tjĕngkat, sarta ngalahir ka darinja: Saha-saha di lĕbah maraneh noe teu boga dosa, geura pek maledog pangheulana ka awewe teh.

8. Ladjĕng dongko deui, sarta njĕrat dina taneuh.

9. Dĕmi eta djalma, barang ngadarenge kitoe, seug kaïngĕtan koe boedi-rasana, toeloej noengtoet kalaloewar, mimitina kokolot-kokolotna datang ka panganggeusanana; ari Jesoes ditinggalkeun njalira bae, sarta djeung awewe teja, keur nangtoeng di tĕngah-tĕngah.

10. Geus kitoe Jesoes tjĕngkat. Doemeh teu aja noe katingali ngan awewe teja, ladjĕng ngalahir ka dinja: Njai, di mana eta noe ngĕlakkeun maneh? Euweuh noe ngahoekoeman ka maneh?

11. Ari wangsoelanana: Noen Goesti, soemoehoen teu aja. Ngalahir deui Jesoes ka dinja: Ari kitoe mah kami ge moal ngahoekoeman ka maneh; geura balik bae, oelah migawe deui dosa!

12. Sanggeus kitoe Jesoes ngalahir deui ka oerang Jahoedi teja: Kami teh nja damar doenja; saha-saha noe anoet ka kami, moal njorang di noe poëk, sarta ngabogaan tjaang kahiroepan.

13. Seug ahli-ahli parisi ngomong ka Jesoes: Sampejan teh mĕrtelakeun pribadi; pĕr-

telaan sampejan sakitoe moal saestoena.

14. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna: Sanadjan kami mĕrtelakeun maneh oge, eta pĕrtelaan kami saestoena bae, sabab kami teh njaho ti mana kami nja datang, djeung ka mana kami nja leumpang; tatapi ari maraneh mah teu njaho ti mana kami nja datang djeung ka mana kami nja leumpang.

15. Maraneh teh ngahoekoeman noeroetkeun daging bae, ari kami mah teu ngahoekoeman hidji-hidji atjan.

16. Oepama kami ngahoekoeman ge, eta hoekoeman kami teh saestoena; karana lain kami woengkoel, nja kami reudjeung Rama anoe geus miwarang kami.

17. Dina Toret maraneh ge geus dioengĕlkeun jen pĕrtelaan djalma doewaan saestoena.

18. Nja kami anoe mĕrtelakeun diri kami, ari Rama noe geus miwarang kami, kitoe keneh mĕrtelakeun kami.

19. Geus kitoe pada ngomong ka Jesoes: Di mana Rama sampejan teh? Walonan Jesoes: Maraneh teu njaho ka kami, kitoe keneh ka Ama kami; saoepama maraneh njaho ka kami, tangtoe njaho deui ka Ama kami.

20. Ari pilahir noe tadi koe Jesoes dilahirkeun pĕlĕbah pĕti oewang, mangsa ngawoeroek dina kabah; sarta hanteu aja noe nangkĕp, sabab waktoe andjeunna tatjan dongkap.

21. Geus kitoe Jesoes ngalahir deui ka oerang Jahoedi teh: Kami rek leumpang, ari maraneh bakal narejangan kami, sarta bakal paraeh mawa dosa; ari ka ĕnggon noe rek didjoegdjoeg koe kami, maraneh moal bisa daratang.

22. Pok ngaromong oerang Jahoedi: Naha eta teh boa bakal maehan maneh, anoe matak ngomong: jen ka ĕnggon noe rek didjoegdjoeg koe kami maraneh moal bisa daratang?

23. Ari lahiranana ka dinja: Maraneh teh asal ti handap, ari kami mah ti loehoer; maraneh teh ti doenja ijeu, ari kami mah lain ti doenja ijeu.

24. Kami tadi ngalahir ka maraneh, jen bakal paraeh mawa dosa; karana lamoen teu pĕrtjaja jen kami teh nja eta teja, tangtoe bakal paraeh mawa dosa.

25. Geus kitoe pada ngomong ka Jesoes: Sampejan teh saha? Ari lahiran Jesoes ka dinja: Sakoemaha noe koe kami geus dilahirkeun ka maraneh ti mimitina.

26. Kami teh loba pisan nja pingomongkeuneun sarta pingahoekoemaneun hal mara-

neh; dĕmi anoe geus miwarang kami teh langkoeng estoe, sarta noe geus kadenge koe kami ti andjeunna, eta noe koe kami dilahirkeun ka doenja.

27. Ari eta djalma-djalma hanteu ngahartieun jen Jesoes ka maranehanana ngalahirkeun Rama.

28. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka darinja: Mangke dimana maraneh geus ngaloehoerkeun Poetra manoesa teh, didinja bakal ngaharti jen kami nja eta teja, kitoe deui jen kami teu milampah naon-naon koe maneh, ngan sakoemaha noe geus diwoeroekkeun ka kami koe Ama, nja kitoe kami ngalahirkeun teh.

29. Ari noe miwarang kami teja njarĕngan ka kami. Kami teh teu ditilar sorangan koe Rama, sabab kami salalawasna milampah noe dipikamanah koe andjeunna.

30. Mangsa Jesoes ngalahirkeun kitoe teja, loba pisan noe pĕrtjaja ka andjeunna.

31. Geus kitoe Jesoes ngalahir ka oerang Jahoedi, noe pĕrtjaja ka andjeunna teja: Lamoen maraneh tĕtĕp ka piwoeroek kami, saĕnja-ĕnjana djadi moerid kami;

32. Sarta tangtoe nganjahokeun kana kajaktian, ari koe kajaktian teh maraneh bakal dipĕrdikakeun.

33. Seug pada ngawangsoel ka Jesoes: Kaoela teh toeroenan Ibrahim; saoemoer-oemoer tatjan ngawoela ka saha-saha; naha sampejan mana misaoer: jen maraneh teh bakal mĕrdika?

34. Walonan Jesoes ka dinja: Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: oenggal-oenggal djalma noe migawe dosa, nja eta kawoela dosa.

35. Anoe djadi kawoela moal langgĕng tjitjingna dina imah; poetra mah langgĕng tjitjingna.

36. Koe sabab eta, lamoen maraneh dipĕrdikakeun koe Poetra mah, tangtoe mĕrdika saĕnja-ĕnjana.

37. Kami teh njaho jen maraneh toeroenan Ibrahim, tatapi maraneh ka kami ngarah maehan, karana piwoeroek kami di maraneh teu manggih piĕnggoneun.

38. Kami ngalahirkeun noe geus katendjo koe kami di Ama; ari maraneh pon kitoe keneh milampah noe geus katendjo koe maraneh di bapa maraneh.

39. Seug pada ngawangsoel, kijeu pokna: Nja Ibrahim rama kaoela. Ngalahir Jesoes ka darinja: Oepama ĕnja maraneh anak Ibrahim mah, tangtoe meureun pada milampahkeun padamĕlan Ibrahim.

40. Tatapi ajeuna maraneh

mah ngarah maehan ka kami, tĕgĕs djalma noe geus ngalahirkeun ka maraneh kajaktian noe kadenge koe kami ti Allah teja. Ari Ibrahim mah teu milampah kitoe pĕtana.

41. Maraneh teh nja milampahkeun pagawean bapa maraneh. Toeloej pada ngomong ka Jesoes: Kaoela lain didjoeroekeun beunang djinah, kaoela teh pada sarama, nja eta Allah.

42. Ari lahiran Jesoes ka dinja: Oepama ĕnja mah Allah rama maraneh, tangtoe meureun maraneh pada njaah ka kami; sabab kami kaloewar teh ti Allah, sarta datang ti andjeunna. Karana kami datang teh lain karĕp sorangan, nja andjeunna noe miwarang kami.

43. Koe naon maraneh noe matak teu njaho ka basa kami? Tina sabab sangeuk ngadenge ka piwoeroek kami.

44. Maraneh teh bapa ka Iblis, sarta dek milampahkeun ka pakarĕpan bapa maraneh. Eta teh toekang maehan djalma ti barang-mimiti pisan, sarta teu tigin dina kajaktian, karana taja kajaktian di djĕro manehanana. Satijap-tijap ngomongkeun bohong, eta omongna teh tĕgĕs ti dirina sorangan; karana manehanana nja pangbohongan, sarta bapana bohong teja.

45. Tatapi ari kami mah, pedah ngalahirkeun kajaktian teh, koe maraneh teu dipĕrtjaja.

46. Saha di lĕbah maraneh noe bisa noedoehkeun ka kami kadosaan kami? Sabalikna ari kami ngalahirkeun kajaktian teh, naha maraneh koe naon teu pĕrtjaja ka kami?

47. Anoe ti Allah ngadengekeun pangandika Allah; nja kitoe noe matak maraneh teu ngadarenge, sabab maraneh teh lain ti Allah.

48. Ngawangsoel oerang Jahoedi teh, kijeu pokna: Ongkoh kaoela lain bĕnĕr nja ngaromongkeun jen sampejan teh oerang Samaria, sarta kaasoepan setan?

49. Ngawalon Jesoes: Kami teh lain kaasoepan setan; samalah kami ngahormat ka Ama, ari maraneh mah ngahinakeun ka kami.

50. Tatapi ari kami mah hanteu nejangan kahormatan sorangan; aja noe mangnejangankeun sarta pimoetoeseun.

51. Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: tijaptijap djalma nĕtĕpkeun ka piwoeroek kami, eta moal pinendjoeün maot salalanggĕngna.

52. Seug oerang Jahoedi teh pada ngomong ka Jesoes: Ajeuna kaoela geus sidik pisan jen sampejan kaasoepan setan. Ari Ibrahim mah dongkap ka

poepoes, kitoe deui para nabi, ari tjarek sampejan teh: tijap-tijap djalma nĕtĕpkeun ka piwoeroek kami, eta moal pingarasaeun maot salalanggĕngna.

53. Naha sampejan teh leuwih ti batan Ibrahim, karoehoen kaoela, noe geus dongkap ka poepoes? Kitoe deui para nabi geus darongkap ka poepoes. Sampejan teh ngadjadikeun diri sampejan naon?

54. Walonan Jesoes: Lamoen kami ngahormat sorangan, eta kahormatan kami teh tjoemah pisan; ari noe maparin kahormatan ka kami, nja Ama kami, noe koe maraneh disarĕboet Allah maneh.

55. Maraneh teh hanteu njaho ka andjeunna; tatapi ari kami mah njaho ka andjeunna; saoepama kami njĕboet jen teu njaho ka andjeunna, tangtoe saroewa djeung maraneh, djadi pangbohongan; satĕgĕsna kami njaho ka andjeunna, sarta nĕtĕpkeun pangandikana.

56. Ari Ibrahim, karoehoen maraneh, soeka manahna sarta hojongeun ningali ka poëan kami; dĕmi koe andjeunna koengsi katingali, sarta boengaheun pisan.

57. Toeloej oerang Jahoedi ngomong ka Jesoes: Sampejan teh geuning tatjan oemoer lima poeloeh taoen, naha geus ningali ka Ibrahim?

58. Lahiran Jesoes ka darinja: Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: samemehna aja Ibrahim, kami teh geus aja.

59. Geus kitoe pada njokot batoe, dek dibaledogkeun ka Jesoes. Dĕmi Jesoes teh njoempoet, ladjĕng ka loewar tina kabah, bari njĕla ka maranehanana; toeloej bae ngaliwat.

PASAL 9.

Ari mangsa Jesoes ngaliwat, ningali hidji djalma noe mĕrĕm bawa ngadjadi.

2. Toeloej moerid-moerid naros ka Jesoes, kijeu pioendjoekna: Noen Rabi, anoe mana geus migawe dosa, eta djalma atawa kolotna, anoe matak manehanana mĕrĕm bawa ngadjadi?

3. Walonan Jesoes: Lain boga dosa manehanana sorangan, kolotna ge lain; ngan soepaja padamĕlan Allah diboektikeun ka dinja.

4. Kami teh koedoe milampah padamĕlan eta noe geus miwarang kami, meungpeung beurang keneh; ĕngke mah peuting, didinja euweuh noe bisa baranggawe.

5. Salilana kami aja di doenja, kami teh damar doenja.

6. Sanggeus ngalahirkeun kitoe, Jesoes ladjĕng ngaloedah kana taneuh; eta loedah

dianggo ngadamĕl leutak, seug leutak teh dipopokkeun ka matana noe mĕrĕm teja;

7. Bari ngalahir ka dinja: Geura bral, sibeungeut di pamandian Siloam (tĕgĕsna, ari disalin basana: dipiwarang). Geus kitoe eta djalma bral leumpang, toeloej sibeungeut, ana datang deui geus nendjo.

8. Ari tatangga-tatanggana djeung sakoer noe geus narendjo ti tadina jen manehanana mĕrĕm, pok ngaromong: Naha lain eta noe dijoek bĕrmaen teja?

9. Tjĕk noe sedjen: Ĕnja geuning. Tjĕk noe sedjen deui: Eta mah sakaroepa bae djeung noe mĕrĕm. Ari tjĕk djinisna: Nja koela pisan.

10. Tidinja pada ngomong ka manehanana: Koemaha panon maneh noe matak datang ka beunta?

11. Ana ngadjawab, kijeu omongna: Aja djalma, djĕnĕnganana Jesoes, ngadamĕl leutak, ladjĕng mopokan ka mata koela, bari ngalahir ka koela: Geura bral leumpang ka pamandian Siloam, toeloej sibeungeut! Geus kitoe koela teh bral leumpang, hĕg sibeungeut, braj bae toeloej nendjo.

12. Tidinja ngaromong deui ka manehanana: Di mana eta teh? Ari djawabna: Doeka, teu njaho.

13. Geus kitoe koe djalma-djalma teh dibawa ka ahli-ahli parisi, nja eta noe tadina mĕrĕm teja.

14. Ari harita poë sabat, keur mangsa Jesoes ngadamĕl leutak, sarta ngabeuntakeun panonna.

15. Dĕmi ahli-ahli parisi ge nja kitoe deui pada mariksa ka manehanana, koemaha sababna mana bisa ngadeuleu. Ari pihatoerna ka darinja: Koe andjeunna panon koering diteundeunan leutak, toeloej koering teh sibeungeut, ajeuna mah nendjo.

16. Tidinja ahli parisi noe sawareh ngomong: Eta djalma lain piwarangan Allah, karana teu nĕtĕpkeun poë sabat. Tjarek noe sawareh deui: Naha djalma doraka karah bisa migawe tanda-tanda noe kitoe? Toeloej parĕboet omongan.

17. Geus kitoe ngaromong deui ka noe mĕrĕm teh: Tjik maneh koemaha nja ngomongkeun eta djalma, pedah geus ngabeuntakeun panon maneh? Ari pihatoerna: Eta teh geus tangtos nabi.

18. Dĕmi oerang Jahoedi teh teu pĕrtjajaeun eta djalma jen tadina mĕrĕm, datang ka bisa nendjo, tĕpi ka njĕloekan kolot djalma noe datang ka bisa nendjo teja.

19. Toeloej pada mariksa ka darinja, kijeu omongna: Nja eta anak maraneh, noe

disĕboetkeun koe maraneh jen mĕrĕm bawa ngadjadi teja? Koemaha noe matak ajeuna bisa ngadeuleu?

20. Ngawangsoel kolotna, kijeu pokna: Soemoehoen, koering sidik pisan jen eta teh anak koering, kitoe deui mĕrĕmna bawa ngadjadi;

21. Doepi ajeuna noe mawi bisa ngadeuleu, eta mah koering teu tĕrang; kitoe deui anoe ngabeuntakeun panonna, koering teh teu tĕrang. Soemangga pariksa bae djinisna, da geus aja oemoerna, tinangtos njarijoskeun dirina koe maneh.

22. Ari eta kolotna noe matak ngomong kitoe, koe bawaning sarijeuneun koe oerang Jahoedi; karana oerang Jahoedi geus rĕrĕmpoegan djeung batoer-batoer, oepama aja noe ngakoekeun Kristoes ka Jesoes, dek ditoendoeng ti djĕro masigit.

23. Nja kitoe noe matak kolotna ngaromong: Geus aja oemoerna, soemangga pariksa bae ka djinisna.

24. Geus kitoe oerang Jahoedi kadoewa-kalina njĕloekan djalma noe tadina mĕrĕm teja, sarta ngaromong ka manehanana: Geura njanggakeun hormat ka Allah; kami teh pada njaho jen eta djalma doraka.

25. Ari wangsoelanana: Eta koering teu tĕrang dorakahanteuna mah; kana hidji pĕrkara mah njaho, nja eta tadina koering mĕrĕm, ari dangĕt ajeuna nendjo.

26. Toeloej ngaromong deui ka dinja: Maneh teh dikoemahakeun koe eta djalma? Koemaha pĕtana ngabeuntakeunana panon maneh?

27. Wangsoelanana: Ongkoh koering ĕnggeus moepoelihan, ari koe aradjĕngan hanteu didangoekeun. Naha hojong ngadangoe sakali deui? Aradjĕngan teh naha hojong asoep djadi moeridna?

28. Seug pada njarekan ka eta djalma, ari omongna: Nja sija moeridna, ari kami mah moerid nabi Moesa.

29. Kami pada njaho jen Allah geus ngandika ka Moesa; tatapi ari eta mah kami teu njaho ti mana asalna.

30. Ngawangsoel djalma teh, kijeu pihatoerna ka darinja: Eta pĕrkawis heran katjida jen aradjĕngan teu oeninga ti mana asalna, malah geus ngabeuntakeun panon koering!

31. Oerang teh geus pada njaho, Allah moal ngamakboel ka noe doraka; nanging lamoen aja djalma noe ibadah, sarĕng ngestokeun ka pangĕrsakeunana, nja eta koe Allah dimakboel.

32. Saoemoer doenja tatjan

aja noe ngadenge, jen aja noe ngabeuntakeun panon djalma noe mĕrĕm bawa ngadjadi.

33. Oepami eta teh lain piwarangan Allah mah, moal bisa midamĕl kitoe-kijeu.

34. Seug pada ngadjawab, kijeu omongna ka eta djalma: Sija teh keur didjoeroekeun woengkoel mawa dosa, ari sija teh naha dek mamatahan ka kami? Toeloej manehanana didjarongklokkeun.

35. Sanggeusing kitoe Jesoes ngadangoe warta, jen eta djalma didjongklokkeun. Mangsa kasondong, ladjĕng ngalahir ka dinja: Koemaha maneh teh pĕrtjaja ka Poetra Allah?

36. Ngawangsoel eta djalma, kijeu wangsoelanana: Noen Goesti, saha teja eta teh, soepaja simkoering pĕrtjaja ka andjeunna?

37. Lahiran Jesoes ka dinja: Ongkoh koe maneh geus katendjo, malah noe ajeuna keur sasaoeran djeung maneh, nja eta.

38. Ari oendjoekanana: Noen Goesti, simkoering teh pĕrtjaja pisan. Seug toeloej soedjoed ka Jesoes.

39. Ladjĕng Jesoes ngalahir: Kami teh noe matak datang ka doenja keur ngahoekoem, soepaja sakoer noe teu nendjo sina djadi nendjo, kitoe deui noe nendjo sina djadi mĕrĕm.

40. Ari eta pilahir kadenge koe sawareh ahli parisi, noe keur ngadeuheusan; toeloej aroendjoekan: Ari kaoela koemaha mĕrĕm oge?

41. Lahiran Jesoes ka darinja: Oepama ĕnja mah maraneh mĕrĕm, moal boga dosa; dĕmi ajeuna tjĕk maraneh: Aing nendjo; noe matak djadi tĕtĕp dosa maraneh.

PASAL 10.

Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: sahasaha noe asoep ka kandang domba lain ti pantona, asoepna teh naek ti ĕnggon noe sedjen, nja eta paling sarta toekang maehan.

2. Ari noe asoep tina panto mah, nja eta pangangon domba.

3. Eta dipangboekakeun koe toekang ngadjaga panto, ari domba teh ngadarengekeun kana sowarana, sarta njĕloekan dombana kana hidji-hidji ngaranna, bari dikĕntjarkeun.

4. Dĕmi geus ngĕntjarkeun dombana, toeloej leumpang ti heulaeunana; sarta domba teh naloetoerkeun, tina sabab hidĕng kana sowarana.

5. Ari ka noe sedjen mah moal daekeun noetoerkeun, anggoer laloempatan, koe tina teu hidĕngna ka sowara noe sedjen-sedjen.

6. Eta misil koe Jesoes dilahirkeun ka djalma-djalma

teja, tatapi teu ngahartieun kana pilarapeunana anoe dilahirkeun teh.

7. Geus kitoe Jesoes ngalahir deui ka darinja: Satĕmĕntĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: Nja eta kami panto domba teh.

8. Sakabehna noe geus datang ti heulaeun kami, nja eta paling sarta toekang maehan; tatapi ari domba mah teu ngadarengeëun ka dinja.

9. Kami teh nja panto teja; lamoen aja noe asoep lantaran kami, eta tangtoe salamĕt; sarta bakal asoep ka loewar, djeung pimanggiheun pangangonan.

10. Pangdatangna paling, taja deui ngan soepaja maling, djeung meuntjit, sarta ngaroeksak bae; ari pangdatang kami mah, soepaja mareunang hiroep sarta kadjĕmbaran.

11. Nja kami pangangon noe hade teh; ari pangangon noe hade teja nalangan pati ka domba-domba.

12. Tatapi noe boeboeroeh ngangon mah, anoe lain pangangon, noe teu kalomaan koe domba-domba, beh nendjo kĕroed datang, seug ditinggalkeun domba teh bari loempat; geus kitoe kĕroedna ngarontok domba, sarta dipabalĕntjarkeun.

13. Ari noe boeboeroeh teh loempat, pedah boeboeroeh, teu boga kamĕlang ka eta domba-domba.

14. Nja kami pangangon noe hade teh, sarta njaho ka anoe kami, kitoe deui dikanjarahokeun koe anoe kami;

15. Sapĕrti Rama oeningaeun ka kami, djeung kami nganjahokeun ka Rama. Sarta kami nalangan pati ka domba teh.

16. Kami boga deui domba noe sedjen, noe teu kaasoep kana kandang ijeu; eta oge koe kami koedoe digiringkeun deui, sarta bakal ngadarengekeun kana sowara kami; tidinja djadi sagoendoek, ari pangangonna hidji bae.

17. Kitoe noe matak Rama mikaasih ka kami, sabab kami noenda pati, soepaja koe kami ditjokot deui.

18. Euweuh noe ngarĕboet pati kami teh, istoening ditoendana koe kami karĕp sorangan. Kami teh boga kawasa noenda eta pati, nja kitoe keneh boga kawasa njokotna deui. Kitoe timbalan noe koe kami geus katampa ti Ama teh.

19. Tidinja oerang Jahoedi teh djadi parĕboet omongan deui, koe tina pilahir teja.

20. Loba noe ngaromong: Eta djalma kaasoepan setan, djeung sasar; naha maraneh ngadenge ka dinja?

21. Ari omongan noe sedjen: Eta mah lain kasaoeran

noe kasoeroepan; naha ari setan karah bisa ngabeuntakeun panon anoe mĕrĕm?

22. Dĕmi geus kitoe pesta ngomean kabah di Jĕroesalem; mangsa harita oesoem tiris.

23. Ari Jesoes angkat-angkatan di djĕro kabah, dina emper Soeleman.

24. Tidinja oerang Jahoedi pada ngalingkoeng ka Jesoes, sarta oendjoekan ka andjeunna kijeu: Sabaraha pililaeunana sampejan teh nja ngĕsĕlkeun pikir kaoela? lamoen ĕnja sampejan Kristoes, gĕblaskeun bae ka kaoela!

25. Walonan Jesoes ka dinja: Ĕnggeus dilahirkeun koe kami ka maraneh, dĕmi maraneh teu pĕrtjaja. Ari padamĕlan, noe dipilampah koe kami koe padjĕnĕngan Ama kami, nja eta noe djadi saksi kami.

26. Tatapi maraneh teu pĕrtjaja; karana maraneh teu kaasoep domba kami, sakoemaha noe geus dilahirkeun koe kami ka maraneh.

27. Ari domba kami ngadengekeun kana sowara kami, sarta kami njaho ka darinja, djeung pada anoet ka kami.

28. Sarta koe kami pada dibere hiroep noe langgĕng, djeung moal leungit salalanggĕngna, kitoe deui moal aja noe pingarĕboeteun eta domba tina leungeun kami.

29. Ari Ama kami, noe geus maparinkeun eta ka kami, langkoeng pisan ti batan sakabehna, sarta moal aja noe bisa ngarĕboet eta domba tina panangan Ama kami.

30. Ari kami reudjeung Ama nja hidji keneh.

31. Geus kitoe oerang Jahoedi teh njarokotan deui batoe, dek maledogan ka Jesoes.

32. Lahiran Jesoes ka darinja: Kami geus ngaboektikeun ka maraneh reja pisan padamĕlan Ama kami noe araheng; padamĕlan noe mana teja anoe matak maraneh maledogan ka kami?

33. Ngawangsoel oerang Jahoedi teh, kijeu pokna: Kaoela noe matak maledog ka sampejan lain koe tina pagawean noe hade, ngan koe sabab ngagorengkeun ka Allah; kitoe deui sabab sampejan, sasama manoesa teh, ngadjadikeun maneh Allah.

34. Walonan Jesoes ka dinja: Lain geus dioengĕlkeun dina Toret maraneh kijeu: Kami geus ngandika: Maraneh teh para allah?

35. Lamoen ngangarankeun para allah ka noe didaratangan pangandika Allah mah, sarta ari Kitab teu beunang dirobahkeun,

36. Naha maraneh ngomong ka noe geus disoetjikeun koe Rama sarta dipiwarang ka

doenja: jen sampejan ngagorengkeun ka Allah, pedah kami ngalahir: jen kami teh Poetra Allah?

37. Oepama kami teu milampah padamělan Ama kami, montong pěrtjaja ka kami;

38. Sabalikna lamoen ěnja koe kami dipilampah, ari maraneh teu pěrtjaja ka kami mah, geura pěrtjaja kana padamělanana; soepaja maraneh datang ka nganjahokeun djeung pěrtjaja jen Rama teh aja di djěro kami, kitoe deui kami aja di djěro Rama.

39. Tidinja pada nejangan deui djalan keur pinangkěpeun ka Jesoes, tatapi Jesoes teh lesot tina leungeunna.

40. Geus kitoe angkat deui ka peuntaseun Tji-jordan, ka ěnggon oeroet Johannes asal ngabanjoean; ladjěng linggih di dinja.

41. Sarta loba pisan noe ngadareuheusan, omongna: Ari Johannes mah teu midaměl tanda; tatapi sakoer noe dilahirkeun koe Johannes tina pěrkara Jesoes teja, eta kabeh saestoena.

42. Sarta loba pisan di dinja noe pěrtjaja ka andjeunna.

PASAL 11.

Aja djalma noe teu damang, Lasaroes di Betania, nja eta desa Maria djeung saderekna Marta teja.

2. Ari Maria, nja eta noe ngalisahan ka Goesti koe minjak seungit, bari disoesoetan dampalna koe ramboetna teja; eta saderekna Lasaroes keur teu damang.

3. Geus kitoe noe doewa saderekna ngadjoeroengkeun ka Jesoes, sina ngoeninga: Noen Goesti, noe dipikaasih koe andjeun, ajeuna keur gěring.

4. Barang Jesoes ngadangoe kitoe, ladjěng ngalahir: Eta kasakit moal matak maot, malah matak ngamoeljakeun ka Allah, soepaja Poetra Allah dimoeljakeun koe lantaran eta.

5. Děmi Jesoes asiheun ka Marta djeung ka saderekna istri, sarta ka Lasaroes.

6. Sanggeusna kadangoe jen Lasaroes teu damang, Jesoes ladjěng linggih keneh doewa poë di ěnggon noe ditjalikan.

7. Ari geus kitoe ladjěng ngalahir ka moerid-moerid: Hajoe oerang leumpang deui ka Joedea!

8. Pioendjoek moerid ka Jesoes: Noen Rabi, anjar keneh oerang Jahoedi dek maledog ka andjeun, naha andjeun rek angkat deui ka ditoe?

9. Walonan Jesoes: Di djěro sapoë teh lain doewa wělas djam? Lamoen aja noe njaba

ti beurang, moal solog-santog, sabab nendjo tjaang doenja.

10. Tatapi lamoen aja noe njaba ti peuting mah, tangtoe solog-santog,karana tjaang teh teu aja di djĕro manehanana.

11. Nja kitoe pilahirna; ladjĕng ngalahir deui ka moerid-moerid: Lasaroes, sobat oerang, keur sare; tatapi kami rek indit, dek dihoedangkeun.

12. Ari pioendjoek moerid-moerid: Noen Goesti, oepantĕn sare mah, tinangtos bakal damang.

13. Tatapi Jesoes tadi ngalahirkeun maotna; ari panjana moerid-moerid noe dilahirkeun teh sare ĕnja.

14. Ladjĕng Jesoes ngalahir ka moerid sagĕblasna bae: Lasaroes geus maot;

15. Sarta kami boengah tina sabab maraneh, pedah tadina kami hanteu aja di dinja, soepaja maraneh pĕrtjaja; ari ajeuna hajoe oerang nejang.

16. Tidinja Tomas, noe katĕlah Didimoes, pok ngomong ka batoer-batoer moerid: Hajoe oerang ge indit, soepaja oerang babarĕngan maot djeung Goesti.

17. Mangsa Jesoes soemping, eta kasondong ngalondjor dina koeboeran, geus opat poë lilana.

18. Dĕmi Betania teh deukeut ka Jĕroesalem, djaoehna antara lima wĕlas istadi.

19. Djeung reja pisan oerang Jahoedi noe daratang ka Marta djeung ka Maria, sĕdja dek ngalilipoer pedah katinggal koe saderekna.

20. Geus kitoe Marta, barang ngareungeu Jesoes rek soemping, seug mapagkeun; tatapi Maria mah tonggoj bae tjalik di djĕro imah.

21. Tidinja Marta oendjoekan ka Jesoes: Noen Goesti, oepami andjeun tadina linggih di dijeu, doeloer simkoering moal waka maot.

22. Tatapi ajeuna ge simkoering nangtoskeun pisan, saniskantĕn anoe bade ditĕda koe andjeun ka Allah, tanwande koe Allah dipasihkeun ka andjeun.

23. Lahiran Jesoes ka Marta: Doeloer maneh teh bakal hoedang deui.

24. Ari pioendjoek Marta: Simkoering tĕrang pisan jen bakal hoedang dina kijamat, poë panganggeusan.

25. Lahiran Jesoes: Nja kami noe djadi kijamat djeung hiroep teh; saha-saha noe pĕrtjaja ka kami, tangtoe hiroep, sanadjan geus paeh oge.

26. Kitoe deui oenggal-oenggal djalma noe hiroep, sarta pĕrtjaja ka kami, moal paeh salalanggĕngna. Koemaha maneh pĕrtjaja eta teh?

27. Ari pioendjoekna ka Jesoes: Noen Goesti, soemoe-

hoen, simkoering pĕrtjaja pisan jen andjeun teh Kristoes, Poetra Allah, noe bade soemping ka doenja teja.

28. Sanggeusing mioendjoek kitoe, toeloej leumpang, ngala Maria saderekna, sarta ririkipan, ari pokna: Goeroe teh geus aja di ditoe, maneh disaoer.

29. Dĕmi eta, barang ngareungeu, ngageuwat bae indit, ngadeuheusan ka Jesoes.

30. Ari Jesoes tatjan lĕbĕt ka desa teh, aja keneh dina ĕnggon Marta nĕpangan ka andjeunna teja.

31. Geus kitoe oerang Jahoedi, noe reureudjeungan djeung Maria di djĕro imah, nja eta noe ngalilipoer teja, barang narendjo Maria ngageuwat indit ka loewar, toeloej pada noe toerkeun, bari ngaromong: Eta teh angkat ka astana, hajangeun nangis di dinja.

32. Barang dongkap Maria ka ĕnggon noe keur dilinggihan koe Jesoes, sarta katendjo andjeunna teh, toeloej brĕk mĕndĕk kana dampalna, bari oendjoekan: Noen Goesti, oepami andjeun tadina linggih di dijeu, doeloer simkoering moal waka maot.

33. Dĕmi Jesoes, mangsa ningali Maria nangis, nja kitoe deui oerang Jahoedi anoe miloe daratang teja pada tjeurik, ladjĕng kalangkoeng nja hawatoseun di djĕro soekmana, sarta ngĕrik pisan manahna;

34. Ari lahirna: Di mana diroewangna koe maraneh? Ari oendjoekanana: Noen Goesti, soemangga ka dijeu tingalian!

35. Ladjĕng Jesoes rambisak tjisotjana.

36. Pok ngaromong oerang Jahoedi: Geura djareueung aja sakitoe asiheunana ka dinja!

37. Ari noe sawareh ngaromong: Naha eta noe ngabeuntakeun panon anoe mĕrĕm teja, karah teu bisaeun mapalangan paeh ka eta djalma?

38. Dĕmi Jesoes kahoedang deui hawatos di djĕro manahna, ladjĕng dongkap ka astana; ari astana teja goeha, sarta beunang noetoepan koe hidji batoe.

39. Ngalahir Jesoes: Eta batoe geura singkirkeun! Ari Marta, saderek noe maot teja, seug oendjoekan: Noen Goesti, ajeuna eta geus baoe, karana geus meunang opat poë lamina.

40. Lahiran Jesoes ka Marta: Naha kami lain geus ngalahir ka maneh, jen maneh lamoen pĕrtjaja bakal nendjo kamoeljaan Allah?

41. Tidinja batoena koe djalma teh disingkirkeun tina ĕnggon noe maot teja. Geus kitoe Jesoes ningali ka loehoer, bari oendjoekan: Noen

Ama, simkoering moedji soekoer, doemeh geus dikaboelkeun nja panĕda simkoering.

42. Sarĕng simkoering geus tĕrang, jen Ama hanteu loewang ngaboelkeun ka panĕda simkoering; nanging tina sabab djalma-djalma noe koempoel ngarijoeng, anoe mawi simkoering geus mioendjoek kitoe, soepaja pada pĕrtjaja jen Ama noe geus miwarang simkoering.

43. Sanggeusna ngoendjoekkeun kitoe, ladjĕng Jesoes ngalahir sarta bĕdas pisan gĕntrana, kijeu: Eh Lasaroes, geura ka loewar!

44. Toeloej noe maot teh ka loewar, ari leungeun djeung soekoena dibeungkeut keneh koe boëh-majit, sarta rarajna beunang moengkoes keneh koe salĕmpaj. Ngalahir Jesoes ka djalma-djalma teja: Geura laanan, soepaja bisa leumpang!

45. Tidinja loba pisan tina lĕbah oerang Jahoedi, noe geus daratang ka Maria teh, sarta geus narendjo ka noe dipidamĕl koe Jesoes teja, toeloej pĕrtjaja ka andjeunna.

46. Tatapi noe sawareh deui mah laleumpang ka ahli parisi, toeloej mopojankeun noe dipidamĕl koe Jesoes teja.

47. Geus kitoe para panghoeloe agoeng djeung ahli-ahli parisi ngoempoelkeun rad; geus koempoel, kijeu salaoerna: Koemaha oerang nja pipĕtaeunana? karana eta djalma teh reja migawena tanda.

48. Lamoen koe oerang diantĕp kitoe, tangtoe sakabehna ge pĕrtjaja ka dinja; geus kitoe oerang Roem bakal daratang sarta ngarĕboet nagara djeung bangsa oerang.

49. Aja hidji djalma, rad keneh, ngaranna Kajapas, dina taoen harita djĕnĕng panghoeloe agoeng, pok mihatoer ka papada rad: Sampejan teh teu aroeninga naon-naon;

50. Sarta teu ngelingkeun, leuwih hade ka diri oerang, paeh djalma sahidji ngagantian bangsa, ti batan tjilaka sabangsa kabeh mah.

51. Pangmihatoerna sakitoe Kajapas teh, lain pahamna sorangan; ari dina taoen harita eta djĕnĕng panghoeloe agoeng, noe matak ngawĕdjangkeun jen Jesoes bakal maot ngagantian ka bangsa;

52. Sarta lain woengkoel ka eta bangsa bae, malahmalah soepaja poetra Allah noe pabalĕntjar, koe andjeunna dikoempoelkeun djadi hidji.

53. Tina poë harita eta rĕrĕmpoegan djeung batoer-batoer, dek maehan ka Jesoes.

54. Tidinja Jesoes hanteu angkat-angkatan deui katara di pĕlĕbah oerang Jahoedi; ladjĕng bae djĕngkar ti dinja

ka tanah noe deukeut ka tĕgal lĕga, ka nagara noe ngaran Epraim, toeloej linggih di dinja reudjeung moerid-moeridna.

55. Ari paska oerang Jahoedi geus deukeut, sarta loba djalma ti tanah eta noe laleumpang ka Jĕroesalem, samemehna paska, sĕdja dek ngabĕrĕsihan dirina.

56. Geus kitoe pada nejangan Jesoes, sarta ngaromong djeung batoer-batoerna, keur narangtoeng di kabah, kijeu pokna: Koemaha ari pamikir, eta teh moal pidatangeun kana pesta?

57. Dĕmi para panghoeloe agoeng djeung ahli-ahli parisi geus marentahkeun, oepama aja noe njaho kana ĕnggon Jesoes, eta koedoe ngoeninga, soepaja beunang ditangkĕp.

PASAL 12.

Kari gĕnĕp poë deui ka paska teh, Jesoes soemping ka Betania; di dinja aja Lasaroes, noe geus maot, noe dihoedangkeun koe Jesoes tina paehna teja.

2. Dĕmi di dinja aja noe hadjat ti peuting, ngahormatan ka Jesoes; Marta noe ngalalajanan, ari Lasaroes miloe djeung noe ngarijoeng sarĕng Jesoes.

3. Geus kitoe Maria njandak sapon minjak nardoes noe toelen, sarta gĕde pisan hargana; seug ngaminjakan ka dampal Jesoes, bari disoesoetan dampalna koe ramboetna; dĕmi eta imah mabĕk koe seungitna minjak teja.

4. Toeloej ngomong hidji moeridna, nja eta Joedas anak Simon, Iskariot teja, anoe bakal ngahijanat ka Jesoes:

5. Koe naon eta minjak teu didjoewal harga tiloe ratoes dinar, seug toeloej disidĕkahkeun ka noe marariskin?

6. Pangomongna kitoe lain sabab karoenjaeun ka noe marariskin, ngan sabab manehanana toekang maling, sarta mamawa kantong, djeung ngampihan noe dibaktikeun.

7. Ari lahiran Jesoes: Ingkeun, oelah diopenan; eta beunang ngampihan manehanana keur poëan kami diroewang.

8. Karana noe mariskin teh salalawasna aja reudjeung maraneh; tatapi ari koe kami mah maraneh moal direudjeungan salalawasna.

9. Geus kitoe katangen koe oerang Jahoedi loba katjida, jen Jesoes keur linggih di dinja; toeloej daratang, lain tina sabab Jesoes woengkoel, bari hajangeun narendjo ka Lasaroes, noe dihoedangkeun koe Jesoes tina maotna teja.

10. Dĕmi para panghoeloe agoeng rĕrĕmpoegan, dek maehan ka Lasaroes ongkoh.

11. Karana tina sabab Lasaroes reja pisan oerang Jahoedi noe nejang, sarta toeloej pĕrtjaja ka Jesoes.

12. Ari isoekna, loba pisan djalma noe geus daratang kana eta pesta, mangsa ngadarenge Jesoes rek soemping ka Jĕroesalem,

13. Toeloej ngabarĕtot palapah-palapah korma, geus kitoe boedal marapagkeun ka Jesoes, sarta pada soerak: Hosanna! Sing salamĕt anoe soemping koe padjĕnĕngan Pangeran, Radja Israil!

14. Ladjĕng Jesoes mĕndakan hidji kalde ngora, seug dititihan, sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu:

15. Maneh oelah sijeun-sijeun, eh anak awewe Sion! Geura djeueung, Radja maneh soemping, nitihan anak kalde bikang.

16. Ari eta dina mimitina teu kahartieun koe moerid-moeridna; tatapi mangsa Jesoes geus dimoeljakeun, didinja ras aringĕteun jen geus disĕratkeun hal andjeunna kitoe, sarta djalma geus marilampahkeun ka andjeunna anoe kitoe pĕtana.

17. Dĕmi djalma-djalma noe ngadjadjapkeun Jesoes, pada njaksian jen andjeunna geus njaoer Lasaroes ka loewar ti djĕro astana, sarta dihoedangkeun tina maotna.

18. Noe matak djalma-djalma teh marapagkeun ge, sabab ngadarenge jen andjeunna midamĕl eta tanda teja.

19. Tidinja ahli parisi ngaromong djeung batoer-batoerna: Na katingali koe sarampejan, jen pimaksoedeun sarampejan teu aja pisan ladjoena? toeh geuning sadoenja kabeh pada noetoerkeun ka eta teh.

20. Dĕmi di pĕlĕbah djalma noe geus daratang dek sĕmbahijang dina pesta teja, aja oerang Joenani.

21. Eta teh toeloej njalampeurkeun ka Pilipoes, noe asal ti Betsaida bilangan Galilea, sarta bari nĕnĕda, kijeu pihatoerna: Noen Djoeragan, simkoering hajang pisan narendjo ka Jesoes.

22. Tidinja Pilipoes indit, seug poepoelih ka Andreas, ari koe Andreas reudjeung Pilipoes dioendjoekkeun ka Jesoes.

23. Dĕmi Jesoes ngawalon ka dinja, kijeu lahirna: Geus tĕpi ka waktoena jen Poetra manoesa teh dimoeljakeun.

24. Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: Oepama siki tarigoe hanteu ragrag dina taneuh sarta teu paeh, tanwande tĕtĕp bae sahidji; tatapi lamoen paeh mah, boewahan loba pisan.

25. Saha-saha noe njaah ka njawana, bakal kaleungitan

koe njawana; kitoe deui saha-saha noe iklas ka njawana di ijeu doenja, eta noe bakal nĕtĕpkeun njawana tĕpi kana hiroep noe langgĕng.

26. Lamoen aja noe dek ngawoela ka kami, eta koedoe anoet ka kami; sarta di mana kami nja aja, abdi kami ge nja di dinja piajaeunana. Djeung deui lamoen aja noe ngawoela ka kami, tangtoe dihormatan koe Rama.

27. Ajeuna hate kami ngalĕpĕr; djeung koemaha kami nja oendjoekan? Noen Ama, moegi simkoering dileupaskeun ti djĕro waktoe ijeu! Nanging nja eta sababna noe matak simkoering geus datang ka djĕro waktoe ijeu.

28. Noen Ama, moegi ngamoeljakeun padjĕnĕngan Ama! Geus kitoe aja gĕntra ti langit, kijeu: Koe kami ĕnggeus dimoeljakeun teh, sarta koe kami rek dimoeljakeun deui!

29. Dĕmi djalma-djalma noe nangtoeng di dinja sarta ngadenge, toeloej ngaromong jen aja goeloedoeg. Tjĕk sawareh deui: Aja malaikat ngalahir ka andjeunna.

30. Ngalahir Jesoes, kijeu lahirna: Lain tina sabab kami pangajana gĕntra teh, ngan sabab maraneh.

31. Ajeuna hoekoeman teh ditĕrapkeunana ka ijeu doenja; kapala ijeu doenja ajeuna bakal didjongklokkeun ka loewar.

32. Djeung deui samangsa kami geus dikaloehoerkeun ti boemi, koe kami bakal ditarik sakabehna ka kami.

33. Ngalahirkeunana kitoe teh, nawiskeun pĕtana maot noe bakal kasorang koe andjeunna.

34. Ngawangsoel djalma-djalma teh ka Jesoes: Simkoering geus ngaroeping tina Toret jen Kristoes teh tĕtĕp salalanggĕngna; na andjeun koemaha ngalahir jen Poetra manoesa teh koedoe dikaloehoerkeun? Saha teja eta Poetra manoesa teh?

35. Lahiran Jesoes ka eta djalma: Sakeudeung deui waktoe tjaang teh aja di maraneh; geura leumpang meungpeung maraneh boga keneh tjaang teja, soepaja oelah kaboeroe koe poëk. Ari noe leumpang di noe poëk mah, moal njahoëun noe didjoegdjoeg.

36. Meungpeung maraneh boga keneh tjaang teja, geura pĕrtjaja kana eta tjaang, soepaja maraneh djadi anak tjaang. Nja kitoe pilahir Jesoes; ladjĕng angkat, njoempoet ti eta djalma-djalma.

37. Sanadjan Jesoes midamĕl tanda sakitoe rejana ge di hareupeun maranehanana, teu pĕrtjajaeun bae ka andjeunna;

38. Soepaja kalaksanakeun pilahir nabi Jĕsaja, noe geus

dilahirkeun kijeu: Ĕh Pangeran, saha noe geus pĕrtjaja ka pangoewaran simkoering sadaja? sarĕng ka saha geus boekti panangan Pangeran?

39. Nja kitoe sababna noe matak teu barisaeun pĕrtjaja, pedah Jĕsaja geus ngalahir deui:

40. Koe andjeunna panon maranehanana geus dilolongkeun, sarta hatena ditareuaskeun, soepaja oelah narendjo koe panon, djeung oelah ngaharti koe hate, djeung oelah tarobat, sarta moal ditjageurkeun koe kami.

41. Noe bijeu teh koe Jĕsaja dilahirkeun keur mangsa ningali kamoeljaan andjeunna, sarta ngalahirkeun salirà andjeunna.

42. Sangkilang kitoe, tina pĕlĕbah para kapala ge reja pisan noe pĕrtjajaeun ka Jesoes; tatapi teu ngarakoekeun, bawaning sijeun koe ahli parisi, soepaja oelah ditoendoeng ti djĕro masigit.

43. Karana barogoheun kana kahormatan ti djalma, ti batan kana kahormatan ti Allah.

44. Ari Jesoes ngalahir sarta bĕdas, kijeu lahirna: Saha-saha noe pĕrtjaja ka kami, lain pĕrtjaja ka kami, ĕnjana mah ka noe miwarang kami.

45. Sarta noe nendjo ka kami, nja nendjo ka noe miwarang kami.

46. Kami teh nja damar, geus datang ka doenja, soepaja oenggal-oenggal djalma noe pĕrtjaja ka kami, oelah tjitjing di noe poëk.

47. Djeung deui lamoen aja djalma ngadenge ka pilahir kami, tatapi teu dipĕrtjaja, eta koe kami moal dihoekoeman; karana kami noe matak datang lain dek ngahoekoeman doenja, ngan soepaja doenja koe kami disalamĕtkeun.

48. Saha-saha noe nampik ka kami, djeung teu narima ka pilahir kami, aja noe ngahoekoeman inja; ari pilahir, noe geus dilahirkeun koe kami, nja eta noe bakal ngahoekoeman ka dinja di poë panganggeusan.

49. Sabab kami ngalahir teja lain karĕp sorangan; ari Rama, noe miwarang kami, geus maparin timbalan ka kami, hal noe koedoe dipilahir, sarta hal noe koedoe diwoeroekkeun.

50. Sarta kami njaho, ari timbalan andjeunna teh nja eta hiroep noe langgĕng. Koe sabab eta, anoe dipilahir koe kami, nja eta koe kami dilahirkeun sakoemaha noe koe Rama geus diandikakeun ka kami.

PASAL 13.

Dĕmi samemeh pesta paska, doemeh Jesoes waspaoseun ajeuna geus dongkap ka waktoena bakal ngalih ti ijeu doe-

nja ka Rama, sakoemaha andjeunna geus mikaasih ka djalma kagoenganana, noe araja di doenja, nja kitoe dipikaasihna dongkap ka toetoegna.

2. Mangsa keur dalahar (sanggeus Iblis kana hate Joedas anak Simon, Iskariot teja, ngasoepkeun pikir sina ngahijanat ka Jesoes),

3. Doemeh Jesoes oeningaeun, jen Rama geus maparinkeun saniskara ka pananganana, kitoe deui jen andjeunna kaloewar ti Allah, sarta rek moelih ka Allah:

4. Noenda dahar, ladjĕng ngadĕg, sarta tjoetjoel-tjoetjoel panganggona; tidinja njandak lawon bodas, dianggo beulitan.

5. Geus kitoe njitjikeun tjai kana bokor, ladjĕng ngamimitian ngoembah soekoe moerid-moerid, bari disoesoetan koe lawon bodas noe dianggo beulitan teja.

6. Tidinja dongkap ka Simon Petroes. Ari eta seug oendjoekan ka Jesoes: Noen Goesti, koemaha andjeun rek ngoembah soekoe simkoering?

7. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka Petroes: Anoe dipilampah koe kami, eta maneh ajeuna moal njaho, tatapi mĕngke ka hareup mah koe maneh tangtoe kaharti.

8. Ari pioendjoek Petroes: Salalawasna ge koe simkoering moal dirĕmpagan andjeun ngoembah soekoe simkoering! Walonan Jesoes ka dinja: Lamoen maneh koe kami teu dikoembah, moal kadoeoeman kami.

9. Pioendjoek Simon Petroes ka Jesoes: Noen Goesti, oelah soekoe woengkoel, leungeun djeung sirah koedoe oge.

10. Lahiran Jesoes ka dinja: Ari noe geus dimandian mah, teu koedoe-koedoe deui ngan soepaja dikoembah soekoe bae, da geus bĕrĕsih kabeh. Maraneh teh geus bĕrĕsih, tatapi teu sarereja.

11. Karana Jesoes langkoeng oeninga ka noe bakal ngahijanat ka salira andjeunna; nja kitoe noe matak ngalahir: Maraneh teu bĕrĕsih sarereja.

12. Ari geus parantos ngoembah soekoe moerid-moerid, sarta geus ditjandak panganggona, ladjĕng tjalik deui, sarta ngalahir ka moerid: Koemaha koe maraneh kaharti anoe bijeu koe kami dipilampah ka maraneh?

13. Ari maraneh njarĕboetkeun ka kami Goeroe djeung Goesti; eta bĕnĕr pangnjĕboetkeun maraneh kitoe teh, karana kami nja eta.

14. Ari kami, noe djadi Goesti sarta Goeroe, geus ngoembah soekoe maraneh, nja kitoe deui maraneh koe-

doe silih-koembah soekoe djeung batoer-batoer.

15. Karana kami geus mere toeladan ka maraneh, soepaja maraneh ge pada migawe sakoemaha noe koe kami geus dipilampah ka maraneh.

16. Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: ari noe djadi boedjang, moal leuwih ti djoeraganana; kitoe deui piwarangan moal leuwih ti noe miwarang.

17. Lamoen eta pĕrkara geus dikanjahokeun koe maraneh, nja salamĕt maraneh lamoen dipilampah.

18. Kami lain ngalahirkeun maraneh sakabeh; kami njaho mana noe geus dipilih koe kami; ari eta noe matak kitoe soepaja kalaksanakeun Kitab noe kijeu: Anoe dadaharan roti reudjeung kami, nja eta ajeuna teh geus ngagagkeun soekoe ka kami.

19. Ti mangsa ajeuna koe kami dilahirkeun ka maraneh, samemeh boekti, soepaja maraneh mangsa geus boekti pada pĕrtjaja jen kami nja eta teja.

20. Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: lamoen aja noe dititah koe kami, saha-saha noe narima eta, nja eta narima ka kami; ari noe narima ka kami, nja eta narima ka noe geus miwarang kami.

21. Ari Jesoes geus ngalahirkeun kitoe, ladjĕng ngalĕngis di djĕro soekmana, sarta ngajaktoskeun, kijeu lahirna: Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: aja hidji djalma batoer maraneh bakal ngahijanat ka kami.

22. Tidinja moerid silihtendjo, sarta pada mangmang mana anoe dilahirkeun teh.

23. Aja hidji moeridna, noe dipikaasih koe Jesoes, dijoekna deukeut pangkon Jesoes.

24. Eta teh seug dikitjeupan koe Simon Petroes, soepaja naroskeun mana teja anoe dilahirkeun teh.

25. Toeloej eta ngalendehan kana dada Jesoes, sarta oendjoekan: Noen Goesti, noe mana teja?

26. Ari walonan Jesoes: Mana-mana noe koe kami rek dipangnjotjolkeun sahoewapeun, sarta disodoran sakali, nja eta. Dĕmi geus ditjotjolkeun noe sahoewapeun teh, ladjĕng disodorkeun ka Joedas anak Simon, Iskariot teja.

27. Sanggeusna noe sahoewapeun teja disodorkeun, seug setan teh njoeroep ka Joedas. Geus kitoe Jesoes ngalahir ka dinja: Anoe dek dipigawe koe maneh teja, geuwat-geuwat lampahkeun.

28. Ari noe ngarijoeng euweuh noe ngahartieun sababna noe matak Joedas dilahiran kitoe.

29. Panjanana noe sawareh, Joedas teh pedah mamawa kantong, dipiwarang koe Jesoes: Geura barangbeuli anoe koedoe dipake koe oerang dina pesta; atawa dipiwarang njidĕkahkeun naon-naon ka noe mariskin.

30. Sanggeusna noe sahoewapeun teja koe manehanana ditampanan, ngageuwat bae indit ka loewar. Harita teh ti peuting.

31. Ari geus ka loewar Joedas teh, ladjĕng Jesoes ngalahir: Ajeuna mah Poetra manoesa teh geus dimoeljakeun, sarta Allah geus dimoeljakeun di djĕro Poetra manoesa.

32. Lamoen Allah geus dimoeljakeun di djĕro Poetra manoesa, Allah ge ka eta tangtoe ngamoeljakeun deui di djĕro salira andjeunna, sarta tereh pisan dimoeljakeunana.

33. Ĕh baroedak, ngan sakeudeung deui kami aja di maraneh teh. Maraneh bakal narejangan kami, sarta sakoemaha noe koe kami dilahirkeun ka oerang Jahoedi kijeu teja: ka ĕnggon noe rek didjoegdjoeg koe kami, maraneh moal bisa daratang, nja kitoe kami ajeuna ngalahir deui ka maraneh.

34. Kami mere ka maraneh hidji parentah noe anjar, nja eta koedoe silih-pikanjaah; sapĕrti kami geus mikanjaah ka maraneh, soepaja maraneh oge silih-pikanjaah.

35. Tina lantaran eta bakal njarahoëun sakabeh jen maraneh teh moerid kami, nja eta lamoen maraneh silih-pikanjaah djeung batoer-batoer.

36. Pok Simon Petroes oendjoekan ka Jesoes: Noen Goesti, andjeun teh bade angkat ka mana? Ari walonan Jesoes ka Petroes: Ka ĕnggon noe rek didjoegdjoeg koe kami, maneh ajeuna moal bisa ngiring, tatapi mĕngke ka hareup mah tangtoe ngiring ka kami.

37. Pioendjoek Petroes ka Jesoes: Noen Goesti, koemaha noe mawi simkoering ajeuna teu kenging ngiring ka andjeun? Simkoering teh soemĕdja nalangan pati ka andjeun.

38. Ari walonan Jesoes ka dinja: Koetan maneh dek nalangan pati ka kami? Satĕmĕntĕmĕnna, kami ngalahir ka maneh: hajam moal waka kongkorongok, samemeh maneh nganglĕs ka kami tiloe kali.

PASAL 14.

Hate maraneh oelah kalĕlĕban; maraneh pĕrtjaja ka Allah, sing pĕrtjaja deui ka kami.

2. Dina gĕdong Ama kami reja pisan pangkeng; lamoen teu kitoe, geus tangtoe maraneh dibedjaan koe kami.

Kami dek ijang njadijakeun ĕnggon keur maraneh.

3. Mangsa kami geus ijang, sarta geus njadijakeun ĕnggon keur maraneh, kami tangtoe datang deui ngala maraneh; soepaja maraneh ge aja di ĕnggon noe diajaan koe kami.

4. Djeung deui ĕnggon noe rek didjoegdjoeg koe kami, eta maraneh geus njaho, sarta djalanna maraneh geus njaho.

5. Pok Tomas mioendjoek ka Jesoes: Noen Goesti, simkoering sadaja teu tĕrang ka ĕnggon noe rek diboedjĕng koe Goesti, sarĕng koemaha simkoering teh pibisaeun tĕrang kana djalanna?

6. Ari lahiran Jesoes ka dinja: Nja kami noe djadi djalan djeung kajaktian sarta hiroep. Moal aja noe datang ka Rama, ngan koedoe lantaran ti kami.

7. Tijap-tijap maraneh geus njaho ka kami, tangtoe geus njaho deui ka Ama kami; ti watĕs ajeuna maraneh njaho ka andjeunna, sarta geus narendjo ka andjeunna.

8. Pok Pilipoes mioendjoek ka Jesoes: Noen Goesti, moegi tingalikeun Rama teh ka simkoering sadaja; oepantĕn kitoe mah simkoering tjĕkap.

9. Ari lahiran Jesoes ka dinja: Eh Pilipoes, sakitoe lilana kami babarĕngan djeung maraneh, naha maneh tatjan njaho ka kami? Saha-saha noe nendjo ka kami, nja eta nendjo ka Rama; naha tjĕk maneh: tingalikeun Rama teh ka simkoering sadaja?

10. Koemaha maneh teu pĕrtjaja jen kami teh aja di djĕro Rama, kitoe deui Rama aja di djĕro kami? Ari piwoeroek, noe koe kami diwoeroekkeun ka maraneh, pangdiwoeroekkeunana teh koe kami lain karĕp sorangan; satĕgĕsna Rama, noe linggih di djĕro kami, nja eta noe midamĕl sakabehna padamĕlan.

11. Masing pĕrtjaja ka kami, jen kami teh aja di djĕro Rama, kitoe deui Rama aja di djĕro kami; oepama hanteu, koedoe pĕrtjaja tina sabab padamĕlanana.

12. Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: sahasaha noe pĕrtjaja ka kami, padamĕlan noe sok dipilampah koe kami, koe eta tangtoe dipigawe deui, sarta bakal migawe anoe leuwih ti batan eta; karana kami dek ngadeuheus ka Rama.

13. Naon bae noe koe maraneh dek disoehoenkeun koe djĕnĕngan kami, eta koe kami tangtoe didjadikeun, soepaja Rama dimoeljakeun di djĕro Poetra.

14. Oepama aja noe koe maraneh disoehoenkeun koe

djĕnĕngan kami, eta koe kami tangtoe didjadikeun.

15. Lamoen ĕnja maraneh njaah ka kami, koedoe nĕtĕpkeun ka parentah kami.

16. Sarta kami dek njoehoenkeun ka Rama, tidinja maraneh tangtoe dipaparin Panglipoer noe sedjen deui, soepaja eta teh tĕtĕp di maraneh salalanggĕngna;

17. Tĕgĕsna Roh kajaktian, noe teu beunang ditarima koe doenja, sabab koe doenja teh teu katendjoëun djeung teu kanjahoan. Ari maraneh mah njaraho ka eta, sabab tĕtĕp linggihna di maraneh, sarta bakal aja di djĕro maraneh.

18. Maraneh moal diantĕp pahatoe koe kami, da kami datang deui ka maraneh.

19. Sakeudeung deui doenja teh moal nendjo ka kami; ari maraneh mah bakal narendjo ka kami, sabab kami teh hiroep, kitoe deui maraneh bakal hiroep.

20. Dina poë harita maraneh tangtoe nganjahokeun jen kami aja di djĕro Ama, ari maraneh aja di djĕro kami, kitoe deui kami aja di djĕro maraneh.

21. Saha-saha noe ngabogaan parentah kami sarta ditĕtĕpkeun, nja eta noe njaah ka kami; ari noe njaah ka kami, bakal dipikaasih deui koe Ama kami, kitoe deui kami bakal mikanjaah ka dinja, sarta bakal ngebrehkeun diri kami ka dinja.

22. Ari Joedas, tapi lain Iskariot teja, seug mioendjoek ka Jesoes: Noen Goesti, koemaha noe mawi Goesti kĕrsa ngebrehkeun salira andjeun ka simkoering sadaja, lain ka doenja?

23. Ngawalon Jesoes, kijeu lahirna ka Joedas: Oepama aja djalma njaah ka kami, tangtoe nĕtĕpkeun ka piwoeroek kami, sarta koe Ama bakal dipikaasih; ari kami djeung Ama bakal saroemping ka noe kitoe teh, toeloej linggih di manehanana.

24. Noe teu njaah ka kami, moal nĕtĕpkeun ka piwoeroek kami; ari piwoeroek noe kadenge koe maraneh, lain anoe kami pribadi, satĕgĕsna kagoengan Rama noe miwarang kami teja.

25. Eta pĕrkara koe kami geus dilahirkeun ka maraneh teh meungpeung reureudjeungan.

26. Tatapi ari Panglipoer teja mah, nja eta Roh Soetji, noe koe Rama rek dipiwarang koe djĕnĕngan kami, eta teh bakal ngawoeroekkeun saniskara ka maraneh, sarta bakal ngingĕtkeun ka maraneh sakoer-sakoer noe koe kami geus dilahirkeun ka maraneh.

27. Kami ninggalan kasĕ-

nangan ka maraneh; kasĕnangan kami teh koe kami dibikeun ka maraneh; ari kami mah mere teh ka maraneh lain sapĕrti merena doenja. Hate maraneh oelah kalĕlĕban, djeung oelah kĕder.

28. Koe maraneh geus kadenge pilahir kami ka maraneh noe kijeu teja: kami rek ijang, sarta datang deui ka maraneh. Oepama ĕnja maraneh teh njaah ka kami, tangtoe pada boengah, pedah kami ngalahir: jen kami rek ngadeuheus ka Rama; sabab Ama teh leuwih ti batan kami.

29. Ajeuna eta koe kami geus dilahirkeun ka maraneh, samemeh boekti, soepaja maraneh mangsa geus boekti, pada pĕrtjaja.

30. Kami teh moal loba deui sasaoeran djeung maraneh; karana kapala ijeu doenja rek datang, dĕmi ka kami euweuh pimilikeunana.

31. Tatapi soepaja doenja teh njahoëun jen kami njaah ka Rama, sarta ngalampahkeun sakoemaha noe koe Rama geus ditimbalkeun ka kami: geura narangtoeng, hajoe oerang indit ti dijeu!

PASAL 15.

Ijeu kami teh tangkal anggoer noe saestoe, ari Ama kami pangĕbonanana.

2. Oenggal-oenggal dahan kami noe hanteu boewahan, koe Ama dieuweuhkeun; dĕmi oenggal-oenggal noe boewahan mah, dibĕrĕsihan koe Ama, sina tambah boewahanana.

3. Ari maraneh ajeuna mah geus bĕrĕsih, tina sabab pilahir, noe koe kami dilahirkeun ka maraneh teja.

4. Masing pada tĕtĕp di djĕro kami, djeung kami di djĕro maraneh. Sapĕrti dahan teu bisaeun boewahan koe maneh, ari teu tĕtĕp dina tangkalna anggoer mah, nja kitoe deui maraneh ari teu tĕtĕp di djĕro kami.

5. Kami teja tangkal anggoer teh, ari maraneh dahandahanna. Saha-saha noe tĕtĕp di djĕro kami, djeung kami di djĕro manehanana, eta tangtoe leubeut boewahanana; karana lamoen teu djeung kami mah, maraneh moal bisa migawe naon-naon.

6. Oepama aja noe teu tĕtĕp di djĕro kami, eta mah dipitjeunan ka loewar, sapĕrti dahan, sarta datang ka garing; dĕmi geus kitoe dikoempoelkeun, toeloej dialoengkeun kana seuneu, seug didoeroek.

7. Lamoen maraneh tĕtĕp di djĕro kami, kitoe deui piwoeroek kami tĕtĕp di djĕro maraneh, naon bae kahajang maraneh soehoenkeun, tanwande dikaboel.

8. Eta matak ngamoeljakeun

ka Ama kami, lamoen maraneh baroewahan leubeut; sarta bakal djaradi moerid kami.

9. Sapĕrti Rama geus mikaasih ka kami, nja kitoe deui kami geus mikanjaah ka maraneh; masing pada tĕtĕp dina kanjaahan kami!

10. Lamoen maraneh ngestoekeun parentah kami, tangtoe tĕtĕp dina kanjaahan kami, sapĕrti kami geus ngestoekeun timbalan Ama, sarta tĕtĕp dina kaasihanana.

11. Eta pĕrkara koe kami geus dilahirkeun ka maraneh, soepaja kaboengahan kami tĕtĕp di maraneh, kitoe deui kaboengahan maraneh masing datang ka toetoegna.

12. Nja ijeu parentah kami, maraneh teh koedoe silih-pikanjaah, sapĕrti kami geus mikanjaah ka maraneh.

13. Euweuh deui noe katjida njaahna, ti batan djalma noe datang ka nalangan pati ka sobat-sobatna.

14. Maraneh teh djadi sobat kami, lamoen milampah noe koe kami diparentahkeun ka maraneh.

15. Maraneh koe kami moal disarĕboet deui boedjang, karana ari boedjang mah teu njahoëun ka noe dipidamĕl koe djoeraganana; ari satĕgĕsna maraneh teh koe kami disarĕboet sobat, karana saniskara noe koe kami kadenge ti Ama, nja eta koe kami geus dibedjakeun ka maraneh.

16. Lain maraneh anoe milih kami, nja kami anoe milih maraneh, sarta koe kami geus dipastikeun soepaja laleumpang djeung baroewahan, sarta soepaja tĕtĕp boewah maraneh; sangkan maraneh koe Rama dipasihan naon bae anoe disoehoenkeun koe maraneh koe djĕnĕngan kami.

17. Nja eta koe kami diparentahkeun ka maraneh, soepaja silih-pikanjaah.

18. Oepama doenja geuleuheun ka maraneh, koedoe masing njaho maraneh teh, eta geus geuleuh ka kami ti heula samemeh ka maraneh.

19. Saoepama maraneh kaasoep ka doenja, geus tangtoe doenja teh njaaheun kana milikna; dĕmi tina sabab maraneh teu kaasoep ka doenja, sarta koe kami geus dipilih ti doenja, kitoe noe matak doenja geuleuheun ka maraneh teh.

20. Masing aringĕt ka pilahir, noe koe kami dilahirkeun ka maraneh teja: ari noe djadi boedjang, moal leuwih ti djoeraganana. Tijaptijap geus nganijaja ka kami, tangtoe nganijaja ka maraneh deui; tijap-tijap geus ngestoekeun piwoeroek kami, tangtoe ngestoekeun ka piwoeroek maraneh deui.

21. Ari eta sakabeh pĕrkara bakal dipigawe koe eta teja ka maraneh, tina sabab djĕnĕngan kami, pedah teu njarahoëun ka noe geus miwarang kami.

22. Saoepama kami hanteu datang mah, sarta teu ngawoeroek ka darinja, moal barogaeun dosa; dĕmi ajeuna eta teh moal boga akal njaroempoetkeun dosana.

23. Saha-saha noe geuleuh ka kami, eta geuleuh deui ka Ama kami.

24. Saoepama kami di pĕlĕbah eta djalma hanteu milampah padamĕlan, noe tara pisan dipigawe koe noe sedjen deui mah, moal barogaeun dosa; dĕmi ajeuna koe eta teh geus katarendjo, kilang kitoe ge gareuleuheun ka kami sarta ka Ama kami.

25. Tatapi noe matak kitoe, soepaja kalaksanakeun noe dioengĕlkeun dina Toret maranehanana kijeu: Ari eta pada geuleuheun ka kami teh, tapi euweuh sababna.

26. Dĕmi mangsa soemping Panglipoer teh, noe koe kami rek didjoeroengkeun ka maraneh ti Rama, nja eta Roh kajaktian, noe ka loewar ti Rama teja, eta djadi saksi mĕrtelakeun kami.

27. Ari maraneh ge pada djadi saksi, sabab reureudjeungan djeung kami ti barangmimiti pisan.

PASAL 16.

Eta pĕrkara koe kami geus dilahirkeun ka maraneh, soepaja maraneh oelah datang ka titadjong.

2. Djalma teh bakal naroendoeng maraneh ti djĕro masigit, samalah pidatangeun waktoe, didinja teh saha-saha noe maehan ka maraneh, eta panjanana ngabakti ka Allah.

3. Anoe matak bakal migawe kitoe ka maraneh, sabab hanteu njarahoëun ka Rama sarta ka kami.

4. Ari eta pĕrkara, noe matak koe kami dilahirkeun ka maraneh teh, soepaja maraneh, dimana geus tĕpi waktoena, pada aringĕt jen koe kami geus dilahirkeun ka maraneh. Dĕmi eta pĕrkara koe kami hanteu dilahirkeun ka maraneh ti mimitina, tina sabab kami reureudjeungan djeung maraneh.

5. Ajeuna kami dek ngadeuheus ka noe geus miwarang kami, ari maraneh taja noe nanjakeun kijeu: Andjeun ka mana nja piangkateun?

6. Satĕgĕsna tina sabab kami ngalahirkeun kitoe ka maraneh, noe matak hate maraneh pinoeh koe nalangsa.

7. Ari kami ngalahir ka maraneh noe sajaktina: pimangpaateun ka maraneh lamoen kami ijang; sabab oepama kami

hanteu ijang mah, Panglipoer teja moal waka soemping ka maraneh; dĕmi samangsa kami geus ijang, koe kami rek didjoeroengkeun ka maraneh.

8. Ari eta teh, sanggeusna soemping, bakal ngawĕwĕleh ka doenja tina hal dosa, sarta kabĕnĕran djeung hoekoeman:

9. Ari tina hal dosa, koe sabab maranehanana hanteu pĕrtjaja ka kami;

10. Tina hal kabĕnĕran, koe sabab kami ngadeuheus ka Ama kami, sarta koe maraneh hanteu katarendjo deui;

11. Tina hal hoekoeman, koe sabab kapala ijeu doenja geus dihoekoeman.

12. Reja keneh kami pingalahirkeuneun ka maraneh, tatapi ari maraneh ajeuna moal koewat pinanggoengeun eta.

13. Dĕmi mangsa eta teh geus soemping, nja Roh kajaktian teja, tangtoe noejoen maraneh ka sagala kajaktian; karana moal ngalahir kahojongna koe andjeun; satĕgĕsna sakoer noe kadangoe koe andjeunna, nja eta noe bakal dilahirkeun teh, sarta bakal ngawartakeun ka maraneh pikahareupeunana.

14. Nja eta teh bakal ngamoeljakeun ka kami; karana pinjandakeunana ti noe kami, toeloej diwartakeun ka maraneh.

15. Saniskara kagoengan Rama, nja anoe kami. Kitoe noe matak kami ngalahir: jen pinjandakeunana teh ti noe kami, toeloej diwartakeun ka maraneh.

16. Sakeudeung deui maraneh moal nendjo ka kami, tidinja sakeudeung deui maraneh bakal nendjo ka kami; karana kami rek ngadeuheus ka Rama.

17. Geus kitoe moeridna sawareh ngaromong djeung batoerna: Naon eta noe dilahirkeun ka oerang teh: sakeudeung deui maraneh moal nendjo ka kami, tidinja sakeudeung deui maraneh bakal nendjo ka kami; kitoe deui: karana kami rek ngadeuheus ka Rama?

18. Ari aromongna: Naon eta noe dilahirkeun sakeudeung deui teh? Hanteu ngarti oerang mah noe dilahirkeun teh.

19. Dĕmi Jesoes waspaoseun jen harajangeun naros, ladjĕng ngalahir ka moerid: Naha maraneh silih-tanjakeun noe dipilahir koe kami kijeu teja: sakeudeung deui maraneh moal nendjo ka kami, tidinja sakeudeung deui maraneh bakal nendjo ka kami?

20. Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: maraneh teh bakal tjareurik sarta djĕdjĕritan, tatapi doenja mah bakal atoheun; ari maraneh

teh bakal njorang nalangsa, tatapi eta kanalangsaan maraneh bakal digantian koe kaboengahan.

21. Ari awewe, mangsa keur ngadjoeroe, boga kasoesah, sabab geus tĕpi ka waktoena; dĕmi geus didjoeroekeun orokna mah, geus teu ingĕt kana kasoekĕranana bawaning kaboengahan, pedah aja hidji djalma mantas didjoeroekeun ka doenja.

22. Nja kitoe keneh maraneh ajeuna keur nalangsa, tatapi kami bakal manggihan deui ka maraneh, geus kitoe hate maraneh boengah, sarta moal aja noe ngarĕboet eta kaboengahan maraneh teh.

23. Di poë harita maraneh moal nanjakeun naon-naon deui ka kami. Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maraneh: naon bae noe rek disoehoenkeun koe maraneh ka Rama koe djĕnĕngan kami, koe andjeunna tangtoe dipasihkeun ka maraneh.

24. Datang ka ajeuna maraneh tatjan nĕnĕda naon-naon koe djĕnĕngan kami. Koedoe nĕnĕda, tangtoe dipaparin, soepaja kaboengahan maraneh datang ka toetoegna.

25. Eta pĕrkara koe kami geus dilahirkeun ka maraneh koe misil-misil. Tatapi pidatangeun waktoe, didinja teh kami moal ngalahir deui ka maraneh koe misil, tangtoe sagĕblasna bae nja ngawartakeun Rama ka maraneh.

26. Di poë harita maraneh bakal nĕnĕda koe djĕnĕngan kami, sarta kami moal ngalahir ka maraneh jen kami bakal mangnĕdakeun maraneh ka Rama;

27. Sabab Rama miasih ka maraneh koe mantĕn, pedah maraneh mikanjaah ka kami, sarta pĕrtjaja jen kami teh kaloewar ti Allah.

28. Kami kaloewar teh nja ti Rama, sarta geus datang ka doenja; kitoe deui ajeuna kami ninggalkeun doenja, rek ngadeuheus ka Rama.

29. Pok mioendjoek moerid-moeridna: Tah ajeuna andjeun ngalahir teh sagĕblasna bae, hanteu ngalahir koe misil.

30. Ajeuna simkoering geus pada tĕrang, andjeun teh langkoeng oeninga saniskantĕn pĕrkawis, sarĕng teu koedoekoedoe aja noe naros ka andjeun. Nja eta kitoe noe mawi simkoering pada pĕrtjaja jen andjeun kaloewar teh ti Allah.

31. Walonan Jesoes ka moerid: Pĕrtjaja maraneh ajeuna?

32. Kanjahokeun koe maraneh, pidatangeun waktoe, ajeuna ge geus nĕpi, didinja maraneh bakal dipabalĕntjarkeun saĕnggonna-saĕnggonna, ari kami koe maraneh ditinggalkeun sorangan bae; halta

kami moal sorangan, karana Rama noe njarĕngan ka kami.

33. Eta pĕrkara koe kami geus dilahirkeun ka maraneh, soepaja maraneh boga kasĕnangan lantaran kami. Ari di doenja maraneh pimanggiheun kasoekĕran; tatapi masing gĕnah bae hate, da kami geus ngalahkeun doenja.

PASAL 17.

Nja kitoe pilahir Jesoes; ladjĕng ningali ka langit, sarta oendjoekan: Noen Ama, geus dongkap ka waktoena; moegi ngamoeljakeun ka Poetra Ama, soepaja Poetra kitoe deui ngamoeljakeun ka Ama.

2. Sapĕrtos Ama geus maparin kawasa ka Poetra ka sakabehna daging, soepaja Poetra mere hiroep noe langgĕng ka sadajana noe koe Ama geus dipaparinkeun ka Poetra.

3. Nja kijeu hiroep noe langgĕng teh, oepami djalma nganjahokeun ka Ama, Allah noe noenggal sarĕng noe sajaktosna, kitoe deui ka Jesoes Kristoes, noe geus dipiwarang koe Ama.

4. Simkoering geus ngamoeljakeun Ama di boemi; simkoering parantos ngalampahkeun padamĕlan, noe koe Ama ditimbalkeun ka simkoering teja.

5. Ari ajeuna, noen Ama, moegi ngamoeljakeun ka simkoering dina pangkon Ama, koe kamoeljaan gadoeh simkoering di salira Ama, timemeh aja doenja teja.

6. Simkoering teh geus netelakeun padjĕnĕngan Ama ka djalma-djalma, noe koe Ama dipaparinkeun ka simkoering ti doenja. Ari eta awitna kagoengan Ama, koe Ama dipaparinkeun ka simkoering, sarĕng geus ngarestokeun pangandika Ama.

7. Dangĕt ajeuna pada ngahartieun, jen saniskantĕn noe koe Ama dipaparinkeun ka simkoering, saestoena ti Ama.

8. Sabab ari sadajana pilahir noe koe Ama dipaparinkeun ka simkoering, koe simkoering geus diserenkeun ka dinja; dĕmi koe eta ditarampi, sarĕng pada ngahartieun saestoena, jen simkoering kaloewar teh nja ti Ama, kitoe deui pada pĕrtjaja jen Ama noe miwarang simkoering.

9. Simkoering mangnĕdakeun maranehanana; simkoering hanteu mangnĕdakeun doenja, mangnĕdakeun teh sadajana noe koe Ama dipaparinkeun ka simkoering, sabab nja kagoengan Ama.

10. Ari saniskantĕn kagadoeh simkoering, nja kagoengan Ama, kitoe deui sanis-

kantĕn kagoengan Ama, nja kagadoeh simkoering, sarĕng simkoering geus dimoeljakeun di djĕro eta teh.

11. Simkoering geus hanteu aja di doenja, ari eta mah araja di doenja, dĕmi simkoering teh rek marĕk ka Ama. Noen Ama noe langkoeng soetji, moegi-moegi ngaraksa ka eta teh, sangkan mantĕp ka padjĕnĕngan Ama, noe koe Ama geus dipaparinkeun ka simkoering; soepaja djadi sahidji, sapĕrtos Ama sarĕng simkoering.

12. Keur mangsa simkoering reureudjeungan keneh djeung eta teh di doenja, diraksa koe simkoering, sangkan mantĕp ka padjĕnĕngan Ama. Noe koe Ama dipaparinkeun ka simkoering teh, koe simkoering geus diraksa, sarĕng sabatoer eta taja noe datang ka leungit, kadjabi anak katjilakaan teh, soepaja kalaksanakeun Kitab.

13. Ari ajeuna simkoering rek marĕk ka Ama, sarĕng ngoendjoekkeun ijeu teh di doenja, soepaja eta pada gadoeheun kaboengahan simkoering dina dirina, sarta dongkap ka toetoegna.

14. Simkoering geus njerenkeun pangandika Ama ka darinja, ari doenja geuleuheun ka darinja, tina sabab teu kaasoep ka doenja, sapĕrtos lĕbah simkoering kitoe deui teu kaasoep ka doenja.

15. Simkoering lain nĕnĕda, moegi eta teh koe Ama ditjandak ti doenja, sajaktosna mah moegi koe Ama diraksa ti noe goreng.

16. Ari eta teh teu kaasoep ka doenja, sapĕrtos lĕbah simkoering kitoe deui teu kaasoep ka doenja.

17. Moegi eta pada disoetjikeun dina kajaktosan Ama; ari pangandika Ama nja eta kajaktosan teja.

18. Sapĕrtos Ama miwarang simkoering ka doenja, nja kitoe deui eta teh koe simkoering geus pada dititah ka doenja.

19. Sarĕng simkoering njoetjikeun diri pribadi pikeun maranehanana, soepaja eta ge pada disoetjikeun dina kajaktosan.

20. Sarĕngna deui simkoering teh lain mangnĕdakeun eta woengkoel, mangnĕdakeun deui sadajana noe bakal pĕrtjaja ka simkoering koe lantaran piwoeroek maranehanana.

21. Soepaja sadajana teh djadi sahidji, sapĕrtos Ama di djĕro simkoering, sarĕng simkoering di djĕro Ama, sangkan eta ge djadi sahidji di djĕro Ama sarawoeh simkoering, soepaja doenja teh pĕrtjajaeun jen Ama noe geus miwarang simkoering.

22. Sarĕng simkoering ka eta teh geus mere kamoeljaan, noe koe Ama dipaparinkeun ka simkoering teja, soepaja djadi sahidji, sapĕrtos Ama sarĕng simkoering sahidji;

23. Simkoering di djĕro maranehanana, ari Ama di djĕro simkoering, soepaja masing sampoerna dina kahidjianana, sangkan doenja teh nganjahokeun, jen Ama noe geus miwarang simkoering, sarĕng mikaasih ka darinja, sakoemaha Ama mikaasih ka simkoering.

24. Noen Ama, kahajang teh, ari noe koe Ama dipaparinkeun ka simkoering teja, moegi sina reureudjeungan djeung simkoering di ĕnggon noe diajaan koe simkoering, soepaja narendjo kamoeljaan noe koe Ama geus dipaparinkeun ka simkoering; karana Ama geus mikaasih ka simkoering timemeh ngadĕgkeunana doenja.

25. Noen Ama noe langkoeng adil, doenja teh teu nganjahokeun ka Ama, ari simkoering mah nganjahokeun ka Ama, sarĕng ari eta mah pada ngahartieun jen Ama noe miwarang simkoering.

26. Sarĕng simkoering ka eta teh geus ngawartakeun padjĕnĕngan Ama, sarta bade diwartakeun deui, soepajana kaasihan, noe koe Ama dianggo miasih ka simkoering teja, sina aja di djĕro eta, kitoe deui simkoering piajaeun di djĕro eta.

PASAL 18.

Sanggeus Jesoes ngalahir kitoe, ladjĕng angkat djeung moerid-moeridna ka peuntaseun Tji-kidron; di dinja aja hidji kĕbon, eta toeloej diasoepan koe Jesoes djeung moerid-moeridna.

2. Ari Joedas, noe ngahijanat ka andjeunna teja, njahoëun oge ka eta ĕnggon, doemeh Jesoes geus mindĕng koempoelan di dinja djeung moerid-moeridna.

3. Sanggeus Joedas nampa barisan sarta patjalang-patjalang ti panghoeloe agoeng djeung ti ahli-ahli parisi, toeloej datang ka dinja mawa lantera djeung obor sarta pakarang-pakarang.

4. Geus kitoe Jesoes, doemeh oeningaeun ka saniskara noe pinaradjangeun ka salira andjeunna, ladjĕng ka loewar, bari ngalahir ka eta djalma: Saha noe ditejangan koe maraneh?

5. Wangsoelanana: Jesoes, oerang Nasaret. Ngalahir deui Jesoes ka eta teh: Nja ijeu kami. Malah Joedas ge, noe ngahijanat ka andjeunna teja, nangtoeng di lĕbah eta djalma-djalma.

6. Děmi keur mangsa Jesoes ngalahir ka darinja: Nja ijeu kami, seug pada maloendoer, toeloej tidjarěngkang.
7. Ladjěng mariksa deui ka eta djalma-djalma: Saha teja noe ditejangan koe maraneh teh? Aromongna: Jesoes, oerang Nasaret.
8. Ari walonan Jesoes: Ongkoh kami geus ngalahir ka maraneh, jen nja ijeu kami teh. Lamoen ěnja narejangan kami, eta mah ingkeun bae sina laleumpang.
9. Noe matak kitoe, soepaja kalaksanakeun anoe dipilahir koe andjeunna teja: Ti sakoer noe koe Ama dipaparinkeun ka simkoering, simkoering teu kaleungitan sahidji-hidji atjan.
10. Geus kitoe Simon Petroes, anoe njoren pědang, seug njaboet pědangna, toeloej ngadek ka badega panghoeloe agoeng, rampoeng tjeulina ti katoehoe. Ari ngaran badega teh Malkoes.
11. Ladjěng Jesoes ngalahir ka Petroes: Geura asoepkeun pědang maneh ka sarangkana. Ari loemoer, noe koe Rama dipaparinkeun ka kami teh, naha eta koe kami oelah diinoem?
12. Geus kitoe eta barisan djeung koeměndang sarta patjalang oerang Jahoedi teja narangkěp ka Jesoes, sarta toeloej dibanda.
13. Tidinja diariringkeun ka Annas heula; sabab eta teh mitoha Kajapas, noe djěněng panghoeloe agoeng dina taoen harita.
14. Ari Kajapas teh, nja eta noe mamatahan ka oerang Jahoedi teja, jen pimangpaateun paeh hidji djalma ngagantian eta bangsa.
15. Ari Simon Petroes noetoerkeun ka Jesoes, djeung hidji moerid noe sedjen. Děmi eta moerid teh geus kaoeninga koe panghoeloe agoeng, sarta asoep ka boeroean panghoeloe agoeng barěng djeung Jesoes.
16. Tatapi Petroes nangtoeng di loewar pělěbah panto. Tidinja moerid noe hidji deui, noe kaoeninga koe panghoeloe agoeng teja, seug ka loewar, toeloej pasini djeung awewe toekang ngadjaga panto, geus kitoe Petroes dibawa asoep.
17. Ari eta boedjang awewe, toekang ngadjaga panto teja, seug ngomong ka Petroes: Maneh teh teu kaasoep moerid eta djalma? Ari djawabna: Hanteu koela mah.
18. Děmi badega djeung patjalang geus miroen seuneu koe arěng, sabab keur waktoe tiris, sarta narangtoeng di dinja sidoeroe. Ari Petroes nangtoeng tjampoer djeung eta, sarta sidoeroe.
19. Geus kitoe panghoeloe

agoeng mariksakeun ka Jesoes hal moerid-moeridna, djeung hal piwoeroekna.

20. Ngawangsoel Jesoes ka dinja: Kaoela misaoer teh ka doenja sagĕblasna pisan; kaoela salawasna ngawoeroek di masigit sarta di kabah, ĕnggon koempoelan sakabeh oerang Jahoedi; ari di noe boeni mah kaoela teu pisan misaoer naon-naon.

21. Naha adjĕngan mariksa ka kaoela? Geura pariksakeun bae ka noe ngadarenge anoe koe kaoela dipisaoerkeun ka maranehanana; nja eta noe njarahoëun ka noe geus dipisaoerkeun koe kaoela.

22. Mangsa Jesoes ngalahir kitoe, seug hidji patjalang noe nangtoeng deukeut, njabok ka Jesoes, sarta ngomong: Naha maneh ngadjawab kitoe ka panghoeloe agoeng?

23. Ngawalon Jesoes ka eta teh: Oepama salah kami nja ngomong, geura tetelakeun kasalahanana; oepama bĕnĕr, naha maneh mana njabok ka kami?

24. (Dĕmi | koe Annas andjeunna geus dikirimkeun ka Kajapas, panghoeloe agoeng, sarta dibanda.)

25. Ari Simon Petroes nangtoeng sarta sidoeroe. Tidinja aja noe ngaromong ka Petroes: Maneh teh teu kaasoep moerid itoe? Ari Petroes teh nganglĕs, pokna: Hanteu koela mah.

26. Aja hidji badega panghoeloe agoeng, baraja eta noe koe Petroes dikadek tjeulina teja, pok ngomong: Naha maneh lain katendjo koe koela di kĕbon reureudjeungan djeung itoe?

27. Ari Petroes nganglĕs deui. Gantjangna hajam teh kongkorongok.

28. Geus kitoe pada ngiringkeun Jesoes ti Kajapas ka gĕdong pangadilan. Sarta isoek-isoek pisan. Tatapi hanteu arasoep ka pangadilan, hajangeun oelah kanadjisan, soepaja kongang ngadalahar paska.

29. Ladjĕng Pilatoes ka loewar, njampeurkeun ka darinja, bari mariksa: Koemaha maraneh noe matak ngĕlakkeun eta djalma?

30. Toeloej pada ngawangsoel, kijeu wangsoelanana ka Pilatoes: Oepama eta lain bangsat, koe simkoering teh moal koengsi disanggakeun.

31. Ngalahir Pilatoes ka darinja: Eta teh geura bawa bae koe maraneh, seug hoekoeman noeroetkeun hoekoem maraneh! Ari pioendjoek oerang Jahoedi ka Pilatoes: Simkoering mah teu diwidian ngahoekoem maehan.

32. Noe matak kitoe, soepaja kalaksanakeun pilahir Je-

soes noe dilahirkeun teja, nawiskeun pĕtana maot noe bakal kasorang koe andjeunna.

33. Ladjĕng Pilatoes lĕbĕt deui ka pangadilan, sarta njaoer Jesoes, seug ngalahir ka andjeunna: Ĕnja maneh teh Radja oerang Jahoedi?

34. Wangsoelan Jesoes: Ari andjeun noe matak ngalahir kitoe teh nijat pribadi, atawa aja noe mopojan ka andjeun tina hal kaoela?

35. Walonan Pilatoes: Na kami teh oerang Jahoedi? Bangsa maneh djeung para panghoeloe agoeng geus pada njanggakeun maneh ka kami; maneh teh migawe naon?

36. Wangsoelan Jesoes: Ari karadjaan kaoela mah lain ti ijeu doenja. Saoepama karadjaan kaoela ti ijeu doenja mah, geus tangtoe rahajat-rahajat kaoela manglawankeun, soepaja kaoela oelah datang ka diselehkeun ka oerang Jahoedi; ari ajeuna karadjaan kaoela teh lain ti dijeu.

37. Ladjĕng Pilatoes ngalahir ka andjeunna: Djadi ĕnja maneh teh radja? Wangsoelan Jesoes: Lĕrĕs pilahir andjeun, kaoela teh radja. Kijeu noe matak kaoela didjoeroekeun, sarta kijeu noe matak datang ka doenja, soepaja kaoela mĕrtelakeun kajaktian. Oenggal-oenggal djalma noe ti kajaktian, tangtoe ngadengekeun sowara kaoela.

38. Lahiran Pilatoes ka andjeunna: Naon kajaktian teh? Ari geus ngalahir kitoe, ladjĕng ka loewar deui njampeurkeun ka oerang Jahoedi, sarta ngalahir ka darinja: Koe kami teu kapanggih dosana eta teh.

39. Tatapi maraneh boga adat, ari dina mangsa paska kami sok ngaleupaskeun hidji djalma adjang maraneh. Koemaha kahajang, kami koedoe ngaleupaskeun eta Radja oerang Jahoedi adjang maraneh?

40. Tidinja kabeh pada raong, kijeu pokna: Oelah eta, koedoe Barabas! Dĕmi Barabas teja dosana maehan djalma.

PASAL 19.

Ari geus kitoe Jesoes ditjandak koe Pilatoes, sarta toeloej dirangket.

2. Tidinja sĕrdadoe ngaranjam makoeta tjoetjoek, seug dipakekeun ka mastakana, sarta diharoedoeman haroedoem noe woengoe,

3. Bari ngaromong: Assalam alaekoem, Radja oerang Jahoedi! Djeung pada njabokan.

4. Geus kitoe Pilatoes ka loewar deui, sarta ngalahir ka oerang Jahoedi: Geura djareueung, eta koe kami dibidjilkeun ka maraneh, soepaja

maraneh pada njaho, koe kami teu kapanggih dosana.

5. Ladjĕng Jesoes bidjil, nganggo makoeta tjoetjoek djeung haroedoem woengoe teja. Ngalahir Pilatoes ka darinja: Geura tarendjokeun djalma teh!

6. Barang andjeunna katendjo koe para panghoeloe agoeng djeung koe patjalang-patjalang, toeloej pada raong, kijeu pokna: Gantoengkeun dina kai-dipalang, gantoengkeun dina kai-dipalang! Ngalahir Pilatoes ka darinja: Geura koe maraneh bae bawa, seug gantoengkeun dina kai-dipalang; karana koe kami mah teu kapanggih dosana.

7. Ari wangsoelan oerang Jahoedi ka Pilatoes: Simkoering teh gadoeh hoekoem, ari noeroetkeun hoekoem simkoering mah eta djalma koedoe dipaehan, sabab ngadjĕnĕngkeun maneh Poetra Allah.

8. Mangsa Pilatoes ngadangoe omongan kitoe, beuki tambah sijeuneun bae;

9. Ladjĕng lĕbĕt deui ka pangadilan, sarta ngalahir ka Jesoes: Ari maneh ti mana nja asal? Tatapi Jesoes teu pisan ngawangsoel.

10. Tidinja Pilatoes ngalahir deui ka andjeunna: Naha maneh teh moal ngomong ka kami? Karah teu njaho jen kami boga kawasa ngagantoengkeun maneh dina kai-dipalang, kitoe deui boga kawasa ngaleupaskeun maneh?

11. Ari wangsoelan Jesoes: Andjeun teh moal kawasa ngagorengan ka kaoela, lamoen hanteu dipaparinkeun ka andjeun ti loehoer mah. Koe sabab eta, noe geus njerenkeun kaoela ka andjeun, leuwih gĕde dosana.

12. Ti harita Pilatoes nejangan pidjalaneun keur ngaleupaskeun Jesoes. Tatapi oerang Jahoedi teh pada raong, kijeu pokna: Oepama eta djalma koe andjeun dileupaskeun mah, moal djadi sobat ka praboe. Saha-saha noe ngadjĕnĕngkeun maneh radja, ngabahaan ka praboe.

13. Sanggeus Pilatoes ngadangoe omongan kitoe, ladjĕng Jesoes dibidjilkeun, geus kitoe gek linggih dina korsi pangadilan, di ĕnggon noe ngaran Litostrotos, ari koe basa Ibrani Gabata.

14. Harita teh poë paragi njadijakeun paska, kira-kira djam noe kagĕnĕp. Ladjĕng ngalahir ka oerang Jahoedi: Geura tarendjokeun Radja maraneh!

15. Tatapi eta pada sosowak: Singkirkeun, singkirkeun, gantoengkeun dina kai-dipalang! Ari lahiran Pilatoes ka darinja: Naha kami teh koedoe ngagantoengkeun Radja

maraneh dina kai-dipalang? Wangsoelan para panghoeloe agoeng: Simkoering teh teu gadoeh deui radja djaba ti praboe.

16. Děmi geus kitoe koe Pilatoes Jesoes diselehkeun ka oerang Jahoedi, sina digantoengkeun dina kai-dipalang. Tidinja Jesoes ditjokot, toeloej diariringkeun.

17. Ladjěng Jesoes manggoel kai-dipalang pikeunna, seug ka loewar angkat ka noe disěboet Ĕnggon tangkorek, ari koe basa Ibrani disěboet Golgota.

18. Nja di dinja digantoengkeunana dina kai-dipalang, sarta aja doewa djalma noe direudjeungkeun djeung andjeunna, kentja-katoehoe, ari Jesoes di těngah.

19. Sarta Pilatoes njěratkeun toelisan, seug ditěrapkeun dina kai-dipalang; kijeu oenina noe disěratkeun teh: JESOES OERANG NASARET, RADJA OERANG JAHOEDI.

20. Ari eta toelisan kawatja koe oerang Jahoedi loba pisan, wantoe-wantoe ĕnggon Jesoes digantoengkeun dina kai-dipalang teh, deukeut ka nagara; sarta ditoeliskeunana koe basa Ibrani, koe basa Joenani, djeung koe basa Roem.

21. Tidinja para panghoeloe agoeng oerang Jahoedi aroendjoekan ka Pilatoes: Moegi oelah njěratkeun: Radja oerang Jahoedi; saena moedoe kijeu, jen eta geus ngomong: Kami teh Radja oerang Jahoedi.

22. Ngawalon Pilatoes: Noe geus ditoeliskeun koe kami, nja eta ĕnggeus koe kami ditoeliskeun teh.

23. Děmi sěrdadoe teja, sanggeus ngagantoengkeun Jesoes dina kai-dipalang, seug njarokot panganggona, sarta dibagi opat bagian, hidji sěrdadoe sabagian sewang, sarta djeung djoebahna. Ari eta djoebah teu make kapoetan, ti loehoer těroes, beunang ninoen salantjar bae.

24. Toeloej ngaromong djeung batoerna: Eta koe oerang oelah disoĕhkeun, anggoer dadoekeun, mana bae noe boga milik. Noe matak kitoe, soepaja kalaksanakeun pilahir Kitab noe kijeu oenina: Eta geus ngabagikeun papakean kami djeung pada batoerna, sarta tina hal djoebah kami ngaraloengkeun dadoe. Nja kitoe dipilampahkeunana koe sěrdadoe teh.

25. Děmi deukeut ka kaidipalang Jesoes ngaraděg iboena, djeung saderek iboena, nja eta Maria pamadjikan Klopas, kitoe deui Maria Magdalena.

26. Ana Jesoes ningali iboena, djeung moerid noe dipi-

kaasih teja nangtoeng babarěngan, ladjěng ngalahir ka iboena: Eh njai, tingali nja eta poetra andjeun!

27. Ladjěng ngalahir ka moerid teh: Eh ěnoeng, tendjo nja eta iboe manehna! Iboena ti waktoe harita koe eta moerid ditampi ka boemina.

28. Geus kitoe Jesoes, doemeh oeningaeun ajeuna geus tjatjap sakabehna, soepaja kalaksanakeun Kitab, ladjěng ngalahir: Lah kami koe halabhab.

29. Ari di dinja aja hidji wadah eusina tjoeka. Toeloej djalma teh ngantjlomkeun sěpon kana tjoeka, sarta ditiirkeun kana hoë, seug diantělkeun kana lambena.

30. Děmi Jesoes parantos ngaraosan tjoeka teh, ladjěng ngalahir: Geus tjatjap! Tidinja ngalehek mastakana, sarta moepoetkeun soekma.

31. Sabab harita poë panjadijaan, toeloej oerang Jahoedi panoenoehoen ka Pilatoes, noe digarantoeng teh moegi sina diparotongkeun soekoena, sarta toeloej ditoeroenkeun, soepaja majitna oelah sina aja dina kai-dipalang dina sabat; karana eta sabat teh agoeng.

32. Geus kitoe sěrdadoe daratang, seug motongkeun soekoe noe saoerang djeung noe saoerang deui noe digantoengkeun dina kai-dipalang barěng djeung Jesoes teja;

33. Děmi geus něpi ka Jesoes, sarta narendjo jen andjeunna geus poepoes, hanteu toeloes motongkeun sampejanana;

34. Tatapi noe hidji sěrdadoe něwěk koe toembak kana gedengna, pada-harita bidjil gětih djeung tjai.

35. Ari noe geus nendjo eta, nja koe eta dipěrtelakeun, djeung saestoena pisan pěrtelaanana, sarta njahoëun jen njaritakeun noe sajaktina, soepaja maraneh pěrtjaja.

36. Karana eta pěrkara teh boekti, soepaja kalaksanakeun pilahir Kitab noe kijeu: Toelangna sahidji ge moal dipotongkeun.

37. Djeung aja deui pilahir Kitab noe kijeu: Djalma teh bakal narendjo ka eta noe geus ditěwěk koe maranehanana.

38. Sanggeusing kitoe Joesoep ti Arimatea, noe kasoep moerid Jesoes, tatapi njaroe koe tina sijeuneun koe oerang Jahoedi, toeloej panoenoehoen ka Pilatoes, moegi aja widi noeroenkeun majit Jesoes. Ari koe Pilatoes diwidian. Tidinja Joesoep soemping, seug ngaloengsoerkeun majit Jesoes.

39. Soemping deui Nikodemoes, noe barang-mimiti

ngadeuheusan ka Jesoes basa ti peuting teja, ngabantoen moer djeung garoe beunang njampoerkeun, watara saratoes pon.

40. Ladjĕng njarandak majit Jesoes, sarta diboengkoes koe lawon bodas djeung seuseungitan teja, sakoemaha adat oerang Jahoedi ngoeboer.

41. Dĕmi deukeut ĕnggon Jesoes digantoengkeun dina kai-dipalang teja, aja hidji kĕbon, sarta di djĕro eta kĕbon aja hidji koeboeran anjar, tatjan pisan aja noe diroewang di dinja.

42. Nja dina koeboeran eta Jesoes diebogkeunana tina keur waktoe panjadijaan oerang Jahoedi, doemeh eta koeboeran deukeut.

PASAL 20.

Ari dina poë ahad isoek-isoek, poëk keneh, Maria Magdalena angkat ka eta koeboeran; toeloej ningali batoena geus aja noe mindahkeun inja tina koeboeran.

2. Geus kitoe moeroe, seug datang ka Simon Petroes djeung ka moerid noe hidji deui, noe dipikaasih koe Jesoes teja; ari saoerna ka dinja: Goesti teh aja noe njokot tina koeboeran, sarta kaoela djeung batoer teu njaho diteundeunna.

3. Toeloej Petroes indit ka loewar, djeung moerid noe hidji deui teja, sĕdjana rek nejang ka koeboeran.

4. Eta doewaan leumpangna ngarendeng, dĕmi moerid noe hidji deui teja miheulaan ngagantjangan ti Petroes, sarta pangheulana datangna ka koeboeran.

5. Ana nĕmpo, nendjo lawon bodas teja ngaloemboek, tatapi hanteu koengsi asoep ka djĕro.

6. Ari Simon Petroes noetoerkeun; barang datang toeloej asoep ka koeboeran, sarta nendjo lawon bodas teja ngaloemboek;

7. Ari salĕmpaj, oeroet boengkoes mastakana, hanteu tjampoer ngaloemboekna ka lawon bodas teh, misah bae beunang ngagoeloengkeun, sedjen deui ĕnggonna.

8. Tidinja moerid noe hidji deui, noe datang pangheulana ka koeboeran teja, asoep deui, seug nendjo sarta toeloej pĕrtjaja.

9. Karana moerid-moerid tatjan tĕrangeun kana Kitab, oenina jen andjeunna koedoe tanghi ti noe maraot.

10. Geus kitoe moerid teja seug maroelang ka boemina.

11. Dĕmi Maria nangtoeng di loewar deukeut koeboeran bari nangis. Keur nangis seug nĕmpo ka djĕro koeboeran;

12. Toeloej ningali doewa

malaikat, panganggona bodas, keur linggih dina oeroet majit Jesoes ebog, noe hidji mastakaeunana, noe hidji deui toendjangeunana.

13. Eta ladjĕng ngalahir ka Maria: Eh njai, naha mana tjeurik? Ari pihatoerna: Sabab Goesti koering aja noe njokot, sarta koering teu njaho diteundeunna.

14. Dĕmi geus mihatoer kitoe, Maria malik ka toekang, beh ningali Jesoes keur ngadĕg, tatapi teu njahoëun jen Jesoes.

15. Ngalahir Jesoes ka Maria: Eh njai, naha mana tjeurik? nejangan saha? Ari panjana Maria eta teh mandor kĕbon, noe matak toeloej mihatoer ka andjeunna: Noen djoeragan, oepama andjeun noe ngalihkeun, moegi koering tjarijosan di mana disimpĕnna, koe koering bade dipindahkeun deui.

16. Lahiran Jesoes ka eta teh: Eh Maria! Tidinja Maria malik, bari oendjoekan ka andjeunna: Raboeni! nja eta tĕgĕsna Goeroe.

17. Lahiran Jesoes ka Maria: Oelah njabak ka kami, sabab kami tatjan moenggah ka Ama. Dĕmi ajeuna geura leumpang bae ka doeloer-doeloer kami, toeloej bebedja ka eta kijeu: Kami moenggah ka Ama kami djeung Ama maraneh, ka Allah kami djeung Allah maraneh.

18. Bral Maria Magdalena angkat, toeloej mopojankeun ka moerid-moerid jen geus nendjo ka Goesti, sarta koe Goesti dilahiran kitoe teja.

19. Mangsa geus boerit di ahad harita keneh, sarta di ĕnggon moerid karoempoel pantona ditaroelakan koe bawaning sijeun koe oerang Jahoedi, ladjĕng Jesoes soemping ngadĕg di tĕngah-tĕngah, sarta ngalahir ka dinja: Assalam alaekoem!

20. Ari geus ngalahir kitoe, ladjĕng Jesoes ka moerid-moerid nembongkeun panangan djeung gedengna. Dĕmi moerid teh baroengaheun mangsa narendjo ka Goesti.

21. Ngalahir deui Jesoes ka dinja: Assalam alaekoem! Sapĕrti Rama geus miwarang kami, nja kitoe deui kami nitah maraneh.

22. Sanggeus ngalahir kitoe, ladjĕng koe andjeunna pada ditijoepan sarta dilahiran kijeu: Koe maraneh tarampa Roh Soetji!

23. Tijap-tijap noe dihampoera dosana koe maraneh, tangtoe dihampoera; kitoe deui tijap-tijap noe ditĕtĕpkeun dosana koe maraneh, tangtoe ditĕtĕpkeun.

24. Ari Tomas, kaasoep moerid noe doewa wĕlas, noe

katělah Didimoes teja, hanteu miloe koempoel keur mangsa Jesoes soemping.

25. Geus kitoe batoer-batoer pada moerid moepoelihan ka dinja: Kaoela narendjo Goesti! Ari djawab Tomas: Lamoen kaoela teu nendjo tapak-pakoe dina pananganana, djeung teu njolok koe tjoeroek kana tapak-pakoe teja, kitoe deui njolok koe leungeun kana gedengna, kaoela mah moal pěrtjaja bae.

26. Děmi geus meunang dalapan poë, moeridna karoempoel deui di djěro, sarta Tomas ge miloe koempoel. Ladjěng Jesoes soemping, ari panto geus ditaroelakan, sarta ngaděg di těngah-těngah, bari ngalahir: Assalam alaekoem!

27. Sanggeusing kitoe ngalahir ka Tomas: Kadijeukeun tjoeroek maneh, sarta ilikan leungeun kami; kadijeukeun leungeun maneh, toeloej tjolokkeun kana gigir kami, djeung oelah koerang pěrtjaja, masing pěrtjaja bae!

28. Ngawangsoel Tomas, kijeu wangsoelanana: Eh Goesti simkoering saréng Allah simkoering!

29. Ngalahir deui Jesoes ka dinja: Eh Tomas, sabab maneh geus nendjo ka kami, noe matak maneh teh pěrtjaja. Salamět noe pěrtjaja sanadjan teu nendjo oge.

30. Loba keneh pisan tanda noe dipidamël koe Jesoes di hareupeun moerid-moeridna, noe hanteu katoeliskeun dina ijeu kitab.

31. Tatapi ijeu mah geus ditoeliskeun, soepaja maraneh pěrtjaja Jesoes teh Kristoes, Poetra Allah; djeung deui soepaja maraneh koe lantaran kapěrtjajaan ngabogaan hiroep teh koe djěněngan andjeunna.

PASAL 21.

Sanggeusing kitoe Jesoes ngebrehkeun deui salira andjeunna ka moerid-moerid, di sisi laoet Tiberias. Ari ngebrehkeunana teh kijeu:

2. Keur karoempoel Simon Petroes, djeung Tomas noe katělah Didimoes, djeung Natanael noe asal ti Kana bilangan Galilea, kitoe deui poetra-poetra Sěbědeoes, djeung doewa deui moerid Jesoes.

3. Ari saoer Simon Petroes ka batoer-batoerna: Kaoela dek ngala laoek. Kabeh ngadjawab ka Petroes: Kaoela ge miloe. Geus kitoe arindit ka loewar, seug oenggah kana parahoe, děmi sapeuting eta taja pisan beubeunanganana.

4. Ari geus braj beurang, Jesoes ngaděg di basisir, tatapi moerid teu njarahoëun jen Jesoes.

5. Ladjěng Jesoes ngalahir ka dinja: Eh baroedak, koe-

maha maraneh boga lalawoeh? Wangsoelanana: Soemoehoen teu gadoeh.

6. Lahiranana ka dinja: Heurap teh geura roengkoepkeun katoehoeëun parahoe, tangtoe meunang. Tidinja prak diroengkoepkeun, sarta teu kadoegaeun moeloet deui tina sabab kalobaan laoekna.

7. Geus kitoe moerid noe dipikaasih koe Jesoes teja ngomong ka Petroes: Geuning eta Goesti! Barang ngadenge Simon Petroes jen eta Goesti, seug toeloej dibadjoe make disaboekan (karana keur moeroetjoel), bari ngoentjloengkeun maneh ka laoet.

8. Ari moerid noe saredjen teh datangna toempak parahoe leutik teja (karana teu pati djaoeh ti darat, ngan kirakira doewa ratoes elo anggangna), sarta bari ngagoesoer heurap djeung laoekna.

9. Dĕmi geus harandjat ka darat, beh nendjo seuneu roehaj beunang miroen, djeung aja laoek keur diganggang, kitoe deui aja roti.

10. Ngalahir Jesoes ka moerid-moerid: Geura mawa laoek beunang bijeu!

11. Tidinja Simon Petroes oenggah ka parahoe, seug heurapna dipoeloet ka darat, pinoeh koe laoek galĕde, aja saratoes lima poeloeh tiloe; nadjan sakitoe lobana ge heurapna teu datang ka bĕdah.

12. Ngalahir Jesoes ka moerid-moerid: Hijap ka dijeu dalahar! Ari moerid teh taja noe wani naros ka andjeunna kijeu: Saha andjeun teh? tina sabab geus pada tĕrangeun jen Goesti.

13. Ladjĕng Jesoes ngadeukeutan, sarta njandak roti teja, bari toeloej dipaparinkeun ka moerid-moerid; nja kitoe deui laoekna.

14. Nja ijeu noe katiloe kalina Jesoes ngebrehkeun andjeun ka moerid-moeridna, sanggeus tanghi ti noe maraot.

15. Dĕmi geus reres dalaharna, ladjĕng Jesoes ngalahir ka Simon Petroes: Eh Simon anak Jonas, koemaha maneh nja njaah ka kami leuwih ti batan eta sakabeh? Ari wangsoelan Petroes: Soemoehoen Goesti, Goesti noe langkoeng waspaos jen simkoering njaah ka Goesti. Lahiranana ka Petroes: Geura angon anakdomba kami!

16. Jesoes ngalahir deui ka Petroes kadoewa kalina: Eh Simon anak Jonas, koemaha maneh teh ĕnja njaah ka kami? Ari wangsoelan Petroes: Soemoehoen Goesti, Goesti noe langkoeng waspaos jen simkoering njaah ka Goesti. Lahiranana ka Petroes: Geura oeroeskeun domba kami!

17. Jesoes ngalahir ka Pe-

troes katiloe kalina: Eh Simon anak Jonas, koemaha maneh teh ĕnja njaah ka kami? Toeloej Petroes teh nalangsa, doemeh Jesoes katiloe kalina ngalahir ka manehna: Koemaha maneh teh njaah ka kami? geus kitoe ngawangsoel: Noen Goesti, nja Goesti noe langkoeng waspaos ka saniskantĕn pĕrkawis; Goesti noe langkoeng waspaos jen simkoering njaah ka Goesti. Lahiran Jesoes ka Petroes: Geura angon domba kami!

18. Satĕmĕn-tĕmĕnna, kami ngalahir ka maneh: mangsa maneh keur ngora keneh, disaboek koe sorangan, djeung njaba ka mana karĕp bae; dĕmi mĕngke mah, samangsa maneh geus kolot, bakal njodorkeun leungeun, toeloej disaboekan koe noe sedjen, sarta dibawa ka noe lain karĕp maneh.

19. Ari pangalahirkeunana kitoe nawiskeun tina djalan maot noe koemaha Petroes bakal ngamoeljakeun ka Allah. Sanggeusna ngalahir kitoe, ladjĕng andjeunna ngalahir deui ka Petroes: Geura ngiring ka kami!

20. Dĕmi Petroes njorejang, seug nendjo aja noe ngiring, nja moerid noe dipikaasih koe Jesoes teja, noe ngalendehan kana dada Jesoes mangsa keur dalahar, sarta oendjoekan: Noen Goesti, noe mana teja noe ngahijanat ka andjeun?

21. Barang katendjo koe Petroes, toeloej oendjoekan ka Jesoes: Noen Goesti, ari eta bakal koemaha?

22. Lahiran Jesoes ka Petroes: Oepama eta koe kami dipastikeun tĕtĕp nĕpi ka kami datang deui, eta mah lain pipĕrkaraeun maneh. Ari maneh teh ngiring kami bae!

23. Dĕmi pilahir bijeu teh lijar ka sadajana doeloer-doeloer, jen eta moerid moal pimaoteun. Padahal Jesoes hanteu ngalahir jen moal pimaoteun, ngan: Oepama eta koe kami dipastikeun tĕtĕp nĕpi ka kami datang deui, eta mah lain pipĕrkaraeun maneh.

24. Nja eta moerid noe mĕrtelakeun ijeu sakabeh pĕrkara, sarta geus noeliskeun ijeu sakabeh pĕrkara, ari kaoela pada njaho jen pĕrtelaanana saestoena.

25. Masih loba keneh pisan pĕrkara noe geus dipidamĕl koe Jesoes; sarta oepama ditoeliskeun hidji-hidjina, pamikir kaoela eta kitab-kitab beunang noeliskeun teja, saalamdoenja ge moal asoep. Amin.

TJARIJOS

LALAMPAHAN PARA RASOEL SAROETJI.

BEUNANG NGARANG LOEKAS.

PASAL 1.

Ari kitab anoe mimitina teja, eh Teopiloes, noe dikarang koe kaoela, saniskantĕn pĕrkawis anoe didamĕl sarĕng diwoeroekkeun koe Jesoes,

2. Ti awitna dongkap ka poëan ditjandak ka loehoer, sanggeusna maparin timbalan koe lantaran Roh Soetji ka para rasoel, noe beunang milih andjeunna teja.

3. Nja ka dinja andjeunna, sanggeusna njandang sangsara, ngajakinkeun salirana jen hiroep, sarta reja pisan boektina, ari lilana opat poeloeh poë, kabireungeuh koe para rasoel, sarta milahirkeun pĕrkara karadjaan Allah.

4. Mangsa keur koempoel djeung para rasoel, ladjĕng ditimbalan oelah rek aringkah ti Jĕroesalem, sarta koedoe ngadago ka pĕrdjangdjian Rama, noe geus kadenge koe maraneh ti kami, lahirna.

5. Karana Johannes mah ngabanjoean soteh koe tjai, tatapi ari maraneh bakal dibanjoean koe Roh Soetji, ti mangsa ajeuna moal lila deui.

6. Anoe karoempoel tidinja naros ka Jesoes, kijeu pioendjoekna: Noen Goesti, koemaha ari dangĕt ajeuna andjeun bakal ngadĕgkeun deui karadjaan teh pikeun Israil?

7. Ari lahiranana ka darinja: Lain pipĕrnaheun maraneh nganjahokeun ka mangsana atawa waktoena, noe ditjĕpĕng koe Rama baris kawasana koe andjeun.

8. Tatapi maraneh bakal nampa kawasa Roh Soetji, noe bakal njoempingan ka maraneh, djeung maraneh bakal djadi saksi kami di Jĕroesalem sarta di sakoeriling Joedea djeung Samaria, nĕpi kana toengtoeng boemi.

9. Sanggeus ngalahirkeun kitoe, seug andjeunna ditjandak ka loehoer, kabireungeuh koe para rasoel; geus kitoe aja mega mindingan ka andjeunna, moesna tina tetendjoanana.

10. Sabot nareuteup ka langit, keur Jesoes moenggah, beh aja doewa djalma ngadĕg deukeut ka darinja, ari panganggona bodas;

11. Sarta ngalahir kijeu;

Eh oerang Galilea, naha narangtoeng bari tanggah ka langit? Eta Jesoes noe geus ditjandak ti maraneh ka sawarga, bakal soemping deui nja tjara kitoe, sakoemaha noe katendjo koe maraneh moenggahna ka sawarga.

12. Geus kitoe maroelang deui ka Jĕroesalem ti goenoeng noe ngaran goenoeng Djetoen, eta ajana deukeut Jĕroesalem, djaoehna salalampahan poë sabat.

13. Sanggeusna daratang, toeloej oenggah ka loteng, di dinja tĕtĕp tjaralikna, nja eta Petroes djeung Jakoboes, Johannes djeung Andreas, Pilipoes djeung Tomas, Bartolomeoes djeung Matteoes, Jakoboes poetra Alpeoes, djeung Simon Selotes, djeung Joedas poetra Jakoboes.

14. Ari eta sadajana samijoek mantĕp dina nĕnĕda kalawan sasambat, reudjeung istri-istri teja, sarawoeh Mariam iboe Jesoes, djeung saderek-saderek Jesoes noe pamĕgĕt.

15. Dina mangsa harita Petroes ngadĕg di tĕngah moerid-moerid, sarta njaoer (ari djalma noe karoempoel kirakira saratoes doewa poeloeh):

16. Eh sadajana djalma doeloer-doeloer, geus pasti koedoe kalaksanakeun pilahir Kitab, noe diwĕdjangkeun baheula koe Roh Soetji lantaran lambĕj Dawoed, tina hal Joedas, noe djadi mandor djalma noe narangkĕp ka Jesoes teja.

17. Sabab eta teh tadina kabilang ka oerang, sarta kamilikan doeoeman kana tjangkingan ijeu.

18. Dĕmi eta geus meuli lahan saloewoek, saratna boeroehan kadorakaan teja; geus kitoe tisoesoet, datang ka goedawang tĕngah-tĕngahna, saeusi-beuteungna amboeradoel.

19. Sarta geus goernita ka sakabeh noe aja di Jĕroesalem, anoe matak eta lahan ditĕlahkeun koe basana sorangan Akeldama, tĕgĕsna Lahan-gĕtih.

20. Karana geus dioengĕlkeun dina Kitab Djaboer kijeu: Pangtjitjinganana sing djadi narikolot, oelah aja noe ngĕnggonan di dinja; djeung deui: Kapangkatanana koedoe ditjangking koe noe sedjen.

21. Koe sabab eta, wadjib tina lĕbah sakoer djalma anoe reureudjeungan djeung oerang sapapandjangna Goesti Jesoes keur djoemĕnĕng di oerang,

22. Awitna ti pangbanjoe Johannes, dongkap ka poëan ti oerang ditjandak ka loehoer, - hidji djalma moedoe djadi saksi reudjeung oerang kana pĕrkawis tanghina.

23. Toeloej koempoelan teh ngabandingkeun doewa djalma, nja eta Joesoep noe disĕboet Barsabas, katĕlahna Joestoes, djeung Mattias.

24. Geus kitoe pada nĕnĕda, kijeu nĕdana: Noen Goesti, anoe langkoeng waspaos kana hate djalma sadajana, moegi-moegi maparin pitoedoeh anoe mana ti ijeu doewaan noe geus dipilih koe Goesti,

25. Bakal nampi doeoeman tjangkingan ijeu sarĕng karasoelan, noe geus ditinggal koe Joedas, soepaja indit ka ĕnggonna sorangan.

26. Tidinja ngalotĕrekeun; ana keuna lotĕre teh ka Mattias, toeloej eta koe rĕmpoeg sadajana ditambahkeun ka rasoel noe sawĕlas teja.

PASAL 2.

Ari geus dongkap ka poë Pĕntekosta, moerid-moerid keur karoempoel sarta samijoek.

2. Tidinja ngadak-ngadak aja noe ngagoeroeh ti langit, tjara angin barat anoe leuwih tarik, datang ka pinoeh kabeh saimah noe keur ditjaralikan teja.

3. Geus kitoe koe eta kataringali letah-letah noe paboejar, djiga seuneu roepana; toeloej areunteup ka oenggal-oenggal moerid.

4. Seug pada dieusian Roh Soetji, sarta mimiti njalaoer koe basa-basa sedjen, koemaha bae koe eta Roh dipaparin ngalahir.

5. Ari di Jĕroesalem aja oerang Jahoedi tjaritjing, nja djalma aribadah, ti sagala bangsa noe aja di kolong langit.

6. Sanggeusna sowara teja, raboel sarejana eta djalma, sarta tingrarandjoeg, sabab oenggal-oenggal djalma ngadarenge moerid teh njaoer sabasana.

7. Seug sakabeh pada mĕlĕngĕk, bari heraneun, sarta ngaromong djeung batoerna kijeu: Geuning eta sadajana noe njalaoer teh lain oerang Galilea?

8. Naha oerang sahidji-sahidji ngadenge eta wĕt make basa nagara asal diri oerang?

9. Oerang Parta, djeung oerang Media, djeung oerang Elam, sarta noe maratoeh di Mesopotami, djeung Joedea, djeung Kapadoki, Pontoes djeung Asia;

10. Prigia, djeung Pampilia, Mĕsir, sarta ti pĕlĕbah Libia noe deukeut Kirena, kitoe deui noe njaremah ti Roem, nja eta oerang Jahoedi djeung noe asoep Jahoedi;

11. Oerang Krete djeung oerang Arab; - oerang pada ngadenge eta teh njalaoerkeun padamĕlan Allah noe aragoeng, koe basa-basa diri oerang.

12. Tidinja sakabeh pada mĕlĕngĕk, sarta datang ka baringoengeun, bari ngomong djeung batoerna: Eta pĕrkara naon pikarĕpeunana?

13. Ari noe sawareh mah mojok, kijeu pokna: Eta djalma kadĕdĕtan koe anggoer amis!

14. Ladjĕng Petroes ngadĕg djeung noe sawĕlas, seug ngalahir ka eta djalma-djalma, sarta tarik sowarana: Eh oerang Jahoedi, djeung sakoer noe tjaritjing di Jĕroesalem! Eta maraneh masing njaho, sarta ijeu omongan kaoela rĕgĕpkeun koe tjeuli:

15. Karana ijeu teh lain marabok, sapĕrti maraneh nganjanaan; sabab kakara djam katiloe beurang.

16. Ĕnjana mah nja ijeu noe dilahirkeun koe nabi Joël teja, kijeu:

17. Ari timbalan Allah, mangke di poë ahir, kami bakal ngoetjoerkeun ti Roh kami ka sakabeh daging; ari anak maraneh lalaki awewe bakal ngawĕdjang, baroedjang di maraneh bakal nendjo tetendjoan, ari noe karolot di maraneh bakal ngimpi koe impian.

18. Djeung di poë harita kami malah bakal ngoetjoerkeun ti Roh kami ka abdi kami lalaki awewe, sarta bakal ngawarĕdjang.

19. Djeung deui kami bakal ngajakeun moedjidjat di loehoer dina langit, sarta alamat di handap dina boemi, gĕtih djeung seuneu, sarta pĕlĕdoeg haseup.

20. Panon-poë bakal ganti roepa, djadi poëk, kitoe deui boelan djadi gĕtih, samemehna datang poë Goesti noe gĕde noe aheng teh.

21. Dĕmi saha-saha noe sasambat kana djĕnĕngan Goesti, tangtoe bakal salamĕt.

22. Eh oerang Israil, geura darengekeun ijeu omongan: Ari Jesoes, oerang Nasaret teja, eta hidji djalma ti Allah, noe geus diboektikeun di pĕlĕbah maraneh koe warnawarna kamatihan, moedjidjat djeung tanda-tanda, noe geus dipidamĕl koe Allah di tĕngah maraneh, dilantarankeun nja ka andjeunna, sapĕrti noe geus kanjahoan koe maraneh;

23. Ari eta teh, sanggeusna diserenkeun toemoet papastening kĕrsa djeung kawaspaosan Allah, seug koe maraneh ditangkĕp, toeloej disina dipakoe dina kai-dipalang koe leungeun djalma noe daroraka, sarta dipaehan.

24. Eta koe Allah geus ditanghikeun, sarta ngalaan kanjĕrina maot, sarehna andjeunna moestahil beunang ditjĕkĕl koe eta maot.

25. Karana andjeunna koe Dawoed dilahirkeun kijeu: Koe kaoela salalawasna ka-

tendjo Pangeran teh aja di hareupeun kaoela; karana aja di katoehoeëun kaoela, soepaja kaoela oelah tidjalikeuh.

26. Koe sabab kitoe hate kaoela boengah, sarta letah kaoela gĕrah, malah-malah daging kaoela bakal eureun djeung pangarĕp-ngarĕpna.

27. Karana njawa simkoering koe andjeun moal didjomplang di naraka; sarĕng andjeun teh moal tega kasoetji andjeun dongkap ka boeroek-oetjoetan.

28. Andjeun geus maparin njaho ka simkoering kana djalan kahiroepan; andjeun bade minoehan ka simkoering koe kaboengahan di pajoeneun linggih andjeun.

29. Eh sadajana djalma doeloer-doeloer, kaoela meunang sasaoeran sagĕblasna ka maraneh tina pĕrkara Dawoed karoehoen oerang, eta teh poepoes, sarta dikoerĕbkeun, ari makamna aja di oerang datang ka poë ajeuna.

30. Dĕmi Dawoed teja, doemeh nabi, sarta oeningaeun jen Allah geus ngadjangdjikeun ka andjeunna koe soempah, bade mĕdalkeun Kristoes ti boewah tjangkeng Dawoed, moenggoehing dagingna bae soteh, eta bade dilinggihkeun dina panglinggihanana;

31. Tina geus waspaoseun, noe matak ngalahirkeun pĕrkara tanghina Kristoes, jen eta njawana teu didjomplang di naraka, kitoe deui dagingna teu koengsi kasorang boeroek-oetjoetan.

32. Eta Jesoes koe Allah geus ditanghikeun, nja kaoela sadajana noe djadi saksi.

33. Sanggeusna dikaloehoerkeun koe panangan tĕngĕn Allah, sarta nampa ti Rama pĕrdjangdjian Roh Soetji, eta andjeunna ladjĕng ngoetjoerkeun anoe katendjo sarta noe kadenge koe maraneh ajeuna.

34. Karana Dawoed mah teu moenggah ka sawarga; sabalikna ari lahirna: Pangeran geus ngandika ka Goesti kaoela: Geura tjalik di katoehoeëun kami,

35. Datang ka moesoeh-moesoeh andika koe kami didjijeun djodjodog pikeun soekoe andika.

36. Ajeuna sakabeh anak-poetoe Israil koedoe nganjahokeun masing ĕnja, jen eta Jesoes, noe digantoengkeun koe maraneh dina kai-dipalang teja, koe Allah geus didamĕl Goesti djeung Kristoes.

37. Mangsa djalma-djalma teja ngadenge kitoe, pada ngĕrik hatena, seug mihatoer ka Petroes djeung ka rasoel-rasoel noe sedjen, kijeu: Noen saderek-saderek, koemaha pilampaheun koering?

38. Lahiran Petroes ka darinja: Geura tarobat, sarta maraneh hidji-hidji djalma koedoe dibanjoean koe djĕnĕngan Jesoes Kristoes, soepaja dihampoera dosa; geus kitoe maraneh tangtoe nampa pasihan Roh Soetji.

39. Sabab ari pĕrdjangdjian teh keur maraneh djeung saanak-anak maraneh, kitoe deui keur sakoer noe djaraoeh, sarejana bae noe bakal disaoer koe Pangeran, Allah oerang.

40. Reudjeung pirang-pirang kasaoeran sadjaba ti eta Petroes mepelingan sarta mitoetoer, kijeu saoerna: Geura tarejangan keur njalamĕtkeun maneh ti ijeu bangsa noe tibalik pikir.

41. Dĕmi sakoer djalma noe narima ka pilahir Petroes, toeloej dibaranjoean; poë harita keneh ditambahkeun ka moerid kira-kira tiloe reboe djiwa.

42. Sarta pada pĕngkoeh ka piwoeroek para rasoel, djeung kana katoenggalanana, kitoe deui kana njĕmplekan roti, sarta kana nĕnĕda.

43. Ari sakabeh djalma djadi sarijeuneun, sarta loba pisan moedjidjat djeung tanda-tanda noe dipidamĕl koe para rasoel.

44. Djeung sadajana noe pĕrtjaja koempoel, sarta sabanda saboga;

45. Pada ngadjoewal radjakajana djeung barang-barangna, toeloej dibagikeun ka sadajana, koemaha panta-panta kakoerangna bae.

46. Saban-saban poë pĕngkoeh araja di kabah sarta samijoek, djeung njarĕmplekan roti pindah-pindah imah, pada dahar kalawan boengah djeung lalangsar hatena,

47. Sarta maroedji ka Allah, djeung dipikoernija koe sakabeh djalma. Ari koe Goesti saban-saban poë garedja teh ditambahan koe noe geus disalamĕtkeun.

PASAL 3.

Hidji mangsa Petroes djeung Johannes angkat sasarĕngan kana kabah, dina waktoe sĕmbahijang, nja eta djam noe kasalapan.

2. Toeloej aja hidji djalma noe gempor ti boeboedakna, keur digotong; eta oenggal poë diteundeun dina panto kabah, noe disĕboet Panto Aloes, sina nĕda sidĕkah ka noe arasoep ka kabah.

3. Ana nendjo ka Petroes djeung Johannes, barang dek arasoep ka kabah, toeloej nĕda sidĕkah.

4. Geus kitoe koe Petroes dipĕlong reudjeung Johannes, bari ngalahir: Maneh geura neuleu ka kami!

5. Tidinja seug mĕntjrong

ka arandjeunna, pamikirna bakal tampa pasihan.

6. Ari lahiran Petroes: Ĕmas-perak kami teu boga, tatapi ari kaboga kami dibikeun ka maneh: koe djĕnĕngan Jesoes Kristoes, oerang Nasaret teja, maneh geura nangtoeng, toeloej leumpang!

7. Geus kitoe ditjandak leungeunna noe katoehoe, bari ditangtoengkeun. Pada-harita soekoena djeung moemoentjanganana djadi koewat;

8. Seug ngoredjat nangtoeng, toeloej leumpang, sarta ngiring asoep ka kabah, bari leuleumpangan djeung adjroetadjroetan, sarta moedji ka Allah.

9. Dĕmi koe sakabeh djalma katendjo manehanana keur leuleumpangan bari moedji ka Allah.

10. Sarta pada sidik eta pisan noe sok dijoek dina panto kabah noe disĕboet Panto Aloes teja, malar sidĕkah; noe matak liwat-saking nja hareraneun sarta mĕlĕngĕk tina sabab noe geus didjadikeun ka eta djalma.

11. Ari eta noe gempor, noe ditjageurkeun teja, moentangan ka Petroes djeung Johannes, toeloej sakabehna djalma ngagimboeng ka arandjeunna dina emper noe disĕboet Emper Soeleman, bari hareraneun pisan.

12. Barang katingali koe Petroes, ladjĕng ngalahir ka djalma-djalma teh: Eh oerang Israil, naha maraneh mana heran ka eta pĕrkara? djeung koe naon mana malĕntjrong ka kaoela, kawas eta djalma pangbisana leumpang koe kawasa kaoela sorangan atawa koe ibadah kaoela?

13. Allah Ibrahim djeung Ishak sarta Jakoeb, Allah karoehoen oerang teja, geus ngamoeljakeun Jesoes Poetrana, noe diserenkeun koe maraneh sarta bari dianglĕs di pajoeneun Pilatoes teja, keur mangsa hoekoemanana eta koedoe dileupaskeun.

14. Ari koe maraneh anoe soetji sarta bĕnĕr teja dianglĕs, bari menta dipasihan eta djalma noe geus maehan teja;

15. Ari Radjaning hiroep koe maraneh geus dipaehan. Dĕmi koe Allah geus ditanghikeun ti noe maraot, nja kaoela noe djaradi saksi.

16. Sarta tina kapĕrtjajaan kana djĕnĕnganana, noe matak djĕnĕnganana geus ngoewatan ka ijeu djalma, noe katendjo koe maraneh sarta wawoeh; nja kapĕrtjajaan damĕl andjeunna noe geus ngawaloejakeun ka eta di hareupeun maraneh kabeh.

17. Ari ajeuna, eh doeloerdoeloer, kaoela teh njaho, maraneh pangmigawe kitoe ba-

waning koe teu njaho, kapala-kapala maraneh nja kitoe deui.

18. Satĕgĕsna Allah, djalan kitoe teh, ngalaksanakeun sakoer noe geus dioewarkeun ti heula koe andjeunna, koe lantaran lambĕj sadaja nabi-nabina, jen Kristoes teh pinjandangeun sangsara.

19. Koe sabab eta, geura pada ganti pikir, bari tarobat, soepaja dosa-dosa maraneh dipareuman, sangkan datang mangsa tiis ti pameunteu Pangeran,

20. Sarta miwarang Jesoes Kristoes, noe geus dipastenkeun ka maraneh;

21. Nja eta dikĕrsakeun ditampa koe sawarga, dongkap ka mangsa diadĕgkeun deui saniskara, noe geus diandikakeun koe Allah koe lambĕj nabi-nabina saroetji, ti baheulana.

22. Karana Moesa geus ngalahir ka karoehoen oerang, kijeu: Pangeran, Allah maraneh, mangke ngaäjakeun pikeun maraneh hidji nabi ti doeloer-doeloer maraneh, nja tjara kami; eta koe maraneh koedoe digoegoe, sadajana bae noe bakal dilahirkeun ka maraneh.

23. Ari sakoer djalma noe teu ngagoegoe ka eta nabi teja, tangtoe dibasmi leungit ti bangsa.

24. Nja kitoe deui sadajana para nabi, ti watĕs Samoeël djeung sapoengkoereunana, sarejana bae noe geus ngalahir, eta geus pada ngawartakeun deui hal mangsa ajeuna.

25. Maraneh teh nja anak para nabi, kitoe deui anak pĕrdjangdjian noe didamĕl koe Allah djeung karoehoen oerang, basa ngandika ka Ibrahim kijeu teja: Ari di djĕro toeroenan maneh teh sakabehna bangsa di doenja bakal pada kabĕrkahan.

26. Sanggeusna koe Allah diajakeun Jesoes Poetrana, dipiwarang ka maraneh panghealana, masingna ngabĕrkahan ka maraneh, koe ngoendoerkeun maraneh hidji-hidji djalma tina kagorenganana.

PASAL 4.

Sabot keur pada ngalahir ka djalma-djalma, kabĕrĕdĕg koe panghoeloe-panghoeloe djeung kapala kabah sarta ahli-ahli sadoeki;

2. Teu ngareunaheun nakĕr, tina sabab Petroes djeung Johannes ngawoeroek ka djalma-djalma, sarta ngoewarkeun hal pihoedangeun tina paeh, sapĕrti Jesoes noe djadi toeladan.

3. Toeloej pada ditangkĕp sarta ditoetoep tĕpi ka isoekna, sarehna ajeuna geus boerit.

4. Ari noe geus ngadarenge ka piwoeroek teja, loba pisan noe datang ka pĕrtjaja; djadi

djalma lalaki noe geus pěrtjaja bilanganana kira-kira lima reboe.

5. Barang braj isoek, koempoel di Jěroesalem para kapala, para kokolot djeung ahli-ahli kitab;

6. Sarta aja Hannas, panghoeloe agoeng teja, djeung Kajapas, djeung Johannes, djeung Aleksanděr, sarta sakoer koelawarga panghoeloe agoeng.

7. Tidinja pada diteundeun di těngah-těngah, seug dipariksa: Eta pěrkara teja koe maraneh dipigawe koe kawasa naon, djeung mawa ngaran saha?

8. Geus kitoe Petroes pinoeh koe Roh Soetji, sarta kijeu pihatoerna ka darinja: Eh para kapala bangsa sarěng para sěsěpoeh Israil sadaja,

9. Sarehna ajeuna sadkaoela pada diparijos tina pěrkawis kasaean ka djalma noe gěring, noe mawi dongkap ka waloeja:

10. Poerwana dioeningakeun ka adjěngan sadaja, sarěng ka sabangsa Israil, jen koe djěněngan Jesoes Kristoes, oerang Nasaret, noe dipakoe koe aradjěngan dina kai-dipalang teja, noe koe Allah ditanghikeun deui ti noe maraot, nja koe kawasana eta noe matak ijeu djalma aja di pajoeneun aradjěngan, sarta waloeja.

11. Nja eta batoe teja noe geus dipitjeun koe adjěngan toekang njarijeun imah; eta pisan noe geus didjadikeun pamageuh djoeroe.

12. Kasalamětan teh moal di noe sedjen ajana; samalah di kolong langit teu aja pisan deui ngaran noe dipaparinkeun ka djalma-djalma, noe matak keur pisalaměteun oerang.

13. Děmi eta, barang naringali kaloedeungan Petroes djeung Johannes, sarta geus waspada jen doewanana djalma teu binangkit teu pintěr, toeloej bae hareraneun, sarta ras elingeun jen eta bareto sok ngiring ka Jesoes.

14. Djeung tina sabab naringali djalma noe datang ka waloeja teja nangtoeng deukeut ka dinja, noe matak teu pisan bisaeun ngabalěsan saoer.

15. Geus kitoe dipiwarang ka loewar tina rad; toeloej rěrěmpagan djeung batoer-batoer,

16. Kijeu saoerna: Koemaha oerang nja pipětaeun ka eta djalma? Karana geus migawe tanda noe kaboektian, kanjahoan koe sakabeh noe tjaritjing di Jěroesalem, sarta koe oerang moal beunang dibohongkeun.

17. Tatapi soepaja oelah beuki njalijara ka djalma-djalma, hajoe oerang hantěm

nalek ka dinja, oelah sina ngomong deui ka sahidji djalma ge mawa ngaran eta.

18. Toeloej disalaoer deui, seug diparentahan papatjoewan pisan oelah misaoer soemawonna ngawoeroek mawa djĕnĕngan Jesoes.

19. Ari Petroes djeung Johannes ngawangsoel, kijeu pihatoerna: Geura soemangga manahan, koemaha eta bĕnĕr di pajoeneun Allah, lamoen ngagoegoe ka aradjĕngan leuwih ti batan ka Allah?

20. Karana kaoela teu kadoega teuing noenda njaritakeun anoe geus katendjo djeung kadenge koe diri kaoela.

21. Dĕmi eta tambah deui nalekna, sarta pedah teu mĕndak pikeun njiksa, toeloej bae dileupaskeun, sijeun koe djalma-djalma, sabab eta pada ngamoeljakeun ka Allah tina pĕrkara noe djadi teja.

22. Karana ari djalma noe ditibanan tanda noe matak waloeja teja, oemoerna geus leuwih opat poeloeh taoen.

23. Ari geus dileupaskeun, toeloej saroemping ka batoerbatoerna, sarta njarijoskeun sakabehna noe dilahirkeun koe para panghoeloe agoeng djeung koe para kokolot teja.

24. Mangsa eta pada ngadenge anoe kitoe pĕtana, toeloej ragĕm nja sasambat ka Allah, kijeu pioendjoekna: Noen Pangeran, nja andjeun teja Allah noe ngadamĕl langit sarĕng boemi sarĕng laoet, sarawoeh saeusina kabeh;

25. Noe geus ngandika koe lambĕj Dawoed, abdi andjeun, nja kijeu: Koe naon oerang kapir mana njarewot, djeung bangsa-bangsa mikiran pĕrkara noe tjoemah bae?

26. Radja-radja di boemi geus pada dangdan, sarta menak-menak geus pada gĕmpoengan, dek ngalawan ka Pangeran, djeung ka Kristoesna.

27. Karana sajaktosna geus gĕmpoengan Herodes sarĕng Pontioes Pilatoes, barĕng djeung oerang kapir rawoeh sagala bangsa Israil, dek ngalawan ka Jesoes, Poetra andjeun noe soetji, noe koe andjeun geus dilisahan;

28. Pada dek ngalampahkeun saniskantĕn pidjadieun noe geus dipastenkeun ti heula koe panangan sarĕng pangĕrsa andjeun.

29. Ari ajeuna, noen Pangeran, moegi-moegi tingalan panalekna, sarĕng moegi abdi andjeun pada dipasihan ngawoeroekkeun pangandika andjeun sarĕng loedeungna;

30. Koe margi andjeun kĕrsa njodorkeun panangan pikeun njageur-njageurkeun,

sarĕng sangkan diajakeun tanda sarawoeh moedjidjat koe djĕnĕngan Jesoes, Poetra andjeun noe soetji.

31. Sanggeusna nĕnĕda, ĕnggon noe dipake koempoelan teh inggeung, sarta pada dipinoehan Roh Soetji, djeung njalaoerkeun pangandika Allah kalawan loedeungna.

32. Ari sakabehna noe pĕrtjaja sahate sanjawa; hanteu aja pisan noe njĕboetkeun bandana jen eta bogana sorangan, istoening dina saniskara sabanda saboga bae.

33. Ari para rasoel rosa katjida mĕrtelakeunana pĕrkara tanghina Goesti Jesoes, djeung sadajana dipasihan koernija langkoeng pisan.

34. Karana hidji ge taja noe boetoeh; sabab sadajana noe boga lahan atawa imah, didjaroewal, ladangna toeloej dibawa, disanggakeun ka dampal para rasoel;

35. Sarta ka hidji-hidji djalma dibagikeun koemaha panta-panta kakoerangna.

36. Aja Joses, noe koe para rasoel geus ditĕlahkeun Barnabas, (nja eta ari disalin basana: anak panglilipoer), kaasoep ahli lewi, asal oerang Kiproes,

37. Eta kagoengan hidji kĕbon, toeloej didjoewal, ladangna ditjandak disanggakeun ka dampal para rasoel.

PASAL 5.

Aja hidji djalma, ngaran Ananias, djeung Sapirah pamadjikanana, ngadjoewal hidji pakarangan;

2. Seug njalingkoehkeun tina ladangna sailon djeung pamadjikanana; noe saparo dibawa, disanggakeun ka dampal para rasoel.

3. Tidinja Petroes ngalahir: Eh Ananias, koe naon hate maneh dieusian koe setan, datang ka maneh bohong ka Roh Soetji, njalingkoehkeun tina ladang lahan teh?

4. Oepama tĕtĕp tjara tadina, naha lain tĕtĕp anoe maneh? sarta ari geus didjoewal, lain di kawasa maneh keneh? Koe naon aja pakarĕpan di djĕro hate maneh migawe kitoe? Maneh bohong teh lain ka manoesa, istoening ka Allah pisan.

5. Barang Ananias ngadenge lahiran kitoe, bloek roeboeh, ka loewar njawana. Ari sakoer noe ngadenge eta pĕrkara, sarijeuneun katjida.

6. Tidinja noe baroedjang indit, ngarawatan majitna; seug digotong ka loewar, sarta diroewang sakali.

7. Kira antara tiloe djam lilana, hol pamadjikanana asoep ka dinja, teu njahoëun noe geus djadi sakitoe.

8. Ladjĕng koe Petroes di-

lahiran kijeu: Tjik tjaritakeun ka kami, lahan teh didjoewalna koe maraneh nja sakijeu ladangna? Wangsoelanana: Soemoehoen, sakitoe pisan.

9. Lahiran Petroes ka dinja: Naha maraneh wĕt datang ka rĕmpoeg ngadodja ka Roh Pangeran? Toeh, soekoe djalma noe mantas ngaroewang salaki maneh, geus aja di hareupeun panto, sarta bakal ngagotong maneh ka loewar.

10. Pada-harita awewe teh roeboeh pajoeneun dampal Petroes, seug ka loewar njawana. Geus kitoe baroedjang teja asoep, kapanggih manehanana geus paeh, toeloej digotong ka loewar, sarta diroewang direudjeungkeun djeung salakina.

11. Ari sagaredja kabeh sijeun kabina-bina, nja kitoe deui sakoer noe ngadarenge eta pĕrkara.

12. Sarta reja pisan tanda djeung moedjidjat noe dipidamĕl di djalma-djalma koe panangan para rasoel. Djeung roentoet sadajana dina emper Soeleman.

13. Ari noe sedjen mah euweuh noe wani njampoeran, tapina koe djalma-djalma para rasoel dipoesti-poesti pisan.

14. Sarta beuki reja beuki reja ditambahkeun anoe pĕrtjaja ka Goesti, mangpirang-pirang lalaki awewe;

15. Datang ka noe garĕring digotongan ka loeloeroeng, dikĕdĕngkeun dina rarandjangan djeung dina babalean, soepaja ari soemping Petroes, kalangkangna bae ngoengkoelan ka salah-sahidji.

16. Loba deui ti nagara noe sakoerilingna moeroeboel datang ka Jĕroesalem, pada mawa noe garĕring sarta noe dihareureujan koe soekma nadjis; eta sakabeh ditjageurkeun.

17. Geus kitoe panghoeloe agoeng tjĕngkat, djeung sakoer noe reureudjeungan, nja eta madhab sadoeki, pada liwat-saking nja dĕngki;

18. Toeloej bae nangkĕpan para rasoel, seug diasoepkeun ka pangberokan nagara.

19. Tatapi ti peuting aja hidji malaikat ti Pangeran, ngaboekakeun panto pangberokan, bari ladjĕng pada ditoejoen ka loewar; ari lahirna:

20. Geura marijang, moedoe ka kabah, njaoerkeun ka djalma-djalma eta sadajana pilahir kahiroepan ijeu teja.

21. Dĕmi geus ngareungeu kitoe, wantji dek braj beurang pada angkat ka kabah, toeloej ngawoeroek. Ari panghoeloe agoeng djeung noe reureudjeungan teja saroemping, toeloej njaoer rad sarta sakabeh para kokolot bangsa Israil, koedoe koempoel; djeung

bari miwarangan ka pangberokan, ngala para rasoel.

22. Barang patjalang daratang ka dinja, rasoel teh teu kasampak dina pangberokan; toeloej baralik deui, bari ngoeninga,

23. Kijeu pokna: Pangberokan teh kasampak koe simkoering ngoentji pageuh keneh, ari noe ngadjaga narangtoeng di loewar hareupeun panto; dĕmi diboekakeun, di djĕro geus taja saha-saha.

24. Mangsa pioendjoek noe kitoe teh kareungeu koe panghoeloe agoeng djeung kapala kabah sarta para panghoeloe agoeng noe sedjen, toeloej pada bingoengeun, eta pĕrkara pikoemahaeun.

25. Djĕboel hidji djalma ngoeninga ka darinja, kijeu pokna: Geuning anoe diasoepkeun koe aradjĕngan ka pangberokan teja, ajeuna narangtoeng di kabah, keur ngawoeroek ka djalma-djalma.

26. Bral kapala kabah indit, mawa patjalang-patjalang, ngala eta para rasoel, tatapi hanteu dipaksa, karana sarijeuneun koe djalma-djalma, bisi dibaledogan koe batoe.

27. Dĕmi geus dibawa, toeloej pada diteundeun di pajoeneun rad. Geus kitoe dipariksa koe panghoeloe agoeng, kijeu lahirna:

28. Naha kami sadaja ongkoh lain marentah bangĕt pisan ka maraneh, poma-poma oelah ngawoeroek mamawa ngaran eta? geuning Jĕroesalem koe maraneh geus dipinoehkeun koe pangwoeroek maraneh teh, sarta maraneh dek malikkeun gĕtih eta djalma ka kami sadaja.

29. Dĕmi Petroes djeung para rasoel ngawalon, kijeu saoerna: Wadjib ngagoegoe ka Allah leuwih ti batan ka djalma.

30. Allah karoehoen oerang geus nanghikeun Jesoes, noe koe aradjĕngan dipaehan teja djalanna digantoengkeun dina kai.

31. Eta koe Allah geus dioenggahkeun didamĕl Radja sarĕng Djoeroe-salamĕt koe panangan tĕngĕnna, soepaja ka Israil maparinkeun pĕrtobat reudjeung panghampoera dosa-dosa.

32. Nja kaoela sadaja noe djadi saksina sagala pĕrkawis eta; kitoe deui Roh Soetji, noe koe Allah geus dipasihkeun ka sakoer noe anoet ka andjeunna.

33. Barang ngareungeu kitoe, wani pada gĕrĕgĕteun hatena, seug toeloej rĕrĕmpoegan hajang pek bae maehan.

34. Tapina aja hidji ahli parisi, neut ngadĕg dina rad, ari ngaranna Gamaliel, eta djadi goeroe toret, sarta diadje-

nan koe sabangsa kabeh; toeloej miwarang rasoel koedoe dikaloewarkeun sakeudeung.

35. Geus kitoe misaoer ka batoer-batoerna: Eh sadaja oerang Israil, sing hade-hade ka noe rek dilampahkeun ka eta djalma-djalma.

36. Karana mangsa ka toekang aja Tedas teja, ngakoekeun teu sabongbrong, dirakětan koe djalma lalaki kira-kira opat ratoes bilanganana; ari eta teh dipaehan, djeung sakoer noe noeroet ka manehanana toeloej pabarěntjaj, sarta datang ka euweuh.

37. Sanggeusna ti dinja aja Joedas oerang Galilea, keur mangsa atoeran noeliskeun djalma teja, sarta loba pisan djalma noe datang ka moertad, noetoerkeun ka dinja; ari eta nja kitoe deui datang ka paeh, djeung sakoer noe noeroet ka manehanana toeloej pabarěntjaj.

38. Ajeuna sadkaoela ngelingan ka sarampejan: ingkeun eta djalma teh, arantěp bae; sabab lamoen eta pakarěpan atawa eta pagawean asal ti manoesa, tangtoe gagal.

39. Sawangsoelna oepama asal ti Allah mah, hamo beunang digagalkeun koe sarampejan, bisi ěngkena kapanggih měrangan ka Allah.

40. Ari eta teh pada ngaroedjoekan ka Gamaliel; geus kitoe rasoel disalaoer, sarta toeloej pada dirangket; tidinja diparentahan papatjoewan oelah sasaoeran mawa djěněngan Jesoes, geus kitoe dileupaskeun.

41. Ari rasoel teh arangkat ti pajoeneun rad, bari pada boengah, doemeh geus dimanah pantěs njorang kahinaan tina sabab djěněngan Jesoes;

42. Djeung hanteu eureun ngawoeroek saban-saban poë, di djěro kabah sarta mapajmapaj imah, djeung ngoewarkeun Indjil Jesoes Kristoes.

PASAL 6.

Dina mangsa harita, eukeur ngadjěmbaran moerid, djadi tinggělěnděng oerang Joenani ka oerang Ibrani, sabab randa-randana sok kalaroeng dina ngabajoean oenggal poë.

2. Sakabehna moerid toeloej koe rasoel noe doewa wělas disaoer; geus koempoel ladjěng ngalahir kijeu: Moal hade pangandika Allah koe kaoela diteler-teler, seug ngoeroeskeun medja.

3. Koe sabab eta, eh doeloer-doeloer, geura alak-ilik milih toedjoeh djalma ti lěbah maraneh, noe hade kasěboetkeunana, pinoeh koe Roh Soetji djeung kapintěran, koe kaoela dek dititah kana eta oeroesan teh.

4. Dĕmi kaoela mah bakal tarĕtĕp bae kana nĕnĕda sarta kana ngoeroeskeun pangandika teja.

5. Sadajana ngarĕmpoegan ka eta pilahir; geus kitoe milihan Sĕtepanoes, nja eta teh djalma noe pinoeh koe kapĕrtjajaan sarta Roh Soetji, djeung Pilipoes, djeung Prokoroes, djeung Nikanor, djeung Timon, djeung Parmenas, djeung Nikolaoes ti Antioki, noe tadina asoep Jahoedi.

6. Toeloej pada disanggakeun ka pajoeneun para rasoel; saparantos nĕnĕda, ladjĕng noe toedjoeh teh ditaroempangan panangan.

7. Dĕmi pangandika Allah teh beuki ngagĕngan, sarta bilangan moerid di Jĕroesalem ngarejaan katjida; malah loba pisan panghoeloe datang ka anoet kana kapĕrtjajaan.

8. Ari Sĕtepanoes teja, bawaning pinoeh koe pĕrtjaja sarta kawasa, midamĕl moedjidjat djeung tanda noe galĕde di djalma-djalma.

9. Tidinja sawareh djalma noe kabilang ka masigit noe disĕboet masigit oerang Libĕrtini, djeung oerang Kirena, kitoe deui oerang Aleksandri, sarta noe asal ti Kilikia djeung Asia, seug tjarĕngkat papadoean djeung Sĕtepanoes.

10. Tapina teu barisaeun ngalawan kana kapintĕran sarta ka eta Roh, noe djadi lantaran poerwa Sĕtepanoes ngalahir.

11. Geus kitoe pada njolokan djalma, seug eta ngaromong kijeu: Koe koela kadarenge eta teh omonganana ngagogoreng Moesa sarta Allah.

12. Toeloej ngaroesoehkeun ka djalma-djalma djeung ka para kokolot sarta ka ahli-ahli kitab, pek pada naradjang ngarontok ka Sĕtepanoes, bari diiringkeun ka pajoeneun rad;

13. Sarta njijeun saksi-saksi palsoe, noe kijeu tjaritana: Eta djalma teu pĕtot-pĕtot ngomong ngagogoreng ka ijeu ĕnggon soetji, sarta kana Toret.

14. Karana koering geus pada ngoeping omonganana, pokna jen Jesoes, oerang Nasaret teja, bakal ngaroeksak ijeu ĕnggon, sarta ngaganti adat noe ditoeroenkeun ka diri oerang koe Moesa.

15. Ari sadajana noe tjaralik dina rad, pada mĕlong ka Sĕtepanoes, katingali rarajna siga raraj malaikat.

PASAL 7.

Ngalahir panghoeloe agoeng: Eta ĕnja kitoe?

2. Ari pihatoer Sĕtepanoes: Eh saderek-saderek sarĕng rama-rama, soemangga geura

dangoekeun! Allah noe langkoeng moelja nembongan ka Ibrahim karoehoen oerang, keur mangsa di tanah Mesopotami keneh, samemeh linggih di Haran;

3. Ari pangandikana ka andjeunna: Geura ijang ti tanah maneh, djeung ti sanak-baraja maneh, indit ka hidji tanah noe dek ditoedoehkeun koe kami ka maneh.

4. Geus kitoe bral angkat ti tanah Haldea, sarta toeloej linggih di Haran. Ari ti dinja, sanggeus ramana poepoes, dialihkeun deui nja ka tanah ijeu, noe ajeuna keur ditjalikan koe aradjĕngan.

5. Sarĕng dina tanah ijeu hanteu dipasihan waris, nadjan sakaki oge, nanging maparin djangdji bakal dipasihkeun ka andjeunna djadi milikna sarĕng milik toeroenan andjeunna di poengkoereunana, keur mangsa tatjan kagoengan poetra.

6. Sarĕng Allah ngandika kijeu, jen toeroenanana bakal pada ngoembara di tanah sedjen, sarta koe oerang dinja disina koemawoela djeung diteungteuinganan opat ratoes taoen lilana.

7. Sarta timbalan Allah, ari bangsa noe dikawoelaan koe maranehanana teja, koe kami bakal dihoekoem; geus kitoe toeloej boedal, sarta bakal ngabarakti ka kami dina ĕnggon ijeu.

8. Sarĕngna deui masihan ka Ibrahim pĕrdjangdjian hal njoenatan teja. Barang geus kitoe ladjĕng poetraan Ishak, sarĕng disĕpitan di poë noe kadalapan; ari Ishak poetraan Jakoeb, sarĕng Jakoeb poetraan noe doewa wĕlas loeloegoe-karoehoen teja.

9. Dĕmi eta loeloegoe-karoehoen teh pada dĕngki ka Joesoep, sarta toeloej didjoewal ka Mĕsir; tatapi koe Allah disarĕngan,

10. Djeung dikaloewarkeun ti saniskara kasoekĕranana, bari dipaparin sih-koernija sarĕng kapintĕran di pajoeneun Piraon radja Mĕsir, dongkap koe eta didjĕnĕngkeun djoengdjoenan, disĕrahan Mĕsir sarĕng karatonna pisan.

11. Geus kitoe satanah Mĕsir djeung Kanaan kataradjang patjĕklik, sarta aja kabalangsakan gĕde, ari karoehoen oerang teu marĕndak kadaharan.

12. Tatapi Jakoeb ngadangoe jen di Mĕsir aja gandoem, ladjĕng miwarangan karoehoen oerang ka dinja barangmimiti.

13. Ari kadoewa-kalina saderekna djadi njarahoëun ka Joesoep, samalah bangsa Joesoep harita kaoeninga koe Piraon.

14. Tidinja Joesoep ngadjoe-

roengkeun, ngahatoeranan ngalih ka Jakoeb ramana, rawoeh sakoelawĕrgina, djoemlah toedjoeh poeloeh lima djiwa.

15. Geus kitoe Jakoeb soemping ka Mĕsir, ladjĕng poepoes, nja andjeunna sarĕng para karoehoen oerang.

16. Sarta toeloej dibawa ka nagara Sihem, diarebogkeun dina makam beunang Ibrahim ngartos ti poetra-poetra Hemor, rama Sihem.

17. Ari mingkin deukeut ka waktoe pĕrdjangdjian, noe koe Allah didjangdjikeun teja ka Ibrahim koe soempah, bangsa teh mingkin njalijara sarĕng ngalobaan di Mĕsir;

18. Tĕpi ka djoemĕnĕng radja sedjen, noe teu njahoeun pisan ka Joesoep.

19. Eta mah ngadjoeligan ka bangsa oerang, sarĕng neungteuinganan ka karoehoen oerang, moenggah koedoe maritjeun orokna, oelah sina ngarĕkahan.

20. Dina mangsa harita Moesa diowokeunana, sarta liwat-langkoeng nja kasep, dimoemoele tiloe boelan lamina di djĕro boemi ramana.

21. Dĕmi geus dipitjeun, toeloej dipoeloeng koe poetra Piraon noe istri, koe eta dimoemoele, arek diangkĕn poetra pribadi.

22. Tidinja Moesa teh diwoeroekan saniskara kapintĕran oerang Mĕsir, djadi kawasa lahiranana sarĕng dadamĕlanana.

23. Ari geus dongkap ka opat poeloeh taoen, aja manah ngĕrsakeun ngalajad ka saderek-saderekna, toeroenan Israil.

24. Barang ningali hidji djalma noe dipahala, toeloej diraksa, sarta dipangmalĕskeun noe dipĕrgasa teja, dipaehan eta oerang Mĕsir teh.

25. Ari pamikir Moesa saderek-saderekna tangtoe ngahartieun jen Allah ngĕrsakeun maparin pitoeloeng ka darinja koe lantaran panangan Moesa; tatapi hanteu ngahartieun.

26. Ari isoekna nembongan ka darinja; parĕng aja noe gĕloet; seug diwoeroek sina rapih, kijeu lahirna: Eh djalma, maraneh pada doeloer, naha wĕt silih-pahala?

27. Dĕmi koe noe mahala ka batoerna, Moesa teh disoentroengkeun, ari omongna: Saha ka sampejan noe ngadjĕnĕngkeun kapala djeung djaksa ka kaoela kabeh?

28. Naha sampejan dek maehan koela deui, tjara kamari sampejan maehan oerang Mĕsir teja?

29. Tidinja Moesa teh kaboer lantaran omongan kitoe, sarĕng ngoembara di tanah Midian; di dinja meunang doewa poetra pamĕgĕt.

30. Ari geus opat poeloeh taoen, Malaikat ti Pangeran nembongan ka andjeunna di tĕgal goenoeng Toersina, di djĕro seuneu ngagĕboer dina leuweung tjoetjoek.

31. Barang katingal koe Moesa, heraneun pisan tina eta titingalian. Ana dideukeutan dek diwaspaoskeun, aja gĕntra ti Pangeran ka andjeunna kijeu:

32. Ijeu kami Allah karoehoen maneh, nja Allah Ibrahim, djeung Allah Ishak, sarta Allah Jakoeb. Toeloej Moesa teh ngagidir, teu wanieun ngawaspaoskeun.

33. Geus kitoe Pangeran ngandika deui ka Moesa: Geura laan taroempah tina soekoe maneh, karana ijeu ĕnggon noe keur ditangtoengan koe maneh, nja taneuh soetji.

34. Kami geus waspada pisan ka pĕrkara diteungteuinganan oemat kami noe di Mĕsir, sarta koe kami geus kadenge roemahoehna, malah ajeuna geus toeroen dek noeloeng ka darinja. Hijap maneh ka dijeu, koe kami dek dititah ka Mĕsir.

35. Eta Moesa teh, noe ditampik koe maranehanana, bari ngomong kijeu teja: Saha ka sampejan noe ngadjĕnĕngkeun kapala djeung djaksa ka kami? nja eta pisan noe dipiwarang koe Allah, djadi kapala sarĕng poerah noeloeng, koe panangan Malaikat, noe nembongan ka andjeunna di djĕro leuweung tjoetjoek teja.

36. Nja koe eta diboedalkeunana, sarĕng ngadamĕl moedjidjat djeung tanda di tanah Mĕsir, sarawoeh dina Laoet Beureum, kitoe deui di tĕgal lĕga, opat poeloeh taoen lilana.

37. Nja eta Moesa teja, noe geus ngalahir ka oerang Israil kijeu: Pangeran, Allah maraneh, mĕngke ngaäjakeun pikeun maraneh hidji nabi ti doeloer-doeloer maraneh, nja tjara kami; eta koe maraneh koedoe digoegoe.

38. Nja eta teh, noe dina koempoelan di tĕgal lĕga reureudjeungan djeung Malaikat, noe ngalahir ka andjeunna di loehoer goenoeng Toersina teja, sarta reureudjeungan djeung para karoehoen oerang; sarĕng nampa lahiran noe hariroep, paparinkeuneun ka diri oerang.

39. Ari karoehoen oerang teja teu daraekeun noeroet ka andjeunna, anggoer toeloej noekangan, bari djeung hatena malik ka Mĕsir.

40. Pihatoerna ka Haroen: Koering geura pangdamĕlkeun äällahan keur ti heulaeun koering; karana ari Moesa, noe ngaboedalkeun koering ti djĕ-

ro tanah Mĕsir teh, doeka kataradjang naon.

41. Dina mangsa harita maranehanana njijeun hidji anak sasapian, sarta pada nganteuran pangabakti ka brahala teh, bari saroekaeun koe tina djidjijeunan leungeun sorangan.

42. Tidinja Allah moengkoer, sarta maranehanana ditjoetjoedkeun sina ngabakti ka sagala balad langit; sapĕrti noe dioengĕlkeun dina Kitab para nabi, kijeu teja: Eh anak-poetoe Israil, naha karah maraneh teh basa di tĕgal lĕga opat poeloeh taoen lilana, njanggakeun koerban djeung pangabakti ka kami?

43. Ĕnjana mah maraneh ngagogotong balandongan Moloh, djeung bebentengan Rempan, nja eta artja beunang maraneh njijeun pikeun sĕsĕmbaheun teja; kami dek mindahkeun maraneh ka beh ditoeëun Baboel.

44. Balandongan pamĕrtelaan teh aja di karoehoen oerang di tĕgal lĕga, sapĕrtos noe geus ditimbalkeun koe noe miwarang ka Moesa, jen koedoe dipidamĕl koe andjeunna niroe tjonto noe geus katingali.

45. Dĕmi eta geus katampa koe karoehoen oerang, toeloej dibawa, ngiring Josoewa, asoep ka tanah bogana oerang kapir, noe disalingkirkeun koe Allah tina hareupeun karoehoen oerang, dongkap ka djaman Dawoed.

46. Ari Dawoed teh mĕndak sih-koernija ti Allah, sarĕng panĕdana, hojong dipanggihkeun ĕnggon pilinggiheun Allah Jakoeb.

47. Nja Soeleman noe ngadamĕl gĕdong bade Allah.

48. Tatapi ari noe Langkoeng Agoeng mah moal linggih dina kabah beunang njijeun koe leungeun, sakoemaha pilahir nabi noe kijeu teja:

49. Ari pangandika Pangeran: Sawarga teh nja panglinggihan kami, sarta boemi djodjodog dampal kami. Maraneh teh rek njijeun imah koemaha keur kami? djeung naon ĕnggon pangreureuhan kami teh?

50. Naha lain panangan kami noe geus ngadamĕl eta sakabehna?

51. Eh noe hareuras beuheung, sarta noe teu disoenatan hate djeung tjeuli! maraneh salalawasna ngalawan ka Roh Soetji teh, sapĕrti karoehoen maraneh, nja kitoe deui diri maraneh!

52. Nabi mana noe teu dikanijaja koe karoehoen maraneh? Nja pada maehan bae ka sadajana noe ngoewarkeun ti heula pisoempingeunana noe bĕnĕr teja, noe geus dihijanat sarta dipaehan koe maraneh ajeuna;

53. Nja maraneh noe geus nampanan Toret, didawoehkeun koe malaikat, tatapi hanteu ditĕtĕpkeun!

54. Barang ngareungeu kitoe, wani pada gĕrĕgĕteun hatena, sarta kĕrat-kĕrot hoentoena ka Sĕtepanoes.

55. Tatapi Sĕtepanoes teh pinoeh koe Roh Soetji, seug tanggah sotjana ka langit, toeloej ningali kamoeljaan Allah, djeung Jesoes keur ngadĕg tĕngĕneun Allah.

56. Ari saoerna: Toeh katendjo koe kaoela langit molongo, ari Poetra manoesa teh keur ngadĕg tĕngĕneun Allah.

57. Tatapi eta djalma-djalma pada raong sosowakan, bari njarotjokan tjeuli, brĕg bae ragĕm naradjang ka Sĕtepanoes,

58. Sarta pada ngadjongklokkeun ka loewar ti djĕro nagara, djeung dibaledogan koe batoe. Ari saksi teh pada ngalaanan papakean sorangan, diteundeun kana soekoe hidji djalma boedjang, ngaran Saoeloes.

59. Tidinja pada maledogan ka Sĕtepanoes, noe keur sasambat, kijeu pihatoerna: Noen Goesti Jesoes, moegi nampi njawa simkoering!

60. Geus kitoe brĕk tapaktoeoer, sarta njĕloek bari bĕdas sowarana, kijeu: Noen Goesti, moegi oelah dibalĕskeun ijeu dosa teh ka eta djalma-djalma! Ari geus mihatoer kitoe, toeloej maot.

PASAL 8.

Ari Saoeloes teh atoheun Sĕtepanoes dipaehan. Dina mangsa harita garedja noe di Jĕroesalem toeloej dikanijaja bangĕt katjida, datang ka pabalĕntjar sadajana di tanah Joedea djeung tanah Samaria; kadjaba ti para rasoel.

2. Aja djalma aribadah, noe ngarawatan ka Sĕtepanoes, sarta katjida njeungtjeurikanana.

3. Dĕmi Saoeloes teh ngaboerak-barik ka garedja, asoep ka oenggal imah, seug awewe lalaki disesered, diselehkeun ka pangberokan.

4. Ari sakoer noe pabalĕntjar teja toeloej oedar-idĕr bari ngoewarkeun pangandika.

5. Ari Pilipoes soemping ka nagara Samaria, sarta toeloej ngoewarkeun Kristoes ka oerang dinja.

6. Geus kitoe djalma-djalma ragĕm nja ngarĕgĕpkeun ka sakoer noe disaoerkeun koe Pilipoes, pedah ngadarenge sarta narendjo sagala tanda noe dipidamĕl koe Pilipoes teh.

7. Karana reja pisan noe kaasoepan soekma nadjis datang ka ka loewar soekma teh, bari gĕgĕroan sarta bĕdas sorana; reja deui noe gempor

djeung noe dejog datang ka ditjageurkeun.

8. Anoe matak di nagara eta djadi kaboengahan katjida.

9. Aja hidji djalma, ngaran Simon, tadina di nagara eta djadi toekang sihir, sarta sok njijeun anoe matak ngaherankeun ka oerang Samaria; djeung ngadakoekeun djalma poendjoel.

10. Sarereja, kolot boedak, pada sarĕgĕp ka dinja, sarta pada njĕboet kijeu: Eta teh pangawasa Allah noe leuwih gĕde!

11. Anoe matak sarĕgĕpeun ka Simon teh, sabab geus lila pisan nja ngaheran-herankeun ka darinja koe sihirna.

12. Tatapi mangsa geus pada pĕrtjaja ka Pilipoes, noe ngoewarkeun Indjil karadjaan Allah, kitoe deui padjĕnĕngan Jesoes Kristoes, toeloej dibaranjoean awewe lalaki.

13. Malah Simon ge pĕrtjaja, toeloej dibanjoean, sarta teu pisah-pisah ti Pilipoes; barang nendjo tanda djeung moedjidjat noe araheng, noe dipidamĕl koe Pilipoes, seug hareugeueun.

14. Mangsa para rasoel di Jĕroesalem ngadangoe jen Samaria geus narima pangandika Allah, ladjĕng ngahiras Petroes djeung Johannes ka oerang dinja.

15. Dĕmi geus saroemping, ladjĕng mangnĕdakeun eta djalma-djalma, moegi dipasihan Roh Soetji.

16. Karana Roh tatjan loengsoer ka djalma hidji-hidji atjan, ngan kakara dibanjoean bae koe djĕnĕngan Goesti Jesoes.

17. Ladjĕng koe rasoel pada ditoempangan panangan, geus kitoe narampa Roh Soetji.

18. Barangna katendjo koe Simon, jen Roh Soetji dipaparinkeun koe lantaran rasoel noempangkeun panangan, toeloej ngahatoeranan doewit,

19. Pokna: Kaoela paparin kawasa kitoe, soepaja sahasaha noe ditoempangan leungeun koe kaoela, sina tarima Roh Soetji.

20 Ari lahiran Petroes ka dinja: Eta doewit maneh sing tjilaka sarta djeung diri maneh, sababna pamikir maneh pasihan Allah beunang koe doewit!

21. Maneh teh beu boga bagian atawa doeoeman ka ijeu pĕrkara, karana hate maneh hanteu bĕnĕr di pajoeneun Allah.

22. Koe sabab eta, maneh geura tobat tina ijeu kagorengan maneh, sarta koedoe nĕnĕda ka Allah, malah-mandar dihampoera pamikir hate maneh noe kitoe teh.

23. Karana katendjo koe kami maneh teh hampĕroe pait, sarta katjangreudan kadorakaan.

24. Ari Simon ngawangsoel, kijeu pihatoerna: Moegi andjeun pada mangnĕdakeun simkoering ka Pangeran, soepaja simkoering oelah tjijos kataradjang koe noe dilahirkeun koe andjeun teja.

25. Dĕmi rasoel, sanggeusna mĕrtelakeun sarta ngawoeroekkeun pangandika Pangeran, toeloej maroelih ka Jĕroesalem, bari ngoewarkeun Indjil ka sababaraha desa oerang Samaria.

26. Geus kitoe hidji malaikat ti Pangeran ngalahir ka Pilipoes, kijeu lahirna: Geura hoedang, toeloej leumpang ka beh kidoel, ngadjoegdjoeg djalan noe ti Jĕroesalem tĕroes ka Gasa, djalan noe bala teja.

27. Tidinja tanghi, seug angkat. Doemadakan aja hidji oerang Habĕsi, mantri djĕro, ponggawa radja istri oerang Habĕsi, noe djĕnĕngan Kandasi, poerah ngoeroeskeun sakabeh doenja-brana kagoengan radja; eta teh angkat ka Jĕroesalem sĕdja nĕnĕda;

28. Ajeuna keur moelih, noenggangan karetana, sarta bari ngadji kitab nabi Jĕsaja.

29. Ari Roh nimbalan ka Pilipoes: Geura njampeurkeun ngagendeng eta kareta.

30. Seug Pilipoes njampeurkeun; toeloej ngareungeu eta keur ngadji kitab nabi Jĕsaja. Pok njaoer Pilipoes: Koemaha kahartos noe diaos teh?

31. Ari walonna: Koemaha pingahartoseun, lamoen taja noe ngawoeroek ka kaoela? Toeloej noenoehoen ka Pilipoes, moegi toenggang, tjalik sasarĕngan.

32. Dĕmi oengĕlna kitab noe diadji teh kijeu: Andjeunna ditoengtoen ka pameuntjitan tjara domba, sarta sapĕrti anak domba noe balĕm di hareupeun noe ngagoentingan, nja kitoe deui andjeunna hanteu ĕngah lambena.

33. Dina keur njandang kahinaan hoekoemanana dileungitkeun, djeung saha noe rek njĕboetkeun kana pioemoereunana? karana hiroepna geus ditjandak ti boemi.

34. Geus kitoe mantri djĕro teh mihatoer ka Pilipoes, kijeu saoerna: Kaoela noenoehoen, saha teja noe dilahirkeun koe nabi kitoe teh? salirana, oetawi noe sanes?

35. Tidinja Pilipoes ngangah lambĕjna, seug njarijoskeun Jesoes ka mantri teh, mimitina nja ti pilahir kitab tadi teja.

36. Dĕmi keur loemampah di djalan, kabĕnĕran dongkap kana hidji tjai; pok njaoer mantri djĕro teh: Tah aja tjai di dinja: koemaha taja halangan kaoela dibanjoean?

37. Ari walonan Pilipoes: Lamoen andjeun pěrtjaja těroes reudjeung manah, meunang pisan. Toeloej ngawangsoel, kijeu saoerna: Kaoela pěrtjaja pisan Jesoes Kristoes teh Poetra Allah.

38. Geus kitoe miwarang ngeureunkeun kareta; toeloej doewanana, Pilipoes djeung eta mantri, loengsoer ka djěro tjai, seug dibanjoean.

39. Děmi geus harandjat ti djěro tjai, Pilipoes dimoesnakeun koe Roh, koe mantri djěro teh hanteu katingali deui, karana ngaladjěngkeun djalanna sarta boengaheun.

40. Ari Pilipoes ajana deui di nagara Asdod; ladjěng angkat, bari ngoewarkeun Indjil mapaj-mapaj sakabeh nagara, dongkap ka nagara Kesarea.

PASAL 9.

Děmi Saoeloes teja masih ngěntab-ngěntab napsoena, sarta amoek-amoekan djeung maehan ka moerid-moerid Goesti, toeloej ngadeuheusan ka panghoeloe agoeng,

2. Njoehoenkeun soerat baris ka sagala masigit noe aja di nagara Damsik, soegan manggih anoe noeroet djalan agama eta, boh awewe boh lalaki, dek ditalian, dibawa ka Jěroesalem.

3. Ari keur loemakoe, geus deukeut ka Damsik, ngadakngadak katodjo-koe tjahja ti langit;

4. Bloek tibeubeut ka taneuh. Toeloej ngadenge gěntra, noe ngalahir ka manehna: Eh Saoel, Saoel, naha maneh bět nganijaja ka kami?

5. Ari wangsoelanana: Noen Goesti, andjeun teh saha? Lahiran Goesti: Kami teh Jesoes, noe dikanijaja koe maneh teja. Soesah maneh ari dek njepak kana panjotjog mah.

6. Děmi Saoeloes teh ngadegdeg djeung baloewas; toeloej oendjoekan: Noen Goesti, pangěrsa teh simkoering milampahkeun koemaha? Lahiran Goesti ka dinja: Geura hoedang, toeloej asoep ka nagara, sarta bakal dibedjaan anoe koedoe dipilampah koe maneh.

7. Ari djalma-djalma batoer Saoeloes nangtoeng sarta haroökeun, gěntra teh kadarenge, teu aja boektina.

8. Geus kitoe Saoeloes hoedang tina taneuh; ana beunta panonna, teu katendjo naonnaon. Toeloej koe batoerna ditoengtoen, dibawa ka djěro Damsik.

9. Tiloe poë lilana teu bisa nendjo, teu dahar teu nginoem.

10. Děmi di Damsik aja hidji moerid, ngaran Ananias; eta koe Goesti dilahiran dina tetendjoan, kijeu: Ananias! Wangsoelanana: Noen Goesti, ijeu simkoering teh.

11. Lahiran Goesti ka dinja: Geura hoedang, toeloej indit ka loeloeroeng, noe disĕboet Loeloeroeng lĕmpĕng, geus kitoe ka imah Joedas tanjakeun noe ngaran Saoeloes ti Tarsoes; sabab ajeuna keur nĕnĕda,

12. Sarta geus nendjo dina tetendjoan aja hidji djalma ngaran Ananias, asoep, seug noempangkeun leungeun ka manehanana, soepaja datang ka bisa nendjo deui.

13. Ari wangsoelan Ananias: Noen Goesti, simkoering geus ngadenge ti djalma reja pisan moenggoeh eta djalma teh geus loba katjida nja migawe kagorengan ka sakoer noe saroetji kagoengan Goesti, di Jĕroesalem;

14. Sarĕng manehanana di dijeu boga kawasa ti panghoeloe agoeng, nalian sakabeh noe sasambat ka padjĕnĕngan andjeun.

15. Dĕmi lahiran Goesti ka Ananias: Geura bral bae, karana eta teh wadah beunang milih kami, dibakoekeun mamawa djĕnĕngan kami ka hareupeun oerang kapir, djeung ka hareupeun radja-radja, sarta ka oerang Israil.

16. Karana kami rek noedoehkeun ka manehanana, jen ditangtoekeun loba katjida nja pinjorangeun sangsara tina sabab djĕnĕngan kami.

17. Geus kitoe Ananias angkat, toeloej asoep ka eta imah, seug Saoeloes teh ditoempangan panangan, bari njaoer: Eh Saoel, saderek, kaoela dipiwarang koe Goesti, nja eta Jesoes, noe nembongan ka sampejan dina djalan noe disorang koe sampejan teja, soepaja sampejan bisa ningali deui, sarta dieusian koe Roh Soetji.

18. Pada-harita aja noe ragrag ti panonna, djiga koeloemoed, braj bae bisa nendjo deui; geus kitoe hoedang, sarta dibanjoean.

19. Sanggeusna barangdahar, toeloej koewat. Ari Saoeloes teh tjalik di moeridmoerid noe aja di Damsik meunang sababaraha poë,

20. Sarta harita keneh di masigit-masigit seug ngoewarkeun Kristoes, jen eta teh Poetra Allah.

21. Dĕmi sakabeh noe ngadenge pada mĕlĕngĕk, aromongna: Naha lain nja eta noe ngaroeksak di Jĕroesalem sakoer noe sasambat ka eta ngaran, noe matak datang ka dijeu karĕpna dek nalian ka noe kitoe, dibawa ka panghoeloe agoeng?

22. Ari Saoeloes teh beuki tambah dikoewatkeunana, sarta njĕsĕdĕk ka oerang Jahoedi noe araja di Damsik, ngajakinkeun jen Jesoes teh Kristoes.

23. Geus rada lila oerang

Jahoedi seug babadamian, dek maehan ka Saoeloes;

24. Tatapi pangarahna kaboro aja noe ngoeningakeun ka Saoeloes. Malah datang ka pada ngadjaga beurang-peuting di panto nagara, karĕpna dek maehan.

25. Dĕmi koe moerid-moerid Saoeloes ditjokot ti peuting, dibidjilkeun tina koeta, dioeloer dina karandjang.

26. Sanggeus soemping ka Jĕroesalem, Saoeloes sĕdjana dek tjampoer ka moerid-moerid, tatapi dipake kasijeun koe sakabehna, hanteu pĕrtjajaeun jen geus djadi moerid.

27. Tidinja ditjandak koe Barnabas, dideuheuskeun ka para rasoel, bari njarijoskeun jen Saoeloes di djalan geus ningali Goesti, sarta koe Goesti dilahiran, samalah di Damsik geus ngawoeroek koe djĕnĕngan Jesoes sarta kaloedeunganana.

28. Geus kitoe Saoeloes teh di Jĕroesalem djeung para rasoel sasarĕngan bae;

29. Sarta ngawoeroek koe djĕnĕngan Goesti Jesoes djeung kaloedeunganana. Malah djeung oerang Joenani ge sok sasaoeran djeung papadoean; tatapi ari eta teh ngarah maehan ka Saoeloes.

30. Mangsa katangen koe doeloer-doeloer, seug Saoeloes teh dibawa ka nagara Kesarea, toeloej disina angkat ka nagara Tarsoes.

31. Dĕmi garedja di sakoeriling Joedea djeung Galilea sarta Samaria pada sarĕnang kabeh, sarta disantosaan; ari lalampahanana sijeun koe Pangeran, bari dililipoer koe Roh Soetji, anoe matak ngalobaan.

32. Dina hidji mangsa Petroes keur ngadjadjah ka mana-mana, toeloej soemping ka djalma saroetji noe aja di nagara Lida.

33. Di dinja mĕndakan hidji djalma, ngaran Eneas, ngalondjor dina kasoer geus meunang dalapan taoen lilana, kasakitna gempor.

34. Geus kitoe Petroes ngalahir ka dinja: Eh Eneas, Jesoes Kristoes maparin tjageur ka maneh; geura hoedang, bĕbĕnahan ĕnggon koe maneh bae! Pada-harita ge hoedang.

35. Tidinja eta teh katendjo koe sakabeh djalma noe aja di Lida djeung di Saron, sarta pada tobat pĕrtjaja ka Goesti.

36. Ari di nagara Jopa aja hidji moerid istri, ngaranna Tabita, tĕgĕsna ari disalin basana: Dorkas. Eta teh pinoeh koe kahadean sarta sidĕkah; nja kitoe noe dipilampah.

37. Kabĕnĕran dina mangsa harita keuna koe kasakit, sarta toeloej maot. Dĕmi geus disiraman, toeloej dikĕdĕngkeun dina loteng.

38. Sarehna Lida teh deukeut ka Jopa, moerid-moerid barang ngadenge bedja jen Petroes keur tjalik di dinja, toeloej ngadjoeroengkeun doewa djalma, panoenoehoenna moegi tereh soemping, oelah disĕlang.

39. Neut indit Petroes, seug angkat sasarĕngan djeung eta djalma. Dĕmi geus soemping ka dinja, toeloej dianteur ka loteng teja. Sakabeh randa-randa ngadeuheusan, barina tjeurik, pada mintonkeun ka Petroes samping djeung badjoe, beunang Dorkas njijeun keur waktoe babarĕngan keneh.

40. Ladjĕng koe Petroes diboedalkeun sakabehna; geus kitoe tapak-dĕkoe, sarta nĕnĕda; seug tidinja ngahareupan ka majit, bari njaoer: Eh Tabita, geura hoedang! Braj beunta panonna; ana nendjo ka Petroes, toeloej njanghoendjar.

41. Geus kitoe koe Petroes ditjandak leungeunna, bari dihoedangkeun; ari geus disaoer djalma saroetji sarta randa-randa teja, toeloej nembongkeun Tabita geus hiroep.

42. Dĕmi eta teh kaoetarakeun di sakoeriling Jopa, sarta loba pisan noe djadi pĕrtjaja ka Goesti.

43. Sanggeusna ti dinja Petroes rada lila di Jopa, ngandjrĕk di Simon, toekang ngasakan koelit.

PASAL 10.

Aja hidji djalma di nagara Kesarea, ngaranna Kornelioes, kapala barisan, noe disĕboet barisan Itali;

2. Ibadah sarta sijeun koe Allah djeung saeusi-boemina, gĕtol pisan sidĕkahna ka djalma-djalma, sarta teu pĕtot-pĕtot nĕnĕdana ka Allah.

3. Dĕmi eta manggih tetendjoan kira waktoe djam kasalapan, sarta nendjo tĕgĕs pisan aja hidji malaikat ti Allah asoep ka boemina, ari lahirna kijeu: Kornelioes!

4. Tidinja bĕngong ka malaikat teh, bari reuwaseun, ari pihatoerna: Aja naon, Goesti? Lahiranana ka dinja: Panĕda reudjeung sidĕkah maneh geus oenggah ka pajoeneun Allah, djadi pangeling-ngeling.

5. Ajeuna geura nitahan djalma ka Jopa, moedoe hatoeranan tjalik ka Simon, noe katĕlah Petroes;

6. Keur ngandjrĕk di Simon, toekang ngasakan koelit, imahna di sisi laoet; tangtoe bakal njaoerkeun ka maneh sakoer anoe koedoe dipilampah koe maneh.

7. Mangsa geus moelih malaikat noe ngalahir ka Kornelioes, toeloej njaoer doewa boedjangna, djeung hidji sĕrdadoe noe ibadah, ti sakoer

noe bakoe ngadjaga di dinja;

8. Seug pada ditjarijosan saniskara, geus kitoe dipiwarang ka Jopa.

9. Dĕmi isoekna, waktoe eta keur di djalan, sarta geus deukeut ka nagara, kira wantji djam noe kagĕnĕp, Petroes naek ka loehoer imah, sĕdja nĕnĕda.

10. Tidinja loengse, hajang barangdahar. Sabot keur ditjawisan, seug Petroes kataradjang pana;

11. Sarta ningali langit molongo, djeung aja noe toeroen ka pajoeneunana, hidji wadah siga lawon roebak, ditalikeun opat djoeroena, dioeloer ka boemi;

12. Ari eusina sagala sasatoan noe soekoe opat, kitoe deui sakoer noe garalak, sarta noe tingkarajap, djeung sakoer manoek awang-awang.

13. Geus kitoe ka Petroes aja gĕntra kijeu: Geura hoedang, Petroes, eta peuntjit, toeloej hakan!

14. Ari wangsoelan Petroes: Hamo pisan, Goesti! karana simkoering saoemoer tatjan nĕda anoe haram sarĕng nadjis.

15. Mindo deui aja gĕntra ka Petroes kijeu: Noe geus dihalalkeun koe Allah, koe maneh oelah rek diharamkeun.

16. Gĕntra kitoe teh datang ka tiloe kali; toeloej eta wadah ditaekkeun deui ka langit.

17. Mangsa Petroes keur poëkeun sadjĕroning manahna dina pihartieunana tetendjoan noe katingali teja, doemadakan eta djalma, piwarangan Kornelioes teja, geus nanjakeun imah Simon, ajeuna narangtoeng di hareupeun panto;

18. Bari ngagĕroan, nanjakeun soegan di dinja tjalikna Simon, noe katĕlah Petroes.

19. Dĕmi sabot Petroes keur mikiran tetendjoan teja, ladjĕng dilahiran koe Roh, kijeu: Toeh aja tiloe djalma, nejangan maneh.

20. Ajeuna geura hoedang sarta toeroen, toeloej indit babarĕngan djeung eta, sarta oelah rek mangmang, karana kami noe miwarang inja.

21. Geus kitoe Petroes loengsoer, njampeurkeun ka eta djalma, piwarangan Kornelioes teja, ari saoerna: Nja ijeu oerang, noe ditejangan koe maraneh teh; naon sababna noe matak maraneh datang ka dijeu?

22. Ari wangsoelanana: Noen, Kornelioes, kapala sĕrdadoe, djalma bĕnĕr sarĕng sijeun koe Allah, anoe sae kasĕboetkeunana koe sabangsa oerang Jahoedi, nampi timbalan ti Allah dilantarankeun koe hidji malaikat soetji, jen andjeun teh koedoe dihatoe-

ranan ka boemina, bade ngoeping lahiran ti andjeun.

23. Tidinja eta djalma koe Petroes disaoer ka djĕro, sarta diandĕg. Dĕmi isoekna toeloej angkat babarĕngan djeung maranehanana, ari doeloer-doeloer noe aja di Jopa ngiring sawareh.

24. Isoekna deui soemping ka Kesarea. Dĕmi Kornelioes teh keur ngantosan, geus ngoempoelkeun sanak-barajana djeung sobat-sobat dalit.

25. Barang Petroes asoep, dipapagkeun koe Kornelioes, brĕk mĕndĕk ka dampalna, bari soedjoed.

26. Tatapi koe Petroes ditangtoengkeun, bari njaoer: Geura tjĕngkat, kaoela mah saroewa djalma keneh.

27. Toeloej sasaoeran, bari asoep ka djĕro, sarta njampak reja pisan noe koempoel.

28. Ari saoerna ka dinja: Maraneh geus pada njaho, jen oerang Jahoedi hanteu kawidian reureudjeungan atawa ngandjang ka bangsa sedjen, tatapi Allah geus maparin pitoedoeh ka kaoela, ka sahidji djalma ge oelah njĕboet haram atawa nadjis.

29. Koe sabab kitoe, kaoela keur waktoe diadjak ka dijeu, teu ngahesekeun. Ari ajeuna kaoela nanja, naon sababna noe matak kaoela koe maraneh diadjak ka dijeu?

30. Walonan Kornelioes: Kamari ijeu, kaheuleutan koe opat poë, simkoering poewasa dongkap ka wantji kiwari, dĕmi wantji djam noe kasalapan simkoering nĕnĕda di djĕro imah.

31. Doemadakan aja hidji djalma ngadĕg di hareupeun simkoering, panganggona hoeroeng-herang, ari lahirna kijeu: Eh Kornelioes, panĕda maneh geus dikaboel, sarta sidĕkah maneh geus djadi pangelingan di pajoeneun Allah.

32. Koe sabab eta, geura nitahan ka Jopa, moedoe hatoeranan tjalik ka Simon, noe katĕlah Petroes, keur ngandjrĕk di imah Simon, toekang ngasakan koelit, di sisi laoet; ari geus soemping, tangtoe ngalahir ka maneh.

33. Koe pĕrkawis eta, simkoering waktoe harita keneh ngadjoeroengkeun ka andjeun; soekoer pisan andjeun teh linggih ka dijeu. Ajeuna simkoering geus karoempoel di pajoeneun Allah, sĕdja ngoepingkeun saniskantĕn noe koe Allah geus ditimbalkeun ka andjeun.

34. Geus kitoe Petroes ĕngah lambĕjna, sarta njaoer kijeu: Ajeuna kaoela ngarti saĕnja-ĕnjana, jen Allah teu pisan pilih-kasih;

35. Saestoena mah di oenggal-oenggal bangsa, sakoer noe

sijeun koe andjeunna sarta milampahkeun kabĕnĕran, nja eta noe kamanah koe andjeunna teh.

36. Ari pangandika noe koe andjeunna didatangkeun ka bangsa Israil, ngoewarkeun kasĕnangan koe lantaran Jesoes Kristoes, nja eta teh Goesti sakabehna djalma.

37. Maraneh geus pada njaho kana pĕrkara noe boekti di satanah Joedea kabeh, mimitina ti Galilea, sanggeusna pangbanjoe noe dioewarkeun koe Johannes teja;

38. Pĕrkara Jesoes ti Nasaret, jen eta koe Allah geus dilisahan Roh Soetji sarta kawasa, ladjĕng oedar-idĕr bari midamĕl kasaean, sarta njageurkeun ka sakabeh noe kalindih koe Iblis; sabab andjeunna disarĕngan koe Allah.

39. Kaoela sakabeh noe djadi saksi ka saniskara noe dipidamĕl koe andjeunna di tanah Jahoedi sarta di Jĕroesalem. Dĕmi koe oerang Jahoedi toeloej dipaehan, digantoengkeun dina kai.

40. Nja eta teh koe Allah ditanghikeun dina poë noe katiloe, sarta disina tembong,

41. Lain ka sabangsa kabeh, ngan ka saksi beunang Allah milih ti heula, nja kaoela sakabeh, noe dahar-leueut sasarĕngan djeung andjeunna, sanggeusna tanghi ti noe maraot.

42. Sarta geus miwarang ka kaoela sakabeh ngoewarkeun djeung mĕrtelakeun ka djalma-djalma, jen salira andjeunna noe koe Allah dikĕrsakeun poerah ngahoekoeman noe hariroep sarta noe paraeh.

43. Nja andjeunna noe dipĕrtelakeun koe sadaja para nabi, jen saha-saha noe pĕrtjaja ka andjeunna, tangtoe dihampoera dosa koe lantaran djĕnĕnganana.

44. Sabot Petroes keur njaoerkeun keneh kasaoeran tadi, Roh Soetji teh loengsoer ka sakabeh noe keur ngadengekeun pangandika.

45. Dĕmi djalma noe pĕrtjaja kaasoep bangsa disoenat, sakoer noe ngiring ka Petroes teja, pada mĕlĕngĕk, doemeh oerang kapir ge dikoetjoeran pasihan Roh Soetji.

46. Karana pada ngadenge, eta teh ngaromong make basa roepa-roepa, sarta bari ngaragoengkeun ka Allah. Ladjĕng Petroes ngalahir:

47. Na saha noe kadoega mĕgatan tjai, soepaja oelah dibanjoean ijeu djalma, noe geus narima Roh Soetji koemaha tjara oerang?

48. Toeloej miwarang koedoe dibanjoean koe djĕnĕngan Goesti. Geus kitoe pada noenoehoen Petroes moegi tjalik teh sing rada lila.

PASAL 11.

Dĕmi geus kitoe para rasoel, sarta doeloer-doeloer noe di sakoeriling Joedea, pada meunang warta jen oerang kapir ge geus narima pangandika Allah.

2. Mangsa Petroes geus soemping ka Jĕroesalem, dipadoean koe sadajana noe kaasoep bangsa disoenat;

3. Pokna: Andjeun geus njoempingan ka djalma noe koeloep, sarta dahar sasarĕngan.

4. Dĕmi Petroes toeloej tjatjarijos ka darinja, ti awal dongkap ka ahir; kijeu saoerna:

5. Asalna kaoela aja di nagara Jopa, keur nĕnĕda; toeloej kataradjang pana, sarta nendjo tetendjoan, nja eta aja hidji wadah siga lawon roebak toeroen, dioeloer ti langit ditalian opat djoeroena, datang ka lĕbah kaoela.

6. Ana diilikan koe kaoela, waspada pisan nendjo sakoer sasatoan boemi noe soekoe opat, kitoe deui noe garalak, sarta noe tingkarajap, djeung deui sakoer manoek awang-awang.

7. Seug kaoela ngadenge gĕntra, lahirna ka kaoela kijeu: Geura hoedang, Petroes, eta peuntjit, toeloej hakan!

8. Ari djawab kaoela: Hamo pisan, Goesti, karana saoemoer tatjan aja noe haram atawa nadjis asoep ka soengoet simkoering.

9. Dĕmi gĕntra teh kadoewa kalina ngalahir ka kaoela ti langit, kijeu: Noe geus dihalalkeun koe Allah, koe maneh oelah rek diharamkeun.

10. Gĕntra kitoe teh datang ka tiloe kali; toeloej sakabehna ditaekkeun deui ka langit.

11. Doemadakan waktoe harita pisan aja tiloe djalma, narangtoeng hareupeun imah noe koe kaoela keur diandjrĕkan, dititah ka kaoela ti Kesarea.

12. Ari Roh nimbalan ka kaoela, jen koedoe leumpang babarĕngan djeung eta, sarta oelah rek mangmang. Djeung aja noe miloe ka kaoela, ijeu doeloer gĕnĕpan, sarta tidinja kaoela pada asoep ka boemina eta djalma.

13. Geus kitoe njaritakeun ka kaoela djeung batoer-batoer jen geus nendjo hidji malaikat, keur ngadĕg di djĕro boemina, sarta miwarang ka dinja kijeu: Geura nitahan djalma ka Jopa, moedoe hatoeranan tjalik ka Simon, noe katĕlah Petroes;

14. Tangtoe bakal njaoerkeun ka maneh lahiran, noe matak maneh pisalamĕtoeun djeung saeusi-imah maneh.

15. Barang kaoela mimiti ngawoeroek, Roh Soetji loengsoer ka eta djalma-djalma, koemaha tjara ka oerang dina mimitina.

16. Ras kaoela ingĕt ka pilahir Goesti, jen kijeu lahirna: Johannes mah ngabanjoean soteh koe tjai, tatapi ari maraneh bakal dibanjoean koe Roh Soetji.

17. Lamoen ajeuna Allah ka dinja maparin pasihan sakoemaha tjara ka oerang bae, noe pĕrtjaja ka Goesti Jesoes Kristoes, naha atoeh kaoela teh saha, dek bisa mĕgatan ka Allah?

18. Mangsa ngadarenge kitoe, seug pada gĕnaheun sarta ngamoeljakeun ka Allah, pokna: Geuning Allah ka oerang kapir ge maparin pĕrtobat anoe matak hiroep!

19. Ari djalma noe pabalĕntjar djalan tina hal panganijaja ka Sĕtepanoes teja, toeloej leumpangna ka nagara Poeniki, djeung Kiproes, sarta Antioki, teu njaoerkeun pangandika ka saha-saha, ngan woengkoel ka oerang Jahoedi bae.

20. Dĕmi noe sawareh kaasoep oerang Kiproes djeung oerang Kirena; eta seug daratang ka Antioki, sarta sasaoeran ka oerang Joenani, ngoewarkeun Indjil Goesti Jesoes.

21. Ari panangan Goesti njarĕngan ka dinja, mangpirangpirang noe datang ka pĕrtjaja sarta tarobat ka Goesti.

22. Geus kitoe eta teh kabedjakeun ka garedja noe di Jĕroesalem; tidinja miwarangan Barnabas, dihiras ka Antioki.

23. Mangsa Barnabas geus soemping ka dinja, ana ningali sih-koernija Allah, toeloej boengaheun, sarta mepelingan ka sakabehna, koedoe sing tĕmĕn nja sĕdja teh dina hate rek tĕtĕp anoet ka Goesti.

24. Karana Barnabas teh djalma bĕnĕr, sarta pinoeh koe Roh Soetji djeung kapĕrtjajaan. Loba pisan djalma datang ka dianoetkeun ka Goesti.

25. Ladjĕng Barnabas angkat ka Tarsoes, rek nejangan Saoeloes. Dĕmi geus kapĕndak, dibantoen ka Antioki.

26. Geus kitoe eta teh moenggah sataoen djĕpoet pada koekoempoelan reudjeung garedja, djeung loba katjida djalma noe diwoeroek, sarta di Antioki moerid-moerid pangheulana disĕboetkeun kristĕn.

27. Dina mangsa harita aja nabi saroemping ti Jĕroesalem ka Antioki.

28. Ari noe hidji, djĕnĕnganana Agaboes, seug ngadĕg, maparin pitoedoeh koe lantaran Roh, bakal patjĕklik bangĕt pisan di saalam-doenja; nja eta kaboektikeunana keur mangsa Klodioes djoemĕnĕng praboe.

29. Tidinja moerid teh pada nangtoekeun, sakadar-kadarna rek ngirim baris toetoeloeng ka doeloer-doeloer noe aja di Joedea.

30. Eta toeloej dilampahkeun, ari dikirimkeunana ka para kokolot, koe panangan Barnabas djeung Saoeloes.

PASAL 12.

Dina keur mangsa eta radja Herodes nangkĕp sawareh ahli garedja, dek disangsara.

2. Djeung deui Jakoboes, saderek Johannes, dipaehan koe pĕdang.

3. Barang ningali jen oerang Jahoedi pada panoedjoeëun koe hal kitoe, toeloej madjoe deui nangkĕp Petroes, (harita poëan roti teu ragian).

4. Dĕmi geus ditangkĕp, toeloej diasoepkeun ka pangberokan, diselehkeun ka opat giliran sĕrdadoe, sagiliran opat-opat, soepaja sina didjaga, sĕdjana sabada paska dek dihoekoem di hareupeun djalma-djalma.

5. Ari Petroes teh nja didjaga di djĕro pangberokan, tatapi koe garedja teu pĕtot-pĕtot dipangnĕdakeun ka Allah.

6. Mangsa dek dihoekoem koe Herodes, peutinganana Petroes sare dihapit koe doewa sĕrdadoe, dirante koe doewa rante, sarta noe ngadjaraga aja di hareupeun panto, ngadjaga pangberokan.

7. Doemadakan aja hidji malaikat ti Pangeran, ngadĕg di dinja, sarta aja tjahja ngagĕbraj di djĕro kamar; seug nĕpakan kana gigir Petroes, bari digeuingkeun; ari lahirna: Geuwat geura hoedang! Dĕmi rantena lalesotan ti panangganana.

8. Ngalahir malaikat ka Petroes: Geura disaboek, bari make taroempah! Seug ditoearoetkeun. Lahiranana deui: Geura haroedoemkeun djoebah, toeloej noetoerkeun ka kami!

9. Geus kitoe ka loewar, noetoerkeun malaikat; sarta Petroes teh teu oeningaeun jen saĕnja-ĕnjana noe dipilampah koe malaikat sakitoe, panjanana ningali tetendjoan bae.

10. Ari geus ngaliwat kana djagaan noe hidji sarta noe kadoewa, ladjĕng dongkap ka panto beusi, anoe djol ka nagara; eta toeloej moeka koe maneh. Dĕmi geus ka loewar, ladjĕng arangkat meunang saloeloeroeng; nja tidinja malaikat teh misah nilarkeun Petroes.

11. Barang Petroes eling, seug njaoer: Ajeuna aing njaho saĕnja-ĕnjana, jen Pangeran geus miwarangan malaikatna, sarta geus ngaleupaskeun diri aing ti leungeun

Herodes, djeung ti sakabeh pangharĕpan bangsa Jahoedi.

12. Dĕmi geus ngamanah-manah, toeloej angkat nga-djoegdjoeg ka boemi Maria, iboe Johannes noe katĕlah Markoes; di dinja teh reja pi-san noe koempoel, sarta nĕ-nĕda.

13. Mangsa Petroes ngĕtro-kan lawang-kori, datang hidji boedjang awewe, noe ngaran Rode, dek ngadengekeun.

14. Sanggeusna tĕrangeun jen sowara Petroes, bawaning kaatohan hanteu koengsi moe-kakeun lawang-kori, los leum-pang ka djĕro, mopojankeun aja Petroes ngadĕg hareupeun lawang-kori.

15. Ari salaoer noe koem-poel: Boa goendam maneh teh! Tatapi eta keukeuh bae, njĕboet ĕnja Petroes. Ari sa-laoerna deui: Palangsijang malaikatna!

16. Dĕmi Petroes teh habĕn bae ngĕtrokan. Sanggeusna diboekakeun, seug narendjo ka andjeunna, sarta pada mĕ-lĕngĕk.

17. Geus kitoe Petroes pĕ-pĕta koe panangan ka sada-jana, soepaja pada repeh, bari toeloej njarijoskeun hal pĕtana dikaloewarkeun koe Pangeran ti djĕro pangberokan; ladjĕng kijeu lahirna: Oeningakeun bae ka Jakoboes djeung ka doeloer-doeloer. Tidinja ka loewar, angkat ka ĕnggon noe sedjen.

18. Ari geus braj beurang, sĕrdadoe teja lain roesoeh leuleutikan, Petroes teh bĕt koemaha?

19. Koe Herodes toeloej ditejangan, tatapi wĕleh teu kapanggih. Tidinja mariksa ka noe ngadjaga teja, seug mi-warangan koedoe diiringkeun sina dihoekoem. Geus kitoe Herodes angkat ti Joedea ka Kesarea, sarta tjalik di dinja.

20. Ari pikarĕpeun Herodes dek ngaroeroeg ka oerang Tiroes djeung Sidon. Tatapi eta teh ragĕm pada ngadeu-heusan, sarta toeloej ngawoe-djoek ka Blastoes, mantri ra-dja toenggoe lĕbĕt; geus ki-toe njoehoenkeun karahajoe-an, sabab tanahna meunang kahiroepan ti tanah radja.

21. Dina hidji poë noe geus ditangtoekeun, Herodes seug nganggo karadjaan, gek tjalik dina panglinggihan, sarta toe-loej ngalahir ka darinja.

22. Dĕmi djalma-djalma pada ngomong sarta bĕdas: Eta teh gĕntra Allah, lain sowara manoesa!

23. Pada-harita keneh He-rodes diteunggeul koe malai-kat ti Pangeran, sababna han-teu njanggakeun kahormatan ka Allah. Toeloej dihakanan koe bilatoeng, sarta datang ka bidjil njawana.

24. Dĕmi pangandika Allah

teh beuki ngagĕngan djeung ngadjĕmbaran.

25. Ari Barnabas djeung Saoeloes maroelih deui ti Jĕroesalem, sanggeusna nĕpikeun kikiriman teja, sarta njandak Johannes, noe katĕlah Markoes teja.

PASAL 13.

Ari di Antioki, dina garedja noe di dinja, aja nabi reudjeung goeroe, nja eta Barnabas, djeung Simeon noe katĕlah Nigĕr, djeung Loekioes oerang Kirena, djeung Manahen, batoer sasoesoe djeung bopati Herodes, djeungna deui Saoeloes.

2. Keur waktoe pada ngabakti ka Goesti sarta poewasa, ladjĕng Roh Soetji ngandika kijeu: Geura pisahkeun keur kami Barnabas djeung Saoeloes, baris pagawean noe koe kami geus dipastikeun ka dinja.

3. Geus kitoe pada poewasa sarta nĕnĕda; toeloej noe doewaan ditaroempangan panangan, seug disina angkat.

4. Sanggeus noe doewaan teh dipiwarang koe Roh Soetji, toeloej angkat ka nagara Sĕloeki, ti dinja toenggang kapal ka poelo Kiproes.

5. Ari geus dongkap ka nagara Salamis, ladjĕng ngoewarkeun pangandika Allah dina masigit-masigit oerang Jahoedi. Sarta Johannes teja pangiringna.

6. Mangsa geus ngidĕran sapoelo eta nĕpi ka nagara Papos, toeloej mĕndak hidji Jahoedi, toekang sihir, noe djadi nabi palsoe, ngaranna Bar-Jesoes;

7. Ajana di goepĕrnoer Sergioes Paoeloes, djalma binangkit. Eta teh toeloej njaoer Barnabas djeung Saoeloes, hojongeun pisan ngadangoe pangandika Allah.

8. Tatapi Elimas, toekang sihir teja, (karana lamoen disalin ngaranna nja kitoe tĕgĕsna), njĕndal ka arandjeunna, pambrihna hajang njimpangkeun goepĕrnoer tina rek pĕrtjajana.

9. Dĕmi Saoeloes, noe kasĕboet deui Paoeloes, djadi pinoeh koe Roh Soetji, seug molototan ka dinja, bari kijeu lahirna:

10. Eh anak Iblis, noe pinoeh koe djoelig djeung hiridĕngki, satroening sakoer kabĕnĕran! na maneh teh moal eureun mengkolkeun djalan Pangeran noe lĕmpĕng?

11. Kanjahokeun koe maneh, panangan Pangeran rek ninggang ka maneh, sarta maneh pilolongeun, moal nendjo panon-poë sababaraha lilana. Sapada-harita eta djalma kataradjang poëk boeta-radjin, toeloej talag-tolog, nejangan noe pinoengtoeneun.

12. Barang katingali koe

goepĕrnoer hal kitoe teh, toeloej pĕrtjajaeun, sarta reuwaseun koe piwoeroek Goesti.

13. Tidinja Paoeloes sarta noe reureudjeungan lajar ti Papos, toeloej dongkap ka nagara Perga, bilangan Pampili. Ari Johannes teja misah, moelang deui ka Jĕroesalem.

14. Ti Perga arandjeunna madjoe deui angkatna, toeloej dongkap ka nagara Antioki, bilangan Pisidi; ari di poë sabat pada angkat ka masigit, ladjĕng tjalik.

15. Sabada ngadji Toret djeung kitab para nabi, toeloej kapala masigit pada ngadjoeroengkeun ka arandjeunna, kijeu pihatoerna: Noen saderek, oepami andjeun kagoengan lahiran keur baris mepelingan ka djalma-djalma, moegi lahirkeun!

16. Seug Paoeloes ngadĕg, sarta pĕpĕta koe panangan, bari ladjĕng ngalahir kijeu: Eh oerang Israil, djeung sakabeh noe sijeun koe Allah, geura darengekeun!

17. Allah ijeu bangsa Israil geus milih karoehoen oerang, sarta ngaloehoerkeun bangsa teh keur djaman ngoembara di tanah Mĕsir, djeung diboedalkeunana ti dinja koe panangan kawasa.

18. Geus kitoe kira-kira opat poeloeh taoen lilana Allah ngasoeh ka oerang Israil di tĕgal lĕga teja;

19. Sarta ngabasmi toedjoeh bangsa di tanah Kanaan, tanahna koe andjeunna ladjĕng dimilikkeun ka maranehanana.

20. Sanggeusing kitoe dipaparin hakim, kira-kira opat ratoes lima poeloeh taoen lilana, tĕpi ka nabi Samoeël.

21. Ti watĕs harita pada njoehoenkeun radja; seug koe Allah dipaparin Saoel poetra Kis, djalma ti kaom Boenjamin, meunang opat poeloeh taoen lilana.

22. Ari geus dipotjot, ladjĕng maranehanana dipangdamĕlkeun deui radja, nja Dawoed teja, noe koe andjeunna disĕbatkeun, kijeu pangandikana: Kami geus mĕndak Dawoed anak Isai; nja eta djalma noe kamanah koe kami, sarta tangtoe ngestokeun sapangĕrsakeun kami.

23. Ti toeroenan eta teh Allah geus ngaäjakeun Jesoes, pikeun Djoeroe-salamĕt Israil, sakoemaha pĕrdjangdjianana.

24. Ari samemehna soemping, Johannes ngoewarkeun heula pangbanjoe pĕrtobat ka sabangsa Israil.

25. Dĕmi Johannes teh, barang dek parantos lalampahanana, ladjĕng ngalahir kijeu: Pamikir maraneh, kami teh saha? Kami mah lain Kristoes;

tatapi kanjahokeun koe maraneh, bakal aja noe soemping pandeurieun kami, eta kami hanteu lajak ngoedaran taroempah tina dampalna.

26. Eh doeloer-doeloer, toeroenan bangsa Ibrahim, djeung sakoer di lĕbah maraneh anoe sijeun koe Allah! nja ka maraneh teja didatangkeunana lahiran ijeu kasalamĕtan teh.

27. Karana oerang Jĕroesalem, djeung kapala-kapalana, bawaning teu nganjarahokeun ka Jesoes, datang ka ngaboektikeun pilahir para nabi, noe diadji oenggal-oenggal sabat, lantaran ngahoekoeman andjeunna.

28. Sangkilang teu manggih sabab noe matak pimaoteun, keukeuh bae noenoehoen ka Pilatoes soepaja andjeunna dipaehan.

29. Dĕmi geus ngalampahkeun sakabehna noe dioengĕlkeun dina Kitab hal pĕrkara andjeunna, tidinja ditoeroenkeun tina kai, sarta diebogkeun dina koeboeran.

30. Tatapi andjeunna koe Allah ditanghikeun deui ti noe maraot.

31. Djeung sababaraha poë lilana nembongan ka sadajana noe geus ngiring andjeunna angkat ti Galilea ka Jĕroesalem; nja eta noe ajeuna saksina ka djalma-djalma.

32. Sarta kaoela pada ngoewarkeun ka maraneh pĕrdjangdjian noe dipasihkeun ka para karoehoen, jen koe Allah geus diboektikeun ka oerang, noe djadi toeroenanana, tina lantaran ngaäjakeun Jesoes.

33. Sapĕrti noe dioengĕlkeun dina djaboer noe kadoewa: Andika teh poetra kami; nja poë ijeu andika koe kami dijoegakeun.

34. Sarta ari nanghikeunana ti noe maraot, moal pisan keuna koe boeroek-oetjoetan, eta koe Allah geus diandikakeun kijeu: Kami rek maparinkeun ka maraneh kabĕrkahan Dawoed, noe satĕmĕnna.

35. Anoe matak dina djaboer noe sedjen dilahirkeun kijeu: Andjeun teh moal tega kasoetji andjeun dongkap ka boeroek-oetjoetan.

36. Karana Dawoed, ari geus ngawoelaan pangĕrsakeun Allah keur djaman andjeunna, ladjĕng bae poepoes, dirijoengkeun djeung karoehoenna, geus poegoeh kasorang boeroek-oetjoetan;

37. Tatapi eta mah, noe koe Allah ditanghikeun teja, hanteu koengsi njorang boeroek-oetjoetan.

38. Koe sabab kitoe, eh doeloer-doeloer, koedoe kanjahokeun koe maraneh, jen koe lantaran Jesoes teja ka

maraneh dioewarkeun dihampoera dosa-dosa;

39. Sarta koe lantaran andjeunna, oenggal-oenggal djalma noe pĕrtjaja, pada didamĕl bĕnĕr ti saniskara bae, noe teu beunang dibĕnĕrkeun diri maraneh koe Toret Moesa.

40. Koe sabab eta masing ijatna, soepaja maraneh oelah kataradjang koe noe dilahirkeun dina kitab para nabi kijeu teja:

41. Eh noe ngarewa! geura tendjokeun, bari heran, seug toeloej euweuh; sabab kami ngadamĕl hidji padamĕlan keur djaman maraneh, nja eta hidji padamĕlan anoe moal dipĕrtjaja koe maraneh, samangsa aja noe njaritakeun.

42. Sanggeus oerang Jahoedi boedal ti masigit, seug oerang kapir pada noenoehoen, moegi dina tĕpoeng sabat diwoeroek hal lahiran kitoe teja.

43. Ari geus boebar ti masigit, oerang Jahoedi djeung djalma ibadah noe geus asoep Jahoedi, loba noe noetoerkeun ka Paoeloes djeung Barnabas; ladjĕng pada ngawoeroek ka dinja, sarta dipepelingan koedoe masing tĕtĕp kana sih-koernija Allah.

44. Geus kitoe dina tĕpoeng sabat meh sanagara koempoel, sĕdja ngadarengekeun pangandika Allah.

45. Tatapi barang oerang Jahoedi narendjo eta djalma-djalma, toeloej liwat-saking nja darĕngki, sarta madoean bae ka sakoer noe dilahirkeun koe Paoeloes, nja madoean djeung ngagogoreng.

46. Ari Paoeloes djeung Barnabas ladjĕng ngalahir sarta laloedeung, kijeu: Wadjib njatoerkeun pangandika Allah nja ka maraneh heula, tatapi sapedah koe maraneh dikepeskeun, bari boga pikir diri maneh teu oetama kana hiroep noe langgĕng, tarendjo ajeuna kaoela rek njanghareup ka oerang kapir bae.

47. Sabab Pangeran geus nimbalan ka kaoela kijeu: Maneh koe kami geus dipastikeun tjahaja keur oerang kapir, soepaja maneh matak salamĕt nĕpi ka toengtoeng boemi.

48. Barang kadenge koe oerang kapir, toeloej pada boengah, djeung maroedji ka pangandika Goesti; sarta djadi pĕrtjaja sarejana noe geus dipastikeun kana hiroep noe langgĕng.

49. Ari pangandika Goesti datang ka kaoetarakeun di sakoeriling tanah eta.

50. Tatapi oerang Jahoedi pada ngangsonan ka istri-istri noe ibadah sarta kaadjenan, djeung ka para menak nagara, ngaja-ngajakeun panga-

nijaja ka Paoeloes djeung Barnabas, seug toeloej ditoendoeng ka loewar ti wĕwĕngkĕran nagara.

51. Dĕmi rasoel teh pada ngekedjekkeun ngĕrĕs ti dampalna ka eta djalma-djalma, geus kitoe angkat ka nagara Ikonioem.

52. Ari moerid-moerid pada djadi pinoeh koe kaboengahan sarta koe Roh Soetji.

PASAL 14.

Geus kitoe di Ikonioem barĕng angkat ka masigit oerang Jahoedi, ladjĕng ngawoeroek, moenggah loba katjida djalma noe datang ka pĕrtjaja, aja oerang Jahoedi, aja oerang Joenani.

2. Tatapi oerang Jahoedi noe mantangoel ngarangsonan ka oerang kapir, dipapanas hatena ka doeloer-doeloer.

3. Ari tjalikna di dinja lila katjida, sarta pada ngawoeroek loedeung pisan koe bĕrkah Goesti, noe ngajaktoskeun kana lahiran sih-koernijana, sarta maparin soepaja dipidamĕl warna-warna tanda djeung moedjidjat koe panangan doewa rasoel teja.

4. Dĕmi sakabehna djalma oerang nagara eta pabĕngkah, noe sawareh noeroet ka oerang Jahoedi, noe sawareh deui noeroet ka rasoel.

5. Tidinja datang ka roesoeh oerang kapir sarta oerang Jahoedi djeung kapala-kapalana, pada dek mĕrgasa ka rasoel sarta dek maledogan koe batoe.

6. Barang geus kaoeninga koe rasoel, ladjĕng kalaboer ka tanah Likaoni, angkatna ka nagara Listra djeung Derba sarta pasisianana;

7. Ladjĕng pada ngoewarkeun Indjil di dinja.

8. Di nagara Listra aja hidji djalma dijoek leuleus soekoena, gempor bawa ngadjadi, saoemoer tatjan pisan leumpang.

9. Eta djalma ngadenge piwoeroek Paoeloes. Ladjĕng koe Paoeloes diteuteup, ari katingali jen boga kapĕrtjajaan bakal ditjageurkeun,

10. Toeloej ngalahir bĕdas gĕntrana: Maneh geura nangtoeng masing bĕnĕr! Neut eta teh ngoredjat, toeloej leuleumpangan.

11. Barang katendjo koe djalma-djalma noe dipidamĕl koe Paoeloes, pada ngagĕdĕr sowarana, ari omongna koe basa Likaoni kijeu: Batara pada njaroewakeun andjeun djeung manoesa, loengsoer ka oerang!

12. Ari Barnabas disĕboetkeun Joepiter, ari Paoeloes Merkoerioes, sabab nja andjeunna noe sok ngalahir.

13. Geus kitoe panghoeloe Joepiter, noe masigitna aja di

hareupeun nagara, datang mawa sapi djeung golongan mangle ka panto nagara, dek koerban reudjeung djalma-djalma.

14. Ari kadangoe koe rasoel, nja eta Barnabas djeung Paoeloes, seug pada njoëhkeun panganggona, toeloej moeroe moeloeboes ka djalma-djalma teh, bari ngagĕro,

15. Kijeu lahirna: Eh djalma-djalma, dek naon maraneh migawe kitoe? Kaoela ge manoesa, sasama dadamĕlan djeung maraneh, sarta mamatahan ka maraneh koedoe maloendoer tina hal ijeu noe teu poegoeh, tobat ka Allah noe hiroep, noe ngadamĕl langit djeung boemi djeung laoet, sarta saeusina kabeh.

16. Ari Allah teh djaman ka toekang mah ngantĕpan sakabeh oerang kapir pada noeroetkeun djalan sakarĕp-sakarĕpna bae.

17. Sanadjan kitoe ge teu boeroeng ngajakinkeun andjeun, midamĕl kasaean, ti langit maparin hoedjan djeung oesoem boeboewahan, njoekoepan kadaharan, sarta ngaboengahkeun hate oerang.

18. Dilahiran kitoe teh, seuseut-seuat bisa mĕgatan ka eta djalma-djalma, soepaja teu toeloes ngoerbanan ka arandjeunna.

19. Dĕmi geus kitoe aja noe daratang ka dinja oerang Jahoedi ti Antioki. djeung ti Ikonioem, toeloej ngagĕndaman ka djalma-djalma, seug pada maledogan Paoeloes koe batoe, djeung digoegoesoer ka loewar ti nagara, panjanana geus maot.

20. Tatapi ari geus dirijoeng koe moerid-moerid, andjeunna tanghi, ladjĕng lĕbĕt ka djĕro nagara. Ari isoekna djeung Barnabas angkat ka Derba.

21. Dĕmi geus ngoewarkeun Indjil ka nagara eta, sarta geus ngadamĕl moerid reja pisan, toeloej maroelih deui ka Listra djeung Ikonioem djeung Antioki.

22. Di dinja ngoewatkeun hate moerid-moerid, sarta mepelingan koedoe masing tĕtĕp dina kapĕrtjajaan, djeung deui lahirna: Oerang piasoepeun kana karadjaan Allah teh nja koedoe loba njorang kasoekĕran.

23. Sanggeusna dipangmilihkeun kokolot di oenggal-oenggal garedja, toeloej nĕnĕda djeung poewasa, sarta pada dititipkeun ka Goesti, noe dipĕrtjaja koe moerid-moerid teh.

24. Geus kitoe arangkat nĕroes tanah Pisidi, toeloej dongkap ka tanah Pampili.

25. Ari geus njaoerkeun pangandika di nagara Perga, ladjĕng angkat ka nagara Atalia.

26. Ti dinja toenggang kapal ka Antioki, ĕnggon arandjeunna bareto disanggakeun kana sih-koernija Allah, soepaja ngalampahkeun padamĕlan noe geus anggeus ajeuna.

27. Sasoempingna ka dinja ngoempoelkeun garedja, toeloej pada njarijoskeun saniskara noe koe Allah geus dipidamĕl lantaran arandjeunna, kitoe deui pikeun oerang kapir geus diboekakeun panto kapĕrtjajaan.

28. Sarta ladjĕng tjaralik di dinja lila pisan sasarĕngan djeung moerid-moerid.

PASAL 15.

Ari geus kitoe aja noe datang ti Joedea, magahan ka doeloer-doeloer kijeu: Lamoen maraneh hanteu disoenatan noeroetkeun adat nabi Moesa mah, moal bisa salamĕt.

2. Ana dilawan sarta dipadoean eta teh koe Paoeloes djeung Barnabas lain leuleutikan, toeloej koe doeloer-doeloer ditangtoekeun Paoeloes djeung Barnabas sarta batoer sawareh moedoe arangkat ka Jĕroesalem ka para rasoel djeung para kokolot, sina naroskeun eta pĕrkara.

3. Tidinja didjadjapkeun koe garedja, ari angkatna djalan ka tanah Poeniki djeung Samaria, bari njarijoskeun pĕrtobatna oerang kapir, matak njoekakeun katjida ka sadaja doeloer-doeloer.

4. Ari geus saroemping ka Jĕroesalem, dibagejakeun koe garedja, djeung koe para rasoel sarta para kokolot, ladjĕng mopojankeun saniskara noe koe Allah geus dipidamĕl lantaran andjeunna.

5. Seug narangtoeng sawareh djalma madhab parisi, noe geus asoep pĕrtjaja, sarta ngomong, kijeu pokna: Eta djalma koedoe disoenatan, sarta dititah milampahkeun Toret Moesa.

6. Geus kitoe para rasoel djeung para kokolot toeloej gĕmpoengan, arek ngarĕmpagkeun eta pĕrkara.

7. Sanggeusna papadoean rosa, ladjĕng Petroes ngadĕg, sarta ngalahir ka batoer-batoer kijeu: Eh saderek-saderek, sampejan geus pada oeninga jen ti babaheula kaoela noe koe Allah dikĕrsakeun ti lĕbah sampejan, soepaja oerang kapir ngadengekeun lahiran Indjil sarta pĕrtjaja, tina lantaran biwir kaoela.

8. Ari Allah, noe langkoeng oeninga ka hate manoesa, geus maparin pĕrtelaan ka oerang kapir teh, nja pada dipasihan Roh Soetji, koemaha tjara ka oerang.

9. Sarta hanteu pisan dibedakeun diri oerang djeung

eta teh, diběrěsihkeun hatena koe kapěrtjajaan.

10. Naha ajeuna rek ngadodja ka Allah, neundeun pasangan kana poendoek moerid, noe teu kabawa koe karoehoen sarta koe diri oerang?

11. Ari oerang teh pěrtjaja disalamětkeun nja koe sihkoernija Goesti Jesoes Kristoes, saroewa keneh djeung eta.

12. Geus kitoe sakabehna djalma repeh, toeloej pada ngadengekeun Barnabas djeung Saoeloes njarijoskeun sadajana tanda djeung moedjidjat aheng, noe koe Allah geus dipidamĕl di lěbah oerang kapir koe lantaran arandjeunna.

13. Ari geus toetoep tjatjarijos, seug Jakoboes noemboe saoer, kijeu lahirna: Eh saderek-saderek, reungeukeun kaoela!

14. Simon tadi njarijoskeun Allah ngalajad ka oerang kapir barang-mimiti, kěrsa njandak ti lěbah eta teh pioemateun bade padjěněnganana.

15. Katěroesan koe pilahir para nabi, sapěrti noe dioengĕlkeun kijeu teja:

16. Sanggeusing kitoe kami rek soemping deui, sarta ngaděgkeun deui balandongan Dawoed noe boekrak-bakrek, ari noe roeksak dek diomean, toeloej didjělěgkeun deui;

17. Soepaja sakarina djalma pada nejangan Pangeran, kitoe deui sakabehna oerang kapir, noe geus katělah koe padjěněngan kami, - kitoe pangandika Pangeran, noe ngadamĕl eta pěrkara.

18. Allah ti samemeh aja doenja langkoeng oeninga ka saniskara padamĕlanana.

19. Koe sabab eta, pirěmpoeg kaoela teh, ari noe tobat ka Allah ti lěbah oerang kapir, oelah diriweuh-riweuh;

20. Ngan koedoe disoeratan, sina njěgah ka barang noe kanadjisan koe brahala, djeung kana lampah djinah, kitoe deui ka sato noe paeh bangkar, sarta kana gětih.

21. Karana Moesa ti baheulana di oenggal-oenggal nagara aja noe ngawoeroekkeun inja, sarta saban-saban poë sabat diadji di sagala masigit.

22. Tidinja para rasoel, para kokolot djeung sagaredja kabeh pada rěmpag, milih djalma ti pada batoer, arek dipiwarang reudjeung Paoeloes djeung Barnabas ka Antioki; ari noe dipilih Joedas noe katělah Barsabas, djeung Silas; pada djadi imam di lěbah doeloer-doeloer.

23. Ladjěng diselehan sěrat, kijeu oenina: Para rasoel djeung para kokolot sarta sadajana doeloer-doeloer, ngatoerkeun salam-doea ka doe-

loer-doeloer noe tadina oerang kapir, aja di nagara Antioki, sarta di tanah Sam, djeung di tanah Kilikia.

24. Sarehna kaoela geus pada ngadenge bedja, jen aja djalma baridjil ti dijeu, noe ngabingbangkeun ka maraneh koe pamagahanana, sarta ngaloewak-lejokkeun ka pikir maraneh, omongna maraneh koedoe disoenatan sarta milampahkeun Toret, padahal eta djalma teu pisan diparentah kitoe koe kaoela;

25. Anoe matak kaoela sadaja, keur koempoel sarta sapikir, pada rĕmpoeg milih djalma, rek dititah ka maraneh reudjeung Barnabas djeung Paoeloes, kaasih kaoela,

26. Nja eta teh djalma noe geus njĕrahkeun njawana pikeun djĕnĕngan Jesoes Kristoes, Goesti oerang.

27. Ari noe dititah koe kaoela teh, nja eta Joedas djeung Silas, eta bakal pada nĕroeskeun koe kasaoeran sakoemaha tjara ijeu bae.

28. Karana ari pangĕrsa Roh Soetji, sarta katĕroesan koe kaoela sadaja, maraneh teh moal diriridoean, soepaja ijeu bae pĕrkara noe pĕrloe:

29. Koedoe njĕgah ka barang noe dibaktikeun ka brahala, djeung kana gĕtih, kitoe deui ka sato noe paeh bangkar, sarta kana lampah djinah. Lamoen maraneh njingkahan noe kitoe, bĕnĕr pisan. Salam ta'lim.

30. Dĕmi eta, sanggeusna didjoeroengkeun, toeloej bae saroemping ka Antioki; seug ngoempoelkeun sakabeh doeloer-doeloer, sarta njelehkeun sĕrat teja.

31. Sanggeus diwatja, baroengaheun koe panglilipoerna.

32. Ari Joedas djeung Silas teja kaasoep nabi keneh, pada mepelingan ka doeloer-doeloer, reja pisan kasaoeranana, sarta ngoewatkeun.

33. Barang geus rada lila tjaralikna di dinja, toeloej koe doeloer-doeloer didjoeroeng deui ka para rasoel, sarta didoakeun sing salamĕt.

34. Tatapi Silas mah manahna rek tĕtĕp bae di dinja.

35. Ari Paoeloes djeung Barnabas tjaralik di Antioki, pada ngawoeroek sarta ngoewarkeun pangandika Goesti, djeung reja deui djalma salijan ti eta.

36. Geus sababaraha poë, ladjĕng Paoeloes ngalahir ka Barnabas: Mangga oerang malikan deui, nejang doeloer-doeloer di oenggal nagara, oeroet oerang ngoewarkeun pangandika Goesti, keur koemaha ajeuna.

37. Ari pirĕmpag Barnabas koedoe njandak Johan-

nes, noe katĕlah Markoes teja.

38. Tatapi manah Paoeloes, bĕnĕrna oelah njandak eta, noe bareto njingkir ti arandjeunna ti watĕs Pampili, hanteu koengsi miloe kana padamĕlan.

39. Toeloej datang ka patjengkadan, anoe matak djadi papisah; geus kitoe Barnabas njandak Markoes, ladjĕng toenggang kapal ka Kiproes.

40. Ari Paoeloes milih Silas; sanggeusna koe doeloer-doeloer disanggakeun kana sih-koernija Allah, ladjĕng angkat.

41. Tidinja ngidĕran tanah Sam djeung Kilikia, ngoewatkeun sadajana garedja.

PASAL 16.

Ladjĕng soemping ka nagara Derba djeung Listra. Di dinja aja hidji moerid, ngaranna Timoteoes, iboena oerang Jahoedi noe pĕrtjaja, dĕmi ramana oerang Joenani.

2. Ari Timoteoes teh dipoedji koe doeloer-doeloer noe aja di Listra djeung Ikonioem.

3. Eta koe Paoeloes dikĕrsakeun sina miloe angkat-angkatan; ladjĕng ditjandak sarta disoenatan tina sabab oerang Jahoedi noe aja di nagara eta, karana pada njahoëun jen ramana oerang Joenani.

4. Mangsa ngidĕran sakabeh nagara, pada njelehkeun oendang-oendang noe ditangtoekeun koe para rasoel djeung para kokolot di Jĕroesalem teja.

5. Ari sadajana garedja pada dipageuhkeun dina kapĕrtjajaan, sarta saban-saban poë beuki nambahan bilanganana.

6. Sanggeus ngidĕran tanah Prigia djeung Galata, ana dek ngalahirkeun pangandika di tanah Asia, dipĕgatan koe Roh Soetji.

7. Mangsa dongkap ka tanah Misia, sĕdjana rek angkat ka tanah Bitini, dĕmi koe Roh hanteu kaidinan.

8. Toeloej bae ngaliwatan Misia, ana soemping ka nagara Troas.

9. Geus kitoe wantji peuting Paoeloes ningali tetendjoan; aja hidji djalma oerang Makĕdoni nangtoeng, sarta panoenoehoen ka Paoeloes, kijeu pihatoerna: Moegi meuntas ka Makĕdoni, noeloengan koering sadaja!

10. Sanggeus andjeunna ningali tetendjoan teh, harita keneh kaoela pada nejangan keur pimijangeun ka tanah Makĕdoni, sabab ditangtoekeunana koe kaoela sadaja, dipiwarang koe Goesti, soepaja ngoewarkeun Indjil ka oerang dinja.

11. Toeloej lajar ti Troas, mĕnĕran pisan ka poelo Samotraki; sanggeus dongkap,

isoekna toeloej ka nagara Neapolis.

12. Bral deui ti dinja ka Pilipi, nja eta nagara noe pangheulana di tanah Makĕdoni sabeulah ti dijeu, asalna oerang Roem noe ngababakan. Dĕmi geus dongkap, toeloej pada tjalik di dinja meunang sababaraha poë.

13. Ari di poë sabat kaoela pada bidjil ti nagara, toeloej ka sisi tjai, di dinja djalma bijasana sĕmbahijang; geus kitoe darijoek, sarta sasaoeran ka awewe noe keur karoempoel.

14. Aja hidji awewe, ngaran Lidia, toekang dagang barang woengoe, asalna ti nagara Tiatira, sarta ibadah ka Allah; eta ngadengekeun, ari hatena koe Goesti diboekakeun, sina ngarĕgĕpkeun ka sakoer noe dilahirkeun koe Paoeloes.

15. Sanggeusna dibanjoean djeung saeusi-imahna, toeloej noenoehoen, kijeu pokna: Manawi dimanah koe arandjeun, jen simkoering pĕrtjaja ka Goesti, moegi tjaralik sarĕng tĕtĕp ngandjrĕk di rorompok simkoering. Sarta eta teh maksa bae ka kaoela.

16. Hidji mangsa kaoela pada leumpang ka ĕnggon sĕmbahijang teja, prok papanggih djeung hidji boedjang awewe, noe kasoeroepan soekma noedjoem, sarta ngoentoengkeun gĕde katjida ka doenoenganana, lantaran tina noedjoem.

17. Awewe teh seug noetoerkeun ka Paoeloes djeung ka kaoela, bari gĕgĕroan, kijeu pokna: Ijeu djalma teh abdi Allah noe langkoeng agoeng, sarta pada ngoewarkeun djalan kasalamĕtan ka oerang!

18. Kitoe bae kalakoeanana sababaraha poë lilana. Dĕmi Paoeloes djengkeleun, toeloej malik, bari ngalahir ka soekma teh: Kami nitah ka maneh koe djĕnĕngan Jesoes Kristoes, maneh geura bidjil ti eta awewe! Seug bidjil waktoe harita keneh.

19. Barang katangen koe doenoenganana jen geus leungit pangarĕp-ngarĕpna kaoentoengan teh, toeloej bae njarĕkĕl ka Paoeloes djeung Silas, disered ka pasar ka hareupeun noe pada kawasa.

20. Dĕmi geus dideuheuskeun ka para kapala, toeloej aroendjoekan kijeu: Ijeu djalma, oerang Jahoedi, pada ngaroesoehkeun di nagara;

21. Sarta mamagahkeun adat noe teu pĕrnah ditarima koe koering, soemawonna ditoeroet, da koering mah bangsa Roem.

22. Ari djalma-djalma ragĕm pada poporongos ka Paoeloes djeung Silas; tidinja koe para kapala dirangsadan panganggona, sarta miwarangan koedoe dirangket.

23. Sanggeusna pada dirangket sababaraha kali, toeloej diaboeskeun ka pangberokan, bari miwarangan ka sipir, jen eta koedoe didjaga sing hade-hade.

24. Sabab geus meunang parentah kitoe, toeloej koe sipir teh diaboeskeun ka pangkeng pangdjĕrona, sarta soekoena dibarĕlok pageuh pisan.

25. Dĕmi wantji tĕngah peuting Paoeloes djeung Silas nĕnĕda sarta maroedji ka Allah, ari sakitan pada ngadengekeun.

26. Ngadak-ngadak aja lini gĕde, moenggah padĕmen pangberokan datang ka inggeung, seug panto kabeh maroeka, sarta barogod sakabeh djalma aloedar.

27. Barang sipir geus njaring, sarta nendjo panto pangberokan marolongo, pek matĕk pĕdang, karĕpna dek maehan maneh, panjanana sakitan geus pada kalaboer.

28. Dĕmi Paoeloes seug ngagĕro sarta bĕdas sowarana, kijeu lahirna: Oelah waka njilakakeun diri sorangan, sabab kaoela pada aja di dijeu sakabeh!

29. Tidinja menta damar, ngageuwat moeroe ka djĕro, sarta bari ngadegdeg, brĕk toeloej mĕndĕk ka pajoeneun Paoeloes djeung Silas.

30. Geus kitoe dibawa ka loewar, seug oendjoekan: Noen Djoeragan, koemaha pilampaheun simkoering, soepaja djadi salamĕt?

31. Lahiranana: Koedoe pĕrtjaja ka Goesti Jesoes Kristoes, tangtoe maneh salamĕt, nja maneh djeung saeusi-imah.

32. Ladjĕng ngawoeroekkeun pangandika Goesti ka sipir teh, sarta ka sakabeh noe aja di boemina.

33. Dina waktoe peutingan harita keneh pada dibawa koe sipir, ari tjedana dirangket teh seug dikoembah, tidinja dibanjoean djeung sakabeh ahlina.

34. Geus kitoe pada dibantoen ka boemina, sarta dihatoeranan soesoegoeh, bari boengaheun tina sabab geus djadi pĕrtjaja ka Allah djeung saeusi-boemina.

35. Ari geus braj bĕurang, para kapala miwarangan goelang-goelang, kijeu parentahna: Eta djalma teja geura leupaskeun bae!

36. Tidinja parentah teh koe sipir dioeningakeun ka Paoeloes, kijeu pokna: Para kapala miwarangan, timbalanana andjeun koedoe pada dileupaskeun; koe pĕrkawis eta ajeuna ka loewar bae, soemangga geura angkat, sarĕng moegi sing salamĕt!

37. Dĕmi lahiran Paoeloes ka darinja: Kaoela noe pada kaasoep oerang Roem, koe eta teh dirangket di noe negla,

hanteu make dipariksa heula, seug toeloej diaboeskeun ka pangberokan, ari ajeuna naha dek dikaloewarkeun ririkipan? Oelah kitoe, koedoe ka darijeu koe andjeun, sarta nganteurkeun kaoela ka loewar.

38. Toeloej goelang-goelang ngoeningakeun eta lahiran ka para kapala; seug sarijeuneun, sabab ngareungeu jen eta teh oerang Roem.

39. Geus kitoe saroemping sarta nĕda ma'loem ka Paoeloes djeung Silas, bari toeloej dianteurkeun ka loewar; ari panoenoehoenna moegi arangkat bidjil ti nagara.

40. Dĕmi geus ka loewar ti pangberokan, ladjĕng sindang ka imah Lidia. Sanggeusna patĕpang djeung doeloer-doeloer, sarta ngalilipoer, toeloej bae arangkat.

PASAL 17.

Ari geus njorang ka nagara Ampipolis djeung Apolonia, toeloej saroemping ka nagara Tesalonika; di dinja aja masigit oerang Jahoedi.

2. Ladjĕng Paoeloes tjalik ka eta teh, koemaha adat bijasana, sarta meunang tiloe sabat misaoerkeun oenina Kitab ka darinja;

3. Diboekakeun, sarta bari netelakeun jen Kristoes teh misti njandang sangsara, kitoe deui tanghi ti noe maraot, djeung deui saoerna, ari Jesoes, noe koe kaoela dioewarkeun ka maraneh teh, nja eta Kristoes teja.

4. Tidinja eta teh noe sawareh pĕrtjaja, sarta ditambahkeun ka Paoeloes djeung Silas, nja kitoe deui loba katjida oerang Joenani noe ibadah, sarta istri-istri toeroenan lain saeutik.

5. Dĕmi oerang Jahoedi noe mantangoel teh darĕngki, sarta ngadjakan ka sababaraha djalma goreng noe lĕdag-lĕdig di pasar, seug sakongkol, toeloej ngaroesoehkeun di nagara; pada ngaronom ka imah Jason, karĕpna Paoeloes djeung Silas dek dibawa ka tĕngah djalma-djalma.

6. Tina sabab teu kapanggih, toeloej bae Jason sarta doeloer-doeloer sawareh disesered ka pajoeneun para kapala nagara, bari sosorowokan: Ijeu djalma noe ngaroesoehkeun saalam-doenja, ajeuna geus daratang ka dijeu,

7. Koe Jason diandjrĕkkeun! Eta sakabehna pada ngalawan ka timbalan praboe, aromongna aja noe sedjen djadi radja, nja eta Jesoes!

8. Ari eta teh matak ngagoedjroedkeun ka djalma-djalma sarta ka para kapala nagara noe ngadarenge.

9. Tatapi ari geus nampa pĕrtanggoengan Jason djeung

batoer-batoerna, toeloej dileupaskeun bae.

10. Peuting harita keneh Paoeloes djeung Silas koe doeloer-doeloer disina angkat ka nagara Berea. Sanggeusna soemping, ladjěng tjaralik ka masigit oerang Jahoedi.

11. Ari oerang Jahoedi noe di dinja balageur, lain tjara noe di Tesalonika; pada nampanan pangandika teh djeung soeka katjida, bari saban-saban poë nitik-nitik kana Kitab, eta pěrkara ěnja-hanteuna.

12. Noe matak eta djalma loba pisan noe datang ka pěrtjaja, nja kitoe deui oerang Joenani noe kaadjenan, awewe sarta lalaki, lain saeutik.

13. Děmi geus kanjahoan koe oerang Jahoedi di Tesalonika, jen pangandika Allah ajeuna koe Paoeloes dioewarkeun deui di Berea, moeroeboel datang ka dinja, sarta ngagehgerkeun deui ka djalma-djalma.

14. Tatapi Paoeloes koe doeloer-doeloer gantjangna disina angkat, sangkan ngadjoegdjoeg ka pělěbah laoet; ari Silas djeung Timoteoes mah tinggaleun di dinja.

15. Děmi noe ngariring ka Paoeloes, pada ngadjadjapkeun andjeunna dongkap ka nagara Aten, sarta sanggeusna katalatahan ka Silas djeung Timoteoes, sina geuwat-geuwat njoesoel, toeloej bae arindit.

16. Mangsa eta teh koe Paoeloes didagoan di Aten, ladjěng manahna datang ka panas, koe bawaning ningali eta nagara sakitoe pinoehna koe brahala.

17. Tidinja andjeunna di masigit mitoetoer ka oerang Jahoedi djeung ka sakoer noe ibadah, ari di pasar mah saban-saban poë ka sakoer noe kasondong bae.

18. Sarta aja oelama-oelama, nja ahli epikoer djeung ahli sětoik, papadoean djeung Paoeloes. Ari tjarek noe sawareh: Eta si pangobrolan dek njarita naon? Tjarek noe sawareh deui: Tajohna ngoewarkeun batara nagara sedjen. Karana Paoeloes keur ngoewarkeun ka darinja hal Jesoes sarta hal pihoedangeunana djalma noe paraeh.

19. Toeloej Paoeloes koe djalma teh ditjokot, dibawa ka ěnggon noe disěboet Areopagoes, ari pokna: Koemaha kaoela meunang njaraho eta piwoeroek anjar, noe disaoerkeun koe sampejan teja?

20. Karana sampejan ngadatangkeun kana tjeuli kaoela pěrkara noe teu loembrah; koe sabab kitoe kaoela pada panasaran, eta teh koemaha pětana.

21. Děmi oerang Aten sa-

kabeh, kitoe deui sakoer noe ngaloembara di dinja, euweuh deui kalakoeanana ngan ngomongkeun djeung ngadengekeun pĕrkara noe alanjar.

22. Geus kitoe Paoeloes toeloej ngadĕg ti tĕngah-tĕngah Areopagoes teja, sarta ngalahir kijeu: Eh oerang Aten! kaoela tĕgĕs pisan maraneh poepoendjoeng teh liwat langkoeng.

23. Karana keur oedar-idĕr di nagara, bari ngilikan ĕnggon pamoedjaan maraneh, kaoela manggih hidji altar, noe aja toelisan kijeu: IJEU BADE ALLAH NOE TATJAN KANJAHOAN TEJA. Ari eta noe teu kanjahoan koe maraneh, tatapi dibakti, nja eta noe koe kaoela dioewarkeun ka maraneh.

24. Allah teh, noe ngadamĕl alam-doenja djeung saeusina kabeh, sababna djoemĕnĕng Pangeran langit djeung boemi, moal linggih di djĕro gĕdong beunang njijeun koe leungeun,

25. Sarta moal dilalajanan koe leungeun djalma, kawas noe aja kakoerang, samalah nja andjeunna pisan noe maparin ka sadajana hiroep, napas sarta saniskara bae.

26. Djeung deui ngadamĕl sagala bangsa manoesa asalna sagĕtih, dikĕrsakeun sina ngeusian sadjagat kabeh, bari dipastikeun pililaeun djamanna, sarta watĕs-watĕs pangtjitjinganana,

27. Soepaja pada nejangan Pangeran, malah-mandar datang ka karampa sarta kapanggih, halta andjeunna hanteu djaoeh ti hidji-hidji diri oerang.

28. Sabab di djĕro andjeunna oerang teh nja hiroep, nja oesik, nja aja, sapĕrti noe geus disaoerkeun koe sawareh ahli boedjangga maraneh ge, kijeu teja: Oerang ge djadi tĕdakna.

29. Sabab oerang djadi tĕdak Allah, noe matak oerang oelah boga pangira Allah teh saroepa djeung ĕmas, atawa perak, atawa batoe, noe beunang ngoekir koe kabisaan djeung karadjinan djalma.

30. Dĕmi djaman boeda teh koe Allah dikadjeunkeun, sarta mangsa ajeuna nimbalan ka sakabehna djalma di manamĕndi, jen koedoe tarobat.

31. Noe matak kitoe, pedah Allah geus nangtoskeun poë, bade ngahoekoeman sadoenja kabeh kalawan kaadilan, lantaranana hidji manoesa noe geus dipastenkeun koe andjeunna, sarta dijakinkeun pisan ka sakabeh djalma, koe nanghikeun eta teh ti noe maraot.

32. Barangna eta djalma ngadarenge hal hoedangna noe maraot, toeloej noe sa-

wareh mojok; ari noe sawareh deui ngomong kijeu: Mĕngke bae kaoela rek ngadengekeun deui tjarijos sampejan tina hal kitoe.

33. Ana dikitoekeun, ladjĕng Paoeloes teh angkat ti pakoempoelan djalma-djalma teja.

34. Tatapi aja oge djalma lalaki noe aranoet ka Paoeloes, sarta datang ka pĕrtjaja; noe kaasoep kitoe nja eta Dionisioes, ahli areopagoes; djeung hidji istri, ngaran Damaris, sarta noe sedjen djaba ti dinja.

PASAL 18.

Sanggeusna ti dinja Paoeloes djĕngkar ti Aten, ladjĕng soemping ka nagara Korinta.

2. Geus kitoe mĕndakan hidji oerang Jahoedi, noe ngaran Akila, asalna ti Pontoes, anjar keneh datang ti tanah Itali, djeung Priskila pamadjikanana, karana praboe Klodioes geus miwarang sakabeh oerang Jahoedi koedoe ka loewar ti Roem. Ladjĕng Paoeloes ngandjang ka eta djalma.

3. Tina sabab sapadamĕlan, toeloej tĕtĕp bae tjalik di dinja, sarta barangdamĕl; ari padamĕlanana toekang njarijeun himah.

4. Dĕmi saban-saban poë sabat Paoeloes miwoeroek di masigit, malar sina tĕrangeun oerang Jahoedi djeung oerang Joenani.

5. Sanggeus Silas djeung Timoteoes soemping ti Makĕdoni, ladjĕng Paoeloes kabawakeun koe pangandika, seug mitoetoeran ka oerang Jahoedi, jen Jesoes teh nja eta Kristoes.

6. Tatapi sapedah pada ngalawan djeung ngagogoreng, toeloej Paoeloes ngirabkeun panganggo, bari ngalahir ka darinja: Dosa maraneh sing malik ka maraneh! kaoela teh bĕrĕsih; ari ka hareupkeun mah dek ngadatangan ka oerang kapir bae.

7. Sanggeusna angkat ti dinja, ladjĕng soemping ka boemina hidji djalma, ngaran Joestoes, noe ngabakti ka Allah; boemina dempet ka masigit.

8. Ari Krispoes, kapala masigit, pĕrtjaja ka Goesti djeung saeusi-boemina, sarta loba pisan oerang Korinta, noe ngadengekeun, pada pĕrtjaja, seug toeloej dibanjoean.

9. Ladjĕng Goesti ngalahir ka Paoeloes ti peuting dina tetendjoan: Papatjoewan oelah rek sijeun, koedoe ngawoeroek bae, sarta oelah dek repeh;

10. Sabab kami teh njarĕngan ka maneh, moal aja noe wani njĕkĕl ka maneh nijat njilakakeun; karana pi-

oemateun kami loba katjida di nagara ijeu.

11. Dĕmi tjalikna di dinja meunang sataoen gĕnĕp boelan lilana, bari ngawoeroekkeun pangandika Allah di maranehanana.

12. Tatapi keur mangsa Gallio djoemĕnĕng goepĕrnoer di tanah Ahaja, seug oerang Jahoedi sailon ngamoesoeh ka Paoeloes, sarta dibawa ka pangadilan,

13. Aromongna: Ijeu teh ngawoedjoekan ka djalma-djalma, sina ngabakti ka Allah beda tina Toret.

14. Barang Paoeloes rek ĕngah lambĕjna, sĕdĕk Gallio ngalahir ka oerang Jahoedi: Eh oerang Jahoedi! oepama aja pĕrkara kasalahan, atawa panggawe goreng, pantĕs oge kami ngoeroeskeun ka maraneh;

15. Tatapi lamoen aja patjogregan koe hal piwoeroek, atawa ngaran, atawa Toret noe aja di maraneh, eta koedoe kanjahokeun koe maraneh sorangan, karana kami mah ĕmboeng moetoes noe kitoe.

16. Seug bae ditaroendoeng ti pangadilan.

17. Toeloej sakabeh oerang Joenani pek njarĕkĕl Sostenes, kapala masigit, sarta dipeupeuhan di hareupeun pangadilan. Dĕmi koe Gallio hanteu pisan diropeja.

18. Ari geus lila deui Paoeloes tjalikna di dinja, ladjĕng sasalaman djeung doeloer-doeloer, geus kitoe angkat toenggang kapal ka tanah Sam, sarta Priskila djeung Akila teja ngiring; dĕmi Paoeloes geus diparas sirahna di nagara Kenkrea, koe sabab kagoengan nadar.

19. Geus kitoe dongkap ka nagara Epesoes, batoerna di dinja ditinggalkeun, ari andjeunna mah tjalik ka masigit, sarta mitoetoer ka oerang Jahoedi.

20. Ana eta teh pada panoenoehoen, andjeunna moegi sing lami tjalik teh, koe Paoeloes hanteu karoedjoekan;

21. Anggoer seug toeloej sasalaman djeung maranehanana; lahirna: Kaoela pĕrloe pisan miloe kana pesta ijeu noe kahareupan nja di Jĕroesalem; tatapi mĕngkena kaoela balik deui ka maraneh, lamoen diparĕngkeun koe Allah. Geus kitoe lajar ti Epesoes.

22. Ari geus dongkap ka Kesarea, ladjĕng angkat ka Jĕroesalem, sarta sasalaman djeung garedja, toeloej angkat deui ka Antioki.

23. Sanggeus tjalik di dinja rada lila, toeloej angkat deui, ngidĕr sarta mapaj-mapaj tanah Galata djeung Prigia, bari ngoewatkeun sakabeh moerid-moerid.

24. Aja hidji oerang Jahoedi soemping ka Epesoes, djĕnĕnganana Apollos, asal ti nagara Aleksandri; djalma pasehat pisan, sarta bisa katjida ka sagala Kitab.

25. Eta teh geus diwoeroek djalan Pangeran, sarta bawaning angkĕr soekmana, sok njaoerkeun djeung ngawoeroekkeun pĕrkara Goesti sarta sarĕgĕp, tatapi ngan oeningaeun pangbanjoe Johannes bae.

26. Toeloej ngamimitian ngawoeroek di masigit, bari loedeung pisan. Sanggeus Akila djeung Priskila ngadenge, toeloej Apollos dibawa, sarta ditetelaan djalan Allah sahinasna.

27. Mangsa Apollos rek angkat ka tanah Ahaja, doeloer-doeloer pada mamagahan, sarta bari njoeratan ka moerid-moerid, soepaja ngarakoe ka Apollos. Sanggeus soemping ka dinja, kalangkoeng nja noeloeng ka sakoer noe geus pĕrtjaja, koe lantaran sih-koernija.

28. Sabab rosa katjida ngelehkeunana ka oerang Jahoedi di noe negla, sarta ngajakinkeun koe lantaran Kitab jen Jesoes teh nja eta Kristoes.

PASAL 19.

Dĕmi keur mangsa Apollos aja di Korinta, Paoeloes soemping ka nagara Epesoes, mantas ngidĕran tanah beh girang; ladjĕng mĕndakan sababaraha moerid.

2. Ari lahirna ka dinja: Koemaha maraneh geus tampa Roh Soetji samantas pĕrtjaja? Wangsoelanana: Koering mah teu ngoeping-ngoeping atjan aja Roh Soetji.

3. Lahiranana ka dinja: Ari maraneh dibanjoean teh kana naon? Wangsoelanana: Soemoehoen, ka pangbanjoe Johannes.

4. Dĕmi lahiran Paoeloes: Johannes mah ngabanjoean soteh pangbanjoe pĕrtobat, ari lahiranana ka djalma-djalma koedoe pĕrtjaja ka noe rek soemping poengkoereunana, nja eta ka Kristoes Jesoes.

5. Mangsa geus ngadarenge kitoe, toeloej eta teh pada dibanjoean kana djĕnĕngan Goesti Jesoes.

6. Sarta barang koe Paoeloes ditaroempangan panangan, seug disoempingan koe Roh Soetji ka darinja, toeloej pada ngomong koe basa roepa-roepa, sarta ngawĕdjang.

7. Ari rejana noe kitoe teh kira doewa wĕlas djalma.

8. Ladjĕng Paoeloes asoep ka masigit, sarta loedeung pisan ngalahirna; tiloe boelan lilana ngawoeroek, malar dihartikeun karadjaan Allah.

9. Tatapi mangsa noe sawareh neuaskeun hatena, sarta

mantangoel, bari ngagogoreng ka djalan Pangeran teh di hareupeun djalma-djalma, toeloej Paoeloes njingkah ti maranehanana, bari misahkeun moerid-moerid, sarta saban-saban poë ngawoeroek di pangwoeroekan hidji djalma noe ngaran Tirannoes.

10. Kitoe lalampahanana dongkap ka doewa taoen lilana, noe matak sakabehna noe tjaritjing di tanah Asia, nja eta oerang Jahoedi djeung oerang Joenani, pada ngadenge pangandika Goesti Jesoes.

11. Sarta Allah ngadamĕl kamatihan noe teu djamak koe panangan Paoeloes;

12. Datang ka salĕmpaj djeung beulitan ti salirana disimboetkeun ka noe garĕring, toeloej panjakitna njingkir, sarta sakoer soekma goreng ka loewar.

13. Ari oerang Jahoedi noe sok idĕr-idĕran, toekang noembalan, noe sawareh wawanianan njĕboetkeun djĕnĕngan Goesti Jesoes ka noe kaasoepan soekma goreng, kijeu basana: Kami noembalan ka maneh koe djĕnĕngan Jesoes, noe dioewarkeun koe Paoeloes teja!

14. Anoe sok ngalampahkeun kitoe, nja eta toedjoeh djalma lalaki, anak panghoeloe agoeng oerang Jahoedi, noe ngaran Sĕkewa.

15. Tatapi soekma goreng teh ngadjawab, kijeu pokna: Ari Jesoes kami wawoeh, sarta Paoeloes kami njaho; dĕmi maraneh mah naon?

16. Tidinja djalma noe kaasoepan soekma goreng teja noebroek ka darinja, sarta datang ka ngelehkeun, toeloej habĕn dikĕrĕjĕk, seug laloempatan ti djĕro eta imah, bari ditarandjang djeung raraheut.

17. Dĕmi eta teh kaoetarakeun ka sakabeh oerang Jahoedi djeung oerang Joenani noe tjitjing di Epesoes; datang ka sarijeuneun kabeh, sarta djĕnĕngan Goesti Jesoes diagoengkeun.

18. Ari noe geus pĕrtjaja loba noe datang, ngakoekeun djeung ngoendjoekkeun salakoe-lampahna.

19. Loba deui noe tadina sok milampah petangan, ngoempoelkeun kitabna, toeloej didoeroek sakali kasaksian koe sarereja; ari diitoeng hargana lima laksa gĕbleg wang perak.

20. Sakitoe rosa ngagĕnganana pangandika Goesti, moenggah dongkap ka njilĕpkeun.

21. Dĕmi geus kalampahkeun sagala pĕrkara noe tadi, Paoeloes teh aja manah, dimana geus ngadjadjah Makĕdoni djeung Ahaja, ladjĕng

rek angkat ka Jĕroesalem, ari lahirna: Sanggeus kaoela ka dinja, ka nagara Roem ge rek nejang.

22. Tidinja miwarangan doewa rentjang ka Makĕdoni, nja eta Timoteoes djeung Erastoes, ari andjeunna mah rada lila keneh tjalikna di Asia.

23. Dina mangsa harita djadi karoesoehan lain leuleutikan, tina hal djalan Pangeran teja.

24. Sabab aja hidji kamasan, ngaran Demetrioes, noe njijeun mamasigitan Diana koe perak, matak ngoentoengkeun katjida ka toekang njarijeun.

25. Tidinja eta djalma koe Demetrioes dikoempoelkeun, barĕng djeung sakoer noe boeboeroeh kana pagawean kitoe, ari omongna: Eh batoer-batoer, maraneh geus pada njaho, oerang meunang kaoentoengan gĕde teh nja tina patjarian ijeu;

26. Ari ajeuna katendjo sarta kadenge koe maraneh, jen eta Paoeloes teja geus loba katjida beunangna ngawoedjoekan djeung ngarobahkeun djalma-djalma, lain di Epesoes woengkoel, samalah meh di satanah Asia kabeh, omongna moal ĕnja Allah, noe beunang njijeun koe leungeun teh.

27. Palangsijang ijeu pagawean oerang bakal dipikangewa, samalah masigit batara Diana noe agoeng ditjoemahkeun, sarta datang ka tjambal kaagoengan batara teh, noe dipoendjoeng-poendjoeng koe satanah Asia, sarta koe saalam-doenja kabeh.

28. Mangsa ngadarenge kitoe, bangĕt arambĕkeunana, toeloej pada raong, kijeu pokna: Agoeng tĕmĕn Diana, batara oerang Epesoes!

29. Tidinja tagiwoer pasĕlĕbroengan djalma sanagara, seug pada ngabroel sĕbrat-sĕbroet moro panglaladjoan, bari ngagoesoer Gajoes djeung Aristarkoes, oerang Makĕdoni, batoer Paoeloes di pangnjabaan.

30. Ladjĕng Paoeloes kĕrsana rek moeroe ka djalma-djalma teja, tatapi koe moerid-moerid dipĕgatan;

31. Djeung deui sababaraha kapala Asia, noe sosobatan djeung Paoeloes, pada ngadjoeroengkeun djalma ka andjeunna, panoenoehoenna moegi-moegi oelah angkat ka panglaladjoan.

32. Dĕmi djalma-djalma teh ngagĕrona ijeu kijeu, itoe kitoe, wantoe-wantoe koempoelan teh koesoet, sarta noe loba teu ngartieun sababna noe matak koempoel.

33. Toeloej pada ngabĕtot Aleksandĕr, sina madjoe ti pĕlĕbah djalma-djalma, sapedah disoeroeng-soeroengkeun

koe oerang Jahoedi. Ari Aleksandĕr teh toeloej pĕpĕta koe leungeun, karĕpna dek mere katĕrangan ka djalma-djalma.

34. Tatapi barang pada tĕgĕs jen eta teh oerang Jahoedi, toeloej sakabehna ngagĕdĕr sasora, ngagĕrona antara doewa djam lilana, kijeu: Agoeng tĕmĕn Diana, batara oerang Epesoes!

35. Sanggeusna mantri sĕrat nagara ngarepehkeun eta djalma-djalma, toeloej misaoer kijeu: Eh oerang Epesoes, djalma mana noe teu njaho teh, jen nagara Epesoes poerah ngariksa masigit batara Diana noe agoeng, sarta artjana noe ragrag ti langit teja?

36. Kapan eta pĕrkara hanteu beunang dilainkeun, noe matak maraneh hadena teh koedoe repeh, oelah milampah noe teu poegoeh.

37. Karana maraneh geus mawa eta djalma ka dijeu, teu ngarampog masigit, teu ngagorengkeun ka batara maraneh.

38. Koe sabab eta, oepama Demetrioes sarta noe sasama pagawean djeung manehanana aja pipĕrkaraeun ka hidji djalma, kapan aja poëna ngahoekoeman, sarta aja goepĕrnoer, koedoe silih-dawa!

39. Djeung oepama maraneh aja kahajang hal pĕrkara noe sedjen, eta moedoe dioeroeskeun koe pakoempoelan noe bakoe.

40. Karana oerang teh bisi dikĕlakkeun njijeun karoesoehan, tina ijeu hal noe ajeuna, pedah hanteu aja sabab geusan oerang nĕrangkeun loewad-lijoed ijeu. Ari geus njaoer kitoe, seug koempoelan teh disina boebar.

PASAL 20.

Sanggeusna djĕmpe karoesoehan teja, Paoeloes njaoer moerid-moerid, ladjĕng sasalaman, tidinja bral angkat, sĕdja ka Makĕdoni.

2. Dĕmi geus katatab satanah eta, sarta geus mepelingan ka moerid-moerid rosa pisan, toeloej soemping ka tanah Joenani.

3. Sanggeusna tjalik di dinja tiloe boelan lilana, keur mangsa dek angkat toenggang kapal ka Sam, oerang Jahoedi pada masang baja ka Paoeloes, noe matak aja manah rek moelih djalan ka Makĕdoni.

4. Sarta aja noe ngabatoeran dongkap ka Asia, nja eta Sopater, oerang Berea; Aristarkoes djeung Sĕkoendoes, oerang Tesalonika; kitoe deui Gajoes, oerang Derba, djeung Timoteoes; sarta Tihikoes djeung Tropimoes, oerang Asia.

5. Arinditna ti heula, sarta ngadagoan di nagara Troas.

6. Ari rasoel djeung kaoela mah, sabada poëan roti teu ragian, geus kitoe indit ti Pilipi toempak kapal, meunang lima poë toeloej amprok djeung eta di Troas; di dinja tjitjing lilana meunang toedjoeh poë.

7. Dĕmi di poë ahad, mangsa moerid-moerid keur koempoel arek njĕmplekan roti, ladjĕng Paoeloes ngawoeroek ka dinja, doemehna poë isoek rek angkat; ari ngawoeroekna ngalinggoet dongkap ka tĕngah peuting.

8. Ari dina loteng noe dipake koempoelan teh raäng loba damar.

9. Aja hidji djalma ngora, ngaran Etikoes, keur dijoek dina djandela, toeloej kaheësan tibra katjida, doemeh Paoeloes lila pisan miwoeroekna; tina sabab heës, toeloej tidjĕdag, ragragna ti para noe katiloe ka handap, ana didjoengdjoeng paeh.

10. Ladjĕng Paoeloes loengsoer, seug ngaroeboehkeun andjeun ka dinja, bari dirangkoel, sarta ngalahir: Oelah rek njĕblak maraneh, sabab njawana aja.

11. Tidinja andjeunna oenggah deui ka loehoer, seug njĕmplekan roti sarta toewang, ladjĕng loba-loba deui misaoerna djeung maranehanana dongkap ka braj beurang, geus kitoe angkat.

12. Dĕmi boedjang teja ana dibawa hiroep, seug pada liwat-saking nja boengah.

13. Ari kaoela pada ti heula oenggah kana kapal, toeloej lajar ka nagara Asoes, di dinja rek mĕgat Paoeloes, karana kitoe piwaranganana, sarta andjeunna mah kĕrsana badarat bae.

14. Sanggeusna tĕpang djeung kaoela di Asoes, toeloej andjeunna ditjalikkeun kana kapal, geus kitoe andjog ka nagara Mitilena.

15. Ti dinja madjoe deui toenggang kapal, dĕmi isoekna nĕpi ka pabĕnĕran poelo Kios, isoekna deui njimpang ka poelo Samos, sarta ngarĕrĕb di nagara Trogilion, isoekna deui datang ka nagara Mileta.

16. Karana geus ditangtoskeun koe Paoeloes lajar ngaliwatan Epesoes, soepaja oelah lila teuing di Asia; sabab angkatna gagantjangan, lamoen kaboeroe, di poë Pĕntekosta hojongeun geus aja di Jĕroesalem.

17. Ari ti Mileta miwarangan ka Epesoes, njaoer para kokolot garedja.

18. Mangsa geus daratang ka andjeunna, ladjĕng dilahiran kijeu: Maraneh pada njaho lalampahan kaoela sapandjang aja di maraneh, tina watĕs poëan kaoela datang ka Asia;

19. Jen ngawoela ka Goesti

teh djeung sagala karĕndahan, sarta reja ragragan tjimata, djeung manggih tjotjoba, noe kasorangkeun ka kaoela koe pangarah oerang Jahoedi;

20. Kitoe deui jen sakoer noe mangpaat taja pisan noe disalingkoehkeun koe kaoela, noe teu koengsi dioewarkeun ka maraneh, atawa diwoeroekkeun di noe negla sarta di djarĕro imah;

21. Ngingĕtan nja ka oerang Jahoedi, nja ka oerang Joenani, moedoe tobat ka Allah, sarta pĕrtjaja ka Goesti oerang Jesoes Kristoes.

22. Dĕmi ajeuna kaoela teh, pedah kabanda koe Roh, noe matak njaba ka Jĕroesalem, sarta teu njaho noe bakal kapanggih di dinja koe diri kaoela;

23. Ngan di saban-saban nagara Roh Soetji maparin njaho, ari pangandikana jen kaoela didagoan koe barogod djeung kasoekĕran.

24. Tatapi eta teh taja noe dipake karisi koe kaoela, djeung hanteu owĕl ka njawa keur sadirieun sorangan mah, soepaja kaoela djeung kaboengahan bisa nganggeuskeun loemakoe, kitoe deui tjangkingan noe koe kaoela katampa ti Goesti, mĕrtelakeun Indjil sih-koernija Allah.

25. Dĕmi ajeuna kaoela geus njaho jen maraneh, sakoer-sakoer noe geus diidĕr koe kaoela bari ngoewarkeun karadjaan Allah teja, moal nendjo-nendjo deui ka beungeut kaoela.

26. Koe sabab eta, dina poë ajeuna kaoela ngingĕtan ka maraneh, jen kaoela teh bĕrĕsih, teu pisan katapĕlan koe gĕtih sakabehna.

27. Karana hanteu aja noe koe kaoela disalingkoehkeun, noe teu koengsi dioewarkeun ka maraneh, sapangĕrsa Allah.

28. Koe sabab eta, koedoe sing ijatna ka diri sorangan, kitoe deui ka goendoekan kabeh, reh maraneh koe Roh Soetji geus didjĕnĕngkeun pangoeroes ka dinja, soepaja ngangon garedja Allah, noe beunang ngamilik andjeunna koe lantaran gĕtih pribadi.

29. Karana kaoela njaho, sanggeus kaoela ninggalkeun, maraneh tangtoe diasoepan kĕroed galak, eta teh moal aja karoenjana ka goendoekan;

30. Malah-malah ti pĕlĕbah maraneh pisan bakal aja djalma noe mamatahkeun pĕrkara tibalik, pambrihna soepaja moerid-moerid kabawa noeroet.

31. Koe sabab kitoe masing njaring, sarta koedoe pada ngingĕtkeun, jen kaoela tiloe taoen lilana, beurang-peuting hanteu loewang mamagahan ka oenggal-oenggal djalma, sarta bari ngoetjoer tjipanon.

32. Ari ajeuna, eh doeloer-doeloer, koe kaoela dititipkeun ka Allah sarta ka pangandika sih-koernijana, nja andjeunna noe langkoeng kawasa ngadĕgkeun kapĕrtjajaan maraneh, sarta maparin ka maraneh warisan reudjeung sakoer noe saroetji.

33. Kaoela teu bogoh ka ĕmas, atawa perak, atawa papakean noe saha-saha oge.

34. Sarta maraneh pada njaho sorangan, ijeu leungeun teh geus digawe njoekoepan pangaboetoeh diri kaoela, sarta ka sakoer noe sok miloe djeung kaoela.

35. Kaoela dina saniskara geus noedoehkeun ka maraneh, jen kawadjiban oerang teh baranggawe kitoe, sarta ngagandjĕlan ka noe waloerat, ngingĕtkeun ka pilahir Goesti Jesoes, noe dilahirkeun kijeu: Leuwih salamĕt mere ti batan nampa.

36. Saparantos Paoeloes ngalahir kitoe, ladjĕng tapakdĕkoe, sarta nĕnĕda reudjeung sadajana.

37. Tidinja ejar midangdam, seug pada ngarangkoel kana tĕnggĕk Paoeloes, bari ditjijoeman;

38. Liwat-saking nalangsaeunana, gĕdena mah tina lahiran noe dilahirkeun teja, jen moal nendjo-nendjo deui ka pameunteu andjeunna. Geus kitoe Paoeloes toeloej didjadjapkeun kana kapal.

PASAL 21.

Ari geus papisah djeung para kokolot teh, seug kaoela pada lajar, mĕnĕran pisan ka poelo Kos, toeloej datang; ari isoekna nĕpi ka poelo Rodoes, geus kitoe madjoe deui ka nagara Patara.

2. Di dinja manggih kapal noe rek lajar ka Poeniki, seug kaoela pada noempang, toeloej lajar.

3. Barangna ngalamoek poelo Kiproes, diliwatan aja di kentjaeun, lajar ngadjoegdjoeg ka Sam, toeloej datang ka nagara Tiroes, karana di dinja kapal teh koedoe noeroenkeun moewatanana.

4. Ari geus kapanggih moerid-moerid, toeloej kaoela tjaritjing di dinja meunang toedjoeh poë. Dĕmi eta teh pada mihatoer ka Paoeloes koe lantaran Roh, oelah waka angkat ka Jĕroesalem.

5. Sanggeusna toetoep noe toedjoeh poë teh, bral kaoela pada mijang deui, sarta moerid-moerid teja ngalanteurkeun djeung anak-bodjona, tĕpi ka loewar nagara; ari di basisir kaoela seug pada tapaktoeoer, sarta nĕnĕda.

6. Dĕmi geus sasalaman, kaoela toeloej aroenggah ka kapal, ari eta mah maroelang,

masing-masing ka imahna.

7. Sanggeus toetoep lalajaran kaoela ti Tiroes datang ka nagara Pětolomais, toeloëj sasalaman djeung doeloer-doeloer, sarta ngarěrěb di dinja meunang sapoë.

8. Isoekna Paoeloes djeung kaoela noe mariloe bral pada indit ti dinja, sarta toeloej datang ka Kesarea, geus kitoe asoep ka boemi Pilipoes, djoeroe indjil, kaasoep ka noe toedjoehan teja, seug ngandjrěk di andjeunna.

9. Děmi Pilipoes teh kagoengan opat poetra istri sarta landjang, eta sok ngawarědjang.

10. Ari geus meunang sababaraha poë kaoela araja di dinja, toeloej soemping ti Joedea hidji nabi, djěněngan Agaboes,

11. Sarta tjalik ka kaoela sadaja. Geus kitoe njandak beulitan Paoeloes, dianggo ngaringkoes panangan djeung sampejan salirana pribadi, ari lahirna: Kijeu pangandika Roh Soetji: Djalma noe boga ijeu saboek, bakal diringkoes koe oerang Jahoedi di Jěroesalem tjara kijeu pětana, bari toeloej diselehkeun ka leungeun oerang kapir.

12. Barang kadenge koe kaoela sadaja, toeloej pada noenoehoen babarěngan djeung oerang dinja, moegi Paoeloes oelah waka angkat ka Jěroesalem.

13. Děmi walonan Paoeloes: Naha maraneh wět tjareurik, sarta njěberkeun hate kaoela? Oelamoen ditalian, sanadjan dipaehan oge di Jěroesalem tina sabab djěněngan Goesti Jesoes, kaoela geus soeměrah pisan.

14. Sarehna Paoeloes henteu beunang dihatoeranan pepeling, toeloej kaoela pada pasrah bae, bari ngomong kijeu: Kabeh-kabeh koemaha pangěrsakeun Goesti bae.

15. Sanggeus toetoep poëna ngandjrěk, kaoela pada dangdan, toeloej arindit ka Jěroesalem.

16. Sarta aja noe miloe moerid-moerid ti Kesarea, nganteurkeun kaoela sadaja ka boemina hidji djalma noe djěněngan Měnason, oerang Kiproes, eta teh moerid koena, kaoela rek pada ngandjrěk di dinja.

17. Mangsa datang ka Jěroesalem, kaoela pada dibagejakeun koe doeloer-doeloer, sarta baroengaheun.

18. Ari isoekna Paoeloes tjalik ka Jakoboes, kaoela kabeh ditjandak; sarta sadajana kokolot pada aja di dinja.

19. Sanggeusna Paoeloes oeloek salam, ladjěng njarijoskeun ti awal dongkap ka ahir saniskara noe geus dipidaměl

koe Allah di oerang kapir koe lantaran kadjĕnĕngan andjeunna.

20. Barang geus pada ngadangoe, toeloej maroedji ka Pangeran, seug kijeu saoerna ka Paoeloes: Eh saderek, koe andjeun katingali bareboereboe oerang Jahoedi noe pĕrtjaja, sarta sarĕgĕpeun kabeh kana Toret.

21. Dĕmi eta teh geus pada meunang bedja hal andjeun, jen oerang Jahoedi noe tjitjingna tjampoer djeung oerang kapir, koe andjeun sok diwoeroek sina moengkir ka Moesa, njaoerkeun oelah njoenatan baroedak, sarta oelah milampahkeun adat Toret.

22. Koemaha ajeuna nja pipĕtaeun? Geus tangtoe djalma-djalma mangke koempoel, sabab bakal ngadarenge jen andjeun geus soemping.

23. Koe sabab eta, moegi noeroetkeun ka ijeu pihatoer kaoela: Di dijeu aja djalma opatan, noe boga nadar.

24. Koe andjeun tjandak, bari toeloej soesoetji barĕng djeung eta, sarta moedoe dipangmajarkeun boeroehan, soepaja ditjoekoer sirahna; moen kitoe mah katangen koe sakabehna jen anoe kabedjakeun ka maranehanana tina hal andjeun teja, taja pisan boektina, sarta lalampahan diri andjeun ge ngestikeun Toret.

25. Tatapi moenggoehing oerang kapir mah anoe pĕrtjaja, kaoela geus ngirim soerat, sarta geus nangtoekeun, montong milampahkeun noe kitoe, ngan koedoe njĕgah ka barang noe dibaktikeun ka brahala, djeung kana gĕtih, kitoe deui ka sato noe paeh bangkar, sarta kana lampah djinah.

26. Tidinja djalma noe opat teh koe Paoeloes ditjandak, ari isoekna soesoetji barĕng djeung eta, ladjĕng tjalik ka kabah, sarta moepoelihkeun pitoetoepeunana poë soesoetji, nĕpi ka disanggakeun koerban saoerang-saoerangna.

27. Mangsa rek bejak noe toedjoeh poë teh, Paoeloes seug katendjo di djĕro kabah koe oerang Jahoedi ti Asia; eta teh toeloej ngaroesoehkeun ka sakabeh djalma-djalma, sarta pada njĕkĕl ka Paoeloes,

28. Bari tinggarĕro: Eh oerang Israil, geura barantoean! Nja ijeu djalma teh noe mamagahan ka sakabehna di mana-mana ngamoesoeh ka ijeu bangsa, djeung kana Toret, sarta kana ijeu ĕnggon; samalah mawa asoep oerang Joenani ka kabah, sarta ngahinakeun ijeu ĕnggon soetji!

29. Noe matak ngomong kitoe, sabab tadina narendjo Tropimoes, oerang Epesoes

teja, reureudjeungan djeung Paoeloes di nagara; panjanana koe Paoeloes dibawa asoep ka kabah.

30. Tidinja djadi tagiwoer sanagara, sarta djalma-djalma koempoel ngagimboeng; seug njarěkěl ka Paoeloes, bari disered dikaloewarkeun ti kabah; ngageuwat pantona dipareundeutkeun.

31. Barang rek maehan ka Paoeloes, koeměndang barisan meunang bedja jen sanagara Jěroesalem keur roesoeh-tagiwoer.

32. Ngageuwat njandak sěrdadoe djeung kapala-kapalana, bral moeroe-moeroe ka dinja. Barang djalma-djalma teh narendjo koeměndang djeung sěrdadoena, toeloej eureun mareupeuhan Paoeloes.

33. Seug koeměndang teh ngadeukeutan, sarta Paoeloes ditangkěp, ari parentahna koedoe dibarogod koe doewa rante; geus kitoe mariksakeun eta teh saha, djeung koemaha pagaweanana?

34. Děmi djalma-djalma teh nembalanana tinggarěro, ijeu kijeu, itoe kitoe. Sapedah koeměndang hanteu meunang katěrangan noe estoe, tina sabab tagiwoer, toeloej miwarang Paoeloes koedoe dibawa ka benteng pangbarisan.

35. Ari geus dongkap kana tanggana, Paoeloes wani dipangkoe koe sěrdadoe, tina sabab djalma-djalma pada ngagěntjet;

36. Karana sakabehna djalma teh noetoerkeun, bari tinggarěro bae kijeu: Singkirkeun eta teh!

37. Barang Paoeloes dek diaboeskeun ka benteng, seug sasaoeran ka koeměndang: Koemaha sadkaoela teh diwidian rek mopojan ka andjeun? Ari walonanana: Karah maneh bisa basa Joenani?

38. Naha maneh koetan lain oerang Měsir, noe bareto njijeun karoesoehan, sarta ngaboedalkeun noe opat reboe bangsat ka těgal lěga teja?

39. Ari walonan Paoeloes: Sadkaoela mah oerang Jahoedi, djalma měrdika ti Tarsoes, nagara noe geus sohor, bilangan Kilikia; paněda sadkaoela moegi diwidian arek sasaoeran ka djalma-djalma.

40. Děmi geus diwidian, ladjěng ngaděg Paoeloes dina loehoer tangga, sarta pěpěta koe panangan ka djalma-djalma. Ana geus djěmpe katjida, toeloej ngalahir ka darinja koe basa Ibrani, kijeu lahirna:

PASAL 22.

Eh doeloer-doeloer djeung rama-rama! ijeu geura rareungeukeun katěrangan kaoela ka arandjeun ajeuna.

2. Barang ngadarenge Pa-

oeloes ngalahir teh koe basa Ibrani, seug beuki repeh bae. Geus kitoe Paoeloes ngalahir deui:

3. Kaoela teh oerang Jahoedi, asal ti nagara Tarsoes, bilangan Kilikia, dimoemoele nja di nagara ijeu, dina dampal Gamaliel diwoeroek noeroetkeun sapamistian Toret karoehoen oerang, djeung sarĕgĕp kaoela teh ka Allah, sakoemaha tjara ajeuna arandjeun sakabeh.

4. Sarta tadina nganijaja anoe djalan agama eta, ngarah patina, ditalian bari diselehkeun ka pangberokan, boh awewe boh lalaki.

5. Nja panghoeloe agoeng noe djadi saksi ka kaoela, kitoe deui sakaragĕman para sĕsĕpoeh kabeh. Sanggeusna kaoela ti eta nampa soerat keur ka doeloer-doeloer, bral toeloej leumpang ka Damsik, sakoer noe karitoe di dinja ge dek ditalian, dibawa ka Jĕroesalem, soepaja disiksa.

6. Dĕmi mangsa kaoela keur loemakoe, ari geus deukeut ka Damsik, kira waktoe tĕngah poë, ngadak-ngadak kaoela katodjo koe tjahja gĕde ti langit.

7. Bloek kaoela tibeubeut ka taneuh, sarta toeloej ngadenge gĕntra, noe ngalahir ka kaoela kijeu: Eh Saoel, Saoel, naha maneh bĕt nganijaja ka kami?

8. Diwangsoel koe kaoela: Noen Goesti, andjeun teh saha? Ari lahiranana ka kaoela: Kami teh Jesoes, oerang Nasaret, noe dikanijaja koe maneh teja.

9. Dĕmi noe ngabatoeran ka kaoela, nja narendjo tjahja teja mah, sarta sarijeuneun; tatapi gĕntrana noe ngalahir ka kaoela hanteu kadarenge.

10. Geus kitoe kaoela oendjoekan: Noen Goesti, koemaha pilampaheun simkoering? Ari lahiran Goesti ka kaoela: Maneh geura hoedang, toeloej kĕbat ka Damsik; di dinja aja noe bakal ngabedjaan ka maneh hal sakabehna noe geus dipastikeun pilampaheun maneh.

11. Tina sabab kaoela hanteu bisa nendjo koe bawaning montjorongna tjahja teh, toeloej bae ditoengtoen koe batoer reureudjeungan, geus kitoe datang ka Damsik.

12. Dĕmi di dinja aja hidji djalma, ngaran Ananias, djalma ibadah noeroetkeun Toret, hade kasĕboetkeunana koe oerang Jahoedi noe maratoeh di dinja.

13. Eta teh ngadatangan ka kaoela, seug nangtoeng di hareupeun kaoela, ari saoerna: Eh Saoel, saderek, geura bisa ningali deui! Waktoe harita keneh ge kaoela bisa nendjo ka dinja.

14. Ari saoerna deui: Sampejan ti tadina geus dipastikeun koe Allah karoehoen oerang, bakal nganjahokeun ka pangĕrsana, kitoe deui nendjo ka noe Langkoeng Bĕnĕr teja, sarta ngadenge gĕntra ti lambe andjeunna.

15. Sabab sampejan teh bakal djadi saksi andjeunna ka sakabeh djalma, tina sakoer pĕrkara noe geus katendjo sarta kadenge koe sampejan.

16. Ari ajeuna, naha ngadaweung bae? Geura tjĕngkat, rek dibanjoean, sarta dikoembah dosa-dosa sampejan, bari njambat kana djĕnĕngan Goesti!

17. Dĕmi sanggeusna kaoela moelang deui ka Jĕroesalem, waktoe nĕnĕda di kabah, seug kaoela kadatangan pana;

18. Toeloej nendjo andjeunna, sarta ngalahir ka kaoela kijeu: Geura gĕsat-gĕsoet, geuwat indit ti Jĕroesalem, sabab djalmana moal ngagoegoe ka pĕrtelaan maneh tina hal kami.

19. Ari pioendjoek kaoela: Noen Goesti, kapan eta teh njaraho jen simkoering tadina sok ngasoepkeun ka pangberokan sarta ngarangket di djĕro masigit-masigit sakoer noe pĕrtjaja ka salira andjeun;

20. Sarĕng keur mangsa poen Sĕtepanoes, saksi andjeun, gĕtihna dikoetjoerkeun, koe simkoering ge ditoengkoelan, bari panoedjoe ka maotna, samalah simkoering ngadjaga papakean djalma noe maraehan ka dinja.

21. Ari lahiranana ka kaoela: Seg bae geura leumpang, sabab kami dek miwarang maneh ka noe djaoeh, nja ka oerang kapir.

22. Dĕmi djalma-djalma teja ngadarenge ka Paoeloes nĕpi ka kasaoeran noe tjikeneh; tidinja ngagĕdĕr sowarana, kijeu pokna: Singkirkeun ti boemi noe kitoe teh, karana hiroep ge hanteu pantĕs!

23. Tina sabab tingharaok, djeung pada ngaloengkeun papakeanana, bari ngawoerkeun taneuh ngĕboel ka awang-awang,

24. Noe matak koemĕndang teja miwarang Paoeloes koedoe diaboeskeun ka djĕro benteng, ari parentahna koedoe dikompes make rangket, hajang kaoeninga sababna noe matak tinggarĕro kitoe ka Paoeloes.

25. Barang dipantĕng koe djangĕt, seug Paoeloes ngalahir ka kapala sĕrdadoe noe nangtoengan di dinja: Naha maraneh teh karah widi ngarangket oerang Roem, teu make ditangtoekeun hoekoemanana heula?

26. Ana kapala teh geus ngadenge kitoe, toeloej indit ngoeninga ka koemĕndang, kijeu pihatoerna: Naha andjeun teh rek milampahkeun naon? karana eta djalma teh oerang Roem.

27. Tidinja koemĕndang njampeurkeun, sarta ngalahir ka Paoeloes: Tjik kami tjaritaan, na ĕnja maneh teh oerang Roem? Walonanana: Lĕrĕs.

28. Ngalahir deui koemĕndang: Kami mah pangdjadi oerang Roem soteh asalna meuli mahal pisan hargana. Dĕmi pihatoer Paoeloes: Ari lĕbah sadkaoela mah pangkitoe teh tina asal.

29. Ngageuwat Paoeloes dibadakeun koe noe rek ngompes teja. Ari koemĕndang teh, barang geus oeningaeun jen Paoeloes oerang Roem, djadi sijeuneun, sapedah tadi nalian.

30. Ari isoekna, bawaning hajangeun oeninga saestoena, Paoeloes teh koe oerang Jahoedi ditoeding hal naon, toeloej dilesotkeun barogodna, bari miwarang para panghoeloe agoeng djeung rad sakabeh koedoe karoempoel; geus kitoe Paoeloes ditoeroenkeun, diteundeun di pajoeneunana.

PASAL 23.

Ladjĕng Paoeloes neuteup kana rad, sarta mihatoer kijeu: Eh saderek-saderek, ari lalampahan kaoela teh nja di pajoeneun Allah, tĕroes djeung boedi-rasa noe bĕrĕsih pisan, nĕpi ka poë ijeu.

2. Geus kitoe Ananias, panghoeloe agoeng, seug miwarang ka djalma noe narangtoeng deukeut, koedoe njabok kana baham Paoeloes.

3. Toeloej Paoeloes ngalahir ka dinja: Eh bilik noe dikapoeran, maneh teh bakal ditjabok koe Allah! Ongkoh maneh dijoek teh dek ngahoekoeman kaoela noeroetkeun Toret, naha mana nitah dipahiwalkeun djeung Toret, kaoela koedoe ditjabok?

4. Dĕmi noe narangtoeng di dinja, pok ngomong: Naha maneh bĕt njarekan ka panghoeloe agoeng noe dikĕrsakeun koe Allah?

5. Lahiran Paoeloes: Eh doeloer-doeloer, kaoela teh da teu njaho jen eta panghoeloe agoeng; sabab geus dioengĕlkeun dina Kitab: Maneh oelah njapa ka kapala bangsa maneh.

6. Ari geus kitoe Paoeloes teh, sabab oeningaeun eta djalma saparo ahli sadoeki, noe saparo deui ahli parisi, toeloej sasaoeran bĕdas dina rad, kijeu: Eh saderek-saderek, kaoela teh ahli parisi, sarta anak parisi; tina hal pangarĕp-ngarĕp djeung hal pihoedangeunana noe maraot

teja noe matak kaoela rek dihoekoeman teh!

7. Barang geus ngalahir kitoe, gĕr djadi patjektjokan ahli parisi djeung ahli sadoeki, sarta sakabehna eta djalma djadi midoewa.

8. Karana tjarek ahli sadoeki teh moal aja kijamat, atawa malaikat, atawa soekma; tatapi ari ahli parisi mah ngakoekeun doewanana.

9. Geus kitoe patorongtorong rosa pisan. Neut narangtoeng sakoer ahli kitab tina lĕbah ahli parisi, seug madoean, kijeu pokna: Kaoela mah teu pisan manggih kasalahan eta djalma; djeung deui saoepama aja soekma geus misaoer ka dinja, atawa malaikat, oerang teh oelah dek wani mĕrangan ka Allah!

10. Mangsa keur katjida parĕboet bĕnĕr, koemĕndang teh inggiseun, Paoeloes bisi dipadjoerawetkeun, toeloej miwarang sĕrdadoe koedoe toeroen, ngabĕdol Paoeloes ti tĕngah-tĕngah djalma, sarta koedoe diasoepkeun ka benteng.

11. Barang geus peuting, aja Goesti ngadĕgan ka Paoeloes, ari lahirna: Maneh teh sing gĕde hate, Paoeloes! karana sapĕrti maneh geus mĕrtelakeun hal kami 'di Jĕroesalem, nja kitoe maneh koedoe mĕrtelakeun deui di Roem.

12. Ari geus braj beurang, sababaraha oerang Jahoedi njijeun sakongkol djeung batoer, sarta pada njapa maneh; pokna moal dek njatoe-nginoem samemehna maehan Paoeloes mah.

13. Leuwih opat poeloeh djalma noe geus pada soempah kitoe.

14. Seug ngadareuheusan ka para panghoeloe agoeng djeung ka para kokolot, kijeu pioendjoekna: Koering geus pada njapa maneh bangĕt pisan, moal dek barangtĕda naon-naon, samemehna maehan Paoeloes teja.

15. Ari ajeuna aradjĕngan sarĕng djeung rad geura soemangga ngawartosan ka koemĕndang, isoekan sina dideuheuskeun ka aradjĕngan, poera-poerakeun rek dipariksa deui pĕrkarana masing bĕnĕr; ari koering teh pada sanggoep maehan ka dinja samemehna datang ka dijeu.

16. Dĕmi poetra saderek Paoeloes istri ngadenge tina piakaleunana oerang Jahoedi; toeloej datang asoep ka benteng, sarta ngoeninga ka Paoeloes.

17. Geus kitoe Paoeloes njaoer hidji kapala sĕrdadoe, ari lahirna: Moegi ijeu boedak pangdeuheuskeun ka koemĕndang, dek aja pihatoereunana.

18. Seug koe kapala teh

ditjandak, dideuheuskeun ka koemĕndang, ari pihatoerna: Paoeloes, sakitan teja, njĕloekan ka simkoering, kahajangna ijeu boedak koe simkoering dipangdeuheuskeun ka andjeun, rek aja pihatoereunana.

19. Tidinja koe koemĕndang boedak teh ditjĕkĕl leungeunna, ditjandak ka noe singkoer, ladjĕng dipariksa: Naon pibedjaeun maneh ka kami teh?

20. Ari pihatoerna: Noen, oerang Jahoedi teh sakait, arek panoenoehoen ka gamparan, soepaja gamparan miwarang Paoeloes isoekan koedoe dibawa kana rad, poerapoerana dek dipariksa deui masing tĕrang.

21. Moegi-moegi koe gamparan oelah dipĕrtjantĕn; sabab langkoeng tina opat poeloeh djalma noe masang baja ka Paoeloes, sarĕng geus pada njapa maneh, moal njatoenginoem lamoen tatjan maehan Paoeloes mah; malah ajeuna ge geus sadija, kantoen ngantos diroedjoekan koe gamparan.

22. Tidinja boedak teh koe koemĕndang dipiwarang moelang, timbalanana: Poma-poma pisan oelah tjarita ka sahasaha, jen geus ngabedjakeun kitoe ka kami.

23. Geus kitoe njaoer doewa kapala sĕrdadoe, ari lahirna: Geura sadijakeun doewa ratoes sĕrdadoe, keur baris leumpang ka Kesarea, kitoe deui toedjoeh poeloeh noe toempak koeda, sarta doewa ratoes noe make panah, sing djogo waktoe djam noe katiloe ti peuting;

24. Djeung sina njadijakeun toetoempakan, baris toempakkeuneun Paoeloes, sarta koedoe dianteurkeun ka goepĕrnoer Pelis, oelah sina katjilakaan.

25. Ladjĕng ngadamĕl sĕrat, kijeu oenina:

26. Sĕrat djisimabdi Klodioes Lisias, kahondjoek ing kangdjĕng goepĕrnoer Pelis, noe langkoeng kawasa: ngahatoerkeun salam!

27. Ngoeningakeun ijeu djalma ditangkĕp koe oerang Jahoedi, sarĕng rek dipaehan; kaboedjĕng koe simabdi sarĕng sĕrdadoe, bari toeloej dipĕrĕboetkeun, doemeh kenging warta jen eta teh oerang Roem.

28. Sarĕng koe bawaning hajang tĕrang kana pĕrkawisna, noe koe oerang Jahoedi ditoeding ka dinja, noe mawi koe simabdi ladjĕng dibantoen ka djĕro rad.

29. Tidinja kapĕndak koe simabdi, ditoedingna tina margi papadoean pĕrkawis Toret oerang Jahoedi; ari sajaktosna teu aja pisan pangnoedingna noe lĕbĕt kana hoekoem pati atanapi dibarogod.

30. Sarehing aja noe mopojan ka simabdi, jen eta djalma rek dipasang-baja koe oerang Jahoedi, poerwa enggal-enggal koe simabdi disanggakeun ka gamparan; samalah noe noeding oge geus dipopojanan koedoe ngoeninga ka pajoeneun gamparan, naon bae noe ditoeding ka dinja. Sarĕng moegi gamparan sing wiloedjĕng!

31. Geus kitoe sĕrdadoe teh ngalakonan sakoemaha noe geus diparentahkeun ka maranehanana, toeloej njokot Paoeloes, seug dianteurkeun ti peuting ka nagara Antipatris;

32. Isoekna baralik deui ka benteng, ari noe taroempak koeda mah disina toeloej mawa Paoeloes.

33. Dĕmi eta teh, sanggeus daratang ka Kesarea, toeloej njanggakeun sĕrat teja ka goepĕrnoer, bari ngadeuheuskeun Paoeloes ka pajoeneunana.

34. Barang geus diaos, ladjĕng goepĕrnoer teh mariksakeun Paoeloes asal ti kagoepĕrnoeran anoe mana? ari geus kahartos jen asalna ti Kilikia,

35. Ladjĕng ngalahir kijeu: Maneh mĕngke dipariksa koe kami, dimana noe noeding ka maneh geus daratang ka dijeu. Geus kitoe miwarang Paoeloes koedoe ditoetoep di djĕro pangadilan Herodes.

PASAL 24.

Dĕmi geus meunang lima poë, soemping Ananias, panghoeloe agoeng teja, reudjeung para kokolot, sarta hidji pakrol, noe ngaran Tĕrtoeloes, pada ngadeuheusan ka pajoeneun goepĕrnoer, dek mĕrkarakeun Paoeloes.

2. Ari Paoeloes geus disaoer, toeloej Tĕrtoeloes teh ngamimitian ngĕlakkeun, kijeu pihatoerna:

3. Pĕrkawis abdi-abdi kalangkoeng rahajoe koe margi djijad gamparan, sarawoeh pirang-pirang kasaean dipidamĕl ka ijeu bangsa koe margi kabinangkitan gamparan, eta teh, noen Pelis noe langkoeng kawasa, salalamina sarĕng di mana bae koe abdi-abdi ditampi pisan sarĕng pirang-pirang noehoen.

4. Tanapi soepaja simabdi oelah koengsi ngalamikeun ka gamparan, panoehoen simabdi teh, moegi gamparan tina bawaning tjitĕrĕs manah, kĕrsa ngadangoe ka simabdi sadaja sakĕdap bae.

5. Karantĕn koe simabdi geus kaparĕndak, ijeu djalma teh lantaran pagĕboeg, sarĕng njijeun karoesoehan ka sadaja oerang Jahoedi di saalamdoenja, sarawoeh djadi oelonoelon madhab sarani.

6. Malah geus aja pakarĕpa-

nana dek nganadjiskeun kabah; doepi koe simabdi sadaja toeloej ditangkĕp, panijatan teh dek dihoekoem noeroetkeun Toret simabdi.

7. Nanging sabot keur kitoe, kaboedjĕng koe Lisias, koemĕndang teja, toeloej mĕrĕboetkeun eta teh ti leungeun simabdi, sarĕng maksa kalangkoeng,

8. Bari toeloej miwarang ka noe noeding ka dinja, jen koedoe ngadeuheusan ka gamparan. Doepi eta pĕrkawis, oepantĕn diparijos djinisna koe salira gamparan, geus kantĕnan pikahartoseun saniskantĕn noe koe simabdi dikĕlakkeun hal manehanana.

9. Ari oerang Jahoedi teh pada ngarĕmpagan jen eta pĕrkara nja kitoe.

10. Sanggeusna Paoeloes koe goepĕrnoer dikĕdepan soepaja sina njarijos, ladjĕng kijeu wangsoelanana: Sarehna simkoering tĕrang, andjeun geus pirang-pirang taoen nja njĕpĕng hoekoeman ka ijeu bangsa, poerwa simkoering egar pipikiran pingawangsoeleun tina hal diri simkoering.

11. Sabab andjeun teh gampil pioeningaeunana, moal langkoeng doewa wĕlas poë ti watĕs simkoering dongkap ka Jĕroesalem dek sĕmbahijang.

12. Sarĕng simkoering teu pisan kapanggih koe eta teh dina kabah omong-omongan ka saha-saha, soemawonna ngaroesoehkeun ka djalma-djalma, di masigit hanteu, di nagara hanteu;

13. Sarĕng moal bisaeun ngaboektikeun pĕrkawis noe ditoeding ajeuna ka simkoering teh.

14. Nanging noe diakoe koe simkoering ka andjeun, nja eta simkoering teh ngabakti ka Allah para karoehoen, njorang djalan noe koe eta disĕboetkeun madhab teja, sarĕng pĕrtjaja saniskantĕn noe dioengĕlkeun dina Toret sarta dina kitab para nabi;

15. Sarawoeh gadoeh pangarĕp-ngarĕp ka Allah, sami keneh sarĕng noe diantos-antos koe eta, jen bakal hoedang djalma noe maraot, nja anoe bĕnĕr sarta noe doraka.

16. Sarĕng simkoering mitoetoeran diri sorangan, kahajang teh salalamina gadoeh boedi-rasa noe taja koetjiwana ti Allah sarĕng ti pada djalma.

17. Dĕmi geus kaheuleutan sababaraha taoen simkoering datang deui, sĕdja nijat sidĕkah ka bangsa simkoering, sarĕng arek koerban.

18. Barang keur kitoe, simkoering kapanggih djeung sababaraha oerang Jahoedi ti Asia, geus meunang soesoetji, aja di djĕro kabah, teu nga-

bantoen loba djalma, hanteu aja roesoeh.

19. Lĕrĕsna mah eta teh koedoe araja ajeuna di pajoeneun andjeun, koedoe ngadawa ka simkoering, oepami aja kĕlakkeuneun ka simkoering.

20. Sanadjan ijeu oge sina ngawaktjakeun bae, oepami geus maranggih kaloeloepoetan di lĕbah simkoering, mangsa keur aja di pajoeneun rad;

21. Kadjabi ti ijeu mah sahidji omongan, noe dipihatoer koe simkoering keur nangtoeng di lĕbah dinja, kijeu: Tina hal pihoedangeunana noe maraot teja, noe matak kaoela ajeuna rek dihoekoeman koe aradjĕngan teh.

22. Barang geus kadangoe koe Pelis teh, seug ditoenda bae oeroesanana, doemeh oeningaeun pisan kana hal eta djalan; ari lahirna: Samangsa koemĕndang Lisias geus datang, pĕrkara maraneh koe kami bakal dipariksa.

23. Tidinja miwarang ka kapala sĕrdadoe, Paoeloes teh koedoe ditoenggoean, sarta dientengan; kitoe deui oepama aja koelawargana dek ngalalajanan, atawa dek ngandjang, oelah dihalang-halang.

24. Ari geus meunang sababaraha poë, Pelis soemping djeung Droesila geureuhana, nja eta teh oerang Jahoedi; seug miwarang njaoer Paoeloes, ladjĕng ngadangoe tjarijosna tina hal kapĕrtjajaan ka Kristoes.

25. Dĕmi keur misaoer tina hal kabĕnĕran, djeung tina hal tjĕgahan, sarta tina hal hoekoeman mangke, Pelis teh kalangkoeng sijeuneunana, ladjĕng ngawalon kijeu: Ajeuna mah ĕnggeus, geura balik deui bae, mangke lamoen kami keur ari, tangtoe disaoer deui.

26. Djeung deui goepĕrnoer teh ngarĕp-ngarĕp, soegan Paoeloes rek ngatoeranan doewit, malar dileupaskeun; noe matak mindĕng diala, sarta sasaoeran djeung Paoeloes teh.

27. Dĕmi geus nĕpi ka doewa taoen, Pelis diganti koe Porsioes Pestoes, sarta tina bawaning Pelis hajangeun dipikasoeka koe oerang Jahoedi, Paoeloes teh diantĕp bae di pangberokan.

PASAL 25.

Sanggeus Pestoes soemping kana kagoepĕrnoeran, ari geus meunang tiloe poë, ladjĕng angkat ti Kesarea ka Jĕroesalem.

2. Tidinja para panghoeloe agoeng djeung menak-menak oerang Jahoedi ngadeuheusan, mĕrkarakeun Paoeloes; ari panoenoehoenna,

3. Njoehoenkeun koernija, moegi Paoeloes dipiwarang ka

Jĕroesalem; karĕpna rek dipasang-baja, ngarah maehan di djalan.

4. Dĕmi walonan Pestoes, Paoeloes teh keur ditoenggoean di Kesarea, sarta andjeunna moal lila rek angkat deui ka dinja.

5. Geus kitoe saha-saha noe njĕkĕl kawasa di lĕbah sampejan, timbalanana, koedoe miloe indit bae, sarta lamoen aja kasalahan naon-naon eta djalma, toeloej kĕlakkeun!

6. Ari linggihna di dinja teu leuwih ti sapoeloeh poë, ladjĕng angkat ka Kesarea; dĕmi isoekna seug linggih dina korsi pangadilan, sarta toeloej miwarangan Paoeloes koedoe dideuheuskeun.

7. Sanggeus dongkap ka pajoeneunana, tidinja oerang Jahoedi, noe geus daratang ti Jĕroesalem, seug pada ngalingkoengan, djeung reja-reja pisan ngoendjoekkeunana hal noe ditoeding ka Paoeloes, sarta bareurat, tatapi teu bisaeun ngaboektikeun,

8. Sabab koe Paoeloes diwalon, kijeu lahirna: Simkoering hanteu gadoeh dosa kana Toret oerang Jahoedi, kitoe deui kana kabah, atawa ka sang praboe.

9. Dĕmi Pestoes, bawaning hajangeun dipikasoeka noe oerang Jahoedi, toeloej ngawalon ka Paoeloes, kijeu lahirna: Koemaha maneh daek indit ka Jĕroesalem, soepaja ijeu pĕrkara dipoetoes di dinja di hareupeun kami?

10. Ari wangsoelan Paoeloes: Simkoering keur aja di pajoeneun korsi pangadilan sang praboe, nja di dijeu simkoering kĕdah dipoetoes teh. Simkoering teu gadoeh kasalahan ka oerang Jahoedi, andjeun ge oeninga pisan.

11. Saoepami simkoering teh aja kasalahan, geus milampah noe mandjing kana hoekoem pati, moal ĕmboeng paeh; sawangsoelna ari sakoer noe ditoeding koe eta teh ka simkoering, lamoen taja boektina mah, moal aja noe bisa masihkeun simkoering ka dinja. Simkoering teh hajang apel ka sang praboe.

12. Geus kitoe Pestoes rĕrĕmpagan djeung rad, bari toeloej ngawalon kijeu: Maneh teh hajang apel ka sang praboe, mangke diijangkeun ka praboe.

13. Dĕmi geus meunang sababaraha poë, soemping ka Kesarea radja Agripa sarta djeung Bernika, kĕrsana ngatoerankeun ka Pestoes.

14. Barang geus rada lila linggihna di dinja, pĕrkara Paoeloes teja seug koe Pestoes ditjarijoskeun ka radja, kijeu pihatoerna: Pelis nilarkeun hidji djalma di pangberokan;

15. Ari keur mangsa sad-

kaoela aja di Jĕroesalem, djĕboel para panghoeloe agoeng djeung para kokolot oerang Jahoedi, pada ngĕlakkeun ka dinja, pamentana sina dihoekoem.

16. Seug didjawab koe sadkaoela, teu kalampah di oerang Roem mah, njĕrahkeun djalma kana hoekoem pati, lamoen noe ditoeding tatjan padoe-hareupan djeung noe noeding, sarta meunang pĕta pingadjawabeun kana panoedingna.

17. Dĕmi geus karoempoel di dijeu, koe sadkaoela hanteu dimĕngkekeun deui, isoekna seug dijoek bae dina korsi pangadilan, sarta toeloej marentah eta djalma koedoe dibawa sina madĕp.

18. Ari noe noeding teja, geus djogo, teu pisan njĕboetkeun pĕrkawis sakoemaha noe dinjanaan koe sadkaoela;

19. Ngan aja pĕrkawis patjogregan djeung Paoeloes teh tina hal agamana bae, djeung tina hal hidji djalma noe geus maot, ngaran Jesoes, ari koe Paoeloes mah disĕboetkeun hiroep.

20. Bawaning tina kaewĕdan mariksa eta pĕrkawis, toeloej ditanja koe sadkaoela, Paoeloes teh soegan daek indit ka Jĕroesalem, sarta dipoetoes di dinja.

21. Dĕmi omongan Paoeloes rek apel, menta ditoenggoekeun bae, hajangeun dipangoeningakeun ka sang praboe; noe mawi sadkaoela toeloej marentah, koedoe didagokeun bae dongkap ka waktoe koe sadkaoela disanggakeun ka sang praboe.

22. Ari pihatoer Agripa ka Pestoes: Sadkaoela ge hajang pisan ngadengekeun ka eta djalma. Pihatoer Pestoes: Soemangga, isoekan bae ngareungeukeun ka dinja.

23. Dĕmi isoekna, sanggeus soemping Agripa djeung Bernika, sarta kalangkoeng garinding, ladjĕng pada lĕbĕt ka kamar pangdeuheusan, diiring koe para kapala sĕrdadoe, sarta koe para menak nagara eta, seug Pestoes miwarangan ngadeuheuskeun Paoeloes.

24. Sanggeus dongkap, ladjĕng Pestoes ngalahir: Eh radja Agripa, djeung sadajana djalma noe aja di dijeu sasarĕngan! Tah geuning ijeu sampejan pada ningali djalma teh, noe dioendjoekkeun ka sadkaoela koe sakabehna oerang Jahoedi teja, nja di Jĕroesalem sarta di dijeu, ari aromongna, jen eta teh geus teu pantĕs hiroep.

25. Tatapi pamanggih sadkaoela, eta djalma teu pisan milampah noe mandjing dihoekoem pati, malah-malah

djinisna hajangeun apel ka sang praboe, koe sabab kitoe koe sadkaoela geus ditangtoekeun bakal disanggakeun.

26. Dĕmi sadkaoela rek njĕratkeun ka kangdjĕng Goesti, hanteu aja noe poegoeh tina pĕrkawisna. Kitoe noe mawi ajeuna dideuheuskeun ka sarampejan, agoengna ka andjeun, eh radja Agripa! soepaja ari geus diparijos, sadkaoela meunang pigeusaneun njĕratkeun.

27. Sabab ari pamikir sadkaoela mah, teu sae pisan njanggakeun sakitan, hanteu kaoendjoekkeun pĕrkawis noe dikĕlakkeun.

PASAL 26.

Ladjĕng Agripa ngalahir ka Paoeloes: Maneh teh diwidian njaritakeun pĕrkara maneh. Geus kitoe Paoeloes njodorkeun pananganana, bari njanggakeun katĕrangan, nja kijeu:

2. Noen radja Agripa! simkoering roemaos bagdja pisan, sarehing dangĕt ajeuna simkoering kenging ngahatoerkeun katĕrangan ka pajoeneun andjeun, ngawangsoelan saniskantĕn noe ditoeding ka diri simkoering koe oerang Jahoedi.

3. Agoengna roemaos bagdja teh, doemeh andjeun langkoeng oeninga ka sagala adat sarĕng hal papadoean noe di oerang Jahoedi. Koe pĕrkawis eta, panoehoen simkoering, moegi andjeun kĕrsa sabar ngadangoekeun ka pihatoer simkoering.

4. Ari lalampahan simkoering ti boeboedak, sarehing ti awitna patjampoer sarĕng bangsa simkoering di Jĕroesalem, geus kanjahoan koe sadajana oerang Jahoedi;

5. Sabab ti baretona pada njaho ka simkoering, saoepami ajeuna daekeun ngakoe mah, jen lalampahan simkoering teh noeroetkeun madhab agama simkoering noe pangtĕmĕn-tĕmĕnna, sakoemaha adat ahli parisi bae.

6. Dĕmi ajeuna simkoering teh didawa ka hoekoem, lantaran tina pangarĕp-ngarĕp ka pĕrdjangdjian, noe koe Allah dipasihkeun ka para karoehoen teja;

7. Noe diarĕp-arĕp koe doewa wĕlas kaom bangsa simkoering, pada hajang didongkapkeun, bari sarĕgĕp ngabarakti ka Allah beurang peuting. Tina eta pangarĕpngarĕp teja, noen radja Agripa! poerwana simkoering dikĕlakkeun koe oerang Jahoedi.

8. Naha ari manah arandjeun teh, ngamoestahilkeun Allah nanghikeun djalma noe maraot?

9. Ari moenggoeh diri simkoering, tadina gadoeh pamikir, wadjib milampah reja pisan pĕrkawis baris ngamoesoeh ka padjĕnĕngan Jesoes, oerang Nasaret teja.

10. Sarta toeloej koe simkoering prak dipilampah di Jĕroesalem; ari djalma noe saroetji teh loba pisan noe datang ka ditoetoep koe simkoering di pangberokan, doemeh geus tampa kawasa ti para panghoeloe agoeng; sarta ana rek dipaehan, diroedjoekan koe simkoering.

11. Sarĕng dina oenggaloenggal masigit eta teh rĕmĕn pisan disiksa koe simkoering, sarawoeh dipaksa sina ngagogoreng; nja bangĕt katjida diamoekna koe simkoering, moenggah dikanijaja di nagara-nagara tanah sedjen.

12. Mangsa keur lakoe-lampah kitoe, parĕng simkoering njaba ka Damsik, ngabantoen kawasa sarĕng parentah ti para panghoeloe agoeng.

13. Doemadakan wantji tĕngah poë, noen radja! simkoering di djalan nendjo hidji tjahja, sarĕng ngoengkoelan kana montjorongna panonpoë, nodjo ti langit ka simkoering sarĕng ka batoer reureudjeungan.

14. Seug pada tibeubeut kabeh kana taneuh, toeloej simkoering ngadenge gĕntra, ngalahir ka simkoering, ari lahirna koe basa Ibrani, kijeu: Eh Saoel, Saoel, naha maneh bĕt nganijaja ka kami? Soesah maneh ari dek njepak kana panjotjog mah.

15. Diwangsoel koe simkoering: Noen Goesti, andjeun teh saha? Ari lahiranana: Kami teh Jesoes, noe dikanijaja koe maneh teja.

16. Ari ajeuna maneh geura tjĕngkat, bari toeloej nangtoeng, sabab kami noe matak nembongan ka maneh, nja eta maneh koe kami rek didamĕl abdi sarta saksi tina saniskara noe geus katendjo koe maneh, djeung noe bakal ditembongkeun ka maneh koe kami.

17. Sarta bakal diraksa ti ijeu bangsa djeung ti oerang kapir; nja ka dinja ajeuna maneh koe kami dipiwarang,

18. Pikeun ngabeuntakeun panonna, sarta nobatkeun eta teh, tina poëk sina kana tjaang, djeung tina pangawasa setan sina ka Allah, soepaja pada meunang panghampoera tina dosa-dosana, sarta meunang warisan reudjeung sakoer noe saroetji, tina lantaran kapĕrtjajaan ka kami.

19. Koe pĕrkawis kitoe, noen radja Agripa! simkoering ti harita teu moengpang ka eta tetendjoan ti sawarga teh;

20. Anggoer toeloej ngoewarkeun, awitna ka oerang Damsik, sarta ka noe aja di Jĕroesalem djeung di sakoeriling tanah Joedea, sarĕngna deui ka oerang kapir, koedoe pada ganti pikir, sarta tobat ka Allah, bari milampahkeun pagawean noe tĕroes djeung pĕrtobat.

21. Kitoe poerwana noe mawi simkoering koe oerang Jahoedi ditangkĕp di djĕro kabah, ari pambrihna dek maehan ka simkoering.

22. Nanging tina aja pitoeloeng Allah, simkoering masih keneh djoengkĕrĕng dongkap ka poë ijeu, sarĕng ngingĕtan ka noe gĕde ka noe leutik; hanteu pisan njatoerkeun anoe pasalija sarĕng noe dilahirkeun koe para nabi sarawoeh koe Moesa, hal pĕrkawis noe bakal kalakon:

23. Jen Kristoes teh misti njandang sangsara, sarĕng deui jen andjeunna, doemeh noe ngawitan ti noe maraot, bade ngembarkeun hidji tjahja nja ka ijeu bangsa sarĕng ka oerang kapir.

24. Mangsa Paoeloes njaoer kitoe, nĕrangkeun lampahna teja, seug Pestoes ngalahir sarta bĕdas gĕntrana: Eh Paoeloes, omongan maneh teh sasar! tina loba pisan kapintĕran, matak njasarkeun ka maneh.

25. Dĕmi walonan Paoeloes: Noen Pestoes noe langkoeng kawasa! teu pisan-pisan sasar simkoering teh; ari noe diomongkeun koe simkoering, nja eta omongan noe sajaktos sarĕng eling pipikiran.

26. Karana radja mah langkoeng oeninga ka eta pĕrkawis, noe mawi simkoering hatoeran ka andjeunna sarĕng lĕga hate; sabab ditangtoskeun koe simkoering, eta pĕrkawis moal aja noe karimboenan moenggoeh ka andjeunna, wantoening ari djadina teh lain dina djoeroe.

27. Noen radja Agripa! koemaha andjeun teh, pĕrtjantĕn ka para nabi? Da simkoering geus tĕrang, andjeun teh pĕrtjantĕn ka dinja.

28. Ari lahiran Agripa ka Paoeloes: Kami teh bis-bis dek kabongroj koe maneh asoep kristĕn!

29. Ari walonan Paoeloes: Noe disoehoenkeun koe simkoering ka Allah, lain andjeun woengkoel, sarĕng sadajana bae noe ngareungeu ka simkoering dina poë ijeu, moegimoegi bis-bis teh sarĕng djeung prakna, sing datang ka sami sarĕng diri simkoering, kadjabi ti ijeu rante.

30. Sanggeus Paoeloes milahir kitoe, radja teh ladjĕng ngadĕg, djeung goepĕrnoer rawoeh Bernika, sarta djeung

sadajana noe tjalik sasarĕngan;
31. Pada njingkah ka sisi, bari sasaoeran djeung kantja, ari salaoerna: Eta djalma teu pisan milampah noe mandjing dihoekoem pati, atawa dirante.
32. Ari lahiran Agripa ka Pestoes: Eta djalma beunang dileupaskeun, oepama teu apel manten ka sang praboe mah.

PASAL 27.

Sanggeusna ditangtoekeun rek dilajarkeun ka tanah Itali, toeloej Paoeloes djeung sababaraha sakitan noe sedjen diselehkeun ka hidji kapala sĕrdadoe, ngaran Joelioes, kaasoep barisan praboe.
2. Tidinja kaoela pada oenggah ka kapal ti nagara Adramiti, noe rek mapaj nagara-nagara di sisi tanah Asia. Geus kitoe lajar; sarta aja noe ngareudjeungan ka kaoela, Aristarkoes, oerang Makĕdoni, noe ti Tesalonika teja.
3. Ari isoekna kaoela daratang ka nagara Sidon. Dĕmi Joelioes soemejah pisan boedina ka Paoeloes, sarta diwidian tjalik ka sobat-sobat, soepaja dibĕkĕlan.
4. Sanggeus madjoe deui ti dinja, lajar teh malipid ka Kiproes, sabab angin mapag.
5. Toeloej njorang laoet noe di Kilikia djeung Pampili, geus kitoe datang ka nagara Mira, bilangan Likia.
6. Di dinja kapala teh mĕndakan hidji kapal ti nagara Aleksandri, sĕdjana lajar ka tanah Itali, seug kaoela kabeh ditoempangkeun.
7. Koe bawaning kĕndor madjoena, geus meunang sababaraha poë seuseut datang ka pĕlĕbah nagara Kĕnidoes; tina sabab kahalangan koe angin, toeloej bae lajar teh malipid ka Krete, di pĕlĕbah nagara Salmone.
8. Seuseut bisa ngaliwatan eta poelo, toeloej datang ka hidji ĕnggon noe ngaran Palaboewan Aloes, deukeut ka dinja aja nagara Lasea.
9. Tina sabab geus lila katjida, sarta lajar ajeuna matak rarempan, pedah geus liwat waktoe poewasa, noe matak Paoeloes mepelingan ka sakabehna,
10. Kijeu lahirna: Eh batoer-batoer! kaoela geus awas pisan, lajar teh bakal manggih kasoesah sarta karoegian gĕde, moal woengkoel kana moewatan djeung kapal bae, samalah ka njawa oerang pribadi.
11. Tatapi ari kapala teh anggoer ngagoegoe ka istriman sarta ka nangkodana, ti batan ngagoegoe ka pilahir Paoeloes.
12. Djeung koe sabab eta palaboewan hanteu hade pĕrnahna dieureunan oesoem tiris, noe matak tjarek pirĕm-

poeg noe loba, leuwih hade madjoe deui bae, soegan bisa něpi ka Penik, hajang eureun di dinja; ari eta teh hidji palaboewan di poelo Krete, njelaboemi ngidoel-ngoelon djeung ngaler-ngoelon.

13. Parěng angin leutik ngahiliwir ti kidoel, noe matak panjanana pitoeloeseun pikarěpeunana; seug narik djangkar, bari toeloej lajar malipid deukeut pisan ka Krete.

14. Tatapi teu koengsi lila kapal teh kadoepak koe angin topan, noe disěboet Eroklidon.

15. Tidinja kapal kabawa, hanteu bisa nahan angin, noe matak koe kaoela sadaja seug diasrahkeun, djadi salantrahlantrahna bae.

16. Geus kitoe měněran ka sisina hidji poelo leutik, ngaran Klaoeda; di dinja seuseut bisa meunangkeun sampanna.

17. Ari geus dioenggahkeun sampan teh, toeloej kapal diběběran ti handapna, noe dipake teh noe geus maranti; sarta koe bawaning sarijeuneun bisi kandas kana karang ngaran Sirtoes, seug ngagoeloengkeun lajar, bari toeloej ngambang sakaparan-paran bae.

18. Djeung tina sabab loewak-lejok bangět katjida koe angin riboet, noe matak isoekna pada mitjeun barang-barang.

19. Sarta dina poë noe katiloe kaoela pada mitjeun parabot kapal koe leungeun pribadi.

20. Meunang sababaraha poë lilana hanteu tembong panon-poë, kitoe deui bentang-bentang, sarta kateumbag koe angin riboet lain leuleutikan, noe matak kaoela sadaja geus taja pangharěpan kana pisalaměteun.

21. Sanggeus lila pisan hanteu dalalahar, ladjěng Paoeloes ngaděg di těngah-těngahna, sarta ngalahir: Eh batoer-batoer! běněrna bareto ngawaro ka kaoela, sarta hanteu waka indit ti Krete, njingkiran ijeu balai djeung ijeu karoegian teh.

22. Tatapi ari ajeuna mah kaoela magahan ka maraneh, koedoe sing pada gěde hate, sabab maraneh moal koengsi aja noe tiwas njawana, ngan woengkoel kapalna bae.

23. Karana peuting tadi aja noe ngaděgan ka kaoela hidji malaikat ti Allah, noe kagoengan diri kaoela, sarta noe dibaktian koe kaoela;

24. Ari lahirna: Eh Paoeloes, oelah sijeun-sijeun! maneh teh koedoe didjagragkeun di hareupeun praboe; djeung deui sakabehna noe taroempak kapal djeung maneh, eta geuning koe Allah geus dipasihkeun ka maneh.

25. Koe sabab kitoe, eh

batoer-batoer! koedoe sing pada gĕde hate, karana kaoela pĕrtjaja ka Allah, geus tangtoe pidjadieun sakoemaha noe dilahirkeun ka diri kaoela teja.

26. Tatapi oerang teh geus misti bakal kandas kana hidji poelo.

27. Dĕmi geus nĕpi ka opat wĕlas peutingna kaoela sadaja oeprak-aproek teh dina laoet Adria, geus kitoe wantji tĕngah peuting toekang kapal boga rarasaan djiga keur njampeurkeun ka darat.

28. Toeloej njĕmploengkeun pangdjoegdjoegan, aja doewa poeloeh deupa djĕrona; geus ladjoe deui saeutik, mindo njĕmploengkeun pangdjoegdjoegan, aja lima wĕlas deupa djĕrona.

29. Sarta koe bawaning sijeuneun kapal bisi kandas kana karang, toeloej ngantjlomkeun opat djangkar ti toekangeun kapal, sarta pada ngarĕp-ngarĕp hajang geura braj beurang.

30. Ari toekang kapal karĕpna dek maringgat tina kapal, sarta noeroenkeun sampan, poera-poera dek noeroenkeun djangkar ti hareupeun kapal.

31. Koe sabab kitoe, seug Paoeloes misaoer ka kapala djeung ka sakabeh sĕrdadoe: Oepama eta hanteu tĕtĕp dina kapal mah, maraneh teh moal meunang salamĕt.

32. Toeloej koe sĕrdadoe tambang sampan teh ditilas, seug ragrag sampanna ka laoet.

33. Barang dek braj beurang, ladjĕng Paoeloes mepelingan ka sakabehna, koedoe pada dadaharan, ari lahirna: Ajeuna geus kaopat-wĕlas poë ijeu maraneh nja ngadagodago, teu dadaharan, sarta hanteu pisan baranghakan naon-naon.

34. Koe pedah kitoe kaoela ngingĕtan ka maraneh, koedoe dadaharan, sabab nja eta saratna pisalamĕteun maraneh, karana lĕbah maraneh saoerang ge moal aja noe bakal ragrag boeoek salambar tina sirah.

35. Sanggeusna ngalahir kitoe, ladjĕng njandak roti, sarta moedji soekoer ka Allah kasaksian koe sakabeh; dĕmi geus disĕmplekan, ladjĕng didahar.

36. Geus kitoe sakabehna djadi gĕde hate, seug pada dadaharan deui.

37. Ari kaoela sadaja noe aja dina kapal, djoemlah doewa ratoes toedjoeh poeloeh gĕnĕp djiwa.

38. Dĕmi geus sareubeuheun dadaharanana, toeloej mitjeun gandoem momotan kapal ka laoet, malar sina hampang kapalna.

39. Barang geus braj beurang, teu njarahoëun ngaranna eta daratan; sarta narendjo sesegogan, aja basisirna, geus kitoe karĕpna, oepama beunang, kapal dek disimpangkeun ka dinja.

40. Seug toeloej djangkar ditarilas, ditinggalkeun bae dina laoet, sarta ngoedaran tali kamoedi; tidinja meberkeun lajar noe ti hareup, ditebengkeun kana angin, bari toeloej kapalna dibĕnĕrkeun ka eta basisir teja.

41. Ana noedjoe ka ĕnggon, noe dihapit koe laoet kentjakatoehoeëunana, toeloej kapal teh kandas ka dinja; ari ti hareupna nangkod pageuh, teu gĕdag-gĕdag atjan, tatapi ari toekangna mah bĕdjad, tina bawaning bangĕt kaseblok ombak.

42. Dĕmi parĕmpoegan sĕrdadoe, sakitan-sakitan dek dipaehan, soepaja oelah aja noe ngodjaj, toeloej minggat.

43. Tatapi ari kapala mah, koe bawaning hajang noeloeng ka Paoeloes, toeloej mĕgatan ka pikarĕpeun sĕrdadoe, sarta marentah, jen saha-saha noe bisa ngodjaj koedoe ti heula bae toetoeroeboen, sarta toeloej handjat ka darat;

44. Ari noe sadjaba ti dinja mah, sawareh koedoe taroempak papan, noe sawareh deui taroempak bĕbĕdjadan kapal. Kitoe djalanna noe matak sakabehna nĕpi ka darat, sarta pada salamĕt.

PASAL 28.

Sanggeus kaoela pada salamĕt, toeloej meunang bedja, eta poelo ngaranna Melita.

2. Ari priboemina liwatlangkoeng ngoetamakeunana ka kaoela sadaja, karana njijeun doeroekan, sarta kaoela pada dibawa ka djĕro imah, tina sabab datang hoedjan, djeung sabab keur tiris.

3. Dĕmi Paoeloes moeloeng pangpoeng sakeupeul, diteundeun kana doeroekan, geus kitoe aja hidji oraj wĕlang bidjil, tina kapanasan, seug meulit ka pananganana.

4. Barang priboemi teh narendjo eta oraj ngambaj dina pananganana, toeloej pada ngomong djeung batoerna: Eta djalma geus tangtoe boga dosa maehan, karana kakara salamĕt tina laoet, da koe balĕsan teu bae meunang hiroep!

5. Tatapi koe andjeunna oraj teh ladjĕng dikepretkeun kana seuneu, teu djadi sakarakara.

6. Ari panjana djalma teja andjeunna tangtoe pibareuheun, atawa dadak-sakala roeboeh maot. Dĕmi geus lila noenggoean, ana nendjo Paoeloes teu djadi kitoe-kijeu, toeloej ganti panjanana, ari

aromongna, jen andjeunna teh batara.

7. Ari gĕgĕden poelo eta, djĕnĕngan Poeblioes, kagoengan pakoewon deukeut ka eta ĕnggon teja; ladjĕng ngakoe ka kaoela sadaja, diandjrĕkkeun tiloe poë, sarta soemejah pisan.

8. Dĕmi ramana Poeblioes teh keur ebog moerijang sarta kabeuratan gĕtih. Ladjĕng Paoeloes tjalik ka dinja, sarta sanggeus nĕnĕda, seug ditoempangan panangan, didamangkeun.

9. Geus kitoe djalma noe sedjen ge, sakoer noe boga panjakit dina poelo eta, seug ngadareuheusan, toeloej pada ditjageurkeun.

10. Sarta eta teh pada hormat ka kaoela sadaja, reja katjida pahormatanana, samalah keur mangsa kaoela rek arindit, pada njoekoep pibĕkĕleun kaoela.

11. Sanggeus meunang tiloe boelan, toeloej kaoela sadaja lajar, toempak kapal ti Aleksandri, noe mantas eureun di poelo eta keur oesoem tiris, ari tjitjiren kapal teh Kastor djeung Poloek.

12. Tidinja datang ka nagara Sirakoesa, sarta ngarĕrĕb meunang tiloe poë.

13. Ari ti dinja lajar teh ngoeriling, toeloej datang ka nagara Regioem; kaheuleutan koe sapoë aja angin ti kidoel, noe matak kadoewa poëna kaoela daratang ka nagara Poeteoli.

14. Di dinja manggih doeloer-doeloer, ari eta teh noenoehoen ka kaoela sadaja, soepaja ngandjrĕk di maranehanana watĕs toedjoeh poë. Geus kitoe kaoela pada toeloej ka nagara Roem.

15. Ari doeloer-doeloer noe di dinja, sapedah geus ngadenge tina hal kaoela sadaja, toeloej marapagkeun nĕpi ka Pasar Appioes sarta ka Pamondokan Tiloe. Barang eta teh katingali koe Paoeloes, ladjĕng moedji soekoer ka Allah, sarta djadi gĕde manahna.

16. Mangsa kaoela geus daratang ka Roem, sakitan-sakitan koe kapala teja toeloej disanggakeun ka koemĕndangna djagabaja; tatapi Paoeloes mah diwidian imah-imah koemaha kasoekaanana bae, barĕng djeung hidji sĕrdadoe noe bakoe ngadjaga andjeunna.

17. Ari geus meunang tiloe poë, ladjĕng Paoeloes ngahatoeranan tjalik ka sadajana noe djadi loeloegoe oerang Jahoedi. Dĕmi geus koempoel, ladjĕng misaoer kijeu ka darinja: Eh saderek-saderek! kaoela teh, noe teu boga kasalahan ka bangsa oerang, atawa kana adat karoehoen, datang ka dibarogod, ti Jĕ-

roesalem diselehkeun ka leungeun oerang Roem.

18. Sanggeusna oerang Roem teh mariksa ka kaoela, sĕdjana dek ngaleupaskeun, sabab kaoela hanteu boga kasalahan noe mandjing dihoekoem paeh.

19. Tatapi eta teh koe oerang Jahoedi dilawan, noe matak rarasaan kaoela koedoe apel ka sang praboe, lain pisan koe sabab kaoela aja pingĕlakkeuneun noe sabangsa djeung kaoela.

20. Kitoe poerwana sampejan koe kaoela dihatoeranan ka dijeu, hajang patĕpang sarta tjatjarijos ka sampejan teh; karana koe tina pangarĕp-ngarĕp bangsa Israil noe matak kaoela ditĕrapan ijeu rante.

21. Ari walonanana ka Paoeloes: Kaoela hanteu nampa soerat ti Joedea pĕrkawis sampejan, sarta doeloer-doeloer noe datang ka dijeu, taja pisan noe ngabedjakeun atawa ngomongkeun kagorengan ka sampejan.

22. Tatapi kaoela hajang oge ngadenge ti sampejan, hal noe djadi pangraos sampejan; karana moenggoeh eta madhab teh, geus kanjahoan koe kaoela jen dipadoean di manamana.

23. Tidinja ka Paoeloes nangtoekeun poëna. Ari geus kitoe loba pisan noe datang ka andjeunna, ka pangandjrĕkanana; seug Paoeloes netelakeun karadjaan Allah ka darinja, sarta mepelingan, pambrihna soepaja pada datang ka pĕrtjaja ka Jesoes; noe dianggo teh Toret Moesa djeung Kitab para nabi, lilana ti isoek dongkap ka boerit.

24. Ari noe sawareh pĕrtjajaeun ka noe dilahirkeun, tatapi noe sawareh deui mah hanteu pĕrtjajaeun.

25. Pedah teu rĕmpoeg djeung batoer, toeloej pada moelang, sanggeus Paoeloes ngalahirkeun kasaoeran kijeu: Nja bĕnĕr pisan noe diandikakeun koe Roh Soetji lantaran nabi Jĕsaja ka karoehoen oerang teja;

26. Ari pangandikana: Maneh geura leumpang ka ijeu bangsa, sarta bedjaan kijeu: Maraneh bakal ngadenge koe tjeuli, tatapi moal pingahartieun; sarta bakal molotot koe panon, tatapi moal nendjo.

27. Karana ijeu bangsa teh geus djadi mintoel hatena, ari tjeulina hese ngadengena, sarta panonna geus dipeureumkeun; soepaja oelah koengsi narendjo koe panon, djeung oelah ngadarenge koe tjeuli, djeung oelah ngaharti koe hate, djeung moal tarobat, sarta oelah ditjageurkeun koe kami.

28. Koe sabab kitoe, koedoe kanjahokeun koe sampejan, kasalamĕtan Allah teh geus dikintoenkeun ka oerang kapir, sarta eta teh tangtoe ngadarengekeun.

29. Sanggeus Paoeloes ngalahir kitoe, toeloej oerang Jahoedi teh maroelang, bari rosa pisan papadoeanana djeung batoer.

30. Dĕmi Paoeloes teh tjalikna dina boemi beunang njewa doewa taoen lilana, djeung narima ka sakoer noe ngadeuheusan;

31. Sarta ngoewarkeun karadjaan Allah teja, djeung ngawoeroek tina hal Goesti Jesoes Kristoes bari kalangkoeng loedeung, taja noe ngahalangan.

IJEU SĔRAT TI RASOEL PAOELOES

KA OERANG ROEM.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Paoeloes, abdi Jesoes Kristoes, rasoel beunang njaoer, dimoehoengkeun kana Indjil Allah,

2. Noe koe Allah didjangdjikeun ti baheula, koe lantaran nabi-nabina, dina Kitab soetji,

3. Tina hal Poetrana, noe mĕdal tina toeroenan Dawoed, moenggoehing daging soteh;

4. Noe geus diboektikeun sarta sajaktina jen Poetra Allah, moenggoeh tina Roh kasoetjian, koe lantaran tanghina ti noe maraot, nja eta Jesoes Kristoes, Goesti oerang;

5. Noe djadi lantaran kaoela geus pada nampa sih-koernija djeung karasoelan, baris migawe nganoetkeun kana pĕrtjaja dina lĕbah sakabehna oerang kapir, pikeun djĕňĕnganana;

6. Dalah maraneh ge kabilang ka dinja, eh sadaja noe beunang njaoer Jesoes Kristoes; -

7. Doematĕng sadajana kaasih Allah, noe aja di nagara Roem, djalma saroetji beunang njaoer. Moegi-moegi maraneh pada dipaparin sihkoernija reudjeung kasĕnangan ti Allah, Rama oerang, sarta ti Goesti Jesoes Kristoes!

8. Kaoela mimiti moedji soekoer ka Allah kaoela, lantaran Jesoes Kristoes, koe karana maraneh sakabeh, tina sabab kapĕrtjajaan maraneh kawĕntarkeun di saalamdoenja.

9. Karana Allah, noe dikawoelaan koe kaoela tĕroes reudjeung hate, dina Indjil Poetrana, nja eta noe djadi saksi kaoela, jen kaoela teu loewang ingĕt ka maraneh;

10. Salawasna kaoela dina panĕda njoehoenkeun, moegimoegi kaoela diparĕngkeun koe pangĕrsa Allah meunang kanoegrahan, sing bisa nĕpoengan sakali ka maraneh.

11. Sabab kaoela hajang pisan papanggih djeung maraneh, sangkan kaoela ka maraneh bisa mere pasihan sipat rohani, soepaja maraneh dikoewatkeun;

12. Tĕgĕsna teh kaoela di maraneh hajang barĕng dililipoer, koe kapĕrtjajaan oerang noe sasama, nja koe kapĕrtjajaan maraneh sarta kaoela.

13. Tatapi kahajang kaoela, eh doeloer-doeloer! maraneh oelah teu njaraho, jen kaoela geus rĕmĕn pisan aja angkanan ngadatangan ka maraneh, dĕmi nĕpi ka ajeuna aja halangan; noe dipambrih soepaja kaoela di maraneh ge aja beubeunangan saeutik-eutikeun, tjara di oerang kapir sedjen.

14. Ari ka oerang Joenani sarta ka noe lain Joenani, ka noe pintĕr sarta ka noe bodo, kaoela roemasa hoetang.

15. Koe sabab kitoe, moenggoeh diri kaoela panteg nja soeka, ka maraneh ge, noe aja di Roem, ngoewarkeun Indjil.

16. Karana kaoela hanteu mikaera' ka Indjil Kristoes; sabab eta teh kawasa ti Allah, didjadikeun matak salamĕt ka oenggal-oenggal djalma noe pĕrtjaja, ka oerang Jahoedi heula, sarta ka oerang Joenani ongkoh.

17. Karana ari kabĕnĕran Allah teh diebrehkeun dina djĕro eta, ti pĕrtjaja kana pĕrtjaja, sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Ari djalma noe bĕnĕr pihiroepeunana teh koe kapĕrtjajaan.

18. Karana ari bĕbĕndoening Allah teh diebrehkeun ti sawarga toemĕrap ka saniskara kamasijatan djeung kadorakaan djalma, noe pada ngadingdingan kajaktian koe kadorakaan.

19. Rehna anoe beunang dikanjahokeun hal Allah teh, eta geus njata di djalma, sabab koe Allah geus dinjatakeun ka darinja.

20. Karana ari sipat Allah noe teu katendjo koe panon, kawasana noe langgĕng sarta

djeung kaagoenganana, eta ti barang ngadjadikeun alam-doenja, kanjahoan sarta kadjoedi tina dadamĕlanana, manana djalma teh taja pigeusaneun nampik salah.

21. Sababna sangkilang njahoëun ka Allah, hanteu ngamoeljakeun, kitoe deui moedji soekoer, koemaha pantĕsna ka Allah; anggoer pada ngadjadi sija-sija dina palikiranana, sarta hatena noe teu boga pangarti teh ngadjadi poëk.

22. Ngadarakoekeun maneh pintĕr, padahal ngadjadi boeroeng;

23. Sarta kamoeljaan Allah noe teu keuna roeksak teh, koe eta geus diganti koe artja roepa manoesa noe keuna roeksak, kitoe deui koe roepa manoek, sarta roepa sato soekoe opat djeung noe tingkarajap.

24. Koe sabab kitoe noe matak eta koe Allah geus disĕrahkeun kana kanadjisan, tina pakarĕpan hatena, masingna silih-hinakeun awakna djeung batoer.

25. Ari koe eta kajaktian Allah teh geus diganti koe kabohongan, sarta pada njĕmbah djeung ngabakti kana dadamĕlan, dileuwihkeun ti noe kagoengan damĕl, noe koedoe dipoedji salalanggĕngna! Amin.

26. Koe sabab kitoe noe matak eta koe Allah geus disĕrahkeun kana napsoe hina. Da sadalah awewena geus ngaganti lampah oemoem koe noe teu oemoem.

27. Kitoe deui ari lalaki, geus ninggal make awewe koemaha oemoemna, ari dina napsoena ngĕntab ka sasamana, lalaki migawe kahinaan djeung pada lalaki, sarta pada nampa kana dirina pamalĕs sasabna, koemaha misti.

28. Djeung sapedah teu soedieun nganjahokeun ka Allah, noe matak koe Allah geus pada disĕrahkeun kana pikir nista, masingna pada migawe anoe hanteu patoet:

29. Wani djĕdjĕl koe saroepaning kadorakaan, djinah, kadjoeligan, kapĕrĕtjitan, kagorengan; pinoeh koe dĕngki, maehan, paseja, tjidra, djahil;

30. Istorian, oepatan, giroek ka Allah, neungteuinganan, kamagoengan, soewaban, bisaan ngarang kagorengan, moengpang ka kolot,

31. Teu boga pangarti, palatjidra tina djangdji, teu boga kanjaahan oemoem, teu daek rapih, teu karoenjaan.

32. Dĕmi eta teh, sangkilang njahoëun hoekoem Allah, jen noe migawe kitoe mandjing kana hoekoem pati, lain ngalampahkeun sorangan bae, malah panoedjoeëun ka noe migawe kitoe pĕtana.

PASAL 2.

Koe sabab kitoe, eh djalma, maneh moal bisa nampik salah, nja saha bae maneh teh noe ngahoekoeman. Karana maneh, satijap-tijap ngahoekoeman ka noe sedjen, nja ngahoekoeman ka diri sorangan; sabab maneh noe ngahoekoeman teh, migawe pon kitoe keneh.

2. Dĕmi oerang teh pada njaho, hoekoeman Allah sarta saestoena, ka sakoer noe migawe kitoe.

3. Ari maneh, eh djalma, noe ngahoekoeman ka noe migawe kitoe pĕtana, padahal sorangan ge migawe, naha maneh boga pikir, jen maneh teh bisa pingĕdjateun tina hoekoeman Allah?

4. Naha maneh karah njoemahkeun kana kasoegihan kamoerahanana, djeung kasarehanana, sarta kasabaranana? Koetan maneh hanteu njaho, jen kamoerahan Allah teh noengtoen diri maneh kana pĕrtobat?

5. Dĕmi tina sabab kateuasan maneh, sarta hate maneh sangeuk kana pĕrtobat, eta maneh ngĕlĕp bĕbĕndoe pikeun diri maneh, keur poëan bĕbĕndoe sarta diebrehkeunana hoekoeman noe adil ti Allah,

6. Noe bakal malĕs ka hidji-hidji djalma, noeroetkeun koemaha pagaweanana bae.

7. Ari djalma noe pĕngkoeh kana lampah kahadean, noe njijar kamoeljaan, djeung hormat, sarta kateu-roeksakan, tangtoe dibalĕs hiroep noe langgĕng;

8. Tatapi ari djalma noe bahoela mah, noe teu noeroet kana kajaktian, ari kana kadorakaan mah noeroet, tangtoe dibalĕs wĕra djeung bĕbĕndoe.

9. Kasoekĕran djeung karoepĕkan moenggoeh ka njawa sakoer djalma noe njijeun kagorengan, ari ka oerang Jahoedi heula, sarta ka oerang Joenani ongkoh;

10. Sabalikna kamoeljaan, djeung hormat, sarta kasĕnangan moenggoeh ka hidji-hidji djalma noe njijeun kahadean, ari ka oerang Jahoedi heula, sarta ka oerang Joenani ongkoh;

11. Sabab moenggoeh di Allah mah hanteu pisan pilihkasih.

12. Karana sarejana djalma noe geus migawe dosa teu kalawan Toret, tangtoe pada tjilaka teu kalawan Toret; kitoe deui sarejana djalma noe geus migawe dosa kalawan Toret, tangtoe pada dihoekoem koe Toret.

13. Karana lain noe ngadenge Toret, anoe bĕnĕr di

pajoeneun Allah teh, nja noe ngalampahkeun Toret anoe bakal didamĕl bĕnĕr teja mah.

14. Karana lamoen oerang kapir, noe teu boga Toret, ti bakatna milampah noe diparentahkeun koe Toret, eta noe teu boga Toret teh, nja djadi Toret pikeun dirina;

15. Karana nandakeun jen panggawe Toret teh ditoelis dina djĕro hatena, ari boedirasana miloe djadi saksi, sarta pikiranana ka pada pikiran njalahkeun atawa ngabĕnĕrkeun,

16. Keur poëan Allah bakal ngahoekoeman kana rikiping djalma, koe lantaran Jesoes Kristoes, noemoetkeun sakoemaha Indjil kaoela.

17. Saoepama maneh disĕboet Jahoedi, sarta neuteuh dina Toret, djeung moedji maneh tina hal Allah,

18. Sarta njaho pangĕrsana, djeung njoba noe beda-beda, pedah maneh geus diwoeroek Toret;

19. Sarta maneh ngandĕlkeun diri djĕdjĕr djalma lolong, tjahjaning djalma noe aja di noe poëk,

20. Poerah magahan ka noe ireug, poerah ngawoeroek ka noe bodo, boga paroepaaning kanjaho sarta kajaktian dina Toret: -

21. Dĕmi maneh, noe magahan ka noe sedjen, naha teu magahan diri sorangan? Noe ngawoeroek jen oelah maling, naha ari maneh sorangan mah maling?

22. Noe ngomong jen oelah ngaranjed, naha ari maneh sorangan mah ngaranjed? Noe geuleuh ka brahala, naha maneh ngarajah barang soetji?

23. Noe moedji maneh tina hal Toret, naha maneh ngahinakeun ka Allah lantaran ngarĕmpak Toret?

24. Karana padjĕnĕngan Allah digogoreng di lĕbah oerang kapir, tina sabab maneh, sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab.

25. Karana ari soenat teh nja soteh mangpaat, lamoen maneh ngestokeun Toret; tatapi oepama maneh ngarĕmpak Toret mah, eta soenat maneh teh ngadjadi koeloep.

26. Saoepama ajeuna noe koeloep nĕtĕpkeun kana hoekoem Toret, naha eta koeloepna teh lain bakal kaitoeng soenat?

27. Djeung ari koeloep toetoeroenan teh, lamoenna ngalampahkeun Toret, naha lain bakal ngahoekoeman ka maneh, noe boga aksara djeung soenat, tatapi ngarĕmpak Toret?

28. Sabab ari Jahoedi teh, lain eta anoe lahir; kitoe deui ari soenat teh, lain eta anoe lahir dina daging;

29. Ĕnjana mah Jahoedi teh,

noe di batin; djeung ari soenat teh, nja noe dina hate, dina sadjĕroning roh, lain sadjĕro aksara bae; ari noe kitoe teh poedjina lain ti djalma, saestoena ti Allah.

PASAL 3.

Lamoen kitoe mah, naon kaleuwihan oerang Jahoedi? Atawa naon mangpaatna soenat teh?

2. Geus tinangtoe reja-reja pisan. Hidji pĕrkara, eta geus digadoehan pangandika Allah.

3. Karana koemaha? Sanadjan noe sawareh hanteu pĕrtjaja, naha eta kateu-pĕrtjajaanana teh bisa ngaloepoetkeun kana kaestoean Allah?

4. Eta mah sageuj teuing! Anggoer kijeu djadina: Allah teh sajaktos, ari sakoer djalma mah barohong; sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab: Soepaja andjeun kasĕbat lĕrĕs dina sapangandika andjeun, sarĕng oenggoel samangsa andjeun ngahoekoeman.

5. Ari kitoe mah, lamoen kadorakaan oerang ngajaktikeun kana kabĕnĕran Allah, eta oerang dek ngomong koemaha? Naha ari Allah teh hanteu adil, ana ngeunakeun bĕbĕndoe ka oerang? (Kaoela mitjatoer kitoe teh toeroet bijasana djalma.)

6. Eta mah sageuj teuing! Ari kitoe pĕtana, koemaha Allah nja ngahoekoeman doenja?

7. Karana saoepama kajaktian Allah woewoeh tambah koe lantaran bohong kaoela, matak ngadjadikeun kamoeljaan, koe naon kaoela koedoe dihoekoeman sapĕrti djalma noe boga dosa?

8. Lain anggoer kaoela pada ngomong, sakoemaha kaoela digogoreng, sarta sakoemaha djalma sawareh madjarkeun jen kaoela ngomong, kijeu: Hajoe oerang migawe kagorengan, soepaja hade kadjadjadianana? Djalma kitoe teh bĕnĕr pisan ditĕrapan hoekoem.

9. Djadi ajeuna koemaha? Oerang teh ĕnja aja kaleuwihan? Hanteu pisan-pisan. Sabab tadi kaoela geus noedoehkeun ka oerang Jahoedi sarta ka oerang Joenani, jen sakabehna pada di bawah dosa;

10. Sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Hanteu aja djalma noe bĕnĕr, teu hidji-hidji atjan;

11. Hanteu aja noe boga pangarti; hanteu aja noe nejangan Allah.

12. Sakabehna geus kasaroeng, pada geus taja gawena; hanteu aja noe migawe hade, teu hidji-hidji atjan.

13. Ari tikorona astana gorowong; letahna dipake njidra, sadjĕroëun biwirna aja peurah oraj matih;

14. Soengoetna pinoeh koe sasapa djĕung papaitan;
15. Ari soekoena kĕntjĕng kana ngoetjoerkeun gĕtih;
16. Ngararoeksak djeung baroentak aja dina djalanna,
17. Sarta ari djalan kasĕnangan hanteu dikanjarahokeun;
18. Di hareupeun panonna taja pisan sijeun koe Allah.
19. Dĕmi oerang teh pada njaho, saniskara noe didawoehkeun koe Toret, didawoehkeunana teh ka sakoer noe di bawah Toret; sangkan sadajana djalma pada katjotjokan soengoetna, djeung soepaja sadoenja kabeh mandjing pahoekoeman di pajoeneun Allah.
20. Sababna daging teh moal aja noe bakal didamĕl bĕnĕr di pajoeneun Allah koe gawe Toret mah; karana Toret teh lantaran nganjahokeun kana dosa.
21. Dĕmi mangsa ajeuna kabĕnĕran Allah teh geus diebrehkeun teu karana Toret, geus dipĕrtelakeun koe Toret sarta koe Para-nabi:
22. Nja eta teja kabĕnĕran Allah koe lantaran pĕrtjaja ka Jesoes Kristoes, pikeun sakoer djeung ka sakoer noe pĕrtjaja, karana hanteu aja bedana.
23. Sabab sakabeh geus pada migawe dosa, djeung pada kasĕpian kamoeljaan Allah,
24. Sarta didamĕlna bĕnĕr teh paparin, tina sih-koernijana, koe lantaran pangnĕboes di djĕro Kristoes Jesoes,
25. Noe geus dipintonkeun koe Allah djadi pangrapih, lantaranana pĕrtjaja ka gĕtihna; kĕrsana nandakeun kaadilanana, tina sabab ngadjeunkeun dosa noe dipilampah tadina, keur mangsa Allah sabar;
26. Kĕrsana nandakeun kaadilanana dina mangsa ajeuna, soepaja salira andjeunna adil, sarta ngadamĕl bĕnĕr ka sakoer noe pĕrtjaja ka Jesoes.
27. Djadi ajeuna pamoedji teh di mana? Geus diingkar. Koe hoekoem naon? Koe hoekoem gawe? Lain koe eta, koe hoekoem pĕrtjaja.
28. Koe sabab kitoe, ari poetoesan kaoela, djalma didamĕl bĕnĕr teh koe lantaran pĕrtjaja, lain lantaran gawe Toret.
29. Ari Allah teh naha karah ngan Allah oerang Jahoedi bae? Lain Allah oerang kapir keneh? Nja Allah oerang kapir keneh.
30. Tina sabab Allah teh noenggal, noe bakal ngadamĕl bĕnĕr ka djalma disoenat tina lantaran pĕrtjaja, kitoe deui ka djalma koeloep koe lantaran pĕrtjaja.
31. Djadi lamoen kitoe mah, naha oerang teh ngeuweuhkeun Toret koe lantaran ka-

pĕrtjajaan? Eta mah sageuj teuing! Ĕnjana oerang teh mageuhkeun Toret.

PASAL 4.

Eta oerang ajeuna rek mitjatoer koemaha, Ibrahim, karoehoen oerang teja, meunang naon beubeunangan daging?

2. Karana saoepama Ibrahim dibĕnĕrkeun teh tina lantaran panggawe, andjeunna meunang poedji, tatapi lain ti pajoeneun Allah.

3. Karana koemaha pilahir dina Kitab? Ibrahim pĕrtjaja ka Allah, ari eta koe Allah dietangkeun djadi kabĕnĕrananana.

4. Dĕmi djalma noe digawe, boeroehanana lain diitoeng asoep paparin, diitoengna teh asoep pamajar hoetang.

5. Sabalikna djalma noe hanteu digawe, tapina pĕrtjaja ka noe ngadamĕl bĕnĕr ka djalma doraka teja, eta pĕrtjajana teh dietangkeun djadi kabĕnĕranana.

6. Sapĕrti Dawoed ge ngalahirkeun salamĕt eta djalma noe dietangkeun bĕnĕr koe Allah teu karana panggawe;

7. Nja kijeu: Salamĕt djalma noe geus dihampoera kadorakaanana, noe dilipoetan dosana!

8. Salamĕt djalma noe teu dietangkeun dosana koe Pangeran!

9. Dĕmi eta pangalahirkeunana salamĕt teh, naha woengkoel ninggang ka noe disoenatan bae, atawa ka noe koeloep ongkoh? Karana tjek kaoela tadi, jen Ibrahim pĕrtjajana dietangkeun djadi kabĕnĕrananana.

10. Ari eta dietangkeun teh koemaha? Mangsa Ibrahim geus disoenatan, atawa keur mangsa koeloep? Lain keur mangsa geus disoenatan, nja keur mangsana koeloep.

11. Sarta pangnampana tanda soenat teh, minangka tjap kabĕnĕraning pĕrtjajana, noe aja mangsa andjeunna koeloep, soepaja andjeunna djadi piramaeun sakoer djalma noe koeloep pĕrtjaja, sangkan kabĕnĕran teh dietangkeun ka maranehanana deui;

12. Djeung deui soepaja andjeunna djadi piramaeun djalma disoenat, kitoe soteh ka noe lain disoenat bae, sarta djeung noeroetkeun tapak kapĕrtjajaan rama oerang Ibrahim, keur mangsana koeloep teja.

13. Karana lain lantaran tina Toret eta Ibrahim atawa toeroenananana pangmeunangna pĕrdjangdjian teh, jen andjeunna bakal diwaris sadjagat teja, estoena mah lantaran tina kabĕnĕranana pĕrtjaja.

14. Karana saoepama djalma

noe boga Toret teh ahli-waris, kapĕrtjajaan teh gaplah, ari pĕrdjangdjian teh dieuweuhkeun.

15. Sabab ari Toret teja ngajakeun bĕbĕndoe; karana di mana taja hoekoem, di dinja kitoe deui taja pangrĕmpak.

16. Kitoe noe matak eta teh lantaran tina pĕrtjaja, soepaja bidjilna ti sih-koernija, sangkan pĕrdjangdjian teh tĕtĕp pikeun sakabeh toeroenan, lain woengkoel pikeun anoe boga Toret bae, nja kitoe deui pikeun anoe boga kapĕrtjajaan Ibrahim, noe djadi rama oerang sakabeh,

17. (Sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab: Maneh teh koe kami geus didjadikeun bapana reja-reja bangsa), nja di pajoeneun Allah noe geus dipĕrtjaja koe andjeunna, noe ngahiroepan ka noe paraeh, sarta njaoer barang noe areuweuh, kawas geus beh aja.

18. Ari Ibrahim pĕrtjajana teh ngarĕp-ngarĕp noe lain piarĕp-arĕpeun, nja eta jen andjeunna bakal djadi ramana reja-reja bangsa, sakoemaha pangandika teja: Pikitoeëun toeroenan maneh.

19. Sarta pĕrtjajana hanteu hantjer, teu ningali ka salirana pribadi, noe sapĕrti geus maot, pedah joeswana geus meh saratoes taoen, kitoe deui jen pianakan Sarah geus paeh.

20. Djeung hanteu mangmang maido kana pĕrdjangdjian Allah; anggoer beuki pageuh pĕrtjajana, sarta njanggakeun hormat ka Allah;

21. Tigin pisan dina manahna, jen anoe geus didjangdjikeun, Allah mah langkoeng kawasa ngadjadikeun.

22. Kitoe noe matak eta dietangkeun djadi kabĕnĕranana teh.

23. Dĕmi hal eta teh dietangkeun djadi kabĕnĕranana teja, noe matak ditoeliskeun, lain tina sabab Ibrahim bae;

24. Nja tina sabab oerang ongkoh, rehna bakal dietangkeun deui pikabĕnĕraneun oerang, tĕgĕsna ka sakoer noe pĕrtjaja ka noe geus nanghikeun Jesoes, Goesti oerang, ti noe maraot.

25. Nja eta Jesoes geus disĕrahkeun koe sabab dosa oerang, sarta geus ditanghikeun soepaja oerang didjadikeun bĕnĕr.

PASAL 5.

Ari oerang teh rehna geus didamĕl bĕnĕr lantaran tina pĕrtjaja, pada rapih djeung Allah, koe lantaran Goesti oerang Jesoes Kristoes.

2. Nja koe eta keneh, noe matak oerang, lantaran tina pĕrtjaja, bisa moeroe kana eta sih-koernija, noe ditĕtĕpan

koe oerang, sarta bari moedji koe pangarĕp-ngarĕp kana kamoeljaan Allah.

3. Sarta lain sakitoeëun bae, samalah oerang moedji deui koe kasoekĕran; rehna geus pada njaho jen kasoekĕran teh njijeun kamantĕpan;

4. Ari kamantĕpan teh njijeun kaestoean, sarta kaestoean teh njijeun pangarĕp-ngarĕp;

5. Ari pangarĕp-ngarĕp teja moal ngerakeun, tina sabab kaasihan Allah geus dikoetjoerkeun kana djĕro hate oerang, koe Roh Soetji, noe geus dipasihkeun ka oerang.

6. Karana mangsa oerang arapĕs keneh, Kristoes teh, keur waktoe noe pasti, poepoes, nalangan ka djalma doraka.

7. Seuseut manggih djalma noe daek paeh, nalangan ka djalma noe bĕnĕr; karana ka djalma noe hade mah sok radjeun aja oge anoe wani nalangan paeh.

8. Tatapi ari Allah mah nawiskeun kaasihanana ka oerang, nja koe hal Kristoes poepoes nalangan ka oerang, keur mangsa oerang teh masih pada dosa.

9. Soemawonna ajeuna, sanggeusna oerang didamĕl bĕnĕr koe gĕtihna, tangtoe oerang koe andjeunna bakal diloepoetkeun tina bĕbĕndoe.

10. Karana nadjan oerang keur mangsa ngamoesoeh, dirapihkeun djeung Allah koe poepoesna Poetra Allah, soemawonna ajeuna, sanggeusna dirapihkeun, tangtoe oerang disalamĕtkeun koe hiroepna.

11. Sarta lain sakitoeëun bae, samalah oerang moedji deui koe hal Allah, djalanna Goesti oerang Jesoes Kristoes, noe djadi lantaran oerang ajeuna geus nampa eta karapihan teja.

12. Sababna, tjara koe sahidji manoesa dosa teh geus asoep ka doenja, djeung ari koe lantaran dosa teh maot; sarta djalan kitoe maot teh geus maret ka sakabeh djalma, rehna sakabeh geus pada migawe dosa.

13. Karana nĕpi kana Toret dosa teh geus aja di doenja, tatapi lamoen taja hoekoem mah, dosa teh moal diitoeng-itoeng.

14. Parandene maot teh moerba bae ti Adam nĕpi ka Moesa, masih ka noe lain milampah dosa saroepa djeung pangrĕmpak Adam, noe djadi toeladan ka eta noe rek soemping teja.

15. Tatapi sapĕrti kasalahan teja, lain kitoe pasihan koernija mah. Karana ari koe kasalahanana noe hidji eta noe reja teh paeh, soemawonna sih-koernija Allah, kitoe deui

pasihan anoe datang tina koernijana eta hidji manoesa Jesoes Kristoes mah, kalangkoeng djĕmbarna ka noe reja.

16. Sarta lain sapĕrti koe kasalahan noe hidji manoesa teja, eta pasihan mah. Karana ari siksaan teh nja tina kasalahan hidji mawa kana hoekoeman, tatapi ari pasihan koernija mah tina kasalahan reja-reja mawa kana kabĕnĕran.

17. Karana ari koe kasalahan hidji, maot teh geus moerba koe noe hidji manoesa teja, soemawonna sakoer noe nampa kadjĕmbaranana koernija sarta djeung pasihan kabĕnĕran teja, mĕngke pada moerba dina hiroep koe eta hidji manoesa Jesoes Kristoes.

18. Djadina sapĕrti koe kasalahan hidji, matak djalma sakabeh geus kakeunaan hoekoeman, nja kitoe deui koe kabĕnĕran hidji, matak djalma sakabeh dikeunaan kabĕnĕran mawa kana hiroep.

19. Karana sapĕrti koe pamoengpang hidji manoesa, matak noe reja teh geus djadi dosa, nja kitoe deui koe panganoet hidji manoesa, matak noe reja teh bakal didjadikeun bĕnĕr.

20. Ari moenggoeh Toret mah, pangdatangna soepaja kasalahan teh tambah; dĕmi dimana dosa geus tambah, eta di dinja sih-koernija teh woewoeh langkoeng-langkoeng pisan;

21. Soepaja sapĕrti dosa geus moerba, lantaranana maot, eta sih-koernija teh nja kitoe deui moerba, lantaranana kabĕnĕran, mawa kana hiroep noe langgĕng, noe djadi djalan Jesoes Kristoes, Goesti oerang.

PASAL 6.

Eta oerang ajeuna rek mitjatoer koemaha? Naha oerang rek tĕtĕp dina dosa, soepaja sih-koernija teh tambah?

2. Eta mah sageuj teuing! Ari oerang teh noe geus paeh ti dosa, koemaha nja rek hiroep keneh dina dosa?

3. Naha maraneh teu njaraho, jen oerang, sakoer noe geus dibanjoean ka Kristoes Jesoes, eta oerang dibanjoean teh kana poepoesna?

4. Djadi oerang teh geus dikoeboer reudjeung, koe lantaran pangbanjoe, dina poepoesna, soepaja sapĕrti Kristoes geus ditanghikeun ti noe paraeh koe kamoeljaan Rama, eta oerang nja kitoe deui loemampah teh kalawan anjaring hiroep.

5. Karana lamoen oerang geus djadi toenggal satangkal djeung andjeunna dina ngiring poepoesna, geus tangtoe

oerang kitoe deui dina ngiring tanghina;

6. Sapedah oerang geus pada njaho, kamanoesaan oerang heubeul teh geus digantoeng reudjeung dina kai-dipalang, soepaja badan dosa teh dileungitkeun, sangkan oerang oelah ngawoela deui kana dosa.

7. Karana ari noe geus paeh mah, eta teh geus dibĕnĕrkeun tina dosa.

8. Dĕmi satijap-tijap oerang geus miloe paeh ka Kristoes, eta oerang pĕrtjaja, jen oerang teh kitoe deui bakal miloe hiroep;

9. Da oerang pada njaho, Kristoes sanggeusna ditanghikeun ti noe paraeh, hanteu poepoes deui; ari maot teh geus hanteu moerba ka andjeunna.

10. Sabab ari poepoesna teh, geus poepoes sapisan pikeun dosa, sarta ari hiroepna teh, hiroep bade ka Allah.

11. Nja kitoe deui maraneh, masing ngangkeuhkeun diri maraneh teh geus paeh ti dosa, tatapi hiroep bade ka Allah, di djĕro Kristoes Jesoes, Goesti oerang.

12. Koe sabab kitoe, dosa teh oelah sina moerba dina djĕro badan maraneh noe keuna paeh, matak djadi noeroetkeun napsoena.

13. Sarta anggahota maraneh oelah dibikeun ka dosa baris pakarang kadorakaan; nja moedoe njanggakeun maraneh sakoedjoer ka Allah, pedah noe geus djadi hiroep ti noe paraeh, sarta anggahota maraneh sanggakeun ka Allah baris pakarang kabĕnĕran.

14. Karana dosa teh moal bisa moerba ka maraneh, sabab maraneh teh lain di bawah hoekoem, nja di bawah koernija.

15. Djadi ajeuna koemaha? Oerang teh naha rek migawe dosa, tina sabab oerang lain di bawah hoekoem, aja di bawah koernija? Eta mah sageuj teuing!

16. Naha maraneh teu njaraho, saha-saha noe koe maraneh diselehan diri, sĕdja djadi kawoelana, noeroetkeun parentahna, eta maneh nja kawoelana noe ditoeroet teja, boh ka dosa matak paeh, boh kana kaanoetan matak kabĕnĕran?

17. Tatapi soekoer ka Allah, pedah maraneh tadina kawoelaning dosa, dĕmi geus djadi anoet tĕroes reudjeung hate kana toeladan pangwoeroek, noe diselehkeun ka maraneh teja;

18. Sarta maraneh sanggeusna dipĕrdikakeun tina dosa, didjadikeun kawoelaning kabĕnĕran.

19. Kaoela mitjatoer kitoe teh sakoemaha bijasa djalma,

tina kahengkeran daging maraneh. Ari sapĕrti maraneh tadina ngoemawoelakeun anggahota maraneh kana kanadjisan djeung kana kadorakaan, baris djadi kadorakaan, moedoe ajeuna nja kitoe deui ngoemawoelakeun anggahota maraneh teh kana kabĕnĕran, baris djadi kasoetjian.

20. Karana keur mangsa maraneh kawoelaning dosa teja, eta maraneh harita mĕrdika moenggoeh kana kabĕnĕran.

21. Ari mangsa harita teh maraneh boga boewah naon tina lampah noe dipikaera koe maraneh ajeuna? Sabab ari panoengtoenganana nja eta maot.

22. Dĕmi mangsa ajeuna mah, sanggeus maraneh dipĕrdikakeun tina dosa sarta dikoemawoelakeun ka Allah, maraneh boga boewah teh matak ngadjadikeun kasoetjian, sarta ari panoengtoenganana, nja eta hiroep noe langgĕng.

23. Karana ari bajaranana dosa teh nja eta maot, tatapi ari pasihan koernija ti Allah mah, nja eta hiroep noe langgĕng di djĕro Kristoes Jesoes, Goesti oerang.

PASAL 7.

Eh doeloer-doeloer! naha maraneh teu njaho, (sabab kaoela mitjatoer teh ka noe nganjahokeun hoekoem), jen hoekoem teh moerba ka djalma sapandjangna hiroep?

2. Karana ari awewe noe boga salaki, geus ditjangtjangkeun koe hoekoem ka salakina noe hiroep; dĕmi geus paeh salakina mah, awewe teh lesot tina hoekoem salakina.

3. Koe sabab eta, oepama lakian ka noe sedjen keur masih hiroep keneh salakina, tangtoe disĕboetkeun ngaranjed; dĕmi geus paeh salakina mah, awewe teh oetjoel tina hoekoem, manana lain ngaranjed, oepama lakian ka noe sedjen.

4. Nja maraneh ge kitoe keneh, eh doeloer-doeloer! geus dipaehkeun ti hoekoem koe salirana Kristoes, soepaja maraneh djadi milik anoe sedjen, tĕgĕsna teh milik eta noe geus ditanghikeun ti noe paraeh, sangkan oerang boewahan bade ka Allah.

5. Karana keur mangsa oerang di djĕro daging teja, harita napsoe-napsoena dosa noe timboel koe hoekoem, pada molah dina djĕro anggahota oerang, pikeun boewahan baris ka maot.

6. Tatapi ajeuna mah oerang geus dilesotkeun ti hoekoem, sapedah oerang geus paeh ti noe njĕkĕl ka oerang teja; noe matak oerang koe-

mawoela teh kalawan roh anjar, lain kalawan aksara lawas teja.

7. Pedah kitoe teh oerang rek mitjatoer koemaha? Naha ari hoekoem teh dosa? Eta mah sageuj teuing! Tatapi kaoela geus moal nganjahokeun di dosa, ngan koe hoekoem bae. Karana kana hal bogoh ge kaoela geus moal nganjahokeun, oepama taja dawoehan hoekoem noe kijeu mah: Maneh oelah bogoh.

8. Tatapi ari dosa teh, sanggeus manggih pisababeun tina timbalan, seug ngadjadikeun di djĕro kaoela saniskara pangabogoh; karana lamoen taja hoekoem mah, dosa teh paeh.

9. Ari kaoela tadina hiroep teh hanteu djeung hoekoem. Dĕmi mangsana datang timbalan, dosa teh hiroep deui, tatapi kaoela mah paeh.

10. Djadina eta timbalan teh, noe dipaparinkeun sangkan matak hiroep, nja eta pisan noe kapanggih matak paeh ka kaoela.

11. Karana dosa teh, sanggeus manggih pisababeun tina timbalan teja, seug ngagĕlo ka kaoela, sarta maehkeun ka kaoela koe timbalan teh.

12. Djadi ari hoekoem teh soetji, kitoe deui ari timbalan teh soetji, sarta bĕnĕr, djeung hade.

13. Ana kitoe mah na koemaha, nja eta noe hade teja noe geus matak paeh ka kaoela teh? Eta mah sageuj teuing! Estoena mah nja koe dosa; soepaja boekti jen dosa, pedah ka kaoela migawe paeh dilantarankeun ti noe hade; soepaja dosa teh angĕt katjida nja dosa koe lantaran timbalan.

14. Karana oerang pada njaho, hoekoem teh sipat rohani; tatapi ari kaoela mah sipat daging, geus didjoewal ka bawah dosa.

15. Karana ari noe dipigawe koe kaoela, koe kaoela hanteu kanjahoan; karana ari noe dipikarĕp koe kaoela, koe kaoela hanteu dilampahkeun; tatapi ari noe dipikageuleuh koe kaoela, nja eta noe koe kaoela dilampahkeun teh.

16. Dĕmi satijap-tijap kaoela ngalampahkeun anoe lain dipikarĕp koe kaoela, eta kaoela ngarĕmpoegan kana hoekoem, jen hoekoem teh hade.

17. Djadi ajeuna geus lain diri kaoela anoe ngalampahkeun kitoe teh, nja dosa anoe ngĕnggon di djĕro kaoela.

18. Sabab kaoela njaho, ari di djĕro kaoela, tĕgĕsna di djĕro daging kaoela, hanteu aja kahadean ngĕnggon; karana ari karĕp mah nja ngagĕlar di kaoela, tatapi migawe kahadean mah, kaoela hanteu timoe.

19. Karana ari kahadean noe dipikarĕp koe kaoela, koe kaoela hanteu dilampahkeun; tatapi ari kagorengan mah anoe lain dipikarĕp koe kaoela, nja eta noe koe kaoela dilampahkeun teh.

20. Dĕmi satijap-tijap kaoela ngalampahkeun anoe lain dipikarĕp koe kaoela, djadi geus lain diri kaoela anoe ngalampahkeun kitoe teh, nja dosa anoe ngĕnggon di djĕro kaoela.

21. Koe sabab eta, kaoela manggih hoekoem kijeu di kaoela teh: satijap-tijap kaoela karĕp migawe kahadean, kagorengan teh ngabanding di kaoela.

22. Karana kaoela soeka kana hoekoem Allah, moenggoehing di djĕro batin;

23. Tatapi kaoela dina djĕro anggahota kaoela nendjo deui hoekoem sedjen, noe mĕrangan kana hoekoem batin kaoela, sarta ngabojong ka kaoela, dibawahkeun kana hoekoem dosa, noe aja di djĕro anggahota kaoela.

24. Ĕh kaoela djalma kabalangsak tĕmĕn! saha noe bakal ngaleupaskeun kaoela tina djĕro ijeu badan pamaotan?

25. Kaoela moedji soekoer ka Allah, lantaran Jesoes Kristoes, Goesti oerang.

26. Djadi diri kaoela teh, ari djeung batin ngawoela kana hoekoem Allah, tatapi ari djeung daging mah ngawoela kana hoekoem dosa.

PASAL 8.

Tina sabab kitoe ajeuna hanteu aja hoekoeman pikeun djalma noe aja di djĕro Kristoes Jesoes, noe hanteu loemampah noeroet daging, nja loemampahna noeroet Roh.

2. Sabab hoekoem Roh kahiroepan di djĕro Kristoes Jesoes, geus ngamĕrdikakeun ka kaoela tina hoekoem dosa sarta maot.

3. Karana ari noe moestahil di lĕbah hoekoem, tina sabab apĕs koe daging, nja eta geus dipidamĕl koe Allah, djalan miwarangan Poetrana, nganggo sakaroepa djeung daging dosa, nja tina sabab dosa, sarta geus ngahoekoem dosa di djĕro daging;

4. Soepaja papakon hoekoem dilaksanakeun di oerang, noe hanteu loemampah noeroet daging, loemampah teh noeroet Roh.

5. Karana ari noe noeroet daging, mikiranana hal anoe daging; tatapi ari noe noeroet Roh mah, mikiranana hal anoe Roh.

6. Karana ari pamikiranana daging teh nja eta maot, tatapi ari pamikiranana Roh mah nja eta hiroep djeung kasĕnangan.

7. Sabab ari pamikiranana daging teja, nja eta teh ngamoesoeh ka Allah, karana teu naloekkeun maneh kana hoekoem Allah, malah teu bisaeun taloek.

8. Ari noe aja di djĕro daging mah, pamohalan dimanah koe Allah.

9. Dĕmi maraneh mah hanteu aja di djĕro daging, aja teh di djĕro Roh, kitoe soteh lamoen Roh Allah linggih di djĕro maraneh. Balikanan djalma noe teu boga Roh Kristoes mah, eta teh lain kagoenganana.

10. Dĕmi satijap-tijap Kristoes aja di djĕro maraneh, badan teh nja paeh tina sabab dosa, tatapi ari Roh mah hiroep tina sabab kabĕnĕran.

11. Sarta satijap-tijap Rohna eta, noe nanghikeun Jesoes ti noe paraeh teja, linggih di djĕro maraneh, geus tangtoe eta noe nanghikeun Kristoes ti noe paraeh teh, mĕngke kitoe deui ngahiroepan kana badan maraneh noe keuna paeh, tina sabab Rohna noe linggih di djĕro maraneh.

12. Koe sabab kitoe, eh doeloer-doeloer! oerang teh pada kahoetangan, lain ka daging, sangkan hiroep noeroet daging.

13. Sabab lamoen maneh hiroep noeroet daging, eta maneh tangtoe mĕngke paeh; sabalikna lamoen maneh koe lantaran Roh maehkeun kana panggawe badan, eta maneh tangtoe mĕngke hiroep.

14. Karana sakoer noe ditoejoen koe Roh Allah, nja eta teh poetra Allah.

15. Karana maraneh nampa teh lain roh koemawoela, baris kana sijeun deui; nja nampa teh Roh kapoetraan, lantaran oerang njambat: Aba, Ama!

16. Nja eta Roh teja djadi saksi djeung roh oerang, jen oerang teh poetra Allah.

17. Sarta satijap-tijap oerang poetra, tangtoe oerang kitoe deui ahli-waris, nja ahli-waris Allah, batoer ahli-waris ka Kristoes; kitoe soteh lamoen oerang ngiring sangsara ka Kristoes, soepaja oerang ngiring deui dimoeljakeun.

18. Karana pangrasa kaoela, kasangsaraan djaman ajeuna hanteu pisan nimbangan kana kamoeljaan noe bakal diebrehkeun ka oerang.

19. Karana sakoer mahloek ngarĕp-ngarĕp njoso pisan kana diebrehkeunana poetra-poetra Allah.

20. Sabab mahloek teh taloek kana kasija-sijaan, lain karĕp sorangan, nja koe tina kĕrsa eta noe geus naloekkeun inja;

21. Barina ngarĕp-ngarĕp, jen diri mahloek ge bakal dipĕrdikakeun ti pangkoema-

woelana karoeksakan, noeroet kana kamĕrdikaan kamoeljaan poetra-poetra Allah.

22. Karana oerang pada njaho, sakabeh mahloek tingroemahoeh, sarta pada kawas noe keur njĕri ngadjoeroe, nĕpi ka ajeuna.

23. Sarta lain sakitoeëun bae, nadjan diri oerang ge, noe ngabogaan tjikalna boewah Roh, oerang ge pada roemahoeh sadjĕroning pikir, bawaning ngarĕp-ngarĕp kapoetraan, nja eta dileupaskeunana badan oerang.

24. Karana oerang salamĕt teh dina pangarĕp-ngarĕp. Dĕmi pangarĕp-ngarĕp anoe beh katendjo, eta mah lain pangarĕp-ngarĕp; karana noe beh katendjo mah koe oerang, koe naon dek diarĕp-arĕp?

25. Sabalikna lamoen oerang ngarĕp-ngarĕp ka noe tatjan katendjo koe oerang, tangtoe koe oerang didagodago djeung kasabaran.

26. Nja kitoe keneh Roh mitoeloeng kana kahengkeran oerang. Karana oerang hanteu njaho naon noe rek disoehoenkeun koe oerang, ninggang pipantĕseunana, tatapi Roh koe andjeun mangnĕdakeun oerang kalawan rahoeh-rahoeh noe taja basakeuneunana.

27. Ari noe ngawaspaoskeun kana sakĕrĕtĕging hate, langkoeng oeninga kana pasĕdjaan Roh, doemeh mangnĕdakeun djalma saroetji sakoemaha noe kamanah koe Allah.

28. Sarta oerang pada njaho, ari moenggoeh ka sakoer noe njaah ka Allah mah, saniskara teh ngabantoe matak djadi kahadean, tĕgĕsna ka sakoer djalma noe geus disaoer toemoet pikĕrsaeunana.

29. Sabab noe pada dipioeninga koe Allah ti tatadina, nja eta teh ti tadina keneh pada dipastikeun bakal djadi sarimbag djeung roepaning Poetrana, soepaja Poetra teh ngadjadi tjikal ka reja-reja doeloer.

30. Ari noe dipastikeun ti tatadina teja, nja eta teh disaoer ongkoh; sarta noe geus disaoer, nja eta teh didamĕl bĕnĕr ongkoh; sarta noe geus didamĕl bĕnĕr, nja eta teh dimoeljakeun ongkoh.

31. Pedah kitoe, oerang rek mitjatoer koemaha deui kana pĕrkara tadi teh? Moen Allah ngabĕdasan ka oerang, saha noe bakal ngalawan ka oerang?

32. Ari Allah, noe moenggah teu ngowĕlkeun Poetra koe andjeun, mapan boekti geus njĕrahkeun Poetra keur pimangpaateun oerang sakabeh, naha saniskara oge lain bakal dipasihkeun ka oerang barĕng djeung Poetra?

33. Saha noe bakal ngĕlakkeun ka noe beunang milih Allah? Nja Allah noe ngadamĕl bĕnĕr.

34. Saha noe ngahoekoem? Nja Kristoes noe geus poepoes, malah-malah noe geus ditanghikeun, sarta noe aja di tĕngĕneun Allah, toer noe mangnĕdakeun oerang.

35. Saha noe bakal misahkeun oerang tina kaasihan Kristoes? Naha kasoekĕran, atawa karoepĕkan, atawa panganijaja, atawa langlajeuseun, atawa boeroendoel, atawa baja, atawa pĕdang?

36. Sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Tina sabab andjeun simkoering sapopoë pada dipaehan; simkoering teh diitoengkeun saroepa domba peuntjiteun.

37. Tatapi dina eta saniskara oerang teh leuwih tina oenggoel, koe lantaran eta noe miasih ka oerang teja.

38. Karana geus tangtoe dina pikir kaoela, boh paeh atawa hiroep, boh malaikat, atawa pangkat-pangkat, atawa noe kawasa, boh barang ajeuna atawa barang mĕngke,

39. Boh noe loehoer atawa noe djĕro, atawa mahloek naon bae salijan ti dinja, hamo aja noe bisa misahkeun oerang tina kaasihan Allah di djĕro Kristoes Jesoes, Goesti oerang.

PASAL 9.

Kaoela di djĕro Kristoes njatoerkeun noe sajakti, kaoela hanteu bohong, djeung boedi-rasa kaoela djadi saksi ka kaoela koe Roh Soetji:

2. Kaoela teh bangĕt nja prihatin, sarta hate kaoela teu pĕtot-pĕtot ngandoeng kanjĕri.

3. Sabab moen beunang mah, kaoela sorangan daek diboewang ti Kristoes, keur pimangpaateun doeloer-doeloer kaoela, nja sanak-baraja noe sadaging djeung kaoela.

4. Eta teh oerang Israil, noe ngabogaan kapoetraan, djeung kamoeljaan, sarta pĕrdjangdjian, kitoe deui hoekoem, djeung hal ngabakti ka Allah, sarta pasoebajaan;

5. Eta teh noe boga para karoehoen teja, sarta ti dinja mĕdalna Kristoes moenggoehing daging mah, nja eta teh noe djoemĕnĕng Allah saloehoereun sakabeh, poedjieun salalanggĕngna. Amin.

6. Tatapi lain pisan kijeu jen pangandika Allah teh geus pĕtjat. Karana noe toeroenan Israil, eta lain Israil sakabeh.

7. Kitoe deui lain pedah roendajan Ibrahim, eta teh sakabeh poetra; estoena mah kijeu: Nja ti Ishak noe bakal disĕboet toeroenan maneh.

8. Tĕgĕsna, lain anak noe

ti daging, eta noe poetra Allah teh, nja anak noe ti pĕrdjangdjian, eta noe diitoeng toeroenan teh.

9. Karana pangandika pĕrdjangdjian teja kijeu: Tĕpoeng mangsa ijeu kami arek datang, harita Sarah tangtoe boga anak lalaki.

10. Sarta lain sakitoeëun bae, nja Rabeka ge kitoe keneh, mangsa bobot ti lalaki hidji, ti Ishak karoehoen oerang.

11. Karana samemeh poetrana marĕdal, sarta samemeh marigawe hade atawa goreng, (soepaja loeloes pikĕrsaeun Allah toemoet sakoemaha pangmilih, lain tina panggawe, nja ti eta anoe njaoer),

12. Harita Rabeka diandikaan kijeu: Anoe kolot bakal ngawoelaan ka noe ngora.

13. Sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab, kijeu: Kami geus miasih ka Jakoeb, ari ka Esaoe mah kami migeuleuh.

14. Pedah kitoe oerang rek mitjatoer koemaha? Naha di Allah teh aja teu adilna? Eta mah sageuj teuing!

15. Karana pangandikana ka Moesa: Kami bakal mikoernija ka noe dipikoernija koe kami, sarta kami bakal miwĕlas ka noe dipiwĕlas koe kami.

16. Djadi lain ti karĕp djalma, atawa ti leumpang djalma, nja ti Allah noe mikoernija.

17. Karana pangandikana dina Kitab ka Piraon kijeu: Noe matak maneh koe kami geus digĕlarkeun, nja sangkan kami nandakeun kawasa kami di maneh, soepaja djĕnĕngan kami dioewarkeun di sakoeriling boemi.

18. Djadi Allah teh mikoernija ka noe dikĕrsakeun, sarta neuaskeun ka noe dikĕrsakeun.

19. Ari maneh soegan rek ngomong ka kaoela: Moen kitoe mah naha atoeh andjeunna mana sok ngawĕwĕleh? karana saha noe bisa ngalawan ka kĕrsana?

20. Balikan maneh, eh djalma, saha maneh teh wĕt wani madoean ka Allah? Naha ari djidjijeunan rek ngomong ka noe njijeun: Koe naon koela mana koe andika geus didjijeun kijeu?

21. Naha karah moenggoehing pandjoenan teu kawasa ka taneuh likĕt, taneuh sagoeroentoel didjijeun wadah, noe hidji baris kamoeljaan, noe hidji deui baris kahinaan?

22. Djeung koemaha lamoen Allah, keur ngĕrsakeun nawiskeun bĕbĕndoena djeung nganjahokeun kawasana, njabaran sarta langkoeng-langkoeng sarehna ka wadahing

kabĕndoean, noe geus ditjawiskeun baris karoeksakan;

23. Sarta soepaja nganjahokeun kasoegihan kamoeljaanana moenggoeh kana wadahing kawĕlasan, noe koe andjeunna disajagikeun ti tadina baris kamoeljaan?

24. Nja saroepa kitoe pisan oerang ge koe andjeunna geus pada disaoer, lain ti lĕbah oerang Jahoedi bae, ti lĕbah oerang kapir ongkoh.

25. Sakoemaha noe koe Allah diandikakeun dina kitab nabi Hosea: Ari noe lain oemat, koe kami rek disĕboetkeun oemat kami, sarta noe lain kaasih, koe kami rek disĕboetkeun kaasih.

26. Sarta dina ĕnggon, noe djalmana geus diandikaan kijeu: Maraneh teh lain oemat kami, nja di dinja bakal disĕboetkeun poetra Allah noe djoemĕnĕng.

27. Djeung deui nabi Jĕsaja ngalahirkeun hal Israil kijeu: Masih bilangan bangsa Israil sapĕrti keusik laoet, sesana bae noe bakal rahajoe teh.

28. Karana Pangeran moetoeskeun hidji pĕrkara, ditigas kalawan adilna; karana Pangeran bakal ngadamĕl di boemi pĕrkara noe ditigas.

29. Sarta sakoemaha noe dilahirkeun koe Jĕsaja tadina: Oepama Pangeran Sabaot ka oerang hanteu ngarikeun binih mah, oerang teh tangtoe geus djadi sapĕrti Sadoemoe djeung tjara Gomora.

30. Koe sabab kitoe oerang rek mitjatoer koemaha? Jen oerang kapir noe teu nejangan kabĕnĕran, geus meunang kabĕnĕran teh, nja eta kabĕnĕran noe tina lantaran pĕrtjaja teja.

31. Sabalikna ari Israil, noe nejangan hoekoem kabĕnĕran mah, hanteu nĕpi kana hoekoem kabĕnĕran.

32. Naon sababna? Sabab nejanganana teh lain tina pĕrtjaja, nja tina panggawe; karana pada titadjong ka batoe tatadjongan teja.

33. Sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Toeh, di Sion kami neundeun hidji batoe tatadjongan sarta hidji batoe karang noe matak tideuha; djeung tijap-tijap djalma noe pĕrtjaja ka eta, hamo meunang wiwirang.

PASAL 10.

Eh doeloer-doeloer! ari katineung hate kaoela, sarta panĕda kaoela ka Allah teh pikeun oerang Israil, malar kasalamĕtanana.

2. Sabab kaoela djadi saksi ka dinja, jen pada sarĕgĕp ka Allah, tatapi hanteu djeung kanjahona.

3. Karana sapedah teu nga-

njarahokeun kana kabĕnĕran Allah, sarta kahajangna ngadĕgkeun kabĕnĕran sorangan, noe matak eta hanteu taloek kana kabĕnĕran Allah.

4. Sabab ari panoengtoengan Toret teh nja eta Kristoes, baris matak kabĕnĕran ka oenggal-oenggal djalma noe pĕrtjaja.

5. Karana Moesa ngalahirkeun kabĕnĕran noe tina lantaran Toret teja kijeu: Tijap-tijap djalma ngalampahkeun noe kitoe teh, tangtoe bakal hiroep koe eta.

6. Tatapi ari kabĕnĕran noe tina lantaran pĕrtjaja teja, kijeu tjatoerna: Oelah ngomong sadjĕroning hate maneh: Saha noe bakal oenggah ka sawarga? Nja eta hartina noeroenkeun Kristoes.

7. Atawa, saha noe bakal toeroen kana djĕro djoengkrang? Nja eta hartina ngoenggahkeun Kristoes ti noe maraot.

8. Ari tjatoerna koemaha? Pangandika teh deukeut ka maneh, aja dina soengoet maneh, sarta dina hate maneh. Nja eta teh pangandika kapĕrtjajaan, noe dioewarkeun koe kaoela sadaja.

9. Sabab lamoen maneh koe soengoet ngakoekeun ka Jesoes, jen eta teh Goesti, sarta pĕrtjaja koe hate jen andjeunna koe Allah geus ditanghikeun ti noe paraeh, eta maneh tangtoe pisalamĕteun.

10. Sabab pĕrtjajana hate matak ngadjadikeun kabĕnĕran ka djalma, sarta pangakoena soengoet matak ngadjadikeun kasalamĕtan.

11. Karana ari pilahir dina Kitab kijeu: Tijap-tijap djalma noe pĕrtjaja ka eta, hamo meunang wiwirang.

12. Sabab hanteu beda oerang Jahoedi djeung oerang Joenani; rehna hidji keneh noe djadi Goesti sakabeh; soegih-moerah ka sakoer noe sasambat ka salira andjeunna.

13. Karana saha-saha noe sasambat kana djĕnĕngan Goesti, tangtoe pisalamĕteun.

14. Ari eta teh koemaha nja rek sasambat ka noe tatjan dipĕrtjaja koe maranehna? Koemaha nja rek pĕrtjaja ka noe tatjan kadenge wartana koe maranehna? Koemaha nja rek ngadenge, lamoen taja noe ngoewarkeun?

15. Koemaha nja rek ngoewarkeun, lamoen hanteu dipiwarang? Sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab: Koe matak rĕsĕp soekoe djalma noe ngembarkeun kasĕnangan, noe ngawartakeun kasaean!

16. Tatapi lain sakabeh ngestokeun Indjil teh. Karana ari pilahir Jĕsaja: Ĕh Pangeran, saha noe geus pĕrtjaja

ka pangoewaran simkoering sadaja?

17. Djadi ari kapĕrtjajaan teh datangna tina ngadenge, sarta ari ngadenge teh datangna koe pangandika Allah.

18. Tatapi tjatoer kaoela: Naha palangsijang teu kadenge koe eta teh? Poegoeh kadenge mah, mapan sorana geus bidjil ka sakoeriling boemi, sarta kasaoeranana nĕpi ka sisi djagat.

19. Tatapi tjatoer kaoela: Naha palangsijang koe Israil teu kaharti? Noe mimiti Moesa ngalahir: Kami bakal mapanas ka maraneh koe noe lain hidji bangsa, koe bangsa noe teu boga pangarti kami bakal moendoengkeun maraneh.

20. Djeung deui Jĕsaja wanieun ngalahir kijeu: Kami geus kapanggih koe noe teu nejangan kami; kami geus tembong ka noe teu nanjakeun kami.

21. Tatapi ari Israil mah koe andjeunna dilahirkeun kijeu: Kami sapoë djĕpoet geus njodorkeun leungeun kami ka hidji bangsa noe mantangoel sarta malikkeun omong.

PASAL 11.

Pedah kitoe, tjatoer kaoela: Koemaha Allah teh geus noendoeng ka oematna? Eta mah sageuj teuing! Karana kaoela ge kapan oerang Israil, toeroenan Ibrahim, kaom Boenjamin.

2. Moal ĕnja Allah noendoeng ka oematna, noe koe andjeunna dipioeninga tadina. Naha maneh hanteu njaho anoe dilahirkeun dina Kitab moenggoeh hal Elia? jen oendjoekan ka Allah, ngadoedoeh ka Israil, kijeu pioendjoekna:

3. Noen Pangeran, eta teh geus maraehan ka para nabi andjeun, sarĕng geus pada ngaroentoehkeun altar-altar andjeun; ngan kantoen simkoering pribadi, sarta pada ngarah ka pati simkoering.

4. Ari pangandika walonan Allah ka nabi teh koemaha? Kami geus ngarikeun pikeun kami toedjoeh reboe djalma, noe teu tapak-toeoer njĕmbah ka Baal.

5. Nja kitoe keneh dina mangsa ajeuna aja sesa, toeroet pangmilih sih-koernija.

6. Sarta lamoen koe sih-koernija mah, geus njata lain tina panggawe; da ari teu kitoe, sih-koernija teh geus lain sih-koernija deui. Sabalikna oepama tina panggawe mah, geus njata lain sih-koernija; da ari teu kitoe, panggawe teh geus lain panggawe deui.

7. Djadi ajeuna koemaha? Ari noe dioepaja koe oerang Israil, hanteu koengsi beu-

nang; dĕmi noe geus meunang eta teh nja djalma kapilih, ari noe sedjen mah geus ditĕuaskeun;

8. Sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab: Allah geus maparin ka darinja hidji soekma papidĕlan; panon noe lain pikeun ngadeuleu, sarta tjeuli noe lain pikeun ngadenge, nĕpi ka poë ajeuna.

9. Djeung ari pilahir Dawoed: Medjana sing ngadjadi ridjĕt, djeung garogol, sarta tatadjongan, djeung balĕsan ka darinja.

10. Panonna sing ngadjadi poëk, sangkan hanteu ngadeuleu, sarta tonggongna sing dibĕngkoengkeun salalawasna!

11. Pedah kitoe, tjatoer kaoela: Koemaha eta pangtitadjongna teh, sangkan laboeh? Eta mah sageuj teuing! Tatapi tina laboehna, noe matak kasalamĕtan teh geus ka oerang kapir, noe dipalar mapanas ka oerang Israil.

12. Sarta lamoen laboehna eta ngadjadi kasoegihan doenja, sarta kasoedaan eta ngadjadi kasoegihan oerang kapir, sok manaha teuing djĕdjĕgna!

13. Karana kaoela mitjatoer ka maraneh, eh oerang kapir: sapedah kaoela rasoel ka oerang kapir, noe matak ngagoengkeun kana kadjĕnĕngan kaoela:

14. Malah-mandar kaoela djadi mapanas ka noe sadaging djeung kaoela, sarta njalamĕtkeun eta sawarehwareheun.

15. Karana lamoen disingkahkeunana eta teh, ngadjadi karapihan doenja, naha ari dimanahna deui, kadjadianana lain bakal tjara hiroep tina paeh?

16. Djeung lamoen tjikal roti soetji, tangtoe saadonan ge soetji; kitoe deui lamoen akar soetji, tangtoe dahanna ge soetji.

17. Djeung deui lamoen dahanna sawareh disĕmplakkeun, ari maneh noe bakoe tangkal djetoen leuweung, ditantjĕbkeun dina oeroet eta, noe matak miloe ngabogaan akar sarta toewakna tangkal djetoen tjoö teja:

18. Eta maneh poma oelah rek reueus kana eta dahan teh. Dĕmi oepama maneh reueus, sing ingĕtkeun, lain maneh anoe nanggeuj kana akar, nja akar noe nanggeuj ka maneh.

19. Soegan maneh rek ngomong kijeu: Eta dahan pangdisĕmplakkeunana teh soepaja kaoela ditantjĕbkeun.

20. Nja bĕnĕr. Eta teh pangdisĕmplakkeunana tina sabab teu pĕrtjaja, ari maneh mah ngadĕg koe kapĕrtjajaan. Poma oelah rek angkoeh, anggoer koedoe sijeun!

21. Karana nadjan ka dahan

pitoewin teja Allah moenggah teu wĕlas, bisi ka maneh kitoe deui teu wĕlas.

22. Koe sabab eta maneh sing awas kana kamoerahan sarta kakĕsitan Allah; kakĕsitanana ka sakoer noe laboeh teja, ari kamoerahanana mah ka maneh, lamoen maneh tĕtĕp dina kamoerahan; ana teu kitoe mah maneh ge tangtoe ditilas.

23. Tatapi nadjan eta ge, lamoenna hanteu tĕtĕp dina kateu-pĕrtjajaanana mah, tangtoe ditantjĕbkeun; sabab Allah mah kawasa nantjĕbkeun deui.

24. Karana nadjan maneh teh geus ditilas tina tangkal djetoen noe bakoe djetoen leuweung, seug ditantjĕbkeun ka tangkal djetoen noe sadjatina teja, salija ti oemoem; soemawonna eta, noe pada dahan pitoewin, mĕngke ditantjĕbkeun ka tangkal djetoen sorangan.

25. Sabab kahajang kaoela, eh doeloer-doeloer! maraneh oelah teu njaho kana ijeu rasijah, soepaja maraneh oelah boga angkeuh pintĕr, jen oerang Israil teh kataradjang teuas saparo, nĕpi ka sadjĕdjĕgna bilangan oerang kapir geus asoep.

26. Nja kitoe teh sakabeh oerang Israil bakal disalamĕtkeun; sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab: Poerah ngadjait teh bakal soemping ti Sion, sarta bakal ngoendoerkeun kadorakaan ti Jakoeb.

27. Djeung kijeu pĕrdjangdjian kami ka darinja teh, dimana koe kami dileungitkeun dosana.

28. Ari eta teja ditilik kana Indjil teh moesoeh, tina sabab maraneh; tatapi ditilik kana pangmilih mah kaasih, tina sabab karoehoen.

29. Karana ari pasihankoernija djeung pangnjaoer Allah mah tara keuna koe kadoehoeng.

30. Karana sapĕrti maraneh baretona pada baha ka Allah, dĕmi mangsa ajeuna mah geus meunang kawĕlasan koe pangbahana eta;

31. Nja kitoe keneh eta, ajeuna geus pada djadi baha, soepaja eta ge meunang kawĕlasan, koe kawĕlasan noe dipasihkeun ka maraneh teja.

32. Karana sakabeh teh koe Allah geus dikĕrĕm di handapeun kabahaan, soepaja andjeunna ngawĕlasan ka sakabeh.

33. Amboe, aja sakitoe djĕrona kasoegihan, djeung kapintĕran, sarta kaoeningaan Allah! Ari hoekoemanana hanteu beunang didjoegdjoegan, sarta djalanna hanteu beunang dikira-kira!

34. Karana saha noe njaho kana manah Pangeran? Atawa saha noe djadi pangrĕmpaganana?

35. Atawa saha noe geus miheulaan ngahatoeranan ka andjeunna, noe matak bakal dibalĕs ka dinja?

36. Karana saniskara teh pangajana ti Allah, djeung koe Allah, sarta bade ka Allah. Nja Allah anoe koedoe dibaktian kamoeljaan salalanggĕngna. Amin.

PASAL 12.

Koe sabab kitoe, eh doeloer-doeloer! kaoela mitoetoer ka maraneh koe tina kawĕlasan Allah: moedoe pada njanggakeun badan sakoedjoer djadi koerban hiroep, djeung soetji, sarta mikamanaheun Allah; nja eta djadikeun ibadah maraneh rohani.

2. Sarta maraneh poma oelah sakaroepa djeung ijeu doenja, nja koedoe pada disalin koe djalan dianjarkeun pikir maraneh, sangkan maraneh bisa ngararasakeun naon noe djadi pangĕrsa Allah, anoe hade, sarta pikamanaheun, djeung sampoerna.

3. Karana koe sih-koernija noe geus dipasihkeun ka kaoela, noe matak kaoela marentah ka maraneh ka hidji-hidji djalma, jen oelah ngangkeuhkeun diri liwat ti oetama, nja ngangkeuhkeun diri teh sing kalawan meudjeuhna, sakoemaha pangadoeoem Allah takĕr kapĕrtjajaan ka hidji-hidji djalma.

4. Karana sapĕrti oerang dina badan hidji teh reja pisan anggahotana, tatapi eta sakabeh anggahota hanteu saroewa pagaweanana,

5. Nja kitoe teh oerang reja djalma sabadan di djĕro Kristoes, ari hidji-hidji djalma djadi anggahota batoer pada batoer.

6. Sarta oerang teh warnawarna boga pasihan, toeroet sakoemaha koernija noe dipaparinkeun ka oerang;

7. [Eta koe oerang estikeun,] boh piwĕdjang, satakĕr kapĕrtjajaan; boh noe boga tjangkingan, dina mĕtakeun tjangkingan; boh noe ngawoeroek, dina ngawoeroek;

8. Boh noe magahan, dina magahan; noe ngadoeoem sidĕkah, sing satarabasna; noe ngokolotan, sing gĕten-toelaten; noe milampah kawĕlasan, koedoe djeung soeka-ati.

9. Ari kanjaahan teh oelah djeung palsoe. Moedoe geuleuh kana kagorengan, ngarapĕtan kana kahadean.

10. Ari silih-pikanjaah djeung doeloer teh sing antek pisan, sarta moedoe silih-piheulaan nja ngahormat.

11. Poma oelah kĕndor dina kasarĕgĕpan. Masing angkĕr nja soekma. Moedoe ngawoelaan ka Goesti.

12. Masing boengah dina pangarĕp-ngarĕp. Masing sabar dina kasoekĕran. Masing mantĕp dina nĕnĕda.

13. Moedoe noeloeng kana kakoerangan djalma saroetji. Masing soeka ngandjrĕkkeun ka semah.

14. Moedoe pada ngabĕrkahan ka noe nganijaja ka maraneh; bĕrkahan, poma oelah njapa.

15. Moedoe ngabelaan boengah ka noe boengah, sarta ngabelaan tjeurik ka noe tjeurik.

16. Sing pada samijoek djeung batoer. Oelah hajang ka noe loehoer-loehoer, nja moedoe njampoerkeun diri maneh ka noe rarĕndah. Poma oelah boga angkeuh pintĕr.

17. Goreng oelah dibalĕs goreng ka saha bae. Moedoe pada ngalampahkeun kahadean di hareupeun sakabeh djalma.

18. Lamoen beunang, sabisa-bisa maneh, koedoe rapih djeung sakabeh djalma.

19. Eh kaasih kaoela, poma oelah malĕskeun diri koe maneh; nja omberan pikeun bĕbĕndoe, sabab dina Kitab dioengĕlkeun kijeu: Kami noe kagoengan pamalĕs, nja kami noe bakal naoer, kitoe pangandika Pangeran.

20. Koe sabab eta, oepama moesoeh maneh keur kalempohan, koedoe bere kahakanan; oepama keur halabhabeun, koedoe bere nginoem; karana maneh lamoen milampah kitoe teh, ibarat noempoekkeun roehak roehaj dina sirahna.

21. Poma maneh oelah kalindih koe kagorengan; nja koedoe ngalindih kagorengan koe kahadean.

PASAL 13.

Sakoer djalma koedoe ngesto ka para kawasa, noe marentah ka dinja; sabab hanteu aja kawasa ngan ti Allah, sarta para kawasa noe aja teh, geus pada dikĕrsakeun koe Allah.

2. Koe sabab eta, saha-saha noe bahoela kana kawasa, ngalawan ka pangĕrsa Allah; ari djalma noe ngalawan teh, tangtoe ngadatangkeun hoekoeman ka dirina.

3. Sabab ari para kapala teh lain pikasijeuneun pagawean hade, nja pikasijeuneun pagawean goreng. Lamoen maneh hajang oelah sijeun koe kawasa, nja koedoe ngalampahkeun anoe hade, ana kitoe mah maneh meunang poedji ti dinja.

4. Sabab eta teh piwarangan Allah, baris matak hade ka

maneh. Tatapi lamoen maneh migawe kagorengan mah, nja koedoe sijeun, karana njikĕpna pĕdang moal tamboeh-tamboeh; sabab eta teh piwarangan Allah, poerah malës ngeunakeun siksaan ka noe migawe kagorengan.

5. Koe pedah kitoe, pĕrloe pisan ngesto, lain tina sabab siksaan bae, nja tina sabab boedi-rasa ongkoh.

6. Nja kitoe keneh noe matak maraneh sok majar oepĕti; sabab eta teh piwarangan Allah, teu pĕtot-pĕtot nja pada mĕtakeun pagawean kitoe.

7. Koe sabab eta, koedoe mere ka sakabeh djalma naon bae noe djadi wadjib maraneh; nja mere oepĕti ka noe wadjib dibere oepĕti; tjoeke ka noe wadjib dibere tjoeke; sijeun ka noe wadjib dipikasijeun; hormat ka noe wadjib dihormat.

8. Poma maraneh ka saha bae oelah boga hoetang naon-naon, kadjaba silih-pikanjaah; sabab djalma noe njaah ka noe lijan, eta teh geus mĕpĕkan parentah hoekoem.

9. Karana noe kijeu teja: Maneh oelah ngaranjed, maneh oelah maehan, maneh oelah maling, maneh oelah mitĕnah, maneh oelah bogoh, djeung timbalan naon bae noe aja djaba ti kitoe, karagoem koe kasaoeran noe kijeu teja: Maneh koedoe njaah ka batoer-batoer sapĕrti ka diri sorangan.

10. Ari kanjaahan teh tara migawe goreng ka batoer. Nandakeun kanjaahan teh nja kapĕpĕkanana hoekoem.

11. Soemawonna koedoe kitoe, pedah oerang nganjahokeun mangsa, jen ajeuna geus waktoena oerang teh haroedang tina heës; karana kasalamĕtan teh ajeuna geus deukeut ka oerang ti batan oerang anjaran pĕrtjaja.

12. Peuting teh geus meh bejak, beurang teh geus deukeut. Manana hajoe oerang pada tjoetjoel pagawean poëk, nja make pakarang tjaang.

13. Hajoe oerang pada loemampah sakoemaha pantésna, tjara ti beurang; oelah djeung balaketjrakan sarta djeung arak-arakan, oelah djeung karoetjahan sarta djeung kalatjoeran, oelah djeung paseja sarta djeung dĕngki;

14. Nja makeanan maneh teh koe Goesti Jesoes Kristoes, sarta daging teh oelah diangonan datang ka ngadjadikeun napsoe.

PASAL 14.

Ari noe hengker pĕrtjajana, koedoe ditarima, sarta oelah marĕboetkeun pangrasaning ati.

2. Aja noe pĕrtjajana jen saniskara teh wĕnang didahar,

tatapi ari noe hengker mah noe didahar teh lalab-lalaban.

3. Anoe dahar poma oelah tjoewa ka noe hanteu dahar; kitoe deui anoe hanteu dahar poma oelah ngahoekoeman ka noe dahar; karana koe Allah mah eta geus ditarima.

4. Saha maneh teh, wĕt ngahoekoeman ka boedjang noe lijan? Eta nangtoenglaboehna ka djoeraganana sorangan. Tatapi bakal tĕtĕp nangtoengna teh, sabab Allah mah kawasa nĕtĕpkeun nangtoengna.

5. Aja noe ngangkeuhkeun poë poendjoel ti poë deui; aja noe ngangkeuhkeun poë kabeh saroewa bae. Hidji-hidji djalma masing poegoeh pisan dina djĕro pikir sorangan.

6. Anoe ngestoekeun poë, ngestoekeunana teh tina sabab Goesti; ari noe hanteu ngestoekeun poë, teu ngestoekeunana teh tina sabab Goesti. Anoe dahar, daharna teh tina sabab Goesti, boektina moedji soekoer ka Allah; ari noe hanteu dahar, teu daharna teh tina sabab Goesti, sarta moedji soekoer ka Allah.

7. Karana oerang teh taja noe hiroep pikeun diri sorangan, sarta taja noe paeh pikeun diri sorangan;

8. Karana boh oerang hiroep, eta oerang hiroep teh pikeun Goesti; boh oerang paeh, eta oerang paeh teh pikeun Goesti. Djadi oerang teh boh hiroep, boh paeh, nja kagoengan Goesti.

9. Karana nja kitoe pisan sababna noe matak Kristoes teh geus poepoes, djeung tanghi, sarta hiroep deui, soepaja andjeunna djadi Goesti djalma noe paraeh sarta noe hariroep.

10. Balikanan maneh teh, naha wĕt ngahoekoeman ka doeloer maneh? Atawa maneh teh, naha wĕt tjoewa ka doeloer maneh? Karana oerang sakabeh mangke pada dideuheuskeun ka pajoeneun korsi pangadilan Kristoes;

11. Sabab dina Kitab aja oengĕlan kijeu: Ari pangandika Pangeran: Saestoena kami teh hiroep, sakabeh toeoer mĕngke darĕkoe di pajoeneun kami, sarta sakabeh letah mĕngke ngarakoe ka Allah.

12. Djadi oerang hidji-hidji djalma mĕngke koedoe pada njanggakeun katĕrangan ka Allah hal pĕrkara sorangan.

13. Manana oerang oelah sok silih-hoekoeman deui; anggoer kijeu nja ngahoekoeman teh, jen maneh oelah njijeun anoe matak titadjong doeloer, atawa noe matak tideuha.

14. Kaoela teh njaho, sarta geus tangtoe dina pikir kaoela di djĕro Goesti Jesoes,

jen saniskara barang taja noe nadjis koe soranganana; ngan tatapi anoe ngangkeuhkeun nadjis kana sahidji barang, nja ka dinja nadjisna teh.

15. Tatapi oepama doeloer maneh kanalangsaan tina sabab sipat kahakanan, eta maneh loemampah teh geus lain noeroet deui lampah kanjaahan. Poma oelah njilakakeun koe kahakanan maneh ka djalma noe geus ditalangan paeh koe Kristoes.

16. Koe sabab eta, kabobogaan maraneh teh oelah koengsi aja noe ngagorengkeun.

17. Karana ari karadjaan Allah teh, lain kahakanan lain inoeman, estoena mah kabĕnĕran, djeung karoentoetan, sarta kaboengahan koe lantaran Roh Soetji.

18. Sabab anoe koemawoela ka Kristoes koe djalan ngestikeun noe kitoe teja, eta teh dipikamanah koe Allah sarta diadjenan koe djalma.

19. Manana oerang teh hajoe pada ngobrek kana sakoer lantaran karoentoetan, kitoe deui sakoer lantaran silihadĕgkeun pĕrtjaja.

20. Poma oelah ngaroeksak kana dadamĕlan Allah tina sabab kahakanan. Ĕnja saniskara barang barĕsih teja mah, tatapi djalma noe dahar bari ngadatangkeun titadjong mah, eta lampah kitoe teh goreng.

21. Oetama pisan, moen teu dahar laoek, hanteu nginoem anggoer, atawa milampah naon bae anoe matak titadjong, atawa matak tideuha, atawa matak hengker ka doeloer maneh.

22. Maneh ari boga kapĕrtjajaan, koedoe dikandoeng sadjĕroning diri maneh di pajoeneun Allah. Salamĕt noe teu ngahoekoeman sorangan moenggoeh dina lampah noe diangkeuhkeun hade.

23. Tatapi ari noe tjangtjaja mah, kari-kari ngadahar bae, noe kitoe teh geus dihoekoeman, sababna lain datang tina pĕrtjaja. Ari saniskara lampah, noe lain datang tina pĕrtjaja mah, eta teh dosa.

PASAL 15.

Ari oerang noe bĕdas, wadjib nanggoeng kahengkeran anoe hanteu bĕdas, djeung oelah mikarĕsĕp ka diri sorangan.

2. Oerang teh, hidji-hidji djalma, nja sing malar dipikarĕsĕp koe batoer, baris kana kahadean, pikeun ngadĕgkeun pĕrtjaja.

3. Sabab nadjan Kristoes ge hanteu mikarĕsĕp ka salirana koe mantĕn, estoena mah sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab: Ari ngaharinakeunana djalma noe

ngahinakeun ka andjeun, eta geus ninggang ka simkoering.

4. Karana sagala noe disĕratkeun baheula, pangdisĕratkeunana teh baris piwoeroek ka oerang, soepaja oerang pada ngabogaan pangarĕp-ngarĕp, koe kasabaran sarta panglilipoer Kitab.

5. Ari Allah noe kagoengan sakoer kasabaran sarta panglilipoer, moegi maparin ka maraneh samijoek djeung batoer, anoet kĕrsaning Kristoes Jesoes;

6. Sangkan maraneh rĕmpoeg sabiwir nja pada ngamoeljakeun ka Allah, Rama Goesti oerang Jesoes Kristoes.

7. Koe sabab eta, maraneh moedoe silih-angkĕn, sapĕrti diri maraneh ge geus pada diangkĕn koe Kristoes baris kamoeljaan Allah.

8. Ari toedjoelna pitjatoer kaoela, jen Jesoes Kristoes teh geus djadi kawoelaning soenat, tina sabab kajaktian Allah, soepaja andjeunna ngajakinkeun pĕrdjangdjian noe ka para karoehoen teja,

9. Sarta soepaja oerang kapir pada ngamoeljakeun ka Allah tina sabab sih-piwĕlasna, sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab: Koe sabab eta simkoering sĕdja ngaagoeng-agoeng ka andjeun di tĕngah oerang kapir, sarĕng moedji ka padjĕnĕngan andjeun.

10. Djeung aja deui pilahirna: Eh sakabeh oerang kapir, geura pada soeka-soeka ngiloe djeung oematna!

11. Djeung deui: Eh sakabeh oerang kapir, geura pada ngaagoeng-agoeng ka Pangeran, sarta sakabeh bangsa, geura pada moedji ka andjeunna!

12. Djeung aja deui pilahir Jĕsaja: Mĕngke piajaeun akarna Isai, noe tjĕngkat pikeun ngareh ka sakabeh oerang kapir; nja ka eta sakabeh oerang kapir bakal pada ngarĕp-ngarĕp.

13. Ari Allah noe kagoengan sakoer pangarĕp-ngarĕp, moegi-moegi minoehan ka maraneh koe sagala kaboengahan sarta kasĕnangan, djalan tina pĕrtjaja, sangkan maraneh sing leuwih angot nja pangarĕp-ngarĕp, koe kawasaning Roh Soetji.

14. Tatapi kaoela sorangan ge dina pikir geus tangtoe moenggoeh hal maraneh, eh doeloer-doeloer kaoela! jen maraneh sorangan ge geus pinoeh koe kahadean, djĕdjĕl koe sagala kanjaho, bisa silih-pagahan djeung batoer.

15. Nadjan kitoe ge, eh doeloer-doeloer! kaoela njoeratan teh ka maraneh, sawarehna moetoeh koe wani, nja pikeun ngingĕtkeun ka ma-

raneh, tina sabab sih-koernija, noe koe Allah geus dipasihkeun ka kaoela,

16. Sangkan kaoela teh djadi piwarangan Jesoes Kristoes ka oerang kapir, mĕtakeun Indjil Allah, soepaja oerang kapir teh djadi koerban pikamanaheun, beunang njoetjikeun koe Roh Soetji.

17. Koe sabab eta, kaoela boga pamoedji di djĕro Kristoes Jesoes, moenggoeh dina pĕrkara Allah.

18. Karana kaoela moal wani-wani njĕboetkeun naonnaon anoe lain beunang ngadamĕl Kristoes koe lantaran kaoela, baris nganoetkeun oerang kapir, nja koe oetjap sarta panggawe;

19. Koe kawasana tanda djeung moedjidjat, koe kawasaning Roh Allah, moenggah kaoela ngoewarkeun Indjil Kristoes teh datang ka tjatjap ti watĕs Jĕroesalem sarta sakoerilingna, tĕpi ka Ilirikoem;

20. Bari tĕmĕn pisan nja maksoed, moal ngoewarkeun Indjil dina ĕnggon noe geus dioewaran Kristoes, soepaja kaoela ngadĕgkeun teh oelah dina loehoer padĕmen beunang anoe sedjen;

21. Sabalikna koemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab: Ari djalma noe tatjan dioewaran hal andjeunna, nja eta noe bakal narendjo; sarta noe tatjan ngadarenge, nja eta noe bakal ngaharti.

22. Kitoe noe matak kaoela geus mindĕng pisan halangan, sĕdja ngadatangan ka maraneh teh.

23. Dĕmi ajeuna, sapedah kaoela geus taja deui ĕnggon dina wĕwĕngkĕran ijeu, sarta hajang pisan ngadatangan ka maraneh geus mangtaoentaoen,

24. Pasĕdjaan kaoela, dimana leumpang ka tanah Sĕpanjol, meureun njimpang ka maraneh. Karana pangharĕpan kaoela dina pangleumpangan ngalongok ka maraneh, sarta toeloej koe maraneh didjadjapkeun ka ditoe, samangsa kaoela geus rada seubeuh heula papanggih djeung maraneh.

25. Ari waktoe ajeuna kaoela keur leumpang ka Jĕroesalem, sĕdja ngalalajanan ka djalma saroetji.

26. Sabab oerang Makĕdoni djeung Ahaja geus aja kasoekaanana maratoeng sidĕkah pikeun ka noe mariskin djalma soetji di Jĕroesalem.

27. Geus aja kasoekaanana kitoe, djeung pada kahoetangan ongkoh ka dinja, sabab oerang kapir teh, rehna geus miloe ngamilik barang rohani anoe eta, noe matak pada wadjib ngalalajanan ka eta koe barang djasmani.

28. Dĕmi sanggeusna kaoela ngalakonan kitoe, sarta geus ngalaksanakeun eta boewah teh ka dinja, kaoela rek mijang ka tanah Sĕpanjol njorang ka maraneh.

29. Sarta kaoela njaho, dimana kaoela datang ka maraneh, ngadatangan teh tangtoe mawa bĕrkah Indjil Kristoes pĕpĕk pisan.

30. Tatapi kaoela aja panĕda ka maraneh, eh doeloer-doeloer, koe Goesti oerang Jesoes Kristoes, sarta koe kaasihan Roh, maraneh ka kaoela sing ngabantoe pĕrangkoe mangnĕnĕdakeun kaoela ka Allah,

31. Soepaja kaoela moegi-moegi diloepoetkeun ti noe mantangoel di Joedea, sarta soepaja ijeu panglalajanan kaoela ka Jĕroesalem teja matak pikasoekaeun djalma saroetji;

32. Nja sangkan kaoela koe pangĕrsa Allah bisa ngadatangan ka maraneh kalawan boengah, sarta disĕnangkeun barĕng djeung maraneh.

33. Ari Allah noe kagoengan sakoer kasĕnangan moegi-moegi njarĕngan ka maraneh sadaja. Amin.

PASAL 16.

Djeung deui kaoela ka maraneh ngawĕwĕratan doeloer oerang ijeu Pebe, noe djadi djoeroe laden garedja di nagara Kenkrea.

2. Koe maraneh akoe di djĕro Goesti, sakoemaha pantĕsna di djalma saroetji, sarta toeloengan, pĕrkara naon bae moen aja pĕrloena ditoeloengan teh koe maraneh; sabab eta ge geus noeloeng ka djalma loba pisan, malah ka kaoela oge.

3. Pangnĕpikeun salam kaoela ka Priska djeung Akila, noe pada ngabantoe kaoela dina padamĕlan Kristoes Jesoes;

4. Eta geus pada njĕrahkeun beuheungna nalangan pati kaoela; lain kaoela bae noe aja tarima teh ka dinja, malah sakabeh garedja oerang kapir ge pada tarima.

5. Djeung pangnĕpikeun deui salam kaoela ka garedja noe aja di boemina. Pangnĕpikeun salam kaoela ka Epenetoes, kaasih kaoela, noe djadi tjikal oerang Ahaja di djĕro Kristoes.

6. Djeung salam kaoela ka Maria, noe gĕtol pisan digawena adjang kaoela.

7. Djeung salam kaoela ka Andronikoes djeung Joenias, baraja kaoela, nja batoer kaoela sasama di berok, noe geus pada kasohor ka para rasoel, sarta aja di djĕro Kristoes samemeh kaoela.

8. Djeung salam kaoela ka Amplias, kaasih kaoela di djĕro Goesti.

9. Djeung salam kaoela ka Oerbanoes, noe ngabantoe kaoela dina padamĕlan Kristoes, sarta ka Sĕtakis, kaasih kaoela.

10. Djeung salam kaoela ka Apeles, noe geus katjoba pĕrtjajana ka Kristoes. Djeung deui salam kaoela ka saeusi-imah Aristoboeloes.

11. Djeung salam kaoela ka Herodion, baraja kaoela. Djeung salam kaoela ka saeusi-imah Narkisoes, nja sakoer noe aja di djĕro Goesti.

12. Djeung salam kaoela ka Tripena djeung Triposa, noe pada ngestikeun padamĕlan Goesti. Djeung salam kaoela ka Persis, kaasih kaoela, noe sarĕgĕp pisan ngestikeun padamĕlan Goesti.

13. Djeung salam kaoela ka Roepoes, noe kapilih di djĕro Goesti, sarta ka iboena, nja toenggal iboe kaoela keneh.

14. Djeung salam kaoela ka Asinkritoes, Plegon, Hermas, Patrobas, Hermes, sarta ka doeloer-doeloer sabatoer eta.

15. Djeung salam kaoela ka Pilologoes djeung Joelia, ka Nerioes djeung doeloerna awewe, kitoe deui ka Olimpas, sarta ka sakabeh djalma saroetji sabatoer eta.

16. Maraneh moedoe silihbere salam make panjijoem soetji. Ari sadajana garedja Kristoes pada ngirim salam ka maraneh.

17. Djeung deui kaoela mitoetoer ka maraneh, eh doeloer-doeloer! sing pada ngadjaga ka noe njijeun patjogregan djeung tatadjongan, noe mapalangan ka piwoeroek beunang maraneh goegoeroe, eta nja koedoe singkahan koe maraneh.

18. Sabab noe kitoe teh lain ngawoela ka Goesti oerang Jesoes Kristoes, ngawoelana teh ka beuteungna; djeung pada njasabkeun ka djalma noe taja panjana goreng, ari noe dipake teh omongan lamis sarta ngolo-ngolo.

19. Sabab kaanoetan maraneh teh geus goernita ka sakabeh. Koe pedah kitoe kaoela boengah tina sabab maraneh. Dĕmi kahajang kaoela, maraneh sing pintĕr kana lampah hade, sing bodo kana lampah goreng.

20. Ari Allah noe kagoengan sakoer kasĕnangan, tangtoe tereh ngarĕmoekkeun setan di handapeun soekoe maraneh. Moegi-moegi sihkoernija Goesti oerang Jesoes Kristoes njarĕngan ka maraneh. Amin.

21. Timoteoes, pangbantoe kaoela, kitoe deui Loesioes, djeung Jason, djeung Sosipater, baraja kaoela, pada ngirim salam ka maraneh.

22. Ari kaoela, Tertioes, noe noelis ijeu soerat, ngirim

salam ka maraneh di djĕro Goesti.

23. Djeung Gajoes, noe diandjrĕkan koe kaoela sarta koe sagaredja kabeh, ngirim salam ka maraneh. Kitoe deui Erastoes, djoeroe oewang nagri, sarta Koewartoes, doeloer oerang, pada ngirim salam ka maraneh.

24. Ari sih-koernija Goesti oerang Jesoes Kristoes moegi-moegi njarĕngan ka maraneh. Amin.

25. Dĕmi noe langkoeng kawasa ngoewatkeun ka maraneh, saoenina Indjil kaoela sarta piwoeroek Jesoes Kristoes, sakoemaha pangebrehna rasijah noe disidĕmkeun baheula meunang sababaraha djaman,

26. Ari ajeuna mah diebrehkeun, sarta koe lantaran kitab para nabi, noeroetkeun timbalan Allah noe sipat langgĕng, diembarkeun ka lĕbah sakabeh oerang kapir, soepaja pada anoet kana pĕrtjaja:

27. Tĕgĕs Allah anoe pintĕr njalira, eta noe koedoe dibaktian kamoeljaan koe lantaran Jesoes Kristoes, salalanggĕngna! Amin.

IJEU SĔRAT KAHIDJI TI RASOEL PAOELOES
KA OERANG KORINTA.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Paoeloes, noe geus disaoer didamĕl rasoel Jesoes Kristoes, koe pangĕrsa Allah, djeung ti Sostenes saderek,

2. Doematĕng garedja Allah di nagara Korinta, sakoer noe geus disoetjikeun di djĕro Kristoes Jesoes, djalma saroetji beunang njaoer, reudjeung sadajana noe njambat kana djĕnĕngan Goesti oerang Jesoes Kristoes, dina saniskara ĕnggon, nja Goesti itoe sarta Goesti oerang.

3. Moegi-moegi maraneh pada dipaparin sih-koernija reudjeung kasĕnangan ti Allah, Rama oerang, sarta ti Goesti Jesoes Kristoes!

4. Kaoela salawasna moedji soekoer ka Allah kaoela koe karana maraneh, tina sabab koernija Allah, noe geus dipasihkeun ka maraneh di djĕro Kristoes Jesoes;

5. Boektina maraneh teh dina saniskara geus pada djadi soegih di djĕro andjeunna, nja dina sakabeh piwoeroek sarta sakabeh kanjaho;

6. Da pĕrtelaan hal Kristoes geus dijakinkeun di maraneh,

7. Noe matak maraneh hanteu pisan koerang pasihan, sarta bari noenggoe-noenggoe pingebreheunana Goesti oerang Jesoes Kristoes.

8. Malah-malah Allah teh tangtoe nĕtĕpkeun ka maraneh nĕpi ka panoengtoengan, soepaja maraneh oelah aja tjawadeun dina poëan Goesti oerang Jesoes Kristoes.

9. Langkoeng toehoe Allah teh, noe geus njaoer maraneh baris djadi satoenggal djeung Jesoes Kristoes Poetrana, Goesti oerang.

10. Tatapi kaoela aja panĕda ka maraneh, eh doeloer-doeloer, koe djĕnĕngan Goesti oerang Jesoes Kristoes, maraneh kabeh koedoe masing saomong, oelah aja pabĕngkahan di maraneh, nja koedoe masing antek sapikir djeung sapangrasa.

11. Sabab kaoela geus dipoepoelihan hal maraneh, eh doeloer-doeloer, koe ahlina Kloë, jen di maraneh aja patjogregan.

12. Dĕmi tjatoer kaoela teh kijeu, ari maraneh oenggal-oenggal djalma ngomong: Aing anoe Paoeloes; aing anoe Apollos; aing anoe Kepas; aing anoe Kristoes.

13. Naha karah Kristoes teh dibagi-bagi? Koetan Paoeloes noe digantoeng dina kai-dipalang teh keur pimangpaateun maraneh? Atawa maraneh dibanjoean teh naha make ngaran Paoeloes?

14. Kaoela moedji soekoer ka Allah, rehna maraneh taja noe beunang ngabanjoean diri kaoela, kadjaba Krispoes djeung Gajoes;

15. Soepaja oelah aja noe ngomong, jen kaoela geus ngabanjoean make ngaran diri kaoela.

16. Tatapi saeusi-imah Sĕtepanas beunang kaoela keneh ngabanjoean; djaba eta mah, ingĕtan kaoela taja deui beunang kaoela ngabanjoean.

17. Sabab kaoela pangdipiwarang teh koe Kristoes, lain baris ngabanjoe, ĕnjana mah baris ngoewarkeun Indjil; hanteu djeung kapintĕran omong, sangkan kai-dipalang Kristoes oelah gaplah.

18. Karana ari piwoeroek kai-dipalang teh nja soteh boeroeng ka djalma noe bakal tjilaka, tatapi ari ka oerang noe pisalamĕteun mah, eta teh nja kawasa ti Allah.

19. Karana dina Kitab geus dioengĕlkeun kijeu: Kapintĕ-

ran djalma noe palintĕr koe kami rek digĕmpoer, sarta pangarti djalma noe hararti koe kami rek dileungitkeun.

20. Di mana anoe pintĕr? di mana ahli kitab? di mana toekang padoe ijeu doenja? Ari kapintĕran doenja teh lain geus didamĕl kaboeroengan koe Allah?

21. Karana sapedah doenja teh koe kapintĕranana hanteu nganjahokeun ka Allah moenggoeh dina kapintĕran Allah, noe matak Allah ngĕrsakeun njalamĕtkeun ka sakoer noe pĕrtjaja, koe lantaran boeroengna pangoewaran teja.

22. Sabab ari oerang Jahoedi pada menta tanda, djeung oerang Joenani pada ngoelik elmoe;

23. Tatapi ari kaoela mah pada ngoewarkeun Kristoes, noe digantoeng dina kai-dipalang, tatadjongan oerang Jahoedi, boeboeroengan oerang Joenani;

24. Tatapi moenggoeh ka sakoer noe disaoer mah, nja oerang Jahoedi djeung oerang Joenani, Kristoes noe djadi kawasa Allah sarta kapintĕran Allah.

25. Karana boeroengna Allah teh leuwih pintĕr ti batan djalma, sarta apĕsna Allah teh leuwih bĕdas ti batan djalma.

26. Geura doeloer-doeloer! sing pada ilik kana hal disaoer diri maraneh teja, jen di maraneh teh hanteu reja noe pintĕr kapintĕran daging, hanteu reja noe kawasa, hanteu reja menak.

27. Satĕgĕsna Allah geus milih anoe boeroeng di doenja, pikeun ngawirangkeun anoe pintĕr; sarta Allah geus milih anoe apĕs di doenja, pikeun ngawirangkeun anoe bĕdas;

28. Djeung deui Allah geus milih anoe hina di doenja, djeung noe katjoewa, sarta noe euweuh, pikeun ngeuweuhkeun anoe aja:

29. Soepaja daging teh oelah aja noe moedji maneh di pajoeneun Allah.

30. Sarta nja ti andjeunna teja maraneh teh pangaja di djĕro Kristoes Jesoes, noe koe Allah pikeun oerang geus didjadikeun kapintĕran, kabĕnĕran, kasoetjian sarta kaleupasan;

31. Soepaja, sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab: Ari noe moedji, eta moedjina teh moedoe tina hal Pangeran.

PASAL 2.

Nadjan kaoela ge, eh doeloer-doeloer! basa datang ka maraneh teja, datang teh lain ngoewarkeun hal pĕrtelaan Allah ka maraneh make kaahengan omong atawa kapintĕran.

2. Karana kaoela geus nangtoekeun, aja teh di maraneh teu rek nganjahokeun naonnaon, kadjaba Jesoes Kristoes, tĕgĕsna noe geus digantoeng dina kai-dipalang.
3. Sarta kaoela aja teh di maraneh leuwih hengker, djeung palaoer, sarta ngagĕtĕr katjida pisan.
4. Ari tjatoer kaoela djeung woeroek kaoela lain make omongan pangiroet kapintĕran djalma, nja make nandakeun Roh djeung kawasa;
5. Soepaja kapĕrtjajaan maraneh oelah neuteuh kana kapintĕran djalma, neuteuh teh kana kawasaning Allah.
6. Sabalikna kaoela mitjatoer kapintĕran teh di djalma noe sampoerna, tatapina lain kapintĕran ijeu doenja, lain kapintĕran kapala doenja, noe bakal pada toempoer;
7. Estoena mah noe dipitjatoer koe kaoela teh kapintĕran Allah dina djĕro rasijah, noe boeni, noe koe Allah ti memeh aja doenja dipastikeun baris kamoeljaan oerang.
8. Ari kapala ijeu doenja, hidji ge taja noe njaho kana eta kapintĕran; karana oepama njarahoëun mah, moal koengsi ngagantoengkeun Goesti kamoeljaan teja dina kai-dipalang.
9. Satĕgĕsna koemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Ari noe teu pisan katendjo koe panon, sarta teu kadenge koe tjeuli, djeung teu kanjanaan koe hate manoesa, nja eta noe koe Allah geus disadijakeun keur sakoer anoe njaah ka andjeunna.
10. Dĕmi eta teh koe Allah geus diebrehkeun ka oerang koe lantaran Roh salira andjeunna; sabab Roh noe ngawaspaoskeun ka saniskara, nadjan ka djĕro-djĕrona Allah oge.
11. Karana saha djalma, njaho ka anoe djalma, kadjaba roh djalma noe aja di djĕrona? Kitoe deui hanteu aja noe njaho ka anoe Allah, ngan kadjaba Roh Allah bae.
12. Dĕmi noe katampa koe oerang teh lain roh doenja, istoening Roh noe ti Allah, soepaja oerang pada nganjahokeun ka sakoer noe koe Allah geus dipasihkeun ka oerang.
13. Nja eta noe ditjatoerkeun koe kaoela, lain make omongan pamamatahan kapintĕran djalma, make teh omongan pangwoeroek Roh Soetji, barang rohani koe kaoela direntetkeun djeung barang rohani.
14. Tatapi ari djalma pinjawa mah teu nampanan ka pĕrkara anoe Roh Allah; sabab diangkeuhkeun boeroeng, djeung teu bisaeun ngaharti, karana eta pĕrkara ditim-

bangna koedoe make roh.

15. Sabalikna ari djalma piroh mah bisa nimbang ka saniskara, tatapi dirina sorangan hanteu beunang ditimbang koe djalma hidji-hidji atjan.

16. Karana saha noe njaho kana manah Pangeran, noe matak bisa mamagahan ka salira Pangeran? Tatapi ari oerang mah ngabogaan manah Kristoes.

PASAL 3.

Nadjan kaoela ge, eh doeloer-doeloer! tadina teu bisa mitjatoer ka maraneh sapĕrti ka djalma piroh, ngan sakoemaha ka djalma pidaging bae, tjara ka noe boedak leutik di djĕro Kristoes.

2. Kaoela ngadaharan teh ka maraneh koe tjisoesoe, lain koe kahakanan; sabab harita maraneh tatjan kadoega; nadjan ajeuna ge maraneh tatjan kadoega keneh,

3. Sabab maraneh masih pidaging. Karana sapedah di maraneh aja dĕngki, sarta getreng, djeung patjogregan, eta maraneh teh naha lain pidaging, sarta laloemampah maraneh teh naha lain koemaha adat djalma?

4. Sabab lamoen tjĕk noe hidji: Aing anoe Paoeloes; dĕmi tjĕk noe sedjen: Aing anoe Apollos; eta maraneh ari kitoe mah naha lain pidaging?

5. Naha Paoeloes teh naon, djeung ari Apollos teh naon? Ngan abdi, lantaran maraneh pĕrtjaja; dĕmi eta sakoemaha Goesti geus maparin ka hidji-hidjina.

6. Kaoela noe geus mĕlak, Apollos noe njiraman; tatapi noe geus ngadjadikeun mah Allah.

7. Djadi noe mĕlak sarta noe njiraman mah teu koemakoemaha, ngan Allah, noe ngadjadikeun.

8. Ari noe mĕlak sarta noe njiraman, nja hidji keneh, tatapi pada bakal nampa boeroehan sorangan, koemaha panggawena bae.

9. Sabab kaoela teh pada pangbantoe kana padamĕlan Allah; ari pakĕbonan Allah sarta adĕgan Allah nja maraneh.

10. Tina sih-koernija Allah noe dipaparinkeun ka kaoela, noe matak kaoela, sakoemaha patoekangan noe binangkit, geus njijeun padĕmen, dĕmi noe sedjen ngadĕgkeun dina loehoer eta. Tatapi oenggal-oenggal djalma koedoe sing ijatna dina pĕta ngadĕgkeunana dina loehoer padĕmen teh.

11. Karana moal aja djalma bisa njijeun padĕmen sedjen, kadjaba noe geus didamĕl padĕmen, nja eta Jesoes Kristoes.

12. Dĕmi satijap-tijap aja djalma prak dina loehoer eta padĕmen ngadĕgkeun ĕmas,

perak, intĕn, kai, djoekoet, atawa djarami;

13. Eta panggawena oenggal-oenggal djalma tangtoe pikataraeun, sabab poë noe bakal nganjatakeun, karana tembongna koe seuneu; ari panggawena oenggal-oenggal djalma bakal ditjoba koe seuneu teh.

14. Oepama hidji djalma tĕtĕp panggawena noe geus diadĕgkeun dina loehoer eta, tangtoe meunang boeroehan;

15. Oepama hidji djalma panggawena bejak kadoeroek, eta teh tangtoe roegi; tatapi dirina mah bakal salamĕt, kitoe oge sasat geus njorang seuneu.

16. Eta maraneh naha teu njaho, jen maraneh teh kabah Allah, sarta Roh Allah linggih di djĕro maraneh?

17. Oepama aja noe ngaroeksak kabah Allah, tangtoe diroeksak deui koe Allah; karana kabah Allah teh soetji, tĕgĕsna nja maraneh.

18. Djalma oelah aja noe ngabobodo maneh! Oepama di maraneh aja djalma boga angkeuh pintĕr di ijeu doenja, eta teh sing daek boeroeng, soepajana djadi pintĕr.

19. Sabab kapintĕran doenja teh koe moenggoehing Allah mah dimanah kaboeroengan; karana geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Andjeunna ngaringkoes djalma pintĕr, koe kadjoeliganana sorangan;

20. Djeungna deui: Pangeran langkoeng oeninga dina pikiran djalma palintĕr, jen eta teh gapong.

21. Koe sabab kitoe, oelah aja noe moedji maneh tina hal djalma, karana saniskara ge milik maraneh:

22. Boh Paoeloes, boh Apollos, boh Kepas, boh doenja, boh hiroep, boh paeh, boh barang ajeuna, boh barang mĕngke, saniskara ge milik maraneh!

23. Dĕmi diri maraneh kagoengan Kristoes, ari Kristoes kagoengan Allah.

PASAL 4.

Moedoe kitoe djalma pangangkĕn ka kaoela teh, nja ngangkĕn abdi Kristoes, sarta poerah njangkingan rasijah Allah.

2. Sanggeusing kitoe anoe wadjib di noe poerah njangkingan teh, hidji-hidjina koedoe kapanggih satoehoe.

3. Tatapi moenggoeh diri kaoela, teu pisan djadi pikir dihoekoeman koe maraneh, atawa koe bĕbĕnĕran djalma; dalah kaoela teu ngahoekoeman diri sorangan.

4. Karana kaoela teu pisan roemasa salah, tatapi kitoe ge moal matak dibĕnĕrkeun kaoela teh; sabalikna noe nga-

hoekoeman diri kaoela teh, nja Goesti.

5. Koe sabab eta oelah ngahoekoeman samemeh waktoena, noenggoean soempingna Goesti, noe bakal njaangan ka sagala noe boeni di noe poëk, sarta nganjatakeun ka sagala gĕndoe-rasa hate; didinja oenggal-oenggal djalma pada nampa poedji ti Allah.

6. Ari noe kitoe teja, eh doeloer-doeloer, koe kaoela dioepamakeun diri kaoela sarta Apollos, tina sabab maraneh, sangkan maraneh ka kaoela ngagoeroean, oelah boga rasa ngaliwatan ka noe geus dioengĕlkeun dina Kitab, soepaja maraneh oelah agoel, saoerang tina sabab saoerang, ari ka noe sedjen nampik.

7. Karana saha noe ngabedakeun diri maneh? djeung boga naon maneh teh, anoe lain beunang nampa? Sarta lamoen beunang nampa mah, naha mana moedji maneh atoeh, kawas lain beunang nampa?

8. Maraneh geus pada seubeuh, geus pada soegih, geus pada djadi radja teu kalawan kaoela; moega-moega maraneh jakin djadi radja teh, soepaja kaoela ge kitoe deui pada djadi radja babarĕngan!

9. Sabab pamikir kaoela, ari kaoela para rasoel koe Allah didamĕl djalma panghinana, disapĕrtikeun ka noe rek dihoekoem pati; karana kaoela teh geus pada djadi tongtonaneun doenja, tongtonaneun para malaikat reudjeung djalma.

10. Kaoela pada boeroeng tina sabab Kristoes, ari maraneh mah pintĕr di djĕro Kristoes; kaoela pada hengker, ari maraneh mah bĕdas; maraneh pada kaadjen, ari kaoela mah pada katjoewa.

11. Nĕpi ka waktoe ajeuna kaoela pada njandang kalempohan djeung njandang halabhab, sarta boeroendoel, kitoe deui sok ditarondjokan, sarta hanteu baroga ĕnggon matoeh,

12. Djeung baranggawe, dipolah koe leungeun pribadi; kaoela pada ditjarekan, ari kaoela mah ngabĕrkahan; kaoela pada dikanijaja, ari kaoela teh wajahna bae;

13. Kaoela pada digogoreng, ari kaoela mah mangnĕdakeun; kaoela geus pada djadi sapĕrti roentah doenja, sarta pangekesedan sakabeh djalma nĕpi ka ajeuna.

14. Noe matak kaoela njoeratan kitoe, lain sĕdja ngerangera ka maraneh; saestoena kaoela mamatahan ka maraneh, rehna anak kaasih kaoela.

15. Karana masih maraneh boga salaksa goeroe oge di djĕro Kristoes, moal boga bapa loba, sabab nja kaoela noe geus ngajoegakeun maraneh

di djĕro Kristoes Jesoes, koe lantaran Indjil.

16. Koe sabab kitoe kaoela mitoetoer ka maraneh, moedoe sing pada noeroet ka kaoela.

17. Kitoe noe matak kaoela geus nitahan Timoteoes ka maraneh, nja eta anak kaasih kaoela di djĕro Goesti, sarta satoehoe; bakal ka maraneh ngingĕtkeun djalan kaoela di djĕro Kristoes, sakoemaha babakoe kaoela ngawoeroek dina saban-saban garedja di mana-mana.

18. Ari djalma noe sawareh agoel, kawas kaoela moal ngadatangan ka maraneh.

19. Tatapi kaoela, lamoen diparĕngkeun koe Goesti, tangtoe tereh pisan ngadatangan ka maraneh, sarta toeloej ngahartikeun, lain omongan eta noe aragoel, noe rek dihartikeun teh kawasana.

20. Karana ari karadjaan Allah teh lain omongan, estoena mah kawasa.

21. Koemaha maraneh nja pikarĕpeun? Kaoela ngadatangan teh ka maraneh koedoe mawa panggĕboeg, atawa make kanjaahan sarta roh kasarehan?

PASAL 5.

Aja bedja geus goernita, jen di maraneh teh aja lampah djinah, nja djinah noe leuwih angĕt, tjatjakan di oerang kapir ge teu manggih, wani aja hidji djalma miëwe ka pamadjikan bapana.

2. Kilang kitoe maraneh teh aragoel; ari hadena mah anggoer pada prihatin, soepaja eta noe migawe kitoe disingkirkeun ti tĕngah-tĕngah maraneh.

3. Dĕmi ijeu kaoela, noe djaoeh moenggoehing badan, tatapi moenggoehing roh mah djonghok, ĕnggeus nangtoekeun, sapĕrti keur djonghok, jen eta djalma noe migawe kitoe teja,

4. Koe djĕnĕngan Goesti oerang Jesoes Kristoes, samangsa maraneh koempoel reudjeung roh kaoela, sarta djeung kawasa Goesti oerang Jesoes Kristoes,

5. Noe kitoe teh disebakeun ka setan, masingna roeksak daging, soepaja roh salamĕt dina poëan Goesti Jesoes.

6. Ari pangmoedji maraneh teh teu pantĕs. Naha maraneh karah teu njaho, jen ragi saeutik matak ngahaseumkeun ka saadonan kabeh?

7. Manana geura pitjeunan ragi noe lawas teh, soepaja maraneh djadi adonan anjar, nja sapĕrti maraneh taja ragian. Karana oerang ge geus dipangmeuntjitkeun paska oerang, nja eta Kristoes.

8. Koe sabab kitoe, hajoe

oerang ngalakonan pesta, oelah make ragi noe lawas teja, kitoe deui ragi kagorengan reudjeung kadjoeligan, nja make teh roti noe taja ragian, tĕgĕsna kabĕrĕsihan reudjeung kajaktian.

9. Kaoela njoeratan ka maraneh dina soerat teja, jen maraneh oelah tjampoer djeung anoe djinah.

10. Ari maksoed kaoela teh lain oelah tjampoer djeung noe djinah ahli doenja, atawa djeung noe pĕrĕtjit, atawa djeung rampog, atawa djeung noe njĕmbah ka brahala; karana oepama kitoe mah maraneh tangtoe koedoe ka loewar ti doenja.

11. Dĕmi ijeu ajeuna kaoela njoeratan ka maraneh, poma oelah tjampoer oepama aja djalma kasĕboet doeloer, tapi lampahna djinah, atawa pĕrĕtjit, atawa njĕmbah ka brahala, atawa toekang ngagogoreng, atawa pamabokan, atawa rampog; dahar reureudjeungan ge oelah djeung noe kitoe mah.

12. Karana keur nahaon kaoela ngahoekoeman noe di loewar? Na maraneh teh lain ngahoekoeman anoe di djĕro?

13. Dĕmi noe di loewar mah Allah anoe ngahoekoeman. Ari koe maraneh singkirkeun eta noe goreng teh ti tĕngah-tĕngah maraneh.

PASAL 6.

Ari di maraneh aja noe boga prakara djeung noe sedjen, eta naha wĕt wawanianan njijar bĕbĕnĕran ka djalma doraka, lain ka djalma soetji?

2. Naha maraneh karah teu njaho, jen djalma saroetji teh bakal ngahoekoeman doenja? Sarta lamoen maraneh bakal ngahoekoeman sadoenja mah, naha teu pantĕs mĕtakeun prakara leuleutikan?

3. Koetan maraneh teu njaho, jen oerang teh bakal ngahoekoeman malaikat? Soemawonna oeroesan hal hiroep ajeuna!

4. Manana lamoen maraneh boga prakara hal hiroep ajeuna teja, koedoe oeroeskeun ka djalma noe pangteu-kaadjenna di garedja.

5. Kaoela pangmitjatoer kitoe teh ka maraneh sangkan era. Naha di maraneh hanteu aja noe pintĕr, euweuh hidji-hidji atjan, anoe bisa ngabĕnĕran prakara doeloer pada doeloer?

6. Ari ajeuna doeloer njijar bĕbĕnĕran djeung pada doeloer, sarta ka djalma noe teu pĕrtjaja!

7. Dalah eta ge geus salah maraneh teh, boga prakara djeung batoer. Koe naon maraneh mana teu ngelehan

maneh? Koe naon mana teu wajahna roegi?

8. Sabalikna maraneh neungteuinganan sarta njijeun karoegian, toerta ka doeloer.

9. Naha maraneh teu njaho, jen djalma doraka teh hamo pingamilikeun kana karadjaan Allah?

10. Poma oelah sarasab! Ari djalma noe djinah, atawa noe njĕmbah ka brahala, atawa noe ngaranjed, atawa noe roetjah, atawa noe ngadjima ka lalaki, atawa noe maling, atawa noe pĕrĕtjit, atawa noe pamabokan, atawa noe ngagogoreng, atawa noe ngarampog, eta sakoer noe kitoe hamo pingamilikeun kana karadjaan Allah.

11. Dĕmi tadina maraneh sawareh kitoe, tatapi maraneh geus dikoembah, kitoe deui maraneh geus disoetjikeun, sarta maraneh geus dibĕnĕrkeun, koe djĕnĕngan Goesti Jesoes, sarta koe Roh Allah oerang.

12. Kana saniskara kaoela teh kongang, tatapi moal saniskara teh aja mangpaatna; kana saniskara kaoela teh kongang, tatapi kaoela koe barang sahidji ge sangeuk kapoerba.

13. Ari kahakanan teh pikeun beuteung, sarta beuteung teh pikeun kahakanan; tatapi eta doewanana koe Allah bakal dileungitkeun. Dĕmi badan teh lain pikeun djinah, tĕgĕsna mah pikeun Goesti, ari Goesti teh pikeun badan.

14. Ari Allah teh geus nanghikeun Goesti, sarta bakal nanghikeun deui diri oerang koe kawasana.

15. Naha maraneh teu njaho, jen badan maraneh teh anggahota Kristoes? Naha kaoela rek njokot anggahota Kristoes, heg didjijeun anggahota dajang? Eta mah sageuj teuing!

16. Karah maraneh teu njaho, ari noe njantel ka dajang, eta teh toenggal sabadan? Karana aja pangandika kijeu: Eta doewanana bakal djadi sadaging.

17. Sabalikna anoe njantel ka Goesti mah, eta toenggal saroh.

18. Koedoe pada njingkiran lampah djinah. Sagala dosa noe dipigawe koe djalma, ajana saloewareun badan; tatapi ari noe djinah mah, eta teh dosa ka badan sorangan.

19. Naha maraneh teu njaho, jen badan maraneh teh kabah Roh Soetji, anoe linggih di djĕro maraneh, djeung noe katampa koe maraneh ti Allah, sarta jen maraneh teh lain banda diri maraneh?

20. Sabab maraneh teh beunang ngagaleuh mahal, noe matak koedoe pada ngamoeljakeun ka Allah koe ba-

dan djeung koe roh maraneh, noe djadi kagoengan Allah.

PASAL 7.

Moenggoehing pĕrkara noe disĕboet dina soerat maraneh teja: Ari hadena djalma teh hanteu njabak ka awewe.

2. Tatapi tina sabab hal djinah oenggal lalaki koedoe pada boga pamadjikan, kitoe deui oenggal awewe koedoe pada boga salaki.

3. Ari lalaki koedoe daek ngawadjiban ka pamadjikan, nja kitoe keneh awewe ka salaki.

4. Ari awewe teu boga kawasa ka badanna sorangan, noe kawasa salakina; nja kitoe deui lalaki teu boga kawasa ka badanna sorangan, noe kawasa pamadjikanana.

5. Djeung maraneh oelah pipisahan, kadjaba lamoen geus rĕmpoeg doewanana mah nja sasĕdĕngna mangsa bae, soepaja maraneh meunang kadjĕmbaran pigeusaneun poewasa djeung nĕnĕda, geus kitoe reureudjeungan deui, sangkan maraneh oelah keuna koe panggoda setan, bisi teu bisa njĕgah.

6. Ari tjatoer kaoela bijeu teja ngidinan bae, lain tina parentah.

7. Sabab ari kahajang kaoela, sakabeh djalma sing tjara diri kaoela; tatapi djalma teh masing-masing nampana pasihan ti Allah, ijeu kijeu, itoe kitoe.

8. Tatapi ari tjatoer kaoela ka noe lagas keneh djeung ka randa: hade djongdjon bae tjara kaoela.

9. Dĕmi saoepama teu bisa njĕgah mah, seug bae kawin, karana mĕnding kawin manan ngĕntab mah.

10. Ari ka noe geus ngoerĕn mah, parentah kaoela, (tĕgĕsna lain kaoela, estoena mah timbalan Goesti), awewe oelah pĕgat ti salaki;

11. Djeung oepama ĕnggeus proeng pĕgat, koedoe tĕtĕp teu lakian, atawa ngahadean ka salakina; kitoe deui ari lalaki oelah mitjeun pamadjikan.

12. Tatapi ari ka noe sedjen, tjatoer kaoela, lain timbalan Goesti: Oepama aja doeloer boga pamadjikan noe teu pĕrtjaja, tatapi pamadjikanana soekaeun tjitjing reureudjeungan, eta poma oelah dipitjeun.

13. Kitoe deui awewe anoe boga salaki noe teu pĕrtjaja, tatapi salakina soekaeun tjitjing reureudjeungan, eta poma oelah ditinggal.

14. Sabab ari lalaki noe teu pĕrtjaja kasoetjikeun lantaran pamadjikan; kitoe deui awewe noe teu pĕrtjaja kasoetjikeun lantaran salaki; oepama teu kitoe mah anak maraneh teh nadjis, dĕmi ajeuna mah soetji.

15. Tatapi oepama eta noe teu pěrtjaja teh hajangeun pěgat, nja kadjeun pěgat oge. Doeloer lalaki atawa doeloer awewe, ana kitoe mah pětana, hanteu dipiroesa; tatapi oerang disaoer teh koe Allah kana karoentoetan.

16. Karana maneh, eh awewe! koemaha rek pinjahoëun, maneh ka salaki bakal njalamětkeun hanteuna? Kitoe deui maneh, eh lalaki! koemaha rek pinjahoëun, maneh ka pamadjikan bakal njalamětkeun hanteuna?

17. Děmi oenggal-oenggal djalma, koemaha bae noe geus dipasihan koe Allah, koemaha bae oenggal-oenggal djalma keur mangsana disaoer koe Goesti, koedoe kitoe nja loemampah teh. Eta kitoe kaoela marentahan ka sakabeh garedja.

18. Tijap-tijap aja djalma disaoer geus disoenatan, montong hajang koeloep; tijaptijap aja djalma disaoer keur koeloep, montong hajang disoenatan.

19. Ari soenat teja teu koema-koemaha, djeung ari koeloep teja teu koema-koemaha; noe misti mah ngestokeun timbalan Allah.

20. Oenggal-oenggal djalma koedoe djongdjon koemaha bae tjabakna keur mangsana disaoer.

21. Oepama maneh keur disaoer teh djalma koemawoela, oelah dipake soesah; tatapi lamoen aja pětana pikeun maneh měrdika, hade pilampah.

22. Karana djalma koemawoela, noe geus disaoer di djěro Goesti, eta teh měrdika ti Goesti; kitoe deui djalma měrdika, noe geus disaoer, eta teh kawoelaning Kristoes.

23. Maraneh teh beunang ngagaleuh mahal; poma oelah djadi kawoela djalma.

24. Eh doeloer-doeloer! oenggal-oenggal djalma koemaha bae keur mangsana disaoer, koedoe djongdjon kitoe di pajoeneun Allah.

25. Ari moenggoehing landjang mah, kaoela teu meunang timbalan Goesti, tatapi kaoela mere pitoedoeh, rehna geus nampa piwělas ti Goesti, anoe matak djadi satoehoe.

26. Rasa kaoela ijeu teh hade, tina sabab rek aja toenggara, hade djalma teh kitoe.

27. Tijap-tijap maneh geus katjangtjang ka hidji awewe, montong hajang lesot; tijaptijap maneh hanteu katjangtjang ka awewe, montong nejangan pipamadjikaneun.

28. Tatapi maneh nadjan kawin oge, hanteu djadi dosa; kitoe deui landjang oepama kawin hanteu djadi dosa. Tatapi noe milampah kitoe bakal pada sangsara dina dagingna;

sarta kaoela karoenja ka maraneh.

29. Ari ijeu teh kaoela mitjatoer, eh doeloer-doeloer! djaman ka hareup teh pondok, soepaja anoe boga pamadjikan, sing kawas hanteu boga;

30. Ari anoe tjeurik, sing kawas hanteu tjeurik; ari anoe boengah, sing kawas hanteu boengah; ari anoe barangbeuli, sing kawas teu ngamilik;

31. Ari anoe make doenja, sing kawas hanteu make, sabab roepa doenja teh ĕngke euweuh.

32. Sarta kahajang kaoela maraneh oelah boga karidoe. Ari lalaki noe lagas ngagĕtenan ka pĕrkara Goesti, malar dianggo kamanah koe Goesti;

33. Tatapi noe boga pamadjikan mah, ngagĕtenan ka pĕrkara doenja, malar dipake karĕsĕp koe pamadjikanana.

34. Nja kitoe deui awewe noe boga salaki reudjeung landjang teh beda. Ari noe lagas ngagĕtenan ka pĕrkara Goesti, sangkan soetji badan kalawan roh; tatapi noe boga salaki mah, ngagĕtenan ka pĕrkara doenja, malar dipake karĕsĕp koe salakina.

35. Kaoela pangmitjatoer kitoe teh mambrih pimangpaateun maraneh; lain pisan dek ngeurad ka maraneh, ngan koe tina matak pantĕs, sarta matak bisa tĕtĕp anoet ka Goesti, hanteu aja kagembangna.

36. Tatapi saoepama aja djalma boga rasa hanteu patoet lampah ka anakna noe landjang, lamoen oemoer liwat ti meudjeuhna, sarta koedoe bae laksana kitoe, eta teh koemaha karĕp, hanteu djadi dosa, nja seug bae kawinkeun.

37. Tatapi ari noe pĕngkoeh di djĕro hate, djeung hanteu kapaksa, sarta kawasa ka karĕp sorangan, djeung geus nangtoekeun di djĕro hate ngagaroengkeun ka anakna noe landjang, eta noe kitoe teh hade lampahna.

38. Djadi noe ngawinkeun teh, hade lampahna; sarta noe hanteu ngawinkeun mah, leuwih hade lampahna.

39. Ari awewe katjangtjang koe hoekoem, sapandjang salakina hiroep; dĕmi geus paeh salakina, eta teh meunang lakian ka saha bae karĕpna, ngan koedoe di djĕro Goesti.

40. Tatapi pangrasa kaoela mah, eta teh leuwih bagdjana lamoen djongdjon kitoe. Ari pamikir kaoela, diri kaoela ge kalinggihan Roh Allah.

PASAL 8.

Ari moenggoehing barang noe dikoerbankeun ka brahala, eta oerang pada tĕrang, jen oerang teh kabeh boga kanjaho. Ari kanjaho teja matak agoel, tatapi ari kanjaahan

mah ngadĕgkeun pĕrtjaja.

2. Tijap-tijap aja djalma boga rasa njaho naon-naon, eta ĕnjana mah tatjan njaho naon-naon, tjara pipantĕseunana djalma teh njaho.

3. Tatapi satijap-tijap aja djalma njaah ka Allah, eta mah dipioeninga koe Allah.

4. Dĕmi moenggoehing hal ngadahar barang noe dikoerbankeun ka brahala teja, eta oerang pada tĕrang, brahala teh teu koema-koemaha di doenja, sarta taja deui Allah, ngan hidji.

5. Karana sanadjan aja noe disarĕboet allah, boh di langit, boh di boemi, (sabab nja reja pisan allah, djeung reja pisan goesti),

6. Parandene moenggoeh di oerang mah ngan boga Allah hidji, nja eta Rama, noe ngajakeun saniskara, sarta kawoelaaneun oerang; djeung deui boga hidji Goesti, nja eta Jesoes Kristoes, lantaran pangajana saniskara teja, sarta lantaran oerang.

7. Tatapi kanjaho teja hanteu aja di oenggal djalma. Ari noe sawareh mah nĕpi ka ajeuna masih aja keneh boedi-rasa ka brahala, daharna ngangkĕn ĕnja barang noe dikoerbankeun ka brahala; ari boedi-rasana, rehna hengker, djadi karĕgĕdan.

8. Dĕmi kadaharan teu matak oerang dipikasoeka koe Allah. Oepama oerang dahar, moal matak oenggah kahadean; teu dahar, moal matak toeroen kahadean.

9. Tatapi koedoe sing arijatna, eta kakongangan maraneh bisi matak titadjong ka noe hengker.

10. Karana oepama aja djalma nendjo maneh, noe boga kanjaho, keur ngarijoeng dahar di gĕdong brahala, naha ari boedi-rasa djalma noe hengker teh lain bakal katĕgĕran ngahakan noe dikoerbankeun ka brahala?

11. Lamoen kitoe mah doeloer noe hengker teh tiwas koe kanjaho maneh, ari tina sabab eta doeloer Kristoes geus poepoes.

12. Tatapi maraneh, tijap-tijap migawe dosa ka doeloer kitoe pĕtana, djeung ngadjaheutan ka boedi-rasana hengker, ĕnjana mah migawe dosa ka Kristoes.

13. Koe sabab eta, oepama kahakanan matak pititadjongeun doeloer kaoela, eta kaoela teh hamo ngahakan laoek salalanggĕngna, soepaja oelah matak titadjong doeloer kaoela.

PASAL 9.

Naha kaoela teh lain rasoel? Naha kaoela teh lain mĕrdika? Naha kaoela teh lain

geus nendjo Jesoes Kristoes, Goesti oerang? Naha ari maraneh teh lain pagawean kaoela di djĕro Goesti?

2. Kaoela oepama lain rasoel ka djalma sedjen, ari ka maraneh mah geus poegoeh rasoel, sabab tjap karasoelan kaoela nja maraneh di djĕro Goesti.

3. Tah eta kitoe djawab kaoela ka djalma noe ngadongdolek diri kaoela.

4. Naha ari kaoela teh teu kawasa njaratoe-nginoem?

5. Naha ari kaoela teh teu kawasa mamawa pamadjikan, noe kaasoep doeloer, tjara para rasoel noe lijan, sarta tjara saderek Goesti, djeung Kepas?

6. Naha karah ngan kaoela djeung Barnabas bae noe hanteu kawasa ninggalkeun baranggawe teh?

7. Saha noe madjoe pĕrang, ngabalandjaan sorangan? Saha noe ngĕbon anggoer, teu ngahakan boewahna? Atawa saha noe ngangon sagoendoekan sato, teu ngahakan tjisoesoena noe diangon?

8. Kaoela mitjatoer kitoe teh naha sakoemaha bijasa djalma bae? Ari Toret teh lain kitoe keneh oengĕlna?

9. Karana dina Toret Moesa geus dioengĕlkeun kijeu: Sapi keur ngirik gandoem oelah ditjalongtjongan soengoetna. Naha ari Allah teh ngoeroes ka sapi?

10. Atawa noe matak ngandika kitoe teh satĕrangna tina sabab oerang? Nja tina sabab oerang pangajana toelisan, jen anoe ngawoeloekoe, eta ngawoeloekoena koedoe djeung pangarĕp-ngarĕp, kitoe deui anoe noetoe, eta noetoena koedoe ngarĕp-ngarĕp kapoeloekna.

11. Ari kaoela ka maraneh geus njĕbarkeun noe rohani, na koemaha gĕde, lamoen kaoela diboewat barang maraneh djasmani?

12. Lamoen anoe lijan kawasana kitoe ka maraneh, tjing lain komo teuing kaoela? Tatapi eta kawasa koe kaoela teu dipake, anggoer ngawajahnakeun maneh ka saniskara, soepaja kaoela oelah djadi ngahalangan ka Indjil Kristoes.

13. Naha maraneh teu njaho, jen djalma noe njangking gawe dina kabah, eta barangdaharna ti kabah? sarta noe toenggoe altar, eta meunang bagian ti altar?

14. Nja kitoe keneh koe Goesti geus ditangtoskeun, anoe ngoewarkeun Indjil, eta kahiroepanana tina Indjil.

15. Tatapi moenggoeh koe kaoela eta pĕrkara hanteu aja noe dipake. Sarta kaoela pangmitjatoer kitoe teh, teu

pisan-pisan mambrih dilaksanakeun ka diri kaoela; karana mĕnding paeh kaoela teh, ti batan aja noe ngaboeroengkeun ka pamoedji kaoela.

16. Karana ari kaoela ngoewarkeun Indjil teh, teu matak djadi pamoedji ka kaoela, sabab kaoela geus kamistian; tangtoe kaoela pitjilakaeun, lamoen teu ngoewarkeun Indjil mah.

17. Karana lamoen koe kaoela dipilampah sarta soeka, matak meunang gandjaran; sabalikna lamoen djeung teu soeka mah, da kaoela teh geus digadoehan tjangkingan.

18. Ari kitoe mah, naon gandjaran kaoela? Jen kaoela ari ngoewarkeun Indjil, eta Indjil Kristoes teh teu make diongkosan, rehna kaoela teu nijat make kana kawasa kaoela dina Indjil.

19. Kaoela keur mĕrdika ti sakabeh djalma, geus ngoemawoelakeun diri sorangan ka sakabeh djalma, noe dipambrih soepaja kaoela mingkin reja bisa nganoetkeun.

20. Ari ka oerang Jahoedi kaoela geus ngadjadikeun maneh tjara Jahoedi, soepaja kaoela bisa nganoetkeun oerang Jahoedi; ari ka noe di bawah hoekoem Toret, kaoela geus ngadjadikeun maneh tjara noe di bawah hoekoem Toret, (halta diri kaoela mah hanteu di bawah hoekoem Toret), soepaja kaoela bisa nganoetkeun noe di bawah hoekoem Toret.

21. Ari ka djalma noe hanteu Toret mah, kaoela geus ngadjadikeun maneh tjara noe hanteu Toret, (halta kaoela moal hanteu hoekoem Allah mah, ngan tatapi aja dina hoekoem Kristoes), soepaja kaoela bisa nganoetkeun noe hanteu Toret.

22. Ari ka djalma noe hengker kaoela geus ngadjadikeun maneh tjara noe hengker, soepaja kaoela bisa nganoetkeun noe hengker. Ka sakabeh djalma bae kaoela geus djadi kabeh, soepaja kaoela sakadarkadar bisa njalamĕtkeun ka djalma-djalma.

23. Ari lampah kaoela kitoe teh tina sabab Indjil, soepaja kaoela ge kadoeoem Indjil.

24. Naha maraneh teu njaho, jen djalma noe balap dina pangbalapan, eta nja pada loempat kabeh, tatapi noe nampa gandjaran mah ngan hidji? Loempat teh nja moedoe kitoe, sangkan maneh anoe meunang.

25. Djeung ari oenggal djalma noe ngadoe tanaga, njĕgah ka saniskara. Dĕmi eta teh pangarahna makoeta noe keuna roeksak, tatapi ari pangarah oerang mah makoeta noe teu keuna roeksak.

26. Ari lĕbah kaoela mah

loempat teh kitoe, lain tamboeh-tamboeh; kaoela ngadoe tanaga teh kitoe, lain meupeuh angin;

27. Satĕgĕsna kaoela noemboekan ka badan kaoela, sarta disina koemawoela, soepaja kaoela oelah, ari ka noe sedjen ngawoeroek, ari diri sorangan mah pitjeuneun.

PASAL 10.

Sarta kahajang kaoela, eh doeloer-doeloer! maraneh oelah teu njaho, jen karoehoen oerang teh sadajana pada kaoengkoelan koe mega teja, djeung sadajana pada meuntas nĕroes laoet;

2. Kitoe deui sadajana pada dibanjoean ka Moesa, aboes kana eta mega reudjeung kana laoet teja;

3. Malah sadajana pada dahar kadaharan rohani hidji;

4. Sarta sadajana pada nginoem inoeman rohani hidji, karana ngarinoemna tina batoe karang rohani, noe noemoetkeun; dĕmi batoe karang teh nja Kristoes.

5. Tatapi eta teh noe loba mah teu kamanah koe Allah, karana ditarigas di tĕgal lĕga teja.

6. Dĕmi pangdjadina kitoe teh keur toeladan oerang, soepaja oerang oelah rĕsĕp kana lampah kagorengan, sapĕrti eta noe pada mirĕsĕp.

7. Djeung maraneh oelah djadi djalma njĕmbah ka brahala, sapĕrti eta sawareh, tjara noe geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Bangsa teh gek darijoek njatoe-nginoem, geus kitoe narangtoeng soekan-soekan.

8. Djeung oerang teh oelah djinah, sapĕrti eta sawareh lampahna djinah, dĕmi di djĕro sapoë doewa laksa tiloe reboe noe roeboeh paeh.

9. Djeung oerang teh oelah ngadodja ka Kristoes, sapĕrti eta sawareh ngadodja ka andjeunna, heg diparaehan koe oraj.

10. Djeung oelah gĕgĕlĕndĕng, sapĕrti eta sawareh gĕgĕlĕndĕng, heg diparaehan koe poerah ngaroeksak.

11. Ari eta, noe matak kataradjang kitoe teh, keur toeladan; sarta geus ditoeliskeun geusan pangwarah ka oerang, noe kadatangan toengtoeng djaman.

12. Koe sabab kitoe, sahasaha noe boga rasa nangtoeng, mangka ijatna, oelah roeboeh.

13. Maraneh hanteu kadatangan panggoda, ngan anoe geus galib di djalma; ari Allah langkoeng toehoe, moal ngawidian maraneh digoda leuwih tina kakoewatan maraneh, sarta tangtoe maparin djalan ka loewar, baroeng

djeung panggodana, soepaja maraneh djadi tahan.

14. Koe sabab eta, eh kaasih kaoela! koedoe pada njingkiran lampah njĕmbah ka brahala.

15. Kaoela mitjatoer nja ka noe boga pangarti; tjing noe dipitjatoer koe kaoela geura palikiran koe maraneh.

16. Ari loemoer kabĕrkahan, noe dibĕrkahan koe oerang, eta teh lain toenggal reudjeung gĕtih Kristoes? Ari roti, noe disĕmplekan koe oerang, eta teh lain toenggal reudjeung salirana Kristoes?

17. Karana eta roti teh ngan hidji, kitoe deui oerang reja djalma sabadan, sabab oerang sakabeh pada ngadahar eta roti noe hidji teja.

18. Tjoba geura tarendjokeun koe maraneh bangsa Israil noe asal tina daging teja. Ari sakoer djalma noe ngadahar koerban, na eta lain toenggal reudjeung altar?

19. Djadi pitjatoer kaoela teh naon hartina? Ari brahala teh saĕnja-ĕnjana aja naonna? Atawa koerban ka brahala teh saĕnja-ĕnjana aja naonna?

20. Estoena mah, tjatoer kaoela, ari noe dikoerbankeun koe oerang kapir, eta dikoerbankeunana ka setan, lain ka Allah; sarta kahajang kaoela, maraneh oelah toenggal djeung setan.

21. Teu oemoem maraneh nginoem loemoer Goesti sarta loemoer setan ongkoh; teu oemoem maraneh dahar dina medja Goesti sarta dina medja setan ongkoh.

22. Naha oerang rek ngahanakeun ka Goesti? Naha oerang teh karah bĕdas ti batan andjeunna?

23. Kana saniskara kaoela teh kongang, tatapi moal saniskara teh aja mangpaatna; kana saniskara kaoela teh kongang, tatapi moal saniskara teh matak ngadĕgkeun pĕrtjaja.

24. Djalma teh oelah nejangan kaoentoengan sorangan; oenggal-oenggal djalma nja koedoe pada nejangan pikaoentoenganeun batoer.

25. Sakoer noe didjoewal di pangdjagalan, koe maraneh dahar bae, montong ditanjakeun tina sabab boedi-rasa;

26. Karana boemi katoet eusina nja kagoengan Pangeran.

27. Sarta oepama maraneh diondang koe djalma noe teu pĕrtjaja, dĕmi maraneh daek nĕmonan, soesoegoehna dahar bae, montong ditanjakeun tina sabab boedi-rasa.

28. Tatapi oepama aja noe ngomong ka maraneh: Ijeu teh dikoerbankeun ka brahala! papatjoewan dek didahar, tina sabab eta djalma noe moepoelihan ka maraneh, sar-

ta tina sabab boedi-rasa. Karana boemi katoet eusina nja kagoengan Pangeran.

29. Tĕgĕsna noe ditjatoerkeun koe kaoela teh, lain boedi-rasa diri maneh sorangan, nja boedi-rasana eta noe sedjen teja. Karana keur nahaon kakongangan kaoela dioeroes koe boedi-rasana noe sedjen?

30. Sarta lamoen kaoela dahar djeung moedji soekoer, keur nahaon kaoela digogoreng tina sabab barang noe dipoedji-soekoer koe kaoela?

31. Koe sabab kitoe maraneh boh dahar, boh nginoem, boh migawe naon-naon, saniskara dipilampahkeunana teh koedoe djeung nijat ngamoeljakeun ka Allah.

32. Maraneh oelah migawe noe matak titadjong oerang Jahoedi, atawa oerang Joenani, kitoe deui noe matak titadjong garedja Allah;

33. Sapĕrti diri kaoela ge saniskara lampah mambrih pikarĕsĕpeun sakabeh, noe ditejangan lain kaoentoengan sorangan, nja pikaoentoenganeun anoe reja, soepaja pada salamĕt.

PASAL 11.

Masing pada niroe ka kaoela, sapĕrti diri kaoela niroe ka Kristoes.

2. Ari kaoela ngalĕm ka maraneh, eh doeloer-doeloer! rehna maraneh dina sakabeh pĕrkara ngaringĕtkeun ka kaoela, sarta pada ngestokeun atoeran, sakoemaha noe geus diserenkeun koe kaoela ka maraneh.

3. Tatapi kahajang kaoela, koedoe kanjahokeun koe maraneh, jen Kristoes teh sirah sadaja lalaki, ari lalaki sirah awewe, ari Allah sirah Kristoes.

4. Oenggal lalaki, anoe nĕnĕda atawa ngawĕdjang bari ditijoeng sirahna, eta ngahinakeun ka sirahna;

5. Sabalikna oenggal awewe, anoe nĕnĕda atawa ngawĕdjang bari hanteu ditijoeng sirahna, eta ngahinakeun ka sirahna, karana saroewa bae djeung geus ditjoekoer.

6. Karana awewe, lamoen teu make tijoeng mah, koedoe ngagoentingan ramboetna sakali. Tatapi sapedah hina awewe teh digoentingan atawa ditjoekoeran, noe matak koedoe make tijoeng.

7. Karana ari lalaki sirahna oelah make tijoeng, sapedah lalaki teh kanjataan sarta kamoeljaan Allah; tatapi ari awewe mah kamoeljaan lalaki.

8. Sabab lalaki teh pangajana lain ti awewe, ĕnjana mah awewe pangajana ti lalaki.

9. Samalah lalaki teh pangdidjadikeunana lain tina sabab

awewe, ĕnjana mah awewe didjadikeun tina sabab lalaki.

10. Kitoe noe matak awewe teh dina sirahna koedoe make tjiri kapoerba, tina sabab para malaikat.

11. Parandene kitoe ge moal lalaki hanteu djeung awewe, atawa awewe hanteu djeung lalaki, ari di djĕro Goesti mah.

12. Karana sapĕrti awewe teh pangajana ti lalaki, nja kitoe keneh lalaki teh pangajana lantaran awewe; tatapi saniskarana mah ti Allah.

13. Tjoba geura palikiran koe diri maraneh: eta pantĕs di lĕbah awewe, nĕnĕda ka Allah hanteu make tijoeng?

14. Eta maraneh lain diadjar koe adat moepakat, jen lalaki teh matak hina, make boeoek pandjang?

15. Tatapi moenggoeh awewe mah, matak prajoga make boeoek pandjang? Sabab eta teh geus dipaparin boeoek pandjang minangka tijoengna.

16. Tatapi saoepama aja djalma rĕsĕp papadoean, kaoela mah teu baroga adat kitoe, ari sagala garedja Allah pon kitoe keneh.

17. Ari eta teh parentah kaoela, sarta hanteu ngalĕm, jen maraneh koempoelan teh teu matak tambah kahadean, anggoer matak tambah kagorengan.

18. Karana hidji pĕrkara, kaoela ngadenge bedja, satijap-tijap maraneh koempoelan garedja teh, aja kabĕngkahan di maraneh, sarta kaoela pĕrtjaja saparo.

19. Karana nja misti di maraneh aja rĕboetan, sangkan djalma noe balĕnĕr di maraneh djadi katara.

20. Djadi lamoen maraneh koempoelan teja, eta mah lain ngadahar kadaharan Goesti.

21. Sabab waktoe keur dahar oenggal djalma pada moerak kadaharan sorangan ti heula, ari noe hidji kalalempohan, noe hidji deui wareureu.

22. Naha maraneh teu boga imah baris njatoe-nginoem? Atawa maraneh njoemahkeun ka garedja Allah, sarta ngerangera ka noe hanteu boga? Kaoela pingomongeun naon ka maraneh teh? Naha rek ngalĕm ka maraneh? Ari hal kitoe mah kaoela teu pisan ngalĕm ka maraneh.

23. Karana kaoela nampa ti Goesti, anoe koe kaoela diserenkeun ka maraneh teja, nja eta Goesti Jesoes, keur peutingan dihijanat, njandak roti;

24. Ari geus moedji soekoer, ladjĕng disĕmplekan, bari kijeu lahirna: Tampanan, seug dalahar, ijeu teh badan kami, noe disĕmplekan pikeun maraneh; eta koedoe lalampahkeun baris ngingĕtkeun ka kami.

25. Nja kitoe deui njandak loemoer, sanggeus dalahar, bari kijeu lahirna: Ijeu loemoer teh nja eta pĕrdjangdjian anjar dina gĕtih kami; eta koedoe lalampahkeun, saban-saban nginoem, baris ngingĕtkeun ka kami.

26. Karana saban-saban maraneh ngadahar eta roti, sarta nginoem eta loemoer, koedoe njĕboetkeun poepoesna Goesti, nĕpi ka soempingna.

27. Koe sabab kitoe, sahasaha noe ngadahar eta roti, atawa nginoem eta loemoer Goesti, barina hanteu lajak, noe kitoe teh salah ka salira sarta ka gĕtih Goesti.

28. Ari djalma teh koedoe sing njasar diri sorangan, kakara ngadahar tina eta roti, djeung nginoem tina eta loemoer teja.

29. Karana ari noe ngadahar sarta nginoem bari teu lajak mah, eta daharna sarta nginoemna matak meunang hoekoeman, tina sabab teu ngabedakeun ka salirana Goesti.

30. Kitoe noe matak di maraneh teh reja noe hengker djeung noe gĕring, sarta reja noe paeh.

31. Karana oerang saoepama ngahoekoeman diri sorangan mah, moal koengsi dihoekoeman.

32. Dĕmi samangsa oerang dihoekoeman, oerang teh koe Goesti dipĕpĕrih, soepaja oerang oelah koengsi dihoekoem djeung doenja.

33. Koe sabab kitoe, eh doeloer-doeloer kaoela! samangsa maraneh koempoelan rek dahar, koedoe pada ngadagoan batoer.

34. Tatapi oepama aja noe hajang baranghakan mah, koedoe dadaharan di imah bae, soepaja maraneh koempoelan teh oelah djadi matak meunang hoekoeman. Ari pĕrkara sadjaba ti eta, dek dioeroeskeun koe kaoela, dimana kaoela geus datang.

PASAL 12.

Ari moenggoehing pasihan sipat rohani, eh doeloer-doeloer! kahajang kaoela, oelah teu dikanjahokeun koe maraneh.

2. Eta maraneh pada njaho, tadina maraneh teh oerang kapir, pada katarik ka brahala bisoe, sakoemaha bae maraneh ditoengtoen.

3. Koe sabab eta, kaoela mere njaho ka maraneh, taja pisan djalma, ngomong koe Roh Allah, njĕboetkeun Jesoes teh disapa; kitoe deui taja noe bisa njĕboetkeun jen Jesoes teh Goesti, kadjaba koe Roh Soetji.

4. Dĕmi eta aja warnawarna pasihan, tatapi ari Roh mah ngan hidji;

5. Kitoe deui aja warna-warna kadjĕnĕngan, tatapi ari Goesti mah ngan hidji;

6. Djeung aja warna-warna dadamĕlan, tatapi ari Allah mah ngan hidji, noe ngadamĕl saniskara di djĕro sadaja.

7. Dĕmi ka oenggal-oenggal djalma dipaparin kaebrehan Roh, keur pimangpaateun sadaja.

8. Karana aja noe koe Roh dipaparin tjatoer kapintĕran; aja noe dipaparin tjatoer kanjaho, koe Roh eta keneh;

9. Aja noe dipaparin kapĕrtjajaan, koe Roh eta keneh; aja noe dipaparin pasihan bisa njageurkeun, koe Roh eta keneh;

10. Aja noe dipaparin bisa migawe kamatihan; aja noe dipaparin bisa ngawĕdjang; aja noe dipaparin bisa njaho beda-bedana roh; aja noe dipaparin bisa roepa-roepa basa; aja deui noe dipaparin bisa nĕrangkeun basa-basa.

11. Ari eta sakabeh teh didamĕlna koe eta hidji Roh teja, ngadoeoem ka oenggal-oenggal djalma masing-masing doeoemanana, koemaha kĕrsana bae.

12. Karana sapĕrti badan teh hidji, sarta reja anggahotana, djeung sakabeh anggahota eta noe hidji badan teh, nadjan reja, estoena mah ngan sabadan bae, nja kitoe keneh Kristoes.

13. Karana oerang sakabeh, boh Jahoedi, boh Joenani, boh noe koemawoela, boh anoe mĕrdika, geus pada dibanjoean koe Roh hidji, baris djadi badan hidji; sarta oerang sakabeh geus pada diinoeman Roh hidji.

14. Karana ari badan ge lain anggahota hidji bae, nja reja pisan anggahotana.

15. Saoepama tjek soekoe: Aing pedah lain leungeun, teu kaasoep badan; naha eta rehna kitoe ĕnja teu kaasoep badan?

16. Sarta oepama tjek tjeuli: Aing pedah lain panon, teu kaasoep badan; naha eta rehna kitoe ĕnja teu kaasoep badan?

17. Oepama lamoen badan sakoedjoer teh panon, pangroengoena aja di mana? Oepama lamoen badan sakoedjoer teh pangroengoe, pangamboengna aja di mana?

18. Dĕmi ajeuna anggahota teh koe Allah geus pada dipĕrnahkeun, hidji-hidjina aja dina badan, koemaha noe geus dikĕrsakeun.

19. Oepama lamoen eta sakabehna hidji anggahota bae, badanna aja di mana?

20. Dĕmi ajeuna anggahota nja reja pisan, tapina ngan hidji badan.

21. Sarta panon teu oemoem lemek ka leungeun: Aing teu koedoe make maneh; kitoe deui sirah teu oemoem

lemek ka soekoe: Aing teu koedoe make maneh.

22. Anggoeranan anggahota badan noe dikira hengker, nja eta noe pĕrloe teja mah;

23. Sarta noe koe oerang dikira jen teu pati aja kahormatna, eta noe leuwih pisan koe oerang nja dihormatna teh; djeung ari noe hina anggahota oerang, eta liwat-saking koe oerang nja dipoesti-poesti;

24. Tatapi anggahota oerang noe aja kahormatna mah, eta teh teu koedoe-koedoe. Ari Allah ngadamĕlna badan teh, ka anggahota bangsa handap maparinkeun kahormatan leuwih,

25. Soepaja dina badan oelah aja kabĕngkahan, sarta anggahota sing saroewa pada silih-gĕtenan.

26. Djeung deui oepama hidji anggahota aja kanjĕrina, eta sakabeh anggahota pada toeroet njĕri; oepama hidji anggahota dimoeljakeun, eta sakabeh anggahota pada toeroet boengah.

27. Ari maraneh teh nja saliraning Kristoes, sarta masing-masing pada anggahotana.

28. Djeung deui Allah geus ngĕrsakeun djalma sawareh di garedja, kahidji rasoel, kadoewa nabi, katiloe goeroe; geus kitoe noe aja kamatihan, geus kitoe noe aja pasihan bisa njageurkeun, noe toetoeloeng, noe ngareh, noe ngomong basa roepa-roepa.

29. Naha eta rasoel kabeh? Naha eta nabi kabeh? Naha eta goeroe kabeh? Naha eta aja kamatihan kabeh?

30. Naha eta kabeh boga pasihan bisa njageurkeun? Naha eta kabeh bisa ngomong roepa-roepa basa? Naha eta kabeh bisa nĕrangkeun?

31. Ari maraneh koedoe pada mikarĕp pasihan noe panghadena; sarta kaoela ka maraneh rek noedoehkeun djalan noe leuwih oetama keneh.

PASAL 13.

Sanadjan kaoela bisa ngomong sagala basa manoesa djeung malaikat, lamoen teu boga kanjaahan mah, kaoela teh saibarat bĕnde ngoengkoeng, atawa gĕnta ngeleneng.

2. Djeung sanadjan kaoela bisa ngawĕdjang, djeung njaho ka saniskara noe gaib sarta ka saniskara elmoe; djeung sanadjan kaoela boga sakabeh kapĕrtjajaan, wani datang ka mindahkeun goenoeng, lamoen teu boga kanjaahan mah, kaoela teh teu koema-koemaha.

3. Djeung sanadjan kaoela njidĕkahkeun sakabeh babandaan kaoela ka noe mariskin; djeung sanadjan kaoela masrahkeun badan kaoela ma-

singna dihoeroe, lamoen teu boga kanjaahan mah, teu matak mangpaat ka kaoela.

4. Ari kanjaahan teh nja sabar, nja wĕlasan; kanjaahan teh teu sirik-pidik; kanjaahan teh teu kamagoengan, teu agoel;

5. Hanteu milampah noe teu pantĕs, teu nejangan kaoentoengan sorangan, teu panasan ati, teu ngingĕt-ngingĕt kagorengan,

6. Hanteu boengah koe kadorakaan, boengah teh koe kajaktian;

7. Kanjaahan teh mindingan saniskara, pĕrtjaja saniskara, ngarĕp-ngarĕp saniskara, ngawajahnakeun maneh kana saniskara.

8. Ari kanjaahan teh teu keuna euweuh salalawasna; tatapi moenggoeh piwĕdjang mah, mĕngke dieuweuhkeun; ari basa-basa teh, mĕngke eureun; ari kanjaho teh, mĕngke dieuweuhkeun.

9. Karana kanjaho oerang ngan saeutik-eutikeun, kitoe deui ngawĕdjang oerang ngan saeutik-eutikeun;

10. Tatapi samangsa geus datang noe sampoerna mah, didinja noe saeutik-eutikeun teh dileungitkeun.

11. Keur mangsa kaoela boedak, ngomong kaoela koemaha bijasa boedak, mikir kaoela koemaha bijasa boedak, ngira-ngira kaoela koemaha bijasa boedak; dĕmi kaoela geus gĕde, lampah kaboedakan teh dipitjeun.

12. Karana ajeuna teh oerang nendjo kana kasaoeran mĕlĕngmĕng dina sadjĕroning eunteung, dĕmi di dinja mah adoe-hareupan; ari ajeuna kaoela njaho teh ngan saeutik-eutikeun, dĕmi di dinja mah kaoela bakal njaho sakoemaha tjara diri kaoela kaoeninga.

13. Dĕmi ajeuna noe tĕtĕp mah kapĕrtjajaan, pangarĕp-ngarĕp sarta kanjaahan, eta noe tiloe teh; ari noe pangoentjoelna nja kanjaahan.

PASAL 14.

Masing pada ngobrek kana kanjaahan, djeung masing pada mikarĕp kana pasihan rohani, mistina pisan mikarĕp teh soepaja maraneh bisa ngawĕdjang.

2. Karana ari noe ngomong koe basa lijan, ngomongna teh lain ka djalma, ĕnjana mah ka Allah, sabab hanteu aja noe ngaharti; dĕmi eta teh koe roh ngomong rasijah.

3. Tatapi ari noe ngawĕdjang mah, ngomongna teh ka djalma, baris ngadĕgkeun pĕrtjaja, sarta mamatahan djeung ngalilipoer.

4. Ari noe ngomong koe basa lijan, ngadĕgkeun pĕrtjaja dirina; tatapi ari noe nga-

wĕdjang mah, ngadĕgkeun pĕrtjaja garedja.

5. Kaoela teh panoedjoe, lamoen maraneh kabeh pada ngomong koe basa lijan, tatapi leuwih panoedjoe, lamoen maraneh pada ngawĕdjang. Sabab anoe ngawĕdjang mah, leuwih ti noe ngomong koe basa lijan, kadjaba lamoen ditĕrangkeun, soepaja ka garedja matak ngadĕgkeun pĕrtjaja.

6. Dĕmi ajeuna, eh doeloer-doeloer! saoepama kaoela datang ka maraneh, ngomong koe basa lijan, eta kaoela ngamangpaatan naon ka maraneh teh, ari ngomong teu kalawan ngebrehkeun, atawa kanjaho, atawa piwĕdjang, atawa piwoeroek mah?

7. Tjatjakan barang teu njawaan, noe disada, boh soeling, boh katjapi, oepama teu ganti-ganti sorana, koemaha dek pinjahoëun anoe disoelingkeun atawa noe dikatjapikeun?

8. Sanadjan tarompet oge, oepama disadana hanteu poegoeh, saha rek pidangdaneun kana pĕrang?

9. Nja kitoe keneh maraneh, oepama maraneh hanteu mere omongan tĕrang koe lantaran basa, koemaha dek pikahartieunana eta noe dipiomong teh? Maraneh ana kitoe mah, sasat ngomong ka angin.

10. Sakitoe pirang-pirang warna basa di doenja, sarta sahidji ge taja noe hanteu oeni.

11. Djadi lamoen kaoela hanteu njaho dina karĕpna basa, eta kaoela koe pangangkĕn noe ngomong djalma sedjen nagara; kitoe deui eta noe ngomong, koe pangangkĕn kaoela djalma sedjen nagara.

12. Nja kitoe keneh maraneh, sapedah pada mikarĕp kana pasihan rohani, noe matak koedoe sing mambrih maraneh soepaja leuwih pisan nja ngadĕgkeun garedja.

13. Koe sabab eta, sahasaha noe ngomong koe basa lijan, koedoe nĕnĕda, moegi sing bisa nĕrangkeun.

14. Karana oepama kaoela nĕnĕda koe basa lijan, nja roh kaoela nĕnĕda, tatapi ari akal kaoela hanteu hasil.

15. Tjing pedah kitoe koedoe koemaha? Kaoela dek nĕnĕda kalawan roh, sarta dek nĕnĕda kalawan akal ongkoh; kaoela dek poepoedjian kalawan roh, sarta dek poepoedjian kalawan akal ongkoh.

16. Lamoen teu kitoe mah, saoepama maneh moedji soekoer teh kalawan roh bae, ari ninggang di djalma bodo, koemaha rek ngaaminan ka pamoedji soekoer maneh, rehna hanteu ngartieun ka noe dipiomong koe maneh?

17. Karana ari pamoedji

soekoer maneh teh nja bĕnĕr, tatapi pĕrtjajana eta noe sedjen hanteu kaadĕgkeun.

18. Kaoela moedji soekoer ka Allah kaoela, rehna kaoela teh ngomong basa-basa, reja ti batan maraneh sakabeh;

19. Tatapi ari di koempoelan, kaoela anggoer dek ngomong lima kĕtjap kalawan akal kaoela, sangkan kaoela ngawoeroek ka noe sedjen, ti batan ngomong salaksa kĕtjap koe basa lijan mah.

20. Eh doeloer-doeloer! oelah djadi boedak moenggoeh dina akal; nja djadi boedak teh dina kagorengan, ari moenggoeh dina akal mah sing pada djadi gĕde.

21. Dina Toret geus dioengĕlkeun kijeu: Ari timbalan Pangeran: Kami bakal ngandika ka ijeu bangsa koe djalma noe sedjen basana, sarta koe biwir sedjen; nadjan kitoe ge moal bakal ngagaroegoe ka kami teh.

22. Nandakeun ari basa lijan teh minangka tjitjiren, lain pikeun djalma noe pĕrtjaja, ĕnjana mah pikeun djalma noe teu pĕrtjaja; tatapi ari piwĕdjang mah minangka tjitjiren lain pikeun djalma noe teu pĕrtjaja, ĕnjana mah pikeun djalma noe pĕrtjaja.

23. Saoepama sagaredja koempoel kabeh, geus kitoe pada ngomong koe basa lijan, seug aja djalma bodo atawa noe teu pĕrtjaja asoep, eta naha lain bakal njĕboetkeun jen maraneh teh sasar?

24. Sabalikna oepama kabeh ngawĕdjang, seug aja djalma noe teu pĕrtjaja atawa noe bodo asoep, eta teh dingĕtan koe sakabeh, sarta dihoekoeman koe sakabeh;

25. Ari barang gaib noe dina hatena djadi katara, geus kitoe tangtoe broek njoeoeh, soedjoed ka Allah, sarta bari njĕboetkeun jen satĕmĕnna Allah teh aja di maraneh.

26. Tjing doeloer-doeloer, pedah kitoe koedoe koemaha? Samangsa maraneh koempoelan, oenggal-oenggal djalma aja noe boga djaboer, aja noe boga piwoeroek, aja noe boga basa lijan, aja noe boga wahjoe, aja noe boga katĕrangan: saniskara dipilampahkeunana teh sing baris ngadĕgkeun pĕrtjaja.

27. Satijap-tijap aja noe ngomong koe basa lijan, koedoe koe doewaan, rejana tiloean, sarta piligĕnti; djeung deui koedoe aja hidji djalma noe nĕrangkeun.

28. Sarta oepama hanteu aja noe nĕrangkeun mah, eta koedoe repeh bae di koempoelan teh; nja ngomong teh ka dirina sarta ka Allah.

29. Ari moenggoeh di nabi, ngomong koedoe doewaan

atawa tiloean, ari noe sadjaba ti dinja koedoe nimbang-nimbang.

30. Sarta oepama ka noe sedjen, noe dijoek di dinja, dipaparin wahjoe, eta noe ti heula teh koedoe repeh.

31. Karana maraneh sadaja bisa goenta-ganti nja ngawĕdjang teh, soepaja sakabeh pada kawoeroek, djeung sakabeh pada kalilipoer.

32. Ari roh nabi-nabi eta teh noeroet ka nabi.

33. Karana ari Allah teh lain Allah kakoesoetan, estoena mah Allah karoentoetan; eta kitoe di sakabeh garedja djalma saroetji.

34. Ari awewe dina koempoelan koedoe repeh; sababna hanteu kawidian ngomong; dipastikeun koedoe noeroet; malah dawoeh Toret ge pon kitoe.

35. Sarta oepama hajangeun diadjar naon-naon, koedoe di imahna bae nanja ka salakina; sabab teu pantĕs awewe teh ngomong dina koempoelan.

36. Naha karah pangandika Allah teh bidjilna ti maraneh? Atawa datangna naha ngan ka maraneh bae?

37. Tijap-tijap aja djalma boga rasa djadi nabi, atawa kapandjingan Roh, eta geura ngakoekeun, jen ijeu beunang njoeratkeun kaoela ka maraneh teh, estoe timbalan Goesti.

38. Tatapi satijap-tijap aja djalma noe teu boga kanjaho mah, sing hanteu boga kanjaho.

39. Koe sabab eta, eh doeloer-doeloer! sing pada mikarĕp bisa ngawĕdjang, sarta ari moenggoeh pĕrkara ngomong koe basa lijan, oelah dihoelag.

40. Tatapi saniskara dipilampahkeunana teh koedoe djeung kapantĕsan sarta djeung parele.

PASAL 15.

Djeung deui, eh doeloer-doeloer! kaoela ka maraneh nganjahokeun Indjil, noe koe kaoela dioewarkeun ka maraneh teja, noe geus ditarima koe maraneh, djeung ditĕtĕpan koe maraneh,

2. Sarta lantaran maraneh salamĕt, kitoe soteh lamoen koe maraneh diestokeun sakoemaha eta noe koe kaoela dioewarkeun ka maraneh; kadjaba lamoen gaplah maraneh pĕrtjaja teh.

3. Karana hidji pĕrkara kaoela geus njerenkeun ka maraneh, nja anoe geus katampa koe diri kaoela, jen Kristoes teh pangpoepoesna pikeun dosa oerang, noeroetkeun oenina Kitab;

4. Sarta andjeunna geus dikoerĕbkeun, kitoe deui andjeunna geus ditanghikeun di

poë noe katiloe, noeroetkeun oenina Kitab;

5. Djeung deui andjeunna geus katendjo koe Kepas, geus kitoe koe moerid noe doewa wĕlas teja.

6. Geus kitoe andjeunna katendjo koe doeloer leuwih lima ratoes, barĕng sapisan, dĕmi eta anoe loba masih keneh aja ajeuna, ari noe sawareh mah geus ninggal.

7. Geus kitoe andjeunna katendjo koe Jakoboes, geus kitoe koe para rasoel sadaja.

8. Panganggeusan ti sakabeh andjeunna katendjo nja koe diri kaoela, kawas koe noe oetjoet ngora.

9. Karana kaoela teh para rasoel panghinana, noe teu pantĕs disĕboet rasoel, tina sabab kaoela satadina nganijaja ka garedja Allah.

10. Tatapi kaoela noe matak djadi sakijeu teh, nja koe sih-koernija Allah; sarta ari sih-koernijana ka kaoela teh, hanteu pisan gaplah, boektina kaoela geus digawe leuwih pisan ti batan eta noe sakabeh; tatapi lain diri kaoela, estoena mah sih-koernija Allah, anoe njarĕngan ka kaoela.

11. Djadina boh diri kaoela, boh eta teja, nja kitoe kaoela pada ngoewarkeun teh, sarta nja kitoe maraneh geus pada pĕrtjaja.

12. Koe sabab eta, lamoen Kristoes teh dioewarkeun, jen geus ditanghikeun ti noe paraeh, na koemaha di maraneh tjarek noe sawareh mah, jen ari noe paeh teh teu hoedang?

13. Lamoen anoe paeh hanteu hoedang mah, Kristoes ge moal ĕnja ditanghikeun.

14. Sarta lamoen teu ĕnja Kristoes teh geus ditanghikeun, pangoewaran kaoela teh gapong, sarta kapĕrtjajaan maraneh ge gapong;

15. Malah-malah ari kitoe mah kaoela pada kapanggih saksi Allah teh paralsoe, tina sabab kaoela geus pada mĕrtelakeun Allah, jen andjeunna geus nanghikeun Kristoes, padahal hanteu ditanghikeun teh, lamoenna ĕnja anoe paeh hanteu dihoedangkeun.

16. Karana lamoen anoe paeh hanteu dihoedangkeun mah, Kristoes ge moal ĕnja ditanghikeun.

17. Sarta lamoen teu ĕnja Kristoes teh geus ditanghikeun, kapĕrtjajaan maraneh teh gaplah, eta maraneh masih keneh aja dina dosa maraneh;

18. Malah-malah anoe geus maot di djĕro Kristoes ge, ari kitoe mah pada tjilaka.

19. Oepama oerang ngarĕpngarĕp ka Kristoes teh ngan hiroep saajeunaeun bae, eta oerang tangtoe djadi pangka-

balangsakna ti djalma sakabeh.

20. Dĕmi ajeuna Kristoes ĕnggeus ditanghikeun ti noe paraeh teh, djadi tjikal sakoer djalma noe maraot.

21. Karana tina sabab aja maot teh lantaran sahidji manoesa, noe matak aja deui hoedangna djalma maraot lantaran sahidji manoesa.

22. Karana sapĕrti djalma sakabeh teh pada paeh di djĕro Adam, nja kitoe keneh sakabeh bakal pada dihiroepan di djĕro Kristoes.

23. Tatapi hidji-hidji djalma sapanta-sapantana; ari tjikalna teh Kristoes, sanggeusna ti dinja anoe djadi kagoengan Kristoes, mĕngke waktoena soemping.

24. Geus kitoe beh panoengtoengan, mangsa andjeunna njanggakeun karadjaan ka Allah Rama; mangsa andjeunna geus ngaleungitkeun sagala kapangkatan, sarta sagala kapoerbaan djeung kawasa.

25. Karana andjeunna dikĕrsakeun djoemĕnĕng radja, datang ka sakabeh moesoehmoesoehna geus diteundeun dina handapeun dampalna.

26. Ari moesoeh panganggeusan noe dileungitkeun teh, nja eta maot.

27. Karana saniskara geus ditaloekkeun dina handapeun dampalna. Tatapi lamoen ngandika, jen saniskara geus ditaloekkeun, geus tetela dingkarkeun anoe naloekkeun saniskara ka andjeunna.

28. Dĕmi samangsa saniskara ka andjeunna geus taloek teh, tidinja Poetra koe andjeun ge taloek ka noe naloekkeun saniskara ka andjeunna teja, soepajana Allah teh djadi sakabeh di djĕro sadaja.

29. Ari teu kitoe mah, na koemaha lampah djalma noe dibanjoean adjang anoe paeh teja? Lamoen anoe paeh poegoeh hanteu dihoedangkeun mah, keur nahaon eta dibanjoean adjang anoe paeh teh?

30. Malah kaoela ge keur nahaon oenggal-oenggal wantji pada kakĕpoeng balahi bae?

31. Dĕmi pamoedji, kaboga kaoela tina sabab maraneh di djĕro Kristoes Jesoes, Goesti oerang: oenggal poë teh kaoela paeh!

32. Ari kaoela di nagara Epesoes geus taroeng djeung sato galak teh, koemaha bijasa djalma, eta naon mangpaatna ka diri kaoela? Lamoen anoe paeh hanteu dihoedangkeun mah, hajoe oerang njatoenginoem, karana isoekan oerang teh paeh!

33. Poma oelah sarasab! Omong-omongan goreng teh sok ngaroeksak ka adat hade.

34. Geura pada njaring pi-

kir djeung sabĕnĕr-bĕnĕrna, sarta oelah njarijeun dosa. Karana noe sawareh mah hanteu boga kanjaho ka Allah. Kaoela pangmitjatoer kitoe teh ka maraneh sangkan era.

35. Tatapi soegan aja noe ngomong kijeu: Koemaha pipĕtaeunana anoe paeh dihoedangkeun? sarta ari daratang, roepa badan teh koemaha?

36. Ih noe boeroeng! anoe disĕbarkeun koe maneh, moal hiroep, lamoen tatjan paeh mah.

37. Sarta noe disĕbarkeun koe maneh, eta maneh njĕbarkeun teh lain badan noe mangke djadi, ĕnjana mah ngan siki woengkoel, oepamana tarigoe atawa sapapadana.

38. Ari Allah maparin badan ka dinja koemaha noe geus dikĕrsakeun, dĕmi ka hidji-hidji siki maparin sabadan-sabadanna sorangan.

39. Ari sakabeh daging teh lain daging saroepa bae; karana sedjen daging manoesa, sedjen daging sato, sedjen daging laoek, sedjen daging manoek.

40. Djeung deui aja badan sipat sawarga, sarta aja badan sipat boemi; tatapi sedjen kamoeljaan badan sipat sawarga, sedjen kamoeljaan badan sipat boemi.

41. Sedjen kamoeljaan panon-poë, sedjen kamoeljaan boelan, sedjen kamoeljaan bentang-bentang; karana bentang teh beda kamoeljaanana djeung bentang deui.

42. Nja tjara kitoe hal hoedangna djalma noe paeh teja. Ari badan noe disĕbarkeun teh keuna roeksak; ana dihoedangkeun mah teu keuna roeksak.

43. Ari noe disĕbarkeun teh hina, ana dihoedangkeun mah moelja; ari noe disĕbarkeun teh apĕs, ana dihoedangkeun mah santosa.

44. Ari noe disĕbarkeun teh badan sipat djasmani, ana dihoedangkeun mah badan sipat rohani. Eta aja badan sipat djasmani, sarta aja badan sipat rohani.

45. Katĕroesan koe noe geus dioengĕlkeun dina Kitab, nja kijeu: Ari Adam, manoesa mimiti teh, geus djadi njawa hiroep; dĕmi Adam wĕkasan mah, geus djadi roh ngahiroepkeun.

46. Tatapi noe ti heula mah, lain anoe sipat rohani, ĕnjana anoe sipat djasmani; sanggeusna kitoe anoe sipat rohani.

47. Ari manoesa noe mimiti teja asalna tina boemi, bakoena teh taneuh; dĕmi manoesa noe kadoewa mah, nja Goesti ti sawarga.

48. Sakoemaha eta noe tina taneuh teja, nja kitoe sakoer anoe tina taneuh; djeung deui

sakoemaha eta noe ti sawarga teja, nja kitoe sakoer anoe ti sawarga.

49. Djeung sapĕrti oerang geus pada make roepana eta noe tina taneuh teja, nja kitoe oerang mangke pada make roepana eta noe ti sawarga teja.

50. Tatapi ijeu teh kaoela mitjatoer, eh doeloer-doeloer! ari daging djeung gĕtih mah teu bisaeun ngamilik kana karadjaan Allah, sarta ari noe sipat keuna roeksak mah moal pingamilikeun ka sipat teu keuna roeksak.

51. Geura ijeu rĕgĕpkeun, kaoela ka maraneh ngabedjakeun rasijah, nja eta oerang teh moal bakal maot sakabeh, tatapi oerang kabeh bakal pada disalin;

52. Dina sakolebat mangsa, dina sakitjeup mata, waktoe sangkakala panganggeusan. Karana sangkakala teh bakal njowara, seug noe paraeh dihoedangkeun djeung teu keuna roeksak, sarta ari oerang mah disalin.

53. Karana ijeu noe keuna roeksak teh koedoe make teu keuna roeksak, sarta ijeu noe keuna paeh teh koedoe make teu keuna paeh.

54. Djeung samangsa ijeu noe keuna roeksak teh geus make teu keuna roeksak, sarta ijeu noe keuna paeh teh geus make teu keuna paeh, didinja teh boekti pilahir noe dina Kitab teja: Maot teh geus dileungitkeun, kalindih koe oenggoel.

55. Eh maot, na di mana ajeuna panjeureud maneh? Eh naraka, na di mana ajeuna oenggoel maneh?

56. Dĕmi panjeureud maot teja, nja eta dosa, sarta ari kamatihan dosa teh, nja eta hoekoem.

57. Tatapi soekoer ka Allah, noe maparin oenggoel ka oerang koe lantaran Goesti oerang Jesoes Kristoes!

58. Koe sabab kitoe, eh doeloer-doeloer kaasih kaoela! koedoe pada sing pĕngkoeh, sing teu keuna obah, sarta salawasna sing leuwih gĕtol dina padamĕlan Goesti, sapedah pada njaho, panggawe maraneh teh hanteu gaplah di djĕro Goesti.

PASAL 16.

Ari moenggoehing pĕrkara ngoempoelkeun doewit pikeun djalma saroetji teja, - tjara parentah kaoela ka sagala garedja di Galata, nja lĕbah maraneh ge moedoe pada milampah kitoe.

2. Dina saban-saban ahad, maraneh oenggal-oenggal djalma moedoe pada ngampihan doewit saeutik di imah, pĕpĕrĕnian sakadar pahasila-

nana, soepaja oelah koengsi, dimana kaoela geus datang, kakara pek ngoempoelkeun doewit teh.

3. Ari samangsa kaoela geus datang, djalma noe koe maraneh dikira pibalĕnĕreun, koe kaoela dek dititah dibahanan soerat, baris mawa sidĕkah maraneh ka Jĕroesalem.

4. Sarta lamoen oetama, kaoela mijang pribadi, eta teh bakal mijang babarĕngan djeung kaoela.

5. Ari kaoela bakal ngadatangan ka maraneh, dimana geus ngadjadjah tanah Makĕdoni; karana kaoela dek ngadjadjah tanah Makĕdoni.

6. Tatapi kaoela lamoen parĕng dek tjitjing di maraneh sakeudeung, atawa satoengtoeng oesoem tiris, soepaja maraneh ngadjadjapkeun kaoela ka noe rek didjoegdjoeg.

7. Karana kaoela ajeuna teu rek manggihan maraneh bari ngaliwat, ari pangharĕpan kaoela hajang rada lila nja tjitjing di maraneh teh, kitoe soteh lamoen aja paidin Goesti.

8. Tatapi kaoela aja di Epesoes teh nĕpi ka poë Pĕntekosta;

9. Sabab kaoela geus dipangboekakeun hidji panto nja gĕde, toer pohara, sarta reja pisan noe ngalawan.

10. Dimana datang Timoteoes, maraneh sing hade-hade, waktoe di maraneh oelah aja pikasijeuneun eta, karana eta teh ngalampahkeun padamĕlan Goesti, nja tjara diri kaoela.

11. Manana oelah aja noe tjoewa ka dinja teh; anggoer koe maraneh djadjapkeun sarta djeung kasĕnangan, soepaja datang ka kaoela; karana kaoela ngadago datangna djeung doeloer-doeloer.

12. Ari moenggoehing Apollos saderek, sangĕt pisan dipepenta koe kaoela, moegi kĕrsaeun njoempingan ka maraneh njarĕngan ka doeloer-doeloer, tatapi teu pisan kĕrsaeun njoempingan ajeuna, bakal njoempingan teh dimana parĕngna.

13. Maraneh sing pada njaring, sing pada koekoeh dina pĕrtjaja, sing pada lalaki, sing pada pĕrkosa.

14. Sakabeh pĕrkara maraneh dipilampahkeunana teh koedoe djeung kanjaahan.

15. Sarta kaoela aja panĕda ka maraneh, eh doeloer-doeloer: maraneh pada njaho ka saeusi-imah Sĕtepanas, jen eta teh tjikal tanah Ahaja, sarta geus pada ngabakoekeun dirina koemawoela ka djalma saroetji;

16. Eta maraneh sabalikna moedoe pada noeroet ka noe kitoe teh, djeung ka sakoer

noe ngabantoe sarta milampah gawe.

17. Kaoela teh boengah, rehna kadatangan Sĕtepanas djeung Portoenatoes djeung Ahaikoes, sabab eta teh geus djadi gaganti maraneh ka kaoela.

18. Karana geus pada njĕnangkeun roh kaoela djeung roh maraneh. Manana maraneh moedoe ngangkĕn ka noe kitoe teh.

19. Ari sagala garedja di Asia ngirim salam ka maraneh. Ari Akila djeung Priskila ngirim salam ka maraneh di djĕro Goesti, kitoe deui garedja noe di boemina.

20. Sadajana doeloer-doeloer ngirim salam ka maraneh. Maraneh moedoe silih-bere salam make panjijoem soetji.

21. Ijeu teh kaoela mere salam ka maraneh, sarta ditoelis koe leungeun pribadi, Paoeloes.

22. Lamoen aja djalma hanteu njaah ka Goesti Jesoes Kristoes, eta sing disapa; Maran-ata!

23. Moegi-moegi sih-koernija Goesti Jesoes Kristoes njarĕngan ka maraneh.

24. Ari kanjaahan kaoela ngareudjeungan ka maraneh sadaja di djĕro Kristoes Jesoes. Amin.

IJEU SĔRAT KADOEWA TI RASOEL PAOELOES

KA OERANG KORINTA.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Paoeloes, rasoel Jesoes Kristoes, koe pangĕrsa Allah, djeung ti Timoteoes saderek, doematĕng garedja Allah di nagara Korinta, reudjeung ka sadajana djalma saroetji, noe aja di sakoeriling tanah Ahaja:

2. Moegi-moegi maraneh pada dipaparin sih-koernija reudjeung kasĕnangan ti Allah, Rama oerang, sarta ti Goesti Jesoes Kristoes!

3. Sagala poedji ka Allah, Rama Goesti oerang Jesoes Kristoes, nja Rama sakoer kawĕlasan, sarta Allah sagala panglilipoer,

4. Noe ngalilipoer ka kaoela sadjĕroning sakabeh kasoekĕran kaoela, soepaja kaoela pada bisa ngalilipoer ka sa-

koer djalma noe aja sadjĕroning roepa-roepa kasoekĕran, koe lantaran panglilipoer, noe dianggo koe Allah ngalilipoer ka diri kaoela.

5. Karana sapĕrti sangsaraning Kristoes rosa pisan di kaoela, nja kitoe keneh kalipoeran kaoela teh rosa pisan koe lantaran Kristoes.

6. Dĕmi kaoela teja, bagija disoesoekĕr, eta nja pigeusaneun kalipoeran sarta kasalamĕtan maraneh, matak koewat dina ngawawakeun kasangsaraan, saroewa pisan djeung noe disorang koe diri kaoela keneh; bagija kaoela teh dililipoer, eta nja pigeusaneun kalipoeran sarta kasalamĕtan maraneh.

7. Sarta ari pangarĕp-ngarĕp kaoela teh pageuh ka hal maraneh, rehna kaoela pada njaho, jen maraneh sapĕrti miloe kana sangsara, nja kitoe keneh miloe kana panglilipoer.

8. Karana kahajang kaoela, eh doeloer-doeloer! maraneh oelah teu njaho kana kasoekĕran kaoela, noe geus naradjang ka kaoela keur di Asia, jen kaoela teh kaliwatsaking nja kasoesahan, wani ngoengkoelan kakoewatan, datang ka kaoela geus njamarkeun hiroep.

9. Ari kaoela teh di djĕro hate estoe geus asa dihoekoem pati bae, soepaja kaoela oelah ngandĕl ka diri sorangan, koedoena teh ngandĕl ka Allah, noe jasa ngahoedangkeun anoe paeh.

10. Noe geus ngaleupaskeun kaoela tina paeh sakitoe angĕtna, djeung masih keneh ngaleupaskeun teh, sarta kaoela ngarĕp-ngarĕp andjeunna mĕngke ngaleupaskeun deui ka kaoela,

11. Rehna maraneh ge pada ngabantoe ka kaoela koe panĕnĕda; nja soepaja reja djalma maroedji soekoer tina sabab kaoela, koe tina pasihan noe geus dipaparinkeun ka kaoela lantaran panĕda reja djalma.

12. Karana pamoedji kaoela teh kijeu: nja pĕrtelaan boedirasa kaoela, jen kaoela loemampah di doenja teh, soemawonna di maraneh, djeung langsar hate sarta djeung kabĕrĕsihan ti Allah; hanteu make kapintĕran daging, make teh sih-koernija Allah.

13. Karana kaoela njoeratan teh ka maraneh hanteu geseh djeung noe diwatja, sarta djeung noe ditarimakeun koe maraneh; ari pangharĕpan kaoela, eta teh bakal ditarimakeun koe maraneh nĕpi ka panoengtoengan,

14. Nja sapĕrti maraneh saparo geus narimakeun ka kaoela, jen kaoela teh pamoedji maraneh, tjara maraneh pa-

moedji kaoela, dina poëan Goesti Jesoes.

15. Tina sabab boga pangandĕl sakitoe, noe matak kaoela bareto dek ngadatangan ka maraneh heula, soepaja maraneh mindo meunang sih-koernija.

16. Pasĕdjaan kaoela teh, mangkat ka Makĕdoni djalan ka nagara maraneh, ari ti Makĕdoni balik deui ka maraneh, toeloej koe maraneh didjadjapkeun ka Joedea.

17. Ari mangsa kaoela aja angkanan kitoe, naha kaoela teh ngalalaworakeun? atawa kaoela satijap-tijap aja angkanan, naha angkanan teh noeroet sabijasa daging, soepaja kaoela teh sakapeung ĕnja, sakapeung hanteu?

18. Kaoela njĕboetkeun dĕmi Allah noe langkoeng toehoe, ari omongan kaoela ka maraneh teu pisan sakapeung ĕnja, sakapeung hanteu.

19. Karana ari Poetra Allah, Jesoes Kristoes, noe koe kaoela geus dioewarkeun di maraneh, nja koe kaoela, djeung Silwanoes, djeung Timoteoes, eta teh lain sakapeung ĕnja, sakapeung hanteu, saestoena geus djadi ĕnja di djĕro andjeunna.

20. Karana sakabehna pĕrdjangdjian Allah, di djĕro andjeunna teh ĕnja, sarta di djĕro andjeunna teh amin, pikeun kamoeljaan Allah, koe lantaran kaoela.

21. Dĕmi anoe nĕtĕpkeun kaoela barĕng maraneh di djĕro Kristoes teh, sarta noe geus ngalisahan kaoela, nja eta Allah,

22. Noe ngĕtjap ongkoh ka kaoela, sarta dina hate kaoela geus maparin pamandjĕr, tĕgĕsna Roh.

23. Tatapi kaoela nĕda saksi Allah kana njawa kaoela, ari kaoela, noe matak tatjan datang ka Korinta teja, bawaning karoenja ka maraneh.

24. Lain pisan kaoela teh ngeunakeun kawasa ka kapĕrtjajaan maraneh, estoena mah ngabantoe njijeun kaboengahan maraneh; karana maraneh teh tĕgĕr dina kapĕrtjajaan.

PASAL 2.

Tatapi kaoela geus nangtoekeun dina pikir, moal rek ngadatangan deui ka maraneh djeung kanalangsaan.

2. Karana lamoen kaoela nganalangsakeun ka maraneh, saha atoeh anoe pingaboengahkeuneun ka kaoela, kadjaba eta noe geus dinalangsakeun koe kaoela?

3. Sarta kaoela noe matak njoeratan ka maraneh kitoe teja, soepaja kaoela, dimana datang, oelah meunang nalangsa ti eta, noe bĕnĕrna matak ngaboengahkeun ka

kaoela, sarta pangandĕl kaoela ka maraneh sakabeh, jen kaboengahan diri kaoela, eta nja kaboengahan maraneh sakabeh.

4. Karana kaoela njoeratan teja ka maraneh djeung bangĕt nja kasoekĕran sarta karoepĕkan hate, bari reja ragragan tjimata, lain malar maraneh nalangsa, noe dipalar teh soepaja pada nganjahokeun kana kanjaahan, noe liwat-leuwih di diri kaoela ka maraneh.

5. Sabalikna lamoen aja noe njijeun nalangsa, eta nganalangsakeunana teh lain ka diri kaoela, ĕnjana mah nganalangsakeun sakadar (soepaja kaoela oelah ngabeuratkeun ka dinja) ka maraneh sakabeh.

6. Geus tjoekoep ka noe kitoe teh siksaan, noe ditĕrapkeun ka dinja koe djalma noe reja;

7. Manana sabalikna maraneh anggoer ngahampoera sarta ngalilipoer ka dinja, soepaja eta noe kitoe teh oelah datang ka kalĕlĕban, tina katjida teuing kanalangsaanana.

8. Koe sabab eta, kaoela mamagahan ka maraneh, koedoe pada ngajakinkeun kanjaahan ka dinja.

9. Dalah nja kitoe noe matak kaoela geus njoeratan ka maraneh, hajang njaho dina kaestoean maraneh, eta maraneh dina sagala pĕrkara noeroet hanteuna.

10. Ari saha-saha noe dihampoera naon-naon koe maraneh, eta koe kaoela dihampoera deui. Karana kaoela ge, satijap-tijap geus ngahampoera naon-naon, eta kaoela ngahampoera teh nja tina sabab maraneh, di pajoeneun Kristoes, soepaja setan teh oelah aja beubeunangan ti oerang;

11. Sabab oerang teh hanteu samar dina pakarĕpanana.

12. Ari keur mangsa kaoela datang ka Troas baris ngoewarkeun Indjil Kristoes, kaoela teh dipangboekakeun panto di djĕro Goesti, dĕmi kaoela taja kamarasan hate, tina sabab teu papanggih djeung Titoes saderek;

13. Geus kitoe kaoela sasalaman, toeloej mijang ka Makĕdoni.

14. Tatapi soekoer ka Allah, noe salawasna masihan oenggoel ka kaoela di djĕro Kristoes, sarta nganjatakeun seungiting kanjaho ka andjeunna dina oenggal-oenggal ĕnggon, koe lantaran kaoela.

15. Karana kaoela teh ka Allah baoe seungit ti Kristoes, nja di djalma noe djadi salamĕt, sarta di noe djadi tjilaka;

16. Ari ka noe pandeuri kaoela teh baoening paeh mawa kana paeh, dĕmi ka noe ti heu-

la mah baoening hiroep mawa kana hiroep. Djeung saha anoe bisa kana eta pĕrkara?

17. Karana kaoela teh lain tjara noe reja, ngadagangkeun pangandika Allah; satĕgĕsna ti kabrĕsihan, sarta sakoemaha noe ti Allah, di pajoeneun Allah, ditjatoerkeunana teh koe kaoela di djĕro Kristoes.

PASAL 3.

Naha kaoela teh mimiti mihade deui diri? Atawa kaoela teh naha koedoe tjara noe sawareh, make soerat katĕrangan ka maraneh, atawa soerat katĕrangan ti maraneh?

2. Ari soerat kaoela teh nja maraneh, geus ditoelis dina hate kaoela, katangen djeung diwatja koe sakabeh djalma;

3. Sapedah maraneh geus katara, jen maraneh teh soerat Kristoes, beunang njijeun lantaran pangabdi kaoela, toelisna lain koe mangsi, istoening koe Roh Allah noe djoemĕnĕng, lain dina papan batoe, istoening dina papan hate bangsa daging.

4. Ari kaoela noe matak boga pangandĕl sakitoe teh ka Allah, lantaran Kristoes.

5. Lain pisan kaoela teh bisa koe sorangan mikir-mikir kitoe kijeu kawas ti diri sorangan, ĕnjana mah kabisaan kaoela teh ti Allah.

6. Nja andjeunna keneh noe geus ngabisakeun kaoela teh djadi poerah njangking pĕrdjangdjian anjar, lain njangking aksara, estoena mah Roh; karana ari aksara teh maehkeun, tatapi ari Roh mah ngahiroepkeun.

7. Sarta lamoen pagawean njangking paeh, noe kalawan aksara, beunang ngoekir dina batoe, ĕnggeus boga kamoeljaan, datang ka oerang Israil teu kadaroegaeun mĕntjrong ka pameunteu Moesa, tina kamoeljaan pameunteuna, noe geus tangtoe dileungitkeun:

8. Tjing, lain komo teuing pagawean njangking Roh teh boga kamoeljaan?

9. Karana lamoen pagawean njangking hoekoeman teh ĕnggeus boga kamoeljaan, geus komo teuing pagawean njangking kabĕnĕran kalangkoeng pisan kamoeljaanana.

10. Samalah eta noe geus dimoeljakeun teh, moenggah hanteu moelja dina salĕbah ijeu mah, tina sabab kamoeljaan ijeu teh kalangkoeng pisan.

11. Karana lamoen eta noe dileungitkeun teja boga kamoeljaan, geus komo teuing anoe tĕtĕp mah boga kamoeljaan.

12. Ari tina sabab kaoela boga pangarĕp-ngarĕp kitoe teh, noe matak kaoela rosa pisan nja kaloedeungan;

13. Hanteu tjara Moesa, pameunteuna nganggo ditjindoeng, soepaja oerang Israil oelah malĕntjrong ka panoengtoengan eta noe dileungitkeun teja.

14. Tatapi pikiran eta djalma-djalma geus diteuaskeun; karana nĕpi ka poë ajeuna eta tjindoeng teh aja dina ngadjina Pĕrdjangdjian Lawas, hanteu koengsi diboeka, ari dileungitkeunana koe Kristoes.

15. Tatapi nĕpi ka poë ajeuna, satijap-tijap kitab Moesa diadji, eta teh hatena katjindoengan.

16. Dĕmi dimana geus tobat ka Goesti, eta tjindoeng teh dilaan.

17. Ari Goesti teh nja Roh teja; sarta di mana aja Roh Goesti, nja di dinja teh kamĕrdikaan.

18. Dĕmi oerang sakabeh, tina nendjo kana kamoeljaan Goesti sapĕrti dina eunteung, reudjeung beungeut teu ditjindoeng, pada disalin sakoemaha roepa eta, ti kamoeljaan madjoe kana kamoeljaan, nja tina lantaran Roh Goesti.

PASAL 4.

Koe sabab eta, sapedah kaoela baroga tjangkingan kitoe, tina sih-piwĕlas noe geus dipaparinkeun ka kaoela, eta kaoela hanteu djadi leutik hate;

2. Saestoena mah kaoela teh geus pada mitjeun lalampahan soempoet-salindoeng noe matak kaeraan, loemampah teh teu make kadjoeligan, atawa ngarobahkeun pangandika Allah, satĕgĕsna teh lantaran ngebrehkeun kajaktian kaoela nembongkeun kahadean sorangan ka boedirasa sakabeh djalma, di pajoeneun Allah.

3. Sarta oepama Indjil kaoela katjindoengan, eta katjindoenganana teh ka sakoer noe djadi tjilaka,

4. Tĕgĕs djalma teu pĕrtjaja, noe geus pada dilolongkeun pikir koe batara ijeu doenja, soepaja oelah katodjo koe njaangkeunana Indjil kamoeljaan Kristoes, noe djadi kanjataan Allah.

5. Karana kaoela lain ngoewarkeun diri sorangan, noe dioewarkeun teh Jesoes Kristoes, jen djoemĕnĕng Goesti, ari moenggoeh diri kaoela mah ngawoela ka maraneh tina sabab Jesoes.

6. Karana Allah, noe geus nimbalan tjaang teh ngagĕbjar tina djĕro poëk teja, nja eta noe geus ngagĕbjar dina djĕro hate kaoela, pikeun njaangkeun koe kanjaho kana kamoeljaan Allah dina pameunteu Jesoes Kristoes.

7. Tatapi kaoela boga radjabrana sakitoe teh, aja dina

wadah sipat taneuh, soepaja kagĕdean kawasa teh ti Allah, lain ti diri kaoela.

8. Ari kaoela teh pada disoesoekĕr dina saniskara lampah, tatapi hanteu kasĕdĕkkeun; pada kasoesahan, tatapi hanteu bingoeng;

9. Pada dikanijaja, tatapi hanteu dikadjeunkeun; pada dibeubeutkeun, tatapi hanteu roeksak;

10. Salawasna kaoela pada ngoekoendang poepoesna Goesti Jesoes dina djĕro badan kaoela, soepaja hiroepna Jesoes kitoe keneh kaboekti dina badan kaoela.

11. Karana kaoela, noe hiroep teh, salalawasna pada disĕrahkeun kana maot tina sabab Jesoes, soepaja hiroepna Jesoes kitoe keneh kaboekti dina daging kaoela noe keuna paeh.

12. Djadi maot anoe moerba ka diri kaoela, ari hiroep mah moerba ka maraneh.

13. Tatapi sapedah kaoela saroewa boga roh kapĕrtjajaan, sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Kaoela pĕrtjaja, koe sabab kitoe kaoela ngomong, - noe matak kaoela ge pĕrtjaja, koe sabab kitoe kaoela teh ngomong;

14. Rehna pada njaho, ari noe geus nanghikeun Goesti Jesoes, tangtoe ngahoedangkeun deui diri kaoela koe lantaran Jesoes, sarta ngadjogokeun kaoela barĕng maraneh di pajoeneunana.

15. Sabab eta sakabeh pĕrkara teja pangdjadina keur paedah maraneh, soepaja sihkoernija noe geus liwat-langkoeng teh, woewoeh tambah tina lantaran pamoedji soekoer djalma loba, pikeun kamoeljaan Allah.

16. Koe sabab kitoe kaoela teh hanteu djadi leutik hate; sanadjan diri badag noe kaoela diroeroeksak ge, ari diri lĕmboet mah dianjarkeun bae oenggal-oenggal poë.

17. Karana kasoekĕran kaoela noe hampang, sarta ngan saliwat bae lilana, ngajakeun ka kaoela teh kamoeljaan moetoeh pisan koe beurat, sarta nja langgĕng;

18. Sapedah kaoela hanteu nilik kana barang noe katendjo, nilik teh kana barang noe hanteu katendjo; karana barang noe katendjo teh teu awet, tatapi ari barang noe teu katendjo mah langgĕng.

PASAL 5.

Karana kaoela pada njaho, lamoen ijeu saoeng, pangtjitjingan kaoela di boemi teh, diroewag, kaoela boga adĕgan ti Allah, nja imah lain beunang njijeun koe leungeun, istoening langgĕng, ajana di sawarga.

2. Sabab kaoela dina saoeng ijeu teh sok roemahoeh, bawaning hajang dirangkĕpan koe piimaheun kaoela anoe ti sawarga.

3. Da tangtoe kaoela teh pada kasondong make, moal kasondong ditarandjang.

4. Karana kaoela, noe aja dina saoeng ijeu teh, sok roemahoeh, koe bawaning beurat rarasaan, rehna hajang oelah ditjoetjoelan, kahajang teh dirangkĕpan, soepajana noe keuna paeh teh leungit kalindih koe hiroep.

5. Ari noe geus njadijakeun kaoela baris pikitoeëun teh, nja Allah, noe maparin ongkoh ka kaoela pamandjĕr, tĕgĕsna Roh teja.

6. Djadi kaoela teh salawasna gĕde hate, sarta pada njaho, jen kaoela, pedah ngaroengroeng dina djĕro badan, noe matak teu ngaroengroeng di Goesti;

7. Karana kaoela loemakoe teh kalawan kapĕrtjajaan, lain kalawan nendjo.

8. Tatapi kaoela pada gĕde hate, sarta leuwih soeka ka loewar tina badan, ngaroengroeng di Goesti.

9. Noe matak kaoela teh, boh ngaroengroeng di djĕro, boh ngaroengroeng di loewar, pada sarĕgĕp pisan, soepaja pikamanaheun koe Goesti.

10. Sabab oerang sakabeh mangke koedoe pada boekti di pajoeneun korsi pangadilan Kristoes, soepaja hidji-hidji djalma nampa anoe geus dipigawe koe badan, koemaha bae lampahna, boh hade, boh goreng.

11. Koe sabab eta, sapedah kaoela njaho, jen Goesti teh pikasijeuneun, kaoela pada ngoepah-ngoepah ka djalma sina pĕrtjaja; ari Allah langkoeng waspaos ka kaoela teh, sarta pangharĕpan kaoela boedi-rasa maraneh ge kitoe deui waspada.

12. Karana kaoela lain mihade deui diri ka maraneh, ĕnjana mah kaoela ka maraneh mere sabab geusan moedji koe hal kaoela, soepaja maraneh boga keur ngadjawab ka djalma noe sok moedji bangsa lahir, hanteu moedji bangsa batin.

13. Karana ari kaoela sasar, nja tina sabab Allah; ari kaoela bĕnĕr ingĕtan, nja tina sabab maraneh.

14. Karana kaoela teh kabawakeun koe kaasihan Kristoes,

15. Rehna pamikir kaoela teh kijeu: lamoen hidji djalma paeh, nalangan ka sakabeh, eta hoekoemna geus pada paeh kabeh. Dĕmi andjeunna noe matak poepoes nalangan ka sakabeh, nja soepaja sakoer anoe hiroep, ka hareupna oelah hiroep pikeun sora-

ngan deui, hiroep teh koedoe pikeun eta noe geus poepoes sarta ditanghikeun keur pimangpaateun sakabeh.

16. Koe sabab kitoe, kaoela ti ajeuna ka saha oge hanteu njaho sakoemaha bijasa daging; djeung sanadjan tadina kaoela ka Kristoes teh njaho sakoemaha bijasa daging, parandene ajeuna mah kaoela geus teu njaho kitoe ka andjeunna.

17. Djadi lamoen djalma aja di djĕro Kristoes, nja eta teh mahloek anjar; ari noe heubeul teh geus toeloej, tah singsarwa geus djadi anjar.

18. Ari eta saniskarana teh ti Allah, noe geus ngarapihkeun oerang djeung salira andjeunna koe lantaran Jesoes Kristoes, sarta ka kaoela geus maparin kadjĕnĕngan ngoewarkeun karapihan teja.

19. Karana Allah di djĕro Kristoes geus ngarapihkeun doenja djeung salira andjeunna, ari dosa-dosana hanteu ditanggoengkeun ka darinja, sarta andjeunna geus neundeunan pangandika hal karapihan teja ka diri kaoela.

20. Djadi kaoela teh piwarangan ngawakilan Kristoes, sasat Allah ngelingan lantaran kaoela; kaoela nĕda-nĕda ngawakilan Kristoes: maraneh geura sing daek dirapihkeun djeung Allah.

21. Ari eta, noe teu pisan oeningaeun di dosa teh, koe Allah geus didamĕl dosa keur pimangpaateun oerang, soepaja oerang djadi kabĕnĕran Allah di djĕro andjeunna.

PASAL 6.

Ari kaoela, noe ngabantoe kana padamĕlan, pada ngingĕtan deui ka maraneh: poma oelah gaplah nja nampa sihkoernija Allah teh!

2. Sabab ari pangandikana: Dina mangsa kagĕnahan kami geus ngamakboel ka maneh, sarta dina poë kasalamĕtan kami geus noeloeng ka maneh. Tah nja ajeuna mangsa kagĕnahan teh, tah nja ajeuna poë kasalamĕtan teh!

3. Ari kaoela teh sapĕrkara oge teu pisan migawe matak titadjong djalma, soepaja kadjĕnĕngan oelah katjawad.

4. Saestoena mah kaoela dina saniskara lampah nembongkeun kahadean sorangan, koemaha bae abdi Allah, nja dina gĕde kasabaran, dina kasangsaraan, dina kasoesahan, dina karoepĕkan,

5. Dina dirangket, dina diberok, dina karoesoehan, dina migawe, dina njaring, dina poewasa,

6. Dina kabrĕsihan, dina kanjaho, dina kasarehan, dina kawĕlasan, dina Roh Soetji,

dina kanjaahan noe taja palsoena,

7. Dina pangandika kajaktian, dina kawasaning Allah; koe pakarang kabĕnĕran di kentja-katoehoe,

8. Koe kahormatan djeung kahinaan, koe bedja goreng djeung bedja hade; tjara djalma noe ngagĕlo, padahal saestoena;

9. Tjara noe teu kanjahoan, padahal kanjahoan pisan; tjara noe sakarat, tatapi saĕnjana mah kaoela hiroep; tjara noe dilara-lara, padahal teu dipaehkeun;

10. Tjara noe prihatin, halta boengah saĕndĕng-ĕndĕng; tjara noe miskin, halta ngabeungharkeun djalma loba; tjara noe teu boga naon-naon, padahal boga saniskara.

11. Ĕh oerang Korinta! soengoet kaoela ngangah ka maraneh, ari hate kaoela geus djadi lĕga.

12. Maraneh hanteu sĕsĕk di djĕro kaoela, sĕsĕk soteh di djĕro hate maraneh sorangan.

13. Soepaja pamalĕsna nandingan, (kaoela mitjatoer kitoe teh reh ka anak kaoela), maraneh ge sing ngalĕgaan hate maraneh!

14. Oelah rek make sedjen pasangan djeung djalma noe teu pĕrtjaja. Karana nahaon karah salajeutna kabĕnĕran djeung kadorakaan? Sarta nahaon satoenggalna tjaang djeung poëk?

15. Nahaon pĕkĕtna Kristoes djeung Belial? Sarta nahaon doeoemanana anoe pĕrtjaja djeung noe teu pĕrtjaja?

16. Djeung deui nahaon saroewana kabah Allah djeung brahala? Karana maraneh teh nja kabah Allah noe djoemĕnĕng, sakoemaha noe geus diandikakeun koe Allah kijeu: Kami bakal linggih sarta ngidĕr di tĕngaheun eta teh, sarta kami bakal Allahna, ari eta bakal oemat kami.

17. Koe sabab kitoe, geura baridjil ti dinja, bari marisahkeun maneh, timbalan Pangeran, djeung oelah njarabak anoe nadjis, seug kami teh bakal ngangkĕn ka maraneh,

18. Sarta kami piramaeun maraneh, ari maraneh bakal anak kami lalaki djeung anak kami awewe, kitoe timbalan Pangeran, anoe langkoeng kawasa.

PASAL 7.

Koe sabab eta, sapedah oerang boga pĕrdjangdjian kitoe, eh kaasih kaoela! hajoe oerang pada ngabĕrĕsihan diri sorangan tina sakabeh sipat karĕgĕdan dina daging sarta dina roh, sing antek njoetjikeun diri kalawan sijeun koe Allah.

2. Kaoela bere piĕnggo-

neun! Ari kaoela teh ka djalma hidji ge teu pisan migawe salah, ka djalma hidji ge teu pisan ngaroeksak, ti djalma hidji ge teu pisan ngarah hasil.

3. Kaoela pangmitjatoer kitoe teh lain sĕdja ngahoekoeman; kapan tjarek kaoela tadi ge, jen maraneh aja dina hate kaoela, baris paeh reudjeung, hiroep reudjeung.

4. Kaoela rosa pisan kaloedeungan ka maraneh, kaoela rosa pisan moedji tina sabab maraneh; kaoela pinoeh koe kalipoeran, kaoela kaliwatlangkoeng nja boengah dina sakabeh kasoekĕran kaoela.

5. Karana mangsa kaoela geus datang ka Makĕdoni ge, awak kaoela hanteu aja kamarasanana, nja ngan disoesoekĕr bae kaoela teh dina saniskara: ari di loewar aja pĕpĕrang, ari di djĕro mah rarempan.

6. Tatapi Allah, noe ngalilipoer ka noe rĕndah ati, geus ngalilipoer ka kaoela koe datangna Titoes;

7. Sarta lain koe datangna woengkoel, malah djeung koe panglilipoer, noe geus djadi lantaran Titoes kalipoeran tina hal maraneh, rehna ka kaoela njaritakeun maraneh hajang pisan didatangan koe kaoela, djeung kahoemarĕgoengan maraneh, sarta kagĕtenan maraneh ka kaoela, noe matak kaoela woewoeh pisan nja boengah.

8. Karana sanadjan kaoela nganalangsakeun ka maraneh koe soerat teja, kaoela teu kadoehoeng, sadalah tadina kadoehoeng; sabab katendjo koe kaoela, jen eta soerat teh geus nganalangsakeun ka maraneh, nadjan sakeudeung ge.

9. Dĕmi ajeuna mah kaoela boengah, lain koe sabab maraneh geus nalangsa, ĕnjana koe sabab maraneh nalangsa mawa kana pĕrtobat, karana maraneh nalangsa teh tĕroes djeung pangĕrsa Allah, soepaja maraneh dina sapĕrkara ge oelah karoegian koe kaoela.

10. Sabab ari kanalangsaan noe tĕroes djeung pangĕrsa Allah teh ngadjadikeun pĕrtobat noe taja pikadoehoengeunana, noengtoen kana kasalamĕtan; tatapi ari kanalangsaan doenja mah ngadjadikeunana teh paeh.

11. Geuning eta pĕrkara, jen maraneh nalangsa tĕroes djeung pangĕrsa Allah teh, aja sakitoe njijeunna kasarĕgĕpan di djĕro maraneh! nja mere katĕrangan, nja teu soedi, nja sijeun, nja hajang papanggih, nja gĕten, nja njiksa: maraneh dina saniskara geus nandakeun diri maraneh teh bĕrĕsih dina eta pĕrkara.

12. Djadi kaoela pangnjoeratan teh ka maraneh, lain

tina sabab djalma noe ngalakonan kasalahan teja, kitoe deui lain tina sabab djalma noe geus kasorang koe kasalahan; ari noe dipambrih, soepaja kagĕtenan maraneh ka kaoela boekti di maraneh, di pajoeneun Allah.

13. Kitoe noe matak kaoela pada kalipoeran koe tina kalipoeran maraneh. Sarta kaoela mingkin angot nja boengah tina kaboengahan Titoes, pedah manahna geus kasĕnangkeun koe maraneh sakabeh.

14. Karana ari kaoela geus moedji maraneh ka Titoes teh, sapĕrkara ge kaoela teu kawirangan; ĕnjana mah sapĕrti kaoela geus njatoerkeun sakabeh ka maraneh djeung sajaktina, nja kitoe deui pamoedji kaoela ka Titoes teh, geus kaboekti.

15. Sarta beuki tambah tjitĕrĕsna ka maraneh, ana ras elingeun ka pangesto maraneh sakabeh, datang ka ditarima koe maraneh kalawan sijeun sarta ngagidir.

16. Kaoela teh boengah, rehna kaoela dina saniskara bisa kĕndĕl tina hal maraneh.

PASAL 8.

Sanggeusing kitoe, eh doeloer-doeloer! kaoela ka maraneh nganjahokeun sihkoernija Allah, noe geus dipasihkeun ka sagala garedja di Makĕdoni,

2. Jen keur kataradjang reja-reja tjotjoba kasoekĕran, eta teh bawaning koe liwatleuwih boengahna, nadjan rosa kamalaratan ge, gĕde pisan merena, djadi soegih kabalabahanana.

3. Karana saestoena omongan kaoela, eta teh merena tina kasoekaan sorangan, sakadar kakoewatanana, malahmalah ngoengkoelan kakoewatanana;

4. Sarta pada nĕnĕda ka kaoela bari omat-omatan, moegi ditampa sidĕkahna sarta ngabantoena toetoeloeng ka djalma saroetji teja.

5. Sarta lain sapangharĕpan kaoela bae, samalah pada njanggakeun dirina sakoedjoer ka Goesti heula, geus kitoe ka kaoela, koe pangĕrsa Allah.

6. Noe matak kaoela mĕrĕdih ka Titoes, soepaja, tjara ngamimitian bareto teja, sina di maraneh ge kitoe deui nganggeuskeun eta pĕrkara sidĕkah.

7. Ari maraneh, sapedah oentjoel dina saniskara, nja dina pĕrtjaja, djeung dina piwoeroek, djeung dina kanjaho, djeung dina saroepaning kagĕtolan, kitoe deui dina kanjaahan maraneh ka diri kaoela, tjing atoeh dina ijeu sidĕkah ge masing oentjoel.

8. Ari kaoela mangmitjatoer kitoe teh lain marentah, ĕnjana mah hajang njoba kaestoeanana kanjaahan maraneh koe lantaran kagĕtolan anoe sedjen.

9. Karana maraneh geus pada njaho sih-koernija Goesti oerang Jesoes Kristoes, jen andjeunna keur beunghar ngadjadi miskin baris ngamangpaatan maraneh, soepaja maraneh teh pada djadi beunghar koe lantaran kamiskinan Goesti.

10. Sarta kaoela mere pitoedoeh dina ijeu pĕrkara; karana eta teh matak hasil ka maraneh, rehna maraneh geus ngamimitian ti taoen ka toekang, lain kana ngalampahkeunana bae, samalah kana nijat oge maraneh noe ti heula.

11. Dĕmi ajeuna tjing geura anggeuskeun ngalampahkeunana oge, soepaja, sapĕrti geus aja soeka hate boga nijat teja, nja kitoe keneh aja nganggeuskeunana sakadar kaboga maraneh.

12. Karana lamoen geus aja soeka hate mah, djalma dimanah teh sakadar bogana, lain sakadar teu bogana.

13. Sabab pamalar teh lain soepaja anoe sedjen enteng, ari maraneh mah ripoeh;

14. Ngan darapon papak, dina mangsa ajeuna kaleuwihan maraneh moedoe njoekoep kakoerangan itoe, soepaja kaleuwihan itoe kitoe deui pinjoekoepeun kakoerangan maraneh, sangkan djadi papak;

15. Sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Ari noe geus moeloeng loba, hanteu leuwih, anoe saeutik hanteu koerang.

16. Djeung deui soekoer ka Allah, noe dina manah Titoes geus maparin kagĕtenan ka maraneh saroewa keneh;

17. Karana geus njawawikeun ka pamĕrĕdih kaoela, tatapi tina sabab leuwih gĕtenna, mijang ka maraneh teh soekana sorangan.

18. Djeung kaoela geus nitahan barĕngan Titoes hidji doeloer, noe dipoedji dina hal Indjil koe sakabeh garedja;

19. Sarta lain sakitoeëun bae, malah-malah eta teh beunang milih sakabeh garedja, pibatoereun kaoela loemakoe dina ijeu hal sidĕkah, noe dioeroeskeun koe kaoela pikeun kamoeljaan salira Goesti, sarta pikeun nandakeun kasoekaan diri kaoela;

20. Tina sabab kaoela dek njingkiran, bisi aja noe ngangaranan ka kaoela tina lantaran ijeu karosaan arta, noe dioeroeskeun koe kaoela:

21. Karana kaoela milampahkeun noe hade teh lain di pajoeneun Goesti bae, ma-

lah di hareupeun djalma ge pon kitoe keneh.

22. Djeung deui kaoela geus nitahan barĕngan eta teh, hidji doeloer kaoela, noe geus rĕmĕn pisan sarta dina reja pĕrkara ditjoba koe kaoela, kapanggih jen gĕten, dĕmi mangsa ajeuna beuki tambah kagĕtenanana, tina gĕde pangandĕlna ka maraneh.

23. Ari moenggoehing Titoes teh, nja batoer kaoela, sarta pangbantoe dina pagawean kaoela ka maraneh; ari moenggoehing eta doeloer-doeloer kaoela teja, nja titahan garedja, sarta pada djadi kamoeljaan Kristoes.

24. Manana koedoe pada ngaboektikeun ka darinja tandaning kanjaahan maraneh, kitoe deui pamoedji kaoela tina hal maraneh, di hareupeun sagala garedja.

PASAL 9.

Karana ari pĕrkara toetoeloeng ka djalma saroetji teja, montong koengsi koe kaoela ditjatoerkeun ka maraneh dina soerat;

2. Sabab kaoela njaho dina kasoekaan maraneh, noe djadi matak maraneh dipoedji koe kaoela ka oerang Makĕdoni, jen Ahaja teh geus sadija ti taoen ka toekang; sarta kagĕtolan maraneh geus ngĕprok ka djalma loba.

3. Ari noe matak kaoela nitahan eta doeloer-doeloer teh, sangkan pamoedji kaoela tina hal maraneh teja oelah kagaplahkeun dina salĕbah ijeu teh, soepaja maraneh sadija, koemaha pitjatoer kaoela noe tadi;

4. Karana, saoepama aja oerang Makĕdoni miloe djeung kaoela, kapanggih maraneh teu sadija, bisi kaoela meunang wirang, (teu dek njĕboetkeun maraneh), da geus aja pamoedji sakitoe tĕtĕgna.

5. Koe sabab kitoe, kaoela boga rasa pĕrloe mĕrĕdih ka eta doeloer-doeloer arindit ti heula ka maraneh, sina ngoeroeskeun heula bĕrkah maraneh noe didjangdjikeun bareto, soepaja sadija, sing sakoemaha bĕrkah, oelah sapĕrti noe mitjik.

6. Ari ijeu teh kaoela mitjatoer: Satijap-tijap noe njĕbarkeun sarta misit, eta diboewatna tangtoe misit deui; ari satijap-tijap noe njĕbarkeun sarta balabah mah, eta diboewatna tangtoe balabah deui.

7. Oenggal-oenggal djalma mere teh sing sakoemaha tjopna dina hate, oelah djeung ngoeloewoet, atawa rasa kapaksa; sabab Allah asih ka djalma noe mere djeung soeka hate.

8. Ari Allah teh langkoeng kawasa ngaleuwihkeun sakoer

sih-koernija ka maraneh, soepaja maraneh salawasna pada tjoekoep saniskara dina sakabeh naon-naon, noe matak maraneh bisa leuwih kana sagala panggawe hade;

9. Sakoemaha noe geus dioengĕlkeun dina Kitab kijeu: Eta geus ngawoerkeun, barangbere ka noe mariskin; kabĕnĕranana tĕtĕp salalanggĕngna.

10. Dĕmi anoe maparin binih ka noe njĕbarkeun, djeung roti baris hakaneun, nja eta noe bakal maparin binih ka maraneh sarta ngarĕkahkeunana, djeung ngadjadikeun boeboewahan kabĕnĕran maraneh,

11. Noe matak maraneh pada soegih dina saniskara, baris milampah sagala kabalabahan, noe ngajakeun soekoer ka Allah, koe lantaran kaoela.

12. Sabab eta lampah toetoeloeng teh lain noetoepan bae kana kaboetoeh djalma saroetji, samalah djadi leuwih pisan koe reja pamoedji-soekoer ka Allah:

13. Sapedah koe kaestoeanana toetoeloeng teh, eta pada ngamoeljakeun ka Allah, tina sabab maraneh naloekkeun pangakoe maraneh kana Indjil Kristoes, sarta tina kabalabahanana pangmere maraneh ka eta djeung ka sakabeh,

14. Kitoe deui koe mangnĕdakeunana ka maraneh, bari pada hajang papanggih djeung maraneh, tina kalangkoenganana sih-koernija Allah ka maraneh.

15. Soekoer ka Allah, tina sabab pasihan Allah noe taja tjatoerkeuneunana!

PASAL 10.

Djeung deui kaoela nĕnĕda ka maraneh, tina bawaning kasarehan djeung sih-piwĕlas Kristoes, nja kaoela Paoeloes pisan, noe rĕndah ana keur djonghok di maraneh, tatapi wani ka maraneh ana keur djaoeh:

2. Ari panĕda kaoela teh, moegi kaoela, ana keur djonghok, oelah koengsi wani kalawan kakĕndĕlan, noe sĕdja kaoela dek dipake kawanian ka djalma sawareh, noe ngirakeun kaoela pada loemampah teh noeroet daging.

3. Karana kaoela, sanadjan loemampah di djĕro daging ge, pĕrang teh hanteu noeroet daging:

4. Sabab ari pakarang kaoela paragi pĕrang, lain pakarang daging, istoening matih ti Allah, baris ngaroeboehkeun benteng-benteng.

5. Djadi kaoela teh ngaroeboehkeun pamikir, kitoe deui sagala dingding, noe ngadingding kana kanjaho ka Allah,

djeung sakabeh pikiran koe kaoela dibojong kana kaanoetan ka Kristoes;

6. Sarta kaoela geus sadija, dek njiksa ka sakoer pamoengpang, dimana pangnoeroet maraneh geus datang ka antekna.

7. Naha maraneh teh nilik kana roepa lahir? Lamoen aja djalma ngangkeuhkeun dirina kagoengan Kristoes, eta sing mikir deui ti soranganana nja kijeu, sapĕrti manehna kagoengan Kristoes, kaoela ge pon kitoe keneh kagoengan Kristoes.

8. Karana sanadjan kaoela rada angĕt ti kitoe nja moedji maneh koe hal kawasa noe koe Goesti geus dipaparinkeun ka kaoela baris ngadĕgkeun maraneh, lain baris ngaroeboehkeun, kaoela teh moal kawiwirangan;

9. Soepaja kaoela oelah sĕmoe hajang ngareureuwas ka maraneh koe soerat.

10. Karana tjek aromongna, ari soeratna teh ĕnja gĕde eusina sarta rarosa, tatapi ari djonghokna badan mah hengker, sarta omonganana matak ngewa.

11. Ari djalma noe kitoe teh masing ngingĕtkeun, sakoemaha kaoela dina omongan koe soerat, eukeur djaoeh, eta kaoela keur djonghok nja kitoe sarta saĕnja-ĕnjana.

12. Karana kaoela teu wani ngabilangkeun atawa ngabandingkeun diri kaoela ka djalma sawareh, noe sok moedji diri sorangan; dĕmi eta teh, pedah ngoekoerkeun maneh ka dirina, djeung ngabandingkeun maneh ka sorangan, tetela jen teu ngarti.

13. Tatapi kaoela mah teu rek moedji maneh liwat ti pawatĕsan; nja noeroet pawatĕsan oekoeran, noe koe Allah geus dipantjenkeun djadi pawatĕsan kaoela, soepaja kaoela ka maraneh oge nĕpi.

14. Karana kaoela teu ngahontal-hontalkeun maneh, kawas noe teu nĕpi ka maraneh: mapan ĕnggeus kaoela datang ka maraneh teh djeung Indjil Kristoes.

15. Djadi kaoela moedji maneh teh hanteu liwat pawatĕsan, teu ngakoe ka pagawean noe sedjen, tatapi kaoela boga pangharĕpan, lamoen kapĕrtjajaan maraneh geus ngagĕdean, kaoela teh bakal digĕdekeun liwat-saking di maraneh, sakoemaha nĕpina kana oekoeran kaoela,

16. Baris ngoewarkeun Indjil madjoe deui ka beh ditoeëun maraneh, lain baris moedji maneh, ngakoe ka noe anggeus di sadjĕro oekoeran noe sedjen.

17. Dĕmi anoe moedji, eta moedjina teh moedoe tina hal Pangeran.

18. Karana lain djalma noe moedji diri sorangan, nja noe dipoedji koe Pangeran, anoe bĕnĕr tamah.

PASAL 11.

Tjing atoeh maraneh wajahnakeun kaboeroengan kaoela saeutik! Nja meureun wajahna oge ka kaoela.

2. Karana kaoela goemati ka maraneh kalawan goematining Allah; sabab kaoela geus ngareremokeun maraneh ka hidji lalaki, hajang ngahatoerkeun landjang bĕrĕsih ka Kristoes.

3. Tatapi kaoela risi, sapĕrti Hawa kagĕndam koe oraj teja, palangsijang tjara kitoe pikir maraneh geus dilĕlĕbar, njingkir tina kalangsaran ka Kristoes.

4. Karana saoepama aja djalma datang, ngoewarkeun Jesoes sedjen, lain noe geus dioewarkeun koe kaoela, atawa saoepama maraneh nampa Roh sedjen, lain noe geus katampa koe maraneh, atawa Indjil sedjen, lain noe geus ditarima koe maraneh, eta koe maraneh meureun diwajahnakeun bae.

5. Karana rasa kaoela, naonnaon oge kaoela hanteu dentjeng ti eta rasoel noe paroendjoel teh.

6. Sanadjan kaoela dina ngomong teu binangkit, moenggoehing dina kanjaho mah moal; ari kaoela dina sakabeh pĕrkara geus pada kaboekti pisan di lĕbah maraneh.

7. Naha kaoela teh migawe dosa, pedah kaoela ngahandapkeun sorangan soepaja maraneh dikaloehoerkeun, djalan kaoela ka maraneh geus ngoewarkeun Indjil Allah hanteu njokot bajaran?

8. Kaoela geus ngarajahan garedja sedjen, narima gadjih, keur baris ngawoela ka maraneh, djeung mangsa kaoela aja di maraneh, ana keur kakoerangan, kaoela teu njoesahkeun ka djalma hidji-hidji atjan.

9. Karana kakoerang kaoela ditjoekoepan koe doeloer noe daratang ti Makĕdoni teja; ari dina saniskara kaoela geus ngomah-ngomahan diri, soepaja oelah ngabeuratkeun ka maraneh, sarta ka hareup ge bakal ngomah-ngomahan diri.

10. Saestoe-estoena kajaktian Kristoes aja di djĕro kaoela, eta pamoedji kaoela noe kitoe teh hamo pikapĕnggĕleun dina wĕwĕngkĕran tanah Ahaja.

11. Naon sababna? Naha sabab kaoela teu njaah ka maraneh? Allah langkoeng oeninga!

12. Dĕmi noe dipilampah koe kaoela, eta masih rek dipilampah keneh, pikeun mĕ-

gat sabab ka djalma noe njijar pisababeun, soepaja eta teh, dina pĕrkara noe dipake moedji koe maranehna, sing kapanggih sakoemaha tjara kaoela.

13. Karana noe kitoe teh rasoel palsoe, njĕkĕl gawe sok ngarinah, pada miroepakeun maneh rasoel Kristoes.

14. Ari eta pĕrkara hanteu matak helok; sabab setan teh sok miroepakeun maneh malaikat ĕnggon tjaang.

15. Koe sabab eta, lain pĕrkara gĕde, moen abdi-abdina ge kitoe deui miroepakeun maneh sapĕrti abdining kabĕnĕran. Ari eta teh pitoengtoengeunana bakal sakoemaha pagaweanana.

16. Kaoela mitjatoer deui: oelah aja djalma nganjanaan boeroeng ka kaoela; tatapi ari teu kitoe, kaoela akoe koe maraneh tjara ka noe boeroeng bae, soepaja kaoela meunang moedji maneh saeutik-eutikeun.

17. Ijeu teh noe ditjatoerkeun koe kaoela, lain ditjatoerkeun tina aja pangĕrsa Goesti, nja saibarat lampah boeroeng bae, moenggoeh dina ijeu pamoedji sakitoe tĕtĕgna.

18. Sapedah reja djalma moedji maneh sakoemaha bijasa daging, noe matak kaoela ge rek moedji maneh.

19. Sabab maraneh teh soeka wajahna ka djalma boeroeng, reh maraneh mah pintĕr.

20. Karana maraneh ngawajahnakeun maneh bae, lamoen aja noe ngoemawoelakeun maraneh, lamoen aja noe ngahakan maraneh, lamoen aja noe meunangkeun maraneh, lamoen aja noe ngaloehoerkeun sorangan, lamoen aja noe nampiling ka maraneh.

21. Kaoela mitjatoer pikawirangeun, ari kaoela mah bareto hengker. Tatapi noe dipake kawanian koe noe sedjen, (kaoela ngomong saibarat lampah boeroeng), eta koe kaoela ge dipake kawanian.

22. Naha ari eta teh oerang Ibrani? kaoela ge nja kitoe. Naha ari eta teh oerang Israil? kaoela ge nja kitoe. Naha ari eta teh toeroenan Ibrahim? kaoela ge nja kitoe.

23. Naha ari eta teh abdi Kristoes? (kaoela ngomong tjara noe boeroeng) kaoela mah komo: ari kaoela dina baranggawe leuwih, dina dirangket poendjoel, dina diberok leuwih, dina baja-pati mindĕng pisan.

24. Koe oerang Jahoedi kaoela geus lima kali dirangket, sakalina opat poeloeh koerang hidji.

25. Tiloe kali kaoela digitik koe hoë; sakali kaoela dibĕntoeran koe batoe; tiloe

kali kaoela kalĕboeh, di laoet kaoela sapoë sapeuting aja di djĕrona.

26. Keur di pangnjabaan rĕmĕn pisan kaoela manggih baja hal tjai-tjai, baja hal begal, baja ti noe sabangsa djeung kaoela, baja ti oerang kapir, baja di djĕro nagara, baja di tĕgal lĕga, baja di laoet, baja tina tjampoer djeung doeloer palsoe;

27. Dina baranggawe sarta rariwoed, dina njaring mindĕng pisan, dina langlajeuseun sarta halabhab, dina poewasa rĕmĕn pisan, dina tiris sarta boeroendoel.

28. Kadjaba pĕrkara lijan ti dinja, kaoela saban-saban poë kaambrĕgan, nja ngoeroes ka sakabeh garedja.

29. Saha noe hengker, dĕmi kaoela teu miloe hengker? saha noe titadjong, dĕmi kaoela teu ngĕntab?

30. Ari koedoe mah moedji maneh, kaoela rek moedji maneh tina hal kahengkeran kaoela.

31. Allah, Rama Goesti oerang Jesoes Kristoes, noe koedoe dipoedji salalanggĕngna, langkoeng oeninga jen kaoela teu bohong.

32. Ari di Damsik, wakil radja Aretas ngadjaga nagara oerang Damsik, hajangeun nangkĕp kaoela;

33. Dĕmi kaoela tina djandela dioeloer dina karandjang, bidjil ka loewareun koeta, djadi ngĕdjat ti leungeunna.

PASAL 12.

Ari moedji teh satĕmĕnna teu mangpaat ka kaoela; sabab kaoela rek njaritakeun tetendjoan djeung wahjoe ti Goesti.

2. Kaoela njaho hidji djalma oemat Kristoes, geus meunang opat wĕlas taoen ajeuna, (doeka di djĕro badan, doeka di loewareun badan, Allah langkoeng oeninga), eta djalma ditjandak ka sawarga katiloe.

3. Djeung deui kaoela njaho djalma kitoe teh, (doeka di djĕro badan, doeka di loewareun badan, Allah langkoeng oeninga),

4. Eta ditjandak ka djĕro Pirdoes, ngadenge pilahir noe teu beunang dipitjatoer, noe teu widi diomongkeun koe djalma.

5. Kaoela nja rek moedji teh koe hal djalma noe kitoe, dĕmi kaoela moal rek moedji koe hal diri sorangan, ngan tina sagala kahengkeran kaoela.

6. Karana saoepama kaoela aja karĕp moedji maneh ge, moal ĕnja kaoela boeroeng, sabab kaoela tangtoe njaritakeun noe sajakti; tatapi kaoela njĕgah, soepaja oelah aja djalma ngirakeun kaoela teh leuwih ti batan noe katendjo

ka kaoela, atawa noe kadenge ti kaoela.

7. Sarta soepaja kaoela oelah ngagoengkeun maneh tina kapoendjoelan wahjoe teja, noe matak kaoela geus diajaan tjoetjoek dina daging, nja eta hidji malaikat setan, poerah noemboekan ka kaoela, soepaja kaoela oelah ngagoengkeun maneh.

8. Koe hal kitoe teh kaoela geus nĕnĕda ka Goesti meunang tiloe kali, moegi eta sina njingkir ti kaoela;

9. Ari lahiranana ka kaoela: Maneh teh tjoekoep koe sihkoernija kami, sabab kawasa kami dilaksanakeunana dina kahengkeran. Koe sabab kitoe, kaoela anggoer rek moedji maneh teh tina sagala kahengkeran kaoela, soepaja kawasaning Kristoes ngĕnggon di diri kaoela.

10. Kitoe noe matak kaoela soeka kana kahengkeran, kana paneungteuinganan, kana kasoesahan, kana panganijaja, kana karoepĕkan, tina sabab Kristoes: karana satijap-tijap kaoela hengker, dina waktoe eta kaoela teh bĕdas.

11. Kaoela geus djadi boeroeng bawaning tina moedji; nja kapaksa koe maraneh. Karana bĕnĕrna mah kaoela dipoedji koe maraneh, sabab kaoela naon-naon oge hanteu dentjeng ti eta rasoel noe paroendjoel teh, nadjan kaoela teu djadi koema-koemaha.

12. Ari tjitjiren rasoel geus diboektikeun di lĕbah maraneh kalawan sagala kamantĕpan, nja koe tanda, djeung moedjidjat, sarta kamatihan.

13. Tjing dina hal naon maraneh nja dentjeng ti garedja sedjen, kadjaba kaoela hanteu njoesahkeun ka maraneh? Hampoera koe maraneh kaloeloepoetan kaoela noe kitoe teh!

14. Tah kaoela geus sadija, sĕdja ngadatangan ka maraneh niloe-kalian, sarta kaoela moal njoesahkeun ka maraneh; sabab kaoela lain mandang banda maraneh, mandang teh diri maraneh. Karana lain anak noe koedoe ngoempoelkeun arta pikeun kolotna, bĕnĕrna kolot ngoempoelkeun arta pikeun anakna.

15. Ari kaoela soeka pisan kaloewar balandja ti sorangan, djeung ngabalandjakeun diri kaoela koe sabab njawa maraneh, sanadjan kaoela, mingkin rosa njaah ge ka maraneh, mingkin saeutik dipikanjaah.

16. Ĕnja oge kitoe, kaoela teh teu ngabeuratkeun ka maraneh; tatapi kaoela, sapedah pĕlit, geus meunangkeun maraneh djalan mĕtakeun akal.

17. Naha kaoela ngarah

hasil ti maraneh, lantaran djalma noe dititah koe kaoela ka maraneh teh?

18. Kaoela geus měrědih ka Titoes, sarta nitahan doeloer teja barěnganana. Naha ari Titoes teh ngarah hasil ti maraneh? Na kaoela loemampah teh lain pada toenggal saroh? lain toenggal satapak?

19. Naha maraneh boga deui pangira, kaoela teh ngaběběněr diri sorangan ka maraneh? Kaoela mitjatoer teh pajoeneun Allah, di djěro Kristoes; ari eta sakabeh teh, eh kaasih kaoela! baris ngaděgkeun pěrtjaja maraneh.

20. Karana kaoela inggis, dimana kaoela datang, maraneh palangsijang hanteu kapanggih koe kaoela sakoemaha noe djadi kahajang kaoela, kitoe deui kaoela kapanggih koe maraneh sakoemaha noe lain kahajang maraneh; bok bisi aja getreng, děngki, amběk, paseja, ngoepat, istori, agoel, roesoeh;

21. Palangsijang kaoela, dimana datang, dihandapkeun deui di maraneh koe Allah kaoela, sarta kaoela kaprihatinan tina sabab reja djalma noe migawe dosa bareto, djeung hanteu tobat tina kokotoran, djeung djinah, djeung kalatjoeran, noe geus dilampahkeun.

PASAL 13.

Ijeu teh katiloe-kalina kaoela ngadatangan ka maraneh. Koe omongan saksi doewa atawa tiloe sakabehna pěrkara djadi poegoehna.

2. Kaoela geus njatoerkeun ti heula, sarta njatoerkeun ti heula kadoewa-kalina, kawas keur djonghok, djeung ijeu njoeratan ajeuna, keur djaoeh, ka sakoer noe pada migawe dosa bareto, sarta ka sakabeh salijan ti eta, samangsa kaoela datang deui, moal nimbang ka darinja;

3. Sapedah maraneh hajang meunang tanda, jen Kristoes anoe ngalahir di djěro kaoela; ari andjeunna teh teu pisan apěs ka maraneh, saěnjana kawasa di lěbah maraneh.

4. Karana andjeunna digantoeng soteh dina kai-dipalang, tina bawaning apěs; děmi ajeunna panghiroepna koe kawasaning Allah. Karana ari kaoela ge arapěs di djěro Kristoes, tatapi bakal pada hiroep reudjeung andjeunna koe kawasaning Allah, baris ka maraneh.

5. Maraneh geura pada ngadjadjal diri sorangan, aja dina kapěrtjajaan hanteuna, sing njasar diri sorangan. Naha maraneh teu njaho di diri sorangan, jen Jesoes Kristoes teh aja di djěro maraneh? Kadjaba lamoen maraneh pitjeuneun.

6. Ari pangharĕpan kaoela, maraneh pada ngaharti, jen kaoela teh lain pitjeuneun.

7. Sarta panĕda kaoela ka Allah, maraneh oelah migawe kagorengan; lain pisan soepaja kaoela kapanggih saestoe, ĕnjana teh soepaja maraneh migawe kahadean, ari kaoela mah kadjeun sapĕrti pitjeuneun oge.

8. Karana kaoela teu kadoega kitoe-kijeu ngalawan kana kajaktian, kadoega soteh ngadjeudjeuhkeun kajaktian.

9. Karana kaoela teh pada boengah, lamoen kaoela apĕs, dĕmi maraneh mah bĕdas. Sarta kaoela aja deui panĕda, moegi-moegi maraneh sing datang ka sampoerna.

10. Koe sabab eta, noe matak kaoela njoeratan kitoe ka maraneh eukeur djaoeh, soepaja kaoela, dimana djonghok, oelah koengsi ngabĕngisan, noeroet sakoemaha kawasa noe koe Goesti geus dipaparinkeun ka kaoela baris ngadĕgkeun, lain baris ngaroeboehkeun.

11. Djeungna deui, eh doeloer-doeloer! sing pada boengah, sing pada djadi sampoerna, sing pada sĕnang, sing pada samijoek, sing pada rapih; ari kitoe mah, Allah sagala kaasihan sarta karoentoetan teh tangtoe njarĕngan ka maraneh.

12. Maraneh moedoe silihbere salam make panjijoem soetji. Sadajana djalma saroetji ngirim salam ka maraneh.

13. Ari sih-koernija Goesti Jesoes Kristoes, djeung kaasihan Allah, sarta katoenggalan Roh Soetji, moegi-moegi njarĕngan ka maraneh sadaja. Amin.

IJEU SĔRAT TI RASOEL PAOELOES

KA OERANG GALATA.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Paoeloes, rasoel, lain ti manoesa lain koe manoesa, estoena koe Jesoes Kristoes sarta Allah Rama, noe geus nanghikeun Jesoes ti noe maraot;

2. Reudjeung ti sadaja doeloer-doeloer noe babarĕngan djeung kaoela, doematĕng sakabeh garedja di tanah Galata:

3. Moegi-moegi maraneh pada dipaparin sih-koernija reudjeung kasĕnangan ti Allah Rama, sarta ti Goesti oerang Jesoes Kristoes,

4. Noe geus njĕrahkeun salirana koe andjeun, tina sabab dosa oerang, soepaja ngaleupaskeun oerang ti ijeu doenja ajeuna noe goreng, toemoet sakoemaha pangĕrsa Allah, Rama oerang,

5. Noe koedoe dibaktian kamoeljaan langgĕng salalawasna. Amin.

6. Kaoela heran pisan, pedah maraneh sakitoe gantjang datang ka pisah ti eta noe geus njaoer diri maraneh kana sih-koernija Kristoes, pindah ka indjil sedjen;

7. Halta ari indjil mah taja deui; tatapi aja sawareh djalma noe ngabingbangkeun ka maraneh, pakarĕpanana ngabalikkeun oengĕlan Indjil Kristoes.

8. Tatapi sanadjan diri kaoela ge, atawa malaikat ti sawarga ngoewarkeun indjil ka maraneh, geseh ti noe koe kaoela dioewarkeun ka maraneh teja, eta teh sing disapa!

9. Sakoemaha tjatoer kaoela bareto, nja kitoe kaoela ajeuna mitjatoer deui: lamoen aja djalma ngoewarkeun indjil ka maraneh, geseh ti noe katampa koe maraneh teja, eta teh sing disapa!

10. Karana ajeuna koemaha kaoela teh, naha mambrih panoedjoe manoesa atawa Allah? Atawa naha kaoela teh ngarah dipikarĕsĕp koe manoesa? Oepama kaoela masih ngarah dipikarĕsĕp koe manoesa mah, kaoela tangtoe lain abdi Kristoes.

11. Dĕmi kaoela mere njaho ka maraneh, eh doeloer-doeloer! moenggoeh Indjil, noe dioewarkeun koe kaoela teh, lain piwoeroek manoesa.

12. Karana lĕbah kaoela ge nampa teh lain ti manoesa, lain beunang goegoeroe ti manoesa, saestoena ti lantaran wahjoening Jesoes Kristoes.

13. Karana maraneh geus ngadenge hal lakoe-lampah kaoela bareto, keur basa noeroet keneh agama Jahoedi, jen kaoela kaliwat bangĕt nja nganijaja ka garedja Allah, reudjeung diroeksak.

14. Sarta kaoela dina ngestoekeun agama Jahoedi ngoengkoelan ka noe reja bangsa kaoela noe saoemoer, leuwih pisan kaoela nja sarĕgĕp ngoeroeskeun pikoekoeh karoehoen kaoela.

15. Tatapi dina mangsa aja pangĕrsa Allah, noe ngamoehoengkeun kaoela ti waktoe dikandoeng, sarta geus njaoer kaoela koe sih-koernijana,

16. Nja pangĕrsana teh ngebrehkeun Poetra ka djĕro hate

kaoela, soepaja koe kaoela dioewarkeun ka lĕbah oerang kapir lantaran ngawoeroekkeun Indjil: kaoela teh sapadaharita teu make rĕrĕmpoegan reudjeung daging sarta gĕtih;

17. Djeung hanteu indit ka Jĕroesalem, teu nejang ka noe pada djadi rasoel saheulaeun kaoela; indit teh ka tanah Arab, geus kitoe moelang deui ka Damsik.

18. Tidinja, geus meunang tiloe taoen, kaoela indit ka Jĕroesalem, hajang ngawawoehan ka Petroes, ari ngandjrĕk teh di Petroes meunang lima wĕlas poë.

19. Sarta kaoela hanteu nendjo deui rasoel noe sedjen, ngan kadjaba Jakoboes saderek Goesti.

20. Ari ijeu pĕrkara, noe ditoelis koe kaoela dina soerat ka maraneh teh, Allah mah langkoeng oeninga, jen kaoela hanteu bohong.

21. Sanggeus kitoe kaoela indit ka wĕwĕngkĕran tanah Sam djeung Kilikia.

22. Sarta sakabeh garedja Kristoes noe di tanah Joedea teu njarahoëun di roepa kaoela,

23. Ngan geus pada ngadenge bedja, jen djalma noe tadina nganijaja ka oerang teja, mangsa ajeuna mah ngawoeroekkeun kapĕrtjajaan noe tadina diroeksak;

24. Sarta pada ngamoeljakeun ka Allah tina sabab kaoela.

PASAL 2.

Sanggeus kitoe, kaheuleutan opat wĕlas taoen, kaoela indit deui ka Jĕroesalem barĕng djeung Barnabas, sarta mawa Titoes.

2. Pangindit teh kaoela koe wahjoe, seug ka eta mopojankeun Indjil noe dioewarkeun koe kaoela di lĕbah oerang kapir, djeung ari ka noe pada kaadjen mah ditĕrangkeun deui, soepaja kaoela loemampah teh noe ka hareup sarta ka toekang oelah gaplah.

3. Dalah Titoes oge, noe reureudjeungan djeung kaoela, nadjan eta teh oerang Joenani, teu dipaksa disoenatan.

4. Pangkitoe teh koe pedah doeloer paralsoe, noe geus pada aboes djalan njoeloesoep, geus pada njoesoepkeun maneh rĕrĕntjĕpan, karĕpna ngintip-ngintip kamĕrdikaan oerang, boga oerang di djĕro Kristoes Jesoes, pangarahna teh ngoemawoelakeun oerang.

5. Eta teh koe kaoela teu pisan dipangoendoerkeun, sadjam oge hanteu taloek, soepaja kajaktian Indjil teh pitĕtĕpeun di maraneh.

6. Ari moenggoeh noe pada diadjenan teja, kitoe-kijeuna

mangsa tadi, kaoela mah kadjeun teuing, Allah mah teu pilih-kasih; da koe noe kaadjen teh kaoela teu pisan diwoewoehan naon-naon.

7. Sabalikna ti kitoe, mangsa eta teh naringali, jen kaoela geus digadoehan Indjil bakoe ka noe koeloep, sapĕrti Petroes geus digadoehan Indjil bakoe ka noe disoenatan;

8. (Sabab noe ngaboektikeun kawasana ka Petroes baris karasoelan ka djalma noe disoenatan, nja eta keneh noe ngaboektikeun kawasana ka kaoela baris ka oerang kapir ;)

9. Sarta mangsa pada waspaoseun kana sih-koernija noe dipaparinkeun ka kaoela, geus kitoe Jakoboes, djeung Kepas, djeung Johannes, noe pada disarĕboet tihang, sor pada njodorkeun panangan tĕngĕn ka kaoela djeung Barnabas, tandaning satoenggal, soepaja kaoela djeung Barnabas laleumpang ka oerang kapir, ari arandjeunna mah ka noe disoenatan,

10. Ngan kahojongna kaoela moedoe pada ingĕt ka noe mariskin; nja eta noe geus diestoekeun koe kaoela sarta sarĕgĕp.

11. Ari mangsana Petroes soemping ka Antioki, dilawan koe kaoela padoe-hareupan, pedah aja tjawadeunana.

12. Karana samemeh daratang djalma ti Jakoboes, Petroes teh ngarijoeng dahar djeung oerang kapir; dĕmi mangsa geus daratang eta, seug njingkah misahkeun andjeun, bawaning sijeuneun koe djalma disoenat.

13. Djeung oerang Jahoedi anoe sedjen pada miloe poerapoera, wani Barnabas oge kabawakeun koe kapoerapoeraanana.

14. Tatapi barangna katendjo koe kaoela, jen eta teh teu bĕnĕr lampahna, teu tĕroes djeung kajaktian Indjil, seug kaoela mihatoer ka Petroes, kasaksian koe sakabeh: Lamoen andjeun, noe djadi oerang Jahoedi, lalampahan teh tjara tata oerang kapir, lain tjara tata Jahoedi, koe naon mana maksa ka oerang kapir lalampahan tjara tata Jahoedi?

15. Ari oerang mah toeroenan Jahoedi, lain djalma dosa kaasoep oerang kapir;

16. Tatapi sarehna oerang pada njaho, djalma didamĕlna bĕnĕr teh lain lantaran gawe Toret, ngan koe lantaran kapĕrtjajaan ka Jesoes Kristoes bae, noe matak oerang ge pĕrtjaja ka Kristoes Jesoes, soepaja oerang didamĕl bĕnĕr teh lantaran kapĕrtjajaan ka Kristoes, sarta lain lantaran gawe Toret; sababna koe gawe Toret mah daging teh moal aja noe bakal didamĕl bĕnĕr.

17. Tatapi saoepama oerang, noe mikarĕp didamĕl bĕnĕr koe lantaran Kristoes teja, kapanggih sorangan ge djalma dosa: eta moen kitoe mah, Kristoes teh kawoelaning dosa. Eta mah sageuj teuing!

18. Karana lamoen kaoela ngahoedangkeun deui, anoe geus dirakrak koe kaoela, eta kaoela ari kitoe mah nandakeun maneh djalma ngarĕmpak.

19. Karana kaoela koe hoekoem geus paeh ti hoekoem teh, soepaja kaoela hiroep bade ka Allah.

20. Kaoela geus digantoeng dina kai-dipalang barĕng djeung Kristoes; dĕmi kaoela hiroep, tatapi geus lain diri kaoela, nja Kristoes anoe hiroep di djĕro kaoela; ari hiroep kaoela ajeuna di djĕro daging, nja eta teh koe kapĕrtjajaan ka Poetra Allah, noe miasih ka kaoela, sarta geus njĕrahkeun andjeun keur pimangpaateun kaoela.

21. Kaoela teu njoemahkeun kana sih-koernija Allah; karana oepama kabĕnĕran teh datangna koe hoekoem mah, Kristoes teh poepoesna taja gawena.

PASAL 3.

Eh oerang Galata barodo! saha noe nĕrapkeun panggĕndam ka maraneh, soepaja oelah noeroet kana kajaktian, sanadjan maraneh bareto geus diande-andean Jesoes Kristoes di hareupeun panon maraneh, sasat digantoeng dina kai-dipalang di tĕngah maraneh?

2. Kaoela hajang dibere njaho koe maraneh ngan pĕrkara ijeu bae: maraneh pangnampa Roh teh naha tina gawe Toret, atawa tina pangoewaran kapĕrtjajaan?

3. Koetan sakitoe kabodoan maraneh teh? Ari maraneh ngamimitian teh kalawan Roh, naha ajeuna dek ditjatjapkeun kalawan daging?

4. Karah maraneh sakitoe reja noe geus kasorang teh, tjoemah-tjoemah? Kitoe soteh lamoen satjoemaheun bae!

5. Djeung ari noe masihkeun Roh ka maraneh, sarta ngadamĕl kamatihan di maraneh, eta teh koemaha, tina gawe Toret, atawa tina pangoewaran kapĕrtjajaan?

6. Sapĕrti Ibrahim geuning pĕrtjaja ka Allah, ari eta koe Allah dietangkeun djadi kabĕnĕranana.

7. Koe sabab eta, maraneh sing ngaharti, jen sakoer anoe pĕrtjaja, nja eta poetra Ibrahim teh.

8. Ari Kitab, doemeh awas ti tatadi, jen Allah bakal ngadamĕl bĕnĕr ka oerang kapir lantaran tina pĕrtjaja, geus ti heula ngawartakeun Indjil ka

Ibrahim, kijeu: Di djĕro maneh teh sakabehna bangsa bakal pada kabĕrkahan.

9. Djadi sakoer noe pĕrtjaja teh, pada kabĕrkahan barĕng djeung Ibrahim noe pĕrtjaja teja.

10. Karana sakabehna djalma noe hajang koe gawe Toret mah, eta teh di bawah panjapa; sabab dina Kitab geus dioengĕlkeun kijeu: Keuna panjapa oenggal-oenggal djalma, noe hanteu tĕtĕp dina saniskara anoe kasĕboetkeun dina Kitab Toret, sarta teu ngalampahkeun.

11. Ari hal pĕrkara djalma taja noe didamĕl bĕnĕr di pajoeneun Allah koe Toret mah, eta geus tetela pisan; sabab djalma noe bĕnĕr pihiroepeunana teh koe kapĕrtjajaan.

12. Tatapi ari Toret teja lain ti kapĕrtjajaan; ĕnjana mah kijeu: Tijap-tijap djalma ngalampahkeun noe kitoe teh, tangtoe bakal hiroep koe eta.

13. Kristoes teh geus nĕboes oerang ti panjapa Toret; geus keuna panjapa ngagantian oerang; karana dina Kitab geus dioengĕlkeun kijeu: Oenggal-oenggal djalma noe digantoeng dina kai teh, dikeunaan panjapa.

14. Nja eta soepaja bĕrkah Ibrahim teja toemĕrap ka oerang kapir, di djĕro Kristoes Jesoes, sarta soepaja oerang pada nampa pĕrdjangdjian Roh, koe lantaran kapĕrtjajaan.

15. Eh doeloer-doeloer! kaoela rek mitjatoer sakoemaha bijasa djalma bae. Nadjan ka pangwasijat djalma, noe geus beunang moegoehkeun, moal aja noe ngaleungitkeun atawa ngawoewoehan.

16. Dĕmi pĕrdjangdjian teh geus dipaparinkeun ka Ibrahim sarta ka toeroenanana. Pangandikana teh lain kijeu: Sarta ka toeroenan-toeroenan maneh, sapĕrti toedjoel ka reja-reja; ĕnjana mah sakoemaha ka hidji, kijeu: Sarta ka toeroenan maneh; tĕgĕsna ka Kristoes.

17. Kijeu tjatoer kaoela teh: Ari pangwasijat, noe koe Allah dijaktoskeun tadina ka Kristoes teja, eta teh koe Toret, anoe datang opat ratoes tiloe poeloeh taoen sapandeurieun eta, hamo diapĕskeun, matak djadi ngaleungitkeun pĕrdjangdjian teja.

18. Karana warisan teh, oepama datangna ti Toret mah, geus tangtoe hanteu toeloes ti pĕrdjangdjian. Dĕmi eta koe Allah dipasihkeun teh ka Ibrahim koe pĕrdjangdjian.

19. Moen kitoe mah, keur naon aja Toret? Eta teh geus direntetkeun ka dinja, tina sabab hal pangrĕmpak, nĕpi

ka soemping toeroenan, noe ditoedjoel koe pĕrdjangdjian teja; sarta Toret teh diserenkeun koe malaikat ka panangan hidji Lawang.

20. Ari eta Lawang teh lain Lawang ka noe hidji, tatapi ari Allah mah hidji.

21. Moen kitoe mah, naha Toret teh ngalawan ka pĕrdjangdjian Allah? Eta mah sageuj teuing! Karana oepama dipaparinkeun Toret anoe bisa ngahiroepkeun mah, saĕnjana kabĕnĕran teh meureun ti Toret.

22. Sabalikna saniskara teh koe Kitab geus dikĕrĕm di handapeun dosa, soepaja pĕrdjangdjian teh koe kapĕrtjajaan ka Jesoes Kristoes dipasihkeun ka sakoer anoe pĕrtjaja.

23. Tatapi samemeh datang kapĕrtjajaan, oerang teh diselehkeun ka handapeun Toret, dikĕrĕm baris kana kapĕrtjajaan anoe rek diebrehkeun mĕngke.

24. Tina sabab kitoe, Toret teh geus djadi pangasoeh oerang, noengtoen ka Kristoes, soepaja oerang didamĕl bĕnĕr teh lantaran tina pĕrtjaja.

25. Dĕmi sanggeusna datang kapĕrtjajaan, oerang teh geus teu aja di bawah pangasoeh.

26. Sabab maraneh sakabeh teh pada poetra Allah, koe lantaran kapĕrtjajaan ka Kristoes Jesoes.

27. Karana maraneh, sakoer noe geus dibanjoean ka Kristoes teh, geus pada makeanan maneh koe Kristoes.

28. Moenggoeh sadjĕro eta mah taja oerang Jahoedi taja oerang Joenani, taja djalma koemawoela taja djalma mĕrdika, taja awewe taja lalaki; karana maraneh sakabeh teh djadi hidji di djĕro Kristoes Jesoes.

29. Sarta lamoen maraneh kagoengan Kristoes mah, tangtoe toeroenan Ibrahim, sarta ahli-waris, noeroetkeun pĕrdjangdjian.

PASAL 4.

Tatapi tjatoer kaoela: ari ahli-waris teh, salilana boedak, hanteu beda djeung badega, sanadjan djoeragan ngabogaan saniskara;

2. Nja aja di bawah wakil djeung poerah ngamoemoele, nĕpi ka mangsa noe geus ditangtoekeun koe bapana.

3. Nja kitoe keneh oerang teh, keur mangsa masih boedak, pada koemawoela dibawahkeun ka alip-alipan doenja.

4. Tatapi mangsana geus djĕdjĕg djaman, Allah ladjĕng miwarang Poetrana, mĕdalna ti hidji istri, mĕdalna di bawah Toret,

5. Soepaja nĕboesan sakoer noe di bawah Toret, sangkan oerang pada nampa kapoetraan.

6. Djeung sabab maraneh poetra, noe matak Allah geus miwarangan Roh Poetrana ka djĕro hate maraneh, anoe njambat: Aba, Ama!

7. Djadi maneh teh geus lain badega, estoena mah poetra; sarta lamoen maneh poetra, tangtoe maneh kitoe deui ahli-waris Allah koe lantaran Kristoes.

8. Tatapi mangsa bareto, basa maraneh teu njaho ka Allah, harita maraneh teh pada ngabakti ka noe lain Allah saestoe.

9. Dĕmi mangsa ajeuna, sanggeus maraneh nganjahokeun ka Allah, oetamana mah pada dipioeninga koe Allah, naha wĕt malikan deui kana alip-alipan hengker sarta waloerat teh, dek dikawoelaan deui dihantja ti mimitina?

10. Maraneh teh ngestoekeun poë, djeung boelan, djeung mangsa, djeung taoen.

11. Kaoela inggis koe maraneh, palangsijang gawe kaoela ka maraneh teh gaplah.

12. Eh doeloer-doeloer! kaoela nĕnĕda ka maraneh, nja maraneh teh sing tjara kaoela, karana kaoela ge tjara maraneh. Maraneh hanteu aja kasalahan ka kaoela;

13. Sarta maraneh pada njaho, kaoela teh barangmimiti ngoewarkeun Indjil ka maraneh teja, nja tina sabab kahengkeran daging.

14. Ari tjotjoba anoe keuna kana daging kaoela teja, koe maraneh teu dipikatjoewa, soemawonna moen dipikageuleuh; anggoer maraneh ngakoe teh ka kaoela geus tjara ka malaikat Allah, tjara ka Kristoes Jesoes.

15. Koe naon atoeh maraneh harita mana ngakoekeun diri teh bagdja? Karana kaoela djadi saksi maraneh, jen maraneh teh, moen beunang mah, tangtoe datang ka njokel panon, dibikeun ka kaoela.

16. Naha kaoela teh karah geus djadi moesoeh maraneh, pedah ka maraneh njatoerkeun noe sajakti teja?

17. Ari itoe mah panggoematina ka maraneh hanteu djeung saestoena, pangarahna teh ngingkarkeun kaoela, soepaja maraneh goemati ka darinja.

18. Nja oetama tamah, goemati kana kahadean salalawasna, oelah woengkoel dimana kaoela keur djonghok bae.

19. Ĕh anak-anak, kaoela keur goelanggasahan rek ngadjoeroekeun deui maraneh, datang ka Kristoes beh roepana di djĕro maraneh!

20. Ari kahajang kaoela teh,

hajang ajeuna keur djonghok di maraneh, sarta bisa nga-ganti sowara kaoela, sabab hate kaoela keur bingbang koe maraneh.

21. Tjik anoe harajang di bawah Toret, koe maraneh geura omongkeun ka kaoela: Na koemaha Toret teh teu didenge koe maraneh?

22. Karana geus dioengĕlkeun, jen Ibrahim kagoengan doewa poetra, noe hidji ti eusi-imah, ari noe hidji deui ti geureuha mĕrdika.

23. Ari itoe, noe ti eusi-imah teja, pangdjadina noe-roetkeun daging; tatapi ari eta noe ti geureuha mĕrdika mah, koe pĕrdjangdjian teja.

24. Dĕmi eta pĕrkara teh aja deui misilna. Karana eta doewa istri teja ngoepamakeun doewa pĕrdjangdjian; anoe hidji ti goenoeng Toersina, noe ngadjoeroekeun baris kana koemawoela, nja eta Hadjar teja.

25. Karana ari Hadjar teh nja eta goenoeng Toersina di tanah Arab, sarta nimbangan ka Jĕroesalem noe ajeuna, sabab eta teh keur koemawoela djeung anak-anakna.

26. Tatapi ari Jĕroesalem sawarga mah mĕrdika, nja eta teh iboe oerang sakabeh.

27. Karana dina Kitab geus dioengĕlkeun kijeu: Eh anoe gaboeg, noe teu ngadjoeroe, geura soeka-soeka; eh noe teu boga njĕri ngadjoeroe, geura berag djeung tjoemĕloek! karana anakna noe noenggĕlis teh loba pisan ti batan anoe boga salaki.

28. Ari oerang mah, eh doeloer-doeloer! anak ti pĕrdjangdjian, sakoemaha Ishak.

29. Tatapi sapĕrti mangsa harita, anoe pangdjadina noe-roetkeun daging teh nganijaja ka noe pangdjadina noeroetkeun Roh teja, nja kitoe keneh ajeuna.

30. Tatapi pilahir dina Kitab koemaha? Eta eusi-imah teh djongklokkeun katoet anakna; sabab anakna eusi-imah mah hamo pimeunangeun warisan, teu tjara anakna anoe mĕrdika!

31. Djadi oerang mah, eh doeloer-doeloer! lain anak eusi-imah, ĕnjana anak anoe mĕrdika.

PASAL 5.

Koe sabab eta, maraneh sing pada koekoeh dina kamĕrdikaan, noe beunang Kristoes ngamĕrdikakeun ka oerang, sarta poma oelah daek ditĕrapan deui pasangan kakoemawoelaan.

2. Geura rarĕgĕpkeun, ijeu kaoela Paoeloes mitjatoer ka maraneh, oepama maraneh disoenatan mah, Kristoes teh

geus taja gawena ka maraneh.

3. Sarta kaoela ngingĕtan deui ka hidji-hidji djalma anoe disoenatan, jen kawadjiban ngalampahkeun saparentah Toret.

4. Maraneh teh geus lesot ti Kristoes, sakoer noe karĕp didamĕl bĕnĕr koe lantaran Toret mah; maraneh geus pĕtjat ti sih-koernija.

5. Karana oerang teh koe Roh noenggoe-noenggoe pangarĕp-ngarĕp kabĕnĕran tina lantaran pĕrtjaja.

6. Karana di djĕro Kristoes Jesoes mah soenat koeloep teh taja pedahna; noe aja pedahna tamah ngan kapĕrtjajaan noe migawe koe kanjaahan.

7. Maraneh tadina leumpang teh hade; saha noe geus mapalangan ka maraneh, sangkan oelah noeroet kana kajaktian?

8. Eta pangwoedjoek kitoe teh lain ti eta noe njaoer maraneh.

9. Ari ragi saeutik matak ngahaseumkeun ka saadonan kabeh.

10. Kaoela di djĕro Goesti geus nangtoekeun ka maraneh, jen maraneh teh moal beda nja pangrasa; tatapi anoe ngabingbangkeun ka maraneh, tangtoe bakal njandang hoekoeman, saha bae eta teh.

11. Ari moenggoeh diri kaoela, eh doeloer-doeloer! oepama ĕnja masih ngoewarkeun hal njoenatan mah, koe naon kaoela masih dikanijaja? Moen kitoe mah kai-dipalang tangtoe leungit anoe matak titadjong teh.

12. Moegi-moegi sing datang ka ditilas, sakoer noe ngaroesoehkeun ka maraneh!

13. Karana maraneh, eh doeloer-doeloer! geus pada disaoer teh kana kamĕrdikaan; ngan tatapi kamĕrdikaan teh poma oelah dek dipake sabab ngadjoedjoer daging; nja moedoe silih-kawoelaan koe kanjaahan.

14. Karana saparentah Toret kapeupeuh koe sakĕtjap, nja koe noe kijeu teja: Maneh koedoe njaah ka batoer-batoer sapĕrti ka diri sorangan.

15. Sabalikna lamoen maraneh silih-sogot djeung silihhakan, masing arijatna soepaja maraneh oelah silih-lĕboerkeun.

16. Ari tjatoer kaoela: maraneh loemampah teh koedoe noeroetkeun Roh; moen kitoe mah maraneh moal ngalakonan napsoe daging.

17. Karana daging teh napsoena ngalawan Roh, kitoe deui Roh ngalawan daging; eta pada silih-lawan, soepaja maneh oelah prak milampah anoe dipikarĕp.

18. Tatapi lamoen maneh

ditoejoen koe Roh, maneh teh geus hanteu di bawah Toret.

19. Dĕmi panggawe daging teh katara, nja anoe kijeu: ngaranjed, djinah, kanadjisan, kalatjoeran,

20. Mibrahala, sihir, moemoesoehan, getreng, sirik-pidik, ambĕk, paseja, patjogregan, rĕboetan,

21. Dĕngki, maehan, mabok, balaketjrakan, djeung sapapadana; ari moenggoeh hal kitoe teh kaoela ka maraneh njatoerkeun ti heula, sakoemaha tjatoer kaoela bareto, jen sakoer noe migawe kitoe, hamo pingamilikeun karadjaan Allah.

22. Sabalikna ari boewah Roh teh nja eta kanjaahan, kaboengahan, kasĕnangan, kasabaran, kamoerahan, kahadean, kapĕrtjajaan, kasarehan djeung tjĕgahan.

23. Ari noe kitoe teh koe hoekoem hanteu dipĕgatan.

24. Dĕmi sakoer djalma noe kagoengan Kristoes teh, geus pada ngagantoengkeun dagingna dina kai-dipalang, katoet sagala sir reudjeung napsoe.

25. Lamoen oerang hiroep koe Roh, hajoe oerang loemampah ge noeroetkeun Roh.

26. Poma oerang oelah nejangan kahormatan gapong, bari silih-koelak, silih-dĕngkian.

PASAL 6.

Eh doeloer-doeloer! oepama aja djalma kataradjang kasalahan naon-naon, koe maneh noe bangsa rohani, eta teh koedoe dibĕnĕrkeun sarta kasarehan hate, bari ngadjaga diri, bisi diri maneh ge keuna gogoda.

2. Koedoe silih-soendang babawaan; ari kitoe mah maraneh ngestokeun hoekoem Kristoes.

3. Karana satijap-tijap aja djalma boga rasa jen dirina poendjoel, padahal teu kitoekijeu, eta teh tĕgĕs ngabobodo diri sorangan.

4. Ari bĕnĕrna oenggal-oenggal djalma ngadjadjal panggawe pribadi; moen kitoe mah moedjina teh beunang ngalap ngan ti diri sorangan bae, lain ti noe sedjen.

5. Karana oenggal-oenggal djalma pasti pada nanggoeng samomotna-samomotna.

6. Ari noe diwoeroek pangandika teh, koedoe barangbere ti sakabeh radja-bandana ka noe ngawoeroek.

7. Poma oelah sarasab! Allah mah teu beunang dilalaworakeun. Naon bae anoe disĕbarkeun koe djalma, nja eta keneh anoe mangke dipiboewatan.

8. Karana saha-saha noe njĕbarkeun kana dagingna, eta

ti dagingna mangke miboewatan karoeksakan; sabalikna saha-saha noe njĕbarkeun kana Roh, eta ti Roh mangke miboewatan hiroep noe langgĕng.

9. Poma oerang oelah rek wĕleh migawe kahadean, sabab ari geus tĕpi ka mangsana mah, oerang tangtoe diboewat, kitoe soteh lamoen oerang teu kĕndor.

10. Koe sabab eta, meungpeung oerang aja keneh mangsa, hajoe pada migawe kahadean ka sakabeh, soemawonna moen ka batoer sasama pĕrtjaja.

11. Geura tarendjo, sakitoe pandjangna soerat, beunang kaoela noelis keur maraneh koe leungeun pribadi.

12. Sakabeh djalma noe dek njĕmoekeun oelat aloes moenggoehing dina daging, pada ngaririhan ka maraneh, soepaja daek disoenatan, pambrihna ngan soepaja dirina oelah dikanijaja tina sabab kai-dipalang Kristoes.

13. Karana nadjan eta noe disaroenatan ge, dirina teu nĕtĕpkeun Toret; dĕmi kahajangna maraneh disoenatan teh, nja soepaja eta pada bisa moedji koe daging maraneh.

14. Tatapi lĕbah kaoela mah, palijas teuing rek moedji, ngan kadjaba koe kai-dipalang Goesti oerang Jesoes Kristoes, noe lantaranana doenja teh geus digantoeng dina kai-dipalang moenggoeh pangangkĕn kaoela, kitoe deui diri kaoela moenggoeh pangangkĕn doenja.

15. Karana di djĕro Kristoes Jesoes mah soenat koeloep teh taja gawena; ngan woengkoel mahloek anjar bae.

16. Ari sakabeh noe loemampah noeroetkeun panata kitoe teh, moegi pada dipaparin kasĕnangan djeung kawĕlasan, nja eta ka Israil kagoengan Allah!

17. Ka hareupna oelah aja noe njoesahkeun ka kaoela, sabab kaoela dina badan tjarareda tandaning ti Goesti Jesoes.

18. Eh doeloer-doeloer, moegi-moegi sih-koernija Goesti oerang Jesoes Kristoes njarĕngan ka roh maraneh! Amin.

IJEU SĔRAT TI RASOEL PAOELOES

KA OERANG EPESOES.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Paoeloes, rasoel Jesoes Kristoes, koe pangĕrsa Allah, doematĕng sadaja djalma saroetji di nagara Epesoes, sarta noe pada pĕrtjaja ka Kristoes Jesoes:

2. Moegi-moegi maraneh pada dipaparin sih-koernija reudjeung kasĕnangan ti Allah, Rama oerang, sarta ti Goesti Jesoes Kristoes!

3. Sagala poedji ka Allah, Rama Goesti oerang Jesoes Kristoes, noe geus ngabĕrkahan ka oerang koe saniskara bĕrkah rohani ti sawarga di djĕro Kristoes.

4. Sakoemaha andjeunna geus milih oerang di djĕro Kristoes, timemeh diadĕgkeunana doenja, soepaja oerang pada soetji taja pikatjawadeun di pajoeneunana.

5. Sarta dina kaasihanana geus mastikeun oerang ti tatadina bakal pada diangkĕn poetra koe andjeunna lantaran Jesoes Kristoes, noemoetkeun kasoekaaning kĕrsana.

6. Baris kapoedji kamoeljaan sih-koernijana, noe koe andjeunna geus dikoernijakeun ka oerang di djĕro Kaasih andjeunna teja,

7. Noe ngalantarankeun oerang meunang kaleupasan koe gĕtihna, tĕgĕsna dihampoera kasalahan, noemoetkeun kasoegihan sih-koernijana,

8. Noe kalangkoeng-langkoeng koe andjeunna nja geus ditawiskeun ka oerang, lantaran saniskara kaoeningaan sarta kabinangkitan.

9. Boektina oerang teh geus dipaparin njaho kana rasijah kĕrsana, noemoetkeun kasoekaanana, noe koe andjeunna geus dikĕrsakeun sadjĕroning galihna;

10. Pangĕrsana teh, dina mangsa atoeran djĕdjĕg djaman, saniskara teh rek dikoempoelkeun deui dihidjikeun di djĕro Kristoes, sakoer noe aja di sawarga sarta noe aja di boemi.

11. Nja di djĕro eta, noe djadi lantaran oerang teh didamĕl kagoenganana, geus pada dipastikeun ti tatadina, noemoetkeun pikĕrsaeun eta noe ngadamĕl saniskara sakoemaha papastening kĕrsana.

12. Noe dipalar, oerang teh matak kapoedji kamoeljaanana, nja eta oerang noe ngarěp-ngarěp ti heula ka Kristoes teh.

13. Ari koe lantaran eta teh maraneh pon kitoe keneh, sanggeus ngadarenge pangandika kajaktian, těgěsna Indjil kasalamětan maraneh, - nja maraneh ge, sanggeus pěrtjaja, pada ditjap koe lantaran eta kalawan Roh Soetji noe didjangdjikeun teja;

14. Noe djadi pamandjěr warisan oerang, baris kagoengan andjeunna dileupaskeun, baris kapoedji kamoeljaanana.

15. Koe sabab kitoe, sapedah kaoela geus ngadenge hal kapěrtjajaan maraneh ka Goesti Jesoes, sarta kanjaahan maraneh ka sakabeh djalma saroetji,

16. Kaoela teu pětot-pětot moedji soekoer tina sabab maraneh, sarta ingět bae ka maraneh teh dina sadjěroning paněněda kaoela:

17. Soepajä Allahna Goesti oerang Jesoes Kristoes, Rama sagala kamoeljaan, moegi-moegi ka maraneh maparin Roh kapintěran sarta pangebrehan pikeun nganjahokeun ka salira andjeunna;

18. Sing ditjaangkeun matana hate maraneh, soepaja maraneh pada nganjahokeun ka pangarěp-ngarěp pangnjaoerna, djeung kana kasoegihaning kamoeljaan warisanana di djalma saroetji;

19. Kitoe deui kana langkoeng-langkoeng gědening kawasa andjeunna moenggoeh ka oerang noe pěrtjaja, toemoet sakoemaha matihing kabědasan kawasana,

20. Noe koe andjeunna geus dipidaměl ka Kristoes, koe ditanghikeunana ti noe maraot teja. Sarta geus dilinggihkeun di těngěneun andjeunna di djěro sawarga,

21. Langkoeng poendjoel ti sakabeh pangkat-pangkat, djeung noe pada moerba, sarta noe pada kawasa, djeung para gěgěden, kitoe deui sakabeh ngaran anoe disěboet, lain noe di ijeu doenja bae, malah noe di aherat oge;

22. Sarta saniskara geus ditaloekkeun dina handapeun dampalna, djeung dipasihkeun ka garedja djadi sirahna, djoengdjoenan saniskara.

23. Ari moenggoeh garedja teh salirana, kapěpěkaning eta noe měpěkan sakabeh di djěro sadaja.

PASAL 2.

Sarta maraneh pon kitoe keneh koe Allah geus pada dihiroepkeun, ari tadi mah maraneh teh paeh koe kasalahan reudjeung dosa.

2. Nja di djěro eta maraneh

bareto loemampah teh, noeroet djaman ijeu doenja, noeroet kapalana noe pada moerba di awang-awang, nja soekma noe ajeuna migawe di djĕro hate sakoer anak kabahaan.

3. Oerang ge sakabeh tadina kaasoep eta, loemampah teh pada ngadjoedjoer napsoe daging oerang, ngalampahkeun karĕp daging sarta pikir; djeung oerang pada bakat anak bĕbĕndoe, saroewa djeung anoe sedjen.

4. Tatapi Allah, noe langkoeng soegih kawĕlasanana, koe doemeh kaasihanana noe agoeng, noe dianggo miasih ka oerang,

5. Keur oerang paeh koe kasalahan teja, ngahiroepkeun oerang reudjeung Kristoes, (maraneh pangsalamĕt teh koe sih-koernija);

6. Sarta geus ngahoedangkeun oerang reudjeung, kitoe deui geus ngadijoekkeun oerang reudjeung di djĕro sawarga, barĕng djeung Kristoes Jesoes.

7. Soepaja andjeunna di djaman mangke ngaboektikeun kasoegihan sih-koernijana noe kalangkoeng gĕde, nja eta koe kamoerahananana ka oerang di djĕro Kristoes Jesoes.

8. Karana maraneh pangsalamĕt teh koe sih-koernija, lantaran kapĕrtjajaan; ari eta teh lain ti diri maraneh, estoena mah pasihan Allah;

9. Lain koe panggawe, soepaja djalma oelah aja noe moedji maneh.

10. Karana oerang teh dadamĕlan Allah; di djĕro Kristoes Jesoes geus pada didjadikeun baris milampah panggawe hade, noe koe Allah geus ditjawiskeun keur pilampahkeuneun oerang.

11. Koe sabab eta, sing pada ingĕtkeun, ari maraneh, noe tadina oerang kapir moenggoeh dina daging teh, sarta dibasakeun koeloep koe noe kasĕboet disoenatan dina daging, noe dipigawe koe leungeun,

12. Nja maraneh teh mangsa harita tanpa Kristoes, pisah djeung kapriboemian Israil, semah moenggoeh ka pĕrdjangdjian pasoebajaan, teu boga pangarĕp-ngarĕp, sarta tanpa Allah di doenja teh.

13. Dĕmi ajeuna, rehna di djĕro Kristoes Jesoes, maraneh noe tadina djaoeh teh, geus djadi deukeut koe gĕtih Kristoes.

14. Sabab Kristoes teh nja karoentoetan oerang, noe geus ngahidjikeun eta noe doewa teja, sarta geus ngabongkar bilik-tembok panghalangan, nja hal moemoesoehan teja;

15. Rehna dina daging an-

djeunna geus ngaleungitkeun hoekoem parentah noe eusina roekoen-roekoen teja, soepaja koe andjeunna eta noe doewa teh di djĕro salirana didjadikeun hidji manoesa anjar, nja koe ngadamĕl karoentoetan;

16. Sarta soepaja eta noe doewa teh koe andjeunna dirapihkeun djeung Allah dina salira hidji, lantaran kai-dipalang teja, sanggeusna moemoesoehan teh koe andjeunna dipaehkeun dina eta.

17. Ana geus kitoe soemping, ngembarkeun karoentoetan dina Indjil, nja ka maraneh anoe djaoeh, sarta ka eta noe deukeut teja.

18. Karana koe lantaran andjeunna oerang doewanana teh geus boga djalan keur ngadeuheus ka Rama, koe Roh hidji.

19. Djadi koe sabab eta maraneh teh geus lain semah, sarta lain djalma madjik, ĕnjana mah sasama priboemi djeung noe saroetji, sarta djalma eusi-gĕdong Allah;

20. Geus pada diadĕgkeun dina padĕmen beunang para rasoel sarta para nabi; ari noe djadi batoe-djoeroe mah Jesoes Kristoes koe andjeun.

21. Nja dina eta teh sagĕdong kabeh, geus ditĕraptĕrapkeun sarta rapat, seug ngadjangkoengan, djadi kabah soetji dadamĕlan Goesti.

22. Sarta dina eta teh maraneh ge kitoe keneh pada diadĕgkeun, djadi gĕdong linggihaneun Allah lantaran Roh.

PASAL 3.

Kitoe sababna noe matak kaoela Paoeloes babandan Kristoes Jesoes keur maraneh oerang kapir.

2. Soegan maraneh geus ngadenge hal atoeran sihkoernija Allah, noe dipasihkeun ka kaoela keur ka maraneh,

3. Jen kaoela koe lantaran wahjoe dipaparin njaho ka rasijah teja, sakoemaha noe koe kaoela geus ditjatoerkeun di loehoer, pondok bae;

4. Ana maratja eta teh, maraneh bisa njaho kana pangarti kaoela moenggoeh dina rasijah Kristoes,

5. Noe keur djaman ka toekang-toekang hanteu dinjahokeun ka anak manoesa, sakoemaha eta teja mangsa ajeuna geus diebrehkeun ka para rasoel sarta ka para nabi andjeunna noe saroetji, koe Roh:

6. Nja eta jen oerang kapir teh sasama ahli-waris, sarta batoer sabadan, kitoe deui sasama ngamilik pĕrdjangdjian di djĕro Kristoes, koe lantaran Indjil.

7. Ari kaoela teh geus djadi abdi eta Indjil, tina pasihan

koernija Allah, noe dipaparinkeun ka kaoela bawaning tina kamatihan kawasana.

8. Nja kaoela, panghinahinana moenggoeh di djalma saroetji, noe dipaparin ijeu sih-koernija teja, ngoewarkeun ka oerang kapir kasoegihan Kristoes noe teu beunang dikira-kira,

9. Sarta njaangkeun ka sakabeh, masingna pada ngaharti kana hal atoeran rasijah, noe ti babaheula pisan boeni di sadjĕroning Allah, noe geus ngadjadikeun saniskara lantaranana Jesoes Kristoes.

10. Soepaja ajeuna koe garedja sawarna-warnaning kaoeningaan Allah dinjahokeun ka pangkat-pangkat sarta para kawasa di sawarga,

11. Noeroetkeun pikĕrsaeun ti kalanggĕngan, noe koe andjeunna geus ditangtoskeun di djĕro Kristoes Jesoes, Goesti oerang;

12. Anoe djadi lantaran oerang teh boga kaloedeungan, djeung boga djalan keur ngadeuheus sarta kĕndĕl, koe kapĕrtjajaan ka andjeunna.

13. Koe sabab eta, panĕda kaoela, moegi oelah djadi leutik hate dina kasoekĕran kaoela keur maraneh, karana eta teh matak moelja ka maraneh.

14. Kitoe sababna noe matak kaoela ngadĕkoekeun toeoer kaoela ka pajoeneun Rama Goesti oerang Jesoes Kristoes,

15. Nja ti eta sagala bangsa pada katĕlah djĕnĕngan, boh anoe di sawarga, boh anoe di boemi;

16. Noe disoehoenkeun, moegi-moegi maraneh dipaparin, sakoemaha kasoegihan kamoeljaanana, sing pada dibĕdaskeun nja kakoewatan koe Roh andjeunna, moenggoehing di batin maraneh;

17. Soepaja Kristoes teh koe lantaran kapĕrtjajaan linggih di djĕro hate maraneh, sarta maraneh pada boga akar djeung padĕmen dina kaasihan;

18. Sangkan maraneh pada bisa ngahartikeun pisan, barĕng djeung djalma saroetji sakabeh, kana lĕgana, djeung pandjangna, djeung djĕrona, djeung loehoerna,

19. Sarta nganjahokeun kana kaasihan Kristoes, noe ngoengkoelan sagala kanjaho, soepaja maraneh pada dipinoehan tĕpi kana soegri kapinoehaning Allah.

20. Dĕmi anoe ijasa ngadamĕl kalangkoeng-langkoeng pisan ngoengkoelan ti batan sakabeh anoe djadi panĕda atawa noe djadi pikir oerang, noemoetkeun sakoemaha kawasa noe ngadamĕl di djĕro oerang,

21. Nja eta anoe koedoe dibaktian kamoeljaan di ga-

redja, noe di djĕro Kristoes Jesoes, sing toeroen-toemoeroen langgĕng salalawasna! Amin.

PASAL 4.

Pedah kitoe, kaoela noe djadi babandan tina sabab Goesti teja, mitoetoer ka maraneh: reh maraneh geus pada disaoer, loemampah teh sing sakoemaha pipantĕseunana kana pangnjaoerna;

2. Nja eta make sagala karĕndahan, djeung kasarehan, sarta make kasabaran, pada silih-sabaran dina kanjaahan;

3. Bari pada sing sarĕgĕp nĕtĕpkeun katoenggalaning Roh, koe talining karoentoetan.

4. Nja hidji badan sarta hidji Roh, sakoemaha maraneh disaoer teh kitoe keneh kana hidji bae pangarĕp-ngarĕpna pangnjaoer ka maraneh teja.

5. Hidji Goesti, hidji kapĕrtjajaan, hidji pangbanjoe;

6. Hidji Allah sarta Rama sakabeh, anoe linggih loehoereun sakabeh, sarta koe sakabeh, djeung di djĕro sakabeh.

7. Tatapi oerang masing-masing pada dipaparin sihkoernija teh koemaha bae takĕran pasihan Kristoes.

8. Koe sabab eta aja pangandika kijeu: Andjeunna geus moenggah ka loehoer, njandak bojongan, sarta geus maparinkeun pasihan ka manoesa.

9. Ari pilahir eta teh, jen andjeunna geus moenggah teja, naon hartina, lijan ti geus loengsoer heula kana ĕnggon panghandapna di boemi?

10. Anoe geus loengsoer teja, nja eta keneh anoe geus moenggah ka loehoereun sakabeh langit, soepaja minoehan saniskara.

11. Sarta nja eta pisan noe geus maparinkeun sawareh djadi rasoel, sawareh djadi nabi, sawareh djadi djoeroe indjil, sawareh djadi pangangon sarta goeroe:

12. Keur njampoernakeun djalma saroetji, pikeun pagawean njangkingan, pikeun ngadĕgkeun saliraning Kristoes;

13. Tĕpi ka oerang sakabeh teh pada datang kana katoenggalaning kapĕrtjajaan sarta kanjaho ka Poetra Allah, datang ka djadi djalma pasagi, datang ka oekoeran oemoer sakapinoehaning Kristoes.

14. Soepaja oerang oelah masih boedak bae, tjara ombak dikoetjlak-ketjlok, kabawa koe sagala angin piwoeroek, koe litjikna djalma, koe kadjoeligan baris akal mawa sasab.

15. Nja oerang teh sing pada ngestokeun kajaktian kalawan njaah, sangkan pada singsarwa ngagĕdean dina eta noe djadi

sirah teja, tĕgĕsna Kristoes.

16. Ti eta teh badan sakoedjoer, geus dirandjing-randjingkeun djeung dirapĕt-rapĕtkeun koe saniskara boeboekoean pangantet, tina bawaning migawena hidji-hidji anggahota satakĕr-satakĕrna, tinĕkan ngagĕdeanana badan teh, pikeun ngadĕgkeun maneh dina kanjaahan.

17. Koe sabab eta, kaoela mitjatoer sarta ngomat-ngomatan di djĕro Goesti, maraneh poma oelah loemampah keneh tjara bangsa kapir loemampah noeroet kasija-sijaan pikir.

18. Eta teh pada poëk akalna, djaoeh ti hiroeping Allah, tina bawaning kabodoan noe aja di djĕro dirina, tina bawaning kateuasan hatena.

19. Pedah leungit pangrasana, noe matak geus pada njĕrahkeun maneh kana kalatjoeran, baris migawe sagala roepa kanadjisan sarta djeung djodjoh.

20. Tatapi maraneh mah diwoeroek Kristoes teh lain kitoe;

21. Kitoe soteh moen maraneh geus ngadenge ka andjeunna, sarta geus diwoeroek koe andjeunna, sakoemaha kajaktian noe aja di djĕro Jesoes teja:

22. Nja eta maraneh koedoe mitjeun lampah bareto, nja kamanoesaan heubeul teja, noe diroeksak koe sagala napsoe gogoda;

23. Djeung maraneh koedoe dianjarkeun moenggoeh dina soekmaning pikir maraneh,

24. Sarta make kamanoesaan anjar, noe didjadikeunana ngala ka Allah, watĕkna kabĕnĕran sarta kasoetjian noe sajakti.

25. Koe sabab eta, geura pada mitjeun bohong, koedoe ngomong noe sajakti, oenggal-oenggal djalma djeung kantjana: karana oerang djadi anggahota batoer pada batoer.

26. Moen maneh ambĕk, oelah koengsi matak dosa; ambĕk maneh oelah kasĕdĕk koe soeroepna panon-poë;

27. Sarta oelah rek ngĕnggonkeun Iblis.

28. Ari noe tadina maling, poma oelah maling deui, anggoer makaja, migawe pagawean hade koe leungeun, soepaja boga pikeun toetoeloeng ka noe boetoeh.

29. Soengoet maneh oelah ngabidjilkeun omong tjawokah, nja koedoe ngabidjilkeun teh anoe hade pikeun ngadĕgkeun pĕrtjaja koemaha mistina bae, soepaja ngadatangkeun bĕrkah ka noe ngadenge.

30. Djeung oelah migawe noe matak ngĕrik Roh Allah noe soetji, nja eta noe geus dianggo ngĕtjap ka maraneh keur baris poëan dileupaskeun.

31. Saniskara panas-ati, djeung poendoeng, djeung ambĕk, djeung hahaok, djeung ngagogoreng sing didjaoehkeun ti maraneh, djeung sagala bae kagorengan.

32. Nja moedoe silih-pikawĕlas djeung silih-pikawatir, sarta djeung silih-hampoera, sapĕrti Allah ge di djĕro Kristoes geus ngahampoera ka maraneh.

PASAL 5.

Koe sabab eta, maraneh sing niroe ka Allah, sapedah maraneh poetra kaasih;

2. Sarta loemampah teh koedoe djeung kanjaahan, sapĕrti Kristoes ge miasih ka oerang, sarta geus njĕrahkeun andjeun keur pimangpaateun oerang, ngadjadi pangabakti reudjeung koerban, djadi aämbeuan anoe seungit bade ka Allah.

3. Ari djinah, djeung saniskara kanadjisan, atawa kapĕrĕtjitan, oelamoen aja di tĕngah maraneh, disĕboet oge oelah; nja eta teh pĕrloe pisan di djalma saroetji;

4. Kitoe keneh kanistaan, atawa ngomong tjĕmplang-tjĕmploeng djeung banjol, eta teh teu pantĕs; noe pantĕs mah moedji soekoer.

5. Karana maraneh geus pada njaho, ari djalma djinah, atawa noe nadjis, atawa noe pĕrĕtjit, (noe sasat njĕmbah ka brahala), teu boga warisan dina karadjaan Kristoes sarta Allah.

6. Poma-poma maraneh oelah koengsi kagĕndam koe djalma make omongan gapong; sabab lampah kitoe teh ngadatangkeun bĕbĕndoening Allah ka sakoer anak kabahaan.

7. Manana oelah rek babatoeran djeung djalma kitoe.

8. Karana maraneh tadina teh poëk, dĕmi ajeuna mah pada tjaang koe Goesti. Nja loemampah teh sing sakoemaha anak tjaang;

9. (Karana boewah tjaang teh nja eta saniskara kahadean, djeung kabĕnĕran, sarta kajaktian);

10. Sarta koedoe pada ngararasakeun naon noe pikamanaheun koe Goesti.

11. Djeung oelah biloek kana pagawean poëk noe taja hasilna, anggoer leuwih hade tjawad.

12. Sabab anoe dipigawe ririkipan koe eta teh, diomongkeun oge geus nista.

13. Tatapi eta sakabeh lampah teh, ana geus ditjawad koe tjaang, katara; karana sakoer anoe beh katara mah, nja tjaang.

14. Koe sabab eta aja pangandika kijeu: Geura njaring, eh maneh anoe heës,

geura hoedang ti noe paraeh, sarta Kristoes bakal njaangan ka maneh!

15. Koe sabab eta masing pada ijatna, maraneh loemampah teh koedoe make tĕmahwadi, oelah tjara anoe boeroeng, nja sing tjara anoe pintĕr;

16. Sarta djadjadikeun mangsa, karana poë teh goreng.

17. Manana maraneh oelah rek bodo, nja koedoe pada ngahartikeun naon anoe djadi pangĕrsa Goesti.

18. Djeung oelah rek mabok koe tji-anggoer, eta teh noengtoen kana kalatjoeran; bĕnĕrna mah pada sing djadi pinoeh koe Roh,

19. Sarta sasaoeran teh djeung batoer koedoe make djaboer, djeung poepoedjian, sarta njanjian rohani, djeung njanji sarta moedji ka Goesti sadjĕro hate maraneh;

20. Djeung salawasna koedoe pada ngoetjap soekoer ka Allah Rama tina sabab saniskara, mawa djĕnĕngan Goesti oerang Jesoes Kristoes,

21. Bari sing silih-esto djeung batoer bawaning sijeun koe Kristoes.

22. Eh sakoer awewe! sing pada ngesto ka salaki maneh, koemaha tjara ka Goesti;

23. Sabab lalaki teh sirah awewe, sapĕrti Kristoes ge sirah garedja; sarta nja andjeunna teh Djoeroe-salamĕt salirana teja.

24. Koe sabab eta, sapĕrti garedja ngesto ka Kristoes, nja kitoe keneh awewe koedoe pada ngesto ka salakina dina sagala pĕrkara.

25. Eh sakoer lalaki! sing pada njaah ka pamadjikan maneh, sapĕrti Kristoes ge miasih ka garedja, sarta geus njĕrahkeun andjeun nja keur mangpaat eta;

26. Kĕrsana teh rek disoetjikeun, sanggeus koe andjeunna dibĕrĕsihkeun koe tji-panjebor teja barĕng pangandika;

27. Soepaja ngadjagragkeun garedja teh di pajoeneun salira andjeunna moelja, hanteu tjerong, atawa karĕdjoet, atawa sapapadana, nja soepaja soetji sarta taja pikatjawadeunana.

28. Nja kitoe keneh moenggoeh lalaki wadjib njaah ka pamadjikan, satjara ka awakna sorangan. Tijap-tijap noe njaah ka pamadjikan, eta teh njaah ka dirina.

29. Karana salalawasna ge tara aja noe geuleuh ka awak sorangan; ĕnjana mah dibajoean sarta digĕtenan, sapĕrti Goesti ge ka garedja kitoe keneh.

30. Sabab oerang teh anggahota salirana, asal ti daging

andjeunna sarta ti toelang andjeunna.

31. Koe sabab eta djalma bakal ninggalkeun indoengbapana, toeloej ngarakĕtan ka pamadjikanana; ari eta doewanana bakal djadi sadaging.

32. Eta teh rasijah gĕde; ari ditjatoerkeunana koe kaoela nĕnggĕl ka Kristoes reudjeung garedjana.

33. Sabalikna maraneh oge, oenggal-oenggal djalma koedoe pada njaah ka pamadjikan, sing sakoemaha ka awak sorangan; ari awewe mah, masing sijeun koe salakina.

PASAL 6.

Eh sakoer baroedak! sing pada noeroet ka indoeng-bapa maneh di djĕro Goesti; karana lampah kitoe teh bĕnĕr.

2. Koedoe masing hormat ka bapa sarta ka indoeng, (nja eta timbalan pangheulana anoe make pĕrdjangdjian);

3. Soepaja maneh djamoega, sarta pandjang oemoer di boemi.

4. Ari maraneh, eh sakoer bapa! poma oelah njijeun piambĕkeun anak maraneh; bĕnĕrna mah koedoe dimoemoele kalawan piwoeroek sarta pangwarah ti Goesti.

5. Eh sakoer noe ngaboedjang! sing pada noeroet ka djoeragan maneh di lahir, moedoe djeung sijeun sarta ngagidir, kalawan langsarna hate maraneh, sakoemaha ka Kristoes;

6. Oelah make ngawoela ngan hareupeun bae, tjara noe ngarah dipikarĕsĕp koe djalma, nja moedoe sakoemaha kawoelaning Kristoes, ngestoekeun pangĕrsa Allah tĕroes reudjeung hate;

7. Sarta ngawoela djeung satĕmĕnna, sakoemaha ka Goesti, lain ka djalma;

8. Sapedah maraneh pada njaho, naon bae kahadean noe geus dipigawe koe oenggaloenggal djalma, eta tangtoe pinampaeun gandjaranana ti Goesti, boh anoe koemawoela, boh anoe mĕrdika.

9. Ari maraneh, eh sakoer djoeragan! koedoe pon kitoe keneh nja milampah ka boedjang, oelah make ngamangngamang, rehna pada njaho, jen Goesti itoe nja Goesti maraneh keneh linggih di sawarga, sarta moenggoeh di andjeunna mah hanteu pisan pilih-kasih.

10. Djeung deui, eh doeloer-doeloer kaoela! sing pada djadi koewat di djĕro Goesti, sarta dina kabĕdasan kawasana.

11. Pake koe maraneh salĕngkĕping pakarang Allah, soepaja maraneh bisa tagĕn ngalawan sagala akal kalitjikan Iblis.

12. Sabab oerang pĕrang teh lain djeung daging sarta gĕtih, ĕnjana mah djeung sakabeh pangkat-pangkat, djeung noe pada moerba, djeung noe pada njakrawati poëkna djaman ijeu, djeung sakoer soekma djaroelig di awang-awang.

13. Koe sabab kitoe, geura tjokot salĕngkĕping pakarang Allah, soepaja maraneh koewat ngalawan dina mangsa poëan goreng, sarta ari geus ngalampahkeun saniskara teh, tagĕn.

14. Manana sing tĕgĕr nangtoeng, tjangkeng maraneh disaboek koe kajaktian, djeung dibadjoe-kĕre koe kabĕnĕran;

15. Djeung soekoe disapatoean koe samaktana Indjil kasĕnangan.

16. Toeroeg-toeroeg tjokot kĕpĕng kapĕrtjajaan, nja koe eta maraneh bisa mareumkeun sakabeh djamparing seuneu si goreng teja.

17. Sarta tjokot balakoetak kasalamĕtan, djeung pĕdanging Roh, tĕgĕsna pangandika Allah.

18. Djeung salalawasna koedoe nĕnĕda koe Roh, kalawan saniskara panĕda reudjeung panjambat, sarta barĕngan koe njaring noe teu pĕgat-pĕgat, bari mangnjambatkeun sadajana djalma saroetji;

19. Kitoe deui ka diri kaoela, soepaja kaoela moegi dipaparin pangandika dina ngangah soengoet kaoela, baris kaoela djeung kaloedeungan ngoewarkeun rasijah Indjil;

20. Nja tina sabab eta teh kaoela piwarangan njandang rante; - soepaja kaoela bisa njatoerkeun eta djeung kaloedeungan, sakoemaha mistina kaoela njatoerkeun.

21. Djeung soepaja maraneh ge pada njaho kana hal pĕrkara kaoela, sarta kana lalampahan kaoela, saniskarana mĕngke ka maraneh ditjaritakeun koe Tihikoes, doeloer kaasih sarta sarat satoehoe di djĕro Goesti;

22. Eta koe kaoela geus dititah ka maraneh, kitoe anoe dipambrih, soepaja maraneh pada njaho kana hal pĕtana kaoela, djeung soepaja eta ngalilipoer kana hate maraneh.

23. Moegi-moegi doeloer-doeloer pada dipaparin kasĕnangan, djeung kanjaahan barĕng kapĕrtjajaan, ti Allah Rama, sarta ti Goesti Jesoes Kristoes.

24. Sih-koernija teh moegi-moegi njarĕngan ka sadajana djalma anoe njaah ka Goesti oerang Jesoes Kristoes sarta teu bejak-bejak. Amin.

IJEU SĔRAT TI RASOEL PAOELOES
KA OERANG PILIPI.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Paoeloes djeung Timoteoes, abdi Jesoes Kristoes, doematĕng sadaja djalma saroetji di djĕro Kristoes Jesoes, noe aja di nagara Pilipi, sarta ka para pangoeroes reudjeung ka para djoeroe-laden:

2. Moegi-moegi maraneh pada dipaparin sih-koernija reudjeung kasĕnangan ti Allah, Rama oerang, sarta ti Goesti Jesoes Kristoes!

3. Kaoela moedji soekoer ka Allah kaoela, saban-saban kaoela ras ingĕt ka maraneh.

4. Djeung salawasna dina sakabeh panĕda kaoela, teu loewang mangnĕdakeun maraneh sakabeh sarta kaboengahan,

5. Tina sabab katoenggalan maraneh teh djeung Indjil, ti poë barang-mimiti dongkap ka ajeuna;

6. Djeung bari nangtoekeun dina pikir kaoela, ari noe mitĕmbĕjan ngadamĕl padamĕlan hade di djĕro hate maraneh teja, tanwande bakal marantoskeun eta dongkap kana poëan Jesoes Kristoes.

7. Nja pantĕs lĕbah kaoela ngangkeuhkeun kitoe ka maraneh sadaja, sabab maraneh aja dina hate kaoela, ari dina kaoela njandang barogod, djeung dina kaoela manglawankeun sarta ngajakinkeun Indjil, maraneh teh sakabeh pada miloe ngabogaan sihkoernija djeung kaoela.

8. Karana Allah teh saksi kaoela, jen kaoela hajang pisan papanggih djeung maraneh sakabeh kalawan tjitĕrĕs Jesoes Kristoes.

9. Sarta ijeu noe koe kaoela disoehoenkeun teh, nja kanjaahan maraneh moegi mingkin tambah deui tambah deui moenggoeh dina kanjaho sarta dina saniskara pangrasa,

10. Soepaja maraneh bisa njoba-njoba naon noe hade naon noe goreng, sangkan maraneh sadjati, euweuh anoe matak tatadjongan baris dina poëan Kristoes;

11. Pinoeh koe boewah kabĕnĕran, noe koe lantaran Jesoes Kristoes matak ngadjadikeun kamoeljaan reudjeung poedji bade ka Allah.

12. Djeung deui, eh doeloer-doeloer! kaoela mere njaho ka maraneh, ari noe

kasorangkeun ka kaoela teh, eta geus leuwih pisan nja matak madjoekeun Indjil,

13. Datang ka barogod kaoela geus katara jen tina sabab Kristoes, di sagĕdong pangadilan djeung ka sakabeh lijan ti dinja;

14. Sarta ari doeloer-doeloer di djĕro Goesti teh, anoe reja mah kakĕndĕlan koe barogod kaoela, noe matak tambah kawanianana njatoerkeun pangandika djaoeh kana sijeun.

15. Nja aja oge sawareh ngoewarkeun Kristoes teh koe bawaning dĕngki sarta hajang paseja, tatapi sawareh deui mah ngoewarkeunana koe bawaning soeka.

16. Ari itoe pangoewarkeunana Kristoes teh tina hajang paseja, hanteu bĕrĕsih, panjanana ngawoewoehkeun kasoekĕran kana barogod kaoela;

17. Tatapi ari eta mah tina kanjaahan, pedah njarahoëun jen kaoela teh dibakoekeun manglawankeun Indjil.

18. Djadi ajeuna koemaha? Parandene kitoe ge, boh dipake paminding, boh djeung saĕnja-ĕnjana, da geuning Kristoes keneh bae anoe dioewarkeun teh; nja eta koe kaoela dipake boengah, sarta bakal dipake boengah bae.

19. Sabab kaoela njaho, jen eta teh kadjadjadianana tangtoe matak salamĕt kaoela, koe bĕrkah panĕda maraneh sarta koe pitoeloeng Roh Jesoes Kristoes;

20. Nja sakoemaha noe dipikahajang sarta diarĕp-arĕp koe kaoela, jen kaoela teh dina saniskara oge moal kawiwirangan; satĕgĕsna mah djeung sakoer kaloedeungan, koemaha adat sasari, nja kitoe keneh ajeuna, Kristoes teh bakal kaagoengkeun dina awak kaoela, boh koe hiroep kaoela, boh koe paeh kaoela.

21. Karana hiroep kaoela teh Kristoes, sarta paeh teh kaoentoengan kaoela.

22. Tatapi lamoen hiroep di djĕro daging teh matak kaoela aja boewah pagawean, - sarta mana noe dek dipilih, eta kaoela alim teuing.

23. Sabab kaoela disĕdĕkkeun koe doewa pĕrkara: aja hajang ninggal, sarta reureudjeungan djeung Kristoes, karana eta teh leuwih hade katjida.

24. Tatapi ari tĕtĕp di djĕro daging mah, eta leuwih pĕrloe tina sabab maraneh.

25. Sarta tina bawaning panganđĕl kitoe kaoela njaho, jen kaoela teh bakal tĕtĕp, sarta tĕtĕp reureudjeungan djeung maraneh sakabeh, nja baris pimadjoeëun maraneh sarta baris kaboengahaning kapĕrtjajaan;

26. Soepaja sing leuwih pisan pamoedji maraneh teh di djĕro Kristoes Jesoes koe karana kaoela, tina sabab kaoela datang deui ka maraneh.

27. Ngan maraneh loemampah teh moedoe sing sakoemaha pipantĕseunana kana Indjil Kristoes, soepaja, boh kaoela datang sarta tĕpoeng djeung maraneh, boh keur djaoeh, kaoela ngadenge hal maraneh, jen maraneh teh pada tĕgĕr toenggal saroh, sarta pada sapikir ngabantoe mangmĕrangkeun kapĕrtjajaan kana Indjil,

28. Djeung teu pisan gimir koe noe ngamoesoeh; eta teh alamat karoeksakan ka itoe, ari moenggoehing ka maraneh mah alamat kasalamĕtan, sarta kitoe teh ti Allah.

29. Karana maraneh geus pada dipasihan koernija tina sabab Kristoes, lain woengkoel pĕrtjaja bae ka Kristoes teh, malah djeung njandang sangsara tina sabab andjeunna;

30. Da maraneh pĕrang saroewa bae, sakoemaha noe koe maraneh bareto katendjo di kaoela, sarta ajeuna kadenge ti kaoela.

PASAL 2.

Ari ajeuna moen aja panglilipoer di djĕro Kristoes, moen aja pangoepahing kanjaahan, moen aja katoenggalan Roh, moen aja karoenja sarta kawĕlasan:

2. Tjing geura toetoegkeun kaboengahan kaoela, nja moedoe masing samijoek, saroewa nja kanjaahan, sapikir djeung sapangrasa.

3. Oelah milampah naonnaon koe tina hajang paseja, atawa ngarah kahormatan gapong; bĕnĕrna mah koe karĕndahan ati moedoe pada ngangkeuhkeun batoer poendjoel ti batan diri sorangan.

4. Oelah pada nolih kangeunahan pribadi, nja moedoe pada nolih deui kangeunahan batoer.

5. Sabab maraneh pangrasa teh moedoe sakoemaha pangraos Kristoes Jesoes;

6. Ari eta, keur nganggo roepaning Allah, sami teh djeung Allah koe andjeunna banteu dimanah ngarampog;

7. Nadjan kitoe seug ngeuweuhkeun andjeun, ngalap roepa kawoela, djadi saroewa djeung manoesa,

8. Sarta kapĕndak sarimbag djeung manoesa. Andjeunna teh geus ngahandapkeun andjeun, djadi anoet moenggah datang ka poepoes, nja datang ka poepoes dina kai-dipalang.

9. Tina sabab kitoe, andjeunna koe Allah geus diloehoerkeun kalangkoeng pisan, sarta dipasihan djĕnĕngan poendjoel ti sakabeh ngaran,

10. Soepaja sakabeh toeoer, sakoer anoe aja di sawarga, sarta noe aja di boemi, djeung noe aja di sahandapeun boemi, pada darĕkoe, mawa djĕnĕngan Jesoes,

11. Djeung soepaja sakabeh letah pada ngakoekeun, jen Jesoes Kristoes teh Goesti, pikeun kamoeljaan Allah Rama.

12. Koe sabab eta, eh kaasih kaoela! sapĕrti maraneh salawasna noeroet, oelah mangsa keur djonghok kaoela bae, soemawonna ajeuna keur kaoela djaoeh, koedoe pada njijeun kasalamĕtan diri maraneh kalawan sijeun sarta ngagidir.

13. Karana nja Allah anoe ngadamĕl di djĕro maraneh teh hajang sarta djeung praknа ngalampahkeun, tina sabab kasoekaanana.

14. Saniskara teh lampahkeun oelah djeung gĕgĕlĕndĕng sarta malikkeun omong;

15. Soepaja maraneh oelah aja tjawadeun sarta sing bĕrĕsih, djadi Poetra Allah, euweuh koetjiwana tjitjing teh di tĕngah bangsa bengkok sarta tibalik pikir, ari di tĕngah eta teh maraneh ngagĕntjlang sapĕrti damar di doenja;

16. Pada mintonkeun pangandika kahiroepan, keur pipamoedjieun kaoela dina poëan Kristoes, jen kaoela loemampah teh hanteu gaplah, kitoe deui digawe teh hanteu gaplah.

17. Tatapi sanadjan kaoela datang ka didjadikeun koerban inoeman ge, ditjitjikeun bari ngoerban sarta manghoeloean kapĕrtjajaan maraneh, kaoela mah boengah, sarta miloe boengah djeung maraneh sakabeh.

18. Moenggoeh maraneh ge moedoe pada boengah tina sabab kitoe, sarta miloe boengah djeung kaoela.

19. Sarta kaoela aja pangharĕpan di djĕro Goesti Jesoes, moal lila ge nitahan Timoteoes ka maraneh, soepaja kaoela ge sĕnang, samangsa kaoela meunang bedja hal pĕrkara maraneh.

20. Karana kaoela taja deui noe sapikir tjara eta, tangtoe tĕmĕn pisan ngoeroeskeun hal pĕrkara maraneh.

21. Karana ari noe loba mah pada ngoeroes anoe dirina sorangan, lain ngoeroes anoe Kristoes Jesoes.

22. Ari moenggoeh Timoteoes mah maraneh pada njaho kaestoeanana, jen geus ngabdi reudjeung kaoela dina Indjil, sakoemaha tjara anak ka bapa.

23. Pangharĕpan kaoela, dimana kaoela geus tĕrang pitĕmaheunana pĕrkara kaoela, ngageuwat nitahan eta.

24. Tatapi kaoela di djĕro Goesti geus nangtoekeun, jen

kaoela sorangan ge bakal tereh bisa ngadatangan.

25. Tatapi kaoela boga rasa pĕrloe nitahan ka maraneh Epaproditoes, doeloer kaoela, sarta pangbantoe digawe, djeung batoer sasama pĕrang, noe djadi djoeroengan maraneh sarta poerah ngaladenan pangaboetoeh kaoela.

26. Noe matak dititah, tina sabab hajangeun papanggih djeung maraneh sakabeh, sarta bangĕt mĕlangna, pedah maraneh geus ngadenge bedja jen dirina teh boga panjakit.

27. Ĕnja eta teh tadina boga panjakit tamah, wani bis-bis maot; ngan tatapi Allah miwĕlasan ka dinja, sarta lain ka dinja bae, malah ka diri kaoela oge, soepaja kaoela nalangsa teh oelah katambah deui nalangsa.

28. Tina sabab kitoe mingkin geuwat dititah koe kaoela, soepaja maraneh, ari nendjo ka eta, seug pada boengah deui, sarta diri kaoela kasoedaan nja nalangsa.

29. Eta koe maraneh akoe di djĕro Goesti kalawan sagala kaboengahan, djeung moedoe ngadjenan ka djalma noe kitoe.

30. Sabab nja koe karana padamĕlan Kristoes noe matak datang ka bis-bis maot teh, tega ka patina, bawaning hajangeun njoekoepan anoe koerang keneh pangalaladenan maraneh teh ka kaoela.

PASAL 3.

Djeungna deui, eh doeloer-doeloer kaoela! sing pada boengah di djĕro Goesti. Njoeratan kitoe-kitoe keneh ka maraneh, kaoela teh moal djoehal, sarta matak santosa ka maraneh.

2. Geura tarendjokeun andjing teja, geura tarendjokeun djalma goreng njĕkĕl gawe, geura tarendjokeun soesoenatan teu poegoeh.

3. Karana ari noe disoenatan saestoe mah nja oerang, noe ngabakti ka Allah koe Roh, sarta moedji maneh tina hal Kristoes Jesoes, djeung hanteu ngandĕlkeun daging.

4. Halta di kaoela ge aja pĕrkara daging andĕlkeuneun. Lamoen anoe sedjen boga rasa, jen dirina aja andĕlkeuneun pĕrkara daging, kaoela mah komo:

5. Disoenatan oemoer dalapan poë, bangsa Israil, kaom Boenjamin, oerang Ibrani toeroenan ti Ibrani; moenggoeh hal Toret, kaoela ahli parisi;

6. Moenggoeh hal kasarĕgĕpan, kaoela djalma nganijaja garedja; moenggoeh hal kabĕnĕran noe dina Toret teja, kaoela euweuh tjawadeun.

7. Tatapi anoe djadi kaoentoengan kaoela teh, eta koe

kaoela diangkĕn karoegian.

8. Saĕnja-ĕnjana mah, saniskara ge koe kaoela diangkĕn karoegian bae, koe tina kaahenganana kanjaho ka Kristoes Jesoes, Goesti kaoela; nja tina sabab andjeunna kaoela geus tjoel, daek karoegian eta saniskara, datang ka diangkĕn roentah, soepaja kaoela meunang Kristoes djadi kaoentoengan kaoela;

9. Sarta kapanggih aja di djĕro andjeunna, lain boga kabĕnĕran kaoela pribadi anoe ti Toret, boga teh kabĕnĕran anoe datang koe kapĕrtjajaan ka Kristoes, tĕgĕsna kabĕnĕran anoe ti Allah, lantaran kapĕrtjajaan;

10. Sangkan kaoela nganjahokeun ka Kristoes, djeung kana kamatihan tanghina, sarta kana toenggal djeung kasangsaraanana, djadi sakaroepa djeung poepoesna;

11. Malah-mandar kaoela datang ka bisa hoedang deui ti noe paraeh.

12. Lain pisan jen geus beunang koe kaoela, atawa kaoela ĕnggeus sampoerna; ĕnjana mah diobrek-obrek, malah-mandar koe kaoela katewak, sapedah diri kaoela ge geus ditewak koe Kristoes.

13. Eh doeloer-doeloer! kaoela teu pisan-pisan boga angkeuh, jen geus katewak koe kaoela.

14. Ngan kaoela milampah ijeu hidji pĕrkara: noe ka toekang dipopohokeun, sarta tjondong ka noe di hareup, moro-moro kana tĕtĕngĕr, noedjoe gandjaranana pangnjaoer Allah ti sawarga di djĕro Kristoes Jesoes.

15. Ari oerang, sakoer-sakoer noe sampoerna, hajoe pada boga rarasaan kitoe; sarta oepama maraneh dina naon-naon aja rarasaan salija, eta ge koe Allah tangtoe bakal diebrehkeun ka maraneh.

16. Ngan anoe geus beunang koe oerang, dina eta oerang loemampah teh koedoe sing satata sarta sing sapangrasa.

17. Moedoe sing pada niroe ka kaoela, eh doeloer-doeloer! sarta arawaskeun ka sakoer noe loemampah tjara kaoela, reh kaoela teh pada djadi toeladan toeroetaneun maraneh.

18. Karana reja pisan djalma, geus rĕmĕn koe kaoela ditjatoerkeun ka maraneh, ajeuna ditjatoerkeun deui bari ragragan tjipanon, eta teh ngamoesoeh ka kai-dipalang Kristoes.

19. Ari noe kitoe teh panoengtoenganana karoeksakan, ari miallahna ka beuteungna, noe djadi kamoeljaanana teh wiwirangna, sarta malikiranana barang doenja bae.

20. Tatapi ari lalampahan oerang mah aja di sawarga; nja ti dinja pisoempingeunana Djoeroe-salamĕt teh, noe koe oerang diarĕp-arĕp teja, tĕgĕsna Goesti Jesoes Kristoes,

21. Anoe bakal njalin ijeu badan oerang noe hina, sangkan sakaroepa reudjeung salira andjeunna noe moelja, koe kamatihanana, noe djadi lantaran matak ijasaeun naloekkeun saniskara ka andjeunna.

PASAL 4.

Koe sabab eta, eh doeloer-doeloer kaoela noe kaasih sarta dipikangĕn, kaboengahan sarta makoeta diri kaoela, moedoe sing pada tĕgĕr kitoe di djĕro Goesti teh, eh kaasih!

2. Kaoela mamatahan ka Ewodia, sarta mamatahan ka Sintika, koedoe roentoet di djĕro Goesti.

3. Sarta panĕda kaoela ka maneh, eh batoer kaoela noe satoehoe! moedoe toetoeloeng ka eta teh, noe geus pada ngabantoe pĕrang ka kaoela dina hal Indjil, reudjeung Klemen sarta djeung pangbantoe kaoela sadjaba ti dinja, ari eta ngaranna aja dina kitab kahiroepan.

4. Sing pada boengah di djĕro Goesti saĕndĕng-ĕndĕng; kaoela ngelingan deui: sing pada boengah!

5. Kalamisan ati maraneh moedoe katangen koe sakabeh djalma. Goesti teh geus deukeut.

6. Poma oelah rek salĕmpang naon-naon; ari dina saniskara, anoe dipikahajang koe maraneh teh, oendjoekkeun ka Allah koe panĕnĕda reudjeung panjambat, barĕngan koe moedji soekoer.

7. Sarta ari kasĕnangan Allah teh, noe ngoengkoelan sagala pangarti, tangtoe ngaraksa hate reudjeung pikir maraneh di djĕro Kristoes Jesoes.

8. Djeungna deui, eh doeloer-doeloer! saniskara noe sajakti, saniskara noe prajoga, saniskara anoe bĕnĕr, saniskara anoe soetji, saniskara noe pikanjaaheun, saniskara noe hade oenina, naon bae lampah kahadean sarta naon bae lampah kapoedjian, nja eta teh geura palikiran.

9. Sakoer bae noe geus diwoeroekkeun ka maraneh, djeung noe geus katampa, sarta noe geus kadenge, djeung noe geus katendjo di kaoela, nja eta teh lalampahkeun; ari kitoe mah, Allah noe kagoengan sagala kasĕnangan tangtoe njarĕngan ka maraneh.

10. Ari kaoela teh meunang kaboengahan liwat-saking di djĕro Goesti, pedah maraneh ajeuna geus kahoedang ngingĕtkeun deui ka kaoela; nja

tadi ngingĕtkeun oge, ngan maraneh hanteu kaoer balas halangan.

11. Noe matak kaoela ngomong kitoe teh, lain pisan sabab aja kakoerangan; karana kaoela geus diadjar njoekoepkeun saaja-ajana di kaoela.

12. Kaoela apal kana dihandapkeun, kitoe deui apal kana boga leuwihan; ka oenggal-oenggal pĕrkara sarta ka sakabeh kaoela teh geus dipahamkeun, tjat ka seubeuh tjat ka kĕntel, boh boga leuwihan boh kakoerangan.

13. Kaoela bisa saniskara, koe Kristoes noe maparin kakoewatan ka kaoela.

14. Parandene kitoe ge, hade pisan eta lampah maraneh teh ngabelaan kana kasoekĕran kaoela.

15. Malah maraneh ge, oerang Pilipi! pada njaho, keur anjaran Indjil, basa kaoela ka loewar ti Makĕdoni teja, taja pisan garedja ngagandjĕl-gandjĕl kaoela kana hal itoengan nampa-ngaloewarkeun, ngan kadjaba diri maraneh woengkoel.

16. Karana malah keur kaoela di Tesalonika ge, maraneh ngiriman ka kaoela sakali sarta mindo, adjang pangaboetoeh kaoela.

17. Lain pisan kaoela jen mambrih pamere, ari noe dipambrih teh boewahna; dĕmi eta teh ngarĕkahan adjang itoengan maraneh.

18. Ari kaoela teh sagala katjoekoepan, moenggah datang ka leuwihan; kaoela teh moekti, sanggeus nampa ti Epaproditoes pangirim maraneh teja, saibarat aämbeuan anoe seungit, koerban noe dianggo kasĕdĕp sarta kamanah koe Allah.

19. Sabalikna Allah kaoela tangtoe njoekoepan sapangaboetoeh maraneh, noemoetkeun sakoemaha kasoegihanana, kalawan kamoeljaan, lantaran Kristoes Jesoes.

20. Ari Allah, Rama oerang, koedoe dibaktian kamoeljaan langgĕng salalawasna. Amin.

21. Pangnĕpikeun salam kaoela ka sadajana djalma saroetji di djĕro Kristoes Jesoes. Ari doeloer-doeloer noe barĕngan djeung kaoela ngirim salam ka maraneh.

22. Sadajana djalma saroetji ngirim salam ka maraneh, soemawonna oerang karaton praboe.

23. Moegi-moegi sih-koernija Goesti oerang Jesoes Kristoes njarĕngan ka maraneh sadaja. Amin.

IJEU SĔRAT TI RASOEL PAOELOES
KA OERANG KOLOSA.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Paoeloes, rasoel Jesoes Kristoes, koe pangĕrsa Allah, reudjeung ti Timoteoes saderek,

2. Doematĕng doeloer-doeloer di djĕro Kristoes noe saroetji sarta pĕrtjaja, di nagara Kolosa: moegi-moegi maraneh pada dipaparin sihkoernija reudjeung kasĕnangan ti Allah, Rama oerang, sarta ti Goesti Jesoes Kristoes!

3. Kaoela maroedji soekoer ka Allah, Rama Goesti oerang Jesoes Kristoes, sarta salalawasna mangnĕdakeun maraneh,

4. Sapedah kaoela geus ngadenge hal kapĕrtjajaan maraneh ka Goesti Jesoes, sarta kanjaahan maraneh ka sakabeh djalma saroetji,

5. Tina sabab pangarĕpngarĕp, noe ditjadangkeun pikeun maraneh di sawarga; hal eta koe maraneh geus kadenge bareto, koe lantaran pangandika kajaktian, tĕgĕsna Indjil.

6. Noe geus datang ka maraneh, malah ka sadoenja kabeh, sarta boewahan, sapĕrti di maraneh ge kitoe keneh, ti watĕs poëan maraneh ngadenge eta, sarta narimakeun kana sih-koernija Allah reudjeung saestoena;

7. Sakoemaha noe geus diwoeroekkeun ka maraneh koe Epapras, batoer kaoela kaasih sasama ngabdi, noe djadi abdi Kristoes satoehoe pisan, keur ngamangpaatan maraneh;

8. Eta noe geus moepoelihkeun ka kaoela kanjaahan maraneh di djĕro Roh.

9. Koe sabab kitoe, ti watĕs poëan ngadenge eta, kaoela teu pĕtot-pĕtot mangnĕdakeun sarta mangnjoehoenkeun maraneh, soepaja maraneh moegi-moegi dipinoehan koe kanjaho ka kĕrsana, dina saniskara kapintĕran sarta kasoertian rohani;

10. Sangkan maraneh loemampah teh sakoemaha pipantĕseunana ka Goesti, sarta singsarwa pikamanaheun, koe bawaning boewahan dina saliring panggawe noe hade, sarta ngagĕdean dina kanjaho ka Allah;

11. Djeung pada dikoewatkeun koe sagala kakoewatan, sakoemaha kabĕdasan kamoeljaanana, baris sagala kamantĕpan sarta kasabaran, barĕng kaboengahan;

12. Bari moedji soekoer ka Rama, noe geus ngalajakkeun diri oerang baris pikadoeoemeun warisan djalma saroetji di noe tjaang;

13. Noe geus ngaloewarkeun oerang ti pangawasana poëk, sarta dipindahkeun ka karadjaan Poetra kaasihna,

14. Noe ngalantarankeun oerang meunang kaleupasan koe gĕtihna, tĕgĕsna dihampoera dosa.

15. Nja andjeunna teh kanjataan Allah noe hanteu katingal, tjikal sagala mahloek.

16. Sabab nja lantaran andjeunna saniskara barang didjadikeunana, nja anoe di sawarga, nja anoe di boemi, noe katendjo djeung noe teu katendjo, boh sakoer palinggihan, boh para gĕgĕden, boh pangkat-pangkat, boh para kawasa; saniskara teh didjadikeunana koe andjeunna sarta bade ka andjeunna;

17. Malah andjeunna aja teh heulaeun saniskara, sarta ari saniskara pangajana koe andjeunna.

18. Sarta andjeunna teh sirahing salira, tĕgĕsna garedja. Nja andjeunna noe mimiti, tjikal tanghi pangheulana ti sakoer djalma noe paeh, soepaja andjeunna anoe djadi pangheulana dina saniskara.

19. Sabab ari kasoekaan Rama teh sakabeh kapinoehan diĕnggonkeun di sadjĕro andjeunna,

20. Sarta koe lantaran andjeunna ngarapihkeun saniskara ka salira Rama, djalan ngadamĕl karoentoetan koe gĕtihna kai-dipalang, nja koe lantaran andjeunna, boh noe aja di boemi, boh noe aja di sawarga.

21. Samalah maraneh oge, noe tadina pisah, djeung ngamoesoeh koe watĕk dina panggawe garoreng teja, ajeuna koe andjeunna geus dirapihkeun,

22. Dina salira dagingna, koe poepoesna, soepaja ngadjagragkeun maraneh di pajoeneun andjeunna saroetji sarta taja pikatjawadeun djeung taja kĕlakkeuneun;

23. Kitoe soteh moen maraneh tĕtĕp dina kapĕrtjajaan, aja padĕmenan sarta pada reugreug, djeung hanteu obah tina pangarĕp-ngarĕp Indjil, noe geus kadenge koe maraneh, noe geus dioewarkeun ka lĕbah sakabeh mahloek noe aja di kolong langit. Ari kaoela Paoeloes geus djadi abdina.

24. Ajeuna kaoela teh boe-

ngah dina kasangsaraan kaoela keur maraneh, sarta anoe koerang keneh kasoekĕran Kristoes, koe kaoela di djĕdjĕgan dina daging kaoela pikeun salirana, tĕgĕsna garedja.

25. Ari kaoela teh geus djadi abdi eta, tina atoeran Allah, noe geus dipasihkeun ka kaoela keur ka maraneh, baris kaoela mĕtakeun pangandika Allah:

26. Nja eta rasijah, anoe boeni ti babaheula sarta ti barang aja manoesa, dĕmi mangsa ajeuna mah geus diebrehkeun ka djalma saroetji kagoenganana;

27. Ka dinja Allah geus ngĕrsakeun maparin njaho kana kasoegihanana kamoeljaan eta rasijah di lĕbah oerang kapir, nja eta teh Kristoes di maraneh, pangarĕpngarĕp kana kamoeljaan.

28. Eta noe dioewarkeun koe kaoela teh, bari ngingĕtan ka oenggal djalma, sarta ngawoeroek ka oenggal djalma, kalawan sagala kapintĕran, soepaja kaoela ngadjagragkeun oenggal djalma teh sampoerna di djĕro Kristoes Jesoes.

29. Lĕbah kaoela digawe teh kitoe anoe dipambrih, djeung pĕrang noeroetkeun sakoemaha kawasana, noe ngadamĕl di djĕro kaoela matih pisan.

PASAL 2.

Karana ari kahajang kaoela, koedoe kanjahokeun koe maraneh kabangĕtan pĕrang kaoela tina sabab maraneh djeung noe aja di nagara Laodikea, sarta tina sabab sakabeh djalma noe tatjan nendjo ka beungeut kaoela dina daging,

2. Soepaja hatena kalipoeran, sarta pada sagoeloeng koe kanjaahan, nja baris sagala kasoegihanana kaantekan pangarti, baris nganjahokeun ka rasijah Allah Rama sarta Kristoes;

3. Anoe kasimpĕnan sagala radja-brana kapintĕran djeung kanjaho.

4. Noe matak kaoela mitjatoer kitoe, soepaja maraneh oelah kadjĕblos koe djalma make omongan siga bĕnĕr.

5. Karana sanadjan kaoela djaoeh ti maraneh moenggoehing badan, ari moenggoehing roh mah kaoela djonghok, reudjeung boengah, sarta bari nendjo kaberesanana lampah maraneh, djeung reugreugna kapĕrtjajaan maraneh ka Kristoes.

6. Dĕmi maraneh sakoemaha geus nampa Goesti Kristoes Jesoes teja, koedoe kitoe nja loemampah teh di djĕro andjeunna,

7. Nja sing pada akaran djeung ngadĕg di djĕro an-

djeunna, sarta pageuh dina kapěrtjajaan, sakoemaha maraneh geus diwoeroek; djeung koedoe sing beuki tambah dina eta teh kalawan moedji soekoer.

8. Masing arijatna, maraneh teh poma oelah kabojong koe djalma mětakeun elmoe kapintěran nja panggělo gapong, noeroet adat toetoeroenan djalma, noeroet alip-alipan doenja, lain noeroet Kristoes.

9. Sabab Kristoes teh kaěnggonan sakapinoehaning Allah nganggo salira;

10. Sarta maraneh pada kapinoehan di djěro andjeunna, noe djadi sirahing sakabeh kapangkatan djeung kawasa.

11. Samalah maraneh di djěro andjeunna teh geus pada disoenatan, ditěrapan soenat noe dipigawe teu kalawan leungeun, koe ngalaan badan daging pěrbawana kana dosa, nja koe soenatna Kristoes.

12. Rehna maraneh geus pada dikoeboer djeung andjeunna dina pangbanjoe; kitoe deui maraneh di djěro andjeunna geus pada dihoedangkeun reudjeung, koe lantaran pěrtjaja damělan Allah, noe nanghikeun andjeunna ti noe paraeh teja.

13. Ari maraneh, noe tadina paeh dina kasalahan sarta dina kakoeloepan daging maraneh teja, koe Allah geus pada dihiroepkeun djeung Kristoes, rehna ngahampoera sakabeh kasalahan oerang,

14. Sarta geus mareuman toelis noe ngadoedoeh ka oerang, eusina roekoen-roekoen; eta toelis ngamoesoeh ka oerang, děmi koe Allah geus disingkahkeun, dipakoe dina kai-dipalang.

15. Ari para gěgěden djeung para kawasa geus pada dirangsadan, seug didamël tongtonan di noe negla, djadi andjeunna noe oenggoel lantaran kai-dipalang teja.

16. Koe sabab eta, oelah aja noe ngahoekoeman ka maraneh dina hal kahakanan atawa inoeman, kitoe deui dina pasal poë pesta, atawa pananggalan, atawa sabat;

17. Eta noe kitoe teh kalangkang barang noe datang měngke, ari badan djinis mah Kristoes anoe kagoengan.

18. Poma maraneh oelah dilapoerkeun nja pigandjaraneun, koe djalma karěp rěrěndahanan sarta njěmbah ka malaikat, nganjaho-njahokeun maneh ka barang noe teu kadeuleu koe dirina, djadi agoel teu karana sabab koe pangarti dagingna,

19. Djeung hanteu anoet ka Sirah. Ari ti Sirah teja badan sakoedjoer, geus dikantet-kantetkeun djeung dirapět-rapětkeun koe sagala

boeboekoean djeung panoemboe, seug ngagĕdean didjadikeun koe Allah.

20. Lamoen maraneh geus paeh djeung Kristoes ti alip-alipan doenja, keur nahaon atoeh maraneh mana daek dipapakonan, kawas hiroep keneh di doenja?

21. [Kijeu pokna:] Oelah njabak, oelah ngasaan, oelah antĕl.

22. Barang kitoe teh kabeh lĕboer koe dipake, asoep parentah djeung papatah djalma;

23. Eta teh sĕmoe oge kapintĕran, dina ibadah sakarĕpna sorangan, sarta rĕrĕndahanan, djeung mijasat ka badan, tatapi taja pisan adjina, ngan woengkoel ngangonan daging.

PASAL 3.

Koe sabab eta, lamoen maraneh geus dihoedangkeun djeung Kristoes mah, koedoe nejangan barang noe di loehoer; di dinja teh aja Kristoes, keur tjalik tĕngĕneun Allah.

2. Koedoe malikiran barang noe di loehoer, oelah mikiran noe di boemi.

3. Sabab maraneh geus paeh, sarta hiroep maraneh teh boeni djeung Kristoes di sadjĕroning Allah.

4. Dĕmi dimana diboektikeun Kristoes, anoe djadi hiroep oerang teja, nja didinja maraneh ge tangtoe reudjeung diboektikeun bari pada moelja.

5. Koe sabab eta, paehkeun anggahota maraneh noe di boemi, tjara kijeu: djinah, kanadjisan, napsoe noe hina, pakarĕpan noe goreng, kitoe deui kapĕrĕtjitan, noe sasat njĕmbah ka brahala;

6. Ari lampah kitoe teh ngadatangkeun bĕbĕndoening Allah ka sakoer anak kabahaan.

7. Moenggoeh maraneh ge bareto loemampah teh nja dina hal kitoe, keur mangsa maraneh hiroep sadjĕro eta.

8. Ari ajeuna maraneh ge geura pada mitjeun ijeu sakabeh: ambĕk, poendoeng, kagorengan, ngagogoreng, omongan noe djapakan-djapakan ti soengoet maraneh.

9. Oelah silih-bohongan djeung batoer, sapedah maraneh geus ngalaan kamanoesaan heubeul teja katoet pagaweanana,

10. Sarta geus rap make kamanoesaan anjar, noe dianjarkeun baris kana kanjaho, ditiroekeun ka roepaning eta noe kagoengan damĕl.

11. Moenggoeh sadjĕro kitoe mah taja oerang Joenani taja oerang Jahoedi, taja soenat taja koeloep, Barbar, Tartar, djalma koemawoela, atawa djalma mĕrdika; ĕnjana mah Kristoes teh sakabeh di djĕro sadaja.

12. Koe sabab eta, sapedah maraneh kapilih Allah, djalma saroetji sarta kaasih, geura pada make kawĕlasan noe saestoe-estoena, kitoe deui kamoerahan, karĕndahan, kasarehan, sarta kasabaran;

13. Pada silih-sabaran, djeung ngahampoera ka batoer, moen aja noe boga kateu-ngeunahan koe batoer; sapĕrti Kristoes geus ngahampoera ka diri maraneh, eta maraneh ge sing tjara kitoe deui.

14. Ari noe poendjoel ti eta sakabeh teh, nja moedoe make kanjaahan teja; eta teh talining kasampoernaan.

15. Sarta ari kasĕnangan Allah teh moegi sina ngareh di djĕro hate maraneh; anoe matak maraneh geus disaoer ge, didjadikeun badan hidji teja, nja baris pikitoeëun; djeung koedoe gĕde tarima.

16. Ari pangandika Kristoes moegi sina ngĕnggon di maraneh sarta djĕmbar pisan; moedoe silih-pagahan djeung silih-ingĕtan koe sagala kapintĕran, make djaboer, poepoedjian sarta njanjian rohani, djeung njanji ka Goesti sadjĕro hate maraneh kalawan kagĕnahanana.

17. Sarta naon bae anoe dipilampah koe maraneh, boh omong boh panggawe, eta saniskara dipilampahkeunana teh moedoe mawa djĕnĕngan Goesti Jesoes, bari moedji soekoer ka Allah Rama, lantaran andjeunna.

18. Eh sakoer awewe! sing pada ngesto ka salaki maneh, sakoemaha pipantĕseunana di djĕro Goesti.

19. Eh sakoer lalaki! sing pada njaah ka pamadjikan maneh, sarta oelah djadi panas-ati ka dinja teh.

20. Eh sakoer baroedak! sing pada noeroet ka indoeng-bapa dina sagala pĕrkara; karana lampah kitoe teh pikamanaheun koe Goesti.

21. Eh sakoer bapa! poma oelah njijeun piambĕkeun anak maraneh, soepaja anak teh oelah djadi leutik hate.

22. Eh sakoer noe ngaboedjang! sing pada noeroet ka djoeragan maneh di lahir dina sagala pĕrkara; oelah make ngawoela ngan hareupeun bae, tjara noe ngarah dipikarĕsĕp koe djalma, nja moedoe djeung langsarna hate, sarta sijeun koe Allah.

23. Djeung naon bae anoe dipilampah koe maraneh, dipilampahkeunana teh moedoe tĕroes reudjeung hate, sakoemaha ka Goesti, lain ka djalma;

24. Sapedah maraneh pada njaho, maraneh teh ti Goesti mĕngke pinampaeun pamalĕs, nja warisan teja; sabab maraneh ngawoela teh nja ka Goesti Kristoes.

25. Tatapi anoe migawe salah mah, eta tangtoe pimanggiheun kasalahanana noe dipigawe teja, sarta moenggoeh di Goesti mah hanteu pisan pilih-kasih.

PASAL 4.

Eh sakoer djoeragan! ka boedjang moedoe pada milampah anoe adil sarta rata, rehna maraneh pada njaho, jen diri maraneh ge boga Goesti linggih di sawarga.

2. Sing pada mantĕp dina nĕnĕda, koedoe kalawan njaring, sarta barĕngan koe moedji soekoer.

3. Djeung koedoe mangnarĕdakeun kaoela sakalian, moegi kaoela koe Allah dipangboekakeun panto pangandika, pikeun njatoerkeun rasijah Kristoes; nja tina sabab eta keneh kaoela teh noe matak dibanda;

4. Soepaja kaoela moegi bisa ngebrehkeun eta, sakoemaha mistina kaoela njatoerkeun.

5. Lalampahan maraneh moenggoeh ka djalma noe di loewar teh koedoe kalawan kapintĕran, sarta djadjadikeun mangsa.

6. Ari omongan maraneh teh salawasna koedoe ngeunah, sarta disambaraan koe oejah; sing pada njaho pipĕtaeunana ngadjawab ka oenggal-oenggal djalma.

7. Sakabeh hal pĕrkara kaoela mĕngke ka maraneh ditjaritakeun koe Tihikoes, doeloer kaasih, sarta sarat satoehoe, djeung sasama ngabdi dina padamĕlan Goesti;

8. Eta koe kaoela geus dititah ka maraneh, anoe dipambrih soepaja njahoëun hal pĕrkara maraneh, sarta ngalilipoer kana hate maraneh;

9. Direudjeungan Onesimoes, doeloer satoehoe sarta kaasih, asal batoer maraneh sanagara; doewaan ka maraneh bakal njaritakeun hal pĕrkara di dijeu.

10. Aristarkoes, batoer kaoela sasama di berok, ngirim salam ka maraneh; kitoe deui Markoes, alo Barnabas, tina hal eta maraneh geus tampa parentah, (dimana datang poma koedoe diakoe),

11. Djeung Jesoes, anoe ngaran Joestoes, eta teh pada bangsa disoenatan. Nja eta woengkoel anoe djadi pangbantoe kaoela kana padamĕlan karadjaan Allah, sarta geus pada matak lipoer ka diri kaoela.

12. Noe ngirim salam deui ka maraneh, Epapras, batoer maraneh sanagara, abdi Kristoes, eta teh salawasna dina panĕnĕda pĕrang pikeun maraneh, soepaja maraneh pada tĕgĕr, sampoerna djeung kapĕpĕkan dina sagala pangĕrsa Allah.

13. Sabab kaoela djadi saksi eta, jen gĕten-toelaten pisan ka maraneh djeung ka sakoer noe di Laodikea, sarta noe di Hirapolis.

14. Ari Loekas, tabib teja, kaasih kaoela, ngirim salam ka maraneh, kitoe deui Demas.

15. Pangnĕpikeun salam kaoela ka doeloer-doeloer di Laodikea, djeung ka Nimpas, sarta ka garedja noe di boemina.

16. Djeung samangsa ijeu soerat geus diwatja di maraneh, poma sina diwatja di garedja oerang Laodikea ongkoh, kitoe deui soerat noe ka Laodikea koedoe diwatja koe maraneh ongkoh.

17. Djeung popojankeun ka Arhipoes: Masing titen kana kadjĕnĕngan, noe geus katampa koe sampejan di djĕro Goesti, poma-poma estikeun.

18. Ijeu teh kaoela mere salam ka maraneh, sarta ditoelis koe leungeun pribadi, Paoeloes. Masing aringĕtkeun kana barogod kaoela. Moegi-moegi sih-koernija teh njarĕngan ka maraneh! Amin.

IJEU SĔRAT KAHIDJI TI RASOEL PAOELOES

KA OERANG TESALONIKA.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Paoeloes djeung Silwanoes djeung Timoteoes, doematĕng garedja oerang Tesalonika di djĕro Allah Rama sarta Goesti Jesoes Kristoes: moegi-moegi maraneh pada dipaparin sih-koernija reudjeung kasĕnangan ti Allah, Rama oerang, sarta ti Goesti Jesoes Kristoes!

2. Kaoela salawasna maroedji soekoer ka Allah tina sabab maraneh sakabeh, sarta ingĕt bae ka maraneh teh dina sadjĕroning panĕnĕda kaoela;

3. Teu pĕtot-pĕtot kaoela nja aringĕt ka panggawena kapĕrtjajaan maraneh, sarta kana kawĕkĕlanana kanjaahan maraneh, kitoe deui kana kamantĕpanana pangarĕp-ngarĕp maraneh ka Goesti oerang Jesoes Kristoes, di pajoeneun Allah, Rama oerang;

4. Sabab kaoela njaho, eh doeloer-doeloer kaasih Allah! jen maraneh teh kapilih;

5. Karana Indjil kaoela aja

di maraneh teja lain omongan bae, istoening kalawan kawasa, sarta kalawan Roh Soetji, djeung kalawan tangtoe katjida; maraneh sorangan mapan geus pada njaho pĕtana lalampahan kaoela teh di tĕngah maraneh, tina sabab diri maraneh.

6. Djeung maraneh teh geus pada djadi niroe ka kaoela sarta ka Goesti; pada nampanan pangandika teh djeung kaboengahan Roh Soetji, keur waktoe reja pisan kasoekĕran;

7. Noe matak maraneh geus djadi toeladan ka sakabeh djalma noe pĕrtjaja di tanah Makĕdoni djeung Ahaja.

8. Karana nja ti lĕbah maraneh pangandika Goesti teh katjĕloek, lain woengkoel di Makĕdoni djeung Ahaja bae, samalah ka mana-mĕndi ge kapĕrtjajaan maraneh ka Allah teh geus kasohor, noe matak eta koe kaoela montong teuing ditjatoerkeun kitoekijeu.

9. Sabab eta teh koe maneh pisan pada njaritakeun kaoela, pĕtana lampah kaoela datang ka maraneh, djeung pĕtana maraneh tobat ka Allah mitjeun brahala, dek ngabakti ka Allah noe hiroep sarta sajakti,

10. Djeung ngarĕp-ngarĕp soemping Poetrana ti sawarga, noe koe andjeunna ditanghikeun ti noe paraeh teja, nja eta Jesoes, anoe njalamĕtkeun oerang tina bĕbĕndoe noe mĕngke datang.

PASAL 2.

Karana maraneh pada njaho sorangan, eh doeloer-doeloer! ari lampah kaoela datang ka maraneh teja, hanteu gaplah;

2. Ĕnjana teh, sanadjan kaoela anjar keneh njandang sangsara sarta dipĕrgasa, sakoemaha noe kanjahoan koe maraneh, nja di Pilipi teja, kaoela teh loedeung bae koe Allah kaoela, njatoerkeun Indjil Allah ka maraneh keur meudjeuhna bangĕt pĕrang.

3. Karana pangmitoetoer kaoela teh lain tina sasab, atawa tina pikir nadjis, atawa dek ngagĕlo;

4. Ĕnjana mah, sapĕrti kaoela koe Allah geus dimanah estoe, pantĕs digadoehan Indjil, nja kitoe kaoela mitjatoer teh; lain hajang dipikarĕsĕp koe djalma, hajang teh dipikamanah koe Allah, anoe tingali di hate kaoela.

5. Karana kaoela salawasna ge tara pisan make omongan loemas-lamis, maraneh teh pada njaho; djeung teu make kapĕrĕtjitan dipinding-pinding, Allah anoe djadi saksi;

6. Sarta kaoela teh hanteu nejangan kahormatan ti djal-

ma, bagija ti maraneh, bagija ti noe sedjen; halta kaoela teh kongang ngariridoean ka maraneh, pedah rasoel Kristoes.

7. Balikanan kaoela aja di těngah maraneh teh saneh pisan; tjara awewe boga boedak njoesoe ngamemenan anakna,

8. Eta kitoe kaoela teh, bawaning koe heman katjida ka maraneh, oelabon sariga ngawoeroekkeun Indjil Allah ka maraneh, mikeun njawa sorangan ge kaoela soeka pisan, tina sabab maraneh geus djadi kanjaah kaoela.

9. Karana maraneh, eh doeloer-doeloer! tangtoe aringět keneh kana rariwoed sarta hese-tjape kaoela teja; mapan kaoela ngoewarkeun Indjil Allah teh di maraneh, bari baranggawe beurangpeuting, soepaja kaoela oelah djadi njoesahkeun ka maraneh, nadjan ka hidji djalma ge.

10. Maraneh noe djadi saksi sarta Allah, jen lalampahan kaoela ka maraneh noe pěrtjaja teja nja soetji, djeung běněr, sarta taja tjawadeunana.

11. Mapan maraneh pada njaho, jen kaoela geus mamatahan djeung ngoepahan ka maraneh hidji-hidji djalma, sapěrti bapa ka anak;

12. Bari ngingětan, jen maraneh loemampah teh koedoe sing sakoemaha pipantěseunana ka Allah, anoe njaoer diri maraneh ka karadjaan sarta kamoeljaan andjeunna.

13. Pedah kitoe, kaoela moedji soekoer ka Allah teu pětot-pětot, sabab keur mangsa maraneh nampa pangandika Allah, noe dioewarkeun koe kaoela teja, eta koe maraneh ditarima, lain tjara omongan djalma, ditarima teh sakoemaha sajaktina, nja pangandika Allah pisan; malah ngadaměl di djěro maraneh noe pěrtjaja.

14. Karana maraneh, eh doeloer-doeloer! geus djadi noeroetan ka sadaja garedja Allah noe di tanah Joedea, noe pada di djěro Kristoes Jesoes, da maraneh ge geus sangsara koe bangsa maraneh, saroewa bae tjara eta koe oerang Jahoedi.

15. Noe geus maehan Goesti Jesoes, sarta ka para nabina sorangan, djeung geus nganijaja ka kaoela, sarta teu dimanah koe Allah, djeung ngamoesoeh ka sakabeh djalma;

16. Pada měgatan kaoela rek ngawoeroek ka oerang kapir sangkanna salamět; pangkitoena teh soepaja salawasna marinoehan dosana. Děmi eta geus didatangan běběndoe dongkap ka toengtoengna.

17. Ari kaoela teja, eh doeloer-doeloer! sanggeus pisah djeung maraneh sakeudeung,

moenggoehing badan, lain moenggoehing ati mah, mingkin gĕmĕt nejangan djalan, koe hajang pisan tereh papanggih djeung diri maraneh.

18. Pedah kitoe, sakali sarta mindo geus aja pasĕdjaan kaoela, Paoeloes, dek ngadatangan ka maraneh, tatapi dipĕgat koe setan.

19. Sababna saha pangarĕp-ngarĕp kaoela, atawa kaboengahan kaoela, atawa makoetaning pamoedji kaoela? Lain nja maraneh oge kitoe di pajoeneun Goesti oerang Jesoes Kristoes mĕngke waktoena soemping?

20. Estoe nja maraneh pisan kamoeljaan sarta kaboengahan kaoela.

PASAL 3.

Koe sabab eta, bawaning geus teu bisa tahan deui, kaoela teh wajahna bae ditinggalkeun sorangan di nagara Aten,

2. Sarta nitahan Timoteoes, doeloer kaoela, sarta abdi Allah, djeung pangbantoe kaoela kana padamĕlan Indjil Kristoes, pikeun ngoewatkeun ka maraneh, sarta pikeun mepelingan tina hal kapĕrtjajaan maraneh,

3. Sangkan oelah aja noe obah dina djĕro kasoekĕran ijeu; karana maraneh pada njaho sorangan, oerang teh geus dipastikeun kana kitoe.

4. Sabab keur mangsa kaoela aja di maraneh teja, mapan kaoela ngomong ka maraneh, jen oerang pimanggiheun kasoekĕran; geuning geus boekti, sarta kanjahoan koe maraneh.

5. Koe sabab eta, bawaning koe teu bisa tahan deui teja, noe matak kaoela geus nitahan eta, hajang meunang katĕrangan hal kapĕrtjajaan maraneh, bisi maraneh geus karantjana koe toekang ngagoda teja, sarta pagawean kaoela teh datang ka gaplah.

6. Dĕmi ajeuna, pedah Timoteoes geus datang ka kaoela poelang ti maraneh, sarta ka kaoela geus ngawartakeun hal kapĕrtjajaan djeung kanjaahan maraneh, sarta jen maraneh salawasna aja ingĕtan hade ka kaoela, bari hajang pisan papanggih djeung kaoela, tjara lĕbah kaoela ge kitoe deui hajang papanggih djeung maraneh,

7. Noe matak kaoela, eh doeloer-doeloer! geus kalipoeran sabab hal maraneh, dina djĕro sakabeh kasoekĕran djeung kasoesahan kaoela, tĕgĕsna koe kapĕrtjajaan maraneh;

8. Karana ajeuna kaoela hiroep, lamoen maraneh tĕgĕr di djĕro Goesti.

9. Karana nahaon atoeh

pamoedji soekoer pigeusaneun kaoela malĕs ka Allah tina hal maraneh, koe pedah sagala kaboengahan, noe koe kaoela dipake boengah di pajoeneun Allah koe sabab maraneh?

10. Beurang-peuting kaoela angĕt pisan nĕnĕda, moegi diparĕngkeun papanggih djeung maraneh sarta njampoernakeun kakoeranganana kapĕrtjajaan maraneh.

11. Ari Allah, Rama oerang, sarta Goesti oerang Jesoes Kristoes, moegi-moegi koe andjeunna pisan nodjokeun djalan kaoela nĕpi ka maraneh.

12. Djeung maraneh teh moegi-moegi koe Goesti diwoewoehan sarta didjĕmbarkeun dina silih-pikanjaah djeung batoer sarta dina kanjaahan ka djalma sakabeh, sapĕrti diri kaoela ge ka maraneh nja kitoe;

13. Soepaja dikoewatkeun hate maraneh, sangkan taja pikatjawadeun dina hal kasoetjian, di pajoeneun Allah, Rama oerang, waktoe soemping Goesti oerang Jesoes Kristoes, diiring koe sakabeh para soetji kagoenganana.

PASAL 4.

Djeungna deui, eh doeloer-doeloer! kaoela nĕnĕda ka maraneh sarta mitoetoer di djĕro Goesti Jesoes: Sakoemaha noe koe maraneh geus katampa ti kaoela, hal pĕtana anoe misti piloemampaheun maraneh sarta malar dianggo kamanah koe Allah teja, maraneh koedoe sing beuki tambah dina eta teh.

2. Karana maraneh pada njaho kana parentah, noe koe kaoela geus dipapatahkeun ka maraneh ti Goesti Jesoes.

3. Sabab kijeu pangĕrsa Allah teh, nja kasoetjian maraneh: koedoe njĕgah lampah djinah;

4. Maraneh hidji-hidji djalma sing bisa ngabogaan wadah sorangan teh kalawan kasoetjian sarta kahormatan;

5. Oelah djeung noeroetkeun pakarĕpan napsoe, tjara oerang kapir, noe teu njaho ka Allah;

6. Sarta djalma oelah rek ngarĕmpak djeung ngaroegikeun ka doeloer pĕrkara naon bae; sabab Goesti anoe malĕskeun sagala lampah kitoe, sapĕrti koe kaoela bareto ge geus ditjatoerkeun ka maraneh djeung dipoegoehkeun pisan.

7. Karana oerang disaoer teh koe Allah lain kana kanadjisan, estoena mah kana kasoetjian.

8. Manana satijap-tijap anoe nampik eta, nja eta lain nampik ka djalma, ĕnjana mah ka Allah, noe geus maparinkeun ka maraneh Roh andjeunna noe Soetji.

9. Ari hal kanjaahan ka doeloer teja, teu koedoe-koedoe kaoela njoeratan ka maraneh, sabab maraneh sorangan geus diwoeroek koe Allah silih-pikanjaah djeung batoer.

10. Malah-malah koe maraneh dilampahkeun pisan ka sakabeh doeloer-doeloer di satanah Makĕdoni. Tatapi kaoela mitoetoer ka maraneh, eh doeloer-doeloer! koedoe pada sing beuki tambah,

11. Sarta koedoe tĕmĕn nja maksoed kana lampah tjitjing, djeung ngoeroeskeun tanggoengan sorangan, bari baranggawe koe leungeun pribadi, sapĕrti kaoela geus marentah ka maraneh,

12. Soepaja lalampahan maraneh teh djeung kapantĕsan moenggoeh ka djalma noe di loewar, sarta maraneh oelah boga kakoerang naon-naon.

13. Sarta kahajang kaoela, eh doeloer-doeloer! maraneh teh oelah bireuk ka hal djalma noe geus maraot, soepaja maraneh oelah nalangsa, tjara noe saredjen, noe teu boga pangarĕp-ngarĕp.

14. Sabab lamoen oerang pĕrtjaja, jen Jesoes teh geus poepoes sarta geus tanghi deui: eta nja kitoe pisan sakoer noe maot di djĕro Jesoes teh, mĕngke koe Allah didatangkeun reudjeung andjeunna.

15. Karana kaoela mitjatoer ka maraneh ijeu teh pangandika Goesti, ari oerang anoe hiroep, sarta tinggal nĕpi ka soempingna Goesti, moal bakal diheulakeun ka noe geus maraot.

16. Sabab Goesti koe andjeunna pisan bakal loengsoer ti sawarga, reudjeung panjĕloek, reudjeung gĕntra kapala malaikat, sarta reudjeung sora sangkakala Allah; ari noe geus maot di djĕro Kristoes teh, seug haroedang ti heula.

17. Sanggeusna ti dinja oerang anoe hiroep, anoe tinggal teja, toeloej pada ditjandak ka loehoer dina mega babarĕngan djeung eta, mapagkeun Goesti ka langit; sarta nja kitoe oerang teh bakal reureudjeungan djeung Goesti salalawasna.

18. Koe sabab eta maraneh geura silih-lilipoer koe omongan noe bijeu.

PASAL 5.

Ari moenggoehing mangsa djeung waktoena teh, eh doeloer-doeloer! teu koedoe-koedoe maraneh disoeratan.

2. Sabab maraneh sorangan pada njaho pisan, ari poëan Goesti teja pidatangeunana teh sakoemaha paling ti peuting.

3. Samangsa djalma ngaromong: Ajeuna teh kĕrta, euweuh pibajaeun! nja didinja

teh kabĕrĕdĕg karoeksakan dadak-sakala, tjara awewe noe reuneuh kabĕrĕdĕg njĕri ngadjoeroe, sarta hamo pibisaeun ngarĕdjat.

4. Tatapi ari maraneh mah, eh doeloer-doeloer! lain aja di noe poëk, moal maraneh mah kasĕlĕmpĕk koe eta poë, tjara koe paling.

5. Maraneh sakabeh anak tjaang sarta anak beurang; oerang teh lain ahli peuting atawa ahli poëk.

6. Manana oerang oelah rek hareës, tjara eta noe saredjen; nja oerang teh masing njaring djeung tjĕtjĕgah.

7. Karana anoe heës, heësna teh ti peuting, kitoe deui anoe mabok, mabokna teh ti peuting.

8. Tatapi ari oerang anoe ahli beurang mah, hajoe tjĕtjĕgah, bari pada dibadjoe-kĕre kapĕrtjajaan sarta kanjaahan, djeung dibalakoetak pangarĕp-ngarĕp kana kasalamĕtan.

9. Sabab oerang teh lain pisan koe Allah dipastikeun kana bĕbĕndoe, dipastikeun teh kana pimeunangeun kasalamĕtan, koe lantaran Goesti oerang Jesoes Kristoes,

10. Noe geus poepoes nalangan oerang, soepaja oerang teh, boh njaring boh sasarean, pada hiroep reureudjeungan djeung andjeunna.

11. Koe sabab eta, maraneh koedoe silih-ingĕtan djeung silih-adĕgkeun pĕrtjaja, sapĕrti noe koe maraneh keur dilalampahkeun.

12. Djeung kaoela aja panĕda ka maraneh, eh doeloer-doeloer! nja sing aradĕp ka noe pada njangking gawe di maraneh, sarta ngokolotan ka maraneh di djĕro Goesti, djeung mepelingan ka maraneh;

13. Eta koe maraneh aradjenan sing angĕt pisan, sarta koedoe njaah, tina sabab pagaweanana. Koedoe pada masing rapih djeung batoer.

14. Djeung deui panĕda kaoela ka maraneh, eh doeloer-doeloer! koedoe mamatahan ka noe lantja-lintji, koedoe ngalilipoer ka noe leutik hate, koedoe ngadeudeul ka noe hengker, koedoe sabar ka sakabeh.

15. Masing arijatna, goreng teh koe djalma oelah dibalĕs goreng ka saha bae; balikanan koedoe salalawasna pada ngobrek kana kahadean, nja ka pada batoer, nja ka sakabeh.

16. Sing pada boengah saĕndĕng-ĕndĕng.

17. Koedoe nĕnĕda teu pĕtot-pĕtot.

18. Koedoe moedji soekoer dina saniskara, sabab nja kitoe pangĕrsa Allah ka maraneh teh di djĕro Kristoes Jesoes.

19. Oelah mareumkeun Roh.

20. Oelah njoemahkeun ka piwĕdjang para nabi.
21. Saniskara hal koedoe tjoba-tjoba, ari noe hade tjangking.
22. Koedoe njarĕgah kana sagala roepa kagorengan.
23. Ari Allah noe kagoengan sakoer kasĕnangan, moegi-moegi koe andjeunna pisan njoetjikeun ka maraneh nĕpi ka toetoegna; sarta saĕroh maraneh, kitoe deui njawa reudjeung badan, moegi di-raksa sangkan oelah aja pika-tjawadeunana waktoe soem-ping Goesti oerang Jesoes Kristoes.
24. Ari anoe njaoer mara-neh teh, kalangkoeng toehoe, tanwande ngadamĕl kitoe.
25. Eh doeloer-doeloer! pangnarĕdakeun kaoela.
26. Pangnĕpikeun salam kaoela ka sadajana doeloer-doeloer, make panjijoem soetji.
27. Kaoela njoempahan ka maraneh dĕmi Goesti, sada-jana doeloer saroetji poma koedoe dipangmatjakeun ijeu soerat.
28. Moegi-moegi sih-koer-nija Goesti oerang Jesoes Kris-toes njarĕngan ka maraneh. Amin.

IJEU SĔRAT KADOEWA TI RASOEL PAOELOES

KA OERANG TESALONIKA.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Paoeloes djeung Silwanoes djeung Timote-oes, doematĕng garedja oerang Tesalonika di djĕro Allah, Ra-ma oerang, sarta Goesti Jesoes Kristoes:
2. Moegi-moegi maraneh pada dipaparin sih-koernija reudjeung kasĕnangan ti Al-lah, Rama oerang, sarta ti Goesti Jesoes Kristoes!
3. Eh doeloer-doeloer! ka-oela wadjib maroedji soekoer ka Allah salalawasna koe hal maraneh; eta teh pantĕs, tina sabab kapĕrtjajaan maraneh rosa pisan ngagĕdeanana, sar-ta maraneh sakabeh oenggal-oenggal djalma pada woewoeh tambah silih-pikanjaah;
4. Wani kaoela pribadi moedji hal maraneh di saka-beh garedja Allah, tina sabab kamantĕpan djeung kapĕrtja-

jaan maraneh dina djĕro saniskara panganijaja ka maraneh, djeung kasoekĕran, noe ditahan koe maraneh teja.

5. Tandaning hoekoeman Allah noe adil, soepaja maraneh dimanah pantĕs kana karadjaan Allah, nja tina sabab eta keneh maraneh pangnjandang sangsara;

6. Doemeh bĕnĕr koe galih Allah, malĕs koe kasoekĕran ka noe njijeun kasoekĕran ka maraneh;

7. Ari ka maraneh mah, noe njandang kasoekĕran teja, malĕs koe kasĕnangan barĕng djeung kaoela, dina waktoe diebrehkeunana Goesti Jesoes ti sawarga, diiring koe para malaikat kawasana,

8. Nganggo seuneu hoeroeng, samangsa andjeunna ngeunakeun balĕsan ka sakoer noe teu nganjahokeun ka Allah, djeung ka sakoer noe teu noeroet ka Indjil Goesti oerang Jesoes Kristoes;

9. Eta tangtoe mĕngke pada njandang siksaan, nja karoeksakan noe langgĕng, djaoeh ti pameunteu Goesti sarta ti kamoeljaaning kabĕdasan andjeunna,

10. Samangsa andjeunna soemping pikeun dimoeljakeun di djĕro djalma saroetji kagoenganana, sarta ngadjadi aheng dina poëan harita di djĕro sakabeh anoe pĕrtjaja, (sabab pĕrtelaan kaoela geus dipĕrtjaja di lĕbah maraneh).

11. Kitoe noe matak kaoela salawasna mangnĕdakeun maraneh, soepaja maraneh moegi-moegi koe Allah oerang dimanah pantĕs kana pangnjaoer, sarta moegi diantekkeun kalawan karosaanana sagala kasoekaan kana kahadean, kitoe deui panggawe kapĕrtjajaan;

12. Soepaja djĕnĕngan Goesti oerang Jesoes Kristoes dimoeljakeun di djĕro maraneh, djeung maraneh dimoeljakeun di djĕro andjeunna, noeroetkeun sakoemaha sihkoernija Allah oerang sarta Goesti Jesoes Kristoes.

PASAL 2.

Djeung kaoela aja panĕda ka maraneh, eh doeloerdoeloer! moenggoehing pisoempingeunana Goesti oerang Jesoes Kristoes, sarta hal oerang teh bakal dikoempoelkeun ka andjeunna teja,

2. Eta maraneh oelah sok babari datang ka loewak-lejok pikir, atawa reuwas, boh koe roh, boh koe omong, boh koe soerat, noe dibedjakeun ti kaoela, kawas geus tereh kana poëan Kristoes teh.

3. Poma-poma maraneh oelah koengsi kagĕndam koe kijeu-kijeu! Sabab eta poë teh moal datang, ngan koedoe

geus aja lampah moertad heula, djeung koedoe geus boekti eta djalma dosa, nja anak karoeksakan teja,

4. Noe babakoe ngamoesoeh, djeung moendjoelkeun maneh ti sagala anoe disĕboet Allah atawana noe disĕmbah, datang ka gek dijoek dina kabah Allah, ngadakoekeun maneh Allah.

5. Naha maraneh teu aringĕt, jen kaoela njatoerkeun eta pĕrkara ka maraneh, waktoe kaoela masih keneh aja di maraneh?

6. Dĕmi ajeuna anoe ngahalangan ka dinja, maraneh pada njaho, soepaja boekti dina mangsana noe pasti.

7. Karana ari rasijah kadorakaan teh nadjan ajeuna ge keur molah, ngan tatapi anoe ngahalangan eta ajeuna teja, koedoe geus dis ingkirkeun heula.

8. Geus kitoe toeloej boekti si doraka teh, dĕmi koe Goesti eta bakal dibasmi koe Rohing bahamna, sarta dieuweuhkeun koe ebrehna mangsa soemping.

9. Eta teja pidatangeunana teh sakoemaha pagawean setan, make sagala kamatihan djeung tanda sarta moedjidjat bohong,

10. Djeung make sagala panggĕlo kadorakaan adjang sakoer djalma anoe bakal tjilaka, tina sabab pada teu narimaeun kanjaahan kana kajaktian, teu mambrih djadi salamĕt.

11. Koe pedah kitoe, eta djalma koe Allah pada didatangan kawasa mawa sasab, sina pĕrtjaja kana bohong,

12. Soepaja dihoekoeman sakabeh, anoe hanteu pĕrtjaja kana kajaktian, anggoer mikarĕsĕp kana kadorakaan.

13. Tatapi kaoela teh wadjib maroedji soekoer ka Allah salalawasna koe hal maraneh, eh doeloer-doeloer! pedah maraneh teh geus dipilih koe Allah ti mimitina pikeun djadi salamĕt, lantaranana disoetjikeun koe Roh sarta pĕrtjaja kana kajaktian.

14. Kana kitoe teh maraneh koe Allah geus disaoer koe lantaran Indjil kaoela, soepaja pada pimeunangeun kamoeljaan Goesti oerang Jesoes Kristoes.

15. Koe sabab eta, eh doeloer-doeloer! sing pada tĕgĕr, djeung tĕtĕpkeun atoeran noe geus diwoeroekkeun ka maraneh, boh koe omong kaoela, boh koe soerat kaoela.

16. Sarta Goesti oerang Jesoes Kristoes koe andjeun, djeung Allah, Rama oerang, noe miasih ka oerang, sarta geus maparin panglilipoer noe langgĕng, djeung pangarĕpngarĕp noe hade, koe bawaning sih-koernija,

17. Eta moegi-moegi ngalilipoer kana hate maraneh, sarta ngoewatkeun maraneh dina sagala panggawe djeung omongan noe hade.

PASAL 3.

Djeungna deui, eh doeloer-doeloer! pangnarĕdakeun kaoela, soepaja pangandika Goesti teh madjoe, sarta dimoeljakeun, sapĕrti di maraneh,

2. Djeung soepaja kaoela disalamĕtkeun ti djalma noe teu pĕrnah sarta noe djaroelig; karana kapĕrtjajaan teh teu sing djalma noe boga.

3. Tatapi Goesti teh kalangkoeng toehoe, tanwande ngoewatkeun ka maraneh, sarta ngaraksa ka maraneh ti noe goreng.

4. Sarta kaoela dina pikir geus nangtoekeun ka maraneh di djĕro Goesti, jen maraneh teh pada ngalampahkeun sarta bakal ngalampahkeun sakoer anoe koe kaoela diparentahkeun ka maraneh.

5. Sarta Goesti moegi-moegi mĕnĕrkeun hate maraneh kana kanjaahan ka Allah djeung kana kasabaran Kristoes.

6. Eh doeloer-doeloer! kaoela marentah ka maraneh koe djĕnĕngan Goesti oerang Jesoes Kristoes, koedoe pada ngoendoeran ti oenggal-oenggal doeloer noe lampahna lantja-lintji, teu noeroet atoeran noe geus katampa koe eta ti kaoela.

7. Sabab maraneh pada njaho sorangan dina pibĕnĕreunana noeroetan ka kaoela teh. Karana kaoela mangsa di tĕngah maraneh teja lain lampah lantja-lintji,

8. Djeung teu pisan dahar panjoegoehan djalma teu dibajar; ĕnjana mah kaoela teh baranggawe beurang-peuting djeung rariwoed sarta hesetjape, soepaja kaoela oelah djadi njoesahkeun ka maraneh, nadjan ka hidji djalma ge:

9. Lain pisan kaoela teu kawasa; satĕgĕsna hajang mere toeladan ka maraneh, nja diri kaoela pisan, baris maraneh noeroetan ka kaoela.

10. Sabab keur mangsa aja di maraneh teja ge, kaoela mere parentah ka maraneh kijeu: Tijap-tijap aja djalma ĕmboeng digawe, eta kitoe deui oelah njatoe.

11. Sabab kaoela ngadenge, aja sawareh djalma di lĕbah maraneh lampahna lantja-lintji, hanteu baranggawe, ari gawena openan.

12. Ari ka noe kitoe teh kaoela marentah sarta ngingĕtan di djĕro Goesti oerang Jesoes Kristoes, koedoe baranggawe, sarta make ati antĕng; noe dihakan rĕdjĕki beunang sorangan.

13. Sarta ari maraneh, eh doeloer-doeloer! poma oelah rek wĕleh migawe kahadean.

14. Djeung oepama aja noe teu noeroet ka papatah kaoela koe ijeu soerat teh, eta koe maraneh tjirian, sarta oelah rek tjampoer djeung noe kitoe, soepajana eraeun;

15. Tatapi oelah rek dianggkĕn tjara moesoeh, nja koedoe mamatahan ka dinja sakoemaha ka doeloer.

16. Ari Goesti noe kagoengan sakoer kasĕnangan, moegi-moegi koe andjeunna pisan maparin kasĕnangan ka maraneh salalawasna sarta dina saniskara lampah. Moegi-moegi Goesti njarĕngan ka maraneh sakabeh.

17. Ijeu teh kaoela mere salam ka maraneh, sarta ditoelis koe leungeun pribadi, Paoeloes; eta noe djadi tanda dina oenggal-oenggal soerat: nja kitoe kaoela noelis teh.

18. Moegi-moegi sih-koernija Goesti oerang Jesoes Kristoes njarĕngan ka maraneh sakabeh. Amin.

IJEU SĔRAT KAHIDJI TI RASOEL PAOELOES KA TIMOTEOES.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Paoeloes, rasoel Jesoes Kristoes, koe timbalan Allah, Djoeroe-salamĕt oerang, sarta Goesti Jesoes Kristoes, pangarĕp-ngarĕp oerang,

2. Doematĕng Timoteoes, anak kaoela satĕmĕnna dina kapĕrtjajaan: moegi-moegi maneh dipaparin sih-koernija, kawĕlasan reudjeung kasĕnangan ti Allah, Rama oerang, sarta ti Kristoes Jesoes, Goesti oerang!

3. Tjara bareto kaoela mĕrĕdih ka maneh tinggal di Epesoes, basa kaoela indit ka Makĕdoni teja, [ajeuna mĕrĕdih deui], soepaja maneh teh marentah ka djalma sawareh oelah mamatahkeun piwoeroek sedjen,

4. Djeung oelah ngoeroes dongeng sarta sadjarah noe taja bejakna; hal kitoe teh manan madjoekeun atoeran Allah dina kapĕrtjajaan mah, anggoer matak ngajakeun padoe.

5. Ari panoengtoengan timbalan teh nja eta kanjaahan anoe datang ti hate bĕrĕsih, sarta ti boedi-rasa hade, djeung ti kapĕrtjajaan noe taja palsoena.

6. Ari djalma sawareh geus sasab ti kitoe, ana seug toeloej kana ngomong gapong.

7. Angkohna eta teh djadi goeroe Toret, padahal teu ngartieun ka noe dipiomong djeung noe dipoegoeh-poegoehkeun koe dirina.

8. Dĕmi oerang pada njaho, jen Toret teja hade, lamoen djalma bĕnĕr makena,

9. Sarta njaho kijeu, jen Toret teh lain dibakoekeun ka djalma bĕnĕr, dibakoekeunana ka noe masijat djeung ka noe bahoela, ka noe doraka djeung ka noe njijeun dosa, ka noe kotor hate djeung ka noe ngamaha, ka noe maehan bapa djeung ka noe maehan indoeng, ka sakoer bae noe maehan djalma,

10. Ka noe djinah, noe ngadjima ka lalaki, noe ngiwat, noe ngabohong, noe tjidra ti soempah djeung sadjabana ti dinja, naon bae noe salija ti piwoeroek moeloes teh;

11. Noeroetkeun Indjil kamoeljaan Allah anoe langkoeng salamĕt, noe geus digadoehkeun ka kaoela.

12. Sarta kaoela moedji soekoer ka noe geus masihan kakoewatan ka diri kaoela, nja Kristoes Jesoes, Goesti oerang, rehna kaoela geus dimanah pisatoehoeëun, sarta dikĕrsakeun kana kadjĕnĕngan;

13. Nja kaoela, noe tadina ngagogoreng, sarta nganijaja, djeung neungteuinganan. Tatapi kaoela geus dipaparin kawĕlasan, pedah kaoela pangmigawe kitoe teh bawaning koe teu njaho, keur teu pĕrtjaja.

14. Ari sih-koernija Goesti oerang teja, geus kalangkoeng pisan ti djĕmbar, kalawan kapĕrtjajaan reudjeung kanjaahan noe aja di djĕro Kristoes Jesoes.

15. Ijeu teh omongan noe satoehoe pisan, sarta pantĕs ditarima djeung satĕmĕn-tĕmĕnna, nja eta Kristoes Jesoes teh geus soemping ka doenja pikeun njalamĕtkeun djalma noe boga dosa, ari diri kaoela teja panggĕde-gĕdena.

16. Tapina nja kitoe noe matak kaoela dipaparin kawĕlasan teh, soepaja Jesoes Kristoes di djĕro kaoela, anoe djadi panggĕde-gĕdena teja, nawiskeun sakabeh kasabaranana, pikeun tjonto ka sakoer noe bakal pĕrtjaja ka salira andjeunna baris meunang hiroep noe langgĕng.

17. Dĕmi Radjaning sakabeh djaman, nja Allah noe teu keuna roeksak, noe teu katingal, sarta noe pintĕr nja-

lira, eta noe koedoe dibaktian hormat djeung kamoeljaan langgĕng salalawasna. Amin.

18. Eh anaking Timoteoes! kaoela makonkeun ijeu parentah, noeroetkeun piwĕdjang nabi, noe geus disaoerkeun timemehna kana hal maneh teja, nja maneh ngalakonan pĕrang hade teh sing tĕroes reudjeung eta;

19. Bari nĕtĕpkeun kapĕrtjajaan sarta boedi-rasa noe hade; eta koe djalma sawareh geus dikepeskeun, noe matak kalĕboeh pĕrtjajana;

20. Noe kaasoep kitoe teh Himĕneoes djeung Aleksandĕr, eta koe kaoela geus pada disebakeun ka setan, soepaja mareunang harti oelah ngagogoreng deui.

PASAL 2.

Ari pangheula-heulana noe dipitoetoerkeun koe kaoela, nja koedoe pada mangnjambatkeun, mangnjoehoenkeun, mangnĕdakeun sarta mangmoedji-soekoerkeun ka sakabeh djalma;

2. Ka radja-radja djeung sakabeh noe laloehoer, soepaja oerang hiroep teh gĕnah sarta djeung kĕrtana, kalawan sagala ibadah sarta kaprajogaan.

3. Sabab eta teja hade, sarta kamanah koe Allah, Djoeroesalamĕt oerang;

4. Ari pangĕrsana, djalma sakabeh teh sing pada djadi salamĕt, sarta datang ka nganjahokeun kana kajaktian teja.

5. Karana Allah teh ngan hidji, kitoe deui ari Lawang di antara Allah djeung manoesa teh ngan hidji, nja eta manoesa Kristoes Jesoes teja,

6. Noe geus njĕrahkeun salirana koe andjeun djadi panĕboes pikeun djalma sakabeh, tĕgĕs pĕrtelaan dina mangsana noe pasti.

7. Kana pĕrkara eta kaoela geus dibakoekeun poerah ngoewarkeun, sarta rasoel, (kaoela di djĕro Kristoes njatoerkeun noe sajakti, kaoela hanteu bohong), goeroe oerang kapir dina kapĕrtjajaan sarta kanjaahan.

8. Koe sabab eta, kahajang kaoela, djalma lalaki teh di sambarang ĕnggon koedoe nĕnĕda, ngadjoengdjoengkeun leungeun soetji, oelah djeung ambĕk sarta paseja.

9. Kitoe deui moenggoeh di awewe, make papakean noe patoet, mapantĕs maneh teh koedoe djeung eraan sarta tjĕgahan; oelah djeung ngoentoen boeoek, atawa make ĕmas, atawa moetijara, atawa papakean hoeroeng-herang;

10. Nja koedoe koe panggawe noe hade, sakoemaha noe pĕrloe di awewe anoe ngakoekeun ibadah.

11. Awewe teh sing daek

diadjar bari repeh, kalawan sagala pangesto.

12. Ari awewe koe kaoela hanteu diidinan ngawoeroek, kitoe deui ngaloehoeran ka lalaki, kahajang kaoela koedoe repeh.

13. Sabab Adam teja didamĕlna ti heula, Hawa mah pandeuri.

14. Sarta lain Adam anoe kagoda; nja awewe anoe kagoda sarta ngarĕmpak timbalan.

15. Tatapi awewe teh bakal salamĕt koe djalan ngadjoeroekeun anak, kitoe soteh lamoen tĕtĕp dina kapĕrtjajaan, sarta dina kanjaahan, djeung dina njoetjikeun dirina, dibarĕngan koe tjĕgahan.

PASAL 3.

Tjeu teh omongan noe satoehoe pisan: tijap-tijap aja djalma mikarĕp kana kadjĕnĕngan pangoeroes, eta teh hajang kana pagawean noe leuwih aloes.

2. Ari moenggoehing di pangoeroes teh oelah aja tjawadeunana, boga pamadjikan ka awewe hidji bae, njaring ati, tjĕgahan, pantĕs, soeka nganjdrĕkkeun, bisaan ngawoeroek;

3. Anoe lain pamabokan, lain soeka meupeuh-neunggeul, lain ngarah kaoentoengan nista; nja anoe amis boedi, anoe lain toekang paseja, lain pibanda;

4. Anoe njangking imahna pribadi djeung sabĕnĕrna, anakna disina noeroet, kalawan sagala kaprajogaan;

5. (Ari djalma noe teu bisa njangking imahna sorangan mah, koemaha nja pingoeroeseunana ka garedja Allah?)

6. Oelah anoe anjar asoep agama, bisi djadi agoel, seug tigoebrag kana hoekoeman Iblis.

7. Djeung deui koedoe hade kasĕboetkeunana koe djalma noe di loewar, soepaja oelah tigoebrag kana katjĕlaan sarta kana ridjĕt Iblis.

8. Nja kitoe deui moenggoeh di djoeroe-laden, koedoe djalma prajoga, oelah midoewa letah, oelah anoe beuki nginoem anggoer loba, oelah anoe ngarah kaoentoengan nista.

9. Nja noe nĕtĕpkeun rasijah kapĕrtjajaan dina boedirasa noe bĕrĕsih.

10. Sarta eta koedoe ditjoba heula, geus kitoe diasoepkeun kana gawe, ari taja katjawadna mah.

11. Ari awewe pon kitoe keneh koedoe prajoga, oelah noe oepatan, koedoe njaring ati, satoehoe dina saniskara.

12. Ari djoeroe-laden teh boga pamadjikan koedoe ka awewe hidji bae, sarta njangking anak djeung imahna pribadi koedoe djeung sabĕnĕrna.

13. Sabab anoe bĕnĕr ngaladenanana, meunangkeun keur dirina daradjat noe aloes, sarta rosa pisan kaloedeungan dina kapĕrtjajaan ka Kristoes Jesoes.

14. Eta sagala pĕrkara teja koe kaoela ditjatoerkeun ka maneh dina soerat, sarta pangharĕpan teh hajang gantjang manggihan ka maneh,

15. Ngan bisi kaoela lila; noe dipalar maneh teh njaho anoe misti pĕtana lalampahan dina gĕdong Allah, tĕgĕsna garedja Allah noe djoemĕnĕng, tihang djeung padĕmen kajaktian.

16. Sarta geus poegoeh pisan, rasijah hal ibadah teh agoeng: Allah teh geus diebrehkeun nganggo daging, geus didamĕl bĕnĕr dina Roh, geus kabireungeuh koe para malaikat, geus dioewarkeun di lĕbah oerang kapir, geus dipĕrtjaja di doenja, geus ditjandak kana djĕro kamoeljaan.

PASAL 4.

Ari Roh teh ngandika tetela pisan, jen djaman mĕngke djalma sawareh bakal oendoer ti kapĕrtjajaan, sarta ngarakĕtan ka roh panjasaban djeung ka papatah ti setan,

2. Koe lantaran kapoerapoeraan taroekang bohong, noe geus pada ditjap koe beusi hoeroeng dina boedirasana sorangan.

3. Eta teh njararam lakirabi, nitah mantrang ti kahakanan, noe koe Allah didjadikeun baris didahar kalawan moedji soekoer, koe noe pada pĕrtjaja sarta nganjarahokeun kana kajaktian teja.

4. Karana saniskara dadamĕlan Allah teh hade, taja pisan anoe bakoe pitjeuneun, ngan didaharna koedoe kalawan moedji soekoer;

5. Sabab eta disoetjikeun koe pangandika Allah sarta panĕda.

6. Lamoen anoe tadi teja koe maneh dipapatahkeun ka doeloer-doeloer, estoe maneh teh abdi Jesoes Kristoes noe hade, beunang ngasoeh dina lahiran hal kapĕrtjajaan sarta piwoeroek hade, noe geus ditoeroetkeun koe maneh.

7. Ari dongeng teu moepakat, dongeng ti nini pikoen, eta koe maneh tampik; djeung koedoe mitoetoeran diri kana lampah ibadah.

8. Karana hal mitoetoeran badan teh mangpaatna teu sapira; balikanan ari ibadah mah mangpaat ka saniskarana, geus diajaan pĕrdjangdjian hiroep ajeuna sarta di aherat.

9. Nja eta teh omongan noe satoehoe pisan, sarta pantĕs ditarima djeung satĕmĕn-tĕmĕnna.

10. Karana nja baris kitoe teja noe matak oerang pada

digawe sarta dihihina, tina sabab oerang pageuh nja pangarĕp-ngarĕp ka Allah anoe hiroep, noe djoemĕnĕng Djoeroe-salamĕt djalma sakabeh, soemawonna Djoeroe-salamĕt sakoer noe pĕrtjaja.

11. Nja eta teja parentahkeun sarta woeroekkeun.

12. Papatjoewan aja noe njoemahkeun ka maneh pedah ngora; balikanan maneh teh sing djadi toeladan toeroetaneun anoe pĕrtjaja; nja dina omong, dina lampah, dina kanjaahan, dina Roh, dina kapĕrtjajaan, dina kabĕrĕsihan.

13. Masing djongdjon kana ngadji, kana magahan, kana ngawoeroek, tĕpi ka datang kaoela.

14. Poma-poma oelah rek tjampoleh kana pasihan noe di djĕro diri maneh, noe geus dipaparinkeun ka maneh lantaran piwĕdjang, keur basana ditoempangan panangan koe para kokolot teja.

15. Nja eta pĕrkara teja koe maneh koedoe diangĕn-angĕn, sing djoenoen ka dinja teh, soepaja katangen maneh teh tjoetjoed dina saniskara.

16. Masing ijatna ka diri maneh sorangan sarta ka piwoeroek, moedoe sing tĕtĕp dina eta teh; sabab maneh, moen milampah kitoe, tangtoe njalamĕtkeun ka diri sorangan djeung ka noe ngadengekeun ka maneh.

PASAL 5.

Mamatahan ka djalma kolot oelah dek bĕngis, nja koedoe ngingĕtan ka dinja tjara ka bapa; ari moenggoeh ka noe ngora, tjara ka doeloer;

2. Ari ka awewe kolot, tjara ka indoeng; ari ka awewe ngora, tjara ka doeloer awewe, kalawan sagala bĕrĕsih ati.

3. Moedoe hormat ka randa, anoe estoe randana.

4. Tatapi lamoen aja randa boga anak atawa intjoe, eta anak atawa intjoe teh sina heula ngadjar diri, milampahkeun kahemanan ka barajana sorangan, djeung malĕs kahadean ka kolot; karana lampah kitoe teh bĕnĕr sarta kamanah koe Allah.

5. Dĕmi anoe estoe randa, sarta katinggal kari sorangan bae, eta ngarĕp-ngarĕpna ka Allah, sarta tĕtĕp dina sasambat djeung nĕnĕda beurangpeuting;

6. Tatapi ari randa noe kasangon mah, eta hiroep-hiroep teh paeh.

7. Anoe tadi teja parentahkeun, soepaja eta oelah aja tjawadeunana.

8. Dĕmi djalma noe teu ngabajoean ka ahlina, geus poegoeh moen ka eusi-imahna, noe kitoe teh geus moengkir

ti kapĕrtjajaan, sarta leuwih goreng ti batan anoe hanteu pĕrtjaja.

9. Ari randa noe diasoepkeun, oelah koerang ti gĕnĕp poeloeh taoen oemoerna, sarta noe lakianana ngan ka lalaki hidji,

10. Djeung noe kasĕboetkeun hade panggawena: nja lamoen geus ngamoemoele anak, moen geus ngandjrĕkkeun, moen geus ngoembah soekoe djalma saroetji, moen geus toetoeloeng ka noe saloekĕr, moen geus mĕrĕloekeun saroepaning panggawe hade.

11. Ari randa noe ngalora mah tampik; karana satijaptijap kadatangan bĕger, noe matak moengpang ka Kristoes teh, eta hajang boga salaki;

12. Anoe kitoe keuna hoekoeman, tina sabab geus mitjeun katĕmĕnan anoe mimiti.

13. Djeung deui eta teh sok miradjeunan loegah-ligeuh ngidĕran imah; sarta lain ngaligeuh bae, samalah djeung ngawangkong sarta openan, ngomongkeun noe hanteu patoet.

14. Koe sabab eta, ari kahajang kaoela, randa ngora teh koedoe boga salaki, sina anakan, sarta ngoeroes imahna, djeung oelah mere djalan ka moesoeh noe matak bisaeun ngagogoreng.

15. Karana geus aja sawareh noe njingkir, naloetoerkeun ka setan.

16. Lamoen djalma noe pĕrtjaja, lalaki atawa awewe, boga sanak-baraja noe randa, eta sina njakoeta ka dinja, garedja mah oelah kabeungbeuratan, soepaja mahi pikeun njakoeta ka noe estoe randa.

17. Ari kokolot anoe bĕnĕr ngokolotanana, koedoe diangkeuhkeun pantĕs dihormat doewa patikĕlaneun, soemawonna noe digawe koe saoer djeung piwoeroek.

18. Sabab ari pilahir dina Kitab: Sapi keur ngirik gandoem, oelah ditjalongtjongan soengoetna; djeung deui: Anoe baranggawe teh patoet pimeunangeun boeroehanana.

19. Moen aja noe ngĕlakkeun kokolot, papatjoewan oelah ditarima, kadjaba moen aja saksi doewa atawa tiloe.

20. Ari noe migawe dosa koedoe diwĕwĕleh, sing kasaksian koe sakabeh, soepaja noe saredjen ge sarijeuneun.

21. Kaoela ngomat-ngomatan di pajoeneun Allah sarta Goesti Jesoes Kristoes, sarta di hareupeun para malaikat kapilih, eta pĕrkara teja koe maneh estokeun, oelah dek pilih-kasih, sarta oelah milampah kijeu-kijeu noeroetkeun kasoekaan sorangan.

22. Oelah gantjang noem-

pangkeun leungeun ka djalma, djeung oelah kasabit kana dosa anoe sedjen. Masing ngaraksa kabĕrĕsihan diri teh.

23. Oelah deui nginoem tjai bae, moedoe make anggoer saeutik, tina sabab beuteung maneh, sarta pedah sok mindĕng boga panjakit.

24. Ari djalma sawareh teh dosana katara sarta miheulaan djinisna kana hoekoeman; dĕmi noe sawareh deui mah dosana katara pandeuri.

25. Nja kitoe keneh panggawe hade eta katara, sarta ari noe teu kitoe, moal lila bisana boeni teh.

PASAL 6.

Ari anoe koemawoela, sakoer noe di bawah pasangan, koedoe boga angkeuh ka djoeraganana pantĕs nandakeun sagala kahormatan, soepaja padjĕnĕngan Allah sarta piwoeroek teh oelah aja djalma noe ngagorengkeun inja.

2. Djeung anoe boga djoeragan ka noe pĕrtjaja, papatjoewan rek njoemahkeun ka dinja, sapedah eta doeloer, anggoer koedoe beuki tĕmĕn nja ngawoela teh, sapedah eta pĕrtjaja sarta kaasih, djeung dipaparin nampa kanoegrahan kitoe. Nja eta teja woeroekkeun sarta pagahkeun.

3. Oepama aja djalma noe mamatahkeun piwoeroek sedjen, teu ngarĕmpoegan kana kasaoeran moeloes anoe ti Goesti oerang Jesoes Kristoes, sarta ka piwoeroek noe noengtoen kana ibadah teja,

4. Eta teh agoel, euweuh pisan kanjahona, nja boga kasakit rĕsĕpan kana padoe djeung kana parĕboet omong, noe matak ngadjadikeun dĕngki, paseja, ngagogoreng, panĕrka teu hade,

5. Tjetjerewedan djalma noe lĕbar pikirna, sarta kaleungitan kajaktian teja, ari panjanana ibadah teh panghasilan. Maneh sing njingkir ti noe kitoe teh.

6. Tatapi ibadah teja ĕnja panghasilan gĕde tamah, lamoen reudjeung tarima ati.

7. Sabab oerang mangsa djol ka doenja hanteu barangbawa naon-naon; geus tetela dimana ka loewar kitoe deui moal mawa naon-naon.

8. Manana oerang lamoen boga sandang-pangan mah, moedoe tarima bae.

9. Sabalikna ari noe hajang djadi beunghar mah, tangtoe tigoebrag kana panggoda djeung kana ridjĕt, sarta kana reja-reja pakarĕpan gĕdjoel nja ngabalahikeun, anoe matak djalma teh tilĕlĕp kana katiwasan djeung karoeksakan.

10. Karana ari njaah kana doewit teja nja eta akar sa-

niskara kagorengan; aja djalma sawareh kapintjoet, geus kitoe sasab ti kapěrtjajaan, sarta seug noeblěs dirina sorangan koe kanjěri reja pisan.

11. Tatapi ari maneh mah, eh djalmaning Allah! moedoe njěgah lampah kitoe; sarta sing ngobrek kana kaběněran, ibadah, kapěrtjajaan, kanjaahan, kamantěpan djeung kasarehan.

12. Lakonan pěrang hade, nja pěrang kapěrtjajaan teja; koedoe newak kana hiroep noe langgěng, nja baris kitoe noe matak maneh geus disaoer, sarta ngakoekeun pangakoe hade teja di hareupeun saksi reja pisan.

13. Kaoela marentah ka maneh di pajoeneun Allah, anoe ngahiroepkeun saniskara, sarta di pajoeneun Kristoes Jesoes, noe ngakoekeun pangakoe hade teja di hareupeun Pontioes Pilatoes:

14. Poma-poma koe maneh tětěpkeun eta papakon, oelah aja koetjiwana, oelah aja pikatjawadeunana, těpi ka soempingna Goesti oerang Jesoes Kristoes.

15. Anoe bakal ngaboektikeun eta teh dina mangsana, nja Allah noe langkoeng salamět sarta noe kawasa njalira, Radjaning sakabeh radja, Goestining sakabeh Goesti;

16. Anoe woengkoel teu keuna paeh teh, sarta linggih di djěro tjaang noe teu beunang dideukeutan, ka andjeunna tatjan aja djalma noe nendjo, sarta teu beunang koe djalma ditendjo; nja andjeunna anoe koedoe dibaktian hormat sarta kawasa langgěng. Amin.

17. Ari noe baleunghar di ijeu doenja, titah oelah adigoeng, djeung oelah ngandělkeun kabeungharan noe sok tara tangtoe teja, nganděl teh koedoe ka Allah noe hiroep, anoe masihkeun ka oerang saniskara barang sarta leuwih loba, baris dipake;

18. Titah marilampah kahadean, sina soegih dina panggawe hade, sina moerah djeung berehan,

19. Neundeun radja-brana pikeun dirina, pigeusaneun paděmen koewat keur di djaman měngke, soepaja mareunang hiroep noe langgěng teja.

20. Eh Timoteoes! sing ngaraksa kana gagadoehan teja, djeung singkiran omongan gapong teu moepakat, sarta madoeanana noe kasěboetkeun elmoe tatapi palsoe;

21. Aja djalma sawareh ngakoekeun ka dinja, toeloej sasab ti kapěrtjajaan. Moegimoegi sih-koernija teh njarěngan ka maneh. Amin.

IJEU SĔRAT KADOEWA TI RASOEL PAOELOES KA TIMOTEOES.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Paoeloes, rasoel Jesoes Kristoes, koe pangĕrsa Allah, pikeun ngadjalankeun pĕrdjangdjian hiroep, noe di djĕro Kristoes Jesoes teja,

2. Doematĕng Timoteoes, anak kaoela kanjaah: moegi-moegi maneh dipaparin sih-koernija, kawĕlasan reudjeung kasĕnangan ti Allah Rama, sarta ti Kristoes Jesoes, Goesti oerang!

3. Kaoela moedji soekoer ka Allah, noe dibakti koe kaoela ti karoehoen dina boedi-rasa bĕrĕsih, kitoe deui teu pĕtot-pĕtot ingĕt ka maneh teh dina sadjĕroning panĕda kaoela beurang-peuting;

4. Hajang pisan papanggih djeung maneh, ari ras ingĕt ka tjipanon maneh teja, - soepaja kaoela moegi dipaparin pinoeh koe kaboengahan;

5. Satijap-tijap kaoela ngingĕtkeun kana kapĕrtjajaan maneh noe taja palsoena, noe ti heula ngĕnggon di djĕro Lois, ejang maneh noe istri, djeung di djĕro iboe maneh Enika; sarta kaoela nangtoekeun, jen ngĕnggon di djĕro maneh keneh.

6. Tina sabab kitoe, kaoela ngingĕtan ka maneh, moedoe ngageuingkeun kana pasihan Allah noe di djĕro hate maneh, lantaranana maneh koe kaoela ditoempangan leungeun teja.

7. Karana Allah masihkeun teh ka oerang lain roh kagimiran, ĕnjana mah roh kawasa, sarta kanjaahan, djeung tjĕgahan.

8. Manana maneh oelah rek mikaera kana pĕrtelaan Goesti oerang, nja kitoe deui ka kaoela, noe djadi babandan andjeunna; moedoe sing miloe sangsara sabab Indjil, koe bĕrkah kawasaning Allah,

9. Noe geus njalamĕtkeun ka oerang, sarta geus njaoer oerang teh nganggo pangnjaoer soetji, lain sabab panggawe diri oerang, istoening sabab kĕrsana koe mantĕn, sarta sih-koernijana, noe geus dipasihkeun ka oerang di djĕro Kristoes Jesoes ti samemeh djaman-djaman,

10. Ari ajeun aijeu geus

diboektikeun koe soempingna Djoeroe-salamĕt oerang Jesoes Kristoes teja, noe geus ngaleungitkeun maot, sarta koe lantaran Indjil geus nganjatakeun hiroep djeung hal teu keuna roeksak.

11. Nja ka dinja kaoela geus dibakoekeun poerah ngoewarkeun, sarta rasoel, djeung goeroe oerang kapir.

12. Pedah kitoe noe matak kaoela njandang sangsara ijeu teh, tatapi hanteu era, sabab kaoela njaho ka eta noe dipĕrtjaja koe kaoela, sarta tangtoe pisan dina pikir, jen andjeunna teh kawasa ngaraksa kana titipan kaoela dongkap ka poëan eta teja.

13. Tĕtĕpkeun tjonto kasaoeran moeloes, noe koe maneh kadenge ti kaoela teja, bari make kapĕrtjajaan djeung kanjaahan noe aja di djĕro Kristoes Jesoes.

14. Sing ngaraksa kana gagadoehan hade teja, koe Roh Soetji, anoe linggih di djĕro oerang.

15. Maneh geus njaho, sakabeh noe di Asia teja, pada aloendoer ti kaoela; noe kaasoep kitoe Pigeloes djeung Hermogenes.

16. Goesti moegi-moegi maparin kawĕlasan ka saeusiimah Onesiporoes; sabab rĕmĕn pisan eta teh niiskeunana ka hate kaoela, sarta teu wirangeun koe rante kaoela;

17. Ari keur mangsa di Roem, nejangan kaoela imeut katjida, sarta datang ka kapanggih.

18. Moegi-moegi eta teh koe Goesti dipaparin sina manggih kawĕlasan ti Goesti di poëan eta teja. Djeung ari karosaan ngawoelana di Epesoes teja, maneh teh leuwih njaho.

PASAL 2.

Koe sabab eta, eh anaking! sing djadi koewat dina sih-koernija noe di djĕro Kristoes Jesoes.

2. Sarta pĕrkara noe koe maneh geus kadenge ti kaoela di hareupeun reja saksi, pĕrtjajakeun ka djalma noe satoehoe, noe pada pibisaeun ngawoeroek deui ka djalma sedjen.

3. Ari maneh teh sing daek njandang kasoekĕran, koemaha noe pĕrloe di pradjoerit Jesoes Kristoes noe bĕnĕr.

4. Moenggoeh anoe ngalakonan pĕrang mah, moal tjampoer kana oeroesan barang kahiroepan, soepaja manehanana dipikasoeka koe kapala pĕrang.

5. Dalah noe ngadoe tanaga oge moal koengsi dimakoetaan, lamoen hanteu sah mah ngadoena.

6. Ari ahli-tani anoe miga-

we, koedoe ti heula ngahakan hasilna.

7. Hartikeun noe koe kaoela dipitjatoer teh, da maneh koe Goesti tangtoe diboekakeun ka saniskarana.

8. Masing ngingĕt-ngingĕt, jen Jesoes Kristoes teh geus ditanghikeun ti noe paraeh; ari andjeunna mĕdalna ti toeroenan Dawoed, sakoemaha oenina Indjil kaoela;

9. Noe djadi sabab kaoela teh njandang kasoekĕran, moenggah datang ka dibarogod, tjara bangsat; tatapi ari pangandika Allah mah hanteu kabarogod.

10. Pedah kitoe, kaoela ngawajahnakeun maneh ka saniskara, tina sabab sakoer djalma kapilih, soepaja eta ge pada pimeunangeun kasalamĕtan noe di djĕro Kristoes Jesoes, reudjeung kamoeljaan noe langgĕng.

11. Ijeu teh omongan noe satoehoe pisan: satijap-tijap oerang geus ngiring paeh, tangtoe oerang kitoe deui mĕngke ngiring hiroep;

12. Satijap-tijap oerang wajahna, tangtoe oerang kitoe deui mĕngke ngiring ngaradjaan; satijap-tijap oerang nganglĕs ka andjeunna, tangtoe andjeunna kitoe deui mĕngke nganglĕs ka oerang.

13. Satijap-tijap oerang hanteu toehoe, moenggoeh andjeunna mah tĕtĕp bae toehoe; sabab mohal ijasaeun nganglĕs ka salira andjeunna mah.

14. Pada ingĕtan kana eta pĕrkara, sarta koedoe ngomatngomatan di pajoeneun Goesti, oelah sina parĕboet omong, taja pisan hasilna, ngan matak ngabingoengkeun ka noe ngadarenge.

15. Sing sarĕgĕp pisan, malar njanggakeun diri maneh ka Allah teh katjiri djalma saestoe, rehna njĕkĕl gawe teu kawiwirangan, sarta mĕtakeun pangandika kajaktian teh djeung sabĕnĕrna.

16. Djeung moedoe ngadjaoehan omongan gapong teu moepakat; sabab eta teh tangtoe tambah-tambah kadorakaanana,

17. Sabab papatahna bakal beuki njatoean tjara sampar; noe kaasoep kitoe Himĕneoes djeung Piletoes,

18. Eta geus pada sasab ti kajaktian, ari omongna jen kijamat teh ĕnggeus; djadi ngabaroentakkeun kapĕrtjajaan djalma sawareh.

19. Parandene kitoe, padĕmen Allah noe reugreug teh tĕtĕp bae ngadĕgna, sarta aja toelisan kijeu: Goesti langkoeng oeninga ka djalma kagoenganana; djeung deui: Saha-saha noe njĕboet djĕnĕngan Kristoes, koedoe mitjeun kadorakaan.

20. Dĕmi di djĕro imah gĕde lain woengkoel parabot ĕmas sarta perak, aja deui parabot kai sarta taneuh; ari noe sawareh baris kamoeljaan, noe sawareh deui mah baris kahinaan.

21. Lamoen djalma ngabĕrĕsihan maneh ti noe kitoe teja, nja eta teh djadi parabot baris kamoeljaan, geus disoetjikeun, sarta aja gawena di Goesti, geus sadija pikeun saniskara pagawean hade.

22. Moedoe njĕgah ka napsoe kangoraan, sarta sing ngobrek kana kabĕnĕran, kapĕrtjajaan, kanjaahan, sarta karoentoetan reudjeung sakoer noe sasambat ka Goesti tĕroes djeung hate bĕrĕsih.

23. Sarta moedoe nampik sagala soewal boeroeng, noe teu oemoem, sabab maneh njaho, eta teh ngajakeun paseja.

24. Ari moenggoeh di abdi Goesti oelah paseja, nja koedoe saneh ka sakabeh, djeung sing bisaan ngawoeroek, kitoe deui sabar;

25. Sarta mamatahan reudjeung sareh ati ka sakoer noe ngalawan, malah-mandar noe kitoe teh koe Allah dipaparin pĕrtobat, noe matak datang ka nganjahokeun kana kajaktian,

26. Sarta djadi ingĕt deui, bidjil tina ridjĕt Iblis, noe geus ngabojong maranehanana sina noeroet karĕpna.

PASAL 3.

Kanjahokeun koe maneh, di djaman ahir piajaeun mangsa noe sararakah.

2. Karana djalma teh bakal pada njaah ka dirina bae, pibanda, soewaban, kamagoengan, toekang ngagogoreng, moengpang ka kolot, euweuh panarima, doraka,

3. Teu boga kanjaahan oemoem, teu daek rapih, toekang ngoepat, latjoer, dĕdĕglĕr, giroek ka noe hade,

4. Toekang ngahijanat, mokahaan, agoel, leuwih njaah kana kangeunahan ti batan njaah ka Allah;

5. Aja sĕmoena ibadah, tatapi kana kawasana mah nganglĕs. Singkiran noe kitoe teh.

6. Sabab aja noe ti lĕbah eta, sok pada njoeloesoep ka imah, nangkĕpan hate awewe noe kaboegbroegan koe dosa, sarta kairid koe roepa-roepa napsoe;

7. Awewe noe goegoeroe saĕndĕng-ĕndĕng, tatapi salalawasna ge moal bisa datang ka ngarti kana kajaktian.

8. Sapĕrti Jannes djeung Jambres ngalawan ka Moesa teja, nja kitoe pisan itoe teh pada ngalawan kana kajaktian, estoe djalma lĕbar pikir, woedoe moenggoeh dina kapĕrtjajaan.

9. Tatapi moal datang ka madjoe deui, sabab kagelo-anana tangtoe mĕngke katangen koe sakabeh, sakoemaha tjara kageloan djalma noe disĕboet tadi.

10. Ari maneh mah geus noeroetan kaoela dina piwoe-roek, dina tingkah-polah, dina pasĕdjaan, dina kapĕrtjajaan, dina kasabaran, dina kanja-ahan, dina kamantĕpan,

11. Dina kasorang koe panganijaja, dina kasangsaraan, sakoemaha noe geus naradjang ka kaoela di Antioki, di Ikonioem djeung di Listra; ari eta panganijaja teja koe kaoela geus ditahan, sarta kaoela koe Goesti geus didjait ti sakabehna.

12. Malah sadajana djalma noe hajang di djĕro Kristoes Jesoes teh hiroep sarta djeung ibadahna, tangtoe bakal pada dikanijaja.

13. Sabalikna ari djalma goreng djeung noe ngagiring-sing mah, tangtoe beuki rosa kagorenganana, pada njasab-keun, malah dirina ge kasa-sabkeun.

14. Tatapi ari maneh mah, sing tĕtĕp di noe geus diwoe-roekkeun ka maneh, sarta noe kaharti jen saestoena, sape-dah maneh njaho ka noe nga-woeroekkeun eta ka maneh,

15. Sarta jen maneh ti boe-boedak geus nganjahokeun ka Kitab Soetji, noe bisa min-tĕrkeun ka maneh matak dja-di kasalamĕtan, djalanna pĕr-tjaja ka Kristoes Jesoes.

16. Ari sadajana Kitab teh geus diilhamkeun koe Allah, sarta mangpaat pikeun piwoe-roek, pikeun ngawĕwĕleh, pikeun ngahadekeun, sarta pikeun mamatahan kana djalan kabĕnĕran;

17. Soepaja djalmaning Al-lah teh sampoerna, sarta sadija pisan baris ka saliring paga-wean hade.

PASAL 4.

Kaoela ngomat-ngomatan di pajoeneun Allah sarta Goesti Jesoes Kristoes, anoe bakal ngahoekoeman ka djal-ma hariroep reudjeung noe paraeh, keur waktoena soem-ping sarta beh karadjaanana:

2. Oewarkeun pangandika; sing mantĕp, ari teu ari; koe-doe ngawĕwĕleh, ngageung-geureuhkeun, mamatahan djeung sagala kasabaran sarta pangwoeroek.

3. Karana mĕngke aja mang-sa, harita maranehanana teu parajaeun ka piwoeroek moe-loes teja, sarta koe bawaning arateul tjeulina, bakal pada ngoempoelkeun sababaraha goeroe keur diri maraneha-nana, noeroetkeun kahajang napsoena sorangan;

4. Djeung bakal ngalalijeus-

keun tjeuli ti kajaktian, seug njanghareupan ka dongeng-dongeng.

5. Tatapi ari maneh mah, sing njaring ati dina saniskara, sing daek njandang kasoekĕran, lakonan pagawean djoeroe-indjil, lampahkeun tjangkingan maneh sing datang ka toetoegna.

6. Karana kaoela ajeuna keur ditjitjikeun saibarat koerban inoeman, sarta waktoe rek ninggal teh geus tereh.

7. Kaoela geus ngalakonan pĕrang hade, geus njatjapkeun balap diri, geus nĕtĕpkeun kapĕrtjajaan.

8. Moenggoeh ka hareup mah kaoela geus ditjadangan makoetaning kabĕnĕran, noe bakal dipasihkeun ka kaoela di poëan eta koe Goesti, nja Hakim anoe langkoeng adil teja; sarta lain ka kaoela bae, kitoe keneh ka sakabeh noe geus pada njaah ka soempingna.

9. Maneh sing gĕsat-gĕsoet soepaja gantjang manggihan ka kaoela.

10. Sabab Demas geus ninggalkeun ka kaoela, bawaning manehanana djadi njaah ka ijeu doenja, ajeuna geus leumpang ka Tesalonika; ari Kresen geus indit ka Galata, Titoes mah ka Dalmati.

11. Ngan Loekas anoe aja di kaoela. Ari Markoes koe maneh sampeur, sarta bawa reureudjeungan, sabab kapake pisan koe kaoela panglalajananana.

12. Ari Tihikoes koe kaoela geus dititah ka Epesoes.

13. Haroedoem, noe bareto koe kaoela ditinggalkeun di Troas teja, di ki Karpoes, ari maneh datang, bawa; djeung bawa eta kitab-kitab, soemawonna kĕrtas koelit teja.

14. Aleksandĕr, paledang teja, loba katjida migawena kagorengan ka kaoela; moegi-moegi koe Goesti dibalĕs sakoemaha pagaweanana!

15. Maneh oge masing ngadjaga diri ka eta djalma, sabab rosa katjida ngalawanna ka omongan oerang.

16. Waktoe kaoela ngadjawab pariksaan anoe mimiti, taja hidji-hidji atjan anoe bela, sarereja pada ninggalkeun ka kaoela. Moegi-moegi lampah kitoe oelah ditanggoengkeun ka darinja!

17. Tatapi Goesti mah harita ngadĕgan ka kaoela, sarta ngoewatkeun ka kaoela, soepaja pangoewaran teh koe kaoela dilampahkeun datang ka tjatjapna, sarta masingna kadenge koe sakabeh oerang kapir. Djeung kaoela geus dileupaskeun ti soengoet singa teja.

18. Malah Goesti tangtoe bakal ngaleupaskeun kaoela ti saniskara panggawe goreng,

sarta ngaraksa kaoela datang ka karadjaanana di sawarga. Nja andjeunna noe koedoe dibaktian kamoeljaan langgĕng salalawasna! Amin.

19. Pangnĕpikeun salam kaoela ka Priska djeung Akila, sarta ka saeusi-imah Onesiporoes.

20. Erastoes tinggaleun di Korinta; ari Tropimoes koe kaoela ditinggalkeun di Mileta keur gĕring.

21. Maneh sing gĕsat-gĕsoet, soepaja datang ka dijeu samemeh oesoem tiris. Ari Eboeloes, djeung Poeden, djeung Linoes, djeung Klaoedia, sarta sakabeh bae doeloer-doeloer, pada ngirim salam ka maneh.

22. Moegi-moegi Goesti Jesoes Kristoes njarĕngan ka roh maneh! Sih-koernija teh moegi njarĕngan ka maraneh sakabeh. Amin.

IJEU SĔRAT TI RASOEL PAOELOES
KA TITOES.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Paoeloes, abdi Allah sarta rasoel Jesoes Kristoes kana hal kapĕrtjajaan sakoer djalma kapilih Allah, djeung hal kanjaho kana kajaktian, anoe noengtoen kana ibadah teja,

2. Kalawan pangarĕp-ngarĕp kana hiroep noe langgĕng, noe koe Allah anoe mohal bohong teja geus didjangdjikeun ti samemeh djaman-djaman,

3. Dĕmi dina mangsa noe pasti geus nganjatakeun pangandikana lantaran ti pangoewaran, noe geus digadoehkeun ka kaoela koe doemeh timbalan Allah, Djoeroe-salamĕt oerang;

4. Doematĕng Titoes, anak kaoela satĕmĕnna, djalan tina toenggal pĕrtjaja: moegi-moegi maneh dipaparin sihkoernija, kawĕlasan reudjeung kasĕnangan ti Allah Rama, sarta ti Goesti Jesoes Kristoes, Djoeroe-salamĕt oerang!

5. Kijeu sababna noe matak maneh koe kaoela ditinggalkeun di Krete, soepaja anoe tatjan kaboeroe anggeus, koe maneh dipadjoe dientepkeun, sarta di oenggal nagara ngadjĕnĕng-djĕnĕngkeun baris

kokolot, sakoemaha kaoela geus marentah ka maneh:

6. Nja eta lamoen aja djalma noe euweuh tjawadeunana, boga pamadjikan ka awewe hidji bae, sarta anak-anakna pĕrtjaja, noe teu beunang ditoeding latjoer atawa moengpang.

7. Sabab moenggoehing di pangoeroes teh oelah aja tjawadeunana, koe pedah ngokolotan gĕdong Allah; oelah mawa-mawa maneh, oelah barangasan, oelah pamabokan, anoe lain soeka meupeuhneunggeul, lain ngarah kaoentoengan nista;

8. Nja anoe soeka ngandjrĕkkeun, anoe njaah ka noe hade, tjĕgahan, bĕnĕr, soetji, sarta bisa mĕngkĕk diri;

9. Anoe pageuh njĕkĕl kasaoeran noe satoehoe teh sakoemaha piwoeroek bae, soepaja kawasa mamatahan koe piwoeroek moeloes teja, sarta ngawĕwĕleh ka noe madoean.

10. Sabab loba pisan djalma lantja-lintji, toekang ngomong gapong sarta toekang ngagĕndam, soemawonna anoe asal bangsa disoenatan;

11. Eta koedoe dibĕkĕman soengoetna, da sok radjeun ngabaroentakkeun ka saeusiimah kabeh, djalan mamatahkeun anoe hanteu patoet, koe bawaning ngarah kaoentoengan nista.

12. Aja hidji djalma bangsa eta, nja nabina sorangan, geus ngomong kijeu: Ari oerang Krete salawasna sok bohongan bae, sato galak, sarta ngĕdoel beuteung.

13. Bĕnĕr njĕboetna kitoe teh. Koe sabab eta koe maneh koedoe pada diwĕwĕleh sing angĕt pisan, soepaja tjalageur dina kapĕrtjajaan,

14. Djeung oelah ngoeroes dongeng Jahoedi sarta parentah djalma, anoe pada ngabalijeur kana kajaktian.

15. Moenggoeh ka djalma noe bĕrĕsih, saniskara barang teh bĕrĕsih; tatapi moenggoeh ka djalma noe rĕgĕd djeung noe teu pĕrtjaja mah, taja pisan barang noe bĕrĕsih, ari pikirna sarta boedi-rasana pada rĕgĕd.

16. Pangarakoena njaho ka Allah, tatapi koe panggawena mah pada nganglĕs ka andjeunna, sapedah naradjis djeung mantangoel, sarta woedoe moenggoeh ka saniskara pagawean hade mah.

PASAL 2.

Ari maneh mah, moedoe njatoerkeun anoe tjotjog djeung piwoeroek moeloes teja:

2. Moenggoehing lalaki kolot teh sina njaring ati, prajoga, tjĕgahan, djagdjag dina

kapĕrtjajaan, dina kanjaahan, sarta dina kamantĕpan.

3. Ari awewe kolot pon kitoe keneh, tingkah-polahna sina sakoemaha noe pĕrloe di djalma soetji, oelah sina oepatan, oelah beuki nginoem anggoer loba, nja sina djadi goeroe lampah kahadean,

4. Soepaja magahan ka awewe ngarora sina ijatna, sina njaah ka salakina, djeung njaah ka anak-anakna,

5. Sarta sina tjĕgahan, bĕrĕsih, ngaraksa imah, hade ati, djeung ngesto ka salakina, soepaja pangandika Allah teh oelah aja djalma noe ngagorengkeun inja.

6. Ari lalaki ngarora pon kitoe keneh koedoe papatahan sina tjĕgahan.

7. Djeung maneh dina saniskara sing nandakeun diri pribadi toeladan panggawe hade; ari piwoeroek teh koedoe sing sadjatina, sarta prajoga;

8. Nja make kasaoeran noe moeloes, noe teu beunang ditjawad, soepaja moesoeh datang ka eraeun, pedah ka oerang teu manggih kagorengan geusan omongkeuneunana.

9. Ari sakoer noe koemawoela koedoe papatahan sina pada ngesto ka djoeraganana, sing matak pikarĕsĕpeun djoeragan dina saniskara, djeung oelah malikkeun omong,

10. Sarta oelah tjĕtjĕrĕmĕd, nja koedoe narandakeun sagala katĕmĕnan hade; soepaja dina saniskara lampah pada matak mantĕskeun ka piwoeroek Allah, Djoeroe-salamĕt oerang.

11. Sabab ari sih-koernija Allah, noe ngadatangkeun kasalamĕtan ka sakabeh djalma, ĕnggeus diebrehkeun,

12. Djeung ngawoeroekan ka oerang, ninggalkeun kadorakaan reudjeung sakoer napsoe doenja, sarta hiroep di ijeu doenja teh kalawan tjĕgahan, djeung kabĕnĕran, sarta ibadah,

13. Bari noenggoe-noenggoe pangarĕp-ngarĕp noe leuwih salamĕt, kitoe deui diëbrehkeunana kamoeljaan Allah noe langkoeng agoeng sarta Djoeroe-salamĕt oerang Jesoes Kristoes,

14. Noe geus njĕrahkeun salirana koe andjeun nalangan ka oerang, soepaja nĕboes ka oerang teh ti sakabeh kadorakaan, sarta ngabĕrĕsihan keur bade salira andjeunna oemat kagoengan, noe gĕtol kana panggawe hade.

15. Nja eta teja tjatoerkeun, sarta maneh mamatahan djeung ngawĕwĕleh teh sing satĕmĕn-tĕmĕnna. Papatjoewan aja noe njoemahkeun ka maneh!

PASAL 3.

Eta maneh sing ngingĕtan ka darinja, jen koedoe ngesto ka pangkat-pangkat djeung ka noe pada kawasa, koedoe pada noeroet parentah, sarta sing daek ka saniskara pagawean hade;

2. Oelah pisan eta rek ngagorengkeun ka saha bae, oelah rek paseja, nja koedoe sing pada ngelehan maneh, sarta milampah sagala kasarehan ka sakabeh djalma.

3. Sabab oerang ge tadina pada bodo, moengpang, sasab, ngawoelaan kana roepa-roepa pakarĕpan reudjeung napsoe, hiroep teh di djĕro djoelig djeung dĕngki, pada matak giroek sarta silih-pikagiroek.

4. Dĕmi ajeuna mah, sanggeusna diebrehkeun kamoerahan Allah, Djoeroe-salamĕt oerang, sarta kaasihanana ka manoesa teja,

5. Oerang teh koe andjeunna disalamĕtkeun, lain tina lampah kabĕnĕran beunang migawe oerang, istoening tina kawĕlasan andjeunna, koe sarat panjebor paranti ngadjoeroekeun deui sarta nganjarkeunana Roh Soetji,

6. Noe koe andjeunna geus dikoetjoerkeun ka oerang kalangkoeng soegih, lantaranana Jesoes Kristoes, Djoeroe-salamĕt oerang;

7. Soepaja oerang, tina sabab geus didamĕl bĕnĕr koe sih-koernija andjeunna, pada djadi ahli-waris hiroep noe langgĕng, dina pangarĕp-ngarĕp.

8. Nja eta teja omongan noe satoehoe pisan, sarta kahajang kaoela, pĕrkara kitoe teh koe maneh koedoe diwoeroekkeun sing saestoena, soepaja sakoer noe pĕrtjaja ka Allah, pada gĕten-toelaten ngarigĕlkeun panggawe hade. Nja lampah kitoe teh noe oetama sarta mangpaat ka djalma.

9. Tatapi singkiran sagala soewal noe gĕdjoel, kitoe deui sadjarah, djeung katjerewedan, sarta parĕboet hoekoem Toret; sabab eta teh taja mangpaatna, estoe sija-sija.

10. Ari djalma bid'ah, lamoen geus diingĕtan sakali sarta mindo, toeloej singkirkeun bae,

11. Sapedah maneh njaho, anoe kitoe teh tibalik pikir, sarta njijeun dosa, da geus disalahkeun di djĕro dirina.

12. Dimana kaoela nitahan Artemas atawa Tihikoes ka maneh, sing gĕsat-gĕsoet manggihan kaoela ka nagara Nikopolis; sabab nijat kaoela dek eureun di dinja satoengtoeng oesoem tiris.

13. Ari Senas, ahli toret teja, djeung Apollos, koe ma-

neh barahanan masing titen, soepaja oelah aja kakoeranganana.

14. Djeung deui batoer oerang saagama sing dialadjar ngarigĕlkeun panggawe hade baris njoekoepan noe misti, sangkan daririna oelah teu boewahan.

15. Ari sakabehna anoe reureudjeungan djeung kaoela, pada ngirim salam ka maneh. Pangnĕpikeun salam kaoela ka sakoer anoe njaah ka oerang tina djalan kapĕrtjajaan. Moegi-moegi sih-koernija teh njarĕngan ka maraneh sakabeh. Amin.

IJEU SĔRAT TI RASOEL PAOELOES

KA PILEMON.

Sĕrat kaoela Paoeloes, babandan Kristoes Jesoes, reudjeung ti Timoteoes saderek, doematĕng Pilemon, kaasih kaoela, noe ngabantoe digawe,

2. Djeung ka Appia, kaasih kaoela, sarta ka Arhipoes, batoer sasama pĕrang, djeung ka garedja noe aja di boemi maneh:

3. Moegi-moegi maraneh pada dipaparin sih-koernija reudjeung kasĕnangan ti Allah, Rama oerang, sarta ti Goesti Jesoes Kristoes!

4. Kaoela salawasna moedji soekoer ka Allah kaoela, sarta ingĕt bae ka maneh teh dina sadjĕroning panĕnĕda kaoela,

5. Sarehna kaoela ngadenge hal kanjaahan djeung kapĕrtjajaan maneh, noe aja di djĕro diri maneh ka Goesti Jesoes sarta ka sakabeh djalma saroetji.

6. Ari noe disoehoenkeun teh, moegi-moegi katoenggalan kapĕrtjajaan maneh sing ngadjadi santosa koe nganjahokeun kana sagala kahadean, noe aja di djĕro oerang pikeun Kristoes Jesoes.

7. Karana kaoela rosa pisan kaboengahan djeung kalipoeran koe kanjaahan maneh teh, sabab hate djalma saroetji, eh doeloer! geus pada disĕnangkeun koe maneh.

8. Koe sabab eta, sanadjan kaoela loedeung pisan di djĕro Kristoes, pikeun marentah ka

maneh anoe patoet dipilampah,

9. Kaoela anggoer dek nĕnĕda tina sabab kanjaahan. Koe pedah kaoela kijeu, nja Paoeloes, djalma kolot, samalah ajeuna babandan Jesoes Kristoes ongkoh,

10. Noe matak nĕnĕda ka maneh, mangnĕdakeun anak kaoela, beunang kaoela ngajoegakeun di djĕro njandang barogod, nja Onesimoes teja,

11. Noe bareto taja gawena ka maneh, dĕmi ajeuna mah gĕde gawena nja ka maneh sarta ka kaoela. Eta koe kaoela dititah balik;

12. Ari maneh, tjing atoeh tarima inja, tĕgĕsna hate kaoela pribadi.

13. Tadina kaoela aja kahajang dek dipakoeng di dijeu, soepaja ngawoelaan ka kaoela nalangan maneh, di djĕro njandang barogod teja tina sabab Indjil;

14. Tatapi kaoela teu daek milampah kitoe-kijeu, lamoen teu karĕmpoegan koe maneh mah, soepaja kahadean maneh teh oelah sapĕrti kapaksa, nja moedoe tina soeka pribadi.

15. Sabab kijeu soegan noe matak eta dipisahkeun ti maneh sakeudeung, soepaja kabogaan deui koe maneh salalanggĕngna;

16. Tatapi geus moal deui tjara boedjang, estoena mah leuwih pisan ti boedjang, satĕgĕsna doeloer kanjaah, soemawonna ka kaoela, geus poegoeh moen ka maneh mah, nja dina daging sarta di djĕro Goesti.

17. Koe sabab kitoe, lamoen ĕnja kaoela koe maneh diangkĕn kantja, moedoe tarima ka eta sapĕrti ka kaoela.

18. Sarta moen boga salah naon-naon, atawa hoetang, tĕmpoehkeun ka kaoela bae.

19. Nja kaoela Paoeloes noelis ijeu koe leungeun pribadi: kaoela noe pimajareun; soepaja oelah koengsi kaoela ngomong ka maneh, jen maneh teh malah-malah boga hoetang diri sakoedjoer ka kaoela.

20. Tjik atoeh doeloer, moegi kaoela sing meunang kagĕnahan ti maneh di djĕro Goesti; geura sĕnangkeun hate kaoela di djĕro Goesti!

21. Kaoela geus njoeratan ka maneh sabab nangtoekeun maneh teh bakal noeroet; sarta kaoela njaho, maneh tangtoe bakal milampah nja leuwih keneh ti batan pamenta kaoela.

22. Djeungna deui kaoela sakalian pangnjadijakeun pikeun ngandjrĕk; sabab pangharĕpan kaoela, jen kaoela koe bĕrkah panĕda maraneh bakal dipasihkeun ka maraneh.

23. Ari Epapras, batoer kaoela sasama di berok tina sabab Kristoes Jesoes, ngirim salam ka maneh;

24. Kitoe deui Markoes, Aristarkoes, Demas djeung Loekas, eta sadajana pangbantoe kaoela.

25. Moegi-moegi sih-koernija Goesti oerang Jesoes Kristoes njarĕngan ka roh maraneh. Amin.

IJEU SĔRAT TI RASOEL PAOELOES
KA OERANG IBRANI.

PASAL 1.

Ari Allah teh, sanggeus djaman baheula sĕring pisan sarta koe warna-warna djalanna ngandika ka karoehoen koe lantaran para nabi teja, dina ahirna djaman ijeu geus ngandika ka oerang koe lantaran Poetra,

2. Anoe dikĕrsakeun ahliwaris pinampaeun saniskara, dalah eta ge noe geus dianggo djalan ngadamĕl alam-doenja.

3. Dĕmi Poetra teh, doemeh hibarna kamoeljaan Allah, djeung kanjataan woedjoedna, sarta noe mangkoe saniskara koe pilahir kawasana, sanggeus midamĕl kabĕrĕsihan tina dosa koe salirana pisan, linggih di tĕngĕneun anoe Langkoeng Agoeng di noe loehoer;

4. Daradjatna ngalangkoengeanana ka para malaikat, sakoemaha djĕnĕngan, noe geus dimilikkeun ka andjeunna, poendjoel ti batan ngaran eta.

5. Karana malaikat mana noe koe Allah geus diandikaan kijeu: Andika teh poetra kami, nja poë ijeu andika koe kami dijoegakeun? Nja kitoe deui: Kami noe bakal piramaeunana, ari eta bakal poetra kami?

6. Sarta keur mangsa Allah ngalĕbĕtkeun Poetra tjikal ka doenja deui, pangandikana kijeu: Sakabeh malaikat Allah koedoe saroedjoed ka eta!

7. Ari kana hal malaikat pangandikana kijeu: Malaikatna koe andjeunna didamĕl soekma, sarta abdina didamĕl hoeroengna seuneu.

8. Tatapi kana hal Poetra mah nja kijeu: Panglinggihan andjeun, noen Allah, tĕtĕp langgĕng salalamina; ari tĕ-

tĕkĕn karadjaan andjeun, nja tĕtĕkĕn anoe lĕmpĕng.

9. Andjeun teh langkoeng soeka kana kabĕnĕran, sarĕng geuleuh kana kadorakaan; koe sabab eta noe mawi andjeun, noen Allah, koe Allah andjeun geus dilisahan koe lisah kaboengahan, dilangkoengkeun tina rentjang andjeun.

10. Djeung deui: Noen Pangeran! andjeun dina awitna ngadĕgkeun ijeu boemi, sarĕng langit-langit dadamĕlan panangan andjeun.

11. Eta teh bakal lĕboer, doepi andjeun mah langgĕng bae; ari eta bakal ngaboeroekan sapĕrtos papakean,

12. Sarĕng bade koe andjeun digoeloengkeun sapĕrtos kampoeh, sarawoeh bakal pada salin roepa; nanging ari andjeun mah anggĕr bae, sarĕng taoen andjeun moal keuna koe seëp.

13. Djeung malaikat mana noe koe Allah geus diandikaan kijeu: Geura tjalik di katoehoeëun kami, datang ka moesoeh-moesoeh andika koe kami didjijeun djodjodog pikeun soekoe andika?

14. Ari eta sakabeh teh naha lain soekma koemawoela, noe dipiwarang baris ngawoela, koe tina sabab sakoer djalma noe bakal kawaris kasalamĕtan?

PASAL 2.

Koe sabab kitoe, oerang teh koedoe mingkin ngestokeun pisan ka sakoer noe geus kadenge koe oerang, soepaja oerang oelah kaloenta-loenta.

2. Karana lamoen pilahir noe dilahirkeun koe malaikat teja pageuh, ari sagala pangrĕmpak sarta pamoengpang ditĕrapan pamalĕs adil,

3. Koemaha oerang nja pingĕdjateun, lamoen teu ngingĕtkeun kana kasalamĕtan sakitoe gĕdena? anoe dimimitian diembarkeun koe Goesti, sarta koe sadaja anoe ngareungeu toeloej dipoegoehkeun ka oerang;

4. Malah Allah maparin pĕrtelaan koe tanda, djeung moedjidjat, sarta warna-warna kamatihan djeung pasihan Roh Soetji, noemoetkeun sakĕrsana.

5. Karana ari djagat noe mĕngke, noe keur dipitjatoer koe kaoela, lain dianoetkeun ka malaikat.

6. Sabalikna aja noe njĕboetkeun dina Kitab, kijeu pokna: Nahaon manoesa teh, mana diemoet-emoet koe andjeun, kitoe deui anak manoesa, mana koe andjeun dilajad?

7. Didamĕlna koe andjeun katjek saeutik ti malaikat, doepi dimakoetaan koe ka-

moeljaan sarĕng kahormatan, malah ditjangkinganan sadaja dadamĕlan panangan andjeun;

8. Saniskantĕn koe andjeun geus ditaloekkeun di handapeun soekoena. Karana ari naloekkeunana saniskara, hanteu aja pisan anoe dikarikeun, anoe hanteu ditaloekkeun teh. Dĕmi ajeuna tatjan katendjo koe oerang, jen saniskara taloek ka dinja;

9. Tatapi anoe geus djadi katjek saeutik ti malaikat, tĕgĕsna Jesoes, nja eta noe koe oerang katendjo geus dimakoetaan koe kamoeljaan djeung kahormatan, tina sabab njandang sangsaraning pati, soepaja andjeunna koe sih-koernija Allah ngaraos pati nalangan sakabeh djalma.

10. Sabab ari noe djadi karana pangajana saniskara, djeung lantaran pangajana saniskara, ana noejoen loba poetra kana kamoeljaan, kalangkoeng pantĕs njampoernakeun Panoetan kasalamĕtanana koe lantaran kasangsaraan.

11. Karana ari noe njoetjikeun sarta noe disaroetjikeun, kabeh ti sahidji asalna, noe matak andjeunna teu lingsĕmeun njĕbat doeloer ka darinja;

12. Ari saoerna: Simkoering bade ngawartakeun padjĕnĕngan andjeun ka poen doeloer-doeloer; di tĕngah-tĕngah pakoempoelan simkoering bade moedji ka andjeun koe poepoedjian.

13. Nja kitoe deui: Kami dek ngandĕl ka andjeunna. Djeung deui: Tah ijeu kami djeung baroedak paparin Allah ka diri kami.

14. Dĕmi tina sabab baroedak teh toenggal sadaging sagĕtih, noe matak andjeunna kitoe deui meunang sapĕrti eta, soepaja andjeunna koe poepoesna ngapĕskeun ka noe njĕkĕl pangawasa maot, nja eta Iblis,

15. Sarta ijasa ngaleupaskeun ka sakabeh noe katoengkoel koe koemawoela saoemoer hiroep, bawaning sijeun koe maot.

16. Karana saestoena andjeunna lain nampa malaikat, noe ditampa teh toeroenan Ibrahim.

17. Kitoe noe matak andjeunna dina saniskara misti saroewa djeung doeloer-doeloer, soepaja djadi panghoeloe agoeng noe wĕlas sarta satoehoe di pajoeneun Allah, pikeun ngaleungitkeun dosa oemat.

18. Karana sapedah andjeunna geus njorang sangsara, koe tina andjeunna digoda, noe matak ijasaeun mitoeloeng ka sakoer anoe digoda.

PASAL 3.

Koe sabab kitoe, eh doeloer-doeloer noe saroetji, noe geus pada meunang pangnjaoer ti sawarga! geura pada mandĕng ka Rasoel sarta Panghoeloe agoeng noe diakoekeun koe oerang, nja Kristoes Jesoes,

2. Anoe geus mitoehoe ka noe ngadjĕnĕngkeun, koemaha tjara Moesa mitoehoe ka sagĕdongna kabeh.

3. Karana Kristoes teh geus dimanah pantĕs meunang kamoeljaan poendjoel ti batan Moesa, sakoemaha bae noe njijeun imah gĕde kahormatanana ti batan imahna.

4. Karana oenggal-oenggal imah aja anoe njijeun inja; dĕmi noe ngadamĕl saniskara teh nja eta Allah.

5. Ari Moesa mitoehoena ka sagĕdongna kabeh sakoemaha abdi, baris mĕrtelakeun sakoer anoe bakal diandikakeun mĕngke.

6. Tatapi ari Kristoes mah mitoehoena ka gĕdongna sakoemaha Poetra; dĕmi eta gĕdongna teh nja oerang, kitoe soteh lamoen oerang pageuh njĕkĕl kaloedeungan sarta djeung pamoedji pangarĕpngarĕp teja, nĕpi ka pangang-geusan.

7. Koe sabab eta, koemaha timbalan Roh Soetji teja: Poë ijeu, lamoen maraneh ngadenge gĕntrana,

8. Poma oelah dek neuaskeun hate maraneh, sapĕrti tjara dina gĕgĕlĕndĕng, keur waktoe ngadodja di tĕgal lĕga teja;

9. Di dinja karoehoen-karoehoen maraneh ngadodja ka kami; pada njoba ka kami, sarta narendjo kana dadamĕlan kami opat poeloeh taoen lilana.

10. Koe sabab kitoe kami teh keuheul ka eta bangsa teh, sarta ngalahir: eta teh salalawasna sasab bae pikirna, sarta teu nganjarahokeun kana djalan kami.

11. Noe matak kami geus soempah dina sadjĕro kami bĕndoe: eta teh hamo pisan arasoep kana reureuh kami!

12. Masing pada ijatna, eh doeloer-doeloer! bok bisi di lĕbah maraneh aja noe boga hate goreng teu pĕrtjaja, dek soemingkir ti Allah anoe djoemĕnĕng;

13. Sarta koedoe silih-ingĕtan djeung batoer saban-saban poë, sapandjangna disĕboetkeun poë ijeu, bisi lĕbah maraneh aja noe datang ka teuas, tina kagĕndam koe dosa.

14. Karana oerang geus kadaroeoem Kristoes, kitoe soteh lamoen mimitina pangandĕl teh koe oerang ditjĕkĕl masing pageuh, nĕpi ka panganggeusan.

15. Ari ditimbalkeun: Poë ijeu, lamoen maraneh ngadenge gĕntrana, poma oelah dek neuaskeun hate maraneh, sapĕrti tjara dina gĕgĕlĕndĕng teja:

16. Eta anoe mana teja, sanggeusna ngadenge teh, gĕgĕlĕndĕng? Naha lain sakabehna noe boedal ti Mĕsir koe Moesa?

17. Djeung noe dipikakeuheul di djĕro opat poeloeh taoen teh, anoe mana teja? Naha lain sakoer noe migawe dosa, noe datang ka majitna tingdjaloprak di tĕgal lĕga teja?

18. Sarta anoe mana noe keuna koe soempah teh, jen hamo asoep kana reureuh andjeunna teja, ngan kadjaba sakoer anoe baha?

19. Geus tĕrang pisan, eta pangteu-bisana asoep teh tina sabab teu pĕrtjaja.

PASAL 4.

Dĕmi koe sabab tinggal keneh pĕrdjangdjian, asoep kana reureuh andjeunna teja, noe matak oerang koedoe sijeun, soepaja maraneh oelah aja noe tinggaleun.

2. Karana oerang ge geus pada diwartaan Indjil, nja tjara ka eta keneh; tatapi pangandika noe dioewarkeun teja hanteu hasil ka dinja, sababna hanteu dalit djeung kapĕrtjajaan dina hate djalma noe ngadenge.

3. Karana oerang anoe pĕrtjaja piasoepeun kana reureuh teh, sakoemaha noe diandikakeun teja: Noe matak kami geus soempah dina sadjĕro kami bĕndoe: eta teh hamo pisan arasoep kana reureuh kami! halta padamĕlanana tina mangsa diadĕgkeunana doenja teh geus anggeus.

4. Karana tina hal poë noe katoedjoeh aja pangandikana dina Kitab kijeu: Ari dina poë noe katoedjoeh Allah liren tina sadajana dadamĕlanana.

5. Ari pangandikana noe tadi teja: Eta teh hamo pisan arasoep kana reureuh kami!

6. Dĕmi koe sabab tinggal, jen aja sawareh anoe piasoepeun kana reureuh teh, ari eta noe diwartaan Indjil ti heula hanteu asoep tina kabahaanana teja,

7. Noe matak Allah nangtoskeun deui poë, nja poë ijeu, sabab ari geus lawas pisan antarana, andjeunna ngandika koe lantaran Dawoed, sakoemaha noe disĕboet di loehoer kijeu teja: Poë ijeu, lamoen maraneh ngadenge gĕntrana, poma oelah dek neuaskeun hate maraneh.

8. Karana saoepama koe Josoewa maranehanana geus dibawa asoep kana reureuh teh, Allah moal koengsi ngan-

dikakeun deui poë sedjen.

9. Nandakeun tinggal keneh reureuh pikeun oemat Allah.

10. Karana ari noe geus asoep kana reureuh andjeunna, eta teh reureuh tina pagawean sorangan, sapĕrti Allah liren tina dadamĕlanana.

11. Manana oerang hajoe masing sarĕgĕp, sangkan oerang piasoepeun kana eta reureuh, soepaja oelah aja noe laboeh sakoemaha tjonto kabahaan eta teja.

12. Karana ari pangandika Allah teh nja hiroep nja matih, sarta leuwih seukeut ti batan pĕdang anoe seukeut kentjakatoehoe, djeung tandĕs teurakna, moenggah datang ka pisah njawa reudjeung roh, kitoe deui soemsoem reudjeung toelang, sarta ngahoekoeman kana sagala pikiran djeung rarasaan hate.

13. Sarta di andjeunna teh sahidji mahloek taja noe kahalangan, saniskara ge ngaboeliklak sarta boeka di pajoeneun sotja Allah, noe koedoe dihatoeranan katĕrangan koe oerang.

14. Dĕmi koe sabab oerang boga Panghoeloe agoeng leuwih poendjoel, noe geus lĕbĕt tĕroes ka sawarga, nja eta Jesoes, Poetra Allah, noe matak oerang koedoe pageuh njĕkĕl kana pangakoe teh.

15. Karana oerang lain boga panghoeloe agoeng noe teu bisa hawatir kana kahengkeran oerang, boga teh Panghoeloe agoeng noe geus digoda dina saniskara, sakoemaha diri oerang, tatapi andjeunna taja dosa.

16. Koe sabab eta, hajoe oerang ngadeuheus sarta kaloedeungan kana palinggihan sih-koernija, soepaja oerang meunang kawĕlasan djeung manggih sih-koernija, sangkan oerang ditoeloeng dina waktoe noe hade.

PASAL 5.

Karana oenggal-oenggal panghoeloe agoeng, noe ditjandak ti lĕbah djalma, dibakoekeun nalang djalma-djalma dina pĕrkara-pĕrkara ka pajoeneun Allah, soepaja ngahatoerkeun pangabakti reudjeung koerban tina sabab dosa;

2. Pedah bisaeun hawatir ka noe bodo djeung ka noe sasab, tina bawaning pribadina ge njandang kahengkeran.

3. Anoe matak eta teh, sakoemaha ngoerban koe tina djalma-djalma, koedoe nja kitoe deui koe tina dirina ngoerban sabab dosa.

4. Djeung hanteu aja djalma njokot kahormatan kitoe baris dirina sorangan, ngan anoe disaoer koe Allah, sapĕrti tjara Haroen.

5. Nja kitoe keneh Kristoes lain ngamoeljakeun salira koe mantěn pangdjadi Panghoeloe agoeng teh, saestoena anoe ngandika ka andjeunna kijeu: Andika teh Poetra kami, nja poë ijeu andika koe kami dijoegakeun.

6. Sapěrti pangandikana deui dina Kitab: Andika teh Panghoeloe salalanggěngna, sakoemaha panata Melkisidik.

7. Ari Kristoes teh, basa poëan keur nganggo daging, ka noe ijasaeun ngaleupaskeun andjeunna tina djěro maot, ngabaktikeun paněda reudjeung panjambat, bari aloek-aloekan sarta ragragan tjisotja, djeung dikaboel didjaoehkeun tina palaoer.

8. Sanadjan andjeunna Poetra, datang ka diadjar anoet koe hal kasangsaraan noe kasorang teja.

9. Děmi geus sampoerna, djadi lantaran kasalamětan langgěng ka sakoer anoe anoet ka salira andjeunna,

10. Sarta koe Allah geus disěbatkeun Panghoeloe agoeng sakoemaha panata Melkisidik.

11. Ari moenggoehing eta Melkisidik teh kaoela reja pisan tjaritakeuneun, sarta hese diěrangkeunana, tina sabab maraneh geus kěndor nja ngadenge.

12. Karana běněrna mah maraneh koedoe geus pada djadi goeroe tina kalawasanana, padahal maraneh teh koedoe diwoeroekan deui awal-awalna pangandika Allah, sarta maraneh geus kawas anoe koedoe diinoeman tjisoesoe bae, teu koewat dahar anoe teuas-teuas.

13. Karana tijap-tijap anoe koedoe meunang tjisoesoe mah, eta teh teu paham ka pangandika kaběněran, sabab boedak.

14. Tatapi ari noe sampoerna mah kadaharanana noe teuas-teuas, nja eta sakoer anoe boga akal, noe geus dipitoetoeran koe bijasa baris ngabeda-bedakeun hade djeung goreng.

PASAL 6.

Noe matak oerang teh hajoe ninggalkeun piwoeroek Kristoes noe awal, bari geura madjoe kana kasampoernaan; montong neundeun deui paděmen hal pěrtobat tina pagawean paeh, djeung hal kapěrtjajaan ka Allah,

2. Kitoe deui piwoeroek pangbanjoe, sarta hal noempangkeun leungeun, hal pihoedangeunana djalma noe paraeh, djeung hal hoekoeman noe langgěng.

3. Eta teh koe oerang tangtoe dipilampah, kitoe soteh lamoen diparěngkeun koe Allah.

4. Karana djalma noe geus sakali ditjaangan, djeung geus ngarasa pasihan ti sawarga teja, sarta geus kadoeoeman Roh Soetji,

5. Kitoe deui geus ngarasa pangandika Allah noe hade, djeung kamatihan djaman mĕngke,

6. Eta teh ana seug moertad, moestahil dianjarkeun deui kana tobat, pedah sakali deui ngagantoengkeun Poetra Allah dina kai-dipalang adjang dirina, sarta dihina-hinakeun di noe negla.

7. Karana ari lahan, anoe njeuseup tjihoedjan, noe rĕmĕn pisan ninggangna ka dinja, sarta ngabidjilkeun pĕpĕlakan, anoe ngahasilkeun ka noe boga pakaja, eta teh meunang bĕrkah ti Allah.

8. Sabalikna ari noe ngabidjilkeun tjoetjoek-tjoetjoekan djeung walang sangit mah, eta teh baris pitjeuneun, sarta geus deukeut ka disapana, toengtoengna mah dihoeroe.

9. Tapina parandene kaoela mitjatoer kitoe oge, eh kaasih! ari ka maraneh mah kaoela nangtoekeun lampah anoe leuwih hade, sarta noe mawa kasalamĕtan.

10. Karana Allah moal hanteu adil, moal lali ka pagawean maraneh, sarta kana kanjaahan, noe geus dilalampahkeun koe maraneh ka padjĕnĕnganana, pedah geus pada ngawoelaan ka djalma noe saroetji, sarta masih keneh ngawoelaan teh.

11. Tatapi kahajang kaoela, oenggal-oenggal djalma di maraneh koedoe kitoe keneh ngalampahkeun kasarĕgĕpan, sangkan djadi koekoeh-pĕngkoeh nja pangarĕp-ngarĕp, nĕpi ka panganggeusan;

12. Soepaja maraneh oelah djadi mĕlĕntjing, sarta niroe-niroe ka sadajana noe datang ka ngamilik pĕrdjangdjian, djalan tina kapĕrtjajaan djeung kasabaran.

13. Karana keur mangsa Allah ka Ibrahim maparin pĕrdjangdjian teja, doemeh hanteu aja noe agoeng sĕbateun andjeunna soempah, noe matak soempah njĕbat salirana koe mantĕn,

14. Ari pangandikana: Satĕmĕnna, kami teh kaliwatsaking nja rek ngabĕrkahan ka maneh, sarta kaliwat-saking nja rek ngadjĕngkarkeun maneh.

15. Kitoe pĕtana Ibrahim, tina noenggoe-noenggoe sarta kasabaran, noe matak meunang eta pĕrdjangdjian teh.

16. Karana moenggoeh di djalma mah, ari soempah njĕboet noe agoeng, sarta koe soempah teh matak poetoes padoena, ari maksoedna ngestoekeun.

17. Kitoe sababna noe matak Allah, doemeh ka sakoer noe ngamilik pĕrdjangdjian teh kalangkoeng pisan kĕrsa nawiskeun, jen papastenna hanteu keuna barobah, andjeunna nganggo lantaran koe soempah;

18. Soepajana koe doewa pĕrkara noe teu keuna barobah, doewanana moestahil teuing Allah bohong, oerang teh meunang panglilipoer angot pisan, tĕgĕsna oerang noe geus pada moeroe rek njĕkĕl pangarĕp-ngarĕp noe ditjadangkeun teja;

19. Eta teh di oerangna minangka djangkar njawa, noe pageuh djeung reugreug, sarta asoep ka djĕroëun reregan.

20. Ari ka dinja Loeloegoe teh geus lĕbĕt keur pimangpaateun oerang, nja eta Jesoes, noe geus djadi Panghoeloe agoeng salalanggĕngna, sakoemaha panata Melkisidik teja.

PASAL 7.

Karana eta Melkisidik teh radja nagara Salem, panghoeloe Allah taala, noe mapagkeun ka Ibrahim mangsa moelih, samantas ngelehkeun radja-radja teja, sarta ladjĕng ngabĕrkahan ka Ibrahim;

2. Malah koe Ibrahim dihatoeranan sapĕrpoeloehna tina sakabeh barang. Djĕnĕnganana, ari disalin, hidji pĕrkara radja kabĕnĕran, geus kitoe radja Salem ongkoh, tĕgĕsna radja kasĕnangan;

3. Teu iboe teu rama, taja toetoeranana, kitoe deui mimiti poëna atawa panoengtoenganana hiroep; istoening geus disaroewakeun reudjeung Poetra Allah bae, tĕtĕp djadi panghoeloe salalanggĕngna.

4. Tjoba ajeuna geura waspadakeun sakitoe agoengna eta teh, moenggah koe Ibrahim, loeloegoe karoehoen teja, dihatoeranan sapĕrpoeloehna tina barang bojongan.

5. Ari toeroenan Lewi, sakoer noe nampa kapanghoeloean, ditimbalan njokot hasil sapĕrpoeloehan soteh tina bangsa, noeroet sakoemaha dina Toret, nja eta ti doeloerdoeloerna, sasama kaloewar ti angkeng Ibrahim.

6. Tatapi Melkisidik mah, noe lain asoep toeroenan ti dinja, njandak sapĕrpoeloehan teh ti Ibrahim, sarta eta noe geus meunang pĕrdjangdjian teja, koe andjeunna dibĕrkahan.

7. Ari ijeu teh hanteu beunang dipadoean, satijap-tijap noe handap dibĕrkahanana koe noe loehoer.

8. Ari di dijeu anoe njokot sapĕrpoeloehan teh djalma

noe pipaeheun, dĕmi di dinja mah anoe dipĕrtelakeun jen hiroep.

9. Sarta beunang disĕboetkeun kijeu, ari Lewi, anoe njokot sapĕrpoeloehan teh, karagoem koe Ibrahim ngahatoeranan sapĕrpoeloehan.

10. Karana aja keneh dina angkeng rama, keur mangsa dipapagkeun koe Melkisidik teja.

11. Saoepama lamoen geus aja kasampoernaan koe lantaran kapanghoeloean ahli lewi mah, (karana hoekoem Toret, noe katampa koe bangsa teh, noempangna dina eta kapanghoeloean teja), keur nanahaon koedoe datang panghoeloe noe lijan, anoe sakoemaha panata Melkisidik, lain disĕboetkeun noe sakoemaha panata Haroen?

12. Karana lamoen kapanghoeloean diganti, tanwande hoekoem Toret ge dirobahkeun.

13. Sabab ari noe ditoedjoel koe pangandika teja kasoep kaom sedjen, ti tatadi taja hidji-hidji atjan kaom eta anoe njangking altar.

14. Karana geus katara, Goesti oerang mĕdalna teh ti kaom Joeda, ari moenggoehing kaom eta koe Moesa hanteu didawoehkeun kitoe-kijeu hal kapanghoeloean.

15. Sarta eta pĕrkara mingkin tetela pisan, sanggeusna datang panghoeloe lijan, noe sakaroepa djeung Melkisidik;

16. Anoe djadi kitoe, lain noeroetkeun hoekoem hal parentah sipat daging, noeroetkeun teh kawasaning hiroep noe teu keuna roeksak.

17. Karana andjeunna diandikakeun kijeu teja: Andika teh Panghoeloe salalanggĕngna, sakoemaha panata Melkisidik.

18. Sabab timbalan noe ti heula teja, noe matak dibadakeun teh, tina kaapĕsanana sarta tina taja mangpaatna,

19. (Karana koe Toret mah saniskara taja noe disampoernakeun); ari noe diajakeun teh pangarĕp-ngarĕp noe leuwih hade, anoe matak oerang bisa ngadeuheusan ka Allah.

20. Sarta lain teu dipangsoempahkeun. Karana itoe djadina panghoeloe teh teu dipangsoempahkeun;

21. Tatapi ijeu mah dipangsoempahkeun, koe noe ngandikaan ka andjeunna kijeu: Pangeran geus soempah, sarta moal pikadoehoengeun: Andika teh Panghoeloe salalanggĕngna, sakoemaha panata Melkisidik;

22. Nandakeun Jesoes teh geus djadi pananggĕl pĕrdjangdjian noe leuwih poendjoel ti batan eta teja.

23. Ari itoe teh reja noe

djadi panghoeloe, tina pada hanteu kaoer djongdjon balas kapĕgat maot;

24. Tatapi ari ijeu mah, doemeh tĕtĕp salalanggĕngna, kapanghoeloeanana hanteu keuna barobah;

25. Noe matak ijasaeun njalamĕtkeun geus taja hinggana ka sakoer anoe ngadeuheusan ka Allah koe lantaran salira andjeunna, sarehna hiroep salalawasna mangnĕdakeun ka dinja.

26. Karana pĕrloe pisan lĕbah oerang boga Panghoeloe agoeng kitoe teh, anoe soetji, noe taja salahna, noe taja tjerongna, anoe pisah djeung noe baroga dosa, sarta noe diagoengkeun ka loehoereun langit-langit;

27. Noe montong ngoerban saban-saban poë, tjara para panghoeloe agoeng teja, tina sabab dosa pribadi heula, sanggeusing kitoe tina sabab dosa oemat; karana andjeunna ngadamĕl kitoe teh anggeus sapisan, keur mangsa ngoerbankeun salira andjeunna teja.

28. Karana ari noe koe Toret didjĕnĕngkeun panghoeloe agoeng teh djalma noe hengkeran, tatapi ari noe didjĕnĕngkeun koe pangandika soempah, noe poengkoereun Toret teja mah, nja eta Poetra, noe geus sampoerna salalanggĕngna.

PASAL 8.

Ari ringkĕsna pĕrkara noe keur dipitjatoer koe kaoela, nja kijeu: oerang teh boga Panghoeloe agoeng noe keur tjalik di tĕngĕneun panglinggihan anoe Langkoeng Agoeng di djĕro sawarga;

2. Anoe njangking kasoetjian sarta balandongan noe sadjati, noe geus diadĕgkeun koe Pangeran, lain beunang djalma.

3. Karana oenggal-oenggal panghoeloe agoeng pangdidjĕnĕngkeunana pikeun ngahatoerkeun pangabakti reudjeung koerban, noe matak nadjan ijeu oge moedoe aja anoe dikoerbankeun.

4. Sabab lamoen andjeunna aja di boemi mah, moal pisan djadi panghoeloe teh, sapedah aja panghoeloe noe ngoerbankeun pangabakti noeroet sakoemaha oenina Toret.

5. Ari eta teh njarangking titiron djeung kalangkang barang anoe di sawarga, sakoemaha timbalan Allah ka Moesa, keur mangsa eta rek ngadamĕl balandongan teja: Mangka hade-hade, timbalanana, sakabeh koe maneh koedoe didjijeun toeroetkeun sakoemaha tjonto noe geus dipintonkeun ka maneh di loehoer goenoeng.

6. Tatapi ajeuna Jesoes teh

geus meunang kadjĕnĕngan anoe poendjoel ti batan eta, doemeh djadi Lawang pĕrdjangdjian anoe leuwih hade, noe geus dipageuhkeun dina pasoebajaan anoe leuwih oetama.

7. Karana saoepama pĕrdjangdjian noe ti heula teja taja tjawadeunana mah, noe pandeuri teh moal koengsi dipangnejangankeun piĕnggoneunana.

8. Karana barangna njawad, pangandikana ka darinja kijeu: Ari lahiran Pangeran: Mĕngke pidatangeun mangsa, didinja kami bakal ngadamĕl pĕrdjangdjian anjar ka anak-poetoe Israil, sarta ka anak-poetoe Joeda;

9. Lain sapĕrti pĕrdjangdjian beunang kami ngadamĕl ka karoehoenna, keur mangsa koe kami ditjĕkĕl leungeunna, ditoengtoen ka loewar ti Mĕsir teja, karana geus teu tĕtĕp dina eta pĕrdjangdjian kami teh, noe matak koe kami teu diparire, saoer pangandika Pangeran.

10. Karana ari pĕrdjangdjian, noe rek didamĕl koe kami ka anak-poetoe Israil, sanggeusna mangsa eta teh, nja kijeu, saoer pangandika Pangeran: Kami rek ngalelerkeun hoekoem kami dina pikiranana, sarta rek ditoeliskeun koe kami dina hatena; ari kami noe bakal Allahna, dĕmi eta noe pidjadieun oemat kami.

11. Sarta maranehanana moal silih-pagahan djeung batoer sarta djeung pada doeloer, noe kijeu pokna: Koedoe sing nganjahokeun ka Pangeran! karana sakabeh bakal pada nganjahokeun ka kami teh, nja noe leutik reudjeung noe gĕde.

12. Karana kami teh bakal ngahampoera kana kadorakaanana, sarta dosana djeung kasalahanana hamo diingĕtingĕt deui koe kami teh.

13. Ana ngandika: pĕrdjangdjian anjar, tandaning anoe ti heula mah geus dilawaskeun; dĕmi anoe geus lawas sarta tjikot-tjikot mah, tangtoe deukeut kana euweuhna.

PASAL 9.

Ari pĕrdjangdjian noe ti heula ge aja pisan hoekoem babakti ka Allah sarta kasoetjian sipat doenja.

2. Karana aja balandongan beunang ngadangdanan; anoe panghareupna eusina adjoeg, djeung medja, sarta roti tingalieun; eta noe kasĕboet ĕnggon soetji.

3. Ari toekangeun reregan noe kadoewa aja balandongan, noe kasĕboet ĕnggon pangsoetji-soetjina;

4. Di dinja aja altar ĕmas pangdoepaan, sarta pĕti pĕrdjangdjian, sakoerilingna disapoet ĕmas, di djĕrona aja gotji ĕmas eusina Manna, kitoe deui tĕtĕkĕn Haroen noe geus kĕmbangan teja, sarta papan batoe pĕrdjangdjian;

5. Di loehoerna aja Moekarabin kamoeljaan, ngaoeban toeroeb-pangrapih teja. Ari eta sakabehna pĕrkara ajeuna teu ditjatoerkeun hidji-hidjina.

6. Dĕmi sanggeus eta saniskara didangdanan kitoe teh, para panghoeloe wantji mana bae arasoep ka balandongan panghareupna, pikeun ngalakonan babakti;

7. Tatapi ari ka noe kadoewa mah ngan woengkoel panghoeloe agoeng anoe asoep, sataoen sakali, sarta hanteu tinggal njandak gĕtih, noe dikoerbankeun tina sabab pribadina sarta tina sabab kasalahan oemat.

8. Lantaran kitoe teh Roh Soetji maparin pitoedoeh, jen djalan kana kasoetjian tatjan dinjatakeun, sapandjangna balandongan noe ti heula masih ngadĕg keneh;

9. Ari eta teh minangka misil pikeun djaman ajeuna, katjotjogan koe ngahatoerkeun pangabakti reudjeung koerban, noe teu bisa njampoernakeun kana boedi-rasa djalma noe ngabakti,

10. Istoening ngan hoekoem lahir bae, tjara atoeran hal kadaharan, djeung inoeman, sarta koekoembah nja kitoe keneh, geus kabeh dimomotkeun nĕpi kana mangsa ngabangoen deui.

11. Tatapi Kristoes, noe djĕnĕng Panghoeloe agoeng njangking barang noe mĕngke mah, ana geus soemping, nĕroes balandongan noe leuwih oetama sarta leuwih sampoerna, lain beunang njijeun koe leungeun, tĕgĕsna lain kaasoep ijeu doenja;

12. Lĕbĕtna kana kasoetjian sakali pisan, lain koe gĕtih badot djeung anak sapi, istoening koe gĕtih salira andjeunna, sarta geus ngadamĕl kaleupasan noe langgĕng.

13. Karana lamoen gĕtih sapi lalaki djeung badot, sarta lĕboe sapi ngora, ana dikepretkeun ka noe kanadjisan, matak njoetjikeun datang ka bĕrĕsih dagingna:

14. Pon pilalagi gĕtih Kristoes, noe geus ngoerbankeun andjeun ka Allah koe Roh anoe langgĕng, sarta taja koetjiwana, tangtoe ngabĕrĕsihkeun boedi-rasa maraneh tina pagawean paeh, soepaja ngabakti ka Allah noe hiroep.

15. Kitoe sababna andjeunna teh noe matak geus djadi Lawang pangwasijat anjar, soepaja, doemeh andjeunna

geus poepoes pikeun ngaleupaskeun tina kasalahan noe kapilampah keur mangsa pangwasijat ti heula teja, sakoer noe geus disaoer pimeunangeun pěrdjangdjian warisan noe langgěng.

16. Karana lamoen aja pangwasijat, misti anoe ngawasijat koedoe geus datang ka paeh heula,

17. Sabab ari pangwasijat pageuhna teh koe maot, da moal měntal lamoen anoe boga masih hiroep keneh mah.

18. Koe sabab kitoe, nadjan pangwasijat noe ti heula ge diaděgkeunana teu tinggal make gětih.

19. Karana Moesa, sanggeus ka sabangsa kabeh ngadawoehkeun sadajana timbalan noeroet sakoemaha Toret teja, ladjěng njandak gětih anak sapi djeung badot, kitoe deui tjai, djeung boeloe domba noe woengoe, sarta hisop, seug ngepretan kana eta kitab, sarta ka sabangsa kabeh,

20. Bari ngalahir: Ijeu teh gětih pěrdjangdjian, noe koe Allah geus ditimbalkeun ka maraneh.

21. Nja kitoe deui balandonganana djeung sakabeh parabot paranti ngabakti pada dikepretan gětih.

22. Sarta meh-meh saniskara barang diběrěsihkeunana koe gětih noeroetkeun Toret, djeung moal aja panghampoera ari teu namplokkeun gětih mah.

23. Djadi eta teh geus misti, titiron barang anoe di sawarga koedoe diběrěsihkeun koe noe kitoe pětana; tatapi ari djinisna barang sawarga mah, koedoe koe koerban anoe leuwih hade ti batan eta.

24. Karana Kristoes teh lain lěbět kana kasoetjian beunang njijeun koe leungeun, noe djadi tatandinganana anoe sadjatina teja, lěbětna teh ka djěro sawarga pisan, soepaja ajeuna ngadeuheusan ka pajoeneun Allah keur pimangpaateun oerang;

25. Sarta lěbětna teh lain pisan soepaja ngoerbankeun andjeun minděng, sapěrti bijasa panghoeloe agoeng saban taoen asoep kana kasoetjian mawa gětih sedjen;

26. Saoepama tjara kitoe mah, tangtoe andjeunna ti watěs diaděgkeunana doenja koedoe geus minděng nja njandang sangsara teh; děmi ajeuna diebrehkeunana ngan sakali pisan dina ijeu ahir djaman, pikeun ngaleungitkeun dosa koe ngoerbankeun salira andjeunna.

27. Djeung sapěrti djalma geus dipastikeun paeh teh ngan sakali, sanggeus kitoe ngaděg hoekoeman,

28. Nja kitoe keneh Kris-

toes, dikoerbankeunana teh ngan sakali pikeun ngeuweuhkeun dosa djalma loba, sarta bakal mindo katendjo teu kalawan dosa, koe sakoer noe noenggoe-noenggoe ka andjeunna, hajang salamĕt.

PASAL 10.

Karana sapedah kalangkang bae tina barang noe datang mĕngke, lain saestoe djinisna, noe matak Toret teh koe koerban anggĕr, noe teu pĕtot-pĕtot dihatoerkeun saban-saban taoen, teu pisan bisa njampoernakeun ka noe ngadareuheusan.

2. Saoepama bisa kitoe mah, kapan eureun dikoerbankeunana, tina sabab djalma noe ngabakti, rehna geus dibĕrĕsihkeun sapisan, teu roemasa deui boga dosa.

3. Tatapi saban-saban taoen eta koerban teh pangingĕtngingĕt dosa;

4. Karana moestahil teuing, gĕtih sapi lalaki djeung badot matak ngeuweuhkeun dosa.

5. Koe sabab kitoe, barang soemping ka doenja, andjeunna teh hatoeran kijeu: Ari koerban sarĕng pangabakti mah koe andjeun hanteu dipimanah, nanging simkoering koe andjeun geus ditjawisan badan;

6. Ari koerban doeroekan sarĕng koerban tina sabab dosa, koe andjeun teu dianggo kasoeka.

7. Toeloej simkoering oendjoekan: Noen ijeu simkoering dongkap, dina kitab goeloengan hal simkoering geus disĕratkeun, noe disĕdja teh rek ngalampahkeun pangĕrsa andjeun, noen Allah!

8. Ari pilahirna noe ti heula: Koerban sarĕng pangabakti, sarawoeh koerban doeroekan sarĕng koerban tina sabab dosa, koe andjeun hanteu dipimanah sarĕng teu dianggo kasoeka, - halta eta teh dihatoerkeunana noeroetkeun Toret;

9. Dĕmi geus kitoe lahiranana: Noen ijeu simkoering dongkap, noe disĕdja teh rek ngalampahkeun pangĕrsa andjeun, noen Allah! Anoe ti heula koe andjeunna dibadakeun, soepaja ngajakeun anoe pandeuri.

10. Dina sadjĕro eta pangĕrsa oerang teh geus pada disoetjikeun, koe lantaran koerban saliraning Jesoes Kristoes, noe dihatoerkeun sapisan teja.

11. Ari sakoer panghoeloe saban-saban poë ngadĕg ngabakti, mindĕng-mindĕng nja ngahatoerkeun koerban noe anggĕr teja bae, noe teu pisanpisan bisa ngeuweuhkeun dosa;

12. Tatapi ari andjeunna mah, sanggeusna ngahatoerkeun koerban hidji pikeun ngaleungitkeun dosa, ladjĕng linggih di tĕngĕneun Allah salalanggĕngna,
13. Sarta ngantos-ngantos, datang ka moesoeh-moesoehna didamĕl djodjodog pikeun dampalna.
14. Karana koe koerban hidji, andjeunna teh geus njampoernakeun langgĕng ka sakoer noe disoetjikeun.
15. Samalah Roh Soetji ge pon nja kitoe mĕrtelakeunana ka oerang.
16. Karana sanggeus ngandikakeun noe ti heula teja: Nja kijeu pĕrdjangdjian, noe rek didamĕl koe kami ka dinja, sanggeusna mangsa eta teh; ladjĕng Pangeran ngandika kijeu: Kami rek ngalelerkeun hoekoem kami dina hatena, sarta rek ditoeliskeun koe kami dina pikiranana;
17. Ari dosana djeung kasalahanana hamo diingĕt-ingĕt deui koe kami teh.
18. Ari ĕnggeus dihampoera mah, moal aja deui koerban tina sabab dosa.
19. Koe sabab kitoe, eh doeloer-doeloer! sapedah oerang teh boga kaloedeungan dek asoep kana kasoetjian, koe gĕtih Jesoes,
20. Njorang djalan noe anjar sarta nja hiroep, noe koe andjeunna adjang oerang diboekakeun nĕroes reregan, tĕgĕsna dagingna;
21. Djeung sapedah oerang boga Panghoeloe langkoeng agoeng, noe njangking gĕdong Allah,
22. Noe matak oerang teh hajoe ngadeuheusan mawa hate noe saestoe, sarta djeung koekoeh-pĕngkoeh nja kapĕrtjajaan, bari hate beunang ngabĕrĕsihkeun tina boedirasa goreng, djeung badan beunang ngoembah koe tjai bĕrĕsih.
23. Oerang teh sing pageuh pisan nja njĕkĕl ka pangakoe pangarĕp-ngarĕp; karana noe geus maparin pĕrdjangdjian teh, kalangkoeng toehoe.
24. Sarta oerang hajoe masing silih-titenan djeung batoer, baris ngageuing kanjaahan sarta lampah kahadean.
25. Kana koempoelan batoer teh oerang oelah tinggal-tinggal miloe, koemaha adat noe sawareh; anggoer oerang koedoe silih-ingĕtan, soemawonna pedah katendjo koe maraneh, jen poë teh geus deukeut.
26. Karana saoepama oerang ngahadja milampah dosa, sanggeus meunang kanjaho kana kajaktian teh, moal aja deui noe kari koerban baris ngaleungitkeun dosa;
27. Ngan kari noenggoe-

noenggoe hoekoeman sarta bangĕt nja sijeun, djeung kana moentabna seuneu, noe bakal ngahakan ka sakoer noe ngalawan.

28. Oepama aja djalma noe ngeuweuhkeun ka Toret Moesa, eta teh dipaehan hanteu dipiwĕlas, lamoen aja saksina doewa atawa tiloe;

29. Sabaraha tikĕl, pangira maneh, pibeurateunana siksaan ti batan eta, anoe patoet dikeunakeun ka djalma noe ngidĕk-ngidĕk ka Poetra Allah, sarta ngangkeuhkeun nadjis ka gĕtih pĕrdjangdjian, anoe asal manehna tadina disoetjikeun, djeung ngahinakeun ka Roh sih-koernija?

30. Karana oerang nganjahokeun ka noe geus ngandika kijeu: Kami noe kagoengan pamalĕs; nja kami noe bakal naoer, kitoe pangandika Pangeran; djeung deui: Pangeran bakal ngahoekoeman ka oematna.

31. Ĕh, matak sijeun kabina-bina laboeh ka panangan Allah noe djoemĕnĕng!

32. Tatapi maraneh koedoe sing pada ingĕt ka mangsa ka toekang teja, waktoe maraneh, sanggeusna katjaangan, nahan-nahankeun maneh kana pĕrang sangsara bangĕt pisan;

33. Sabab maraneh saparo djadi tongtonaneun, tina djalan dihinakeun sarta dikanijaja, saparo maraneh bela ka sakoer anoe njandang kitoe.

34. Karana maraneh geus mikaroenja ka noe njarandang barogod, samalah maraneh geus tarima sarta boengah babandaan maraneh dirampas, pedah pada njaho, jen diri maraneh boga banda noe leuwih hade di djĕro sawarga sarta nja tĕtĕp.

35. Koe sabab eta, oelah rek mitjeun kaloedeungan maraneh, noe meunang pamalĕs gandjaran gĕde pisan.

36. Karana maraneh pĕrloe pisan boga kamantĕpan, soepaja maraneh, ari geus ngalampahkeun kana kĕrsaning Allah, nampa anoe geus didjangdjikeun.

37. Karana sakeudeung deui pisan, noe rek soemping teja tangtoe rawoeh, moal ngalilakeun.

38. Tatapi djalma noe bĕnĕr pihiroepeunana teh koe kapĕrtjajaan; sarta satijap-tijap aja noe moendoer mah, hate kami hanteu soedi ka dinja.

39. Ari oerang mah lain kaasoep anoe moendoer baris karoeksakan, kaasoep teh ka noe pada pĕrtjaja baris pisalamĕteun njawa.

PASAL 11.

Ari pĕrtjaja teja nja eta ngandĕlkeun pageuh kana barang noe diarĕp-arĕp, sarta

tĕtĕg kana barang noe teu katendjo.

2. Karana koe lantaran eta teh djalma baheula meunangna panjĕboet noe hade.

3. Koe kapĕrtjajaan noe matak oerang ngaharti doenja teh dipidamĕlna koe pangandika Allah, tĕgĕsna, barang noe katendjo pangdjadina lain asal tina barang noe katendjo.

4. Koe lantaran kapĕrtjajaan Habil ka Allah geus ngahatoerkeun koerban anoe poendjoel ti pangabakti Kain, noe matak meunang panjĕboet jen bĕnĕr, doemeh Allah maparin pĕrtelaan ka pangabaktina; sarta koe djalan kitoe teh eta Habil masih keneh njaoer sanggeus maot.

5. Koe lantaran kapĕrtjajaan noe matak Henoh ditjandak, soepaja oelah koengsi ningali maot; ari andjeunna teh teu kapanggih, doemeh geus ditjandak koe Allah; karana samemehna ditjandak, geus meunang pĕrtelaan jen kamanah koe Allah.

6. Tatapi ari noe teu boga kapĕrtjajaan mah, mohal dimanah koe Allah. Karana saha-saha noe ngadeuheusan ka Allah, koedoe pĕrtjaja jen Allah teh aja, kitoe deui ngagandjar ka noe nejangan ka andjeunna.

7. Koe lantaran kapĕrtjajaan noe matak Ĕnoh, sanggeusna nampa timbalan Allah tina hal pĕrkara noe tatjan tembong, bawaning sijeuneun, ladjĕng ngadamĕl kapal teja, soepaja salamĕt sapoetra-garwana; ari koe djalan kitoe teh andjeunna ngahoekoeman doenja, sarta meunang milik kana kabĕnĕran, noe asal ti kapĕrtjajaan.

8. Koe lantaran kapĕrtjajaan noe matak Ibrahim anoet, keur mangsa dipiwarang mijang ka ĕnggon noe bakal katampa koe andjeunna baris pimilikeunana; ladjĕng bae angkat, tatapi teu oeningaeun ka noe didjoegdjoeg.

9. Koe lantaran kapĕrtjajaan noe matak andjeunna teh madjik dina tanah pĕrdjangdjian, kawas di tanah sedjen, tjalikna nganggo himah djeung Ishak sarta Jakoeb, noe samilik pĕrdjangdjian eta teja.

10. Karana andjeunna ngantosan nagara noe make padĕmen, noe kagoengan atoeran sarta ngadamĕl teh nja Allah.

11. Koe lantaran kapĕrtjajaan malah-malah Sarah nampa kakoewatan ngajakeun toeroenan, ngowona ari oemoer geus liwat ti mangsa; sabab pangangkeuhna, ari noe maparin pĕrdjangdjian teh kalangkoeng toehoe.

12. Kitoe noe matak ti hidji djalma, nja ti noe sapĕrti geus maot, mangpirang-pirang noe

mĕdal, tjara bentang di langit, djeung sapĕrti keusik di basisir laoet, noe taja bilanganana.

13. Eta sadajana teh poepoesna djeung kapĕrtjajaan, hanteu koengsi nampa noe didjangdjikeun teja, ngan katingali ti kadjaoehan, sarta dipĕrtjaja, djeung dirangkoel, djeung pada ngakoekeun pribadina aja di boemi teh semah sarta ngoembara.

14. Sabab ari noe misaoer kitoe teh, netelakeun nejangan nagara asal.

15. Djeung saoepama aja manah ka nagara oeroet ka loewar mah, gampang pimoeliheun deui.

16. Dĕmi ajeuna pada mikahajang ka nagara noe leuwih hade, nja eta sawarga. Kitoe noe matak Allah teh teu lingsĕmeun disĕboetkeun Allahna, karana geus pada ditjawisan nagara.

17. Koe lantaran kapĕrtjajaan noe matak Ibrahim, keur mangsa ditjoba, ngoerbankeun Ishak; ari andjeunna, noe geus nampa pĕrdjangdjian teja, datang ka ngoerbankeun poetra noenggal,

18. Noe ditoedjoel koe pangandika kijeu teja: Nja ti Ishak noe bakal disĕboet toeroenan maneh; ari mamanahan Ibrahim, Allah teh langkoeng kawasa ngahoedangkeun deui ti noe maraot;

19. Katampana deui oge koe Ibrahim sahingga tjara tina maot bae.

20. Koe lantaran kapĕrtjajaan noe matak Ishak ngabĕrkahan Jakoeb djeung Esaoe, koe hal barang noe datang mĕngke.

21. Koe lantaran kapĕrtjajaan noe matak Jakoeb, waktoe rek poepoes, ngabĕrkahan hidji-hidjina poetra Joesoep, sarta nĕnĕda bari naleukeuman poehoe tĕtĕkĕn.

22. Koe lantaran kapĕrtjajaan noe matak Joesoep, mangsa rek poepoes, njarijoskeun piboedaleun anak-poetoe Israil, sarta wĕwĕkas kana hal toelang andjeunna.

23. Koe lantaran kapĕrtjajaan noe matak Moesa, barang geus diowokeun, disoempoetkeun koe iboe-ramana meunang tiloe boelan lilana, sapedah ningali moerangkalih teh langkoeng kasep, djeung hanteu sarijeuneun koe parentah radja.

24. Koe lantaran kapĕrtjajaan noe matak Moesa, ari geus agĕng, nampik disĕboetkeun poetra koe poetra Piraon noe istri;

25. Anggoer kĕrsaeun diteungteuinganan reudjeung oemat Allah, ti batan sabaraha lila ngaraos ngeunahna dosa mah;

26. Ari kahinaan Kristoes

koe salira Moesa dimanah kasoegihan ngoengkoelan radjabrana satanah Mĕsir, karana ningali kana gandjaran.

27. Koe lantaran kapĕrtjajaan andjeunna angkat ka loewar ti Mĕsir, teu gimir koe bĕndoe radja; karana andjeunna ngawawakeun andjeun, geus sasat ningali anoe teu katingal.

28. Koe lantaran kapĕrtjajaan noe matak Moesa ngadawoehkeun njijeun paska, kitoe deui hal moelas koe gĕtih, malar soepaja pada loepoet ti noe poerah ngabasmi tjikaltjikal teja.

29. Koe lantaran kapĕrtjajaan noe matak pada meuntas Laoet beureum, njorangna sakoemaha di darat bae; ari oerang Mĕsir mah, ana pek njaroba noeroetan, pada titeuleum.

30. Koe lantaran kapĕrtjajaan noe matak koeta nagara Jeriko datang ka roegroeg, mangsa dikoerilinganana geus meunang toedjoeh poë.

31. Koe lantaran kapĕrtjajaan noe matak Rahab, dajang teja, teu kabawa toempoer djeung noe baraha, tina sabab geus ngakoe sarta djeung hadena ka djalma noe lolongok.

32. Sarta kaoela rek mitjatoerkeun naon deui? Karana tanggĕl pianggeuseun, lamoen dek njaritakeun hal Gideon, hal Barak, djeung Simson, sarta Jepta, hal Dawoed, djeung Samoeël, sarta hal para nabi;

33. Eta teh koe lantaran kapĕrtjajaan geus naloekkeun karadjaan, mĕtakeun kaadilan, nampa noe geus didjangdjikeun, ngabalĕmkeun soengoet singa;

34. Mareumkeun kamatihan seuneu, ngĕdjat ti seuseukeutna pĕdang, tina hengker djadi bĕdas, dina pĕrang djadi pĕrkosa, ngabiratkeun balad moesoeh;

35. Aja awewe, anakna noe geus paeh beunang deui lantaran tina hoedang. Aja djalma noe sedjen dipantĕng disangsara, ari dek dileupaskeun sarangeukeun, pamalarna hajang meunang hal hoedang noe leuwih hade.

36. Aja deui noe sedjen ngarasa dipojok sarta dirangket, samalah dibarogod djeung diberok.

37. Aja noe dibĕntoeran koe batoe, noe diragadji, noe ditjoba, sarta noe dipaehan koe pĕdang. Aja noe oedaridĕr, papakeanana koelit domba, koelit ĕmbe, nja kabalangsak, dikanijaja, djeung diteungteuinganan;

38. (Teu pĕrnah doenja teh katjitjingan koe noe kitoe); aloeprak-aproek di tĕgal-tĕgal, di goenoeng-goenoeng, di

goeha-goeha sarta dina djoerang-djoerang boemi.

39. Eta sadajana teh geus pada meunang panjĕboet noe hade, tina lantaran kapĕrtjajaan, tatapi ari noe didjangdjikeun teja mah, teu koengsi katampa koe eta;

40. Doemeh Allah baris oerang geus ngahantjĕngkeun anoe leuwih hade, soepaja eta teh pangdjadina sampoerna oelah teu djeung oerang.

PASAL 12.

Koe sabab eta oerang teh, sapedah aja saksi sapĕrti mega ngadingding nakleuk sakoeriling-boengking, hajoe oerang tjoetjoel-tjoetjoel sagala noe matak beurat, kitoe deui dosa, noe sok babari moekĕt, sarta oerang hajoe djeung kamantĕpan pada ngalakonan pangbalapan noe geus dikĕrsakeun sorangeun oerang;

2. Bari mĕntjrong ka Panoetan sarta Panoetoeg kapĕrtjajaan, nja eta Jesoes, noe geus ngawajahnakeun dina kai-dipalang, ngadjeunkeun wiwirang, mambrihna kaboengahan noe geus ditjawiskeun pikeun salira andjeunna; ari ajeuna keur tjalik di tĕngĕneun panglinggihan Allah.

3. Andjeunna sakitoe dipadoean ge koe djalma doraka, diwajahnakeun bae; koedoe sing ngawaskeun maraneh ka andjeunna, soepaja oelah nahnaj, sarta hate maraneh oelah ripoeh.

4. Maraneh dina mĕrangan dosa, ngalawan teh tatjan datang ka bidjil gĕtih;

5. Sarta geus pada poho kana pitoetoer, noe moengĕl ka maraneh sapĕrti ka anak, nja kijeu: Eh anaking! pamĕpĕrih Pangeran oelah dek disapirakeun, djeung deui oelah dek bingoeng lamoen maneh koe andjeunna diseuseul;

6. Karana tijap-tijap noe dipikaasih koe Pangeran, sok dipĕpĕrih, sarta ngarangket ka oenggal-oenggal poetra noe diangkĕn.

7. Ari maneh njandang pamĕpĕrih, nandakeun koe Allah maneh dianggo poetra; karana di mana aja anak koe bapana teu dipĕpĕrih?

8. Sabalikna oepama maneh teu kasorang pamĕpĕrih mah, noe geus djadi pamanggih sadaja, nandakeun maneh teh djadah, lain poetra.

9. Djeung deui oerang geus pada boga poerah mĕpĕrih, nja bapa daging oerang, sarta koe oerang geus dipikaisin; naha lain leuwih pĕrloe pisan oerang teh pasrah ka Rama sagala roh, soepaja oerang teh hiroep?

10. Karana itoe mĕpĕrihna teh ka oerang sakeudeung

mangsana, noeroet sakawĕnang-wĕnang bae, tatapi ari andjeunna mah mĕpĕrihna matak mangpaat ka oerang, soepaja oerang kadoeoem kasoetjianana.

11. Ari sagala pamĕpĕrih dina mangsa kasorang mah sĕmoena lain matak boengah, ngan matak pĕrih bae; dĕmi sanggeusna ti dinja ngabidjilkeun boewah kabĕnĕran, mawa kasĕnangan ka djalma noe geus meunang harti koe eta.

12. Koe sabab kitoe, geura tjĕngkatkeun deui leungeun ngeplek djeung toeoer lĕsoe,

13. Sarta koedoe njijeun djalan lĕmpĕng tintjakeun soekoe maneh, soepaja anoe dejog oelah datang ka misalah, anggoer sina datang ka tjageur.

14. Masing pada ngobrek kana piroentoeteun djeung sakabeh, kitoe keneh kana kasoetjian; ari tinggal eta mah moal aja noe pinendjoëun ka Pangeran.

15. Djeung koedoe ngadjaga, oelah aja noe ngoendoeran tina sih-koernija Allah, oelah aja akar pait noe djadi, sarta ngabaroentakkeun, matak nganadjisan ka djalma loba;

16. Sarta oelah aja djalma milampah djinah, atawa djalma masijat, sapĕrti Esaoe, hoekoem katjikalanana dioeroepkeun kana hakan sakalieun.

17. Karana maraneh geus pada njaho, ari sanggeusna ti dinja, keur mangsa hajangeun ngamilik bĕrkah, manehanana ditampik; sabab teu manggih ĕnggon geusan kadoehoeng, sanadjan nejanganana bari ragragan tjipanon oge.

18. Sabab maraneh datang lain ka goenoeng noe beunang diragap, djeung kana seuneu hoeroeng, sarta kana angkeub, djeung poëk mongkleng, djeung gĕlap,

19. Kitoe deui kana sora sangkakala, djeung moengĕlna pangandika, wani noe ngadarenge moenggah pada noenoehoen moegi oelah diladjĕngkeun diandikaan teh;

20. Sababna pada hanteu tahan koe timbalan noe kijeu teja: Nadjan aja sato ge njabak goenoeng, koedoe dibĕntoeran koe batoe atawa dipanah.

21. Sarta bangĕt kabina-bina eta titingalian teja, moenggah Moesa datang ka ngalahir: Kami teh reuwas pisan djeung ngagidir.

22. Ari maraneh mah datang teh ka goenoeng Sion, sarta nagara Allah noe djoemĕnĕng, nja Jĕroesalem sawarga, kitoe deui ka noe bareboe-reboe, gĕmpoengan para malaikat,

23. Djeung koempoelan para tjikal, noe geus pada disĕratkeun di sawarga, sarta ka Allah, noe ngahoekoeman sakabeh,

djeung ka roh djalma balĕnĕr, noe geus sampoerna,

24. Kitoe deui ka Jesoes, Lawang pĕrdjangdjian anjar; sarta ka gĕtih pangepretan, noe milahirkeun anoe leuwih hade ti batan gĕtih Habil.

25. Mangka hade-hade, eta noe ngandika, poma oelah dek ditampik koe maraneh; karana nadjan djalma noe narampik ka noe ngadawoehkeun pangandika di boemi teja, teu meunang ngarĕdjat; komo teuing oerang, ari ngabalijeur ka noe ngandika ti djĕro sawarga.

26. Ari gĕntra andjeunna harita teja ngojagkeun boemi; dĕmi ajeuna mah geus ngadjangdjikeun, kijeu pangandikana: Sakali deui kami teh bakal ngojagkeun, lain woengkoel boemi bae, malah langit oge diojagkeun.

27. Ari eta sakali deui teja noedoehkeun bakal dirobahkeun barang noe keuna koe ojag, rehna eta teh didamĕlna soepaja tĕtĕp barang noe teu keuna koe ojag.

28. Koe sabab eta, sapedah oerang meunang karadjaan noe teu keuna koe ojag, noe matak oerang teh koedoe nandakeun tarima, sangkan djadi lantaran ngabakti ka Allah reudjeung hormat sarta djeung sijeun, sakoemaha noe pikamanaheun.

29. Karana ari Allah oerang teh nja seuneu noe ngalĕboer.

PASAL 13.

Ari hal kanjaahan ka doeloer eta moedoe tĕtĕp.

2. Oelah mopohokeun akoean ka semah, sabab koe lampah kitoe teh geus aja noe ngandjrĕkkeun malaikat, hanteu kanjahoan.

3. Masing aringĕt ka noe djadi sakitan, moedoe ngaraskeun sahingga diri maneh miloe djadi sakitan; kitoe deui ka noe diteungteuinganan, rehna maneh sorangan ge aja dina djĕro badan.

4. Hal kawin teh koedoe diadjenan koe sakabeh, sarta ĕnggon oelah karĕgĕdan; tatapi ari noe djinah djeung noe ngaranjed mah, tangtoe dihoekoem koe Allah.

5. Lampah maraneh oelah pibanda; koedoe tarima kana saajana, karana geus aja pangandika Allah: Maneh teh koe kami moal diantĕp sarta moal ditinggal;

6. Noe matak oerang kĕndĕl njĕboet kijeu: Nja Pangeran noe mitoeloeng ka kaoela, moal rek risi kaoela teh: djalma mah bisa migawe nanahaon ka kaoela?

7. Masing aringĕt ka imam-imam maraneh, noe geus

ngoewarkeun pangandika Allah ka maraneh; koedoe pada ngawaskeun panoengtoengan loemampahna, sarta toeroetkeun kapĕrtjajaanana.

8. Ari Jesoes Kristoes teh kamarina djeung poë ajeuna anggĕr bae, sarta datang ka salalanggĕngna.

9. Oelah kabawa-bawa maraneh koe piwoeroek roeparoepa sarta noe geseh, karana hade hate teh dikoewatkeun koe sih-koernija, lain koe kahakanan sipat noe teu matak paedah ka djalma noe geus ngalakonan.

10. Oerang teh boga altar, ari sakoer noe njĕkĕl balandongan, teu kongang dahar tina eta.

11. Karana sato, noe gĕtihna ditjandak koe panghoeloe agoeng ka djĕro kasoetjian, pikeun ngaleungitkeun dosa, awakna teh didoeroek di loewareun pasanggrahan.

12. Kitoe noe matak Jesoes, soepaja njoetjikeun oemat koe gĕtih salirana, njandangna sangsara di loewareun panto nagara.

13. Koe sabab eta, oerang hajoe boedal ka loewareun pasanggrahan, ngadeuheus ka andjeunna, bari moendak kahinaanana.

14. Karana di dijeu mah oerang teu boga nagara noe tĕtĕp, estoe nejangan nagara noe mĕngke.

15. Koe sabab eta, hajoe oerang teh lantaran andjeunna ka Allah sapapandjangna pada ngahatoerkeun koerban poedji, nja eta teh boewah biwir noe ngakoekeun padjĕnĕnganana,

16. Djeung deui oelah mopohokeun kabalabahan sarta berehan; karana koerban noe kitoe teh koe Allah dimanah pisan.

17. Koedoe pada masing noeroet sarta ngesto ka imamimam maraneh; karana eta teh pada ngadjaga-djaga ka njawa maraneh, pedah koedoe njanggakeun lalaporan; soepaja njanggakeunana djeung kaboengahan, oelah djeung roehah-rahoeh, sabab eta teu mangpaat ka maraneh teh.

18. Koedoe pada mangnĕdakeun ka kaoela, karana rarasaan kaoela teh boga boedirasa hade, sabab kaoela dina saniskara maksoed pisan bĕnĕr nja lalampahan.

19. Sarta mingkin angot pamenta kaoela maraneh milampah kitoe teh, soepaja kaoela masing tereh dipasihkeun deui ka maraneh.

20. Ari Allah noe kagoengan sakoer kasĕnangan, noe geus malikkeun ti noe maraot ka Goesti oerang Jesoes Kristoes, Pangangon domba noe

langkoeng agoeng, tina lantaran gĕtih pĕrdjangdjian noe langgĕng,

21. Moegi-moegi njampoernakeun maraneh dina saliring panggawe noe hade, soepaja pada ngalampahkeun kĕrsana; sarta moegi-moegi ngadamĕl di djĕro maraneh sakoer anoe kamanah koe andjeunna, koe lantaran Jesoes Kristoes; nja andjeunna noe koedoe dibaktian kamoeljaan langgĕng salalawasna! Amin.

22. Tatapi ari panĕda kaoela, eh doeloer-doeloer! koedoe pada sabar kana pepeling ijeu teh, karana kaoela njoeratan teh ka maraneh ringkĕsna bae.

23. Djeung moepoelihan Timoteoes, doeloer oerang, geus dileupaskeun; ari pasĕdjaan kaoela, lamoen tereh datang, rek manggihan ka maraneh barĕng djeung eta.

24. Pangnĕpikeun salam kaoela ka sakabeh imam maraneh, djeung ka sakabeh djalma noe saroetji. Noe ti Itali pada ngirim salam ka maraneh.

25. Moegi-moegi sih-koernija teh njarĕngan ka maraneh. Amin.

IJEU SĔRAT TI RASOEL JAKOBOES.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Jakoboes, abdi Allah sarta Goesti Jesoes Kristoes, doematĕng noe doewa wĕlas kaom, noe keur pabalĕntjar, salam doea!

2. Eh doeloer-doeloer! koedoe diangkĕn woengkoel kasoekaan bae, lamoen manggih gogoda roepa-roepa;

3. Sapedah geus pada njaho, ditjobana kapĕrtjajaan maraneh matak ngadjadikeun kamantĕpan.

4. Ari kamantĕpan teh koedoe sampoerna pagaweanana, soepaja maraneh sing sampoerna sarta sing pasagi, dina sapĕrkara ge oelah aja kakoerangan.

5. Djeung oepama di maraneh aja noe koerang kapintĕran, koedoe njoehoenkeun ka Allah, noe moerah pisan maparinna ka sakabeh, sarta hanteu njatjarekkeun, geus tangtoe dipaparin.

6. Ngan njoehoenkeunana teh koedoe djeung pĕrtjaja, oelah arek mangmang; sabab anoe mangmang mah ibarat

ombak laoet, noe katĕbak koe angin, diboentang-banting apoeng-apoengan.

7. Djalma noe kitoe mah oelah boga panjana bakal nampa naon-naon ti Pangeran.

8. Ari djalma noe midoewa pikir, sok tara tangtoe dina sakabeh djalanna.

9. Ari doeloer noe handap sing moedji maneh koe kaagoenganana;

10. Tatapi ari noe beunghar mah koe kahandapanana, sabab bakal euweuh sapĕrti kĕmbang djoekoet.

11. Karana panon-poë bidjil sarta djeung panasna, seug merangkeun djoekoet, ari kĕmbangna teh ligar, sarta roepana leungit aloesna: nja kitoe pisan anoe beunghar teh bakal aloem dina keur loemampahna.

12. Salamĕt djalma anoe tahan kana panggoda; sabab ari geus katjiri kaestoeanana, tangtoe nampa makoeta kahiroepan, noe geus didjangdjikeun koe Pangeran ka sakoer anoe njaah ka andjeunna.

13. Oelah aja djalma keur mangsa digoda njĕboet kijeu: Aing digoda teh koe Allah. Sabab Allah mohal digoda koe sipat kagorengan, kitoe deui andjeunna teu pisan-pisan ngagoda ka djalma.

14. Ĕnjana mah djalma digoda teh lamoen katarik sarta kapintjoet koe napsoena sorangan.

15. Dĕmi geus kitoe, napsoe teh sanggeusna reuneuh, toeloej ngadjoeroekeun dosa; kitoe deui dosa, ari geus meudjeuhna gĕdena, toeloej ngadjoeroekeun maot.

16. Eh doeloer-doeloer kaasih kaoela, poma oelah sarasab!

17. Sagala paparin harade djeung saniskara pasihan sampoerna datangna ti loehoer, ti Rama sakabeh tjaang, noe teu keuna owah-gingsir, sarta andjeunna taja kalangkang lantaran malik.

18. Tina sabab kĕrsaeun, noe matak andjeunna geus ngowokeun oerang koe lantaran pangandika kajaktian, soepaja oerang teh djadi tjikal sakabeh mahloek andjeunna.

19. Koe sabab kitoe, eh doeloer-doeloer kaasih kaoela! oenggal-oenggal djalma sing gantjang kana ngadenge, sing kĕndor kana ngomong, sing kĕndor kana ambĕk.

20. Karana ari ambĕk djalma teh lain migawe kabĕnĕran Allah.

21. Koe sabab eta, geura pada mitjeun sagala noe kotor-kotor, kitoe deui kalobaan kagorengan, sarta tarimakeun djeung sareh ati ka pangandika noe geus dipĕlak dina hate maraneh, noe bisa nja-

lamĕtkeun kana njawa maraneh.

22. Tatapi koedoe lampahkeun pangandika teh, oelah ngan didenge bae, moen kitoe djadi ngabobodo diri sorangan.

23. Karana tijap-tijap aja djalma ngan ngadenge bae ka pangandika, hanteu djeung prakna dilampahkeun, eta teh ibarat djalma, noe nendjoan beungeut bakat dina eunteung;

24. Sabab ari geus nendjoan maneh, toeloej leumpang, harita keneh ge poho deui dina roepa sorangan.

25. Tatapi ari noe ngawaskeun kana hoekoem noe sampoerna, nja hoekoem kamĕrdikaan, sarta tĕtĕp ka dinja, eta teh sapedah ngadengena hanteu pohoan, sarta djeung prakna ngalampahkeun pagawean, tangtoe salamĕt dina lampahna kitoe teh.

26. Satijap-tijap di maraneh aja djalma boga rasa ibadah, tatapi letahna teu ditjandĕt, sarta njasabkeun hate sorangan, eta djalma ibadahna teh gapong.

27. Ari ibadah bĕrĕsih, noe taja koetjiwana di pajoeneun Allah Rama, nja anoe kijeu: Ngalajad ka boedak pahatoe sarta ka randa keur dina mangsa soekĕreun; kitoe deui ngaraksa diri sorangan, oelah karĕgĕdan koe doenja.

PASAL 2.

Eh doeloer-doeloer! kapĕrtjajaan maraneh ka Goesti oerang Jesoes Kristoes, Goesti sagala kamoeljaan teja, poma oelah djeung pilih-kasih ka djalma.

2. Karana saoepama kana koempoelan maraneh djĕboel asoep hidji djalma, ramona make ali ĕmas, papakeanana hoeroeng-herang, djĕboel deui asoep hidji djalma malarat, papakeanana boeroek;

3. Geus kitoe maraneh tjoeringhak ka noe make papakean hoeroeng-herang teja, bari seug ngomong kijeu: Mangga tjalik ka dijeu, dina ĕnggon sae! pok ngomong deui ka noe miskin teja: Maneh mah nangtoeng bae di ditoe, atawa gek dijoek di dijeu pipireun djodjodog koela!

4. Lamoen kitoe mah maraneh lain ngabedakeun djalma dina hate maraneh teh, sarta djadi hakim noe noeroetkeun pikiran goreng?

5. Tjoba doeloer-doeloer kaasih kaoela! geura pada dengekeun! ari noe malarat di ijeu doenja, naha lain beunang milih Allah, soepaja soegih dina kapĕrtjajaan, sarta ngamilik karadjaan, noe geus didjangdjikeun koe andjeunna ka sakoer anoe njaah ka salira andjeunna?

6. Tatapi ari maraneh mah ngahinakeun ka eta noe malarat teh. Ari noe baleunghar, naha lain sok nganijaja ka maraneh, sarta ngagoesoer maraneh ka hareupeun pangadilan?

7. Lain sok ngagogoreng kana padjĕnĕngan noe aloes, noe ditĕlahkeun ka maraneh teja?

8. Satijap-tijap maraneh ngestokeun oendang-oendang karadjaan, koemaha oenina Kitab noe kijeu teja: Maneh koedoe njaah ka batoer-batoer sapĕrti ka diri sorangan; lamoen kitoe mah maraneh hade nja lampah.

9. Balikanan ari maraneh pilih-kasih ka djalma mah, maraneh teh njijeun dosa, sarta koe hoekoem disĕboetkeun djalma noe ngarĕmpak.

10. Karana saha-saha noe ngestokeun sahoekoem kabeh, tatapi titadjong kana sapĕrkara, eta teh djadi salah ka sakabehna.

11. Karana noe geus nimbalan kijeu: Maneh oelah ngaranjed, aja deui timbalanana kijeu: Maneh oelah maehan. Satijap-tijap maneh teu ngaranjed, tatapi maehan, eta maneh lamoen kitoe mah, djadi ngarĕmpak kana hoekoem.

12. Koedoe ngomong kitoe, sarta milampah kitoe, pedah rek dihoekoeman koe hoekoem kamĕrdikaan.

13. Karana hoekoeman teh moal pisan make kawĕlasan ka djalma noe teu milampah kawĕlasan; ari kawĕlasan teja ngoentoep kana hoekoeman.

14. Naon pimangpaateunana, eh doeloer-doeloer kaoela! lamoen aja djalma njĕboetkeun boga kapĕrtjajaan, tatapi ari panggawe mah teu boga? Naha eta kapĕrtjajaan teh bisa njalamĕtkeun ka dinja?

15. Saoepama aja doeloer lalaki atawa doeloer awewe noe boeroendoel, sarta kakoerangan hakan noe sasari,

16. Geus kitoe aja djalma ti lĕbah maraneh, seug ngomong ka eta: Geura leumpang sarta sing salamĕt, geura sidoeroe, djeung baranghakan sing seubeuh! tatapi maneh ka dinja teu sok mere kana kaboetoehan badanna, eta naon pimangpaateunana?

17. Nja kitoe keneh kapĕrtjajaan, ari teu djeung panggawe mah, paeh bae.

18. Tatapi soegan aja noe ngomong kijeu: Maneh teh boga kapĕrtjajaan, ari kaoela mah boga panggawe. Tjing toedoehkeun ka kaoela eta kapĕrtjajaan maneh noe hanteu djeung panggawe teh, ari kaoela mah bakal noedoehkeun ka maneh kapĕrtjajaan kaoela tina lantaran panggawe kaoela.

19. Maneh pĕrtjaja, jen Allah teh ngan hidji; bĕnĕr eta

teh; sanadjan setan ge pĕrtjaja kitoe, sarta pada ngagidir.

20. Eh djalma noe teu poegoeh! koemaha maneh teh hajang njaho, jen kapĕrtjajaan noe hanteu djeung panggawe mah, paeh bae?

21. Ari Ibrahim, karoehoen oerang, koemaha pangdidamĕlna bĕnĕr teh lain tina lantaran panggawe, keur mangsa ngoerbankeun Ishak poetrana dina altar teja?

22. Geuning katendjo koe maneh, jen kapĕrtjajaan migawe marĕngan djeung panggawena, sarta kapĕrtjajaan geus djadi sampoerna tina lantaran panggawe.

23. Nja kitoe pisan boekti Kitab anoe moengĕl kijeu teja: Ibrahim pĕrtjaja ka Allah, ari eta koe Allah dietangkeun djadi kabĕnĕranana, sarta geus disĕbatkeun sahabat Allah.

24. Tah katendjo ajeuna koe maraneh, ari djalma pangdidamĕlna bĕnĕr teh tina lantaran panggawe, lain woengkoel tina lantaran pĕrtjaja bae.

25. Nja kitoe deui Rahab, dajang teja, naha pangdidamĕlna bĕnĕr teh lain tina lantaran panggawe, keur mangsa ngakoe titahan teja, sarta ngaloewarkeun eta kana djalan sedjen?

26. Karana sapĕrti badan noe teu soekmaan mah paeh, nja kitoe keneh kapĕrtjajaan, ari teu djeung panggawe mah paeh bae.

PASAL 3.

Eh doeloer-doeloer! oelah pada hajang djadi goeroe sarereja, sapedah geus pada njaho, jen oerang teh bakal meunang hoekoeman anoe leuwih beurat.

2. Karana oerang sakabeh sok rĕmĕn pisan nja kaloeloepoetan. Saoepama aja noe tara kaloeloepoetan dina omongan mah, eta teh djalma sampoerna, nadjan ka badan sakoedjoer ge kawasa njandĕt.

3. Ari moenggoeh di koeda koe oerang dikadalian soengoetna, soepaja ka oerang noeroet, sarta sakabeh awakna koe oerang diingĕrkeun.

4. Kitoe deui moenggoeh di kapal, nadjan sakitoe gĕdena, sarta ditĕbak angin rongkah, geuning diingĕringĕrkeun koe kamoedi leutik pisan, dibĕnĕrkeun ka mana karĕp istriman bae.

5. Nja kitoe keneh ari letah, eta teh anggahota lĕmboet pisan, tatapi sok ngoetjapkeun barang noe gĕdegĕde. Moenggoehing dina seuneu saĕnjaj geuning njoendoet leuweung gĕde!

6. Dalah letah ge seuneu, sadoenja kadorakaanana. Dina anggahota oerang teh nja letah noe ngarĕgĕdkeun ka badan

sakoedjoer, djeung njoendoet roda kahiroepan oerang, ari djinisna disoendoet ti naraka.

7. Karana sagala bakat sato leuweung reudjeung manoek, kitoe deui sato noe tingkarajap djeung sato laoetan, pada dililindeuk sarta geus dililindeuk koe bakat manoesa;

8. Tatapi ari letah mah, taja pisan djalma noe bisa ngalilindeuk inja, eta teh nja kagorengan noe teu beunang dipĕngkĕk, pinoeh koe peurah noe matak maehkeun.

9. Koe letah oerang teh moedji ka Allah Rama, kitoe keneh koe letah teh oerang njapa ka djalma, noe didjadikeunana ditiroekeun kana kanjataan Allah.

10. Tina hidji soengoet bae bidjil poedji reudjeung sapa. Eh doeloer-doeloer kaoela! eta teh oelah datang ka kitoe.

11. Koemaha ari moenggoehing soemoer, daekeun ngaboerijal tjai amis djeung tjai pait tina hidji lijang?

12. Koemaha, eh doeloer-doeloer kaoela! ari tangkal kondang bisaeun ngabidjilkeun boewah djetoen, atawa tangkal anggoer ngabidjilkeun boewah kondang? Kitoe deui ari soemoer, mohal bisaeun ngabidjilkeun tjai pangset reudjeung amis.

13. Saha di maraneh anoe pintĕr sarta binangkit? Eta teh koedoe nandakeun panggawena tina lakoe-lampah noe hade, make kasarehanana kapintĕran.

14. Tatapi saoepama maraneh dina hate aja dĕngki pait sarta rĕsĕp paseja, papatjoewan oelah rek ngoentoep djeung ngabohongkeun kana kajaktian.

15. Anoe kitoe mah lain kapintĕran noe datang ti loehoer, ĕnjana teh noe ti doenja, noe ti napsoe, noe ti setan.

16. Karana di mana bae aja dĕngki djeung rĕsĕp paseja mah, nja di dinja teh ĕnggon saroesoet djeung sagala roepa lampah kagorengan.

17. Sabalikna ari kapintĕran noe ti loehoer mah, eta teh hidji pĕrkara bĕrĕsih, samalahna soeka rapih, amis boedi, sarĕgĕp kana papatah, pinoeh koe kawĕlasan djeung boeboewahan noe hade, hanteu ngabinakeun djalma, sarta taja kapoera-poeraanana.

18. Sarta ari boewah kabĕnĕran teh disĕbarkeunana koe karapihan adjang sakoer anoe njijeun karapihan.

PASAL 4.

Ari pĕrang djeung paseja di maraneh ti mana datangna? Pangdatangna naha lain tina napsoe diri maraneh, anoe ngamoek dina anggahota maraneh?

2. Maraneh teh mikahajang, tatapi teu ngabogaan; maraneh teh maehan djeung ngadĕngkian, tatapi teu beubeunangan; maraneh teh paseja djeung mĕrangan, tatapi teu ngabogaan, sabab maraneh teu nĕnĕda.

3. Maraneh teh nja oge nĕnĕda, tatapi teu nampa, sababna eta pangnĕnĕda maraneh teh goreng, noe dikarĕp teh dipake ngadjoedjoer napsoe diri maraneh.

4. Eh djalma ranjedan lalaki awewe, naha teu njaho, jen sosobatan djeung doenja, nja eta teh ngamoesoeh ka Allah? Koe sabab kitoe, saha-saha noe njobat djeung doenja, eta teh djadi moesoeh Allah.

5. Atawa koemaha pikir maraneh, Kitab teh tjoemah bae oengĕlna noe kijeu: Ari Roh, anoe linggih di djĕro oerang, naha eta teh mirĕsĕp kana kadĕngkian?

6. Estoena mah andjeunna teh kalangkoeng pisan nja maparinna sih-koernija. Koe sabab kitoe aja oengĕlna kijeu: Allah ngalawan ka noe kamagoengan, tatapi ka noe rĕndah mah maparin sih-koernija.

7. Manana sing pada ka Allah masrahkeun diri; koedoe ngalawan ka Iblis, moen kitoe tangtoe ngĕdjat ti maraneh.

8. Koedoe pada ngadeuheusan ka Allah, moen kitoe Allah tangtoe ngadeukeutan ka maraneh. Eh djalma noe doraka! sing ngabĕrĕsihan leungeun; ari maraneh, eh djalma noe midoewa pikir! sing ngabĕrĕsihan hate.

9. Masing pada boga rarasaan soekĕr, bari prihatin djeung tjeurik; seuri maneh koedoe ganti koe nalangsa, kaboengahan maneh ganti koe kabingoengan.

10. Masing pada ngarĕndahkeun maneh di pajoeneun Pangeran, moen kitoe maneh tangtoe koe Pangeran dikaloehoerkeun.

11. Eh doeloer-doeloer! papatjoewan oelah silih-oepat djeung batoer. Saha-saha noe ngoepat ka doeloer, atawa ngahoekoeman ka doeloerna, eta teh tĕgĕs ngoepat kana hoekoem, djeung njalahkeun kana hoekoem. Dĕmi satijaptijap maneh njalahkeun kana hoekoem, djadi tanda maneh teh lain anoe ngalampahkeun hoekoem, istoening njijeun maneh poerah ngahoekoem.

12. Ari noe maparin hoekoem teh ngan sahidji; nja eta noe kawasa njalamĕtkeun sarta ngaroeksak. Tatapi ari maneh teh saha, wĕt ngahoekoeman ka batoer?

13. Geura maraneh noe sok ngomong kijeu: Koela poë ijeu atawa isoekan rek njaba ka nagara anoe, rek tjitjing di

dinja lilana sataoen, balantik sĕdja njijar kaoentoengan;

14. Halta maraneh teu njaho noe pikasorangeun poë isoek-isoek atjan! Karana nahaon hiroep maneh teh? Kapan mah tjara haseup, katembongna ngan sakeudeung, geus kitoe teh moesna.

15. Anggoeranan maraneh koedoe ngomong kijeu: Lamoen diparĕngkeun koe Pangeran, sarta aja oemoer, koela sĕdja milampah kitoe atawa kijeu.

16. Dĕmi ajeuna maraneh teh moedji diri dina djĕro angkoeh maraneh; sagala pamoedji noe kitoe teh goreng.

17. Koe sabab eta, sahasaha djalma noe njaho dina migawe kahadean, dĕmi hanteu prak ngalampahkeun mah, eta teh matak dosa.

PASAL 5.

Geura ajeuna maraneh, eh noe baleunghar! koedoe pada tjeurik bari aloek-aloekan koe tina kabalangsakan anoe pinjorangeun ka diri maraneh.

2. Kabeungharan maraneh teh geus boeroek, sarta papakean maraneh geus dihakan toko.

3. Ĕmas-perak maraneh geus tai-hijangan, ari eta taihijangna teh bakal djadi saksi ka maraneh, sarta bakal ngalĕboer kana daging maraneh, sapĕrti seuneu. Maraneh teh geus pada ngoempoelkeun doenja-brana dina djaman ahir.

4. Ari koelian djalma boeboeroeh, noe geus miboewatan sawah maraneh, noe dirĕrol koe maraneh teh, wani tjoemĕloek; djeung sasambatna djalma anoe diboewat, geus nĕpi kana tjĕpil Pangeran Sĕbaot.

5. Maraneh hiroep di boemi teh ngeunah-ngeunah djeung ngadjoedjoer napsoe bae; geus njoewoek hate maraneh tjara keur poëan meuntjit.

6. Maraneh geus ngahoekoem sarta maehan ka djalma noe bĕnĕr; ari eta teu ngalawan ka maraneh teh.

7. Koe sabab kitoe, eh doeloer-doeloer! masing pada sabar bae, nĕpi ka soemping Goesti. Geuning ari ahli tani noenggoe-noenggoe hasil boemi noe leuwih moelja, disabaran bae, nĕpi ka waktoe eta teh geus meunang hoedjan noe ti heula djeung hoedjan noe pandeuri.

8. Nja kitoe deui maraneh teh moedoe masing sabar, koewatkeun hate maraneh; sabab pisoempingeun Goesti teh geus deukeut.

9. Eh doeloer-doeloer! poma oelah dek roemahoeh ka batoer, soepaja maraneh oelah

dihoekoeman. Toeh, Hakim teh geus ngadĕg di hareupeun panto.

10. Eh doeloer-doeloer! maraneh njandang lara djeung lampah sabar, koedoe noelad para nabi noe ngawoeroek koe padjĕnĕngan Pangeran teja.

11. Ari noe sabar, koe oerang dipoedji salamĕt. Maraneh geus pada ngadenge tjarita kasabaran Ajoeb, sarta geus nendjo panoengtoenganana ti Pangeran, jen Pangeran teh kalangkoeng-langkoeng nja moerah sarta miwĕlas.

12. Poma-poma pisan, eh doeloer-doeloer kaoela! oelah dek saroempah; oelah soempah njĕboet sawarga, atawa njĕboet boemi, atawa soempah salijan ti dinja; ari maraneh ngomong ĕnja masing ĕnja, ari hanteu mah masing hanteu, soepaja maraneh oelah meunang hoekoeman.

13. Tijap-tijap di maraneh aja noe njandang lara, koedoe nĕnĕda; moen aja noe sĕnang hate, koedoe moedji koe djaboer.

14. Tijap-tijap di maraneh aja noe gĕring, koedoe ngala para kokolot garedja, soepaja koe eta dipangnĕdakeun, bari dioelasan minjak koe padjĕnĕngan Goesti.

15. Ari panĕda noe kalawan kapĕrtjajaan tanwande ngawaloejakeun ka noe gĕring teh, tangtoe koe Goesti dihoedangkeun; sarta oepama geus milampah dosa, tangtoe dihampoera.

16. Koedoe silih-akoe kaloeloepoetan djeung batoer, sarta koedoe silih-tĕdakeun, soepaja maraneh pada djadi walagri. Ari panĕda djalma bĕnĕr, noe saestoe-estoena, gĕde kawasana.

17. Ari Elias teja sasama manoesa sapĕrti oerang; dĕmi andjeunna teh nĕnĕda, panĕdana moegi oelah hoedjan; geus kitoe hanteu aja hoedjan ka boemi tiloe taoen gĕnĕp boelan lilana.

18. Tidinja nĕnĕda deui, seug langit teh noeroenkeun hoedjan, sarta boemi ngabidjilkeun hasil-hasilna.

19. Eh doeloer-doeloer kaoela! oepama di maraneh aja noe sasab tina kajaktian teh, geus kitoe aja djalma noe nobatkeun ka dinja,

20. Eta teh koedoe nganjahokeun, ari saha-saha noe nobatkeun hidji djalma doraka, balik tina djalanna noe sasab, satĕgĕsna njalamĕtkeun hidji njawa, didjaoehkeun tina maot, sarta ngalipoetan kana dosa loba pisan.

IJEU SĔRAT KAHIDJI TI RASOEL PETROES.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Petroes, rasoel Jesoes Kristoes, doematĕng noe ngaloembara, keur pabalĕntjar aja di tanah Pontoes, Galata, Kapadoki, Asia djeung Bitini,

2. Noe pada kapilih noeroetkeun kawaspaosan Allah Rama, lantaran disoetjikeun koe Roh, soepaja pada anoet sarta djeung dikepretan koe gĕtih Jesoes Kristoes: moegimoegi maraneh pada diwoewoehan sih-koernija reudjeung kasĕnangan!

3. Sagala poedji ka Allah, Rama Goesti oerang Jesoes Kristoes, anoe bawaning agoeng kawĕlasanana, geus ngowokeun deui ka oerang baris pangarĕp-ngarĕp hiroep, koe lantaran tanghina Jesoes Kristoes ti noe maraot;

4. Baris warisan noe teu keuna roeksak, djeung teu keuna tjatjad, sarta teu keuna aloem, noe geus ditjadangkeun di djĕro sawarga pikeun maraneh,

5. Noe pada diraksa koe kawasaning Allah lantaran kapĕrtjajaan, baris kasalamĕtan, noe geus sadija pikeun diboektikeun dina ahir djaman.

6. Eta teh koe maraneh dipake kaboengahan, dĕmi ajeuna ijeu, saoepama koedoe mah, maraneh teh njandang nalangsa koe gogoda roeparoepa,

7. Sangkan katjobana kapĕrtjajaan maraneh, noe leuwih moeljana ti batan ĕmas, anoe keuna roeksak sarta ditjoba koe seuneu, kapanggih matak ngadjadikeun poedji, djeung hormat, sarta kamoeljaan, dina waktoe diebrehkeun Jesoes Kristoes,

8. Noe tatjan katendjo koe maraneh, sangkilang kitoe ge njaah; nadjan andjeunna koe maraneh ajeuna teh katendjo, maraneh teh pĕrtjaja bae, sarta koe maraneh dipikasoeka kalawan kaboengahan noe geus taja omongkeuneunana sarta leuwih moelja,

9. Djeung nampa panoengtoengan kapĕrtjajaan maraneh, tĕgĕsna kasalamĕtan njawa.

10. Moenggoehing eta kasalamĕtan teh, para nabi anoe ngawĕdjangkeun hal sih-koernija noe keur maraneh teja, baheula pada ngoelik sarta nitik-nitik;

11. Ari noe dititik-titik,

djaman mana atawa noe koemaha teja noe ditoedjoel koe Roh Kristoes, noe aja di djĕro dirina, keur mangsa ti heula ngandikakeun kasangsaraan anoe bakal kasorang koe Kristoes, sarta djeung kamoeljaan sanggeusna sangsara.

12. Dĕmi eta teh pada diebrehan, jen lain keur dirina pribadi, estoena mah keur oerang teja nja ngoeroeskeunana barang, noe geus dioewarkeun ajeuna ka maraneh koe sakabeh noe ngawartakeun Indjil ka maraneh koe lantaran Roh Soetji, noe geus dipiwarang ti sawarga; ari para malaikat pada mĕlĕng hajangeun oeninga kana eta barang.

13. Koe sabab eta, geura disaboek tjangkeng pikir maraneh, masing pada tjĕtjĕgah, sarta sing antek nja ngarĕpngarĕp kana sih-koernija, noe dipasihkeun ka maraneh dina waktoe diebrehkeun Jesoes Kristoes.

14. Sing tjara baroedak noe toemoeroet, oelah dek saroewa djeung napsoe baheula, waktoe maraneh taja kanjaho teja;

15. Bĕnĕrna mah, sapĕrti noe geus njaoer ka maraneh teh soetji, nja kitoe deui maraneh koedoe sing pada soetji dina salakoe-lampah maraneh;

16. Sabab dina Kitab geus dioengĕlkeun kijeu: Maraneh sing pada soetji, karana kami teh soetji.

17. Sarta lamoen maraneh njambat Rama ka noe ngahoekoeman teu pilih-kasih, noeroetkeun sakoemaha pagawean oenggal-oenggal djalma teja, koedoe djeung sijeun nja loemampah teh sapandjangna maraneh ngoembara;

18. Sapedah geus pada njaho, maraneh pangditĕboes datang ka lesotna tina lampah borak-borak toetoeroenan ti karoehoen teja, lain koe barang noe keuna roeksak, sapĕrti ĕmas-perak,

19. Estoena mah koe gĕtih Kristoes noe gĕde pangadjina, reh andjeunna teh domba noe taja tjatjadan sarta taja koetjiwana;

20. Ari andjeunna teh geus dipioeninga timemeh diadĕgkeun doenja, tatapi diebrehkeunana dina ahirna djaman ijeu tina sabab maraneh,

21. Noe pada pĕrtjaja ka Allah koe lantaran Kristoes, noe geus ditanghikeun koe Allah ti noe maraot, sarta dipaparin kamoeljaan, noe matak ajeuna kapĕrtjajaan sarta pangarĕp-ngarĕp maraneh teh nja ka Allah.

22. Tina geus ngabĕrĕsihan njawa maraneh djalan noeroet kana kajaktian, koe pitoeloeng Roh, baris ngadjadikeun

kanjaahan ka doeloer, noe teu kalawan poera-poera, noe matak maraneh koedoe sing antek nja silih-pikanjaah djeung hate noe běrěsih,

23. Pedah maraneh diowokeun deui teh lain tina binih noe keuna roeksak, estoena mah tina binih noe teu keuna roeksak, nja koe lantaran pangandika Allah, noe hiroep sarta tětěp salalanggěngna.

24. Karana sakabeh daging teh sapěrti djoekoet, djeung sakabeh kamoeljaanana sapěrti kěmbang djoekoet. Djoekoet teh perang, ari kěmbangna ligar;

25. Tatapi ari pangandika Pangeran mah tětěp salalanggěngna. Nja eta teh pangandika noe geus dioewarkeun ka maraneh.

PASAL 2.

Koe sabab eta, geura pada mitjeun sagala kagorengan, kitoe deui sagala palatjidra, djeung poera-poera, sarta děngki, reudjeung sagala oepat-oepatan;

2. Sarta tjara boedak anoe anjar didjoeroekeun, masing pada hajang ka tjisoesoe pangandika noe toelen, soepaja maraneh ngagědean koe lantaran eta;

3. Kitoe soteh lamoen maraneh geus ngarasa, jen Goesti teh moerah.

4. Masing pada ngadeuheusan ka andjeunna, nja batoe anoe hiroep, noe geus dipitjeun koe djalma, tatapi moenggoeh koe Allah mah kapilih sarta kaadjen,

5. Sarta diri maraneh ge, rehna pada batoe hiroep, sing daek didaměl imah rohani, djěmoehan panghoeloe soetji, baris ngahatoerkeun koerban rohani, anoe pikamanaheun koe Allah, lantaran Jesoes Kristoes.

6. Kitoe noe matak dina Kitab aja oengělan kijeu: Toeh, di Sion kami neundeun hidji batoe-djoeroe, noe kapilih nja kaadjen, djeung tijap-tijap djalma noe pěrtjaja ka eta, hamo meunang wiwirang.

7. Ari koe maraneh noe pěrtjaja eta batoe teh kaadjen; tatapi moenggoeh ka noe mantangoel mah, batoe noe geus dipitjeun koe noe njarijeun imah teh, nja eta pisan noe geus didjadikeun pamageuh djoeroe, sarta batoe tatadjongan, djeung batoe karang noe matak tideuha;

8. Ari eta teh titadjong ka dinja, pedah mantangoel ka pangandika, sarta geus dipastikeun kana kitoe.

9. Tatapi ari maraneh teh bangsa kapilih, djěmoehan panghoeloe bangsa radja, oemat soetji, oemat kagoengan, soepaja maraneh pada

ngoewarkeun kasaeanana anoe geus njaoer diri maraneh ti noe poëk kana tjaangna noe leuwih aheng.

10. Ari maraneh teh tadina lain oemat, dĕmi ajeuna mah geus djadi oemat Allah; tadina teu diwĕlasan, dĕmi ajeuna mah geus pada meunang kawĕlasan.

11. Eh kaasih! kaoela teh mepelingan ka maraneh, noe pada njemah sarta ngoembara: Koedoe sing njarĕgah sagala napsoe daging, noe mĕrangan kana njawa;

12. Djeung koedoe masing bĕnĕr lakoe-lampah maraneh aja di oerang kapir, soepaja noe ngagorengkeun maraneh tjara ka bangsat, dimana geus katendjo kana panggawe maraneh noe hade, pada ngamoeljakeun ka Allah dina poëan disoempingan.

13. Pedah kitoe koedoe pada ngesto ka sakoer kapangkatan djalma, tina sabab Goesti: nja ka radja, reh noe pangkawasana;

14. Boh ka para goepĕrnoer, rehna piwarangan radja, baris njiksa ka noe bangsat, sarta baris moedji ka noe lampah hade.

15. Karana nja kitoe kĕrsaning Allah, maraneh tina lantaran milampah hade, koedoe ngabĕkĕman soengoet kana kabodoan djalma paloeng;

16. Koemaha anoe mĕrdika, tapina kamĕrdikaan teh oelah dipake mindingan kagorengan; nja koemaha noe djadi kawoelaning Allah.

17. Moedoe ngadjenan ka oenggal djalma, sarta njaah ka doeloer-doeloer; moedoe sijeun koe Allah, sarta hormat ka radja.

18. Eh sakoer noe djadi boedjang! sing pada ngesto ka djoeragan maneh sarta gĕde kasijeun; oelah ka noe bageur djeung amis boedi bae, nadjan ka noe bĕngis oge kitoe keneh.

19. Karana matak dikoernija, lamoen djalma tina sabab boedi-rasa di pajoeneun Allah, nahankeun kasoesah, ari sangsara teu karana salah.

20. Karana nahaon pipoedjieunana, ari maneh dipeupeuh tina sabab migawe dosa, toeloej sabar? Sabalikna ari maneh sangsara tina sabab milampah hade mah, toeloej sabar, nja eta matak dikoernija koe Allah.

21. Karana maraneh pangdisaoer teh nja baris milampah kitoe. Sabab Kristoes ge geus njandang sangsara keur pimangpaateun oerang, sarta geus nilarkeun toeladan ka oerang, soepaja maraneh noeroetkeun tapak dampalna.

22. Andjeunna teh teu pisan milampah dosa, sarta dina

lambena taja pisan kapanggih tjidra;

23. Mangsa andjeunna ditjarekan, teu kĕrsaeun njeuseul deui; mangsana disangsara, taja manahna rek malĕs, disanggakeun bae ka noe ngahoekoeman sarta kaadilanana.

24. Andjeunna teh salirana geus nanggoeng dosa oerang aja dina kai-dipalang, soepaja oerang paeh tina dosa, hiroep kana kabĕnĕran; sarta koe raraheut andjeunna maraneh teh geus ditjageurkeun.

25. Karana maraneh tadina sapĕrti domba sarasab, dĕmi ajeuna mah maraneh geus pada dibalikkeun ka Pangangon sarta Pangoeroes njawa maraneh.

PASAL 3.

Kitoe deui maraneh, eh sakoer awewe! sing pada ngesto ka salaki maneh, soepaja lamoen aja noe teu noeroet ka pangandika, eta noe kitoe teh dibeunangkeun koe lantaran lakoe-lampah pamadjikanana, teu kalawan omongan,

2. Arina geus nendjo ka lakoe-lampah maraneh noe bĕrĕsih sarta djeung kasijeun.

3. Ari pamidangan maraneh teh oelah koe barang noe di loewar, sapĕrti ngoentoen boeoek, nĕrapkeun ĕmas atawa papakean;

4. Nja pamidangan teh moedoe djalma boeni dina ati, njatana boedi sareh sarta antĕng, noe teu keuna roeksak, sarta moelja moenggoeh di pajoeneun Allah.

5. Karana para istri saroetji noe baheula, anoe ngarĕpngarĕp ka Allah teja, midangna teh nja kitoe pisan, sarta pada ngesto ka tjarogena;

6. Sapĕrti Sarah teja ngesto ka Ibrahim, sarta njĕbatna gamparan; ari maraneh teh geus ngadjadi poetra eta, kitoe soteh lamoen milampah hade, djeung hanteu gimir koe sakoer panjingsijeunan.

7. Kitoe deui maraneh, eh sakoer lalaki! tjitjing djeung pamadjikan koedoe make kira-kira; ka awewe, rehna wadah noe leuwih pĕre, koedoe ngadjenan, pedah samilik reudjeung maraneh kana sihkoernija kahiroepan; nja soepaja pangnĕnĕda maraneh teh oelah kapĕgat.

8. Anggeusna mah, nja kabeh sing pada samijoek, sing pada karoenja, njaah ka doeloer, wĕlasan, sarta saneh;

9. Goreng oelah dibalĕs koe goreng, kitoe deui njarekan koe njarekan, sabalikna mah koedoe ngabĕrkahan, sapedah geus pada njaho maraneh pangdisaoer teh soepaja ngamilik bĕrkah.

10. Karana saha-saha anoe soeka hiroep, djeung hajang

nendjo poë noe harade, koedoe mĕngkĕk letah, oelah sina ngomong goreng, kitoe deui biwir, oelah sina ngomong tjidra.

11. Koedoe njingkiran tina lampah goreng, sarta migawe noe hade; koedoe njijar karoentoetan, sarta ngobrek-ngobrek.

12. Sabab ari sotja Pangeran ningalikeun ka sakoer djalma noe bĕnĕr, sarta tjĕpilna ngadangoekeun ka panĕdana, tatapi ari pameunteu Pangeran bĕndoe ka sakoer noe migawe goreng mah.

13. Sarta saha noe rek bisa njijeun goreng ka maraneh teh, ari maraneh noeroet kana kahadean mah?

14. Sanadjan maraneh sangsara oge tina hal kabĕnĕran teja, maraneh teh nja salamĕt bae! Poma oelah rek sijeun koe eta teh djeung kasijeun naon bae, sarta oelah rek njĕblak;

15. Anggoer koedoe pada njoetjikeun Goesti Allah dina hate maraneh, sarta salalawasna koedoe pada sadija, pikeun ngadjawab ka oenggal-oenggal djalma, noe menta katĕrangan ka maraneh tina hal pangarĕp-ngarĕp noe aja di maraneh; ngadjawab teh koedoe djeung sareh ati sarta djeung sijeun.

16. Sarta sing boga boedirasa noe hade, soepaja, dimana aja noe ngoepat ka maraneh, njaroewakeun djeung bangsat, sing djadi eraeun sakoer anoe ngagorengkeun lakoe-lampah maraneh noe hade, noe di djĕro Kristoes.

17. Karana oepama koe Allah dikĕrsakeun maraneh sangsara, taloenganan sangsara tina sabab milampah bĕnĕr, ti batan sabab milampah goreng mah.

18. Karana Kristoes oge geus njandang sangsara sakali tina sabab dosa djalma, andjeunna noe bĕnĕr teh nalangan noe daroraka, pambrihna soepaja ijasaeun ngadeuheuskeun oerang ka Allah; geus dipaehan moenggoehing daging, tatapi dihiroepan moenggoehing Roh.

19. Dina sadjĕro eta teh andjeunna geus angkat, ngawartaan sakoer soekma noe aja di pangberokan,

20. Noe pada baha baheula, mangsana kasabaran Allah ngantos-ngantos, keur djaman Ĕnoh, basana ngadamĕl kapal teja, noe dieusian koe djalma saeutik, tĕgĕsna dalapan ese, pada salamĕt dina djĕro eta koe lantaran tjai.

21. Ari tatandinganana eta tjai teh noe njalamĕtkeun ka oerang dina mangsa ajeuna, hartina pangbanjoe teja, lain pisan paragi ngalaan kokoto-

ran awak, estoena mah panĕda boedi-rasa hade ka Allah, koe lantaran tanghina Jesoes Kristoes,

22. Noe linggih tĕngĕneun Allah, geus moenggah ka sawarga, ari para malaikat, djeung noe pada moerba, sarta noe pada kawasa, kabeh taloek ka salira andjeunna.

PASAL 4.

Dĕmi koe sabab Kristoes geus njandang sangsara dina daging keur mangpaat oerang teja, noe matak maraneh ge koedoe njikĕpan diri koe pamikir kitoe keneh; karana tijap-tijap noe sangsara dina daging, eta teh eureun tina dosa,

2. Soepaja ka hareupna, sakarina oemoer dina djĕro daging, hiroep teh oelah noeroet deui kana napsoe djalma, nja noeroet teh kana sakĕrsaning Allah.

3. Karana geus tjoekoep oerang teh dina mangsa oemoer ka toekang ngalampahkeun karĕp oerang kapir, nja lalampahan teh latjoer, ngoembar napsoe, mabokan, balaketjrakan, inoem-inoeman, djeung mibrahala nista pisan.

4. Noe matak eta hareraneun sarta ngagogoreng ka maraneh, pedah ajeuna maraneh hanteu miloe kana bojorna kalatjoeran kitoe.

5. Tatapi eta teh ĕngkena koedoe njanggakeun katĕrangan ka noe geus sajagi, bakal ngahoekoeman ka noe hariroep sarta ka noe paraeh.

6. Karana kitoe maksoedna Indjil teh noe matak diwartakeun ka noe paraeh teja, soepaja eta dihoekoeman kana dagingna koemaha bijasa manoesa, dĕmi moenggoeh roh mah hiroep ka Allah.

7. Ari kana panoĕngtoengan saniskara barang ajeuna geus deukeut. Manana sing pada tjĕgahan, sarta njaring keur baris nĕnĕda.

8. Poendjoelna mah sing antek nja silih-pikanjaah djeung batoer, sabab ari kanjaahan teh ngalipoetan kana dosa loba pisan.

9. Masing pada soeka silihandjrĕkkeun djeung batoer, oelah djeung koekoeloetoes.

10. Oenggal-oenggal djalma, koemaha bae pasihan noe geus katampa, koedoe dipake silihkawoelaan djeung batoer, tandana hade nja njĕkĕl kana warna-warna sih-koernija Allah.

11. Lamoen aja noe mitoetoer, eta mitoetoer teh koedoe narimakeun jen pangandika Allah; moen aja noe boga tjangkingan, eta ditjangking teh koedoe narimakeun jen koe kakoewatan pasihan Allah; soepaja Allah dina saniskara dimoeljakeun koe lanta-

ran Jesoes Kristoes, noe kagoengan kamoeljaan sarta kawasa langgĕng salalawasna. Amin.

12. Eh kaasih! poma oelah hareran tina kabangĕtan panganijaja noe aja di maraneh, maroekankeun kadatangan noe teu loembrah; maraneh kataradjang kitoe teh minangka tjotjoba.

13. Anggoer koedoe boengah sakoemaha doeoeman maraneh kana kasangsaraan Kristoes, soepaja mĕngke, dimana diebrehkeun kamoeljaanana, maraneh kitoe deui boengah sarta garĕrah.

14. Ari maraneh dihinakeun koe tina djĕnĕngan Kristoes, maraneh teh salamĕt! sababna maraneh dilinggihan koe Roh kamoeljaan, nja Roh Allah. Ari moenggoeh koe itoe andjeunna digogoreng, tatapi moenggoeh koe maraneh mah dimoeljakeun.

15. Ngan ti pĕlĕbah maraneh oelah aja noe sangsara tina sabab maehan, atawa maling, atawa ngabangsat, atawa tina pipiloeëun ka pagawean noe lijan.

16. Sabalikna ari noe sangsara tina kakristĕnanana mah, eta oelah rek era, anggoer ngamoeljakeun ka Allah dina hal kitoe teh.

17. Karana geus mangsana, jen hoekoeman teh ngamimitianana prak tina gĕdong Allah; sarta lamoen ka oerang heula, pitoengtoengeunana djalma noe mantangoel kana Indjil Allah mah pikoemahaeun?

18. Sarta lamoen djalma noe bĕnĕr teh seuseut salamĕt, anoe doraka sarta noe njijeun dosa mah ka mana pimoroeunana?

19. Manana sakoer anoe sangsara koe kĕrsa Allah, koedoe sing pada masrahkeun njawa ka andjeunna, da andjeunna noe ngadamĕl sadjagat sarta kalangkoeng toehoe; djeung moedoe dibarĕngan koe milampah kahadean.

PASAL 5.

Ari para kokolot anoe aja di maraneh, dipepelingan koe kaoela sasama kokolot, sarta saksi kana kasangsaraan Kristoes, kitoe deui miloe ngabogaan kamoeljaan noe bakal diebrehkeun teja:

2. Moedoe ngarangon goendoekan kagoengan Allah noe ditjangking koe maraneh, sarta sing pada ngoeroes ka dinja, oelah boga rasa dipaksa, moedoe djeung karĕp sorangan; oelah ngarah kaoentoengan nista, nja moedoe djeung kasoekaan hate.

3. Oelah tjara noe ngeunakeun wisesa ka garedja noe dimilikkeun, anggoer sing pada djadi toeladan toeroetaneun goendoekan teja.

4. Sarta samangsa diebrehkeun kapala pangangon teh, tangtoe maraneh nampa makoeta kamoeljaan noe teu keuna aloem teja.

5. Kitoe deui maraneh, eh sakoer noe ngarora! koedoe pada ngesto ka noe karolot, djeung maraneh sakabeh sing silih-estoan djeung batoer. Masing pada makeanan maneh koe karĕndahan, sabab Allah ngalawan ka noe kamagoengan, tatapi ka noe rĕndah mah maparin sih-koernija.

6. Noe matak maraneh koedoe sing ngarĕndahkeun diri kana panangan Allah noe kawasa, soepaja maraneh koe Allah dikaloehoerkeun dina mangsana.

7. Sakabeh kasoesahan maraneh sanggakeun ka Allah, sabab nja andjeunna anoe ngoeroes ka maraneh.

8. Masing tjĕtjĕgah, sarta masing njaring; sabab noe ngamoesoeh ka maraneh teh, nja Iblis teja, oedar-idĕr tjara singa hoewang-haoeng, njijar anoe beunang dilĕbok.

9. Eta teh koedoe lawan, sarta reugreug kapĕrtjajaan, sapedah maraneh pada njaho, jen doeloer-doeloer maraneh anoe aja di doenja, pada karadjang sangsara tjara noe kitoe keneh.

10. Ari Allah noe kagoengan sagala sih-koernija, noe geus njaoer diri oerang koe lantaran Kristoes Jesoes, baris kana kamoeljaan andjeunna noe langgĕng, sanggeus oerang sangsara mangsa sakeudeung, eta pisan noe bakal njampoernakeun, nĕtĕpkeun, ngoewatkeun djeung mageuhkeun ka maraneh.

11. Nja andjeunna noe koedoe dibaktian kamoeljaan djeung kawasa langgĕng salalawasna. Amin.

12. Kaoela njoeratan ka maraneh pondokna bae, lantaran koe Silwanoes, eta teh rasa kaoela doeloer noe satoehoe pisan ka maraneh; pasĕdjaan kaoela mepelingan sarta ngingĕtan ka maraneh, jen sih-koernija, noe diĕnggonan koe maraneh teh, nja eta saĕnjana sih-koernija Allah.

13. Ari garedja sasama kapilih di nagara Baboel, ngirim salam ka maraneh, kitoe deui Markoes, anak kaoela.

14. Maraneh moedoe silihbere salam make panjijoem kanjaahan. Moegi-moegi maraneh pada dipaparin kasĕnangan, sakoer noe di djĕro Kristoes Jesoes. Amin.

IJEU SĔRAT KADOEWA TI RASOEL PETROES.

PASAL 1.

Sĕrat kaoela Simon Petroes, abdi sarta rasoel Jesoes Kristoes, doematĕng sakoer noe pada kamilikan kapĕrtjajaan kaadjen teja, sakoemaha anoe kaoela bae, koe kaadilan Allah sarta Djoeroe-salamĕt oerang Jesoes Kristoes:

2. Moegi-moegi maraneh pada diwoewoehan sih-koernija reudjeung kasĕnangan, lantaran nganjahokeun ka Allah, sarta ka Goesti oerang Jesoes Kristoes!

3. Sapedah kawasaning Allah ka oerang geus maparinkeun sakoer noe pĕrloe pikeun hiroep sarta pikeun ibadah, lantaran nganjahokeun ka noe geus njaoer diri oerang koe kamoeljaanana djeung kasaeanana,

4. Noe djadi matak oerang teh geus dipasihan pĕrdjangdjian noe leuwih aragoeng sarta djeung dipikaadjen pisan, soepaja maraneh koe lantaran eta teh kadoeoeman bakat Allah, sanggeusna maraneh ngĕdjat tina pangroeksakan noe aja di doenja koe hal napsoe:

5. Tina sabab kitoe ajeuna maraneh teh koedoe pada sing sarĕgĕp pisan, kapĕrtjajaan maraneh tambahan koe kahadean, kahadean koe kanjaho,

6. Kanjaho koe tjĕgahan, tjĕgahan koe kamantĕpan, kamantĕpan koe ibadah,

7. Ibadah koe kanjaahan ka doeloer, ari kanjaahan ka doeloer tambahan koe kanjaahan ka sakabeh djalma.

8. Sabab lamoen eta pĕrkara teja aja di maraneh, sarta tambah-tambah, tangtoe maraneh teh moal hapa, soemawonna teu boewahan dina hal nganjahokeun ka Goesti oerang Jesoes Kristoes.

9. Karana ari djalma noe soewoeng koe eta pĕrkara teja, noe kitoe teh lolong boeta-halimoenan, geus pohoeun kana hal dibĕrĕsihkeun dosa manehanana noe tadi.

10. Koe sabab eta, eh doeloer-doeloer! koedoe pada mingkin tambah sarĕgĕp nja mageuhkeun hal disaoer sarta hal dipilih diri maraneh, karana ari milampah kitoe mah, maraneh teh salawasna oge hamo titadjong.

11. Sabab lamoen kitoe teja, mĕngke maraneh djĕmbar pisan nja dipaparin mandjing

kana karadjaan noe langgĕng, kagoengan Goesti sarta Djoeroe-salamĕt oerang Jesoes Kristoes.

12. Koe sabab kitoe, kaoela moal wĕleh sĕdja ngingĕtan maraneh salalawasna kana hal eta teja, sanadjan geus pada njaho, sarta pada pageuh kana kajaktian noe geus aja di maraneh teh.

13. Sarta rasa kaoela pĕrloe, sapandjang kaoela aja dina saoeng ijeu teh, ngageuing ka maraneh koe pepeling,

14. Sapedah kaoela geus njaho, saoeng kaoela teh bakal tereh pisan diroewag, sakoemaha noe geus dinjatakeun ka kaoela koe Goesti oerang Jesoes Kristoes.

15. Djeung deui kaoela sĕdja rek milampah kagĕtolan, soepaja, dimana kaoela geus ninggal, maraneh oelah pĕtotpĕtot boga keur pangingĕtngingĕt kana eta pĕrkara teja.

16. Karana kaoela teh, mangsa ka maraneh ngoewarkeun hal kawasa sarta pisoempingeun Goesti oerang Jesoes Kristoes teja, teu pisan noeroetkeun dongeng anggitan aheng, estoena mah kaoela geus pada nendjo kaagoenganana.

17. Sabab andjeunna ti Allah Rama dipasihan kahormatan djeung kamoeljaan, keur basana diloengsoeran gĕntra ti kamoeljaan noe langkoeng agoeng teja, kijeu: Ijeu teh Poetra kami noe kaasih, anoe dipikarĕsĕp koe kami.

18. Ari eta gĕntra teh, waktoena loengsoer ti sawarga, kadarenge koe kaoela, basa kaoela reureudjeungan djeung andjeunna di loehoer goenoeng soetji teja.

19. Malah-malah oerang teh boga pilahir para nabi, noe leuwih tangtoe, sarta hade maraneh teh lamoen ngarĕgĕpkeun ka dinja, saibarat ka damar noe ngagĕntjlang dina ĕnggon poĕk, nĕpi ka braj beurang sarta bidjil bentang isoek dina djĕro hate maraneh.

20. Tatapi ijeu teh koedoe kanjahokeun heula, ari sakabeh piwĕdjang para nabi dina Kitab teja, taja noe djadi katĕrangan ti pribadina.

21. Sabab piwĕdjang nabi teh taja pisan noe bidjil ti karĕp djalma, estoena mah dilahirkeunana koe djalmaning Allah noe saroetji, kasoeroeng koe Roh Soetji.

PASAL 2.

Tatapi baheula dina bangsa teh aja deui nabi paralsoe, sapĕrti di maraneh ge piajaeun goeroe paralsoe, bakal ririkipan ngasoepkeun bid'ah matak ngaroeksakkeun, sarta ngaranglĕs ka Goesti, noe geus ngagaleuh diri maranehanana,

djeung bakal pada ngadatangkeun ka dirina pangroeksakan noe leuwih kĕntjĕng.

2. Sarta reja pisan noe bakal noeroet kana kalatjoeranana eta teh, ari djalan kajaktian bakal digogoreng tina sabab maranehanana.

3. Sarta tina kapĕrĕtjitanana bakal ngarah kaoentoengan ti maraneh, make omongan beunang nganggit. Ari hoekoeman noe pasti ka eta teh, ti babaretona hanteu eureun, sarta pikaroeksakaneunana teh hanteu lĕlĕjĕpan.

4. Sabab nadjan malaikat, noe geus pada migawe dosa, koe Allah teu dipikawĕlas, nja digoebroeskeun bae ka djĕro naraka, diselehkeun kana rante di ĕnggon poĕk teja, kĕrsana ditoenggoekeun kana hoekoeman;

5. Sarta doenja noe lawas teja koe Allah teu dipikawĕlas, tatapi ari Ĕnoh, noe djadi poerah ngoewarkeun kabĕnĕran teh, dalapananana diraksa, keur mangsa ngadatangkeun tjaah teja ka sadoenja djalma daroraka;

6. Sarta ari nagara Sadoemoe djeung Gomora teja geus dihoeroe sarta djadi lĕboe, dihoekoemna dibalik, sarta didjadikeun totonde baris djalma noe doraka ka hareupna;

7. Sarta ari Ĕloet, djalma bĕnĕr teja, noe datang ka kĕsĕl manahna koe lampah kalatjoeran djalma roedjit teja, eta mah dikaloewarkeun;

8. Karana eta djalma noe bĕnĕr teh, noe tjalik tjampoer djeung maranehanana teja, saban-saban poë ngan ngĕrikngĕrikkeun manah noe bĕnĕr, tina bawaning ningali sarta ngareungeu pagawean maranehanana noe doraka:

9. Tah kitoe Pangeran teh langkoeng oeninga ngaloewarkeun djalma noe ibadah tina djĕro panggoda, sarta ari noe doraka mah pada ditoenggoekeun kana poë hoekoeman, soepaja meunang siksaan;

10. Soemawonna sakoer noe noeroetkeun daging, ngalampahkeun napsoe kotor, sarta tjĕla kana kadjĕnĕngan. Eta teh koemawani, bĕdĕgong, hanteu sijeun ngagogoreng kana kaagoengan,

11. Padahal para malaikat, sanadjan ngoengkoelan bĕdasna djeung kawasana, teu ninggangkeun hoekoeman ngagogoreng ka dinja di pajoeneun Pangeran.

12. Tatapi ari eta mah, saibarat sato teu akalan, noe noeroetkeun bakatna, sarta geus didjadikeun baris ditangkĕp djeung ditoempoer, sapedah ngagogoreng ka noe teu kanjahoan koe dirina, bakal ditoempoer dina sadjĕro kagorenganana,

13. Sarta nampa boeroehan kadorakaan teja. Noe dipake karĕsĕp koe eta teh kasoekaan saban-saban poë; pada djadi tjatjad djeung katjĕlaan, sarta soekan-soekan dina sadjĕro ngarinahna, keurna balaketjrakan djeung maraneh.

14. Ari panonna pinoeh koe lampah ngaranjed, sarta taja eureunna migawe dosa; pada ngagĕndam ka hate djalma noe teu pĕngkoeh; ari hatena geus toetoer kana kapĕrĕtjitan, nja anak sapa eta teh;

15. Geus ninggalkeun djalan bĕnĕr, toeloej kasaroeng; pada noeroet djalan Balhoem anak Bosor teja, noe soeka kana boeroehan kadorakaan;

16. Tatapi ditjawad tina kadorakaanana: toetoempakan bisoe teh ngomong, sorana tjara djalma, mapalangan kana kageloan nabi.

17. Noe kitoe teja soemoer noe euweuh tjaian, sarta mega noe kabawa koe angin poejoeh; geus ditjadangan poëk mongkleng boeta-radjin salalanggĕngna.

18. Karana tina ngomong agoel noe taja hasilna, eta teh koe lantaran napsoe daging sarta kalatjoeran, pada ngagĕndam ka noe njingkir saĕnjana ti djalma noe sarasab lampahna;

19. Ngadjangdjikeun kamĕrdikaan ka dinja, padahal dirina teh kawoelaning kagorengan; karana noe geus eleh, tangtoe djadi kawoelana eta noe ngelehkeun.

20. Karana lamoen eta teh koe lantaran njaho ka Goesti Djoeroe-salamĕt Jesoes Kristoes geus njingkir tina karĕgĕdan doenja teja, seug toeloej kapoekĕt deui koe eta, sarta datang ka dielehkeun, tangtoe djalma noe kitoe ahirna leuwih bangĕt ti batan tadi.

21. Sabab mĕnding keneh noe kitoe teh teu njaho pisan kana djalan kabĕnĕran, ti batan sanggeusna nganjahokeun seug ingkar tina timbalan soetji, noe geus diserenkeun ka dinja.

22. Ari noe kitoe teh asoep kana babasan noe ĕnja teja: Andjing malikan oetahna, djeung bagong beunang ngamandian goegoelingan deui dina leutak.

PASAL 3.

Eh kaasih! ijeu soerat geus kadoewa ajeuna kaoela njoeratan teh ka maraneh; ari dina soerat noe doewa teh kaoela ngageuing koe pepeling kana pikir maraneh noe sadjati,

2. Soepaja maraneh pada ngingĕtkeun ka sakabeh pilahir, noe geus dilahirkeun ti heula koe para nabi saroetji, sarta ka parentah kaoela, noe

djaradi rasoel Goesti Djoeroesalamĕt.

3. Ari noe koedoe dikanjarahokeun heula, jen dina ahir djaman pidatangeun djalma marojok, eta loemakoena ngadjoedjoer napsoe sorangan,

4. Ari basana kijeu: Na di mana karah pĕrdjangdjian pisoempingeunana teh? da ti watĕs maot karoehoen, saniskara barang teh dĕngdĕng bae, sakoemaha ti mimitina ngadjadikeun doenja.

5. Karana teu dikanjahokeun koe noe kitoe, bawaning ngahadja, jen ti babaheula aja langit, djeung deui aja boemi, djadina tina djĕro tjai aja dina tjai, koe lantaran pangandika Allah;

6. Eta noe djadi matak doenja djaman harita teh kakĕlĕm koe tjai tjaah teja, sarta datang ka toempoer.

7. Tatapi ari langit reudjeung boemi noe ajeuna mah, geus disimpĕn koe pangandikana sapĕrti radja-brana, ditoenggoekeun kana seuneu, nĕpi ka poë hoekoeman sarta diroeksakkeunana djalma noe daroraka.

8. Ari ijeu sahidji pĕrkara oelah teu dikanjahokeun koe maraneh, eh kaasih kaoela! moenggoehing di Pangeran mah sapoë saroewa djeung sareboe taoen, ari sareboe taoen saroewa djeung sapoë.

9. Pangeran teh moal ngamĕngke-mĕngkekeun pĕrdjangdjian teja, sakoemaha panĕrka djalma noe sawareh, panjanana teh ngamĕngkekeun; estoena mah andjeunna sabar ka oerang teh, kĕrsana oelah aja djalma noe tjilaka, sing datang ka tarobat kabeh.

10. Tatapi poëan Pangeran pidatangeunana teh sakoemaha paling ti peuting; didinja langit teh toeloej areuweuh sarta ngagoeroeh, djeung sarating djagat teh bakal lĕboer koe seuneu, ari boemi djeung sakabeh djidjijeunan noe aja di sadjĕrona, bakal dihoeroe.

11. Koe sabab kitoe, sapedah eta saniskara teh bakal lĕboer, maraneh koedoe tjĕpĕt pisan kana lampah soetji sarta ibadah teh;

12. Bari ngarĕp-ngarĕp sarta ngagantjangkeun pidatangeunana poëan Allah teja, nja eta noe matak langit teh lĕboer dihoeroe, sarta sarating djagat teh adjoer koe seuneu.

13. Tatapi oerang teh ngarĕp-ngarĕp, sakoemaha noe geus didjangdjikeun, langit anjar sarta boemi anjar, noe diĕnggonan koe kabĕnĕran.

14. Koe sabab eta, eh kaasih! sapedah maraneh pangarĕp-ngarĕp kitoe teh, koedoe sing pada sarĕgĕp, soepaja maraneh koe salira andjeunna

kasondong pada boga kasĕnangan, hanteu tjatjad djeung taja tjawadeun.

15. Sarta ari kasabaran Pangeran oerang teja koedoe diakoe kasalamĕtan; sapĕrti Paoeloes, doeloer kaoela noe kaasih, njoeratanana ka maraneh kitoe keneh, tina kapintĕran noe geus dipasihkeun ka andjeunna;

16. Dina sakabeh soerat andjeunna, ana misaoerkeun pĕrkara eta teh, nja kitoe bae oenina. Ari eta pĕrkara teja noe sawareh hese dihartikeunana, sarta koe djalma noe taja pangarti djeung koe noe teu pĕngkoeh mah, eta teh dikoesoetkeun, tjara kana kitab noe sedjen deui kitoe keneh, matak niwaskeun ka dirina sorangan.

17. Koe sabab eta, eh kaasih kaoela! sapedah maraneh geus njaho ti heula kana hal kitoe teh, noe matak koedoe pada ijatna, soepaja oelah kabaoed koe sasabna djalma roedjit teja, seug toeloej pĕtjat tina kakoekoehan diri maraneh;

18. Anggoer sing pada ngagĕdean dina sih-koernija sarta dina nganjahokeun ka Goesti Djoeroe-salamĕt oerang Jesoes Kristoes. Nja andjeunna noe koedoe dibaktian kamoeljaan, ajeuna ijeu sarta dina poë noe langgĕng! Amin.

IJEU SĔRAT KAHIDJI TI RASOEL JOHANNES.

PASAL 1.

Anoe aja ti mimitina, anoe geus kadenge koe kaoela sakabeh, anoe geus katendjo koe mata kaoela, anoe geus diawaskeun koe kaoela, sarta geus ditjabak koe leungeun kaoela, hal Pangandika kahiroepan teja, -

2. Ari hiroep teh geus diebrehkeun, malah geus katendjo koe kaoela sakabeh, sarta kaoela pada djadi saksi, djeung ngoewarkeun ka maraneh eta hiroep noe langgĕng, noe tadina aja di Rama, sarta diebrehkeun ka kaoela teja. -

3. Dĕmi noe katendjo sarta kadenge koe kaoela teja, nja eta noe koe kaoela dioewarkeun ka maraneh, soepaja maraneh ge djadi satoenggal

djeung kaoela. Ari katoenggalan kaoela teh nja djeung Rama, sarta djeung Jesoes Kristoes Poetrana.

4. Noe matak kaoela njoeratan kitoe ka maraneh, soepaja kaboengahan maraneh masing datang ka toetoegna.

5. Sarta ari pangoewaran, noe geus kadenge koe kaoela ti andjeunna, noe koe kaoela dioewarkeun ka maraneh, kijeu: jen Allah teh tjaang, taja pisan poëkna di djĕro andjeunna.

6. Saoepama oerang njĕboetkeun jen toenggal djeung Allah, halta oerang loemampah teh di noe poëk, eta oerang ari kitoe mah bohong, teu ngalampahkeun kajaktian.

7. Sabalikna lamoen oerang loemampah di noe tjaang, sapĕrti andjeunna linggihna dina tjaang, ari kitoe mah oerang satoenggal djeung batoer, sarta gĕtih Jesoes Kristoes Poetrana ngabĕrĕsihkeun oerang, ngaleungitkeun sakabeh dosa.

8. Oepama oerang njĕboetkeun jen teu boga dosa, estoe oerang njasabkeun diri sorangan, sarta kajaktian teh hanteu aja dina djĕro diri oerang.

9. Lamoen oerang ngakoekeun dosa-dosa oerang, Allah mah langkoeng toehoe sarta adil, geus tangtoe ngahampoera kana dosa oerang, sarta bari ngabĕrĕsihkeun diri oerang, ngaleungitkeun sagala kadorakaan.

10. Oepama oerang njĕboetkeun jen teu boga lampah dosa, estoe oerang ngabohongkeun ka Allah, sarta ari pangandikana hanteu aja dina djĕro diri oerang.

PASAL 2.

Eh anaking! kaoela pangnjoeratan kitoe teh ka maraneh, soepaja maraneh oelah milampah dosa. Sarta saoepama aja djalma milampah dosa, oerang teh aja noe mangoeroeskeun di Rama, nja Jesoes Kristoes, anoe langkoeng bĕnĕr teja.

2. Andjeunna teh noe djadi lantaran ngaleungitkeun dosa oerang, sarta lain woengkoel kana dosa oerang bae, nja kana dosa saalam-doenja kabeh.

3. Sarta kijeu djalanna oerang teh noe matak tĕrang jen oerang njaho ka Goesti, nja lamoen oerang nĕtĕpkeun ka timbalanana.

4. Saha-saha noe ngomong: Aing njaho ka Goesti teh, halta teu nĕtĕpkeun ka timbalanana, eta noe kitoe djalma bohong, sarta kajaktian teh hanteu aja di djĕro manehanana.

5. Sabalikna ari noe nĕtĕpkeun ka pangandikana mah, saestoena kanjaahan ka Allah geus djadi sampoerna di djĕro

djalma noe kitoe teh. Nja kitoe djalanna oerang teh djadi tĕrang jen oerang aja di djĕro Goesti.

6. Saha-saha noe njĕboetkeun jen dirina tĕtĕp di djĕro Goesti, eta loemampahna koedoe sakoemaha loemampah Goesti.

7. Eh doeloer-doeloer! kaoela ka maraneh lain njoeratan parentah anjar, ĕnjana mah parentah lawas, noe geus aja di maraneh ti barangmimiti: ari eta parentah lawas teh nja pangandika, noe kadenge koe maraneh ti barangmimiti teja.

8. Djeung deui kaoela ka maraneh njoeratan parentah anjar, noe sajakti di djĕro andjeunna sarta di djĕro maraneh; karana poëk teh oendoer, ari tjaang noe saestoena teh ngagĕntjlang ajeuna.

9. Saha-saha noe njĕboetkeun jen dirina aja dina tjaang, halta geuleuh ka doeloerna, eta teh ĕnjana mah aja di noe poëk nĕpi ka mangsa ajeuna.

10. Saha-saha noe njaah ka doeloerna, eta teh tĕtĕp ajana dina tjaang, hanteu aja pisan tatadjongan di noe kitoe mah.

11. Tatapi ari noe geuleuh ka doeloerna mah, ajana teh di noe poëk, sarta leumpangna di noe poëk, teu njahoëun noe didjoegdjoeg, karana poëk teh geus ngaboetakeun panonna.

12. Kaoela njoeratan ka maraneh, eh baroedak! pedah dosa-dosa geus dihampoera ka maraneh tina sabab djĕnĕngan Goesti.

13. Kaoela njoeratan ka maraneh, eh bapa-bapa! pedah maraneh pada njaho ka noe djoemĕnĕng ti mimitina. Kaoela njoeratan ka maraneh, eh noe baroedjang! pedah maraneh geus pada ngelehkeun ka noe goreng teja. Kaoela geus njoeratan ka maraneh, eh anak-anak! pedah maraneh pada njaho ka Rama.

14. Kaoela geus njoeratan ka maraneh, eh bapa-bapa! pedah maraneh pada njaho ka noe djoemĕnĕng ti mimitina. Kaoela geus njoeratan ka maraneh, eh noe baroedjang! pedah maraneh pada bĕdas, sarta pangandika Allah teh tĕtĕp di djĕro maraneh, djeung geus pada ngelehkeun ka noe goreng teja.

15. Poma-poma oelah njaah ka doenja, atawa ka sakoer pangeusi doenja. Tijap-tijap aja noe njaah ka doenja, kanjaahan ka Rama moal aja di djĕro noe kitoe mah.

16. Sabab saniskara noe aja di doenja, nja napsoe daging, sarta napsoe panon, kitoe deui angkoehing hiroep, eta teh

lain ti Rama, istoening asal ti doenja.

17. Dĕmi doenja teh mĕngke euweuh djeung sakabeh napsoena; tatapi ari noe ngalampahkeun pangĕrsa Allah mah, eta tĕtĕp salalanggĕngna.

18. Eh anaking! ajeuna teh waktoe ahir; sarta sakoemaha noe geus kadenge koe maraneh, jen satroening Kristoes teh rek datang, boekti ajeuna geus reja pisan noe djadi satroening Kristoes; noe matak oerang tĕrang, ajeuna teh waktoe ahir.

19. Eta teh kaloewar ti oerang, tatapi lain anoe satoenggal djeung oerang; karana oepama satoenggal mah djeung oerang, geus tangtoe tĕtĕp bae djeung oerang. Pangkitoe teh soepaja katara, jen teu sakabehna satoenggal djeung oerang.

20. Sarta maraneh teh geus katĕrap panglisahan ti noe Langkoeng Soetji, djeung pada nganjahokeun saniskara.

21. Kaoela pangnjoeratan soteh ka maraneh, lain tina sabab maraneh teu njaho kana kajaktian, ĕnjana mah tina sabab njaho, sarta dina sabab sagala bohong taja noe kaloewar tina kajaktian.

22. Saha djalma ngabohong, kadjaba anoe ngangles jen Jesoes teh lain Kristoes? Eta pisan satroening Kristoes, noe nganglĕs ka Rama sarta ka Poetra.

23. Saha-saha djalma noe nganglĕs ka Poetra, ka Rama ge teu ngabogaan.

24. Ari noe kadenge koe maraneh ti barang-mimiti teja, eta sing tĕtĕp di djĕro maraneh. Lamoen tĕtĕp di djĕro maraneh, eta noe kadenge koe maraneh ti barang-mimiti teja, tangtoe maraneh kitoe deui tĕtĕp di djĕro Poetra sarta di djĕro Rama.

25. Sarta kijeu pĕrdjangdjian, noe koe andjeunna dipasihkeun ka oerang teh, nja hiroep noe langgĕng.

26. Kaoela njoeratan kitoe teh ka maraneh, noedoehkeun ka noe njasabkeun ka maraneh.

27. Ari panglisahan, noe geus tĕrap ka maraneh, noe katampa ti andjeunna teja, eta teh tĕtĕp di djĕro maraneh, sarta teu koedoe-koedoe aja noe ngawoeroek ka maraneh; ĕnjana mah sapĕrti eta panglisahan ti andjeunna ngawoeroekkeun saniskara ka maraneh, nja kitoe pisan eta saestoena teh, sarta lain bohong; djeung sakoemaha maraneh geus diwoeroek koe eta, nja kitoe pisan koedoe tĕtĕp di djĕro andjeunna.

28. Ari ajeuna, eh anaking! sing pada tĕtĕp di djĕro Goesti, soepaja oerang teh mĕngke,

dimana andjeunna diboektikeun, pada boga kaloedeungan, sarta oelah datang ka diwirangkeun koe andjeunna mangsa soemping.

29. Lamoen maraneh nganjahokeun jen andjeunna teh bĕnĕr, koedoe sing kanjahokeun deui, jen oenggal-oenggal djalma noe ngalampahkeun kabĕnĕran, eta geus diowokeun ti andjeunna.

PASAL 3.

Tjoba aringĕtkeun, aja sakitoe kaasihan noe koe Rama geus dipaparinkeun ka oerang, datang ka oerang disĕboet poetra Allah! Kitoe noe matak doenja teh teu nganjahokeun ka oerang, sabab teu nganjahokeun ka andjeunna.

2. Eh kaasih! ajeuna oerang teh poetra Allah, ari moenggoehing mĕngke mah tatjan diebrehkeun oerang pidjadieun naon. Ngan anoe geus kanjahoan mah koe oerang, dimana diebrehkeun, tangtoe oerang teh saroewa djeung andjeunna, sabab oerang bakal nendjo ka andjeunna koemaha noe sadjatina.

3. Sarta saha-saha djalma noe boga pangarĕp-ngarĕp kitoe ka andjeunna, eta teh ngabĕrĕsihan diri sorangan, sapĕrti salira andjeunna bĕrĕsih.

4. Saha-saha djalma noe migawe dosa, eta tĕgĕsna migawe kadorakaan; sabab ari dosa teh nja kadorakaan.

5. Sarta maraneh geus njaho, Goesti pangdiebrehkeunana teh soepaja ngeuweuhkeun dosa oerang; ari di djĕro andjeunna mah teu pisan aja dosa.

6. Saha-saha anoe tĕtĕp di djĕro andjeunna, eta teu migawe dosa; saha-saha noe migawe dosa, eta teh hanteu nendjo djeung teu nganjahokeun ka andjeunna.

7. Eh anaking! oelah koengsi maraneh kasasabkeun koe djalma. Ari noe ngalampahkeun kabĕnĕran, eta nja bĕnĕr, sapĕrti salira Goesti teh bĕnĕr.

8. Ari noe migawe dosa mah, eta teh ti Iblis; sabab Iblis teja migawe dosa ti barang-mimiti. Anoe matak Poetra Allah diebrehkeun, soepajana ngaroeksak pagawean Iblis.

9. Saha-saha djalma noe diowokeun ti Allah, eta teu migawe dosa, sabab binihna tĕtĕp di djĕro noe kitoe mah; djeung teu bisaeun milampah dosa, tina sabab diowokeun ti Allah:

10. Eta kitoe boektina poetra Allah djeung anak Iblis. Saha-saha noe teu ngalampahkeun kabĕnĕran, eta teh lain ti Allah; kitoe deui noe teu njaah ka doeloerna.

11. Karana nja kijeu pangoewaran, noe kadenge koe maraneh ti barang-mimiti teja, jen oerang teh koedoe silihpikanjaah.

12. Oelah tjara Kain, noe ti noe goreng teja, sarta datang ka maehan doeloerna. Ari pangmaehanana koe naon sababna? Pedah pagawean sorangan goreng, ari pagawean doeloerna mah bĕnĕr.

13. Eh doeloer-doeloer! oelah rek heran, lamoen doenja teh geuleuheun ka maraneh.

14. Oerang teh pada njaho, jen oerang geus pindah tina paeh kana hiroep; karana oerang njaah ka doeloer-doeloer. Ari noe teu njaah ka doeloer mah, eta nja tĕtĕp dina paeh.

15. Saha-saha noe geuleuh ka doeloerna, eta teh maehan; sarta maraneh geus pada njaho, ari djalma noe maehan mah, teu katjitjingan hiroep noe langgĕng di djĕro dirina.

16. Kijeu djalanna oerang teh noe matak njaho kana kanjaahan teja, tina sabab Goesti geus nalangan pati ka oerang; kitoe deui lĕbah oerang koedoe nalangan pati ka doeloer-doeloer.

17. Oepama aja noe boga doenja-barana, nendjo doeloerna boetoeh, seug noelakan hatena ka dinja, eta kanjaahan ka Allah teh koemaha rek pitjitjingeun di djĕro noe kitoe mah?

18. Eh anaking! oerang njaah teh oelah koe omong atawa koe letah bae, koedoe djeung prakna sarta djeung sajaktina.

19. Kitoe djalanna oerang teh noe matak njaho, jen oerang ti kajaktian, sarta oerang bisa ngoepahan hate sorangan di pajoeneun andjeunna,

20. Sabab oepama hate oerang teh ngahoekoeman ka oerang, Allah mah poendjoel ti hate oerang, sarta langkoeng waspaos ka saniskara.

21. Eh kaasih! oepama hate oerang hanteu ngahoekoeman ka oerang teh, tangtoe oerang boga kaloedeungan ka Allah;

22. Sarta naon bae noe koe oerang disoehoenkeun, tanwande pikatampaeun ti Allah, sapedah oerang nĕtĕpkeun ka timbalanana, sarta milampahkeun sakoer anoe pikamanaheun koe andjeunna.

23. Sarta kijeu timbalanana teh, oerang koedoe pĕrtjaja kana djĕnĕngan Jesoes Kristoes Poetrana, kitoe deui koedoe silih-pikanjaah, sakoemaha timbalan noe koe andjeunna geus dipasihkeun ka oerang.

24. Ari noe nĕtĕpkeun ka timbalanana, eta teh nja tĕtĕp di djĕro andjeunna, kitoe deui andjeunna tĕtĕp di djĕro eta.

Sarta kijeu djalanna oerang teh noe matak njaho, jen andjeunna. tĕtĕp di djĕro oerang, nja tina Roh, noe koe andjeunna geus dipasihkeun ka oerang.

PASAL 4.

Eh kaasih! poma oelah pĕrtjaja ka sing roh bae; sagala roh koedoe ditjoba-tjoba, ti Allah atawa lain; sabab reja nabi palsoe noe geus bidjil ka doenja.

2. Ari moenggoehing Roh Allah kanjahoananana koe maraneh kijeu: Tijap-tijap roh noe ngakoekeun jen Jesoes Kristoes geus midjalma lĕbĕt daging, eta noe kitoe teh ti Allah;

3. Sarta tijap-tijap roh, noe hanteu ngakoekeun jen Jesoes Kristoes geus midjalma lĕbĕt daging, eta noe kitoe mah lain ti Allah. Satĕgĕsna eta teh roh satroening Kristoes, noe rek datang, koemaha noe geus kadenge koe maraneh teja; malah ajeuna ge geus aja di djĕro doenja.

4. Eh anaking! maraneh teh nja ti Allah, djeung geus ngelehkeun ka noe karitoe; karana anoe aja di djĕro maraneh teh, langkoeng pisan ti batan anoe aja di djĕro doenja.

5. Ari eta noe kitoe teh ti doenja, manana noe diaromongkeun hal doenja, sarta ahli doenja pada ngadenge ka darinja.

6. Dĕmi oerang mah ti Allah. Djalma noe nganjahokeun ka Allah, ngadenge ka oerang; ari noe lain ti Allah mah, teu ngadenge ka oerang. Kitoe djalanna noe matak oerang teh njaho ka roh kajaktian djeung ka roh panjasaban.

7. Eh kaasih! oerang koedoe silih-pikanjaah, karana ari kanjaahan teh ti Allah, djeung saha-saha djalma anoe njaah teh, eta geus diowokeun ti Allah, sarta nganjahokeun ka Allah.

8. Ari noe teu njaah mah, eta teu nganjahokeun ka Allah, sabab ari Allah teh kasihan.

9. Ari kaasihan Allah ka oerang teja diebrehkeunana kijeu, jen Allah teh geus miwarangan ka doenja Poetra noe noenggal, soepaja oerang hiroep koe lantaran eta.

10. Nja kijeu kanjaahan teh: lain oerang noe asal njaah ka Allah, estoena mah Allah noe miasih ka oerang, sarta miwarangan Poetrana baris lantaran ngaleungitkeun dosa oerang.

11. Eh kaasih! ari Allah teh sakitoe miasihna ka oerang, lĕbah oerang ge koedoe silih-pikanjaah djeung batoer.

12. Sapapandjangna taja pisan noe geus nendjo ka

Allah. Satijap-tijap oerang silih-pikanjaah, Allah teh tĕtĕp di djĕro oerang, sarta kaasihan andjeunna sampoerna di djĕro oerang.

13. Kijeu djalanna oerang teh noe matak njaho, jen oerang tĕtĕp di djĕro andjeunna, djeung andjeunna tĕtĕp di djĕro oerang, nja koe sabab oerang geus dipasihan tina Roḥ andjeunna.

14. Sarta kaoela geus pada nendjo, djeung pada djadi saksi, jen Rama teh geus miwarangan Poetra pikeun Djoeroe-salamĕt saalam-doenja.

15. Saha-saha djalma noe ngakoekeun, jen Jesoes teh Poetra Allah, tangtoe Allah tĕtĕp di djĕro noe kitoe, sarta eta tĕtĕp di djĕro Allah.

16. Sarta oerang teh nganjahokeun djeung pĕrtjaja kana kaasihan Allah ka oerang. Allah teh kaasihan; sarta noe tĕtĕp dina kanjaahan, nja eta teh tĕtĕp di djĕro Allah, djeung Allah tĕtĕp di djĕro noe kitoe.

17. Kijeu pisampoernaeunana kanjaahan teh di oerang, soepaja oerang boga kaloedeungan di poë hoekoeman, nja eta oerang aja di ijeu doenja teh koedoe sakoemaha andjeunna bae.

18. Dina kanjaahan teh teu aja kasijeun; ari kanjaahan noe sampoerna mah noendoeng kana kasijeun; sabab ari kasijeun teh mawa kanjĕri, sarta noe sijeun mah teu sampoerna dina kanjaahan.

19. Oerang teh njaah ka Allah, doemeh ka oerang miheulaan asih.

20. Lamoen aja djalma noe ngomong: Aing njaah ka Allah teh, halta geuleuh ka doeloer, eta noe kitoe djalma bohong; karana ari noe teu njaah ka doeloer mah, noe katendjo koe manehanana, koemaha rek bisa njaah ka Allah, noe teu katendjo koe manehanana?

21. Sarta oerang koe andjeunna geus dipasihan timbalan kijeu, jen saha-saha noe njaah ka Allah, koedoe njaah deui ka doeloer.

PASAL 5.

Saha-saha djalma noe pĕrtjaja, jen Jesoes teh Kristoes, eta djalma geus diowokeun ti Allah; djeung sahasaha anoe njaah ka noe geus ngowokeun ka dirina, tangtoe njaah deui ka noe geus diowokeun ti andjeunna.

2. Kijeu djalanna oerang teh noe matak njaho, jen oerang njaah ka poetra-poetra Allah, nja lamoen oerang njaah ka Allah, sarta nĕtĕpkeun ka timbalanana.

3. Sabab kanjaahan ka Allah teh kijeu, lamoen oerang nĕtĕpkeun ka timbalanana; ari

timbalanana hanteu pisan beurat.

4. Karana sakoer noe diowokeun ti Allah teh, eta ngelehkeun doenja; sarta ari sarat pangoenggoel, noe ngelehkeun doenja teja, nja kapĕrtjajaan oerang.

5. Saha noe ngelehkeun doenja, kadjaba noe pĕrtjaja jen Jesoes teh Poetra Allah?

6. Nja eta noe geus soemping koe tjai djeung gĕtih, tĕgĕsna Jesoes, noe djoemĕnĕng Kristoes; lain koe tjai bae, ĕnjana mah koe tjai djeung koe gĕtih. Sarta Roh noe djadi saksi, sabab Roh teh kajaktian.

7. Karana aja tiloe noe djadi saksi di djĕro sawarga, nja Rama, Pangandika, djeung Roh Soetji; ari eta noe tiloe teh hidji.

8. Djeung deui tiloe noe djadi saksi di boemi, nja Roh, djeung tjai, sarta gĕtih; ari eta noe tiloe teh toenggal djadi hidji.

9. Oepama oerang narima kana pĕrtelaan djalma, pĕrtelaan Allah mah leuwih ti dinja; karana nja eta pĕrtelaan Allah teh, noe koe andjeunna dipĕrtelakeun tina hal Poetrana teja.

10. Saha-saha noe pĕrtjaja ka Poetra Allah, boga pĕrtelaanana di djĕro dirina sorangan; ari noe teu pĕrtjaja mah ka Allah, eta nja ngabohongkeun ka Allah, tina sabab teu pĕrtjaja kana pĕrtelaan, noe geus dipĕrtelakeun koe Allah tina hal Poetrana.

11. Sarta kijeu pĕrtelaan teh, jen Allah ka oerang geus maparin hiroep noe langgĕng; ari eta hiroep ajana teh di djĕro Poetrana.

12. Saha-saha noe ngabogaan eta Poetra, nja eta noe boga hiroep teh; ari noe teu ngabogaan Poetra Allah, eta mah teu boga hiroep teja.

13. Kaoela geus njoeratan eta sakabeh pĕrkara ka maraneh noe pĕrtjaja kana djĕnĕngan Poetra Allah; noe dipambrih soepaja pada nganjahokeun, jen maraneh teh boga hiroep noe langgĕng, sarta soepaja maraneh pada pĕrtjaja kana djĕnĕngan Poetra Allah.

14. Sarta kijeu kaloedeungan, kaboga oerang ka andjeunna teh, nja eta lamoen oerang njoehoenkeun naonnaon anoe sapoek djeung kĕrsana, tangtoe koe andjeunna dikaboel.

15. Sarta lamoen oerang njaho, jen oerang koe andjeunna dikaboel, nja naon bae anoe disoehoenkeun koe oerang, tangtoe oerang teh njaho, jen pinampaeun kana sakoer pĕrkara, noe koe oerang geus disoehoenkeun ti andjeunna.

16. Oepama aja djalma nen-

djo doeloerna migawe dosa, dosana noe teu matak paeh, eta koedoe nĕnĕda, tangtoe dipaparin hiroep ka dinja, nja ka sakoer noe migawe dosa noe teu matak paeh. Aja dosa noe matak paeh, noe kitoe mah kaoela teu mitjatoer, jen koedoe dipangnĕdakeun.

17. Saniskara kadorakaan teh nja dosa, sarta aja dosa noe teu matak paeh.

18. Oerang pada njaho, oenggal-oenggal djalma, noe geus diowokeun ti Allah mah, teu milampah dosa; ari noe geus diowokeun ti Allah, ngaraksa diri sorangan, teu katjabak koe noe goreng teja.

19. Oerang pada njaho, jen oerang teh ti Allah; ari sadoenja kabeh ngadjolopong di anoe goreng teja.

20. Tatapi oerang pada njaho, jen Poetra Allah geus soemping, sarta ka oerang geus maparin pangarti, soepaja oerang nganjahokeun ka noe Langkoeng Estoe; sarta oerang teh aja di djĕro noe Langkoeng Estoe, tĕgĕsna di djĕro Jesoes Kristoes, Poetrana. Nja eta teh Allah noe langkoeng estoe, sarta hiroep noe langgĕng teja.

21. Eh anaking! sing pada ngaraksa diri sorangan, njĕgah ka sakoer brahala. Amin.

IJEU SĔRAT KADOEWA TI RASOEL JOHANNES.

Sĕrat kaoela kokolot, doematĕng istri noe kapilih sarta ka poetra-poetrana, noe pada dipikanjaah koe kaoela djeung saestoena, sarta lain koe kaoela bae, malah koe sakabeh noe nganjahokeun kana kajaktian;

2. Tina sabab kajaktian, anoe tĕtĕp di djĕro oerang, sarta ngareudjeungan ka oerang salalanggĕngna.

3. Moegi-moegi maraneh disarĕngan koe sih-koernija, kawĕlasan reudjeung kasĕnangan, ti Allah Rama, sarta ti Goesti Jesoes Kristoes, Poetra Rama, dina kajaktian djeung kanjaahan!

4. Kaoela boengah katjida, geus manggih poetra njai noe pada loemampah dina kajaktian, noeroetkeun timbalan, noe koe oerang katampa ti Rama teja.

5. Ari ajeuna, eh njai! ka-

oela aja panĕda, njoeratan teh ka njai lain tina aja timbalan anjar, saĕnjana ngingĕtkeun timbalan noe aja di oerang ti barang-mimiti teja: nja eta oerang moedoe sing silih-pikanjaah.

6. Ari kanjaahan teja kijeu, lamoen oerang loemampah noeroetkeun timbalan andjeunna. Nja ijeu timbalan teh, sakoemaha noe kadenge koe maraneh ti barang-mimiti, jen maraneh koedoe loemampah dina djĕro eta.

7. Sabab ka doenja teh geus reja noe datang taroekang njasabkeun, noe teu ngakoekeun jen Jesoes Kristoes geus midjalma lĕbĕt daging. Eta noe kitoe mah toekang njasabkeun sarta satroening Kristoes.

8. Maraneh sing pada ijatna, sangkan oelah koengsi kaoela kaleungitan noe beunang migawe kaoela, soepaja sing djĕdjĕg kaoela nampa boeroehan.

9. Satijap-tijap noe ngarĕmpak, sarta hanteu tĕtĕp dina piwoeroek Kristoes, eta teh teu ngabogaan Allah. Ari noe tĕtĕp dina piwoeroek Kristoes mah, nja eta noe ngabogaan Rama teh djeung Poetra.

10. Oepama aja noe ngadatangan ka maraneh, lain mawa piwoeroek eta teja, poma oelah rek diakoe ka imah, djeung ka noe kitoe oelah oeloek salam.

11. Karana saha-saha noe oeloek salam ka noe kitoe, tĕgĕs tjampoer ka pagaweanana noe goreng.

12. Kaoela loba pisan soeratkeuneun ka maraneh, ngan tatapi hanteu sĕdja koe kĕrtas reudjeung mangsi; ari pangharĕpan kaoela mĕngke manggihan ka maraneh, sarta sasaoeran biwir pada biwir, soepaja kaboengahan oerang sing datang ka toetoegna.

13. Ari poetra-poetra saderek njai istri, noe kapilih teja, pada ngirim salam ka njai. Amin.

IJEU SĔRAT KATILOE TI RASOEL JOHANNES.

Sĕrat kaoela kokolot, doematĕng Gajoes kaasih, noe dipikanjaah koe kaoela djeung saestoena.

2. Eh kaasih! ari panĕda kaoela, maneh moegi sing salamĕt dina saniskara, kitoe deui tjageur, sakoemaha njawa maneh teh salamĕt.

3. Karana kaoela boengah

katjida, keur mangsa aja doeloer daratang, sarta njaritakeun tina kajaktian maneh, sakoemaha maneh teh loemampah dina kajaktian.

4. Kaoela taja kaboengahan anoe leuwih ti batan lamoen ngadenge jen anak-anak kaoela loemampah dina kajaktian.

5. Eh kaasih! maneh teh nja satoehoena dina saniskara noe dipilampah koe maneh ka doeloer-doeloer, těgěsna ka noe njemah.

6. Eta geus pada njaritakeun lampah kanjaahan maneh dina koempoelan garedja; lamoen maneh měkělan ka noe kitoe, sakoemaha pipantěseunana ka Allah, eta hade pisan lampah maneh teh.

7. Karana noe matak laleumpang, nja tina sabab djěněngan andjeunna, hanteu njokot naon-naon ti oerang kapir.

8. Manana anoe kitoe wadjib koe oerang ditoeloeng sakasoesahna, soepaja oerang djadi pangbantoe kana kajaktian.

9. Kaoela geus njoeratan ka garedja; tatapi Diotrepes, noe hajang djadi panggirangna di garedja teh, teu narimaeun ka kaoela.

10. Koe sabab eta, samangsa kaoela datang, rek ngingětkeun ka dinja pagaweanana, noe dipilampah koe manehna, sok ngawangkong koe omongan noe ngagorengkeun ka kaoela; djeung hanteu anggeus koe sakitoe bae, malahmalah teu ngakoe ka doeloerdoeloer, toer noe soeka ngakoe ge koe manehanana dihalangan, sarta didjongklokkeun ti garedja.

11. Eh kaasih! poma oelah noeroetan kana kagorengan, nja noeroetan teh kana kahadean. Saha-saha noe migawe hade, eta teh ti Allah; ari noe migawe goreng mah, eta teu nendjo ka Allah.

12. Ari Demetrioes hade kasěboetkeunana koe sakabehna, sarta koe kajaktian pisan, malah kaoela ge miloe njěboet, sarta maneh teh njaho, jen panjěboet kaoela saestoena.

13. Kaoela loba pisan soeratkeuneun ka maneh, ngan tatapi hanteu sědja njoeratan ka maneh koe mangsi reudjeung kalam.

14. Ari pangharěpan kaoela, hajang geura papanggih djeung maneh, sarta sasaoeran biwir pada biwir.

15. Moegi-moegi maneh dipasihan kasěnangan! Ari sakabeh sobat pada ngirim salam ka maneh. Pangněpikeun salam kaoela ka sobatsobat, kana hidji-hidji ngaran.

IJEU SĔRAT TI RASOEL JOEDAS.

Sĕrat kaoela Joedas, abdi Jesoes Kristoes, sarta doeloer Jakoboes, doematĕng sadaja anoe disaoer, noe geus pada disoetjikeun di djĕro Allah Rama, sarta diraksa pikeun Jesoes Kristoes:

2. Moegi-moegi maraneh pada diwoewoehan kawĕlasan, kasĕnangan reudjeung kaasihan!

3. Eh kaasih kaoela! eukeur mah kaoela mĕrĕloekeun njoeratan ka maraneh tina hal kasalamĕtan toenggal bobogaan oerang, misti kaoela njoeratan teh nja mepelingan ka maraneh, jen koedoe mangmĕrangkeun kapĕrtjajaan, noe geus diserenkeun ka djalma saroetji.

4. Sabab aja sababaraha djalma geus njoeloesoep ka djĕro, noe geus ditoeliskeun ti babareto baris meunang hoekoeman ijeu, nja djalma doraka, noe pada njalin sihkoernija Allah oerang, didjijeun kalatjoeran, sarta pada nganglĕs ka Allah, anoe njangking kawasa njalira, djeung ka Goesti oerang Jesoes Kristoes.

5. Tatapi kaoela rek ngingĕtkeun ka maraneh, nadjan koe maraneh geus kanjahoan ti bareto, jen Pangeran, sanggeusna ngaleupaskeun bangsa teja ti tanah Mĕsir, kadoewana ngaroeksak ka sakoer anoe hanteu pĕrtjaja.

6. Djeung deui malaikat, noe teu narĕtĕpkeun kapangkatanana, sarta ka loewar ti ĕnggonna sorangan, koe andjeunna pada ditoenggoekeun kana hoekoeman poë gĕde, geus pada ditĕrapan rante noe langgĕng, aja di handapeun poëk mongkleng.

7. Tjara Sadoemoe djeung Gomora, djeung nagara sakoerilingna, noe pada djarinah sapĕrti eta, sarta ngiloe-ngiloe kana daging sedjen, geus pada didjadikeun totonde, njandang siksaan seuneu noe langgĕng.

8. Nja kitoe keneh eta djalma teja ngarimpi sarta ngarĕgĕdkeun daging, djeung njapirakeun kana kadjĕnĕngan, sarta ngagogoreng kana kaagoengan.

9. Ari Mikail, kapala malaikat teja, waktoena padoe djeung Iblis marĕboetkeun majit Moesa, teu wanieun ninggangkeun ka dinja hoekoeman ngagogoreng, ngan ari lahiranana: Pangeran moegi ngabĕndon ka maneh!

10. Tatapi ari eta mah sok

ngagogoreng ka noe teu kanjahoan koe dirina; sarta sakoer noe kanjahoan, tina geus bakat, saibarat sato teu akalan, nja eta dipake lantaran ngaroeksak diri sorangan.

11. Pitjilakaeun noe kitoe teh, sabab leumpang dina djalan Kain, sarta tigĕdĕboeg tina bawaning kasasabkeun koe boeroehan Balhoem, djeung datang ka toempoer koe hal kabahaan Korah.

12. Noe kitoe teh tjatjad dina oenggal-oenggal hadjat kanjaahan maraneh; ana dadaharan reudjeung, rĕwag-rĕwog bae, sarta ngantĕpan dirina sorangan, bari euweuh kaerana; eta teh ibarat mega noe euweuh tjaian, ngolejang, kabawa koe sakabeh angin; ibarat kakaian dina mamareng rek tiris, euweuh boewahan, paeh pindo, djeung roengkad;

13. Ibarat ombak galak di laoet, ngaboedahkeun wiwirang sorangan; ibarat bentang idĕr, geus ditjadangan poëk mongkleng boeta-radjin salalanggĕngna.

14. Nadjan koe Henoh oge, noe katoedjoehna ti Adam, geus diwĕdjangkeun djalma noe kitoe teh, ari lahiranana kijeu: Toeh, Pangeran geus soemping, pangiringna para soetji bareboe-reboe kagoenganana,

15. Bade ngahoekoeman ka djalma sakabeh, sarta njiksa ka sakoer noe doraka, tina sabab sakabeh panggawe doraka, noe geus dipigawe koe eta reudjeung dorakana; kitoe deui tina sabab sakabeh omongan njogok, noe geus diomongkeun ka Pangeran koe djalma doraka teh.

16. Djalma noe kitoe teh gĕgĕlĕndĕng, sarta aral ka papasten sorangan; ari loemakoena ngadjoedjoer napsoe, djeung soengoetna ngomong soewaban, sarta moedji-moedji ka djalma, ngarah kahasilan.

17. Tatapi ari maraneh teh, eh kaasih kaoela! sing pada ngingĕtkeun kana kasaoeran, noe geus disaoerkeun ti heula koe para rasoel Goesti oerang Jesoes Kristoes;

18. Kapan misaoerna ka maraneh, jen dina ahir djaman bakal aja djalma marojok, eta loemakoena ngadjoedjoer napsoena noe doraka.

19. Nja anoe kitoe teh, noe ngalingkarkeun maneh, estoe djalma pinjawa, hanteu ngabogaan Roh.

20. Tatapi ari maraneh teh, eh kaasih kaoela! moedoe ngadĕgkeun diri maraneh dina kapĕrtjajaan maraneh noe leuwih soetji, sarta moedoe nĕnĕda di djĕro Roh Soetji.

21. Sing ngaraksa diri maraneh, soepaja pada tĕtĕp dina kaasihan Allah, sarta moedoe

ngarĕp-ngarĕp kana kawĕlasan Goesti oerang Jesoes Kristoes baris kana hiroep noe langgĕng.

22. Sarta koedoe bedakeun, anoe sawareh koe maraneh karoenjaan;

23. Aja noe sedjen moedoe toeloengan dikĕkĕtir, sarta eta teh rontok djait ti djĕro seuneu; djeung sanadjan ka badjoe oge anoe karĕgĕdan koe daging, moedoe giroek.

24. Dĕmi noe langkoeng kawasa ngaraksa ka maraneh, soepaja oelah koengsi titadjong, sarta ngadjagragkeun maraneh bari euweuh koetjiwana di pajoeneun kamoeljaan andjeunna, reudjeung kaboengahan,

25. Tĕgĕs Allah anoe pintĕr njalira, Djoeroe-salamĕt oerang, eta noe koedoe dibaktian kamoeljaan djeung kagoengan, kasantosaan djeung kawasa, ajeuna ijeu sarta langgĕng salalawasna! Amin.

IJEU KITAB WAHJOE.

BEUNANG NGARANG JOHANNES.

PASAL 1.

Ijeu wahjoe Jesoes Kristoes, noe koe Allah dipasihkeun ka andjeunna, soepaja noedoehkeun ka abdi-abdina pĕrkara noe geus pasti tereh piboektieun; eta teh dilantarankeun ka malaikat andjeunna, sarta dinjahokeun ka Johannes abdina,

2. Noe geus mĕrtelakeun pangandika Allah sarta pĕrtelaan Jesoes Kristoes, saniskara bae noe geus katendjo.

3. Salamĕt anoe ngadji, kitoe deui noe ngadarenge kana kasaoeran ijeu piwĕdjang, sarta bari nĕtĕpkeun ka sakoer noe disĕboet sadjĕroning eta; karana geus deukeut ka mangsana.

4. Sĕrat kaoela Johannes, doematĕng noe toedjoeh garedja, noe aja di tanah Asia: moegi-moegi maraneh pada dipaparin sih-koernija reudjeung kasĕnangan ti noe djoemĕnĕng, sarta djoemĕnĕng ti tatadina, djeung bakal soemping teja; kitoe deui tina toedjoeh Roh, noe di pajoeneun panglinggihanana;

5. Sarta ti Jesoes Kristoes,

saksi noe satoehoe teja, tjikal tanghi pangheulana ti sakoer djalma noe paeh, djeung kapalaning sagala radja di boemi; nja andjeunna anoe miasih ka oerang, sarta geus ngoembah diri oerang koe lantaran gětih andjeunna, ngaleungitkeun dosa-dosa oerang;

6. Malah-malah geus ngadjadikeun oerang radja djeung panghoeloe bade ka Allah, Ramana. Nja andjeunna noe koedoe dibaktian kamoeljaan djeung kawasa langgěng salalawasna! Amin.

7. Sing aringět, andjeunna rek soemping nitihan mega, sarta bakal katendjo koe sakabeh panon, samalah koe noe geus něwěk ka andjeunna oge; djeung sagala bangsa noe di boemi bakal pada aloek-aloekan koe pěrkara andjeunna. Saestoena pisan, amin.

8. Kami teh nja Alpa djeung Omega, noe mimiti sarta djeung panganggeusan, saoer pangandika Pangeran, noe djoeměněng, sarta djoeměněng ti tadina, djeung bakal soemping teja, nja noe langkoeng kawasa.

9. Kaoela, Johannes, doeloer maraneh, djeung batoer dina kasoekěran, sarta dina karadjaan, djeung dina kamantěpan Jesoes Kristoes, keur aja di poelo, ngaran Patmos, koe tina pangandika Allah, sarta tina pěrtelaan Jesoes Kristoes.

10. Ari dina poë Goesti, kaoela keur parěng di djěro Roh, toeloej ngadenge toekangeun kaoela sowara tarik pisan, sapěrti sora sangkakala,

11. Ari lahiranana: Kami teh nja Alpa djeung Omega, noe pangheulana sarta djeung pangpandeurina; ari noe katendjo koe maneh, koedoe toeliskeun djijeun kitab, sarta toeloej kirimkeun ka noe toedjoeh garedja, noe aja di tanah Asia, nja ka Epesoes, ka Sěmirna, ka Pergamoes, ka Tiatira, ka Sardis, ka Piladelpia, djeung ka Laodikea.

12. Geus kitoe kaoela malik, rek nangen eta sowara noe ngalahir ka kaoela teja. Děmi geus malik, kaoela nendjo adjoeg ěmas toedjoeh;

13. Ari di těngah-těngah eta toedjoeh adjoeg teh aja noe siga Poetra manoesa roepana, nganggo djoebah, sarta sěmět dadana nganggo beulitan ěmas.

14. Mastakana djeung ramboetna ngěplak, tjara boeloe domba bodas, sapěrti saldjoe, ari sotjana lir hoeroenging seuneu;

15. Dampalna djiga soewasa gilap, sarta roehaj sapěrti dina parapen; ari gěntrana tjara ngagoeroehna tjai gěde;

16. Sarta dina panangan

andjeunna tĕngĕn aja toedjoeh bentang, djeung tina bahamna aja noe bidjil hidji pĕdang seukeut kentja-katoehoe; ari pameunteuna lir sorot panonpoë keur meudjeuhna mengret.

17. Barang katendjo koe kaoela, broek kaoela teh roeboeh ka dampalna tjara noe paeh bae; ladjĕng andjeunna noempangkeun panangan tĕngĕn ka kaoela, bari ngalahir kijeu: Montong sijeunsijeun, kami teh noe pangheulana djeung pangpandeurina,

18. Sarta anoe hiroep teh. Kami tadina geus maot, ijeu geuning ajeuna kami hiroep langgĕng salalawasna. Sarta kami noe boga sosi maot djeung naraka.

19. Geura noeliskeun anoe geus katendjo koe maneh, sakoer noe beh aja, djeung noe bakal boekti mĕngke,

20. Nja eta rasijah toedjoeh bentang, noe katendjo koe maneh dina leungeun kami katoehoe, sarta eta toedjoeh adjoeg ĕmas. Ari noe toedjoeh bentang nja eta malaikat noe toedjoeh garedja; dĕmi toedjoeh adjoeg teh nja eta noe toedjoeh garedja.

PASAL 2.

Koedoe njoeratan ka malaikat garedja noe di Epesoes, kijeu oenina: Ari lahirna anoe njĕpĕng noe toedjoeh bentang dina panangan tĕngĕn, sarta ngidĕr di tĕngah-tĕngah toedjoeh adjoeg ĕmas teh, nja kijeu:

2. Kami njaho di pagawean maneh, djeung di kasoesahan maneh, kitoe deui di kamantĕpan maneh, sarta jen maneh hanteu paja ka djalma goreng; ari noe ngarakoekeun dirina rasoel, padahal lain, eta koe maneh geus didjadjal, kapanggih pada bohong;

3. Sarta maneh boga kamantĕpan, djeung geus milampah sabar tina sabab ngaran kami, sarta teu pisan datang ka tjape.

4. Tatapi kami aja tjawadeun ka maneh, jen maneh geus ninggalkeun kanjaahan anoe barang-mimiti.

5. Koe sabab eta, geura ngingĕtkeun ka oeroet maneh memeh ragrag, djeung koedoe tobat, sarta milampahkeun pagawean noe barang-mimiti. Lamoen teu kitoe, maneh koe kami kĕntjĕng pisan didatangan, sarta adjoeg maneh dek disingkirkeun tina ĕnggonna, oepama maneh teu tobat mah.

6. Tatapi aja oge noe kapanggih di maneh, geuleuh ka panggawe ahli Nikolai, kageuleuh kami keneh.

7. Saha-saha noe boga tjeuli, koedoe dengekeun noe koe Roh dilahirkeun ka garedja. Saha-saha noe oenggoel, tang-

toe koe kami dibere dadaharan tina tangkal kahiroepan, noe aja dina Pirdoes Allah.

8. Djeung koedoe njoeratan ka malaikat garedja noe di Sĕmirna, kijeu oenina: Ari lahirna anoe pangheulana sarta djeung pangpandeurina, noe geus maot sarta hiroep deui teja, nja kijeu:

9. Kami njaho di pagawean maneh, djeung di kasoekĕran maneh, sarta di kamalaratan maneh, (tatapi maneh teh beunghar), kitoe deui dina ngagogorengna djalma noe ngarakoekeun dirina oerang Jahoedi, padahal lain, ĕnjana mah masigit setan.

10. Poma-poma oelah sijeun koe sangsara, sakoer noe bakal kasorang koe maneh. Kanjahokeun koe maneh, aja ti lĕbah maraneh, koe Iblis rek diasoepkeun ka pangberokan, soepaja maraneh ditjoba, sarta maraneh pimeunangeun kasoekĕran sapoeloeh poë lilana. Masing toehoe nĕpi ka paeh, lamoen kitoe maneh koe kami tangtoe dibere makoeta kahiroepan.

11. Saha-saha noe boga tjeuli, koedoe dengekeun noe koe Roh dilahirkeun ka garedja. Saha-saha noe oenggoel, hamo meunang balahi tina maot kadoewa.

12. Djeung koedoe njoeratan ka malaikat garedja noe di Pergamoes, kijeu oenina: Ari lahirna noe kagoengan pĕdang seukeut kentja-katoehoe teh, nja kijeu:

13. Kami njaho di pagawean maneh, sarta di pangtjitjingan maneh, nja di ĕnggon pangdijoekan setan. Maneh teh tĕtĕp ka ngaran kami, sarta teu moengkir ti kapĕrtjajaan kami, tjatjakan keur mangsa Antipas ge, saksi kami noe satoehoe, noe geus dipaehan di maraneh, di ĕnggon pangdijoekan setan teja.

14. Tatapi kami aja tjawadeun saeutik ka maneh, jen maneh katjitjingan djalma noe njarĕkĕl ka papatah Balhoem; eta teh mamagahan ka Balak, sina neundeun tatadjongan ka hareupeun oerang Israil, pambrihna soepaja pada ngahakan koerban brahala djeung djinah.

15. Sarta maneh kitoe deui katjitjingan djalma noe njarĕkĕl ka papatah ahli Nikolai; nja eta kageuleuh kami.

16. Koe sabab eta maneh teh koedoe tobat. Lamoen teu kitoe, maneh koe kami kĕntjĕng pisan didatangan, sarta toeloej rek mĕrangan ka darinja, make pĕdang soengoet kami.

17. Saha-saha noe boga tjeuli, koedoe dengekeun noe koe Roh dilahirkeun ka garedja. Saha-saha noe oenggoel, tangtoe koe kami dibere da-

daharan tina Manna noe gaib, djeung deui dibere batoe bodas tjitjiren, sarta dina batoe teh aja toelis ngaran anjar, hanteu aja noe njaho, ngan anoe nampa bae.

18. Djeung koedoe njoeratan ka malaikat garedja noe di Tiatira, kijeu oenina: Ari lahirna Poetra Allah, noe sotjana lir hoeroenging seuneu, sarta dampalna djiga soewasa gilap, nja kijeu:

19. Kami njaho di pagawean maneh, sarta di kanjaahan maneh, djeung dina toetoeloeng maneh, kitoe deui dina kapěrtjajaan maneh, djeung dina kamantěpan maneh, sarta jen pagawean maneh noe pandeuri poendjoel manan noe ti heula.

20. Tatapi kami aja tjawadeun ka maneh, jen awewe noe ngaran Jěsabel koe maneh diantěp bae; eta teh ngakoekeun dirina nabi, djeung mamatahan, sarta ngagěndam ka abdi-abdi kami, soepaja milampah djinah djeung ngahakan koerban brahala.

21. Eta awewe koe kami geus ditempoan, soepajana tobat, tatapi teu daekeun tobat mitjeun lampahna djinah.

22. Kanjahokeun koe maneh, eta koe kami rek ditotogkeun ka ěnggonna; ari sakoer noe ngaranjed ka manehanana, dek didatangan kasoekěran bangět katjida, lamoen teu tobat mitjeun pagaweanana mah.

23. Ari anak-anakna dek dipaehan koe pagěboeg. Sarta sakabeh garedja bakal pada njaho, jen nja kami noe ngawaspadakeun kana kaboeboewahan djeung kana hate. Djeung kami tangtoe pimereeun ka maraneh, hidji-hidji djalma, koemaha pagawean maraneh bae.

24. Tatapi kami ngalahir ka maraneh, ka noe sedjen ti eta di Tiatira, sakoer noe teu noeroet ka papatah kitoe, djeung teu njaho ka djěrodjěrona setan, koemaha omong maranehanana: Kami teu sědja noempangkeun ka maraneh moewatan noe sedjen.

25. Tatapi ari noe geus djadi bobogaan maraneh mah, eta koedoe tjangking, něpi ka soemping kami.

26. Saha-saha noe oenggoel, djeung nětěpkeun ka pagawean kami něpi ka panoengtoengan, tangtoe koe kami dibere kawasa ngoeroes ka oerang kapir;

27. Bakal ngangon ka darinja make iteuk beusi; oerang kapir teh dirěmoekkeun tjara wawadahan beunang pandjoenan; sapěrti diri kami bae geus nampa ti Ama kami.

28. Djeung deui koe kami dek dibere bentang isoek.

29. Saha-saha noe boga tjeuli, koedoe dengekeun noe koe Roh dilahirkeun ka garedja.

PASAL 3.

Djeung koedoe njoeratan ka malaikat garedja noe di Sardis, kijeu oenina: Ari lahirna noe kagoengan Roh Allah noe toedjoeh djeung noe toedjoeh bentang teh, nja kijeu: Kami njaho di pagawean maneh, jen maneh teh disĕboetkeun hiroep, tatapi ĕnjana mah paeh.

2. Geura njaring, sarta koedoe koewatkeun satinggalna, pedah rek paeh; karana pagawean maneh koe kami kapanggih hanteu pĕpĕk di pajoeneun Allah.

3. Koe sabab kitoe, geura ingĕtkeun pĕta maneh basa nàmpa djeung ngadenge ka eta pĕrkara, sarta tĕtĕpkeun, djeung koedoe tobat. Oepama maneh teu njaring mah, kami tangtoe ngadatangan ka maneh tjara paling, sarta maneh moal pinjahoëun dina waktoe kami ngadatangan ka maneh teh.

4. Tatapi maneh di Sardis boga oge djalma saeutikeutikeun, noe teu ngotoran papakeanana; eta teh bakal leuleumpangan djeung kami reureudjeungan, sarta make papakean bodas, sabab eta pada pantĕs kitoe.

5. Saha-saha noe oenggoel, tangtoe dipakeanan koe papakean bodas, sarta ngaranna koe kami moal dipareuman tina kitab kahiroepan, djeung ngaranna koe kami bakal diakoe di pajoeneun Ama kami, sarta di hareupeun para malaikat andjeunna.

6. Saha-saha noe boga tjeuli, koedoe dengekeun noe koe Roh dilahirkeun ka garedja.

7. Djeung koedoe njoeratan ka malaikat garedja noe di Piladelpia, kijeu oenina: Ari lahirna anoe Langkoeng Soetji, anoe Langkoeng Estoe, noe kagoengan sosi Dawoed; noe ngaboekakeun, sarta taja noe bisa meundeutkeun, noe meundeutkeun, sarta taja noe bisa ngaboekakeun, nja kijeu:

8. Kami njaho di pagawean maneh. Toeh, kami di hareupeun maneh geus mere panto molongo, sarta moal aja noe bisa meundeutkeun; karana tanaga maneh teh leutik, sarta maneh geus ngestokeun ka piwoeroek kami, djeung teu nganglĕs ka ngaran kami.

9. Kanjahokeun koe maneh, kami mere ka maneh sawareh djalma noe kaasoep masigit setan, ti lĕbah noe ngarakoekeun dirina oerang Jahoedi, padahal lain, ĕnjana mah bohong; satĕmĕnna, kami dek mĕtakeun, eta soepaja daratang, sina njĕmbah di hareu-

peun soekoe maneh, bari narimakeun, jen kami teh mikanjaah ka maneh.

10. Tina sabab maneh geus ngestokeun ka piwoeroek kamantĕpan kami, kami kitoe deui bakal ngaraksa ka maneh, diloepoetkeun ti waktoe panggoda, noe pidatangeun ka sadoenja kabeh, baris ngagoda ka sakoer djalma noe goemĕlar di boemi.

11. Masing ingĕt, kami teh tereh datang. Koedoe tjangking noe geus djadi bobogaan maneh, soepaja oelah aja noe njokot makoeta maneh.

12. Saha-saha noe oenggoel, tangtoe koe kami didjadikeun tihang dina kabah Allah kami, djeung moal ka loewar deui ti dinja; sarta koe kami eta bakal ditoelisan padjĕnĕngan Allah kami, djeung ngaran nagara Allah kami, nja eta Jĕroesalem anjar, noe toeroen ti sawarga ti Allah kami, kitoe deui ngaran kami noe anjar.

13. Saha-saha noe boga tjeuli, koedoe dengekeun noe koe Roh dilahirkeun ka garedja.

14. Djeung deui koedoe njoeratan ka malaikat garedja noe di Laodikea, kijeu oenina: Ari lahirna Amin, Saksi noe satoehoe sarta noe langkoeng estoe, djeung Awitna ti sakabeh dadamĕlan Allah, nja kijeu:

15. Kami njaho di pagawean maneh, jen maneh teu tiis teu panas. Ĕh djeung kitoe mah maneh mĕnding tiis atawa panas!

16. Koe sabab eta, pedah maneh hambar, teu tiis teu panas, maneh koe kami rek diboerakeun tina soengoet kami.

17. Karana tjĕk maneh: Aing beunghar, djeung soegih-moekti, teu pisan boga kakoerang; sarta maneh teu njaho, jen diri maneh nja kabalangsak, nja matak karoenja, nja malarat, nja lolong, nja boeroendoel.

18. Ari papatah kami, maneh geura meuli ka kami ĕmas beunang ngabĕsot koe seuneu, soepaja maneh ĕnja beunghar; djeung papakean bodas, baris makeanan diri maneh, soepaja oelah katembong wiwirang kaboeroendoelan maneh; kitoe deui oebar panon, baris ngoelasan panon maneh, soepaja maneh bisa nendjo.

19. Saha-saha djalma noe koe kami dipikanjaah, eta koe kami diwarah djeung dipĕpĕrih. Manana maneh sing sarĕgĕp, sarta koedoe tobat.

20. Ijeu kami nangtoeng hareupeun panto, bari ngĕtrok-ngĕtrok. Lamoen aja djalma ngadenge sowara kami, seug ngaboekakeun panto, kami teh tangtoe asoep ka imahna eta, bari toeloej reureudjeungan dahar djeung manehanana, ari manehanana kitoe deui reureudjeungan djeung kami.

21. Saha-saha noe oenggoel, tangtoe koe kami diidinan dijoek reureudjeungan djeung kami dina pangtjalikan kami, sapĕrti kami ge geus oenggoel, sarta tjalik reureudjeungan djeung Ama kami dina panglinggihan Ama.

22. Saha-saha noe boga tjeuli, koedoe dengekeun noe koe Roh dilahirkeun ka garedja.

PASAL 4.

Sanggeusing kitoe kaoela nendjo, di sawarga beh aja panto molongo; ari sowara noe ti heula, noe kadenge koe kaoela sasaoeran ka kaoela, noe sapĕrti sangkakala teja, pok ngalahir kijeu: Geura oenggah ka dijeu, kami dek noedoehkeun ka maneh noe geus pasti pidjadieun dina mangsa ka hareup.

2. Sapada-harita keneh kaoela teh aja di djĕro Roh. Beh di djĕro sawarga aja hidji panglinggihan, sarta aja noe linggih dina eta panglinggihan.

3. Ari anoe linggih teh, katendjona sapĕrti intĕn jaspis sarta jakoet roepana; djeung sakoebĕngna panglinggihan aja katoembiri, katendjona sapĕrti djamroet roepana.

4. Sakoerilingna panglinggihan teh aja deui doewa poeloeh opat pangtjalikan; djeung dina eta pangtjalikan katendjo koe kaoela aja noe tjaralik doewa poeloeh opat sĕsĕpoeh, pada nganggo panganggo bodas, djeung ngaranggo makoeta ĕmas.

5. Sarta ti djĕro panglinggihan teh bidjil kilat, djeung sowara, sarta goeloedoeg; djeung di pajoeneun panglinggihan aja toedjoeh palita seuneu ngagĕntjlang, nja eta noe toedjoeh Roh Allah.

6. Sarta di hareupeun eta panglinggihan aja laoet gĕdah, siga karistal roepana. Ari di tĕngahna panglinggihan, djeung sakoerilingna panglinggihan aja opat sato, eta ti hareupna sarta ti toekangna pinoeh koe panon.

7. Ari sato noe kahidji djiga singa roepana, sato noe kadoewa djiga anak sapi roepana, sato noe katiloe beungeutna tjara beungeut manoesa; ari sato noe kaopat roepana siga manoek galoedra keur hibĕr.

8. Dĕmi eta opat sato hidjihidji pada boga gĕnĕp djangdjang, sarta di loewarna djeung di djĕrona pada pinoeh koe panon; djeung teu reureuh eta teh beurang-peuting, ari pokna: Soetji, soetji, soetji Goesti Allah, noe Langkoeng Kawasa, noe djoemĕnĕng ti tatadina, noe djoemĕnĕng ajeuna, sarĕng bakal soemping!

9. Ari keur mangsa eta sato ngahatoerkeun kamoeljaan,

djeung hormat, sarta noehoen ka noe linggih dina panglinggihan, noe djoeměněng langgěng salalawasna teja,

10. Brěk eta noe doewa poeloeh opat sěsěpoeh pada měnděk ka pajoeneun anoe linggih dina panglinggihan, sarta saroedjoed ka noe djoeměněng langgěng salalawasna teja, djeung njanggakeun makoetana ka pajoeneun panglinggihan, bari oendjoekan:

11. Andjeun, noen Pangeran, anoe lajak dibaktosan kamoeljaan, sarěng kahormatan, rawoeh kawasa; karantěn nja andjeun noe ngadaměl saniskantěn pěrkawis, sarěng pangajana kalajan pangdjadina ngan koe kěrsa andjeun bae.

PASAL 5.

Tidinja kaoela nendjo, anoe linggih dina panglinggihan teja, pananganana těngěn aja kitab, ari di djěrona djeung di loewarna aja toelisan, sarta make tjap pangrapět, rejana toedjoeh.

2. Geus kitoe kaoela nendjo hidji malaikat bědas pisan, eta teh ngagěro sarta tarik sowarana: Saha noe pantěs moeka eta kitab, djeung ngalaan tjapna?

3. Ari noe di sawarga, djeung noe di boemi, kitoe deui noe sahandapeun boemi, sahidji ge taja noe bisa moeka eta kitab, soemawonna ngilikan eusina.

4. Tidinja kaoela tjeurik kanjěnjěrian, tina sabab hidji ge taja noe kapanggih pantěs pimoekaeun eta kitab, soemawonna ngilikan eusina.

5. Ari para sěsěpoeh teja noe hidji pok njaoer ka kaoela: Poma oelah tjeurik! Toeh, Singa ti kaom Joeda, akar Dawoed teja, geus oenggoel, bade moeka eta kitab, sarta ngalaan noe toedjoeh tjapna.

6. Toeloej katendjo koe kaoela, beh di těngah panglinggihan, sarta di těngah opat sato, djeung di těngah para sěsěpoeh teja, aja hidji Domba nangtoeng, kawas beunang meuntjit, ari tandoekna toedjoeh, sarta panonna toedjoeh, nja eta hartina noe toedjoeh Roh Allah, noe dipiwarang ka satoengkěbing boemi.

7. Ladjěng njampeurkeun, seug njandak kitab teh ti panangan těngěn anoe linggih dina panglinggihan teja.

8. Ari geus njandak kitab teh, toeloej noe opat sato, kitoe deui noe doewa poeloeh opat sěsěpoeh teja, brěk marěnděk ka pajoeneun eta Domba, pada boga katjapi hidji sewang, kitoe deui pinggan ěmas, pinoeh koe seuseungitan, nja eta těgěsna paněda djalma saroetji.

9. Sarta pada njanji koe

hidji poepoedjian anjar, kijeu pokna: Nja andjeun anoe lajak njandak eta kitab, sarĕng ngalaanan tjapna; karantĕn andjeun geus dipeuntjit, sarĕng geus ngagaleuh diri simkoering koe margi gĕtih salira andjeun, bade kagoengan Allah, ti oenggal-oenggal kaom, sarĕng basa, sarĕng toeroenan, sarĕng bangsa;

10. Kalajan simkoering koe andjeun geus pada didamĕl radja sarĕng panghoeloe bade ka Allah, sarĕng simkoering bakal ngaradjaan di boemi.

11. Tidinja kaoela nendjo, sarta ngadenge sowara malaikat loba pisan, noe ngarijoengan panglinggihan, djeung sato, sarta para sĕsĕpoeh teja; ari bilanganana manglaksalaksa djeung mangreboereboe.

12. Eta teh pada njaoer tarik pisan sowarana, kijeu: Ari Domba, noe dipeuntjit teja, pantĕs nampa kawasa, djeung kamoektian, djeung kapintĕran, djeung kabĕdasan, djeung kahormatan, djeung kamoeljaan, sarta poedji.

13. Djeung sakabehna mahloek, noe koemĕlip di sawarga, djeung di boemi, djeung di sahandapeun boemi, kitoe deui noe aja di laoet, sarta saeusina kabeh, koe kaoela kadenge kijeu omongna: Ari noe linggih dina panglinggihan, kitoe deui Domba, koedoe dibaktian poedji, djeung kahormatan, djeung kamoeljaan, sarta kawasa langgĕng salalawasna.

14. Ari opat sato teja ngomongna: Amin! Ari noe doewa poeloeh opat sĕsĕpoeh seug marĕndĕk, sarta soedjoed ka noe djoemĕnĕng langgĕng salalawasna teja.

PASAL 6.

Geus kitoe kaoela nendjo, mangsa Domba teh moeka hidji tjap ti noe toedjoeh teja; sarta kaoela ngadenge eta opat sato teh noe hidji ngomong, sorana tjara goeloedoeg, pokna: Hijap ka dijeu, geura tendjo!

2. Tidinja kaoela nendjo, beh aja koeda bodas, ari noe toempakna mawa panah, djeung dipaparin makoeta; toeloej madjoe bari oenggoel, djeung soepaja sina oenggoel.

3. Barang Domba moeka tjap noe kadoewa, kaoela ngadenge sato noe kadoewa teh ngomongna: Hijap ka dijeu, geura tendjo!

4. Toeloej aja noe bidjil koeda sedjen, roepana beureum; ari noe toempakna dipaparin kawasa sina njokot karoentoetan ti boemi, soepaja djalma teh sina silihpaehan; malah dipaparin pĕdang gĕde pisan.

5. Barangna moeka tjap noe

katiloe, kaoela ngadenge sato noe katiloe teh ngomongna: Hijap ka dijeu, geura tendjo! Toeloej kaoela nendjo, beh aja koeda hideung, ari noe toempak, leungeunna njěkěl taradjoe.

6. Geus kitoe kaoela ngadenge sowara, datangna ti těngah opat sato teja, ari pokna: Tarigoe saěntik sadinar, gandroeng tiloe ěntik sadinar; sarta oelah ngaroeksak minjak djeung anggoer!

7. Barangna moeka tjap noe kaopat, kaoela ngadenge sowara sato noe kaopat, ari pokna: Hijap ka dijeu, geura tendjo!

8. Toeloej kaoela nendjo, beh aja koeda hawoek, ari noe toempakna ngaran Maot, sarta diiringkeun koe Naraka. Djeung eta teh pada dipaparin kawasa ka boemi saparapat, sina maehan koe lantaran pědang, djeung koe langlajeuseun, sarta koe pagěboeg, kitoe deui koe sato noe garalak di boemi.

9. Barangna moeka tjap noe kalima, seug kaoela di kolongeun altar nendjo njawa sakoer djalma noe dipaehan tina sabab pangandika Allah, djeung tina sabab pěrtelaan, noe geus ditjarangking koe eta.

10. Ari eta teh pada sasambat, bědas pisan sowarana, kijeu pioendjoekna: Ěh Pangeran, noe langkoeng soetji, noe langkoeng estoe! sabaraha lamina andjeun teu ngahoekoeman sarěng teu malěs gětih simkoering ka noe tjaritjing di boemi?

11. Ladjěng eta dipaparin djoebah bodas, hidji sewang; sarta pada ditimbalan, jen koedoe reureuh deui bae sakeudeung, něpi ka tjatjap batoerna sasama ngabdi, djeung doeloer-doeloerna, noe bakal dipaehan, tjara maranehanana.

12. Geus kitoe kaoela nendjo, barang Domba teh moeka tjap noe kagěněp, děr aja lini gěde pisan, sarta panon-poë djadi hideung tjara karoeng boeloe, djeung boelan djadi sapěrti gětih.

13. Ari bentang maroeragan ka boemi, sapěrti tangkal loa moerag boewahna noe ngora, keur waktoe kaojag koe angin gěde.

14. Ari langit teh njingkir, tjara kitab noe digoeloengkeun, sarta sakabehna goenoeng djeung poelo wani ngaleser tina ěnggonna.

15. Radja-radja di ijeu boemi, sarta sakoer gěgěden, djeung sakoer kapala sěrdadoe, sarta noe baleunghar, djeung noe pada kawasa, sarta sakabeh abdi-abdi, kitoe deui sakoer noe měrdika, pada njoempoet ka djěro goeha-

goeha djeung ka djĕr'o karang goenoeng-goenoeng;

16. Sarta pada sasambat ka goenoeng-goenoeng djeung kana karang-karang, kijeu: Kaoela geura oeroegan, soempoetkeun kaoela ti pameunteuna noe linggih dina panglinggihan, djeung ti bĕndoena Domba.

17. Karana poë bĕndoe andjeunna noe gĕde teh boekti, djeung saha noe bisa tagĕn?

PASAL 7.

Sanggeusing kitoe kaoela nendjo aja opat malaikat, narangtoeng dina opat djoeroe boemi, sarta njarĕkĕl noe opat angin boemi, soepaja oelah aja angin ngahijoes kana boemi, atawa kana laoet, atawa kana sipat tatangkalan.

2. Djeung kaoela nendjo deui hidji malaikat sedjen, oenggah ti pangbidjilan panonpoë, sarta mawa tjap kagoengan Allah noe djoemĕnĕng, toeloej ngagĕro, tarik pisan sowarana ka eta opat malaikat, noe dipaparin kawasa ngaroeksak kana boemi djeung kana laoet teja,

3. Ari saoerna: Oelah waka ngaroeksak kana boemi, djeung kana laoet, sarta kana tatangkalan, nĕpi ka oerang geus ngĕtjap sakabeh abdi Allah oerang kana tarangna.

4. Geus kitoe kaoela ngadenge bilanganana anoe beunang ngĕtjap; djoemlahna anoe beunang ngĕtjap teh sakĕti opat laksa opat reboe djalma ti sakabeh kaom anakpoetoe Israil.

5. Ti kaom Joeda aja salaksa doewa reboe anoe beunang ngĕtjap; ti kaom Roebin aja salaksa doewa reboe anoe beunang ngĕtjap; ti kaom Gad aja salaksa doewa reboe anoe beunang ngĕtjap;

6. Ti kaom Aser aja salaksa doewa reboe anoe beunang ngĕtjap; ti kaom Naptali aja salaksa doewa reboe anoe beunang ngĕtjap; ti kaom Manasa aja salaksa doewa reboe anoe beunang ngĕtjap;

7. Ti kaom Simeon aja salaksa doewa reboe anoe beunang ngĕtjap; ti kaom Lewi aja salaksa doewa reboe anoe beunang ngĕtjap; ti kaom Isasar aja salaksa doewa reboe anoe beunang ngĕtjap;

8. Ti kaom Seboelon aja salaksa doewa reboe anoe beunang ngĕtjap; ti kaom Joesoep aja salaksa doewa reboe anoe beunang ngĕtjap; ti kaom Boenjamin aja salaksa doewa reboe anoe beunang ngĕtjap.

9. Sanggeusing kitoe kaoela nendjo, beh aja djalma mangpirang-pirang lobana, taja noe bisa milang, asalna ti sakabeh bangsa, djeung kaom, djeung toeroenan, djeung basa, keur

narangtoeng di pajoeneun panglinggihan sarta di pajoeneun Domba, pada make djoebah bodas, ari leungeunna njarĕkĕl palapah;

10. Eta teh pada moedji tarik pisan sowarana, ari pokna: Njanggakeun kasalamĕtan ka Allah simkoering, noe linggih dina panglinggihan, sinarĕngan ka Domba!

11. Ari sakabeh malaikat nangtoeng ngalingkoengan ka panglinggihan, djeung ka para sĕsĕpoeh, sarta ka noe opat sato teja; brĕk toeloej njaroeoeh ka pajoeneun panglinggihan, sarta pada soedjoed ka Allah,

12. Ari pioendjoekna: Amin! Sagala poedji, sarĕng kamoeljaan, sarĕng kapintĕran, sarĕng noehoen, sarĕng kahormatan, sarĕng kawasa, sarawoeh kabĕdasan disanggakeun ka Allah simkoering langgĕng salalamina. Amin!

13. Ari para sĕsĕpoeh teja noe hidji pok njaoer, kijeu saoerna ka kaoela: Itoe, noe marake djoebah bodas teh, saha? djeung ti mana datangna?

14. Diwangsoel koe kaoela: Noen Djoeragan, andjeun noe langkoeng oeninga. Ari saoerna ka kaoela: Eta teh noe daratang kaloewar ti kasoekĕran noe bangĕt teja, sarta geus pada njeuseuh papakeanana, djeung dibodaskeun papakeanana koe gĕtih Domba teja.

15. Tina sabab kitoe noe matak araja di pajoeneun panglinggihan Allah, sarta beurang peuting pada ngabakti ka Allah di djĕro kabah andjeunna; ari noe linggih dina panglinggihan teh ngaoeban ka darinja.

16. Moal ngarasa deui langlajeuseun, djeung moal ngarasa deui halabhab, sarta moal kapanasan koe panon-poë, atawa koe panas naon bae.

17. Sabab diangon koe Domba, noe aja di tĕngah panglinggihan teja, djeung diinoemkeun ka soemoer tjai hiroep, sarta sakabehna tjipanon koe Allah disoesoetan tina matana.

PASAL 8.

Barang Domba teh moeka tjap noe katoedjoeh, di sawarga rĕp djĕmpe, kira antara satĕngah djam lilana.

2. Sarta kaoela nendjo anoe toedjoeh malaikat, noe narangtoeng di pajoeneun Allah; ladjĕng eta dipaparin toedjoeh sangkakala.

3. Djĕboel deui hidji malaikat sedjen, toeloej nangtoengan kana altar, sarta nanggeuj hidji paroekoejan ĕmas; eta teh ladjĕng dipaparin seuseungitan loba pisan, sina direudjeungkeun ka panĕda sakoer djalma saroetji, diteundeun kana altar ĕmas, noe aja di pajoeneun panglinggihan.

4. Ari haseup eta seuseungitan, noe pikeun ka panĕda djalma saroetji teh, ngĕboel ti leungeun malaikat ka pajoeneun Allah.

5. Geus kitoe malaikat teh njokot paroekoejan teja, dieusian koe seuneu tina altar, seug diragragkeun ka boemi. Toeloej aja sowara, djeung goeloedoeg, djeung kilat, sarta lini.

6. Dĕmi eta toedjoeh malaikat, noe njĕkĕl toedjoeh sangkakala teja, seug darangdan arek nijoep sangkakala.

7. Toeloej malaikat noe hidji nijoep sangkakala. Geus kitoe ngadjadi hoedjan boewah djeung seuneu, pabaoer djeung gĕtih, heug ditinggangkeun ka boemi. Ari sapĕrtiloena boemi kadoeroek, djeung sapĕrtiloena tatangkalan kadoeroek, kitoe deui saniskara djoedjoekoetan haredjo kadoeroek.

8. Toeloej malaikat noe kadoewa nijoep sangkakala. Geus kitoe aja noe kawas goenoeng gĕde, ngagĕdoer koe seuneu, seug ditinggangkeun kana laoet. Ari sapĕrtiloena laoet ngadjadi gĕtih,

9. Djeung sapĕrtiloena eusi laoet anoe njawaan paraeh, sarta sapĕrtiloena kapal kalĕboeh.

10. Toeloej malaikat noe katiloe nijoep sangkakala. Geus kitoe ragrag ti langit hidji bentang gĕde, ngagĕdoer tjara obor, sarta ninggang ka sapĕrtiloena tji-waloengan djeung ka soemoer-soemoer.

11. Ari ngaranna eta bentang teh Alsĕm; dĕmi sapĕrtiloena tjai-tjai ngadjadi alsĕm, sarta loba pisan djalma paeh koe eta tjai, tina sabab geus pait.

12. Toeloej malaikat noe kaopat nijoep sangkakala. Geus kitoe sapĕrtiloena panonpoë, djeung sapĕrtiloena boelan, kitoe deui sapĕrtiloena bentang-bentang pada digĕboeg, soepaja sapĕrtiloena sina poëk, sarta sapĕrtiloena poë oelah aja tjaang, peuting pon nja kitoe keneh.

13. Tidinja kaoela nendjo djeung ngadenge hidji manoek galoedra, keur hibĕr di tĕngah langit, sarta ngomong, sorana gĕde pisan: Pibalaieun, pibalaieun, pibalaieun sakoer noe tjitjing di boemi, koe sabab sora sangkakala malaikat noe tiloe deui, anoe tinggal rek nijoep sangkakala.

PASAL 9.

Toeloej malaikat noe kalima nijoep sangkakala. Geus kitoe kaoela nendjo hidji bentang, geus ragrag ti langit ka boemi; eta seug dipaparin sosi lijang djoerang.

2. Tidinja koe bentang teh

eta lijang djoerang diboekakeun; boel tina djĕro lijang ngĕboel haseup, tjara haseup pameuleuman gĕde; ari panonpoë djeung langit wani kareueukan koe haseup tina lijang teja.

3. Ari tina djĕro eta haseup bidjil simeut ngabroel ka boemi; eta seug dipaparin pangawasa, sakoemaha pangawasa langgir noe di boemi.

4. Sarta ditimbalan, oelah ngaroeksak ka djoedjoekoetan boemi, atawa ka sipat lalablalaban, atawa ka sipat tatangkalan, ngan woengkoel ka djalma noe teu make tjap Allah teja dina tarangna.

5. Dipaparin pangawasa kitoe teh, lain soepaja maehan ka djalma, ngan koedoe dinjĕnjĕri bae lima boelan lilana; dĕmi njĕrina sakoemaha njĕri koe langgir, lamoen njeureud ka djalma.

6. Dina poëan eta, djalma tangtoe pada njijar pati, tatapi moal pimanggiheun; kahajangna hos paeh, dĕmi maot teh bakal njingkir ti maranehanana.

7. Ari roepana eta simeut teh tjara koeda noe dirarangkenan baris kana pĕrang; dina hoeloena aja noe kawas makoeta, djiga ĕmas, djeung beungeutna siga beungeut manoesa.

8. Sarta pada boeoekan, tjara boeoek awewe, ari hoentoena sapĕrti hoentoe singa.

9. Djeung make badjoe kĕre, kawas badjoe kĕre beusi; ari sora djangdjangna ngagoeroeh, sakoemaha sora kareta ditarik koeda loba, tinggoeroedoeg moeroe pĕrang.

10. Djeung baroentoetan, tjara boentoet langgir, sarta aja panjeureudan; djeung pangawasana ngalaraan ka djalma lima boelan lilana teh, aja dina boentoetna.

11. Sarta aja radjana, nja malaikat djoerang, ari ngaranna lamoen koe basa Ibrani, Abadon; ari koe basa Joenani, Apollion ngaranna.

12. Balahi noe hidji teh geus ladjoe; toeh, aja doewa deui balahi datang sanggeusna eta.

13. Toeloej malaikat noe kagĕnĕp nijoep sangkakala. Geus kitoe kaoela ngadenge sowara ti djĕro opat tatandoekan altar ĕmas, noe aja di pajoeneun Allah teja,

14. Nimbalanana ka malaikat noe kagĕnĕp, noe njĕkĕl sangkakala teja: Maneh geura ngalaanan malaikat noe opat, noe ditaralian dina deukeut tjai gĕde, noe ngaran Tjiprat teja!

15. Pek dilaanan eta opat malaikat, noe geus pada tjawisan noenggoe-noenggoe djam, djeung poë, djeung boelan, djeung taoen, baris maehan sapĕrtiloe djalma-djalma.

16. Ari bilangan balad-balad

noe taroempak koeda, doewa laksa kali salaksa; koe kaoela kadenge bilanganana.

17. Dĕmi koedana djeung noe taroempak koe kaoela dina tetendjoan teh katendjo kijeu: marake badjoe kĕre, roepana beureum ngĕmpoer, djeung biroe langit, sarta koneng walirang; ari hoeloe koeda teh kawas hoeloe singa, sarta tina soengoetna bidjil seuneu, djeung haseup, sarta walirang.

18. Koe lantaran ijeu tiloe balahi sapĕrtiloena djalma datang ka paraeh: koe seuneu, djeung koe haseup, sarta koe walirang, noe bidjil ti soengoetna teja.

19. Karana pangawasa koeda teh aja dina soengoet sarta dina boentoetna; sabab ari boentoetna teh kawas oraj, djeung hoeloean, nja eta noe dipake ngaroeksak.

20. Dĕmi sakarina djalma, noe teu dipaehan koe lantaran balahi eta teja, teu tarobat ti pagawean leungeunna, teu mitjeun njĕmbah ka setan, djeung ka brahala ĕmas, perak, tambaga, batoe, kai, noe teu bisa ngadeuleu, teu ngadenge, teu leumpang.

21. Kitoe deui teu tarobat ti lampahna maehan, djeung ti lampahna sihir, djeung ti lampahna djinah, sarta ti lampahna maling.

PASAL 10.

Tidinja kaoela nendjo hidji malaikat sedjen, sarta leuwih bĕdas, toeroen ti sawarga, ari papakeanana mega, sarta di loehoereun sirahna aja katoembiri; rarajna kawas panon-poë, djeung soekoena djiga tihang seuneu.

2. Dina leungeunna aja kitab leutik, sarta moeka; ari soekoena ti katoehoe pek nintjak ka laoet, noe ti kentja nintjak ka darat.

3. Toeloej ngagĕro tarik pisan sowarana, sapĕrti singa ngagaoer; dĕmi geus repeh ngagĕrona, seug noe toedjoeh goeloedoeg pada njowara.

4. Barang geus repeh njowara eta toedjoeh goeloedoeg teh, panijatan kaoela dek ditoeliskeun. Toeloej kaoela ngadenge gĕntra, datangna ti djĕro sawarga, lahiranana ka kaoela kijeu: Sakoer noe diomongkeun koe toedjoeh goeloedoeg teja, koe maneh rapĕt sarta tjap, oelah ditoeliskeun!

5. Ari eta malaikat, noe katendjo koe kaoela nangtoeng dina laoet sarta dina darat teja, toeloej ngatjoengkeun leungeun sabeulah ka langit,

6. Sarta soempah, njĕboet ka noe djoemĕnĕng langgĕng salalawasna, noe ngadamĕl langit djeung saeusina, sarta

boemi djeung saeusina, kitoe deui laoet djeung saeusina, jen ka hareup moal make deui tempo;

7. Ari keur poëan sowara malaikat noe katoedjoeh, dimana eta nijoep sangkakala, nja didinja rasijah Allah teh boekti, sakoemaha noe koe andjeunna geus diwartakeun ka abdi-abdina, nja para nabi teja.

8. Dĕmi geus kitoe eta gĕntra, noe kadenge koe kaoela ti djĕro sawarga teja, seug ngalahir deui ka kaoela, kijeu lahirna: Geura bral, tjokot koe maneh eta kitab leutik noe moeka dina leungeun malaikat, anoe keur nangtoeng dina laoet sarta dina darat!

9. Bral kaoela teh indit njampeurkeun ka malaikat, sarta mihatoer ka eta kijeu: Mangga kitab leutik teh paparinkeun ka simkoering. Ari saoerna ka kaoela: Heh tampanan, toeloej dahar sakali, bakal maitkeun ka beuteung maneh; tatapi dina soengoet maneh tangtoe amis tjara madoe.

10. Seug kitab leutik teh ditjokot koe kaoela ti leungeun malaikat, toeloej dihakan sakali; ari dina soengoet rasana amis tjara madoe, dĕmi geus dihakan, beuteung kaoela ngarasa pait.

11. Toeloej njaoer ka kaoela: Maneh koedoe ngawĕdjang deui, njaritakeun hal sababaraha toeroenan, djeung bangsa, djeung basa, sarta radja.

PASAL 11.

Geus kitoe kaoela dipaparin hoë, sapĕrti iteuk, sarta ditimbalan kijeu: Geura indit, koedoe ngoekoer kabah Allah sarta djeung altarna, kitoe deui noe sĕmbahijang dina djĕro eta.

2. Tatapi boeroean, noe di loewareun kabah, koedoe ingkar, montong dioekoer, sabab geus dipasihkeun ka oerang kapir; ari nagara soetji teh koe eta bakal diidĕk-idĕk lilana opat poeloeh doewa boelan.

3. Djeung kami bakal maparin kawasa ka saksi kami noe doewa, sina pada ngawĕdjang lilana sareboe doewa ratoes gĕnĕp poeloeh poë, sarta marake karoeng.

4. Nja eta teh tangkal djetoen noe doewa, djeung adjoeg noe doewa, noe narangtoeng di pajoeneun Allah saboemi.

5. Saoepama aja noe karĕp goreng ka dinja, bakal bidjil seuneu ti soengoetna, ngalĕboer ka moesoehna; djeung saoepama aja noe karĕp goreng ka dinja, eta koedoe dipaehan kitoe pĕtana.

6. Eta doewa saksi teh kawasa meundeutkeun langit,

soepaja oelah toeroen hoedjan keur poëanana ngawĕdjang; sarta pada kawasa kana tjaitjai, ngadjadikeun gĕtih, kitoe deui neunggeul boemi, ngajakeun roepa-roepa balahi, mindĕngna koemaha karĕp eta bae.

7. Ana geus toetoep eta saksi mĕrtelakeunana, toeloej sato, noe oenggah ti djĕro djoerang, bakal mĕrangan ka dinja, sarta ngelehkeun, djeung maehan.

8. Ari majitna ngalondjor di loeloeroeng nagara gĕde, noe disĕboetkeun, moen rohani, Sadoemoe djeung Mĕsir, di dinja mah Goestina ge geus digantoengkeun dina kai-dipalang.

9. Sarta sababaraha djalma ti sagala toeroenan, djeung kaom, djeung basa, sarta bangsa, bakal narendjo majitna, lilana kaopat satĕngah poë, djeung moal dibikeun majitna dikĕdĕngkeun ka djĕro koeboeran.

10. Sarta sakoer noe tjaritjing di boemi bakal pada atoheun tina sabab eta, djeung soekan-soekan, sarta silih-kiriman djeung batoer, pedah eta doewa nabi teh sok nganjĕnjĕri ka noe tjaritjing di boemi.

11. Dĕmi sanggeusna noe kaopat satĕngah poë teja, datang ti Allah Roh noe ngahiroepan, asoep ka eta doewa majit, toeloej ngaradĕg koe sampejanana; ari sakoer noe nendjo ka arandjeunna, pada djadi sijeuneun kabina-bina.

12. Geus kitoe eta teh ngareungeu gĕntra tarik pisan ti sawarga, nimbalanana kijeu: Geura aroenggah ka dijeu! Tidinja doewaan moenggah ka sawarga, toenggang mega, koe moesoehna katarendjo.

13. Dina waktoe harita aja lini gĕde, ari sapĕrpoeloehna nagara eta roegroeg, sarta anoe paeh koe lini toedjoeh reboe djalma; dĕmi anoe kari djadi sarijeuneun, sarta pada ngahatoerkeun kamoeljaan ka Allah noe linggih di sawarga.

14. Balahi noe kadoewa teh geus ladjoe; toeh, balahi noe katiloe tereh ngadatanganana.

15. Toeloej malaikat noe katoedjoeh nijoep sangkakala. Geus kitoe di sawarga aja sowara tararik pisan, ari salaoerna: Karadjaan di doenja geus djadi kagoengan Pangeran kaoela, djeung kagoengan Kristoesna, sarta andjeunna noe bakal djoemĕnĕng radja langgĕng salalawasna!

16. Sarta noe doewa poeloeh opat sĕsĕpoeh, noe tjaralik dina pangtjalikanana di pajoeneun Allah teja, brĕk pada njoeoeh, djeung saroedjoed ka Allah;

17. Ari pioendjoekna: Noen Goesti Allah, noe langkoeng

kawasa, noe djoemĕnĕng, noe djoemĕnĕng ti tatadina, sarĕng bakal soemping, simkoering sadaja moedji soekoer ka andjeun, doemeh andjeun ajeuna geus nganggo kawasa andjeun noe agoeng, sarĕng kĕrsa linggih radja.

18. Ari bangsa-bangsa tadina arambĕkeun, nanging bĕndoe andjeun geus dongkap, sinarĕngan waktoe bade ngahoekoeman djalma noe paraeh, kalajan bade masihan gandjaran ka abdi-abdi andjeun, nja para nabi, sarĕng ka sadaja noe saroetji, kalajan ka sadaja noe sarijeun koe padjĕnĕngan andjeun, noe gĕde sarĕng noe leutik, rawoeh bade ngaroeksak ka sakoer noe ngaroeksakkeun boemi teja.

19. Tidinja kabah Allah, noe di sawarga, diboekakeun; sarta pĕti pĕrdjangdjian andjeunna, noe aja di djĕro kabah andjeunna, tembong. Toeloej aja kilat, djeung sowara, djeung goeloedoeg, djeung lini, sarta hoedjan boewah galĕde.

PASAL 12.

Geus kitoe di djĕro sawarga beh tembong tanda gĕde: aja hidji awewe, papakeanana panon-poë, sarta boelan aja di handapeun soekoena; djeung sirahna make makoeta koe doewa wĕlas bentang.

2. Eta teh keur reuneuh, sarta ngadĕngek, bawaning koe njĕri, rasana rek ngadjoeroe.

3. Aja deui tanda sedjen, tembong di djĕro sawarga: beh aja hidji naga gĕde, roepana beureum, ari hoeloena toedjoeh, sarta aja tandoekan sapoeloeh, djeung dina hoeloena make toedjoeh makoeta.

4. Ari boentoetna narik sapĕrtiloena bentang noe di langit, seug dibeubeutkeun ka boemi. Toeloej naga teh nangtoeng di hareupeun awewe noe rek ngadjoeroe teja, pakarĕpanana, dimana geus ngadjoeroe, anakna dek dilĕglĕg.

5. Geus kitoe awewe teh ngadjoeroekeun hidji anak lalaki, noe bakal ngangon ka sakabeh oerang kapir, make iteuk beusi; gantjang anakna dibewat ka Allah sarta ka panglinggihanana.

6. Dĕmi eta awewe seug kaboer ka tĕgal lĕga, di dinja geus boga ĕnggon beunang Allah njawisan, soepaja dibajoean di eta ĕnggon meunang sareboe doewa ratoes gĕnĕp poeloeh poë lilana.

7. Geus kitoe djadi pĕrang di djĕro sawarga: Mikail djeung sakabeh malaikatna mĕrangan ka naga, kitoe deui naga mĕrangan djeung sakabeh malaikatna,

8. Tatapi hanteu koewat,

djeung ĕnggonna di djĕro sawarga geus areuweuh.

9. Sarta ditotogkeun naga gĕde teh, tĕgĕsna oraj kahot, noe disĕboet Iblis djeung Setan, noe njasabkeun ka salam-doenja teja; ari ditotogkeunana ka boemi, sarta malaikatna kabeh ditotogkeun barĕng djeung manehanana.

10. Toeloej kaoela ngadenge sowara tarik pisan di djĕro sawarga, ari pokna: Ajeuna kasalamĕtan, djeung kasantosaan, kitoe deui karadjaan geus djadi kagoengan Allah kaoela, sarta kawasa geus djadi kagoengan Kristoesna; sabab noe sok ngĕlakkeun doeloer-doeloer kaoela, ngĕlakkeunana beurang-peuting ka pajoeneun Allah, ajeuna mah geus ditotogkeun.

11. Doeloer-doeloer teh geus pada ngelehkeun ka dinja koe lantaran gĕtih Domba, djeung koe lantaran omong pĕrtelaanana, sarta teu njaraaheun koe patina nĕpi ka maot.

12. Koe sabab eta, eh sawarga, djeung sakabeh noe ngeusian, sing pada boengah! Pibalaieun boemi reudjeung laoet, sabab Iblis teh geus toeroen ka maraneh, sarta katjida ngambĕkna, sapedah njahoëun waktoe dirina ngan sakeudeung.

13. Mangsa naga teh nendjo, jen dirina geus ditotogkeun ka boemi, toeloej bae ngoedag-ngoedag ka awewe, noe ngadjoeroekeun anak lalaki teja.

14. Geus kitoe eta awewe dipasihan doewa djangdjang galoedra gĕde, soepaja bisa hibĕr ka tĕgal lĕga, moeroe kana ĕnggon paranti dirina dibajoean, lilana samangsa, doewa mangsa, djeung satĕngah mangsa, kahalangan ti panendjo oraj teja.

15. Oraj teh toeloej njĕbrotkeun tjai ti djĕro soengoetna toekangeun eta awewe, sapĕrti tji-waloengan, ngarah sina palid koe eta tjai.

16. Ari boemi noeloeng ka eta awewe, boemi teh njalangapkeun soengoetna, sarta njaploek tji-waloengan, noe koe naga disĕbrotkeun ti djĕro soengoetna teja.

17. Toeloej naga teh ngagĕrĕgĕt ka eta awewe, los indit, dek mĕrangan kana sesa toeroenanana, sakoer noe nĕtĕpkeun timbalan Allah, djeung njarangking pĕrtelaan Jesoes Kristoes.

18. Djol kaoela nangtoeng di basisir laoet.

PASAL 13.

Geus kitoe kaoela nendjo, aja hidji sato oenggah tina laoet, hoeloena toedjoeh, ari tandoekna sapoeloeh, sarta dina tandoekna aja sapoeloeh makoeta, djeung dina hoeloena

make ngaran ngagorengkeun ka Allah.

2. Ari eta sato, noe katendjo koe kaoela, roepana teh tjara mejong koembang, soekoena sapĕrti soekoe biroewang, djeung soengoetna tjara soengoet singa. Dĕmi koe naga toeloej dibere kabĕdasan dirina, djeung pangdijoekanana, sarta pangawasa gĕde.

3. Tidinja katendjo koe kaoela, eta hoeloena noe hidji raheut, sĕmoe matak pipaeheun; dĕmi raheutna noe matak pipaeheun teh, datang ka tjageur deui; djeung saeusi doenja hoökeun, sarta noetoerkeun ka eta sato.

4. Djeung pada njĕmbah ka naga, koe sabab mere pangawasa ka sato teja, sarta njarĕmbah ka eta sato ongkoh, ari aromongna: Saha noe nandingan ka ijeu sato teh? djeung saha noe koewat mĕrangan ka dinja?

5. Geus kitoe sato teh dipaparin soengoet, baris soesoembar, djeung baris ngagorengkeun ka Allah; sarta dipaparin pangawasa migawe kitoe, opat poeloeh doewa boelan lilana.

6. Pek toeloej ngangah soengoetna, rek ngagorengkeun ka Allah, nja ngagorengkeun ka padjĕnĕngan andjeunna, djeung ka balandongan andjeunna, kitoe deui ka sakoer noe tjaralik di sawarga.

7. Sarta dipaparin kawasa bisa mĕrangan ka djalma saroetji djeung ngelehkeun ka dinja; samalah dikawasakeun ka sakabeh kaom, djeung toeroenan, djeung basa, sarta bangsa.

8. Ari sakabehna noe tjaritjing di boemi, bakal pada njĕmbah ka eta, kitoe soteh sakoer noe teu ditoeliskeun ngaranna dina kitab kahiroepan, kagoengan Domba noe geus dipeuntjit, tina watĕs diadĕgkeunana doenja.

9. Saha-saha noe boga tjeuli, koedoe dengekeun!

10. Lamoen aja noe ngasoepkeun ka pangberokan, eta tangtoe diasoepkeun deui ka pangberokan; lamoen aja noe maehan koe pĕdang, eta koedoe dipaehan koe pĕdang deui. Nja di lĕbah dijeu kasabaran djeung kapĕrtjajaan djalma saroetji teh.

11. Geus kitoe kaoela nendjo hidji sato sedjen, oenggah ti djĕro boemi, sarta doewa tandoekna, tjara tandoek anak domba, djeung ngomongna sapĕrti naga.

12. Sarta ngalampahkeun sakabehna pangawasa sato noe ti heula di hareupeunana; ari boemi djeung sakoer noe tjaritjing di boemi digĕndam, datang ka pada njĕmbah ka sato

noe ti heula, noe raheut matak paeh tjageur deui teja.

13. Sarta njijeun tanda galĕde, wani datang ka noeroenkeun seuneu ti langit ka boemi di hareupeun djalma-djalma.

14. Djeung njasabkeun ka sakoer noe tjaritjing di boemi, koe lantaran tanda-tanda, noe geus dikĕrsakeun dipigawe koe eta di hareupeun sato teja; sarta ngomong ka sakoer noe tjaritjing di boemi, sato noe asal raheut koe pĕdang sarta hiroep deui teh, koedoe diroepakeun njijeun artja.

15. Sarta dipaparin kawasa bisa njoekmaan ka eta artja sato, soepaja artja sato teh bisa ngomong, djeung bisa ngadatangkeun paeh ka sakabeh noe teu njĕmbah ka eta artja sato.

16. Malah-malah njijeun atoeran, soepaja sakabeh djalma, noe gĕde djeung noe leutik, noe beunghar djeung noe miskin, noe mĕrdika djeung noe koemawoela, pada ditjirian leungeunna ti katoehoe, atawa kana tarangna,

17. Djeung hanteu aja noe meunang djoewal-meuli, ngan anoe make eta tjiri: ngaran sato, atawa bilangan ngaranna.

18. Nja di lĕbah dijeu kapintĕran teh. Saha-saha noe boga pangarti, koedoe ngitoeng bilangan sato teja, karana eta teh bilangan manoesa, ari bilanganana gĕnĕp ratoes gĕnĕp poeloeh gĕnĕp.

PASAL 14.

Geus kitoe kaoela nendjo, beh Domba teh keur ngadĕg di loehoer goenoeng Sion, sarta direudjeungan koe sakĕti opat laksa opat reboe djalma, pada boga toelisan dina tarang, nja padjĕnĕngan andjeunna, djeung padjĕnĕngan Rama andjeunna.

2. Toeloej kaoela ngadenge sowara ti sawarga, tjara ngagoeroehna tjai gĕde, djeung tjara sora goeloedoeg tarik. Ari sowara, noe kadenge koe kaoela, sapĕrti sora toekang ngatjapi loba, noe barĕng narabeuh katjapina.

3. Sarta pada njanji koe hidji poepoedjian anjar di pajoeneun panglinggihan, djeung di hareupeun sato noe opat sarta para sĕsĕpoeh teja; taja pisan noe bisa ngapalkeun eta poepoedjian teh, kadjaba ti noe sakĕti opat laksa opat reboe djalma, noe beunang ngagaleuh ti boemi teja.

4. Nja eta teh noe teu kakotoran koe awewe, sababna landjang kabeh; nja eta noe ngariring ka Domba ka mana bae angkatna; eta teh noe pada beunang ngagaleuh ti lĕbah djalma, baris tjikal bade ka Allah sarta ka Domba.

5. Djeung dina soengoetna

teu pisan kapanggih bohong; karana pada taja tjawadeunana di pajoeneun panglinggihan Allah.

6. Geus kitoe kaoela nendjo hidji malaikat sedjen, keur hibĕr di tĕngah langit, mawa Indjil noe langgĕng, baris oewarkeuneun ka sakoer noe tjaritjing di boemi, ka sakabeh bangsa, djeung kaom, djeung basa, sarta toeroenan;

7. Seug njaoer, tarik pisan sowarana: Geura sarijeun koe Allah, djeung koedoe njanggakeun kahormatan ka andjeunna, sabab geus nĕpi ka waktoe andjeunna ngahoekoeman; sarta geura saroedjoed ka noe ngadamĕl langit djeung boemi, sarta laoet, djeung soemoer-soemoer.

8. Djĕboel deui hidji malaikat sedjen noetoerkeun, sarta njaoer kijeu: Geus roeboeh, geus roeboeh Baboel, nagara gĕde teh, noe geus nginoeman sakabeh bangsa koe anggoer napsoe djinahna!

9. Djĕboel deui hidji malaikat katiloena noetoerkeun, sarta njaoer, tarik pisan sowarana: Lamoen aja djalma njĕmbah ka sato djeung ka artjana, sarta narima tjiri teja kana tarangna atawa kana leungeunna,

10. Eta teh mĕngke nginoem deui tina anggoer bĕndoe Allah, noe geus ditjitjikeun kana loemoer bĕndoena, teu dibaoeran; sarta bakal disangsara koe seuneu djeung walirang, di hareupeun para malaikat saroetji, sarta di pajoeneun Domba teja.

11. Ari haseup sangsarana ngĕboel langgĕng salalawasna, sarta eta teh teu pisan meunang reureuh beurang-peuting, nja sakoer noe njarĕmbah ka sato djeung ka artjana, sarta oenggal noe narima tjiri ngaranna teja.

12. Nja di lĕbah dijeu kasabaran djalma saroetji teh, noe pada nĕtĕpkeun timbalan Allah djeung kapĕrtjajaan ka Jesoes.

13. Toeloej kaoela ngadenge gĕntra ti sawarga, nimbalan ka kaoela kijeu: Geura noeliskeun: Salamĕt djalma paeh, noe paehna di djĕro Goesti, ti mangsa ajeuna! Satĕmĕnna, pilahir Roh, soepaja pada reureuh ti kasoesahanana, ari pagaweanana noetoerkeun ti pandeuri.

14. Geus kitoe kaoela nendjo, beh aja mega bodas, sarta dina eta mega aja noe toenggang, roepana sapĕrti Poetra manoesa, djeung nganggo makoeta ĕmas, ari pananganana njandak hidji arit seukeut.

15. Aja deui hidji malaikat sedjen, bidjil ti djĕro kabah, toeloej njĕloekan, tarik pisan sowarana, ka noe toenggang

mega teja: Mangga geura kintoenkeun arit andjeun, sarĕng ladjĕng ngarit; sabab geus dongkap ka waktoe ngarit, da piboewateun di boemi teh geus asak!

16. Enggal koe noe toenggang mega aritna ditinggangkeun, toeloej boemi teh diarit.

17. Aja deui hidji malaikat sedjen, bidjil ti djĕro kabah noe di sawarga, eta kitoe deui mawa hidji arit seukeut.

18. Sarta aja deui hidji malaikat sedjen, bidjil ti djĕro altar, eta teh kawasa kana seuneu; seug ngagĕro ka noe mawa arit seukeut teh, sarta tarik pisan ngagĕrona, ari saoerna: Mangga geura kirimkeun arit sampejan noe seukeut, sarta toeloej keureutan ranggeujan tangkal anggoer noe di boemi; sabab geus arasak boewahna!

19. Gantjang koe eta malaikat aritna ditinggangkeun ka boemi, sarta boewah tangkal anggoer noe di boemi seug dikeureutan, bari toeloej dialoengkeun ka djĕro bak gĕde pamĕrĕsan bĕndoening Allah.

20. Ari pamĕrĕsan teh toeloej diirik di loewareun nagara, geus kitoe bidjil gĕtih ti djĕro pamĕrĕsan, ka loehoerna sĕmĕt kadali koeda, ari djaoehna sareboe gĕnĕp ratoes istadi.

PASAL 15.

Tidinja kaoela nendjo di djĕro sawarga aja tanda sedjen, gĕde sarta matak helok: aja toedjoeh malaikat, marawa noe toedjoeh balahi panganggeusan, karana nja eta panoetoep bĕndoening Allah.

2. Geus kitoe kaoela nendjo aja noe kawas laoet gĕdah, pagalo djeung seuneu; ari noe ngelehkeun sato, djeung artjana, sarta tjirina, bilangan ngaranna teja, eta narangtoeng di sisi laoet gĕdah teh, pada boga katjapi Allah;

3. Sarta nganjanjikeun poepoedjian Moesa, abdi Allah, djeung poepoedjian Domba teja, ari pokna: Agoeng pisan sarĕng matak helok sadaja padamĕlan andjeun, noen Pangeran, Allah noe langkoeng kawasa! adil sarĕng estoe saniskantĕn djalan andjeun, noen Radjaning sagala bangsa!

4. Saha noe teu koedoe sijeun koe andjeun, noen Pangeran! sarĕng saha noe teu koedoe ngamoeljakeun ka padjĕnĕngan andjeun? Karantĕn nja andjeun woengkoel noe soetji teh. Karantĕn sagala bangsa bade dongkap, sinarĕngan soedjoed di pajoeneun andjeun, doemeh hoekoeman andjeun geus katawis.

5. Sanggeusna kitoe kaoela nendjo, beh kabah balando-

ngan pamĕrtelaan, noe di sawarga, diboekakeun.

6. Ari eta toedjoeh malaikat, noe marawa toedjoeh balahi teja, baridjil ti djĕro kabah, papakeanana boëh setra sarta herang, djeung sĕmĕt dadana marake saboek ĕmas.

7. Dĕmi eta opat sato teja noe hidji ka eta toedjoeh malaikat njerenkeun pinggan ĕmas toedjoeh siki, parinoeh koe bĕndoe Allah, noe djoemĕnĕng langgĕng salalawasna.

8. Toeloej kabah teh wani pinoeh koe haseup ti djĕro kamoeljaan Allah, sarta ti djĕro kawasana; djeung taja noe bisa asoep ka kabah, nĕpi ka toetoep eta toedjoeh balahi anoe toedjoeh malaikat teja.

PASAL 16.

Geus kitoe kaoela ngadenge gĕntra tarik pisan, datangna ti djĕro kabah, nimbalan ka noe toedjoeh malaikat teja: Geura arindit, eusi pinggan bĕndoe Allah koe maraneh koetjoerkeun ka boemi!

2. Bral noe hidji indit, seug ngoetjoerkeun eusi pingganna ka boemi. Tidinja djalma noe make tjiri sato djeung njarĕmbah ka artjana teja pada kataradjang bisoel goreng sarta matih.

3. Tidinja malaikat noe kadoewa ngoetjoerkeun eusi pingganna ka laoet; ari tjaina seug ngadjadi gĕtih, tjara gĕtih anoe paeh, djeung saeusi laoet, sakoer njawa noe hiroep, paraeh kabeh.

4. Toeloej malaikat noe katiloe ngoetjoerkeun eusi pingganna ka sagala tji-waloengan djeung ka sagala soemoer, ari tjaina seug ngadjadi gĕtih.

5. Geus kitoe kaoela ngadenge malaikat noe njangking tjai oendjoekan kijeu: Noen Pangeran, noe djoemĕnĕng, noe djoemĕnĕng ti tatadina, sarĕng bade soemping! andjeun teh kalangkoeng adil, kĕrsa ngahoekoeman kitoe.

6. Sabab eta teh ngoetjoerkeun gĕtih djalma saroetji sarĕng gĕtih para nabi, doepi ajeuna koe andjeun pada diinoeman gĕtih; langkoeng pantĕs eta teh dikitoe!

7. Sarta kaoela ngadenge tina altar aja noe oendjoekan kijeu: Jaktos pisan, noen Pangeran, Allah noe langkoeng kawasa! hoekoeman andjeun teh kalangkoeng estoe sarĕng adil.

8. Toeloej malaikat noe kaopat ngoetjoerkeun eusi pingganna ka panon-poë; seug panon-poë teh dipaparin kawasa sina noetoengkeun ka djalma-djalma koe seuneu.

9. Geus kitoe djalma taroetoeng, koe bawaning bangĕt panasna, sarta pada ngago-

rengkeun ka padjĕnĕngan Allah, noe kawasa ka sakabeh balahi eta; djeung hanteu tarobat, teu daekeun ngamoeljakeun ka Allah.

10. Toeloej malaikat noe kalima ngoetjoerkeun eusi pingganna ka pangdijoekan sato teja; seug karadjaanana djadi poëk; ari djalmana pada njapekan letahna bawaning koe njĕri;

11. Sarta ngagorengkeun ka Allah noe linggih di sawarga, koe tina kanjĕri dirina, djeung koe tina bisoel-bisoelna; sarta teu tarobat ti pagaweanana.

12. Toeloej malaikat noe kagĕnĕp ngoetjoerkeun eusi pingganna ka tjai gĕde, noe ngaran Tji-prat teja; ari tjaina seug saat, tjawisan pidjalaneun radja-radja noe rek datang ti pangbidjilan panon-poë.

13. Geus kitoe katendjo koe kaoela, tina soengoet naga, djeung tina soengoet sato, sarta tina soengoet nabi palsoe, bidjil tiloe soekma nadjis, kawas bangkong roepana.

14. Karana eta teh soekma setan, sarta pada njijeun tanda-tanda, djeung laleumpang ka para radja sadoenja kabeh, dek dikoempoelkeun kana pĕrang dina poë gĕde, poëan Allah noe langkoeng kawasa.

15. Masing ingĕtkeun, kami pidatangeun teh tjara paling. Salamĕt anoe njaring djeung apik ka papakeanana, soepaja oelah leumpang ditarandjang, djeung oelah katembong nja wiwirang.

16. Ari dikoempoelkeunana ka hidji ĕnggon, noe koe basa Ibrani disĕboet Harmagedon.

17. Toeloej malaikat noe katoedjoeh ngoetjoerkeun eusi pingganna ka langit; geus kitoe aja gĕntra tarik pisan, datangna ti djĕro kabah sawarga, tina panglinggihan teja, pangandikana kijeu: Geus tinĕkanan!

18. Tidinja aja kilat, djeung sowara, sarta goeloedoeg; djeung aja lini gĕde pisan, koemaha noe tatjan kapanggih sapandjang aja djalma di boemi, lini noe sakitoe bangĕtna.

19. Ari nagara gĕde teh beulah, djadi tiloe, djeung nagara oerang kapir raroegroeg; sarta Allah ngĕrsakeun emoet ka Baboel, nagara gĕde teja, bade masihan ka dinja loemoer noe dieusi anggoer sewoting bĕndoe andjeunna.

20. Ari sakabeh poelo kalaboer, djeung teu pisan manggih goenoeng.

21. Sarta aja hoedjan boewah gĕde, hidji-hidji beuratna satalenta, ragragan ti langit ninggang ka djalma; dĕmi djalma teh pada ngagoreng-

keun ka Allah, koe tina balahi hoedjan boewah teja, karana eta balahi teh kaliwat nja bangĕt.

PASAL 17.

Tidinja saoerang ti noe toedjoeh malaikat, noe marawa toedjoeh pinggan teja, njampeurkeun, sarta njaoer ka kaoela, kijeu saoerna: Geura miloe ka kami, kami dek nembongkeun ka maneh pihoekoemaneun dajang gĕde, noe dijoek dina tjai laloba teja.

2. Sakabeh radja di boemi geus pada djinah ka eta, djeung sakoer noe tjitjing di boemi geus djaradi mabok koe anggoer djinah manehanana.

3. Toeloej kaoela sadjĕroning roh koe malaikat teh dibawa ka hidji tĕgal lĕga. Geus kitoe kaoela nendjo hidji awewe, keur noempakan sato, noe roepana beureum tjara sakĕlat, sarta pinoeh koe ngaran noe ngagorengkeun ka Allah; ari hoeloe sato teh toedjoeh, djeung sapoeloeh tandoekna.

4. Dĕmi eta awewe papakeanana woengoe djeung sakĕlat, sarta midang make ĕmas, intĕn djeung moetijara, sarta leungeunna sabeulah njĕkĕl loemoer ĕmas, pinoeh koe sipat geuleuh djeung koe kanadjisan djinahna.

5. Ari dina tarangna aja toelis ngaran, oenina rasijah, kijeu: Ijeu teh Baboel, nagara gĕde, indoeng sakabeh dajang djeung sakoer sipat geuleuh di boemi.

6. Sarta kaoela nendjo, awewe teh mabok koe gĕtih sakoer djalma saroetji, djeung koe gĕtih sakoer saksi Jesoes. Heran kabina-bina kaoela teh, keur mangsa nendjo eta.

7. Geus kitoe malaikat teh njaoer ka kaoela: Koe naon maneh noe matak heran? Kami dek ngabedjakeun ka maneh rasijah eta awewe djeung satona noe ditoempakan, anoe toedjoeh hoeloena sarta sapoeloeh tandoekna.

8. Ari eta sato, noe geus katendjo koe maneh, aja tadina, ajeuna euweuh, sarta mĕngke bidjil tina djoerang, toeloej aboes kana djĕro karoeksakan; dĕmi noe tjaritjing di boemi, sakoer noe teu ditoeliskeun ngaranna dina kitab kahiroepan ti watĕs diadĕgkeun doenja, bakal pada heraneun, mangsa nendjo eta sato, noe aja tadina, ajeuna euweuh, sarta mĕngke aja.

9. Di lĕbah dijeu pĕrloe make akal, noe aja kapintĕranana. Ari eta toedjoeh hoeloe teh, ĕnjana toedjoeh goenoeng, noe didijoekan koe awewe teja.

10. Malah nandakeun toedjoeh radja ongkoh; anoe lima geus roeboeh, noe hidji aja, ari

noe hidji deui mah tatjan datang, sarta mangsa datang, pastina koedoe tĕtĕp sakeudeung.

11. Ari sato noe aja tadina, ajeuna euweuh teja, eta teh diri manehanana noe kadalapan, sarta kaasoep noe toedjoehan, djeung bakal aboes kana djĕro karoeksakan.

12. Dĕmi eta sapoeloeh tandoek, noe katendjo koe maneh teja, ĕnjana sapoeloeh radja, noe tatjan meunang karadjaan; tatapi bakal pada meunang pangawasa radja babarĕngan djeung eta sato, lilana ngan sadjam.

13. Eta teh sanijat pikirna, sarta bakal pada njelehkeun pangawasa djeung kadjĕnĕnganana ka sato teja.

14. Eta teh bakal pada mĕrangan ka Domba teja, dĕmi koe Domba dielehkeun, sabab Goestining sakabeh goesti, djeung Radjaning sakabeh radja, sarta koe noe ngariring ka Domba, nja sakoer noe beunang njaoer, sarta beunang milih, djeung pada satoehoe.

15. Ari kasaoeranana deui ka kaoela: Eta tjai-tjai, noe geus katendjo koe maneh, ĕnggon dajang dijoek teja, nandakeun sababaraha toeroenan, djeung goendoekan, djeung bangsa, sarta basa.

16. Dĕmi eta sapoeloeh tandoek, noe geus katendjo koe maneh, djeung satona teja, bakal pada giroek ka dajang, sarta didjijeun soewoeng, djeung ditarandjangan; malah bakal pada ngahakan dagingna, sarta awakna toeloej didoeroek koe seuneu.

17. Sabab Allah geus maparin ka djĕro hate eta, soepaja pada ngalampahkeun kĕrsana, djeung soepaja sanijat lampahna, sarta soepaja pada njelehkeun karadjaanana ka sato teja, nĕpi ka tjatjapna sapangandika Allah.

18. Ari eta awewe, noe geus katendjo koe maneh teh, ĕnjana nagara gĕde, noe boga kawasa ngaradjaan ka sakabeh radja di boemi.

PASAL 18.

Sanggeusing kitoe kaoela nendjo hidji malaikat sedjen toeroen ti sawarga, gĕde pisan kawasana, sarta boemi wani tjaang koe kamoeljaanana.

2. Seug toeloej ngagĕro, tarik pisan sowarana, ari saoerna: Geus roeboeh, geus roeboeh Baboel, nagara gĕde teh, sarta geus djadi pangtjitjingan setan, djeung pangkoempoelan sakoer soekma nadjis, kitoe deui pangkoempoelan sakoer manoek noe haram sarta kageuleuh.

3. Karana sakabeh bangsa geus pada nginoem tina anggoer napsoe djinahna, djeung

sagala radja di boemi geus pada djinah ka manehanana, sarta sagala soedagar di boemi geus pada djadi beunghar lantaran tina rosa kamĕgahanana.

4. Toeloej kaoela ngadenge gĕntra sedjen, datangna ti djĕro sawarga, pangandikana kijeu: Eh oemat kami! geura baridjil ti dinja, soepaja maraneh oelah miloe ka dosana, djeung oelah kakeunaan koe balahina.

5. Karana dosana geus njoendoel ka langit, sarta Allah geus djadi emoet kana kadorakaanana.

6. Geura maralĕs ka dinja, sakoemaha pamalĕs eta ka maraneh, salampah-lampahna koedoe taoer doewa patikĕlaneun; ari loemoer oeroet ngeusian eta, koe maraneh koedoe eusian doewa tikĕl baris ka dinja.

7. Satadi eta teh ngamoeljakeun dirina, djeung migawe kamĕgahan, tjara kitoe bangĕtna nja koedoe ngeunakeun sangsara djeung kalaraan ka dinja. Karana ari omongna di djĕro pikirna kijeu: Ijeu aing djĕnĕng radja, lain randa aing teh, djeung moal manggih kalaraan.

8. Koe sabab kitoe, sabalahina bakal abrĕg daratang dina sapoë, nja eta maot, djeung kalaraan, djeung langlajeuseun, sarta bakal didoeroek koe seuneu; karana Goesti Allah, noe ngahoekoeman ka manehanana, kalangkoeng nja bĕdas.

9. Ari sakabeh radja di boemi, noe geus djinah ka manehanana sarta milampah kamĕgahan, bakal pada njeungtjeurikan ka dinja bari aloekaloekan, keur mangsa narendjo haseupna eta didoeroek.

10. Djeung bakal pada nangtoeng ti kadjaoehan, bawaning sijeun koe sangsara eta, sarta ngaromong kijeu: Adoeh, adoeh nagara gĕde, nagara Baboel noe reugreug! karana hoekoeman maneh teh datangna ngan di djĕro sadjam bae.

11. Ari soedagar di boemi bakal pada tjeurik djeung aloek-aloekan tina sabab eta, sapedah geus teu aja noe rek meuli daganganana:

12. Dagangan ĕmas, perak, intĕn sarta moetijara, djeung boëh katji, barang woengoe, soetra sarta sakĕlat; djeung saroepaning kajoe wangi, djeung saroepaning barang gading, djeung saroepaning barang kai noe poendjoel, tambaga, beusi sarta batoe marmor;

13. Djeung kajoe manis, sambara, seuseungitan, minjak wangi sarta doepa, djeung anggoer, minjak, tipoeng lĕmĕs sarta tarigoe, djeung sapi, domba, sarta koeda; djeung

kareta, djeung boedak beulian, sarta njawa djalma.

14. Sarta boeboewahan, karĕsĕp hate maneh, geus njalingkir ti maneh; kitoe deui sagala noe ngareunah djeung noe aloes roepana, geus njalingkir ti maneh, koe maneh moal kapanggih deui.

15. Ari sakoer noe dagang barang kitoe, noe geus djadi beunghar lantaran ti manehanana, bakal pada nangtoeng ti kadjaoehan bawaning sijeun koe sangsarana, bari tjareurik djeung aloek-aloekan;

16. Sarta ngaromong kijeu: Adoeh, adoeh nagara gĕde, noe papakeanana boëh katji, barang woengoe djeung sakĕlat, sarta dialoes-aloes koe ĕmas, intĕn djeung moetijara! karana kabeungharan sakitoe gĕdena dibasmi ngan di djĕro sadjam bae.

17. Sarta sakabeh istriman, djeung sakoer noe sok lajar ka parantina, kitoe deui toekang kapal, djeung sakabeh bae noe lalampahan di laoet, pada nangtoeng ti kadjaoehan,

18. Bari tinggarĕro, keur mangsa narendjo haseupna eta didoeroek, ari pokna: Naon noe nandingan ka ijeu nagara gĕde?

19. Sarta pada ngawoerkeun taneuh ngĕboel ka sirahna, djeung tinggarĕro, bari tjeurik sarta aloek-aloekan, ari aromongna: Adoeh, adoeh nagara gĕde; dina djĕro eta sakoer noe baroga kapal di laoet, geus pada djadi beunghar, lantaran tina kamoektianana! karana eta teh dibasmi ngan di djĕro sadjam bae.

20. Eh sawarga, eh sakoer noe saroetji djeung para rasoel sarta para nabi, geura pada soeka-boengah tina sabab eta! karana poetoesan maraneh koe Allah geus ditĕrapkeun ka dinja.

21. Geus kitoe aja hidji malaikat bĕdas pisan, ngadjoengdjoengkeun hidji batoe, sapĕrti batoe panggilingan noe gĕde, seug ditinggangkeun ka laoet, bari njaoer: Nja kijeu nagara Baboel gĕde teh bakal diroeboehkeun sarta kĕntjĕng, djeung moal kapanggih deui.

22. Ari sora katjapi, djeung kawih, kitoe deui sora soeling djeung tarompet moal kadenge deui di djĕro maneh; sarta sagala patoekangan, noe boga pangabisa naon bae, moal kapanggih deui di djĕro maneh; kitoe deui sora panggilingan moal kadenge deui di djĕro maneh.

23. Ari tjahja damar moal njaangan deui di djĕro maneh; sarta sora panganten lalaki awewe moal kadenge deui di djĕro maneh. Karana soedagar maneh teh pada gĕgĕ-

den di boemi; sabab koe panggĕndam maneh sakabeh bangsa kagoda.

24. Sarta di djĕro eta geus kapanggih gĕtih para nabi djeung djalma saroetji, kitoe deui gĕtih sakabeh djalma noe dipaehan di boemi.

PASAL 19.

Sanggeusing kitoe kaoela ngadenge sowara tarik pisan di djĕro sawarga, sapĕrti sora pirang-pirang djalma, ari pokna: Halleloeja! Kasalamĕtan, djeung kamoeljaan, sarta kahormatan, kitoe deui kawasa kagoengan Pangeran, Allah kaoela kabeh;

2. Karana hoekoemanana saestoe sarta adil, sabab geus ngahoekoeman ka dajang gĕde, noe ngaroeksakkeun boemi koe djinahna teja, sarta gĕtih abdi andjeunna geus dibalĕs ka dinja.

3. Mindo deui njalaoer: Halleloeja! Ari haseupna ngĕboel langgĕng salalawasna.

4. Dĕmi noe doewa poeloeh opat sĕsĕpoeh, sarta noe opat sato teja, toeloej brĕk marĕndĕk, djeung soedjoed ka Allah, noe linggih dina panglinggihan, ari salaoerna: Amin, Halleloeja!

5. Sarta aja gĕntra, datangna ti djĕro panglinggihan, ari lahirna: Geura moedji ka Allah, eh sakabeh abdina, djeung sakoer noe sijeun koe andjeunna, noe gĕde sarta noe leutik!

6. Geus kitoe kaoela ngadenge sowara, sapĕrti sora pirang-pirang djalma, djeung tjara ngagoeroehna tjai gĕde, sarta tjara sora goeloedoeg tarik, ari pokna: Halleloeja! Sabab Pangeran, Allah oerang, anoe langkoeng kawasa, ajeuna djoemĕnĕng radja.

7. Hajoe oerang pada boengah sarta soerak, djeung oerang njanggakeun kamoeljaan ka andjeunna; sabab geus nĕpi waktoe rendengan Domba, sarta istrina geus njawiskeun pribadi.

8. Djeung geus dipasihan koernija, nganggo-nganggo koe boëh katji noe setra sarta herang. Sabab eta boëh katji teh nandakeun kabĕnĕran djalma saroetji.

9. Geus kitoe malaikat teh njaoer ka kaoela: Geura noeliskeun: Salamĕt sakoer djalma noe disaoer kana hadjat rendengan Domba! Saoerna deui ka kaoela: Nja eta teh pangandika Allah saestoena.

10. Tidinja kaoela brĕk mĕndĕk ka pajoeneun sampejanana, panijatan kaoela dek njĕmbah ka eta. Ari saoerna ka kaoela: Poma oelah kitoe! Kami teh batoer sasama ngabdi djeung maneh sarta djeung doeloer-doeloer

maneh, noe njarangking pěrtelaan Jesoes: njěmbah teh moedoe ka Allah! Sabab ari pěrtelaan Jesoes teh nja eta rohing piwědjang para nabi.

11. Geus kitoe kaoela nendjo sawarga molongo; beh aja koeda bodas, ari noe nitihan djěněnganana Satoehoe sarta Saestoe; eta teh ngahoekoeman djeung pěrang nganggo kaadilan.

12. Ari sotjana lir hoeroenging seuneu, sarta mastakana nganggo makoeta reja pisan; djeung di andjeunna aja djěněngan disěratkeun, taja pisan noe njaho oenina, ngan andjeunna njalira.

13. Sarta nganggo djoebah beunang njělěp koe gětih; ari djěněngan andjeunna disěboetna Pangandika Allah.

14. Djeung sawadya-balad noe di sawarga ngariring ka andjeunna, pada toenggang koeda bodas, ari papakeanana boëh katji bodas sarta běrěsih.

15. Djeung tina baham andjeunna aja noe bidjil hidji pědang seukeut, baris andjeunna njabětan sakabeh oerang kapir. Sarta bakal ngangon ka darinja nganggo tětěkěn beusi. Malah andjeunna ngirik bak paměrěsan, noe dieusi anggoer sewoting běndoe Allah noe langkoeng kawasa.

16. Ari dina panganggona djeung dina tetepokanana aja djěněngan disěratkeun kijeu: Ijeu teh Radjaning sakabeh radja djeung Goestining sakabeh goesti.

17. Tidinja kaoela nendjo hidji malaikat keur nangtoeng dina panon-poë; eta teh ngagěro, tarik pisan sowarana, saoerna ka sakabeh manoek noe haliběr di awang-awang, kijeu: Ka darijeu, geura koempoel kana hadjat Allah noe langkoeng agoeng;

18. Soepaja ngaharakan daging para radja, djeung daging para kapala sěrdadoe, djeung daging djalma noe barědas, sarta daging koeda djeung noe taroempakna, kitoe deui daging sakoer noe měrdika djeung noe koemawoela, noe gěde sarta noe leutik!

19. Toeloej kaoela nendjo sato teja, djeung sakabeh radja ijeu boemi, sarta djeung balad-baladna, geus karoempoel, rek měrangan ka noe nitih koeda teja, sarta ka wadya-baladna.

20. Děmi sato teh ditangkěp, katoet nabi palsoe noe sok njijeun tanda di hareupeunana, noe njasabkeun koe lantaran eta tanda ka sakoer noe geus narima tjiri sato, djeung njarěmbah ka artjana teja. Doewanana hiroep-hiroep digoebroeskeun kana rawa

seuneu, noe hoeroeng make walirang.

21. Ari noe tinggal seug dipaehan koe pĕdangna noe nitih koeda, pĕdang noe bidjil tina bahamna teja; djeung sakabeh manoek teh sareubeuheun koe dagingna.

PASAL 20.

Geus kitoe kaoela nendjo hidji malaikat toeroen ti sawarga, mawa sosi djoerang, sarta leungeunna njĕkĕl rante gĕde.

2. Tidinja ngarontok naga, oraj kahot teja, eta teh Iblis djeung Setan; seug dirante pililaeunana sareboe taoen;

3. Toeloej dialoengkeun ka djĕro djoerang, sarta disosi sakali, djeung di loehoerna ditĕrapan tjap, oelah sina njasabkeun deui ka bangsa-bangsa nĕpi ka bejakna noe sareboe taoen teja. Pastina ari ĕnggeus kitoe koedoe dilaanan deui sakeudeung.

4. Tidinja kaoela nendjo reja pangtjalikan, sarta aja noe njalikan, eta toeloej pada dipaparin kawasa ngahoekoeman. Djeung kaoela nendjo njawa sakoer djalma noe dikadek beuheungna koe tina pĕrtelaan Jesoes sarta koe tina pangandika Allah, kitoe deui sakoer noe teu njĕmbah ka sato djeung ka artjana, sarta teu narima tjiri teja kana tarang djeung kana leungeunna; eta teh pada hiroep sarta ngaradjaan reureudjeungan djeung Kristoes, lilana sareboe taoen.

5. Tatapi ari noe paeh sadjaba ti dinja teu hiroep deui, nĕpi ka bejakna noe sareboe taoen teja. Nja eta teh hal hoedang noe mimiti.

6. Salamĕt djeung soetji djalma noe dikĕrsakeun miloe kana hoedang noe mimiti! Ari ka eta mah maot kadoewa teh teu kawasa, nja pada djadi panghoeloe bade ka Allah djeung ka Kristoes, sarta bakal ngaradjaan reureudjeungan djeung Kristoes, lilana sareboe taoen.

7. Sanggeusna bejak eta noe sareboe taoen, setan teh dikĕntjarkeun tina pandjarana;

8. Toeloej ka loewar, karĕpna njasabkeun ka bangsa-bangsa noe dina opat djoeroe boemi, Gog djeung Magog, dek dikoempoelkeun kana pĕrang; ari eta teh bilanganana tjara keusik di laoet.

9. Tidinja pada ngabroel ka medan ijeu boemi, sarta ngalingkoeng ka ĕnggon djalma saroetji baris, djeung ka nagara kaasih; brĕg aja seuneu ragrag ti langit ti Allah, ngalĕboer ka eta djalma-djalma.

10. Ari Iblis, noe njasabkeun ka darinja, seug digoebroeskeun ka djĕro rawa seu-

neu sarta walirang, nja eta ĕnggon sato djeung nabi palsoe teja; sarta bakal pada disangsara beurang-peuting langgĕng salalawasna.

11. Geus kitoe kaoela nendjo hidji panglinggihan gĕde sarta bodas, djeung ka noe linggihna; ari boemi djeung langit pada kaboer koe sorot pameunteuna, sarta euweuh piĕnggoneunana.

12. Djeung kaoela nendjo sakoer djalma noe paeh, gĕde leutik, pada nangtoeng di pajoeneun Allah, seug aja kitab dibaroekakeun; sarta aja hidji kitab sedjen diboekakeun, nja eta kitab kahiroepan. Dĕmi noe paraeh teh toeloej dihoekoeman noeroetkeun saoengĕlna dina eta kitab, sakoemaha pagawean hidji-hidji djalma.

13. Ari laoet teh njanggakeun djalma paraeh, noe aja di djĕrona; maot djeung naraka kitoe deui pada njanggakeun djalma paraeh, noe aja di djĕrona; toeloej dihoekoeman, hidji-hidji djalma sakoemaha pagaweanana bae.

14. Dĕmi maot djeung naraka teh digoebroeskeun ka djĕro rawa seuneu teja. Nja eta maot kadoewa, rawa seuneu teh.

15. Djeung lamoen aja djalma kapanggih teu ditoeliskeun dina kitab kahiroepan, eta toeloej digoebroeskeun ka djĕro rawa seuneu.

PASAL 21.

Geus kitoe kaoela nendjo langit anjar djeung boemi anjar. Karana langit noe heubeul sarta boemi noe heubeul geus moesna, kitoe deui laoet geus euweuh.

2. Sarta ijeu kaoela, Johannes, nendjo nagara soetji, Jĕroesalem anjar, toeroen ti Allah ti djĕro sawarga, geus ditjawisan sapĕrti panganten awewe beunang midang, noe rek ditĕpoengkeun djeung salakina.

3. Tidinja kaoela ngadenge sowara tarik pisan, datangna ti djĕro sawarga, ari saoerna: Toeh balandongan Allah aja di manoesa, sarta andjeunna bade sasarĕngan linggih djeung eta; ari manoesa pidjadieun oematna, sarta Allah koe mantĕn bade sasarĕngan djeung eta, nja djoemĕnĕng Allah manoesa.

4. Ari sakabehna tjipanon koe Allah disoesoetan tina matana, djeung moal aja deui maot, kitoe deui kalaraan, atawa tjeurik, atawa kasoesah geus moal aja deui; sabab barang noe heubeul mah geus areuweuh.

5. Ari noe linggih dina panglinggihan teja, ngandika kijeu: Toeh, saniskara koe kami didjadikeun anjar. Ladjĕng ngandika deui ka ka-

oela: Geura toeliskeun; sabab eta lahiran teh satoehoe djeung saestoe.

6. Sarta pangandikana deui ka kaoela kijeu: Geus tinĕkanan! Kami teh nja Alpa djeung Omega, noe mimiti sarta djeung panganggeusan. Djalma noe halabhab, tangtoe koe kami dibere nginoem tina soemoer tjai kahiroepan, teu make dibajar.

7. Saha-saha noe oenggoel, tangtoe kawaris sakabehna eta; sarta kami noe bakal Allahna, dĕmi eta pidjadieun poetra kami.

8. Tatapi ari noe gimir, djeung noe teu pĕrtjaja, djeung noe nadjis, djeung noe maehan, djeung noe djinah, djeung toekang sihir, djeung noe njĕmbah ka brahala, kitoe deui sakoer djalma bohong, eta teh pibagianeunana di djĕro rawa noe hoeroeng koe seuneu djeung walirang teja, nja eta teh maot kadoewa.

9. Geus kitoe njampeurkeun ka kaoela saoerang ti noe toedjoeh malaikat, noe marawa toedjoeh pinggan, anoe pinoeh koe toedjoeh balahi panganggeusan teja, seug njaoer ka kaoela, kijeu saoerna: Geura miloe ka kami, kami ka maneh dek noedoehkeun panganten istri, pigeureuhaeun Domba teja.

10. Toeloej kaoela sadjĕroning roh koe malaikat teh dibawa ka poentjak goenoeng nja gĕde nja loehoer; geus kitoe noedoehkeun ka kaoela nagara gĕde, nja Jĕroesalem soetji, keur toeroen ti djĕro sawarga, ti Allah,

11. Sarta make kamoeljaan Allah. Ari tjahjana sapĕrti tjahja intĕn pangaloesna, tjara intĕn jaspis, noe herang sapĕrti karistal.

12. Djeung make koeta nja gĕde nja loehoer, aja doewa wĕlas lawangna, djeung dina eta lawang aja doewa wĕlas malaikat, sarta dina lawang aja toelis ngaran, nja eta ngaran noe doewa wĕlas kaom anak-poetoe Israil.

13. Ti wetan aja tiloe lawang, ti kaler tiloe lawang, ti kidoel tiloe lawang, ti koelon tiloe lawang.

14. Ari koeta nagara teh padĕmenna doewa wĕlas, sarta dina eta padĕmen aja ngaran doewa wĕlas rasoel Domba.

15. Ari noe sasaoeran djeung kaoela, keur njĕkĕl oekoeran hoë ĕmas, baris ngoekoer nagara katoet lawangna djeung koetana.

16. Ari bangoenna nagara teh pasagi, palajoena papak djeung panggĕrĕtna. Ana dioekoer nagara koe hoë teja, aja salaksa doewa reboe istadi; palajoena, panggĕrĕtna

djeung loehoerna saroewa pisan.

17. Ana dioekoer koetana, aja saratoes opat poeloeh elo, noeroetkeun oekoeran manoesa, noe djadi oekoeran malaikat.

18. Ari noe didamĕl koeta teh intĕn jaspis, sarta nagarana ĕmas doekĕt, djiga gĕdah bĕrĕsih roepana.

19. Ari padĕmen koeta nagara teh dialoes-aloes koe intĕn warna-warna. Padĕmen noe hidji jaspis, noe kadoewa nilĕm, noe katiloe kalsĕdon, noe kaopat djamroet,

20. Noe kalima angkik, noe kagĕnĕp jakoet, noe katoedjoeh krisolit, noe kadalapan beril, noe kasalapan ratna tjampaka, noe kasapoeloeh krisopras, noe kasawĕlas hijakin, noe kadoewa-wĕlas koetjoeboeng.

21. Ari eta doewa wĕlas lawang teja, nja doewa wĕlas moetijara, hidji lawang hidji moetijara; sarta loeloeroeng nagara teh ĕmas doekĕt, roepana djiga gĕdah herang ngalenggang.

22. Djeung kaoela teu nendjo kabah di djĕro eta nagara; sabab noe djadi kabahna teh nja Pangeran, Allah noe langkoeng kawasa, kitoe deui Domba teja.

23. Djeung eta nagara teu pisan koedoe ditjaangan koe panon-poë sarta koe boelan; sabab ditjaangan koe kamoeljaan Allah, sarta Domba noe djadi damarna.

24. Ari bangsa-bangsa noe meunang kasalamĕtan, bakal pada loemampah dina tjaang eta nagara, djeung sakabeh radja di boemi pada mawa kamoeljaan djeung kahormatan dirina ka dinja.

25. Ari lawangna moal dipeundeut-peundeutkeun ti beurang; sabab di dinja teh euweuh peuting.

26. Sarta kamoeljaan djeung kahormatan bangsa-bangsa bakal dibarawa ka dinja.

27. Djeung eta nagara teh moal diasoepan anoe sipat nadjis, kitoe deui noe migawe lampah kageuleuhan sarta bohong; ngan woengkoel anoe disĕratkeun dina kitab kahiroepan kagoengan Domba.

PASAL 22.

Geus kitoe malaikat teh noedoehkeun ka kaoela waloengan tjai kahiroepan, herang sapĕrti karistal, ari bidjilna tina panglinggihan Allah djeung Domba.

2. Ari di tĕngah loeloeroeng eta nagara, djeung kentjakatoehoeëun waloengan teja, aja tangkal kahiroepan, boewahna doewa wĕlas, ari boewahanana saban boelan; sarta daoen tangkal teh baris nga-

waloejakeun oerang kapir.

3. Djeung moal aja deui sapaeun, sarta panglinggihan Allah djeung Domba aja di dinja, sarta abdina bakal pada ngabakti ka andjeunna,

4. Djeung bakal narendjo ka pameunteuna, sarta padjĕnĕngan andjeunna aja dina tarangna.

5. Djeung di dinja moal aja peuting, sarta teu pisan koedoe make damar atawa tjahja panon-poë; sabab Goesti Allah noe njaangan ka darinja, sarta bakal pada ngaradjaan langgĕng salalawasna.

6. Toeloej ngalahir ka kaoela: Eta sakabeh pilahir noe tadi teh satoehoe djeung saestoe. Ari Pangeran, Allah roh para nabi, geus miwarangan malaikatna, soepaja noedoehkeun ka abdi-abdi andjeunna pĕrkara noe geus pasti tereh piboektieun.

7. Masing ingĕt, kami teh tereh datang. Salamĕt noe nĕtĕpkeun kana kasaoeran piwĕdjang ijeu kitab!

8. Nja ijeu kaoela Johannes noe geus ngadenge sarta nendjo eta sakabeh pĕrkara. Ari sanggeusna kadenge sarta katendjo teh, brĕk kaoela mĕndĕk, rek njĕmbah ka pajoeneun sampejan malaikat, noe geus noedoehkeun eta pĕrkara ka kaoela.

9. Ari lahiranana ka kaoela: Poma oelah kitoe! Kami teh batoer sasama ngabdi djeung maneh sarta djeung doeloer-doeloer maneh, para nabi teja, kitoe deui djeung sakoer noe nĕtĕpkeun kana kasaoeran ijeu kitab; njĕmbah teh moedoe ka Allah!

10. Toeloej ngalahir deui ka kaoela: Ari kasaoeran piwĕdjang ijeu kitab, koe maneh poma oelah dirapĕt djeung ditjap, sabab geus deukeut ka mangsana.

11. Noe migawe kagorengan, sing antek migawe kagorengan; noe kotor, sing antek ngotoran dirina; noe bĕnĕr, sing antek milampah kabĕnĕran; kitoe deui noe soetji, sing antek njoetjikeun dirina.

12. Masing ingĕt, kami teh tereh datang, djeung mawa gandjaran anoe kami, keur malĕs ka hidji-hidji djalma, noeroetkeun koemaha pagaweanana bae.

13. Kami teh nja Alpa djeung Omega, noe mimiti sarta djeung panganggeusan, noe pangheulana sarta djeung pangpandeurina.

14. Salamĕt sakoer noe ngalampahkeun ka timbalan andjeunna! Tangtoe kongang kana tangkal kahiroepan, sarta asoep kana lawang, toeloej ka djĕro nagara teja.

15. Ari di loewarna aja

sagala andjing, djeung toekang sihir, djeung noe djinah, djeung noe maehan, sarta noe njĕmbah ka brahala, kitoe deui sakoer noe rĕsĕp kana bohong djeung noe ngalampahkeun.

16. Ijeu kami Jesoes geus miwarangan malaikat kami, baris mĕrtelakeun eta sagala pĕrkara ka maraneh, nja garedja sakabeh. Kami teh akar djeung toeroenan Dawoed, sarta bentang isoek noe mantjoer tjahjana.

17. Ari Roh djeung panganten awewe teh pada sasaoeran kijeu: Moegi geura soemping! Sarta noe ngadenge koedoe ngomong: Moegi geura soemping! Djeung saha-saha noe halabhab, geura datang; sarta ari noe hajang, geura njokot tjai kahiroepan teu make dibajar.

18. Kaoela ngingĕtan ka oenggal djalma, noe ngadenge kana kasaoeran piwĕdjang ijeu kitab: oepama aja noe nambahan ka dinja, eta teh koe Allah tangtoe ditambahan koe balahi, noe dioengĕlkeun dina ijeu kitab;

19. Sarta oepama aja noe ngeuweuhkeun tina kasaoeran ijeu kitab piwĕdjang, eta teh koe Allah tangtoe dieuweuhkeun doeoemanana tina tangkal kahiroepan, djeung ti nagara soetji, sarta ti saniskara noe dioengĕlkeun dina ijeu kitab.

20. Ari lahirna noe mĕrtelakeun sakabeh pĕrkara tadi teja: Satĕmĕnna, kami teh tereh datang. Amin. Noen soemangga Goesti Jesoes, moegi enggal soemping!

21. Moegi-moegi sih-koernija Goesti Jesoes Kristoes njarĕngan ka maraneh sakabeh. Amin.

TAMAT.

Sanggeus ditjitak ijeu Kitab, aja noe kapanggih salah ditjitakna. Kijeu salahna sarta běněrna:

Lambar	13	ajat	31,	nao ,	*běněrna*:	naon.
»	16	»	5,	sěrdoedoe,	»	sěrdadoe.
»	20	»	26,	kaoewan-aerkeur,	»	kaoewar-aerkeun.
»	30	»	44,	beunaug,	»	beunang.
»	56	»	46,	narejangan djalma,	»	narejangan djalan.
»	129	»	22,	nggon,	»	ěnggon.
»	170	»	27, 29, 37	ahli kitab,	»	ahli toret.
»	194	»	16,	ngalampeurkeun,	»	njalampeurkeun.
»	210	»	61,	Timeneh,	»	Timemeh.
»	352	»	9,	dipikasoeka noe,	»	dipikasoeka koe.
»	387	»	1,	mikamanaheun,	»	pikamanaheun.
»	394	»	30,	pěrangkoe,	»	pěrang koe.
»	440	»	8,	mangmitjatoer,	»	pangmitjatoer.
»	507	»	10,	ajeun aijeu,	»	ajeuna ijeu.